# АДЫГЭБЗЭ

**- ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКӀЭ КЪЭЗЫӀУАТЭ ТХЫЛЪ –**

# IV

**БЕР ХЬИКМЭТ**

# АДЫГЭБЗЭ
**- ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКIЭ КЪЭЗЫIУАТЭ ТХЫЛЪ -**
**IV**

**Япэрей тэдзэгъуэ**

**Тхылъ тедзапIэ: интернэт веб сайт**

**Зэхэзылъхьар - Мизанпаж: Бер Хьикмэт**

**2023 ЩIымэхуэку**

**Анкара/Тыркуей**

| ТХЫЛЪЫМ ХИУБЫДЭ ЛЭЖЬЫГЪЭ lЫХЬЭХЭР | ТХЫЛЪЫМПlЭ НАПЭ КlУЭЦl |
|---|---|
| **МЫ ТХЫЛЪЫМ ТЕУХУА ПЭУБЛЭ** | **4** |
| ЯПЭРЕЙ lЫХЬЭ<br>**ГЛАГОЛХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫБАГЪУЭХЭР, ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКlХЭР** | **19** |
| ЕТlУАНЭ lЫХЬЭ<br>**ХУИТУ Е ЕЛЪЫТЭНЫГЪЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ ГЛАГОЛХЭР: "ЗАНЩlЭ ГЛАГОЛ"ХЭР, "ПРЕФИКСИАЛ ЛАГОЛ"ХЭР** | **165** |
| ЕЩАНЭ lЫХЬЭ<br>**ГЛАГОЛХЭР ХУИТУ Е ЕЛЪЫТЭНЫГЪЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР** | **329** |
| ЕПЛlАНЭ lЫХЬЭ<br>**КЪЫЗПКЪЫРЫКlРЭ КЪЭЗЛЭЖЬЫМ ТЕУХУА ЛЭЖЬЭКlЭ ЛЪАБЖЬЭУ ГЛАГОЛХЭР ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКlХЭР** | **395** |
| ЕТХУАНЭ lЫХЬЭ<br>**КЪЫЗПКЪЫРЫКlРЭ КЪЭЗЛЭЖЬЫМ ТЕУХУА ЛЭЖЬЭКlЭУ ГЛАГОЛ КЛАСИФИКАЦЭМ КЪЫПЫЩАПХЪЭХЭР: "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР, "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭР** | **532** |

## МЫ ТХЫЛЪЫМ ТЕУХУА ПЭУБЛЭ

Псэлъэбзэр къэзыпсэлъ цIыхухэр зэпсэлъэнрэ зэгурыIуэнкIэ щхьэпэ зэрыхъум къыщымынэу, къызэрыхъуа щIыкIэрэ къигъуэгурыкIуа гъуэгуанэшхэм къызэрыхэкIкIэ, зезыхьэ лъэпкъым -икIи цIыхугъэм-теухуауэ дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIи а нэхъ архивышхуэу лъытапхъэрщ. Ауэ икIи, бзэр зы логие лIэужьыгъуэу, дэтхэнэ зы логие лIэужьыгъуэми лъабжьэ хуэхъуу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Аращи, и псэлъэбзэ щIэныгъэр зэпэщу джауэ зиIэ лъэпкъым и хабзэрэ щэнхабзэр япэ зэриту, езы лъэпкъым –икIи цIыхугъэми- дэтхэнэ и зы логие лIэужьыгъуэм теухуа щIэныгъэ лъабжьэ иIэжуи лъытапхъэщ. – Мы псалъэхэр нэхъ зыхуэфащэ псэлъэбзэ лIэужьыгъуэри макъхэр утыку къызэрихьэм къыщIидзэу зэрыухуа лъабжьэр зиIэжу лъытапхъэ макъыбзэрауэ зэрыщытри жыIэпхъэнщ.

Ауэ, зы псэлъэбзэр езым хуэфащэу ямыджамэ, абы и архивым хуэдэжу и логиеми зэрызимыгъэлъэгъуэнур гурыIуэгъуэнщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм нобэ и щхьэм къырикIуэр –ар икIи зэрыигъуэу зетхьэн хуитыныгъэ дызэримыIэм нэмыщIыу- мыпхуэдэ Iуэхугъуэу лъытапхъэщ.

Къызэрыхъуа щIыкIэм елъытауэ ягъуэта мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ ухуа зы макъыбзэу щыт адыгэбзэр нобэ зыщIаджыкI бзэщIэныгъэр макъыбзэ лъабжьэр зимыIэж бзэхэм къатехъукIа зы бзэщIэныгъэращ. НытIэ, *мак*ъхэр *зымылъыт*эрэ *нэмыплъ зыщ*I зы *бзэщ*I*эныг*ъэращ *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*р нобэ зы*щ*I*аджык*Iыр. Аращи, *зэрымыщ*Iэк*I*э*рэ зэгухьа*уэ илъытэ зы *макъ гуп*ыр "*псэлъэпкъ*"рэ, ари "*аффикс*"*к*Iэрэ лажьэу "*псалъэ*" жыхуэтIэр утыку къихьэущ зэрилъытэр *мы* зи гугъу тщIы *бзэщ*I*эныгъэ*ми, мы "*псалъэ*"ри "*псалъэухыгъэ*"*м зэрыхэлэжьыхь*ым *зэрелъытак*I*эрэ мыхьэнэ зыгъуэт*у зылъытэрщ. *Псэлъэбзэ*м щыухуэнурэ къыщыIуэтэну *мыхьэнэр псалъэухыгъэм теухуа*уэщ *мы бзэщ*I*эныгъэм зэрилъытэри*, *псалъэухыгъэ*м мы и *мыхьэнэ*ри *псалъ*эхэм я *зэк*I*элъхьэужьык*I*эм елъыта*уэ псалъэухыгъэм хагъэзэщIыхь *грамматикэ* къалэнхэм теухуауэщ утыку къызэрихьэр.

Нытlэ, зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъкlэ, *псэлъэбзэ*м щыухуэну *мыхьэнэр макъым деж къыщlэзыдзэ адыгэбзэ*р *псэлъэбзэ мыхьэнэр псалъэухыгъэм къыщыхъу*у зылъытэ мы *бзэщlэныгъэм* щы*щlаджык*lым къызэрыхэкlкlэ, *адыгэбзэ*м и *макъ*рэ *псалъэ*хэм игъуэу щыгъуазэ узэрыхуэмыхъуфынум нэмыщl, икlи, езым хуэlуа и *псалъэухыгъэ гъэпсыкlэр зэрызэхъуэк*lынури гурыlуэгъуэнщ. Адыгэбзэм и щхьэм къырикlуэри мыращ.

Нобэ утыку ит бзэщlэныгъэр къызытехъукlар европэбзэхэращи, абыхэм я псалъэухыгъэ гъэпсыкlэр езым я бзэм хуэlуащ. Аращи, глагол "*субъект*"*ымрэ* "*глагол лэжьэк*lэ *псалъэ*"*р фlэкlыпlэ имы*lэ*у зэпыщlарэ зэкlэлъыкlуэу* къэlун хуейщи, мыпхуэдэу къежьэ *псалъэухыгъэ*м глагол "*объект*"ымрэ *къыпыщапхъэ*хэр зэрылъытэ *псалъэ*хэр къыкlэлъыкlуэущ и гъэпсыкlэр.

Ауэ, адыгэбзэм "субъект"рэ "глагол лэжьэкlэ"р зэпыщlарэ зэкlэлъыкlуэу къэlун хуейуэ щыткъыми, абы мы хамэбзэ псалъэухыгъэ гъэпсыкlэ иlэн хуейуи щыткъым. Дэнэ къэна, *адыгэбзэ*м и нормал *псалъэухыгъэ* гъэпсыкlэр "*субъект*"*ымк*lэ *къежьэ*у "*глагол лэжьэк*lэ*у ухуа псалъэ*"*мк*lи *ух*ыжущ. Аращи, адыгэбзэм и псалъэухыгъэ гъэпсыкlэр *lуэхур зэрыгъэзащ*lэ *зэк*lэ*лъхьэуж*ь*ык*lэу *энергие лъагъуэм теухуа*уэ жыlэпхъэщи, *псалъэухыгъэ к*lэ*ух* псалъэу щыт "*глагол лэжьэк*lэ*у ухуэ псалъэ*"ри мы *псалъэухыгъэм хиубыдэ* дэтхэнэ гуэрыр *зыхэзыубыдэжу* зэпкъырыува зы *псалъэ*у зэрыщыткlи зы *псалъэухыгъэ пэлъыт*эрщ.

Зыщlаджыкl бзэщlэныгъэр къызытехъукlа бзэхэм емыщхьрэ *бзэ унагъуэуи къащхьэщык*lыу щыт *адыгэбзэр* нобэ *дэтхэнэ и лъэныкъуэк*lи мы зи гугъу тщlы *хамэбзэхэм ещхь* хъуурэ макlуэри, абыхэм я *псалъэухыгъэ гъэпсык*lэ*ми теуващ.*

Ауэ икlи, адыгэбзэм и *псалъэухыгъэм* хагъэзэщlыхь мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ *псалъэхэр зэрызэпыщ*l*а* щlыкlэхэри –псалъэхэр зэпызыщlэ *к*lэ*уххэр пагъэху*у- хагъэкlащи, зи гугъу тщlы *хамэбзэ псалъэухыгъэм псалъэхэр зэрыхиубыдэ щ*lык*lэ*у*щ* нобэ *адыгэбзэ псалъэухыгъэ*ми и *еджэк*lэнур. Аращи, мы зи гугъу тщlы *хамэбзэхэм я псалъэухыгъэ* гъэпсыкlэм *псалъэхэр щхьэжу зэрылъыта*уэ –къыкlэлъыкlуэ е къызыкlэлъыкlуэм пымыщlауэ- *зыхиубыдэущ* нобэрей адыгэбзэ псалъэухыгъэ гъэпсыкlэ хъуари, -*адыгэбзэ псалъэухыгъэ*м хиубыдэ *псалъэхэр* зыр зым *зэрыпыщ*l*а к*lэ*ух ямы*lэ*жу*- *хамэбзэ псалъэухыгъэ*

гъэпсыкӏэм *псалъэхэр зэрызэкӏэлъыкӏуэм елъыта*уэ я *грамматикэ* къалэнкӏэрэ лъытэнрэ *еджэн* хуейуэ къытхуагъэуващ.

Ауэ, ипэкӏэ икӏи япрей ди лэжьыгъэхэми къызэрыхэдгъэщауэ, адыгэбзэм и *нормал псалъэухыгъэ гъэпсык*ӏэр наӏуэщи, икӏи, къэӏуэтэкӏэм елъытауэ псалъэхэм я зэкӏэлъхьэужьыкӏэри зэхъуэкӏыфынщ; ауэ, псалъэхэр мы зи гугъу тщӏы хамэбзэ псалъэухыгъэ гъэпсыкӏэу "субъект"рэ "глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"р зэкӏэлъхьэужьрэ икӏи псалъэухыгъэ пэщӏэдзэу ухуэныр адыгэбзэм и псалъэухыгъэ гъэпсыкӏэм а нэхъ хуэябгэ гъэпсыкӏэрауэ хуиту жыӏэпхъэщ. Зэрыгурыӏуэгъуэу, зы макъыбзэуи зэрыщытым зэрезэгъкӏэ, *псал*ъэхэм я *мыхьэнэк*ӏэрэ *мэухуэр псалъэухыгъэ мыхьэнэри*, псалъэухыгъэ мыхьэнэм и лъабжьэр хиубыдэ псалъэхэм я мыхьэнэхэращ. Икӏи, *псалъэхэр игъуэ кӏэухк*ӏэрэ зыр зым *пыщӏа*уэ псалъэухыгъэм хиубыдэу зэрыщытым къызэрыхэкӏкӏи, дэтхэнэ зы псалъэм псалъэухыгъэм хуигъэзащӏэ *грамматикэ къалэн*ри *наӏуэщ*. Псалъэхэр мы зэрызэлъытарэ ягъэзащӏэ къалэнкӏэрэ псалъэухыгъэм хэлъытагъэххэщи, псалъэхэм я зэкӏэлъхьэужьыкӏэр дауи щырет, псалъэухыгъэм хагъэгъэзыхь къалэнхэр зэхъуэкӏкъым.

Дауи, мы жытӏахэм теухуауэ щапхъэ гуэр къэгъэлъэгъуапхъэмэ, "*щӏэлэ цӏыкӏур и адэм и унэ цӏыкӏум макӏуэ(р)*" хуэдэ зы *псалъэухыгъ*эр нобэ *зэратх хъуа* щӏыкӏэр -зи гугъу тщӏа хамэбзэ псалъэухыгъэ гъэпсыкӏэу-"*субъект*"ымрэ "*глагол лэжьэкӏэу ухуа псалъэ*"р фӏэкӏыпӏэ имыӏэу *зэкӏэлъыкӏуэу*, мыбыи "*объект*"мырэ *къыпыщапхъэ*хэр *къыкӏэлъыкӏуэ*ущи, икӏи, псалъэухыгъэм хиубыдэ *псалъэ*хэр *зэпызыщ*ӏэ *кӏэух*хэри *пагъэху*ауэ мыпхуэдэ гуэрущ: «*щӏалэ цӏыкӏу макӏуэ ядэ и унэ цӏыкӏу*».

Дэтхэнэ зы лэжьыгъэм игъуэ зэрыхъукӏэ нобэ адыгэбзэр зэраджым теухуа критикэхэр утыку къитлъхьэу щытщи, мы лэжьыгъэ дызыхэхьами аргуэру щыуагъэу тлъытэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Икӏи, мы псалъэм дигу къигъэкӏыжащ япэрей ди лэжьыгъэхэми зи гугъу тщӏа "ударенэ"ри, мыбдежым аргуэру къыщыхэдгъэщынщ. Гурыӏуэгъуэщ *макъыбзэу щыт* адыгэбзэр икӏи *макъыбэ*уи зэрыщытри, къызэрыӏун *макъ*рэ зэрытхын *тхыпкъ зыхуэмыныкъуэ* зы бзэу зэрыщытым папщӏэ, псалъэр *зэрытхрэ къызэрыӏу зэщхьэщыкӏын*ыр иджыри *а нэхъ зыхуэпэжыжьэ*у зы бзэрщ: адыгэбзэр "*ударенэ*" *зыхуэмыныкъуэхх*эу зы бзэрщ.

Нытӏэ, мы къэтӏуэтахэм теухуауэ аргуэру къыпыщапхъэмэ, зы *псэлъэбзэ*м дежкӏэ *нэхъыщхьэр* ар *къызэраӏуатэ* щӏыкӏэращи, ар *зэрытхын хуей* щӏыкӏэри *жьэрыбзэу* мы *къызэрыӏуатэ* щӏыкӏэущ. Зы

*псэлъэбз*эр зэрылажьэ *систем*эр абы *и логие лэжьэк*Iэращи, ар къызэрыIуатэрэ икIи зэрытхэкIэн хуей щIыкIэр зэхуэдэу щытын хуейщ, - мыбы нэмыщIыр имыгъуэрщ.

Маржэ! – Зы псэлъэбзэр зэрыщыIэ щIыкIэр зэхъуэкIынрэ зэрылажьэ щIыкIэрэ лъагъуэм тегъэкIын хуитыныгъэ зиIэ щыIэнкъым.

ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *псэлъэбзэ*р а *нэхъ логие зэпэщ*ырщи, адыгэбзэм хуэдэжу бзэ куэдми *"бзэ"* зэрылъытэ псалъэр *икIи* занщIэу *"логие"и зи мыхьэнэ*уэ зэрыхэтри гулъытапхъэщ. НытIэ икIи, *зи логиер къытхэмыл*ърэ зедымыхьэр *дызэрымыхъуфыну*р гурыIуэгъуэмэ, адыгэбзэр и логие лэжьэкIэу зедымыхьэмэ, е адыгэбзэр зедымыхьэжрэ димыIэжмэ, Адыгэ логиеи -зэрыхъун хуей щIыкIэу- тхэмылърэ димыIэжу аращи, Адыгэу дызэрымылъытэжыпхъэнури гурыIуэгъуэнщ.

*

Макъыбзэр цIыхум -"хьэ"м- макъхэр къызэрызыхигъэIукIыу зэрыщIидзам къыщIидзэу ухуауэ псэлъэбзэми пэщIэдзэ хуэхъуа бзэ лIэужьыгъуэрщ. ИкIи, щыIэгъуэрэ и ужьыгъуэм елъытауэщ псэущхьэм макъ къызэрызыхигъэIукIынури, мыпхуэдэу утыку къихьэ макъхэр щыIэгъуэрэ и ужьыгъуэ логие зыхэлъыжу мы къызэрыхъуа щIыкIэхэм елъытауэщ псэлъэбзэр зэрыухуэнурэ икIи абы зэрыхэлэжьыхьынур. Аращи, макъхэр мы къызэрыхъуа мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ къызхэзгъэIукI псэущхьэм зэрихьэу зэрыщIидзэкIэрэ ухуэну псэлъэбзэри зы макъыбзэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытIауэ, щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ къызхигъэIукIа макъхэр мы къызэрыхъуа щIыкIэу щыIэгъуэ мыхьэнэрэ логие зиIэу псэущхьэм – "хьэ"м- зэрызэрихьэу ухуауэ лъытапхъэщи, мыпхуэдэ зы макъыбзэр *зезыхьэ псэущхьэми* мы щыIэгъуэрэ и логиер *зыхищIэ*у, къигъуэгурыкIуэ гъуэгуанэшхуэм *и щIэнри ухуэ*рэ *зэрыхэхъуэ*у икIэм икIэжым *цIыхууи зилъытэжа*гъэнщ. Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, псэлъэбзэр иужькIэ *цIыхуу зызлъытэжам* иухуауэ зэрыщымытыр наIуэщ; *икIи*, иужькIэ цIыхуу зызлъытэну *"хьэ"м* къикIуа гъуэгуанэм *щиухуауи зэрыщымыт*ри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, цIыхуу зыщилъытэжам и иужьыIуэкIэ икIи гъунэгъурэ нобэрей лъэхъэнэхэм *цIыху*м езым и *щIеин* лIэужьыгъуэ *псал*ъэрэ *лэжьэк*Iэ *гуэрхэр* псэлъэбзэм хигъэхьэу хихуэнауэ щытми, псэлъэбзэр –нэхъ игъуэуи *"макъыбзэ"*р- зезыхьэ псэущхьэрэ – "хьэ"рэ- *цIыху*м езым и *щIеину* зэры*щымыт*ыр, икIи и Iэ илъу е и *инициативк*Iэрэ зэры*мыухуа*р гурыIуэгъуащэщ.

Арaщи, щыІэгъуэ логие лІэужьыгъуэхэр зыхэзыубыдэ макъхэмкІэ щыІэгъуэ ужьыгъуэ лІэужьыгъуэу езыр езырурэ ухуауэ лъытапхъэщ псэлъэбзэри, зы макъыбзэу щыІэгъуэ логие зыхэлъ псалъэхэмкІэ зэрыухуэнурэ икІи мыпхуэдэ логие зыхэлъ лэжьэкІи зэригъуэтынур гурыІуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэрыухуар зыхэмыкІуэдэжауэ щыт зы макъыбзэрщ адыгэбзэри, и макъхэр къызэрыхъуа мыхьэнэ лъабжьэ зиІэжу икІи псэлъэбзэуи къигъуэгурыкІуами зэрыщыбэгъуа мыхьэнэкІэрэ ноби систематикэу зыхэлэжьыхь зы бзэрщ.

НытІэ, мыпхуэдэ зы бзэм и щІэныгъэри езым хуэфащэрэ хуэІуауэ щытын зэрыхуейр гурыІуэгъуэнщи, ар -нобэ зэрадж щІыкІэу- мыпхуэдэ лъабжьэр зымылъытэрэ зыфІэкІуэда бзэхэм къатехъукІа бзэщІэныгъэм щІэджыкІыныр -а нэхъ мащІэу- абы мы и лъабжьэр щІэуфэнащи, мыр мыхъуныгъэ зы Іуэхугъуэрщ, хьэдыгъуэдахэщ.

Мы къэтІуэтахэми къызэрыхэщу, цІыхум -"хьэ"м- макъхэр къызэрызыхигъэІукІам къыщІидзэу зэпкъырыува макъыбзэу нобэм къынэсауэ щыт адыгэбзэм къигъуэгурыкІуа гуэгуанэшхуэм щІэпІыкІэ Адыгэри мы логиер зыхэлъыжырщи, езым и бзэм хуэфащэ щІэныгъэри зыджыфынуращ. Арaщи, адыгэбзэм езым хуэІуа и щІэныгъэр утыку къизылъхьэфынур адыгэбзэм щІэпІыкІарэ ар зыІурылъыж езы Адыгэращ. Адыгэбзэр зезыхьэрэ адыгэбзэ логие зыхэлъыжрэ, адыгэбзэм и бзэщІэныгъэр утыку къилъхьэн зыхуэфащэри езы Адыгэращ.

Ауэ, *къызгурыІу*эращ икІи *зи пщэрыл*ъынур.

*

ЩыІэгъуэ ужьыгъуэкІэрэ цІыхум -"хьэ"м- макъ къыхигъэІукІын лъэкІыныгъэ зэригъуэтакІэрэщ макъхэр утыку къызэрихьари, мыпхуэдэ макъхэмкІэрэ ухуа зы макъыбзэм и псалъэхэри мы зэрыухуа макъхэр къызэрыхъуа щІыкІэм елъытауэ щыІэгъуэ мыхьэнэрэ логие зиІэущ зэрызыхиубыдэр. Адыгэбзэм макъыбзэ лэжьэкІэу ухуа дэтхэнэ и зы псалъэри мыпхуэдэщи, икІи макъхэр мы къызэрыхъуам хуэдэу, къызыхэзыгъэІукІ цІыхум -и псэм- къыпкъырыкІыущ зэрилъытэр. Арaщи, адыгэбзэ "*псалъэ*" псалъэм зэреджапхъэр "къызыхэІукІым – цІыху нэрыбгэм- и *псэм (псэ) къыхэхъукІарэ (а) зы организацэ (лъэ) зыгъуэт*"ауэщ.

Адыгэбзэм "*псалъэ*" псалъэр мыпхуэдэущ зэрилъытэри, дэтхэнэ зы псалъэми ар *зэрыухуарэ зыхиубыдэ мак*ъхэм *я мыхьэнэрэ къалэнкІэрэ мыхьэнэ* зэригъуэтри гурыІуэгъуэщи, *макъымрэ* -макъкІэ ухуа- *псалъэр*

*къызпкъырыкIыр зэхуэдэу зы псэущхьэращ*. Аращи, *щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэ псэущхьэм* къызхигъэIукIа *макъхэмкIэрэ ухуа псалъэри къызхэзыгъэIукIыр а псэущхьэращи*, зы *"псэ"м къыпкъырыкIар*э (а) зэрыухуа е зыхиубыдэ макъхэмкIэрэ игъуэта мыхьэнэкIэ лэжьэну гъэпса зы *организацэ*у -зы *"лъэ"*у- *"псалъэ"*р мы зэрылъытари гурыIуэгъуэщ.

ИпэкIэ къызэрыхэдгъэщауэ, щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэ къызпкъырыкIым игъуэта лъэкIынигъэу къызхигъэIукIыу утыку къихьа макъхэмкIэрэщ псэлъэбзэр зэрыухуари, псэлъэбзэ пэщIэдзэу щыт макъыбзэм и псалъэхэр мыпхуэдэу зэрыухуам ипкъ зэриткIэ, мы псалъэхэм ялъытэхэр щыIэгъуэ мыхьэнэкIэрэ зэралъытэнури гурыIуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм и *макъыбзэ* лэжьэкIэу ухуа *псалъэхэм* ялъытэхэр *щыIэгъуэ*рэ *онтологие*кIэрэщ *зэралъыт*эри, ауэ-къызэрыгуэкIыу ухуауэ къытщыхъуу зетхьэ адыгэбзэ псалъэ куэдым я мыхьэнэхэр *метафизикэ* лIэужьыгъуэрэ лъабжьэм хуэкIуэу лъытапхъэщ.

*

ИкIи, *макъ гуэрхэр* къызэрыхъуа щIыкIэм елъытарэ теухуауэ *щыIэгъуэ лъабжьэ*и зылъытапхъэхэрщи, мыпхуэдэ зы щапхъэу *"щыIэ"*рэ *"щыIэгъуэ" лъабжьэ* зылъытэ *"щ" мак*ъымрэ, ар зыхэзыубыдэ мы псалъэхэми мы илъабжьэм гулъытэ щыхуэтщIынщ.

НытIэ, адыгэбзэ псалъэ зэпкъырыувэкIэм теухуауэ мы *"щыIэ" псалъэм* щыгъуазэ дыхуэхъуу *зэреджапхъ*эри зыгурыдгъэIуэнщ. *"ЩыIэ"* псалъэр "щ" макъымрэ "Iэ" макъхэмкIэ зэрыухуар нэрылъагъущи, *псалъэ пэщIэдзэ*у щыт *"щ" мак*ъыр *"щыIэ"* псалъэр зэрыухуа *макъ нэхъыщхьэ*рщ; "Iэ" макъри *"щыIэ"* псалъэм и *кIэух мак*ъыу, мы псалъэр зыдэкIуапIэм *зышэу зыгъэлажьэ мак*ъырщи, "щыIэ" псалъэм *глагол къалэн* хуэзыгъэзащIэрщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, *философие*рэ *онтологие* еплъыкIэхэм *"щыIэ"* жыхуэтIэми *"лъабжьэ хуэхъу" хуалъыт*эри, нытIэ, *адыгэбзэм* мыпхуэдэ лъабжьэ гуэр щыхэлъытэн хуейуэ щытмэ, мыр зылъытэнури *"щыIэ" псалъэ пэщIэдзэ* макъыу щыт *"щ" мак*рауэ жыIэпхъэщ. ИкIи, *философие*рэ *онтологие*р зытеухуа I*уэхугъуэ нэхъыщхьэр*и *"щыIэ"рэ утыку къызэрихь*эм икIи *лъабжьэ хуэхъум* зэры*теухуа*ри гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, *философие* бгъэдэхьэкIэу *"щыIэ"*р *зэрылъыт*эмрэ утыку къызэрихьэу *щыIэ зэрыхъу*м -и *"щыIэгъуэ"*м- икIи абы *лъабжьэ* хуэхъум теухуа зы щапхъэри мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу зыгурыдгъэIуэнри игъуэщ.

Мы щапхъэр *Хьэйдегьгьэр* (Heidegger) и *«Das Seiende ist das Phänomen des Sein in der Zeit»* псалъэращи, абы гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр *"щыӀэгъуэ лъабжьэ"*у ялъытэм (Sein) *зэманым* (Zeit) *зыщигъэлъагъуэ*у (Phänomen) *"щыӀэ"*р (Seiende) *утыку къихьа*уэ аращ.

"ЩыӀэгъуэ лъабжьэ"у мы ялъытэр (Sein) "щыӀэ"р (Seiende) къызытехъукӀа лъабжьэрамэ, -ипэкӀи зэрыжытӀауэ- мыр адыгэбзэм и "щ" макърауэ -и макъ мыхьэнэрауэ- лъытапхъэщ. ИкӀи, Хьэйдегьгьэр мы и псалъэм къикӀыр ипэкӀи зэпкъырытхауэ щыт адыгэбзэм и "щыӀэ" псалъэм и мыхьэнэрауэ зэрыщытри наӀуэщ. Ауэ икӀи, Хьэйдегьгьэр и псалъэм *"щы*Ӏэ"р *зэрыщы*Ӏ*эну зэман*ыр зэрыхуэдэр *къызэрыхэмыщ*ри гурыӀуэгъуэщи, мыр адыгэбзэм и "щыӀэ" псалъэм щызэрыхэлъытари наӀуэщ. Аращи, *"щы*Ӏэ"р *зэрыщы*Ӏэну мы *зэман*ыр *к*Ӏэ *зимы*Ӏэ *зэманыгъуэ*у е зы *зэманыгъуэ пыухытык*Ӏ*а*уэ зэрыщытыр мы германыбзэ псалъэмкӀэ *на*Ӏ*уэкъым*; ауэ, адыгэбзэм и *"щы*Ӏэ" псалъэр *"щ"*ыр "Ӏэ"*уэ зэрылажьэ*ущ зэрызэпкъырылъри, адыгэбзэм мы и псалъэр зэрыухуа щӀыкӀэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр *"щы*Ӏэ"*м и "щы*Ӏ*эгъуэ"р зы зэманыгъуэ пыухытык*Ӏ*а*кӀэ ("э"м и лимит (Ӏэ); лимит зэман: "Ӏэ") *ихь*ыну зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

Аращи, *адыгэбзэ*м и *"щы*Ӏэ" псалъэм къызэрыхэщкӀэ, *"щы*Ӏэ"рэ *"щы*Ӏ*эгъуэ"*р *зэманыгъуэу к*Ӏ*эншэу щымыт*у елъытэри, дэтхэнэ зы *"щы*Ӏэ"рэ икӀи *"щы*Ӏ*эгъуэ"* жыхуэтӀэр -космосыр- зы *зэманыгъуэ пыухытык*Ӏ*а*кӀэрэ *щы*Ӏэфыну ащ зэрилъытэр. НытӀэ, мыри *адыгэбзэм "щы*Ӏэ"р *зэрылъытапхъэу философиемрэ онтологием хилъхьэ* еплъыкӀэрэ *щ*Ӏ*эныгъэ* лӀэужьыгъуэу зэрыщытри наӀуэщ.

*

Макъыбзэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэм -зэрыухуарэ зыхабыдэ- макъхэм елъытауэ мыпхуэдэ мыхьэнэхэр зэрагъуэтым къыщымынэу, мыпхуэдэ щыӀэгъуэ мыхьэнэхэр псалъэ гуэрхэм я зэхущытыкӀэхэми зэрыхэплъэгъуэфынур гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зэлъытэныгъэр зы щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэм теухуа псалъэхэм я зэхуакум зэрыдэлъыпхъэнур гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэу лъытапхъэ псэлъитӀым я зэхущытыкӀэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы зэрыжытӀауэ, мыбдежым *"щтын"*рэ *"пщтын"* псэлъитӀым я зэхущытыкӀэрэ зэрызэлъытапхъэм гулъытэ хуэтщӀынущи, ахэр "хуэбагъэ"м и щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэм теухуа псалъэхэу зэрыщытри наӀуэщ.

Япэрауэ, мы псалъэхэр зэрыухуа щIыкIэу "*п*" *макъкIэ зэщхьэщык*Iрэ *зэпыщIа*уи зэрыщытыр нэрылъагъущ. ИтIанэ, *дэтхэнэ зы щы*I*эм* и *хуэбагъэр къехуэх*ыу, ар *зэрыщы*Iэ щIыкIэм (щ) –зэрыщыIэу щыта хуэбагъэм- *щхьэщык*Iынигъэ (т) зэригъуэтар зылъытэ глагол "*щтын*" псалъэмрэ, абы "*п*" *макъкIэрэ щхьэщык*I "*пщын*" псалъэм *зэда*Iэ зэлъытэныгъэр зы *тенгенс*ыгъэм (п) -теIэбапIэм- елъытауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Мы *псэлъит*Iым дэтхэнэ *зым илъытэр адрейм* илъытэм *хуэпхэнджу –а нэхъ щхьэщык*Iыныгъэшхуэу- зэрыщытыр наIуэщи, а нэхъ *зэхуэпхэндж*у -екстремэу зэщхьэщыкI- *екстремэ хуэбагъит*Iырщ; ауэ икIи, мы псэлъитIыр а *нэхъ хуэбэгъуэшху*эр (пщын) а нэхъ *щ*I*ы*I*эгъушху*эм (щтын) *тенгенс*ыгъэкIэ (п) *пыщ*I*а*рэ *пэгъунэгъу*у зэрыщытри зылъытэ псэлъитIырщ.

*А нэхъ хуаб*эрэ *а нэхъ щ*I*ы*Iэм *тенгенс*ыгъэ зэрызыхуаIэу мы псэлъитIым ялъытэр щыIэр зэрыщыIэу щыт нормал я щыIэгъуэм теухуауэ хуэбагъэ лIэужьыгъуэу лъытэнрэ къэгъэунэхуныр гугъуу къыщIэкIынщ. Ауэ, мы *псэлъит*Iым *–щтын, пщтын- тенгенс*ыгъэу мы я *зэхущытык*Iэр зытеухуар *щы*I*эгъуэ*рэ *космос*ым и *къэхъугъуэрэ к*I*уэдыжыгъу*эм икIи дэтхэнэ зы *щы*I*эм* и *къэхъугъуэрэ к*I*уэдыжыгъуэм теухуарэ щылъытапхъэ*у зэрыщытынури жыIэпхъэнщи, мы *псэлъит*I*ым* мы *я зэхущытык*Iэм къыдигъэлъагъуэр *щы*I*эгъуэмрэ –*космосымрэ- абы хиубыдэ *дэтхэнэ зы щы*I*эр зэрыщы*I*эм теухуа*уэ *космикэ щ*I*эныгъэ* лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ.

Аращи, мы *псэлъит*I*ым дэтхэнэ зым щхьэжу* и мыхьэнэр *ди щы*I*эгъуэмрэ дэтхэнэ зы щы*I*эми теухуа*уэ *а нэхъ щ*I*ы*Iэрэ (щтын) *а нэхъ хуаб*эр (пщтын) *зэрытлъытэ псалъ*эхэу щытми, мы псэлъитIым я зэхущытыкIэр -я зэлъытэныгъэр- щыIэгъуэмрэ дэтхэнэ зы щыIэм и щыIэгъуэр щызекIуэфыну хуэбэгъуэр зылъытэу лъытапхъэщ. НэгъуэщIыу жытIэнщи, "*щтын*"*рэ* "*пщтын*" *псэлъит*I*ым я зэхущытык*Iэм гурыIуэгъуэ къытхуищIыр *щы*I*эгъу*эр зэрыщыIэ "*хуэбэгъуэ*"м и *гъунапкъит*Iыр *–екстремэ хуэбагъит*Iыр- зылъытэу лъытапхъэрщи, псэлъитIым мы я зэхущытыкIэр *щы*I*эгъуэр къызэрежьэ*рэ *зэрыух*ым *теухуа*уэ жыIэпхъэщ. Аращи, *щы*Iэгъуэрэ космосым *пэщ*I*эдзэ хуэхъуа*уэ ялъытэ "*пэщ*I*эдзэ къэуэгъуэшхуэ*" -"*бинг бэнг*"- жыхуаIэр къызытехъукIар -мы къэуэугъуэшхуэм ипэ къихуэ- "*пщтын*"рамэ, абы ипэри мы "*пщтын*"ыр "*п*"ыкIэрэ *тенгенс*у зыпыщIа "*щтын*"ращ.

Икlи гурыlуэгъуэщ "пщта" гуэрыр "къэкъуалъэ"у зэрыщlидзэри, "пщтын"у а нэхъ хуэбэгъуэшхуэ нэужьыр "къэкъуэлъэн"ыгъэу мы хуэбагъэр зэрыупщlыури гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы жытlами гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *"щтын"*ыгъэм итыр –*"щта"*уэ щытыр- *"п"ыкlэ къыпэщыт "пщтын"* хуэбагъэм *зэрыхуэкlуэу, зэуэрэ занщlэу* къэхъу - *къэкъуэлъэн*ыгъэ лlэужьыгъуэу- *"къэуэгъуэ"*кlэ *щыlэгъуэр –космос*ыр- къыщlидзэу, мы *къэуами зызэриубгъу* зэрызекlуэу *кlуэ пэтрэ зэрыупщ*lкlэрэ мы щыlэгъуэм хиубыдэ щыlэ лlэужьыгъуэхэри утыку къихьэу щlидзауэ лъытапхъэщ. Аращи, мы къэуэгъуэу утыку къихьар щыlэгъуэ -космос- жыхуэтlэращи, абы зызэриубгъум *дэтхэнэ и зы упщlыlупlэр дэтхэнэ зы щыlэм* -элементым- *къэхъупlэ хуэхъуу щыlэгъуэр* -космосыр- *щыlэ лlэужьыгъуэ*кlэрэ *багъуэуи ужьа*уэ лъытапхъэщ. Мы упщlыlуныгъэу зекlуэм япэ къыщыхъуауэ ялъытэ элементри "хидрогенэ" жыхуаlэращ.

Дауи, *"щта"р зэры"пщт"*кlэрэ *"къауэ"у къежьа щыlэгъуэ*рэ космосыр мы *зэрыупщlыlукlэрэ зекlуэу* лъытапхъэмэ, икlэм икlэжым *"щтын"*ым -"п"ыкlэрэ тенгенсыгъэ зыхуиlэм- *зэрыхуэкlуэ*жынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *космос*ымрэ икlи хиубыдэ *дэтхэнэ зы щы*lэм *я щыlэгъуэ*ри *зэриух*ынур мы *упщlыныгъэр "щтын"ым зэрыхуэкlуэ*у зэрыщытынури жыlэпхъэнщ. Мы зэрыжытlауэ, *щыlэгъуэ*мрэ *дэтхэнэ зы щыlэм* я *щыlэгъуэ*хэм *къежьапlэрэ ухыпlэ* *я*lэщ*. Щыlэгъуэр "щтын"рэ "пщтын" зэхуаку*ращ щызекlуэри, *щыlэгъуэ*р зэрыщыlэфыр *"пщтын"рэ "щтын" зэхуаку "хуэбэгъуэ"*у зэрыщытыр жыlэпхъэщ.

Нытlэ, *"пщтын"кlэрэ* къэхъу *"къэуэгъуэшхуэ"*м *къыщlидзэ*ущ *"щыlэгъуэ"*р зэрылъытэри, *упщlыlукlэрэ "щтын"*ыгъэм *щыхуэкlуэм щыгъуэм "щыlэгъуэ" зэрымылъыт*энури гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу къекlуэкl *"щыlэгъуэ"*м хиубыдэ *дэтхэнэ зы щы*lэри утыку къызэрихьэр *щыlэгъуэ упщlыl*уныгъэм дэтхэнэ и *зы хуэбагъэ*м дежращи, нытlэ, *дэтхэнэ зы щы*lэ лlэужьыгъуэр *къыщыхъу*у езым хуэlуа *"пщын"*ыгъэу зэрылъытапхъэм хуэдэжу, икlи *мы щы*lэ лlэужьыгъуэм *и щыlэгъуэр щыух*ыу -зыдыщымыlэжыну- езым хуэlуа *"пщтын"*ыгъи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *щыlэгъуэм зызэриубгъу*рэ *зэрыупщlыl*уу зэрызекlуэм дэтхэнэ *и зы упщlыlупlэр зи "пщтын"ыгъэу* дэтхэнэ *зы щы*lэ лlэужьыгъуэ *утыку къохь*эри, упщlыlукlэрэ зекlуэу щыт *щыlэгъуэм и зы нэхъ упщlыlупlэри мы щы*lэ лlэужьыгъуэм *и "пщтын"ыгъэу и щыlэгъуэр щеух*ыр.

Мы къэтӀуэтахэр хуэбагъэм теухуауэ щытми, икӀи ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа "*щы*Ӏэ" псалъэм и *мыхьэн*эри дигу къызэригъэкӀыр наӀуэщ. Аращи, мы къэтӀуэтахэм занщӀэу "*щы*Ӏэ"рэ "*щы*Ӏэгъуэ"р зы *зэманыгъуэ пыухытыкӀа*кӀэрэ зэрылъытэр (Ӏэ) къызэрыхэщри гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, "*щы*Ӏэгъуэ"р "*пщтын*"*к*Ӏэрэ къэхъу "*къэуэгъуэшхуэ*"у утыку къызэрихьар гурыӀуэгъуэмэ, нытӀэ, *щы*Ӏэгъуэр *къызэрежьэ* мы "*къэуэгъуэ*"р "*зэман*" жыхуэтӀэри *къызэрежьэ*у лъытапхъэщ.

НытӀэ, "*пэщ*Ӏэдзэ *къэуэгъуэшхуэ*"*к*Ӏэ *къежьэ*рэ *зызэриубгъуу зэрыупщ*Ӏы*Ӏук*Ӏэрэ зекӀуэ "*щы*Ӏэгъуэ"м и *ухып*Ӏэр *а нэхъ упщ*Ӏы*Ӏуныгъэ*у "*щтын*"ыр икӀи "*щы*Ӏэгъуэ"р зэрыщыӀэ "*зэман*"ми и *ухып*Ӏэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, "*щы*Ӏэгъуэ"р "*пщын*"*к*Ӏэрэ къэхъу "*къэуэгъуэшхуэ*"у *къежьэу* "*щтын*"кӀэ *щиух*ыу мы *зэрызек*Ӏ*уэ зэхуакур* икӀи "*зэман*"ри *зэрызек*Ӏ*уэ зэхуаку*у лъытапхъэщи, "*къэуэгъуэшхуэ*"у утыку къихьа "*щы*Ӏэгъуэ"р *упщ*Ӏы*Ӏук*Ӏ*эрэ* зыхуэкӀуэ "*щтын*"ыгъэм *щызэры*у*х*ыр икӀи "*зэман*"ми и *ухып*Ӏэу зэрыщытыри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, "*щы*Ӏэгъуэ"мрэ "*зэман*"ым *зэхуэдэ къежьап*Ӏэрэ зэхуэдэ *ухып*Ӏэ *зэда*Ӏ*эщи*, "щыӀэгъуэ"м зы зэман пыухытыкӀауэ щыӀэу зэрылъытапхъэр "зэман"ми ухыпӀэ зэриӀэм зэрезэгъыр гурыӀуэгъуэщ. НэгъуэщӀы жыпӀэмэ, *къежьап*Ӏ*эрэ ухып*Ӏэ *зэрызыда*Ӏэм ипкъ зэриткӀэ, "*щы*Ӏэгъуэ"*рэ* "*зэман*"ыр *к*Ӏэ *зимы*Ӏ*эу мылъытапхъэ*рщи, "*щ*"ым "*зэман*"*ым зыщигъэлъагъуэу* "*щы*Ӏэ" зэрыхъур икӀи *щы*Ӏ*эбэ зыхэзыубыдэ* "*щы*Ӏэгъуэ"м -космосым- *езыми теухуа*уэ жыӀэпхъэщ. Ауэ, *зэманым къыдэхъуу зэманыр щыухми ух* мы *щы*Ӏэгъуэм *хиубыдэ дэтхэнэ зы щы*Ӏэр мы *зэманыгъуэм хиубыдэ зы зэман пыухытык*Ӏ*ак*Ӏэ *зэрыщы*Ӏэри ипэкӀэ къэтӀуэтахэми гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ икӀи, зы *энерие* лӀэужьыгъуэу щыт *хуэбагъэр а нэхъ щ*Ӏ*ы*Ӏ*эгъуэм къыщежьэ*у *к*Ӏэ *зимы*Ӏ*эу дэк*Ӏ*уей зэпыту зэрыщымы*тыр гурыӀуэгъуэ къытхуэзыщӀыр мы къэтӀуэтахэри, "*хуэбагъэ*" жыхуэтӀэ *энергие* лъагъуэр зы *линие* формэ зиӀэу –линиер функцэу- зэры*щымыт*ыр гурыӀуэгъуэ къытхуэзыщӀырщ. НытӀэ, *хуэбагъэ* энергие *лъагъуэ*р зэры*укъуэншк*Ӏ*эрэ* кӀуэ пэтрэ "*хъурей*"м *хуэк*Ӏ*уэ*ущ зэрылъытапхъэр. Аращи, *а нэхъ хуэбагъэрэ а нэхъ щ*Ӏ*ы*Ӏ*эгъуэ*м я зэхущытыкӀэр *тенгенс*ыгъэ зэрызыхуаӀэу зылъытэу зи гугъу тщӀа псэлъитӀым –"щтын, пщтын"- гурыӀуэгъуэ къытхуащӀыр "*хуэбагъэ*" *энергие лъагъуэр хъуреигъэ* формэм хуэкӀуэу зэрылъытэрщ. Ауэ икӀи, -мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи-мыпхуэдэу "хъурей" формэ зиӀэ мы зекӀуэкӀэр щыӀэ лӀэужьыгъуэу

энергием и щыIэгъуэм теухуауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, дызыхэту дызэрыщыIэм и *хъукIэ формэ*р занщIэу зэры*дымылъытапхъэ*ри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *энергие лъагъуэ формэ*р *къежьапIэрэ ухыпIэу* зэрызэпыщIауэ *хъуей формэ* зиIэу *зэрылъытапхъэр* ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *щыIэгъуэр къызэрыхъурэ зэрыух*ыр "*хуэбагъэ*"у "*щтын*"*рэ* "*пщтын*"ыр -"*п*"*ыкIэрэ тенгенс*ыгъэу- зэрызэпыщIа щIыкIэу *хъуерй формэ*у зэрылъытапхъэнури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, "*хуэбагъэ*"м и *гъунапкъитI*ыр *тенгенс*кIэрэ *зэпыщIа*рэ *зэщхьэщык*Iыу зылъытэ мы псэлъитIым -"*щтын*"рэ "*пщтын*"- гурыIуэгъуэ къытхуащIыр "*хуэбагъэ*" *энергие*ри зы *щыIэгъуэ* лIэужьыгъуэу *зэрыщы*Iэрэ, *икIуэ лъагъуэр тоталу* "*хъурей*" *формэ*у зэрыщытрауэ жыIэпхъэщ; - энергие лIэужьыгъуэу "*хуэбагъэ*"р *космикэу* зэрызекIуэр "*хъурей*" *формэ* зиIэущ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, адыгэбзэм и "*хъурей*" псалъэр "*хъу*"*м и формэ* зылъытэу жыIэпхъэщи, *хуэбагъэм теухуа*уэ зи гугъу тщIы мы *псэлъит*Iым я зэхущытыкIэмкIэ лъытэри зы *энергие* лIэужьыгъуэ *щыIэгъуэ*у "*хуэбагъэ*"ми -и *къэхъукIэрэ* (щтын) *и кIуэдыкIэр* (пщын) мы *зэрызэпыщIа*уэ зэрыщыткIэ- *и икIуэ лъагъуэ*рэ *и хъук*Iэр "*хъурей*"уэ зэрыщытырщ.

*

Макъыбзэу ухуа *щхьэж псалъ*эхэр зэрыухуа макъхэм ипкъ зэриткIэ *щыIэгъуэ* лIэужьыгъуэ *мыхьэнэ* яIэу зэрыщытым нэмыщI, мыпхуэдэ мыхьэнэхэр икIи *псалъэхэр зэрызэхущыт щIыкIэуи* зэрылъытапхъэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьащ мы ипэкIи, мыпхуэдэ мыхьэнэхэр *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у *зэрылажьэ щIык*Iэхэми *зэрыхэлъытапхъ*эми мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

ИпэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, псэлъэбзэр зэрызекIуэ "*псалъэ*" псалъэм адыгэбзэм щигъуэта мыхьэнэр "*псэм къыхэхъук*I"рэ "*оганизацэ*" зыгъуэтырщи, мыр икIи *псэ зыхэлъ*уи лъытапхъэрщ; нытIэ, *мыпхуэдэ псалъэхэмк*Iэ *ухуэ псэлъэбзэ*ми *псэ ужьыныгъэ*рэ *логие* зэриIэнур гурыIуэгъуэнщ. КIэщIыу жыпIэмэ, "*псалъэ*"р *псэм къыхэхъук*I *оранизацэ* лIэужьыгъуэмэ, *псэлъэбзэри псэ лIэужьыгъуэ логие*у -бзэуэ- лъытапхъэщ. НытIэ, мыпхуэдэ *псэлъэбзэ*ри къэзыпсэлъым макъхэр къызэрызыхигъэIукIым къыщIидзэу *къикIуа гъуэгуанэшхуэм* зэрызэхъуэкIрэ узэщIыжу игъуэта ужьыгъуэми -*псэ* лIэужьыгъуэу

щыӀэгъуэ *зиӀэхэм хуэдэу- еволуцэ* лӀэужьыгъуэхэри зэрызыхиубыдэу нобэм къызэрысари жыӀэпхъэнщ.

Ауэ икӀи, къызэрыхъуа щӀыкӀэу щыӀэгъуэ мыхьэнэрэ логие зыхэлъу зи гугъу тщӀы *мак*ъхэм щыщ *гуэрхэми щы*Ӏэгъуэрэ *щы*Ӏэп*Ӏэ –щы*Ӏэ *щӀып*Ӏэрэ *джып*Ӏэ- зэралъытэу *геометрие мыхьэн*эрэ къалэн зэраӀэфынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращ икӀии, адыгэбзэм и "*макъ Ӏуэр*"хэр *макъыгъуэ геометрие*ри зылъытэу *геометрие мыхьэнэрэ къалэн* зиӀэу зэрыщытхэми игъуэ зэрыхъукӀэ ди лэжьыгъэхэми къызэрыхэщыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, адыгэбзэм *бжыгъэц*Ӏэ зылъытэ дэтхэнэ зы *псалъэм* щхьэжу зы *щы*Ӏэ*гъуэ мыхьэнэ* зиӀэу е *щы*Ӏэ*гъуэ*р зэрызекӀуэрэ *зэрыужь мыхьэнэ* зиӀэу зэрыщытми ипэрей ди лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуауэ щытащ.

Мы къэтӀуэтахэми зэрезэгъщи, зы макъыбзэу щыт *адыгэбзэм* и *макъхэр къызэрыхъуа* щӀыкӀэхэм *елъыта*уэ -икӀи *зэрызэлъыта*уи-*систематик*эу холэжьыхьри, адыгэбзэм къикӀуа мы гъуэгуанэшхуэм *математикэ* лӀэужьыгъуэу и кӀуэцӀым къыщыхъу *парадокс*хэри зыригъэзэкӀуэжу зэрызэхъуэкӀ ужьыгъуэкӀэрэ нобэм къызэрынэсари жыӀэпхъэнщ.

Мы къэтӀуэтахэми къызэрагъэлъагъуэу, утыку къызэрихьа щӀыкӀэхэм теухуауэ щыӀэгъуэрэ ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэ мыхьэнэ зиӀэ макъхэмкӀэ ухуарэ ноби мыпхэдэ лъабжьэрэ лэжьэкӀэри зыхэлъыжу зы *логие зэпэщ*у лъытапхъэ *адыгэбзэ*р щӀэныгъэ лъабжьэ лӀэужьыгъуэхэри зыхэзылъытэу зэрыщытым ипкъ зэритклэ, Алыдж философ нэхъыщхьэхэм халъыта Хьераклит (Herakleitos) *логиерэ щӀэныгъэ зэпэщ*у илъыта и "*Логос*"ыр дигу къэзыгъэкӀ зы *псэлъэбзэ*уи жыӀэпхъэнщ. ИкӀи, щӀэныгъэхэми лъабжьэ хуэхъуауэ ялъытэ философием Алыдж щӀыналъэм щикӀуа лъагъуэм и пэщӀэдзэхэм щыпсэуа Хьераклит нэужьыӀуэкӀэ -нобэрей математикэм лъабжьэ хуэхъуа щыт- геометрие координат системэр Евглид (Euglides) зэриухуари дигу къэдгъэкӀыжынщ.

НытӀэ, мыхэр зытежытӀыхьарэ зы логие зэпэщуи лъытапхъэ адыгэбзэр мыпхуэдэ лъабжьэжьрэ пщӀэшхуэ зэриӀэкӀэ къызгурыӀуэу, абы хуэфащэрэ хуэӀуа щӀэныгъэр -икӀи "Логос"уи- утыку къилъхьэныр пщэрылъ зыхуэзыщӀыну Адыгэри Тхьэм тхуигъэбагъуэ!

***

Мы къэдыубла лэжьыгъэр "псэлъэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэр макъ лъабжьэкӀэ къызэрыӀуатэ тхылъ" лӀэужьыгъуэу "АДЫГЭБЗЭ" серием и

еплIанэращи, "АДЫГЭБЗЭ IV" зи цIэ мы тхылъри къызкIэлъыкIуэ "АДЫГЭБЗЭ III" тхылъым хуэдэу адыгэбзэ псалъэ конструктурэм теухуащ.

Ауэ, псалъэ лIэужьыгъуэу "глагол"хэращ зытеухуар мы лэжьыгъэри, *псалъэ конструктурэ*у *глаголхэр зи тегъэщIап*Iэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, зы *лэжьыгъэ пыухытыкIауэ нэхъ наIуэрэ Iупщ*I къытхуэхъунуи къыщIэкIынщ. Мы лэжьыгъэр икIи *глаголхэм теухуа зы лэжьыгъэ пыухытыкIара*щи, "*глагол*"*хэр* "*инфинитив*"*у зэрызэпкъырыув*эм теухуа лэжьыгъэрщ.

Мы зэрыжытIам зэрезэгъкIэ, мы лэжьыгъэр "инфинитив глагол"хэм теухуа лэжьыгъэ пэщIэдзэрэ лъабжьэу лъытапхъэщи, "*глагол*" жыхуэтIэ псалъэ лIэужьыгъуэхэр *зэрылъыт*эрэ *утыку къызэрихь*эм къыщIидзэу, глаголхэр *зэрыбагъуэ*р икIи *зэрызэлъытапхъэ*рэ *зэрызэщхьэщык*Iхэри зыхэзыубыдэ лэжьыгъэрщ. НытIэ, "инфинитив глагол"хэм теухуа мы лэжьыгъэр мы зыхиубыдэу жыхуэтIэхэм зэрыигъуэкIэрэ Iыхьэ Iыхьэу щыгъуазэ дызэрыхуэхъукIэрэ къекIуэкIыну зы лэжьыгъэрщ.

Макъхэр утыку къызэрихьэм къыщIидзэу езыр езырурэ ухуэу гъуэгуанэшхуэ къэзыкIуа зы псэлъэбзэу, ноби макъыбзэ лэжьэкIэ зиIэу щыт *адыгэбзэ*м и *лэжьэк*Iэри –икIи *дэтхэнэ и зы лэжьэк*Iэ *пыухытыкIа*ри- *макъхэр лъабжьэу* зэрылъытэкIэрэ *къызэрекIуэк*Iынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, псэлъэбзэ пэщIэдзэу щыт зы макъыбзэу зэрыщыткIэ, зэрыухуа макъхэр я мыхьэнэкIэрэ зыхэлэжьыхь *адыгэбзэм и лэжьэк*Iэ зэмылIэужьыгъуэхэри *зэрызэпыщIа щIыкIэу* -зэпыудыгъуэ зэримыIэ щIыкIэу- *зэрызекIуэ*нури жыIэпхъэнщ.

Ауэ икIи, зы макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъкIэ, ипэкIэ щхьэж псалъэ гуэрхэмрэ псалъэхэр зэрызэлъыта щIыкIэхэм теухуауэ гулъытэ зыхуэтщIа *щыIэгъуэрэ ужьыгъуэ* е *щыIэгъуэ логие* лIэужьыгъуэ мыхьэнэхэр *глагол*хэр *зэрыухуэ*рэ *зэрылажьэ*хэм теухуауэ мы къедгъэкIуэкIыну къытпэщыт лэжьыгъэмрэ къытпыщIэхуэну къыщIэкIынщ. Ауэ икIи къыхэгъэщыпхъэщ глаголхэр зэрыухуэрэ я лэжьэкIэхэм мы гулъытэ зыхуэтщIыну мыхьэнэхэр щхьэж псалъэхэм зэреджапхъэм хуэдэу тыншу зэрыщымытынур. Щхьэж псалъэхэм хуэдэу занщIэу гулъытэ зыхуэпщIыф мыхьэнэхэр къытпыщIэмыхуэнуми, ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа щIыкIэу, зы щыIэгъуэм теухуа мыхьэнэ зиIэ псэлъитIым я зэхущытыкIэм хуэдэхэр къызэрытпэщIэхуэфынури жыIэпхъэщ. Дауи, *глагол ухуэк*Iэрэ *лэжьэк*Iэхэм икIи абыхэм лъабжьэ

яхуэхъухэм *щыӀэгъуэ мыхьэнэ*рэ *логие лӀэужьыгъуэк*Ӏэ гулъытэ хуэщӀынрэ *еджэн зэрыхуей*ращ жытӀэр.

Ауэ, мы къытпэщыт лэжьыгъэр япэрауэ *глаголхэр зэрылъыт*эрэ *зэрыухуэ* икӀи мы я *ухуэк*Ӏэрэ я *лэжьэк*Ӏэк*Ӏэ зэрызэлъыта*рэ *зэрызэщхьэщык*Ӏыр утыку къилъхьэн Ӏуэгъуэурщи, мыр щедгъэкӀуэкӀым дэщӀыгъуу икӀи абыхэм мы зи гугъу тщӀа лъэныкъуэкӀи щыгъуазэ хуэхъуныр нытшрэ игъуащэуи къыщӀэкӀынщ. Мы лэжьыгъэр щызекӀуэм мыпхуэдэ мыхьэнэ гуэрхэр къытпыщӀэхуэнкӀи хъунщ, ауэ *мы* зи гугъу тщӀы *лъэныкъуэхэмк*Ӏэ мы лэжьэкӀэхэм зэрыигъуэрэ *ик*Ӏ*э нэгъунэ щыгъуазэ хуэхъу*ныр *иужьрей* Ӏ*уэху*гъуэу лъытапхъэнщ. Аращи, я *ухуэк*Ӏэрэ *лэжьэк*Ӏэхэр утыку къихьарэ зэрыхъун хуейуэ *къэунэхуа нэужь*рагъэнщ ахэр я *ухуэк*Ӏэрэ *лэжьэк*Ӏэк*Ӏэ зэрызэлъыта*кӀэрэ я *щы*Ӏ*эгъуэ мыхьэнэрэ логие*хэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуфынур.

Ауэ икӀи, зы *лэжьыгъэр зэф*Ӏ*эк*Ӏ*ауэ щылъытапхъэри* ар *и пщ*Ӏэрэ *и щы*Ӏ*эгъуэ*кӀи *щылъыт*эм дежрауэуэ жыӀэпхъэнщи, мыри утыку къыщихьэнури а *лэжьыгъэр* дэтхэнэ лъэныкъуэкӀи зэрыхъун хуеипӀэм хуэкӀуауэ *утыку къихьа нэужь*рауэ жыӀэпхъэнщ. НытӀэ, ипэкӀэ философиер щӀэныгъэхэм лъабжьэ хуэхъуурэ ахэр зыхиубыдэу къежьауэ зэрылъытапхъэр жытӀауэ щытами, икӀи зыгуэрым и философиер зэрыигъуэу утыку къыщихьэнур а гурыр зэрыхъун хъуарэ дэтхэнэ лъэныкъуэкӀи къыщыунэхуа нэужьрагъэнщ. Аращи, мы псалъэхэм дигу къигъэкӀыжащ *"философием зыкъыщигъэлъэгъуэнур сытри зэрыхъун хъуарэ къыщыгъэунэхуа нэужь"*рауэ зылъытэ Хьегьэл и зы жыӀэгъуэ псалъэри, ар мыбдежым адыгэбзэкӀэ къызэрыӀуатэм деплъынщ: «Минерва (Атенэ) и жьындур пщыхьэщхьэпэ зэхэуэгъуэращ щылъатэр».

*

Мы къекӀуэкӀыну къытпэщыт лэжьыгъэр "инфинитив глагол"хэм теухуауэ псэлъащхьэ псэлъащхьэу икӀи Ӏыхьэ Ӏыхьэу щыгъуазэ дызэрыхуэхъукӀэрэщ къызэредгъэкӀуэкӀынур.

ИкӀи, мы ипэкӀэ къыхэдгъэщахэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуищӀщи, мы лэжьыгъэр дэтхэнэ и зы лэжьэкӀэ пыухытыкӀа лӀэужьыгъуэм къыкӀэлъыкӀуэ лэжьэкӀэ пыухытыкӀар зэрыпыщӀауэ зэрыщыткӀэрэ къызэрекӀуэкӀынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, глаголыр зыхущӀэкъу зы лэжьэкӀэр кӀуэ пэтрэ хроникэ зэрыхъукӀэрэ зы лэжьэкӀэ пыухытыкӀарэ Ӏэрамэу лъытапхъэми, мы лэжыгъэ пыухытыкӀуар езым ипэ къихуэ лэжьэкӀэм хуэм хуэмурэ - езыр езырурэ къытехъукӀауэ зэрыщытрэ, икӀи

мы къызытехъукlами къызэрытехъукlа щlыкlэкlэ пыщlауэ зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ. Икlи, мы зи гугъу тщlы лэжьэкlэ пыухытыкlари зэрыужькlэрэ абы къыкlэлъыкlуэ зы лэжьэкlэ лlэужьыгъуэри езым – къызытехъукlам- зэрыпыщlэжа зы лэжьыгъэ пыухытыкlауэ утыку къызэрихьэфынури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ глаголхэр я ухуэкlэрэ лэжьэкlэкlэ зэрызэпыщlарэ зэрызэщхьэщыкlри, утыку къихьэ ухуэкlэрэ лэжьэкlэ пыухытыкlахэр я зэкlэлъхьэужьыкlэу зыр зым зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ –тенгенсыгъэ пэлъытэкlэрэ- зэпыщlауи лъытапхъэхэрщ.

Нытlэ, мы дызыхэхьэну лэжьыгъэр -ипэкlи зэрыжытlауэ- ″*глагол*″ жыхуэтlэ псалъэ лlэужьыгъуэхэр *зэрылъыт*эрэ *къызэрыхъу*у, *зэрыбагъу*эрэ *зэрызэлъытапхъэ*у *зэрызэщхьэщык*lхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу къедгъэкlуэкlынущи, мы зи гугъу тщlа лэжьыгъэ пухытыкlа лlэужьыгъуэкlэрэ мы щыгъуазэ дызыхуэхъунухэр зэрызэпыщlарэ зэрызэкlэлъхьэужьри хэплъагъуэу, игъуэрэ ирикъун хуэдиз щапхъэхэри къахуэтхьу къедгъэкlуэкlынущ. Мы лэжьыгъэр икlи, -жыпlэ хъумэ- *зытеухуа*рэ *хиубыдэхэм теухуа*уэ зы *алгоритмэ* лlэужьыгъуэуи лъытапхъэщ.

Нытlэ, ″инфинитив глагол″хэм теухуа мы лэжьыгъэм къыкlэлъыкlуэну къытпэщыт лэжьыгъэри мы щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″инфинитв глагол″хэм я лэжьэкlэхэм теухуауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы лэжьыгъэм къыкlэлъыкlуэнури мы ″АДЫГЭБЗЭ″ серием и етхуанэ тхылъу ″АДЫГЭБЗЭ-V″ращи, ″*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*″хэр зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэу *псалъэ конструктур*эм теухуащ.

## ЯПЭРЕЙ lЫХЬЭ

# ГЛАГОЛХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫlБАГЪУЭХЭР, ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКlХЭР

| **ЯПЭРЕЙ lЫХЬЭМ ХИУБЫДЭХЭР -ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭУ-** | **ТХЫЛЪ. Н.КlУЭЦl** |
|---|---|
| **"ГЛАГОЛ" ЖЫХУЭТlЭ ПСАЛЪЭХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭМ ТЕУХУАУЭ** | **21** |
| **МАКЪХЭР ЗАНЩlЭУ "ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭМ ТЕУХУАУЭ -"МАКЪ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ-** | **25** |
| - "МАКЪ lУЭР"ХЭМРЭ, АХЭР Я МЫХЬЭНЭКlЭРЭ ЗАНЩlЭУ "МАКЪ lУЭР ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 25 |
| - "МАКЪ ЩЭХУ"ХЭМРЭ, АХЭР Я МЫХЬЭНЭКlЭРЭ ЗАНЩlЭУ "МАКЪ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 42 |
| - "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭМРЭ, АХЭР Я МЫХЬЭНЭКlЭРЭ ЗАНЩlЭУ "МАКЪ ЗЭГУЭТ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 62 |
| - "МАКЪ ГЛАГОЛ"У МЫУХУА -"ГЛАГОЛЫПХЪЭ"УИ МЫЛЪЫТЭУ "ГЛАГОЛ" КЪАЛЭНИ ЗЫМЫГЪЭЗЭЩlАПХЪЭ- "МАКЪ ЩЭХУ"РЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 70 |
| **МАКЪ ЗЫ БЖАНЭ (МАКЪЫБЭ) ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ "ГЛАГОЛ"ХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭМ ТЕУХУАУЭ** | **72** |
| - МАКЪ ЗЫ БЖАНЭ ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ ГЛАГОЛХЭМРЭ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 72 |
| - "МАКЪИТl ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ ГЛАГОЛ"ХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭМ ТЕУХУАУЭ | 78 |
| - МАКЪИТl НЭХЪЫБЭ ЗЫХЭЗЫУБЫДЭУ УХУЭ ГЛАГОЛХЭР "**ГЛАГОЛ**"ХЭР "**МАКЪЫБЭ**"У **ЗЭРЫБАГЪУ**ЭМ ТЕУХУАУЭ | 116 |
| **ГЛАГОЛХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫГЪЭКlПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ -ГЛАГОЛ КЛАСИФИКАЦЭХЭМ ТЕУХУАУЭ -** | **130** |
| **ЗЫХИУБЫДЭ ПСАЛЪЭ БЖЫГЪЭМ ТЕУХУАУЭ ГЛАГОЛ КЛАСИФИКАЦЭ** | **141** |
| - "ЩХЬЭЖ ПСАЛЪЭ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 141 |
| - "ПСАЛЪЭ ЗЫ БЖАНЭКlЭ УХУА ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 144 |
| **"ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ ТЕУХУА ТЕРМИНОЛИЕМ ХЭПЛЪЭГЪУЭ** | **147** |

## ″ГЛАГОЛ″ ЖЫХУЭТӀЭ ПСАЛЪЭХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы лэжьыгъэ Ӏыхьэр зытеухуар ″глагол″ жыхуэтӀэ псалъэ лӀэужьыгъуэхэр япэрауэ утыку къызэрихьэрэ зэрылъытэрщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм мыбы щыгъуазэ хуэхъун папщӀэ, макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм деж къыщыщӀэдзэн хуейри гурыӀуэгъуэнщ.

Аращи, глагол къэхъуныгъэм лъабжьэ яззрыхуэхъукӀэрэ макъхэм къыщыщӀэдзэн хуей мы лэжьыгъэр глаголхэр макъ гупкӀэри зэрыбагъуэми щыгъуазэ зэрыхуэхъуу къыпыщэнущ. Мыпхуэдэу бзэм щыбагъуэ зэпытыну глаголхэр зэрызэлъытапхъэми гулъытэ хуэщӀауэ, ахэр зэрызэщхьэщхыыкӀми щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуеинури гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мыпхуэдэу къедгъэкӀуэкӀыну мы лэжьыгъэм занщӀэу дыхэмыхьэ ипэ, мы псэлъащхьэми зэрезэгъкӀэ жыӀэпхъэ гуэрхэр къыпыщэнри игъуэщи, мы дызыхэхьэ лэжьыгъэ Ӏыхьэми пэщӀэдзэ хуэхъупхъэу лъытапхъэ гуэрхэр мы илъабжьэм къыщыхэдгъэщынщ.

*

Аращи, къэхъурэ гъэзащӀэ дэтхэнэ гуэрыр икӀи дэтхэнэ гуэрыр езырауэ зэрыщытрэ зэрылъытэр къызэрыӀуатэ псалъэ лӀэужьыгъуэхэрщ ″глагол″ жыхуэтӀэхэри, икӀи адыгэбзэм дэтхэнэ и зы псалъэри глагол лӀэужьыгъуэу лъытэфу зэрыухуэфынури жыӀэпхъэнщ. ″Глагол″ жыхуэтӀэр и мыхьэнэрэ илъытэ Ӏуэхугъуэм елъытарэ теухуауэ лэжьэф псалъэ лӀэужьыгъуэрщи, мыпхуэдэу зэмылӀэужьыгъуэ щӀыкӀэу лэжьэну зэрытегъэпсыхьри псалъэм ″н″ макъ кӀэух къызэрыпыхьэущ.

Мы зэрыжытӀауэ, дэтхэнэ зы псалъэр зэрылэжьэну зэрыгъэпсрэ глаголу зэрылъытэу зэрыухуэр ″н″ макъ кӀэухкӀэрэщ; икӀи, ″н″ макъым игъэзащӀэ къалэным ипкъ зэриткӀэ, ″н″ кӀэухкӀэрэ ухуа псалъэхэр глагол лӀэужьыгъуэу ″инфинитив глагол″ущ зэрылъытэр. Аращи, дэтхэнэ зы псалъэр ″н″ макъ кӀэухкӀэрэ ″инфинитив″ формэ игъуэту зэрызэпкъырыувэр ар глаголу лэжьэну зэрыгъэпса щӀыкӀэрщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, псалъэр зы цӀэ лӀэужьыгъуэу щытми, лэжьэфыну щытрэ глаголу ухуэфыну лъытапхъэнщ; ауэ, цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ гуэрхэр глаголу лэжьэным

нэхъу хущӀэкъурэ хуэигъуэуи лъытапхъэщи, мыыпхуэдэщ ″плъыфэцӀэ″ лӀэужьыгъуэ псалъэхэр. Аращи, дэтхэнэ зы плъыфэцӀэм илъытэ плъыфэр зыгуэрым иӀэу зэрыщытрэ къызэрищтэм теухуауэ ″плъыфэцӀэ″хэр хуиту глаголу зэрыухуэфынур гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ икӀи, глаголхэр утыку къызэрихьэрэ зэрыухуэхэр -мы зэрыжытӀауэ- ухуагъэххэ псалъэхэм къатехъукӀын хуейуи зэрыщымытри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, дэтхэнэ зы макъыр е макъ гупыр -я мыхьэнэхэм елъытауэ- занщӀэу ″глагол″ лӀэужьыгъуэу зэрылъытэфынурэ утыку къызэрихьэфынури гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, глаголхэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэр нэхъыбэу мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщи, мы илъабжьэм щыгъазуэ дыхуэхъунущ -я мыхьэнэхэми зэрелъытауэ- макъ гуэрхэр занщӀэу глаголу зэрыухуэу ″макъ глагол″хэу утыку къызэрихьэфынухэм; ар-дыдэуи, макъ гуп гуэрхэри занщӀэу глаголу зэрыухуэу ″макъыбэ глагол″ лӀэужьыгъуэхэри утыку къызэрихьэфынур гурыӀуэгъуэнщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, ″глагол″хэр псалъэрылажьэу зэрылъытапхъэми къызэрыхэкӀкӀэ, зи лэжьэкӀэхэм псалъэхэри -псэлъэбэ-къызытехъукӀыфхэрщ. Лэжьыгъэ лӀэужьыгъуэ къалэнрэ мыхьэнэ зиӀэхэрщ ″*глагол*″ жыхуэтӀэхэри, мыпхуэдэ къалэнрэ мыхьэнэри ″*хьэрычэт*″ лӀэужьыгъуэущ зэрылъытапхъэр. Аращи, ″*глагол*″ *къалэн* зыгъэзэщӀэну *псалъ*эхэм ″*хьэрычэт*″ *мыхьэн*эрэ къалэн яӀэн хуейщ.

НытӀэ, ″макъыбзэ″ жыхуэтӀэ псэлъэбзэ пэщӀэдзэм и япэрей псалъэхэр ″макъ псалъэ″ лӀэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщи, мы псалъэхэм щыщ гуэрхэри икӀи ″хьэрычэт″ къалэнрэ мыхьэнэ зиӀэхэу, ″глагол″ хъуфынухэрщ; мыпхуэдэхэри занщӀэу глаголу -″макъ глагол″хэу- зэрылъытэу зэрыухуэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Мы жытӀахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, ″хьэрычэт″ мыхьэнэрэ къалэн зиӀэ макъхэр щхьэжу ″глагол″у зэрыухуэфынур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, ″макъыбзэ″ жыхуэтӀэ псэлъэбзэ пэщӀэдзэр макъхэмкӀэрэ къежьауэ зэрылъытапхъэми ипкъ зэриткӀэ, зы макъыбзэм и япэрей псалъэхэр ″макъ псалъэ″ лӀэужьыгъуэу зэрыщытынум хуэдэжу, зы макъыбзэм и япэрей ″глагол″ лӀэужьыгъуэ псалъэхэри ″макъ глагол псалъэ″хэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

*

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, ″глагол″ жыхуэтӀэхэр япэрауэ сытри зэрыщыӀэрэ щыӀэгъуэ зыгъуэту утыку къызэрихьэр зэрылъытэ псалъэ

лӀэужьыгъуэхэрщ; къэхъу-къэщӀрэ гъэзащӀэ дэтхэнэ зы Ӏуэхугъуэр зэрылъытэ псалъэрщ "глагол" жыхуэтӀэр. Дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщыткӀэрэ зэрылъытэр, езыр езырурэ къэхъурэ зэхъуэкӀыр, -ауэ икӀи-зыгуэрым игъэзащӀэ дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэ псалъэхэрщ "глагол" жыхуэтӀэр.

Аращи, мыпхуэдэхэр зылъытэну гъэпса псалъэ лӀэужьыгъуэхэрщ "глагол" жыхуэтӀэхэри, зы псалъэр мыпхуэдэу зэрыгъэпс щӀыкӀэри "н" макъ кӀэух къызэрищтэкӀэу зэрыщытыр ипэкӀи жытӀагъащ. НытӀэ, *"н" макъыр кӀэух щыхъукӀэ гъэзащӀ*эрэ ар зи кӀэух псалъэм игъуэт ухуэкӀэми гулъытэ хуэтщӀын ухейщ; ауэ икӀи, *мыбы ипэ* къихуэуи *"н" макъым мыпхуэдэ къалэн зэригъэзащ*Ӏэм лъабжьэ хуэхъур дигу къэдгъэкӀыжынщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, макъхэр къызэрыхъу щӀыкӀэрэ къызэрыӀум теухуауэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэхэм къыщыхэдгъэщагъащи, *пэщхъынэр зи къэхъуп*Ӏэу макъ лӀэужьыгъуэу япэ утыку къихьарэ, мыпхуэдэу япэу къэхъуауэ зэрыщытми зэрезэгъкӀэ, *мыхьэнэ* жыхуэпӀэри зыхуэ*мылъыта* "м" макъыр *къызыхэзыгъэӀукӀ* псэущхьэм *хъупхъэрэ мыхъупхъэу сытри илъытэу зэрихьэу щыта*уэ лъытапхъэщ; икӀи, *"м" мак*ъым мы и *къэхъупӀэм* иужькӀэ *къыщыхъуа*уэ лъытапхъэ *"н" мак*ъри ар-дыдэу *мыхьэнэ*уэ зэры*мылъытапхъ*эу, *къызхэзыгъэӀукӀ*ым *"м" макъымк*Ӏэ – *хъунпхъэрэ мыхъупхъэу- илъытэ* дэтхэнэ гуэрым *теухуа*уэ *гъэзэщӀапхъ*эм зэрыпэджэну хущӀэкъурэ *зэрыхуэхьэзыр*ыр зэрилъытэрэ зэрихьэу щытагъэнущ "н" макъыр.

НытӀэ, *нэгъуэщӀ макъхэр къызэрыхъ*ум ипкъ зэриткӀэ *"м"*ырэ *"н" макъхэми* кӀуэ пэтрэ *мыхьэнэ*и *зэрагъуэта*р гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, *"н" мак*ъым игъэзащӀэ къалэну мыбдежым къыхэдгъэщыну зи иужь дитыр аращи, *"н" макъыр мы къызэрыхъуа дыдэм мыхьэнэ зэримы*Ӏэ *щӀыкӀэу псалъ*эхэм *кӀэух зэрыхуэхъу*ращ *"инфинитив" къалэн* зэригъэзащӀэ щӀыкӀэр. Аращи, *хьэрычэт мыхьэнэ* зиӀэ *псалъ*эхэр *лэжьэну гъэпса*уэ *зэпкъырыгъэув*эращ *глагол*хэр *"инфинитив"*у зэрыухуэри, мыпхуэдэ къалэнри *къызэрыхъуагъащ*Ӏэу *мыхьэнэ зимы*Ӏэ *"н" мак*ъыр *кӀэух* зыхуэхъу *псалъэм -глаголым-* езы *"н" макъ мыхьэнэ* зэры*химылъхьэ*м папщӀэщ зэрыигъуэу *зэрыгъэзэщӀэфыр*.

НытӀэ, глаголхэр "инфинитив"у зэрыухуэр псалъэр лэжьэну зэрыгъэпса щӀыкӀэрщи, адыгэбзэм и псалъэ зэпкъырыувэкӀэм зэрезэгъкӀэ, псалъэр лэжьэну мы зэрыгъэпсар икӀи хиубыдэ макъхэри лэжьэну гъэпсауэ зэрыщытми теухуащ. Аращи, мыхьэнэншэу игъэзащӀэ

къалэнкӀэрэ *"н"* макъыр *кӀэух* зыхуэхъуа *псалъэр "инфинитив"*у щыухуэм деж, абы *хиубыдэ макъхэри -*я мыхьэнэрэ къалэнхэм елъытауэ-*лэжьэну гъэпсау*эщ къызэрыӀун хуейр. Нэхъри зэӀухауэ жыӀэпхъэмэ, *"н" кӀэух*кӀэ –*"инфинитив"*у- *лэжьэну гъэпса*уэ ухуа псалъэм –глагол лӀэужьыгъуэм- хиубыдэ *макъхэр гъэзэщӀэну глагол мыхьэнэми елъытауэ* –нытӀэ, *нэхъыбэуи- оригиналу "ы" макък*Ӏэ е и *фунционал кӀуэтэгъуэ "э" макъкӀэ къэӀун* хуейуэ лъытапхъэщ.

Мы къыхэдгъэщахэм и зы щапхъэмэ, "э" кӀэух зиӀэ "псалъэ" псалъэм мы и зэпкъырыувэкӀэр гурыӀуэгъуэщи, абы (псалъэ) "н" кӀэух къыщищтэм деж, зэрызэпкъырыувэ щӀыкӀэр "псэлъэн"уэщ. Мыпхуэдэу щыхъукӀи, икӀи псалъэр хиубыдэ макъхэм я мыхьэнэкӀэрэ лэжьэну хьэзыру –лэжьэным хуэгъэпсауэ- зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ: «*"псалъэ"*р *лэжьагъэххэ*у ухуа зы *псалъэ*рщи, *"псэлъэн"*ыр хиубыдэ *макъхэмкӀ*эрэ зэрыигъуэкӀэрэ *лэжьэну хьэзыр* псалъэ *-глагол-л*Ӏ*эужьыгъуэ*рщ».

Ауэ икӀи, "глагол"ыр "инфинитив"у мы щызэпкъырыувэкӀэ, глаголым хиубыдэ макъхэм я къэӀукӀэнур зыхэзыубыдэ глаголым игъуэтыну мыхьэнэм зэрелъытар къыхэдгъэщагъэххэщ. Аращи, глаголым игъуэтыну мыхьэнэм елъытауэ, абы хиубыдэ макъ гуэхэр "ы"рэ "э" къэӀукӀэм темытынуи зэрыщытыпхъэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ зы щапхъэщ "лъагъун" глаголыр: «дэтхэнэ зы *"лъэ"р* и "гъу"кӀэрэ *жыжьаплъэу (а) зэрылъыт*эм зэрезэгъкӀэщ *"лъагъун" глагол*ым мы и зэпкъырыувэкӀэр».

*

Ауэ икӀи гурыӀуэгъуэщ "инфинитив глагол" жыхуэтӀэ псалъэ -глагол-зэпкъырыувэкӀэр бзэм иужьыӀуэкӀэщ щызэрыхэлъытар. Аращи, глаголхэр "н" кӀэухкӀэ мыпхуэдэ я зэпкъырыувэкӀэуи бзэм хэлэжьыхьу щытагъами, "инфинитив" зэпкъырыувэкӀэу зэрылъытар бзэщӀэныгъэм теухуащ.

НытӀэ, "инфинитив" зэпкъырыувэкӀэр мылъытэ ипэӀуэкӀи мы зэпкъырыувэкӀэри хэтыжу бзэр лажьэу зэрыщытар гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, зы *глаголыр "инфинитив"у* зэрыухуэр *зэрыщыту лэжьэну гъэпса*уэ зэрыщыткӀэрэщи, нытӀэ, *мыпхуэдэ*у –"инфинитив"у- ухуэну глаголри *мылэжьэххэ глагол л*Ӏ*эужьыгъуэ*у зы *"глаголыпкъ"* ухуэкӀэ зиӀэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

Бзэхэм *мыпхуэдэ*у хэлэжьыхь *псалъэ лIэужьыгъуэ*хэр иIэщи, икIи, мыпхуэдэ лэжьэкIэхэри *бзэ пэщIэдзэм теухуа*уи лъытапхъэщ. Аращи, *мыпхуэдэ псалъэ*хэр –иужькIи глагол лэжьэкIэ лIэужьыгъуэу лъытахэр-псэлъэбзэм япэ къыщыхъуауэ лъытапхъэ "Iэ*мыр модэ*" лIэужьыгъуэ - унафэ лIэужьыгъуэ- жыхуэтIэ псалъэхэрауэ лъытапхъэщ. Мы зэрыжытIауи, норбэ "*глаголыпкъ*"ыу лъытапхъэрэ *глаголыр* "*инфинитив*"*у зэрыухуэ*м *лъабжьэ* хуэхъу *псалъэ*хэр "Iэ*мыр модэ*" лIэужьыгъуэу *псэлъэбзэ пэщIэдзэ*у икIи *глагол пэщIэдзэ лэжьэк*Iэу, *къэпсалъэм* –"сэ"м- и пышэгъурэ *псэлъэгъум* –"уэ"м- *япэу зэрепсалъэ щIык*Iэ лIэужьыгъуэхэрауэ лъытапхъэщ.

## МАКЪХЭР ЗАНЩIЭУ "ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭМ ТЕУХУАУЭ -"МАКЪ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ-

### "МАКЪ IУЭР"ХЭМРЭ, АХЭР Я МЫХЬЭНЭКIЭРЭ ЗАНЩIЭУ "МАКЪ IУЭР ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

### "Макъ Iуэр"хэр утыку къызэрихьэрэ зэрыбагъуэм теухуауэ.

ИпэкIэ зэрытлъыта щIыкIэу, "*макъ* I*уэр*" жыхуэтIэр макъхэр я *къэ*I*ук*I*эм теухуа*уэ зэрылъытэр; "макъ Iуэр"хэр щхьэжу езыр къэIуф макъырщи, къэIун папщIэ нэгъуэщI макъ зыхуэмыныкъуэрщ. Ауэ, "макъ щэху" жыхуэтIэхэр мыпхуэдэкъыми, къэIун папщIэ игъуэ "макъ Iуэр" зыхуэныкъуэ макъхэрщ; мыпхуэдэу зэрыщытым папщIи, "макъ щэху"хэр икIи "макъдэкIуашэ"ущ зэрылъытэр.

Мы псалъэми къызэрыхэщщи, "макъ Iуэр" гуэрхэр "макъ щэху"хэр къызэрыIуф макъхэри, фIэкIыпIэ имыIэу "*макъ* I*уэр*" гуэрхэмкIэ къэIун хуейуэ зэрыщытым папщIэщ "*макъ щэху*"хэр зэрыщыту "макъдэкIуашэ"у зэрылъытэр. ИкIи, "*макъ* I*уэр*" *гуэрхэр* мы "*макъдэк*I*уашэ*"хэр *къэ*I*ун къалэн зыгъэзащ*Iэхэрщи, мыпхуэдэ къалэн зыгъэзащIэ "макъ Iуэр"хэри "макъдэкIуашэ" зезышэу зэрыщытым зэрезэгъкIэ "*макъзешэ*"ущ зэрылъытэр.

НытIэ, "*макъ* I*уэр*"хэр "*макъзешэ*" къалэн *зыгъэзащ*Iэрэ *зымыгъэзащ*Iэу гупитIыу зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэри гурыIуэгъуэщ:

| **"Макъзешэ" къалэн зыгъэзащIэхэр** | **"Макъзешэ" къалэн зымыгъэзащIэхэр** |
|---|---|
| «ы; э, а; и, е(эй; эйй); у, о(эу)» | «Iы; Iэ; Iи, е(иэ, иэй), й; Iу» |

″Макъ Iуэр″ гуэрхэр ″макъзешэ″у зэрылъытэри бзэ лэжьэкIэм щыхагъэзэщIыхь мы къалэным теухуащ. Ауэ икIи, ″макъ Iуэр″ къэхъуныгъэ пэщIэдзэу лъытапхъэ ″ы″ макъри япэу утыку къызэрихьа щIыкIэри ″макъшенэ″ къалэн зэригъэзащIэкIэрэщ: япэ къэхъуауэ лъытапхъэрэ пэщхъынэри зи къэхъупIэ ″м″ макъыр зэхэхыфа зэрыхъури ″ы″кIэ къызэрыIуущ.

Мыпхуэдэу къыщIидзэ ″макъ Iуэр″ къэхъуныгъэхэм япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Мыбдежми къытпэщыт лэжьыгъэ лIэужьыгъуэр ″*макъ* I*уэр*″хэм ягъэзэщIапхъэ ″глагол″ къалэнхэращи, абыхэм *ягъэзэщ*Iэ*ф*ыну ″*глагол*″ *къалэнхэри я къэхъук*I*эм* зэр*елъыта*ри гурыIуэгъуэнщ. ″*Макъ* I*уэр*″хэр *зыр зым къытехъук*Iрэ *зэрызэк*I*элъык*I*уэ*у *зэрызэлъыта*уэ утыку къызэрихьэрэ *къызэры*I*у* щIыкIэр икIи ″*макъзешэ*″ *къалэни зэрагъэзэщ*I*эф*ыр абыхэм -″*макъ* I*уэр*″хэм- я *мыхьэн*эрэ *къалэн*хэм зэретеухуари гурыIуэгъуэщ. ″Макъ Iуэр″хэм я *мыхьэн*эрэ *къалэн*хэр систематикэу ″*геометрие*″м теухуащи, *дэтхэнэ зы* ″*макъ* I*уэр*″ым *зы* ″*геометрикэ* I*ыхьэрэ пыухытык*I*а*″ *илъыт*эу зэрыщытми япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Мы илъабжьэм ″*макъ* I*уэр*″*хэмрэ ягъэзащ*Iэ ″*глагол*″ *къалэн*хэм щыгъуазэ дыщыхуэхъум дежми абыхэм мы *я мыхьэнэрэ къалэнхэр*и зэрылъытэрэ *къызэрыхэщ*ынури гурыIуэгъуэнщ.

*

ЗэрыгурыIуэгъуэу, бзэм хэлэжьыхьу псэлъэбзэр зэрыухуауэ ″макъ″ жыхуэтIэхэр тхьэмбылым къикIыж жьыр къурмакъейм къыщыщIидзэу Iупэм нэгъунэ –Iупэри хэтыжу- щIыпIэ гуэрхэм къыщыхъуу зэрыщытхэр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, тхьэмбылым къикIыж жьыр модулацэ зэрыщI щIыпIэм елъытауэ зэщхьэщыкI макъхэр утыку къызэрихьэфынур гурыIуэгъуэщ. ИкIи, зы щIыпIэр къэхъупIэ хуэхъуми, макъхэм я къэIукIэм –жьыр модулацэ зэрыщI щIыкIэм- хэлъхьэныгъэ зиIэ нэгъуэщI щIыпIэхэри зэрыщыIэнур гурыIуэгъуэнщ. КIэщIыу жыпIэмэ, тхьэмбылым къикIыж жьыр къурмакъеймрэ Iупэ зэхуакум модулацэ зыщI щIыпIэр щыIэщи, жьыр мы щIыпIэхэм я хьэрычэт лIэужьыгъуэкIэ модулацэ зэрыщIыущ макъ къэIукIэхэр зэщхьэщокIыр.

Япэ къэхъуауэ лъытапхъэ ″м″ макъыр зы макъыу утыку къызэрихьэфри ″ы″ макъкIэрэщи, нытIэ, ″ы″ макъыр ″м″ макъым дэщIыгъуу къэхъуауи лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щIыкIэуи ″макъзешэ″ пэщIэдзэр гъэзэщIарэ, ″ы″ макъри ″макъзешэ″ пэщIэдзэрэ лъабжьэу

зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, "ы" макъыр адрей макъ Iуэрхэри къызытехъукIа макъ Iуэру зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, нытIэ, "ы"р "макъ Iуэр" лъабжьэрэ пэщIэдзэрщ. Абы къыкIэлъыкIуэу къытехъукIа "макъ Iуэр"хэри "макъзешэ" къалэн зыгъэзащIэ "макъ Iуэр"хэущ утыку къызэрихьар; ауэ, иужькIэ мыбыхэм "макъзешэ" къалэн зымыгъэзащIэ "макъ Iуэр"хэри къызэрытехъукIар гурыIуэгъуэщи, мыхэр япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуахэрщ, икIи илъабжьэкIэ аргуэру дигу къэдгъэкIыжынухэщ.

Ауэ, "макъзешэ" къалэн ягъэзащIэу "макъдэкIуашэ"хэр зырашэу къызэрыIурэ зэрызэхэпхым нэмыщI, "макъ Iуэр"хэр икIи езыр щхьэжу къэIуф макъхэу зэрыщытыр ипэкIи къыхэдгъэщарэ гурыIуэгъуэщи, нытIэ, "макъ Iуэр"хэр щхьэжу къыщыIурэ къызэрыIу щIыкIэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, тхьэмбылым къикIыж жьым "макъ Iуэр"хэр къыщытехъукIрэ модулацэ щыхъу щIыпIэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ, "макъзешэ" къалэн зыгъэзащIэ "макъ Iуэр"хэм я къэIукIэр модулацэ мыхъуа пэлъытэу хуиту къэIукIэ зиIэхэу зэрыщытын хуейр гурыIуэгъуэнщ: хуиту къэIукIэ зиIэ "макъ Iуэр"ращ "макъдэкIуашэ"ри зыдишэу къэзыгъэIуфынур. Мыпхуэдэу *хуиту къэIукIэ зи*Iэхэр "*макъ Iуэр*"хэр "*макъзешэ*" къалэн зыгъэзащIэу, *езыр щхьэж къэIу къудей*уэ щыт "*макъ Iуэр*"хэмрэ икIи *хуиту къэIукIэ зимы*Iэ –дэкъузауэ е пIытIауэ- "*макъ Iуэр*"хэр "*макъзешэ*" *къалэн зымыгъэзащ*Iэ макъхэу адыгэбзэм "макъ Iуэр"хэр тIууэ зэрызэщхьэщыкIри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, *хуиту къэIукIэ зи*Iэу "*макъзешэ*" къалэн зыгъэзэщIэфыну "*макъ Iуэр*"хэр тхьэмбылым къикIыж "*жьы*"*р –макъхэр зэрызэщхьэщык*Iыпхъэу *мащIэу модулацэ* хъуми- *хуиту къызэры*Iур щIэ*мыкIуэда* къэIукIэ зиIэхэращ. Мыхэр *къыщыIу щIып*Iэри "хь" макъыр утыку къыщихьэ *къурмакъейр*ауэ лъытапхъэщ; ауэ, мы зи гугъу тщIы "макъ Iуэр"хэр тхьэмбылым къикIыж *жьыр "хь" макъ* къэхъукIэу *къурмакъей блыным щихъуэукъым* къызэрыхъу щIыкIэхэри, *къурмакъейм мащIэу модулацэ* зэрыщIа *щIыкIэу къэхъуу,* модулацэ *детал мащ*IэкIэри *зэщхьэщык*Iыу *хуиту къэIуу* макъхэрщ. Мыпхуэдэ къэIукIэ зэраIэм папщIэщ икIи "макъзешэ" къалэн зэрагъэзэщIэфри, къурмакъейм къыщежьарэ хуиту къыдэкI мы "макъ Iуэр"хэр "макъ щэху" къэхъупIэ гуэрым щыхуэзэм щыгъуэ, а "макъ щэху"ри зыдишэу жьэм къыжьэдегъэIукIри, мы ягъэзащIэ къалэным папщIэщ мы "макъ Iуэр"хэр

*"макъзешэ"*у щIэлъытэхэр. Аращи, мыпхуэдэ зы *"макъзешэ"* лIэужьыгъуэр зы "макъ щэху"м и къэхъупIэм щыблэкIым щыгъуэ, *"макъ щэху"р абы тетIысхьэу* жьэм къыжьэдэIукIыну *зырегъашэ*ри, мыращ икIи *"макъ щэху"*хэри *"макъдэкIуашэ"уи* щIэлъытэхэр. НытIэ, *"макъзешэ"* жыхуэтIэ "макъ Iуэр"хэр *хуиту къызэры*Iурэ икIи *щхьэжу къэIун хуейуи* унэтIауэ зэры*щымыт*ым папщIэ, ипIэм къимыIукIыф макъхэри –*"макъдэкIуашэ"*хэр- *ипIэ къыришу*, *макъыгъуэм* -езы макъ Iуэр къэIупIэм- *зэдыщигъэ*Iун къалэн зыгъэзащIэхэрщ. Мыпхуэдэ "макъ Iуэр"хэрщ *"макъ Iуэр лъабжьэ"* (ы, э, и, у) жыхуэтIэхэр; икIи, *мыбыхэм къатехъукIауэ "макъзешэ"* къалэн зыгъэзащIэу ипэкIэ къэта *"макъ Iуэр"*хэри {а; е (эй, эйй"); о (эу)} мыпхуэдэ "макъ Iуэр"хэрщи, *къурмакъейр зи къэхъуп*Iэхэу *хуиту къэ*I*ук*Iэ зиIэу *макъи зешэн къалэн*ми *хущ*I*эк*ъ*у*хэрщ.

Ауэ, мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщщи, мы макъхэм хуэдэу хуиту къэIукIэ зиIэу щыт щхьэ, *щхьэжу езыр къэIун хуей*уэ щытхэм {пп: е (иэ; иэй)} "макъзешэ" къалэн зэрамыгъэзэщIэнур гурыIуэгъуэнщ. Мыбыхэм нэмыщI, *бзэм щхьэжу къызэры*I*у* щIыкIэу *хэлэжьыхь*хэм (пп: и, у) къатехъукIарэ макъ ныкъуэу зэрыщытым папщIи, хуиту къэмыIуфхэри (й, ў) "макъзешэ" къалэн зымыгъэзэщIэфынухэрщ. ИкIи, хуиту къэIукIэ зиIэ макъхэр (пп: "ы, э, и, у") тэмакъым зэрыдэкъузэу я хуит къэIукIэр кIуэдауэ утыку къихьэ "макъ Iуэр"хэри щыIэщи, къызытехъукIа макъхэм я *лимитацэ*у лъытапхъэ *къэ*I*ук*Iэ зыгъуэта мыпхуэдэ *"макъ* I*уэр"*хэми (пп: "Iы, Iэ, Iи, Iу") *"макъзешэ"* къалэн *зэрамыгъэзэщ*Iэнур гурыIуэгъуэщ.

*"Макъзешэ"* къалэн *зымыгъэзащ*Iэу мы зи гугъу тщIахэм щыщу зытеухуарэ *къызытехъук*I*а "макъ* I*уэр"*ым и *къэхъуп*I*эгъуу щымыт*хэр *лимитацэ*у тлъыта "макъ Iуэр"хэрщ. Мы "Iы, Iэ, Iи, Iу" макъхэри *"къурмакъей"*р зи къэхъупIэ *"макъ* I*уэр"*хэм ("ы, э, и, у") *"тэмакъ"ым къащытехъук*Iыжа *мак*ъхэу лъытапхъэхэрщ. НытIэ, *"макъ* I*уэр лимитацэ"* жыхуэтIэхэр *"тэмакъ"ыр "макъ къэхъуп*I*э" хъуа нэужь*щ къыщыхъуауэ зэрылъытапхъэр. Аращи, *"тэмакъ"ыр зи къэхъуп*Iэу утыку къихьауэ лъытапхъэ мы *"макъ* I*уэр лимитацэ"*хэр ("Iы, Iэ, Iи, Iу") къызытехъукIа *"макъ* I*уэр лъабжьэ"*хэр ("ы, э, и, у") *"тэмакъ"ым ипэ* къихуэ *макъ къэхъуп*Iэу щыта *"къурмакъей"*ращ къыщыхъуари, *"темакъ"*ыр *макъ къэхъуп*I*э хъуа нэужь*ым "къурмакъей"р зи къэхъупIэ мы *"макъ* I*уэр лъабжьэ"*хэм *я къэхъук*Iэхэр *"тэмакъ"*ым аргуэру

щыылажьэрэ *щызэрыгъэзащ1эу къэхъуа*хэу жы1эпхъэщ. Нэгъуэщ1ыу жып1эмэ, мы ″*макъ 1уэр лимитацэ*″хэр (″1ы, 1э, 1и, 1у″) къурмакъейр зи къэхъуп1э ″*макъ 1уэр лъабжьэ*″хэр (″ы, э, и, у″) ″*тэмакъ″ыр зи къежьап1эу утыку къызэрихьэж варианту* жы1эпхъэщ. Аращи, тхьэмбылым къик1ыж *жьыр щыдэкъузэ* ″*тэмакъ″ым къыщытехъук*1 ″*макъ 1уэр лимитацэ″хэр* ″*макъ 1уэр лъабжьэ*″хэм я *къэхъук*1эу утыку къихьахэу лъытапхъэ щхьэ, ″*къурмакъей*″м щыщы1а *хуит къэ1ук*1эр ″*тэмакъ″ым зэрыщымы*1эжыр гуры1уэгъуэщи, зи *лимитацэ* ″*макъ 1уэр лъабжьэ*″хэм *я хуиту къэ1ук*1э *лъабжьэр зыщ1эуда къэ1ук*1э зи1э я *вариант*хэрщ. Ныт1э, мы къэт1уэтахэм къызэрыхэщщи, мы ″*макъ 1уэр лимитацэ*″хэр тэмакъыр зыдэухуарэ зи къэхъуп1эуи лъытапхъэ ″*къ*″ *макъ*ыр утыку къихьа *нэужь*ым ″*тэмакъ*″ыр зи *къэхъуп*1эу -″къ″ макъ къэхъуп1эгъуу- утыку къихьауи зэрыщытри гуры1уэгъуэщ.

*

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэм ″макъ 1уэр″хэм я къэхъук1эрэ зэк1элъхьэужьык1эм ик1и я зэхущытык1эм елъытауэ ягъэзащ1э къалэнрэ мыхьэнэхэри дигу къщыдгъэк1ыжынщ:

- ″Макъ 1уэр″ пэщ1эдзэрэ лъабжьэ ″ы″ макъ: «″•″: ″ы″». (*Оригин*).
- ″Оригин″ым (ы) къык1элъык1уэ ″к1уэтэгъуэ″у ″э″ макъ: «″ы→″» → «э (→)». (*Функционал к1уэтэгъуэ*).
- К1уэтэгъуэм (″э″) хуэпэзадэу джыуэ ″и″ макъ: «″э↑″» → «″и″ (↑)». (*Ещанэу утыку къызэрихьэу* ″*мыхьэнэ*″ *зыгъуэта* ″*макъ 1уэр″; -* ″*абзсис*″).
- К1уэтэгъуэтэмрэ (э) хуэпэзадэ джыгъуэм (и) зэдащ1эу ахэри зыхэзыубыдэр ″у″ макъ 1уэрырщ: «″э (ы→) + и (э↑)″» → «″у (→↑)». (*Функцищтал к1уэтэгъуэрэ (э) абы елъыта джыгъуэ (и) зыхэзыубыдэ зек1уэк1эр зэрылъытэу* ″*ужьыгъуэ*″ *мыхьэнэ зи*1э ″*макъ 1уэ″р*).

---

- ″Функциал к1уэтэгъуэ″рэ (э) ″*зэман″ыр зи* ″*ординат*″рэ, абы елъыта утыку къихьэу *джыри (и)* -″джыгъуэ″ри- *зи* ″*абзсис*″у ″*зэман координат системэ*″рщ утыку къихьэри, мы *системэм щызек1уэ*ри -*функцие*ри- мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «″*y = f(t)*″» {″и = f(э)″}.

″*Макъ 1уэр лъабжьэ*″хэрщ мыхэри, я *къэ1ук1эхэр*и гулъытапхъэщ:

«″ы; э″; ″и(*ы*); у(*ы*)″».

Мы ″макъ 1уэр лъабжьэ″хэм щыщу ипэ къэхъу макъит1ым ″макъ мыхьэнэ″ зэрамы1эрэ, ещанэ макъыу къэхъуамрэ къык1элъык1уэ макъым ″макъ мыхьэнэ″ зэра1эри гуры1уэгъуэщ. Мыпхуэдэу утыку къихьа мы ″макъ 1уэр лъабжьэ″хэм ″макъ 1уэр″хэм теухуа корпус зэраухуэу зы ″геометрие системэ″ лъабжьэ утыку къызэрагъэхьэри гуры1уэгъуэщ.

Ик1и, мыхэр зи къалэн мы "макъ 1уэр лъабжьэ"хэм *къатехъук*1ыну "*макъ* 1*уэр*"хэми мы *системэ*м и *детал* гуэрхэм теухуапхъэ къалэн гуэрхэр зэра1энури гуры1уэгъуэнщ:

| Макъ 1уэр лъабжьэ | Лимитацэ макъ 1уэр | "Э"к1э къэ1у макъ 1уэр | "У"к1э къэ1у макъ 1уэр | "Ы"ншэу "макъ 1уэр эффект" |
|---|---|---|---|---|
| Ы<br>Э | 1Ы<br>1Э | -<br>А ("э"бэ/"э"шхуэ) | -<br>«"..эу.."→ О» | -<br>- |
| И<br>У | 1И<br>1У | «"Иэ"→ Е»<br>- | -<br>- | Й<br>Ў (тхыпкъ лъытакъым) |

"*Макъ* 1*уэр лъабжьэ*"хэм я *лиминацэ*у къэхъу "*макъ* 1*уэр*"хэм ягъэзащ1э къалэнрэ мыхьэнэхэри къызтехъук1а "*макъ* 1*уэр лъабжьэ*"м и къалэнрэ мыхьэнэм елъыта *лимитацэ*у -и зы 1*ыхь*эрэ *къуапэ*у- зэрылъытапхъэ щ1ык1эхэм япэрей ди лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

"А" макъыр "э" макъым и къэхъуп1эм "э"м и къэхъук1э къарур зэрыбагъуэрэ зэрыхэхъуэу къэхъуа зы макъырщи, "*э*"*бэ*рэ "*э*"*шхуэ*у, къызытехъук1а "э"ми и *функционалыгъэ зимы*1*эж*ырщ.

Мыбдежым аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *пэщ*1*эдзэ* "*макъ* 1*уэр*"у къэхъуп1эрэ "*оригин*" зылъытэ "*ы*"*м и к*1*уэтэгъуэ*у утыку къихьа "э" макъыр *к*1*уэтэгъуэ пэщ*1*эдзэ*рэ *к*1*уэтэгъуэ защ*1*э*у зэрылъытапхъэу, "*зэман координат системэ*"м "*функционал зэманыгъуэ*"у щылъытэрэ "*щ*1*ып*1*элъытэ координат системэ*"ми "*функционал к*1*уэтэгъуэ*"у щылъытапхъэрщи, "э"м къытехъук1арэ "э"бэуи лъытапхъэ "*а*" *макъри* мы "*функционал к*1*уэтэгъуэрэ зэманыгъуэ*"*у щымыт*ыж зылъытапхъэрщ. Аращи, "*зэман координат системэ*"*м* "*функциал зэманыгъуэ*"*у щымыт*рэ "*иджы*"*уэ мылъыт*эр ик1и "*щ*1*ып*1*э координат системэ*"*м* "*иджы*"*м щымылъытэ щ*1*ып*1эр -джып1эу щымытыр- зэрылъытэрщ "*а*"ри, зи *функционалыгъэ зыгъэк*1*уэда зэманыгъуэрэ щ*1*ып*1*э -иджырэ джып*1*эу щымыт*ыж- зэрылъытэрш. *Зэман*ымрэ абы елъытауэ джыуэ щыт *джып*1эр зэпычыгъуэ зимы1э защ1эу зек1уэу лъытапхъэмэ, "*иджы*"*рэ* "*джып*1*э*"*у щымыт*ыр зылъытэ "*а*"*ри*, дэтхэнэ зы лъэныкъуэк1и "иджы"рэ "джып1э"у щымытыр -*функционал зэманыгъуэрэ щып*1*эу щымыт*ыр- зылъытэрщ. Ауэ нэхъыбэуи, *блэк*1*а* "*иджы*"*рэ* "*джып*1*э/щ*1*ып*1*э*"у "*блэк*1*а зэманыгъуэ*"рэ "*жыжьагъ*" зылъытэрщ.

"О" макъыр бзэ лэжьэк1эм "*иджы*" *защ*1*эу ужь -функционал зэман (э) ужьыгъуэ (у)*- зэрылъытэу "*ит зэманыгъуэ*" лэжьэк1э *гъэлъагъуэ*ущ

бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мы жытӀами зэрезэгъкӀэ, псалъэхэм хиубыдэ "..эу.." зэкӀэлъхьэужь макъхэм я псынщӀэрыӀуу (пп: "сэ укӀуэ" → "сэукӀуэ" → "сокӀуэ") къэхъуауэ лъытапхъэщ.

ИпэкӀэ къэта таблицэми зэрыхэплъагъуэу, "и" макъымрэ "у" макъыр зы "макъ Ӏуэр"ым къыщыкӀэлъыкӀуэкӀэ –гъэзэщӀэну мыхьэнэм елъытауэ-макъыр (и, у) щхьэжу а зэрыщыту ("ы"кӀэрэ къэӀуу) къэӀун хуейуэ щымытмэ, "*ы*"*нш*э*у* -"макъ Ӏуэр ныкъуэ"у- а макъым ("и" е "у"м) и "*макъ эффект*"у къыщыӀу щыӀэщи, "*и*"м мыпхуэдэ и *вариант*ыр (й) ди *алфавитым хэхьа*ми, "*у*"м и *вариант*ыр (ў) ди *алфавитым* щызэры*хэмылъыта*ри гурыӀуэгъуэщ; - алфавитым щыхэмылъытам папщӀи, "ў"р "у"уэщ зэрытхри, абы "*ы*"*к*Ӏэ къэӀуу е "*ы*"*нш*э*у* *еджэн хуей*уэ зэрыщытри *зэхэхугъуей*уэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбыхэм нэмыщӀ, ипэкӀэ къэта таблицэм зэрыхэплъагъуэу, "*и*" макъми и *к*Ӏ*уэтэгъуэ*у (э) "макъ Ӏуэр" лӀэужьыгъуэу -"макъ Ӏуэр зэхэжыхьа"уэ- "*е*(иэ)" утыку къызэрихьар гурыӀуэгъуэщи, "*е*(иэ)" *макъ*ми и *лимитац*э*у* *нэгъуэщ*Ӏ "*макъ* Ӏ*уэр*" *къызэрытехъук*Ӏыр гурыӀуэгъуэщ. Мыр икӀи "и" макъым и лимитацэ "Ӏ*и*" *макъым и к*Ӏ*уэтэгъу*эу (Ӏиэ → Ӏе) къэхъуауи зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, мы къызэрыхъупхъитӀым дежи утыку къихьэ "Ӏе" макъым и мыхьэнэрэ къалэныр зэхъуэкӀыщэу жыӀэпхъэкъым:

| **Макъ Ӏуэр** | **И лимитацэу утыку къихьэ "макъ Ӏуэр"** | **И кӀуэтэгъуэу ("э"кӀэ) утыку къихьэ "макъ Ӏуэр"** |
|---|---|---|
| Е(*иэ*) | ӀЕ (Ӏ*иэ*) | - |
| ӀИ | - | «"Ӏи-э" →"Ӏиэ" → ӀЕ» |

**"Макъ Ӏуэр"хэмрэ ягъэзащӀэ къалэнрэ мыхьэнэхэр бзэ лэжьэкӀэми щызэрыбагъуэм теухуауэ.**

Псэлъэбзэ пэщӀэдзэу лъытапхъэ макъыбзэ лэжьэкӀэр макъкӀэрэ зэрызекӀуэр гурыӀуэгъуэнщи, бзэм къиӀуэтэн хуэныкъуэу къыпыщӀэхухэм и макъхэр игъэбэгъуэну зэрыхущӀэкъукӀэрэ и "макъ Ӏуэр"хэри зэрыбагъуэм теухуащ мы ипэкӀэ "макъ Ӏуэр лъабжьэ"хэмрэ икӀи абыхэм къатехъукӀа "макъ Ӏуэр"хэми "макъ Ӏуэр"ыщӀэхэр къазэрытехъукӀым теухуауэ ипэкӀэ къэтӀуэтахэмрэ къэдгъэлъэгъуа таблицэхэр. Ауэ икӀи, макъыбзэр нэхъ макъ куэд зэрыхуэныкъуэу къэхъуауэ мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъхэми бзэ лэжьэкӀэр -мыхьэнэрэ

фонетикэу- хуэныкъуэ щыхъум деж, макъ зэхэжыхьарэ къэlукlэ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ макъыщlэу лъытапхъэхэри къазэрытехъукlыр гурыlуэгъуэнщ.

Мыбдежым ди lуэхур глаголхэращи, глаголхэм теухуауэ ″макъ lуэр″хэм ягъэзащlэ къалэнхэм зэрезэгъкlэ, бзэ лэжьэкlэу утыку къихьэу мы зи гугъу тщlа макъыщlэрэ макъ къэlукlэ зэхъуэкlыныгъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъкlэ, бзэм къигъэщlыну мыхьэнэм теухуауэ ″екlуэлlэныгъэ″ зылъытэ ″е(иэ)″ макъым ″джыгъуэ, абзсис″ зылъытэ ″и″ макъ къызэрылъыкlуэу (еи: ″иэи″) бзэм мы зэрыхэлэжьыхьым зэманкlэрэ мы ″макъ зэхэжыхьа″мрэ (е) къыкlэлъыкlуэ ″макъ lуэр″ыр (и) зы ″макъ lуэр зэхэжыхьа″уэ (″иэи″ → ″иэй″) къэlуу щlидзауэ лъытапхъэщ. Аращи, мы къызэрыхъуа мыхьэнэр зиlэжу, къызытехъукlа макъхэм елъытарэ щхьэщыкlыныгъэ зиlэ зы ″макъ lуэр зэхэжыхьа″ щхьэхуэу (иэй) бзэм щызекlуэ хъуащ. Ауэ, мы ″макъ lуэр зэхэжыхьа″р ди алфавитым щхьэхуэу щыхэлъытакъыми, ар ″иэ″р зэрытх ″е″ тхыпкъымкlэ тхар игъуэ щыхъум деж ″иэй″уэ къэlуу еджэн хуейуэ къытпэщытщ:

| ″Е″ макъ lуэр зэхэжыха | ″И″ макъ къызкlэлъыкlуэ ″е(иэ)″м бзэ лэжьэкlэм щхьэжу зы ″макъ lуэр зэхэжыхьа″ щlэ къызэрытехъукl |
|---|---|
| Е(*иэ*) | «″Е(*иэ*)и″ → ″Е(*иэ*)и″ → ″Е(*иэ*)й″ → ″Е(*иэй*)″»<br>{ди алфавитым мы ″иэй″р щхьэжу щымылъытами, ″иэ″р зэрылъыта ″е″ тхыпкъым и зы еджэкlэри ″иэй″уэщ} |

Мыпхуэдэу бзэ лэжьэкlэр хуэныкъуэ зэрыхъум къызэрыхэкlкlэ, игъуэ щыхъум деж, ″е(иэ)″ макъ зэхэжыхьам зэманкlэрэ ″иэй″ къэlукlэри къытыригъэхъукlащи, мыбыи зы зэманыгъуэфl зэрихьари гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, мыбы къыщымынэу, бзэ лэжьэкlэм мы ″макъ зэхэжыхьа″хэм я къаlукlэхэр игъуэ щыхъум деж зэрызырихъуэкlыфынури гурыlуэгъуэнщи, мыбдежым мыбыи щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы къэтlуэтахэр зытеухуарэ ″е″ тхыпкъымкlэ тхауэ мы зи гугъу тщlы ″макъ зэхэжыхьа″итlыр *щхьэж*рэ *псэлъащхь*эу зэрыщыт къэlукlэрщи (иэ; иэй) утыку къызэрихьахэри, мыхэр *макъдэкlуаш*эхэм *къыкlэлъыкlу*эу псалъэхэм щыхэхьэхэм деж, я къэlукlэри бзэ лэжьэкlэм зэрыигъуэу щызэрызэхъуэкlаращ мыбдежым зи гугъу тщlынур. Аращи, ″е″кlэ тха мы ″*макъ lуэр зэхэжыхьа*″

лӀэужьыгъуитӀым (иэ; иэй) мы я *къэӀукӀ*эхэр *щхьэжу къызэры*Ӏ*у* щӀыкӀэрщи, мыпхуэдэ къэӀукӀэхэми ″*макъзешэ*″ *къалэн* зэра*мыгъэзэщ*Ӏэнур гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, ″*щхьэж*″*у къэ*Ӏ*ук*Ӏэ зиӀэ мы макъхэр псалъэхэм макъдэкӀуашэхэм къыкӀэлъыкӀуэу щыхэхьэхэм деж, къызыкӀэлъыкӀуэ ″*макъдэк*Ӏ*уашэ*″*хэр зыхуэныкъуэ* ″*макъзешэ*″ *къалэн зымыгъэзэщ*Ӏ*эну къэ*Ӏ*ук*Ӏэ зиӀэ макъхэрщи (е: ″иэ; иэй), мы я къэӀукӀэр *бзэ лэжьэк*Ӏ*эм* -мы игъуэ зэрыхъуа щӀыкӀэу- *зэрихъуэк*Ӏыу ″*макъзешэ*″ *къалэн* ягъэзэщӀэн *къа*Ӏ*ук*Ӏэми (″..эй″; ″..эйй″) зэрытырешар гурыӀуэгъуэщ. Аращи, нобэ мы макъхэр игъуэ зэрыхъум елъытауэ - ″*щхьэж*″*у къызэры*Ӏурэ ″*макъзешэ*″ къалэн ягъэзащӀэу *къызэры*Ӏ*у* щӀыкӀэу- *къэ*Ӏ*ук*Ӏ*ит*Ӏ *(*″*иэ*″, ″..*эй*″*;* ″*иэй*″, ″..*эйй*″*)* мэхъури, ″е″ тхыпкъыр *бзэм* зэры*хэлэжьыхь*ыр зэрыигъуэу *мы макъипл*Ӏым теухуауэщ.

Мыпхуэдэ щӀыкӀэуи, псэлъалъэ пэщӀэдзэу щыт ″иэ″м ″эй″ къэӀукӀэи зэригъуэтарэ, ″иэй″ми ″эйй″ къэӀукӀэ зэригъуэтари гурыӀуэгъуэщи, мыхэри зэрытх щӀыкӀэр зэмыхъуэкӀыу ″е″ тхыпкъымкӀэ зэрытхам папщӀэ, ″*е*″ *тхыпкъ*ым *хиубыдэрэ* игъуэ зэрыхъукӀэ *узэреджэн* хуей *макъ*хэр ″*иэ, эй; иэй, эйй*″*уэ пл*Ӏ*ы* зэрыхъури гурыӀуэгъуэщ.

Мы зи гугъу тщӀа макъ бэгъуэныгъэрэ къэӀукӀэ зэхъуэкӀыныгъэри бзэм зэуэ къызэримыгъэщӀар наӀуэщи, мыхэр зэрыхуэныкъуэ щӀыкӀэу бзэ лэжьэкӀэм зэманкӀэрэ къигъэхъуу утыку къызэрихьари гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″*щхьэж*″*у къызэры*Ӏ*уу бзэм хэлэжьыхь* мы макъхэм (иэ; иэй) -*игъуэ щыхъум* деж- къызкӀэлъыкӀуэ ″*макъдэк*Ӏ*уашэ*″*м* ″*макъзешэ*″ *къалэн зэрыхуагъэзащ*Ӏэ *къэ*Ӏ*ук*Ӏэи (..эй..; ..эйй..) зэрагъуэтам зы *зэманыгъуэф*Ӏ *зэрихьар*и гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы ″е″ тхыпкъымкӀэ тхауэ щыт мы макъхэр щхьэжу къызэрыӀухэмрэ (″иэ; иэй″) абыхэм бзэ лэжьэкӀэм ″макъзешэ″ къалэн ягъэзэщӀэн къэӀукӀэи (″..эй″; ″..эйй″) зэрагъуэт лъэбакъуэрэ щӀыкӀэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Щхьэжу къызэрыӀурэ зэреджапхъэхэр** | ″**МакъдэкӀуашэ**″**м -**пп: ″къ″ым- **къыкӀэлъыкӀуэу** ″**макъзешэ**″ **къалэн зэрагъэзащӀэу къызэрӀурэ зэреджапхъэхэр** |
|---|---|
| Е(*иэ*) | «″къые(*иэ*)..″ → ″къе*(эй)*..″ : ″..е(*эй*)..″»; |
| Е(*иэй*) | «″къые(*иэй*)..″ → ″къе*(эйй)*..″ : ″..е(*эйй*)..″»; |

Зэрыжытӏауэ, ″макъзешэ″ къалэн зымыгъэзащӀэ ″щхьэж″у къэӀукӀэ зиӀэу, икӀи игъуэ зэрыхъукӀрэ бзэ лэжьэкӀэу мы макъхэм ″макъзешэ″ къалэн зэрагъэзащӀэ къэӀукӀэ зэрагъуэта щӀыкӀэу ″е″ тхыпкъымкӀэ тхахэр

*"макъ зэхэжыхьа" къэӀукӀэ зиӀэу макъиплӀ* зэрыхъур гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, мыхэр ди алфавитым щхьэхуэу щызэрыхэмылъытамрэ икӀи *"е" тхыпкъым* игъуэ зэрыхъукӀэ мы *макъиплӀми* теухуауэ *узэреджапхъ*эр *къызэрыхэмыгъэща*ри гурыӀуэгъуэщи, мы макъхэм щыщ гуэрхэр бзэм щыхокӀуадэр. Бзэм щыхэкӀуадэу щыжытӀэм дежи, хэкӀуадэ къэӀукӀэ зиӀэ макъхэм ягъэзащӀэ мыхьэнэри хэкӀуадэу аращи, мыри бзэм къигъэщӀыфыну мыхьэнэр хэщӀыу бзэ къарур мащӀэ хъуу зэрыщытырщ.

Нобэ алфавитым зэрыхэткӀэ "е" тхыпкъым зэреджэ щӀыкӀэр "иэ"уэщи, ар "макъдэкӀуашэ"м къыщыкӀэлъыкӀуэм деж узэреджэну щӀыкӀэри "эй"уэ зэрыщытра закъуэращ зэралъытэрэ зэрагъэджри, ипэкӀэ "е" тхыпкъымкӀэ тхауэ зи гугъу тщӀа "иэй"мрэ абы и "макъзешэ" къэӀукӀэ "эйй"р ялъытэхххэкъым. НытӀэ, зэхуэдэ тхыпкъкӀэ тхарэ икӀи а тхыпкъым зэреджэну щӀыкӀэр щырамыгъэджым деж, мы ямыгъэдж еджэкӀэхэр бзэм зэрыхэкӀуэдыкӀынури гурыӀуэгъуэщ. Аращи, макъ къэӀукӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэр зэхуэдэу зы тхыпкъымкӀэ щытхым деж, а тхыпкъым и къэӀукӀэу ялъытаращ тхэкӀэмрэ тхыгъэ еджэкӀэм щызекӀуэнури, "е"м теухуауэ мылъытарэ ямыдж "иэй"рэ "эйй" къэӀукӀэхэр бзэм зэрыхэкӀуэдыкӀынур гурыӀуэгъуэнщ.

ИкӀи мыращ нобэ адыгэбзэр тхэн щӀыкӀэуи щызекӀуэ хэкум къыщыхъури, "е"р къызэрыӀурэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэу алфавитымрэ ирагъэджуи щылъыта "иэ"мрэ "эй"м нэмыщӀыу "е" тхыпкъым хиубыдэу ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъ къэӀукӀэхэр (эй; эйй) адыгэбзэр унагъуэм щызэзгъэщӀахэм зэрыигъуэу къыраӀуэу щытми, "е" тхыпкъым мы и къэӀукӀитӀыр алфавитым зэрыщымылъытарэ икӀи зэрамыгъэджым папщӀэ, иужькӀэ езыр езырурэ *адыгэбзэм телэжьыхьынух*эмрэ *зэзыгъэщӀэну*хэм, икӀи *еджапӀэхэм щызэзыгъэщӀэну*хэм "е" тхыпкъым хиубыдэу -игъуэ щыхъукӀи-зэреджапхъэ мы макъ къэӀукӀитӀыр (иэй; эйй) ялъытэнукъым, -зэрагъэзэщӀэфынукъым. Дэнэ къэна, адыгэбзэр и унагъуэм натуралу щызэзыгъэщӀахэм щыщу еджапӀэхэм щызэрагъэджа щӀыкӀэм къызэрыхэкӀщи, "е" тхыпкъым узэреджапхъэу зи гугъу тщӀа "иэй; эйй" макъ къэӀукӀэхэр къизымыӀужхэм урихьэлӀэу, "иэй"р "иэ"уэ, "эйй"ри "эй"уэ къыраӀу зэрыхъуар мащӀэкъым. ИкӀи, мыпхуэдэхэр "е" тхыпкъым еджэн закъуэм къыщымынэу, адыгэбзэр натуралу зыӀурылъ гуэрхэр щыпсалъэкӀи "иэй"уэ къиӀун хуейхэри "иэ"уэ, "эй"уэ къиӀун хуейри "эй"уэ къизыӀуэхэми ухуозэр. Мыпхуэдэ щапхъэхэри адыгэбзэ

хэщӏынығъэр и алфавитрэ бзэщӏэныгъэм къытхуихь щапхъэхэу лъытэныр игъуэщ.

*

Ипэкӏэ къызэрыхэдгъэщауэ, псэлъэбзэ пэщӏэдзэу макъыбзэм и макъхэр игъэбэгъуэн зэрыхущӏэкъум нэмыщӏ, бзэ лэжьэкӏэми макъхэр зэрызэгухьэрэ зэрызэхэжыхь щӏыкӏэу икӏи мы макъ зэхэжыхьахэри игъуэ зэрыхъукӏэ я къэӏукӏэр зэрызихъуэкӏыу макъыщӏэхэр къызэригъэхъуфыр гурыӏуэгъуэщи, мыбы теухуа щапхъэхэрщ мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏа ″е(иэ)″ макъ зэхэжыхьам къыкӏэлъыкӏуэ ″и″кӏэрэ ″иэй″ къэӏукӏэ зиӏэу ″макъищу зэхэжыхьа″ри утыку къызэригъэхьэмрэ, икӏи щхьэжу къэӏукӏэ зиӏэ мы ″макъ зэхэжыхьа″хэм ″макъзешэн″ къалэн зэрагъэзэщӏэну къэӏукӏэ (эй; эйй) зэрызыригъэгъуэтар.

Мыбы хуэдэу лъытапхъэ нэгъуэщӏ къэӏукӏэхэри бзэ лэжьэкӏэм къыщыхэхъухьауэ щытщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыбдежым зи гугъу тщӏынухэри. Аращи, *оригиналу* -″ы″кӏэ- *къэӏу ″макъ щэху″* гуэрхэр къыкӏэлъыкӏуэ ″*и*″ *макъымкӏэрэ зэдадж* мыхьэнэрэ псалъэр *кӏуэ пэтрэ ″макъ щэху″р ″ы″ншэу* къызэрыӏуу къыкӏэлъыкӏуэ ″и″м зэрыпыщӏэу, ″и″кӏэрэ къэӏуу бзэм хэлэжьыхьу зэрыщӏидза щапхъэхэр хэтщ адыгэбзэм. Нытӏэ, ″макъ щэху″р ″и″кӏэрэ къыщыӏум дежи, а ″макъ щэху″р ″ы″кӏэрэ къызэрыӏурэ ″и″р къыкӏэлъыкӏуэу зэраджынум елъытауэ нэхъ лъэщ зэрыхъунур гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, ″макъ щэху″р занщӏэу ″и″кӏэрэ къэӏу щыхъум деж, ″и″кӏэрэ зэдаджым елъытауэ ″макъ щэху″р ″и″ лъэныкъуэ защӏэу -″джыгъуэ″рэ ″абзсис″ лъэныкъуэ защӏэу-зэрыджынур гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэм дежи зэрыджынур нэхъ лъэщу –нэхъ ″абзсисиал″у- зэрыщытынур наӏуэщ.

Нытӏэ, мы зи гугъу тщӏы мыхьэнэрэ псалъэхэр бзэ лэжьэкӏэу утыку къызэрихьэну щӏыкӏэри ″ы″уэ къэӏу ″макъ щэху″мрэ къыкӏэлъыкӏуэ ″и″кӏэрэ макъитӏым зэдаджыр зэрылъытэну псалъэми (пп: кӏыи) -″макъ ӏуэр″ым къыкӏэлъыкӏуэ ″и″ри псалъэр зэрыух макъыу зэрыщыткӏэ и ″эффект″кӏэ (й) къызэрыӏуфынум зэрезэгъщи- кӏуэ пэтрэ ″й″ кӏэухкӏэ къэӏуу зэпкъырыувэкӏэ (кӏый) зэригъуэтыфынур гурыӏуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу ″абзсис″кӏэ зэрылажьэу зэпкъырыува *псалъэ* мыхьэнэр *нэхъ лъэщу абзсисиал зэрыхъуну*ри ар *бзэ лэжьэкӏэм ″и″ защӏэу къызэрыӏуу* (кӏий) зэрылажьэ щӏыкӏэу зэрыщытынури ипэкӏэ къэтӏуэтахэмкӏи гурыӏуэгъуэщ. Мы къэтӏуэтахэм щапхъэуи къахуэтхьа мы ″кӏий″ псалъэр мы зи гугъу тщӏа мыхьэнэ къэхъукӏэхэм теухуа зы щапхъэфӏырщи, абы и

*мыхьэнэр "и" лъэныкъуэ защIэ джыгъуэ* -абзсис- лIэужьыгъуэу *"кIий макъ" защIэрэ псыгъуэу* дэкIыу *къызэрыIури* наIуэщ.

Аращи, "и" лъэныкъуэ защIэу мы зи гугъу тщIы мыхьэнэрэ псалъэ къэхъукIэхэри "кIий макъ" пэлъытэу утыку къызэрихьэнур гурыIуэгъуэнщи, "и"тI -"ий"кIэ- къэIукIэ зыгъуэт мы псалъэ зэпкъырыувэкIэхэм теухуауэ мы ипэкIэ щапхъэу къэтхьам нэгъуэщI псалъэхэри бзэ лэжьэкIэм къызэригъэщIари гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мы бзэ лэжьэкIэр ипэкIэ зи гугъу тщIа "е(иэ)" макъым "иэй" къызэрытехъукIым ебгъэщхь хъуну бзэ лэжьэкIэу лъытапхъэщи, зэрызэщхьэщыкIри "макъ Iуэр"ыр "и"кIэ къызэрыIуу утыку къихьар зы "макъ Iуэр" лIэужьыгъуэу зэрыщытрэ, "макъ щэху"р "и"кIэрэ къызэрыIуу утыку къихьэри "псалъэ" лIэужьыгъуэу зэрыщытращ.

НытIэ, мыхэр зытежытIыхьа бзэ лэжьэкIэу "ий" кIэху лIэужьыгъуэ псалъэхэр утыку къызэрихьэ лъэбакъуэрэ щIыкIэхэри къызэрыхэщ щапхъэхэри къэдгъэлъагъуэнщи, - мыбдежым ди Iуэхур "глагол"хэм теухуауэ зэрыщытми зэрезэгъкIэ-, мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэм "глагол" къазэрытехъукIхэри къыпытщэжынщ:

| |
|---|
| - «кIыи → кIый → кIий» → «кIиин»; |
| - «тIыи → тIый → тIий» → «тIиин»; |
| - «фыи → фый → фий» → «фиин»; |
| - «пIыи → пIый → пIий» → «пIиин»; |
| - «ткIыи → ткIый → ткIий» → «ткIиин»; |
| - «быи → бый → бий» → «биин». |

Мы ипэкIэ къэтIуэтахэми къызэрыхэщу, мы "и" защIэу дэкIрэ кIий щIыкIэу ухуа мы псалъэхэм я мыхьэнэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, ахэр "ий"кIэрэ къэIуу зэрызэпкъырыува я къэIукIэхэмрэ я мыхьэнэхэр зэрызэхуэфащэрэ зэрызэпэщри гулъытапхъэщ.

ИкIи гулъытапхъэщ "ий" кIэху зиIэ псалъэхэр "глагол"у щыухуэм "и" макъым и "эффект"у щыт "й"ри ипIэ зэриувэжу "и"уэ къызэрыIур.

*

Мы къэтIуэтахэмрэ къэтхьа щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, мы "и" кIэухыр мы ипэкIэ щыгъазэ дызэрыхуэхъуаращи, бзэ лэжьэкIэм игъуэ щыхъум деж "ий" къэIукIэ зэригъуэтыр гурыIуэгъуэщ. Мыр *бзэ лэжьэкIэм иужькIэ къигъэщI макъ къэIукIэ* лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри къыхэдгъэщащи, "и" макъ Iуэрым нэмыщI, "у" макъри зы *"макъ Iуэр"ым къыкIэлъыкIуэу псалъэ кIэух* щыхъум деж, *а*

*зэрыщыту* (у) -"ы"кӀэрэ- *къэмыӀуу и "эффект"* (ў) *къэӀук*Ӏэ *зэригъуэтыф*ынури гурыӀуэгъуэнщ. Мы зи гугъу тщӀы *"у" эффект*ыр (ў) ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуарэ ди алфивитым хэмыхьауэ къызэрыхэдгъэщари гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мы къыхэдгъэщахэм зэрезэгъкӀэ, "макъ Ӏуэр"ым къыкӀэлъыкӀуэ псалъэ кӀэух "у" макъхэр - ухуэ *псалъэ мыхьэнэм* зэр*елъытарэ игъуэ зэрыхъук*Ӏэ- "у" макъ *эффект* "ў"уэ къызэрыӀуфынур гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ псалъэхэр нобэ "у" кӀэухыу -"у"р "ы"кӀэ зэрыщыту тхэкӀэу- зэрыттххэмрэ, мыпхуэдэу тхахэми, къызэрыӀу щӀыкӀэу "ў" кӀэухкӀэ зэрытхыпхъэ щапхъэхэр къэтхьынщ:

| |
|---|
| - «"псалъэу → псалъэў"»; «къакӀуэу → къакӀуэў»; |
| - «куу → куў»; «цӀуу → цӀуў»; «вуу → вуў». |

Ауэ икӀи, "макъ Ӏуэр"ым къыкӀэлъыкӀуэ "у"м и эффект (ў) къэӀукӀэ зыгъуэтауэ мы къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр –етӀуанэ сатырым тетхэр- "макъ Ӏуэр"у къызкӀэлъыкӀуэр "у"уэ зэрыщытыр нэрылъагъущи, ипэкӀэ "и"м теухуауэ гулъытэ зыхуэтщӀам хуэдэу "у"итӀкӀэ къэӀу -"у"итӀ (уу) кӀэух зиӀэ- псалъэхэу -"у"итӀым и кӀэух дыдэ "у"ри "ў"уэ къызэрыӀупхъэу (уў)- зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыпхуэдэ ухуэкӀэрэ къэӀукӀэ зиӀэ мы псалъэхэр икӀи ипэкӀэ "и"м деж щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щӀыкӀэу утыку къызэрихьари гурыӀуэгъуэщи, мыбдежым "уу/уў"уэ къэӀу –зи кӀэухыр "у"итӀ- мы псалъэхэм я мыхьэнэхэри "у" защӀэу -ужьыгъуэ защӀэу- зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, мы "у"итӀкӀэ къэӀу мы псалъэхэм я къэхъукӀэри "и"итӀкӀэ къэӀуу ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа псалъэхэм я къэхъукӀэм зэрыхуэдэри жыӀэпхъэщ. НытӀэ, "у"итӀ кӀэух зиӀэ мы псалъэхэм я къэхъукӀэ лъэбакъуэхэри къызэрыхэщу, ахэр икӀи "глагол"у зэрыухуэ щӀыкӀэхэри -"ў" кӀэухми "у" къэӀукӀэ зэригъуэтыжу (уу)- къыпытщэн:

| |
|---|
| - «ку → куу → куў» → «куун»; |
| - «цӀыу → цӀыў → цӀуў» → «цӀуун»; |
| - «выу → выў → вуў» → «вуун». |

Дауи, "у" кӀэух макъхэм мы я къэӀукӀэхэр ди алфавитым щымылъытами, абыхэм я къэӀукӀэхэр мы и гугъу зэрытщӀа -"ў"- щӀыкӀэущ; икӀи, "у"м мы и "ў" еджэкӀэр щӀэмылъытам папщӀи, апхуэдэу еджэн хуейуэ псалъэ кӀэухрэ псэлъэкум къыпхуэзэ "у" макъхэми узэреджэну щӀыкӀэр занщӀэу зэхыумыхуфу укъызэрытеувыӀэри

гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, ущеджэкӀэ ″у″ тъыпкъым мы узэреджэну щӀыкӀэр зэрызыхэпхунум укъызэтигъэувыӀэми, ущыпсалъэкӀэ ″у″уэ къыпхэӀукӀхэмрэ ″ў″уэ къыщыпхэӀукӀ щӀыпӀэри наӀуэщи, мыращ мыхэр зытежытӀыхьэхэр. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, мы зи гугъу тщӀарэ къэтӀуэтахэр япэрей ди лэжьыгъэми я гугъу щытӀща Ӏуэхугъуэхэщ. Ауэ, мы зи гугъу тщӀарэ къэтӀуэтахэр пэжрэ икӀи алфавитым ″у″уэ хэхьа тхыпкъым псалъэхэм зи гугъу тщӀа я щӀыпӀэхэм узэреджапхъэхэр ″ў″уэ зэрышытыр дэркӀэ наӀуэми, ди алфавитым ″ў″ тхыпкъ щызэрыхэмылъытам папщӀэщи, ди тхыгъэхэм ″у″ращ щызетхьэр; ″у″р игъуэ щыхъум деж къызэрыӀуу мы зи гугъу тщӀы ″ў″р щызетхьэкъым. Мыбдежым абы и гугъу щӀэтщӀари адыгэбзэм и ″макъ Ӏуэр″ къэӀукӀэхэм гулъытэ хуэнщӀыну аращ, икӀи мыпхуэдэхэр зи пщэрылъхэми ягу къэдгъэкӀыжуи арагъэнщ.

### ″Глагол″ къызытемыхъукӀыпхъэ ″макъ Ӏуэр″хэр.

Япэрауэ, къызэрыхъуа щӀыкӀэу игъуэта къалэнрэ мыхьэнэкӀэрэ *занщӀэу ″глагол″* хъуну щыжытӀэм деж, мыр *а макъыр глагол зэрыхъу*рауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэри ″*макъ глагол*″у зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мыбдежым зи гугъу тщӀы макъхэр ″*макъ Ӏуэр*″хэращи, нытӀэ, мыбыхэм къытехъукӀыну ″макъ глагол″хэри ″*макъ Ӏуэр глагол*″хэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ икӀи, ипэкӀэ я къэхъукӀэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″макъ Ӏуэр″ гуэрхэм мы я къэхъукӀэм елъыта я къалэнрэ мыхьэнэхэм ипкъ зэритщи, ″глагол″ къазэрытемыхъукӀыпхъэр гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мыпхуэдэ ″макъ Ӏуэр″хэри мыбдежым дигу къыщыдгъэкӀыжынщ.

Адыгэбзэм и псалъэхэр мыхьэнэ зимыӀэ макъхэмкӀэрэ къызэремыжьэм ипэрей ди лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ; икӀи, мыхьэнэ зимыӀэ макъыхэр бзэм щхьэжу зэрыземыкӀуэрэ ″макъ псалъэ″уи зэрымыухуэнури гурыӀуэгъуэрэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа Ӏуэхугъуэхэрщ. НытӀэ, мыхьэнэ зимыӀэ макъхэр ″макъ псалъэ″ лӀэужьыгъуэ ″макъ глагол″у зэрымыухуэнури гурыӀуэгъуэнщ. Ар дыдэуи, мыхьэнэ зимыӀэу функционалрэ макъ гуэрхэм я эффекту е геометрие къалэн гуэрхэр зыгъэзащӀэу щыт ″макъ Ӏуэр″хэри ″макъ глагол″у зэрымыухуапхъэхэр гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ, и къэхъукӀэм къызэрихькӀэ ″функционал кӀуэтэгъуэ″ къалэн зыгъэзащӀэрэ щхьэжу мыхьэнэ зимыӀэ ″э″ макъым мы игъэзащӀэ къалэным зэрезэгъкӀэ, адыгэбзэм ″функциалнл зэман″ зылъытэу зэрыхэлэжьыхьыр гурыӀуэгъуэщи, мыбы и лимитацэу утыку къихьэ ″Ӏэ″ макъым зы ″функциал зэман пыухытыкӀа″ илъытэу бзэм щызекӀуэ зэрыхъуами ипкъ зэриткӀэ, ″макъ мыхьэнэ″ зыгъуэта зы ″макъ Ӏуэр″у зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэрыщытрэ икӀи ″зэман″ жыхуэтӀэр щхьэжу зэрымылъытапхъэм ипкъ зэриткӀэ, ″Ӏэ″ макъыр занщӀэу ″макъ глагол″у мыухуэми, ″потенциал глагол″у - ″глаголыпхъэ″у- лъытапхъэнщи, ищхьэм игъуэ макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэу ″глагол″ къалэн зэригъэзэщӀэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Аращи, ″*макъ мыхьэнэ*″ *зэрамы*Ӏ*эм* ипкъ зэриткӀэ, псалъэхэм ищхьэм къыпымыхьэфынурэ икӀи ″*макъ глагол*″*и къатемыхъук*Ӏыпхъэ мы ″*макъ* Ӏ*уэр*″хэр мыбдежым аргуэру дигу къыщыдгъэкӀыжынщ:

| |
|---|
| «ы, Ӏы; э; й, Ӏи; о». |

*Мыхьэнэ зимы*Ӏэ ″*макъ* Ӏ*уэр*″хэу зэрыщытым папщӀэ, щхьэжу бзэм зэрыхэмылэжьыхьрэ псалъэхэм ищхьэми къыпымыхьэу икӀи ″макъ глагол″ мыхъуфыну щыту зи гугъу тщӀа мы макъхэр икӀи -ягъэзащӀэ къалэнхэм зэрезэгъкӀэ- я ищхьэ лъэныкъуэм къыпыхьэну макъ гуэрхэмкӀи ″*глагол*″ *мыхъуфыну*хэрщи, ″*глаголыпхъэ*″*уи щымыт* ″*макъ* Ӏ*уэр*″хэрщ.

*

Мыбыхэм нэмыщӀ, ″*глагол*″ *къалэн зымыгъэзэщ*Ӏ*эну*рэ ″*макъ глагол*″*у мыуху*эну ″*макъ* Ӏ*уэр*″хэри хэтщ адыгэбзэми, мыбыхэми мы илъабжьэм гулъытэ щыхуэтщӀынщ.

Мыпхуэдэ зы макъыр ″макъ мыхьэнэ″ иӀэ щхьэ зи фунционал кӀуэтэгъуэ ″э″ макъым и куэдыр зэрылъытэу функционалыгъэ зимыӀэжу ″жыжьагъэ″рэ ″блэкӀа″ зылъытэу бзэм хэлэжьхь ″макъ Ӏуэр″у щыт ″**а**″ макъращи, мыбы ″*макъ глагол*″ *къызэрытемыхъук*Ӏынур икӀи *глаголыпхъэ зэрымыхъ*унури мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

ИкӀи, адыгэбзэм ″*и*″*рэ* ″*е(иэ)*″ *макъ*хэм *я блэк*Ӏ*арэ куэдагъэр* ″*а*″*к*Ӏэ къызэрыӀунур гурыӀуэгъуэнщи, мы макъ Ӏуэр зэкӀэлъыкӀуэхэр -Крил алфавитым мыпхуэдэр зэрытх тхыпкъ (я) зэрыхэтым ипкъ зэриткӀэ- ди алфавитым ″*я*″уэ тхауэщ зэрыхэхьар. НытӀэ, мы ″*макъ* Ӏ*уэр зэхэжьыхьа*″хэри ″глагол″ къызытемыхъукӀыпхъэу ″макъ глагол″у щымыт ″*а*″*к*Ӏэ *къызэры*Ӏ*ум папщ*Ӏэ, мы ″**я**″ тхыпкъкӀэ тхахэри (″*иа, еа*″)

*"глагол" къызытемыхъук*Iынурэ *глаголыпхъэи* зэры*мыхъун*ур, икIи *"макъ Iуэр глагол"у мыухуэн*у макъхэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Мыбыхэм нэмыщI, *"и" кIуэтэгъуэ*у (э) утыку къихьа *макъ Iуэр зэхэжьыхьа "е(иэ)"*м нэгъуэщI макъхэр къазэрытехъукIым ипэкIэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, екIуэлIэныгъэ мыхьэнэрэ къалэн зыгъэзащIэ мы "е(иэ)"м *и лимитац*эу {Iе(иэ)} –икIи "и" лимитацэ "Iи"м и кIуэтэгъуэуи (Iиэ → "Iе") лъытапхъэу- утыку къихьа **"Iе"** макъми *екIуэлIэныгъэ имыгъэзэщIэж*у къызэрызэщIэувыIэ *мыхьэнэ* зэригъуэтым ипкъ зэриткIэ, *"глагол"* къалэн зэр*имыгъэзэщIэн*урэ *глаголыпхъ*эуи зэры*щымытын*ур икIи *"макъ глагол"у* зэры*мыухуэн*ур гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мыбдежым ди *"Iуэхур макъ"*хэм яIэ *хьэрычэт мыхьэнэ*хэм зэрелъытауэ къатехъукI *"макъ глагол"*хэрщи, макъ мыхьэнэми, *хьэрычэтрэ функционал*у зэрыщымытхэм папщIэ, *"глагол"* къалэн *зымыгъэзащI*эрэ *глаголыпхъэ мыхъун*урэ, *"макъ глагол"у мыухуэн*у мы макъхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъхэр** | **"Глагол" къалэн щIамыгъэзэщIапхъэхэр** |
|---|---|
| А<br>-----------------<br>Я(иа; еа) | *"Э" куэд -"э"бэ-* зэрылъытэу функционалыгъэ зимыIэжу *"э"шхуэ лIэужьыгъуэ макъщи, "макъ глагол" къызытемыхъук*Iрэ *"глаголыпхъэ"уи щымыт*ырщ.<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>Функционалыгъэ зимыIэж *"а"*кIэ *къэIу* макъхэу, *"макъ глагол" къызытехъук*Iрэ *"глаголыпхъэ"уи щымыт*ырщ. |
| IЕ<br>- ("Iе: Iиэ");<br>- ("Iи-э → Iе") | *"ЕкIуэлIэныгъэ" (иэ) лимитац*эу *(Iе)* зи *кIуэтэгъуэи зэщIэувыIа*рщи, -е, икIи *"и"*м и *лимитацэу (Iи) мыдж*ыххэнум и *кIуэтэгъуэ*рщи *(Iиэ)- "макъ глагол" къызытемыхъук*Iрэ *"глаголыпхъэ"уи щымыт*ырщ. |

**"Глагол" къызытехъукIыпхъэ "макъ Iуэр"хэм ягъэзэщIэфыну "глагол" къалэнхэм теухуауэ.**

Мы ипэкIэ "макъ Iуэр" лIэужьыгъуэхэу *"глагол" къызытемыхъук*I*ыпхъ*эхэм икIи *къащIытемыхъук*Iынум щыгъуазэ дыхуэхъуауэ лъытапхъэщи, нытIэ, мы *"макъ Iуэр"хэм нэмыщIхэм* бзэм *"глагол" къытехъукIын хуей*уэ зэрыщытри жыIэпхъэщ. Ар щыхъукIи, *"глагол" къызытехъукIыфыну лъытапхъэ "макъ Iуэр"*хэм я макъ *къалэнрэ мыхьэнэ*хэм *зэрелъытак*Iэрэ бзэм хагъэзэщIыхьыфыну *"глагол" къалэн*хэми гулъытэ хуэтщIынщ:

| **Макъ** | **ЯгъэзэщIапхъэ глагол къалэнхэр** |
|---|---|

| Іуэрхэр | |
|---|---|
| ІЭ | Къызэрыхъуа щІыкІэу "функционал кІуэтэгъуэ"у щыт "э" макъым "фунциал зэман" къалэн зыгъэзащІэ "э"м и *лимитацэ* "Іэ"ри "*зэман пыухытыкІа* - *Іыхьэ*" зэрылъытэущ бзэм "глагол" къалэну хигъэзэщІыхьыфынури, *зы"зэман*ыгъуэрэ *Іыхьэ"у лэжьэн*ращ; - "зэман" жыхуэтІэр щхьэжрэ занщІэу зэрыщымытынури гурыІуэгъуэщ. |
| И | "Абзсис" къалэнрэ мыхьэнэ зиІэу лъытапхъэ "и" макъым бзэм хигъэзэщІыхьыфыну "глагол"ыр - "абзсис" жыхуэтІэри джырэ джыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткІэ- *абзсис лъэныкъуэу лажьэ*рэ *джыуэ щыт*ыр икІи *джыгъуэм щыдж*ыр зэрылъытэ "*глагол*" лІэужьыгъуэхэу жыІэпхъэщ. |
| Е(иэ) | *Абзсис* (и) *кІуэтэгъуэ*у (э) мы макъым (иэ) игъэзэщІэфыну "*глагол*" лІэужьыгъуэри "*и"мк*Іэ *гъэзащІэу щыт*ыр -*джыуэ къекІуэк*Іыр- икІи "и" кІуэтэгъуэу (иэ) *джыгъуэ*м *текІуэтыкІ*ыныгъэр -*имыгъуэу джыр*- зэрылъытэ "глагол" къалэн игъэзэщІапхъэщ. |
| У | "*Функционал* кІуэтэгъуэрэ *зэман*"ымрэ (э) мыпхуэдэуи *джы*мрэ *джыгъуэм зэдаухуэ*рэ икІи *ахэр зыхэзыубыдэу ужьыгъуэ* мыхьэнэрэ къалэн зыгъэзащІэ "*у*"м игъэзэщІэну "*глагол*" къалэнри наІуэщ. |
| ІУ | "У"м и лимитацэу щыт "Іу"р дэтхэнэ ужьыгъуэ лІэужьыгъуэ Іыхьэ зэрылъытапхъэщи, игъэзэщІэну "глагол" къалэн"ри мырагъэнщ. |

**"Глагол" къызытехъукІыпхъэ "макъ Іуэр"хэм занщІэу къатехъукІ "макъ Іуэр глагол"хэр.**

НытІэ, мы зи гугъу тщІа "а" макъри хэтыжу, зи гугъу тщІа макъхэм нэмыщІхэр "оригинал"у ("ы"кІэ) къызэрыІу щІыкІэу занщІэу "макъ глагол" къазэрытехъукІыфынур, е "э"кІэ къызэрыІу щІыкІэу "макъ глагол" къазэрытехъукІыфынур гурыІуэгъуэнщ:

| Макъ Іуэрхэр | Макъхэр оригиналу (ы) къызэрыІуу ухуэ "макъ глагол"хэр | Макъхэр "э"кІэ къызэрыІуу ухуэ "макъ глагол"хэр |
|---|---|---|
| ІЭ | - | - |
| И | Ин | - |
| Е(иэ) | - | - |
| У | Ун | Уэн |
| ІУ | Іун | Іуэн |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Япэрауэ, "макъ Іуэр"хэу "макъ глагол" къытехъукІыпхъэхэм щыщу "Іэ, *е*" *макъхэм занщІэу "макъ глагол" къызэрытемыхъук*Іар таблицэм хыболъагъуэри, *занщІэу глаголу мыухуа* мы макъхэр (*зэман*ыр –пыухытыкІа зы зэманыгъуэми-*щхьэжу* зэры*мылъытапхъ*эм хуэдэжу, *мыхъуныгъэри щхьэжу лажьэу*

*лъытэн*ри *гугъ*ущ) ″*глаголыпхъэ*″у зэрылъытэрэ ″*игъуэ макъ*″ гуэрхэмкӀэрэ ″*глагол*″ *къызэрытехъукӀыну*ми иужькӀэ щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

- ЕтӀуанэу, адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытрэ бзэ лэжьэкӀэм макъхэм хагъэзэщӀыхь къалэнрэ мыхьэнэхэри бэгъуэн хущӀэкъуу зэрыщытыр сытым дежи дигу къызэрыдгъэкӀыжыр гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщыттым езэгъыуи жыӀэпхъэщ адыгэбзэм ″макъ глагол″хэм хуэдэу ″*инфинитив формэ*″*у ухуа цӀэ лӀэужьыгъуэ* ″*псалъэ*″хэри зэрыхэтыр. Аращи, ″глагол″ым хуэдэу ″инфинитив формэ″ зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ *псалъэмк*Ӏэ *лъытар къызэрыхъуа*р а *псалъэ*м и *зэпкъырыувэк*Ӏ*эр зыхуэдэ* ″*глагол*″ым *и зы мыхьэнэм теухуа*уэ е и ″*объект*″у утыку къихьауэ зэрыщытыпхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ ″*хэхъуа*″уэ щытыр зэрылъытэ *плъыфэц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ ″*ин*″ *псалъ*эри, ″*и*″ *лъэныкъуэу лажьэр* зэрылъытэ мы псалъэр къызэрыхъуа ″макъ глагол″ыр (ин) мы и мыхьэнэмкӀэ бзэм хэмыт е нобэ хэмытыжми, мы къызэрыхъуар зыхэзыубыдэу ″*инфинитив формэ*″ зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ зы *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ ″*макъ псалъэ*″рщ ″*ин*″ыр.

- ″Макъ Ӏуэр″хэм къытехъукӀауэ таблицэм къыщыта ″Ӏун, Ӏуэн″ глаголхэр ″Ӏу, Ӏуэ″ макъыр и мыхьэнэкӀэ занщӀэу ″макъ глагол″у зэрыухуарауэ лъытапхъэщ. Ауэ, таблицэм къыщыта ″*ин*″ *глагол*ыр ″и″ макъ мыхьэнэр занщӀэу ″макъ глагол″у зэрыухуарауэ лъытапхъэкъыми, *зыгуэрым теен*ыр а гуэрым *хэгъэхъуэн*ыгъэу ″*и*″ -″абзсис″- лъэныкъуэ хэхъуэу *джын* Ӏ*уэху*гъуэу зэрылъытэу ухуа ″*макъ глагол*″ырщ. Аращи тӀэ, ″*и*″ *макъыр* и мыхьэнэкӀэрэ *занщ*Ӏ*эу* ″*макъ глагол*″у *зэрыухуапхъэр* ипэкӀэ зи гугъу тщӀа *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ ″*ин*″ *псалъэр* зытеухуарэ *къызытехъук*Ӏ*а глагол* -″*ин*″- лӀэужьыгъуэрауэ лъытапхъэщ.

## ″МАКЪ ЩЭХУ″ХЭМРЭ, АХЭР Я МЫХЬЭНЭКӀЭРЭ ЗАНЩӀЭУ ″МАКЪ ГЛАГОЛ″У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

**Утыку къыщихьэрэ къызэрихьэ щӀыкӀэхэм елъытауэ ″макъ щэху″хэм ягъуэт мыхьэнэрэ къалэнхэмрэ, зэрызэлъытэрэ зэрыбагъуэхэми теухуауэ.**

ИпэкӀэ ″макъ Ӏуэр″хэмрэ, абыхэм ″глагол″ къалэн зэрагъэзэщӀапхъэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыбдежми япэрауэ ″*макъ щэху*″хэр - ″макъдэкӀуашэ″хэр- *къызэрыхъу*рэ утыку къызэрихьэмрэ я *мыхьэнэ*хэр *зыр зым зэрелъытам* щыгъуазэ дыхуэхъуу, ягъэзэщӀапхъэ ″глагол″ къалэнхэми деплъынщ.

Ауэ, ″макъ Ӏуэр″хэм ягъэзащӀэ къалэнрэ мыхьэнэхэр геометрие системэм теухуарэ геометрикэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытым папщӀэ, нэхъ

гурыӀуэгъуафӀэу зэрылъытапхъэр жыӀэпхъэщи, ″макъ щэху″хэм я мыхьэнэрэ къалэнхэр мыпхуэдэ зы системэм теухуарэ елъытауэ зэрыщымытым папщӀи, ″макъ Ӏуэр″хэм хуэдэу гурыӀуэгъуафӀэу жыӀэпхъэнкъым. Аращи, ахэр къэгъэунэхунрэ зыгурыгъэӀуэн папщӀэ, зэмылӀэужьыгъуэ еплъыкӀэрэ бгъэдэхьэкӀэ узыхуэныкъуэ макъхэрщ. ИкӀи, ″макъ Ӏуэр″хэм елъытауэ ″макъ щэху″ бжыгъэр куэд зэрыхъури гурыӀуэгъуэщи, тежыӀыхьыпхъэхэри нэхъыбэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ икӀи, псэлъэбзэр зэрыухуа псалъэхэр псэлъэбзэ щӀыб лӀэужьыгъуэу щыт макъхэмкӀэрэщ зэрыухуари, ахэр псэлъэбзэм и псалъэхэмкӀэ къэгъэунэхунрэ гурыӀуэгъуэ щӀыныр зэрыгугъунур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, псэлъэбзэ щӀыб лӀэужьыгъуэу щытрэ икӀи псалъэ лӀэужьыгъуэрэ псалъэхэм щыщ Ӏыхьэхэу щыт макъхэр зыхэзыубыдэ псалъэм езыр лъэныкъуэегъэз зищӀыжу илъытэнрэ къигъэунэхуныр гугъущ; а макъым -псэлъэбзэ щӀыбу щыт- и мыхьэнэр къигъэунэхуу къиӀуэтэныр зэрыгугъур гурыӀуэгъуэщ. Мыращ икӀи псалъэхэр зэрыухуарэ зэрылажьэр езы псалъэхэмкӀэрэ къэӀуэтэнрэ гурыӀуэгъуэ щӀыныр зэрыгугъум и щхьэусыгъуэри, мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэм папщӀи, псэлъэбзэ щӀыб методрэ щӀэныгъэхэм узэрыхуэныкъуэр гурыӀуэгъуэщ. Мы зи гугъу тщӀа Ӏуэхугъуэхэм теухуауэ -ипэкӀи и гугъу зэрытщӀауэ- ″макъ щэху″хэм елъытауэ ″макъ Ӏуэр″хэр къызэрыдгурыӀуэну еплъыкӀэ диӀэщ.

*

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, псэущхьэм къызхигъэӀукӀ *макъхэмк*Ӏэрэ зэры*ухуа*р гурыӀуэгъуэщ *псэлъэбзэ*ри, мыбы и пэщӀэдзэри псэущхьэм *макъ къызхигъэӀук*Ӏыу щыщӀидзарауэ лъытапхъэщ. КъызхигъэӀукӀ *макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэм елъытауэ щызек*Ӏ*уэу ухуа*уэ лъытапхъэ *псэлъэбзэ пэщ*Ӏ*эдзэри макъыбзэ* лӀэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, къызхигъэӀукӀ макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ зэрихьэу ухуа мы макъыбзэ лӀэужьыгъуэ псэлъэбзэм *и япэрей псалъэхэри мак*ъхэрауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Псэущхьэм и*лъыт*эрэ *къыри*Ӏуэхэр зэры*багъу*эм къыкӀэлъыкӀуэуи мы *псал*ъэ лӀэужьыгъуэ *мак*ъхэри *бэгъуэн хущ*Ӏэ*къу*у зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Мы кӀуэкӀэми макъхэмрэ икӀи -макъ лӀэужьыгъуэ- псалъэхэри зэригъэбэгъуэнур гурыӀуэгъуэщи, мыбыи къыщымынэу, псалъэ лӀэужьыгъуэхэр макъхэм къыщщымынэу, *макъ зы бжанэ* –япэрауи

макъитl- зыхэзыубыдэ *псал*ъэхэр утыку къызэригъэхьэфынур гурыlуэгъуэнщ.

Кlэщlыу мы къызэрытlуэта щlыкlэу, псэлъэбзэ пэщlэдзэм и пэщlэдзэ псалъэхэр макъ лlэужьыгъуэхэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэу зэпкъырыувэ псалъэхэри къыщыхъу мы псэлъэбзэри макъыбзэ лlэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, макъхэр къызэрыхъуа щlыкlэм елъыта мыхьэнэкlэрэ щыхэлэжьыхьу икlи псэлъэбзэ пэщlэдзэуи лъытапхъэхэр макъыбзэ жыхуэтlэхэрщи, ноби мыпхуэдэ лъабжьэр зымыгъэкlуэдарэ мыпхуэдэ лэжьэкlэ зиlэ бзэхэри макъыбзэу лъытапхъэхэрщ. Адыгэбзэр зы макъыбзэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, макъыбзэр псэлъэбзэ пэщlэдзэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, макъхэр ягъэзащlэ мыхьэнэрэ къалэнкlэ зыхэплъэгъуэфыну зы архивышуэу лъытапхъэщ. Икlи, я мыхьэнэрэ къалэнхэр бзэ лэжьэкlэм систематикэу хэлэжьыхь макъхэр я къэхъупlэрэ къэхъукlэкlи щыхэлъытахъэ зы бзэрщ макъыбзэри, макъхэр къыщыхъуарэ къызэрыхъуу нобэрей я къэlукlэр зэрагъуэта щlыкlэми гулъытэ ухуэзыщl зы бзэ лlэужьыгъуэрщ. Бзэр зэрыухуа макъхэр утыку къызэрихьэрэ зэрыбагъуэ щlыкlэми гулъытэ ухуэзыщlырщ макъыбзэри, макъхэр зэкlэлъхьэужьу утыку къызэрихьэмрэ утыку къыщихьа щlыпlэхэри наlуэ къыпхуэзыщlырщ. Мыпхуэдэхэм гулъытэ ухуэзыщl зы макъыбзэрщ адыгэбзэри, мы илъабжьэм ″макъ щэху″хэр мыпхуэдэ щlыкlэу утыку къызэрихьарэ къыщихьа щlыпlэхэми гулъытэ хуэтщlынщ.

Макъхэм теухуауэ мыпхуэдэхэм -игъуэ зэрыхъукlэ- япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыбдежым ахэри дигу къэдгъэкlыжу, макъхэр я мыхьэнэрэ къалэнхэм теухуауэ ″*глагол*″у зэры*ухуэн* е абыхэм ″*глагол*″ *къазэрытехъук*lын лъэныкъуэкlэ яlэ *потенциал*хэми гулъытэ хуэтщlын иужь дитынщ.

Мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэратхуащlщи, мыбдежым макъхэр къызэрыхъурэ къыщыхъум я гугъу щlэтщlыр макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэр зэрызэлъытам теухуащ; мыхъумэ, щхьэжу дэтхэнэ зы макъыр фонемэу утыку къызэрихьэ щlыкlэр къэгъэунэхурэ гурыlуэгъуэ зыхуэтщlын lуэхугъуэм теухуакъым.

*

Нытlэ, мы къэтlуэтахэмрэ иужьрейуэ мы къыпытщэжари ди гурыlуэгъуэу, адыгэбзэм -къэбэрдеибзэм- хиубыдэ макъхэмрэ ахэрзыхэзыубыдэ "макъ гуп"хэр лъытарэ зэрызэлъытапхъэуи зы таблицэм къыщыгъэлъэгъуэныр игъуэщи, "макъ щэху"хэм я къэхъупlэрэ къэхъукlэкlэ мы я зэрызэлъытапхъэри абыхэм "глагол"хэр къазэрытехъукlыпхъэр зэрызэгъэпщапхъэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Мыхэр зэрыщыту зы таблицэм ихуэн папщlи, "макъ къэхъупlэ"хэр утыку къызэрихьа я зэкlэлъхьэужьыкlэу игъуэ кодхэмкlэ -бжыгъэхэмкlэ-лъытауэ къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Нытlэ, мы илъабжьэм "макъ щэху"хэр къызэрыхъу зэкlэлъхьэужьыкlэри зэлъыта "макъ къэхъупlэ"хэр зэкlэлъхьэужь бжыгъэхэмкlэ тлъытэнщи, мы макъ къэхъупlэхэр таблицэм мы бжыгъэхэмкlэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Мы псалъэми зэрезэгъкlэ, *макъ къэхъуныгъэ пэщlэдзэу* лъытапхъэ "*м*" *макъ*ым и *къэхъупl*эу щыт "**пэщхъынэ**"р (**1**) *япэрей "макъ къэхъупl*э"у тлъытэнщ.

Тхьэмбылым къикlыж жьыр пэщхъынэм къыщыlуу утыку къихьэ япэрей макъыу лъытапхъэ "*м*" макъ *нэужь*рэ икlи *тхьэмбылым нэхъ пэгъуэнэгъу*у къэlу макъыу адыгэбзэм къыхэна "*хь*" *макъ*ым и *къэхъупl*эу щыт "**къурмакъей**"ри (**2**) *етlуанэ "макъ къэхъупl*э"у лъытапхъэрщ.

Езым хуэlуа макъ къэхъупlэу лъытапхъэ "*пэщхъынэ*"*м* къыкlэлъыкlуэу "*къурмакъей*"р макъ къэхъупlэ зэрыхъур *макъ къэхъуныгъэм къыпыщэ* -макъ бэгъуэныгъэ- *япэрей лъэбакъуэу* лъытапхъэщи, *макъ къызэрыхъуф жьыр къыздикlыж тхьэмбыл*ым *пэгъуэнэгъу* мы щlыпlэм *–къурмакъейм- къыщlидзэ макъ къэхъуныгъэр жьэ кlуэцlымкl*э зэры*унэтlа*ри гурыlуэгъуэщ. Мы *унэтlыныгъэм и япэрей лъэбакъуэри жьыр зэрыдэкъуз*экlэрэ "*къ*" макъыр *къызэрыхъу щlык*lэу "*макъ къэхъупl*э" хъуауэ лъытапхъэ "**тэмакъ**"ращ (**3**).

"*Тэмакъ*" псалъэр "*макъ платформэ*" зи мыхьэнэуэ зэрыщытыр наlуэщи, мыбдежыр *икlи* "*макъей*"уэ –"*макъ къэхъупl*э" зи мыхьэнэуэ-зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, макъ къэхъуныгъэм теухуауэ къалэнышхуэ зэригъэзащlэм папщlэрагъэнщ мыбдежыр мыпхуэдэ цlэхэмкlэ (тэмакъ, макъей) щlэлъытари, икlи, "*хь*" *макъыр къыздыщыхъуа*р зэрылъыта "*къурмакъей*" псалъэри "*макъ къэхъупl*э"у лъыта "*макъей*" *псалъэм къытехъукlа* псалъэу "*макъей*" *нэужь*у зэры*лъыта*ри гурыlуэгъуэщ: "*къурмакъей*" псалъэр "*макъей*"м пыщlарэ

"*къу*" къызэрыхуэхъу щIыкIэу зэрылъытэу зэпкъырыува зы псалъэу зэрыщытыр наIуэщ.

"Тэмакъ"ыр макъ къэхъупIэу утыку къихьа нэужь, макъ къэхъуныгъэм теухуауэ кIуэ пэтрэ къалэнышхуэ игъэзащIэу зэрыщIидзар гурыIуэгъуэнщ; ауэ икIи, тэмакъ нэужьым макъ къэхъуныгъэр жьэ кIуэцI лъэныкъуэмкIэ нэхъ хуиту унэтIыу зэрыщIидзари гурыIуэгъуэнщ. Мы унэтIыныгъэ лъэбакъуэхэу лъытапхъэщи, *тэмак*ъымрэ *бзэгу зэхуак*ум – тэмакъым къыщIидзэу бзэгулъэдакъэм нэгъунэм- зэкIэлъхьэужьу утыку къыщихьауэ лъытапхъэщ "*кхъ, хъ, гъ*" *макъхэр*и, мы макъхэр *тэмакъым къыщIидзэрэ зэкIэлъхьэужьу бзэгу лъэныкъуэм* хуэкIуэу *къыздыщыхъу* щIыпIэхэри зы "*макъ къэхъупIэ*"у "**тэмакъ нэужь**"у (**4**) тлъытэнщ.

Макъ къэхъуныгъэр тэмакъ нэужьым зыхуэкIуэнур "бзэгу"рауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, *макъ къэхъуныгъэр бзэгум зэрынэс*рэ *бзэгу лъэдакъэр зыгъэхъейу*э къэхъуауэ лъытапхъэщ "*жь*" макъри, *бзэгур макъ къэхуныгъэм зэрызэIузых* мы и къалэным папщIи, "**бзэгу лъэдакъэ**"р (**5**) щхьэжу зы "*макъ къэхъупIэ*"у лъытапхъэщ.

*Бзэгу*р и лъэдакъэмкIэ гъэ*хъея нэужь*, бзэгур макъ къэхъупIэу зэрызэIухынур гурыIуэгъуэнщи, бзэгу лъэдакъэр зыгъэхъея "*жь*" *нэужь*ым *бзэгу лъэдак*ъэр зи *къэхъупI*эу *бзэгум теубгъуа*уэ утыку къихьэ макъри "*щ*" *мак*ърауэ лъытапхъэщ. НытIэ, *бзэгур зыгъэхъеяр* "*жь*" макърами, бзэгу лъэдакъэм бзэгу гущIыIумкIэ теубгъуауэ къэхъуауэ лъытапхъэ "*щ*" *макъри бзэгу гущIыIум япэ къыщыхъуа* макъыу *бзэгу* гущIыIури *макъ къэхъуныгъэм хузэIузыха* макъыу лъытапхъэрщ.

Бзэгур макъ къэхъуныгъэм зэIуха нэужь, макъ къэхъуныгъэ щIыпIэшхуэу зэрыщытрэ бзэм и макъ нэхъыбэри къыздыщыхъуу зэрыщытым папщIэ, "макъ къэхъупIэ"у щыт "**бзэгу**"ри (**6**) и кIуэцIкIэ щIыпIэ зы бжанэу зэщхьэщыгъэкIыпхъэщ: «**I (БзэгукIэ); II (Бзэгуку); III (Бзэгу ижьрабгъу); IV (Бзэгупэ)**».

"*Бзэгу*"р *макъ къэхъупIэшхуэ*щи, мыбы папщIи, макъкIэ ухуа *псэлъэбзэр къыздыщекIуэк*I щIыкIэу зэрылъытэущ адыгэбзэм мыбдежыр "*бзэгу*" *псал*ъэмкIэ щIилъытар. Адыгэбзэм къыщцымынэу, бзэ куэдми мы щIыпIэр зэралъыта псалъэхэр бзэм теухуауэщ. Дауи, *бзэгур* макъ къэхъупIэу зэрыщытым нэмыщI, *бзэгум ипэ* къихуэ *макъ къэхъупI*эхэм *къыщыхъуа мак*ъхэм я *къэIукI*эхэри *щызэгъэпэщ* –нэхъ хуит къэIукIэ зыщагъуэт- щIыпIэрщ; икIи, бзэгум *ипэ къихуэ* макъ къэхъупIэхэм къыщыхъуа *макъхэм бзэгу гущIыIум макъыщI*эхэр *къазэрытехъукIыж*ри

гурыIуэгъуэщ; ауэ икIи, ипэ къэхъуа мы макъхэм бзэгум къатехъукIыж макъхэм нэмыщI, *макъ къэхъуп*Iэу зэрыщытым зэрезэгъкIи, *"бзэгу"р зи "оригин"у къэхъуа макъхэр*и зэрыщыIэр гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мы зи гугъу тщIахэр "макъ къэхъупIэ"у щыт "бзэгу"м къыздыщыхъуу щIыпIэхэри ипэкIэ зэрызэщхьэщыдгъэкIа щIыкIэу илъабжьэм зы таблицэм къыщыгъэлъэгъуэнущ.

Бзэгур зыхэлэжьыхь макъ къэхъуныгъэу лъытапхъэми, макъ къэIукIэми теухуа къалэн зыгъэзащIэрэ икIи "макъ къэхъупIэ"уи лъытапхъэщ **"дзэ"**ри (**7**), мыри и кIуэцIкIэ гупищу зэщхьэщыгъэкIыпхъэщ: «**I (Бзэгупэ – Дзэ); II (Дзэ); III (Дзэ – Iупэ)**».

Дзэм къыкIэлъыкIуэу макъ къэхъуныгъэм теухуауэ къалэн зыгъэзащIэ зы Iэпкълъэпкъыу щытрэ икIи *"макъ къэхъуп*Iэ"у лъытапхъэри **"Iупэ"**ращ (**8**).

НытIэ, макъхэр гупу зэрылъытапхъэу къыхэгъэщарэ, я *къэхъуп*Iэхэри мы ипэкIэ зи гугъу тщIа *бжыгъ*эхэмкIэ *лъыта*уэ илъабжьэм зы *таблиц*эм къыщыдгъэлъэгъуэнущ. Ауэ, мыпхуэдэ зы таблицэм дэтхэнэ зы макъым езым хуэIуа къэIукIэ зэриIэр къызэрыхэмыщыфынур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ дэтхэнэ зы деталыр къыхэмыщми, *мак*ъхэр *утыку къыщихьэ щ*I*ып*Iэмрэ (*) *и къэ*I*ук*I*эм хэлъхьэныгъ*эшхуэ *зи*Iэ *щ*I*ып*Iэхэр (+) мы нэхъыщэхэмкIэ къыхэгъэщауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | Макъыр къыщыхъурэ къызэрыхъум теухуахэр | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Макъ гупхэр** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6**<br>**------------------**<br>**I - II - III - IV** | **7**<br>**-------------**<br>**I - II - III** | **8** |
| М<br>Н | *<br>* | | | | | | <br>+ | +<br> |
| ХЬ | | * | | | | | | |
| КЪ → КЪУ<br>↓<br>Кl → КlУ | | | * | | | <br><br>* | | |
| КХЪ → КХЪУ<br>↓<br>(К) → КУ<br>↓<br>Ч | | | | * | | <br><br>*<br><br>* | | |
| ХЪ → ХЪУ<br>↓<br>Х → ХУ | | | | * | | <br><br>* | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ГЪ → ГЪУ<br>↓<br>Г<br>↓<br>(ГЬ) → ГУ<br>↓<br>ДЖ<br>↓<br>ДЗ | | | | * | | *<br>*<br>*<br>+ | * | |
| ЖЬ<br>↓<br>Ж<br>↓<br>З | | | | | * | * | * | |
| Щ → ЩӀ<br>↓<br>→ Ш<br>↓<br>С | | | | | * | +<br>* | * | |
| ЛЪ<br>↓<br>Л<br>↓<br>ЛӀ | | | | | | *<br>*<br>* | | |
| Р | | | | | | * | | |
| Д<br>↓<br>Т<br>↓<br>ТӀ | | | | | | | *<br>*<br>* | |
| Ф → ФӀ<br>↓<br>В | | | | | | | *<br>* | |
| П<br>↓<br>ПӀ<br>↓<br>Б | | | | | | | | *<br>*<br>* |
| ЦӀ<br>↓<br>Ц | | | | | | | *<br>* | |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Япэрауэ, ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, *утыку къызэрихь*эхэм теухуа *зэк*Ӏ*элъхьэужьык*Ӏэ *зэрызыхуа*Ӏэр жыӀэпхъэщ макъхэми, ахэр мы къэта *таблиц*эм

зэрыхиубыдэри мыпхуэдэ я зэхущытыкӀэм теухуащ. Аращи, *тхьэмбылым къикӀыж жьыр пэщхъынэм* (м) *къызэры*Ӏуу къыщӀидзэ макъ къэхъуныгъэр Ӏ*упэм* (б) *щеух*ри, мыпхуэдэу зэрыщытри таблицэм хыболъагъуэр.

- Макъхэр мы къызэрыхъу щӀыкӀэ нэужьу къахъуарэ икӀи *жьэ щӀыб жьыр жьэ кӀуэцӀым зэрыдэшэу къэ*Ӏуу утыку къихьауэ лъытапхъэщ "*ц*Ӏ" *макъ*ри, абыи *иужьк*Ӏэ адрей макъхэм хуэдэу *жьэ кӀуэц*Ӏ *къэ*Ӏ*ук*Ӏэ игъуэтауэ лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ къэӀуэкӀэ зыгъуэта "цӀ" макъми "*ц*" *макъри къытехъук*Ӏ*а*уэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщи, мы макъитӀри адрей макъхэм къакӀэлъыкӀуэу язэрыщӀэтхэжари нэрылъагъущ. Ауэ, гурыӀуэгъуэщ макъхэр я къэӀупӀэрэ къэӀукӀэм теухуауэ зэрызэлъытапхъэри, мыбдежым къызэрыхъуа щӀыкӀэри къызыхэдгъэща "цӀ" макъыр икӀи "дз" макъым и пӀытӀа къэӀукӀэуи зэлъытапхъэщ; - мы макъитӀыр я мыхьэнэкӀи зэрызэлъытапхъэу зэрыщытри жыӀэпхъэнщ: зы *щы*Ӏэм и *п*Ӏэр псынщӀэу *зэрызэхъуэк*Ӏ мыхьэнэ зиӀэрщ "*дз*" макъри, "*ц*Ӏ" макъри *щы*Ӏ*эм хэдзык*Ӏыныгъэрэ *щы*Ӏэ *щ*Ӏ*ыб –щымы*Ӏэ- хъур зылъытэрщ.

- Япэрей макъыр "м" макърауэ щылъытэм деж, мыр "макъ Ӏуэр пэщӀэдзэ"у лъытапхъэ "ы" макъкӀэрэ къэӀуу зэхэхыгъуэ зэрыхъуар гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, "ы" макъыр япэрауэ "м" макъым дэщӀыгъуу утыку къихьауэ лъытапхъэщ. Ауэ, "ы"м къыкӀэлъыкӀуэрэ "ы" макъым хуэдэуи тхьэмбылым къикӀыж жьыкӀэрэ хуиту къэӀукӀэ зиӀэу щыт адрей "макъ Ӏуэр лъабжьэ"хэм (э, и, у) я къэхъупӀэри къурмакъейрауэ лъытапхъэщи, мыхэр я къэхъупӀэгъуу щыт "макъ Ӏуэр пэщӀэдзэ"рэ лъабжьэу щыт "ы" макъым къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьарэ икӀи "м" нэужьу къэхъуауи лъытапхъэхэрщ. "Макъ Ӏуэр лъабжьэ"хэм я лимитацэхэри (Ӏы, Ӏэ, Ӏи, Ӏу) япэу "къ" макъыр къыздыщыхъуа "тэмакъ"ыр зи къэхъупӀэу лъытапхъэхэрщ. "Къ" макъыр "тэмакъ"ым япэ къыщыхъуарэ икӀи къызэрыхъуами хэлъхьэныгъэ зыхуиӀэ макъыу зэрылъытапхъэм нэмыщӀ, "макъ Ӏуэр лъабжьэ"хэм щыщ "и" макъми "тэмакъ"ыр ухуэныгъэм япэрауэ хэлъхьэныгъэ иӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

- Таблицэм къыщгъэлъэгъуа дэтхэнэ зы *макъ*ым и *къэхъуп*Ӏэрэ (*) и *къэхъук*Ӏэми *хэлъхьэныгъэ*шхуэ зиӀэхэри (+) нэгъыщэкӀэ къыхэдгъэща щхьэ, *дэтхэнэ зы мак*ъым и *къэхъук*Ӏэрэ *къэ*Ӏ*ук*Ӏэм "*бзэгу*"мрэ "*тэмакъ*"ыр япэ иту, "*тэмакъыдзэ, дзэ,* Ӏ*упэ*"хэм икӀи "*жьащхьэ*"м *хэлъхьэныгъэ зэра*Ӏ*эри* мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ.

- Мыбы къыкӀэлъыкӀуэуи къыпыщэн хуейщ "Ӏ" *нэгъыщэ* зыхиубыдэу тха дэтхэнэ зы *мак*ъыр къэӀун папщӀэ -фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- "*тэмакъ*" зы*хуэныкъуэ*рщи, "*макъ щэху*"у "Ӏ" *нэгъыщэ зыхэзыубыдэ* дэтхэнэ зы макъыр (пп: щӀ) *къызытехъук*Ӏ*а мак*ъым (щ) и *къэхъуп*Ӏ*эгъу*у щыт щхьэ, ар *къызэры*Ӏ*уф* щӀыкӀэр "*тэмакъ*" *къалэн*кӀэрэщ; икӀи, "Ӏ" *нэгъыщэ зыхэлъ*у тха "*макъ* Ӏ*уэр*"хэр

(пп: Ӏэ) къызтехъукӀа макъхэмм (пп: э) хуэдэу -тхьэмбылым къикӀыж жьыкӀэрэ хуиту къэӀуу- щымытыжу, *"тэмакъ"ым къыщӀидзэ къэӀук*Ӏэ зыгъуэтырщ.

- *"У"к*Ӏэ *къэӀу мак*ъхэр макъыбзэр макъ гъэбэгъуэн зэрыхущӀэкъуу утыку къихьахэрщи, *къызытехъукӀа мак*ъхэми я *къэхъупӀэгъу*хэрщ. Дэтхэнэ зы "макъ гуп"ым адрей макъхэри къызытехъукӀ зы *"макъ гуп лъабжьэ"* яхэтщи, мы "макъ лъабжьэ"хэм я *къэхъупӀэр зэхъуэкӀауэ* иужькӀэ *къатехъукӀыж мак*ъхэри щыӀэщ. *Макъ лъабжьэ*рэ абыхэм *къатехъукӀыж* мы *макъхэми "у"к*Ӏэ *къэӀу макъ* къазэрытехъукӀыр *бзэм аргуэру макъ хуэныкъуэ зэрыхъу*у иужьыӀуэкӀэщ.

- Пэщхъынэр зи къэхъупӀэ *"м" мак*ъыр бзэ лэжьэкӀэм зэрыхэхьа щӀыкӀэр Ӏупэ зэӀухрэ зэтепӀэущи, *пэщӀэдзэ мак*ъыу *Ӏупэ зэтех*ыу, *кӀэух мак*ъыуи *Ӏупэ зэтеп*Ӏэущи, бзэм хигъэзэщӀыхьри *къызэрыхъуам теухуа*рэ мы *къызэрыӀу щӀыкӀэм зэрезэгъ*щ. Пэщхъынэр зи къэхъупӀэ *"н" мак*ъри бзэм зэрыхьар *бзэгупэм и къалэнк*Ӏэрэ къызэрыӀуущи, бзэм хигъэзэщӀыхьри *пэщӀэдзэ мак*ъыу *хуэкӀу*энрэ *унэт*Ӏыгъэу, *зи к*Ӏэухри *инфинитив*у зэтыригъэпсущ.

- Тхьэмбылым къикӀыж *жьыр модулацэ* зэрыщӀ щӀыкӀэущ макъхэр я къэхъупӀэхэм къызэрыхъурэ къызэрыӀури, мыпхуэдэ *макъ къэхъукӀэм и пхэнджу* лъытапхъэ *къэхъук*Ӏэ зиӀэ *"цӀ"* макъыр *жьыр бзэгупэк*Ӏэ *жьэм зэрыдэшэу къэхъуа*уэ лъытапхъэщи, адрей макъхэм зэрахуэпхэндж мы и къэхъукӀэми зэрезэгъкӀи *мыхъуныгъэ* лӀэужьыгъуэ макъщ "цӀ"р. Ауэ, "цӀ"ри *бзэ лэжьэк*Ӏэм *адрей макъхэм хуэдэ къэӀук*Ӏэ зиӀэу зэрыхэхьари гурыӀуэгъуэщ.

- Таблицэми зэрыхэплъагъуэу "р" макъыр зы "макъ гуп"ым химыубыдэрэ "макъ щэху" закъуэу бзэм хэтырщи, ар икӀи мыхьэнэ зимыӀэу адыгэбзэм хэт "макъ щэху" закъуэращ. "Р" макъыр бзэгупэр жьащхьэм хуэкӀуэу лъэщу зэрыхъейкӀэрэ пхъашэу къэӀу макъырщи, мы и къызэрыӀум езэгъыу зи кӀэухыр зэхэхыгъуафӀэ щӀын къалэн игъэзащӀэущ бзэми зэрыхэлэжьыхьыр.

- "Р" макъыр гуп зимыӀэрэ макъ закъуэу икӀи мыхьэнэи зимыӀэ макъыу зэрыщытыр жытӀагъэххэщи, нытӀэ, къыхэгъэщыпхъэщ *таблицэм макъ закъуэ*у хэплъагъуэ *"хь"* макъыр *"хь*Ӏ, *ћ"*уэ тхыпкъэу тха *макъхэмк*Ӏэ зы *"макъ гуп"*у зэрыщытари, ахэр нобэрей ди алфавитым щыхэлъытакъым.

- ИкӀи, таблицэми къызэрыхэщщи, ӀупщӀыу *мыхьэнэ* зиӀэ макъхэр *макъищ зыхиубыдэ "макъ гуп"ым щыщ*хэрауэ жыӀэпхъэщи, *макъитӀ*кӀэ ухуа *"макъ гуп"*хэу таблицэм къыщыгъэлъэгъуахэм я "макъ мыхьэнэ"хэр мынаӀуэрэ нэхъ щӀэуфауэ лъытапхъэщ. Псалъэм папщӀэ, *макъитӀ зыхэзыубыд*эу пэщхъынэм *макъ* къэхъуныгъэ *пэщӀэдзэ*уи лъытапхъэу къыщыхъуа "м" макъымрэ, абы и къэхъупӀэгъуу иужькӀэ утыку къихьауэ лъытапхъэ "н" макъыр къызэрыхъуа щӀыкӀэу *мыхьэнэншэу*, иужькӀи *мыхьэнэ* зэрагъуэта щӀыкӀэу бзэм зэрыхэлэжьыхьхэр гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэри *макъитӀ* зыхэзыубыдэ *"цӀ, ц" гуп*рауэ лъытапхъэщи, "цӀ"ым ипэкӀэ и гугъу тщӀагъэххэщи, "цӀ" макъым и къэӀукӀэмрэ бзэм хигъэзэщӀыхьым

егъэщхьыныгъэкIэ *цI*э лIэужьыгъуэ *псалъэу бзэм иужькIэ къигъэщIа*уэ лъытапхъэ "*цы*"р *бзэ лэжьэкIэми иужьк*Iэ макъ пэлъытэу хэлэжьыхьу щIидзарэ *макъ мыхьэнэ* зэр*игъуэтар*и жыIэпхъэщ.

**Я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрелъытакIэрэ "макъ щэху"хэм "глагол" къазэрытехъукIыпхъэхэм теухуауэ.**

НытIэ, "*макъ щэху*"у *мыхьэнэ зимы*I*эрэ бзэм щхьэжу щыземыкIуэ макъ закъуэ*у адыгэбзэм хэлэжьыхьыр "*р*" *мак*ъращи, бзэм кIэухрэ зэпыщIэныгъэ къалэнкIэрэ хэлэжьыхь мы макъым "*макъ глагол*" *къызэрытемыхъук*Iынур икIи "*глаголыпхъэ*"уи зэры*мылъытэн*ур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, мы игъэзащIэ къалэнкIрэ "*р*" макъыр *кIэух* зыхуэхъуу *псалъэ* утыку къызэрихьэфынури гурыIуэгъуэнщи, мы псалъэхэр "*глагол*"у *зэрыухуэф*ынухэми иужькIэ щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къазэрыхуэтхьынури мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Мы ипэкIэ я къэхъукIэрэ зэрызэлъыта щIыкIэхэм теухуауэ къэтIуэтахэр ди гурыIуэгъуэу, -"*р*" *макъым нэмыщ*I- *щхьэж* "*макъ щэху*"хэм я *мыхьэнэ*хэм *елъыта*уэ бзэм "*глагол*" *къалэн зэрыхагъэзэщIыхьыпхъ*эхэмрэ мыпухуэдэ къалэн игъэзэщIэнкIи *гурыщхъуэ зытелъхэ*ри къыхэгъэщауэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ; икIи, мы къыхэдгъэщхэр дэтхэнэ зы *макъыр* бзэм *занщIэу* "*макъ глагол*"у *зэрыухуапхъ*эм зэрытеухуам хуэдэжу, "*макъыбэу зэпкъырыувэ глагол*"хэми -я кIэух макъыу- "*глагол*" къалэн *зэрыхуигъэзэщIапхъ*эми зэрытеухуар гурыIуэгъуэнщ:

| **Макъ щэхухэр** | **Ягъэзэщ**I**апхъэ "глагол" къалэнхэр** |
|---|---|
| М | Япэрей макъыу, сытми гулъытэ зэрыхуэщIрэ сытри зэрылъытэф макъщи, *гулъытэ хуэщ*I*ын*рэ -хъупхъэу- *лъытэн* лIэужьыгъуэ "*глагол*" къызтехъукIыпхъэрщ. |
| Н | "М"ым елъыта макъыу, "м"ыкIэрэ гулъытэ зыхуэщIар *а зэрыщыту гъэпсын*рэ ("инфинитив формэ"у) *къызэтенэн* лIэужьыгъуэ "*глагол*" къызтехъукIыпхъэрщ. |
| ХЬ | КъызпкъырыкIым зызэригъэлъагъуэ макъыу, къызпкъырыкIри зэрилъыта (хьэ) цIэ лIэужьыгъуэрщ; ауэ икIи "хьэ (цIыху)"м и *гугъуехь*у *игъэзащ*Iэри зэрылъытэ "глагол" зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| КЪ | КъыздыщыхьуарикIи макъ къэхъупIэуи зэрыщытым зэрезэгъкIэ, ищхьэ къызыпыхьэр къежьапIэрэ *пэщ*I*эдзэ*ущ зэрылъытэр. НытIэ, *къэжьап*Iэрэ къэхъупIэр икIи *кIуэдып*Iэуи лъытапхъэщи, *кIэух* зыхуэхъури *мыхъуныгъ*эрэ *кIуэдып*Iэ |

| | |
|---|---|
| | хуэзыгъакӀуэрщ; мыпхуэдэр "*глагол*" къалэну лъытапхъэмэ, "*къ*" *к*Ӏэу*х*ым игъэзэщӀэну *глагол къалэн*ыр мыращ. |
| КЪУ | *Къэхъуу ужь* лӀэужьыгъуэ мыхьэнэ зиӀэ макъщи, бзэм мыпхуэдэу *щы*Ӏэхэм *теухуа* "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэщ. |
| КӀ | *Щы*Ӏэ*м къыхехъук*Ӏыныгъэ зылъытэу *зэмыл*Ӏэ*ужьыгъуэ* "*глагол*" къытехъукӀыпхъэщ. |
| КӀУ | "*К*Ӏ" *ужьыгъуэ*у щыӀэхэмрэ къыхэхъукӀхэр *зэдэк*Ӏ*уу* зэрыгъэзащӀэ "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэщ. |
| КХЪ | *Лъабжьэ*у ехыпхъэ *ужьыхыпхъэ* лӀэужьыгъуэ мыхьэнэ зиӀэ макъщи, "*глагол*" *къытехъук*Ӏ*ыпхъэуи на*Ӏ*уэкъым*. |
| КХЪУ | *Лъабжьэрык*Ӏ*уэ ужьыгъуэ* лӀэужьыгъуэу, лъабжьэм хуэкӀуэ *еужьых*ыгъуэ е *зэхэуэ – зэхэкъут*эу лъытапхъэ "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| Ч (: К) | *Зэгуэк*Ӏ*ыныгъэ* зэрылъытэ "*глагол*"у ухуапхъэрщ. |
| КУ | *Зэгуэк*Ӏ*ын ужьыгъуэ* мыхьэнэ зиӀэ макъщи, мыпхуэдэу лъытапхъэхэм теухуа "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ХЪ | Къэхъур *къызытехъук*Ӏ*ым лъабжьэ хуэхъу*р зэрылъытэу, мыпхуэдэхэм теухуа "*глагол*"и къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ХЪУ | Зы *лъабжьэм и ужьыгъуэ*р зэрылъытэу, мыпхуэдэ ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэхэр зэрылъытэ "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| Х | *Щы*Ӏ*эгъуэ зи*Ӏ*эхэм* теухуа *лъабжьэ* зи мыхьэнэрщи, *лъабжьэрэ ехып*Ӏэм теухуа зэрылъытэ "*глагол*"хэр къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ХУ | ЩыӀэхэм теухуа *лъабжьэрыужь* лӀэужьыгъуэ "*глагол*"хэр къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ГЪ | "Гъэ" лъабжьэ зылъытэрщи, гъэ зэрызекӀуэрэ зымыгъэж зэрылъытэ "глагол"хэр къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ГЪУ | "*Гъ*" *ужьыгъуэу*, "*гъэ*" *еужьыхыгъуэрэ ужьыгъуэ* лӀэужьыгъуэ "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| Г | "Гъ"ырэ "гъ" зэхуакуу *джыгъуэпэ* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэуи "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ДЖ (: Гь) | *Утыку къихьэнрэ къызэрихьэр лъытэн* мыхьэнэ лӀэужьыгъуэщи, мыпхуэдэ "*глагол*"хэри къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ГУ | *Джы ужьыгъуэу* джыуэ щытрэ джы лӀэужьыгъуэ зылъытэрщи мыпхуэдэхэм теухуа "*глагол*"и къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ДЗ | *Псынщ*Ӏ*эрыдж*рэ игъуэу мыджауэ *джып*Ӏэ *ик*Ӏ*ар* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэуи "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| ЖЬ | ИпӀэрэ игъуэ имыту *увы*Ӏ*эгъуэ зимы*Ӏ*э хьэрычэт* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэм теухуа "*глагол*"хэри къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| Ж | *Хьэрычэт псынщ*Ӏ*э дыдэ*у зэрыщытым зэрезэгъкӀэ сытри *генератикэу зыпызыщ*Ӏ*эф* макъырщи, мыпхуэдэхэри зэрылъытэ "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэрщ. |
| З | "*Ж*"*ыми щхьэщык*Ӏ *зэхэжыхьыныгъэ* зи мыхьэнэу *сытри щхьэжу зылъыт*эрщи, мыпхуэдэхэр *зэрылъытэрэ зэрыгъэзащ*Ӏэ "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэрщ. |

| | |
|---|---|
| Щ | Щыӏэр къызытехъукӏрэ *щыӏэ лъабжьэ*рщи, мыпхуэдэ лъабжьэ лӏэужьыгъуэхэр *зэрылъытэ "глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Щӏ | *"Щ"*ыр ӏ*упщ*ӏ зэрыхъу *щ*ӏыкӏэм теухуа мыхьэнэ зиӏэрщи, *щы*ӏ*эгъуэ зи*ӏ*эу утыку къихьэу щыт сыт*ри зэрылъытэ *"глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Ш | Дэтхэнэ зы *щ*ӏ*ы* лӏэужьыгъуэм *къыхэхъук*ӏрэ *къыщ*ӏ*эхъуэ* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэ *"глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| С | *Щы*ӏ*эгъуэ*рэ щыӏэу щыт сытри *зэрызек*ӏ*уэ*рэ *зэрызэлъытэ* мыхьэнэ зиӏэу, мыпхуэдэхэри зэрыгъэзащӏэ *"глагол"*хэри къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| ЛЪ | *Щы*ӏ*эгъуэ зи*ӏэхэр *зэрызэпкъырылъ*ыр зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэм *теухуа "глагол"*хэри къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Л | *Лъэ* лӏэужьыгъуэу пкъыгъуэ *гущ*ӏ*ы*ӏ*у*р зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэм *теухуа "глагол"*хэри къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Лӏ | *Лъэ зи*ӏ*эр зэрыхъун хъуауэ зылъыт*эрщи, мыпхуэдэхэм теухуауэ гъэзащӏэ *"глагол"*хэр къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Д | *Быдагъэ*рэ *лъэщыгъэ* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэр *къызэрыхъурэ зэрыухуэ*м теухуа *"глагол"* къытехъукӏыпхъэрщ. |
| Т | Зы *лъэ*рэ *пкъыгъуэм щхьэщык*ӏ*ыныгъэ* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэм *теухуа "глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Тӏ | *Лъэ*рэ *пкъыгъуэм хищ*ӏ*эныгъэ* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэр зэрылъытэрэ *зэрыгъэзащ*ӏэ *"глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Ф | *Лъэр зэрыхъун хъуауэ теплъэгъуэи* зэригъуэтырщи, мыпхуэдэхэм *теухуа "глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Фӏ | *Теплъэгъуэ* зыгъуэтарэ *зэрыхъун хуеип*ӏ*эм ит*ыр зэрылъытэу, мыпхуэдэ *"глагол"*хэри къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| В | *Фэм текъузэ*рэ *хищ*ӏ*э лъэщыгъэ* лӏэужьыгъуэхэр зэрылъытэрщи, мыпхуэдэ *"глагол"*хэри къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| П | Зыгуэрым и *гъунапкъэ*рэ *тенгенс* хуэхъур зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэм *теухуа "глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Пӏ | *Зыгуэрыр и гъунапкъэк*ӏэрэ *зэрызыхиубыдэ* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэм *теухуа "глагол"*хэри къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Б | "Пӏ"ым *хиубыдэр зэрып*ӏ щӏыкӏэу, нэгъуэщӏым *елъыта ужьыгъуэ* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэ *"глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Цӏ | *Хъупхъэ*у щытым *хуэпхэндж*ыр зэрылъытэу, *хъупхъэ*рэ *щы*ӏ*э щыбрэ хуэк*ӏ*уэ*ри зэрылъытэ *"глагол"* къызытехъукӏыпхъэрщ. |
| Ц | *Ц*ӏэ *л*ӏ*эужьыгъуэ* псалъэу (цы) утыку къихьарэ мыпхуэдэхэми теухуа мыхьэнэуэ *бзэм макъыу щызек*ӏ*уэ хъуа*рщи, мы зэрызекӏуэм *теухуа "глагол" къытехъук*ӏ*ыпхъэм зэрынэсам гурыщхъуэ* телъуи лъытапхъэнщ. |

**"Глагол" къызытехъукӀыпхъэ "макъ щэху"хэм занщӀэу къатехъукӀ "макъ глагол"хэр.**

НытӀэ, макъхэр *къызэрыхъуа*рэ утыку къызэрихьахэм теухуа я *мыхьэнэрэ къалэн*кӀэрэщ япэрауэ бзэм зэрыхэлэжьыхьхэри, ахэр *занщӀэу "макъ глагол"*у зэрыухуапхъэхэри –япэрауэ- мы *я къэхъукӀэм теухуа мыхьэнэрэ къалэн*кӀэрэщ. Ауэ икӀи, мы я къэхъукӀэм теухуа къалэнрэ мыхьэнэкӀэрэ бзэм хэлэжьыхьу щӀэзыдза мы *бзэ лэжьэкӀэм* макъхэм *мыхьэнэрэ къалэн*у ягъэзащӀэр *зэрыщыбзэгъуэф*ри гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ, *мы я мыхьэнэрэ къалэн*кӀэри макъхэм *занщӀэу "макъ глагол"*хэр къазэрытехъукӀыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, *адыгэбзэ*м и *макъ куэд*ыр бзэм зэрыхэлэжьыхь хъуа щӀыкӀэр *мыхьэнэбэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, *къатехъук*Ӏыфыну *"макъ глагол"*хэри *мыхьэнэбэ*щ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, бзэм *мыхьэнэбэ* хэхъухьауэ щыт *макъ*хэм я *"мыхьэнэ марж"*ым хиубыдэ дэтхэнэ *и зы мыхьэнэ* пыухытыкӀам теухуауэ *"макъ глагол"у* зэры*ухуэфын*ур гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ икӀи, макъхэр къызэрыхъуарэ бзэми щагъуэта я мыхьэнэбэм хиубыдэ мыхьэнэхэм теухуауэ занщӀэу "макъ глагол" зэрыхъуфынум нэмыщӀ, "макъ глагол"у мыухуэфхэри щыӀэщи, нытӀэ, занщӀэу "макъ глагол" мыхъуф макъхэри мы зи гугъу тщӀа я мыхьэнэрэ къалэн гуэрхэм теухуауэ "глаголыпхъэ"у зэрылъытэкӀэрэ, абыхэм къапыхьэ нэгъуэщӀ макъ гуэрхэмкӀэрэ "глагол" къызэрытехъукӀыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Макъ мыхьэнэрэ къалэнхэм нэмыщӀ, бзэм цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъ псалъэ"у щыухуа гуэрхэри къапыхьэ макърэ псалъэ гуэрхэмкӀэ "глагол"у зэрыухуэфынухэри гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, мыбдежым къытпэщыт лэжьыгъэ Ӏыхьэр "макъ глагол"хэм теухуащи, мы къыпытщэжахэм иужьрей лэжьыгъэ Ӏыхьэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, ятеухуа щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэри зэрыхэтыжу, бзэм макъ мыхьэнэ зимыӀэу щхьэжуи хэмылэжьыхьрэ "глагол" къалэни хэзымыгъэзэщӀыхь *"р" макъ*ым *нэмыщӀ* *"макъ щэху"*хэр къызэрыхъуауэ лъытапхъэ я зэкӀэлъхьэужьыкӀэр я зэкӀэлъыкӀуэкӀэу, *"макъ глагол"* къызтехъукӀарэ къызытемыхъукӀа макъхэри зыхэплъагъуэ *таблицэ* къэдгъэлъэгъуэнщи, тежыӀыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **Макъ щэхухэр** | **Макъхэр оригиналу (ы) къызэрыӀуу ухуэ "макъ** | **Макъхэр "э"кӀэ къызэрыӀуу ухуэ "макъ** |
|---|---|---|

| | глагол"хэр | глагол" хэр |
|---|---|---|
| М | - | - |
| Н | - | - |
| ХЬ | Хьын | - |
| КЪ | - | - |
| КЪУ | - | - |
| Кl | Кlын | Кlэн |
| КlУ | - | Кlуэн |
| КХЪ | - | - |
| КХЪУ | - | - |
| Ч (: К) | Чын | Чэн |
| КУ | - | - |
| ХЪ | - | - |
| ХЪУ | Хъун | - |
| Х | - | - |
| ХУ | Хун | - |
| ГЪ | Гъын | - |
| ГЪУ | Гъун | - |
| Г | - | - |
| ДЖ (: Гь) | Джын | Джэн |
| ГУ | - | - |
| ДЗ | Дзын | - |
| ЖЬ | Жьын | Жьэн |
| Ж | Жын | Жэн |
| З | Зын | Зэн |
| Щ | Щын | Щэн |
| Щl | Щlын | Щlэн |
| Ш | Шын | Шэн |
| С | Сын | Сэн |
| ЛЪ | - | Лъэн |
| Л | Лын | Лэн |
| Лl | - | Лlэн |
| Д | Дын | Дэн |
| Т | Тын | - |
| Тl | Тlын | Тlэн |
| Ф | Фын | - |
| Фl | Фlын | Фlэн |
| В | Вын | Вэн |
| П | - | - |
| Пl | Пlын | Пlэн |
| Б | - | - |
| Цl | - | - |
| Ц | - | - |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Таблицэм щылъыта *"макъ щэху" псоми "макъ глагол" къазэрытемыхъук*Iар нэрылъагъуэщи, занщIэу "макъ глагол"у мыухуа *макъ гуэрхэр "глаголыпхъэ"*у зэрыщыткIэрэ *игъуэ макъ* гуэрхэр *къазэрыпыхьэу "глагол" къазэрытехъук*Iми иужькIэ щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Ауэ, *"глаголыпхъэ"*уи *щымыт*рэ къыпыхьэну макъ гуэрхэмкIэрэ *"глагол"и къызытемыхъук*I *макъ*хэри яхэтынщи, мыпхуэдэхэми иужькIэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

- *Макъ псори "макъ глагол"у мыухуэ* щхьэ, *макъыб*зэм и *макъ*хэр игъ*эбэгъуэн* зэры*хущIэкъу*м хуэдэжу икIи *макъ*хэм я *мыхьэнэхэри бзэ лэжьэкIэм* щызэры*багъуэ*р гурыIуэгъуэщи, макъ гуэрхэм *мыхьэнэбэ* ягъуэтыр. Мыпхуэдэ макъхэми *"псалъэ"*рэ *"глагол"* лIэужьыгъуэу *мыхьэнэбэ къазэрытехъук*Iри гурыIуэгъуэнщи, таблицэм къыщыта *"макъ глагол"*у *мыхьэнэбэ*у - мыхьэнитI-щы зиIэу- бзэм хэлэжьыхьыфхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ:

| |
|---|
| «кIын; чын; джэн; жьэн; щын, щэн; щIэн; дэн». |

- НытIэ, мыхьэнэбэу щыт мы "макъ глагол"хэм щыщу иужькIэ бзэ лэжьэкIэм щагъуэта мыхьэнэ гуэрхэми я гугъу щытIщынщ:

| | |
|---|---|
| Чын | "ЗэгуэкIын" мыхьэнэ зиIэу къэхъуами, иужькIэ *лъэбакъуэ "чын"* мыхьэни игъуэтащ. |
| Щын | *Щхьэц* е жьакIэ зэращ и мыхьэнэр иужькIэ зэригъуэтар гурыIуэгъуэнщи, мыбы ипэ "нэху *щын*" и мыхьэнэр бзэм хэлэжьыхьу щытагъэнщ. |
| Щэн | ЩыIэрыкIуэнрэ щыIэрыбэгъуэн зи мыхьэнэуэ бзэм хэлэжьыхьу щытагъэнти, щыIэпIэ зэхъуэкIыныгъэу *бзэзр*ым къыщекIуэкIри иужькIэ къызэрыхъуагъэнур гурыIуэгъуэщ. |

- Мыпхуэдэ щапхъэхэр гъэбэгъуапхъэщ; ауэ, "макъ глагол" нэужь бзэ лэжьэкIэу ухуа "глагол"хэм зэрелъытакIэрэ *"макъ глагол"у иужьк*Iэ *къэхъуа*уэ лъытапхъэ зы щапхъэм мыбдежым и гугъу щытщIынщ:

| | |
|---|---|
| Лъэн | *Лъ*эм и зы *кIуэтэк*Iэр зэрылъыта мы глаголри, ар "лъэ" макъ псалъэм къытехъукIыу занщIэу къызэрыхъуар жыпIэныр гугъуу лъытапхъэщ. Аращи, "лъэн" глаголыр и къэхъукIэкIэ *"лъэ"*р *те*Iэ*тык*I*а хъун* мыхьэнэ зиIэ *"лъэтэн"* глаголми *елъыта*уэ жыIэпхъэнщи, мыбыхэм япэ къэхъуа глаголыр дэтхэнэрами зэхэхугъуафIэу лъытапхъэкъым. |

- Мыхьэнэбэу лъытапхъэу къэта мы щапхъэхэм нэмыщI, зы макъыр *"ы"к*Iэ икIи *"э"к*Iэ къэIуу ухуа *"макъ глагол"*хэм щыщ куэдри *зэхуэмыдэ бзэ мыхьэнэ* зиIэхэу зэрызэщхьэщыкIыр гурыIуэгъуэнщ; ауэ икIи, *"э"к*Iэ *къэIуу* ухуа *"макъ глагол" гуэрхэр* а макъыр *"ы"к*Iэ къызэрыIу *"макъ глагол"*ыр *гъэзащIэу* щытрэ *гъэзащ*Iэ *зэпыту зэрызек*Iуэр (э) зэрылъытэ *мыхьэнэ* зыгъуэтахэрщи, мыпхуэдэу мыхьэнэ зэпыщIэныгъэ зыхуаIэ "макъ глагол" щапхъэщ мыхэр:

| |
|---|
| «кIын → кIэн»; «чын → чэн»; «джын → джэн»; «жьын → жьэн»; «зын → зэн»; «щын → щэн»; «щIын → щIэн»; «лын → лэн»; «тIын → тIэн»; «фIын → фIэн»; «вын → вэн»; «пIын → пIэн». |

- Макъыр занщIэу ″глагол″у ухуами, бзэм куэдыщэу щыземыкIуэхэри яхэтщи, мыпхуэдэ глагол щапхъэхэу лъытапхъэщ ″ы″кIэ къэIу ″макъ глагол″ыр –е и мыхьэнэ гуэрыр- ″э″кIэ къызэрыIу ″*макъ глагол*″у зэры*ухуэж гуэрхэр*. Мыпхуэдэ щапхъэхэу лъытапхъэщ ″*ы*″ *къызэрыIу* щIыкIэм *елъытауэ* -и *варианту*- ″э″кIэ къэIуу утыку къихьауэ лъытапхъэ мы глаголхэр:

«″джын″ мыхьэнэгъуу ″джэн″; ″жьын″ мыхьэнэгъуу ″жьэн″; ″зын″ мыхьэнэгъуу ″зэн″; ″щын″ мыхьэнэгъуу ″щэн″;... ″тIэн″; ″пIэн″».

- *Макъ куэдыр* бзэ лэжьэкIэм *мыхьэнэбэ* зэрыхэхъухьыфыр жытIагъащи, ″*макъ глагол*″у къатехъукIхэр а *макъ*ыр утыку къызэрихьа *мыхьэнэ лъабжьэ*м теухуауэ зэрыщытыфынум нэмыщI, *бзэ лэжьэкIэм* игъуэтыну *мыхьэнэ маржы*м щыщ *зы мыхьэнэ*м теухуауи зэрыщытыфынур гурыIуэгъуэщи, мы ипэкIэ къэдгъэлъэгъуа ″макъ глагол″ гуэрхэм теухуауэ мыпхуэдэхэри къахэдгъэщынщ:

| | |
|---|---|
| Жьын<br>Жьэн | Къызэрыхъуа щIыкIэм езэгъыу увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэту (жьын) е зэрыхъун хуейм текIуэтыкIыныгъэу (жьэн) щытми, ″жь″ макъым бзэ лэжьэкIэу иужькIэ къытехъукIа ″глагол″хэрщ. |
| Щын<br>Щэн | ″*Нэху щын*″ мыхьэнэуэ ″*щ*″ *макъ*ыр къызэрыхъуа *мыхьэнэ*м теухуауэ лъытапхъэщ; ауэ ″*щхьэц щын*″ыр *бзэ лэжьэк*Iэу иужькIэ ″щ″ым къытехъукIауэ лъытапхъэщ.<br>″Щ″ кIуэтэгъуэу (э) щыIэ бэгъуэныгъэрэ кIуэтэгъуэ зэрылъытапхъэ глаголщ ″щэн″ри, ар бэзэр Iуэхугъуэм теухуауэ бзэм щызекIуэу зэрыщIидзари иужьыIуэкIэщ. |
| Дын<br>Дэн | Лъэщрэ быдагъэм теухуауэ *быдэ щIын Iуэху*гъуэу е икIи лъэщыгъэр хэтыныгъэкIэ къызэрыхъум теухуауэ хэтынрэ *дэтын*ыр зи лъабжьэу *дэтпхъэ щIын* Iуэхугъуэу лъытапхъэщ ″*дын*″рэ ″дыуэ щытын″ зи мыхьэнэ ″*дэн*″ри, мыхьэнэ лъабжьэм пыщIауэ бзэ лэжьэкIэм къигъэщIа ″глагол″хэу лъытапхъэщ.<br>*Хэтын*ыгъэри *зэгъусэн*ыгъэ мыхьэнэм къытехъукIыпхъэу, *игъусэн хуеи*ри ″*дэн*″ глаголу ухуагъэнщ. |

| | |
|---|---|
| Хьын | Къурмакъейм къызхигъэIукI ″хь″ макъкIэрэ зигъэлъагъуэу зэрыщытым зэрезэгъкIэ ″хьэ″уэ зызлъыта псалъэущхьэм (хьэ/цIыху) иужькIэ игъэзэщIэф хъуа ″хьэлъэ″зехьэ Iуэхугъуэхэри езым (хьэ) хуэIуауэ зэрилъытарагъэнщ ″хьын″ глаголыр: «″хьэн → ″хьэ-ы-н″ → хьын″»; - иужькIэ ″цIыху″у зилъытэжа нэужьи, езым хуэIуауэ илъытэ Iуэхугъуэри ″цIыхун″у зэрилъытам хуэдэу!<br>Е, ″хьэ″уэ зылъыта псэущхьэм (хьэ/цIыху) игъэзащIэ гугъуехьыгъуэу игъэзащIэ Iуэху гуэрхэри къыхэIукI макъми къызэригъэлъагъуэу –етIуанэ лъэбакъуэ- ″хьын″ глаголу илъытагъэнщщ. |
| Гъын | ″Гъ″ макъыр хъупхъэу ″гъэ″уэ мыхьэнэ зиIэрщи, ар зэрех щIыкIэр зэрылъытэу бзэ лэжьэкIэм ″гъэ-ы-н″уэ къигъэхъуауэ лъытапхъэ глаголщ ″гъын″ыр. |

| | |
|---|---|
| Фын | Зи лъэм лырэ фэ зыгъуэтауэ зэрыхъун хъуам мы и щӀыкӀэр зэрыкӀуэдыр бзэ лэжьэкӀэм "фэ-ы-н"уэ зэрилъытэу ухуа глаголу лъытапхъэщ "фын"ыр. - Псэ зыӀут щыӀэгъуэ зиӀэм и къарурэ лъэкӀыныгъэр (ф) зэреужьыхыжу зэрызэхэуэжыр зэрылъытэ глаголу лъытапхъэщ "фын"ыр. |

*

- Мы къыхэдгъэщахэм щхьэщыкӀыныгъэ зиӀэу лъытапхъэщ мы къыпытщэнури, абыхэм къыхэщхьэхукӀауэ мыбдежым щхьэхуэу къапытщэныр игъуэу лъытапхъэнщ. Зэрыгурыӏуэгъуэу, макъ щэхухэри я мыхьэнэхэм елъытауэ занщӀэу глаголу зэрыухуэ "макъ глагол"хэращ мы таблицэм къыщыгъэлъэгъуахэр; ауэ, глагол къэхъуныгъэм теухуауэ ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, *дэтхэнэ* гурыр зылъытэ *дэтхэнэ зы псалъэр* -цӀэ лӀэужьыгъуэр- а гуэрыр *езырауэ зэрыщыт*ыр *зылъытэ*у *глагол*уи зэрыухуэфынур гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ, "глагол"у лэжьэныр зыхуэигъуэ мыпхуэдэ цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэри *нэхъыбэу "плъыфэц*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ псалъэхэрауэ зэрыщытри жытӀагъащи, нытӀэ, мы таблицэм къыщыгъэлъэгъуа "*макъ глагол"хэм щыщу мы зи гугъу тщ*Ӏы *къэхъук*Ӏэ *зи*Ӏэ*уи* зэры*лъытапхъ*эу яхэтым мыбдежым гулъытэ хуэтщӀынщ.

- ИкӀи, гурыӏуэгъуэщ *глаголхэм къатехъук*Ӏ *ц*Ӏэ *л*Ӏ*эужьыгъуэ псалъ*эхэр зэрыщыӀэри, *ц*Ӏэ *л*Ӏ*эужьыгъуэ псалъэхэми къатехъук*Ӏ *глагол*хэри щыӀэнщ. НытӀэ, япэрауэ, "*макъ глагол"хэм къатехъук*Ӏ*а ц*Ӏэ *л*Ӏ*эужьыгъуэ псалъ*эхэм теухуа щапхъэ гуэрхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «шэн → "шэ-ы" → шы»; «вэн → "вэ-ы" → вы». Мыбы къыкӀэлъыкӀуэуи, мы ипэкӀэ къэта "макъ глагол"хэм щыщу цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъ псалъэ"м къытехъукӀа щапхъэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «фӀы → фӀын».

- Аращи, "фӀын, -икӀи фӀэн-" глаголыр "фӀ" макъыр и мыхьэнэкӀэрэ занщӀэу глаголу ухуауэ къыщӀэкӀынкъыми, ар япэу зы *ц*Ӏэ *л*Ӏ*эужьыгъуэ "макъ псалъэ"*у -"*ф*Ӏ*ы*"уэ- ухуарэ, иужькӀэ "*инфинитив*" формэм иувэу "*макъ глагол"уи лъыта*уэ жыӀэпхъэнщ. НытӀэ, ипэкӀи зэрыжытӀауэ, *глагол къызытехъук*Ӏ *ц*Ӏэ *л*Ӏ*эужьыгъуэ псалъ*эри *-нэхъыбэу* плъыфэ зылъытэ "*плъыфэц*Ӏэ" псалъэхэрщи-, мыбыхэм къатехъукӀ *глагол*хэм я *мыхьэнэрэ лэжьэк*Ӏэхэри мы *къызытехъук*Ӏ*а псалъэм -плъыфэц*Ӏэм- илъытэр *–плъыфэр- и*Ӏ*эу зэрщыт*рэ *зэригъуэт*ым теухуауэ зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ.

## **"Глагол"у щымытми, "инфинитив формэ" зиӀэу зэпкъырыувэ цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъ псалъэ"хэми яхэплъэгъуэ.**

ИпэкӀэ "макъ Ӏуэр"хэм дежи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щӀыкӀэу, "*макъ щэху" гуэрхэми* "*инфинитив формэ*"у ухуэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ "*макъ*

*псалъэ*"хэр къазэрытехъукӀыфынур гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ псалъэхэм щхьэхуэу мы илъабжьэм я гугъу щытщӀынщ.

ИпэкӀэ "макъ Ӏуэр"хэм дежи къызэрыхэдгъэщауэ, "*глагол*"хэм хуэдэу "*инфинитив формэ*" зиӀэу ухуа *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ *псалъ*эм мы и зэпкъырыувэкӀэри а псалъэкӀэ лъытауэ щытыр *къызэрыхъу щӀыкӀэм* - "*глагол*"у- *теухуа*уэ щыту *-е и* "*объект*"у щыту- зэры*лъытапхъ*эри гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, мыпхуэдэ псалъэхэм я нэхъыбэм мы я *къэхъук*Ӏэр зытеухуарэ зэлъыта "*глагол*"ыр *бзэм хэмыт*у *е хэмытуж*у зэрыщытри наӀуэщ. НытӀэ, мы къыхэдгъэщахэм зэрелъытауэ, мы *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува *псалъ*эхэм *къэхъук*Ӏэ *зэмыл*Ӏ*эужьыгъуэ*у зэреджапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мы илъабжьэм мыпхуэдэу зэмылӀэужьыгъуэ еджапхъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы псалъэми къызэрыхэкӀкӀэ, мы зи гугъу тщӀы "*макъ псалъэ*"хэр *ухуагъэххэ* зы "*макъ глагол*" *мыхьэнэм теухуа*уэ е глаголыр *зытелэжьыхь*рэ гъэзэщӀапхъэу -"*глагол объект*"у- щытыр зэрылъытэу къызэрыхъуфынур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, ухуагъэххэ зы "*макъ глагол*"ым *хуэдэу ухуами*, абы ("*макъ глагол*"ым) *хуэмыдэ мыхьэнэ зи*Ӏэ "*макъ псалъэ*"у зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Мыбыи къыщымынэу, "*макъ глагол*"*у мыухуа –*ипэкӀэ къэта таблицэм хэмыт- зы *макъыр* "*инфинитив формэ*" зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ зы "*макъ псалъэ*"уи *утыку къызэрихьэ*фынур гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы зи гугъу тщӀахэмрэ нэгъуэщӀ детал гуэрхэри къызыхэщу щыт "*инфинитив формэ*" зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"хэмрэ, абыхэм тежыӀыхьыпхъэхэри мы ипэкӀэ и гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэрэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэу мы илъабжьэм къыщытӀуэтэнщ.

*

Япэрауи, ипэкӀэ къэта таблицэм хиубыдэ "*макъ глагол*"хэм *хуэдэ*у ухуа цӀэ лӀэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"хэм я гугъу тщӀынщ. ИкӀи, мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм -тедал гуэрхэм теухуауэ- *гупит*Ӏу зэщхьэщыкӀыу къэдгъэлъэгъуэнщ. Аращи, мы илъабжьэм *ипэ иту* къэта *гуп*ым хиубыдэ щапхъитӀыр зыхуэдэ "*макъ глагол*"*ыр зытелэжьыхь*у -"*объект*"у- гъэзэщӀапхъэр зэрылъытэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"хэрщ; мыбыхэм *къыкӀэлъыкӀуэ гуп*ым хиубыдэ щапхъитӀри зыхуэдэ ухуэкӀэ зиӀэ "*макъ глагол*" *мыхьэнэм къытехъук*Ӏ*а*ми, и зэпкъырыувэкӀэр

зыхуэдэ *"макъ глагол"*ым и *"объект"*у *мылъытапхъэ* мыхьэнэ зиӀэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэу *"инфинитив формэ"*у зэпкъырыува *"макъ псалъэ"*хэрщ:

| **Инф. формэ макъ псалъэ** | **"Макъ глагол"у ухуа макъхэм теухуа "инфинитив формэ" зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ "макъ псалъэ"хэм теухуауэ** |
|---|---|
| Дын | "Дын" *глаголыр зытелэжьыхь* Ӏуэхугъуэу -*"объект"*у-*дыпхъэ*хэр *зэрылъытэ ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ*"инфинитив формэ"*у зэпкъырыува *"макъ псалъэ"*рщ. |
| Тын | *Зыт*ым а *къыпкъырык*Ӏыр -*ятыр*- зэрылъытэрэ *"тын"* глаголыр зытелэжьыхьу -*"объект"*у- *тыпхъ*эу щытыр зэрылъытэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэу *"инфинитив формэ"*у зэпкъырыува *"макъ псалъэ"*рщ. |
| Хъун | ЦӀыхум *игъэхъу* Ӏэщым *ишх*ыу ар *зэры"хъун"*ум -*"хъун" глаголкӀэрэ*- *къыщхьэпэ удзып*Ӏэхэр *зэрылъытэ ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэу, зэрыщхьэпэ щӀыкӀэм -"хъун" глаголым- хуэдэу *"инфинитив формэ"*у зэпкъырыува зиӀэ *"макъ псалъэ"*рщ. |
| ЩӀэн | *"ЩӀын"*рэ "щӀын"кӀэри къэхъу *"щӀэн" глаголым къигъэщ*Ӏрэ икӀи ар зэрыгъэзэщӀэф *лъэк*Ӏыныгъэу, къэзыгъэщӀрэ зыхуэщхьэпэж мы глаголым хуэдэуи *"инфинитив формэ"*у зэпкъырыувэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ *"макъ псалъэ"*рщ. |

*

Мы къэта щапхъэхэм нэмыщӀ, ипэкӀэ и гугъу тщӀагъауэ, *"макъ глагол"у ухуахэм* –таблицэм "макъ глагол"у хиубыдэхэм- *хуэдэу "инфинитив формэ"*у зэпкъырыува *щхьэ*, зыхуэдэ ухуэкӀэ зыхуиӀэ а "макъ глагол"ым *мыхьэнэк*Ӏэ *щхьэщык*Ӏыныгъэ зыхуиӀэжу *"инфинитив формэ"*у зэпкъырыува *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ *"макъ псалъэ"*хэрщи, мыпхуэдэхэр *"макъ глагол"у ухуа "макъ"ым и нэгъуэщ*Ӏ *мыхьэнэ*м къигъэщӀа *"макъ псалъэ"* лӀэужьыгъуэрщ.

Мыбы щхьэусыгъуэрэ лъабжьэ хуэхъури макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхькӀэрэ зэрылажьэу щыт мыхьэнэм пэгъунэгъу мыхьэнэщӀэ къызэрытехъукӀыу а макъыр "мыхьэнэбэ" зэрыхъурэ зы "мыхьэнэ марж" –"мыхьэнэ банд"- игъуэту зэрыщытым теухуащи, нытӀэ, зэхуэдэ макъкӀэрэ ухуа "макъ глагол"хэми мыхьэнэбэ зэраӀэфынур гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, мыбдежым зи гугъу тщӀыр "инфинитив формэ"у зэпкъырыува цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъ псалъэ"хэращи, ар таблицэм къыщыгъэлъэгъуа "макъ глагол"ым хуэдэу ухуами –макъ мыхьэнэбэм ипкъ зэриткӀэ-мыхьэнэкӀэ щхьэщыкӀ "макъ глагол"кӀэрэ къызэрыхъуфынур гурыӀуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ къэхъуауэ лъытапхъэ мы щапхъэр къызэрыхъуа щӀыкӀэри къыхэдгъэщу къыпытщэнщ:

| **Инф. формэ макъ псалъэ** | **Ухуагъэххэ "макъ глагол" мыхьэнэм хуэмыдэ мыхьэнэкӀэрэ "инфинитив формэ"у ухуа "макъ псалъэ"хэм теухуауэ** |
|---|---|
| КӀэн | "КӀы"уэ щытын "кӀэн"ракъыми, ухыпӀэу "кӀэ" къалэн гъэзэщӀэн –"*кӀэ хъун, кӀэ щӀын, кӀэ зэпыщӀэн*"- мыхьэнэ зиӀэ "*кӀэн*" *глаголкӀэрэ гъэзащӀэр* зэрылъытэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува *цӀэ* лӀэужьыгъуэ зы "*макъ псалъэ*"рщ; - зы ӀэпкълъэпкъыцӀэрщ. |
| Щэн | ЩыӀэм и пӀэр зэхъуэкӀыныгъэу лъытаращ таблицэм хиубыдэ "щэн" глаголри, мыбдежым къытпэщыт мы "*инфинитив формэ*" зиӀэ *цӀэ лӀэужьыгъуэ* "*щэн*" псалъэр зи "щыӀэкӀэрэ щӀыкӀэр игъуэ хуэкӀуэныгъэ"р зэрылъытэ "*макъ псалъэ*"рщ. |
| Шын | Таблицэм къыщыта "шын" глагол мыхьэнэм ещхьу къикӀыныгъэ лӀэужьыгъуэр зэрылъытауэ "инфинитив формэ"у зэпкъырыува "макъ псалъэ"рщ "шын"ри, псэущхьэм и фэ лъабжьэм щӀищӀауэ къиӀыпхъэ фэбжь ткӀуаткӀуэ лӀэужьыгъуэр зэрылъыта "цӀэ"рщ. |
| Сын | Таблицэм къыщыта "сын" глаголым къытемыхъукӀа цӀэ лӀэужьыгъуэрщ мыбдежым зи гугъу тщӀы "сын" псалъэри, ар "*с*" *макъ* мыхьэнэ маржым *и зы мыхьэнэ пыухытыкӀар* "*глаголыпхъэ*"*у* зэрылъытэрэ "игъуэ макъ" къызэрищтэу *ухуа* "*нэсын, лъэӀэсын*" хуэдэ *мыхьэнэ зи*Ӏэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува зы "*макъ псалъэ*"у лъытапхъэщ. |
| ПӀэн | Таблицэм къыщыта "пӀэн" (пӀыуэ щытын) глаголым къытемыхъукӀа мы *цӀ*э лӀэужьыгъуэ "*пӀэн*" *псалъэр* дэтхэнэ гуэрыр зэры*пӀым лъабжьэрэ* "*пӀэ*" *хъун (пӀэн) глагол* щӀыкӀэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува "*макъ псалъэ*"рщ. |

*

"Инфинитив формэ"у зэпкъырыувэ цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъ псалъэ"хэм я къэхъукӀэрэ еджэкӀэхэм теухуа ещанэ лъэбакъуэу, "*макъ глагол*"*у мыухуа* –"макъ глагол"хэм теухуа таблиэцэм химыубыдэ- "*макъ*"*ыр* "*инфинитив формэ*"у *цӀ*э лӀэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"у зэрыухуэращ мыбдежым зи гугъу щытщӀынури, мыпхуэдэ "макъ псалъэ"хэм я мыхьэнэхэр "*макъ глагол*"*у мыухуа*рэ "*макъ*"ым и *мыхьэнэ марж*ым *щыщу* "*глаголыпхъэ*"у –игъуэ макъкӀэрэ "глагол"у ухуэну- щыт *и зы мыхьэнэ*рауэ лъытапхъэщ; – е, *и мыхьэнэр* "*макъ глагол*"*у* бзэм щыухуауэ щытами, *нобэ бзэм щыземыкӀуэж*ырщ.

Мыпхуэдэу лъытапхъэ щапхъэхэрщ мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуа "*инфинитив формэ*" *цӀ*э лӀэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"хэр:

| **Инф. формэ макъ псалъэ** | **"Макъ глагол"у мыухуа "макъ"хэр "инфинитив формэ"у зэрыухуа "макъ псалъэ"хэм теухуауэ** |
|---|---|
| Хъуэн | "Хъу"р "хъу"гъэщи, зэрыхъу лъагъуэрэ зэры"*хъу"агъэххэм текIуэтык*Iыу (э) къэхъур (хъуэн) зэхъуэкIынығъэ лIэужьыгъуэу *мыхъуныгъэ*у лъытапхъэнщи, мыпхуэдэу зэрылъытапхъэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува "*макъ псалъэ*"рщ "*хъуэн*" жыхуэтIэ мыхъу-мыщIэ псалъэхэр. |
| Гын | Къызэрыхъуа щIыкIэрэ "гь(:дж)" макъ ипэ къихуэу *джыпхъэ* зэрылъытэ "г" макъ мыхьэнэр "*инфинитив формэ*"у ухуа *ц*Iэ лIэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"щ "гын"ри, ар занщIэу "макъ глагол"у мыухуами, "*глаголыпхъэ"у* зэрылъытэу "бэ" къыпыхьэу къытехъукIа "*бэгын*" псалъэм и *глаголыпкъ*ым ("..гын") "гын" псалъэр къызытехъукIа "*г*" *макъ мыхьэн*эри гурыIуэгъуэ къытхуещIыр. |
| Гуэн | Зыгуэрхэр –пп: гуэдз- зыдакIуэтэр зэрылъытэу "*инфинитив формэ*"у ухуа *ц*Iэ лIэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"рщ "гуэн"ри, ар бзэм занщIэу "макъ глагол"у хэмытми, "*глаголыпхъэ*"у къыпыхьэ макъхэмкIэ ухуэ глагол (игуэн, хэгуэн) "*глаголыпкъ*"ым ("..гуэн") игъэзащIэмкIэ мы "гуэн" псалъэ мыхьэнэри гурыIуэгъуэщ. |
| Бын | "*Б*" *макъ мыхьэнэк*Iэрэ -зэрелъытаужьыныгъэ"у- *гъэзащ*I*эр* зэрылъытэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува *ц*Iэ лIэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"рщ "бын"ыр; - "*пIын*" глаголыр *зыхуэлажь*эрэ *зытелэжьыхь*ращ "бын"ыр. |
| Бэн | "*Б*" *макъ мыхьэнэ* -зэрелъытаужьыныгъэ" кIуэтэгъуэ (э) зиIэу дэтхэнэ лъэныкъуэмкIи *ужьыгъуэбэ*у къэ*хъур* зэрылъытэ "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува *ц*Iэ лIэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"рщ "бэн"ыр. |

## "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭМРЭ, АХЭР Я МЫХЬЭНЭКIЭРЭ ЗАНЩIЭУ "МАКЪ ЗЭГУЭТ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

**Я мыхьэнэхэм зэрелъытакIэрэ "макъ зэгуэт"хэм "глагол" къазэрытехъукIыпхъэхэм теухуауэ.**

ИпэкIэ "макъ щэху"хэм "глагол" къазэрытехъукIыпхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мы щагъуазэ дызыхуэхъуа макъхэм я зэгухьэныгъэу къэхъуа макъ лIэужьыгъуэхэрщ мыбдежым зи гугъу тщIыну "макъ зэгуэт"хэр. НытIэ, "*макъ щэху*"хэм ягъэзэщIапхъэ "*глагол*" *къалэн*хэм *елъыта*уэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ мыбдежым "*макъ зэгуэт*"хэм къатехъукIыпхъэ "*глагол*"хэр. ИкIи, "*глагол*" *къалэн* зыгъэзащIэр *кIэух*

*макъ*рауэ зэрыщытым папщӀи, "*глагол*" къызытехъукӀыпхъэ "*макъ зэгуэт*"хэр нэхъыбэуи и *кӀэух макъ*ым зэрелъытари жыӀэпхъэнщ.

Мыбдежым зи гугъу тщӀыр япэрауэ "макъ зэгуэт"хэм "макъ зэгуэт глагол" къазэрытехъукӀыпхъэращ. Ауэ гурыӀуэгъуэщ я мыхьэнэрэ къалэнкӀэ "макъ зэгуэт"хэр зыхиубыдэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрелъытари, нытӀэ, *глагол къытехъукӀын потенциал зи*Ӏэ *мы* "*макъ зэгуэт*"хэр зы*хиубыдэ макъхэм* "*макъ глагол*" *къазэрытехъук*Ӏыпхъэ *потанциал зэра*Ӏэм зэр*елъыта*ри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, мыбдежым "макъ зэгуэт"хэм "глагол" къазэрытехъукӀыпхъэ потенциалым и гугъу щӀытщӀым деж, мы "макъ зэгуэт"хэм нэгъуэщӀ макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэу "глаголыщӀэ"хэр къызытехъукӀыфынум гулъытэ зэрыхуэтӀынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мыбдежым мы къыхэдгъэщахэр иужьрей лэжьыгъэ Ӏыхьэхэми къызэрытпыщӀэхуэфынури гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ, мыбдежым "макъ зэгуэт" жыхуэтӀэхэр утыку къызэрихьэм теухуауэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, бзэ лэжьэкӀэм къыпыщӀэхуэу *илъытэн хуей*хэр зэрилъытэну "*щхьэж макъ*"хэр *хуримыкъу*у, ахэр *я мыхьэнэк*Ӏэрэ *зэрызэгугъэхьэ*у къызэригъэщӀа *псалъэхэм хиубыдэу утыку къихьа*уэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ "*макъ зэгуэт*"хэр. Аращи, ахэр "*макъ псалъэ*"рэ "*макъ глагол*" лӀэужьыгъуэу утыку къигъэгъэхэу, е "*макъыбэ псалъэ*"рэ "*макъыбэ глагол*"*хэм хиубыдэ* "*макъ зэгухьэныгъэ*"хэу бзэ лэжьэкӀэу утыку къызэрихьахэр гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, мы утыку къызэрихьа щӀыкӀэу *бзэм хроникэ хэхъухьу зэрыхэлэжьыхь*ым нэмщӀ псалъэрэ глагол къызытемыхъукӀыпхъэм нэмыщӀ, утыку къихьагъэххэ "макъ зэгуэт"хэр *бзэ лэжьэк*Ӏ*эр хуэныкъуэ щыхуэхъу*м дежи, зэрызэпкъырылъ и *макъ мыхьэнэхэм елъытауэ нэгъуэщ*Ӏ *псалъ*эрэ *глагол*хэр *къызытехъук*Ӏыпхъэу зэрыщытрэ икӀи бзэм къигъэщӀ *псалъ*эрэ *глагол*хэми *зэрыхиубыдэф*ынур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, утыку къызэрихьа псалъэрэ глагол щӀыкӀэу бзэм *хроникэ хэхъухьа*рэ *нэгъуэщ*Ӏ псалъэрэ *глагол къызытемыхъук*Ӏрэхэм икӀи *химыубыд*эхэр зэрыщыӀэм нэмыщӀ, утыку къызэрихьа щӀыкӀэр дауи щырет, "*макъ зэгуэт*"хэм я *нэхъыбэм иужьк*Ӏэ бзэ лэжьэкӀэм *псэлъэщ*Ӏ*эрэ глаголыщ*Ӏэхэр *къызэрытехъук*Ӏари къыхэгъэщыпхъэщ. Мы зи гугъу тщӀахэрщ мы илъабжьэм "*макъ зэгуэт*"*хэм къытехъук*Ӏ*ыпхъэ* "*глагол*"хэу тлъытэнухэри, я *мыхьэн*эхэми зэры*теухуауэщ*.

Мы къыхэдгъэщахэм елъытауэщ мы илъабжьэм "*макъ зэгуэт*"хэм глагол къазэрытехъуэкIыпхъэхэри, *псалъэрэ глаголу хроникэ* зэрыхъухьа щIыкIэ *закъуэу бзэм хэлэжьыхьми*, и мыхьэнэм елъытауэ *глагол къызэрытехъукIыпхъэри къыхэдгъэщ*ынущ. Ауэ, бзэм зы *псалъэ е глагол* лIэужьыгъуэу *хроникэ* хэхъухьауэ щыт зы "*макъ зэгуэт*"ым и *мыхьэнэм* икIи зы*хиубыдэ макъ*хэм –нэхъыбэуи *кIэух макъ*хэм- я *мыхьэнэм глагол къытемыхъук*I*ыпхъ*эмэ, мыри къыхэдгъэщыныр игъуэщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэр ди гурыIуэгъуэу, къызэрыхъуа щIыкIэрэ *къызытехъук*I*а* -зыхиубыдэ- *макъ*хэм я *мыхьэнэ*хэми зэр*елъыта*кIэрэ дэтхэнэ зы "макъ зэгуэт"ым "глагол" къалэн зэригъэзэщIапхъэр къыхэдгъэщынущи, мы къыхэдгъэщхэр "макъ зэгуэт"хэр "макъ зэгуэт глагол"у зэрыухуапхъэмрэ икIи "макъыбэу зэпкъырыувэ глагол"хэми глагол къалэн зэрыхуигъэзэщIапхъэми теухуауи зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Мыхэр къызыхэдгъэщ "*макъ зэгуэт*"хэри *я къэхъуныгъэми елъыта зэк*I*элъхьэужь*ыкIэу мы илъабжьэм зэкIэщIэтхауэ къыщыдгъэлъэгъуэнщи:

| **"Макъ Зэгуэт"хэр** | **Ягъэзэщ**I**апхъэ "глагол" къалэнхэр** |
|---|---|
| ПКЪ | "ПIын"рэ "пIэ"уэ бзэм хэлэжьыхь "пI" макъыр "ы"ншэу къызэрыIуу "къ" макъым пыщIарэ зэришэ мы "макъ зэгуэт"ыр щыIэгъуэ зиIэр щыпIрэ (пIэ) щыух (къ) зыхэзыубыдэ "макъ псалъэ"у къэхъуауэ жыIэпхъэщ. "Пкъ"ым мы и мыхьэнэкIэ щыIэгъуэ зиIэр зэрыхъун хъуауэ мы зэрылъытэу зэрыщытым нэмыщI, кIэух "къ"ыр мыхъуныгъэрэ кIуэдыпIэу зэрыщытым папщIи, мы "макъ зэгуэт"ым игъуэу "глагол" къалэн игъэзэщIэн хуэдэу лъытапхъэкъым. |
| ТКI | "ТI, кI" макъ зэгухьэныгъэщи, "тI"ыгъэу хищIэ щIыкIэ зэрылъытэу ухуа глагол къыызытехъукIыпхъэщ. |
| ПКI | "ПI"рэ -"пIы"рэ "пIэ-ы" эффектыр "кI" макъкIэ зэрылажьэу ипIэм икIыныгъэ зэрылъытэ глаголу ухуапхъэрщ. |
| ТКIУ | "ТI"ырэ "кIу" (кIуэ-ы) макъ зэгухьэныгъэу, *т*Iыгъуэ къызыхуэкIуэр зыхуэкIуапхъэ -тIатIэ хъуным зэрыхуэ*кIуэ*- зэрылъытэ глагол къызытехъукIыпхъэрщ. |
| ЩХЬЭ | *Ц*Iэ лIэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"у мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ "глагол" къалэн игъэзэщIапхъэкъым; ауэ, бзэ лэжьэкIэм иужьыIуэкIэу къыщIэкIынщи, "*щхьэ*"*м* езым *хуэхьын* мыхьэнэ зиIэу "*ещхьэ-ы-н*" глагол зэрыухуэри гурыIуэгъуэщ. |
| ТХЬЭ | *Ц*Iэ лIэужьыгъуэ "*макъ зэгуэт псалъэ*"у мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ "глагол" къалэн игъэзэщIапхъэкъым. |

| | |
|---|---|
| ЩХЪ | *Щы*Iэрэ щыIэкIэр (щ) *лъабжьэрыхъу*рэ лъабжьэрыщI (хъ) зэрыхъум теухуа глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ЩХЪУ | *Щы*Iэрэ щIыкIэм (щ) теухуауэ *хъугъэрэ зэхъуэкIынгъэ* (хъу, хъуэ) зэрылъытэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэщ. |
| ТХЪ | *Щхьэщык*I*ыныгъэ* (т) *къару*кIэрэ *лъабжьэ*м (хъ) теухуауэ *къэхъу*рэ *гъэзащ*Iэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ПХЪ | Ипэ (п) лъэныкъуэм лъабжьэрыкIуэрэ лъабжьэрыщI (хъ) лIэужьыгъуэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ТХЪУ | ЩхьэщыкIыныгъэ (т) лIэужьыгъуэ къэхъуныгъэрэ (хъу) лъабжьэм теужьыкI (хъ-у) лIэужьыгъуэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ПХЪУ | *Ипэ*м теухуарэ хуэгъэзауэ (п) *къэхъу*рэ гъэзащIэр зэрылъытэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ШХ | *Щы*I*эм къыхэхъук*Iыу (ш) *е*хыныгъэу (х) къэхъурэ гъэзащIэ глагол къалэн зыгъэзащIэрщ. |
| ШХУ | *Щы*I*эм къыхэхъук*Iырэ (ш) *ху(жь) е хун* (ху) лIэужьыгъуэ зэрылъытэ "макъ зэгуэт"у глаголи къытехъукIыпхъэнуми, мы и мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэ *шэхэк*I лIэужьыгъуэ зы *шхын*ыгъуэр зэрылъытэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. |
| ТХ | *Щхьэщык*Iыныгъэ (т) *къарук*I*э лъабжьэ* (х) *зыгъуэт*ыныгъэрэ хуэкIуэныгъэу глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ТХУ | *Щхьэщык*I*ыныгъэ* (т) къарукIэрэ *зек*I*уэрэ зэрыху*р (ху) зэрылъытэ *"макъ зэгуэт псалъэ"*у къэхъуарэ бзэми *"бжыгъэц*I*э"у хроникэ* хэхъухьащи, фIырыфIкIэ глагол къалэн зымыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ЛЪХУ | *"Лъы"*рэ *"лъэ"* зэры*"ху"н* лIэужьыгъуэу щхьэжу зы *лъэ утыку къихьэн*ыгъэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ПХ | Ипэрэ *тенгенс*кIэрэ (п) *лъабжьэрыхэ* (х) лIэужьыгъуэу къэхъурэ гъэзащIэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| БГЪ | *Елъытэужьыгъуэ*у (б) гъэзэщIапхъэрэ (*гъэ*) мыгъэзэщIэж (*гъ*) лIэужьыгъуэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| БГЪУ | *Елъытэужьыгъуэ*у (б) *"гъу, гъуэ"* лIэужьыгъуэу къэхъурэ гъэзащIэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| БГ | *Елъытэужьыгъуэ*у (б) *джыпэ* (г) -джын ипэ- зэрылъытэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| БДЗ | *Елъытэужьыгъуэ*у (б) къыхэ*"дз"*ыкI гуэрхэр зэрылъытэу бзэм хэлэжьыхьырщи, мыпхуэдэ глагол къалэни зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| БЖЬ | *Елъытэужьыгъуэ*у (б) *увы*I*эгъуэ зимы*Iэу *хьэрычэт* зиIэ (жь) лэжьэкIэхэр зэрылъытэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| БЖ | *Елъытэужьыгъуэ*у (б) *генератикэ зэпыщ*Iэныгъэ (ж) зиIэ мы "макъ зэгуэт"ыр мы и мыхьэнэм теухуа глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| БЗ | *Елъытэужьыгъуэ*м (б) *езы*р (з) зэрылъытапхъэрщи, мыпхуэдэхэр зэрылъытэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |
| ПЩ | Ипэрэ и *тенгенск*Iэрэ (п) *щы*Iэгъуэ зэры*лъытэ* мыхьэнэ зиIэрщи, мыпхуэдэу къекIуэкI Iуэхугъуэхэр зэрылъытэ глагол къалэн зыгъэзэщIапхъэрщ. |

| | |
|---|---|
| ПЩӀ | Ипэрэ *тенгенск*Ӏэрэ (п) ″*щ*Ӏ*ы, щ*Ӏ*ын*″ лӀэужьыгъуэ глагол къалэн зыгъэзэщӀапхъэрщ. |
| ПШ | Ипэрэ *тенгенск*Ӏэрэ (п) *щы*Ӏ*эм къыщ*Ӏ*эхъуэ* зэрылъытэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэ глагол къалэни зыгъэзэщӀапхъэрщ |
| ПС | Ипэрэ *тенгенс* (п) лӀэужьыгъуэу *сы*гъуэрэ лъэӀэсыныгъэ (с) зэрылъытэ ″макъ зэгуэт псалъэ″хэу бзэм хэлэжьыхьырщи, мыпхуэдэ зэмылӀэужьыгъуэ глагол къалэни зыгъэзэщӀапхъэрщ |
| ПЛЪ | *Ипэрэ тенгенс*у (п) ″*лъэ*″ унэтӀыгъэ зэрылъытэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэ глагол къалэни зыгъэзэщӀапхъэщ. |
| БЛ | *Елъытэужьыгъуэ* (б) *лыгъ*эрэ *лэжь*экӀэ зиӀэ зэрылъытэущ бзэм зэрыхэлэжьыри, мыпхуэдэ глагол къалэни игъэзэщӀапхъэщ. |
| ПЛӀ | ″*П*Ӏ″рэ ″*п*Ӏэ″ зыгъуэтарэ *зэрыхъун хуеип*Ӏэр (лӀ) зэрылъытэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэхэри зэрылъытэ глагол къалэн зыгъэзэщӀапхъэрщ. |
| ЩТ | *Щы*Ӏэгъуэрэ *щы*Ӏэк*Ӏ*э *щхьэщык*Ӏыныгъэ къызэрыхъу зылъытэрщи, мыпхуэдэхэр зэрылъытэ глагол къалэни зыгъэзэщӀапхъэрщ. |
| ПЩТ | ″*Щт*″ макъ зэгуэтым къытехъукӀыпхъэрщи, ″щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэ щхьэщыкӀыныгъэ″м (щт) ″*ипэрэ тенгенс*″ (п) хуэхъур (пщт) зэрылъытапхъэрщ; мыпхуэдэ глагол къалэни зыгъэзэщӀапхъэрщ. |
| ФТ | И *фэм щхьэщык*Ӏ лӀэужьыгъуэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэхэм теухуа глагол къалэни зыгъэзэщӀапхъэрщ. |
| ПЦӀ | ″*П*Ӏ*ы*″ырэ ″*п*Ӏэ″ *зыгъуэт мыхъуныгъэ* (цӀ) зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэр зэрылъытэ глагол къалэни зыгъэзэщӀапхъэрщ. |

**″Глагол″ къызытехъукӀыпхъэ ″макъ зэгуэт″хэм занщӀэу къатехъукӀ ″макъ зэгуэт глагол″хэр.**

Псэлъэбзэ пэщӀэдзэу лъытапхъэ макъыбзэр макъхэр псалъэ лӀэужьыгъуэу зэрызекӀуэу къызэрыщӀидзар гурыӀуэгъуэнщи, бзэр зэрылэжьэнурэ къызэрыӀуэтэну псалъэхэм хуэныкъуэ зэрыхъуми щхьэж макъхэр игъэбэгъуэну зэрыхущӀэкъуам нэмыщӀ, икӀи ахэр ″у″кӀэрэ къызэрыӀу щӀыкӀэхэр къигъэщӀыну зэрыхущӀэкъуари гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ макъхэмкӀэ бзэр гъэнщӀа нэужьи, макъхэр зэрызэгухьэу мыхьэнэщӀэхэр къызэригъэхъукӀэрэ утыку къыригъэхьэ псэлъэщӀэхэр зэрихьэу зэрыщӀидзэнури гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щӀыкӀэхэмкӀэрэу лъытапхъэщ ″макъ щэху зэгуэт″хэр къэхъун хуей щӀэхъуагъэнури, бзэр псэлъэщӀэ къэгъэхъун зэрыхущӀэкъум теухуауэ жыӀэпхъэщ. Аращи, бзэм къиӀуэтэн зыхуэныкъуэхэр къызэриӀуатэ щӀыкӀэу ″макъ щэху″ гуэрхэр зэрызэгухьэкӀэрэ ″макъ зэгуэт псалъэ″ лӀэужьыгъуэхэр утыку къызэрихьарагъэнщ нобэ дэ ″макъ зэгуэт″у тлъытэхэм я нэхъыбэр

къызэрыхъуа щӀыкӀэхэр. КӀуэ пэтрэи, макъ зы бжанэкӀэ ухуа псалъэ лӀэужьыгъуэхэми игъуэ макъхэр щызэгухьэу аргуэру ″макъ зэгуэт″ гуэрхэри къэхъуагъэнщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, ипэкӀэ щхьэж ″макъ щэху″хэм я къэхъупӀэрэ къэхъукӀэм теухуарэ икӀи бзэ лэжьэкӀэми щыбагъуэ я мыхьэнэхэмрэ, абыхэм ″глагол″ къазэрытехъукӀыпхъэхэми теухуауэ консидерацэхэр къыщедгъэкӀуэкӀащ. Мыбдежми зи гугъу тӀщынухэр ″макъ зэгуэт″хэращи, нытӀэ, мыхэр ″макъ щэху″ гуэрхэр зэрызэгухьэу утыку къызэрихьахэм папщӀэ, ″макъ щэху″хэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щӀыкӀэр мы зи гугъу тщӀыну ″макъ зэгуэт″хэм теухуауи зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщи, ″макъ зэгуэт″хэм теухуауэ аргуэру апхуэдэ консидерацэхэр мыбдежми щхьэхуэу къегъэкӀуэкӀын хуэныкъуэжу лъытапхъэкъым. Ауэ, ″макъ зэгуэт″хэр занщӀэу ″глагол″у зэрыухуэм теухуауэ мы илъабжьэм къыщедгъэкӀуэкӀыну лэжьыгъэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэми игъуэ щыхъухэр къызэрыхэдгъэщынури гурыӏуэгъуэнщ.

Дауи, зэгухьэу къызытехъукӀа макъхэм я мыхьэнэ зэхэдзэу утыку къихьа мыхьэнэ зиӀэхэу лъытапхъэщ ″макъ зэгуэт″хэми, мы я мыхьэнэхэри ″макъ зэгуэт″ым зыхиубыдэ макъхэм я мыхьэнэхэм зэрелъытарэ икӀи дэтхэнэ зым къызэрыщхьэщыкӀынури гурыӏуэгъуэнщ. ″Макъ зэгуэт″хэмрэ ягъуэт мыхьэнэхэм япэрей ди лэжьыгъэхэми я гугъу щытӀщагъащи, мыбдежми ″глагол″ къалэным теухуауэ игъуэ зэрыхъукӀэ аргуэру я гугъу щытщӀынщ.

НытӀэ, ″макъ щэху″хэм теухуауэ ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэр ди гурыӏуэгъуэу, мыбдежым ″*макъ зэгуэт*″у *занщӀэу* ″*глагол*″у ухуэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьу, ятежыӏыхьыпхъэхэри къыщыпытщэжынщщ. ИкӀи, ″макъ щэху″хэр зэгухьэу ухуэ зы ″*макъ зэгуэт*″ым и *кӀэух макъ*ращ а ″*макъ зэгуэт*″ыр *зезышэу глагол къалэн* зыгъэзащӀэри, мыбдежым ди ӏуэхур ″*глагол*″рэ ари *псалъэ кӀэух*ыу зэрыщытым зэрезэгъкӀэ, ″ы″ншэу ипэ къихуэу къыпыщӀа макъыр зезышэ *кӀэух макъым теухуа*уэщ ″макъ зэгуэт″хэм теухуа ″глагол″хэми я *зэкӀэлъхьэужьык*Ӏэнур. Аращи, я *кӀэух* ″*макъ щэху*″хэм -я *къэхъук*Ӏэ *зэкӀэлъхьэужьык*Ӏэм- елъыта *зэкӀэлъхьэужьыкӀэу* къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ ″*макъ зэгуэт*″хэмрэ къатехъукӀ ″*макъ зэгуэт глагол*″хэр мы *таблицэ*м:

| **Макъ зэгуэтхэр** | **КӀэух макъхэр оригиналу (ы) къызэрыӏуу ухуэ** | **КӀэух макъхэр ″э″кӀэ къызэрыӏуу ухуэ** |
|---|---|---|

| | ″макъ зэгуэт глагол″хэр | ″макъ зэгуэт глагол″хэр |
|---|---|---|
| ПКЪ | - | - |
| ТКӀ | - | - |
| ПКӀ | ПкӀын | ПкӀэн |
| ТКӀУ | ТкӀун | ТкӀуэн |
| ЩХЬЭ | - | - |
| ТХЬЭ | - | - |
| ЩХЪ | Щхъын | Щхъэн |
| ЩХЪУ | Щхъун | Щхъуэн |
| ТХЪ | Тхъын | Тхъэн |
| ПХЪ | Пхъын | Пхъэн |
| ТХЪУ | Тхъун | Тхъуэн |
| ПХЪУ | - | Пхъуэн |
| ШХ | Шхын | Шхэн |
| ШХУ | - | - |
| ТХ | Тхын | Тхэн |
| ТХУ | - | - |
| ЛЪХУ | Лъхун | Лъхуэн |
| ПХ | Пхын | Пхэн |
| БГЪ | - | - |
| БГЪУ | - | - |
| БГ | - | Бгэн |
| БДЗ | - | - |
| БЖЬ | - | - |
| БЖ | Бжын | Бжэн |
| БЗ | Бзын | Бзэн |
| ПЩ | Пщын | Пщэн |
| ПЩӀ | ПщӀын | ПщӀэн |
| ПШ | - | - |
| ПС | - | - |
| ПЛЪ | Плъын | Плъэн |
| БЛ | - | Блэн |
| ПЛӀ | - | - |
| ЩТ | - Щтын | - Щтэн |
| ПЩТ | - Пщтын | - |
| ФТ | - | - |
| ПЦӀ | - | - |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ИпэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, ″макъ зэгуэт″ псоми ″макъ зэгуэт глагол″ къатехъукӀкъым; ауэ, ″*макъ зэгуэт глагол*″ гуэрхэми *мыхьэнит*Ӏ-*щык*Ӏэ зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| «щхъуэн; тхъэн; тхъун, тхъуэн; пщын; плъэн; щтэн». |

- ИкӀи, ″ы″рэ ″э″ къэӀукӀэ зиӀэу ухуа ″макъ зэгуэт глагол″ гуэрхэр мыхьэнэкӀэ зэщхьэщыкӀми, ″*э″кӀэ къэӀуу* ухуа ″*макъ зэгуэт глагол*″ гуэрхэр ″*ы″кӀэ къызэрыӀу* ″*макъ зэгуэт глагол*″ мыхьэнэр –е и мыхьэнэ гуэрыр-*гъэзащӀэу* зэрыщытрэ *зэрызекӀуэр* зэрылъытэ *варианту* щытхэрщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр:

«пкӀын → пкӀэн»; «ткӀун → ткӀуэн»; «щхъын → щхъэн»; «шхъун → щхъуэн»; «тхъын → тхъэн»; «пхъын → пхъэн»; «тхъун → тхъуэн»; «шхын → шхэн»; «тхын → тхэн»; «лъхун → лъхуэн»; «пхын → пхэн»; «бжын → бжэн»; «бзын → бзэн»; «пщын → пщэн»; «пщӀын → пщӀэн»; «плъын → плъэн».

- Мыбыхэм нэмыщӀ, къэта ″*макъ зэгуэт глагол*″хэм щыщ *гуэрхэр* адрейхэм елъытауэ –икӀи и къэӀукӀэ вариантым елъытауэ- *бзэм куэдыщэу щыземыкӀуэу* зэрыщытри гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр:

«ткӀуэн; щхъын, щхъэн; щхъун, щхъуэн; ″тхъын″ мыхьэнэгъуу зэрыщыткӀэ ″тхъэн″; ″пхъын″ мыхьэнэгъуу ″пхъэн″; пхэн; пщэн; ″плъын″ мыхьэнэгъуу ″плъэн″».

- Макъ зэгуэтхэр щхьэж макъхэм елъытауэ иужькӀэ къызэрыхъуа гурыӀуэгъуэщи, мы ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуахэм хуэдэу щхьэжу ″макъ зэгуэт глагол″рэ псалъэу мыухуэми, бзэ лэжьэкӀэм макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэу къигъэхъу псалъэрэ глагол гуэрхэм ″макъ зэгуэт″ гуэрхэр зэрыхэплъэгъуэфынур гурыӀуэгъуэнщ.

- ИпэкӀэ ягъэзэщӀапхъэ глагол къалэнхэм дежи гулъытэ хуэтщӀагъащ ″щт″ырэ ″пщт″ макъ зэгуэтхэм я зэхущытыкӀэрэ зэпыщӀэныгъэми, абыхэм къатехъукӀ ″*щтын*″рэ ″*пщтын*″ глаголхэм я мыхьэнэми мыбдежым аргуэру я гугъу щытщӀынщ. Аращи, мыхьэнэкӀэ зэхуэпхэндж дыдэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ мы глаголхэр; ауэ, ″*п*″ *макъ закъуэкӀэ зэщхьэщык*Ӏыу ухуа глаголхэу зэрыщытри нэрылъагъущ: ″щтын″ым ″п″ къызэрыпыхьэу ухуа глаголырщ ″пщтын″ри, мыхьэнэкӀэ ″п″ыкӀэ зэпыщӀарэ зэщхьэщыкӀыуи зэрыщытхэр гурыӀуэгъуэщ. Мы зэрыжытӀауэ, мы глаголитӀыр зэпкъырыувэкӀкӀэ мы зэрызэпэгъунэгъурэ зэрызэщхьэщыкӀыр икӀи ахэр я мыхьэнэкӀи зэпэгъунэгъурэ зэщхьэщыкӀыу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщи, *зыр зым нэс*ыныгъэрэ теӀэбапӀэу *тенгенс зыхуа*Ӏэу, *зэпэгъун*эрэ *зэгъунапкъэгъуу* зэрыщытхэри гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, мы глаголитӀым щыщу япэ ухуауэ лъытапхъэри ″щтын″рауэ зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщи, абы ″п″ыкӀэрэ елъытауэщ ″пщтын″ри утыку къызэрихьар. Ар щыхъукӀи, *щыӀэгъуэу ипэ* къихуэрэ лъытар ″*щтын*″ыгъэ зиӀэрауэ щытрэ, абы ″п″ыкӀэрэ елъытауэ лъытарэ утыку къихьари ″*пщтын*″ыгъэрауэ жыӀэпхъэщ. Мы глаголитӀыр зэхуэпхъэндж мыхьэнэ зиӀэу энергие лӀэужьыгъуэу щыт хуэбагъэм и къуэпитӀыр зылъытэхэрщ; ауэ, хуэбагъэу а нэхъ зэхуэпэжыжьэрэ зэхуэпхэнджыгъэуи щыт мы хуэбагъэ къуэпитӀыр икӀи ″п″ыкӀэрэ тенгенсыгъэ зэрызыхуаӀэу зэрыщытри зылъытэрщ ″щтын″рэ ″пщтын″ глаголхэм. Аращи, дэтхэнэ зы щыӀэр щы″щт″ымрэ щы″пщт″ыр ″п″ макъ мыхьэнэ закъуэкӀэрэщ зэрызэщхьэщыкӀри,

зэтеӀэбапӀэу зэгъунэгъубзэхэрщ. Ар щыхъукӀи, дэтхэнэ зы щыӀэр *а нэхъ "щӀыӀэ" щыхъу*мрэ –ар щы*щт*ымрэ- *а нэхъ "хуабэ" щыхъу*р –ар щы*пщт*ыр- зэпыщӀащи, дэтхэнэ зым и *гъунэр адрейм "п"*ыкӀэрэ пыщӀауэ *зэпэгъунэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, зым *–а нэхъ щӀыӀэгъуэм- ухэкӀмэ* адрейращ *–а нэхъ хуэбагъэм-узыхэхь*энур наӀуэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, *а нэхъ щӀыӀэгъуэр щыух*ыр *а нэхъ хуэбагъ*эр къы*щыщӀидз*эрщ. Ар щыхъукӀи, а нэхъ щӀыӀэгъуэрэ (щтын) а нэхъ хуэбагъэр (пщтын) энергиеу зэхуэпхэнджрэ а нэхъ зэхуэпэжыжьэу тлъытэрэ къытщыхъуми, -адрей щӀыӀэгъуэрэ хуэбагъэхэм елъытауэ- а нэхъ щӀыӀэгъуэрэ а нэхъ хуэбагъэр зэпэгъунэгъуэ зыхуиӀэхэрщи, *"хуэбагъэ"* жыхуэтӀэ *энергие*м мы и зэхуэпхэндж *и къуэпт*Ӏыр *"п"ык*Ӏэрэ *тенгенс*ыгъэ зыхуаӀэу зэпыщӀащ: а нэхъ щӀыӀэгъуэрэ а нэхъ хуэбагъэр мы зэрызэпыщӀауэ, *энергие*у *"хуэбагъэ"* жыхуэтӀэр зы *хъуреигъэ*рщ. НытӀэ, *"хъу"*уэ щытым и *формэр "хъурей"*уэ зылъытэ адыгэбзэм *хуэбагъ*эри –и *нэхъ хуабэ дыд*эмрэ и *нэхъ щӀыӀэ дыд*эр зэпэгъурэ зэпыщӀэныгъэ зыхуаӀэу- *"хъурей"*уэ къекӀуэкӀрэ щыту зэрилъытэри мы глаголитӀым (щтын - пщтын) гурыӀуэгъуэ къытхуащӀыр.

## "Глагол"у щымытми, "инфинитив формэ" зиӀэу зэпкъырыувэ цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэми яхэплъэгъуэ.

Мы таблицэм къыщыгъэлъэгъуа "макъ зэгуэт глагол"хэм хуэдэ зэпкъырыувэкӀэ зиӀэу е "макъ зэгуэт глагол"у мыухуа "макъ зэгуэт"хэми къатехъукӀ цӀэ лӀэужьыгъуэу "инфинитив формэ" зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэри щыӀэщи, - мыпхуэдэ псалъэ къэхъукӀэм теухуауэ ипэкӀэ къэтӀуэтахэр зэрыгурыӀуэгъуэу-, мыхэр я къэхъукӀэкӀэ гупитӀыу зэщхьэщыгъэкӀыпхъэ мы "макъ зэгуэт псалъэ" щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Инф. формэ макъ зэгуэт псалъэхэр** | **"Макъ зэгуэт глагол"у ухуахэм теухуа "инфинитив формэ" зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэм теухуауэ** |
|---|---|
| Шхын | Таблицэм къыщыта *"шхын" глагол*ыр зытелэжьыхь *"объект"*ыр зэрылъытэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэу *"инфинитив формэ"*у зэпкъырыува *"макъ псалъэ"*рщ. |
| Бжэн | *"Бжын"* глаголыр зытелэжьыхь -*"объект"*-, ябж зэпытрэ ябжу щытыр -*"бжэн" глагол*ыр зытеухуауэ- зэрылъытэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэу *"инфинитив формэ"* зэпкъырыувэкӀэ зиӀэу ухуа зы *"макъ псалъэ"*рщ. - Мыпхуэдэу лъытар зы Ӏэ*щ лъэпкъ*ыу зэрыщытми дигу къигъэкӀыр Адыгэм Ӏэ*щ бжын* Ӏуэхугъуэр *мы псэущхьэ лъэпкъым теухуа*рэ ар Ӏэ*щ*у *зэрихуэ*у щыщӀидза *нэужь*ым *къиублагъэ*ну аращ: и бжыгъэр куэду зэрыщытым папщӀэ *бжын хуей*рэ *бжыпхъэ*у, *бжэн* |

| | |
|---|---|
| | *лӀэужьыгъуэ*у зэрыщыткӀэ "бжэн"у илъытагъэнщ. |

| **Инф. формэ макъ зэгуэт псалъэхэр** | **"Макъ зэгуэт глагол"у мыухуа "макъ зэгуэт"ыр "инфинитив формэ"у "макъ зэгуэт псалъэ"у зэрыухуэр** |
|---|---|
| Бжьын | "Бжь" макъ зэгуэт мыхьэнэр зырылажьэу лъыта зы къэкӀыгъэм и *цӀэу* "*инфинитив формэ*" зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ "*макъ зэгуэт псалъэ*"рщи, мы "макъ зэгуэт"ыр икӀи "*глаголыпхъэ*"у макъ гуэрхэмкӀэ "*глагол*"и къызытехъукӀырщ. |
| Блын | "*Бл*" *макъ зэгуэт мыхьэн*эр зыгуэрыр *зэрыхъун хъуарэ зэпэщ*у щытыр зэрылъытэрщи, мыпхуэдэу *зэпэщрэ быдэу ухуа* Ӏэщ*Ӏ*агъэр зэрылъытэ *цӀ*э лӀэужьыгъуэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува "*макъ псалъэ*"рщ. |

## "МАКЪ ГЛАГОЛ"У МЫУХУА -"ГЛАГОЛЫПХЪЭ"УИ МЫЛЪЫТЭУ "ГЛАГОЛ" КЪАЛЭНИ ЗЫМЫГЪЭЗЭЩӀАПХЪЭ- "МАКЪ ЩЭХУ"РЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ

ИпэкӀэ "макъ Ӏуэр" лӀэужьыгъуэу занщӀэу глаголу ухуэхуэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къазэрыхуэтхьам нэмыщӀ, икӀи глагол къызытемыхъукӀыну "макъ Ӏуэр"хэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Ауэ, "макъ щэху, макъ зэгуэт"хэм ягъэзэщӀапхъэ глагол къалэнхэмрэ икӀи занщӀэу "макъ глагол"у зэрыухуэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьа щхьэ, "глагол" къалэн зымыгъэзэщӀэнухэмрэ занщӀэу "глагол"уи мыухуэну "макъ щэху"хэмрэ "макъ зэгуэт"хэр щхьэхуэ щхьэхуэу къыхэдгъэщакъым. НытӀэ, "макъ щэху"рэ "макъ зэгуэт"хэм занщӀэу "макъ глагол" къазэрытехъукӀым теухуауэ мы къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм и ухыпӀэу мыбдежым мы макъхэм щыщу "глагол" къалэн зымыгъэзэщӀапхъэхэри къыщыхэдгъэщынщ. ИкӀи, "глагол" къалэн зымыгъэзэщӀапхъэр глаголыпхъэуи зэрымылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщи, зыхэзыубыдэ "макъыбэ глагол"хэми "глагол" къалэн зэрыхуамыгъэзэщӀапхъэри зэрыжыӀэпхъэу, мы илъабжьэм къыщедгъэкӀуэкӀыну лэжьыгъэм теухуауи къыхэгъэщын хуейуэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, "макъ глагол" лӀэужьыгъуэу мыухуэрэ икӀи "глаголыпхъэ"уи мылъытапхъэ "макъ щэху"рэ "макъ зэгуэт"хэращ мыбдежым зи гугъу тщӀыхэри, мыхэр мы зи гугъу тщӀы къалэнхэр зэрамыгъэзащӀэри –я макъ

мыхьэнэ лъабжьэкӀэ- къыхэдгъэщу зы таблицэм хиубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| ″Глагол″у мыухуэ макъхэр | ″Глагол″у щӀэмыуххуэм лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъуу лъытапхъэхэм теухуауэ |
|---|---|
| Ц | Адрей макъхэм и пхэндж къэӀукӀэ зиӀэу щытауэ лъытапхъэ ″цӀ″ макъыр бзэм адрей макъхэм хуэдэу къэӀуу хэлэжьыхь хъуа нэужь, абы и мыхьэнэм егъэщхьыныгъэкӀэ зы ″макъ псалъэ″ (цы) лӀэужьыгъуэу къэхъаурэ икӀи мыпхуэ мыхьэнэ игъэзащӀэу бзэм макъ лӀэужьыгъуэуи хэлэжьыхь хъуауэ лъытапхъэщи, глагол къалэн игъэзэщӀэн игъуэр къэмысауэ е имыгъэзэщӀапхъэуи лъытапхъэнщ. |
| ПКЪ<br>-----------------------<br>ТХЬЭ<br>-----------------------<br>ТХУ<br>-----------------------<br>БДЗ<br>----------------------<br>ПШ<br>----------------------<br>ПЛӀ | Зэхэлъыныгъэрэ зэпкъырылъыныгъэу ″корпус″ зылъытэрщи, мыпухэдэр ухуэн нэхърэ ар езыр зылъытэ мыхьэнэ зиӀэрщи, ар утыку къызэрихьэри нэгъуэщӀ макъхэмкӀэкӀэрэщ (зэпкъырылъын, зэпкъырыувэн, къыпкъырыкӀын).<br>-------------------------------------------------------------------------<br>Бзэм щхьэжу ″макъ зэгуэт псалъэ″ лӀэужьыгъуэу къыщыхъуауэ лъытапхъэщ мы зи гугъу тщӀыри, мы къызэрыхъуа мыхьэнэкӀэ бзэм хэлэжьыхьрэ нэгъуэщӀ псалъэхэри къызытехъукӀырщ; ауэ, и мыхьэнэм елъытащи ″глагол″у мыухуэрщ.<br>- Ауэ, ″гъуэ/гъу″м къэрууфӀэу къикӀыу (т) зы зэманыгъуэрэ гъуэгуанэкӀэ (..хь) лажьэу зэрыщыткӀэ (..хьэ) щхьэжу ухуа зы глаголщ ″гъутхьэн″ри, ар ″тхьэ″ макъ зэгуэт псалъэм къызэрытемыхъукӀари гурыӀуэгъуэнщ.<br>-------------------------------------------------------------------------<br>Бзэм щхьэжу зы ″макъ зэгуэт псалъэ″у къыщыхъуарэ – бжэн Ӏуэхугъуэ къыщыунэхуми зы ″бжыгъэцӀэ″у лъытауэ-щызекӀуэрщи, мы хроникэ зэрыхъуам ипкъ зэриткӀи ″глагол″уи мыухуауэ лъытапхъэщ.<br>--------------------------------------------------------------------------<br>Макъ зэгуэту мы къызэрыхъуа мыхьэнэм теухуа цӀэ лӀэужьыгъуэ ″макъ зэгуэт псалъэ″рщи, мы и мыхьэнэм елъытауэ нэгъуэщӀ псалъэхэри къызтехъукӀырщ; ауэ, бзэм ″глагол″ къалэн хэзымыгъэзэщӀыхьырщ.<br>-------------------------------------------------------------------------<br>И мыхьэнэм елъытауэ бзэ лэжьэкӀэм ″глагол″ зэрыхъун игъуэ хунэмысауэ жыӀэпхъэщ.<br>--------------------------------------------------------------------------<br>И мыхьэнэм елъытауэ ″глагол″ щӀэмыхъуар мыгурыӀуэгъуащэу лъытапхъэщ; икӀи, и мыхьэнэр нэгъуэщӀ макъкӀэрэ гъэзащӀэущ глаголхэми зэрыхэт щӀыкӀэр. Зэрыхъун хъуарэ зи пӀэ зыгъуэтауэ лъытапхъэ и |

| | |
|---|---|
| | мыхьэнэкӀэрэ илъытапхъэ зы бжыгъэ зылъытэу бзэм - бжыгъэцӀэу- "плӀы"р хэлэжьыхьу зэрыхэтри гурыӀуэгъуэщ. |

## МАКЪ ЗЫ БЖАНЭ (МАКЪЫБЭ) ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ "ГЛАГОЛ"ХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭМ ТЕУХУАУЭ

### МАКЪ ЗЫ БЖАНЭ ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ ГЛАГОЛХЭМРЭ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэ пычыгъуэ лӀэужьыгъуэу "*макъ глагол*"*хэм* теухуауэ къыдгурыӀуахэр *макъыбэ* зыхиубыдэ ухуэну мы зи гугъу тщӀыну *глагол*хэри къызэрыхъурэ икӀи *зэрыухуэ*м *лъабжьэ* язэрыхуэхъупхъэр гурыӀуэгъуэнщи, мыбы теухуауэ мыбдежым псэлъитӀ-щы къыщыпытщэныр игъуэщ.

Аращи, мы псэлъащхьэм щӀэдджыкӀыну щытхэр *макъ гуп* зыхэзыубыдэу *макъыб*эу ухуа *глагол*хэрщи, ипэкӀи къызэрыхэдгъэщарэ икӀи *адыгэбз*эм и *псалъэ ухуэк*Ӏэрэ *хиубыдэ макъхэм зыхуа*Ӏэ *зэлъытэныгъ*эми ипкъ зэриткӀэ, *псалъ*эхэм я *кӀэух*ыр а *псалъэр зезыш*эу а псалъэм *глагол къалэн хуэзыгъэзащ*Ӏэрщ.

НытӀэ, *макъыб*эу ухуа *глагол*хэри –ахэр псалъэ лӀэужьыгъуэхэу зэрыщыткӀэ- *зезыш*эу зыдэкӀуапӀэм зышэр *я кӀэух мак*ърауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщи, *глагол* лӀэужьыгъуэ псалъэхэм я *глаголыж*хэри я *кӀэух мак*ъхэращ. ИкӀи, ипэкӀэ дэтхэнэ макъ лӀэужьыгъуэми -"*макъ Ӏуэр, макъ щэху, макъ щэху зэгуэт*"- *ягъэзащ*Ӏэ *глагол къалэн*хэм щыгъуазэ дыхухъуагъащи, нытӀэ, ахэр *макъыб*эу ухуа *глагол*хэм *кӀэух* ящыхуэхъум деж, *глаголым хуагъэзэщ*Ӏ*эну глагол къалэн*хэри -*макъэм ягъэзащ*Ӏэ *глагол къалэн*хэу- ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа щӀыкӀэущ.

КӀэух макъхэм ягъэзащӀэ къалэнхэр гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ, *глагол къалэн зымыгъэзэщ*Ӏ*эну макъхэр*и *глаголхэм кӀэух* язэры*хуэмыхъ*унури гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ икӀии, глагол къалэн зымыгъэзащӀэ "макъ щэху"рэ "макъ зэгуэт"хэри –мыпхуэдэ къалэн щӀамыгъэзащӀэри къыщыхэгъэщауэ- мы ипэкӀэ къэта иужьрей таблицэм къыщыгъэлъэгъуагъэххэщ; "макъ Ӏуэр"хэм теухуауэ мыпхуэдэ къалэнхэр зымыгъэзащӀэхэри ипэкӀэ къыщыхэгъэщауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

*

Мыбдежым *"макъ глагол" нэужьу "макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол"*хэр утыку къызэрихьэращ зи гугъу тщӀынури, япэрауи мыпхуэдхэм пэщӀэдзэ хуэхъуауэ лъытапхъэхэм я гугъу тщӀынщ. НытӀэ, "макъ глагол"у мыухуарэ *"глаголыпхъэ"*у лъыта *макъ*ым -е "макъ глагол"у ухуами, мыхьэнэбэ мы макъым и зы мыхьэнэ пыухытыкӀам- *зы макъ* гуэр *къыпыхьэу макъитӀ зыхэзыубыдэ*у ухуэ *"глагол"*хэм я гугъу щытщӀынущ. Arащи, мыбдежым зи гугъу тщӀыну *"макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"*хэр *"макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол"* - "макъыбэу ухуэ глагол"- *къэхъуныгъэ пэщӀэдзэ*у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ, япэрауэ мыпхуэдэ глаголхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэм я гугъу щӀынри игъуэщ.

Мы зэрыжытӀауэ, мыбдежым зи гугъу тщӀыр *"макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол"* лӀэужьыгъуэхэр япэу къызэрыхъуам теухуащи, мыпхуэдэ "глагол" лӀэужьыгъуэри утыку къызэрихьа щӀыкӀэр зы *макъ*ымрэ и *мыхьэнэ* гуэрхэр *занщӀэу "макъ глагол"у мыухуа*рэ *"глаголыпхъэ"у* зэрылъытэу *къапыхьэ зы макъ гуэрымкӀи "макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"*у зэрыухуэращ. Arащи, *макъыбэ*у зы *глагол лӀэужьыгъуэ къызэрыхъу щыпэ*у мы зи гугъу тщӀыр *зы макъыр занщӀэу "глагол"*у зэрыухуэм къыкӀэлъыкӀуэу *макъитӀкӀэ "глагол"* зэрыухуэ щӀыкӀэм теухуащ.

"Макъ глагол" нэужьу мыпхуэдэу утыку къихьэ глаголхэми макъищрэ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глаголхэр къызэрыкӀэлъыкӀуэнури гурыӀуэгъуэнщи, "макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол" лӀэужьыгъуэхэр я бжыгъэкӀэ "макъ глагол"хэм икӀи "макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"хэм елъытауэ куэдыщэ зэрыхъуфынури гурыӀуэгъуэнщ.

Мыбыхэм аргуэру пыщапхъэмэ, ипэкӀи зэрыжытӀауэ, псэлъэбзэ пэщӀэдзэр макъыбзэу зэрыщытрэ макъыбзэ пэщӀэдзэри "макъ псалъэ" лӀэужьыгъуэхэмкӀэ зэрызекӀуэр гурыӀуэгъуэнщи, "макъ псалъэ" нэужьрэ макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэу ухуа псалъэ пэщӀэдзэри макъитӀ зыхэзыубыдэ псалъэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Псалъэ лӀэужьыгъуэ глаголхэм я къэхъуныгъэри мыпхуэдэу зэрызекӀуэнур гурыӀуэгъуэнщи, глаголхэри япэрауэ "макъ глагол"у, макъ глаголу мыухуа макъхэри "глаголыпхъэ"у зэрылъытэкӀэрэ ищхьэм къыпыхьэ зы макъкӀэрэ макъитӀ зыхэзыубыдэ "глагол"хэр утыку къызэрихьэу, глаголыпхъэхэм зы макъ нэхъыбэ къызырыпыхьэу "макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол"хэри утыку къихьэу зэрызекӀуэнур гурыӀуэгъуэнщ.

ИкIи, мы зэрыжытIа щIыкIэхэм хуэдэу ухуагъэххэ глаголхэми ищхьэрэ икIэм нэгъуэщI макъхэр къызэращтэу макъ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глаголхэр утыку къызэрихьэнури гурыIуэгъуэнщ.

*

ЗанщIэу "*макъ глагол*"*у мыухуа макъ*ыр –е, мы макъым бзэ лэжьэкIэм щигъуэта и зы мыхьэнэр- *потенциалу глагол* хъуфыну щытмэ - "*глаголыпхъэ*"у щытмэ-, абы *и мыхьэнэм елъытауэ игъуэ* зы *макъ* къызэрыпыхьэкIэрэ зы "*глагол*" *зэрыухуэ*фынур щыжытIэм деж, "*глаголыпхъэ*"у лъыта *макъымрэ* абы *къыпыхьэ макъым зэдаухуэ*у япэрауэ "*макъитI зыхэзыубыдэ глагол*" зэрыухуэращ зи гугъу тщIыри, мыпхуэдэу ухуэ глаголхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэми мыбдежым я гугъу щытщIынщ.

Япэрауэ, мы зэрыжытIа щIыкIэу утыку къихьа глаголыр къызытехъукIауэ "*глаголыпхъэ*"у лъытауэ щыта *макъыр* мы "*макъитI зыхэзыубыдэ глагол*"ым и "*глаголыпкъ*"у щытмэ (мы *глаголыр зэрылажьэ* Iыхьэу щытмэ), "глаголыпхъэ"у лъытауэ щыта макъым *къыпыхьэ*у зи гугъу тщIа *макъри* мы "*макъитI зыхэзыубыдэ глагол*"ым и "*префикс*"ырщ. Мыпхуэдэ щIыкIэу утыку къихьа глаголри зы "*префиксиал глагол*"ырщи, мыр икIи "*префиксиал глагол*" *къэхъуныгъэ пэщIэдзэ*рщ.

Аргуэру жыIэпхъэмэ, бзэ лэжьэкIэми зэрыхэплъэгъуэну щIыкIэу "*префикс*" жыхуэтIэр нэхъыбэу *ухуагъэххэ* "*глагол*"хэм къапыхьэу ахэр *зэрылэжьэну щIыкIэр зэлъыта* макърэ псалъэхэрщи, мыбдежым "*префикс*" *зиIэу* –и лэжьэкIэр зы кондицэм елъытауэ- *утыку къихьэ* "*глагол*"хэрщ зи гугъу тщIыри, нытIэ, "*префиксиал глагол*" къэхъуныгъэр "*макъ глагол*" *нэужьу* –"*глагол*" *къэхъуныгъэм* теухуа *етIуанэ лъэбакъуэу*- зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, "*глаголыпхъэ*"у лъыта *макъым и лэжьэкIэр зэлъыта*уэ къыпыхьэ *макъкIэрэ* утыку къихьэр зы "*префиксиал глагол*"щи, мыри "*префиксиал глагол*" *пэщIэдзэ*рэ лъабжьэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

"Префикс" жыхуэтIэр "глаголыпкъ"ыр зэрылэжьэну "кондицэ"ращи, нытIэ, "префиксиал глагол" пэщIэдзэ жыхуэтIэри "глаголыпхъэ"у лъыта макъыр зэрылэжьэфыну "кондицэ" къалэн зыгъэзэщIэну мыхьэнэ зиIэ зы макъыр къыпыхьэу утыку къихьэ "глагол" лIэужьыгъуэрщ. Аращи, "глаголыпхъэ"у лъыта макъым ищхьэм "кондицэ" къалэн зыгъэзащIэ зы макъ къызэрыпыхьэу -"префикс"кIэрэ лэжьэну- "глагол" утыку

къызэрихьэращ мы зи гугъу тщIыри, мы глаголым –"префиксиал глагол"ым (кондициал глагол)- и "префикс"ыр -"глаголыпхъэ"у лъыта макъым- къыпыхьэ макърауэ зэрыщытрэ, мы "префиксиал глагол"ым и "глаголыпкъ"ри "глаголыпхъэ"у щыта макърауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Ауэ, мыпхуэдэу утыку къихьа глагол псори "префиксиал глагол"у зэрыщымытыр гурыIуэгъуэнщи, "*глаголыпхъэ*"у лъыта *макъымрэ* –е, и зы мыхьэнэмрэ- *къыпыхьэ* зы игъуэ *макъым зэдаухуэ*у -макъитI зыхиубыдэу- утыку къихьа "глагол"ыр -"*префиксиал глагол"у щымытмэ*- "макъ глагол"ым хуэдэу *занщIэу лэжьэф "глагол"* *лIэужьыгъуэ*рщи, мыри *макъитIкIэ ухуа* зы "*занщIэ глагол*" лIэужьыгъуэрщ. Мыпхуэдэ *глагол*хэр зыхиубыдэ макъхэмкIэрэ -дэтхэнэ зы *кондицэм* пымыщIарэ *емылъыта*уэ- а зэрыщыту занщIэ *лэжьэк*Iэ *зи*Iэрщи, мыбдежым зи гугъу тщIы "*макъитI зыхэзыубыдэ глагол*"ыр зы "*занщIэ глагол*" лIэужьыгъуэу щытмэ, ар икIи *макъитI зыхэзыубыдэ "глаголыпкъ*"уи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. – Ауэ, "префикс" зимыIэ глаголыр "глаголыпкъ"у лъытэн зэрыхуэмыныкъуэнури гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, "глаголыпхъэ"у лъыта макъыр лэжьэн папщIэ, -фIэкIыпIэ имыIэу- "кондицэ" зэрыхуэмыныкъуэр мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къытхуащIри, зэхуэдэу зэдэлэжьэфыну макъитIым зэдаухуэ "занщIэ глагол"хэр утыку къызэрихьэфынури гурыIуэгъуэщ. Ащащи, зы макъыр занщIэу глаголу зэрыхуэ "макъ глагол" нэужьу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ макъитIыр занщIэу зэдэлэжьэфу утыку къихьэ мы "глагол" -"занщIэ глагол"- лIэужьыгъуэри, мыри макъитIым нэхъыбэр занщIэу зэдэлажьэу утыку къихьэну "занщIэ глагол" лIэужьыгъуэхэу -"макъыбэ зыхэзыбыдэ занщIэ глагол"хэм- я пэщIэдзэрщ.

*

ИпэкIэ макъхэр "макъ глагол"у зэрыухуэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуар гурыIуэгъуэщи, мыбдежми "*макъ глагол"у мыухуа макъхэм* -е нэхъ игъуэу "макъ глагол"у мыухуа "*макъ мыхьэнэ"хэм- ищхьэм къыпыхьэ макъ гуэрхэмк*Iэрэ "*глагол*" къазэрытехъукIращ щыгъуазэ дызыхуэхъуу щапхъэи къызыхуэтхьынухэр. Ащащи, занщIэу "*макъ глагол"у мыухуэ*у, макъ гуэрхэр къызэращтэкIэрэ макъ зы бжанэ зызэзыубыдэ "*глагол*" *къызытехъук*Iыпхъэ *макъхэр*и щыIэщи –"*макъ*

*мыхьэнэ" гуэрхэри щыӀэщи-* мыхэр мыпхуэдэу мыухуэ ипэ *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытапхъэхэри гурыӀуэгъуэщ.

Мыпхуэдэ щӀыкӀэу глагол зэмылӀэужьыгъуэ къызэрыхъум икӀэ нэгъунэ щыгъуазэ хуэхъун папщӀи, япэрауэ адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытыр дигу къэгъэкӀыжын хуейщ. Адыгэбзэр зы *макъыбзэ*у зэрыщытым къызэрыхэкӀэ, *адыгэбзэр и макъхэр игъэбэгъуэн зэрыхущӀэкъу*нум нэмыщӀ, *икӀи и макъхэм я лъэкӀыныгъэ*хэри *игъэбэгъуэн зэрыхущӀэкъу*нури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, адыгэбзэм и макъхэр мыпхуэдэу зэрыбагъуэр зы лъэныкъуэщ; ауэ, макъыбзэ лэжьэкӀэм тету зызужь адыгэбзэр икӀи и макъхэм я мыхьэнэхэри игъэбэгъуэн зэрыхущӀэкъукӀэрэ *макъ куэдым* бзэ лэжьэкӀэу *мыхьэнэщӀ*эхэр *ягъуэтыф*ри, мыбдежым зи гугъу тщӀы *"глагол" бэгъуэныгъэр къызытехъукӀ*ри мыращ. Ауэ, *макъ*хэм я *мыхьэнэ*хэр мы зэры*багъуэм лъабжьэ хуэхъури* дэтхэнэ зы *макъ*ыр утыку къызэрихьарэ *къыщыхъуам елъыта*рэ теухуауэ игъуэта *мыхьэнэ*рауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщи, мы *къызэрыхъуа мыхьэнэ лъабжьэк*Ӏэрэ *бзэм хэлэжьыхьу* щӀэзыдза макъым *игъуэ зэрыхъук*Ӏэрэ бзэ лэжьэкӀэм *мыхьэнэщ*Ӏэхэри къызэрыхищӀыкӀыущ зы *макъ*ыр *мыхьэнэбэ*у зэрылъытэр.

Аращи, "мыхьэнэ марж" зыгъуэтарэ "мыхьэнэбэ"у лъытапхъэ макъ куэд хэтщ адыгэбзэми, икӀи, мыпхуэдэ *макъхэр* мы я *мыхьэнэ гуэрхэмк*Ӏэ занщӀэу *"макъ глагол"*у зэрыухуэфри гурыӀуэгъуэщи, *зы макъ*ыр *занщӀэу зы "макъ глагол"*у *–зы мыхьэнэ зи*Ӏ*эу-* зэрыухуам къыщымынэу мыхьэнитӀ-щы зиӀэ *–мыхьэнэбэ- "макъ глагол" къаззрытехъукӀыфри гурыӀуэгъуэнщ.* НытӀэ, мыхьэнэ бжыгъэм теухуауэ зы "макъ глагол"у е "макъ глагол"итӀыу ухуами, и мыхьэнэ гуэрхэр занщӀэ "макъ глагол"у мыухуарэ "глаголыпхъэ"у зэрыщыткӀэ, къыпыхьэну макъ гуэрхэмкӀэ макъыбзэ "глагол" къызэрытехъукӀыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Мыри а *макъым и мыхьэнэбэ*м хиубыдэ *мыхьэнэ бжыгъэм*рэ икӀи мы дэтхэнэ зы *мыхьэнэм глагол къалэн зэригъэзэщ*Ӏ*эфынум* зэре*лъыта*ри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, я мыхьэнэм елъытащи, макъыу хъуам "макъ глагол" къызэрытемыхъукӀым хуэдэжу, "макъ глагол"у мыухуа дэтхэнэ зы макъыр "глаголыпхъэ"у зэрымылъытэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Дауи, занщӀэу *"макъ глагол"у мыухуа* зы макъыр и *мыхьэнэ*кӀэрэ –а мыхьэнэми елъытауэ- *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэфрэ къыпыхьэ макъ гуэрхэмкӀэ *"глагол"* къызытехъукӀыфыну зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщи,

нытӀэ, *"макъ глагол"у ухуа*рэ *мыухуа* макъхэм къапыхьэ *макъ гуэрхэм*кӀэрэ *"глагол" къазэрытехъук*Ӏыфым *илъабжьэ*ри мыращ.

Дауи, "макъ глагол"у ухуарэ мыухуами, макъхэр –"макъ мыхьэнэ"хэр- икӀи "глаголыпхъэ"у зэрылъытэу макъ гуэрхэмкӀэрэ "глагол" къытехъукӀыфу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мыри *адыгэбзэ*м и макъ гуэрхэм –е и *макъ куэд*ым- бзэ лэжьэкӀэм *"мыхьэнэбэ"*рэ зы *"макъ мыхьэнэ марж"* зэрагъуэтым теухуащ. Мыпхуэдэ *макъ*хэм щыщ *гуэрхэр "макъ глагол"*у –*"макъ глагол"*у *зы бжанэ*уи- ухуами, *макъыр "мыхьэнэбэ"*у зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, икӀи *"глаголыпхъэ"*и - *"глаголыпхъэ" зы бжани- къызытехъукӀыф*ынурэ, мыбыхэми макъ гуэрхэр къазэрыпыхьэу макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ *"глагол"*уи -*"глагол" зы бжанэ*уи- *зэрыухуэф*ынухэр гурыӀуэгъуэщ. Ар дыдэу, занщӀэу *"макъ глагол"у мыухуэ макъ гуэрхэми* я мыхьэнэр –е я мыхьэнэхэм- елъытащи, *"глаголыпхъэ"*у –е *"глаголыпхъэ" зы бжанэ*у- *зэрылъытэф*кӀэрэ, мыбыхэми къыпыхьэ макъ гуэрхэмкӀэ *"глагол"* -е *"глагол" зы бжанэ-къызэрытехъукӀыф*ынури гурыӀуэгъуэнщ.

ИпэкӀэ *макъхэм* я мыхьэнэхэм елъытауэ *ягъэзэщӀапхъэ глагол къалэн*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, макъитӀ е нэхъыбэ зыхуибыдэу ухуа *"макъыбэ глагол"*хэм *глагол къалэн къезыт мак*ъхэри дэтхэнэ зым и *кӀэух мак*ърауэ -инфинитив къалэн зыгъэзащӀэ *"н" макъым ипэ къихуэ мак*ъхэрауэ- зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, *"макъыбэ глагол"*хэм *глагол къалэн хуэзыгъэзащ*Ӏэ *мак*ъхэм ягъэзэщӀэну мы *глагол къалэнхэри* ипэкӀэ *макъхэм ягъэзэщӀапхъэ глагол къалэнхэра*уэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъкӀэ мы илъабжьэм "глаголыпхъэ"хэм "глагол" къазэрытехъукӀым теухуауэ къедгъэкӀуэкӀынущ къытпэщыт лэжьыгъэри, ипэкӀэ къэта таблицэхэм хиубыдэу *"макъ глагол"у ухуа мак*ъхэм щыщ гуэрхэр икӀи *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэкӀэрэ къапыхьэ макъ гуэрхэмкӀэрэ *"глагол"у* зэры*ухуэ*хэм нэмыщӀ, а макъым и *"мыхьэнэ марж"ым хиубыдэ мыхьэнэ гуэрхэр "глаголыпхъэ"у* зэрылъытэу, къапыхьэ макъ гуэрхэмкӀэ *"глагол"* къызытехъукӀхэми щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынущ.

*

Мы къэтӀуэтахэм нэмыщӀ, ипэкӀэ щапхъэу къэдгъэлъэгъуауэ щыта "макъ глагол"хэм цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъ псалъэ" зи лъабжьэу ухуахэр язэрыхэтыр дигу къэдгъэкӀыжынщи, цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъыбэ псалъэ"

гуэрхэри -я мыхьэнэми зэрелъытауэ- "макъыбэ глагол"у зэрыухуэфынур гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, *глаголу ухуэфыну* мы ухуагъэххэ *цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ* гуэрхэр нэхъыбэу *плъыфӀэцӀэ* лӀэужьыгъуэ псалъэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщи, абыхэм къатехъукӀ мы "глагол"хэм я мыхьэнэрэ лэжьэкӀэхэри мы къызытехъукӀа *цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэм илъытэр* зыгуэрым –"глагол *субъект"ым- къищтэ*рэ *зэригъуэт*ыр е *иӀэу зэрыщыт*ыр зылъытэущ. Псалъэм папщӀэ, зы "*плъыфэцӀэ*" лӀэужьыгъуэ псалъэр "*инфинитив"у* зэрыухуэу *глагол* щыхъум деж, а плъыфэцӀэмкӀэ лъытэ *плъыфэр къэщтэн*рэ *игъуэтын* е *иӀэххэу щытын* мыхьэнэрэ *лэжьэк*Ӏэ *зи*Ӏэ *глагол*щ утыку къихьэнур.

Дауи, мыр мы ипэкӀэ къэтӀуэта глагол къэхъуныгъэм мащӀэу щхьэщыкӀрэ псалъэр глаголу зэрыухуэ щӀыкӀэу щытми, мыпхуэдэу глагол къызытехъукӀыпхъэ *цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэри и мыхьэнэм елъытауэ* зэрыщыту *глаголыпхъ*эу лъытапхъэнщ.

*

НытӀэ, япэрауэ *макъитӀк*Ӏэ *уху*эу утыку къихьэ мы *глагол* къэхъуныгъэм теухуа лэжьыгъэр "*макъ Ӏуэр*"хэм къыщыщӀэддзэу "*макъ щэху*"рэ "*макъ зэгуэт*"хэми теухуауэ зэкӀэлъыкӀуэу едгъэкӀуэкӀынщ.

## "МАКЪИТӀ ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ ГЛАГОЛ"ХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэми зэрезэгъкӀэ, мыбдежым занщӀэу "макъ глагол"у мыухуа макъхэмрэ, "макъ глагол"у ухуами, макъыр бзэ лэжьэкӀэм мыхьэнэбэ зэрыхъуам ипкъ иткӀэ, и мыхьэнэ пыухытыкӀа гуэрхэм къыпыхьэ макъкӀэрэ ухуэ "глагол"хэм щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Мыпхуэдэ *щапхъэхэри*, япэрауэ бзэм *мыхьэнэбэ* хэхъухьа *макъхэм теухуа*уэ къэтхьынщ; мыбы къыкӀэлъыкӀуэуи, *и мыхьэнэр бзэм куэдыщэу щызэмыхъуэкӀа*рэ *мыхьэнэбэу мылъытапхъэ макъхэм теухуауэ* къэтхьынщ.

"Макъ мыхьэнэбэ" щыжытӀэм деж, зы *макъ*ыр къызэрыхъуа щӀыкӀэм теухуа и *мыхьэнэ лъабжьэм бзэм* и лэжьэкӀэм *щыхилъытэ*хэр *зэрыбагъуэ*м елъытауэ *зызэриубгъу*м теухуащи, "*макъ мыхьэнэ лъабжьэ*"р бзэ лэжьэкӀэу –бзэм елъытарэ теухуауэ- *зызэриубгъуу* зы "*мыхьэнэ марж*"у лъытапхъэ -"*мыхьэнэ банд*"- утыку къызэрихьэращ.

Мыпхуэдэ зы *"мыхьэнэ маржь"ым хиубыдэ мыхьэнэ пыухытыкӀахэр* зэрылъытапхъэрщ *"мыхьэнэбэ"* жыхуэтӀэр.

Адыгэбзэм и *макъ куэд*ыр бзэ лэжьэкӀэм *"мыхьэнэ маржь"* зыщагъуэту щытрэ *"мыхьэнэбэ"* макъхэу лъытапхъэми, *макъ псоми* – дэтхэнэ зы макъми- бзэ лэжьэкӀэу *"мыхьэнэ маржь" зэрамыгъуэт*рэ *"мыхьэнэбэ"*уи *зэрымылъыт*эри аргуэру мыбдежым дигу къыщыдгъэкӀыжынщ.

НытӀэ, мы илъабжьэм *"макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"* утыку къызэрихьэ щӀыкӀэм теухуауэ къэтхьыну щапхъэхэр япэрауэ бзэ лэжьэкӀэм *"мыхьэнэ маржь" зыгъуэт*рэ бзэ лэжьэкӀэм къызэрыхъуа мыхьэнэр щызэмыхъуэкӀыщэу *"мыхьэнэ маржь" зымыгъуэт*хэм теухуауэ *гупитӀ*ыу къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ. Мы зэрыжытӀауэ мы къытпэщыт лэжьыгъэр *япэрауэ "мыхьэнэ маржь" зи*Ӏэрэ мыхьэнэбэу щыт *макъ*хэр *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэрэ *къыпыхьэ зы макък*Ӏэрэ *"макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"* къазэрытехъукӀ *щӀык*Ӏэм щыгъуазэ дыхуэхъуу къедгъэкӀуэкӀынщи, мыбы *нэужьми "мыхьэнэ маржь" зымыгъуэт*рэ мыхьэнэбэуи мылъытапхъэ *макъ* гуэрхэм *"макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол" къазэрытехъукӀ щӀыкӀ*эхэм щыгъуазэ дыхуэхъужынщ.

**"МакъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"хэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэхэмрэ я мыхьэнэкӀи зэрызэщхьэщыкӀхэм теухуауэ.**

*Мыхьэнэ зиӀуэ утыку къихьарэ бзэ лэжьэкӀэми "макъ маржь" зыгъуэту "мыхьэнэбэ" хэхъухьауэ лъытапхъэ макъхэм "макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол" къазэрытехъукӀ щӀыкӀэхэмрэ я мыхьэнэкӀи зэрызэщхьэщыкӀхэм теухуауэ.*

Мыпхуэдэ лэжьыгъэри *япэрауэ "макъ Ӏуэр"*хэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀынщ. НытӀэ, и макъ мыхьэнэкӀэ *занщӀэуи "макъ глагол"* хэхъухьарэ икӀи *бзэ лэжьэкӀэм "мыхьэнэ маржь"* щигъуэтауэ лъытапхъэ **"Ӏу"** *макъ*ыр -и мыхьэнэ пыухытыкӀа гуэрхэр- *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэрэ къыпыхьэ *зы макък*Ӏэрэ къытехъукӀ *"глагол"*хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, "Ӏу" макъыр *"макъ Ӏуэр лъабжьэ"*у *ужьыгъуэ* зи мыхьэнэ *"у"* макъым и *лимитацэ* макъырщи, *ужьыгъуэ гъунэ*хэр зэрылъытэ макъырщ. Аращи, *"ужьыгъуэ гъунэрэ Ӏыхьэ, хэхьэпӀэ*

*хэкӀыпӀэ, гупэ, жьэ"* хуэдэхэр зэрылъытэущ "Ӏу" макъри бзэм зэрыхэлэжьыхьыр. ЦӀыхури *зэрыпӀ*рэ и *ужьыгъуэ лъэныкъуэ*у щыт и *жьэ*ри "Ӏу"уэ мэлъытэри, икӀи *цӀыху ужьыгъуэ* лӀэужьыгъуэу *макъ*рэ *псалъэ*хэр *къызэрыжьэдэк*Ӏри "Ӏу"*м и лэжьэк*Ӏэ*у* "Ӏ*ун" глагол*кӀэрэщ зэрылъытэр; мыпхуэдэу лажьэу щытыныгъэри "Ӏ*уэн" глагол*кӀэрэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, "Ӏун, Ӏуэн" глаголымрэ "псэлъэн" глаголыр мыхьэнэгъуу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, ахэр къызэрыхъуа щӀыкӀэрэ къыщыхъуа зэманыгъуэм елъытауэ зэщхьэщыкӀыуи лъытапхъэхэрщ. Аращи, иужькӀэ цӀыхум езым зэрилъытэжа щӀыкӀэу мыхьэнэкӀэ *философие категорие*у лъытапхъэу щыт "*псалъэ*"мрэ "*псэлъэн*" глаголым *ипэ*Ӏуэ -цӀыхум къызхигъэӀукӀагъа "Ӏу" макъ мыхьэнэкӀэрэ- ухуарэ бзэм хэлэжьыхьу къэгъуэгурыкӀуауэ лъытапхъэ глаголщ "Ӏ*ун,* Ӏ*уэн"*ри, мы *къызэрыхъуа*ри гурыӀуэгъуэ къызэрытхуэхъуа *щӀык*Ӏэуи "Ӏун, Ӏуэн" глаголыр *онтологие категорие* мыхьэнэ зиӀэу лъытапхъэрщ.

Мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъкӀэ, *бзэм* "Ӏ*у" мак*ъыр *зэрыхэлъэжьыхь*ыпхъэр занщӀэу *гупит*Ӏу зэщхьэщыгъэкӀыпхъэщи, мы гупитӀым зыр "Ӏ*ыхьэ, гъунэ, гупэ, хэхьэп*Ӏ*эрэ хэк*Ӏ*ып*Ӏэ*, жьэ"* зэрылъытэрэ икӀи мыпхуэдэхэми *теухуа* лэжьыгъэ лӀэужьыгъуэ "*глагол*"хэр зыхэзыубыдэу лъытапхъэщ; адрей гуприи, *цӀыхур зэрыпсал*ъэрэ бзэ лэжьэкӀэ лӀэужьыгъуэ *глагол*хэр зыхэзыубыдэу лъытапхъэщ. Аращи, "*макъ глагол*" лӀэужьыгъуэ "Ӏ*ун,* Ӏ*уэн"*ми мы зи гугъу тщӀа *гупит*Ӏым теухуа *мыхьэнэ* зэраӀэр наӀуэщ. Ауэ икӀи, мы "*макъ глагол*" мыхьэнэхэм *нэмыщ*Ӏрэ къащхьэщыкӀыу "Ӏ*у" макъым къытехъук*Ӏ*ыпхъэ макъыбэ глагол*хэри а *нэхъ мащ*Ӏ*эу гупит*Ӏу зэрызэщхьэщыкӀыпхъэнур жыӀэпхъэщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ.

НытӀэ, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "Ӏу" *мак*ъыр занщӀэу "*макъ глагол*"у (Ӏун, Ӏуэн) зэрыухуам *нэмыщ*Ӏ мыхьэнэ пыухытыкӀакӀэ "*глаголыпхъэ*"у лъытэ "Ӏ*у" макъым къыпыхьэ зы макъ*кӀэрэ къытехъукӀ "*макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол*"хэр я мыхьэнэкӀэрэ *гупит*Ӏ*рэ нэхъыбэу зэрызэщхьэщык*Ӏым теухуа глагол щапхъэхэр кэщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Мыхьэнэ гупу зэрылъытапхъэхэр** | **Оригиналу (ы) къэӀу глаголхэр** | **"Э"кӀэ къызэрыӀуу ухуэ глаголхэр** |
|---|---|---|
| "Ӏ*ыхьэ, гъунэ, гупэ,* | - иӀун, къуэӀун, хэӀун, гуэӀун, | - иӀуэн, къуэӀун, хэӀуэн, |

| | | |
|---|---|---|
| *хэхьэпӀэ - хэкӀыпӀэ*" мыхьэнэ;<br><br>------------------------ | щӀэӀун, дэӀун, фӀэӀун, пыӀун;<br><br>- уӀун;<br>---------------------------------- | гуэӀуэн, щӀэӀуэн, дэӀуэн, фӀэӀуэн, пыӀуэн;<br>- уӀуэн;<br>----------------------------------- |
| "*Макърэ псалъэ*" мыхьэнэ;<br><br>------------------------ | - дэӀун {дэщӀыгъуу (дэ) Ӏун; нэщӀ -макъыншэу- (дэ) Ӏун};<br>- щэӀун (лъабжьэрыӀун);<br>---------------------------------- | - дэӀуэн (даӀуу щытын);<br>- щэӀуэн (щэӀуу щытын);<br><br>----------------------------------- |
| *Мы гупитӀми хиубыдэ* мыхьэнэ;<br>------------------------ | - лъэӀун {пкъы (лъэ) гупэр хуэгъэзэнрэ епсэлъэн);<br>---------------------------------- | - лъэӀуэн (лъэӀуу щытын);<br><br>----------------------------------- |
| *Мы гупитӀми щхьэщык*Ӏ мыхьэнэ; | - фӀэӀун (а зэрыщытрэ зэрыхъуам текӀ, зэхъуэкӀ); | - фӀэӀуэн (фӀэӀуу щытын). |

*

"Макъ Ӏуэр" лӀэужьыгъуэу "Ӏу" макъым теухуа мы щапхъэхэм къыкӀэлъыкӀуэуи, "*макъ щэху*" гуэрхэр "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэрэ къапыхьэ зы игъуэ макъ гуэркӀэрэ къатехъукӀ глаголхэм –макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"хэм- щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Темакъым япэу къыщыхъуауэ лъытапхъэ "къ" макъым мы къыщыхъуарэ къызэрыхъуа щӀыкӀэм езэгъыу къэхъурэ пэщӀэдзэ зырылъытэрщи, абы мы и къэӀукӀэм жьэ кӀуэцӀрэ бэгукум къыщытехъукӀыжа **"кӀ"** макъри *къэхъуныгъ*эрэ *утыку къихьэныгъ*эм теухуа *мыхьэнэ* зиӀэ макъырщ. Ар занщӀэу "*макъ глагол*"у зэрыухуа "*кӀын*"ми и мыхьэнэр *къэкӀыгъ*эхэр *утыку къызэрихь*эм теухуауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. ПэщӀэдзэ макъыу къэхъупӀэрэ пэщӀэдзэ зылъытэ "къ" макъыр кӀэух макъыуи кӀуэдыпӀэ зылъытэрщи, "къ"ым жьэ кӀуэцӀым къыщытехъукӀыжауэ зи гугъу тщӀы "кӀ" макъми зы *щы*Ӏэ *гуэрым къыхэхъук*Ӏыу утыку къихьэр *икӀи к*Ӏэ *зэригъуэт*ыр зэрилъытэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, *къэхъурэ гъэзащ*Ӏэ*у утыку къихьэныгъ*эу бзэм хигъэзэщӀыхьхэм нэмыщӀ, "*к*Ӏэ *хъун – щ*Ӏ*ын, к*Ӏэ *игъуэтын, к*Ӏэ *етын*" *хуэдэ* мыхьэнэкӀэрэ "*к*Ӏ" *макъыр бзэм куэд*ыщэу зэры*хэлэжьых*ьри къыхэгъэщыпхъэщ.

Дауи, мыпхуэдэу *зэхуэпхэнджу лъытапхъэ лъэныкъуит*Ӏыр *зыхэзыубыдэ*у *убгъуа мыхьэнэ марж* зиӀэу лъытапхъэщ "*к*Ӏ" *макъ*ри, бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыхьэнэбэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мы зэрыжытӀауэ, занщӀэу "*макъ глагол*"у зэрыухуа "*к*Ӏ" *макъ мыхьэнэм нэмыщ*Ӏ *мыхьэнэ пыухытык*Ӏ*ак*Ӏэрэ бзэ лэжьэкӀэм "*к*Ӏ" *макъыр*

*"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэу *къыпыхьэ зы игъуэ макъ гуэрымк*Iэ *къытехъук*I *глагол*хэри -*"макъит*I *зыхэзыубыдэ глагол"хэу*- я мыхьэнэхэм елъытауэ мы илъабжьэ гуп гупу зэрылъытапхъэкIэрэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Мыхьэнэ гупу зэрылъытапхъэхэр** | **Оригиналу (ы) къэIу глаголхэр** | **"Э"кIэ къызэрыIуу ухуэ глаголхэр** |
|---|---|---|
| Зы *щIыпI*эм и *щIыб хъун – кIуэн;* | - икIын, IукIын, къуэкIын, хэкIын, гуэкIын, щIэкIын, дэкIын, фIэкIын, пыкIын; | - |
| ----------------------------------- | ----------------------------- | ------------------------------ |
| Зыгуэрыр зы щIыпIэм *дзын – игъэжэн;* | - | - икIэн, IукIэн, къуэкIэн, хэкIэн, гуэкIэн, щIэкIэн, дэкIэн, фIэкIэн, пыкIэн; |
| ---------------------------------- | ----------------------------- | ---------------------------- |
| *Формэ* (гъу) *етын;* | - | - гъукIэн; |
| ---------------------------------- | ----------------------------- | ---------------------------- |
| *"У"гъуэм икIын*; *удын* (уэ-ы-ды-н) *тедзэн*, удыныкIэн; | - укIын; | - |
| ---------------------------------- | ----------------------------- | ---------------------------- |
| - "Щы"гъуэм -и щыIэкIэм-икIын;<br>- "Сэ"гъуэм и(гъэ)кIын; | - щыкIын;<br><br>- сэкIын; | -<br><br>- |
| ---------------------------------- | ------------------------------ | ---------------------------- |
| "Ер" къыхуэкIуэн, I*еягъ игъуэтын* - *къыхэкIын*; | - екIын {е: Iей}; | - |
| ---------------------------------- | ------------------------------ | ---------------------------- |
| И *лъэм къихьын*, хузэ*фIэкIын;* | - лъэкIын; | - |
| ---------------------------------- | ------------------------------ | ---------------------------- |
| *КIэрыкIын*, хущIегъуэжын; | - фIэкIын, пыкIын; | - |

*

"Хъу" макъыр къызытехъукIрэ икIи и къэхъупIэгъуу щыт "хъ" макъыр лъабжьэ зылъытэ тэмакъ нэужь макъщи, абы и къэхъукIэм жьэ кIуэцIрэ бзэгукум къыщытехъукIыж **"х"** макъри щыIэу щытхэр зытетрэ лъабжьэ яхуэхъупIэ зылъытэ зы макъырщ. ЩIылъэм и *лъабжьап*Iэу щыт *псышху*эхэр зэрылъытэ *"макъ псалъэ"*у (хы) бзэм щызекIуэ "х" макъыр *"лъабжьэ"* зыхуэхъур *зэрылъытэу*щ *"глагол"* лIэужьыгъуэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри, *занщIэу "макъ глагол"у ухуакъым*. Мы зэрыжытIауи,

"*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэрэ *зытеухуа лъабжьэри зэрылъытэ макъ къызэрыпыхьэ*у а нэхъ мащlэу "*макъитl зыхэзыубыдэ глагол*"ущ утыку къызэрихьэр. Нытlэ, зыгуэрым *лъабжьэ* хуэхъум *теухуауэ къэхъурэ гъэзащl*эхэр, лъабжьэу лъытапхъэ зэмылlэужьыгъуэхэм теухуа къэхъурэ гъэзащlэхэр мы *лъабжьэ щlыпlэрэ щlык*lэхэри зэрылъытэ *макъ е псалъэ къызэрыпыхьэу ухуэ глагол*хэрщ мы зи гугъу тщlыхэри, мыпхуэдэу ухуа глаголхэм "глаголыпкъ" хуэхъури "х" макърауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъкlэ, "*х*" макъыр зэмылlэужьыгъуэ лъабжьэ зэрылъытэ "*глаголыпхъэ*"у щытрэ *къыпыхьэ зы игъуэ макък*lэрэ утыку къихьэ "*глагол*"хэри –"*макъитl зыхэзыубыдэ глагол*"хэр- *я мыхьэнэк*lэрэ *зэщхьэщык*lыу *гуп гупу* мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Я мыхьэнэкlэ гупу зэрылъытапхъэхэр** | **Оригиналу (ы) къызэрыlуу ухуэ глаголхэр** | **"Э"кlэ къэlу гл.** |
|---|---|---|
| Зыгуэрыр зыдэщыlэ *щlыпlэм игъэкlын*; | - ихын, lухын, хэхын, гуэхын, къуэхын, щlэхын, дэхын, фlэхын, пыхын; | - |
| Зы *щlыпlэм блэгъэкlын*; | - блэхын; | - |
| - Зыпыщlам *гуэщlыкlын*;<br>- Зыщыгъым *щыгъэкlын*; | - гуэхын, фlэхын, пыхын;<br>- щыхын; | -<br>- |
| Нэхъ *лъахъшэ* хъун - *кlуэн*; | - ехын; | - |
| Зэрыщыlэ – зэры*ужь кlуэ*дын; | - ухын; | - |
| *Лъабжьэрык*lуэрэ *кlуэдыгъуэ* лlэужьыгъуэ глаголхэр; | - мэхын;<br>- сэхын;<br>- псэхын;<br>- бзэхын;<br>- щхьэхын; | -<br>-<br>-<br>-<br>- |

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, "х" макъым мыпхуэдэ къалэнхэр щигъэзащlэкlэ "э"кlэ къызэрымыlур гулъытапхъэщ.

*

*Щы*lэ *къызэрыхъу*рэ *зэрызек*lуэм теухуа къалэнышхуэ *мыхьэнэ* зиlэу лъытапхъэ "**с**" макъыр бзэм занщlэу "*макъ глагол*" зэрыхэхъухьари мы *и мыхьэ*нэр *гуры*lуэгъуащэ зыщlырщ: "*сын*"рэ сыгъуэм хуэкlуэ мыхьэнэ зиlэ "*сэн*".

"Макъ глагол"у мы "сын"ым и мыхьэнэм хуэдизу Iупщl - абсолудэрэ ткIийуэ щымытми, "*с*" макъыр "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэу *къыпыхьэ макък*Iэрэ утыку къихьэ "*глагол*"хэм я *мыхьэнэ*хэри нэхъ *лант*Iэу "*сын*" *глагол* лIэужьыгъуэу е "*сын*"*ым хущ*Iэкъурэ *хуэк*I*уэ* лIэужьыгъуэхэу лъытапхъэхэрщ.

НытIэ, "*с*" макъыр "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэрэ *къыпыхьэ зы игъуэ макъ гуэрк*Iэ утыку къихьэ "*макъит*I *зыхэзыубыдэ глагол*"хэм теухуа щапхъэхэр *я мыхьэнэк*Iэрэ *гуп гупу* зэрылъытапхъэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Я мыхьэнэкIэ гупу зэрылъытапхъэхэр** | **Оригиналу (ы) къызэрыIуу глаголхэр** | **"Э"кIэ къэIу глаголхэр** |
|---|---|---|
| *Зыхуэунэт*Iауэ *зылъэ*I*эс* - зытеIэбэ пэлъытэ- зэрылъытэ зэмылIэужьыгъуэ глаголхэр;<br>-------------------------------------- | - усын;<br>- нэсын, къэсын;<br>- лъысын (лъэ-ы-сы-н);<br>---------------------------- | - усэн (у-сы-э-н);<br>-<br>-<br>-------------------------- |
| *Я "гъу" зэнэсу, зэгъуу* щытын;<br>-------------------------------------- | -<br>------------------------------ | - гъусэн (гъу-сы-э-н);<br>-------------------------- |
| *Лъэ*I*эсыгъуэу щыт* зэпытын;<br>-------------------------------------- | - сысын;<br>---------------------------- | -<br>-------------------------- |
| И *лъэр нэсу гъэзащ*Iэ Iуэху;<br>-------------------------------------- | - лъэсын;<br>---------------------------- | - лъэсэн;<br>-------------------------- |
| ЗиуплIанщIэу -тIыгъуэ- и *лъэр* зы *щ*I*ып*I*эм* –е зы*гуэрым- нэс*ын *позицэ* игъуэтын;<br>-------------------------------------- | - тIысын; щысын, - "исын, Iусын, къуэсын, хэсын, гуэсын, дэсын, фIэсын, пысын";<br>- шэсын, кIэсын;<br>----------------------------- | -<br>-------------------------- |
| "*Сэн*" *л*I*эужьыгъуэу* лъытапхъэ I*уэхугъуэ* гуэрхэр зэрылъытэ глаголхэр;<br>-------------------------------------- | -<br>-<br>-<br>----------------------------- | - хэсэн (хасэ-н);<br>- гусэн;<br>- кIуэсэн;<br>-------------------------- |
| "*С*" *защ*I*эк*I*эрэ щы*I*эк*I*э нэс зэгъэпэщын* -"*сэн*"- глаголхэр; | -<br>- | - гъэсэн; есэн, зэсэн;<br>- Iэсэн; |

*

ЗэрыгурыIуэгъуэу, щхьэжу "ужьыгъуэ"у лъытапхъэ "макъ Iуэр"у щыт "у" макъым и мыхьэнэгъу пэлъытэу лъытапхъэ "макъ щэху"рщ "**б**"ыри, мы и мыхьэнэри "елъыта ужьыгъуэ"у –нэгъуэщI гуэрым елъытауэ къэхъу ужьыгъуэу- лъытапхъэщи, мы зэрыжытIауи "б" макъыр бзэм щхьэжу занщIэ "макъ глагол"у щыухуакъым. - Ауэ, "инфинитив

формэ" зиӀэу цӀэ лӀэужьыгъуэ "макъ псалъэ"у бзэм зэрыхэлэжьыхьми "макъ глагол"хэм деж я гугъу щытщӀагъащ.

НытӀэ, и макъ мыхьэнэм ипкъ зэриткӀи "*глагол*" *къызтехъукӀыпхъэщ* "*б*" *макъ*ми, бзэм занщӀэу "макъ глагол"у щымыухуа "б" макъыр "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэу *къыпыхьэ зы игъуэ макъ гуэрк*Ӏэрэ утыку къихьэ "*макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол*" щапхъэхэр *я мыхьэнэк*Ӏэ зэрызэщхьэщыкӀыр *гуп гупу* мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Я мыхьэнэкӀэ гупу зэрылъытапхъэхэр** | **Оригиналу (ы) къызэрыӀуу глаголхэр** | **"Э"кӀэ къэӀу глаголхэр** |
|---|---|---|
| Зы -жьыбгъэ- къарукӀэ теӀэтыкӀын; | - быбын; | - быбэн; |
| ------------------------------------------- | --------------------------- | --------------------- |
| Зэуэ мафӀэ лыгъэ къэхъун; | - лыбын (къэлыбын); | - |
| ------------------------------------------- | --------------------------- | --------------------- |
| "Ӏэ"кӀэ е *щӀык*Ӏэ - *щӀып*Ӏэ гуэрым *елъыта*уэ *ужьын - унэтӀын*; | -<br>-<br>- | - Ӏэбэн;<br>- ебэн;<br>- Ӏубэн; |
| ------------------------------------------- | --------------------------- | --------------------- |
| Ужьыгъуэр дэнкӀэйщи, *узытет*ыр *зэщӀэгъэбыдэн*ри мыпхуэдэщ; | - убын; | - убэн (у-бы-э-н); |
| ------------------------------------------- | --------------------------- | --------------------- |
| *Хуабэ хъун*; | - | - хуэбэн; |

*

"Макъ Ӏуэр"рэ "макъ щэху" лӀэужьыгъуэхэу уухуэ "макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"хэм щыгъуазэ дыхуэхъуу къахуэтхьа щапхъэхэм къыкӀэлъыкӀуэу, мыбдежми "*макъ зэгуэт*"хэм *къатехъук*Ӏ "*макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол*"хэр утыку къызэрихьэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щызэрыжытӀауэ, *бзэ лэжьэк*Ӏэм къыпыщӀэхуэ *щ*Ӏэ гуэрхэр *илъытэу къиӀуэтэн папщ*Ӏэу жыӀэпхъэщ и макъ гуэрхэр зэрызэгухьэу "*макъ зэгуэт*"хэр утыку къызэрихьэр. НытӀэ, мыбдежым зи гугъу тщӀыну "*макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол*"хэр *утыку къызэрихьэну щ*Ӏ*ык*Ӏэхэм "*макъ зэгуэт*"хэмрэ, ахэр утыку къызэрихьа "*макъ зэгуэт псалъэ*"хэр щыхэ*лъытэн* зэры*хуеи*нур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, "*макъ зэгуэт*"хэм *къыпыхьэ зы макъ гуэрк*Ӏэрэ къытехъукӀыну лъытапхъэ "*макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол*"хэр а "макъ зэгуэт"ыр къызэрыхъуа "*макъ псалъэ*"мрэ, а "*макъ зэгуэт*"ыр -хиубыдэ макъхэм зэдаухуа и мыхьэнэм теухуауэ- *къыпыхьэ игъуэ макък*Ӏэрэ *утыку*

*къихьэну* ″*глагол*″хэр *лIэужьыгъуит*Iыу зэрызэщхьэщыкIыпхъэр жыIэпхъэщ.

НытIэ, мы зэрыжытIауэ, ″*макъ зэгуэт псалъэ*″у (псы, псэ) утыку къихьауэ лъытапхъэщ ″*макъ зэгуэт*″ лIэужьыгъуэу щыт ″**пс**″ри, ар икIи ″*п*″ *эффект*ыр ″*с*″*ык*Iэрэ *лажьэ*у зэрызэгухьа щIыкIэми теухуа *макъ мыхьэнэ*и зиIэрщ. Аращи, зы ″*макъ зэгуэт*″у ″*пс*″ыр утыку къызэрихьар ″*псы*″мрэ абы зэманкIэрэ къыхэхъукIыу лъытапхъэ ″*псэ*″р зэрылъыта ″*макъ зэгуэт псалъэ*″хэм зэрых*иубыдэщ*. Мыхэр зэрылъыта мы *ц*Iэ лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэм *хиубыдэу утыку къихьа*уэ лъытапхъэ зы ″*макъ зэгуэт*″у щыт ″*пс*″ри бзэм занщIэу ″*макъ зэгуэт глагол*″*у* щы*ухуакъым*.

НытIэ, ″макъ зэгуэт глагол″у мыухуа ″*макъ зэгуэт*″ лIэужьыгъуэ ″*пс*″ыр -хиубыдэ *макъхэм (п, с) зэдащIапхъэ мыхьэнэ*кIэрэ- ″*глаголыпхъэ*″*у* зэрылъытэрэ *къыпыхьэ зы игъуэ макъ*кIэ ″*глагол*″ къызэрытехъукIыпхъэм нэмыщI, икIи мы ″макъ зэгуэт″ыр *утыку къызэрихьа* ″*псы, псэ*″ *псалъэ*хэми *зы игъуэ макъ гуэр къызэрыпыхьэу* ″*глагол*″ къазэрытехъукIыпхъэри гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу *щ*I*ык*I*ит*IкIэ *утыку къихьэ* ″*глагол*″хэри –″макъитI зыхэзыубыдэ глагол″хэу- *лIэужьыгъуит*Iрэ *гупит*Iыу зэрылъытапхъэ щапхъэхэу мыбдежым къэгъэлъэгъуапхъэщ:

| **Я мыхьэнэкIэ гупу зэрылъытапхъэхэр** | **Оригиналу (ы) къызэрыIуу гл.хэр** | **″Э″кIэ къызэрыIуу ухуэ глаголхэр** |
|---|---|---|
| - Ипэр хэсапхъэ -*памц*Iэ- *щ*I*ын*;<br>- Ипэр зыгуэр *хук*I*уэ -хунэс- щ*I*ын*;<br>-------------------------------------------<br>- *Псэр хузэ*I*ухын*;<br>- *П*сэр хуэкIуэн - *хузэхъуэк*I*ын*; | - упсын;<br>- гъэпсын;<br>------------------------<br>- | - упсэн;<br>-<br>-----------------------<br>- упсэн;<br>- хъуэпсэн; |

*Я макъ мыхьэнэр бзэ лэжьэк*I*эм щызэмыхъуэк*I*ыщэ макъхэм* ″*макъит*I *зыхэзыубыдэ глагол*″ *къазэрытехъук*I *щ*I*ык*I*эхэм теухуауэ.*

Мы зи гугъу тщIыну макъхэр *къызэрыхъуа я мыхьэнэк*Iэрэ *бзэм хэлэжьыхь*у лъытапхъэхэрщи, мыхэр бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ *я макъ мыхьэнэ лъабжьэ*м зимыу*бгъ*уу ″*мыхьэнэ марж*″и зымыгъуэт макъхэрщ. Ар щыхъукIи, бзэм ″*мыхьэнэбэ*″ *хэмыхъухь*у лъытапхъэрэ, дэтхэнэ зы *псалъэм зэрыхэлэжьыхь* мыхьэнэр *и мыхьэнэ лъабжьэ*у зэрыщыткIэрэщ.

Аращи, бзэм щызэмыхъуэкIрэ и мыхьэнэ лъабжьэкIэрэ еджапхъэу псалъэхэм хэт макъхэрщ мыхэри, нытIэ, мыпхуэдэ макъхэри -ипэкIэ зи

гугъу тщӀа макъхэм хуэдэу- ӀупщӀыу "глаголыпхъэ"у мылъытапхъэхэрщ. Бзэм мыпхуэдэ щӀыкӀэу хэлэжьыхь мыпхуэдэ макъхэр зыхэзыубыдэу бзэм щызекӀуэ "макъитӀ зиӀэу ухуа глагол"хэращ мы илъабжьэм зи гугъу тщӀынухэри, къызэрыхъуа мыхьэнэкӀэрэ бзэм хэлэжьыхьрэ зэмыхъуэкӀыу щызекӀуэу зи гугъу тщӀы мы макъхэри "хъу"рэ "щӀ" макъхэращ.

Я макъ мыхьэнэр зэмыхъуэкӀыу дэтхэнэ зы глаголым зэрыхиубыдэм зэреджапхъэр и макъ мыхьэнэ лъабжьэу зэрыщытым папщӀи, мы макъхэм къатехъукӀ глаголхэри -ипэкӀэ зи гугъу тщӀа макъхэм къатехъукӀ глаглохэм хуэдэу- я *мыхьэнэкӀэрэ гуп гупу* зэры*мылъытапх*ъэри гурыӀуэгъуэнщ. Щапхъэу къэтхьыну глаголхэр гуп гупу зэщхьэщыкӀыу къэгъэлъэгъуэн зэрыхуэмейр гурыӀуэгъуэми, глаголхэм я мыхьэнэхэри къызэрыхэдгъэщу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Ауэ икӀи, мы макъхэр *бзэм занщӀэу "макъ псалъэ"*рэ *"макъ глагол"*у зэрыхэхьари къыхэгъэщыпхъэщи, *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ *"макъ псалъэ"* гуэрхэм *къытехъук*Ӏ *"макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол"*хэмрэ мы *ипэк*Ӏэ *зи гугъу тщ*Ӏ*а* къэхъукӀэ зиӀэу утыку къихьа *"макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол"*хэр зэхуэдэу мылъытапхъэрэ *щхьэхуэ гуп*хэу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

НытӀэ, мы илъабжьэм *"хъу, щ*Ӏ*" мак*ъхэр зыхэзыубыдэ *"макъит*Ӏк*Ӏэ ухуа глагол"*хэр *таблиц*эхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэну щӀыкӀэри мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀарэ къыхэдгъэщахэр зэрыхэплъагъуэущ.

*

*Лъабжьэ*р (хъ) зэры*ужьу* (у) къэхъу, е лъабжьэм теужьыкӀ зэрылъытэ **"хъу"** *мак*ъым и мыхьэнэр гурыӀуэгъуащэщи, къэхъуныгъэ зэмылӀэужьыгъуэ зэрылъытэуи *бзэм куэд*ыщэу зэры*хэлэжьыхь*ынури гурыӀуэгъуэнщ. Бзэм куэдыщэу хэлэжьыхьми, мы *зэмыл*Ӏ*эужьыгъуэ къэхъуныгъэ*хэр "хъу" макъыр занщӀэу "макъ глагол"у зэрыухуа мыхьэнэ лӀэужьыгъуэхэу лъытапхъэуи жыӀэпхъэнщ. Аращи, *"хъу" мак*ъыр лъабжьэрыужь мыхьэнэ зиӀэу къызэрыхъуа щӀыкӀэу бзэм хэлэжьыхьу лъытапхъэщи, бзэ лэжьэкӀэм *"мыхьэнэ марж" зымыгъуэта*рэ *мыхьэнэбэуи мылъытапх*ъэу зэрыхэлэжьыхькӀэрэу лъытапхъэщ *"хъу" макъым къытехъук*Ӏ *зэмыл*Ӏ*эужьыгъуэ глагол*хэм я мыхьэнэхэр.

Мы зэрыжытӀауэщи, *"хъу"* макъыр занщӀэу *"макъ глагол"*у зэрыухуа *"хъун"*ым нэмыщӀ, бзэ лэжьэкӀэм *"хъу"* макъ *"глаголыпхъэ" пэлъытэ*м ("глаголыпхъэ" дыдэуи мылъытапхъэу) *зы игъуэ макъ къыпыхьэу*

*"макъитl зыхэзыубыдэ глагол"*хэр къытохъукlри, мыпхуэдэу утыку къихьэ глаголхэри *"хъу" макъ лlэужьыгъуэрэ мыхьэнэ пыухытыкlа*хэу гуп гупу зэрылъытапхъэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Мыхьэнэ зэгъунэгъугъэрэ зэкlэлъыкlуэу зэрылъытапхъэхэр** | **Оригиналу (ы) къэlу гл.** | **"Э"кlэ къэlуу ухуэ глаголхэр** |
|---|---|---|
| - Зы щlыпlэм -е щlыпlэр- зыгуэркlэ *из хъун – щl*ынрэ *хуэкlуэн*; | - | - ихъуэн, lухъуэн, къуэхъуэн, хэхъуэн, гуэхъуэн, щlэхъуэн, дэхъуэн, фlэхъуэн, пыхъуэн; |
| - *Бэгъуэн*, *ин*рэ *куэд* хъун; | - | - хэхъуэн; |
| - *Хъугъэ защlэ*у щытынкlэ *еупсэн – еубзэн*; | - хъуэхъун; | - хъуэхъуэн; |
| - *Хуэфl хъун*; | - хуэхъун; | - |
| - Къыфlэхъун, *хъугъэ къылъысын*; | - дэхъун; | - дэхъуэн; |
| - *Зэдэщlэкъуэгъу* хъуфын; | - пэхъун; | - пэхъуэн; |
| - Зэры*хъун* хуейм *хуэгъэкlуэн*; | - гъэхъун; | - гъэхъуэн; |
| - Лъабжьэрытlэн (тlэ-хъы-у-н); | - тlэхъун; | - тlэхъуэн; |
| - *Лъабжьэ* (лъы) *хъун* - *зыдэщlэн* иужь итын; | - лъыхъун; | - лъыхъуэн; |
| - Зыгуэр къэгъуэтын иужь итын; | - | - лъыхъуэн; |
| - Зыхищlэрэ *псэ*кlэ *зэхъуэк*lын; | - сэхъун; | - |
| ------------------------------------------------ | ----------------- | --------------------------- |
| "Гъуу" макъ къызхигъэхъу(lу)кlын; | - | - гъуэхъуэн; |

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, "хъу" макъым къыпыхьэ зы макъкlэ утыку къихьэ "глагол" мыхьэнэхэм гулъытэ щыхуэпщlым деж, "хъу" макъым мы мыхьэнэ пыухытыкlахэр ар занщlэу "макъ глагол"у зэрыухуа (хъун) мыхьэнэ –къызэрыхъуа мыхьэнэ лъабжьэ- лlэужьыгъуэхэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ. Аращи, "хъу" макъым теухуауэ утыку къихьауэ мы къэтхьа глагол щапхъэхэмрэ, ипэкlэ бзэ лэжьэкlэм "мыхьэнэ марж" зыгъуэтауэ зи гугъу тщlа макъхэм къатехъукlауэ къэта щапхъэхэр зэхуэдэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, ипэкlэ зи гугъу тщlа макъхэр занщlэу "макъ глагол"у зэрыухуахэмрэ, а макъхэр "глаголыпхъэ"у зэрылъытэкlэрэ къатехъукlа глаголхэм я мыхьэнэхэр lупщlыу зэщхьэщыкlыу зэрылъытапхъэр наlуэщ.

*

Нытlэ, мы зи гугъу тщlа "хъу" макъым хуэдэу зи мыхьэнэр куэдыщэу зэмыхъуэкl нэгъуэщl зы макъми щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ зы макъщ **"щl"** макъри, абы и *макъ мыхьэнэри зэмыхъуэк*lрэ

къызэрыхъуа щIыкIэу *къызэтенэжу* бзэм хэлэжьыхьу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу зэрыщытри "*щ*I" *макъыр къызытехъукIа*рэ *къызэрыхъуа щIыкIэм теухуа*уэ жыIэпхъэщи, *щыIэгъуэ лъабжьэ* зэрылъытэ "*щ*" *макъ*ым *къыкIэлъыкIуэрэ къытехъукI*ыу утыку къихьа "*щ*I" *макъ*ыр "*щ*" *макъ*ым зэры*текъузакIэрэ къызэрыхъуа щIыкIэм* зэры*теухуакI*эрэ, "*щ*" *макъ мыхьэнэм и "абсолудэ"гъэ мыхьэнэ* зиIэ макъырщ. НытIэ, "щI"ым мы и мыхьэнэм ипкъ зэриткIэ, "щ"ыкIэрэ лъытэ *щыIэгъуэм* IупщIыу - абсолудэу- *хиубыдэ*р (щIы) икIи *къыщыхъурэ щыгъэзащI*эри (щIын, щIэн) "*щ*I" *макъ мыхьэнэ*кIэрэ зэрылъытэри гурыIуэгъуэщ.

Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщкIэ, *щыIэгъуэм хиубыдэ* дэтхэнэ гуэрыр "*щ*I" *макъыр* бзэм *занщIэу "макъ псалъэ"*у зэрыхэхьакIэрэ зы "*щIы*" лIэужьыгъуэущ зэрылъытэри, "*щIы*"р зэры*лажьэ*рэ "*щIы*"*м теухуауэ къэхъурэ гъэзащI*эу *щыIэгъуэм къыщекIуэкI* дэтхэнэ гуэрри "*щIын*"рэ "*щIэн*" лIэужьыгъуэу "*щ*I" *макъ*ыр занщIэу "*макъ глагол*"у зэрыухуэущ зэрылъытэрэ къызэрыIуатэр.

Аргуэру пыщапхъэмэ, бзэ лэжьэкIэм *щIып*Iэрэ *зэманыгъуэ*м дэтхэнэ зыр *щхьэжу* зылъытэрщ, икIи *зэщIыгъуу* -"еспас/зэман"- *зылъыт*эрщ "*щ*" *макъ*ри, щыIэгъуэм хиубыдэ *дэтхэнэ зы щIып*Iэрэ *пкъыгъуэ зиIэу щы*Iэри "еспас/зэман" лIэужьыгъуэу зэрылъытэри гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, "*щ*I" макъымкIэ лъытэр гурыIуэгъуэщи, ар бзэм занщIэу "макъ глагол"у зэрыухуэм нэмыщI, "*глаголыпхъэ*" *пэлъыт*эу ("глаголыпхъэ" дыдэуи мылъытапхъэу) зэрыщыткIэрэ *къыпыхьэ макък*Iэрэ ухуэ "*макъит*I *зыхэзыубыдэ глагол*"хэри я мыхьэнэхэм елъытауэ гуп гупу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Мыхьэнэ зэгъунэгъугъэрэ зэкIэлъыкIуэу зэрылъытапхъэхэр** | **Оригиналу (ы) къэIу гл.** | **"Э"кIэ къэIуу ухуэ глаголхэр** |
|---|---|---|
| - Ужьыгъуэ щIын, - зэIухын; | - ущIын; | - ущIэн; |
| - Хуэ(фI) щIын; | - хуэщIын; | - |
| - И "Iу"р хуэщIын - гъэбыдэн; | - | - IущIэн; |
| - И пэ е и гущIыIу (п) епхын; | - | - пыщIэн; |
| - Зыгуэрым (и) пышIэн - идзэн - епхын; | - | - ищIэн; |
| - Зы лъабжьэрэ щIагъым (щI) ищIэн; | - | - щIэщIэн; |
| - Пхъэм елэжьын; | - | - пхъэщIэн; |
| - ЩIыгъуу зылъытэн – зыщIын; | - дэщIын; | - дэщIэн; |
| - Ху(жь) щIын (гъэпскIын); | - хущIын; | - хущIэн; |
| - Жьы щIын (щыгъын гъэпскIын); | - жьыщIын; | - жьыщIэн; |

| | | |
|---|---|---|
| - Тхьэ (зэрыхъун хуей - хуэфащэ) щIын; | - тхьэщIын; | - тхьэщIэн; |
| - Лъэм телэжьыхьын; | - лъэщIын; | - лъэщIэн; |
| - Фэм къытечын (фэ-ы-щIын); | - фыщIын; | - фыщIэн; |
| - Лъабжьэр къыщIэгъэщын; | - тIэщIын; | - |
| - МащIэ хъуным хуэкIуэн (хъуам хэщIын); | - | - хъущIэн; |
| - МащIэ хъун – хэкIын; хэкIэн (э), къыхэхьэн; | - хэщIын; | - хэщIэн (бэгъуэн); |
| - МащIэ хъуурэ кIуэн; | - кIуэщIын; | - кIуэщIэн; |
| - Хэшын, къуэдиин; | - шэщIын; | - шэщIэн; |
| - Жэбзэн; | - жэщIын; | - жэщIэн; |
| - Гъуным хуэкIуэн; | - | - гъущIэн; |
| - Лъхугъэм хуэкIуэн; | - | - лъхуэщIэн; |
| - Къыщыхъун (фIыуэ лъытэн); | - фIэщIын; | - |
| - Ущэхун (лъабжьэ щIын); | - бзыщIын, бзэщIын; | - бзыщIэн, бзэщIэн; |
| -------------------------------------------------------- | --------------- | --------------------- |
| ″ЩIы″р пIэ хъун {упщIыIугъэкIэрэ (у-*п*Iэ-ы-*щIы*-Iу-н) къэхъур ″щIы″рщи, ″щIыIэ″щ!}; | - | - пIыщIэн (*п*Iэ-ы-*щIы*-э-н); |
| -------------------------------------------------------- | --------------- | --------------------- |
| - ″НэщI″ыу щытын; ″нэщI″ убыдын; | - нэщIын; | - |
| - ″ГъащIэ″ иIэн - хэтын; | - | - гъэщIэн; |
| - ″ХьэщIэ″ хъун, хьэщIапIэ щыIэн; | - | - хьэщIэн; |

**″Макъ Iуэр″хэм -къапыхьэ зы игъуэ макъкIэрэ- къатехъукI ″макъитI зыхэзыубыдэ глагол″хэм теухуауэ.**

Мы ипэкIэ къэIуэтахэм къыпыщапхъэмэ, оригиналу (ы) къызэрыIурэ ″э″кIэ къызэрыIу щIыкIитIри ″макъ глагол″у тлъытащи, мыпхуэдэ щIыкIитIкIи ″макъ глагол″ къызытемыхъукI макъ гуэрхэр зэрыщыIэнури гурыIуэгъуэнщ. ИпэкIи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″макъ глагол″ къызытемыхъукI макъхэм макъ гуэрхэр къазэрыпыхьэу ″глагол″ къазэрытехъукIыфынури гурыIуэгъуэнщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэу ухуэ глаголхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэр къахуэтхьынущ.

Мы жытIахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, занщIэу ″*макъ глагол*″*у мыухуэ макъ*хэу макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэкIэрэ ″*глагол*″ *къызытехъук*Iхэр -я мыхьэнэми елъытауэ- **потенциал ″макъ глагол″***у* лъытапхъэхэрщи, мыхэр ″*глаголыпхъэ*″ *макъ*хэрщ, - **″макъ глаголыпхъэ**″хэрщ. Аращи, мы ″*макъ глаголыпхъэ*″хэм **къапыхьэ макъ**

**гуэрхэмкӀэ** *къатехъук*Ӏ *"глагол"*хэри **макъитӀ зыхэзыубыдэ "глагол"** лӀэужьыгъуэхэрщ.

"Глаголыпхъэ"у лъыта макъхэм макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэу утыку къихьэ "глагол" гуэрхэр *"занщӀэ глагол"* лӀужьыгъуэщ; нэгъуэщӀ "глагол" гуэрхэри *"префиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэщ. *"ЗанщӀэ глагол"* жыхуэтӀэр *"глаголыпкъ"*щ икӀии, *"глаголыпхъэ" макъ*ым къыпыхьэ макъ гуэркӀэрэ *къытехъук*Ӏ "глагол"ыр *"префиксиал глагол"мэ, "глаголыпхъэ"*у лъыта *макъыр* мы *"префиксиал глагол"*ым и *"глаголыпкъ"*у зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Глаголхэр мыпхуэдэу зэрызэщхьэщыкӀхэми иужькӀэ щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

*

Мы къэтӀуэтахэм теухуа лэжьыгъэри "макъ Ӏуэр"хэм къыщыщӀэддзэу къедгъэкӀуэкӀыныр игъуэщи, мы къэтӀуэтахэм теухуа зы щапхъэу мыбдежым занщӀэу "макъ глагол"у мыухуауэ ипэкӀэ къэта таблицэм щыхэплъагъуэ "Ӏэ" макъым и гугъу щытӀщынщ.

НытӀэ, мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэм теухуауэ мыбдежым *мыхьэнэ зимы*Ӏэ *"э" макъ*ымрэ абы и *лимитацэ* "Ӏэ" *макъ*ым и гугъу щӀыпхъэщи, мыбы теухуауэ ипэкӀэ къыхэдгъэщахэри дигу къэдгъэкӀыжынри игъуэу лъытапхъэщ. Аращи, *"функционал кӀуэтэгъуэ"* къалэн зыгъэзащӀэрэ щхьэжу мыхьэнэ зимыӀэ *"э"* макъым мы игъэзащӀэ къалэным зэрезэгъкӀэщ адыгэбзэм *"функциалнл зэман"* илъытэу зэрыхэлэжьыхьри, "э"р занщӀэу "макъ псалъэ"у зэрымыхуапхъэр зэрыигъуэри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, мыбы (э) *и лимитацэ*у утыку къихьэ "Ӏэ" макъым зы *"функциал зэман пыухытыкӀа"* илъытэу бзэм щызэрызекӀуэми ипкъ иткӀэ, *"макъ мыхьэнэ" зыгъуэта зы "макъ Ӏуэр"*у зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщи, *"зэман"* жыхуэтӀэр –ар зы зэман пыухытыкӀами-*щхьэжу* зэры*мылъытапх*ъэм езэгъыу лъытапхъэщ "Ӏэ" макъыр *занщӀэу "макъ глагол"у* щӀэмыухуар. НытӀэ, "Ӏэ" макъыр занщӀэу *"зэман пыухытыкӀа"* зэрылъытэ *"макъ псалъэ"*у мыухуами, *"потенциал глагол"*у -*"глаголыпхъэ"*у- зэрылъытапхъэфынур гурыӀуэгъуэнщи, ищхьэми *"игъуэ макъ" къызэрыпыхьэу "глагол" къалэн* игъэзэщӀэу бзэм хэлэжьыхьу *"глагол" къызырытехъукӀыф*ынури гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, игъэзащӀэ къалэным зэрезэгъкӀэ, мыхьэнэ зимыӀэрэ икӀи "макъ глагол" мыхъупхъэ *"э"* макъым и *лимитацэ* "Ӏэ" макъым игъэзащӀэ *къалэн*рэ *мыхьэн*эр зы *"зэманыгъуэ пыухытыкӀа"*ращи, сытри зэрылъытэ *"щы*Ӏэ*"* псалъэмрэ икӀи дэтхэнэ зы щыӀэр зэрыщыӀэ *"глагол"*у

"*щыlэн*"ри къызытехъукl "*глаголыпхъэ*"р "lэ" макъращ. Ауэ икlи, "lэ" макъыр бзэм мы зэрыжытlауэ зэрыхэлэжьыхьым къыкlэлъыкlуэуи, дэтхэнэ зы щыlэм *зыгуэр*ыр зы *зэманыгъуэ пыухытыкlак*lэ *ей* хуэдэу зэрилъытэри "lэ" макъ "*глаголыпхъэ*"м къытехъукl глаголкlэрэщ (иlэн). Зы зэманыгъуэ пыухытакlэрэ зыгуэрым (и) иlэ хъур а гуэрым lэщlэлъ хъууэ зэрылъытэм хуэкlуэ бзэ лэжьэкlэм зэманкlэрэ мы *еиныгъэ* лlэужьыгъуэр зытеухуарэ зыхуэфащэ lэпкълъэпкъри щхьэжу "lэ" макъымкlэ зэрылъытэу зы *цl*э лlэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"и утыку къихьауэ жыlэпхъэщи, мы "lэ" lэпкълъэпкъкlэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэри "lэ"р "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэу къыпыхьэ макъ гуэрхэмкlэрэ къытехъукl "*глагол*"хэмкlэщ къызэрыlуатэр.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlкlэ, "lэ" *макъыр япэрауэ* "*зэман пыухытыкlа*" зэрылъытэущ бзэм зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэ лэжьэкlэм *кlуэ пэтрэ* мы "*зэман пыухытыкlа*"*кl*эрэ *къэхъур зытеухуа*р зылъытэрэ къызыхэщ "*глагол*"хэри мэухуэр; мы лэжьэкlэми - кlуэ пэтрэ- *зэман пыухытыкlак*lэ *гъэзащlэр зытеухуар* зы l*эпкълъэпкъ*ыу "lэ"уэ мэлъытэри, мы lэпкълъэпкъымкlэ -"lэ"*кl*э- *гъэзащl*эрэ *къэхъу*р зэрылъытэ "*глагол*"хэри утыку къохьэр. Нытlэ, мыпхуэдэу *гупищ*у лъытапхъэщ "lэ"*р* "*глаголыпхъэ*"*у* зэрылъытэу утыку къихьэ "*глагол*"хэри, *япэрей гуп*ыр "lэ"*р* "*зэман пыухытыкlа*"м теухуауэ "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэм *къытехъукlа* "*глагол*"хэрщ; *къыкlэлъыкlуэ гуп*ыр мыпхуэдэу *къэхъурэ гъэзащlэр* икlи *зытеухуа*р *зэрылъытэу лъэныкъуит*lкlэ еджапхъэу -"*зэман пыухытыкlа*"рэ икlи "l*эпкъылъэпкъ*"ым *теухуа*уэ еджапхъэ- "lэ"р "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэм *къытехъукlа* "*глагол*"хэрщ; абы къыкlэлъыкlуэри *–ещанэ гуп*уи- "lэ"р "l*эпкълъэпкъ*"у зэрылъытэ "*глаголыпхъэ*"м *къытехъукlа* "*глагол*"хэрщ. Кlэщlрэ нэхъ lупщlыу жыlэпхъэмэ, "lэ"р "*зэман пыухытыкlа*"мрэ "l*эпкълъэпкъ*"ым теухуауэ "*глаголыпхъит*l"у зэрылъытэм *къытехъукlауэ* "*глагол гупит*l"ырщ зи гугъу тщlыр; нытlэ, мы *гупит*lым я *зэхуакуу* лъэныкъуитl еджэкlэ зиlэу зи гугъу тщlы *ещанэ гуп*ри, "*зэман пыухытыкlа*"м теухуа *лэжьэкlэр* "l*эпкълъэпкъ*"*ым пызыщl*э лъагъуэу жыlэпхъэщ.

Ауэ икlи мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ "lэ"р зы l*эпкълъэпкъ*ыу лъыта нэужь, "lэ"р "*глаголыпкъ*" зыхуэхъуу утыку къихьэ "*глагол*"*хэм нэмыщl*, *нэгъуэщl макъ*хэр "*глаголыпхъэ*" зэрыхъукlэрэ "lэ"*кl*э *гъэзащl*э лlэужьыгъуэхэу "*глагол*"хэри утыку къызэрихьэфынур гурыlуэгъуэнщи,

мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри нэгъуэщӀ макъхэр глаголыпхъэ зэрыхъу лэжьыгъэхэм щыхэтлъэгъуэнщ.

НытӀэ, мы и гугъу зэрытщӀауэ "Ӏэ" *макъ*ыр "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэкӀэрэ къытехъукӀ "*глагол*"хэр *гупитӀищу* –зы гупыр япэрей гупыр иужьрей гупым зыпызыщӀэрэ еджэкӀитӀ зиӀэу- зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мы зи гугъу тщӀа лэжьэкӀэр зы *макъым бзэ лэжьэк*Ӏэм *мыхьэнэбэ* зэригъуэтымрэ икӀи мы *дэтхэнэ и зы мыхьэнэ* пыухытыкӀам "*глагол" къызэрытехъук*Ӏым теухуа зы *щапхъэф*Ӏыу лъытапхъэщ.

Аращи, ипэкӀэ "макъ Ӏуэр"хэм теухуа *таблицэм химыубыд*эу занщӀэу "*макъ* Ӏ*уэр глагол" къызытемыхъук*Ӏ "*макъ* Ӏ*уэр" закъуэ*у щыт "Ӏэ" *мак*ъыр "*глаголыпхъэ"у зэрылъыт*экӀэрэ къыпыхьэ макъ гуэрхэмкӀэ "*глагол*"хэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэу мы къэтӀуэтахэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэм таблицэм хиубыдэу къыщыдгълъэгъуэнущ.

НытӀэ, мы илъабжьэм дэтхэнэ зы "макъ Ӏуэр"ыр "глаголыпхъэ"у зэрылъытэкӀэрэ къыпыхьэ зы макъкӀэрэ "глагол" къызэрытехъукӀым теухуа щапхъэхэр "*глагол*"хэр я *мыхьэнэ*хэм *елъыта*уэ *гуп гупу* таблицэм къыщыгъэлъэгъуэнущ. Аращи, я мыхьэнэкӀэрэ зэщхьэщыкӀыу глаголхэращ гуп гупу таблицэм къыщыгъэлъэгъуэнури, а "глагол"хэр къызытехъукӀа "*глаголыпхъэ*"хэр зытеухуа *макъ мыхьэн*эр *таблицэм* ӀупщӀыу зэщхьэщыкӀыу зэры*щымылъыт*энур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, мы таблицэр икӀи хиубыдэ "*глагол*"хэр *къызытехъук*Ӏа "*глаголыпхъэ*" лӀэужьыгъуэ *макъхэми* –макъ мыхьэнэхэми- *гулъытэ* щы*хуэщ*Ӏ*ыпхъэ* зы *таблиц*эу зэрыщытри жыӀэпхъэщ.

*

НытӀэ, ипэкӀэ "макъ глагол"у мыухуауэ зи гугъу тщӀа мы "Ӏэ" макъыр "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэу къыпыхьэ макъ гуэрхэмкӀэрэ "*глагол" къызэрытехъук*Ӏымрэ, икӀи, *адрей* "*макъ* Ӏ*уэр*" гуэрхэри -"*макъ* Ӏ*уэр глагол*"у ухуахэми- *мыхьэнэбэ*у зэрыщыткӀэрэ я *мыхьэнэ гуэрхэр* "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэу къапыхьэ макъ гуэрхэмкӀэ *къатехъук*Ӏ "*глагол*"хэр я *мыхьэхэм елъыта*уэ *гуп гупу* –дэтхэнэ зы гупым мыхьэнэгъу глаголхэр хиубыдэу- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэу, тежыӀыхьыпхъэхэри къапытщэжынщ:

| **Макъ Ӏуэрхэр** | **Оригиналу -"ы"кӀэ- къэӀу "глаголыпхъэ"хэм зы "игъуэ макъ"кӀэ къатехъукӀ "глагол"хэр** | **"Э"кӀэ къэӀу "глаголыпхъэ"хэм зы "игъуэ макъ"кӀэ къатехъукӀ "глагол"хэр** |
|---|---|---|

| | | |
|---|---|---|
| lЭ | - щылэн; щlылэн; шылэн; уlэн (уэ-ы-lэ-н); псылэн; иlэн;<br>- иlэн, гуlэн, хэlэн;<br>- еlэн, хэlэн, щlэlэн, дэlэн; | -<br><br>- |
| И | - кlиин, щlиин, шиин, лъиин, диин, тlиин, фиин, пlиин, биин, ткlиин; лъеин;<br>- гъеин;<br>- е(*иэ*)ин, зэин; - {е(*иэй*)ин}; | -<br><br><br>-<br>- |
| Е(иэ; эй)<br><br><br>--------------<br>Е(иэй; эйй) | - еен, хэен, щыен, щlэен, фlэен;<br>- кlиен, щlиен, шиен, лъиен, диен, тlиен, фиен, пlиен, биен, ткlиен;<br>--------------------------------------------<br>- е(*иэй*)ин; хуеин; хеин; жеин;<br>- хъеин; щlеин; лъеин; тlеин; | -<br>-<br><br>--------------------------------<br>-<br>- |
| У | - щыун;<br>- бэун;<br>- гуэун (→гуоун);<br>- цlуун (←цlыун);<br>- фlэун;<br>-<br>- | - щыуэн;<br>- бэуэн;<br>- гуэуэн (гуоуэн)<br>-<br>- фlэуэн;<br>- lууэн, фlэуэн, пкlэуэн;<br>- бэуэн; |
| lУ | - иlун, къэlун, хэlун, гуэlун, щlэlун, дэlун, фlэlун, пыlун;<br>- уlун;<br>- дэlун;<br>- щэlун;<br>- лъэlун;<br>- фlэlун. | - иlуэн, хэlуэн, щlэlуэн, дэlуэн, фlэlуэн, пыlуэн;<br>- уlуэн;<br>- дэlуэн;<br>- щэlуэн;<br>- лъэlуэн;<br>- фlэlуэн. |

**Мы таблицэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы къэта щапхъэхэр бзэм хуиту щызекlуэрэ хроникэ хэхъухьахэращи, мыбыхэм хуэдэу бзэм хроникэ хэмыхъухьарэ мащlэу щызекlуэ нэгъуэщl ″глагол″хэри зэрыщыlэнур гурыlуэгъуэнщ.

- Бзэ лэжьэкlэм макъхэр мыхьэнэбэ зэрыхэхъухьым дыщыгъуазэщ; икlи, ″макъ lуэр″хэм геометрикэ къалэну ягъэзащlэхэри мыхьэнэ лъабжьэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ; мыпхуэдэу зэрыщыткlэ, ″lу, lэ″ макъхэри бзэ лэжьэкlэу мыхьэнэ зэщхьэщыкlыныгъэ зиlэхэрщ. Ауэ, бзэ мыхьэнэуэ –псалъэ лlэужьыгъуэу- зэщхьэщыкlми, ″у″р зи кlэухыу ипэкlэ къэта глаголхэр ″у″м къытехъукlа ″глагол″хэуи лъытапхъэхэрщ. Аращи, ″гуэун (→гуоун)″ глаголыр ″ун″ макъ глаголым ″гу-э → гуэ″ къызэрыпыхьэу ухуауи лъытапхъэнщи, и мыхьэнэри ″*гу*″*м –кlуэцl*ым- *къиужьык*lыу (ун) еджапхъэщ.

- Ипэкlэ и гугъу тщlагъэхххэщ ″lэ″ макъыр ″глаголыпхъэ″у зэрылъытэ щlыкlэхэми, ″lэ″ макъым теухуауэ таблицэм къышыта ″*глагол*″ *гупищ*ым

дэтхэнэ зыр "Iэ"р "*глаголыпхъищ*"у зэрылъытэм *къытехъук*Iар гурыIуэгъуэщ; икIи, *яку дэт "глагол" гуп*ыми (иIэн, гуIэн, хэIэн) *адрей глагол гупит*I *мыхьэнэк*Iэ зэ*реджапхъ*эри гурыIуэгъуэщ.

- Макъыбзэм и макъхэр игъэбэгъуэну хущIэкъу лэжьэкIэ зэриIэр гурыIуэгъуэщи, "макъ Iуэр"хэр зэгухьэу зэхэжыхьа къэIукIэ зэрагъуэт щIыкIэу "э"кIэ къэIуу (иэ) е "у"кIэ къэIуу (эу) икIи бзэ лэжьэкIэу "и"кIэ къэIу хъужа (иэй) макъхэри утыку къызэрихьэр гурыIуэгъуэщ. Мыбыхэм нэмыщI, "и"тIу къэIу псалъэхэр утыку къызэрихьэми и гугъу тщIагъащ ипэкIи, мыпхуэдэхэр "глагол"у зэрыухуэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Мы зи гугъу тщIам теухуа зы щапхъэщ "кIыи"уэ утыку къихьарэ бзэми "кIий"уэ къэIуу хэхьэри, мыбыхэм я "глагол" вариантри "кIыин"ыр "кIиин"у къызэрыIущ. НытIэ, мыбыхэм хуэдэ "глагол" щапхъэхэрщ ипэкIэ таблицэм къыщытахэри, псалъэр "*ии*"уэ -"*и*" (абзсис) *лъэныкъуэ защ*Iэу- мы къызэрыIу щIыкIэм а псалъэ *мыхьэнэ*р *лъэщу джырэ хэхъуэ*у зэрилъытэри гурыIуэгъуэщ:

«"кIыин → кIиин"; "щIыин → щIиин"; "шыин → шиин"; "лъыин → лъиин"; "дыин → диин"; "тIыин → тIиин"; "фыин → фиин"; "пIыин → пIиин"; "быин → биин"; "ткIыин → ткIиин"».

- "И"кIэ лажьэу ухуэ мы "глагол"хэм хуэдэ "у"кIэрэ лажьэрэ къэIуу ухуэ "глагол"хэри щыIэщи, ипэкIи я гугъу зэрытщIарэ таблицэми зэрыхэплъагъуэу "у"итIкIэ къэIуу къызкIэлъыкIуэ макъым и те*ужьыкIыныг*ъэр (у) нэхъри лъэщ зыщI "глагол"ыр зэрызэпкъырыувэми деплъынщ:

«"цIы-у-н" → цIыун → цIуун».

- ИпэкIэ "е(иэ)" макъ зэхэжыхьам *бзэ лэжьэк*Iэ*м* къыщытехъукIарэ *щхьэжу зы "макъ зэхэжыхьа*"уэ лъытапхъэ "е(иэй)" макъ къызэрытехъукIами и гугъу тщIагъащи, ар къыпыхьэ "и"кIэрэ глаголу зэрыухуэ щIыкIэу "е(*иэй*)ин"у "*и*" макъым игъэзащIэ *глагол* къалэнм теухуауэ зэрылъытапхъэм нэмыщI, икIи мы "е(*иэй*)" макъ зэхэжыхьар мы *зэрыщыту "н"ык*Iэрэ "*глагол*"у -"инфинитив"у-зэрыухуэуи лъытапхъэнщи, мыпхуэ глагол ухуэкIэри "е(иэй)"м и "*й*"р зи эффект "*и*"*уэ* къэIуу щызэпкъырыувэ дыдэм – ипэкIэ "*кIыин*" хуэдэхэр "*и*"*ит*IкIэ (ии) "*кIиин*"у зэрыухуам *хуэдэ*у-, *аргуэру* зы "*и*" къыпыхьэжу "*еиныгъэ*" *функц*эм нэхъ *хуэигъуэ "глагол*"уи ухуауэ лъытапхъэщ. Мы къэхъукIитIри зэрылъытапхъэу таблицэм хиубыдэ "еин" глаголыр къызэрыхъу мы щIыкIитIыр зэIухауэ мыбдежым аргуэру къыщыдыгъэлъэгъуэжынщ:

«"е(*иэй*)-и-н" → "еин"»; «е(*иэй*)-н → "*иэин*" → "*иэиин*" → "еин"».

- ИпэкIи и гугъу зэрытщаIщи, щхьэжу къэIукIэ зиIэ "е(иэй)" макъ зэхэжыхьар нэгъуэщI макъ гуэрым –"макъдэкIуашэ"м- къыщыкIэлъыкIуэм деж, *бзэ лэжьэк*Iэ*м* абы "*макъзешэ*" къалэн зэригъэзэщIэн *къэ*I*ук*Iэ (*иэй* → "*...эйй*") зэригъуэтыр гурыIуэгъуэщи, "е(*иэй*)" къэIукIэр мы зэрызырихъуэкIыу утыку къихьэр ("...*эйй*") "*е*" *тхыпк*ъымкIэ тха зы "*макъ зэхэжыхьа*" лIэужьыгъуэ зыхэзыубыдэ "глагол" щапхъэхэрщ мыхэри:

| |
|---|
| «хъе(*эйй*)ин, хуе(*эйй*)ин, же(*эйй*)ин, лъе(*эйй*)ин, тӏе(*эйй*)ин, фӏе(*эйй*)ин». |

*

- Ипэкӏэ "макъ глагол"хэм дежи щыгъуазэ дыщыыхуэхъуа гуэрщ мыбдежым зи гугъу тщӏынури, икӏи, таблицэм теухухуауэ къыхэгъэщыпхъэу мы къыпытщахэм къащхьэщыкӏыу зэрыщытым папщӏэ, мыбдежым щхьэхуэу къэӏуэтэныр игъуэщ. Аращи, *ухуагъэххэ глаголхэм цӏэ лӏэужьыгъуэ псалъэхэр* къызэрытехъукӏым хуэдэжу, *ухуагъэххэ цӏэ лӏэужьыгъуэ псалъэхэми глаголхэр* къытохъукӏыфыр. – Икӏи, япэ къэхъуар "глагол"ра хьэмэрэ "цӏэ лӏэужьыгъуэ псалъэ"рауэ зэрыщытыр щызэхэмыхупхъэри къохъур.

- Дауи, мыбдежым ди ӏуэхур глаголхэм я къэхъукӏэращи, нытӏэ, "*цӏэ лӏэужьыгъуэ псалъэ"хэм къытехъук*ӏыу ухуауэ лъытапхъэ *глаголхэр*ащ зи гугъу тщӏынур. Мыпхуэдэу ухуа глаголхэри къызытехъукӏа псалъэм илъытэ *плъыфэрэ щӏыкӏэр иӏэу зэрыщытрэ къищтэн мыхьэнэрэ лэжьэк*ӏэ зиӏэу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ.

- Мы къыхэдгъэщахэри ди гурыӏуэгъуэу, мы ипэкӏэ *зэрыухуагъэххэу "макъыбэ глагол"хэу лъытапхъэ*у къэта щапхъэхэм щыщу *ухуагъэххэ цӏэ лӏэужьыгъуэ псал*ъэхэр -нэхъыбэу "*плъыфэцӏэ*"хэр- зи лъабжьэу "*инфинитив*"у зэрызэпкъырыувэу утыку къихьауэ лъытапхъэ *глаголхэр* икӏи *къызытехъукӏа цӏэ лӏэужьыгъуэ псалъэхэри къызэрыхэщ*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Къызтехъукӏа цӏэ лӏэужьыгъуэ "макъыбэ псалъэ"хэр** | **"Инфинитив"у зэпкъырыувэу "макъыбэ глагол"у зэрыухуахэр** |
|---|---|
| - щӏыӏэ<br>- псыӏэ | → щӏыӏэн<br>→ псыӏэн; |
| - бий<br>- ткӏий | → биин;<br>→ ткӏиин; |
| - хей | → хеин. |

*"Глагол"у щымытми, макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ "**инфинитив формэ**"у зэпкъырыувэ* ***цӏэ*** *лӏэужьыгъуэ "**псалъэ**"хэми яхэплъэгъуэ.*

Ипэкӏэ "инфинитив формэ"у зэпкъырыувэ цӏэ лӏэужьыгъуэ "макъ псалъэ"хэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыбдежми, "глаголыпхъэ"хэм къапыхьэ макъ гуэрхэмкӏэ къатехъукӏэ "глагол"хэм елъыта *цӏэ* лӏэужьыгъуэ "*инфинитив формэ*" зэпкъырыувэкӏэ зиӏэ "*псалъэ*"хэм - "макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ псалъэ"хэм- теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ:

| **Инф. формэ псалъэхэр** | **"Глагол"у мыухуами, "инфинитив формэ"у цӏэ лӏэужьыгъуэ "псалъэ"хэм теухуауэ** |
|---|---|
| Къиин | Бзэм "глагол"у хэмытми, *къызэрыхъуар (къ)* зи щӏыкӏэу -*джыуэ* |

| | |
|---|---|
| | *щыту-* *цIыху зэхэтыкIэм емызэгърэ мыгъэсау*э -хабзэрэ щэн зыхуэныкъуэу- лъытапхъэр *ц*Iэ лIэужьыгъуэу зэрылъытэ ″*инфинитив формэ*″ зэпкъырыувэкIэ зиIэ ″*псалъэ*″рщ. |
| ---------------- | --------------------------------------------------------------------------------- |
| ЩIэин | Бзэм ″глагол″у хэмытми, *зыщIым и* ″*щIэн*″рэ Iэдэкъэщ1эк1ыр зэрылъытэ *ц*Iэ лIэужьыгъуэу ″*инфинитив формэ*″у зэпкъырыува ″*псалъэ*″рщ. |

″Глагол″у щымытми, макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ ″*инфинитив формэ*″ зэпкъырыувэкIэ зиIэ *ц*Iэ *лIэужьыгъуэ*у утыку къихьэ ″*псалъэ*″хэр мы илъабжьэ зи гугъу тщIыну ″*макъ щэху*″хэмрэ ″*макъ зэгуэт*″хэми *къазэрытехъук*I*ыпхъэ*р гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу зэрыщытыр мы лэжьыгъэхэм ипэ къихуэу мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

**Щхьэж ″макъ щэху″хэм -къапыхьэ зы игъуэ макъкIэ-къатехъукI ″макъитI зыхэзыубыдэ глагол″хэм теухуауэ.**

″Макъ щэху″у занщIэу ″макъ глагол″у мыухуа гуэрхэр ″глаголыпхъэ″у зэрылъытарэ къыпыхьэ зы ″игъуэ макъ″кIэ ″глагол″ къызытехъукIыпхъэхэр щыIэщи, мыбдежым мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу тежыIыхьыпхъэри къыпытщэжынщ.

Ауэ икIи гурыIуэгъуэущ макъыбзэм и макъ нэхъыбэр мыхьэнэбэу зэрыщытым зэрезэгъкIэ, ″макъ глагол″ къатехъукIа макъ гуэрхэм икIи я мыхьэнэ гуэрхэр ″глаголыпхъэ″у зэрылъытэкIэрэ, къыпыхьэ зы ″игъуэ макъ″кIэрэ макъитI зыхэзыубыдэ ″глагол″ зэрыухуэфынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуа ″*глагол*″ щапхъэ гуэрхэр мы зэрыжытIауэ ″*мыхьэнэбэ*″у щыт *макъ* гуэрхэм къыпыхьэ зы макъкIэ къазэрытехъукIар гурыIуэгъуэнщ. ИкIи къыхэгъэщыпхъэщ мыпхуэдэу ухуэ ″глагол″хэр зы ″*глаголыпхъэ*″*м зы макъ къызэрыпыхьэу макъит*I *зыхэзыубыдэ* ″*глагол*″ лIэужьыгъуэхэу зэрыщытри, мы *макъит*I *зыхэзыубыдэ* ″*глагол*″ым и ″*глаголыпкъ*″ри ″*макъ глаголыпкъ*″у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Мыхэр зытежытIыхьа къэхъукIэ зиIэу утыку къихьащ мы илъабжьэм таблицэм хиубыдэ ″*глагол*″хэри, я *мыхьэхэм елъыта*уэ *гуп гупу* –дэтхэнэ *зы гуп*ым *мыхьэнэгъу глагол*хэр хиубыдэу- *зэщIэтха*уэ къэгъэлъэгъуа мы ″глагол″хэм *тежы*I*ыхьыпхъэ*хэри *таблицэ нэужь*ым къыпытщэжынщ:

| Макъ | Оригиналу -″ы″кIэ- къэIу | ″Э″кIэ къэIу |
|---|---|---|

| **щэхухэр** | **"глаголыпхъэ"хэм ищхьэм къыпыхьэ зы игъуэ макъкӀэ ухуэ "глагол"хэр** | **"глаголыпхъэ"хэм ищхьэм къыпыхьэ зы игъуэ макъкӀэ ухуэ "глагол"хэр** |
|---|---|---|
| М | - хуэмын;<br>- щымын;<br>-<br>- | -<br>-<br>- хъумэн;<br>- пэмэн; |
| Н | - хэнын, щӀэнын;<br>- гъэнын;<br>- пшынын;<br>-<br><br><br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>-<br>- пшынэн;<br>- инэн, Ӏунэн, къэнэн, къуэнэн, хэнэн, гуэнэн, щынэн, щӀэнэн, дэнэн, тенэн, фӀэнэн, пынэн;<br>- бгынэн {←бгы (и)нэн};<br>- хъуэнэн;<br>- шынэн;<br>- хэнэн, щӀэнэн, пынэн;<br>- бэнэн; |
| ХЬ | - шыхьын;<br>-<br><br><br>-<br>-<br>- щхъухьын; | -<br>- (езыр, субъектыр) ихьэн, Ӏухьэн, къуэхьэн, хэхьэн, гуэхьэн, щӀэхьэн, дэхьэн, пыхьэн;<br>- фӀэхьэн, пыхьэн;<br>- щыхьэн;<br>- |
| КЪ | - дыкъын;<br>-<br>- | -<br>- дзэкъэн;<br>- къэкъэн; |
| КЪУ | - екъун, щӀэкъун, дэкъун;<br>-<br>-<br>- тхьэкъун; | - щӀэкъуэн, дэкъуэн;<br>- дэкъуэн;<br>- бэкъуэн;<br>- тхьэкъуэн; |
| КӀ | - (езыр, субъектыр) икӀын, ӀукӀын, къуэкӀын, хэкӀын, гуэкӀын, щӀэкӀын, дэкӀын, фӀэкӀын, пыкӀын;<br>-<br><br><br>- фӀэкӀын, пыкӀын;<br>- екӀын {е: Ӏей};<br>- укӀын;<br>- щыкӀын;<br>- сэкӀын; | -<br><br><br><br>- икӀэн, ӀукӀэн, къуэкӀэн, хэкӀэн, гуэкӀэн, щӀэкӀэн, дэкӀэн, фӀэкӀэн, пыкӀэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |

| | | |
|---|---|---|
| | - лъэкӏын;<br>- | -<br>- гъукӏэн; |
| КӏУ | - екӏун, зэкӏун;<br>-<br>-<br>- | -<br>- екӏуэн {е: ӏей};<br>- хъуэкӏуэн;<br>- щэкӏуэн; |
| КХЪ | - | - |
| КХЪУ | - къэкхъун; - ″икхъун, ӏукхъун, къуэкхъун, хэкхъун, гуэкхъун, щӏэкхъун, дэкхъун, фӏэкхъун, пыкхъун″;<br>- | - ″икхъуэн, ӏукхъуэн, къуэкхъуэн, хэкхъуэн, гуэкхъуэн, щӏэкхъуэн, дэкхъэун, фӏэкхъуэн, пыкхъуэн″;<br><br>- укхъуэн; |
| Ч (: К) | - ичын, ӏучын, къуэчын, хэчын, гуэчын, щӏэчын, дэчын, фӏэчын, пычын; | - ичэн, ӏучэн, къуэчэн, хэчэн, гуэчэн, щӏэчэн, дэчэн, фӏэчэн, пычэн; |
| КУ | - | - икуэн, ӏукуэн, къуэкуэн, хэкуэн, гуэкуэн, щӏэкуэн, дэкуэн; |
| ХЪ | -<br>- | - гъэхъэн;<br>- лъэхъэн;<br>- сыхъэн; |
| ХЪУ | -<br><br><br>-<br>-<br>- хъуэхъун;<br>- тӏэхъун;<br>-<br>- щыхъун;<br>- фӏэхъун;<br>-<br>- лъыхъун<br>- хуэхъун;<br>- гъэхъун;<br>- дэхъун;<br>- пэхъун;<br>- сэхъун; | - ихъуэн, ӏухъуэн, къуэхъуэн, хэхъуэн, гуэхъуэн, щӏэхъуэн, дэхъуэн, фӏэхъуэн, пыхъуэн;<br>- хэхъуэн;<br>- гъуэхъуэн;<br>- хъуэхъуэн;<br>- тӏэхъуэн;<br>- щыхъуэн;<br>-<br>-<br>- лъыхъуэн;<br>-<br>-<br>- гъэхъуэн;<br>- дэхъуэн;<br>- пэхъуэн;<br>- |
| Х | - ихын, ӏухын, хэхын, гуэхын, къуэхын, щӏэхын, дэхын, фӏэхын, пыхын;<br>- блэхын;<br>- гуэхын, фӏэхын, пыхын;<br>- щыхын;<br>- ехын; | -<br><br><br>-<br>-<br>-<br>- |

| | | |
|---|---|---|
| | - ухын;<br>- мэхын;<br>- сэхын;<br>- псэхын;<br>- бзэхын;<br>- щхьэхын; | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |
| ХУ | - ихун, lухун, къуэхун, хэхун, гуэхун, щIэхун, дэхун, фIэхун, пыхун, блэхун;<br>-<br><br><br>- псэхун;<br>- lуэхун;<br>- цIыхун;<br>- щэхун (къэщэхун);<br>- | -<br><br><br>-ихуэн, lухуэн, къуэхуэн, хэхуэн, гуэхуэн, щIэхуэн, дэхуэн, фIэхуэн, пыхуэн;<br>-<br>-<br>-<br>- щэхуэн;<br>- ухуэн; |
| ГЪ | - зэгъын;<br>- кIыгъын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>- кIыгъэн;<br>- lыгъын (lэ-гъэ-ы-н)<br>- щыгъын (щы-гъэ-ы-н);<br>- гъэгъэн;<br>- гугъэн;<br>- зэгъэн;<br>- блэгъэн; |
| ГЪУ | - щIыгъун;<br>- щIэгъун;<br>- хуэгъун, гъэгъун;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- егъун;<br>- дэгъун;<br>- дыгъун; | -<br>-<br>-<br>- гъуэгъуэн;<br>- фыгъуэн;<br>- бэгъуэн;<br>- щыгъуэн;<br>-<br>- дэгъуэн;<br>- дыгъуэн; |
| Г | - бэгын;<br>- | - бэгэн;<br>- пэгэн; |
| ДЖ (: Гь) | - уджын;<br>- щIэджын;<br>- тэджын;<br>-<br>- | - уджэн;<br>-<br>-<br>- пыджэн;<br>- бзэджэн; |
| ГУ | - джэгун;<br>- | - джэгуэн;<br>- игуэн, lугуэн, къуэгуэн, хэгуэн, |

| | | |
|---|---|---|
| | | щӀэгуэн, дэгуэн, фӀэгуэн, пыгуэн; |
| ДЗ | - едзын; | - |
| ЖЬ | - къэжьын; - "ижьын, Ӏужьын, къуэжьын, хэжьын, гуэжьын, щӀэжьын, дэжьын, фӀэжьын, пыжьын";<br>- лэжьын;<br>- ужьын;<br>- | - "ижьэн, Ӏужьэн, къуэжьэн, хэжьэн, гуэжьэн, щӀэжьын, дэжьэн, фӀэжьэн, пыжьэн";<br><br>- лэжьэн;<br>-<br>- ежьэн-2 (1- зы щӀыпӀэ кӀуэн пэщӀэдзэ; 2- зы гуэрым пэплъэн); |
| Ж | - хьэжын; | - хьэжэн; |
| З | - изын, Ӏузын, къуэзын, хэзын, щӀэзын, дэзын, фӀэзын, пызын;<br>- шэзын;<br>- хузын;<br>- къузын;<br>- плъызын;<br>- гызын;<br>- узын;<br>-<br>- | -<br><br>- шэзэн;<br>- хузэн;<br>- къузэн;<br>- плъызэн;<br>- гызэн;<br>-<br>- гъэзэн;<br>- хуэзэн; |
| Щ | - ищын, къуэщын, хэщын, щӀэщын, дэщын, пыщын;<br>-<br><br>- (ипэ) ищын;<br>- фӀэщын;<br>- ущын;<br>- Ӏущын;<br>- гъущын;<br>-<br>-<br>- щыщын; | -<br><br>- ищэн, Ӏущэн, къуэщэн, хэщэн, гуэщэн, щӀэщэн, дэщэн, пыщэн;<br>-<br>-<br>- ущэн;<br>-<br>- гъущэн;<br>- гъуэщэн;<br>- щэщэн;<br>- |
| ЩӀ | - ущӀын;<br>- нэщӀын;<br>- хэщӀын;<br>-<br>- хуэщӀын;<br>- хущӀын;<br>- жьыщӀын;<br>- тхьэщӀын;<br>- лъэщӀын;<br>- дэщӀын;<br>- кӀуэщӀын; | - ущӀэн;<br>-<br>- хэщӀэн;<br>- щыщӀэн;<br>-<br>- хущӀэн;<br>- жьыщӀэн;<br>- тхьэщӀэн;<br>- лъэщӀэн;<br>- дэщӀэн;<br>- кӀуэщӀэн; |

| | | |
|---|---|---|
| | - фыщӀын (-къэфыщӀын);<br>- фӀэщӀын;<br>- бзыщӀын, бзэщӀын;<br>- шэщӀын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- жэщӀын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- тӀэщӀын;<br>- | - фыщӀэн;<br>-<br>- бзыщӀэн, бзэщӀэн;<br>- шэщӀэн;<br>- щӀэщӀэн;<br>- хъущӀэн;<br>- гъущӀэн;<br>- пхъэщӀэн;<br>- жэщӀэн;<br>- ӀущӀэн;<br>- пӀыщӀэн;<br>- гъэщӀэн;<br>- хьэщӀэн;<br>-<br>- ищӀэн; |
| Ш | - *(шэ)*къэшын, хэшын, щӀэшын;<br>- къэшын, - къэгъэшын;<br>- ешын, зэшын;<br>- пышын;<br>-<br>- гуэшын; | -<br>-<br>-<br>- пышэн;<br>- пхъэшэн;<br>- гуэшэн; |
| С | - усын;<br>- сысын;<br>- нэсын, къэсын;<br>- шэсын, кӀэсын;<br>- лъысын (лъэ-ы-сы-н);<br>- лъэсын;<br>- тӀысын; щысын, - ″исын, Ӏусын, къуэсын, хэсын, гуэсын, дэсын, фӀэсын, пысын″;<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- лъэсэн;<br>-<br>- гусэн;<br>- кӀуэсэн;<br>- есэн, зэсэн, гъэсэн;<br>- хэсэн (-зэхэсэн); |
| ЛЪ | - щылъын, - ″илъын, Ӏулъын, къуэлъын, хэлъын, гуэлъын, щӀэлъын, дэлъын, фэлъын, пылъын″;<br>- илъын, (- къилъын);<br>- пылъын (пы-лъэ-ы-н), фӀэлъын (фӀэ-лъэ-ы-н);<br>- пылъын (зэпылъын);<br>-<br>- | -<br>-<br>- пылъэн, фӀэлъэн;<br>-<br>- лъэлъэн;<br>- псэлъэн; |
| Л | - джылын; | - |

| | | |
|---|---|---|
| | -<br>-<br>-<br>- | - джэлэн;<br>- лэлэн;<br>- пылэн;<br>- цIэлэн;<br>- тхьэлэн; |
| Лl | - | - lулIэн; |
| Д | - кIуэдын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- лыдын; | -<br>- джэдэн;<br>- кудэн;<br>- хэдэн;<br>- хуэдэн;<br>- шхыдэн;<br>- |
| Т | - lэтын;<br>- щытын, - "итын, lутын, къуэтын, хэтын, гуэтын, щIэтын, дэтын, фIэтын, пытын";<br>- тIэтын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- lуэтын;<br>-<br>- къэтын; | -<br>-<br><br><br><br>- тIэтэн;<br>- утэн;<br>- бэтэн;<br>- къутэн;<br>- кIуэтэн;<br>- хутэн;<br>- гъуэтэн;<br>- щэтэн;<br>- щIытэн;<br>- щIыIэтэн;<br>- лъытэн;<br>- лъэтэн;<br>-<br>- lуэтэн;<br>- |
| Тl | - пIытIын;<br>- | - пIытIэн;<br>- тIэтIэн; |
| Ф | - ифын, хэфын; щIэфын;<br>- лъэфын;<br>- | - ефэн;<br>- лъэфэн;<br>- къэфэн; |
| Фl | - ефIын, зэфIын, фIэфIын;<br>-<br>- пщэфIын;<br>- | - бжьыфIэн;<br>- гъэфIэн;<br>- пщэфIэн;<br>- гуфIэн; |
| В | - увын;<br>- цIывын; | -<br>- цIывэн; |

| | | |
|---|---|---|
| | - бэвын; | - бэвэн; |
| П | - щыпын;<br>-<br>- | - щыпэн;<br>- хуэпэн;<br>- щхьэпэн; |
| Пl | - тlэпlын;<br>- | - тlэпlэн;<br>- лъэпlэн; |
| Б | - убын;<br>- быбын;<br>- лыбын (къэлыбын);<br>-<br>-<br>-<br>- | - убэн;<br>- быбэн;<br>-<br>- lубэн;<br>- lэбэн;<br>- ебэн;<br>- хуэбэн; |
| Цl | - къэцlын, - "lуцlын, хэцlын, гуэцlын, щlэцlын, дэцlын, фlэцlын, пыцlын";<br>-<br>- кlэцlын; | - "ицlэн, lуцlэн, къуэцlэн, хэцlэн, гуэцlэн, щlэцlэн, дэцlэн, фlэцlэн, пыцlэн";<br>- нэцlэн;<br>- |
| Ц | - | - |

**Мы таблицэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы къэгъэлъэгъуа "глагол"хэр ипэкlэ "макъ глагол"у мыухуа макъхэмрэ, "макъ глагол"у ухуа макъыу щытми, *мыхьэнэбэ*у щыт а макъым *и мыхьэнэ* гуэрхэу "макъ глагол"у мыухуарэ "*глаголыпхъэ*"у лъытахэм къыпыхьэ макъ гуэрхэмкlэ "*макъитl*" *зыхэзыубыдэ*у ухуа "*глагол*" щапхъэхэрщ. Икlи, мыбыхэм -бзэм куэдыщэу хэмылэжьыхьми- нэгъуэщl щапхъэхэри къызэрыпыщэфынур гурыlуэгъуэнщ.

- Ауэ, бзэ лэжьэкlэм макъ куэдыр мыхьэнэбэ хэхъухьми, макъ гуэрхэм я мыхьэнэхэр зэхъуэкlыщэу щымытрэ я мыхьэнэ лъабжьэр зэрыщыту е зэмыхъуэкlыщэу бзэм щызекlуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы макъри "дж (гь)" макърауэ лъытапхъэщ. Аращи, мы ипэкlэ къэта макъитl зыхэзыубыдэ глагол щапхъэхэм занщlэу "джын, джэн" мыхьэнэкlи елъапхъэщ; - ауэ, мы "макъыбэ глагол"хэр бзэ мыхьэнэуэ –псалъэ лlэужьыгъуэхэу- "джын, джэн" глаголхэм къазэрыщхьэщыкlри гурыlуэгъуэщи, мыбы папщlэщ икlи мы "макъыбэ глагол"хэр мыбдежым щхьэхуэу щlэлъытар. Дауи, "уджын, уджэн; щlэджын; бзэджэн" глагол мыхьэнэхэр "джын, джэн" глагол мыхьэнэхэм хуэпэгъунэгъуу лъытапхъэщ; ауэ, "тэджын, пыджэн" глаголхэмрэ "джын, джэн" глагол мыхьэнэхэр нэхъ зэрызэхуэпэжыжьэри жыlэпхъэнщ. Ауэ икlи, "тэджын, пыджэн" глаголхэм дэтхэнэ зым и мыхьэнэр "джэн (еджэн)" глагол мыхьэнэм пыщlарэ теухуауэ жыlэпхъэнуи къыщlэкlынщ: «нытlэ, "*тэджын*"ыр и цlэр къызраlуэм -зэджэм- теухуауэ "*зэджэм зеlэт; зэджэр мэтедж*" зэрыжыlэпхъэм

пыщӀаупӀэрэ?»; «икӀи, *и цӀэмкӀэ еджэн-* мыхъуу *и пкъым* теуӀуэу *еджэн*раупӀэрэ *"пыджэн"*ри?». – Мыхэр къэгъэунэхунри *еджакӀуэ лэжьэ ерехъу*!

- ИпэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, *"щӀ"* макъыр *мыхьэнэбзу мылъытапхъэ* зы макъырщи, абы дэтхэнэ зы псалъэм хигъэзэщӀыхьыр ар занщӀэу *"макъ глагол"*у зэрыухуам *теухуа*уэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. - Мыпхуэдэхэм ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыбдежым аргуэру къытедгъэзэжынкъым-. Ауэ, "макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"хэу "ы"рэ "э"кӀэ къэӀу псори мыхьэнэгъуу зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэми, "ы"кӀэ -е "э"кӀэ- къэӀуу ухуа "глагол" гуэрхэм икӀи "э"кӀэ -е "ы"кӀэ- къызэрыӀуу мыхьэнэгъу "глагол" зэраӀэри гулъытапхъэщ:

| | | |
|---|---|---|
| ЩӀ | - хущӀын;<br>- жьыщӀын;<br>- тхьэщӀын;<br>- лъэщӀын;<br>- дэщӀын;<br>- шэщӀын;<br>- кӀуэщӀын; | - хущӀэн;<br>- жьыщӀэн;<br>- тхьэщӀэн;<br>- лъэщӀэн;<br>- дэщӀэн;<br>- шэщӀэн;<br>- кӀуэщӀэн; |

- Ауэ икӀи, *"ы"кӀ*э къэӀу *"глагол"* нэхъыбэм *"къэхъурэ гъэзащӀэу зэрыщыт"*ыр зэрылъытэу *"э"кӀэ къэӀу варианти* зэр*иӀэфын*ур гурыӀуэгъуэми, мыпхуэдэ *вариант*хэм щыщу *бзэм куэдыщэ*у *хэмылэжьыхь*рэ икӀи *нэгъуэщӀ мыхьэнэуи еджапхъ*эхэр мы къэта щапхъэхэми икӀи нэгъуэщӀ макъхэм теухуа щапхъэхэми язэрыхэдымыгъэхьари нэрылъагъущ.

- Мыбыхэм нэмыщӀ, зы макъыр *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэрэ *къыпыхьэ зы макък*Ӏэрэ япэу *къытехъук*Ӏыр *зы "глагол"*у щытми, мы глагол мыхьэнэр лъабжьэу зэрылъытэкӀэрэ абы *нэгъуэщӀ макъ гуэрхэри къызэрищтэ*у бзэм зэрыхэлэжьыхьыфыр гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэри а пэщӀэдзэ мыхьэнэр зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэу нэхъыбэу *"префиксиал глагол"*у зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ занщӀэу "макъ глагол"у мыухуарэ *"глаголыпхъэ"*у лъыта *"цӀ"*ыр къыпыхьэ *зы макък*Ӏэрэ *ухуа "глагол"*ри (къэцӀын), *"цӀ"*ым -*"глаголыпхъэ"*у- теухуа мы *Ӏуэхугъуэр* къызэрыхъурэ къыщыхъур - *къызэрежьэрэ къыздыщежьэр- зэрылъытэ "къ" мак*ъ къыпыхьэу *япэу зэрыухуа "глагол"*ырщ *"къэцӀын"*ыр. Ауэ, мы Ӏуэхур зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэр зэрылъытэу *япэу утыку къихьа глагол*у щытми, мыр *нэгъуэщӀ щӀыкӀэкӀи гъэзэщӀапхъэ* зы Ӏуэхугъуэу щытмэ, зэрыгъэзэщӀэну *"кондицэ" зэрылъытэ мак*ъхэр "префикс" зыхуэхъу *"префиксиал глагол"*уи зэрыухуэфынур гурыӀуэгъуэщ.Аращи, *"глаголыпхъэ"*у лъыта *"цӀ"* макъым "къежьапӀэ"рэ "къэхъупӀэ" зылъытэ *"къ" макък*Ӏэрэ -зэрыигъуэуи- *япэу къытехъукӀа "къэцӀын" глагол*ым (езыри зы *"префиксиал глагол"*щ) мы Ӏуэхугъуэр зэрыгъэзэщӀэфыну щӀыкӀэхэр къызэрыхэщу *нэгъуэщӀ "префиксиал глагол"*хэри *къызэрык*Ӏ*элъык*Ӏуэу утыку къызэрихьэри гурыӀуэгъуэщ. Мыри *"префиксиал глагол"*хэр *япэу утыку къызэрихь*эм теухуа зы *щапхъ*эу лъытапхъэщ. НытӀэ, ипэкӀэ таблицэм

къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэу, *"префиксиал глагол" лъабжьэ*у утыку къихьахэмрэ, абыхэм я *мыхьэнэгъуу нэгъуэщI* "кондицэ"кIэ -"префикс"кIэ-гъэзащIэу иужькIэ утыку къихьэу лъытапхъэ *"префиксиал глагол"*хэр мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| ЦI | - **къэцIын**, - "IуцIын, хэцIын, гуэцIын, щIэцIын, дэцIын, фIэцIын, пыцIын, блэцIын". | - "ицIэн, IуцIэн, къуэцIэн, хэцIэн, гуэцIэн, щIэцIэн, дэцIэн, фIэцIэн, пыцIэн, блэцIэн". |

- Мы зи гугъу тщIа "глагол" къэхъукIэ зиIэрэ, "глаголыпхъэ"м игъуэ зы макъкIэрэ къытехъукI "префиксиал глагол" лIэужьыгъуэхэу, я *гъэзэщIэкIэри* мы зи гугъу тщIа *"глагол"ым хуэд*эу лъытапхъэ *нэгъуэщI "префиксиал глагол" пэщIэдзэ* лIэужьыгъуэхэри щыIэщи, мыбыхэмрэ къакIэлъыкIуэу утыку къихьэу лъытапхъэ -*"ы"рэ "э"кIэ къэIу*- *"префиксиал глагол"*хэри къэдгъэлъэгъуэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| КХЪУ | - **къэкхъун**; - "икхъун, Iукхъун, къуэкхъун, хэкхъун, гуэкхъун, щIэкхъун, дэкхъун, фIэкхъун, пыкхъун"; | - "икхъуэн, Iукхъуэн, къуэкхъуэн, хэкхъуэн, гуэкхъуэн, щIэкхъуэн, дэкхъэун, фIэкхъуэн, пыкхъуэн"; |
| ЖЬ | - **къэжьын**; - "ижьын, Iужьын, къуэжьын, хэжьын, гуэжьын, щIэжьын, дэжьын, фIэжьын, пыжьын"; | - "ижьэн, Iужьэн, къуэжьэн, хэжьэн, гуэжьэн, щIэжьэн, дэжьэн, фIэжьэн, пыжьэн". |
| Ш | - **къэшын**; - хэшын, щIэшын; | - |

- Мы зи гугъу тщIа къэхъукIэ зиIэ глаголхэу, *щIып*Iэрэ *зэманыгъуэ* зэрылъытэ *"щ"* макъкIэрэ позицэ зэрылъытэ *"кондицэ"* зиIэу ухуа *"префиксиал глагол"* пэщIэдзэу зэрылъытэрэ абы къыкIэлъыкIуэ мыхьэнэгъухэу *нэгъуэщI игъуэ "кондицэ"* зэрылъытэ "префикс"хэмкIэ ухуэ *"префиксиал глагол"*хэр щыIэщи, *я мыхьэнэми* зэр*елъытау*э *"ы"кIэ къэIу* мы *"глагол"*хэм *"э"кIэ къэIу вариант* яIэкъым:

| | | |
|---|---|---|
| Т | - **щытын**, - "итын, Iутын, къуэтын, хэтын, гуэтын, щIэтын, дэтын, фIэтын, пытын"; | - |
| ЛЪ | - **щылъын**, - "илъын, Iулъын, къуэлъын, хэлъын, гуэлъын, щIэлъын, дэлъын, фэлъын, пылъын". | - |

- Мы къэта щапхъэхэм хуэдэу лъытапхъэщ *"с"* макъым и зы мыхьэнэр *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэу къыпыхьэ "щ" макъкIи *"префиксиал глагол" пэщIэдзэ*у лъытапхъэ *"щысын"* глаголыр утыку къызэрихьэри, мы ипэкIэ къэта щапхъэхэм хуэдэу *"щысын"* глаголми и *мыхьэнэгъу* нэгъуэщI *"префиксиал глагол"*хэр къызэрыкIэлъыкIуэр мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуащ. Ауэ, мы гупым и мыхьэнэгъурэ хиубыдэу къэдгъэлъэгъуа *"тIысын"* глаголыр *"с"*ыр *"глаголыпхъэ"*у *"тI"* макъ *къыпыхьэу ухуа* зы *"занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэрщи, мы глаголыр *"щысын"*ри *зэрыгъэзащIэм теухуа* мыхьэнэ зиIэу, мы гупым и

"префиксиал глагол" пэщIэдзэу лъыта "*щысын*"ми *ипэ къэхъуа* глаголу лъытапхъэрщ:

| | | |
|---|---|---|
| С | - **тIысын; щысын**, - "исын, Iусын, къуэсын, хэсын, гуэсын, дэсын, фIэсын, пысын". | - |

- "Глаголыпхъэ"у лъыта макъ гуэрхэм ищхьэм зы макъ къызэрыпэхьэу утыку къихьэ "префиксиал глагол"ыр пэщIэдзэу зэрылъытэу, абы нэгъуэщI "префиксиал глагол"хэри къыкIэлъыкIуэу утыку къызэрихьэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыпхуэдэу *зы "глагол"*ыр *пэщIэдзэу зэрымылъытэу*, *"глаголыпхъэ"*у лъыта макъхэм *игъуэ макъ гуэрхэр -я зэхуэдэу- къызэрыпыхьэ*у утыку къихьэ *"префиксиал глагол"*хэри зэрыщыIэри мыбдежым къыщыхэдгъэщу, щапхъэхэри къахуэтхьынщ. Мыпхуэдэ глаголхэри я мыхьэнэм елъытауэ *"ы" къэIукI*э зиIэ защIэу, *"э" къэIукI*э зиIэ *защI*эу щыту утыку къызэрихьэфынум нэмыщI, *"ы"рэ "э" къэIукIитI*ри зиIэ *мыхьэнэгъу глагол*хэр утыку къызэрихьэфынури гурыIуэгъуэнщ.

- НытIэ, мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэр хыболъагъуэр ипэкIэ къэта таблицэми, мыбдежым япэрауэ *"ы" защIэ къэIукI*э зиIэу зэхуэ*мыхьэнэгъу "префиксиал глагол"*хэмрэ, *"э" защIэ къэIукI*э зиIэу зэхуэ*мыхьэнэгъу "префиксиал глагол"*хэм теухуа *щапхъэхэр* къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Щ | - ищын, Iущын, къуэщын, хэщын, щIэщын, дэщын, пыщын; | - ищэн, Iущэн, къуэщэн, хэщэн, гуэщэн, щIэщэн, дэщэн, пыщэн; |
| Ч (: К) | - ичын, Iучын, къуэчын, хэчын, гуэчын, щIэчын, дэчын, фIэчын, пычын; | - ичэн, Iучэн, къуэчэн, хэчэн, гуэчэн, щIэчэн, дэчэн, фIэчэн, пычэн. |

Мыбыхэм щыщу *"ы"кI*э къэIу *"ищын, Iущын, къуэщын, гуэщын"* глаголхэр нэхъыбэу *"къ" префикси къищтэу бзэм зэрыхэлэжьыхь*ри къыхэгъэщыпхъэщ.

- Мыбдежми, *"глаголыпхъэ"* макъыр *"ы"кI*э къызэрыIурэ зы игъуэ макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэу ухуэ *мыхьэнэгъу "префиксиал глагол" щапхъэхэр* къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Х | - ихын, Iухын, хэхын, гуэхын, къуэхын, щIэхын, дэхын, фIэхын, пыхын. | - |

- Мы илъабжьэми, *"э"кI*э *къэIу "глаголыпхъэ"* гуэрхэр къыпыхьэ зы игъуэ макъ гуэрхэмкIэрэ зэ*мыхьэнэгъу "префиксиал глагол"*у зэрыухуэм теухуа *щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| ГУ | - | - игуэн, Iугуэн, къуэгуэн, хэгуэн, щIэгуэн, дэгуэн, фIэгуэн, пыгуэн; |
| КУ | - | - икуэн, Iукуэн, къуэкуэн, хэкуэн, гуэкуэн, щIэкуэн, дэкуэн, фIэкуэн, пыкъуэн; |
| ХЪУ | - | - ихъуэн, Iухъуэн, къуэхъуэн, хэхъуэн, гуэхъуэн, щIэхъуэн, дэхъуэн, фIэхъуэн, пыхъуэн. |

- Глагол мыхьэнэм елъытауэ *"ы"рэ "э" къызэры*I*у* щIыкIэхэр *мыхьэн*эуэ *зэхуэпхэнджу гъэзащ*Iэ Iуэгъуэхэри *зэрылъытэф*ыр гурыIуэгъуэщи, мы илъабжьэм *"ху"* макъыр *"ы"рэ "э"к*Iэ къызэрыIу *"глаголыпхъэ" гупит*Iым зы игъуэ макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэу къатехъукIа *"префиксиал глагол" гупит*Iыу къэтахэр *гуп к*I*уэц*I*к*Iэ *"ы"рэ "э"уэ къызэры*I*у*м елъытауэ *зэхуэпхэндж гъэзэщ*I*эк*Iэ зиIэхэу зэрыщытхэри гулъытапхъэщ:

| | | |
|---|---|---|
| ХУ | - ихун, Iухун, къуэхун, хэхун, гуэхун, щIэхун, дэхун, фIэхун, пыхун, блэхун;<br>- ихун, хэхун, гуэхун, щIэхун, дэхун, фIэхун, пыхун; | - ихуэн, Iухуэн, къуэхуэн, хэхуэн, гуэхуэн, щIэхуэн, дэхуэн, фIэхуэн, пыхуэн, блэхуэн;<br>- ихуэн, хэхуэн, гуэхуэн, щIэхуэн, дэхуэн, фIэхуэн, пыхуэн. |

- Мы зи гугъу тщIахэми хиубыдэу щытщи, "лъэ"м ехьэлIауэ щытыр "лъэ-ы"уэ зэрылъытэу "глаголыпкъ"у е ипэ къихуэ макъыу зыхэзыубыдэ "глагол"хэр щыIэщи, мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ:

| |
|---|
| - щылъын (щы-лъэ-ы-н), – "илъын (и-лъэ-ы-н), ..."; <br>- пылъын (пылъауэ щытын: "пы-лъэ-ы-н"), фIэлъын (фIэлъауэ щытын: "фIэ-лъэ-ы-н); |
| - лъыхъуэн (лъэ-ы-хъуэ-н);<br>- лъысын (лъэ-ы-с-н). |

- Ауэ, мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, "лъэ-ы"рэ икIи "лъы"уи зэреджапхъэ псалъэрэ глаголхэри щыIэщ:

| |
|---|
| - "Лъытэн" псалъэм "лъэ-ы-тэ-н"у зэреджапхъэм хуэдэжу, "лъы"р зи итыпIэм къызэрикI щIыкIэу "лъы-тэ-н"уи еджапхъэщ;<br>- "Илъын, къилъын" псалъэхэми "лъы"р зэрылажьэу -губжьам и лъыр зэрылажьэу- еджапхъэщ. |

- НытIэ, "лъэ"м и гугъу щытщIакIэ, макъ утыку къызэрихьэм теухуауэ *"макъ глагол"* лIэужьыгъуэхэу ухуа *"*I*ун,* I*уэн"* псалъэхэм *ип*Iэ *иува*уэ лъытапхъэу бзэм хэлэжьыхь хъуауэ *"лъэ" глаголыпхъэм ипэ "псэ" къызэрыпыхь*эу ухуауэ *таблицэм хиубыд*эу къэта *"псэлъэн"* глаголми гулъытэ щыхуэтщIынщ мыбдежми, "Iун, Iуэн" глаголкIэ утыку къихьэ "Iугъэ" е "Iуэгъуэ" лIэужьыгъуэу цIыхум гулъытэ зыхуищIыу "псалъэ"у илъытар лъабжьэ хуэхъуу ухуа зы *"глагол"*у (псэлъэн) лъытапхъэрщ. Аращи, адыгэбзэм и *макъыбзэ лэжьэк*Iэм *"онтологие"*у *щылъыта*рэ ноби адыгэбзэм щызекIуэ "I*ун,* I*уэн"* глаголым *ип*Iэ*к*Iэ –мы глаголкIэрэ утыку къихьа "Iугъэ" лIэужьыгъуэр *ц*I*ыхум* зэри*гъэщ*I*агъуэ*рэ *пщ*Iэ *зэрыхуищ*Iыу- *"философие"* лIэужьыгъуэу илъыта *"псалъэ"*м *къытехъук*I*а "глагол"* лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ *"псэлъэн"*ыр.

- *"Дз"* макъыр *занщ*I*эу "макъ глагол"*у зэрыухуэм нэмыщI, икIи *ц*Iэ лIэужьыгъуэ *"макъ псалъэ"* (дзэ) къызытехъукIырщи, *"дзэ"мк*Iэ *гъэзэщ*I*эф* зы I*уэхугъуэ*ри –зэрыимыгъуащэри къызэрыхэщу- *"глаголыпхъэ"*у лъыта *"къ"* макъым *ищхьэм* къыпыхьэ *"дзэ" псал*ъэкIэрэ утыку къихьэ *"глагол"*кIэ къоIуатэр. Мыбы нэмщыIыу таблицэм хиубыдэ *"къэкъэн"* глаголыр *"къ"*

*мак*ъым и *мыхьэнэм темыухуа*рэ емылъытауэ бзэм иужьыӀуэкӀэ *къэӀу зэпыт "къ" мак*ъым (къэ къэ...) *егъэщхьыныгъэ*у къигъэщӀа *"глагол"*у зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мы зи гугъу тщӀахэри мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| КЪ | - | - дзэкъэн;<br>- къэкъэн (макъ мыхьэнэншэ; - макъ егъэщхьыныгъэ). |

- ИпэкӀэ къэта таблицэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэм тежыӀыхьыпхъэ гуэрхэр къыпытщэжащи, таблицэм мыбыхэм нэмыщӀхэри зэрытежыӀыхьыпхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, *глагол*хэр мы я *зэхущытык*Ӏэхэм нэмыщӀ, *"занщ*Ӏэ*"*рэ *"префиксиал"*у *зэрызэщхьэщык*Ӏми *иужьк*Ӏэ игъуэ щыхъум деж икӀэ нэгъунэ щыгъазэ дызэрыхуэхъунури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, *"префиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэу *"пэщ*Ӏ*эдзэ"*уи лъытапхъэхэр *къак*Ӏ*элъык*Ӏ*уэ*у утыку къихьа *"префиксиал глагол"*хэм- *ипэ къэхъуа*уэ зэрылъытапхъэрэ икӀи *"префиксиал глагол" къэхъуныгъэ*ми и *пэщ*Ӏ*эдзэ*уи зэрылъытапхъэри жыӀэпхъэнщ; ауэ икӀи, мы *"пэщ*Ӏ*эдзэ глагол"*хэм *къак*Ӏ*элъык*Ӏ*уэ*у утыку къихьа мы *"префиксиал глагол"*хэри *"глагол пэщ*Ӏ*эдзэ" зимы*Ӏэрэ *зэхуэдэ*у утыку къихьауэ лъытапхъэ *"префиксиал глагол"хэм я зэманэгъуу* утыку къихьахэуи лъытапхъэнщ. Мыбыхэм нэмыщӀ щапхъэхэри хэтыжу иужькӀ икӀэ нэгъунэ щыгъуазэ дахуэхъунущ.

- Мыбдежым "префиксиал глагол"хэм я гугъу щытщӀакӀэ къыхэгъэщыпхъэщи, *"глаголыпхъэ"*у лъыта *мак*ъхэм –е я мыхьэнэ гуэрхэм- *ищхьэм зы игъуэ макъ* гуэр *къызэрыпыхьэ*у *утыку къихьэр* зы *"префиксиал глагол"*у щытмэ, мы "префиксиал глагол"ым *и "префикс"*ыр "глаголыпхъэ"у лъыта макъым ищхьэм *къыпыхьэ макъращи*, *"глаголыпхъэ"*у лъыта *макъри* мы *"префиксиал глагол"*ым и *"глаголыпкъ"*у зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. Ар щыхъукӀи, *"глаголыпхъэ"* лӀэужьыгъуэр *"глаголыпкъ"* -"занщӀэ глагол"- щыхъуа *"префиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэхэрщ мыпхуэдэхэр. Ауэ, мыпхуэдэу утыку къихьэ глаголыр "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу щытмэ, мыр *макъит*Ӏ*ым зэдаухуа "глагол"* лӀэужьыгъуэрщ; ауэ икӀи, "занщӀэ глагол"у ухуа мы *макъит*Ӏ*ым и к*Ӏ*эух мак*ъыр мы псалъэр *–глаголыр- зэрылажьэ* Ӏыхьэрщи, ари *"глаголыпхъэ"*у лъыта *мак*ърауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

- Мы къэтӀуэтахэм нэмыщӀ, адыгэбзэм *зы макъ* е зы псалъэр *т*Ӏ*эу къызэры*Ӏ*у* щӀыкӀэу *псалъэ къэхъук*Ӏэ иӀэщи, зы макъыр тӀэу къызэрыӀуу ухуэ *псалъэм и мыхьэнэри* абы *хиубыдэ макъым* е псалъэм *и мыхьэнэ*р зэрыбагъуэу *лъэщ зэрыхъу* щӀыкӀэу зэрылъытэнури гурыӀуэгъуэнщ. *Мыпхуэдэ псалъэ къэхъук*Ӏэ *пэщ*Ӏ*эдзэ*ри *макъит*Ӏ *зыхиубыдэ псалъэ щыухуэм деж*рагъэнщи, глагол лъэныкъуэкӀэ мыри *макъит*Ӏ *зыхиубыдэу "глагол"* зэрыухуэм *теухуа*уэ мы зи

гугъу тщӏа *глагол къэхъуныгъэм* дежращ. Икӏи, мыбдежым *мыпхуэдэ глагол къэхъуныгъэ пэщӏэдзэр иужькӏэ мыпхуэдэ глагол*хэр *къызэрыхъу*нуми *лъабжьэу* зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, ипэкӏэ *таблицэм* къыщытауэ щыт "*макъитӏ зыхэзыубыдэ глагол*"хэм щыщу *зы макъыр тӏэу къызэрыӏу*у ухуа *глагол*хэр мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэжынщ (- и *нэхъыбэр макъ мыхьэнэ* лӏэужьыгъуэ *глагол*ми, мыбыхэм *къэӏу макъ зэпытыр зэрылъытэ*у – егъэщхьыныгъэу- ухуа *глагол*хэри яхэтщ):

| | | |
|---|---|---|
| КЪ | - | - къэкъэн ("къэ" макъ зэпыту къэӏур егъэщхьыныгъэу зэрылъыта глагол); |
| ХЪУ | - хъуэхъун; | - хъуэхъуэн; |
| ГЪ | - | - гъэгъэн; |
| ГЪУ | - | - гъуэгъуэн ("гъуэ" макъ зэпыту къэӏур егъэщхьыныгъэу зэрылъыта глагол); |
| Щ | - | - щэщэн; |
| Щӏ | - | - щӏэщӏэн; |
| С | - сысын; | - |
| ЛЪ | - | - лъэлъэн; |
| Тӏ | - | - тӏэтӏэн. |

*

- Ипэкӏи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *зэрыухуагъэххэу "макъыбэ глагол"*хэу лъытапхъэу къэта мы глагол щапхъэхэми *ухуагъэххэ цӏэ лӏэужьыгъуэ псалъ*эхэм -нэхъыбэу "*плъыфэцӏ*э"хэм- *къытехъук*ӏауэ лъытапхъэу утыку къихьа *глагол*хэри яхэтщ. Нытӏэ, къытехъукӏа псалъэри къыхэщу мыпхуэдэу ухуа глаголхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| **Къызтехъукӏа цӏэ лӏэужьыгъуэ "макъыбэ псалъэ"хэр** | **"Инфинитив"у зэпкъырыувэу "макъыбэ глагол"у зэрыухуахэр** |
|---|---|
| - хуэм<br>- щым | → хуэмын;<br>→ щымын; |
| - хъуахъуэ | → хъуэхъуэн; |
| - зэгъ | → зэгъын; |
| - пагэ | → пэгэн; |
| - бзаджэ | → бзэджэн; |
| - нэщӏ | → нэщӏын; |
| - пхъашэ | → пхъэшэн; |
| - хуэдэ | → хуэдэн; |
| - тӏатӏэ | → тӏэтӏэн; |
| - лъапӏэ | → лъэпӏэн; |
| - хуабэ | → хуэбэн. |

*"Глагол"у щымытми, макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ* ***"инфинитив формэ"*** *зэпкъырыувэкӏэ зиӏэ* ***цӏэ*** *лӏэужьыгъуэ* ***"псалъэ"****хэми яхэплъэгъуэ.*

Ипэкӏэ "инфинитв формэ"у ухуа цӏэ лӏэужьыгъуэ "псалъэ"хэм я къэхъукӏэхэмрэ къызытехъукӏа "глагол"хэми зэрелъыта щӏыкӏэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуар гурыӏуэгъуэщи, мыбдежми мы ипэкӏэ къэта таблицэм хиубыдэ "глагол"хэм елъытауэ лъытапхъэу "*инфнитив формэ*" зэпкъырыувэкӏэ зиӏэ *цӏэ* лӏэужьыгъуэ "*псалъэ*"хэр "глагол"хэм къазэрытехъукӏарэ зэрелъыта щӏыкӏэхэри я *зэкӏэлъхьэужьыкӏэу* къэдгъэлъагъуэу, къызэрыхъуа щӏыкӏэхэм тежыӏыхьыпхъэри къыпытщэжынщ:

| **Инф. формэ псалъэхэр** | **"Глагол"у мыухуами, "инфинитив формэ"у зэпкъырыувэ цӏэ лӏэужьыгъуэ "псалъэ"хэм теухуауэ** |
|---|---|
| Къэшэн | Зэпылъу *зэрышэн* гугъэ зиӏэхэр зэрызыралъытэу "*къэшэн*" *глагол* "*объект*"у лъыта *цӏэ* лӏэужьыгъуэу "*инфинитв формэ*" зэпкъырыувэкӏэ зиӏэ "*псалъэ*"рщ. |
| Тепӏэн | "*Тепӏэн*" глагол "*объект*"у *тырапӏэр* зэрылъытэ цӏэ лӏэужьыгъуэу "инфинитив формэ"у зэпкъырыва "псалъэ"рщ. |
| Щыгъын | Ипэкӏэ "щы-гъэ-ы-н"у зэрыухуа щӏыкӏэри къыхэдгъэща "*щыгъын*" *глаголыр зытеухуа*р зэрылъытэ *цӏэ* лӏэужьыгъуэ *псалъэ*рщи, зы*щыгъым щыгъ*ыр *щыгъын*щ. |
| Дэлэн | И кӏуэцӏым -икум- *дэшхын* гуэр *зэрыдалъ*эу -зэрыдалъхьэу- зэрылъытэу "*дэлэн*" *глаголыр зи лъабжь*эрэ "дэлэн"кӏэрэ зэращӏыр зэрылъытэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува *шхыныгъуэцӏ*э лӏэужьыгъуэ "псалъэ"рщ. |
| Къуэлэн | "*Лэн*" *глагол*ым къытехъукӏарэ *зэхуэмыдэу плъыфэхэмк*ӏэ *зэхэлыхьа*р зэрылъытэ *плъыфэцӏ*эу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува "*псалъэ*"рщ. |
| ӏэлъын | "ӏэлъын"ыр глаголу бзэм хэмыт е щызэмыкӏэжми, ӏэм – ӏэ*хъуамбэ*м- иралъхьэрэ *илъ*у *щыт*ыр (ӏэ-лъэ-ы-н) зэрылъытэ *цӏ*э лӏэужьыгъуэу "*инфинитив формэ*"у ухуа "*псалъэ*"рщ. |
| Джэгуэн | "*Джэгун*" глаголыр зи лъабжьэу ури*джэгу хъу*р - "дэджэгупхъэ"р- зэрылъытэ *ц*ӏэ лӏэужьыгъуэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува "*псалъэ*"рщ. |
| Удын | "*Уэн*" глаголым къытехъукӏарэ уэгъуэр *зытехуам тырищ*ӏэ "у(*уэ-ы*)ӏэгъэ" *лӏэужьыгъуэ*р (д) зэрылъытэу "*инфинитив формэ*"у зэпкъырыува "*псалъэ*"рщ. |
| Пэгун | "Гу" макъыр занщӏэ "макъ глагол"у мыухуарэ икӏи "глаголыпхъэ"уи мылъытэу "глагол" къызытемыхъукӏами, -е, бзэм хэмытыжми-, "*гу*" макъыр зи *кӏу*хрэ "*глаголыкъ*"у зэрылъытапхъэу "инфинитив формэ"у зэпкъырыува *ц*ӏэ лӏэужьыгъуэ "*псалъэ*"рщ мыр. |
| Кхъуэщын | "*Кэрамикэ*" зэрылъытэ адыгэбзэ псалъэрщи, "*ферментацэ* |

| | |
|---|---|
| | *щызэхэхъухьын* ("кхъуэ-щ-н"; "кхъуэщ хъун") мыхьэнэ зиIэрщи, фадэрэ шхын лIэужьыгъуэхэр щы*зэхагъэкхъухь* пэгун лIэужьыгъуэу зэрызырахьэм къытехъукIа *ц*Iэ лIэужьыгъуэ "*псалъэ*"у жыIэпхъэщ. |
| Дыжьын | Бзэм быдагъэрэ нэщIыгъэм нэгъунэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрилъытэу хэлэжьыхь "д" макъымрэ увыIэгъуэ зимыIэ хьэрычэтрэ зэхъуэкIыныгъэ зылъытэу бзэм хэлэжьыхь "жь" макъ зыхиубыдэу ухуа мы псалъэ мыхьэнэр гурыIуэгъуащэу жыIэпхъэкъым, ауэ бэзэрым щызекIуэ зэхъуэкIыпхъэ – ахъшэ- лIэужьыгъуэу зэрылъытагъэнурауи жыIэпхъэнщ мы элементыр мы псалъэмкIэ щIэлъытар. |

**"Макъ зэгуэт"хэм -къапыхьэ зы игъуэ макъкIэрэ- къатехъукI "макъитI зыхэзыубыдэ глагол" таблицэмрэ тежыIыхьыпхъэхэр.**

"Макъ зэгуэт"хэу "глаголыпхъэ" лIэужьыгъуэхэр зы "игъуэ макъ" гуэркIэрэ "глагол"у зэрыухуэм теухуа "*глагол*" щапхъэхэри я *мыхьэнэхэм елъыта*уэ *гуп гупу* –дэтхэнэ *зы гуп*ым *мыхьэнэгъу глагол*хэр хиубыдэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, тежыIыхьыпхъэхэри къыпытщэнщ:

| Макъ зэгуэтхэр | Оригиналу -"ы"кIэ- къэIу "глаголыпхъэ"хэм ищхьэм зы игъуэ макъ къызэрыпыхьэу ухуэ "глагол"хэр | "Э"кIэ къэIу "глаголыпхъэ"хэм ищхьэм зы игъуэ макъ къызэрыпыхьэу ухуэ "глагол"хэр |
|---|---|---|
| ПКЪ | - | - |
| ТКI | - | - |
| ПКI | - | - |
| ТКIУ | - | - |
| ЩХЬЭ | - хущхьэн;<br>- ещхьын (е-щхьэ-ы-н), зэщхьын; | - |
| ТХЬЭ | - | - |
| ЩХЪ | - | - |
| ЩХЪУ | - уэщхъун;<br>-<br>- Iуэщхъун; | - ущхъуэн, къэщхъуэн;<br>- хущхъуэн;<br>- Iуэщхъуэн; |
| ТХЪ | - хэтхъын, гуэтхъын, щIэтхъын, дэтхъын, пытхъын; | - хэтхъэн, гуэтхъэн, щIэтхъэн, дэтхъэн, пытхъэн; |
| ПХЪ | - | - |
| ТХЪУ | - щытхъун;<br>- | -<br>- утхъуэн; |
| ПХЪУ | - | - щIэпхъуэн; |

| | | |
|---|---|---|
| | | - lэпхъуэн; |
| ШХ | - (къешхын), ешхын; | - "ишхэн, lушхэн, къуэшхэн, хэшхэн, гуэшхэн, щlэшхэн, фlэшхэн, пышхэн"; |
| ШХУ | - | - гушхуэн; |
| ТХ | - утхын; | - утхэн; |
| ТХУ | - | - |
| ЛЪХУ | - | - |
| ПХ | - | - |
| БГЪ | - | - ебгъэн (- игу ебгъэн); |
| БГЪУ | - убгъун; | - убгъуэн; |
| БГ | - | - |
| БДЗ | - | - |
| БЖЬ | -<br>- | - ибжьэн, хэбжьэн, щlэбжьэн;<br>- лыбжьэн; |
| БЖ | - | - |
| БЗ | -<br>- | - убзэн;<br>- жэбзэн; |
| ПЩ | -<br><br><br><br><br>- хэпщын (хэгъэпщын); | - епщэн, къепщэн, - "ипщэн, lупщэн, къуэпщэн, хэпщэн, гуэпщэн, щlэпщэн, дэпщэн, тепщэн, фlэпщэн, пыпщэн";<br>- хэпщэн;<br>- |
| ПЩl | - упщlын;<br>- къэпщlын;<br>- пщlыпщlын (-къэпщlыпщlын);<br>-<br>- | - упщlэн;<br>-<br>- пщlыпщlэн (-зэхэпщlыпщlэн);<br>- епщlэн;<br>- хэпщlэн; |
| ПШ | - | - |
| ПС | - упсын;<br>-<br>-<br>- гъэпсын; | -<br>- упсэн;<br>- хъуэпсэн;<br>- |
| ПЛЪ | - | - |
| БЛ | - | - ублэн; |
| ПЛl | - | - |
| ЩТ | - | - кlыщтэн; |
| ПЩТ | - къэпщтын, къипщтын; | - |
| ФТ | - ифтын, lуфтын, къуэфтын, хэфтын, гуэфтын, щlэфтын, дэфтын, фlэфтын, пыфтын; | - |
| ПЦl | -<br>- | - къэпцlэн; гъэпцlэн (къэгъэпцlэн); |

| | | |
|---|---|---|
| | -<br>- упцӀын; | - хэпцӀэн (- зэхэпцӀэн);<br>- упцӀэн (- теупцӀэн). |

**Мы таблицэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ЗанщӀэу "макъ зэгуэт глагол"у мыухуарэ икӀи "глаголыпхъэ"уи мылъытэу "глагол" къызытемыхъукӀ "макъ зэгуэт"хэр зэрымымащӀэр нэрылъагъущи, мыбыхэм макъитӀ-щы къапыхьэу "глагол" къатехъукӀрэ къатзэрытемыхъукӀми къытпэщыт лэжьыгъэхэм деж дащыкӀэлъыплъынщ.

- Мы псалъэм къызэрыхэщщи, "*макъ зэгуэт*"у "*глаголыпхъэ*"*у лъыт*эрэ *икӀи* къапыхьэ зы макъ гуэркӀэрэ "*глагол*" къызэрытехъукӀри куэдыщэу зэры*щымыт*рэ икӀи "*глаголыпхъэ*"у лъытэхэми *къатехъук*Ӏ "*глагол*" *бжыгъэ*ри *щхьэж макъхэм елъытауэ мащ*Ӏэу зэрыщытыр наӀуэщ. Мыбы и щхьэусыгъуэри "*макъ зэгуэт*"*хэр бзэ лэжьэк*Ӏ*эр псэлъэщ*Ӏэ къэгъэщӀын *щыхуэныкъуэм* псалъэм хиубыдэу *къэхъуа*уэ зэрыщытрагъэнщ; аращи, бзэ лэжьэкӀэм къигъэщӀ псэлъэщӀэм хиубыдэу мы къызэрыхъуа щӀыкӀэм теухуауэ "*макъ зэгуэт*" гуэрхэр *щхьэж макъ пэлъыт*эу бзэм хэлэжьыхь хъуами, "макъ зэгуэт" гуэрхэр бзэм хэлэжьыхьын лъэкӀыныгъэ зэрамыгъуэтар жыӀэпхъэнщ.

- Мы зэрыжытӀауэ, макъыбзэ лэжьэкӀэм макъыщӀэ зэрыхуэныкъуэм ипкъ зэриткӀрэ, бзэ лэжьэкӀэм къигъэщӀ псэлъэщӀэхэм хиубыдэу утыку къихьауэ лъытапхъэ "*макъ зэгуэт*"хэм щыщ *гуэрхэр бзэ лэжьэк*Ӏ*эм щхьэжу* "*макъ зэгуэт*" лӀэужьыгъуэуи хэлэжьэжьыхьу щӀидза щхьэ, "*макъ зэгуэт*" *гуэрхэр къыщыхъуа псалъэм нэмыщ*Ӏ *лэжьэк*Ӏэ *ямыгъуэтыфа*уэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мыбдежым *бзэ лэжьэк*Ӏ*эм* къигъэщӀа "*глагол*" *гуэрхэм хиубыдэрэ хуэ*Ӏ*уа*уэ лъытапхъэрэ бзэм нэгъуэщӀ псалъэхэми щыхыумылъагъуэ - щхьэжу "*макъ зэгуэт*"у мылъытапхъэ- "*макъ зэгухьэныгъэ*" лӀэужьыгъуэу "*глаголыпхъэ*"*у* зэрылъакӀэрэ "*глаголыпкъ*" лӀэужьыгъуэуу *зыхэзыубыдэ* "*глагол*" гуэрхэм теухуа *щапхъ*эхэр икӀи *мыхьэнэгъу глагол*уи зэрыбагъуэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| ТХЬ | - | - **гъутхьэн**, - "игъутхьэн, Ӏугъутхьэн, къуэгъутхьэн, хэгъутхьэн, гуэгъутхьэн, щӀэгъутхьэн, дэгъутхьэн, фӀэгъутхьэн, пгъутхьэн. |

- ИпэкӀэ щхьэж макъхэм теухуа щапхъэ гуэрхэм хуэдэу, *пэщ*Ӏ*эдзэ глагол л*Ӏ*эужьыгъу*эу утыку къызэрихьар гулъытапхъэщ "*гъутхьэн*"ри, ар икӀи "*занщ*Ӏэ *глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрыщыткӀэ, "*префикс*" къалэн зиӀэ *макъ*кӀэрэ "*префиксиал глагол*"хэри къызытехъукӀырщ. Ауэ икӀи къыхэгъэщыпхъэщ бзэ лэжьэкӀэм хиубыдэ *макъ зэгухьэныгъэ*хэр мыбдежым къэтхьа щапхъэхэм къыщынэу зэрыщымытри, нытӀэ, мы дызыхуэкӀуэ лэжьыгъэхэми къытпыщӀэхуэну щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| ЛЪХЬ | - | - "илъхьэн ("илъ-хьэн" ← "илъын + ихьэн"), Ӏулъхьэн, къуэлъхьэн, хэлъхьэн, гуэлъхьэн, щӀэлъхьэн, дэлъхьэн, фӀэлъхьэн, пылъхьэн"; |

| | | |
|---|---|---|
| СТХЪ | - епIэстхъын, зэпIэстхъын; | - пIэстхъэн {"пIэс-тхъэн (тхъы-э-н)}, епIэстхъэн; |
| ПСЧ | - | - псчэн (← "пс-чэ-н" ← ← "псэ-ы-чэ-н"). |

- Мыбыхэм нэмыщI, ипэкIэ щхьэж макъхэм теухуауэ зи къэхъукIэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щIыкIэу, утыку къихьэ зы "*глагол*" *лъабжьэ*мрэ, и *мыхьэнэгъу*у утыку къихьэ *глагол*хэри *щапхъэ*у къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| ШХ | - "ешхын" (-**къешхын**); | - "ишхэн, Iушхэн, хэшхэн, гуэшхэн, щIэшхэн, фIэшхэн, пышхэн". |

- Мыпхуэдэ къэхъукIэ зиIэрэ икIи зы "глагол"ыр лъабжьэу мылъытарэ *зэхуэдэу къэхъуа*уэ лъытапхъэ "*глагол*"хэм теухуа *щапхъэ*хэри къэтхьынщ:

| | | |
|---|---|---|
| ТХЪ | - хэтхъын, гуэтхъын, щIэтхъын, дэтхъын, пытхъын; | - хэтхъэн, гуэтхъэн, щIэтхъэн, дэтхъэн, пытхъэн; |
| БЖЬ | - | - ибжьэн, хэбжьэн, щIэбжьэн; |
| ФТ | - ифтын, Iуфтын, къуэфтын, гуэфтын, хэфтын, щIэфтын, дэфтын, фIэфтын, пыфтын; | - |

- "Макъ зэгуэт"ыр "глаголыпхъэ"у зэрылъытэкIэрэ къыпыхьэ зы макъкIэ къытехъукI "глагол"хэм теухуауэ мы къэгъэлъэгъуа щапхъэхэм нэмыщI, "*макъ глагол*"у ухуарэ мы и *мыхьэнэ*ми *елъытау*э бзэ лэжьэкIэм *мыхьэнэщI*эу къытехъукIауэ лъытапхъэу утыку къихьа "*глагол*" щапхъэхэри къэтхьынщ:

| | | |
|---|---|---|
| ЩТ | - хэщтын (- къыхэщтын/къыхэщтыкIын); | - |
| ПЩТ | - къэпщтын, къипщтын (: "къилъын"); | - |

- "Макъ щэху"хэми "у"кIэ къежьэ "глагол" (усын, усэн) къазэрытехъукIар гурыIуэгъуэщи, абдежым и гугъу щыдымытщIа мы "глагол" ухуэкIэм мыбдежым и гугъу щIытщIынщ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, "*ужьыгъуэ*" зи *мыхьэн*эрщ "*у*" *мак*ъри, ар *зи кIэух* макърэ псалъэр -мыхьэнэуэ- а зэрыщыту *ужьыгъуэрэ лIэужьыгъуэ*у мэлъытэр; "у"р *зи пэщIэдзэ* макърэ псалъэ мыхьэнэри *ужьыгъуэ*кIэ *къэхъурэ гъэзэщI*эу мэлъытэр. НытIэ, таблицэм "*у*"*к*Iэ *къежьэ*у ухуауэ къыщыта *глагол*хэр (пп: "утхын, утхэн") зытеухуа "*макъ зэгуэт*" (тх) *мыхьэнэр* {къарукIэ (т) щыIэпIэм (х) хуэкIуэныр} -е *псалъэ/псэлъапхъэ* (пп: "бгъун, бгъуэн") *мыхьэнэр- ужьыгъуэ*кIэ (у) *къэхъурэ гъэзащI*эу зэрыщытыр зэрылъытэу жыIэпхъэщи, мыпхуэдэ глагол щапхъэхэр мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| ЩХЪУ | - | - ущхъуэн; |
| ТХЪУ | - | - утхъуэн; |
| ТХ | - утхын; | - утхэн; |
| БГЪУ | - убгъун; | - убгъуэн; |
| БЗ | - | - убзэн; |
| ПЩI | - упщIын; | - упщIэн; |
| ПС | - упсын; | - упсэн; |
| БЛ | - | - ублэн; |

| | | |
|---|---|---|
| ПЦӀ | - упцӀын; | - упцӀэн. |

- Таблицэхэм теухуаузэ *мы къэхэгъэщахэм нэмыщ*Ӏыуи къыпыщапхъэхэр щыӀэщи, мыбдежым мыпхуэдэхэм я гугъу щытщӀынщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, таблицэм хиубыдэхэр *"глагол" къалэн* зыгъэзащӀэ *макъ*хэмрэ *къатехъук*Ӏ *"глагол"*хэрщи, *"глагол" къалэн зымыгъэзащ*Ӏэ *"р" мак*ъыр зи *кӀэух*ыу ухуэ *псалъэ* гуэрхэр *"глагол"у мэухуэф*ри, нытӀэ, мыбдежым мыбыхэм я гугъу щытщӀынщ. Аращи, *"р"* макъыр *мыхьэнэншэ*рэ икӀи *"глагол" къалэни зымыгъэзащ*Ӏэ *макъ*ыу, *таблицэм химыубыдэ "р"* макъыр *къызкӀэлъыкӀуэр гурыӀуэгъуэрэ лъэщ зыщ*Ӏ *макъ*щи, мыпхуэдэу кӀэух зыхуэхъуу утыку къихьэ *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ *псалъэ* гуэрхэри -я мыхьэнэми зэрелъытакӀэрэ- *"глагол"у зэрыухуэф*ынур гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мы зи гугъу тщӀа щӀыкӀэу *"макъ зэгуэт"*хэм *"р" къызэрыпыхьэ*у *макъит*Ӏ *зыхиубыдэ*у утыку къихьа *псалъэ*хэу *"глагол"у ухуэ*хэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| ПХЪ | - пхъэрын; | - |
| БГЪ | - бгъэрын; | - |

*"Глагол"у щымытми, макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ "**инфинитив формэ**"у зэпкъырыувэ **цӀэ** лӀэужьыгъуэ "**псалъэ**"хэми яхэплъэгъуэ.*

| | |
|---|---|
| Дэшхын | "Шхын" глаголым къытехъукӀа *"дэшхын"* глагол *"объект"*у *шхын*ым *дащ*Ӏыгъуу яшх *шхын* лӀэужьыгъуэр зэрылъытэу *"инфинитив формэ"*у зэпкъырыува *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ "псалъэ"рщ. |

## МАКЪИТӀ НЭХЪЫБЭ ЗЫХЭЗЫУБЫДЭУ УХУЭ ГЛАГОЛХЭР: "**ГЛАГОЛ**"ХЭР "**МАКЪЫБЭ**"У **ЗЭРЫБАГЪУ**ЭМ ТЕУХУАУЭ

Глагол къэхъуныгъэм теухуауэ макъхэр занщӀэу "глагол"у -*"макъ глагол*"у- зэрыухуэмрэ мыпхуэдэу мыухуэ макъхэмрэ макъ мыхьэнэхэри *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэкӀэрэ ищхьэм *къыпыхьэ зы макък*Ӏэрэ утыку къихьэ *"глагол"*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьащи, икӀи, *мы* щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"глагол" къэхъуныгъэ*хэр *адыгэбзэ*м и *"глагол" къэхъуныгъэ лъабжьэ*уи лъытапхъэщ.

Мы псалъэми зэрезэгъщи, *адыгэбзэ*м хиубыдэ *"глагол" нэхъыбэр мы* ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"глагол"*хэр *лъабжьэ язэрыхуэхъу*у утыку къызэрихьари жыӀэпхъэщ. НытӀэ, *"макъ глагол"*хэмрэ *"глаголыпхъэ"*у лъытарэ къыпыхьэ зы игъуэ макъкӀэ *"глагол"у ухуахэр лъабжьэ язэрыхуэхъуу макъит*Ӏ *нэхъыбэ* зыхиубыдэу утыку къихьа *"глагол"*хэм

теухуа щапхъэхэри къэгъэлъэгъуэн Iуэхугъуэр мы дызыхуэкIуэ лэжьыгъэу къызэрытпэщытыр гурыIуэгъуэщ.

Ауэ икIи, *мы* зи гугъу тщIа ʺ*глагол*ʺхэм *нэужь*урэ *мыхэри лъабжьэ зыхуэмыхъу оригинал* лIэужьыгъуэ ʺ*глагол*ʺхэр утыку къызэрихьэфынури гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, мыбдежым *япэрауэ мыпхуэдэ* ʺ*глагол*ʺхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, мыбыхэм теухуа *щапхъ*эхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Мы зэрыжытIауи, ʺмакъ глаголʺхэмрэ ʺглаголыпхъэʺу лъытарэ къыпыхьэ зы макъкIэрэ ухуа ʺглаголʺхэр лъабжьэ зыхуэмыхъуу, икIи мыбыхэм я мыхьэнэхэм пымыщIарэ темыухуауэ оригинал мыхьэнэ - мыхьэнэщIэ- зиIэу макъитI нэхъыбэ зыхиубыдэу ухуэ ʺглаголʺхэм теухуа щапхъэхэр мы илъабжьэм ʺмакъ Iуэрʺхэм къыщыщIэддзэу, ʺмакъ щэхуʺрэ ʺмакъ зэгуэтʺхэр зыхэзыубыдэ таблицэхэр зэщIэтхауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъхэр** | **Оригиналу -ʺыʺкIэ- къэIу ʺглаголыпхъэʺхэм зы ʺигъуэ макъʺкIэ къатехъукI ʺглаголʺхэр** | **ʺЭʺкIэ къэIу ʺглаголыпхъэʺхэм зы ʺигъуэ макъʺкIэ къатехъукI ʺглаголʺхэр** |
|---|---|---|
| IЭ | - гушыIэн;<br>- увыIэн; | -<br>- |
| И | - кIуриин, укIуриин;<br>- дриин;<br>- егиин;<br>- къуэдиин, укъуэдиин;<br>- ушиин; | -<br>-<br>-<br>-<br>- |
| Е(иэ; эй)<br><br><br><br><br>---------------<br>Е(иэй; эйй) | - кIуриен;<br>- дриен;<br>- егиен;<br>- укъуэдиен;<br>- ущиен;<br>--------------------------------------<br>- Iуеин;<br>- щIеин;<br>- дэуеин; дэгъэзеин;<br>- еупсеин;<br>- бырсеин;<br>- фтыреин, уфтыреин;<br>- пIейтIеин;<br>- къэукъубеин;<br>- укъуеин;<br>- къэкъеин; | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-------------------------------------<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |

| | | |
|---|---|---|
| | - егъэлеин;<br>- дэхуеин; дэгъэзеин;<br>- хьэулеин;<br>- ухъуреин;<br>- угъуеин (къэугъуеин);<br>- уфӀеин;<br>- нэщхъеин; | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |
| У | - ежьуун, дэжьуун;<br>-<br>-<br><br>-<br>-<br>- зэпыун; | -<br>- пӀэтӀэуэн;<br>- елъэкъуэуэн; елъэдэкъэуэн;<br>- енэпэуэн;<br>- етхэуэн;<br>- Ӏэуэлъэуэн;<br>- |
| ӀУ | - упщӀыӀун;<br>- уфӀэӀун; | -<br>- уфӀэӀуэн; |

| | | |
|---|---|---|
| М | - гурымын;<br>- | - гурымэн;<br>- гъумэтӀымэн; |
| Н | - ухуэнын;<br>- уцӀынын, гъэуцӀынын;<br>-<br>- упцӀэнын;<br>- удынын;<br>- угъуэнын; | - ухуэнэн;<br>-<br>- зэӀынэн;<br>-<br>-<br>- |
| ХЬ | -<br><br><br><br>- икъухьын;<br>- къэкӀухьын;<br>-<br>-<br>-<br>- епщӀыхьын;<br>- къэхухьын;<br>- къэухъуреихьын;<br>- хэшыпсыхьын;<br>-<br><br>-<br>- | - илъхьэн, Ӏулъхьэн, къуэлъхьэн, хэлъхьэн, гуэлъхьэн, щӀэлъхьэн, дэлъхьэн, фӀэлъхьэн, пылъхьэн; пщэрылъхьэн;<br>-<br>-<br>- щхьэщыхьэн;<br>- зэӀыхьэн;<br>- зехьэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- лъэщӀыхьэн, кӀэщӀэхьэн, кӀэлъыщӀэхьэн;<br>- ӀэщӀэхьэн;<br>- хэшыпсыхьэн; |
| КЪ | - етӀыркъын;<br>- фтэрэкъын, уфтэрэкъын; | - етӀыркъэн;<br>- |

| | | |
|---|---|---|
| | - зыгъэкъын; | - |
| КЪУ | - еныкъуэкъун; зэныкъуэкъун;<br>-<br>дэlэпыкъун<br>-<br>-<br>-<br>- ирикъун, хурикъун;<br>-<br>- | - ныкъуэкъуэн, - "еныкъуэкъуэн, зэныкъуэкъуэн";<br>-<br>- зэщlэкъуэн;<br>- щlэгъэкъуэн, зыщlэгъэкъуэн;<br>- хуэныкъуэн;<br>-<br>- уныкъуэн;<br>- щхьэукъуэн; |
| Кl | - къикlыкlын;<br>- хэщlыкlын;<br>- пlэнкlын, упlэнкlын;<br>- пхъэнкlын;<br>- тещlыкlын;<br>- уфэрэкlын, ублэрэкlын;<br>- зэфlэкlын;<br>- зэблырыкlын; зэбгырыкlын;<br>- кlэрыкlын;<br>- ешэкlын, зэшэкlын;<br>- епlэщlэкlын;<br>- елъэдэкъэщыкlын;<br>- еудэкlын;<br>-<br><br><br>- зэдзэкlын;<br>- гъэпскlын;<br>-<br>- хъуэпскlын;<br>-<br>- зэlыкlын; | -<br>-<br>- пlэнкlэн, упlэнкlэн;<br>- пхъэнкlэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- епlэщlэкlэн;<br>-<br>-<br>- иукlэн, lуукlэн, къуэукlэн, хэукlэн, гуэукlэн, дэукlэн, теукlэн, фlэукlэн, пыукlэн;<br>-<br>-<br>- щlэупскlэн;<br>- хъуэпскlэн;<br>- къэскlэн;<br>- |
| КlУ | - гъэпщlкlун;<br>- гъэныщlкlун;<br>-<br>- пlыщкlун, упlыщlкlун;<br>- пlэскlун; | -<br>-<br>- ефlэкlуэн;<br>- пlыщкlуэн, упlыщкlуэн;<br>- пlэскlуэн; |
| КХЪ | - | - |
| КХЪУ | - | - |
| Ч (: К) | - | - псчэн; |
| КУ | - | - |
| ХЪ | - | - тlэсхъэн, утlэсхъэн; |
| ХЪУ | - псэлъыхъун;<br>- | - псэлъыхъуэн;<br>- кlэрэхъуэн; |

| | | |
|---|---|---|
| | - унэхъун; | - |
| Х | - зэхэхын;<br>- егъэхын, едырэхын, егъэдырэхын;<br>- зэlыхын; | -<br>-<br><br>- |
| ХУ | - зэхэхун;<br>- унэхун, гъэунэхун;<br>- узэхун;<br>- ущэхун;<br>- убзыхун; | -<br>-<br>- узэхуэн;<br>-<br>- |
| ГЪ | - кlыргъын;<br>- бэлэрыгъын;<br>-<br>- | - кlыргъэн;<br>- бэлэрыгъэн;<br>- щытlэгъэн;<br>- ебгъэн; |
| ГЪУ | -<br>- егугъун;<br>- ужэгъун; | - гъэщlэгъуэн;<br>-<br>- |
| Г | - | - |
| ДЖ (: Гь) | -<br>-<br>- | - сэхъуджэн;<br>- ехъурджэн;<br>- сымэджэн; |
| ГУ | - | - |
| ДЗ | - | - хыфlэдзэн; |
| ЖЬ | - убэрэжьын;<br>- | - убэрэжьэн;<br>- пlэжьэжьэн; |
| Ж | - фlэгъэжын;<br>- унэжын; | -<br>- |
| З | -<br>-<br>- кlэзызын;<br>- джэрэзын; уфэрэзын;<br>- егъэзын;<br>- | - еlэзэн;<br>- (щхьэр) унэзэн;<br>-<br>- джэрэзэн; уфэрэзэн;<br>-<br>- щыгъуэзэн; лъыгъуэзэн, кlэлъыгъуэзэн; |
| Щ | -<br>- еlущэщын;<br>- епэщэщын;<br>- улъэпхъэщын;<br>- | - lущэщэн, еlущэщэн;<br>-<br>- епэщэщэн;<br>- лъэпхъэщэн, улъэпхъэщэн;<br>- хуэфэщэн; |
| Щl | - ухъуэнщlын;<br>- тхъунщlын;<br>- унэщlын;<br>- хуэнщlын; ухуэнщlын;<br>- гъэнщlын; | - хъунщlэн; - ухъуэнщlэн;<br>- тхъунщlэн;<br>-<br>- ухуэнщlэн;<br>- |

| | | |
|---|---|---|
| | - уплlэнщlын;<br>-<br>-<br>- зыпыщlын, зыпыщlыжын;<br>- узэщlын;<br>- убзыщlын;<br>-<br>- еlунщlын;<br>- | - уплlэнщlэн;<br>- ехэдэщlэн;<br>- зэlыщlэн;<br>-<br>- узэщlэн;<br>- убзыщlэн;<br>- удыныщlэн;<br>-<br>- гъэзэщlэн; |
| Ш | - укъуэншын;<br>- къэушын;<br>- | - къуэншэн, - укъуэншэн;<br>-<br>- узыншэн; |
| С | - епэсын, зэпэсын;<br>-<br>-<br>- нэхьэсын;<br>- зэхуэхьэсын;<br>- кlэлъысын;<br>- | -<br>- гупщысэн (- гупсысэн);<br>- еуэсэн;<br>-<br>-<br>-<br>- егъусэн, дэгъусэн, зэгъусэн, зэдэгъусэн; |
| ЛЪ | - | - |
| Л | - | - |
| Лl | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- еlулlын; егулlын; | - мэжэлlэн<br>- ежэлlэн;<br>- елlэлlэн;<br>- ехъулlэн;<br>- еуэлlэн, зэуэлlэн;<br>- еlулlэн; егулlэн; |
| Д | -<br>- иудын;<br>- lуудын, къуэудын, хэудын, гуэудын, щlэудын, дэудын, теудын, фlэудын, пыудын;<br>- зэпыудын;<br>- зэlыудын;<br>-<br>- узэдын;<br>- убыдын; | - гъэбыдэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- иудэн; хэудэн, щlэудэн, теудэн;<br>- узэдэн;<br>- |
| Т | -<br>-<br>- къэгъуэтын, - щыгъуэтын; | - упщlэтэн;<br>- укlытэн;<br>- ″игъуэтэн, lугъуэтэн, къуэгъуэтэн, хэгъуэтэн, гуэгъуэтэн, щlэгъуэтэн, дэгъуэтэн, тегъуэтэн, фlэгъуэтэн, |

| | | |
|---|---|---|
| | <br>- икӏутын;<br><br><br><br>- икӏуэтын;<br>-<br>- щӏэстын, щӏэгъэстын;<br>-<br>- щыгъэтын; | пыгъуэтэн";<br>- икӏутэн, - "ӏукӏутэн, къуэкӏутэн, хэкӏутэн, гуэкӏутэн, щӏэкӏутэн, дэкӏутэн; текӏуэтэн, фӏэкӏутэн, пыкӏутэн;<br>-<br>- къэхутэн;<br>-<br>- убзытэн;<br>- |
| Tӏ | -<br>- унэтӏын; | - ӏуэнтӏэн;<br>- |
| Ф | -<br>-<br>- къэцыфын; | - удэфэн;<br>- щӏэуфэн, теуфэн;<br>- "ицыфэн, ӏуцыфэн, къуэцыфэн, хэцыфэн, щӏэцыфэн, дэцыфэн, тецыфэн, фӏэцыфэн, пыцыфэн"; |
| Фӏ | -<br><br>- укӏыфӏын, ункӏыфӏын; | - фӏэрэфӏэн, уфӏэрэфӏэн; гурыфӏэн;<br>- |
| В | - | - |
| П | -<br>- зэгуэпын; | - лъэпэрэпэн;<br>- |
| Пӏ | -<br>-<br>- уцӏэпӏын; | - пӏэрэпӏэн, - упӏэрэпӏэн;<br>- бэмпӏэн (бэмыпӏэн);<br>- уцӏэпӏэн; |
| Б | -<br>- ущэбын; | - тепӏэн;<br>- ущэбэн; |
| Цӏ | -<br>- уфӏыцӏын; | - ецӏэцӏэн;<br>- уфӏыцӏэн; |
| Ц | - | - бэлэцэн, убэлэцэн. |

| | | |
|---|---|---|
| ПКЪ | - | - |
| ТКӏ | - | - |
| ПКӏ | - | - |
| ТКӏУ | - | - |
| ЩХЬЭ | - | - |
| ТХЬЭ | - | - |
| ЩХЪ | - гъэщхъын; | - |
| ЩХЪУ | - удэрэщхъун; | - удэрэщхъуэн; |
| ТХЪ | - пӏэстхъын, - "епӏэстхъын, зэпӏэсхъын";<br>- зэӏытхъын; | - "пӏэстхъэн; епӏэстхъэн, зэпӏэстхъэн";<br>- зэӏытхъэн; |
| ПХЪ | - | - |

| | | |
|---|---|---|
| ТХЪУ | - | - цӀэнтхъуэн; |
| ПХЪУ | - | - |
| ШХ | - дэхьэшхын;<br>- | -<br>- жьэгъуэшхэн; |
| ШХУ | - | - |
| ТХ | - убжьытхын; | - убжьытхэн; |
| ТХУ | - | - |
| ЛЪХУ | - | - |
| ПХ | - | - |
| БГЪ | - | - |
| БГЪУ | - | - |
| БГ | - | - |
| БДЗ | - | - |
| БЖЬ | - | - удэрэбжьэн; |
| БЖ | - | - |
| БЗ | - укъэбзын;<br>-<br>- ушыбзын; ушэбзын; | - укъэбзэн; гъэкъэбзэн;<br>- бзэрэбзэн, убзэрэбзэн;<br>- ушыбзэн; ушэбзэн; |
| ПЩ | -<br>- утӀыпщын;<br>- хэгъэпщын; | - щыгъупщэн;<br>-<br>- |
| ПЩӀ | - утхыпщӀын; | - утхыпщӀэн; |
| ПШ | - | - |
| ПС | - къепсын (″псчэн″ лӀэужь.);<br>- (дыгъэ) къепсын;<br><br><br>- (уэшх) къепсэпсын;<br><br><br><br><br><br>- егушыпсын; | - къепсэн;<br>- ″ипсэн, Ӏупсэн, къуэпсэн, хэпсэн, гуэпсэн, щӀэпсэн, дэпсэн, тепсэн″<br>- ″ипсэпсэн, Ӏупсэпсэн, къуэпсэпсэн, хэпсэпсэн, гуэпсэпсэн, щыпсэпсэн, щӀэпсэпсэн, дэпсэпсэн, тепсэпсэн, фӀэпсэпсэн, пыпсэпсэн;<br>- гушыпсэн; |
| ПЛЪ | - | - |
| БЛ | - | - |
| ПЛӀ | - | - |
| ЩТ | - | - |
| ПЩТ | - | - |
| ФТ | - | - |
| ПЦӀ | - упэмцӀын – упэпцӀын;<br>- | - упэмцӀэн – упэпцӀэн;<br>- зэхэпцӀэн. |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- *Макъыб*эу ухуа мы *глагол*у таблицэм къыщыгъэлъэгъуахэм щыщ гуэрхэр "*н*"*ык*Iэрэ *зэпыщIа*уэ къэхъуауэ зэрыщытыр нэрылъагъущи, мыхэр икIи "*глаголит*I" зэгухьэу къэхъуа "*глагол зэгуэт*"уи лъытапхъэщ:

| | | |
|---|---|---|
| КI | - "пIэн-кIын"<br>- "пхъэн-кIын" | → "пIэнкIын", - пIэнкIэн; упIэнкIэн<br>→ "пхъэнкIын, - пхъэнкIэн; |
| ЩI | "плIэн-щIын" | → "плIэнщIын" → "уплIэнщIын"; "уплIэнщIэн, теуплIэнщIэн"; |
| Ш | - "къуэн-шэн" {къызэрыхъурэ (къ) зэрыужьым (у) (те)шын}<br>- "щIыкIэн-шэн" {"щIыкIэ(м) (те)шын"} | → "къуэншэн"; - укъуэншын; укъуэншэн;<br><br>→ "щIыкIэншэн"; |
| ТI | - "Iуэн-тIэн" | → "IуэнтIэн" |
| ФI | - "ун-кIыфIын" | → "кIыфIын" → укIыфIын, -ункIыфIын; |
| ТХЪУ | - "цIэн-тхъуэн" | → "цIэнтхъуэн". |

Мы къэта щапхъэхэр икIи мыпхуэдэ *глагол къэхъук*Iэ *пэщIэдзэ*уи лъытапхъэщи, мыпхуэдэу къэхъуну глаголхэми *лъабжьэ* яхуэхъу *глагол къэхъук*Iэ лIэужьыгъуэщ.

- КъызкIэлъыкIуэр гурыIуэгъуэ зыщIрэ зи щхьэ къызыпыхьэр зыгъэлъагъуэ "*м*" макъри *зэпыщIэн къалэн* зыгъэзащIэрщ; ауэ икIи, зищхьэ къызыпыхьэр *мыхъуныгъ*эу *зылъытэ* макъщ "*мы*"ри, ар псынщIэрыIуу "*м*" *къэIук*Iэу зыхэзыубыдэ "*глагол*"и хэтщ таблицэм:

| | | |
|---|---|---|
| ПI | - | - бэмпIэн {← "бэмыпIэн" ← "бэ мыпIэн"}. |

- *Макъ зэпыщIэн къалэн*ым и гугъу щыпщIым деж, адыгэбзэм мыпхуэдэ къалэн нэхъыщхьэр зыхуэфащэр "*р*" *макъ*рауэ лъытапхъэщи, *мыхьэнэ зимы*Iэ "*макъ щэху*" *закъуэ*у адыгэбзэм хэлъэжьыхь "*р*" макъыр *пхъашэу къызэры*Iу*м* зэрезэгъкIэ *къызыкIэлъыкIуэр зэхидгъэх*ыу гурыIуэгъу къытхуэзыщIырэ, *къыкIэлъыкIуэми* зыпызыщIэрщ. Мыпхуэдэ къалэн игъэзащIэу "*глагол*"хэми хыболъагъуэр "р" макъри, *макъыт*I*ыр* "*р*"*ык*I*эрэ зэрызэпх*ыу утыку къихьауэ ипэкIэ таблицэм хэплъагъуэ "*глагол*"хэр *мыпхуэдэ* "*глагол*" *къэхъуныгъэ*ми и *пэщIэдзэ*у, икIи мыбы нэужьым мыпхуэдэ къэхъукIэ зиIэу утыку къихьэну глаголхэми *лъабжьэ* яхуэхъуу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр:

| | | |
|---|---|---|
| И | - кIуриин, укIуриин; | - кIуриен, укIуриен {е: "иэ"}; |
| Е(иэй; эйй) | - бырсеин;<br>- фтыреин, уфтыреин; | -<br>- |
| М | - гурымын; | - гурымэн; |
| КЪ | - етIыркъын;<br>- фтэрэкъын, уфтэрэкъын; | - етIыркъэн;<br>- уфтэрэкъэн; |
| ГЪ | - кIыргъын;<br>- бэлэрыгъын; | - кIыргъэн;<br>- бэлэрыгъэн; |
| ЖЬ | - убэрэжьын; | - убэрэжьэн; |

| | | |
|---|---|---|
| Щl | - фэрыщlын; | - фэрыщlэн; |
| П | - | - лъэпэрэпэн; |
| Пl | - | - пlэрэпlэн, упlэрэпlэн; |
| БЖЬ | - | - удэрэбжьэн; |
| БЗ | - | - бзэрэбзэн, убзэрэбзэн. |

- Аращи, макърэ псалъэхэр "*р*" *макък*lэ зэры*зэпыщ*lэ "*глагол*" *къэхъук*lэм и пэщlэдзэхэу лъытапхъэ мы глагол къэхъукlэу утыку къихьэ "глагол"хэр нэхъыбэ зэрыхъуфынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *ухуагъэххэ глагол*хэми мыпхуэдэ щlыкlэу -"*р*"*ык*lэ зэры*зэпыщ*lэу- *глаголыщ*lэхэр къазэрытехъукlыфынум нэмыщl, глагол "*префикс*"хэри "*р*"*ык*lэ *зэрызэпыщ*lэ*фыну*ри гурыlуэгъуэнщ. Дауи, макърэ псалъэ зэпыщlэн къалэни зыгъэзащlэ "р" макъкlэ зэрызэпыщlэу утыку къихьэ глаголхэр мащlэу къыщlэкlынкъыми, иужьрей лэжьыгъэхэми мы къэта щапхъэхэр зэрыбагъуэм гулъытэ зэрыхуэтщlынури гурыlуэгъуэнщ.

- Ауэ икlи, "р"ыкlэ зэрызэпыщlэу къэта мы глаголхэм *зы макъыр* "*р*"*ык*lэрэ *езым пыщ*lэ*ж*у ухуэ "*глагол*"хэри хыболъагъуэри, мыр ипэкlэ *зы макъыр т*lэу *къызэры*lуу ухуэ *глагол*хэми елъыта глагол *къэхъук*lэуи лъытапхъэщ:

| | | |
|---|---|---|
| Кl | - кlэрыкlын; | - |
| Фl | - | - фlэрэфlэн, уфlэрэфlэн; |
| Пl | - | - пlэрэпlэн, упlэрэпlэн; |
| БЗ | - | - бзэрэбзэн, убзэрэбзэн. |

- Таблицэ къыщыта глагол гуэрхэм "макъ зэгуэт"у тлъытахэм нэмыщlхэри къыхощри, мыбыхэми я гугъу тщlынщ. Нытlэ, щхьэжу "макъ зэгуэт"у мылъытапхъэу, бзэ лэжьэкlэм мыхьэнэщlэхэр къигъэхъун щыхуэныкъуэм деж, макъ гуэрхэр зэрызыгуиуигъэхьэфым ипэкlи и гугъу тщlагъащи, *ипэ къэ*l*у макъым и* "*ы,э*"*р дэху*рэ *къык*lэ*лъык*l*уэ* макъым *гухь*эу зэгуэту къэlу макъхэр зыхэзыубыдэу таблицэм къыщыта "*глагол*"хэмрэ *зэрыухуа щ*l*ык*lэхэми щыгъуазэ дыхуэхъун:

| | | |
|---|---|---|
| Кl | - гъэпскlын;<br><br><br>- щlэупскlэн;<br><br><br>- хъуэпскlын, хъуэпскlэн;<br>- къэскlэн; | - Псы зытекlэнрэ икlыныр щхьэжу зы lуэхугъуэу зэрылъытэу ухуа глаголу лъытапхъэщ: «"гъэ-псы-(и)кlы-н" → "гъэпсыкlын" → "гъэпскlын"»;<br>- И гъунэ (ипэ) хунэс (с) лlэужьыгъуэ -хэкl-гъэзэщlэкlэри "пс"рэ "кl" зэгухьэу мэлъытэр: «"щlэ-у-пс-кlы-э-н" → "щlэупскlэн"»;<br>- Мыпхуэдэу лъытапхъэщ мыри: «"хъуэ-пс-кlы-н" → "хъуэпскlын" - "хъуэпскlэн (хъуэпскlы-э-н)"»;<br>- «къэ-с-кlэ-н" → "къэскlэн"». |
| КlУ | - гъэпщlкlун (гъэпщкlун); | - Щlыпlэу (пщl) зыхуэгъэкlуар и щlыпlэ (кlуэ-ы) хуэхъуауэ щытыр щхьэжу зы lуэхугъуэу зэрылъытэ глаголу лъытапхъэщ: «"гъэ-пщl-кlуэ-ы-н" → "гъэпщlкlун"». |

| | | |
|---|---|---|
| | - гъэнывщIкIун;<br><br>- пIыщкIун, пIыщкIуэн; - упIыщкIун, упIыщкIуэн;<br><br>- пIэскIун, пIэскIуэн; | - Мыпхуэдэ къэхъукIэ зиIэу лъытапхъэщ мы глаголри: «"гъэ-ны-щI-кIуэ-ы-н" → "гъэнывщIкIун"»<br>- Мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэри "щ" е "щI"уи лъытапхъэщ: «"пIы-щIы(н)-кIуэ-ы-н" → пIыщIыкIун → "пIыщIкIун" - "пIыщкIуэн"» е «"пIы-щы-кIуэ-ы-н" → пIыщыкIун → "пIыщкIун – пIыщкIуэн"»;<br>- Мы къэхъукIэхэм хуэдэщ мыри: «"пIэ-с-кIуэ-ы-н" → "пIэскIун" - "пIэскIуэн»". |
| Ч (: К) | - псчэн; | "Псэ"р "чэн" пэлъытэу къэхъу Iуэхугъуэр зэрылъытэ глаголу лъытапхъэщ: «псэ-ы-чэ-н». |
| ХЪ | - тIэсхъэн, утIэсхъэн; | Нэсынрэ сын (с) лIэужьыгъуэр лъабжьэм (хъ) теухуауэ къызэрыхъур зы мыхьэнэщIэу зэрылъытэ "глагол"щ. |
| Щ | - утIыпщын; | Мы псалъэ мыхьэнэр и пIэр е ипэкIэ унэтIыныгъэ зыхуэкIуэр зэрылъытэу лъытапхъэщи, "у-тIы-пэ-ы-щы-н"у зэпкъырыува "глагол"щ; е, макъ зэкIуныгъэкIэ зэхъуэкIауэ лъытапхъэщ ("у-тIы-пI-щы-н" → "у-тIы-п-щы-н" → "утIыпщын"). |
| Т | - щIэстын, щIэгъэстын; | Зи лъабжьэм (щIэ) сыгъэ (с) етын (т) мыхьэнэ зиIэ мы глаголри, езым хуэIуа зы Iуэхугъуэу "с"ырэ "т"ыр зэрызэгухьэу къэIуатэ хъуагъэнщ. |

- Ипэрей ди лэжьыгъэхэми "Iэ" макъыр "Iэ-ы"уэ зэрылъытэу псалъэхэм (пп: Iыгъын) зэрыхэхьэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыпхуэдэ щапхъэхэу ипэкIэ къэта таблицэм хэплъагъуэхэр "Iэ" макъыр и мыхьэнэмрэ (зэманыгъуэ пыухытыкIа) "макъ псалъэ"у (Iэплъэпкъыщіэ) зэрылъытэ щIыкIитIкIи-зэрылъагъущ. Ар щыхъукIи, "зэманыгъуэ пыухытыкIа"рэ "Iэпкъылъэпкъ" зэрылъытэ "Iэ"р "Iы"уэ къыщыIум щыгъуэ къэхъу мыхьэнэми щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщ: "Iэ → "I*ы"уэ зэрызэхъуэк*Iым техуа *зы щIыкIэр* "зэманыгъуэ пыухыта"кIэрэ (Iэ) къекIуэкIыр игъуэу зэрымылэжьэжыр -"зэман пыухытыкIа" (Iэ) зэтеувыIэгъуэрэ ехыгъуэу ("Iэ-ы" → "Iы")- зэрылъытэрщ ("зэIэ-ы-кIын" → "зэIыкIын"); *адрей щIыкIэри* "IэпкъIэпкъ" зэрылъытэ "Iэ"м ипкъ зэриткIэ ("Iэ-ы" → "Iы") къэхъурэ гъэзащIэр зэрылъытэрщ ("зэ-Iэ-ы-щIэн" → "зэIыщIэн"). НытIэ, мыпхуэдэ глагол щапхъэхэр "Iэ"м мы и еджэкIитIкIэ -"зэманыгъуэ пыухытыкIа"рэ "Iэпкъылъэпкъ" лIэужьыгъуэу- зэкIэлъхьэужьу (лъэныкъуитIкIэ еджапхъэхэри яхэтщ) мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| ХЬ | - | - зэIыхьэн; |
| КI | - зэIыкIын; | - |
| ТI | - зэIытIэтIын; | - зэIытIэтIэн; |
| ТХЪ | - зэIытхъын; | - зэIытхъэн; |
| Н | - | - зэIынэн; |

| | | |
|---|---|---|
| Д | - зэӀыудын; | - |
| Х | - зэӀыхын; | - |
| ЩӀ | - | - зэӀыщӀэн. |

- "Макъ глагол"хэм къыщыщӀэддзэу макъитӀ зыхэзыубыдэ глаголхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыбдежми макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ "глагол"хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьащ. Мы дызрикӀуа лъагъуэри *макъыбзэ* лэжьэкӀэми зэр*езэгъ*кӀэ *псалъэ* -икӀи глагол- *къэхъуныгъ*эм теухуа *нормал лъагъуэ*уи лъытапхъэщ. Ауэ, сытым дежи къызэрыхэдгъэщу, "*макъ глагол*"у къэтхьа щапхъэ *псори* -фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- *псэлъэбзэ пэщӀэдзэ*м къыщыхъуауэ *лъытэныр щыуагъ*эщи, "*макъ глагол*" *куэд*ыр *макъыбэ* зыхэзыубыдэ "*глагол*"хэр утыку къихьа *нэужь*ым къыщыхъуауэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, зы "*глагол*" *къэхъук*Ӏэр *лъабжьэ* хъуа нэужь, *сытым щыгъуи мы*пхуэдэ *къэхъук*Ӏэ *зи*Ӏэ "*глагол*"хэр утыку къызэрыхъуфынур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, хиубыдэ *макъ бжыгъэ*р нэхъ *мащ*Ӏэу щыт "*глагол*" гуэрхэр *макъ бжыгъэу нэхъыбэ* зыхэзыубыдэ "*глагол*"*хэм къытехъук*Ӏ*а*уэ зэрыщытыр мы ипэкӀэ къэта таблицэми хыболъагъуэр. НытӀэ, мы зи гугъу тщӀахэр зыхэзыубыдэ щапхъэхэр - *мыхьэнэгъу глагол*хэм *лъабжьэ* яхуэхъу *пэщӀэдзэ* "*глагол*"у лъытапхъэхэри къызэрыхэгъэщауэ- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| КЪУ | - "еныкъуэкъун; зэныкъуэкъун"; | - **ныкъуэкъуэн**; - "еныкъуэкъуэн, зэныкъуэкъуэн"; |
| ХЪУ | - **тӀэхъун**, - "етӀэхъун, зэтӀэхъун"; | - "етӀэхъуэн, зэтӀэхъуэн"; |
| Щ | - "еӀущэщын, зэӀущэщын"; | - **Ӏущэщэн**, - "еӀущэщэн, зэӀущэщэн"; |
| ЩӀ | - ухъуэнщӀын; | - **хъунщӀэн**; - "ухъунщӀэн; ухъуэнщӀэн"; |
| Т | - **къэгъуэтын**, - щыгъуэтын;<br><br><br><br>- | - "игъуэтэн, Ӏугъуэтэн, къуэгъуэтэн, хэгъуэтэн, гуэгъуэтэн, щӀэгъуэтэн, дэгъуэтэн, тегъуэтэн, фӀэгъуэтэн, пыгъуэтэн";<br>- **икӀутэн**, - "ӀукӀутэн, къуэкӀутэн, хэкӀутэн, гуэкӀутэн, щӀэкӀутэн, дэкӀутэн; текӀуэтэн, фӀэкӀутэн, пыкӀутэн; |
| Ф | - **къэцыфын**; - "ицыфын, Ӏуцыфын, къуэцыфын, хэцыфын, щӀэцыфэн, дэцыфын, тецыфын, фӀэцыфын, пыцыфын"; | - "ицыфэн, Ӏуцыфэн, къуэцыфэн, хэцыфэн, щӀэцыфэн, дэцыфэн, тецыфэн, фӀэцыфэн, пыцыфэн"; |
| ПЩ | - | - (жьы) **къепщэн**; - "епщэн, Ӏупщэн, къуэпщэн, хэпщэн, гуэпщэн, щӀэпщэн, дэпщэн, пыпщэн"; - |

| | | |
|---|---|---|
| | | "тепщэн, фӀепщэн"; |
| ПС | - (дыгъэ) **"къепсын"**, | - "ипсэн, Ӏупсэн, къуэпсэн, хэпсэн, гуэпсэн, щӀэпсэн, дэпсэн"; - "тепсэн". |
| ТХЪ | - **пӀэстхъын**, - "епӀэстхъын, зэпӀэсхъын"; | - "пӀэстхъэн; епӀэстхъэн, зэпӀэстхъэн"; |

- **Таблицэм мы тежыӀыхьыпхъэхэм нэмыщӀ**, -макъитӀ зыхэзыубыдэу ухуэ "глагол"хэм дежи и гугъу зэрытщӀауэ-, *макъ мыхьэнэншэу* щыт *"р"* макъыр *кӀэух зыхуэхъуу* ухуэ *цӀэ* лӀэужьыгъуэ *псалъэ* гуэрхэри *"глагол"у зэрыухуэ*фыр гурыӀуэгъуэщи, *мыпхуэдэ*у ухуэ *"глагол"*хэри мыбдежым таблицэм тежытӀыхьахэм *къыпытщэжынщ*:

| | |
|---|---|
| - уэршэр<br>- уэрсэр<br>- Ӏуэрвэр | → уэршэрын;<br>→ уэрсэрын;<br>→ Ӏуэрвэрын. |

- Мыпхуэдэу ухуа "глагол"хэри -адрей глаголхэм хуэдэу- макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэу зэрылэжьэфыынурэ зэрыбэгъуэнури гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри –ипэкӀэ *макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол*хэри нэхъыбэ макъ зыхыубыдэрэ *макъыбэу зэрыухуэж* щапхъэхэри зэры*хиубыдэу*- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - уэршэрын<br><br>- уэрсэрын<br><br>- Ӏуэрвэрын | → «гъэуэршэрын; къэуэршэрын, щыуэршэрын, еуэршэрын; дэуэршэрын, зэуэршэрын»;<br>→ «гъэуэрсэрын; щыуэрсэрын, дэуэрсэрын, зэуэрсэрын»;<br>→ гъэӀуэрвэрын; къэӀуэрвэрын, щыӀуэрвэрын, дэӀуэрвэрын, зэӀуэрвэрын, |
| - бгъэрын<br><br>- пхъэрын | → «гъэбгъэрын; ебгъэрын, ебгъэрыкӀуэн, щыбгъэрын, щебгъэрын; зэдэбгъэрын»;<br>→ «гъэпхъэрын; епхъэрын, щыпхъэрын, зэдэпхъэрын». |

*

- ИпэкӀи таблицэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэм къахэщхьэхукӀыу къыпытщауэ щытащ глагол къэхъуныгъэкӀэ къащхьэщыкӀхэри, мыбдежми мыпхуэдэхэр мы къыхэдгъэщахэм къахэщхьэхукӀыу щхьэхуэху къыпытщэжынщ. Аращи, *цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ* гуэрхэр *"глагол"хэм къазэрытехъук*Ӏым хуэдэжу, *"глагол"* гуэрхэри *цӀэ* лӀэужьыгъуэ *псалъэхэм къытохъукӀыф*ри, мыбдежым мыхэращ зи гугъу тщӀынухэр.

- Ауэ икӀи, мыпхуэдэу утыку къихьэ глаголхэм щыщ гуэрхэр а цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэр *занщӀэу "инфинитив формэ"*м иувэу *"глагол"*у зэпкъырыувэфми, мыпхуэдэ *глагол гуэрхэри* –глагол нэхъыбэр- *"у"кӀэрэ къежьэ*у зэрызэпкъырыувэри ипэкӀэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. НытӀэ, *цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэр занщӀэу "инфинитив"* формэм иувэу *глагол*у ухуэхэмрэ, икӀи, мыпхуэдэу утыку къихьахэми *ищхьэм "у" макъ къыпыхьэу* зэрыухуэжу утыку къихьэ *"глагол"*хэм теухуа щапхъэхэми деплъынщ:

| **ЦӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэр** | **"Глагол"у зэрыухуахэр** |
|---|---|

| | |
|---|---|
| ЦӀынэ<br><br>ПцӀанэ | → "*цӀынэн*" → "уцӀынэн → уцӀынын"; - гъэуцӀынын;<br>→ "*пцӀанэн*" → "упцӀэнэн → упцӀынын"; - зыупцӀэнын; |
| Ныкъуэ | → "*ныкъуэн*" → "уныкъуэн"; |
| Захуэ | → "*зэхуэн*" → "узэхуэн → узэхун"; |
| НэщӀ<br>ЗащӀэ | → "*нэщӀын*" → "унэщӀын";<br>→ "*зэщӀэн*" → "узэщӀэн → узэщӀын" |
| Къуаншэ<br>ЩӀыкӀэ | → "*къуэншэн*" → "укъуэншэн → укъуэншын";<br>→ "*щӀыкӀэншэн*"; |
| Задэ | → "*зэдэн*" → "узэдэн → узэдын"; |
| КӀыфӀ | → "*кӀыфӀын*" → "укӀыфӀын, ункӀыфӀын"; |
| ФӀыцӀэ | → "*фӀыцӀэн*" → "уфӀыцӀэн → уфӀыцӀын"; |
| Щабэ | → "*щэбэн*" → "ущэбэн → ущэбын"; |
| ЦӀапӀэ | → "*цӀэпӀэн*" → "уцӀэпӀэн → уцӀэпӀын"; |
| ФӀыцӀэ | → "*фӀыцӀэн*" → "уфӀыцӀэн → уфӀыцӀын"; |
| Бэлацэ | → "*бэлэцэн*" → убэлэцэн; |
| Къабзэ | → "*къэбзэн*" → "укъэбзэн → укъэбзын"; |
| Сымаджэ | → сымэджэн; |

- Мы иужьрей щапхъэм (сымэджэн) нэмыщӀхэр "*у*"*кӀ*э къежьэущ бзэм нэхъыбэу зэрыхэлэжьыхьри, мыпхуэдэуи *а плъыфэ* лӀэужьыгъуэхэр и *ужьыгъуэу къызэрищтэ* мыхьэнэ игъуэтущ зэрыухуэрэ бзэми нэхъ зэрыхэлэжьыхьыр. Ауэ, "*сымаджэ*"*у щытын*рэ "*сымаджэ*" *хъун*ыр –"сымаджэ" псалъэм и мыхьэнэм елъытащи- "*сымаджэ*" *псалъэр занщ*Ӏэ "*инфинитив*" формэм иувэу "*глагол*"у зэрыухуэфрэ бзэм мыпхуэдэу хэлэжьыхьыныр игъуэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

- ЦӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэм мыпхуэдэу "глагол" къызэрытехъукӀым хуэдэжу, "глагол"хэми цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэр къызэрытехъукӀым теухуа щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыпытщэнщ:

| | |
|---|---|
| - ХуэнщӀий | "*ХуэнщӀын*" глаголым къытехъукӀарэ ар щӀэгъэзащӀэм теухуар зэрылъытэ псалъэрщ; |
| - ПхъэнкӀий | "*ПхъэнкӀын*" глаголым къытехъукӀарэ ар щӀэгъэзащӀэм теухуар зэрылъытэ псалъэрщ. |

## "Глагол"у щымытми, макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэу "инфинитив формэ" зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ "псалъэ"хэми яхэплъэгъуэ.

МакъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэу "*инфинитив формэ*" зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ *цӀ*э лӀэужьыгъуэ "*псалъэ*"хэри щыӀэщи, мыпхуэдэхэр *ик*Ӏ*и глагол* лӀэужьыгъуэу зэры*щытыфын*ури гурыӀуэгъуэнщ:

| ″Инф. формэ″ псалъэ | Псалъэ мыхьэнэм теухуауэ |
|---|---|
| ТепIэн | ПIэ гущIыIурэ гущIыIу тырапIэр зэрылъытэ мы псалъэр икIи ″*тепIэн*″ глаголым и ″*объект*″у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. |
| ГъэщIэгъуэн | ″*ГъэщIэгъуэн*″ глаголыр *зытеухуар* зэрылъытэ псалъэрщ. |
| Дэхьэшхэн | ″*Дэхьэшхын*″ глаголыр *зытеухуауэ щытыр* (э) зэрылъытэ псалъэрщ. |

Зэрыщытыу ″инфинитив формэ″у зэпкъырыува щапхъэр мыкуэдми, макъыбэ зыхэзыубыдэу ухуа *цIэ* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэм я *зы Iыхьэр* ″*ининитив формэ″у* ухуарэ къыкIэлъыкIуэ Iыхьэр мыпхуэдэу щымыту *зэхэдза*уэ *зэпкъырылъ* *цIэ* лIэужьыгъуэхэри яхэтщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр:

| И зы Iыхьэр ″инф. формэ″ псалъэхэр | Мыпхуэдэу зэхэдзауэ зэпкъырылъ псалъэхэм ягъуэт мыхьэнэхэми теухуауэ |
|---|---|
| Iэнлъэ (Iэн-лъэ) | ″Iэ″р зыдилэжьэф (Iэн) лъэ |
| ПэнцIыв (пэн-цIыв) | ″Пэ″ хъун (пэн) ухыпIэв |
| Вэнвей (вэн-вей) | ″Вэн″кIэ щхьэпэ вей (зэхэвыхьу къэхъугъэ зиIэ) |
| Къуаншэ (къуэн-шэ) | Къызэрыхъуа ужьыгъуэу щытыным (къы-у-э-н) теша |
| ЖьантIэ (жьэн-тIэ) | ″Жьэн″ къызщекIуэкI (жьэгу) лъэныкъуэ егъэз тIысыпIэ |
| ЛантIэ (лэн-тIэ) | Ланлэ (лэн) хъуным хуэкIуэ |
| ЩхъуантIэ (щхъуэн-тIэ) | ″Щхъуэ″ хъуа -″щхъуа″- у″нэтI″ыныгъэу щыт (э); е, ″щхъуэ″ хъуауэ щытын -″щхъуан″- бэгъуэныгъэу (тI) щыт (э) |
| Пхъуантэ | Ущыхуэныкъуэм къа″пхъуэ″ хъун (пхъуэн) лIэужьыгъуэу (дэ) къэхъуарэ макъ къэIукIэу ″тэ″уэ зэхъуэкIагъэнщ: «пхъуандэ → пхъуантэ» |
| Бынжэ  (бын-жэ) | ″Бын″ым -генератикэу- пыщIарэ ирифри зырижапIэ. |

*Мы* къэдгъэлъэгъуа *цIэ* лIэужьыгъуэ *псалъэхэр* ипэкIэ ″глагол″хэм – ″*инфинитив глаголит*I *зэгуэт*″у- теухуауэ къэтхьа щапхъэхэм *хуэдэу* зэры*лъытапхъ*эр гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мыхэр мыпхуэдэ *псал*ъэрэ *глагол къэхъук*Iэ *пэщ*Iэдзэу зэрылъытапхъэрэ мыбы нэужь псалъэрэ глагол къэхъукIэхэми лъабжьэ язэрыхуэхъунур гурыIуэгъуэнщ. Дауи, макъыбэу ухуэ псалъэрэ глаголхэм мыпхуэдэу зэпкъырыувэкIэ зэмылIэужьыгъуэ зэрагъуэтынури гурыIуэгъуэнщ.

## ГЛАГОЛХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫГЪЭКIПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ -ГЛАГОЛ КЛАСИФИКАЦЭХЭМ ТЕУХУАУЭ -

Япэрауэ къыхэгъэщыпхъэщ мы псалъэр урысыбзэм ″класс″у щызэрытхыр; ауэ, псалъэм хиубыдэ ″с″ыр зы е тIуэ щытми, и еджэкIэр зэрызэмыхъуэкIым папщIэ, ″классификацэ″ псалъэр адыгэбзэ тхыгъэм зы ″с″кIэрэ -″класификацэ″у- зэрыттхыр щыуагъэшхуэу къыщIэкIынкъым.

Иужьклэ ″цIыху″у зызылъытэжа псэущхьэм (″хьэ″м) макъ къызхигъэIукIын лъэкIыныгъэ зэригъуэткIэрэ утыку къихьа макъхэращ псэлъэбзэр къызтехъукIари, япэрей псалъэхэри щхьэжу мы макъхэрауэ зэрыщытыпхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыр зи къежьапIэрэ лъабжьэу зэрыщытыр бзэхэм ноби зэрыхэмыкIуэдыкIарэ къызэрыхэщыр гулъытапхъэщи, мыбы и зы щапхъэфIщ ноби макъыбзэ лэжьэкIэ зиIэу щыIэ бзэ гуэрхэр. Мыпхуэдэу макъыбзэ лэжьэкIэ зиIэу зы бзэрщ адыгэбзэри, псэлъэбзэм пэщIэдзэрэ лъабжьэ хуэхъуарэ япэу къэхъуа ″макъ псалъэ″ лIэужьыгъуэхэр мымащIэу адыгэбзэм зэрыхэтри гурыIуэгъуэщ.

Мыбдежым дызытелэжьыхь ″глагол″хэри псалъэ лIэужьыгъуэхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, нытIэ икIи, псэлъэбзэ пэщIэдзэу щыт ″макъ псалъэ″ лIэужьыгъуэу мыбдежым япэрауэ зи гугъу тщIыпхъэ глагол лIэужьыгъуэхэри ″макъ глагол″ жыхуэтIэхэращ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, ″глагол″хэр иужьклэ грамматикэу щхьэхуэ псалъэ лIэужьыгъуэ хуэдэу лъытами, ахэри утыку къыщихьар псэлъэбзэ пэщIэдзэм дежращ, икIи ″глагол″ жыхуэтIэхэри япэу утыку къызэрихьа щIыкIэр ″макъ псалъэ″ лIэужьыгъуэу ″макъ глагол″у зэрыщтынури гурыIуэгъуэнщ.

Глаголхэм теухуа лэжьыгъэ Iыхьэхэмрэ, глагол лэжьэкIэхэм лъабжьэ хуэхъуну макъыбзэ лэжьэкIэ лIэужьыгъуэхэр нэгъуэщI ди лэжьыгъэхэми зэрыхиубыдэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, мыбдежым ди гугъэр глаголхэм теухуауэ къедгъэкIуэкIыну къытпэщыт мы лэжьыгъэ Iыхьэр глаголхэм теухуауэ япэрей ди лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуахэри зыхиубыдэу, дэтхэнэ и зы лъэныкъуэкIи глаголхэм теухуауэ жыIыхьыпхъэрэ къэлэжьыпхъэхэр зыхэзыубыдэну лэжьыгъэ лIэужьыгъуэу, нэхъ зэIухуарэ убгъуауэ къедгъэкIуэкIыну аращ ди гугъэр.

Ауэ, мыбыхэм теухуа лэжьыгъэ псори мы Iыхьэм хиубыдэу къегъэкIуэкIыныр кIыхьыщэ зэрыхъунури гурыIуэгъуэнщи, мыбдежым глаголхэр класификацэ зэрыщIыпхъэхэр къыхэгъэщу -кIыхь дымыщIыу-дытепсэлъыхьынщи, дэтхэнэ зы класификацэ гупым теухуа лэжьыгъэхэр щхьэхуэ псэлъащхьэхэм зэрыщIэджыкIыу иужьклэ къыпытщэжынщ;

икӀи, кӀыхь хъуну *класификацэ гуп* гуэрхэм теухуа лэжьыгъэхэри *щхьэхуэ лэжьыгъэ* Ӏыхьэу къедгъэкӀуэкӀынщ.

*

ЗэмылӀэужьыгъуэ еплъыкӀэкӀэ класификацэ зэрыщӀыпхъэнур гурыӀуэгъуэнщ глаголхэри, мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэми къызэрыхэщкӀэ, *псалъэ лӀэужьыгъуэу* **къызэрыхъу**рэ *утыку къызэрихьэ* **щӀыкӀэм теухуа**уэ **глагол**хэр **класификацэ** зэрыщӀыпхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Ипэрей ди лэжьыгъэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *пэщӀэдзэ псалъ*эхэр цӀыхум къызыхигъэӀукӀ *макъхэр занщӀэу псалъэу зэрыухуэ*у утыку къихьа "*макъ псалъэ*"хэрауэ зэрыщытым зэрезэгъкӀэ, псалъэ лӀэужьыгъуэу щыт *глагол пэщӀэдзэ*хэри *макъхэр занщӀэу глаголу зэрыухуэ*у утыку къихьэ "*макъ глагол*"хэрауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Мы "*макъ глагол*" *къэхъуныгъэм*и -мы ипэкӀи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *макъит*Ӏ кӀуэ пэтри *макъищ хиубыдэу глагол* къэхъуныгъэр *къызэрык*Ӏ*элъык*Ӏ*уэ*нури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, глаголхэр мы къызэрытӀуэтам зэрезэгъкӀэ, *глаголхэр* мы *къызэрыхъурэ утыку къызэрихьэ щ*Ӏ*ык*Ӏ*эхэм теухуа зы класификацэ* лӀэужьыгъуэу, **глагол**хэр "**макъ глагол**"рэ "**макъыбэ глагол**"хэу зэщхьэщыгъэкӀыпхъэщ.

Зэрыухуагъэхэу глаголхэр мыпхуэдэу зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэм нэмыщӀ, мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ухуагъэххэ *ц*Ӏ*э л*Ӏ*эужьыгъуэ псалъэ* гуэрхэри "глагол"у зэрыухуэфыр, -нэгъуэщӀыу жыпӀэмэ- цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ гуэрхэми "глагол" къазэрытехъукӀыфыр гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ мыпхуэдэри глагол къэхъукӀэрэ утыку къихьэкӀэу зэрылъытапхъэр мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ. Ауэ икӀи, мыпхуэдэу глагол къызытехъукӀ цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэр нэхъыбэу "плъыфэцӀэ"хэрауэ зэрыщытри къыхэдгъэщагъэххэщи, мыбы лъабжьэ хуэхъури гурыӀуэгъуэнщ. Плъыфэхэр зыгуэрхэм яӀэу щытрэ иужькӀэ ягъуэтрэ къащтэу щытхэрщи, мыпхуэдэхэри "глагол" лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Arащи, мы зи гугъу тщӀы *глагол*хэм я *мыхьэнэрэ лэжьэк*Ӏ*эхэр* ахэр *къызытехъук*Ӏ *псалъэхэм ялъытэ* Ӏ*уэхугъуэхэр* -"*плъыф*Ӏ*эц*Ӏэ"хэмкӀэ лъытэ "*плъыфэ*"хэр- зыгуэрым *и*Ӏ*эу зэрыщыт*рэ *зэригъуэт*ыр зылъытэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Дауи, *ухуагъэххэ* **цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ**хэр "**глагол**"**у зэрыухуэ**у мы зи гугъу тщӀахэри *къызэрыхъу*рэ *утыку*

*къызэрихьэ щIыкIэм теухуауэ глагол класификац*эм хиубыдэну къыщIэкIынщ.

Мыпхуэдэу *зы еплъык*Iэрэ щIыкIэм елъытауэ *класификацэ щIа глаголхэри нэгъуэщI критер*хэм *елъытауи аргуэру класификацэ* зэрыщIыпхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, япэрей ди лэжьыгъэм *псалъэхэр класификацэ зэрытщIа щIыкIэм хуэдэу глаголхэри класификацэ щIын*ыр нэхъ игъуэу лъытапхъэщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэу къедгъэкIуэкIыну лэжьыгъэм икIи мы зи гугъу тщIа глагол лIэужьыгъуэхэри зэрыхиубыдэнур гурыIуэгъуэнщ.

*

Мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, ″*глагол*″ жыхуэтIэ мы псалъэ лIэужьыгъуэхэр ипэкIэ *псалъэ*хэр *класификацэ* зэрытщIам хуэдэ щIыкIэкIэ *класификацэ* зэрыщIыпхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″псалъэ″ лIэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, глаголхэм теухуа класификацэ пэщIэдзэр ипэкIэ *псалъэхэр класификацэ зэрытщIа щIыкIэу* глаголхэри **зыхиубыдэ псалъэ бжыгъэ**м *елъыта*рэ теухуауэ **класификацэ** зэрыщIыпхъэри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, зы глаголыр *щхьэжу зы псалъэ* закъуэу щыту е *псэлъитIрэ нэхъыбэ зыхиубыдэу* щыту зэрыухуэфынури гурыIуэгъуэщ.

*

Псалъэ лIэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъэкIэрэ класификацэ щIынращ мыр, ауэ, зы псалъэу ″псалъэрылажьэ″ лIэужьыгъуэщ глаголхэри, мы я щIыкIэкIэ езыхэм хуэIуа зэпкъырыувэкIэрэ лэжьэкIэ зиIэн хуей псалъэхэрщ. НытIэ, ″глагол″хэр я **лэжьэкIэ**рэ **гъэзэщIэкIэ хуитыныгъэм теухуа**уэ –мыри *занщI*эрэ *елъытэныгъэ*у зэры*гъэзэщIэну*м теухуа я *зэпкъырыувэкIэ*м елъытащи- **класификацэ** зэрыщIыпхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ критерым теухуауэ глаголхэр ″*занщ*Iэ *глагол*″рэ ″*префиксиал глагол*″ущ зэрызэщхьэщыкIри, мыбыхэм илъабжьэкIэ нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

*

Псалъэрылажьэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, глаголхэр я мыхьэнэрэ лэжьэкIэм теухуауэ класификацэ щIыпхъэщи, мы критерыр нэхъ наIуэу глаголыр *зыгъэзащIэ*у *къызпкъырыкI*рэ абы *къызэрыпкъырыкI*ыу *зэрылажьэ* щIыкIэу зыгурыгъэIуапхъэщ. ИкIи, глаголыр къызпкъырыкIым теухуауэ лъытэныр ар зы къэхъуныгъэу лъытэнрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ; згъэзащIэрэ къэзлэжьыхьым теухуауэ

лъытапхъэ глаголри зы лэжьыгъэрэ Іуэху лІэужыьгъуэу зэрылъытапхъэри гурыІуэгъуэнщ. НытІэ, мы зэрыжытІа щІыкІэу, *къызпкъырыкІ* е *къэзлэжьым елъыта лэжьэкІэ зэригъуэтым* теухуауэ *глагол*хэри **къэхъуныгъэ**рэ **Іуэху** лІэужьыгъуэу зэщхьэщыгъэкІыпхъэщ: "глагол"хэр **къызпкъырыкІ**рэ **къэзлэжь**ым **елъытарэ теухуа**уэ **класификацэ** щІыпхъэщ. Мыпхуэдэ критерым теухуауи глаголхэр лъабжьэкІэ "*езырыж глагол*"рэ "*Іуэху глагол*"ущ зэрызэщхьэщыкІри, мыбыхэм илъабжьэкІэ нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Класификацэ псалъэм нэхъ хуэигъуэрэ адыгэбзэм хиубыдэ глаголхэм теухуа класификацэ щыпкъэр мы ипэкІэ зи гугъу тщІахэрауэ жыІэпхъэщ. Ауэ, мыхэр зэрылъытэм нэмыщІ критер гуэрхэми теухуауэ глагол гуэрхэр адрейхэм къащхьэхэхукІынри къэхъупхъэщи, мыпхуэдэу зи гугъу тщІыну "глагол класификацэ"хэри щыІэщ. Ауэ, мы ипэкІэ зи гугъу тщІахэр "*глагол класификацэ лъабжьэ*"у лъытапхъэхэрщи, ахэр икІи мы илъабжьэкІэ зи гугъу тщІыну класификацэхэм е глагол гуэрхэр адрейхэм къызэрыхэщхьэхукІ щІыкІэми лъабжьэ хуэхъу класификацэхэрщ. Аращи, илъабжьэкІэ тлъытэну глагол класификацэрэ глагол гупхэр икІи мы ипэкІэ зи гугъу тщІа глагол класификацэм зэрыхиубыдэнурэ зэрыщыщынури гурыІуэгъуэщ.

*

Глаголхэр класификацэ зэрыщІыпхъэу мы зи гугъу тщІа критерхэм нэмыщІ критер гуэрхэм елъытауи класификацэ зэрыщІыпхъэхэр гурыІуэгъуэнщи, мы илъабжьэкІэ "глагол класификацэ"м теухуауэ мыпхуэдэхэри къыпытщэжынщ.

Ауэ, мы ипэкІэ зи гугъу тщІахэр "*глагол класификацэ лъабжьэ*"рэ *нэхъыщхьэ*хэу лъытапхъэщи, мыбдежым зи гугъу тщІыну глаголхэри мы класификацэ нэхъыщхьэрэ лъабжьэм *къыкІэлъыкІуэ класификацэ*у зэрылъытапхъэри гурыІуэгъуэнщ. Класификацэ лъабжьэхэм къыкІэлъыкІуэу мы зи гугъу тщІыну класификацэхэр икІи *класификацэ лъабжьэ*хэм къатехъукІрэ *хиубыдэ*уи зэрыщытыр къыхэгъэщыпхъэщ; ауэ икІи, я лэжьэкІэрэ къэІуэтэкІэ щІыкІэхэм елъытауэ *абыхэм къащхьэщыкІ глагол*хэр зэрылъытэ класификацэ лІэужьыгъуэхэу зэрыщытри къыпыщапхъэщ.

НытІэ, *класификацэ лъабжьэ*у ипэкІэ глаголхэр зэрытлъытарэ зэрызэщхьэщыдгъэкІа щІыкІэм зыгуэркІэ *емызэгъ лэжьэкІэ зиІэ*хэращ

мыбдежым зи гугъу тщlыну *глагол класификац*эрэ глагол гупхэри, мы илъабжьэм мыбыхэм я гугъу щытщlынщ.

Япэрауэ, *глагол*хэр *псалъэрылажьэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, "*динамикэ псалъэ*" лlэужьыгъуэхэуи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, дэтхэнэ зы глаголыр –ар дэтхэнэ глагол гупми хыреубыдэ- бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэр "динамикэ"у лъытапхъэ псалъэ лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, дауи класификацэ щlауи щырет, глаголхэр зэмылlэужьыгъуэ лэжьэкlэрэ къэlуэтэкlэу ухуэ псалъэхэр къызтехъукl псалъэрылажьэхэрщи, нытlэ, зэмылlэужьыгъуэ lуэхугъуэрэ къэхъу-къекlуэкlыр зэрылъытэ мы динамикэ псалъэхэм -глаголхэм- я лэжьэкlэхэу ухуэ зэмылlэужьыгъуэ псалъэхэми зи лэжьэкlэу щыт глаголхэмкlэрэ лъыта lуэхугъуэрэ къэхъу-къекlуэкlыр зэмылlэужьыгъуэ щlыкlэкlэ утыку къызэрихьэрэ зэрыгъэзащlэр зэралъытэр гурыlуэгъуэщ.

Глаголхэр зэрызэпкъырыувэрэ мыхьэнэкlэрэ икlи я лэжьэкlэкlэ зэщхьэщыкlми, псалъэ къэхъуныгъэм теухуауэ лэжьакlуэрэ динамикэ псалъэ лlэужьыгъуэхэрщи, абыхэм щыщ гуэрхэр аргуэру "*динамикэ глагол*"у *лъытэныр* -мыр я мыхьэнэм елъытауэ щытми-, *щхьэхуэу* зы *глагол класификац*эу *лъытапхъ*эу къыщlэкlынкъым. Ауэ, нобэрей ди бзэщlэныгъэм глагол гуэрхэр "динамическэ глагол"у зэрилъытэри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу лъытэныр глагол гуэрхэм я мыхьэнэр къыхэгъэщын мыхъумэ, зы класификацэрэ "глагол гуп" лъытэн lуэхугъуэу лъытапхъэу къыщlэкlынкъым.

Ауэ, адрей глаголхэм къазэрыщхьэщыкlыу "*динамикэ глагол*"*у мылъытапхъэ глагол*хэри хэт адыгэбзэми, мыхэр -нобэрей ди бзэщlэныгъэми зэрилъыта щlыкlэу- "**статя глагол**"у лъытапхъэхэрщ. Нытlэ, мыпхуэдэ глаголхэр *игъуэ критер*хэмкlэрэ *глагол класификац*эу щхьэхуэ зы "*глагол гуп*"у зэрылъытапхъэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Мы зи гугъу тщlыну глаголхэр "*класификацэ лъабжьэ*"хэмкlэ тлъыта "*глагол гуп*"хэми *хиубыдэ глагол* лlэужьыгъуэхэу щытми, я *лэжьэкlэк*lэ *абыхэм къащхьэщыкl глагол* лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, я лэжьэкlэу къызыщхьэщыкl глаголхэр *нормал глагол лэжьэкl*эу лъытапхъэмэ, абыхэм я лэжьэкlэм хуэмыдэу "*статя*" зэрыл*ъыт*эрэ зэрыг*ъэзащlэ глагол*хэрщ мы зи гугъу тщlы глаголхэри, мы глаголхэр нормал глагол лэжьэкlэхэм къащхьэщыкlрэ елъытауэ *езы гупым хуэlуа лэжьэкlэ* зиlэу зэрыщытым зэрезэгъкlэ, мы глаголхэр *щхьэху*эу зы

*"глагол гуп"*у лъытэныр игъуэщ: **"статя зэрылъытэ лэжьэкIэ зиIэ глагол гуп"** - кIэщIыу жыпIэмэ, *"статя глагол гуп"*.

Мы глагол гупым нэмыщI, *и лэжьэкIэкIэ адрей глаголхэм* хуэмыдэрэ *къащхьэщыкI нэгъуэщI глагол лэжьэкIи* щыIэщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэ зы "глагол гуп"ми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы ипэкIэ къыхэдгъэщарэ япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"Iуэху глагол"* жыхуэтIэхэр нормалу *згъэзащIэ*м нэмыщI гуэрым *телэжьыхьрэ теухуэ* лэжьэкIэ зиIэхэрщи, мыбдежым зи гугъу тщIыну глагол лIэужьыгъуэхэр мы *нормал лэжьэкIэм къащхьэщык*I лэжьэкIэ зыгъуэт глаголхэрщ: *згъэзащIэм езым теухуэ*ж глагол Iухугъуэхэрщ. НытIэ, *къэзлэжьым езым теухуэж* Iуэхугъуэхэр зэрылъытэ *глагол*хэрщ мыбдежым зи гугъу тщIыну глаголхэри, *згъэзащIэм езым теухуэжрэ и щхьэм хуэлэжьэж* мы глаголхэри зы гупу **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэхугъуэхэр зэрылъытэ глагол гуп"**у лъытапхъэщ, - кIэщIыу жыпIэмэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол гуп"*ырщ.

*"Глагол класификацэ лъабжьэ"*хэм къыкIэлъыкIуэу *етIуанэ класификацэ лъэбакъуэ*у утыку къихьауэ лъытапхъэщ мы ипэкIэ зи гугъу тщIа *"глагол гуп"*итIри, зы класификацэрэ гупым хиубыдэ глаголхэр икIи нэгъуэщI класификацэрэ "глагол гуп"хэми хиубыдэфыну зэрыщытыр ипэкIи жытIагъащ. НытIэ, мы зи гугъу тщIа "глагол гуп"итIым хиубыдэ глаголхэри адрей класификацэрэ "глагол гуп"хэми зэрыхиубыдэфынур гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мы зи гугъу тщIа *"глагол гуп"итIыр нормал глагол лэжьэкIэхэм я зэхъуэкIыныгъэ*у утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэхэм игъуэ щыхъум деж икIэ нэгъунэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

Дауи, мы зи гугъу тщIа класификацэм ущеплъым деж, дэтхэнэ *гуэрым езым и щы*Iэгъуэмрэ и *лъэкIыныгъэ*м ипкъ иткIэ *къыпкъырык*Iыу утыку къихьэ *глагол л*Iэужьыгъуэхэр зэрыщыIэм нэмыщI, *а гуэрым зы "Iуэху" лIэужьыгъуэу къилэжь*у утыук къихьэ *глагол лIэужьыгъуэ*хэри щыIэщи, глаголу хъуар мыпхуэдэ *критер лъабжьэ*кIэ зэрылъытэу тIууэ зэрызэщхьэщыгъэкIыр гурыIуэгъуэщ: *"езырыж глагол"*у е *"Iуэху глагол"*у.

Глаголхэр лъабжьэкIэ *глагол субъектым езым къыпкъырык*Iрэ и *лъэкIыныгъэ*у утыку къызэрихьэ *къэхъуныгъэрэ*, *глагол субъектым объективу игъэзащIэ* зы *Iуэху лIэужьыгъуэу зэрылъытэ*м нэмыщI,

мыпхуэдэу лъыта глагол гуэрхэри *нэгъуэщӀ критер гуэрхэмкӀи* мыбыхэм къахэщхьэхукӀ гуэрхэри щхьэхуэ клас лӀэужьыгъуэхэу зэрылъытэфынури гурыӀуэгъуэнщ.

Аращи, мы зи гугъу тщӀа "*Ӏуэху глагол*" *лӀэужьыгъуэу* щытми, мы зыгъэзащӀэм *езым и щхьэм хуиухуэжрэ хуэлэжьэжу* е абы езым *и щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху* лӀэужьыгъуэу лъытапхъэри яхэтщи, мыхэри "Ӏуэху глагол"хэм щыщу "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"у зэрытлъытар гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэхэр *нэхъыбэу зыхуэигъуэу* зэрылъытапхъэри *цӀыху*хэрауэ зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, *глагол* жыхуэтӀэхэр псалъэрылажьэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытхэм нэмыщӀ, икӀи *хьэрычэт* лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, *динамикэ лӀэужьыгъуэ*хэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, зы *стабилизацэ е статя зылъытэ глаголхэри зэрыщы*Ӏэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ мы ипэкӀи, нытӀэ, ар "*езырыж глагол*"*у е* "*Ӏуэху глагол*"*у* щырет, утыку къыщихьэрэ къызэрихьэкӀэ мылъытэу, *утыку къихьагъэххэ къэхъуныгъэрэ Ӏуэхугъуэ*у щытхэри щыӀэщи, и лъабжьэкӀэ "езырыж глагол"у е "Ӏуэху глагол"у щыт глаголхэри мы зэрыжытӀауэ "*статя зылъытэ глагол*"хэу лъытапхъэхэрщ.

Дауи, дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ зиӀэм къыпкъырыкӀрэ къилэжьми, глаголхэр мыпхуэдэу зэщхьэщыкӀыу *зылъытэри бзэр зезыхьэ цӀыхура*щи, нытӀэ, *цӀыху*мрэ *нэгъуэщӀ щыӀэгъуэ зиӀэхэм теухуауи глаголхэр зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэри* зы *класификацэ* лӀэужьыгъуэу къызэрытпэщыри гурыӀуэгъуэнщ.

*

НытӀэ, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа глагол класификацэхэм нэмыщӀ, мыбдежым аргуэру *глагол класификацэ* гуэрхэми я гугъу щытщӀыну къытпэщытщ. Мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа *етӀуанэ лъэбакъуэ класификацэ*р "глагол класификацэ лъабжьэ"м елъытауэ *класификацэ щыпкъэу* зэры*мылъытапхъ*эм –е, *етӀуанэрей класификацэ*у зэрылъытапхъэм-хуэдэжу, мыбдежым зи гугъу тщӀынухэри класификацэу мы *етӀуанэ лъэбакъуэми елъытауэ тӀасх*ъэу икӀи *класификацэ щыпкъэу мылъытапх*ъэрщ. Аращи, мыбдежым зи гугъу тщӀыну класификацэр *глаголым езым нэхъри* зытеухуарэ *къызпкъырык*Ӏ *щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэр критер*у зэрылъытэ *класификацэ*рщ.

Дауи, мы ипэкlэ зи гугъу тщlа критерхэм нэмыщl, глагол класификацэ къызэрыгъэщlыфынур гурыlуэгъуэнти, мыбдежым щыгъуазэ дыхуэхъур мыпхуэдэ класификацэ лlэужьыгъуэщ. Аращи, *глаголхэр* **къызпкъырыкl**рэ **къэзлэжь**ым и **щыlэгъуэ -категориелlэужьыгъуэ**м теухуауи **класификацэ** зэрыщlыпхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Дэтхэнэ зы глаголыр зытеухуа щыlэгъуэр сытым дежи наlуэу зэрыщымытым ипкъ зэриткlэ, *глагол псори къызпкъыркlрэ къэзлэжьым и щы*lэ*гъуэм* елъытарэ *теухуауэ* занщlэу зэры*зэщхьэщымыгъэкlыпх*ъэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, глагол лэжьэкlэми гурыlуэгъуэ къыпхуещlыр а глаголыр зытехухуа щыlэгъуэри, глаголыр зытеухуарэ *къызпкъырык*lыу *къэзлэжь*ым и *щыlэгъуэ лlэужьыгъуэр* а *глагол*ым и *лэжьэкlэм* гурыlуэгъуэ къыпхуещlыр.

Зэрыгурыlуэгъуэу, глаголхэр *къызпкъырыкl*рэ *згъэлажь*эр и *щыlэгъуэм теухуауэ зэрызэщхьэщыкl*ыр *псэлъэбзэр зезыхьэ цlыху*ращ *зэлъытар*. Глаголхэр къызпкъырыкlрэ зыгъэлажьэр зылъытэр къэпсалъэрэ къэзыlуатэ цlыху нэрыбгэращи, абы езым зызэрилъытэнурэ зыщыщри –цlыхухэр- зэрилъытэну щlыкlэмрэ адрей щыlэгъуэ лlэужьыгъуэхэр къызпкъырыкlрэ къэзлэжьу зэрилъытэну щlыкlэр зэрызэхуэмыдэнури гурыlуэгъуэнщ. Къэзыlуатэр цlыху нэрыбгэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, къызпкъырыкlрэ згъэлажьэм и щыlэгъуэм теухуауэ глаголхэр зэрызэщхьэщыкlынур япэрауэ *цlыху*мрэ *адрей щыlэгъуэ лlэужьыгъу*эхэрауэщ. Аращи, къызпкъырыкlрэ къэзлэжьым елъытауэ глаголхэр япэрауэ *"цlыху"*хэмрэ *"цlыху нэмыщl"хэм* - "адрей"хэм- теухуауэ *гупит*lу зэщхьэщыкlыу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Мы жытlахэм къызэрыхэщщи, псалъэм папщlэ, *цlыхум теухуа* глаголхэмрэ *къэкlыгъэхэм теухуа* глаголхэр *къызпкъырык*lрэ *згъэлажьэ*м *елъытауэ занщ*l*эу* гурыlуэгъуэ зэрыхъунур нахуэщ. Икlи, псалъэ лlэужьыгъуэу щыт глаголхэр псэлъэбзэращ къыздыщыхъурэ зыхэлэжьыхьри, ари *къэзыlуатэр цlыху*рауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *глагол нэхъыбэри цlыхум теухуа*уэ зэрыщытынур икlи *къызпкъырык*lрэ *къэзлэжь*ри *цlыху*у зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

Мы жытlахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, глагол лэжьэкlэхэр "цlыху"рэ "адрей"хэм теухуащи, бзэр къэзыlуатэр цlыхуу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, глагол лэжьэкlэхэм цlыхумрэ адрейхэр къызэрыхэщынур

зэщхьэщокIыр. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, глаголхэр *къызпкъырык*Iрэ *къэзлэжьыхь*ыр зэрылъытэр *япэрауэ бзэр къэзыпсэлъ цIыху* нэрыбгэмрэ, *и пышэгъуу* щыт *цIыхухэр*ауэщ, икIи *и пышэгъуу щымыт цIыхухэр*ащ – *адрей цIыхухэр*ащ-; *етIуанэу*, бзэр къэзыпсэлъым *цIыхуу щымытхэр "адрей"*уэ зэрилъытэущ.

Нэхъ гъунэгъуу уепъмэ, бзэр *къэзыIуатэ нэрыбгэм "сэ"*уэщ зызэрилъытэри, езым нэмыщI цIыхухэри *"сэ"м елъыта*уэ зэрыигъуэущ – "цIэпапщIэ"хэмкIэ- зэрилъытэрэ къызэриIуатэр. Мыпхуэдэуи, глаголыр *къызпкъырык*Iрэ *къэзлэжь цIыху*хэр япэрауэ *"сэ"*мрэ *"сэ"р зыхэт*рэ "сэ"м зэпыщIэныгъэ зыхуиIэхэу, етIуанэуи *"сэ"м пыщIэныгъэ зыхуимыI*эхэу зэрылъытэри, *"сэ"м езымрэ "сэ"м пыщIэныгъэ зыхуиIэ цIыху*хэр *бзэр згъэлажьэ*у *къэзыпсэлъ* -псэлъэбзэм и "субъект"- "сэ"м зэрелъытакIэрэ *"субъектив"* *лIэужьыгъуэхэ*у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ; *"сэ"м зэпыщIэныгъэ зыхуимыI*эхэри *"адрей"*уэ зэрылъытэу *"сэ"*м и *"субъектив"ыгъэм имыт*у -"сэ"м хуэ"объект"хэу-*"объектив"*хэущ "сэ"м зэрыигъуэу зэрилъытэр. Ауэ, "сэ"м зэпыщIэныгъэ зыхуимыIэ цIыхухэм нэмыщI, цIыхуу зэрыщымытым ипкъ зэриткIэ, цIыхум занщIэу зэпыщIэныгъэ зыхуимыIэхэри дэтхэнэ зы цIыхум елъытауэ "адрей"уэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, бзэр къэзыIуатэ "сэ"м мы цIыхуу щымытрэ и "субъектив"ыгъэм химыубыдэну щыт мы "адрей"хэри "объектив"у зэрилъытэнур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, *бзэр зыгъэлажьэ*рэ *къэзыIуат*эм -"сэ"м-*елъытауэ "адрей"*рэ *"объектив"*у лъытэхэр *"сэ"м пыщIэныгъэ зыхуимыI*э *цIыху*хэмрэ *цIыхуу щымытхэр*ащи, я *щыIэгъуэ*кIэ *"цIыху"*рэ *"цIыху нэмыщI"*хэрщ.

Мы жытIахэм къызэрыхэщщи, *"глагол"*хэр *къызпкъырык*Iрэ *къэзлэжь*ым и *щыIэгъуэ лIэужьыгъуэм* елъытарэ *теухуауэ* япэрауэ **"цIыхум теухуа глагол"**хэу, мыбы нэмыщIхэри **"цIыхум темыухуа глагол"**хэу (*"цIыху нэмыщI щыIэгъуэхэм теухуа глагол"*хэу) зэрылъытэкIэрэ *гупитI*ыу зэщхьэщыгъэкIыпхъэщ.

*"ЦIыхум теухуа глагол"*хэр щыжытIэм деж, *цIыхум хуэIуа* Iуэхугъуэхэу *цIыхум къыпкъырык*Iыу *къилэжьхэр* зыхэзыубыдэ *глагол* лIэужьыгъуэхэрщи, *"цIыхум темыухуа глагол"* жыхуэтIэхэми нэхъ гъунэгъуу еплъын хуэейщ.

НытIэ, **"цIыхум темыухуа глагол"***хэри и кIуэцIкIэ гуп гупу* зэщхьэщыгъэкIыпхъэщ. Мыпхуэдэ зэщхьэщыгъэкIыныр глаголхэр

щылъытэм деж нэхъ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъунщ, ауэ мыбдежым *ахэр гуп гупу* къэдгъэлъэгъуэнщ: «"**къэхъу-къэщӀыгъуэ***м теухуа глагол*"хэмрэ "**псэ зыӀумыт***у щыӀэхэм теухуа глагол*"хэр; "**къэкӀыгъэ***у щыӀэгъуэ зиӀэхэм теухуа глагол*"хэр; "**псэущхьэ***у щыӀэгъуэ зиӀэхэм теухуа глагол*"хэр».

Мы глаголхэр "цӀыхум темыухуа глагол"хэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, цӀыхури къызтехъукӀа щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэхэрщ мыхэри, зи мыхъуми, мы глаголхэм щыщ гуэрхэр цӀыхум теухуауи зэрылэжьэфынур жыӀэпхъэщ. Аращи, япэрауэ "*къэхъу-къэщӀыгъуэм теухуа глагол*" жыхуэтӀэхэр *цӀыху щыӀэгъуэм лъабжьэ хуэхъуа* щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, абыхэм щыщ *гуэрхэр цӀыхум теухуауэ лэжьэф*ыну къыщӀэкӀынщ. "*КъэкӀыгъэхэм теухуа глагол*"хэр зы лъэныкъуэщ ауэ "*псэущхьэхэм теухуа глагол*"хэм щыщ *куэдыр* езыри *зы псуэщхьэу щыт цӀыхум теухуауэ зэрылэжьэф*ынури гурыӀуэгъуэнщ.

ИкӀи, "*цӀыхум теухуа глагол*"*хэр* бзэм щылъыта "*щхьэ*" *псоми* - "субъектив щхьэ, "объектив щхьэ"- *къыпкъырык*Ӏрэ *игъэлэжьэф глагол*хэрщ; ауэ, "*цӀыхум темыухуа глагол*"хэр мыпхуэдэкъым: ахэр "*объектив щхьэ*"кӀэрэщ зэрылажьэ закъуэр.

НытӀэ, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа глагол лӀэужьыгъуэхэу "цӀыхум темыухуа глагол"хэр "объектив щхьэ"кӀэрэ зэрылэжьэнур гурыӀуэгъуэщи, абыхэм щыщу "цӀыхум теухуауэ лэжьэф"ынухэр цӀыхум теухуауэ "субъектив щхьэ"рэ "объектив щхьэ"хэмкӀэрэ зэрылэжьэфынухэр гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, *глаголхэр* къызпкъырыкӀэрэ зыгъэлажьэм теухуауэ *и кӀуэцӀкӀэ* зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэу *зэмылӀэужьыгъуэ* **класификацэ** зэры**щӀыпхъэ**ри гурыӀуэгъуэнщ.

*Япэрауэ*, "*щхьэ псомкӀи лэжьэф глагол*"хэр лъытапхъэщи, "*цӀыхум теухуа глагол*"хэр мыпхуэдэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. *ЕтӀуанэу*, "*ещанэ щхьэхэмкӀэ лэжьэф глагол*"хэр лъытапхъэщи, -"объектив щхьэ"хэмкӀэрэ лажьэу- "субъектив щхьэ"хэмкӀэрэ мылажьэ глаголхэрщ; мыпхуэдэ лэжьэкӀэ зиӀэ глаголхэри мы ипэкӀэ "*цӀыхум нэмыщӀ щыӀэгъуэ зиӀэ глагол*"хэу зи гугъу тщӀагъэххэ глаголхэрщ. *Ещанэу*, "цӀыхум теухуа глагол"у щырет, е "цӀыхум нэмыщӀ щыӀэгъуэ зиӀэхэм теухуа глагол"у щырет, "*къызпкъырык*Ӏ*рэ згъэлажьэ щхьэхэр куэдагъэу щытын хуей глагол*"хэр щыӀэщи, зы *гуп*кӀэ е *зыр зым елъытарэ теухуа*уэ

зэрыгъэзащӀэр зэрылъытэу -мыпхуэдэ *кондицэ* (префикс) зиӀэу-зэпкъырыува глаголхэрщ мыхэр: «зэгурыӀуэн: ″дызэгуроӀуэ, фызэгуроӀуэ, зэгуроӀуэхэ″»; «зэдэщӀэн: ″зэдыдощӀэ, зэдывощӀэ, зэдащӀэ″».

*

НытӀэ, ″глагол класификацэ″хэм теухуауэ къыхэдгъэщынухэр зэ щхьэ мыпхуэдизщи, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа класификацэ гуэрхэм щхьэхуэ щхьэхуэу дытепсэлъыхьыжыни хуейщ. ИкӀи, дэтхэнэ зы класификацэм теухуа лэжьыгъэр иджыркӀэ мы ипэ къыхэдгъэщахэмкӀэ ирикъунуи лъытапхъэщ.

Ауэ, мы зи гугъу тщӀа клансификацэ гуэрхэмрэ къахуэтхьыну щапхъэхэм лэжьыгъэ кӀыхь зэрихьынури къыхэгъэщыпхъэщи, нытӀэ, мыпхуэдэу *кӀыхь хъуну* тлъытэ **класификацэ гуэрхэм иужькӀэ щхьэхуэ Ӏыхьэ**хэу *щыгъуазэ дыхуэхъун*ыр игъуэщ.

Мыпхуэдэу *кӀыхь дыдэ мыхъуну щытми*, ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэми **къыпыщапхъэ**хэр **зыхуэигъуэ класификацэ гуэрхэр**и щыӀэнщи, нытӀэ, мыпхуэдэхэми *мы* **илъабжьэм аргуру** зэрыигъуэкӀэ *щыгъуазэ* дыхуэхъуу *щапхъ*эхэри къахуэтхьынщ. ИкӀи мыпхуэдэщ зыхиубыдэ *псалъэ бжыгъэм теухуа глагол класификацэ*ри, мыбыхэм теухуауэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэрэ щапхъэ гуэрхэри мы илъабжьэм зы псэлъащхьэм щӀиубыдэу къыпытщэнщ.

## ЗЫХИУБЫДЭ ПСАЛЪЭ БЖЫГЪЭМ ТЕУХУАУЭ ГЛАГОЛ КЛАСИФИКАЦЭ

Япэрауэ, зы псалъэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэритщи, япэрей ди лэжьыгъэхэм *псалъ*эхэр *класификацэ* зэрытщӀа щӀыкӀэм хуэдэу *глаголхэр*и **зыхиубыдэ псалъэ бжыгъэм теухуауэ** *класификацэ* зэрыщӀыпхъэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

НытӀэ, ипэкӀи къедгъэкӀуэкӀауэ зи гугъу тщӀы класификацэм зэрезэгъэкӀэрэ зы *псалъэ закъуэ*у зэрыщытымрэ *псэлъитӀрэ нэхъыбэ зыхиубыд*эу зэрыщытым елъытарэ теухуауэ *глагол*хэри *класификацэ* щӀыпхъэщи, глаголхэр мыпхуэдэу ″**щхьэж псалъэ лӀэужьыгъуэ глагол**″рэ (щхьэж глагол) ″**псалъэ зы бжанэ (псэлъитӀ) зыхэзыубыдэ глагол**″у зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэщхьэщыкӀыу тлъыта *дэтхэнэ зы глагол гуп*ми мы илъабжьэм щхьэхуэ щхьэхуэу щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

## ″ЩХЬЭЖ ПСАЛЪЭ ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

″*Щхьэж псалъэ лӀэужьыгъуэ глагол*″хэри -ар дыдэу- ипэкӀэ псалъэхэм теухуа класификацэу къедгъэкӀуэкӀам зэрезэгъыу, ″**макъ псалъэ лӀэужьыгъуэ глагол**″рэ (*макъ глагол*) ″**макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол**″у зэщхьэщыгъэкӀыпхъэщ.

Ипэрей лэжьыгъэ Ӏыхьэм ″*глагол*″хэр *къызэрыхъу щӀыкӀэ*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, *макъ*хэр *щхьэжу занщӀэу* ″*глагол*″ *зэрыхъу* ″*макъ глагол*″хэмрэ *макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ*у ухуэ ″*глагол*″хэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэхэми теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуащ. НытӀэ, ″*глагол*″ *къэхъуныгъэ*м теухуа *оригинал лъэбакъуэ*хэу *утыку къихьа*уэ мы зи гугъу тщӀа ″*глагол*″ лӀэужьыгъуэхэр ″*щхьэж глагол*″у зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″*щхьэж глагол*″у лъытэнухэм ″*макъ глагол*″хэр зэрызыхиубыдэм нэмыщӀ, *макъ*ыр ″*глаголыпхъэ*″у зэрылъытэрэ *къыпыхьэ макъ гуэрк*Ӏэрэ къытехъукӀ ″*глагол*″хэу ″*макъ зы бжанэкӀэ ухуа глагол*″хэри зэрыхиубыдэнур гурыӀуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщӀа *оригинал* ″*глагол*″ *къэхъуныгъэ*хэм *къыкӀэлъыкӀуэ*рэ икӀи мы *ухуагъэххэ* ″*глагол*″*хэм* ищхьэрэ икӀэм *къыпыхьэ макъ гуэрхэмк*Ӏэрэ *къатехъук*Ӏ ″*глагол*″хэри ″*щхьэж глагол*″ лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэхэри гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мы зи гугъу тщӀа ухуэкӀэхэу утыку къихьарэ *щхьэж зы псалъэ* лӀэужьыгъуэу щыт - *псэлъит*Ӏ*-щы зэгухьэныгъэу щымыт-* ″глагол″хэр ″*щхьэж глагол*″у мы зэрытлъытэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

*

Япэрауэ, ипэрей лэжьыгъэ Ӏыхьэм таблицэхэу къщыгъэлъэгъуа ″**макъ глагол**″ лӀэужьыгъуэхэм -″*макъ* Ӏ*уэр глагол*″, ″*макъ щэху глагол*″, ″*макъ зэгуэт глагол*″хэм- теухуа **щапхъэхэр** ″*щхьэж глагол*″ лӀэужьыгъуэхэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «ин; ун, уэн, Ӏун, Ӏуэн»;
- «хьын»; «хъун, хун»; «кӀын, кӀэн, кӀуэн; чын, чэн»; «гъын, гъун; джын, джэн; дзын»; «щын, щэн; щӀын, щӀэн; шын, шэн; сын, сэн»; «жьын, жьэн; жын, жэн; зын, зэн»; «лъэн; лӀын, лӀэн; лын, лэн»; «тын; тӀын, тӀэн; дын, дэн»; «фын; фӀын, фӀэн; вын, вэн»; «пӀын, пӀэн»;
- «пкӀын, пкӀэн»; «щхъын, тхъын, тхъэн, пхъын, пхъэн; щхъун, щхъуэн, тхъун, тхъуэн, пхъуэн; шхын, тхын, тхэн; пхын, пхэн; лъхун, лъхуэн»;

«бгъэн; бгэн»; «бжын, бжэн; бзын, бзэн»; «пщын, пщэн; пщӏын, пщӏэн»; «щтын, пщтын, щтэн»; «плъын, плъэн; блэн»..

*

"Щхьэж глагол" лӏэужьыгъуэу мы къэта щапхъэхэр "макъ зэгуэт глагол"хэри зэрызыхиубыдэу "макъ глагол"хэм теухуащи, "щхьэж макъ" е "макъ зэгуэт"у щырет, "*макъ глагол*" жыхуэтӏэрэ "*щхьэж глагол*" гупым хиубыдэ глагол лӏэужьыгъуэхэрщ. Мыбыхэм нэмыщӏ, **"макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэу ухуэ глагол"**хэри "щхьэж псалъэ" лӏэужьыгъуэу "*щхьэж глагол*"у зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ; икӏи, дэтхэнэ зы бзэм и псалъэ нэхъыбэр *макъ зы бжанэ зыхэзыубыд*эу ухуа *псал*ъэхэрщи, адыгэбзэри мыпхуэдэу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэщ.

Нытӏэ, ипэрей лэжьыгъэ ӏыхьэм къызэрыхъуа щӏыкӏэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыт "*макъ зы бжанэкӏэ ухуа глагол*"хэм теухуа *щапх*ъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «хуэин; еӏэн; щыун, иуэн, еуэн»;
- «пэмэн, епэмын, ихьэн, дыкъын, къэкхъун, щӏэкӏэн, екӏун, екӏуэн, гъэхъэн, хъуэжын, ухын, ехын, ухуэн, щӏэгъэн, щӏэгъуэн, дэдзэн, къэшын, къэжьын, дэжьэн, илъын, щӏэлын, етын, щӏэфын, щӏэвын»;
- «тхьэусыхэн, гъутхьэн, тхьэкъуэн, итхьэкъун, ткӏиин, щӏэткӏуэн, къепсын, щӏэпсэн, пшынын, пшынэн, къэпхъуэтэн, епцӏын, епцӏыжын, къэпцӏэн, къэпщӏын, зэпкъырылъын, пкъырыувэн, убзэн, еубзэн, ебзеин, ебгъэн, убгъун, щӏэубгъуэн, ебгын, ебжьэн, ублэн, къэублэн, зэщӏэблэн, блэкӏын, блэфтын, щӏэфтын».

*

Мы къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэр *макъ мыхьэнэ* зиӏэу ухуа "*макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол*" лӏэужьыгъуэхэрщи, мыбхэм нэмыщӏ, *макъ егъэщхьынытгъэрэ макъ мыхьэнэнш*эу езы адыгэбзэм къигъэщӏа псалъэхэу "*щхьэж псалъэ*" лӏэужьыгъуэу **"макъ зы бжанэ зыхиубыдэу ухуа глагол"** гуэрхэри хэтщи, мы **"макъ мыхьэнэншэ глагол"** лӏэужьыгъуэ **щапхъэхэр**и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«къэкъэн, пырхъын, буун, вуун, гъуэхъуэн, етӏыркъын, къэцыфын».

Адыгэбзэм макъ мыхьэнэншэрэ макъ егъэщхьынытгъэкӏэ къигъэщӏа мы глаголхэм къыщымынэу, *хамэбзэ псал*ъэхэу щытрэ *адыгэбзэкӏи макъ мыхьэнэнш*эу зэрыщыткӏэрэ адыгэбзэм хэлэжьыхь *глагол*ухэри щыӏэщи, мыхэри **"щхьэж глагол"** гупым щыщрэ **"макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол"** лӏэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ,

**хамэбзэ**у къэхъуарэ *адыгэбзэкӀэ макъ мыхьэнэнш*эу щыт **глагол**хэм теухуа **щапхъэхэр**и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| «шэчын, тэрэзын, гъэтэрэзын, сакъын, хуэсакъын, бэяун». |
|---|

Езы адыгэбзэм макъ егъэщхьыныгъэрэ мыхьэнэншэу къигъэщӀауэ щырет, е хамэбзэ псалъэу адыгэбзэм къыхэхьарэ глаголу хэлэжьыхь хъауауэ щырет, макъыбзэу щыт адыгэбзэм макъ мыхьэнэншэу хэтрэ хэлэжьыхь мы глаголхэр бзэм къызэригъэщӀарэ къызэрыхэхьар щхьэж псалъэрэ ″щхьэж глагол″ лӀэужьыгъуэхэущ. Ауэ, ахэр зыхэзыубыдэу ″псалъэ зы бжанэкӀэ ухуэ глагол″хэри къызэрыхъунфынури жыӀэпхъэнщи, мыпхуэдэхэри илъабжьэкӀэ зи гугъу тщӀыну глагол гупым щыщу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

## ″ПСАЛЪЭ ЗЫ БЖАНЭКӀЭ УХУА ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

Ипэрей лэжьыгъэ Ӏыхьэм ″*глагол*″хэр *оригинал* щӀыкӀэу *къызэрыхъ*урэ ахэр зи лъабжьэу *къатехъукӀыж* ″*глагол*″хэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, ″*макъ глагол*″ лӀэужьыгъуэхэу щырет, ″*макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол*″ лӀэужьыгъуэхэу щырет, къызэрыхъуа щӀыкӀэр зыхэплъагъуэу *таблицэхэм хиубыд*эу зи гугъу тщӀа ″*глагол*″*хэр* ″*щхьэж глагол*″ лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Мыбыхэми ″*макъ мыхьэнэншэу ухуа псалъэ*″ лӀэужьыгъуэу щытрэ ″*щхьэ глагол*″у бзэм хэлэжьыхь гуэрхэри къызэрыпытщэжар нэрылъагъущ. Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщӀынухэр ″*псалъэ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол*″хэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Аращи, макъыбзэ щӀыкӀэу къэхъуауэ щырет, е езы макъыбзэм макъ егъэщхьыныгъэрэ макъ мыхьэнэншэу къигъэщӀауэ щырет ар, е хамэбзэ псалъэу адыгэбзэм къыхэхьарэ глагол щыхэхъухьау макъ мыхьэнэшэ глаголу щырет, ″щхьэж глагол″у лъытапхъэхэм мы ипэкӀэ я гугъу тщӀыри, щапхъэхэри къахуэтхьащ. Мыбдежым зи гугъу тщӀыну глаголхэр ″щхьэж псалъэ″ лӀэужьыгъуэу щымытрэ ″*щхьэж псалъэ*″ лӀэужьыгъуэ *зы бжанэ зыхэзыубыд*эу ухуэ ″*глагол*″хэрщ.

Мыхэр ипэкӀэ ″**псалъэ зы бжанэ (псэлъитӀ) зыхэзыубыдэ глагол**″у класификацэ щӀагъэххэщи, ″*щхьэж псалъэ*″*у зы бжанэ зыхэзыубыдэ мы* ″*глагол*″хэри *и кӀуэцӀкӀэ* **тӀу**уэ **зэщхьэщыгъэкӀыпхъэ**щ. Аращи, ахэр *псэлъитӀыр зы псалъэ пэлъытэ*у зэрызэ*гухьа* щӀыкӀэр зэрылъытэ ″*псалъэ зэгуэт лӀэужьыгъуэ глагол*″рэ (**псалъэ зэгуэт глагол**), *псэлъитӀыр*

*щхьэхуэ щхьэхуэу лъытапхъ*эрэ икIи *зэрызэпха*уи лъытапхъэ *"псалъэ зэпха лIэужьыгъуэ глагол"*у (**псалъэ зэпха глагол**) зэщхьэщокIыр.

НытIэ, "псалъэ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол"хэр "псалъэ зэгуэт"рэ "псалъэ зэпха"уэ мы зэрызэщхьэщыкIым илъабжьэкIи зэрызэлъыта щIыкIэуи щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Адыгэбзэ псалъэ зэпкъырыувэкIэм езэгъыу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ псэлъитI зыхэзыубыдэ мы псалъэ лIэужьыгъуэхэри зэрыухуэнури, *"глагол" къалэныр псалъэм икIэм* щызэрыгъ*эзащIэ*м хуэдэу, псэлъитI зыхэзыубыдэу ухуэ мы псалъэ лIэужьыгъуэхэм ("псалъэ зэгуэт глагол"; "псалъэ зэпха глагол") дэтхэнэ зым хиубыдэну *псэлъитIым* щыщу *етIуанэр*ащ *"глагол"* къалэн зыгъэзэщIэнур. Аращи, ар *"псалъэ зэгуэт"*у щырет, *е "псалъэ зэпха"*уэ щырет, *псэлъитI* (пп: "кIуэцI, илъын") *зыхэзыубыдэ* мы *псалъэ* лIэужьыгъуэхэм ("кIуэцIылъын"; "кIуэцI илъын – кIуэцIым илъын") хиубыдэ псалъэхэм *ипэ ит –къэIу- псалъэр цIэ* лIэужьыгъуэу (кIуэцI), *етIуанэ –кIэух- псалъэр глагол* лIэужьыгъуэу (илъын) зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, *псэлъитI зыхэзубыдэ* мы *глагол*хэм (пп: "кIуэцIылъын"; "кIуэцI илъын – кIуэцIым илъын") я *мыхьэнэри ипэ ит псалъэм* ("кIуэцI"ым) *теухуауэ къэхъурэ гъэзащIэ* ("илъын") Iуэхугъуэрауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мыбы нэмыщI, псэлъитI зыхэзыубыдэ мы глаголхэри ипэкIэ "псалъэ зэгуэт"рэ "псалъэ зэпха"хэм хиубыдэ псалъэхэм я зэгухьэкIэрэ я зэпхыкIэм хуэдэу зэрызэгухьэрэ зэрызэпхынури гурыIуэгъуэнщи, "занщIэ"ущ (пп: "кIуэцIылъын"; "кIуэцI илъын") е "макъ гуэркIэ"рэщ (пп: "кIуэцIыр̲ылъын": "кIуэцIыр̲ зилъыпIэн – кIуэцIым̲ илъын").

Аргуэру пыщапхъэщи, *псэлъитI зыхэзыубыд*эу мы зи гугъу тщIы *"псалъэ зэгуэт глагол"*рэ *"псалъэ зэпха глагол"*хэм хиубыдэ псалъэхэри "макъ псалъэ"рэ ("щхьэж макъ псалъэ"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"у) е "макъ зы бжанэкIэ ухуа псалъэ"у зэрыщытыфынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мыхэр зытежытIыхьа *"псэлъитI зыхэзыубыдэ глагол"*хэм щыщу япэрауэ **"псалъэ зэгуэт глагол"**хэм теухуа **щапхъэхэр** къэтхьынщ:

| |
|---|
| - «"кIуэцI, ихуэн" → "кIуэцIыхуэн" - "кIуэцIырыхуэн"»; |
| - «"кIуэцI, илъын" → "кIуэцIылъын" - "кIуэцIырылъын"»; |
| - «"кIуэцI, илъхьэн" → "кIуэцIылъхьэн" - "кIуэцIырылъхьэн"»; |
| - «"кIуэцI, икIын" → "кIуэцIыкIын" - "кIуэцIырыкIын"»; |
| - «"бгъэ, кIуэн" → "бгъэрыкIуэн"». |

"Псалъэ зэгуэт"рэ "псалъэ зэпха"хэр зэрызэлъытам ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуауэ щытащи, нэхъыбэм дэж япэ "псалъэ зэпха"уэ утыку къихьэр иужькlэ "псалъэ зэгуэт"у зэрыухуэжыр жытlагъащ. Ауэ икlи, япэрей ди лэжьыгъэхэм *"псалъэ зэгуэт"*рэ *"псалъэ зэпха"* нэхъыбэр *зыр зым иnlэ* зэр*иувэф*ми щыгъуазэ дыхуэхъуауэ щытащи, мыр икlи *"псалъэ зэгуэт глагол"*хэмрэ *"псалъэ зэпха глагол"*хэми зэры*теухуа*пхъэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, **"псалъэ зэгуэт глагол"**у мы ипэкlэ къэта *щапхъ*эхэм щыщ **гуэрхэр** икlи **"псалъэ зэпха глагол"**уи зэры**зэпкъырыувэф**ынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ **щапхъэ**хэрщ мыхэр:

| |
|---|
| - «"кlуэцl, ихуэн" → "кlуэцl ихуэн" - "кlуэцlым ихуэн"»;<br>«- "кlуэцl, илъын" → "кlуэцl илъын" - "кlуэцlым илъын"»;<br>- «"кlуэцl, илъхьэн" → "кlуэцl илъхьэн" - "кlуэцlым илъхьэн"»;<br>- «"кlуэцl, икlын" → "кlуэцl икlын" - "кlуэцlым икlын"». |

Ауэ, "псалъэ зэпха глагол"уи къэта мы щапхъэхэм ипэкlэ къэта "псалъэ зэгуэт глагол" псори зэрызыхимыубыдэр гулъытапхъэщи, *"псалъэ зэпха глагол"у* щытрэ *"псалъэ зэгуэт глагол"у мыухуэ*хэри зэрыщыlэнури гурыlуэгъуэщ. Икlи, мыбдежым *"псалъэ зэпха глагол"*у зи гугъу щlыпхъэхэри мыхэрауэ лъытапхъэщ. Ипэкlи зэрыжытlауэщи, *псэлъитlкlэ ухуэ* мы *глагол* лlэужьыгъуэхэм хиубыдэ *етlуанэ псалъ*эращ *глагол къалэн* зыгъэзащlэри, ар икlи *щыlэххэ зы глагол*у зэрыщытрэ мы псалъэ зэпхам хуэlуауэ къызэрымхъуари гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мы глаголыр щхьэжу къыщыlум дежи, абы мы зи гугъу тщlы "псалъэ зэпха глагол"ым хигъэзэщlыхь къалэн гуэр зэригъэзащlэр гурыlуэгъуэщ. Мыбы илъабжьэкlэ нэхъ щыгъуазэ дыхуэхъунущ, ауэ мыпхуэдэ глаголхэр икlи *занщlэу зэпх "псалъэ зэпха глалол"*хэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мыхэр тежытlыхьа нэужь, мыбдежым *"псалъэ зэгуэт глагол"у къэмыlуэтапхъэ* **"псалъэ зэпха глагол"**хэм теухуа **щапхъэхэр** къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «"lуэху, щlэн" → "lуэху щlэн"; "псы, къэхьын" → "псы къэхьын"; "пцlы, упсын" → "пцlы упсын"»;<br>- «"дыгъэ, къыкъуэкlын" → "дыгъэ(р) къыкъуэкlын"; "дыгъэ, къуэхьэн" → "дыгъэ(р) къуэхьэн"; "дыгъэ, къепсын" → "дыгъэ(р) къесын"»; «"уэшх, къешхын" → "уэшх къешхын"»; «"уэс, къесын" → "уэс къесын"»; "шы, шэсын" → "шы(м) шэсын"»; «"нэху, щын" → "нэху щын"»; «"цы, щын" → "цы |

щын"; "щхьэц, жьын" → "щхьэц жьын"»; «"мэл, къэшын" → "мэл къэшын"».

Мы къэта щапхъэхэм щыщу, ипэрей гупыр глаголыр щхьэжу къыщыӀуатэм деж, занщӀэу ар абы ипэ ит псалъэм зэрытеухуар гурыӀуэгъуэ мыхъуми, етӀуанэ гупым хиубыдэ глаголхэр абыхэм *ипэ ит псалъэм хуэӀуа* дыдэу *мыхьэнэ яӀэу* зэрыщытыр гурыӀуэгъуэ зыщӀхэрщщи, *щхьэжу* а глаголхэр *къыщыӀум деж* гурыӀуэгъуэ къытхуэхъур ар *зыхэта "псалъэ зэгуэт глагол"ым и мыхьэнэ* дыдэращ. НытӀэ, мы жытӀар гурыӀуэгъуэ къытхуэхъун папщӀэ, мы *ипэкӀэ етӀуанэ гуп*у къэта **"псалъэ зэпха глагол"**хэм я *етӀуанэ* **-кӀэух-** псалъэу щыт **глагол**хэр *щхьэжу* –**"щхьэж глагол"** лӀэужьыгъуэ **пэлъытэ**у- бзэм щызэрызекӀуэ щапхъэу къэтхьынщ:

«"дыгъэ(р) къыкъуэкӀын" → "къыкъуэкӀын"»;
«"дыгъэ(р) къуэхьэн" → "къуэхьэн"»;
«"дыгъэ(р) къесын" → "къепсын"»;
«"уэшх къешхын" → "къешхын"»;
«"уэс къесын" → "къесын"»;
«"шы(м) шэсын" → "шэсын"»;
«"нэху щын" → "щын"»;
«"цы щын" → "щын"»;
«"щхьэц жьын" → "жьын"»;
«"мэл къэшын" → къэшын"».

## "ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ТЕУХУА ТЕРМИНОЛИЕМ ХЭПЛЪЭГЪУЭ

Глаголхэр зэрылъытапхъэрэ утыку къызэрихьэм теухуауэ мы къэдгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэ Ӏыхьэм къыкӀэлъыкӀуэну дызыхуэкӀуэ лэжьыгъэ Ӏыхьэхэм щызетхьэну щыт термин гуэрхэм мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъуныр игъуэщ. Аращи, къытпэщыт лэжьыгъэ Ӏыхьэхьэхэр глаголхэр класификацэ зэрыщӀыпхъэм теухуащи, мыпхуэдэу зэщхьэщыгъэкӀыу зэрылъытапхъэр я мыхьэнэхэмрэ икӀи лэжьэкӀэхэм елъытарэ теухуауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, глаголхэр я класификацэм теухуа терминхэм нэмыщӀ, абыхэм я лэжьэкӀэхэмрэ мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэр икӀи мы псалъэхэм хиубыдэхэри зэрылъытэн хуей терминхэми щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщи, мыбыхэм теухуауэ адыгэбзэ щӀэныгъэм щызекӀуэ термин гуэрхэм -терминологием- щыгъуазэ дыхуэхъун иужь дитынщ.

Ипэкӏи кӏэщӏыу и гугъу зэрытщӏауэ, глаголхэр лэжьэну зэрыгъэпса щӏыкӏэу зэрылъытэ "**инфинитив глагол**"хэр и лъабжьэкӏэ "*езырыж глагол*"*рэ* "*ӏуэху глагол*"у икӏи мыпхуэдэу лъытапхъэ гуэрхэри "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол*"*рэ* "*статя глагол*" лӏэужьыгъуэхэу зэрылъытапхъэхэм нэмыщӏ, "инфинитив глагол"хэр "префикс"рэ "суффикс" къызэращтэу "*префиксиал глагол*"*рэ* "*суффиксиал глагол*"*у* зэрызэщхьэщыкӏыр гурыӏуэгъуэщи, нытӏэ, "префикс" зимыӏэхэри "*занщӏэ глагол*" лӏэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэщ.

Ауэ, "инфинитив глагол"хэр и кӏуэцӏкӏэ мыпхуэдэрэ нэгъуэщӏ гуэрхэу зэрызэщхьэщыкӏхэм нэмыщӏ, *глагол лэжьэк*ӏ*эхэми* игъуэ зэрыхъукӏэрэ аргуэру "*префикс*"рэ "*суффикс*" гуэрхэр къызэращтэфри къыхэгъэщыпхъэщ. Икӏи *глагол*хэр *къызпкъырык*ӏрэ *зыгъэлажьэ*у *зытелэжьых*ьрэ *зытеухуэ*хэри "**глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ**"хэм *макъ гуэрхэмк*ӏэрэ *щызэрыхэлъыт*эри къыхэгъэщыпхъэщ. Нытӏэ, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуу, ахэр зэрылъытапхъэ *термин*хэми щыгъазэ зыхуэтщӏынщ.

Аращи, мыбдежым глаголхэр *къызпкъырык*ӏрэ *зыгъэлажьэ*мрэ *зытелэжьых*ьрэ *зытеуху*эхэр щхьэжу зэрылъытэ "**цӏэпапщӏэ**"хэр "*глагол лэжьэк*ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм щы*зэрыхэлъытэ* щӏыкӏэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Мы цӏэпапщӏэхэр зыхиубыдэ "псалъэ"хэм щызэрыхэлъытэри "**щхьэ**"уэщи, нытӏэ, мы "**щхьэ цӏэпапщӏэ**"хэр псалъэхэм щызэрыхэлъытэнуми щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщ; икӏи, мыхэр зэрытлъытэнурэ къызэрытӏуэтэну *терминхэр*и зыгурыдгъэӏуэн хуейщ.

Мы къэтӏуэтахэми къызэрыхэщщи, дэтхэнэ зы "*инфинитив глагол*"ыр "*префиксиал глагол*"рэ "*суффиксиал глагол*"у щырет, е "*занщ*ӏ*э глагол*"у щырет, глагол мыхьэнэмрэ зытеухуа ӏуэхугъуэу мы къыхъурэ утыку къихьэр е мы гъэзащӏэр *къызпкъырык*ӏрэ *зыгъэлажьэ*м икӏи *зытелэжьых*ьрэ *зытеуху*эр *зэрылъытэ мак*ъхэр а *глагол*ыр зэры"*лажьэу ухуэ псалъэ*"хэм ищхьэ лъэныкъуэм зыхаубыдэри, мы зэрызыхаубыдэ щӏыкӏэм зэрезэгъкӏэ мыхэри "*префикс*" лӏэужьыгъуэхэу лъытапхъэнщ. Икӏи, мы *мак*ъхэр "*щхьэ*"хэр *зэрылъытэ мак*ъхэу зэрыщытым зэрезэгъкӏи ди бзэщӏэныгъэм "**щхьэ префикс**"хэу илъытахэрщ. Мыпхуэдэу глаголыр къызпкъырыкӏрэ зыгъэлажьэм къыщымынэу, *зытелэжьых*ьрэ *зытеуху*эу "*щхьэ*"уи лъытапхъэхэри "*глагол лэжьэк*ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм *ищхьэ лъэнык*ъ*у*эращ

зыщыхиубыдэри, мыхэри псалъэм зыщыхиубыдэ щIыпIэкIэ "*префикс*" лIэужьыгъуэхэу зэрылъытапхъэм папщIэ, ар дыдэу "*щхьэ префикс*"хэущ зэрылъытар.

Мы "щхьэ"уэ лъытарэ икIи псалъэхэм зэрыхиубыдэри "щхьэ префикс"у мы зи гугъу тщIахэм я нэхъыщхьэри глаголыр *къызпкъырык*Iрэ *зыгъэзащ*Iэрауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Дэтхэнэ зы бзэм дежкIи *глагол лэжьэк*I*эр* япэрауэ ар *къызпкъырык*Iрэ *зыгъэзащ*I*эм теухуа*уэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Муращи, адыгэбзэм глаголыр *къызпкъырык*Iрэ *зыгъэзащ*Iэ "*щхьэ*"р "*глагол лэжьэк*I*эу ухуэ псалъэ*"хэм зэрыхиубыдэр гурыIуэгъуэщи, мыбыи къыщымынэу, **глагол**ыр **зытелэжьыхь**рэ **зытеухуэ "щхьэ"**хэри а "*глагол лэжьэк*I*эу ухуэ псалъэ*"*хэм зыхеубыд*эр. Ауэ, глаголыр зытеухуа Iуэхугъуэр *къызпкъырык*Iрэ *къэзлэжь* "*щхьэ*"р бзэ куэдым а "*глагол лэжьэк*I*эу ухуэ псалъэ*"хэм зы*хиубыдэу* щытми, *зытелэжьыхь*рэ *зытеухуэ* "*щхьэ*"р зыхэзыубыдэ бзэри куэду къыщIэкIынкъым. Аращи, *бзэхэм* я *нэхъыбэм* -бзэщIэныгъэр къызтехъукIа бзэхэр япэ зэриту- *я глагол лэжьэк*Iэхэм мы зи гугъу тщIы "*щхьэ*"хэр *зыхиубыдэкъыми*, ахэр *псалъэухыгъэк*Iэ къызэрыIуатэущ *на*I*уэ* зэрыхъур.

Адыгэбзэм и глагол "*лэжьэк*I*эу ухуэ псалъэ*"хэм *хиубыд*эу зи гугъу тщIы мы макъхэр -"**щхьэ**"хэр *зэры***лъытэ макъ**хэр- ягъэзащIэ *къалэн*хэм зэр*елъыта*уэщ *псалъ*эхэм "*префикс*"*у* зэрыхиубыдэри, "*префикс*" лIэужьыгъуэхэу ахэр *псалъ*эхэм *зэрыхиубыдэ* я *увып*I*э*хэри *я къалэным* зэр*елъытам* нэмыщI, *ик*I*и* а *глагол* лIэужьыгъуэми *елъыта*уэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, зы *глаголым и лэжьэк*I*эр зэлъытар* ар зыхэзыубыдэ "**глагол гуп**" *лэжьэк*I*эращи*, *глагол лэжьэк*I*эм* **нэхъыщхьэ "щхьэ"**уэ зыхиубыдэр -ипэкIи зэрыжытIауэ- глаголымкIэ лъыта Iуэхугъуэр *къызпкъырык*Iрэ *къэзлэжь*ращ. ИкIи, мы къэхъуныгъэрэ лэжьыгъэр *зытелэжьыхь*рэ *зытеухуэ* "*щхьэ*"хэри "*глагол лэжьэк*I*эу ухуэ псалъэ*"хэм зэрыхиубыдэрэ *щыхиубыдэ щ*I*ып*Iэри мы "*нэхъыщхьэ щхьэ*"хэу -глаголыр къызпкъырыкIрэ къэзылэжьу- тлъытахэм *елъыта*уэ зэрыщытынури къыхэгъэщыпхъэщ.

Мы зэрыжытIауэ, "щхьэ префикс"хэр и кIуэцIкIэ мы зэрызэщхьэщыкIым елъытащ ахэр "глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэм зэрыхиубыдэр. Ауэ икIи, мыбы нэмыщI, мы "*щхьэ префикс*"*хэр* "*глагол лэжьэк*I*эу ухуэ псалъэ*"*хэм зэрыхиубыдэ щ*I*ык*Iэрэ *щыхиубыдэ щ*I*ып*Iэхэри "глагол гуп" лэжьэкIэм зэрелъытари гурыIуэгъуэщ.

Мыбыхэм -иужькIэ- игъуэ щыхъум деж, икIэ нэгъунэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъунури мыбдежым щыжытIэнщ.

Глаголыр къызпкъырыкIрэ зыгъэлажьэр икIи зытелэжьыхьрэ зытеухуэу мы зи гугъу тщIа къалэнхэм нэмыщI, глаголыр зыхэзыубыдэ *"глагол гуп" лэжьэкIэми елъытауэщ* мы *"щхьэ префикс"*хэр *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэм щызэрыхэлъыт*энурэ *зэрыхэхь*энур жытIагъэххэщ. ИкIи, мы "щхьэ префикс"хэри зыхэзыубыдэ *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэр зы*хиубыдэу къэIуатэ псалъэухыгъэ*хэми мы *"щхьэ"хэр игъуэ* псалъэхэмкIэ *къырыIуатэ*у зэрыхиубыдэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мы *"щхьэ"хэр "глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэм зэрыхиубыдэм нэмыщI* икIи мы псалъэхэр зыхэзыубыдэ *псалъэухыгъэми щыхолъыт*эри, мы "щхьэ"хэр псалъэухыгъэм мы зэрыхэлъытэ щIыкIэри *"цIэпапщIэ"* псалъэ лIэужьыгъуэхэущ. Нэхъ зэIухауэ жытIэмэ, *псалъэухыгъэм* мы *"щхьэ"хэр "цIэпапщIэ"* лIэужьыгъуэ псалъэхэущ *зэрыхэлъыт*эри, мы "цIэпапщIэ" лIэужьыгъуэхэри "глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэм зэрыхиубыдэу зи гугъу тщIа къалэным елъытарэ теухуауэщ.

*

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, *"щхьэ"*хэр *щхьэжу "цIэпапщIэ"*у мы зэрылъытэр -ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ- **"щхьэ цIэпапщIэ"**у лъытапхъэщ. ИкIи, мы *"щхьэ цIэпапщIэ"*хэр *игъуэ мак*ъкIэрэ *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм щызэрыхэлъытэу *"щхьэ префикс"*у зи гугъу тщIахэри *"щхьэ цIэпапщIэ лъытэ"*рэ *"щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*уи лъытапхъэхэщ. Мыбыхэм иужькIэ игъуэ щыхъум деж нэхъри щыгъуазэ дыхуэхъунущ; ауэ, мыбдежым **"ещанэ щхьэ"**уэ лъытапхъэхэр *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм *щызэрыхэлъытэ* макъхэр **"щхьэ цIэпапщIэ лъытэ"**у лъытэныр нэхъ игъуэу зэрыщытымрэ, икIи, бзэр къэзыIуатэу *япэрей "щхьэ"*уэ щыт *"сэ"м пыщIэныгъэ* зэрызыхуиIэм ипкъ зэриткIэ, **"субъектив щхьэ"**хэу лъытапхъэхэр *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм щызэрыхэлъытэ щIыкIэхэри -макъхэри- **"щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"**у лъытэныр нэхъ игъуэу зэрыщытри къыхэдгъэщынщ.

НытIэ, дэтхэнэ зы *"щхьэ цIэпапщIэ"*р *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм щызэрыхэлъытэну **"щхьэ цIэпапщIэ лъытэрэ гъэлъагъуэ"**хэр къызэрыIуатэ щIыкIэхэр зэмылIэужьыгъуэу зэщхьэщыкIыу зэрылъытэфынури гурыIуэгъуэщ: дэтхэнэ *зы "щхьэ"р*

*"езанэ щхьэ, етӀуанэ щхьэ, ещанэ щхьэ"* хуэдэу (пп: *"етӀуанэ щхьэ цӀэпапщӀэ; етӀуанэ щхьэ цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"*; **"ещанэ щхьэ цӀэпапщӀэ**; **ещанэ щхьэ цӀэпапщӀэ лъытэ"**) е я *"щхьэ цӀэпапщӀэ"*хэм - *"сэ, уэ, ар/абы"*м- теухуауэ (пп: *"сэ"м* **теухуа цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ**; *"ар/абы"ым* **теухуа цӀэпапщӀэ лъытэ**) лъытэфынщ.

Мыхэр гурыӀуэгъуэщ, ауэ адыгэбзэ глаголхэр къызпкъырыкӀрэ къэзлэжьым и щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэм елъытауэ зэрызэщхьэщыкӀыфри гурыӀуэгъуэщи, "щхьэ" псалъэмрэ ар зи лъабжьэу ухуа "щхьэ цӀэпапщӀэ, щхьэ цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ, щхьэ цӀэпапщӀэ лъытэ" псалъэхэр дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэр зэрыигъуэу зэрымылъытапхъэри жыӀэпхъэщ. Аращи, щхьэжу дэтхэнэ зы "цӀыху"р - "цӀыху нэрыбгэ"р - "нэрыбгэ"р "щхьэ" псалъэмкӀэ лъытэныр игъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ; икӀи, дэтхэнэ зы псэущхьэри щхьэжу "щхьэ" псалъэмкӀэ лъытэнри - "псэущхьэ"у зэрылъытам зэрезэгъкӀэ- игъуэ хуэдэ хъуну къыщӀэкӀынщ. Ар щыхъукӀи, "цӀыхум теухуа глагол"хэм "псэущхьэхэм теухуа глагол"хэри дэпщӀыгъуу, я лэжьэкӀэхэм "щхьэ, щхьэ цӀэпапщӀэ, щхьэ цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ, щхьэ цӀэпапщӀэ лъытэ, щхьэ префикс" хуэдэ псалъэхэр яхузепхьэныр игъуэщ. Ауэ, **"псэ зыӀумыт**рэ къэхъу-къэщӀыгъуэм теухуа глагол"хэмрэ "къэкӀыгъэхэм теухуа глагол"хэм я лэжьэкӀэхэм мы къэхъурэ къекӀуэкӀыр къызпкъыркӀрэ зытеухуэр **"щхьэ"уэ** лъытэнрэ къэӀуэтэныр игъуэу зэры**мылъытапхъэ**ри гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи тӀэ, глагол лэжьэкӀэхэм теухуарэ адыгэбзэуи щыт *"щхьэ" термин*ыр дэтхэнэ зы адыгэбзэ глаголым хуэ*игъуэу* зэры*мылъытапхъ*эр жыӀэпхъэщ. Ар щыхъукӀи, *"игъуэ термин"*ыр е *дэтхэнэ зы* **глагол гуп**рэ я **лэжьэкӀэ**м **хуэ"игъуэ термин"**хэр къэгъэщӀын зэры**хуей**ри гурыӀуэгъуэнщ.

Мыхэр зи пщэрылърэ зи къалэнхэри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мыбдежым къытпэщытыр *глагол лэжьэк*Ӏэхэр *макъыбзэ еплъык*Ӏ*эк*Ӏэ *лъытэн*рэ *гуры*Ӏ*уэгъуэ зыхуэщ*Ӏ*ын* Ӏуэхугъуэу зэрыщытми зэрезэгъкӀэ, утыку ит *терминхэр зэрыигъуэу зетхьэн*ращ къыттехуэр. Ауэ, игъуэу дымылъытэ терминрэ еплъыкӀэхэри къызэрыхэдгъэщу къедгъэкӀуэкӀыну мы лэжьыгъэр терминологиеми едымыгъэхь – едымыгъэпӀытӀу, *адыгэбзэ*р *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, *глагол лэжьэк*Ӏэхэм *щыгъуазэ* дызэрыхуэхъуу къызэредгъэкӀуэкӀын иужь дитыну аращ ди гугъэр.

*

Нобэрей *ди бзэщӀэныгъэ*м щызекӀуэ *терминхэр* адыгэбзэр зыщӀаджыкӀ *бзэщӀэныгъэм* и *урысыбзэ варианту* зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, *адыгэбзэр зэрадж* щӀыкӀэри *урысыбзэ терминыб*эущ. Мы джыкӀэм езы адыгэбзэмкӀи термин гуэрхэр къыщыгъэщӀами, мы адыгэбзэ терминхэри адыгэбзэр зыщӀаджыкӀ методым екӀурэ урысэбзэ логием тету зэрылъытэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Дауи, нобэ адыгэбзэр зыщӀаджыкӀ мы *бзэщӀэныгъэ*рэ *грамматикэ терминологие*м укъелу *адыгэбзэ*м *езым и лэжьэк*Ӏэр *зыгурыбгъэӀуэн*ри *гугъу*у зэрыщытри жыӀэпхъэщ. Аращи тӀэ, езы адыгэбзэр икӀэ нэгъунэ джарэ и бзэщӀэныгъэр утыку къихьауэ щытатэмэ, зыхуэныкъуэрэ хуэфащэу терминхэри адыгэбзэм зэрыигъуэу къигъэщӀыу, адыгэбзэм и лэжьэкӀэр хуиту къыбгурыӀуэнкӀи щхьэпэ къыпхуэхъуу зэрыщытынухэри гурыӀуэгъуэнщ.

ИкӀи, къыхэгъэщыпхъэщ дэтхэнэ зы щӀэныгъэмрэ и терминхэри зэманкӀэрэ зэрызэхъуэкӀыфри, мыри щӀэныгъэр зэрыужькӀэрэ щӀэныгъэ кӀуэцӀым къыщхъу зэхъуэкӀыныгъэхэм зэрелъытари гурыӀуэгъуэнщ. ЩӀэныгъэ зэхъуэкӀыныгъэм ар къызэрыӀуатэ псалъэ лӀэужьыгъуэ терминхэри зэрызихъуэкӀынур гурыӀуэгъуэщи, мы зэхъуэкӀыныгъэри а щӀэныгъэр къэзыгъэщӀрэ зыгъэкӀуатэращ зэлъытар. Аращ икӀии, дэтхэнэ зы щӀэныгъэм теухуа терминхэр а щӀэныгъэр щызекӀуэ бзэми елъытауэ зэрызэщхьэщыкӀри гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, утыку ит термин нэхърэ -ари зэпха- щӀэныгъэр къэгъэщӀынрэ зегъэкӀуэнращ нэхъыщхьэри, мыр щыхъум дежи, хуэигъуэ терминхэри –мыгугъуу- къызэрыгъэщӀынури гурыӀуэгъуэнщ.

Дауи, нобэр къыздынэс, щӀэныгъэ къэгъэщӀынрэ и терминхэри лъытэным теухуауэ адыгэбзэм къылъысагъэшхуэ зэрыщымыӀэр наӀуэщи, мы къылъысыныгъэри къызэрилэжьыну щӀыкӀэр езы Адыгэм адыгэбзэр икӀэ нэгъунэ зэриджрэ и щӀэныгъэр утыку къызэрырилъхьэнум зэрелъытари гурыӀуэгъуэнщ.

ИпэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, адыгэбзэм теухуауэ термин къэгъэщӀын зи къалэнрэ зи пщэрылъхьэри наӀуэщи, нытӀэ, мыбдежым *глагол лэжьэкӀэ*хэм хиубыдэ "*щхьэ*"хэмрэ ахэр "*глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"хэм *щызэрыхэлъытэ* щӀыкӀэхэм икӀи мыбыхэм теухуа терминхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу тежыӀыхьыпхъэхэри къыхэдгъэщын иужь дихьэнщ.

*

Мы зи гугъу тщlыну lуэхугъуэхэм теухуа терминхэу ди бзэщlэныгъэм зэрихьэхэр -нэхъыбэу- урысыбзэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы урысыбзэ терминхэм и нэхъыбэри -я къэlукlэрэ мыхьэнэкlэ мащlэу зэщхьэщыкlми- евпопэбзэхэми щызэхьэ терминхэрщ. Нытlэ, глагол лэжьэкlэхэм теухуа "щхьэ"хэр я къалэнхэмкlэрэ зэрылъытэу ди бзэщlэныгъэм зэрихьэ урысыбзэ терминхэмрэ абыхэм зэпыщlэныгъэ зыхуиlэ нэгъуэщl европэбзэхэм я терминхэр зэрызэлъыта щlыкlэхэми мащlэу дахэплъэнщ.

Глагол *къызпкъырык*lрэ *къэзлэжь*ыр зэрылъытэ "щхьэ"р франсыбзэм щызэрылъытэр "sujet/sujette"уэщи (и еджэкlэр: "сюже/сюжет"), ар адыгэбзэу мыпхуэдэу тхыпхъэнщ: «сужет → "суъет - сует"». **Европэбзэ**хэм я **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"**хэм **ипэ** мы псалъэр **къызпкъырыкl**рэ **зыгъэзащlэ**р **"цlэпапщlэ"**у *къихуэн хуейщи*, нэгъуэщl европэбзэхэми мыпхуэдэ къалэн зыгъэзащlэ псалъэхэр -я къэlукlэкlэ мащlэу зэщхьэщыкlыу- зэраlэр гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ зы вариантри "subject (субжект)" псалъэращ. Франсыбзэми щызекlуэ "*subject (субъект)*" псалъэр *къэхъурэ гъэзащ*lэм е зы *темэм хиубыдэ*у щытыр *зэрылъытэу*щи, -зэрыжытlауэ- франсыбзэм "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэм *ипэ* къихуэр "*sujet (суем)*"ращ. Зэрыгурыlуэгъуэу, *урысыбзэ*ми "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэм *ипэ* къихуэр "*субъект*"ущ зэрылъытэри, ар *адыгэбзэми щызекlуэ термин*ращ.

Мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, европэбзэхэм *глагол*хэм я "*лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэр щхьэжу хэлэжьыхькъыми, *ищхьэ* лъэныкъуэм *фlэкlыпlэ имыlэу* ар *къызпкъырык*lрэ *къэзлэжь*ыр зэрылъытэу мы зи гугъу тщlа "*сует/субъект*" лlэужьыгъуэ къыпыхьэн хуейуэ щытщ. Ар щыхъукlи, европэбзэхэм я глагол лэжьэкlэхэр *псэлъит*l *зыхиубыд*эущ къызэрыlуатэри, зы "*псалъэухыгъэ*" *пэлъыт*эуи лъытапхъэнщ. Аращи, мыпхуэдэщ **европэбзэ**хэм я "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*" **къэlуэтэкlэ**р: «"сует/субъект" + "глагол лэжьэкlэу уэхуа псалъэ"».

"*Сует/субъект*"*ым пыщlа*рэ фlэкlыпlэ имыlэу къыкlэлъыкlуэ "*глагол лэжьэк*lэ *псалъэ*"*ми къыкlэлъыкlуэунур* мы *къэхъурэ гъэзащ*lэр ("сует/субъект"рэ "глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"мкlэ лъытар) *зытелэжьыхь*ырщи, ари *франсыбзэк*lэ "*objet*"уэщ (обжет → объет) зэрылъытэр. Зэрыгурыlуэгъуэу, мыри *европэбзэ нэхъыбэм* "*object*"ущ щызэрыхэлъытэри, *урысыбзэми* "**объект**"ущ щызэрызекlуэр.

Адыгэбзэми зэрихьэ терминыр мыращ. НытІэ, "объект"ри зэрылъытауэ зы **европэбзэ псалъэухыгъэ цІыкІу**м и гъэпсыкІэри мыпхуэдэщ: «"сует/субъект + глагол лэжьэкІэу ухуэ псалъэ" + "объект"».

"Сует/субъект"ым -фІэкІыпІэ имыІэу- къыкІэлъыкІуэ "глагол лэжьэкІэу ухуэ псалъэ"ми зы "объект" къыкІэлъыкІуэущ европэбзэхэм я псалъэухыгъэ гъэпсыкІэм аргуэру къыпыщэн гуэр щыІэмэ, ари "объект"ым къыкІэлъыкІуэущ европэбзэ псалъэухыгъэм зэрыхэхьэри, мыри франсыбзэмрэ нэгъуэщІ европэбзэ гуэрхэм нэхъыбэу "complement"ущ (сомплэмэнт) щызэрылъытэр. НытІэ, **"сомплемент"**ри *зыхэзыубыдэ* зы **европэбзэ псалъэухыгъэ** *гъэпсык*Іэри мыпхуэдэщ: «"сует/субъект + глагол лэжьэкІэу ухуа псалъэ" + "объект" + "сомплемент"».

Аращи, глаголхэм я "*лэжьэк*І*эу ухуэ псалъэ*"м *ипэ* -фІэкІыпІэ имыІэу- глагол "*субъект*" къихуэн хуейщ *европэбзэхэми*, *щхьэжу зы псалъэ* лІэужьыгъуэу *щымыт евопэбзэ "глагол лэжьэк*І*эу ухуэ псалъэ"*р "І*ыхьит*І"*у зэхэлъ*ущ къызэрыІуатэр; - мыр зы "*псалъэухыгъэ пэлъыт*эрэ *цІык*І*у*у зэрылъытапхъэнури гурыІуэгъуэщ. *Европэбзэм къытехъук*І*а*рэ нобэ *дуней бзэщ*І*эныгъ*эу ялъытэми *псэлъэбзэ*м теухуа *мыхьэнэ* щызэрилъытэри *псалъэухыгъ*эрауэ зэрыщытым *лъабжьэ хуэхъури* мырагъэнщ: бзэщІэныгъэр къызытехъукІа **европэбзэ***хэм къэхъурэ гъэзащ*Іэ зы Іуэхугъуэр *глагол лэжьэк*Іэу *щхьэжу ухуа зы псалъэк*Іэ *къэмы*І*уэтапх*ъэрэ -фІэкІыпІэ имыІэу- **"субъект"рэ "глагол лэжьэкІэу ухуа псалъэ"**р **зэпыщІа**уэ *къызэры*І*уатэм елъыта*рэ теухуагъэнщ.

Аращи, мы "І*ыхьит*І"у зэхэлъ "*глагол лэжьэк*І*эу ухуэ псалъэ*"м "*объект*"и къыкІэлъыкІуэу зэрыухуэращ европэбзэхэм *псалъэухыгъэ*у ялъытэр. ЗэрыжытІауэ, мы *псалъэухыгъэм* -фІэкІыпІэ имыІэу- *хиубыд*эн хуейуэ щымытми, *къыпыщэ* гуэрхэри щыІэмэ, мыри а "*псалъэухыгъэ"м* **къыпыщэ**нрэ ар *гъэтэмэм*ын мыхьэнэ зиІэу лъытапхъэ **"сомлемент"**ущ зэралъытэр. Урысыбэм и зекІуэкІэри мыпхуэдэщи, мы "*сомплэмэнт*" псалъэм *ип*Іэ *урысыбз*э псалъэу щыт **"дополненэ"**р йоувэри, *европэбзэ* лІэужьыгъуэ **урысыбзэ**м и **псалъэухыгъэ**м хиубыдэхэмрэ и гъэпсыкІэри мыпхуэдэущ зэрылъытэр: «"субъект + глагол лэжьэкІэу ухуа псалъэ" + "объект" + "дополненэ"».

Псалъэухыгъэм теухуа термину *адыгэбзэми* щызекІуэр мы "*дополненэ*" псалъэращи, ари "*къыпыщэ, зыгъэтэмэм*" хуэдэ мыхьэнэ зиІэрщ.

Ауэ икӏи мыбдежым аргуэру къыщыхэгъэщыпхъэщ утыку ит бзэщӏэныгъэм псэлъэбзэм теухуауэ мыхьэнэ щылъытэ пэщӏэдзэр "псалъэухыгъэ"рауэ зэрилъытэри, мыпхуэдэу зэрилъытэм и лъабжьэри мыбы нэгъунэ мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къытхущӏыу жыӏпэхъэщ. Аращи, мы зи гугъу тщӏы бзэхэм теухуауэ *"глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"* жыхуэтӏэр фӏэкӏыпӏэ имыӏэу *"субъект"*ым *къыкӏэлъыкӏуэн хуейуэ* зэрыщыткӏэрэ зы псалъэухыгъэ цӏыкӏуущ къызэрыӏуатэри, *къэӏуэтэгъуэ* лъабжьэрэ *пэщӏэдзэр* зы *псалъэухыгъэ* лӏэужьыгъуэу мы зэрыщытрагъэнщ европэбзэхэм къытехъукӏауэ утыку ит *бзэщӏэныгъэми псэлъэбзэ мыхьэнэр псалъэыхыгъэхэм къыщӏидзэу* щӏилъытэр.

*

Зэрыгурыӏуэгъуэу, адыгэбзэ *"глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"*хэр къызпкъырыкӏрэ зыгъэлажьэ *"субъект"*ыр и *"щхьэ префикс"*кӏэ зы*хеубыд*эри, адыгэбзэм и *"глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"*хэм ипэ - европэбзэхэм хуэдэу- *"субъект"*и къихуэн *хуейуэ щыткъым*. Адыгэбзэм и *глагол*хэм я *"лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"*хэр я *"субъект"*ри зэрыигъуэу щызэрыхэлъытакӏэрэ зы*хэзыубыд*эрщи, икӏи а *зы псалъэр* щхьэжу *европэбзэ*хэм я *псалъэухыгъэ лъабжьэ (субъект+глагол лэжьэкӏэу ухуа псалъэ) пэлъыт*эрщ. Ауэ икӏи, *адыгэбзэ*м и *"глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"*р -"субъект"и зэрызыхиубыдэм къыщымынэу- *"объект"*ыр икӏи - иӏэмэ- *"дополненэ"*и -*"щхьэ префикс"* лӏэужьыгъуэкӏэ- зыхэзыубыдэрщ. Нытӏэ, мыпхуэдэу ухуа зы адыгэбзэ псалъэри -зы *"глагол лэжьэкӏэу ухуа псалъэ"*р- щхьэжу мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏа зы *европэбзэ псалъэухыгъэм хиубыдэхэр зыхэзыубыдэ*у зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм *щхьэжу* и зы *"глагол лэжьэкӏэу ухуа псалъэ"*р мы зыхиубыдэхэм елъытауэ *европэбзэ*кӏэ къызэрыӏуэтэфынур зы *псалъэухыгъэ*кӏэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Ауэ икӏи, адыгэбзэм и зы *"глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"*мрэ абы щыхэлъытэу мы зи гугъу тщӏа *"субъект, объект, дополнэнэ"*хэри зэрылъытэу зы адыгэбзэ *псалъэухыгъэкӏи къызэры*ӏ*уэтэф*ынур гурыӏуэгъуэнщ.

*

Ауэ, *урысыбзэ*ри хэтыжу *европэбзэ*хэм я *псалъэухыгъэ гъэпсык*ӏэмрэ *адыгэбзэм* и *псалъэухыгъэ гъэпсык*ӏэр *зэрызэщхьэщык*ӏри гурыӏуэгъуэнщ; - псалъэухыгъэм хиубыдэхэм я зэкӏэлъхьэужьыкӏэр зэхуэдэкъым. Нытӏэ, бзэ унагъуэу зэщхьэщыкӏ европэбзэмрэ *адыгэбзэм и псалъэухыгъэ гъэпсык*ӏэми гулъытэ хуэтщӏынщ.

Европэбзэхэм "*субъект*"ымрэ "*глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ*"р фӀэкӀыпӀэ имыӀэу *зэкӀэлъхьэужьын хуейуэ* зэрыщытыр жытӀагъэххэщи, нытӀэ, *европэбзэхэм* я *псалъэухыгъэ гъэпсыкӀэр* мыпхуэдэщ: «"субъект + глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ" + "объект" + "дополненэ"».

Ауэ, "*субъект*"*ымрэ* "*глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ*"*р зэкӀэлъыкӀуэ*у къэӀуэтэн *зыхуэмыныкъуэ адыгэбзэм и псалъэухыгъэ гъэпсыкӀэр* – псалъэухыгъэм хиубыдэ *псалъэхэм я зэкӀэлъхьэужьык*Ӏэр- къэхъурэ гъэзащӀэ Ӏ*уэхугъуэр* къызэрыхъурэ *зэрыгъэзащӀэ* **къарур** -*энергие*р-**ухуэ**у *щыт* **Ӏуэхум** –зэрыухуэ лъагъуэрэ гъуэгум- **зэрырикӀуэ**м *теухуа* **зэкӀэлъхьэужьыкӀэ**у зэрылъытапхъэм япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуар мыбдежым дигу къыщыдгъэкӀыжынщ. НытӀэ, *псалъэухыгъэм хиубыдэ дэтхэнэ зыр "щхьэ префикс"*у зыхэзыубыдэ "*глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ*"хэм икӀи мы *зыхиубыдэхэри щхьэжу* зэрылъытэкӀэрэ зэрызыхэзыубыдэу я зэкӀэлъхьэужьыкӀэнури къызыхэщу зы **адыгэбзэ псалъэухыгъэ** *нормал* **гъэпсыкӀэ**нур мыпхуэдэу лъытапхъэщ: «"субъект" + "объект" + "дополненэ" + "глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ"».

Дауи, мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, адыгэбзэм и псалъэухыгъэ гъэпсыкӀэр *европэбзэ псалъэухыгъэ гъэпсыкӀэм хуэдэу* зэры*щымыт*ынури гурыӀуэгъуащэщ. Ауэ, *нобэ адыгэбзэ*м и *псалъэухыгъэ гъэпсыкӀэр* ди бзэр *зыщӀэджыкӀ бзэщӀэныгъэ*у европэбзэм -и *урысыбзэ* вариант- и *псалъэухыгъэ гъэпсык*Ӏэм *зэрытыриш*эри аргуэру дигу къэдгъэкӀыжу мыбдежым къыщыпытщэжынщ.

*

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, нобэ *зыщӀэджыкӀ бзэщӀэныгъэм* –и урысыбзэщӀэныгъэ вариантым- зэрихьэ *терминхэр*ащ *адыгэбзэми зэрихь*эхэр. Ауэ, ипэкӀи и гугъу зэрытщӀауэ, зи гугъу тщӀы терминхэр европэбзэхэми щызэхъуэкӀ щыӀэщ; термин лӀэужьыгъуэ псалъэхэр бзэ гуэрхэм къыщыхъуауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщи, зэщхьэщыкӀ псалъэ лӀэужьыгъуэхэм зэхуэдэ термин къалэн ягъэзащӀэу зи гугъу тщӀахэр къыщыхъуа бзэм щигъуэта мыхьэнэмрэ термину зекӀуэу щыщӀидза бзэхэм щагъэзащӀэм зэщхьэщыкӀыныгъэ зэрызыхуаӀэфынури гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи мыпхуэдэщ зэхуэдэ бзэщӀэныгъэ терминхэу лъытапхъэми, франсыбзэм и "сует" псалъэмрэ адрей европэбзэхэм -урысыбзэми- щызекӀуэ "субъект" псалъэм -ипэкӀи и гугъу зэрытщӀауэ-

деталрэ нуанс лIэужьыгъуэу -мащIэми- зэщхьэщыкIыныгъэ зыхуаIэу зэрылъытапхъэр.

ИкIи, мы псалъэхэм ягъэзащIэ *игъуэ къалэн*хэм ухэхьэрэ щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, *адыгэбзэ*м и *глагол* гупхэм я *лэжьэк*Iэхэм теухуауэ *франсыбзэ*м щызекIуэ "*сует*" псалъэмрэ *адрей бзэхэм* щызекIуэ "*субъект*" псалъэр *нэхъ зыхуэигъуэ*рэ зыхуэфащэхэм *гулъытэ хуэщIыпхъэ*у зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ. Аращи, адыгэбзэ глаголхэм я лэжьэкIэхэр щыплъытэм деж, *зэрыухуа*рэ *зэрызэпкъырылъ щIык*Iэу икIи франсыбзэм щызэрызекIуэу и гугъу зэрытщIауэ, "*субъект*" *псалъэр* "*езырыж глагол*" гупым и *лэжьэк*I*эм* нэхъ *хуэигъуэ*у, "*сует*" (sujet) *псалъэри* "I*уэху глагол*" гупым и *лэжьэк*I*эм* нэхъу *хуэигъуэ*у лъытапхъэщ.

НытIэ кIыхь дымыщIыу, я къэIукIэкIэ мащIэу *зэщхьэщык*Iрэ бзэхэм я зэхуэдэ къалэн зыгъэзащIэ мы *хамэбзэ псалъэ л*I*эужьыгъуит*Iым дэтхэнэ *зыр адыгэбзэ глагол гупит*Iым дэтхэнэ *зым* нэхъ *хуэфащэ*у зэрыщытым теухуауэ мы илъабжьэм полемикэ цIыкIу къыщедгъэкIуэкIынщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, "*езырыж глагол*"хэр нэхъыбэу "*объект*" *зимы*Iэу лажьэхэрщи, "*щхьэ*"*уэ* "*субъект*" *закъуэ* зиIэу лажьэ глагол лIэужьыгъуэхэрщ. "Езырыж глагол" гуэрхэу "*щхьэ*"*уэ* мы "*субъект*"*ым нэмыщ*I, "сомплемэнт"и -"*дополненэ*"и- зыхэзыубыдэ лэжьэкIэ *зи*Iэхэри щыIэщ; ауэ мыпхуэдэхэми "*объект*" *я*I*экъым*. ИкIи, "*субъект*"*ым къыпкъырык*Iыу езыр езырурэ *утыку къихьэ* I*уэхугъуэ*хэр *зэрылъытэ* глагол лIэужьыгъуэхэрщ "*езырыж глагол*"хэри, мы *утыку къихьэ* I*уэхугъуэри* глагол "*субъект*"*ым* –ипэкIи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ-зы*хиубыдэ*уи лъытапхъэщ. Аращи, "*езырыж глагол*"ым илъытэр *къызпкъырык*Iри, *глагол лэжьэк*I*эм хиубыдэ*ри зылъытапхъэ псалъэрщ "*субъект*"ри, "езырыж глагол"хэм хуэфащэ псалъэрщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, "*езырыж глагол*"ыр *къызпкъырык*Iым езыр *ик*I*и утыку къихь*эрауи лъытапхъэрщи, зытелэжьыхь "*объект*" *зимы*I*эу* лажьэ глагол лIэужьыгъуэу, зи лэжьэкIэм хиубыдэ "*щхьэ*" *закъуэр* икIи мы *къэхъуныгъ*эрэ лэжьыгъэри зыхиубыдэрэ зыхэлъыжу "*субъектив*" *защ*I*э* глагол лэжьэкIэ зиIэхэрщ.

Ауэ, "I*уэху глагол*"хэр *ф*I*эк*I*ып*I*э зимы*I*эу* "*объект*" *зи*Iэу лажьэхэрщи, а нэхъ мащIэу "*щхьит*I" *зи*Iэу -"*къэзлэжь*"рэ "*зытелэжьыхь*" зылъытэ "*щхьэ*" зиIэу- лажьэ глагол лIэужьыгъуэхэрщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткIи, "Iуэху глагол"хэр "объектив" лIэужьыгъуэу гъэзащIэ лэжьэкIэ зиIэхэрщ. - "Езырыж глагол" гуэрхэм хуэдэжу,

*"дополненэ"*и *зи*Iэ *"Iуэху глагол"*хэри щыIэщи, абыхэми *"щхьищ, щхьиплI"* зэрыхиубыдэфынур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, Iуэхур глаголыр зы "объект"ым зэрытелэжьыхьращ. Аращи тIэ, ипэкIэ "объект" зимыIэу зи гугъу тщIа *"езырыж глагол" лэжьэк*Iэр *къызпкъырык*I *"щхьэ"р ик*I*и* глагол мыхьэнэри *–утыку къихьэ къэхъуныгъэри-* зыхиубыдэу *"субъектив"у* зэрыщытым папщIэ, мы *"щхьэ"*р *"субъект"* псалъэмкIэ лъытэныр *игъуэ*у щытщи, нытIэ, "Iуэху глагол"хэм теухуауэ мы ипэкIэ къыхэгъэщахэм зэрезэгъкIэ, *"Iуэху глагол"*хэр *къэзлэжь "щхьэ"*ри щхьэжу *"сует"* псалъэмкIэ *лъытэн*ыр нэхъ *игъуэ*у лъытапхъэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ипэкIэ глагол лэжьэкIэхэм теухуа "щхьэ"хэр зэрылъытэу европэбзэхэм щызекIуэ псалъэхэм щыщу адыгэбзэм и "езырыж глагол"рэ "Iуэху глагол"хэм нэхъ хуэигъуэхэм теухуа консидерацэщ мы къедгъэкIуэкIари, *"езырыж глагол"*хэр къызпкъырыкI *"щхьэ"р "субъект"*у лъытэныр нэхъ игъуэу, ауэ, *"Iуэху глагол"*хэр зыгъэзащIэ зэрылъытэ *"щхьэ"ри "сует"*у лъытэныр нэхъ игъуэу щыжытIэм деж, мы хамэбзэ *псалъ*эхэр "б" макъымрэ "кт" (акт) кIэух макъкIэрэ зэщхьэщыкIыу *зэрызэлъыта* щIыкIэми зэры*теухуа*р къыхэгъэщыпхъэщ.

Ауэ, адыгэбзэм теухуауэ мы къыхэдгъэща деталхэр мы псалъэхэр зезыхьэ европэбзэхэм -я бзэщIэныгъэм макъыр нэмыплъ зэрищIарагъэнщи- зэрамылъытэри гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мы зи гугъу тщIа хамэбзэ псалъэхэр бзэщIэныгъэ терминхэрщи, абыхэм щыщу нобэ *адыгэбзэм щызек*I*уэр*и *"субъект"* псалъэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. ИкIи, мы ипэкIэ къэтIуэтахэр адыгэбзэ глагол гупитIым теухуауэ консидерацэ лIэужьыгъуэрщ; мыхъумэ, мы къедгъэкIуэкIа полемикэ цIыкIур адыгэбзэм щызекIуэ мы терминхэр зэрызехьэн хуейм теухуа зы пропозицэу зэрыщымытри гурыIуэгъуэнщ.

*

Мы къэтIуэтахэм нэмыщI, нобэ адыгэбзэм щызекIуэ мы терминхэм нэхъ гъунэгъуу деплъу, абыхэм теухуа концидерацэ гуэрхэри мы илъабжьэм къыщедгъэкIуэкIынщ.

Мыпхуэдэ псалъэхэрщ "субъект"ымрэ "объект"ри, мы псалъэхэм къытехъукIауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ "субъектив"рэ "объектив" псалъэхэр. Аращи, *"субъектив"* псалъэр *"субъект"ым теухуа*рэ хуэIуа зылъытэ псалъэу, *"объектив"* псалъэри *"объект"ым теухуа*рэ хуэIуа зылъытэ псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, *бзэр зезыхь*эрэ "*цӏыху*"рщи, езым хуэӏуарэ зэрихьэ *псэлъэбзэм и "субъект*"ыр езы *цӏыху*рауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, нытӏэ, *бзэ лэжьэк*ӏ*эм* теухуауэ "*субъектив*"*ыгъэ зи*ӏэр "*цӏыху*"рауэ зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ.

Нытӏэ, дэтхэнэ зы цӏыхур щхьэжу бзэм потенциалу и "субъект"ырщ. Аращи, бзэр къэзыӏуатэ цӏыху нэрыбгэм елъытащ бзэ лэжьэкӏэри, къэхъурэ гъэзащӏэр къызэрыӏуатэ бзэ лэжьэкӏэр зэлъыта цӏыху нэрыбгэр акту бзэм и "субъект"у щытращ.

Мыпхуэдэр бзэ лэжьэкӏэм теухуауэ сытри *къызнэс*рэ икӏи *зынэс*у "*сэ*"уэщ адыгэбзэм зэрилъытари, бзэ лэжьэкӏэм *акт*у и "*субъект*"у щыт "*сэ*"*м* езым занщӏэу *пыщ*ӏэныгъэ зыхуиӏэ цӏыху *нэрыбгэхэри* –езы "сэ"р бзэм и "субъект"у зэрыщытым зэрезэгъкӏэ- "*субъектив*" цӏыху нэрыбгэхэу лъытапхъэщ.

Нытӏэ, "цӏыху"у щымытрэ псэлъэбзэр зезымыхьэу зымыгъэлажьэхэр бзэм и "субъект"у зэрыщымытынури гурыӏуэгъуэнщи, мыбы хуэдэжу, икӏи "субъектив"хэуи щымытхэрщ. Ахэр "сэ"м бзэкӏэрэ пыщӏэныгъэ зыхуимыӏэу "объект"ыпӏэ итхэу "объектив"хэущ зэрылъытапхъэхэр. Аращи, "цӏыху"у щымытхэмрэ абыхэм ятеухуауэ къэхъуу гъэзащӏэхэр цӏыхум зэрихьэ бзэм "субъект" зэрыхуэмыхъуфынум ипкъ зэриткӏэ, бзэм и "субъект" цӏыхум елъытауэ "объектив" лӏэужьыгъуэхэуи лъытапхъэщ. Нытӏэ, цӏыхуу щымытрэ цӏыхур зи "субъект"у щымыту къэхъу къекӏуэкӏыу хъуар; езыр езырурэ къэхъуу утыку къихьэхэмрэ я къэхъуныгъэхэр, "псэ зыӏумыт"хэмрэ къапкъырыкӏхэр, "къэкӏыгъэ"хэмрэ ятеухуа ӏуэхугъуэхэр, "псэущхьэ"хэмрэ ятеухуауэ къэхъурэ гъэзащӏэхэр псори "объектив" лӏэужьыгъуэхэрщ.

Ауэ икӏи, *бзэ лэжьэк*ӏэр зэлъытарэ *къэзы*ӏ*уатэ*у зэрыщыткӏэрэ акту "*субъект*"у щыт "*сэ*"м *пыщ*ӏ*эныгъэ зыхуимы*ӏэ *цӏыху*хэри "*сэ*"*м и* "*субъектив*"*ыгъэ*м имыту зэрыщытхэм зэрезэгъкӏэ, "*сэ*"*м* ахэри "*объектив*"у зэр*илъытапхъ*эну*р* гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, "цӏыху"у щырет, е нэгъуэщӏ щыӏэгъуэ зиӏэу щырет, "*сэ*"*м зэпыщ*ӏ*эныгъэ зыхуимы*ӏ*эр* "*объектив*"*ущ зэрилъытэри*, абыхэм теухуа *бзэ лэжьэк*ӏ*эхэри* "*объектив*" лӏэужьыгъуэущ зэрылъытапхъэр.

Мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къызэрытхуащӏщи, бзэр *зыхуэ*ӏ*уа*рэ *зыхуэухуэ*у икӏи *зезыхьэ цӏыху*ращ *бзэм и* "*субъект*"ри, "*субъект/сует*"*у* ипэкӏэ зи гугъу тщӏа и *мыхьэнит*ӏри зы*теухуа*ращ *цӏыху*р: *цӏыхур бзэ*

жыхуэтӀэ *логие* лӀэужьыгъуэу *ухуэм хиубыдэу бзэ ″субъект″ращ*, икӀи *бзэм ″сует″и* (sujet) хуэхъуращ.

*

Европэбзэ лӀэужьыгъуэхэу мы зи гугъу тщӀа псалъэрэ терминхэр европэбзэхэр лъабжьэ зыхуэхъуу утыку къихьарэ бзэхэр зыщӀаджрэ икӀи мыпхуэдэуи зиужьу дунейпсо бзэщӀэныгъэуи лъытам и терминхэрщ. Мыпхуэдэу утыку ит бзэщӀэныгъэм щӀэджыкӀ бзэхэмкӀэрэ зызэриужьрэ зызэриубгъум хуэдэжу, мы бзэщӀэныгъэм щӀэджыкӀ бзэ куэдри езым зэрилъытэ щӀыкӀэрэ лъагъуэм зэрытыришэри жыӀэпхъэщ. Мыпхуэдэ зы бзэри адыгэбзэрщи, ар икӀи утыу ит бзэщӀэныгъэм нэхъ хуэпэжыжьэ бзэ лӀэужьыгъуэуи лъытапхъэнщ. Мы жытӀар мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа терминхэм теухуауэ къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀри наӀуэщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, мыхьэнэ къэгъэщӀыныр псалъэхэми ипэ къихуэу, ахэр зэрыухуа макъхэм дежращ къыщыщӀидзэр. ИкӀи, макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэщ адыгэбзэм мыхьэнэ зиӀэ и макъхэр занщӀэу псалъэу зэрыухуэфри, адыгэбзэм мыпхуэдэу ухуа ″макъ псалъэ″хэр мымащӀэу зэрыхэтри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм и псалъэхэм икӀи и ″глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ″хэм щхьэжу зэрызэпкъырыува щӀыкӀэкӀэ мыхьэнэ яӀэжщи, бзэ мыхьэнэ къэхъун папщӀэ, -европэбзэхэм теухуауэ ипэкӀэ гулъытэ зыхуэтщӀа щӀыкӀэу- псалъэхэр ″псалъэухыгъэ″м хиубыдэу еплъын хуейуэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщ.

ЗэрыжытӀауэ, *адыгэбзэ*м и *мыхьэнэ*р и *псалъэхэм ипэ* къихуэрэ ахэр зэрыухуэ макъхэм деж къыщӀедзэри, бзэр зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэри ахэр къызэрыхъуарэ къызэрыӀуа щӀыпӀэрэ щӀыкӀэращ зытеухуар. Аращи, макъыбзэу щыт адыгэбзэм и лэжьэкӀэрэ и бзэ мыхьэнэ ухуэкӀэр макъхэр систематикэу бзэм зэрыхэлэжьыхькӀэрэщ. Адыгэбзэм езым хуэфащэ и бзэщӀэныгъэри мыр зылъытэну бгъэдэхьэкӀэрэ лэжьыгъэхэмкӀэ езым и бзэщӀэныгъэлӀхэращ утыку къизылъхьэнухэр. Абы и бзэщӀэныгъэр утыку къыщихьэм щыгъуи, хуэфащэ терминхэми зыкъызэрагъэлъэгъуэнури гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, *адыгэбзэ*м езым и *бзэщӀэныгъэ*р утыку къихьэхурэ икӀи бзэм хуэфащэ *терминхэми зыкъигъэлъэгъуэху*, нобэ утыку ит **бзэщӀэныгъэ**м къытхуихьа **термин**хэр **″хьэху″**у *–щӀыхуэ пэлъытэ*у- зэрызетхьэнури гурыӀуэгъуэнщ. Ар щыхъукӀи, мы дызыхэхьа лэжьыгъэр къызэредгъэкӀуэкӀыну мы *терминхэм нэхъ гъунэгъуу* аргуэру дахэплъэжу

тежыIыхьыпхъэхэри къыхэдгъэщын иужь дихьэнщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэри *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм *хиубыд*эрэ щыхэлъытэ *"щхьэ"*хэр *псалъэухыгъэхэми* щхьэжу –*"цIэпапщIэ"*кIэ- зэрыхэлъытэрэ *къызэрыIуатэ* щIыкIэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъукIэрэ къедгъэкIуэкIынщ.

*

НытIэ, япэрауэ, глаголыр *къызпкъырыкI/зыгъэзащIэ/къэзлэжь*ыр зэрылъытэр **"субъект"**у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. *Глагол*рэ *"субъект"*ыр -зытелэжьыхь щыIэмэ- *зытелэжьыхь*рэ *гъэзащIэри* **"объект"**ущ зэрылъытэр. Глаголрэ "субъект"ыр зытелэжьыхьрэ *гъэзащIэм нэмыщI*ыу лъытэри **"дополнэнэ"**ущ зэрылъытэри, мы *лэжьыгъэр зыхуэунэтIа*рэ *зыхуэгъэзащI*эр, *щыгъэзащI*эрэ *зэрыгъэзащIэ* зэмылIэужьыгъуэ щIыкIэхэр зэрылъытапхъэрщ.

Глагол лэжьэкIэм теухуа къалэнкIэрэ *"субъект, объект, дополненэ"*у мы тлъытэхэр *"цIыху, псэущхьэ, къэкIыгъэ"* е *нэгъуэщI* щыIэгъуэ зиIэхэу зэрыщытыфынур гурыIуэгъуэнщи, мыбыхэм *щыщ гуэрхэр псалъэ лIэужьыгъуэу "щхьэ"уэ мылъытапхъэ* щхьэ, **термин**у **"щхьэ"**уэ зэрылъытапхъэм ипэкIэ и гугъуи щытщIагъащ.

*"Щхьэ"*хэр икIи *"езанэ, етIуанэ, ещанэ"* хуэдэу зэщхьэщыкIыу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, глагол лэжьэкIэхэм теухуауэ *"ещанэ щхьэ"*мрэ *"адрей щхьэ"хэр* щхьэхуэу зэрылъытэн хуейри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, *"щхьэ" термин*кIэ лъытахэр мы ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *ягъэзащIэ къалэнк*Iэрэ *"субъект, объект, дополненэ"*у зэщхьэщыкIыу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэуи лъытапхъэхэрщ: «**"субъект** зылъытэ **щхьэ"**; **"объект** зылъытэ **щхьэ"**; **"дополненэ** зылъытэ **щхьэ"**».

ЯгъэзащIэ къалэнкIэрэ ирелъытэ, е "щхьэ"уи ирелъытэ, мыхэр икIи *ц*Iэ е *цIэпапщ*Iэ лIэужьыгъуэхэу зэрыщытыфынур гурыIуэгъуэщ; ауэ, *глагол лэжьэкIэхэм* теухуауэ къедгъэкIуэкIыну *мы лэжьыгъэм* щызэрылъытэну щIыкIэр **"цIэпапщIэ"**ущ, **-"щхьэ цIэпапщIэ"**ущ.

*Псалъэухыгъэм хиубыдэ* мы *"щхьэ ц*IэпапщIэ"хэри псалъэухыгъэм хагъэзэщIыхь я *къалэнхэм теухуауэ* "субъект, объект, дополненэ" лIэужьыгъуэхэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, *"щхьэ цIэпапщIэ"*хэр мы я къалэнкIэрэ **"субъект щхьэ цIэпапщIэ"**у *–нэхъ игъуэуи* **"субъект цIэпапщIэ"**у-, **"объект цIэпапщIэ"**у, **"дополненэ цIэпапщIэ"**у зэрылъытэу зэрызэщхьэщыкIри гурыIуэгъуэнщ.

**"Щхьэ цӀэпапщӀэ"**хэр я къалэнкӀэ мы зэрылъыта щӀыкӀэхэри *псалъэухыгъэм зэрыхиубыд*эм теухуауэщ мы зэрылъыта щӀыкӀэхэри, ахэр *"глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"*хэм зэрыхэлъытэну щӀыкӀэхэри *"щхьэ цӀэпапщӀэ лъытэрэ гъэлъагъуэ"*у, нэхъ кӀэщӀрэ игъуэуи **"цӀэпапщӀэ лъытэрэ гъэлъагъуэ"**у лъытапхъэщ.

Мыхэр ди бзэщӀэныгъэм *"щхьэ"*рэ *"щхьэ префикс"*у зэрилъытэр гурыӀуэгъуэщи, *"глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"*хэм *"щхьэ"уэ* хэлъытэхэр занщӀэу **"цӀэпапщӀэ"**р **зылъытэ**рэ **зыгъэлъагъуэ макъ**хэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэ, **"щхьэ префикс"**у лъытэн *нэхърэ* **"цӀэпапщӀэ лъытэрэ гъэлъагъуэ"**у *лъытэн*ыр *ягъэзащӀэ къалэным елъытауэ* нэхъ *игъуэ*рэ икӀи Ӏ*упщӀ*ыу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. Мы зэрыжытӀауэ, *"цӀэпапщӀэ"*хэр *зэрылъытэ макъхэр*щ мы зи гугъу тщӀыхэри, игъуэр къыщысым деж щыгъуазэ дызэрыхуэхъуну щӀыкӀэу *"зэман гъэлъагъуэ"*хэри *макъыбзэм* и *игъуэ макъхэм*кӀэрэ *"глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"*м зэрыхиубыдэри игъуэ щӀыпӀэращи (зэрыигъуэкӀэ псалъэм ищхьэ е икӀэ лъэныкъуэу); икӀи, *"цӀэпапщӀэ лъытэрэ гъэлъагъуэ"*хэмрэ *"зэман гъэлъагъуэ"*хэм *псалъэм щызэрыхэлъытэм теухуауэ зэлъытэныгъэ* зэрызыхуаӀэри къыхэгъэщыпхъэщ.

ИкӀи, *"щхьэ цӀэпапщӀэ"*хэр *"глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"*хэм *щызэрыхэлъытэ щӀык*Ӏэхэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, *"ещанэ щхьэ"*хэр зэрылъытапхъэ **"объектив щхьэ цӀэпапщӀэ"**хэр щызэрыхэлъытэ щӀыкӀэхэр *"объектив щхьэ цӀэпапщӀэ лъытэ"*у - "объектив цӀэпапщӀэ лъытэ"у е *"щхьэ цӀэпапщӀэ лъытэ"*у икӀи **"цӀэпапщӀэ лъытэ"**уи- зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ; ауэ, **"субъектив щхьэ цӀэпапщӀэ"**хэр *игъуэ мак*ъхэмкӀэ зэрыгъэлъагъуэу *"субъектив щхьэ цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"*у -*"субъектив цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"*у е *"щхьэ цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"*у икӀи **"цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"**уи- лъытэнри игъуэщ.

Мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ, *бзэр къэзэыӀуатэ "сэ"*мрэ езым -"сэ"м-пышэгъу хуэхъурэ *пыщӀэныгъэ зыхуи*Ӏэхэр **"субъектив"**ущ -**"субъетив щхьэ"**уэщ- зэрылъытэри, *бзэр зезыхьэр "цӀыху"*у зэрыщытымрэ *"сэ"ри бзэр* зыгъэлажьэрэ *къэзэыӀуатэ "цӀыху нэрыбгэ"*у зэрыщытым ипкъ зэриткӀи, *"субъектив"*у -*"субъектив щхьэ"*уэ- *лъытапхъэ псори* **"цӀыху"**у зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, *бзэр зезымыхьэ*эу *цӀыхуу щымыт*рэ **цӀыхум нэмыщӀ** *щы*Ӏэгъуэ *зи*Ӏэхэр –цӀыху щыӀэгъуэ зимыӀэхэр *"субъектив"у зэрымылъытэн*ухэр

гурыӀуэгъуэщи, бзэр зезыхьэ *цӀыхум елъытауэ* занщӀэу *"адрей"*рэ **"ещанэ щхьэ"**уи лъытэхэр **"объектив"**у -**"объектив щхьэ"**уэ- зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, *цӀыхуу щытми*, бзэр къэзыӀуатэ *"сэ"м пышэгъуу имылъыт*эрэ **"сэ"р** занщӀэу **зэмыпсалъэ цӀыху**хэри аргуэру **"ещанэ щхьэ"**уэ зэрылъытэм зэрезэгъкӀэ, **"объектив"**у -**"объектив щхьэ"**уэ- зэрылъытапхъэхэри гурыӀуэгъуэнщ.

*"Субъектив"*рэ *"объектив"* лӀэужьыгъуэхэу мы тлъытахэр *глагол лэжьэкӀэхэм "субъект, объект, дополненэ" къалэн* хуагъэзащӀэу зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщи, глагол *"субъект"*хэр **"субъектив субъект"**рэ **"объектив субъект"**хэу, *"объект"*хэр **"субъектив объект"**рэ **"объектив объект"**хэу, *"дополнэнэ"*хэри **"субъектив дополнэнэ"**рэ **"объектив дополнэнэ"**хэу зэщхьэщыкӀыу зэрылъытапхъэхэри гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, *"субъект, объект, дополненэ"* къалэнхэр зытеухуар *"цӀыху"*рэ *"цӀыхум нэмыщӀ"*у зэрыщытыфынур гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, мы къалэнхэр зыгъэзащӀэр *"цӀыху"*у щыщытым деж, *"субъектив"*ыгъэ зиӀэрэ *"объектив"*у зэрыщыткӀэрэ *"цӀэпапщӀэ"* лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэхэри **"субъектив субъект цӀэпапщӀэ"**рэ **"объектив субъект цӀэпапщӀэ"**у, **"объектив объект цӀэпапщӀэ"**рэ **"субъектив объект цӀэпапщӀэ"**у, **"субъектив дополненэ цӀэпапщӀэ"**рэ **"объектив дополненэ цӀэпапщӀэ"**у зэрыщытыфынур гурыӀуэгъуэнщ. Мыхэр *псалъэухыгъэм* зэрыхиубыдэу *щыхэлъыт*эхэрщи, нытӀэ, мыхэр *"глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"*хэм щы*зэрыхэлъытэ* щӀыкӀэхэри **"субъектив субъект цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"**рэ **"объектив субъект цӀэпапщӀэ лъытэ"**у, **"объектив субъект цӀэпапщӀэ лъытэ"**рэ **"субъектив объект цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"**у, **"субъектив дополненэ цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"**рэ **"объектив дополненэ цӀэпапщӀэ лъытэ"**у зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ.

Глаголхэр лъабжьэкӀэ "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"хэу зэрызэщхьэщыкӀыр гурыӀуэгъуэщи, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "субъект, объект, дополненэ"хэри "глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"хэм "цӀэпапщӀэ лъытэрэ гъэлъагъуэ"у зэрыхиубыдэ щӀыкӀэхэмрэ, псалъэухыгъэми "щхьэ цӀэпапщӀэ"у зэрыхэт щӀыкӀэхэри а глаголыр "езырыж"рэ "Ӏуэху" лӀэужьыгъуэу зэрыщытым елъытауэщ. Мыбыхэм дэтхэнэ зым мы лэжьыгъэ Ӏыхьэм игъуэ щыхъум деж щыгъуазэ дыщыхуэхъунущи, нытӀэ, мыбдежым глагол "субъект"ыр зэрылъытэр глаголыр "езырыж"рэ

"Iуэху" лIэужьыгъуэу зэрыщытым хуэдэу "езырыж"рэ "Iуэху" лIэужьыгъуэу зэрыщытыр къыхэдгъэщынщ. Нэхъ зэIухауэ жытIэмэ, "езырыж глагол"ым "езырыж" лIэужьыгъуэ "субъект" -"**езырыж субъект**"- иIэщи, "Iуэху глагол"ми "Iуэху" лIэужьыгъуэ "субъект"щ - "**Iуэху субъект**"- иIэр. Ар щыхъукIи, "езырыж глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"м хиубыдэр "**езырыж субъект цIэпапщIэ лъытэ/гъэлъагъуэ**"щи, ар зыхэзыубыдэ псалъэухыгъэ "субъект"ри "**езырыж субъект цIэпапщIэ**"у лъытапхъэщ; "Iуэху глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"м хиубыдэр "**Iуэху субъект цIэпапщIэ лъытэ/гъэлъагъуэ**"щи, ар зыхэзыубыдэ псалъэухыгъэ "субъект"ри "**Iуэху субъект цIэпапщIэ**"ущ зэрылъытапхъэр.

Дэтхэнэ "*глагол гуп*"у щырет, глаголу хъуар *лъабжьэкIэ* "*езырыж глагол*" *лIэужьыгъуэ*у е "*Iуэху глагол*" *лIэужьыгъуэ*у зэрылъытэр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, "**щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол**" гупым хиубыдэ глаголхэри "**Iуэху**" *лIэужьыгъуэ*у зэрыщытым зэрезэгъкIэ, мы глагол лэжьэкIэм теухуа "*щхьэ цIэпапщIэ*"хэмрэ ахэр *псалъэхэм щызэрыхэлъытэ* щIыкIэхэри "*Iуэху*" *лIэужьыгъуэ*у зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщI, "**статя глагол**" гупым хиубыдэ *глагол гуэрхэр* "**езырыж**" *лIэужьыгъуэу*, *адрей гуэрхэр*и "**Iуэху**" *лIэужьыгъуэ*у зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мыбыхэм я лэжьэкIэхэм теухуа "*щхьэ цIэпапщIэ*"хэмрэ ахэр *псалъэхэм щызэрыхэлъытэ* щIыкIэри а *глаголым елъытауэ* "*езырыж*" *лIэужьыгъуэ*у е "*Iуэху*" *лIэужьыгъуэ*у зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

## ЕТӀУАНЭ ӀЫХЬЭ

# ХУИТУ Е ЕЛЪЫТЭНЫГЪЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУА КЛАСИФИКАЦЭУ ГЛАГОЛХЭР: "ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР, "ПРЕФИКСИАЛ ЛАГОЛ"ХЭР

| **ЯТӀУАНЭ ӀЫХЬЭМ ХИУБЫДЭХЭР -ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭУ-** | **ТХЫЛЪ. Н.КӀУЭЦӀ** |
| --- | --- |
| **МЫ КЛАСИФИКАЦЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭ ГУЭРХЭР** | **167** |
| **ЗЭРЫЩЫТУ -ХУИТУ- ЛАЖЬЭ ГЛАГОЛХЭР: "ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР** | **170** |
| - "ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭУ "МАКЪ ГЛАГОЛ"ХЭР | 171 |
| - МАКЪ ЗЫ БЖАНЭ ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ ГЛАГОЛХЭР: "МАКЪЫБЭ ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР | 173 |
| **"МАКЪЫБЭ ГЛАГОЛ"ХЭР "ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"РЭ "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"У ЗЭЩХЬЭЩЫКӀЫУ ЗЭРЫЗЭЛЪЫТЭМ ТЕУХУА ТАБЛИЦЭХЭР** | **186** |
| **"КОНДИЦЭХЭМ ЕЛЪЫТА ЛЭЖЬЭКӀЭ ЗИӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР: "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР** | **200** |
| - "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ ПСЭЛЪИТӀ-ЩЫ | 200 |
| - КЪЫЗЭРЫХЪУА ЩӀЫКӀЭКӀЭ "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"У УТЫКУ КЪИХЬАХЭР: ЗЭРЫУХУАГЪЭХХЭУ "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР | 203 |
| - УХУАГЪЭХХЭ ГЛАГОЛХЭМ ИУЖЬКӀЭ "ПРЕФИКС" КЪЫЗЭРАЩТЭУ УТЫКУ КЪИХЬЭ "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР | 214 |
| - "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ АРГУЭРУ "ПРЕФИКС" КЪАЩТЭУ **"ПРЕФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"** КЪАЗРЫТЕХЪУКӀХЭМ ТЕУХУАУЭ | 235 |
| **ГЛАГОЛ "ПРЕФИКС"ХЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЫПЫЩАПХЪЭРЭ АРГУЭРУ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭХЭР** | **273** |
| - ПРЕФИКСХЭМ ТЕУХУАУЭ ГУ КЪЭГЪЭКӀЫЖЫПХЪЭ ГУЭРХЭР | 273 |
| - "ЩХЬЭЖ МАКЪ" ГУЭРХЭМ ЯГЪЭЗАЩӀЭ "ПРЕФИКС" КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЫПЫЩАПХЪЭХЭР | 280 |
| - "МАКЪ ЗЭГУЭТ"РЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ ПСАЛЪЭ"ХЭМ ЯГЪЭЗАЩӀЭ "ПРЕФИКС" КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ | 286 |
| - "ДЖЫГЪУЭРЭ ЩЫӀЭГЪУЭ" КАТЕГОРИЕ МЫХЬЭНЭ ЗИӀЭ МАКЪХЭМРЭ, ЯГЪЭЗАЩӀЭ "ПРЕФИКС" КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ | 304 |
| - "ГЛАГОЛ"ЫЩХЬЭМ КЪЫПЫХЬЭМИ, "ПРЕФИКС" КЪАЛЭН ЗЫМЫГЪЭЗАЩӀЭ МАКЪХЭР: «ГЪЭ; У» | 316 |
| **"ГЛАГОЛ"ХЭМ "ПРЕФИКС"ХЭМКӀЭ ЯГЪУЭТ "ИНФОРМАЦЭ" ЛӀЭУЖЬЫЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **320** |
| - "ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ"ХЭМ "ПРЕФИКС"ХЭМКӀЭ ЯГЪУЭТ ИНФОРМАЦЭ ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 320 |
| - **"ПРЕФИКС"УИ ЩЫМЫТ "ГЪЭ, У"** МАКЪХЭМКӀЭ "ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ"ХЭМ ЯГЪУЭТ "ИНФОРМАЦЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР | 325 |
| - "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКӀЭУ УХУЭ ПСАЛЪЭ"ХЭМ ХИУБЫДЭ ПРЕФИКС"ХЭР ЗЫТЕУХУА "ИНФОРМАЦЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР | 326 |

**МЫ КЛАСИФИКАЦЭМ ТЕУХУАУЭ**
**КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭ ГУЭРХЭР**

Мы ипэкӏэ къедгъэкӏуэкӏа лэжьыгъэ ӏыхьэм глаголхэр макъхэм къыщыщӏидзэу утыку къызэрихьэрэ зэрыбагъуэм щыгъуазэ дыхуэхъуарэ щапхъэхэри къэхуэтхьащи, макъхэр занщӏэу "глагол"у –"макъ глагол"у-зэрыухуэм къыкӏэлъыкӏуэу, макъыбэу ухуа "глагол"хэри -"макъыбэ глагол"хэри- утыку къызэрихьэ щӏыкӏэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Ауэ икӏи, "макъ глагол"у е "макъыбэ глагол"у щырет, мы оригиналу утыку къихьагъэххэ "глагол"хэми игъуэ макърэ псалъэ гуэрхэр -ищхьэрэ икӏэм-къызэрыпыхьэкӏэрэ къэхъу "глагол" бэгъуэныгъи зэрыщыӏэнур гурыӏуэгъуэщ.

Нытӏэ, мыпхуэдэу оригиналу къэхъурэ утыку къихьагъэххэ глаголхэм къатехъукӏыжу утыку къихьэ "глагол"хэращ мыбдежым зи гугъу тщӏынури, оригиналу ухуагъэххэ "глагол"хэм "глагол"хэр къазэрытехъукӏыж "глагол" бэгъуэныгъэ лӏэужьыгъуэрщ. Аращи, оригиналу ухуагъэххэ глаголхэм ищхьэм е икӏэм макърэ псалъэ гуэрхэр къазэрыпыхьэу глаголхэр зэрыбагъуэм теухуащ мыбдежым къыщедгъэкӏуэкӏыну лэжьыгъэр.

Ухуагъэххэ *глагол*хэм *ищхьэрэ икӏэм къыпыхьэ мак*ъхэр нэхъыбэу "*аффикс*"у зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщи, мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏарэ ухуагъэххэу утыку ит "глагол"хэ" "аффикс" къалэн зыгъэзащӏэ макъхэр къапыхьэу утыку къихьэну глаголыр "аффиксиал глагол"у зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, мы "аффикс" къалэн зыгъэзащӏэ макъхэр къызыпыхьэ *глаголыр а зэрыщыту зыгъэлажьэ*у – глаголыр зэрыщыту зэрылажьэр зэримыхъукӏыу- "*аффиксиал глагол*"у мэухуэфыр. Ауэ икӏи, мы "аффикс" къалэн зыгъэзащӏэ макъхэри хэтыжу глаголхэм къыпыхьэу ар *мыхьэнэщ*ӏэ *зи*ӏэ *глагол*у *–глаголыщ*ӏэу-зэзыхъуэкӏ макъхэри щыӏэщи, нытӏэ, мы зи гугъу тщӏы глагол бэгъуэныгъэр "аффиксиал глагол" лӏэужьыгъуэхэр утыку къихьэным къызэрыщымынэри гурыӏуэгъуэщ. Аращи, "*аффикс*" *къалэн*ыр ухуагъэххэ зы *глагол*ыр и *мыхьэнэр зэримыхъуэкӏыу зыгъэлажьэ мак*ъхэм ягъэзащӏэ къалэнщ; ауэ "аффикс" къалэн имыгъэзащӏэу, *тщ*ӏыр *и мыхьэнэк*ӏэрэ къызыпыхьэ *глаголым глаголыщ*ӏэ *къытезыгъэхъук*ӏ

*мак*ъхэри зэрыщцыIэнур гурыIуэгъуэщи, глагол бэгъуэныгъэм мы лъэныкъуитIкIи зеубгъур.

Дауи, я мыхьэнэхэм елъытащ макъхэм "аффикс" къалэн зэрагъэзащIэмрэ, къызыпыхьэ глаголым и мыхьэнэр зэзыхъуэкIыу глаголыщIэ къытехъукIын къалэн зэрагъэзащIэр. ИкIи, глаголым къыпыхьэу абы мыхьэнэщIэ зиIэ глагол къытехъукIын къалэн зыгъэзащIэ макъри мы *утыку къихьа глаголыщ*Iэми *"аффикс" хуэхъууи* щытынщи, зы *"аффиксиал глагол"ыщ*Iэ утыку къихьэфынщ; е, мыпхуэдэу утыку къихьэ глаголыщIэр къызытехъукIа глаголымрэ къыпыхьа макъым занщIэу зэдаухуа зы мыхьэнэ зиIэу *"аффикс"ыншэ* зы *глагол*уи щытынщ.

Мыпхуэдэу утыку къихьэ глаголхэм теухуа щапхъэхэр ипэкIэ "макъыбэ глагол"хэм язэрыхэтынур гурыIуэгъуэнщи, ахэр икIи мы зэрыжытIа щIыкIэу зэрызэщхьэщыкIми мы лэжьэгъэ Iыхьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

НытIэ, мыхэр къыхэдгъэща нэужь, мы лэжьыгъэ Iыхьэм теухуарэ мы глагол класификацэ лIэужьыгъуэм хуэIуауэ къыхэгъэщыпхъэр мы илъабжьэм къыщытIуэтэнщ.

*

ИпэкIи къызэрыгъэдгъэщауэщи, псалъэ лIэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, глаголхэр мы класификацэ зэрытщIа щIыкIэр ипэкIэ псалъэхэр класификацэ зэрытщIам хуэдэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, глаголхэр мыпхуэдэу класификацэ зэрыщIыпхъэр игъуэу лъытапхъэми, *"глагол"* жыхуэтIэхэр псалъэрылажьэу зэрыщытым папщIэ, езым *хуэIуа зэпкъырыувэкI*эрэ *лэжьэкIэ* зиIэ псалъэ лIэужьыгъуэхэрщи, ахэр мыбы теухуауэуи *класификацэ* щIын зэрыхуейр гурыIуэгъуэнщ. ИлъабжьэкIэ къытпэщыт мыпхуэдэ класификацэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунущи, абыхэм теухуа щапхъэхэр – икIи мы ипэкIэ глаголхэр класификацэ зэрытщIа щIыкIэхэри къызэрыхэщкIэрэ-къэдгъэлъэгъуэнщ.

ИкIи, зыхиубыдэ макърэ псалъэ бжыгъэм теухуауэ глаголхэр мы ипэкIэ класификацэ зэрытщIа щIыкIэм иужькIэ дытепсэлъыхьын хуэныкъуэу къыщIэкIынкъым. Ауэ, глаголхэм теухуа илъабжьэкIэ лэжьыгъэ къедгъэкIуэкIыну къытпэщытым ахэри къызэрыхэщынур жытIагъэххэщ; икIи, "макъ глагол"хэр макъ псалъэхэм тежытIыхьауэ щытахэми къызэрыхэщщи, псалъэ пэщIэдзэрэ псэлъэбзэм и нэхъапэ псалъэ ухуэкIэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, глаголхэм теухуауэ зи гугъу

тщӀы лэжьыгъэхэм дэтхэнэ и зы Ӏыхьэ лӀэужьыгъуэм и пэщӀэдзэ щапхъэхэри "макъ глагол"хэрауэ зэрыщытыпхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, макъзэ псалъэ бжыгъэу зыхаубыдэм теухуауэ глаголхэр зэрыщхьэщыгъэкӀыу гуп гупу ипэкӀэ зэрылъыта щӀыкӀэм нэмыщӀ, зэмылӀэужьыгъуэ зэпкъырыувэкӀэрэ лэжьэкӀэ зиӀэу, я лэжьэкӀэми цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэри къызтехъукӀ глаголхэр класификацэ зэрыщӀыпхъэр гурыӀуэгъуэщи, илъабжьэкӀэ мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Мы жытӀахэм къызэрыхэщщи, зэрылэжьэну щӀыкӀэкӀэ зытегъэпсыхьауэ щытщ глаголхэри, ипэкӀи зэрыжытӀауэ, япэрауэ *глаголхэр* **лэжьэкӀэ**рэ **гъэзэщӀэкӀэ**у **зэрыхуит**ымрэ абы *езэгъ* **зэпкъырыувэкӀэ**м **теухуа**уэ **класификацэ** щӀын хуейщ. Мыпхуэдэ класификацэм уигу къигъэкӀыр глаголхэм я лэжьэкӀэрэ **гъэзэщӀэкӀэ хуитыныгъэр** абыхэм я **зэпкъырыувэкӀэм елъыта**уэ зэрыщытращи, глаголхэр мыпхуэдэу тӀууэ зэщхьэщыгъэкӀыпхъэщ.

Мы псалъэм къикӀыр нэхъри зэӀутхмэ, япэрауэ я *зэпкъырыувэкӀэм елъытауэ* глагол гуэрхэм *я* **лэжьэкӀэ**р **хуит**рэ *зыми емылъытарэ емыпхауэ* зэрыщытращ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъур. Ар щыхъукӀи, *зи лэжьэкӀэр къызпкъырык*Ӏрэ *къэзлэжь*ым *нэмыщӀ гуэрхэм*и *елъытарэ епха*уэ щыт *глаголхэри* зэрыщыӀэнур гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, мы глаголхэм я **лэжьэкӀэ**р ипэкӀэ зи гугъу тщӀа глагол гупым хуэдэу **хуиту** зэры**щымыт**ыр гурыӀуэгъуэщ.

НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, глагол гуэрхэр ар къызпкъырыкӀрэ зыгъэзащӀэм нэмыщӀ зэлъытарэ зыпыщӀа зэрыщымыӀэкӀэрэ мэлажьэр; ауэ, глагол гуэрхэри къызпкъырыкӀрэ къэзлэжьым нэмыщӀ гуэрхэми елъытарэ пыщӀауэ лэжьэкӀэ зиӀэхэрщ. Ар щыхъукӀи, япэрей глагол гупым *и лэжьэкӀэр* къызпкъырыкӀым *нэмыщӀ*ым зэр*емылъыта*рэ зэр*емыпха*м папщӀэ, *зи лэжьэкӀэр хуит*у щытрэ *занщӀэу гъэзащӀэ*у лъытапхъэщи, мыхэр "*зи лэжьэк*Ӏ*эрэ гъэзэщӀэкӀэр хуит глагол*"хэу е "**хуиту лажьэрэ гъэзащӀэ глагол**"хэу зэрылъытапхъэм нэмыщӀ, "*занщӀэу лажьэрэ гъэзащӀэ глагол*"хэу е "**занщӀэ лэжьэкӀэ зиӀэ глагол**"хэу лъытапхъэхэрщ. Мыпхуэдэ глаголхэр кӀэщӀыу "*занщӀэ глагол*"хэу лъытапхъэщ. Ауэ, етӀуанэ глагол гупым *и лэжьэкӀэр къызпкъырык*Ӏ*ым нэмыщӀ гуэрхэми* зэр*елъыта*рэ зэры*пыщӀа*м папщӀэщи, абыхэм *я лэжьэкӀэри хуит* дыдэу зэры*щымыт*рэ *занщӀэ*уи *лэжьэкӀэ зимыӀэ*у зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу и *префикскӀэ лъытэ*

"**кондицэ**"м **елъыта***уэ лэжьэкӀэ зиӀэ* **глагол**хэри "**префиксым елъытауэ лажьэрэ гъэзащӀэ глагол**"хэу е "**префиксым елъыта лэжьэкӀэ зиӀэ глагол**"хэу -"*префиксиал глагол*"хэу- лъытапхъэщ.

НытӀэ, гъэзэщӀэкӀэ хуитыныгъэр зэлъытар "глагол"ыр "занщӀэ глагол"рэ "префиксиал глагол"у зэрыщытращи, глаголхэм "суффикс" къазэрыпыхьэ щӀыкӀэри мыпхуэдэ еплъыкӀэкӀэ лъытэн хуейщ. Аращи, "*суффикс" гуэрхэм* глагол *лэжьэкӀэ хуитыныгъэр зэрамыхъуэкӀ*рэ нэгъуэщӀ "*суффикс" гуэрхэми зэрахъуэкӀ*ыр гурыӀуэгъуэщ. *Глагол лэжьэкӀэ хуитыныгъэр зэзыхъуэкӀ "суффикс"*хэри *игъуэ "префикс"* зы*хуэныкъуэ*хэрщи, мыпхуэдэ "суффикс" къэзыщтэ глаголхэр -"занщӀэ глагол"хэр- икӀи "*префиксиал глагол"у мэхуэж*хэр. НытӀэ, *лэжьэкӀ*эрэ *гъэзэщӀэкӀэ хуитыныгъэм теухуауэ* "**суффиксиал глагол**"хэми мыпхуэдэ щӀыкӀэу мы илъабжьэм я гугъу щытщӀынщ.

## ЗЭРЫЩЫТУ -ХУИТУ- ЛАЖЬЭ ГЛАГОЛХЭР: "ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР

Мы ипэкӀэ зэрыжытӀауэ глагол лэжьэкӀэр гупитӀ хъуу лъытапхъэмэ, глагол гуэрхэр *хуитрэ занщӀэу лэжьэнурэ гъэзэщӀэну гъэпсауэ зэпкъырыувэкӀэ* зиӀэхэрщи, мыпхуэдэу "*занщӀэу гъэзащӀэ глагол*"хэращ (**занщӀэ глагол**) мыбдежым зи гугъу тщӀынухэр.

Аращи, *зэрызэпкъырылъ щӀыкӀэу* -а зэрыщыту- *хуиту лажьэ глагол*хэрщ "занщӀэ глагол"у тлъыта мы глаголхэри, *я лэжьэкӀэхэр зэлъыта* гуэр *зыхэзымыубыдэ глагол* лӀэужьыгъуэхэрщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, зы кондицэм елъытауэ лажьэ глаголхэркъым мыхэри, *зыхиубыдэ макърэ псалъэхэмк*Ӏэ *а зэрыщыту глагол л*Ӏ*эужьыгъуэу лэжьэф* глагол лӀэужьыгъуэхэрщ. Мы зэрыжытӀауэ, *зэрызэпкъырылъ щӀыкӀэу а зэрыщытрэ занщӀэу "глагол"у лэжьэф* глагол лӀэужьыгъуэхэрщи, мыбы зэрезэгъкӀи "*занщ*Ӏэ *глагол*"ущ зэрытлъытар.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, мыпхуэдэ лэжьэкӀэ зиӀэну глагол -"занщӀэ глагол"- нэхъыщхьэри "макъ глагол" лӀэужьыгъуэхэрщ. Ауэ, "макъ глагол"у щымытрэ, "макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол"хэмрэ икӀи "псалъэ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол" гуэрхэри мы зыхиубыдэрэ зэрызэпкъырылъ щӀыкӀэу занщӀэу глаголу зэрылэжьэфынухэри гурыӀуэгъуэнщи, мыхэри "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэхэрщ.

"Псалъэ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол" жыхуэтIэхэр икIи "макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол" лIэужьыгъуэхэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, "занщIэ глагол"хэр **"макъ глагол"**хэмрэ **"макъ зы бжанэ зыхэзыубыдэ глагол"**хэу зэщхьэщыгъэкIыу *гупит*Iуи лъытапхъэщ. Мыбыхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуну лэжьыгъэри "макъ глагол"хэм къыщыщIэддзэу едгъэкIуэкIынщ.

## "ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭУ "МАКЪ ГЛАГОЛ"ХЭР

*Псэлъэбзэ пэщIэдзэ*у щыт *макъыбзэ*м и *япэрей псалъэхэр* и макъхэрауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщи, *макъхэр* бзэм *занщIэу псалъэ* зэрыхэхъухьу *цI*э лIэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"хэр утыку къызэрихьэм хуэдэжу, *глагол* лIэужьыгъуэхэри *япэрауэ* "*макъ глагол*"хэу утыку къызэрихьэнур гурыIуэгъуэнщ.

Бзэм *занщIэу* "*глагол*" лIэужьыгъуэу хэлэжьыхьу щIэзыдза *макъхэр*и мыбдежым "инфинитив формэ"у зэрыщымытынури гурыIуэгъуэнщи, "Iэ*мыр -унафэ- модэ*" лIэужьыгъуэ *глагол лэжьэк*Iэу зэрыщытынури жыIэпхъэнщ. Дауи, и мыхьэнэм теухуауэ *хьэрычэт зэрылъытэу* бзэм *занщIэу хэлэжьыхь*у щIэзыдза дэтхэнэ зы *макъ*ыр "*макъ глагол*"у бзэм зэрыхэлэжьыхьынури "*занщIэ глагол*" лIэужьыгъуэу зэрыщытынури наIуэщ.

Мыпхуэдэ глагол щапхъэхэри ипэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэ Iыхьэм *таблицэхэм* гуп гупу "*макъ Iуэр глагол*", "*макъ щэху глагол*", "*макъ зэгуэт глагол*"хэу зэрыхиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуауэ щытащи, нытIэ, а таблицэхэм хиубыдэ "*макъ глагол*"хэри мыбдежым "*занщIэ глагол*" щапхъэхэу къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | |
|---|---|
| Ин | - |
| Ун | Уэн |
| Iун | Iуэн |

| | |
|---|---|
| Хьын | - |
| КIын | КIэн |
| - | КIуэн |
| Чын | Чэн |
| Хъун | - |
| Хун | - |
| Гъын | - |

| | |
|---|---|
| Гъун | - |
| Джын | Джэн |
| Дзын | - |
| Жьын | Жьэн |
| Жын | Жэн |
| Зын | Зэн |
| Щын | Щэн |
| ЩӀын | ЩӀэн |
| Шын | Шэн |
| Сын | Сэн |
| - | Лъэн |
| Лын | Лэн |
| - | ЛӀэн |
| Дын | Дэн |
| Тын | - |
| ТӀын | ТӀэн |
| Фын | - |
| ФӀын | ФӀэн |
| Вын | Вэн |
| ПӀын | ПӀэн |

| | |
|---|---|
| ПкӀын | ПкӀэн |
| ТкӀун | ТкӀуэн |
| Щхъын | Щхъэн |
| Щхъун | Щхъуэн |
| Тхъын | Тхъэн |
| Пхъын | Пхъэн |
| Тхъун | Тхъуэн |
| - | Пхъуэн |
| Шхын | Шхэн |
| Тхын | Тхэн |
| Лъхун | Лъхуэн |
| Пхын | Пхэн |
| - | Бгэн |
| Бжын | Бжэн |
| Бзын | Бзэн |
| Пщын | Пщэн |
| ПщӀын | ПщӀэн |
| Плъын | Плъэн |
| - | Блэн |
| Щтын | Щтэн |
| Пщтын | - |

## МАКЪ ЗЫ БЖАНЭ ЗЫХЭЗЫУБЫДЭ ГЛАГОЛХЭР: "МАКЪЫБЭ ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР

Макъ зы бжанэ зыхиубыдэу ухуа зы глаголыр "занщӀэ глагол"у е "префисиал глагол"у зэрыщытыр къызэрыбгурыӀуэну щӀыкӀэр ар зэрылажьэ щӀыкӀэращ. НытӀэ, зыхиубыдэ макъхэмкӀэрэ глаголым игъуэта мыхьэнэр зыми емылъытауэ а зэрыщыту занщӀэу лажьэмэ, мыр "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэрщ. Ауэ, глаголым ищьэ лъэныкъуэм хиубыдэ макъ гуэрыр глаголыр щылажьэм деж а зэрыщыту къызэтенэрэ глагол лэжьэкӀэм химыубыдэмэ, икӀи глаголым лажьэ и Ӏыхьэр глаголыщхьэ мы макъым и мыхьэнэм елъытауэ лажьэмэ, мыри "префиксиал глагол" лӀэужьыгъуэрщ.

Нэгъуэщӏыу жыпӀэмэ, зы глаголыр *хиубыдэ макъхэмкӀэрэ зэрыщыту лажьэмэ*, мыр *"занщӀэ глагол"* лӀэужьыгъуэрщ. Ауэ, *глагол*ыр и лэжьэкӀэм теухуауэ Ӏ*ыхьит*Ӏыу лъытапхъэрэ, *ищхьэ* лъэныкъуэ Ӏ*ыхьэр мылажьэ*рэ а зэрыщыту къызэтенэу, *къыкӀэлъыкӀуэ глагол* Ӏыхьэри -мы мылажьэ глагол пэщӀэдзэ Ӏыхьэм елъытауэ- *лажьэмэ*, мыри *"префиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэрщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, *зы макъ*кӀэ *ухуа*уэ зэрыщытым папщӀэ, -фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- *зэрыщыту лэжьэну* щыт *"макъ глагол"хэр* фӀэкӀыпӀэ имыӀэу *"занщӀэ глагол"* лӀэужьыгъуэхэрщ. Аращ икӀии, *"занщӀэ глагол"*хэр -зыхиубыдэ макъыр зы макъ закъуэу (*макъ глагол*) щырет е макъыбэу (*макъ зы бжанэ*кӀэ *ухуа глагол*) щырет- зы*хиубыдэ макъхэмкӀэрэ зэрыщыту занщӀэу лажьэ глагол* лӀэужьыгъуэхэращ. Ауэ, *"префиксиал глагол"*хэр *мылажьэ* Ӏ*ыхьэ*рэ *лажьэ* Ӏ*ыхьэ*у Ӏ*ыхьит*Ӏыу *зэпкъырылъ глагол* лӀэужьыгъуэхэрщи, макъыбэу -*а нэхъ мащӀэуи "макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол*"у- ухуа глаголхэрщ.

"Макъ глагол"хэр фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр жытӀагъащи, *макъыб*эу ухуа *глагол*хэр *"занщӀэ глагол"*у *е "префиксиал глагол"*у зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, "макъ глагол"у мыухуарэ *"глаголыпхъэ"*у лъыта *макъхэм зы игъуэ макъ къызэрыпыхьэ*у *макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ*у утыку къихьа *"глагол"*хэм щыщ гуэрхэр *"занщӀэ глагол"* лӀэужьыгъуэхэу, глагол гуэрхэри *"префиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ.

Нэгъуэщӏрэ нэхъ зэӏухауэ жыпӏэпхъэмэ, къызэрыхъуа щӏыкӏэкӏэ макъыбэ зыхэзыубыдэу утыку къихьа "глагол"хэр "занщӏэ глагол"рэ "префиксиал глагол"у зэщхьэщокӏри, "глаголыпхъэ"у лъыта макъым –е макъхэм- къыпыхьэ макъыр -е макъхэр- "префикс" къалэн зэригъэзащӏэу къыпыхьамэ, мыр "префиксиал глагол" лӏэужьыгъуэщ; ауэ, "глаголыпхъэ"у лъыта макъымрэ -е макъхэмрэ- къыпыхьэ макъым -е макъхэм- зэдэщӏыгъуу занщӏэу лэжьэну зы глагол утыку къырагъэхьэмэ, мыри "занщӏэ глагол" лӏэужьыгъуэщ.

Аращи, "глаголыпхъэ"у лъыта макъыр абы къыпыхьа макъым дэщӏыгъуу лажьэмэ, мыр а глаголыр зэрыщыту хуиту лажьэ глаголу лъытапхъэщи, "занщӏэ глагол" лӏэужьыгъуэрщ. Ауэ, "глаголыпхъэ"у лъыта макъыр абы къыпыхьэ макъым и мыхьэнэм елъытауэ лажьэрэ, абы ипэ къихуэ мы макъыр мылажьэу зэрыщыту къызэтенэмэ, мыпхуэдэ глаголхэри елъытэныгъэкӏэрэ лажьэ глагол лӏэужьыгъуэу "префиксиал глагол"хэрщ. Икӏи, "префиксиал глагол"ым и "префикс"ыр "глаголыпхъэ"у лъыта макъым ищхьэм къыпыхьэ макъращи, ар къызпыхьа "глаголыпхъэ" макъри мы зэдаухуа "префиксиал глагол"ым и "глаголыпкъ"у мы макъыбэу ухуа глаголым и лажьэ ӏыхьэрщ.

Глагол къэхъуныгъэ пэщӏэдзэр "макъ глагол"у зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщи, "макъыбэ глагол" лӏэужьыгъуэ утыку къызэрихьэ пэщӏэдзэри "макъитӏ зыхэзыубыдэ глагол"у зэрылъытапхъэр гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, "макъыбэ зыхэзыбудэ занщӏэ глагол"хэм я пэщӏэдзэри "макъитӏ зыхэзыубыдэ занщӏэ глагол"хэрщи, мы илъабжьэм япэрауэ мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

**Макъыбэу занщӏэ глагол пэщӏэдзэхэр: макъитӏ зыхэзыубыдэ занщӏэ глаголхэр.**

Ипэкӏи къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къызэрытхуащӏщи, "макъ глагол"хэр фӏэкӏыпӏэ имыӏэу "занщӏэ глагол"хэрщ. Ауэ, а нэхъ мащӏэу *макъитӏ зыхэзыубыдэ глагол*хэр мы ипэкӏэ къызэрытӏуэта щӏыкӏэу, я лэжьэкӏэм елъытауэ "*занщӏэ глагол*"*рэ* "*префиксиал глагол*"у зэщхьэщокӏыр. Аращи, ипэрей лэжьыгъэ ӏыхьэм щыгъазэ дызыхуэхъуа *оригинал глагол къэхъук*ӏэм и *етӏуанэ лъэбакъуэ*у утыку къихьауэ тлъыта "*макъитӏ зыхэзыубыдэ глагол*"хэм щыщ гуэрхэр "*занщӏэ глагол*"хэу,

адрей глаголхэри "*префиксиал глагол*"хэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу зэрыщытри ипэрей лэжьыгъэ Iыхьэм "*макъит*I *зыхэзыубыдэу ухуа глагол*"хэр зыхэзыубыдэу къэгъэлъэгъуауэ щыта *таблиэцэхэр* иужькIи "*занщ*Iэ *глагол*"*рэ* "*префиксиал глагол*"*у зэщхьэщыкIыу зэгъэпщапхъэу* къыщыдгъэлъэгъуэжынщ.

Ауэ мыбдежым ди Iуэхур "занщIэ глагол" лIэужьыгъуэхэращи, зи гугъу тщIы "*макъит*I *зыхэзыубыдэ занщ*Iэ *глагол*"хэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Мы глаголхэри, -фIэкIыпIэ имыIэу "занщIэ глагол" лIэужьыгъуэу щыт- "*макъ глагол*"*хэм къыкIэлъыкIуэ* "*занщ*Iэ *глагол*" *къэхъуныгъэ* лIэужьыгъуэу утыку къихьауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, "*макъит*I *зыхэзыубыдэ занщ*Iэ *глагол*" къэхъуныгъэу мы зи гугъу тщIыр "*макъ глагол*"*у щымыт*рэ "*макъыбэу ухуа глагол*"хэу щыту "*занщ*Iэ *глагол*" лIэужьыгъуэхэр *утыку къызэрихьэ*эми и *пэщ*Iэ*дзэ*у зэрыщытынури ипэкIи къыхэдгъэщагъащ.

НытIэ, ипэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэ Iыхьэм "*макъит*I *зыхиубыдэу ухуа глагол*"хэр щыгъэлъэгъуа таблицэхэм "*занщ*Iэ *глагол*" лIэужьыгъуэу хиубыдэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - щIыIэн; шыIэн; уIэн (уэ-ы-Iэ-н); псыIэн;<br>- гуIэн; | -<br><br>- |
| - кIиин, щIиин, шиин, лъиин, диин, тIиин, фиин, пIиин, биин, ткIиин; лъеин;<br>- гъеин; | -<br><br>- |
| - кIиен, щIиен, шиен, лъиен, диен, тIиен, фиен, пIиен, биен, ткIиен;<br>---------------------------------------------------<br>- хеин; фIеин; жеин;<br>- хъеин; лъеин; тIеин; | -<br><br>------------------------------------------<br>-<br>- |
| - бэун;<br>- гуэун (→гуоун);<br>- цIуун (←цIыун);<br>-<br>- | - бэуэн;<br>- гуэуэн (гуоуэн)<br>-<br>- пкIэуэн;<br>- бэуэн; |
| - уIун;<br>- дэIун;<br>- щэIун;<br>- лъэIун;<br>- фIэIун. | - уIуэн;<br>- дэIуэн;<br>- щэIуэн;<br>- лъэIуэн;<br>- фIэIуэн. |

| | |
|---|---|
| - хуэмын;<br>- щымын;<br>-<br>- | -<br>-<br>- хъумэн;<br>- пэмэн; |
| - гъэнын;<br>-<br>- пшынын;<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>- бгынэн {←бгы (и)нэн};<br>- пшынэн;<br>- хъуэнэн;<br>- шынэн;<br>- бэнэн;<br>- цӀынэн; |
| - шыхьын;<br>- щхъухьын; | -<br>- |
| - дыкъын;<br>-<br>- | -<br>- дзэкъэн;<br>- къэкъэн; |
| -<br>- тхьэкъун; | - бэкъуэн;<br>- тхьэкъуэн; |
| - укӀын;<br>- сэкӀын;<br>- лъэкӀын;<br>- | -<br>-<br>-<br>- гъукӀэн; |
| -<br>- | - хъуэкӀуэн;<br>- щэкӀуэн; |
| - | - укхъуэн; |
| -<br>-<br>- | - гъэхъэн;<br>- лъэхъэн;<br>- сыхъэн; |
| -<br>- хъуэхъун;<br>- тӀэхъун;<br>-<br>- лъыхъун;<br>- гъэхъун;<br>- сэхъун; | - гъуэхъуэн;<br>- хъуэхъуэн;<br>- тӀэхъуэн;<br>- лъыхъуэн;<br>-<br>- гъэхъуэн;<br>- |
| - ухын;<br>- мэхын;<br>- сэхын;<br>- псэхын;<br>- бзэхын;<br>- щхьэхын; | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |
| - псэхун;<br>- Ӏуэхун; | -<br>- |

| | |
|---|---|
| - цӀыхун;<br>- щэхун;<br>- щэхун (ущэхун);<br>- | -<br>- щэхуэн;<br>-<br>- ухуэн; |
| - зэгъын;<br>- кӀыгъын;<br>- Ӏыгъын (Ӏэ-ы-гъэ-ы-н)<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>- кӀыгъэн;<br>-<br>- гъэгъэн;<br>- гугъэн;<br>- зэгъэн;<br>- блэгъэн; |
| - гъэгъун;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- дыгъун; | -<br>- гъуэгъуэн;<br>- фыгъуэн;<br>- бэгъуэн;<br>- щыгъуэн;<br>- дыгъуэн; |
| - бэгын;<br>- | - бэгэн;<br>- пэгэн; |
| - уджын;<br>- тэджын;<br>- дыджын;<br>-<br>-<br>-<br>- | - уджэн;<br>-<br>-<br>- хъыджэн;<br>- хъуджэн;<br>- пыджэн;<br>- бзэджэн; |
| - джэгун; | - джэгуэн; |
| - лэжьын;<br>- ужьын; | - лэжьэн;<br>- |
| - хьэжын; | - хьэжэн; |
| - шэзын;<br>- хузын;<br>- къузын;<br>- плъызын;<br>- гызын;<br>- узын;<br>-<br>- | - шэзэн;<br>- хузэн;<br>- къузэн;<br>- плъызэн;<br>- гызэн;<br>-<br>- Ӏэзэн;<br>- гъэзэн; |
| - ущын;<br>- Ӏущын;<br>- гъущын;<br>-<br>- | - ущэн;<br>-<br>- гъущэн;<br>- гъуэщэн;<br>- щэщэн; |
| - ущӀын; | - ущӀэн; |

| | |
|---|---|
| - нэщӀын;<br>- хущӀын;<br>- жьыщӀын;<br>- тхьэщӀын;<br>- лъэщӀын;<br>- шэщӀын;<br>- кӀуэщӀын;<br>- фыщӀын<br>- бзыщӀын, бзэщӀын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- жэщӀын;<br>-<br>-<br>-<br>- тӀэщӀын; | -<br>- хущӀэн;<br>- жьыщӀэн;<br>- тхьэщӀэн;<br>- лъэщӀэн;<br>- шэщӀэн;<br>- кӀуэщӀэн;<br>- фыщӀэн;<br>- бзыщӀэн, бзэщӀэн;<br>- хъущӀэн;<br>- гъущӀэн;<br>- пхъэщӀэн;<br>- лъхуэщӀэн;<br>- жэщӀэн;<br>- пӀыщӀэн;<br>- гъэщӀэн;<br>- хьэщӀэн;<br>- |
| -<br>- гуэшын; | - пхъэшэн;<br>- гуэшэн; |
| - усын;<br>- сысын;<br>- шэсын, кӀэсын;<br>- лъэсын;<br>- тӀысын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | - усэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- лъэсэн;<br>- гъусэн;<br>- гусэн;<br>- кӀуэсэн;<br>- гъэсэн;<br>- хэсэн;<br>- Ӏэсэн; |
| -<br>- | - лъэлъэн;<br>- псэлъэн; |
| - джылын;<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>- джэлэн;<br>- лэлэн;<br>- цӀэлэн;<br>- тхьэлэн; |
| - | - ӀулӀэн; |
| - кӀуэдын;<br>-<br>-<br>- | -<br>- джэдэн;<br>- кудэн;<br>- хуэдэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>- лыдын; | - шхыдэн;<br>- |
| - Ӏэтын;<br>- тӀэтын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- Ӏуэтын;<br>- | -<br>- тӀэтэн;<br>- утэн;<br>- бэтэн;<br>- къутэн;<br>- кӀуэтэн;<br>- хутэн;<br>- гъуэтэн;<br>- щэтэн;<br>- щӀытэн;<br>- лъытэн;<br>- лъэтэн;<br>- Ӏуэтэн;<br>- Ӏуэтэн; |
| - пӀытӀын;<br>- | - пӀытӀэн;<br>- тӀэтӀэн; |
| - лъэфын; | - лъэфэн; |
| -<br>-<br>- пщэфӀын;<br>- | - бжьыфӀэн;<br>- гъэфӀэн;<br>- пщэфӀэн;<br>- гуфӀэн; |
| - увын;<br>- цӀывын;<br>- бэвын; | -<br>- цӀывэн;<br>- бэвэн; |
| - щыпын;<br>-<br>- | - щыпэн;<br>- хуэпэн;<br>- щхьэпэн; |
| - тӀэпӀын;<br>- | - тӀэпӀэн;<br>- лъэпӀэн; |
| - убын;<br>- быбын;<br>- лыбын;<br>-<br>- | - убэн;<br>- быбэн;<br>-<br>- Ӏэбэн;<br>- хуэбэн; |
| -<br>- кӀэцӀын; | - нэцӀэн;<br>- |

| | |
|---|---|
| - хущхьэн; | - |
| - уэщхъун;<br>-<br>- Ӏуэщхъун; | - ущхъуэн;<br>- хущхъуэн;<br>- Ӏуэщхъуэн; |
| - | - утхъуэн; |

| | |
|---|---|
| - | - Ӏэпхъуэн; |
| - | - гушхуэн; |
| - утхын; | - утхэн; |
| - убгъун; | - убгъуэн; |
| - | - лыбжьэн; |
| -<br>- | - убзэн;<br>- жэбзэн; |
| - упщӀын;<br>- пщӀыпщӀын; | - упщӀэн;<br>- пщӀыпщӀэн; |
| - упсын;<br>-<br>-<br>- гъэпсын; | -<br>- упсэн;<br>- хъуэпсэн;<br>- |
| - | - ублэн; |
| - | - кӀыщтэн(←**кӀы**щтэн); |
| - упцӀын; | - упцӀэн; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ИпэкӀэ зэрыжытӀауэ, "макъитӀ зыхэзыубыдэ занщӀэ глагол"хэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэр "глаголыпхъэ"у лъыта зы макъым зы макъ къызэрыпыхьэущи, къызэрыхъуа щӀыкӀэу "макъитӀ зыхэзыубыдэ занщӀэ глагол"у утыку къихьауэ лъытапхъэхэр "макъ глагол"у мыухуарэ –е ухуами, и зы мыхьэнэ пыухытыкӀар- "глаголыпхъэ"у лъыта зы макъым къыпыхьэ зы игъу макъкӀэрэ занщӀэу зэдэлэжьэфыну утыку къихьэ "глагол"хэрщ. Ауэ, мы ипэкӀэ къэтарэ "макъитӀ зыхэзыубыдэ занщӀэ глагол" псори фӀэкӀыпӀэ имыӀэу мыпхуэдэу лъытэныр гугъущи, мыбыхэм теухуауэ къыпыщапхъэхэри щыӀэщ.

- НытӀэ, таблицэхэм къыщыта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр "*макъ глагол*"*у лъытагъэхх*эмрэ е *лъытапхъ*эхэм е *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"хэм "*у*" макъ *къызэрыпыхьэу* я ужьыгъуэу къатехъукӀыу *бзэм мыхьэнэщ*Ӏэ зыгъуэта "*глагол*"хэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ; мыпхуэдэу утыку къихьа мы глаголхэри "*глаголыпхъэ*"у лъытахэм *къытехъук*Ӏ*а глагол*хэм *елъытауэ* бзэ лэжьэкӀэу *иужьк*Ӏэ *къэхъуа*уи лъытапхъэхэрщ.

- Аращи, таблицэм къыщыгъэлъэгъуа "*занщ*Ӏэ *глагол*"хэм мы зэрыжытӀа *зэмыл*Ӏ*эужьыгъуэ къэхъук*Ӏэ яӀэщи, мыбыхэм теухуа щапхъэу, мыбдежым "*у*"*к*Ӏэрэ *къежьэ*у ухуа "*макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэ занщ*Ӏэ *глагол*"хэр утыку къызэрихьа щӀыкӀэхэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - "*макъ глагол*"у ухуагъэххэхэм "*у*"*к*Ӏэрэ *къатехъук*Ӏ *глаголыщ*Ӏэхэр: «уджын, уджэн; ущӀын, ущӀэн»;<br>- "глаголыпхъэ" дыдэу мылъытапхъэрэ "*макъ глагол*" *пэлъыт*эхэм "*у*"*к*Ӏэрэ *къатехъук*Ӏ *глагол*хэр: «убгъун, убгъуэн; ублэн; упцӀын, упцӀэн»<br>- *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ "*макъ псалъэ*"хэм "*у*"*к*Ӏэрэ *къатехъук*Ӏ *глагол*хэр: «щхъуэ → ущхъуэн; бзэ → убзэн; псэ → упсэн»; |

- *ц*Iэ лIэужьыгъуэ *псэлъит*Iым къытехъукIыу лъытапхъэ *глагол*щ мыхэри: «″уэ(гу), щхъуэ {щыIэкIэ (щ) зэхъуэкI (хъуэ)}″ → уэщхъуэн»;
- ″*глаголыпхъэ*″у лъыта макъым ″*у*″ *къызэрыпыхьэу* утыку къихьа *глагол*хэр: «узын; ущын, ущэн; усын, усэн; утэн; убын, убэн; утхын, утхэн; упсын»

- Мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, къызэрыхъуа щIыкIэмрэ бзэм хэлэжьыхь зэрыхъуар зэщхьэщыкI глаголхэри щыIэнщи, таблицэхэм хэплъагъуэ мыпхуэдэ зы щапхъэми и гугъу тщIынщ. Аращи, къызэрыхъуа щIыкIэр ″бгы(м) (къи)нэн″ мыхьэнэ зиIэу (**бгы**нэн) ″*префиксиал глагол*″у щытыр *бзэ лэжьэк*I*эм* ″*занщ*I*э глагол*″ зэры*хэхъухьыжьа*р гурыIуэгъуэщ: «″бгы(м) (къи)нэн″ → **бгы**нэн → бгынэн)». Мыпхуэдэщ икIи ″кIы (къэ)щтэн″ Iуэхугъуэу ″префиксиал глагол″у ухуауэ лъытапхъэрэ ″занщIэ глагол″у бзэм хэлэжьхьы ″кIыщтэн″ри: «″кIы (къэ)щтэн″ → **кIы**щтэн → кIыщтэн».

**МакъитI нэхъыбэ зыхэзыубыдэ занщIэ глаголхэр: макъыбэу занщIэ глагол бэгъуэныгъэр.**

″МакъитI зыхэзыубыдэ глагол″хэр ″макъыбэу ухуэ глагол″хэм я пэщIэдзэу зэрыщытыр жытIагъащ; икIи, мы ипэкIэ зи гугъу тщIарэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэри ″макъитI зыхэзыубыдэ глагол″хэм щыщу ″занщIэ глагол″ лIэужьыгъуэхэращ. ″МакъитI зыхэзыубыдэ занщIэ глагол″хэр утыку къызэрихьа щIыкIэри ″глаголыпхъэ″ лIэужьыгъуэ зы макъым ищхьэм нэгъуэщI зы макъ къыпыхьэу ″макъитI зыхиубыдэу ухуэ глагол″хэрщи, мыбдежым зи гугъу тщIыхэр мы макъитIым зэрыщыту зэдаухуэ ″занщIэ глагол″ лIэужьыгъуэхэрщ.

Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщIыну ″*занщ*I*э глагол*″хэр ″*макъит*I *нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол*″ лIэужьыгъуэхэрщи, къызэрыхъуа щIыкIэри ″макъитI зыхэзыубыдэ занщIэ глагол″хэм я къэхъукIэм къызэрыщхьэщыкIыфынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″*макъит*I *зыхэзыубыдэ глагол*″хэр зэрыухуа щIыкIэр ″*глаголыпхъэ*″у щыт *зы макъым* нэгъуэщI *зы макъ* къызэрыпыхьэущи, *глаголыпхъ*эрэ *къыпыхьэ макъ*ыр наIуэщ, *зэрызщ*. Ауэ, ″*макъит*I *нэхъыбэ зыхэзыубыдэ занщ*I*э глагол*″хэр къызэрыхъуа щIыкIэм теухуа ″глаголыпхъэ″мрэ къыпыхьэ макъ бжыгъэр занщIэу наIуэу зэрыщымытыфынур гурыIуэгъуэнщ. Нэхъ зэIухауэ жыпIэмэ, ″*макъит*I *нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол*″хэр ″*глаголыпхъэ*″у лъыта *зы макъ*ым -е *макъ гупым*- ищхьэм *зы макъ гуп -е зы макъ- къызэрыпыхьэу* утыку къызэрихьэнур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, ″*макъит*I *нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол*″хэм я ″*глаголыпхъэ*″ макъыр *зы е*

*нэхъыбэу* зэрыщытымрэ абы *къыпыхьэ макъри зы е нэхъыбэу* зэрыщытыр сытым дежи наӀуэ дыдэу щыткъым; ауэ, глаголым щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, глаголыпхъэмрэ къыпыхьэр зэхэхугъуэ къызэрыхуэпхъуфынури гурыӀуэгъуэнщ. Илъабжьэм таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуэну *"макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол"*хэр къызытехъукӀа *"глаголыпхъэ"*рэ *къыпыхьэ макъ бжыгъэкӀи зэрылъытэ*фынур гурыӀуэгъуэнщ.

Мыхэр зытежытӀыхьа *"макъитӀ нэхъыбэ зыхиубыдэу ухуа занщӀэ глагол"*хэм теухуа щапхъэхэри таблиэцэхэм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - гушыӀэн;<br>- увыӀэн; | |
| - кӀуриин, укӀуриин;<br>- дриин;<br>- къуэдиин, укъуэдиин; | -<br>-<br>- |
| - кӀуриен;<br>- дриен;<br>- укъуэдиен;<br>------------------------------------------------<br>- Ӏуеин;<br>- бырсеин;<br>- фтыреин, уфтыреин;<br>- пӀейтӀеин;<br>- укъуеин;<br>- хьэулеин;<br>- ухъуреин;<br>- угъуеин (къэугъуеин);<br>- уфӀеин;<br>- нэщхъеин; | -<br>-<br>-<br>---------------------------------------------<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |
| -<br>- | - пӀэтӀэуэн;<br>- Ӏэуэлъэуэн; |
| - упщӀыӀун; | - |

| | |
|---|---|
| - гурымын;<br>- | - гурымэн;<br>- гъумэтӀымэн; |
| - ухуэнын;<br>- уцӀынын, гъэуцӀынын;<br>- упцӀэнын;<br>- удынын;<br>- угъуэнын; | - ухуэнэн;<br>-<br>-<br>-<br>- |
| - фтэрэкъын, уфтэрэкъын; | - |
| - | - ныкъуэкъуэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>- | - уныкъуэн;<br>- щхьэукъуэн; |
| - пIэнкIын, упIэнкIын;<br>- пхъэнкIын;<br>- уфэрэкIын, ублэрэкIын;<br>- гъэпскIын;<br>- хъуэпскIын; | - пIэнкIэн, упIэнкIэн;<br>- пхъэнкIэн;<br>-<br>-<br>- хъуэпскIэн; |
| - гъэпщIкIун;<br>- гъэнывщIкIун;<br>- пIыщкIун, упIыщкIун;<br>- пIэскIун; | -<br>-<br>- пIыщкIуэн, упIыщкIуэн;<br>- пIэскIуэн; |
| - | - псчэн; |
| - | - тIэсхъэн, утIэсхъэн; |
| - псэлъыхъун;<br>-<br>- унэхъун; | - псэлъыхъуэн;<br>- кIэрэхъуэн;<br>- |
| - унэхун, гъэунэхун;<br>- узэхун;<br>- ущэхун;<br>- убзыхун; | -<br>- узэхуэн;<br>-<br>- |
| - кIыргъын;<br>- бэлэрыгъын; | - кIыргъэн;<br>- бэлэрыгъэн; |
| -<br>- ужэгъун; | - гъэщIэгъуэн;<br>- |
| -<br>- | - сэхъуджэн;<br>- сымэджэн; |
| - убэрэжьын;<br>- | - убэрэжьэн;<br>- пIэжьэжьэн; |
| -<br>- унэжын; | - нэжэгужэн;<br>- |
| -<br>- кIэзызын;<br>- джэрэзын; уфэрэзын; | - унэзэн;<br>-<br>- джэрэзэн; уфэрэзэн; |
| -<br>- улъэпхъэщын; | - Iущэщэн;<br>- лъэпхъэщэн, улъэпхъэщэн; |
| - ухъуэнщIын;<br>- тхъунщIын;<br>- унэщIын;<br>- гъэнщIын;<br>- хуэнщIын; ухуэнщIын;<br>- уплIэнщIын;<br>- фэрыщIын;<br>- узэщIын;<br>- убзыщIын; | - хъунщIэн; ухъуэнщIэн;<br>- тхъунщIэн;<br>-<br>-<br>- ухуэнщIэн;<br>- уплIэнщIэн;<br>- фэрыщIэн;<br>- узэщIэн;<br>- убзыщIэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>- | - удыныщӀэн;<br>- гъэзэщӀэн; |
| - укъуэншын;<br>-<br>- | - къуэншэн, - укъуэншэн;<br>- щӀыкӀэншэн;<br>- узыншэн; |
| - | - гупщысэн (- гупсысэн); |
| - | - мэжэлӀэн |
| -<br>- пыудын;<br>- узэдын;<br>- убыдын; | - гъэбыдэн;<br>-<br>- узэдэн;<br>- |
| -<br>-<br>- | - упщӀэтэн;<br>- укӀытэн;<br>- убзытэн; |
| - унэтӀын; | -<br>- ӀуэнтӀэн, уӀуэнтӀэн; |
| - | - удэфэн; |
| -<br>- укӀыфӀын, ункӀыфӀын; | - фӀэрэфӀэн, уфӀэрэфӀэн;  гурыфӀэн;<br>- |
| - | - лъэпэрэпэн; |
| -<br>-<br>- уцӀэпӀын; | - пӀэрэпӀэн, - упӀэрэпӀэн;<br>- бэмпӀэн (бэмыпӀэн);<br>- уцӀэпӀэн; |
| - ущэбын; | - ущэбэн; |
| - уфӀыцӀын; | - уфӀыцӀэн; |

| | |
|---|---|
| - гъэщхъын; | - |
| - удэрэщхъун; | - удэрэщхъуэн; |
| - пӀэстхъын; | - пӀэстхъэн; |
| - | - утхъуэн;<br>- цӀэнтхъуэн; |
| - дэхьэшхын;<br>- | -<br>- жьэгъуэшхэн; |
| - убжьытхын; | - убжьытхэн; |
| - | - удэрэбжьэн; |
| - укъэбзын;<br>-<br>- ушыбзын; ушэбзын; | - укъэбзэн; гъэкъэбзэн;<br>- бзэрэбзэн, убзэрэбзэн;<br>- ушыбзэн; ушэбзэн; |
| - утӀыпщын; | - |
| - утхыпщӀын; | - утхыпщӀэн; |
| - гушыпсын;<br>- гуфӀэпсын; | - гушыпсэн;<br>- гуфӀыпсэн; |
| - упэпцӀын – упэмцӀын; | - упэпцӀэн – упэмцӀэн; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Япэрауэ, мы къэта щапхъэхэм "у"кӀэ къежьэу ухуэ глагол куэд зэрыхэплъагъуэр наӀуэщ; икӀи, "у"кӀэ къежьэу ухуа мы глаголхэри "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. "*У*"р *ужьыгъуэ мыхьэнэ* зиӀэ *макъ*ырщи, *ужьыгъуэ зыгъуэтауэ лажьэу щытри занщӀэу къэхъурэ гъэзащ*Ӏэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэунщ; нытӀэ, мыращ *"у"кӀэ къежьэ*у ухуа *глаголхэр "занщ*Ӏэ *глагол"* лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр. Ауэ, *"у"кӀэрэ къежьэ* мы *"занщ*Ӏэ *глагол"*хэри *зэмылӀэужьыгъуэ щ*Ӏык*Ӏэу утыку къызэрихь*эр гурыӀуэгъуэщи, мы илъабжьэм мыбыхэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ.

- *"У"кӀэрэ къежьэу "занщ*Ӏэ *глагол"* зэрыухуэ зы щӀыкӀэр *"глаголыпхъэ"*у лъыта *макъ* е *макъ гуп*ым *"у" къызэрыпыхьэ*ущи, ипэкӀэ къэта таблицэхэм "у"кӀэ къежьэу ухуа "занщӀэ глагол"у къэтахэм щыщ щапхъэ гуэрхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «укӀытэн»; «утӀыпщын»; «убжьытхын; убжьытхэн»;<br>- «удэрэщхъун; удэрэщхъуэн»; «удэрэбжьэн»; «ушыбзын; ушэбзын; ушыбзэн; ушэбзэн;»; «утхыпщӀын; утхыпщӀэн»; «упщӀэтэн»; «убзытэн». |

- Мы къэта щапхъэр таблицэхэм мы зэрытха щӀыкӀэу "у"кӀэ къежьэу къэгъэлъэгъуахэрщи, мыбыхэм щыщ *ипэ иту* къэгъэлъэгъуа *глаголитӀ-щым къыкӀэлъыкӀуэхэр* -етӀуанэ гупыр- икӀи *"у"нш*эуи мыхьэнэ зиӀэ *"глагол"у лъытапхъ*эу жыӀэпхъэнщ. Ауэ, -"глагол"у лъытапхъэ нэхърэ- я мыхьэнэм елъытауэ *"у"нш*эу *ухуагъэххэ глагол* гуэрхэр икӀи *"у"кӀэри* къызэрыӀуу *мэухуэжыф*ри, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| «кӀуриин → укӀуриин»; «Ӏуэнтӏэн, уӀуэнтӀэн»; «фӀэрэфӀэн → уфӀэрэфӀэн». |

- Мыбыхэм нэмыщӀ, -ипэкӀи и гугъу зэрытщӀауэ- нэхъыбэу *плъыфэц*Ӏэ лӀэужьыгъуэ *псалъ*эхэр *"у"кӀэ* къызэрыӀуу *"занщ*Ӏэ *глагол" зэрыухуэ* щыӀэщи, ипэкӀэ къэта таблицэхэм хэплъагъуэ мыпхуэдэ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ;

| |
|---|
| «кӀыфӀ → "укӀыфӀын, ункӀыфӀын"»; «захуэ → "узэхун, узэхуэн"»; «фӀыцӀэ → "уфӀыцӀын, уфӀыцӀэн"»; «къабзэ → "укъэбзын, укъэбзэн"»; «"памцӀэ – папцӀэ" → "упэмцӀын – упэпцӀын; упэмцӀэн – упэпцӀэн"»; |

- Ауэ, "у"кӀэ къежьэу ухуа "занщӀэ глагол" гуэрхэми я пэщӀэдзэ "у" макъыр цӀэ лӀэужьыгъуэу е цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ пэщӀэдзэ макъыу щытхэри щыӀэщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр:

| |
|---|
| - «укӀытэн {уэ-ы-(и)кӀытэн}»;<br>- «унэхъун (унэ-хъун)»; «удэфэн ("уэм дэфэн" → "уэдэфэн" → уэ-ы-дэфэн)». |

Мы къэта щапхъэхэм щыщу ипэ итыр зы "глаголыпхъэ"м (кӀытэ) зы макъ псалъэ (уэ) къызэрыпыхьэу, къыкӀэлъыкӀуэ "глагол"итӀри, псэлъитӀкӀэ ухуа "глагол"хэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

- Дауи, мы зи гугъу зэрытщӀахэри хэтыжу, мы ипэкӀэ "у"р ищхьэм къызэрыпыхьэу ухуа глаголхэм я гугъу тщӀащ. Ауэ, "у" макъым нэмыщӀ, *"гъэ"* макъри *зищхьэм къыпыхьэр "занщ*Ӏэ *глагол"*у зэрыухуэр гурыӀуэгъуэщи,

таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэм щыщу, *плъыфэцӀэ* лӀэужьыгъуэ псалъэхэм *е глагол*хэм –икӀи "*глаголыпхъэ*"хэм- ищхьэм "*гъэ*" *къызэрыпыхьэ*у "*занщ*Ӏэ *глагол*"у ухуахэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «къабзэ → гъэкъэбзэн»;<br>- «быдэ → гъэбыдэн»;<br>- «щхъын → гъэщхъын»;<br>- «гъэнщӀын; гъэпскӀын». |

- "У"рэ "гъэ"кӀэ къежьэу "занщӀэ глагол" зэрыухуэм теухуауэ мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ, -ипэкӀи и гугъу зэрытщӀауэ- "*макъит*Ӏ *нэхъыбэ зыхэзыубыдэ занщ*Ӏэ *глагол*"хэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэхэр *зы макъ* е *макъыбэ*у щыт "*глаголыпхъэ*"хэм *макъыбэ е зы макъ къызэрыпыхьэ*у зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ икӀи мы зи гугъу тщӀа "занщӀэ глагол"хэу "у"рэ "гъэ"кӀэ къежьэу утыку къихьахэри, мы "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэхэри макъ бжыгъэ зэмылӀэужьыгъуэу "*глаголыпхъэ*"у лъытахэм е *ц*Ӏэ лӀэужьыгъуэрэ *глагол*у лъытагъэхххэм "*у"рэ "гъэ" къазэрыпыхьэ*у зэрыухуахэр гурыӀуэгъуэщ.

- "*У"рэ "гъэ"м* теухуауэ мы къыпытщахэр мыбдежым къедгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэ пыухытыкӀам теухуащи, ахэр икӀи *глаголхэм ищхьэм къыпыхьэу "префикс" къалэн зымыгъэзащ*Ӏэ *макъхэу* зэрыщытым теухуауэ *иужьк*Ӏэ игъуэ щыхъум деж *нэхъ зэ*Ӏ*ухауэ* аргуэру зэрыигъуэкӀэ *датепсэлъыхьынщ*.

## "МАКЪЫБЭ ГЛАГОЛ"ХЭР "ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"РЭ "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"У ЗЭЩХЬЭЩЫКӀЫУ ЗЭРЫЗЭЛЪЫТЭМ ТЕУХУА ТАБЛИЦЭХЭР

Мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэ Ӏыхьэм "глаголыпхъэ" лӀэужьыгъуэ макъым зы е нэхъыбэ макъ къызэрыпыхьэу глагол утыку къызэрихьэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, теухуа щапхъэхэри таблицэхэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуагъащ. ИкӀи, а таблицэхэм хиубыдэ "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэхэри мы ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуагъэхххэщ; иужькӀи, а таблицэхэм хиубыдэ "префиксиал глагол" лӀэужьыгъуэхэри къэдгъэлъагъуэу, къыхэгъэщыпхъэхэри тежытӀӀыхьынущ. Ауэ, утыку къызэрихьа щӀыкӀэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа мы "макъыбэ глагол"хэр "занщӀэ глагол"рэ "префиксиал глагол"у зэрызэщхьэщыкӀхэри зэгъэпщапхъэу зэхуэдэ таблицэхэм къыщыгъэлъагъуэнри игъуэщи, мы илъабжьэм "макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"хэмрэ "макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол"хэу таблицэхэм зэрыхиубыдэу къэдгъэлъэгъуэжынщ.

НытIэ, япэрауэ "**макъитI зыхэзыубыдэу ухуа глагол**"хэр зыхэзыубыдэ таблицэхэр "**занщIэ глагол**"хэмрэ "**префиксиал глагол**"хэр зэрызэ*щхьэщык*Iыр зэрызэлъытапхъэу – *зэгъэпщапхъэ* зэрыхъун щIыкIэу "**префикс**"хэр мы зэрытха щIыкIэу къыхэгъэщауэ-мыбдежым къыщыгъэлъэгъуэжынщ:

| | |
|---|---|
| - **щы**Iэн; щIыIэн; шыIэн; уIэн (уэ-ы-Iэ-н); псыIэн; **и**Iэн;<br>- **и**Iэн, гуIэн, **хэ**Iэн;<br>- **е**Iэн, **хэ**Iэн, **щIэ**Iэн, **дэ**Iэн; | -<br><br>-<br>- |
| - кIиин, щIиин, шиин, лъиин, диин, тIиин, фиин, пIиин, биин, ткIиин; лъеин;<br>- гъеин;<br>- **е**(*иэ*)ин, **зэ**ин; - {**е**(*иэй*)ин}; | -<br><br><br>- |
| - **е**ен, **хэ**ен, **щы**ен, **щIэ**ен, **фIэ**ен;<br>- кIиен, щIиен, шиен, лъиен, диен, тIиен, фиен, пIиен, биен, ткIиен;<br>-----------------------------------------------------<br>- **е**(*иэй*)ин; **хуе**ин; хеин; жеин;<br>- хъеин; **щIе**ин; лъеин; тIеин; | -<br>-<br><br>-------------------------------------------------<br>-<br>- |
| - **щы**ун;<br>- бэун;<br>- гуэун (→гуоун);<br>- цIуун (цIыун);<br>- **фIэ**ун;<br>-<br>- | - **щы**уэн;<br>- бэуэн;<br>- гуэуэн (гуоуэн)<br>-<br>- **фIэ**уэн;<br>- **Iу**уэн, **фIэ**уэн, пкIэуэн;<br>- бэуэн; |
| - **и**Iун, **къэ**Iун, **хэ**Iун, **гуэ**Iун, **щIэ**Iун, **дэ**Iун, **фIэ**Iун, **пы**Iун;<br>- уIун;<br>- дэIун;<br>- щэIун;<br>- лъэIун;<br>- фIэIун. | - **и**Iуэн, **хэ**Iуэн, **щIэ**Iуэн, **дэ**Iуэн, **фIэ**Iуэн, **пы**Iуэн;<br>- уIуэн;<br>- дэIуэн;<br>- щэIуэн;<br>- лъэIуэн;<br>- фIэIуэн. |

| | |
|---|---|
| - хуэмын;<br>- щымын;<br>-<br>- | -<br>-<br>- хъумэн;<br>- пэмэн; |
| - **хэ**нын, **щIэ**нын;<br>- гъэнын;<br>- пшынын;<br>- | -<br>-<br>- пшынэн;<br>- **и**нэн, **Iу**нэн, **къэ**нэн, **къуэ**нэн, **хэ**нэн, **гуэ**нэн, **щы**нэн, **щIэ**нэн, |

| | |
|---|---|
| <br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | **дэ**нэн, **фIэ**нэн, **пы**нэн;<br>- бгынэн (←**бгы**нэн);<br>- хъуэнэн;<br>- шынэн;<br>- **хэ**нэн; **щIэ**нэн, **пы**нэн;<br>- бэнэн; |
| - **шы**хьын;<br>-<br><br><br>-<br>- щхъухьын;<br>- | -<br>- (езыр, субъектыр) **и**хьэн, **Iу**хьэн, **къуэ**хьэн, **хэ**хьэн, **гуэ**хьэн, **щIэ**хьэн, **дэ**хьэн, **пы**хьэн;<br>- **фIэ**хьэн, **пы**хьэн;<br>-<br>- **щы**хьэн; |
| - дыкъын;<br>-<br>- | -<br>- дзэкъэн;<br>- къэкъэн; |
| - **е**къун, **щIэ**къун, **дэ**къун;<br>-<br>-<br>- тхьэкъун; | - **щIэ**къуэн, **дэ**къуэн;<br>- **дэ**къуэн;<br>- бэкъуэн;<br>- тхьэкъуэн; |
| - (субъектыр) **и**кIын, **Iу**кIын, **къуэ**кIын, **хэ**кIын, **гуэ**кIын, **щIэк**Iын, **дэ**кIын, **фIэ**кIын, **пы**кIын;<br>-<br><br><br>- **фIэ**кIын, **пы**кIын;<br>- **е**кIын {е: Iей};<br>- укIын;<br>- **щы**кIын;<br>- сэкIын;<br>- лъэкIын;<br>- | -<br><br><br>- **и**кIэн, **Iу**кIэн, **къуэ**кIэн, **хэ**кIэн, **гуэ**кIэн, **щIэ**кIэн, дэкIэн, **фIэ**кIэн, **пы**кIэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- гъукIэн; |
| - **е**кIун, **зэ**кIун;<br>-<br>-<br>- | -<br>- **е**кIуэн {е: Iей};<br>- хъуэкIуэн;<br>- щэкIуэн; |
| - **къэ**кхъун; - ″**и**кхъун, **Iу**кхъун, **къуэ**кхъун, **хэ**кхъун, **гуэ**кхъун, **щIэ**кхъун, **дэ**кхъун, **фIэ**кхъун, **пы**кхъун″;<br>- | - ″**и**кхъуэн, **Iу**кхъуэн, **къуэ**кхъуэн, **хэ**кхъуэн, **гуэ**кхъуэн, **щIэ**кхъуэн, дэкхъэун, **фIэ**кхъуэн, **пы**кхъуэн″;<br>- укхъуэн; |
| - **и**чын, **Iу**чын, **къуэ**чын, **хэ**чын, **гуэ**чын, **щIэ**чын, **дэ**чын, **фIэ**чын, **пы**чын; | - **и**чэн, **Iу**чэн, **къуэ**чэн, **хэ**чэн, **гуэ**чэн, **щIэ**чэн, дэчэн, **фIэ**чэн, **пы**чэн; |

| | |
|---|---|
| - | - **и**куэн, **Iу**куэн, **къуэ**куэн, **хэ**куэн, **гуэ**куэн, **щIэ**куэн, **дэ**куэн; |
| -<br>-<br>- | - гъэхъэн;<br>- лъэхъэн;<br>- сыхъэн; |
| -<br>-<br>-<br>- хъуэхъун;<br>- тIэхъун;<br>-<br>- **щы**хъун;<br>- **фIэ**хъун;<br>-<br>- лъыхъун;<br>- **хуэ**хъун;<br>- гъэхъун,<br>- **дэ**хъун;<br>- **пэ**хъун;<br>- сэхъун; | - **и**хъуэн, **Iу**хъуэн, **къуэ**хъуэн, **хэ**хъуэн, **гуэ**хъуэн, **щIэ**хъуэн, **дэ**хъуэн, **фIэ**хъуэн, **пы**хъуэн;<br>- **хэ**хъуэн;<br>- гъуэхъуэн;<br>- хъуэхъуэн;<br>- тIэхъуэн;<br>- **щы**хъуэн;<br>-<br>-<br>- лъыхъуэн;<br>-<br>-<br>- гъэхъуэн;<br>- **дэ**хъуэн;<br>- **пэ**хъуэн;<br>- |
| - **и**хын, **Iу**хын, **хэ**хын, **гуэ**хын, **къуэ**хын, **щIэ**хын, **дэ**хын, **фIэ**хын, **пы**хын;<br>- **блэ**хын;<br>- **гуэ**хын, **фIэ**хын, **пы**хын;<br>- **щы**хын;<br>- **е**хын;<br>- ухын;<br>- мэхын;<br>- сэхын;<br>- псэхын;<br>- бзэхын;<br>- щхьэхын; | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |
| - (щехуэхын) **и**хун, **Iу**хун, **къуэ**хун, **хэ**хун, **гуэ**хун, **щIэ**хун, **дэ**хун, **фIэ**хун, **пы**хун;<br>- (зыфIэтым) **фIэ**хун, **пы**хун;<br>-<br>- псэхун;<br>- Iуэхун;<br>- цIыхун;<br>- щэхун (**къэ**щэхун); | -<br>-<br>- (изэгъэн, хуэфI хъун) **и**хуэн, **Iу**хуэн, **къуэ**хуэн, **хэ**хуэн, **гуэ**хуэн, **щIэ**хуэн, **дэ**хуэн, **фIэ**хуэн, **пы**хуэн;<br>-<br>-<br>-<br>- щэхуэн; |

| | |
|---|---|
| - | - ухуэн; |
| - зэгъын;<br>- кӀыгъын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>- кӀыгъэн;<br>- Ӏыгъын (Ӏэ-ы-гъэ-ы-н)<br>- **щы**гъын (щы-гъэ-ы-н);<br>- гъэгъэн;<br>- гугъэн;<br>- зэгъэн;<br>- блэгъэн; |
| - **щӀы**гъун;<br>- **щӀэ**гъун;<br>- **хуэ**гъун, гъэгъун;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- **е**гъун;<br>- **дэ**гъун;<br>- дыгъун; | -<br>-<br>-<br>- гъуэгъуэн;<br>- фыгъуэн;<br>- бэгъуэн;<br>- щыгъуэн;<br>-<br>- **дэ**гъуэн;<br>- дыгъуэн; |
| - бэгын;<br>- | - бэгэн;<br>- пэгэн; |
| - уджын;<br>- тэджын;<br>-<br>- | - уджэн;<br>-<br>- пыджэн;<br>- бзэджэн; |
| - джэгун;<br>- | - джэгуэн;<br>- **и**гуэн, **Ӏу**гуэн, **къуэ**гуэн, **хэ**гуэн, **щӀэ**гуэн, **дэ**гуэн, **фӀэ**гуэн, **пы**гуэн; |
| - **е**дзын; | - |
| - **къэ**жьын; - ″**и**жьын, **Ӏу**жьын, **къуэ**жьын, **хэ**жьын, **гуэ**жьын, **щӀэ**жьын, **дэ**жьын, **фӀэ**жьын, **пы**жьын″;<br>- лэжьын;<br>- ужьын;<br>- | - ″**и**жьэн, **Ӏу**жьэн, **къуэ**жьэн, **хэ**жьэн, **гуэ**жьэн, **щӀэ**жьын, **дэ**жьэн, **фӀэ**жьэн, **пы**жьэн″;<br>- лэжьэн;<br>-<br>- **е**жьэн-2 (1- хуэкӀуэн пэщӀэдзэ; 2-зы гуэрым пэплъэн); |
| - хьэжын; | - хьэжэн; |
| - **и**зын, **Ӏу**зын, **къуэ**зын, **хэ**зын, **щӀэ**зын, **дэ**зын, **фӀэ**зын, **пы**зын;<br>- шэзын;<br>- хузын;<br>- къузын;<br>- плъызын;<br>- гызын; | -<br><br>- шэзэн;<br>- хузэн;<br>- къузэн;<br>- плъызэн;<br>- гызэн; |

| | |
|---|---|
| - узын;<br>-<br>- | -<br>- гъэзэн;<br>- **ху**эзэн; |
| - **и**щын, **къу**эщын, **хэ**щын, **щIэ**щын, **дэ**щын, **пы**щын;<br>-<br><br>- (ипэ) **и**щын;<br>- **фIэ**щын;<br>- ущын;<br>- Iущын;<br>- гъущын;<br>-<br>-<br>- **щы**щын; | -<br><br>- **и**щэн, **Iу**щэн, **къу**эщэн, **хэ**щэн, **гу**эщэн, **щIэ**щэн, **дэ**щэн, **пы**щэн;<br>-<br>-<br>- ущэн;<br>-<br>- гъущэн;<br>- гъуэщэн;<br>- щэщэн;<br>- |
| - ущIын;<br>- нэщIын;<br>- **хэ**щIын;<br>-<br>- **хуэ**щIын;<br>- хущIын;<br>- жьыщIын;<br>- тхьэщIын;<br>- лъэщIын;<br>- **дэ**щIын;<br>- шэщIын;<br>- кIуэщIын;<br>- фыщIын;<br>- **фIэ**щIын;<br>- бзыщIын, бзэщIын;<br>- шэщIын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- жэщIын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- тIэщIын;<br>- | - ущIэн;<br>-<br>- **хэ**щIэн;<br>- **щы**щIэн;<br>-<br>- хущIэн;<br>- жьыщIэн;<br>- тхьэщIэн;<br>- лъэщIэн;<br>- **дэ**щIэн;<br>- шэщIэн;<br>- кIуэщIэн;<br>- фыщIэн;<br>-<br>- бзыщIэн, бзэщIэн;<br>- шэщIэн;<br>- **щIэ**щIэн;<br>- хъущIэн;<br>- гъущIэн;<br>- пхъэщIэн;<br>- жэщIэн;<br>- **Iу**щIэн;<br>- пIыщIэн;<br>- гъэщIэн;<br>- хьэщIэн;<br>-<br>- **и**щIэн; |
| - *(шэ)***къэ**шын, **хэ**шын, **щIэ**шын;<br>- **къэ**шын, **къэ**гъэшын;<br>- **е**шын, **зэ**шын; | -<br>-<br>- |

| | |
|---|---|
| - **пы**шын;<br>-<br>- гуэшын; | - **пы**шэн;<br>- пхъэшэн;<br>- гуэшэн; |
| - усын;<br>- сысын;<br>- **нэ**сын, **къэ**сын;<br>- шэсын, кӏэсын;<br>- **лъы**сын (лъэ-ы-сы-н);<br>- лъэсын;<br>- тӏысын; **щы**сын, - "**и**сын, **ӏу**сын, **къуэ**сын, **хэ**сын, **гуэ**сын, **дэ**сын, **фӏэ**сын, **пы**сын";<br>-<br>-<br>-<br>- | - усэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- лъэсэн;<br>-<br><br><br>- гусэн;<br>- кӏуэсэн;<br>- **е**сэн, **зэ**сэн, гъэсэн;<br>- хэсэн (- **зэ**хэсэн); |
| - **щы**лъын (щы-лъэ-ы-н), - "**и**лъын, **ӏу**лъын, **къуэ**лъын, **хэ**лъын, **гуэ**лъын, **щӏэ**лъын, **дэ**лъын, **фэ**лъын, **пы**лъын";<br>- **и**лъын, (- **къи**лъын);<br>-<br>- **пы**лъын (**зэ**пылъын);<br>-<br>- | -<br><br><br>-<br>- **пы**лъэн, **фӏэ**лъэн;<br>-<br>- лъэлъэн;<br>- псэлъэн; |
| - джылын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>- джэлэн;<br>- лэлэн;<br>- **пы**лэн;<br>- цӏэлэн;<br>- тхьэлэн; |
| - | - ӏулӏэн; |
| - кӏуэдын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- лыдын; | -<br>- джэдэн;<br>- кудэн;<br>- **хэ**дэн;<br>- хуэдэн;<br>- шхыдэн;<br>- |
| - ӏэтын;<br>- **щы**тын, - "**и**тын, **ӏу**тын, **къуэ**тын, **хэ**тын, **гуэ**тын, **щӏэ**тын, **дэ**тын, **фӏэ**тын, пытын";<br>- тӏэтын;<br>- | -<br>-<br><br><br>- тӏэтэн;<br>- утэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- Ӏуэтын;<br>-<br>- **къэ**тын; | - бэтэн;<br>- къутэн;<br>- кӀуэтэн;<br>- хутэн (**къэ**хутэн);<br>- гъуэтэн;<br>- щэтэн;<br>- щӀытэн;<br>- лъытэн;<br>- лъэтэн;<br>- Ӏуэтэн;<br>- Ӏуэтэн;<br>- |
| - пӀытӀын;<br>- | - пӀытӀэн;<br>- тӀэтӀэн; |
| - **и**фын, **хэ**фын; **щӀэ**фын;<br>- лъэфын;<br>- | - **е**фэн;<br>- лъэфэн;<br>- **къэ**фэн; |
| - **е**фӀын, **зэ**фӀын, **фӀэ**фӀын;<br>-<br>- пщэфӀын;<br>- | - бжьыфӀэн;<br>- гъэфӀэн;<br>- пщэфӀэн;<br>- гуфӀэн; |
| - увын;<br>- цӀывын;<br>- бэвын; | -<br>- цӀывэн;<br>- бэвэн; |
| - щыпын;<br>-<br>- | - щыпэн;<br>- хуэпэн;<br>- щхьэпэн; |
| - тӀэпӀын;<br>- | - тӀэпӀэн;<br>- лъэпӀэн; |
| - убын;<br>- быбын;<br>- лыбын (**къэ**лыбын);<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | - убэн;<br>- быбэн;<br>-<br>- **Ӏу**бэн;<br>- Ӏэбэн;<br>- **е**бэн;<br>- хуэбэн; |
| - **къэ**цӀын, - "**Ӏу**цӀын, **хэ**цӀын, **гуэ**цӀын, **щӀэ**цӀын, **дэ**цӀын, **фӀэ**цӀын, **пы**цӀын;<br><br>-<br>- кӀэцӀын; | - "**и**цӀэн, **Ӏу**цӀэн, **къуэ**цӀэн, **хэ**цӀэн, **гуэ**цӀэн, **щӀэ**цӀэн, **дэ**цӀэн, **фӀэ**цӀэн, **пы**цӀэн";<br>- нэцӀэн;<br>- кӀэцӀэн; |

| | |
|---|---|
| - хущхьэн;<br>- **е**щхьын (**е**-щхьэ-ы-н), **зэ**щхьын; | -<br>- |

| | |
|---|---|
| - уэщхъун;<br>-<br>- Iуэщхъун; | - ущхъуэн, **къэ**щхъуэн;<br>- хущхъуэн;<br>- Iуэщхъуэн; |
| - **хэ**тхъын, **гуэ**тхъын, **щIэ**тхъын, **дэ**тхъын, **пы**тхъын; | - **хэ**тхъэн, **гуэ**тхъэн, **щIэ**тхъэн, **дэ**тхъэн, **пы**тхъэн; |
| - **щы**тхъун;<br>- | - **щы**тхъуэн;<br>- утхъуэн; |
| -<br>- | - **щIэ**пхъуэн;<br>- Iэпхъуэн; |
| - (**къе**шхын), **е**шхын; | - ″**и**шхэн, **Iу**шхэн, **къуэ**шхэн, **хэ**шхэн, **гуэ**шхэн, **щIэ**шхэн, **дэ**шхэн, **фIэ**шхэн, **пы**шхэн″; |
| - | - гушхуэн; |
| - утхын; | - утхэн; |
| - | - **е**бгъэн (- игу **е**бгъэн); |
| - убгъун; | - убгъуэн; |
| -<br>- | - **и**бжьэн, **хэ**бжьэн, **щIэ**бжьэн;<br>- лыбжьэн; |
| -<br>- | - убзэн;<br>- жэбзэн; |
| -<br><br><br><br>-<br>- **хэ**пщын (**хэ**гъэпщын); | - **е**пщэн, **къе**пщэн, - ″**и**пщэн, **Iу**пщэн, **къуэ**пщэн, **хэ**пщэн, **гуэ**пщэн, **щIэ**пщэн, **дэ**пщэн, **те**пщэн, **фIэ**пщэн, **пы**пщэн″;<br>- **хэ**пщэн;<br>- |
| - упщIын;<br>- **къэ**пщIын;<br>- пщIыпщIын (-**къэ**пщIыпщIын);<br>-<br>- | - упщIэн;<br>-<br>- пщIыпщIэн (-**зэхэ**пщIыпщIэн);<br>- **е**пщIэн;<br>- **хэ**пщIэн; |
| - упсын;<br>-<br>-<br>- гъэпсын; | -<br>- упсэн;<br>- хъуэпсэн;<br>- |
| - | - ублэн; |
| - | - кIыщтэн (←**кIы**щтэн); |
| - **къэ**пщтын, **къи**пщтын; | - |
| - **и**фтын, **Iу**фтын, **къуэ**фтын, **хэ**фтын, **гуэ**фтын, **щIэ**фтын, **дэ**фтын, **фIэ**фтын, **пы**фтын; | - |
| -<br>-<br>- упцIын; | - **къэ**пцIэн; гъэпцIэн (**къэ**гъэпцIэн);<br>- **хэ**пцIэн (- **зэхэ**пцIэн); |

| | |
|---|---|
| | - упцӀэн (- **те**упцӀэн). |

*

Мы ипэкӀэ ″макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол″хэр къызэрыдгъэлъэгъуа щӀыкӀэу мыбдежми, зэрызэщхьэщыкӀ щӀыкӀэу къэгъэлъэгъуапхъэщи, ипэрей Ӏыхьэм **″макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол**″хэри **″занщӀэ глагол**″рэ **″префиксиал глагол**″хэу зэрыз*эщхьэщык*Ӏхэр зэрызэгъэпщапхъэу зыхэплъагъуэ таблицэхэри -**″префикс**″хэр мы къыхэгъэща тхэкӀэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ.

| | |
|---|---|
| - гушыӀэн;<br>- увыӀэн; | -<br>- |
| - кӀуриин, укӀуриин;<br>- дриин;<br>- **е**гиин;<br>- ущиин;<br>- къуэдиин, укъуэдиин; | -<br>-<br>- |
| - кӀуриен;<br>- дриен;<br>- **е**гиен;<br>- ущиен;<br>- укъуэдиен;<br>------------------------------------------------<br>- Ӏуеин;<br>- **щӀе**ин;<br>- **дэ**уеин; **дэ**хуеин; **дэ**гъэзеин;<br>- **е**упсеин;<br>- бырсеин;<br>- фтыреин, уфтыреин;<br>- пӀейтӀеин;<br>- **къэ**укъубеин;<br>- укъуеин;<br>- **къэ**къеин;<br>- **е**гъэлеин;<br>- хьэулеин;<br>- ухъуреин;<br>- угъуеин (**къэ**угъуеин);<br>- уфӀеин;<br>- нэщхъеин; | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>---------------------------------------------<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |
| - **е**жьуун, **дэ**жьуун;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>- пӀэтӀэуэн;<br>- **е**лъэкъуэуэн;<br>- **е**нэпэуэн;<br>- **е**тхэуэн;<br>- Ӏэуэлъэуэн; |

| | |
|---|---|
| - **зэ**пыун; | - |
| - упщӀыӀун; | - |

| | |
|---|---|
| - гурымын;<br>- | - гурымэн;<br>- гъумэтӀымэн; |
| - ухуэнын;<br>- уцӀынын, гъэуцӀынын;<br>-<br>- упцӀэнын;<br>- удынын;<br>- угъуэнын; | - ухуэнэн;<br>-<br>- **зэӀ**ынэн;<br>-<br>-<br>- |
| -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- **къэ**кӀухьын;<br>- **е**пщӀыхьын;<br>- **хэ**шыпсыхьын;<br>- **икъу**хьын;<br>- **къэ**ухъуреихьын;<br>- **къэ**хухьын; | - **и**лъхьэн, **Ӏу**лъхьэн, **къуэ**лъхьэн, **хэ**лъхьэн, **гуэ**лъхьэн, **щӀэ**лъхьэн, **дэ**лъхьэн, **фӀэ**лъхьэн, **пы**лъхьэн; **пщэры**лъхьэн;<br>- **щхьэщы**хьэн;<br>- **зэӀ**ыхьэн;<br>- **зе**хьэн;<br>- **лъэщӀы**хьэн, **кӀэщӀэ**хьэн, **кӀэлъыщӀэ**хьэн;<br>- **Ӏэщӏэ**хьэн;<br>-<br>-<br>- **хэ**шыпсыхьэн;<br>-<br>-<br>- |
| - **е**тӀыркъын;<br>- фтэрэкъын, уфтэрэкъын;<br>- **зы**гъэкъын; | - **е**тӀыркъэн;<br>-<br>- |
| - **е**ныкъуэкъун; **зэ**ныкъуэкъун;<br>-<br>- **дэ**Ӏэпыкъун;<br>-<br>-<br>-<br>- **ири**къун, **хури**къун;<br>-<br>- | - ныкъуэкъуэн, - **е**нықъуэкъуэн, **зэ**нықъуэкъуэн;<br>-<br>- **зэщӀэ**къуэн;<br>- **щӀэ**гъэкъуэн, **зыщӀэ**гъэкъуэн;<br>- **хуэ**нықъуэн;<br>-<br>- унықъуэн;<br>- щхьэукъуэн; |
| - **къи**кӀыкӀын;<br>- **хэ**щӀыкӀын;<br>- пӀэнкӀын, упӀэнкӀын;<br>- пхъэнкӀын;<br>- **те**щӀыкӀын; | -<br>-<br>- пӀэнкӀэн, упӀэнкӀэн;<br>- пхъэнкӀэн;<br>- |

| | |
|---|---|
| - уфэрэкӀын, ублэрэкӀын;<br>- **зэ**фӀэкӀын;<br>- **зэблыры**кӀын; **зэбгыры**кӀын;<br>- **кӀэры**кӀын;<br>- **е**шэкӀын, **зэ**шэкӀын;<br>- **е**пӀэщӀэкӀын;<br>- **е**лъэдэкъэщыкӀын;<br>- **е**удэкӀын;<br>-<br><br><br>- **зэ**дзэкӀын;<br>- хъуэпскӀын;<br>-<br>-<br>- гъэпскӀын;<br>- **зэӀы**кӀын; | -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- **е**пӀэщӀэкӀэн;<br>-<br>-<br>- **и**укӀэн, **Ӏу**укӀэн, **къуэ**укӀэн, **хэ**укӀэн, **гуэ**укӀэн, **дэ**укӀэн, **те**укӀэн, **фӀэ**укӀэн, **пы**укӀэн;<br>-<br>- хъуэпскӀэн;<br>- **щӀэ**упскӀэн;<br>- **къэ**скӀэн;<br>-<br>- |
| - гъэпщӀкӀун;<br>- гъэнытщӀкӀун;<br>-<br>- пӀыщкӀун, упӀыщкӀун;<br>- пӀэскӀун; | -<br>-<br>- **е**фӀэкӀуэн;<br>- пӀыщӀкӀуэн, упӀыщкӀуэн;<br>- пӀэскӀуэн; |
| **-** | - псчэн; |
| - | - тӀэсхъэн, утӀэсхъэн; |
| - псэлъыхъун;<br>-<br>- унэхъун; | - псэлъыхъуэн;<br>- кӀэрэхъуэн;<br>- |
| - **зэхэ**хын;<br>- **е**гъэхын, **е**дырэхын, **е**гъэдырэхын;<br>- **зэӀы**хын; | -<br>-<br>- |
| - **зэхэ**хун;<br>- унэхун, гъэунэхун;<br>- узэхун;<br>- ущэхун;<br>- убзыхун; | -<br>-<br>- узэхуэн;<br>-<br>- |
| - кӀыргъын;<br>- бэлэрыгъын;<br>-<br>-<br>- **е**зэгъын, **зэ**зэгъын; | - кӀыргъэн;<br>- бэлэрыгъэн;<br>- **щы**тӀэгъэн;<br>- **е**бгъэн;<br>- |
| -<br>- **е**гугъун;<br>- ужэгъун; | - гъэщӀэгъуэн;<br>-<br>- |
| - | - сэхъуджэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>- | - **е**хъурджэн;<br>- сымэджэн; |
| - | - **хыфӀэ**дзэн; |
| - убэрэжьын;<br>- | - убэрэжьэн;<br>- пӀэжьэжьэн; |
| - **фӀэ**гъэжын;<br>- унэжын; | -<br>- |
| -<br>-<br>- кӀэзызын;<br>- джэрэзын; уфэрэзын;<br>- **е**гъэзын;<br>- | - **е**Ӏэзэн;<br>- унэзэн (щхьэр);<br>-<br>- джэрэзэн; уфэрэзэн;<br>-<br>- **щы**гъуэзэн; **лъы**гъуэзэн, **кӀэлъы**гъуэзэн; |
| - **е**Ӏущэщын;<br>- **е**пэщэщын;<br>- еулъэпхъэщын;<br>- | - Ӏущэщэн, **е**Ӏущэщэн;<br>- **е**пэщэщэн;<br>- лъэпхъэщэн, улъэпхъэщэн;<br>- **хуэ**фэщэн; |
| - ухъуэнщӀын;<br>- тхъунщӀын;<br>- унэщӀын;<br>-<br>- гъэнщӀын;<br>- хуэнщӀын; ухуэнщӀын;<br>- уплӀэнщӀын;<br>-<br>- **и**щӀыкӀын**, зэпы**щӀыкӀын;<br>-<br>- **зыпы**щӀыжын;<br>- узэщӀын;<br>- убзыщӀын;<br>-<br>- **е**ӀунщӀын;<br>- | - хъунщӀэн; ухъуэнщӀэн;<br>- тхъунщӀэн;<br>-<br>- ухуэнщӀэн;<br>-<br>-<br>- уплӀэнщӀэн;<br>- **е**дэхэщӀэн;<br>-<br>- **зэӀы**щӀэн;<br>-<br>- узэщӀэн;<br>- убзыщӀэн;<br>- удыныщӀэн;<br>-<br>- гъэзэщӀэн; |
| - укъуэншын;<br>- **къэ**ушын;<br>- | - къуэншэн, - укъуэншэн;<br>-<br>- узыншэн; |
| - **е**пэсын, **зэ**пэсын;<br>-<br>-<br>- **нэ**хьэсын;<br>- **зэхуэ**хьэсын;<br>- **кӀэлъы**сын;<br>- | -<br>- гупщысэн (- гупсысэн);<br>- **е**уэсэн;<br>-<br>-<br>-<br>- **е**гъусэн, **зэ**гъусэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- **е**Iулiын; **е**гулIын; | - мэжэлIэн;<br>- **е**жэлIэн;<br>- **е**лIэлIэн;<br>- **е**хъулIэн;<br>- **е**уэлIэн, **зэ**уэлIэн;<br>- **е**Iулiэн; **е**гулIэн; |
| -<br>- **и**удын;<br>- **Iу**удын, **къуэ**удын, **хэ**удын, **гуэ**удын, **щIэ**удын, **дэ**удын, **те**удын, **фIэ**удын, **пы**удын;<br>- **зэ**пыудын;<br>- **зэIы**удын;<br>-<br>- узэдын;<br>- убыдын; | - гъэбыдэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- **и**удэн; **хэ**удэн, **щIэ**удэн, **те**удэн;<br>- узэдэн;<br>- |
| -<br>-<br>- **къэ**гъуэтын, - **щы**гъуэтын;<br>- **и**кIутын;<br>- **и**кIуэтын;<br>-<br>- **щIэ**стын, **щIэ**гъэстын;<br>-<br>- **щы**гъэтын; | - упщIэтэн;<br>- укIытэн;<br>- ″**и**гъуэтэн, **Iу**гъуэтэн, **къуэ**гъуэтэн, **хэ**гъуэтэн, **гуэ**гъуэтэн, **щIэ**гъуэтэн, **дэ**гъуэтэн, **те**гъуэтэн, **фIэ**гъуэтэн, **пы**гъуэтэн″;<br>- **и**кIутэн, - ″**Iу**кIутэн, **къуэ**кIутэн, **хэ**кIутэн, **гуэ**кIутэн, **щIэ**кIутэн, **дэ**кIутэн; **те**кIуэтэн, **фIэ**кIутэн, **пы**кIутэн;<br>-<br>- **къэ**хутэн;<br>-<br>- убзытэн;<br>- |
| -<br>- унэтIын; | - IуэнтIэн;<br>- |
| -<br>-<br>- **къэ**цыфын; ″**и**цыфын, **Iу**цыфын, **къуэ**цыфын, **хэ**цыфын, **щIэ**цыфын, **дэ**цыфын, **те**цыфын, **фIэ**цыфын, **пы**цыфын″; | - удэфэн;<br>- **щIэ**уфэн, **те**уфэн;<br>- ″**и**цыфэн, **Iу**цыфэн, **къуэ**цыфэн, **хэ**цыфэн, **щIэ**цыфэн, **дэ**цыфэн, **те**цыфэн, **фIэ**цыфэн, **пы**цыфэн″; |
| -<br>- укIыфIын,ункIыфIын; | - фIэрэфIэн, уфIэрэфIэн; гурыфIэн;<br>- |
| -<br>- **зэ**гуэпын; | - лъэпэрэпэн;<br>- |
| - | - пIэрэпIэн, - упIэрэпIэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>- уцӀэпӀын; | - бэмпӀэн (бэмыпӀэн);<br>- уцӀэпӀэн; |
| -<br>- ущэбын; | - **те**пӀэн;<br>- ущэбэн; |
| -<br>- уфӀыцӀын; | - **е**цӀэцӀэн;<br>- уфӀыцӀэн; |

| | |
|---|---|
| - гъэщхъын; | - |
| - удэрэщхъун; | - удэрэщхъуэн; |
| - пӀэстхъын, - ″**е**пӀэстхъын, **зэ**пӀэсхъын″;<br><br>- **зэӀы**тхъын; | - ″пӀэстхъэн; **е**пӀэстхъэн, **зэ**пӀэстхъэн″;<br>- **зэӀы**тхъэн; |
| - | - цӀэнтхъуэн; |
| - дэхьэшхын;<br>- | -<br>- жьэгъуэшхэн; |
| - убжьытхын; | - убжьытхэн; |
| - | - удэрэбжьэн; |
| - укъэбзын;<br>-<br>- ушыбзын; ушэбзын; | - укъэбзэн; гъэкъэбзэн;<br>- бзэрэбзэн, убзэрэбзэн;<br>- ушыбзэн; ушэбзэн; |
| -<br><br><br><br>-<br>- утӀыпщын;<br>- **хэ**гъэпщын; | - **е**пщэн, **къе**пщэн, - ″**и**пщэн, **Ӏу**пщэн, **къуэ**пщэн, **хэ**пщэн, **гуэ**пщэн, **щӀэ**пщэн, **дэ**пщэн, **те**пщэн, **фӀэ**пщэн, **пы**пщэн;<br>- **щы**гъупщэн;<br>-<br>- |
| - утхыпщӀын; | - утхыпщӀэн; |
| - **е**гушыпсын; | - гушыпсэн; |
| - упэмцӀын – упэпцӀын; | - упэмцӀэн – упэпцӀэн; |

*

Мы ипэкӀэ ″префикс″рэ ″префиксиал глагол″хэмрэ ахэр ″занщӀэ глагол″хэм зэрыщхьэщыкӀым щыгъуазэ дыхуэхъуу теухуа щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуами, ″префиксиал глагол″хэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ щапхъэхэр мащӀэкъым. НытӀэ, ипэкӀэ къэтӀуэтарэ *класификацэ тщӀа* ″**префикс**″хэмрэ ″**префиксиал глагол**″хэм икӀэ нэгъунэ щыгъуазэ дызыхуэхъуу мыбыхэм теухуауэ ирикъуну щапхъэхэри зыхэзыубыдэну зы лэжьыгъэр иужькӀэ щхьэхуэу зы **Ӏыхьэ**у къедгъэкӀуэкӀынщ.

## ″КОНДИЦЭХЭМ ЕЛЪЫТА ЛЭЖЬЭКӀЭ ЗИӀЭ ГЛАГОЛ″ХЭР: ″ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭР

### ″ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ ПСЭЛЪИТӀ-ЩЫ

Ипэкӏи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ мы ипэкӏэ къэта таблицэхэми зэрыхэплъагъуэу, ″префиксиал глагол″хэр ″префикс″рэ ″глаголыпкъ″у ӏыхьитӏыу зэрызэщхьэщыкӏыр гурыӏуэгъуэщ. ″Префикс″ жыхуэтӏэр ″глаголыпкъ″ыр зэрылэжьэну щӏыкӏэр зэрылъытэ ″кондицэ″у глаголым ищхьэ лъэныкъуэ ӏыхьэр зэрылъытэрщ. ″Префикс″ыр глаголыр зэрылэжьэну щӏыкӏэр зэлъытауэ глаголым ипэ къихуэ и ӏыхьэращи, глаголым мылажьэ и ӏыхьэу щытырщ. Глаголым мы и ӏыхьэр а глаголыр зэрылажьэ щӏыкӏэр зэлъыта макъыу, глаголыр зэрылэжьэнум кондицэ хуэхъуж глагол ӏыхьэращи, мыпхуэдэ макъхэр икӏи а глаголым и пэщӏэдзэ макъыу глаголым ″префикс″ къалэн хуэзыгъэзащӏэрщ. Аращи, ″префиксиал глагол″ жыхуэтӏэхэр ″*кондицэкӏэ лажьэрэ гъэзащӏэ глагол*″хэу (кондициал глагол) зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Мыбдежым макъхэращ зи гугъу тщӏы ″префикс″хэр, ауэ псалъэ лӏэужьыгъуэ ″префикс″хэри зэрыщыӏэр гурыӏуэгъуэщи, мыпхуэдэхэм игъуэ щыхъу щӏыпӏэхэм я гугъу зэрытщӏри къыхэгъэщыпхъэщ.

″Префиксиал глагол″хэм я етӏуанэ ӏыхьэр ″префикс″ым и мыхьэнэр ″кондицэ″ зыхуэхъуу лажьэ ӏыхьэрщи, ″префикс″ыр глаголыщхьэ ӏыхьэу зэрыщытыр жытӏагъащи, глаголым мы и лажьэ ӏыхьэри ″префикс″ым къыкӏэлъыкӏуэ глагол ӏыхьэрщ, глагол кӏэух ӏыхьэрщ. Аращи, зы глаголым хиубыдэ макъхэм щыщ и зы ӏыхьэр –и зы макъыр е и зы макъ бжанэр- а глаголыр зэрылажьэ ӏыхьэрауэ –глаголым и лажьэ ӏыхьэрауэ-щытмэ, мыр а глаголым и ″глаголыпкъ″у зэрылъытапхъэ гурыӏуэгъуэнщ.

Аращи, ″префиксиал глагол″ым и лажьэ ӏыхьэр ″глаголыпкъ″ырщи, ар зэрылажьэ щӏыкӏэр зэлъытарэ абы ″кондциэ″ хуэхъуу щыт глагол ӏыхьэри мыбы -″глаголыпкъ″ым- ипэ къихуэ глагол ӏыхьэращ. Икӏи, адыгэбзэ псалъэ ухуэкӏэр япэ къэӏур нэхъыщхьэрэ, къыкӏэлъыкӏуэри абы елъытарэ теухуауэ зэрыщыту, кӏэухри а псалъэ мыхьэнэр зыдэкӏуэрэ зэрызэфӏэкӏыр зэрылъытэу зэрыщытыр игъуэ щыхъум щыжытӏэ зэпытщи, мыбдежми глагол лэжьэкӏэр зэкӏун хуей мы кондицэр зэрылъытэ макъхэри глаголым ипэм щыгъэлъэгъуэн зэрыхуейри гурыӏуэгъуэнщ.

*

Мыхэр зытежытӀыхьа "**префиксиал глагол**"хэр *глагол къэхъуныгъэу* "**занщӀэ глагол" нэужь**у, абыхэм къыкӀэлъыкӀуэу утыку къихьа глагол лӀэужьыгъуэхэу лъытапхъэхэрщ.

ИкӀи, "*префиксиал глагол*"хэр езы глагол гупым и кӀуэцӀкӀэ *тӀууэ зэщхьэщыгъэк*Ӏыпхъэщи, зыр **къызэрыхъуа щӀыкӀэу "префиксиал глагол**"у ухуахэрщ; мыпхуэдэу щымытхэри ухуагъэххэ "**занщӀэ глагол**"хэм "**префикс**" гуэрхэр *къызэрищтэу къатехъук*Ӏыу утыку къихьа "**префиксиал глагол**"хэрщ.

Дауи, "*занщ*Ӏ*э глагол*"у ухуахэм "*префикс*" гуэрхэр къащтэу "*префиксиал глгаол*"у зэрыухуэфынухэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэуи "*префиксиал глагол*" бжыгъэр зэрыбэгъуэнури наӀуэщ. Аращи, "префиксиал глагол" бжыгъэр *зэрыухуагъэххэ "префиксиал глагол" л*Ӏ*эужьыгъуэ бжыгъэм къызэрыщымын*энури гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мы "*префиксиал глагол" бэгъуэныгъэр*и "*глагол" бжыгъэри зэрыбагъуэ*у зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

"ЗанщӀэ глагол"хэм "префикс" къащтэу къатехъукӀ "*префиксиал глагол*"хэм мы *я* "*префикс*"хэр *пыхужу* ар къызытехъукӀа "*занщ*Ӏэ *глагол*"ыр зэрыщыту *утыку къызэрихьэж*ынурэ лэжьэкӀэ зэригъуэтыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, езыр "префиксиал глагол"у утыку къихьахэр **-зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол**"у утыку къихьахэр- мы я **"префикс"кӀэ**рэщ **глагол** зэры**хъуа**хэри, абыхэм я "**префикс**"хэр зэры**пымыху**нур гурыӀуэгъуэщ. Мыбыхэм я "префикс"ыр *щыпыхум* деж, мы *глаголым езыр зэрык*Ӏ*уэд*ыжынур гурыӀуэгъуэнщи, *ухуагъэххэ "префиксиал глагол"хэм я "префикс"ыр пыхуу "занщ*Ӏэ *глагол" къатехъук*Ӏ*ынкъым*.

Ауэ, *зэрыухуагъэххэ "префиксиал глагол*"хэр къызэрыхъуа "префикс"ым *нэмыщ*Ӏ *игъуэ "префикс"к*Ӏ*и зэрылэжьэф*ынур жыӀэпхъэщи, *утыку къызэрихьа "префикс"ым ип*Ӏ*э нэгъуэщ*Ӏ *игъуэ "префикс"* гуэрхэмкӀи "префиксиал глагол"у *–зэрыухуагъэххэ "префиксиал глагол" щ*Ӏ*ык*Ӏ*эрэ ип*Ӏ*эк*Ӏ*э- зэрыухуэф*ынури гурыӀуэгъуэнщ.

*

Мы къыхэдгъэщахэм зэрезэгъкӀэщ мы илъабжьэм "префиксиал глагол"хэм теухуа лэжьыгъэр зэрызедгъэкӀуэкӀынур. Ауэ икӀи, ди лэжьыгъэмкӀэ нэхъыщхьэр *глагол къэхъук*Ӏэрауэ зэрыщытым ипкъ зэриткӀи, "префиксиал глагол"хэм теухуауэ нэхъуапэр

*къызэрыхъуагъэххэу ″префиксиал глагол″*хэрауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мы илъабжьэм япэрауэ зи гугъу тщIынури -мы зэрыжытIауэ- *зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″*у утыку къихьахэращ.

Мыбы къыкIэлъыкIуэуи ухуагъэххэу утыку ит *″занщIэ глагол″хэми* ″префикс″ къащтэу *″префиксиал глагол″*хэр *къаззэрытехъукIми* щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэри *″префикс″*хэм я *мыхьэн*эрэ *къалэнк*Iэрэ *щыгъуазэ хуэхъун*рэ, ахэр *глаголхэм къаззэрыпыхьэ щIык*Iэхэмрэ *я зэхущытык*Iэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъукIэрэ къедгъэкIуэкIынщ.

## КЪЫЗЭРЫХЪУА ЩIЫКIЭКIЭ ″ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″У УТЫКУ КЪИХЬАХЭР: ЗЭРЫУХУАГЪЭХХЭУ ″ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭР

Мыпхуэдэ ″префиксиал глагол″хэр мы ипэкIэ къэта таблицэм ″префикс″хэр къыхэгъэщауэ хэплъагъуэхэрщ. НытIэ, а таблицэм къыщыгъэлъэгъуа *″макъитI зыхэзыубыдэ глагол″*хэм щыщу къыхэгъэща *″префикс″*хэмкIэрэ лъыта мы *″префиксиал глагол″*хэм я *ипэрей Iыхьэ*у щыт ″префикс″хэр икIи зы *″макъ префикс″*у зэрыщытхэри нэрылъагъуэщ. Мы ″префикс″ым къыкIэлъыкIуэу мы *глагол*ым и *етIуанэ –кIэух-* *Iыхьэ*у щыт *макъ*ри мы *″префиксиал глагол″*хэм я *″глаголыпкъ″*ырщи, мы ″макъ глаголыпкъ″ыу зэрыщытыр нэрылъагъуэщ. Ауэ икIи мы *″префиксиал глагол″ым ″глаголыпкъ″ къалэн хуэзыгъэзащIэ* мы *макъыр* **″глаголыпхъэ″**у лъыта *макъ*рауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы макъым **къыпыхьэ** зы *макъкIэрэ* -**″префикс макъ″**кIэрэ- зы глагол лIэужьыгъуэу **зэрыухуагъэххэу** утыку къихьэ мыпхуэдэ **″префиксиал глагол″**хэр къызэрытехъукIари гурыIуэгъуэщ.

Мы къэтIуэтахэр ипэкIэ *таблицэм къыщыгъэлъэгъуа ″префиксиал глагол″*хэм теухуащи, ахэр икIи ″префиксиал глагол″ къызэрыхъу пэщIэдзэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, *макъит*Iрэ *Iыхьит*Iыу зэры*зэпкъырыл*ъри нэрылъагъущи, *″макъитI зыхэзыубыдэ префиксиал глагол″*ым ипэ къэIу *и макъыр ″префикс″*у, и *кIэух макъри ″глаголыпкъ″*у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ;*″префикс макъ″*ым и *мыхьэн*эм елъытауэщ – ар *″кондицэ″* къызэрыхуэхъуущ- *″глаголыпкъ″ыр зэрылажьэри*, икIи мы *″префиксиал глагол″ым и лажьэ Iыхьэри* мы *″глаголыпкъ макъ″ращ*.

Ауэ икIи къыхэгъэщыпхъэщ ″глаголыпхъэ″у щытарэ къыпыхьа зы макъкIэрэ –″префикс″- къытехъукIа ″префиксиал глагол″ым

"глаголыпкъ" хуэхъуа макъыр щхьэжу "глагол"у -"макъ глагол"у зэрыщымытри.

"Макъитl зыхэзыубыдэ глагол" лlэужьыгъуэу, и зы макъыр "префикс"рэ адрей и макъри "глаголыпкъ"у утыку къихьа "префиксиал глагол"хэр "*префиксиал глагол*" *къэхъуныгъэм* и *пэщlэдзэ*рэ лъабжьэу лъытапхъэщи, икlи мыпхуэдэ къэхъукlэ зиlэу утыку къихьа *макъищрэ нэхъыбэ зыхэзыубыдээ* "*префиксиал глагол*"хэри зэрыщыlэри гурыlуэгъуэщ. Мыбдежым ди lуэхур "префиксиал глагол"хэрщи, мыпхуэдэ утыку къихьа "макъитlрэ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ префиксиал глагол"хэр таблицэхэм къыщыдгъэлъагъуэу, мыбыхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэри къыпытщэжу лэжьыгъэр къедгъэкlуэкlынущ.

Къыхэгъэщыпхъэу мы зи гугъу зэрытщlауэ, "префикс"хэри и кlуэцlкlэ зэщхьэщокlри, мыбыхэми иужьрей лэжьыгъэ lыхьэм икlэ нэгъунэ щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ. Ауэ, мы илъабжьэм "*префиксиал глагол*"хэр я "*префикс*"хэм елъытауэ -бзэм куэдуи щызекlуэ "префикс" лlэужьыгъуэхэм елъытауэ- зэрытлъытэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, ипэкlэ къыхэдгъэща "*префиксиал глагол*"хэм "*щlыпlэ*"рэ "*щlыкlэ*" лlэужьыгъуэ "*префикс*" зэраlэм теухуауэ *гупит*lу зэщхьэщыдгъэкlынщи, тежыlыхьыпхъэхэри къыпытщэнщ.

**Макъитl зыхэзыубыдэу къызэрыхъуа щlыкlэкlэ "префиксиал глагол"у утыку къихьахэр.**

Макъитl зыхэызубыдэ "префиксиал глагол" щыжытlэм деж, мыбы зы "префикс"рэ зы "глаголыпкъ" зэриlэнури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, "*префикс*"хэри и кlуэцlкlэ -"*щlыпlэ*"рэ "*щlыкlэ*" лlэужьыгъуэу-*гупит*lыу зэрызэщхьэщыкlыр гурыlуэгъуэщи, *къызэрыхъуа щlык*lэ*к*lэ "*префиксиал глагол*"у утыку къихьахэми мыпхуэдэ *гупит*lыу щыгъуазэ дыхуэхъунри игъуэщ. Икlи, "префикс"хэр мыпхуэдэу зэрызэщхьэщыгъэкlыпхъэхэм мы къедгъэкlуэкl лэжьыгъэм игъуэ щыхъум деж аргуэруэ щыгъуазэ дыхуэхъуу игъуэ щапхъэхэри къызэрыхуэтхьынури кыъхэгъэщыпхъэщ.

*Макъит*l *зыхэзыубыдэу къызэрыхъуа щ*l*ык*l*эк*l*э* "***щ*l*ып*l*э***" *л*l*эужьыгъуэ* "***префиксиал глагол***"*у утыку къихьахэр.*

*"Префикс"* лӀэужьыгъуэ нэхъыбэр **"щӀыпӀэ"** зылъытэ *"макъ префикс"*хэрщи, нытӀэ, *макъыт*Ӏ *зыхэзыубыдэ*у *къызэрыхъуа щӀык*Ӏэк*Ӏи "префиксиал глагол"*у утыку къихьахэм щыщу япэрауэ *"щ*Ӏ*ып*Ӏэ*"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* зиӀэхэм теухуа щапхъэхэм деплъынщ. Аращи, *"макъ глагол"у мыухуа макъ*ыр е *и зы мыхьэнэ пыухытык*Ӏ*а гуэр*хэр *"глаголыпхъэ"*у зэрылъытэу *къыпыхьэ зы макъ* гуэрымкӀэ *"макъыт*Ӏ *зыхэзыубыдэ глагол"*хэр утыку къохьэфри, мыпхуэдэу утыку къихьа глаголхэр *къыздыщыхъу*рэ *щыгъэзащ*Ӏэр зылъытэ **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"** зиӀэу **"префикс глагол"**у зэрыухуа щапхъэхэрщ мыхэщ:

| | |
|---|---|
| - **щы**Ӏэн; **и**Ӏэн;<br>- **и**Ӏэн, **хэ**Ӏэн;<br>- **хэ**Ӏэн, **щӀэ**Ӏэн, **дэ**Ӏэн; | -<br>-<br>- |
| - **хэ**ен, **щы**ен, **щӀэ**ен, **фӀэ**ен; | - |
| - **щы**ун;<br>- **фӀэ**ун;<br>- | - **щы**уэн;<br>- **фӀэ**уэн;<br>- **Ӏу**уэн, **фӀэ**уэн; |
| - **и**Ӏун, **къэ**Ӏун, **хэ**Ӏун, **гуэ**Ӏун, **щы**Ӏун, **щӀэ**Ӏун, **дэ**Ӏун, **фӀэ**Ӏун, **пы**Ӏун; | - **и**Ӏуэн, **хэ**Ӏуэн, **щы**Ӏуэн, **щӀэ**Ӏуэн, **дэ**Ӏуэн, **фӀэ**Ӏуэн, **пы**Ӏуэн; |

| | |
|---|---|
| - **хэ**нын, **щӀэ**нын;<br>-<br>- | -<br>- **и**нэн, **Ӏу**нэн, **къэ**нэн, **къуэ**нэн, **хэ**нэн, **гуэ**нэн, **щы**нэн, **щӀэ**нэн, **дэ**нэн, **фӀэ**нэн, **пы**нэн;<br>- **хэ**нэн; **щӀэ**нэн, **пы**нэн; |
| -<br>- | - **и**хьэн, **Ӏу**хьэн, **къуэ**хьэн, **хэ**хьэн, **гуэ**хьэн, **щӀэ**хьэн, **дэ**хьэн, **фӀэ**хьэн, **пы**хьэн;<br>- **щы**хьэн; |
| - **щӀэ**къун, **дэ**къун; | - **щӀэ**къуэн, **дэ**къуэн; |
| - **и**кӀын, **Ӏу**кӀын, **къуэ**кӀын, **хэ**кӀын, **гуэ**кӀын, **щы**кӀын, **щӀэ**кӀын, **дэ**кӀын, **фӀэ**кӀын, **пы**кӀын;<br>- **щы**кӀын;<br>- | -<br>-<br>- **и**кӀэн, **Ӏу**кӀэн, **къуэ**кӀэн, **хэ**кӀэн, **гуэ**кӀэн, **щы**кӀэн, **щӀэ**кӀэн, **дэ**кӀэн, **фӀэ**кӀэн, **пы**кӀэн; |
| - "**и**кхъун, **Ӏу**кхъун, **къуэ**кхъун, **хэ**кхъун, **гуэ**кхъун, **щы**кхъун, **щӀэ**кхъун, **дэ**кхъун, **фӀэ**кхъун, **пы**кхъун"; | - "**и**кхъуэн**,** **Ӏу**кхъуэн, **къуэ**кхъуэн, **хэ**кхъуэн, **гуэ**кхъуэн, **щы**кхъуэн, **щӀэ**кхъуэн, **дэ**кхъэун, **фӀэ**кхъуэн, **пы**кхъуэн"; |
| - **и**чын, **Ӏу**чын, **къуэ**чын, **хэ**чын, | - **и**чэн, **Ӏу**чэн, **къуэ**чэн, **хэ**чэн, |

| | |
|---|---|
| **гуэ**чын, **щы**чын, **щIэ**чын, дэчын, **фIэ**чын, **пы**чын; | **гуэ**чэн, **щы**чэн, **щIэ**чэн, дэчэн, **фIэ**чэн, **пы**чэн; |
| - | - **и**куэн, **Iу**куэн, **къуэ**куэн, **хэ**куэн, **гуэ**куэн, **щIэ**куэн, дэкуэн; |
| -<br>- | - **и**хъуэн, **Iу**хъуэн, **къуэ**хъуэн, **хэ**хъуэн, **гуэ**хъуэн, **щIэ**хъуэн, дэхъуэн, **фIэ**хъуэн, **пы**хъуэн;<br>- **щы**хъуэн; |
| - **и**хын, **Iу**хын, **хэ**хын, **гуэ**хын, **къуэ**хын, **щы**хын, **щIэ**хын, дэхын, **фIэ**хын, **пы**хын;<br>- **гуэ**хын, **фIэ**хын, **пы**хын;<br>- **щы**хын; | -<br>-<br>- |
| - **и**хун, **Iу**хун, **къуэ**хун, **хэ**хун, **гуэ**хун, **щы**хун, **щIэ**хун, дэхун, **фIэ**хун, **пы**хун, **блэ**хун;<br>- | -<br>- **и**хуэн, **Iу**хуэн, **къуэ**хуэн, **хэ**хуэн, **гуэ**хуэн, **щы**хуэн, **щIэ**хуэн, дэхуэн, **фIэ**хуэн, **пы**хуэн, **блэ**хуэн; |
| - **щы**гъын; | - |
| - **щIы**гъун;<br>- **щIэ**гъун; | -<br>- |
| - | - **и**гуэн, **Iу**гуэн, **къуэ**гуэн, **хэ**гуэн, **щы**гуэн, **щIэ**гуэн, дэгуэн, **фIэ**гуэн, **пы**гуэн; |
| - "**и**жьын, **Iу**жьын, **къуэ**жьын, **хэ**жьын, **гуэ**жьын, **щы**жьын, **щIэ**жьын, дэжьын, **фIэ**жьын, **пы**жьын"; | - "**и**жьэн, **Iу**жьэн, **къуэ**жьэн, **хэ**жьэн, **гуэ**жьэн, **щы**жьэн, **щIэ**жьын, дэжьэн, **фIэ**жьэн, **пы**жьэн"; |
| - **и**зын, **Iу**зын, **къуэ**зын, **хэ**зын, **щы**зын, **щIэ**зын, дэзын, **фIэ**зын, **пы**зын;<br>- | -<br>- **щы**гъуэзэн, **лъы**гъуэзэн, **кIэлъы**гъуэзэн; |
| - **и**щын, **къуэ**щын, **хэ**щын, **щIэ**щын, дэщын, **пы**щын;<br>- | -<br>- **и**щэн, **Iу**щэн, **къуэ**щэн, **хэ**щэн, **гуэ**щэн, **щы**щэн, **щIэ**щэн, дэщэн, **пы**щэн; |
| - **хэ**щIын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | - **хэ**щIэн;<br>- **щы**щIэн;<br>- **щIэ**щIэн;<br>- **Iу**щIэн;<br>- **и**щIэн;<br>- **пы**щIэн; |
| - *(шэ)* **хэ**шын, **щIэ**шын; | - |

| | |
|---|---|
| - **пы**шын; | - **пы**шэн; |
| - **щы**сын, - ″**и**сын, **Iу**сын, **къуэ**сын, **хэ**сын, **гуэ**сын, **щIэ**сын, **дэ**сын, **фIэ**сын, **пы**сын″;<br>- **лъы**сын; | -<br><br><br>- |
| - **щы**лъын (щы-лъэ-ы-н), - ″**и**лъын, **Iу**лъын, **къуэ**лъын, **хэ**лъын, **гуэ**лъын, **щы**лъын, **щIэ**лъын, **дэ**лъын, **фэ**лъын, **пы**лъын″;<br>- | -<br><br><br><br>- **пы**лъэн, **фIэ**лъэн; |
| - | - **пы**лэн; |
| - | - **хэ**дэн; |
| - **щы**тын, - ″**и**тын, **Iу**тын, **къуэ**тын, **хэ**тын, **гуэ**тын, **щIэ**тын, **дэ**тын, **фIэ**тын, **пы**тын″; | - |
| - **и**фын, **хэ**фын; **щIэ**фын; | - |
| - | - **Iу**бэн; |
| - ″**Iу**цIын, **хэ**цIын, **гуэ**цIын, **щы**цIын, **щIэ**цIын, **дэ**цIын, **фIэ**цIын, **пы**цIын, **блэ**цIын″; | - ″**и**цIэн, **Iу**цIэн, **къуэ**цIэн, **хэ**цIэн, **гуэ**цIэн, **щы**цIэн, **щIэ**цIэн, **дэ**цIэн, **фIэ**цIэн, **пы**цIэн, **блэ**цIэн″; |

| | |
|---|---|
| - **хэ**тхъын, **гуэ**тхъын, **щы**тхъын, **щIэ**тхъын, **дэ**тхъын, **пы**тхъын; | - **хэ**тхъэн, **гуэ**тхъэн, **щы**тхъэн, **щIэ**тхъэн, **дэ**тхъэн, **пы**тхъэн; |
| - **щы**тхъун; | - |
| - | - **щIэ**пхъуэн; |
| - | - ″**и**шхэн, **Iу**шхэн, **къуэ**шхэн, **хэ**шхэн, **гуэ**шхэн, **щы**шхэн, **щIэ**шхэн, **дэ**шхэн, **фIэ**шхэн, **пы**шхэн″; |
| - | - **и**бжьэн, **хэ**бжьэн, **щIэ**бжьэн; |
| -<br>- **хэ**пщын (**хэ**гъэпщын); | - **хэ**пщэн;<br>- |
| - | - **хэ**пщIэн; |
| - **и**фтын, **Iу**фтын, **къуэ**фтын, **хэ**фтын, **гуэ**фтын, **щы**фтын, **щIэ**фтын, **дэ**фтын, **фIэ**фтын, **пы**фтын; | - |
| - | - **хэ**пцIэн; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ″ЩIыпIэ″ лIэужьыгъуэ ″префикс″хэмкIэ утыку къихьа ″префиксиал глагол″хэрщ мы къэта таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуахэри, ″глагол″ псори дэтхэнэ зы ″*щIыпI*э″ лIэужьыгъуэ ″*префикс*″*ымк*Iэ зэры*мылажьэ*ри нэрылъагъущ. Мыбы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъури а *глагол*ыр зытеухуа Iухугъуэр *дэтхэнэ зы щIыпIэм щымылажьэ*у зэрыщытыпхъэнуращ. Аращи,

*дэтхэнэ* Iуэгъуэри *дэтхэнэ зы* "*щIыпIэ*" *кондицэм елъытауэ къэхъурэ гъэзащIэу щыткъыми*, дэтхэнэ зы глаголыр *къыщыхъунурэ щыгъэзэщIэну щIыпIэри глагол мыхьэнэм елъытащ*. Мыпхуэдэхэми иужькIэ "префикс"хэм теухуа лэжьыгъэ Iыхьэм икIэ нэгъунэ щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

- Мыбы нэмыщI, "*щIыпIэ*" зылъытэ "*префикс*" *гуэрхэр икIи* "*щIыкIэ*" зылъытэфхэрщи, и макъ мыхьэнэми теухуауэ мыпхуэдэ "префикс" къалэн зыгъэзэщIэфырщ "*щы*" макъыр. Мыпхуэдэхэм иужькIэ нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ; ауэ, мы ипэкIэ щапхъэу къэта "*префиксиал глагол*" гуэрхэм я "*щы*" префиксым "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэу зэреджапхъэм хуэдэжу, "*щIыкIэ*" лIэужьыгъуэуи зэреджапхъэр гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр:

«**щы**Iэн; **щы**уэн; **щы**хьэн; **щы**хъуэн; **щы**хын, **щы**хун, **щы**хуэн; **щы**гъын; **щы**гъуэзэн; **щы**щIэн; **щы**сын - **щы**тын - **щы**лъын;».

- Зэрыухуагъэххэу "макъыбэ глагол"у щытхэм икIи "макъ глагол"ым макъ гуэрхэр къызэрыпыхьэу къытехъукIахэри яззэрыхэтыфынур е мыпхуэдэуи зэреджапхъэнур гурыIуэгъуэнщ. Дауи, зи гугъ тщIы глаголыр нэгъуэщI глагол гурыр лъабжьэ зыхуэхъуа зы глаголу щытми, къызытехъукIа глаголым и мыхьэнэм къызэрыщхьэщыкIым елъытащ ар щхьэхуэу зы глаголу зэрылъытар. НытIэ, "макъыбэ глагол" гуэрхэм я мыхьэнэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, абы зы "макъ глагол" лъабжьэ хуэхъуауэ зэрыщытми гулъытэ хуэпщIыфынщ. Аращи, мы ипэкIэ *ухуагъэххэ* "*префиксиал макъыбэ глагол*" щапхъэу къэта "***хэ****дэн*" глаголым *лъабжьэ хуэхъуа* лъыттапхъэщ зы "*макъ глагол*"у щыт "*дэн*"ри, зы куэдагъэрэ гупым –"хэ"- хиубыдэ гуэрыр уи *гум идэ*у къыхэпхауэ зэрыщытыр зылъытэу "хэ-дэн"у ухуауи лытапхъэщ.

*МакъитI зыхэзыубыдэу къызэрыхъуа щIыкIэкIэ* "***щIыкIэ***" *лIэужьыгъуэ* "***префиксиал глагол***"*у утыку къихьахэр.*

Мыбдежми, зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"у утыку къихьахэм щыщу "**щIыкIэ**" зылъытэ "*префикс*"хэмкIэ ухуахэм теухуа щапхъэхэращ къэдгъэлъэгъуэнур. Ауэ икIи, мы "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къалэн зыгъэзащIэ макъ гуэрхэм "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къалэни зэрагъэзэщIэфыр гурыIуэгъуэщи, ардыдэу, мы илъабжьэм къэгъэлъэгъуэну "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къалэн зыгъэзащIэ макъхэми "щIыпIэ"рэ нэгъуэщI категорие "префикс" къалэнхэр зэрагъэзэщIапхъэри жыIэпхъэщ.

НытIэ, "*глаголыпхъэ*"у лъыта *макъым къыпыхьэ*у "*макъитI зыхэзыубыдэ глагол*" лIэужьыгъуэу мы къызэрыхъуа щIыкIэкIэ

"**префиксиал глагол**"хэм щыщ гуэрхэм я "**префикс**"хэри мы утыку къихьа *глагол*ыр зытеухуа І*уэхугъуэ*р *къызэрыхъ*урэ *зэрыгъэзащ*Іэ "**щІыкІэ**" зылъытэрщи, ипэкІэ къэта таблицэхэм хиубыдэ мыпхуэдэ "префикс" зиІэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - **е**(*иэ*)ин, **е**(*иэй*)ин; **хуе**ин;<br>- **е**гиин; | -<br>- |
| - **е**ен, **е**гиен; | - |
| - **е**къун; | - |
| - **е**кІын {е: Іей}; | - |
| - **е**кІун, **зэ**кІун;<br>- | -<br>- **е**кІуэн {е: Іей}; |
| - **къэ**кхъун; | - |
| - **щы**хъун;<br>- **фІэ**хъун;<br>- **хуэ**хъун;<br>- **дэ**хъун;<br>- **пэ**хъун; | -<br>-<br>-<br>- **дэ**хъуэн;<br>- **пэ**хъуэн; |
| - **е**хын; | - |
| - **хуэ**гъун;<br>- **е**гъун;<br>- **дэ**гъун; | -<br>-<br>- **дэ**гъуэн; |
| - **е**дзын; | - |
| - **къэ**жьын;<br>- | -<br>- **е**жьэн-2 (1- хуэкІуэн пэщІэдзэ; 2-зы гуэрым -къэкІуэнум- пэплъэн); |
| - | - **хуэ**зэн; |
| - **фІэ**щын; | - |
| -<br>- **хуэ**щІын;<br>- **фІэ**щІын;<br>- **дэ**щІын; | - **щы**щІэн;<br>-<br>-<br>- |
| - *(шэ)***къэ**шын;<br>- **къэ**шын, **къэ**гъэшын;<br>- **е**шын; | -<br>-<br>- |
| - **нэ**сын, **къэ**сын;<br>- | -<br>- **е**сэн, **зэ**сэн; |
| - **къэ**тын; | - |
| -<br>-<br>- **къэ**цыфын; | - **е**фэн;<br>- **къэ**фэн;<br>- |
| - **е**фІын, **зэ**фІын, **фІэ**фІын; | - |
| - **зэгуэ**пын; | - |

| | |
|---|---|
| - | - **е**бэн; |
| - **къэ**цӀын;<br>- | -<br>- **е**цӀэцӀэн; |

| | |
|---|---|
| - **е**щхьын (**е**-щхьэ-ы-н), **зэ**щхьын; | - |
| - | - **къэ**щхъуэн; |
| - (**къе**шхын), **е**шхын; | - |
| - **щы**тхъун; | - |
| - | - **е**бгъэн (игу **е**бгъэн); |
| - **е**бгын; | - **е**бгэн; |
| - **къэ**пщтын, **къи**пщтын; | - |
| - | - **къэ**пцӀэн; **къэ**гъэпцӀэн; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа "*префиксиал глагол*"хэр *зэмылӀэужьыгъуэ "щӀыкӀэ"у къэхъурэ гъэзащӀэ глагол*хэрщи, дэтхэнэ зы глаголым –ар зытеухуа Ӏуэхугъуэм- зы къэхъукӀэрэ гъэзэщӀэкӀэ зэриӀапхъэм ипкъ зэриткӀэ, глагол щапхъэу къэта псори "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" псомкӀэ зэрымылажьэр нэрылъагъущ. Ауэ, глагол псори "*къежьэ*рэ *пэщӀэдзэ*" (къэ) *щӀык*Ӏэу, къежьар *унэтӀарэ нак*Ӏуэ (нэ) *щӀык*Ӏэу, "*хуэкӀуэ*"рэ "*хуэгъэза*" е "*папщ*Ӏэ" (хуэ) *щӀык*Ӏэу, "*ерагъ*рэ *лӀыгъэ*" (фӀэ) -къыфӀэхъурэ фӀэгъэзащӀэ-*щӀык*Ӏэу къэхъурэ гъэзэщӀэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщи, мы къэта таблицэхэм хиубыдэ *глагол псори* -е и нэхъыбэр- "*щӀык*Ӏэ" зэрылъытэ мы "къэ, нэ, хуэ, фӀэ" *префикс* зиӀэ "*префиксиал глагол*"хэрщ. Дауи, иужькӀэ "префикс"хэм теухуа лэжьыгъэ Ӏыхьэм икӀэ нэгъунэ щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

- Мы макъхэм нэмыщӀ, "*тенгенс*"ыпӀэрэ "*гъунапкъэгъу*" зылъытэ "*пы*" макъым "*щӀыпӀэ*" *префикс* зэригъэзащӀэу ипэкӀэ къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэр гурыӀуэгъуэщ; ауэ, мы ипэкӀи "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префиксиал глагол*"у къэта щапхъэхэми "*пэ*" макъыр "*ипэ*"*м теухуа*рэ хуэкӀуэ "*щӀык*Ӏэ" зэрылъытэ "*префикс*"у зэрыхэплъагъуэри гурыӀуэгъуэщ.

- ИпэкӀэ "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ префикс къалэн зыгъэзащӀэ "*щы*" макъым икӀи "*щӀыкӀэ*" префикс къалэни зэригъэзащӀэри къыхэдгъэщагъащи, мы ипэкӀэ "*щӀык*Ӏэ" префикс къалэн зиӀэ "*щы*" макъкӀэрэ ухуа "*префиксиал глагол*" щапхъэхэр зэрыхэплъагъуэри гурыӀуэгъуэщ.

## МакъитӀ нэхъыбэ зыхиубыдэу къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀи "префиксиал глагол"у утыку къихьахэр.

Зы макъыр "глаголыпхъэ"у зэрылъытэу къыпыхьэ зы макъкӀэрэ утыку къихьэ "префиксиал глагол" къэхъуныгъэр "макъыбэ

зыхэзыубыдэ глагол" къэхъуныгъэ пэщӀэдзэу зэрыщытым хуэдэжу, мы "глаголыпхъэ"м къыпыхьэ мы зы макъри глагол лэжьэкӀэм "кондицэ" хуэхъуу "префикс" къалэн зэрыгъэзащӀэ пэщӀэдзэуи лъытапхъэщ. ИкӀи, мыпхуэдэу утыку къихьэр "префиксиал глагол"щи, мыри "префиксиал глагол" къэхъуныгъэ пэщӀэдзэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу "префиксил глагол" утыку къихьэныгъэри "префиксиал глагол" къэхъуныгъэ пэщӀэдзэу икӀи къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ "префиксиал глагол" утыку къызэрихьэми и пэщӀэдзэу зэрылъытапхъэм ипэкӀи и гугъу тщӀагъащи, "глаголыпхъэ" зы макъым къыпыхьэ зы макъкӀэ утыку къихьа мы "префиксиал глагол"ыр мы зэрыухуа макъитӀым ипэ итыр ("глаголыпхъэ"м къыпыхьа макъыр) "префикс"рэ кӀэух макъри "глаголыпкъ"у ("глаголыпхъэ"у щыта макъыр) зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбдежым зи гугъу тщӀыну "*префиксиал глагол*" лӀэужьыгъуэхэр *макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыд*эрщи, нытӀэ, мы *макъхэм щыщ гуэрхэр "префикс"*рэ *макъ гуэрхэри "глаголыпкъ"*у зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу щыщыткӀи, мы зи гугъу тщӀы "префиксиал глагол"хэм я "*префикс*"ымрэ "*глаголыпкъ*" *бжыгъэри зы е нэхъыбэ макъ*ыу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, "*макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ префиксиал глагол*"у мы зи гугъу тщӀынухэр къызэрыхъуа щӀыкӀэр *зы макъ*ыр *е нэхъыбэ* макъыр "*глаголыпхъэ*"у зэрылъытэрэ, абыи *макъ гуп е зы макъ*ыр "*префикс*"у къызэрыпыхьэу ухуа "префиксиал глагол" лӀэужьыгъуэхэрщ. Ар щыхъукӀи, зэрыухуагъэххэу *зы "префикс"*кӀэ ухуауэ *е "префиксыбэ"*у ухуауэ щыт "*префиксиал глагол*"хэрщ.

НытӀэ, *къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ "префиксиал глагол"*у утыку къихьауэ мы зи гугъу тщӀыхэм *зы "префикс" е нэхъыбэ* зэраӀэфынур жытӀагъэххэщи, мы илъабжьэм мыбыхэм теухуа щапхъэхэри къэхьауэ, тежыӀыхьыпхъэхэри къыпыщэжыпхъэщ. ИкӀи, къэтхьыну жыхуэтӀэ щапхъэхэми -ипэкӀэ "макъитӀ зыхэзыубыдэ префиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэхэм хуэдэу- я "*префикс*"хэр "*щӀыпӀэ*"рэ "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэу зэрыщытхэри къыхэгъэщыныр игъуэщ.

Мы зэрыжытӀауэ, "*префикс*"*хэр* зэхуэдэу "*щӀыпӀэ*" *е* "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкӀыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, "*префиксыбэ*"м хиубыдэ "*префикс*"*хэр* сытым дежи *зэхуэдэ защӀэу зэрыщымыт*ынури гурыӀуэгъуэнщи, "**префиксыбэ**"м хиубыдэ "**префикс**"*хэр зэрыщыту "щӀыпӀэ" е "щӀыкӀэ"у* зэрыщытыфынум хуэдэжу **зэмылӀэужьыгъуэу** -

"**щIыкIэ**"рэ "**щIыпIэ**"у *зэщхьэщык*Iыу- зэры*щытыфын*ури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, къэдгъэлъэгъуэну щапхъэхэр мы къэтIуэтахэмкIэ зэщхьэщыкIыуи гъэпсыпхъэщ ипэкIэ ахэр зыхэзыубыдэну таблицэхэри, нэхъыфIыр, мы зи гугъу тщIа "*макъит*I *нэхъыбэ зыхэзыубыдэ префиксил глагол*"*хэм* теухуа щапхъэхэр *я зэхуэдэ таблицэхэм* къыщыдгъэлъэгъуэу, -мы ипэкIэ зи гугъу тщIахэри яхэтыжу-, *къыхэгъэщыпхъ*эхэри *таблицэ нэужь*ым къыщыпытщэжынращ:

| | |
|---|---|
| - | - **зэIы**нэн; |
| - **щIе**ин {"**щIе**(*эйй*)-н}; | - |

| | |
|---|---|
| -<br>-<br>-<br><br>-<br>- **къэ**кIухьын;<br>- **икъу**хьын; | **- пщэры**лъхьэн;<br>- **щхьэщы**хьэн;<br>- **лъэщIэ**хьэн, **кIэщIэ**хьэн, **кIэлъыщIы**хьэн;<br>- **Iэщlэ**хьэн;<br>-<br>- |
| - **ири**къун, **хури**къун;<br>-<br>- | -<br>- **зэщIэ**къуэн;<br>- **щIэ**гъэкъуэн, **зыщIэ**гъэкъуэн; |
| - **къи**кIыкIын;<br>- **те**щIыкIын;<br>- **зэблыры**кIын; **зэбгыры**кIын;<br>- **кIэры**кIын;<br>- **зэIы**кIын; | -<br>-<br>-<br>-<br>- |
| - **зэхэ**хын;<br>- **зэIы**хын; | -<br>- |
| - **зэхэ**хун; | - |
| - | - **хыфIэ**дзэн; |
| - **зыпы**щIын, **зыпы**щIыжын;<br>-<br>- **щIе**гъуэжын; | -<br>- **зэIы**щIэн;<br>- |
| - | - **хуэ**фэщэн; |
| - **зэхуэ**хьэсын;<br>- **кIэлъы**сын; | -<br>- |
| -<br>-<br>-<br>-<br>- **е**Iулlын; **е**гулIын; | - **е**жэлIэн;<br>- **е**лIэлIэн;<br>- **е**хъулIэн;<br>- **е**уэлIэн, **зэ**уэлIэн;<br>- **е**IулIэн; **е**гулIэн; |
| - **зэIы**удын; | - |

| | |
|---|---|
| - "**и**цыфын, **Iу**Iыфын, **хэ**цыфын, **гуэ**цыфын, **щы**цыфын, **щIэ**цыфын, **дэ**цыфын, **фIэ**цыфын, **пы**цыфын; | - "**и**цыфэн, **Iу**цыфэн, **къуэ**цыфэн, **хэ**цыфэн, **гуэ**цыфэн, **щы**цыфэн, **щIэ**цыфэн, **дэ**цыфэн, **фIэ**цыфэн, **пы**цыфэн; |
| - | - **е**цIэцIэн; |

| | |
|---|---|
| - **зэIы**тхъын; | - **зэIы**тхъэн; |
| - | - **щы**гъупщэн; |
| - | - **зэхэ**пцIэн. |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы къэта "префиксиал глагол" щапхъэхэм хиубыдэу "Iы"уэ къэIу макъхэр –префикс"хэр- "Iэ" макъым къытехъукIарэ "Iэ-ы → Iы"уэ зэхъуэкIа къэIукIэу зэрыщытхэри гурыIуэгъуэнщ; «"**зэ-Iэ**-ы-тхъын" → **зэIы**тхъын».

- Таблицэми щыхэплъагъуэу, къэта "префиксиал глагол" гуэрхэр зы "префикс"кIэ нэгъуэщI гуэрхэри префикситIрэ нэхъыбэкIэ зэпкъырылъу - "префиксыбэ глагол"хэу- зэрыщытыр нэрылъагъуэщи, мы префиксхэри "щIыпIэ"рэ "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкIри ипэкIэ жытIагъащ.

- Таблицэхэм *зы "префикс" закъуэ* зиIэу хиубыдэ *"префиксиал глагол"* бжыгъэр куэдкъыми, *зы "щIыпIэ"* лIэужыгъуэ *"префикс"* закъуэ зиIэ *зы "префиксиал глагол"*рэ (**щIэ**гъэкъуэн), *зы "щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"* закъуэ зиIэуи *"префиксиал глагол"итI*щ (**хуэ**фэщэн; **е**цIэцIэн) хиубыдэр.

- *Зы "префиксиал глагол"ым "префикситIрэ нэхъыбэ"* иIэу таблицэм хиубыдэ *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ щапхъэхэри мыхэращ: «**пщэры**лъхьэн; **щхьэщы**хьэн; **лъэщIэ**хьэн, **кIэщIэ**хьэн, **Iэлъыщ**I**э**хьэн»; «**Iэщ**I**э**хьэн – **Iэщ**I**э**хьэн»; «**те**щIыкIын (**те**: "**тэ-и**")»; «**хыфIэ**дзэн».

- Таблицэхэм хиубыдэу *зы "префиксиал глагол"ым "префикситIрэ нэхъыбэ"* зиIэрэ мы *"префикс"*хэри *"щIыкIэ"* е *"щIыпIэ"* защIэу (пп: **хури**къун; **зэбгыры**кIын; **зэIы**кIын;) щытхэр язэрыхэтым нэмыщI, икIи *"щIыкIэ"рэ "щIыпIэ" лIэужьыгъуитI*ри зэгъусэу зыхэзыубыдэ *"префиксыбэ"*хэри (пп: **къи**кIыкIын; **зыщIэ**гъэкъуэн; **зэщIэ**къуэн; **зэхэ**пцIэн) язэрыхэтыр нэрылъагъущ.

- ЗэрыгурыIуэгъуэу, *"префиксиал глагол"*хэр *"префикс"*рэ *"глаголыпкъ"*у I*ыхьит*Iыущ зэрызэпкъырылъри, мы ипэкIэ таблицэхэм хиубыдэу къэта щапхъэхэм *зы "префикс"* (пп: "**щIэ**"; "**хуэ**; **е**") зиIэрэ и *"глаголыпкъ"*ыр {("гъэкъуэ(н)"; "фэщэ(н); цIэцIэ(н)} *макъыбэ*у щытхэр ("**щIэ**гъэкъуэн"; "**хуэ**фэщэн; **е**цIэцIэн") зэрыхэтым хуэдэжу, *"глаголыпкъ"*ыр -"щхьэж макъ" е "макъ зэгуэт"у- *зы макъ*рэ закъуэрэ {лъхьэ(н); дзэ(н)} *"префиксыбэ"* зиIэхэри ("**пщэры**лъхьэн; **хыфIэ**дзэн") язэрыхэтыр нэрылъагъущ.

- ИпэкIи зи гугъу зэрытщIащи, "щы" макъым *"щIыпIэ"*рэ *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн егъэзащIэри, мы ипэкIэ къэта щапхъэхэм "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къалэн зыгъэзащIэ "щы" макъыр

(**щы**гъупщэн) хыболъагъуэр. "ЩӀ" макъми "*щӀагъ*" лӀэужьыгъуэ "*щӀып*Ӏэ" зылъытэ "*префикс*" къалэн зэригъэзащӀэм нэмыщӀ, "*лъабжьэ*" мыхьэнэкӀэ "*щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" къалэни зэригъэзащӀэрэ (**щӀе**гъуэжын), "*щӀагъ*"рэ "*лъабжьэ*"р зэрыгъ*эщӀ*ейуэ "*щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зэригъэзащӀэри (**щӀе**ин) гурыӀэугъуэщ.

- Мы къыхэдгъэщахэм къыпыщэжыпхъэщи, къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ "макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол"у утыку къихьа мы "префиксиал глагол"хэр зы "префикс" зиӀэу е "префиксыбэ" щырет, ахэр "префикс"рэ "глаголыпкъ"у Ӏыхьитӏущ зэрызэпкъырылъщи, "глаголыпхъэ"у лъыта зы макъ е макъ гупым (мыр ухуэну глаголым "глаголыпкъ" хуэхъуну Ӏыхьэрщ) - къызэрыхъурэ зэрызэгъэщӀэнур зэлъыта "кондицэ"у- "префикс" къалэн зыгъэзэщӀэну макъ гуп е зы макъ къызэрыпыхьэу зэрыухуар гурыӀуэгъуэщ.

## УХУАГЪЭХХЭ ГЛАГОЛХЭМ ИУЖЬКӀЭ "ПРЕФИКС" КЪЫЗЭРАЩТЭУ УТЫКУ КЪИХЬЭ "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР

**"ЗанщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу ухуагъэххэхэм зы "префикс" къызэращтэу къатехъукӀ "префиксиал глагол"хэр.**

ИпэкӀэ "*макъит*Ӏ *зыхэзыубыдэу ухуа глагол*"хэм *щыщ*у глаголыр къыздыщыхъурэ щыгъэзащӀэ *щӀып*Ӏэ зылъытэ "*префикс*"хэмкӀэ ухуа "*префиксиал глагол*"хэр зы таблицэу къыщыгъэлъэгъуащи, ахэр икӀи "*префиксиал глагол*" *къэхъуныгъэ пэщ*Ӏ*эдз*эу зэрылъытапхъэхэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыбдежми "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэхэу ухуагъэххэхэм "*префикс*" *къызэращтэу* утыку къихьэну "*префиксиал глагол*"хэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынущ.

Ауэ, мыпхуэдэу *къэдгъэлъэгъуэн хуей щапхъэхэр куэдыщэ* зэрыхъунури гурыӀуэгъуэнщи, мыбдежым "*занщ*Ӏэ *глагол*" *л*Ӏ*эужьыгъуэу* щыт "*макъ глагол*"*хэм* "*префикс*" *къызэращт*эм теухуа *щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнкӀэ зыхуридгъэкъунщ. - НытӀэ, "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэхэу "*макъит*Ӏ*рэ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ -макъыбэ- занщ*Ӏэ *глагол*"хэм "*префикс*" къызэращтэу "*префиксиал глагол*"*у ухуэж*хэм теухуа щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэнри *еджак*Ӏ*уэхэм къыхуренэ*.

Мы ипэкӀи и гугъу зэрытщӀауэ, "*префикс*"*хэри и к*Ӏ*уэц*Ӏ*к*Ӏэ зэрыз*эщхьэщык*Ӏыр гурыӀуэгъуэщи, мыбдежым "*макъ глагол*"хэм *къащтэну* "*префикс*"хэм теухуа *япэрей щапхъэхэр*и "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"*хэм теухуауэ* къэгъэлъэгъуэнщ.

Ипэкlэ "префиксиал глагол"у ухуагъэххэ щапхъэхэм "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэри зэрыхиубыдэм и гугъу тщlами, мы "префикс" къалэнхэр зыгъэзащlэ макъхэм я гугъу тщlакъым. Нытlэ, мыбдежым япэрауэ мы *мак*ъхэмрэ я *мыхьэн*эхэми "*щ*lы*п*lэ" лlэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зэрагъэзэщlэфым щыгъуазэ дыхуэхъуныр игъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, "*щ*lы*п*lэ" лlэужьыгъуэ "**префикс**" *къалэн* зыгъэзащlэ **щхьэж макъ***хэм*рэ {"те (тэ-и)"ри хиубыдэу} я *мыхьэн*эхэм "**щlыпlэ**" *зэралъытэф*хэми мыбдежым кlэщlыу я гугъу щытщlынщ:

| **Макъхэр** | **Я макъ мыхьэнэхэм елъытауэ ягъэзащlэ "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс" къалэнхэр** |
|---|---|
| И | *Игъуэ*рэ *джыгъуэ*у, итыгъуэрэ итыпlэ зылъытэ префикс. |
| lуэ | lутыгъэрэ lутыпlэ зылъытэ префикс. |
| Къуэ | *Къуагъ*рэ къуэтыпlэ зылъытэ префикс. |
| Хэ | Хэтыныгъэрэ хэтыпlэу куэдагъ зылъытэ префикс. |
| Гуэ | Зы гуэрым гуэтыныгъэрэ гуэтыпlэ зылъытэ префикс. |
| Щы | Къэхъугъуэ - гъэзэщlэгъуэ щыгъуэрэ, къэхъупlэ - гъэзэщlэпlэ зылъытэ префикс. |
| Щlэ | *Щlагъ*рэ щlэтыпlэ зылъытэ префикс. |
| Дэ | Дэтыгъуэрэ дэтыпlэ, икурэ *зэхуаку* зылъытэ префикс. |
| Фlэ | Фlэтыгъэрэ фlэтыпlэ зылъытэ префикс. |
| Пы | Пытыгъэрэ пытыпlэ, *тенгенс*ыгъэу *гъунапкъэ* зылъытэ префикс. |
| Те (тэ-и) | Лэгапlэ (т) джыгъуэ (и) -тетыпlэ джыгъуэ- зылъытэ префикс. |

Мы "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс" къалэн зыгъэзащlэ макъ гуэрхэр "ы"кlэ къэlурэ макъ гуэрхэри "э"кlэ къэlуу зэрыщытыр нэрылъагъущи, мы я къэlукlэри я мыхьэнэм елъытарэ ягъэзащlэ "префикс" къалэным теухуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. "*Префикс*" *нэхъыбэри* "*э*"*кlэ къызэры*lуущ "*глаголыпкъ*"*ым ищхьэ дыдэм* къызэрыпыхьэр; ауэ, я мыхьэнэрэ ягъэзащlэ къалэным елъытащи, "префикс" къалэн зыгъэзащlэ *макъ гуэрхэм я къэ*lу*кlэр* -сытым дежи- "*ы*"*кlэрэщ*; префиксхэм -е псалъэм- зыдыхэт щlыпlэм елъытауи зэхъуэкlкъым; мыпхуэдэщ "щы, и" макъхэр.

"*Щ*lы*п*lэ" лlэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащlэу тлъыта *мак*ъхэм щыщ *гуэрхэм* -макъыбзэр мыхьэнэбэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ- *нэгъуэщ*l *мыхьэн*экlи (пп: "щlыкlэ") "*префикс*" къалэн зэрагъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, мы "*щ*lы*п*lэ" лlэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащlэу тлъыта "*и*" макъымрэ "*щы*" макъым я *мыхьэн*эр адрейхэм елъытауэ нэхъ *лъабжьэ*у зэрылъытапхъэи

гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ деталхэм игъуэ щыхъум деж икӀэ нэгъунэ щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

"ЩӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ макъхэм теухуауэ мыхэр къыхэдгъэща нэужь, "макъ глагол"хэм "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" къазэрыпыхьэу утыку къихьэ "префиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэхэри таблицэхэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

Ауэ, къэдгъэлъэгъуэну щапхъэхэм теухуарэ ипэ къихуэу къыхэгъэщыпхъэ гуэхэри къыпытщэнщ.

Япэрауэ, -ипэкӀи зэрыжытӀауэщи- "*макъ глагол*"хэм икӀи "префикс" къапыхьэу абыхэм къатехъукӀ "префиксиал глагол"хэм *мыхьэнэбэ* зиӀэхэр язэрыхэтынур гурыӀуэгъуэнщи, илъабжьэкӀэ къэтхьыну "префиксиал глагол" щапхъэхэм мыпхуэдэхэри я мыхьэнэ бжыгъэхэри ("-2" хуэдэу) къыхэдгъэщынщ.

Мыбы нэмыщӀ, "*макъ глагол*" *нэхъыбэм* "*префикс*" *къыщащтэм* деж, -"макъ глагол"у *къызэрыхъуа щӀыкӀэм нэмыщӀ*- я *къэӀукӀэ*хэм «"э-ы" → "ы"»рэ «"ы-э" → "э"»уэ *зэхъуэк*Ӏыныгъэ зэрагъуэтыфыр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэуи *глагол бжыгъэ*р зэры*багъуэ*р гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, *адыгэбзэ*р *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткӀэщ мы зи гугъу тщӀы *бэгъуэныгъэ*р къызхэкӀрэ зэлъытари, мыхэр а *макъ мыхьэнэм*рэ *глагол мыхьэнэм* икӀи "*префикс*" къалэн зыгъэзащӀэу къащтэ *макъ*хэм я *мыхьэнэ*хэми зэрелъытар гурыӀуэгъуэнщ.

Зэхуэдэ макъкӀэ ухуарэ *мыхьэнэгъуу*и щыт "макъ глагол"хэр {пп: "тхын, тхэн (тхы-э-н)} *зы къэтхъыхьынэм* къыщыгъэлъэгъуащи, *зэхуэдэ макък*Ӏэ *ухуа* щхьэ я *мыхьэнэк*Ӏэ *зэщхьэщык*Ӏхэми я къэтхъыхьынэр "---"уэ зэхэгъэкӀауэ (пп: тхъын, тхъэн) къэгъэлъэгъуащ. Ауэ икӀи, мыпхуэдэу зэхэгъэкӀыпхъэу щырет е щыремыт, *мыхьэнэбэ* глаголхэм я *мыхьэнэ бжыгъэ*ри (пп: "пщын-2"уэ) къыщыхэгъэщащ.

ИкӀи, къыхэгъэщыпхъэщ мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "макъ"хэр дэтхэнэ зы глаголыр щыгъэзащӀэ "щӀыпӀэ" зылъытэфу зэрыщыхэри, адыгэбзэм *дэтхэнэ зы глаголым префикс хуэмыхъуф* "*щӀыпӀэ*" *лъытэ макъхэр* зэрыхэтынури гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, "*занщ*Ӏэ *глагол*" нэхъыщхьэ лӀэужьыгъуэуи щыт "*макъ глагол*"хэм "*префикс*"хэр къащтэу къатехъукӀ "*префиксиал глагол*"хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри *япэрауэ* -ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа я *мыхьэнэ*хэмкӀэ- **"щӀыпӀэ"** зылъытэ **макъ**хэр **"макъ глагол"**хэм **"префикс"**

язэрыхуэхъуу къатехъукI "**префиксиал глагол**"хэу къэдгъэлъэгъуэнщ;
- ауэ, "*занщIэ глагол*"хэм -мыбдежым *макъ глагол*"хэм- *къащтэну* "*префикс*"*хэр* "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэу зи гугъу тщIарэ *наIуэщи*, нытIэ, лэжьыгъэри кIыхь дымыщIын папщIи, мыбдежым икIи мыбы нэужьми *ухуагъэххэ глагол*хэм *къащтэну* "*префикс*"хэри **къыхэгъэща**уэ ттхынкъым:

| **Макъ глаголхэр** | **"ЗанщIэ глагол"хэм "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къызэращтэу къатехъукI "префиксиал глагол"хэр** |
|---|---|
| Ин | - иин, Iуъин (Iуыин) – Iуэин, къуэин, хэин, гуэин, щыин, щIэин, дэин, теин, фIэин, пыин; |
| Ун | - иун, Iуун, къуэун, хэун, гуэун, щыун, щIэун, дэун, теун, фIэун, пыун;<br>- иуэн (и-у-э-н), Iууэн – Iуэуэн, къуэуэн, хэуэн, гуэуэн, щыуэн, щIэуэн, дэуэн, теуэн, фIэуэн, пыуэн; |
| ------------- | ------------------------------------------------------------------------------------- |
| Уэн | - иуэн, Iууэн – Iуэуэн, къуэуэн, хэуэн, гуэуэн, щыуэн, щIэуэн, дэуэн, теуэн, фIэуэн, пыуэн;<br>- иун (и-уэ-ы-н), Iуун – Iуэун, къуэун, хэун, гуэун, щыун, щIэун, дэун, теун, фIэун, пыун; |
| Iун | - иIун, IуIун – IуэIун, къуэIун, хэIун, гуэIун, щыIун, щIэIун, дэIун, теIун, фIэIун, пыIун;<br>- иIуэн (и-Iу-э-н), IуIуэн – IуэIуэн, къуэIуэн, хэIуэн, гуэIуэн, щыIуэн, щIэIуэн, дэIуэн, теIуэн, фIэIуэн, пыIуэн; |
| -------------- | ------------------------------------------------------------------------------------ |
| Iуэн | - иIуэн, IуIуэн – IуэIуэн, къуэIуэн, хэIуэн, гуэIуэн, щыIуэн, щIэIуэн, дэIуэн, теIуэн, фIэIуэн, пыIуэн; |
| Хьын | - щыхьын;<br>- ихьэн (и-хьы-э-н), Iухьэн, къуэхьэн, хэхьэн, гуэхьэн, щIэхьэн, дэхьэн, техьэн, фIэхьэн, пыхьэн; |
| КIын | - икIын, IукIын, къуэкIын, хэкIын, гуэкIын, щыкIын, щIэкIын, дэкIын, текIын, фIэкIын, пыкIын;<br>- икIэн (и-кIы-э-н), IукIэн – IуэкIэн, къуэкIэн, хэкIэн, гуэкIэн, щIэкIэн, дэкIэн, текIэн, фIэкIэн, пыкIэн; - *(ихьэпIэм хуэкIуэ; икIыр зыхуэкIуэ)* |
| КIуэн | - икIуэн, IуэкIуэн – IукIуэн, къуэкIуэн, хэкIуэн, гуэкIуэн, щыкIуэн, щIэкIуэн, дэкIуэн, текIуэн, фIэкIуэн, пыкIуэн; - *(куэд щызекIуэкъым)* |
| Чын<br><br>Чэн (чы-э-н) | - ичын, Iучын, къуэчын, хэчын, гуэчын, щычын, щIэчын, дэчын, течын, фIэчын, пычын - пэчын;<br>- ичэн, Iучэн, къуэчэн, хэчэн, гуэчэн, щычэн, щIэчэн, дэчэн, течэн, фIэчэн, пычэн - пэчэн; |

| | |
|---|---|
| Хъун | - ихъун, lухъун, къуэхъун, хэхъун, гуэхъун, щыхъун, щlэхъун, дэхъун, техъун, фlэхъун, пыхъун; - *(куэд щызекlуэкъым)*<br>- ихъуэн (и-хъу-э-н), lухъуэн – lуэхъуэн, къуэхъуэн, хэхъуэн, гуэхъуэн, щыхъуэн, щlэхъуэн, дэхъуэн, техъуэн, фlэхъуэн, пыхъуэн; |
| Хун | - ихун, lухун, къуэхун, хэхун, гуэхун, щыхун, щlэхун, дэхун, техун, фlэхун, пыхун;<br>- ихуэн (и-ху-э-н), lухуэн – lуэхуэн, къуэхуэн, хэхуэн, гуэхуэн, щыхуэн, щlэхуэн, дэхуэн, техуэн, фlэхуэн, пыхуэн; |
| Гъын | - игъын, lугъын , къуэгъын, хэгъын, гуэгъын, щыгъын, щlэгъын, дэгъын, тегъын, фlэгъын, пыгъын;<br>- игъэн (и-гъы-э-н), lугъэн – lуэгъэн, къуэгъэн, хэгъэн, гуэгъэн, щыгъэн, щlэгъэн, дэгъэн, тегъэн, фlэгъэн, пыгъэн; |
| Гъун | - игъун, lугъун - lуэгъун, къуэгъун, хэгъун, гуэгъун, щыгъун, щlэгъун, дэгъун, тегъун, фlэгъун, пыгъун;<br>- игъуэн (и-гъу-э-н), lугъуэн – lуэгъуэн, къуэгъуэн, хэгъуэн, гуэгъуэн, щыгъуэн, щlэгъуэн, дэгъуэн, тегъуэн, фlэгъуэн, пыгъуэн; |
| Джын<br>-------------<br>Джэн | - иджын, lуджын, къуэджын, хэджын, гуэджын, щыджын, щlэджын, дэджын, теджын, фlэджын, пыджын;<br>- иджэн (и-джы-э-н), lуджэн – lуэджэн, къуэджэн, хэджэн, гуэджэн, щыджэн, щlэджэн, дэджэн, теджэн, фlэджэн, пыджэн;<br>-------------------------------------------------------------------------------------<br>- иджэн, lуджэн – lуэджэн, къуэджэн, хэджэн, гуэджэн, щыджэн, щlэджэн, дэджэн, теджэн, фlэджэн, пыджэн;<br>- иджын (и-джэ-ы-н), lуджын, къуэджын, хэджын, гуэджын, щlэджын, дэджын, теджын, фlэджын, пыджын; |
| Дзын | - идзын, lудзын, къуэдзын, хэдзын, гуэдзын, щыдзын, щlэдзын, дэдзын, тедзын, фlэдзын, пыдзын;<br>- идзэн (и-дзы-э-н), lудзэн – lуэдзэн, къуэззэн, хэдзэн, гуэдзэн, щыдзэн, щlэдзэн, дэдзэн, тедзэн, фlэдзэн, пыдзэн; |
| Жьын<br>-------------<br>Жьэн | - ижьын, lужьын – lуэжьын, къуэжьын, хэжьын, гуэжьын, щыжьын, щlэжьын, дэжьын, тежьын, фlэжьын, пыжьын;<br>- ижьэн (и-жьы-э-н), lужьэн, къуэжьэн, хэжьэн, гуэжьэн, щыжьэн, щlэжьэн, дэжьэн, тежьэн, фlэжьэн, пыжьэн;<br>-------------------------------------------------------------------------------------<br>- ижьэн, lужьэн – lуэжьэн, къуэжьэн, хэжьэн, гуэжьэн, щыжьэн, щlэжьэн, дэжьэн, тежьэн, фlэжьэн, пыжьэн; |
| Жын<br>-------------<br>Жэн-2 | - ижын, lужын, къуэжын, хэжын, гуэжын, щыжын, щlэжын, дэжын, тежын, фlэжын, пыжын;<br>- ижэн (и-жы-э-н), lужэн, къуэжэн, хэжэн, гуэжэн, щыжэн, щlэжэн, дэжэн, тежэн, фlэжэн, пыжэн;<br>-------------------------------------------------------------------------------------<br>- ижэн, lужэн, къуэжэн, хэжэн, гуэжэн, щыжэн, щlэжэн, дэжэн, |

| | |
|---|---|
| | тежэн, фӀэжэн, пыжэн;<br>- ижын (и-жэ-ы-н), Ӏужын, къуэжын, хэжын, гуэжын, щыжын, щӀэжын, дэжын, тежын, фӀэжын, пыжын; |
| Зын<br><br><br><br>--------------<br>Зэн | - изын, Ӏузын, къуэзын, хэзын, гуэзын, щызын, щӀэзын, дэзын, тезын, фӀэзын, пызын;<br>- изэн, Ӏузэн, къуэзэн, хэзэн, гуэзэн, щызэн, щӀэзэн, дэзэн, тезэн, фӀэзэн, пызэн;<br>------------------------------------------------------------------------------------<br>- изэн, Ӏузэн, къуэзэн, хэзэн, гуэзэн, щызэн, щӀэзэн, дэзэн, тезэн, фӀэзэн, пызэн; |
| Щын-2<br><br><br>-------------<br>Щэн-2 | - ищын, Ӏущын, къуэщын, хэщын, гуэщын, щыщын, щӀэщын, дэщын, тещын, фӀэщын, пыщын;<br>- (*нэху* щын) щыщын;<br>--------------------------------------------------------------------------------------<br>- ищэн, Ӏущэн – Ӏуэщэн, къуэщэн, хэщэн, гуэщэн, щыщэн, щӀэщэн, дэщэн, тещэн, фӀэщэн, пыщэн; |
| ЩӀын<br><br><br><br>-------------<br>ЩӀэн | - ищӀын, ӀущӀын, къуэщӀын, хэщӀын, гуэщӀын, щыщӀын, щӀэщӀын, дэщӀын, тещӀын, фӀэщӀын, пыщӀын;<br>- ищӀэн (и-щӀы-э-н), ӀущӀэн, къуэщӀэн, хэщӀэн, гуэщӀэн, щыщӀэн, щӀэщӀэн, дэщӀэн, тещӀэн, фӀэщӀэн, пыщӀэн;<br>------------------------------------------------------------------------------------<br>- ищӀэн, ӀущӀэн, къуэщӀэн, хэщӀэн, гуэщӀэн, щыщӀэн, щӀэщӀэн, дэщӀэн, тещӀэн, фӀэщӀэн, пыщӀэн; *("щыщӀэн" нэмыщӀхэр щызекӀуащэкъым)* |
| Шын<br>-------------<br>Шэн | - (*дзэр шын*) щышын;<br>--------------------------------------------------------------------------------------<br>- ишэн, Ӏушэн – Ӏуэшэн, къуэшэн, хэшэн, гуэшэн, щышэн, щӀэшэн, дэшэн, тешэн, фӀэшэн, пышэн;<br>- ишын (и-шы-э-н), Ӏушын, къуэшын, хэшын, гуэшын, щӀэшын, дэшын, тешын, фӀэшын, пышын; - *(а "щӀыпӀэ"м къыщӀидзэу* "шэн"*)* |
| Сын<br><br><br><br>-------------<br>Сэн | - исын, Ӏусын, къуэсын, хэсын, гуэсын, щысын, щӀэсын, дэсын, тесын, фӀэсын, пысын; - *(нэхъ зэрызекӀуэр* "исыкӀын"*уэщ)*<br>- исэн (и-сы-э-н), Ӏусэн, къуэсэн, хэсэн, гуэсэн, щысэн, щӀэсэн, дэсэн, тесэн, фӀэсэн, пысэн; - *(нэхъ зэрызекӀуэр* "исыхьын"*уэщ)*<br>------------------------------------------------------------------------------------<br>- исэн, Ӏусэн, къуэсэн, хэсэн, гуэсэн, щысэн, щӀэсэн, дэсэн, фӀэсэн, пысэн; |
| Лъэн | - илъэн, Ӏулъэн, къуэлъэн, хэлъэн, гуэлъэн, щылъэн, щӀэлъэн, дэлъэн, телъэн, фӀэлъэн, пылъэн;<br>- илъын (и-лъэ-ы-н), Ӏулъын, къуэлъын, хэлъын, гуэлъын, щылъын, щӀэлъын, дэлъын, телъын, фӀэлъын, пылъын; - *(а "щӀыпӀэ"м къыщӀидзэу лъэн)* |
| Лын | - илын, Ӏулын – Ӏуэлын, къуэлын, хэлын, гуэлын, щылын, щӀэлын, |

| | |
|---|---|
| Лэн<br>(лы-э-н)<br>-------------<br>Лэн | дэлын, телын, фӀэлын, пылын;<br>- илэн, Ӏулэн – Ӏуэлэн, къуэлэн, хэлэн, гуэлэн, щылэн, щӀэлэн, дэлэн, телэн, фӀэлэн, пылэн;<br>---------------------------------------------------------------------------------<br>- (*уэздыгъэ лэн*) "илэн, Ӏулэн – Ӏуэлэн, къуэлэн, хэлэн, гуэлэн, щылэн, щӀэлэн, дэлэн, телэн, фӀэлэн"; - *(нэхъ щызекӀуэхэр:* "щылэн, щӀэлэн, пылэн"хэрщ*)*; |
| ЛӀэн | - илӀэн, ӀулӀэн – ӀуэлӀэн, къуэлӀэн, хэлӀэн, гуэлӀэн, щылӀэн, щӀэлӀэн, дэлӀэн, телӀэн, фӀэлӀэн, пылӀэн; |
| Дын<br><br>Дэн<br>(ды-э-н)<br>-------------<br>Дэн | - идын, Ӏудын, къуэдын, хэдын, гуэдын, щыдын, щӀэдын, дэдын, тедын, фӀэдын, пыдын;<br>- идэн, Ӏудэн – Ӏуэдэн, къуэдэн, хэдэн, гуэдэн, щыдэн, щӀэдэн, дэдэн, тедэн, фӀэдэн, пыдэн;<br>---------------------------------------------------------------------------------<br>- "щыдэн, хэдэн, щыхэдэн" - *(нэхъ щызекӀуэхэрщ)*; - "идэн (и-ды-э-н), Ӏудэн, къуэдэн, гуэдэн, щӀэдэн, дэдэн, тедэн, фӀэдэн, пыдэн"; |
| Тын | - "итын, Ӏутын – Ӏуэтын, къуэтын, хэтын, гуэтын, щытын, щӀэтын, дэтын, тетын, фӀэтын, пытын; - *(нэхъ зэрызекӀуэр* итыкӀын – дэтыхьын *хуэдэущ)* |
| ТӀын<br><br>ТӀэн<br>(тӀы-э-н) | - итӀын, ӀутӀын – ӀуэтӀын, къуэтӀын, хэтӀын, гуэтӀын, щытӀын, щӀэтӀын, дэтӀын, тетӀын, фӀэтӀын, пытӀын;<br>- итӀэн, ӀутӀэн – ӀуэтӀэн, къуэтӀэн, хэтӀэн, гуэтӀэн, щытӀэн, щӀэтӀэн, дэтӀэн, тетӀэн, фӀэтӀэн, пытӀэн; |
| Фын | - ифын, Ӏуфын, къуэфын, хэфын, гуэфын, щыфын, щӀэфын, дэфын, тефын, фӀэфын, пыфын; - *(нэхъ зэрызекӀуэр* ифыкӀын *хуэдэущ)*<br>- ифэн (и-фы-э-н), Ӏуфэн – Ӏуэфэн, къуэфэн, хэфэн, гуэфэн, щыфэн, щӀэфэн, дэфын, тефэн, фӀэфэн, пыфэн; - *(нэхъ зэрызекӀуэр* ифыхьын *хуэдэущ)* |
| ФӀын<br><br>ФӀэн<br>(фӀы-э-н) | - ифӀын, ӀуфӀын – ӀуэфӀын, къуэфӀын, хэфӀын, гуэфӀын, щыфӀын, щӀэфӀын, дэфӀын, тефӀын, фӀэфӀын, пыфӀын; - *(куэдыщэу къэӀуэтапхъэкъым)*<br>- ифӀэн, ӀуфӀэн – ӀуэфӀэн, къуэфӀэн, хэфӀэн, гуэфӀэн, щыфӀэн, щӀэфӀэн, дэфӀэн, тефӀэн, фӀэфӀэн, пыфӀэн; - *(куэдыщэу къэӀуэтапхъэкъым)* |
| Вын<br><br>Вэн<br>(вы-э-н)<br>-------------<br>(псы) Вэн | - ивын, Ӏувын – Ӏуэвын, къуэвын, хэвын, гуэвын, щывын, щӀэвын, дэвын, тевын, фӀэвын, пывын;<br>- ивэн, Ӏувэн – Ӏуэвэн, къуэвэн, хэвэн, гуэвэн, щывэн, щӀэвэн, дэвэн, тевэн, фӀэвэн, пывэн;<br>---------------------------------------------------------------------------------<br>- ивэн, Ӏувэн – Ӏуэвэн, къуэвэн, хэвэн, гуэвэн, щывэн, щӀэвэн, дэвэн, тевэн, фӀэвэн, пывэн; |
| ПӀын | - ипӀын, ӀупӀын – ӀуэпӀын, къуэпӀын, хэпӀын, гуэпӀын, щыпӀын, щӀэпӀын, дэпӀын, тепӀын, фӀэпӀын, пыпӀын; - *(нэхъ зэрызекӀуэр* "ипӀыкӀын" *хуэдэущ)* |

| | |
|---|---|
| Пlэн (пlы-э-н) | - ипlэн, lупlэн, къуэпlэн, хэпlэн, гуэпlэн, щыпlэн, щlэпlэн, дэпlэн, тепlэн, фlэпlэн, пыпlэн; - *(нэхъыбэу "*ипlыхьын*" хуэдэу къоlуатэр)* |

| | |
|---|---|
| Пкlын<br><br><br><br>--------------<br>Пкlэн | - ипкlын, lупкlын, къуэпкlын, хэпкlын, щыпкlын, щlэпкlын, дэпкlын, фlэпкlын, пыпкlын;<br>- ипкlэн (и-пкlы-э-н), lупкlэн, къуэпкlэн, хэпкlэн, гуэпкlэн, щыткlэн, щlэпкlэн, дэпкlэн, тепкlэн, фlэпкlэн, пыпкlэн; - *(а "щlыпlэ"м хуэкlуэу "пкlын");*<br>-----------------------------------------------------------------------------------<br>- ипкlэн, lупкlэн, къуэпкlэн, хэпкlэн, гуэпкlэн, щыпкlэн, щlэпкlэн, дэпкlэн, тепкlэн, фlэпкlэн, пыпкlэн;<br>- ипкlын (и-пкlэ-ы-н), lупкlын, къуэпкlын, хэпкlын, гуэпкlын, щыпкlын, щlэпкlын, дэпкlын, тепкlын, фlэпкlын, пыпкlын; - *(а "щlыпlэ"м къыщlидзэу "*пкlэн*"; а щlыпlэм и щlыбым хуэкlуэу "*пкlэн*");* |
| Ткlун<br><br><br>Ткlуэн (ткlу-э-н) | - иткlун, lуткlун, къуэткlун, хэткlун, гуэткlун, щыткlун, щlэткlун, дэткlун, теткlун, фlэткlун, пыткlун;<br>- иткlуэн, lуткlуэн, къуэткlуэн, хэткlуэн, гуэткlуэн, щыткlуэн, щlэткlуэн, дэткlуэн, теткlуэн, фlэткlуэн, пыткlуэн; - *(а "щlыпlэ"м хуэкlуэу "*ткlу*"*уэ щытын*)* |
| Щхъын<br><br><br><br>Щхъэн (щхьы-э-н) | - ищхъын, lущхъын, къуэщхъын, хэщхъын, гуэщхъын, щыщхъын, щlэщхъын, дэщхъын, тещхъын, фlэщхъын, пыщхъын; - *(бзэм щызекlуащэкъым)*<br>- *зэрызекlуэр* "гъэщхъын"*уэщ*: "игъэщхъын, lугъэщхъын, къуэгъэщхъын, хэгъэщхъын, гуэгъэщхъын, щыгъэщхъын, щlэгъэщхъын, дэгъэщхъын, тегъэщхъын, фlэгъэщхъын, пыгъэщхъын;<br>- ищхъэн, lущхъэн, къуэщхъэн, хэщхъэн, гуэщхъэн, щыщхъэн, щlэщхъэн, дэщхъэн, тещхъэн, фlэщхъэн, пыщхъэн; - *(бзэм щызекlуащэкъым)*<br>- *нэхъ зэрызекlуэр* "гъэщхъэн"*уэщ*: "игъэщхъэн, lугъэщхъэн, къуэгъэщхъэн, хэгъэщхъэн, гуэгъэщхъэн, щыгъэщхъэн, щlэгъэщхъэн, дэгъэщхъэн, тегъэщхъэн, фlэгъэщхъэн, пыгъэщхъэн; |
| Щхъун<br><br><br><br><br><br><br>------------- | - ищхъун, lущхъун, къуэщхъун, хэщхъун, гуэщхъун, щыщхъун, щlэщхъун, дэщхъун, тещхъун, фlэщхъун, пыщхъун; - *(бзэм щызекlуащэкъым)*<br>- *нэхъ зэрызекlуэр* "ущхъун, хуэщхъун"*уэщ*;<br>- ищхъуэн (и-щхъу-э-н), lущхъуэн, къуэщхъуэн, хэщхъуэн, гуэщхъуэн, щыщхъуэн, щlэщхъуэн, дэщхъуэн, тещхъуэн, фlэщхъуэн, пыщхъуэн; - *(бзэм щызекlуащэкъым)*<br>- *нэхъ зэрызекlуэр* "ущхъуэн, уэщхъуэн"*рэ* "хущхъуэн"уэщ;<br>----------------------------------------------------------------------------------- |

| | |
|---|---|
| Щхъуэн | - ищхъуэн (и-щхъу-э-н), Iущхъуэн, къуэщхъуэн, хэщхъуэн, гуэщхъуэн, щыщхъуэн, щIэщхъуэн, дэщхъуэн, тещхъуэн, фIэщхъуэн, пыщхъуэн; |
| Тхъын<br><br><br><br><br>-------------<br>Тхъэн | - итхъын, Iутхъын, къуэтхъын, хэтхъын, гуэтхъын, щытхъын, щIэтхъын, дэтхъын, тетхъын, фIэтхъын, пытхъын;<br>- итхъэн (и-тхъы-э-н), Iутхъэн, къуэтхъэн, хэтхъэн, гуэтхъэн, щытхъэн, щIэтхъэн, дэтхъэн, тетхъэн, фIэтхъэн, пытхъэн; - *(нэхъ зэрызекIуэр* "итхъыхьын" *хуэдэущ)*<br>---------------------------------------------------------------------------------<br>- итхъэн, Iутхъэн, къуэтхъэн, хэтхъэн, гуэтхъэн, щытхъэн, щIэтхъэн, дэтхъэн, тетхъэн, фIэтхъэн, пытхъэн; |
| Тхъун<br><br><br><br><br>--------------<br>Тхъуэн | - итхъун, Iутхъун, къуэтхъун, хэтхъун, гуэтхъун, щытхъун, щIэтхъун, дэтхъун, тетхъун, фIэтхъун, пытхъун;<br>- итхъуэн (и-тхъуэ-н), Iутхъуэн, къуэтхъуэн, хэтхъуэн, гуэтхъуэн, щытхъуэн, щIэтхъуэн, дэтхъуэн, тетхъуэн, фIэтхъуэн, пытхъуэн; - *(а "щIыпIэ"м хуэкIуэу* "тхъун"*)*<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>- (*щхьэц тхъун*) итхъуэн, Iутхъуэн – Iуэтхъуэн, къуэтхъуэн, хэтхъуэн, гуэтхъуэн, щытхъуэн, щIэтхъуэн, дэтхъуэн, тетхъуэн, фIэтхъуэн, пытхъуэн; - *("щIыпIэ"м щы"тхъу"уэ щытыр нэхъ игъуэу* "щытхъуэн"*у къэIуэтапхъэщ)*<br>- итхъун (тхъуэ-ы-н), Iутхъун, къуэтхъун, хэтхъун, гуэтхъун, щытхъун, щIэтхъун, дэтхъун, тетхъун, фIэтхъун, пытхъун"; |
| Пхъын<br><br>Пхъэн<br>(пхъы-э-н) | - ипхъын, Iупхъын – Iуэпхъын, къуэпхъын, хэпхъын, гуэпхъын, щыпхъын, щIэпхъын, дэпхъын, тепхъын, фIэпхъын, пыпхъын;<br>- ипхъэн, Iупхъэн, къуэпхъэн, хэпхъэн, гуэпхъэн, щыпхъэн, щIэпхъэн, дэпхъэн, тепхъэн, фIэпхъэн, пыпхъэн; |
| Пхъуэн | - ипхъуэн, Iупхъуэн, къуэпхъуэн, хэпхъуэн, гуэпхъуэн, щыпхъуэн, щIэпхъуэн, дэпхъуэн, тепхъэн, фIэпхъуэн, пыпхъуэн; |
| Шхын<br><br><br><br>Шхэн<br>(шхы-э-н) | - ишхын, Iушхын, къуэшхын, хэшхын, гуэшхын, щышхын, щIэшхын, дэшхын, тешхын, фIэшхын, пышхын; - *(нэхъ зэрызекIуэр* "ишхыкIын" *хуэдэущ)*<br>- ишхэн, Iупшхэн – Iуэшхэн, къуэшхэн, хэшхэн, гуэшхэн, щышхэн, щIэшхэн, дэщхэн, тешхэн, фIэшхэн, пышхэн; - *(нэхъ зэрызекIуэр* "ишхыхьын" *хуэдэущ)* |
| Тхын<br><br><br>Тхэн<br>(тхы-э-н) | - итхын, Iутхын, къуэтхын, хэтхын, гуэтхын, щытхын, щIэтхын, дэтхын, тетхын, фIэтхын, пытхын; - *(нэхъ къызэрыIуатэр* "итхыкIын" *хуэдэущ)*<br>- итхэн, Iутхэн – Iуэтхэн, къуэтхэн, хэтхэн, гуэтхэн, щытхэн, щIэтхэн, дэтхэн, тетхэн, фIэтхэн, пытхэн; - *(нэхъ зэрызекIуэр* "итхыхьын" *хуэдэущ)* |
| Лъхун<br><br>Лъхуэн | - илъхун, Iулъхун, къуэлъхун, хэлъхун, гуэлъхун, щылъхун, щIэлъхун, дэлъхун, телъун, фIэлъхун, пылъхун;<br>- илъхуэн, Iулъхуэн, къуэлъхуэн, хэлъхуэн, гуэлъхуэн, щылъхуэн, |

| | |
|---|---|
| (лъху-э-н) | щIэлъхуэн, дэлъхуэн, телъхуэн, фIэлъхуэн, пылъхуэн; |
| Пхын<br><br><br>Пхэн<br>(пхы-э-н) | - ипхын, Iупхын, къуэпхын, хэпхын, гуэпхын, щыпхын, щIэпхын, дэпхын, тепхын, фIэпхын, пыпхын; - *(нэхъ зэрызекIуэр "*ипхыкIын*" хуэдэущ)*<br>- ипхэн, Iупхэн – Iуэпхэн, къуэпхэн, хэпхэн, гуэпхэн, щыпхэн, щIэпхэн, дэпхэн, тепхэн, фIэпхэн, пыпхэн; - *(нэхъбэу* "ипхыхьын" *хуэдэщ)* |
| Бгэн | - ибгэн, Iубгэн – Iуэбгэн, къуэбгэн, хэбгэн, гуэбгэн, щыбгэн, щIэбгэн, дэбгэн, тебгэн, фIэбгэн, пыбгэн;<br>- ибгын (и-бгэ-ы-н), Iубгын – Iуэбгын, къуэбгын, хэбгын, гуэбгын, щыбгын, щIэбгын, дэбгын, тебгын, фIэбгын, пыбгын; - *(куэдыщэу щыземыкIуэми, а щIыпIэм щыту* "бгэн" - ибгыкIын*)* |
| Бжын<br><br>Бжэн<br>(бжы-э-н) | - ибжын, Iубжын, къуэбжын, хэбжын, гуэбжын, щыбжын, щIэбжын, дэбжын, тебжын, фIэбжын, пыбжын;<br>- ибжэн, Iубжэн, къуэбжэн, хэбжэн, гуэбжэн, щыбжэн, щIэбжэн, дэбжэн, тебжэн, фIэбжэн, пыбжэн; |
| Бзын<br><br>Бзэн<br>(бзы-э-н) | - ибзын, Iубзын – Iуэбзын, къуэбзын, хэбзын, гуэбзын, щыбзын, щIэбзын, дэбзын, тебзын, фIэбзын, пыбзын;<br>- ибзэн, Iубзэн – Iуэбзэн, къуэбзэн, хэбзэн, гуэбзэн, щыбзэн, щIэбзэн, дэбзэн, тебзэн, фIэбзэн, пыбзэн; |
| Пщын-3<br><br><br><br>Пщэн-2<br>(пщы-э-н) | - ипщын, Iупщын, къуэпщын, хэпщын, гуэпщын, щыпщын, щIэпщын, дэпщын, тепщын, фIэпщын, пыпщын; - {*а "щIыпIэ"м* "пщын" *къыщегъэкIуэкIын* (1)*; а "щIыпIэ"м къыщIидзэу* "пщын" (2); *-нэхъ мащIэуи- а "щIыпIэ"м къыщы*"пщын" (3)}<br>- ипщэн, Iупщэн, къуэпщэн, хэпщэн, гуэпщэн, щыпщэн, щIэпщэн, дэпщэн, тепщэн, фIэпщэн, пыпщэн; - {*а "щIыпIэ"м* "пщын" *къыщегъэкIуэкIыу щытын* (1)*; а "щIыпIэ"м хуэкIуэу* "пщын" (2); икIи, *а "щIыпIэ"м къыще"*пщэн" *мыхьэнэ зиIэхэри яхэтщ* (3)} |
| ПщIын<br><br>ПщIэн<br>(пщIы-э-н) | - ипщIын, IупщIын, къуэпщIын, хэпщIын, гуэпщIын, щыпщIын, щIэпщIын, дэпщIын, тепщIын, фIэпщIын, пыпщIын;<br>- ипщIэн, IупщIэн, къуэпщIэн, хэпщIэн, гуэпщIэн, щыпщIэн, щIэпщIэн, дэпщIэн, тепщIэн, фIэпщIэн, пыпщIэн; |
| Плъын<br><br><br><br><br><br>-------------<br>Плъэн | - иплъын, Iуплъын, къуэплъын, хэплъын, гуэплъын, щыплъын, щIэплъын, дэплъын, теплъын, фIэплъын, пыплъын; - *(а "щIыпIэ"м щы*"плъын"*)*<br>- иплъэн (и-плъы-э-н), Iуплъэн, къуэплъэн, хэплъэн, гуэплъэн, щыплъэн, щIэплъэн, дэплъэн, теплъэн, фIэплъэн, пыплъэн; - *(а "щIыпIэ"м щы"*плъы*"уэ щытын)*<br>----------------------------------------------------------------------------------<br>- иплъэн, Iуплъэн, къуэплъэн, хэплъэн, гуэплъэн, щыплъэн, щIэплъэн, дэплъэн, теплъэн, фIэплъэн, пыплъэн;<br>- иплъын (и-плъы-э-н), Iуплъын, къуэплъын, хэплъын, гуэплъын, щIэплъын, дэплъын, теплъын, фIэплъын, пыплъын; - *(а щIыпIэр зи "плъапIэ"у щытын)* |

| | |
|---|---|
| Блэн | - иблэн, Iублэн – Iуэблэн, къуэблэн, хэблэн, гуэблэн, щыблэн, щIэблэн, дэблэн, теблэн, фIэблэн, пыблэн; |
| Щтын<br><br><br><br><br>------------<br>Щтэн 2 | - ищтын, Iущтын, къуэщтын, хэщтын, гуэщтын, щыщтын, щIэщтын, дэщтын, тещтын, фIэщтын, пыщтын;<br>- ищтэн (и-щты-э-н), Iущтэн, къуэщтэн, хэщтэн, гуэщтэн, щыщтэн, щIэщтэн, дэщтэн, тещтэн, фIэщтэн, пыщтэн; - *("ищтыхьын" хуэдэу нэхъ къэIуэтапхъэщ)*<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>- ищтэн, Iущтэн, къуэщтэн, хэщтэн, гуэщтэн, щыщтэн, щIэщтэн, дэщтэн, тещтэн, фIэщтэн, пыщтэн; - *(1-"шынэн" лIэужьыгъуэ;, 2-зыгуэрыр зыдэщылъ "щIыпIэ"м "къытеIэтыкIын" Iуэхугъуэ)* |
| Пщтын | - ипщтын, Iупщтын, къуэпщтын, хэпщтын, гуэпщтын, щыпщтын, щIэпщтын, дэпщтын, тепщтын, фIэпщтын, пыпщтын; - *(*"ипщтыкIын" *хуэдэуи къоIуатэр)*<br>- ипщтэн (и-пщты-э-н), Iупщтэн, къуэпщтэн, хэпщтэн, гуэпщтэн, щыпщтэн, щIэпщтэн, дэпщтэн, тепщтэн, фIэпщтэн, пыпщтэн; - *(нэхъ къызэрыIуэтапхъэр* "ипщтыхьын"*уэщ)* |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- "*Префиксиал глагол*" *щапхъ*эхэу мы таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм я "*префикс*"хэр ипэкIэ "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэу щызетхьарэ икIи я мыхьэнэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуахэрщ. Ауэ, "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*" *къалэн зыгъэзащIэу* мы къэта щапхъэхэм хэплъагъуэхэр "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"у *адыгэбзэм хиубыдэ макъ псорик*I*къыми*, псалъэм папщIэ, макъхэр "р"ыкIэ зэрызэпыщIэ "префикс"хэр, нэгъуэщI макъыбэ лIэужьыгъуэ "префикс"хэр, икIи "макъ зэгуэт" лIэужьыгъуэ "префикс"хэри зэрыщыIэнур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэри хэтыжу адыгэбзэм хиубыдэ дэтхэнэ зы "*префикс*" лIэужьыгъуэмрэ мыпхуэдэ *къалэн* зыгъэзащIэ *мак*ъхэм нэмыщI икIи *псалъ*эхэми *иужьк*Iэ зэрыигъуэу *щыгъуазэ* дызэрыхуэхъунури мыбдежым аргуэру къыщыхэдгъэщынщ.

- Оригиналрэ ("ы"рэ) кIуэтэгъуэ ("э") зыгъуэту ухуа мыхьэнэгъу "макъ глагол"хэм я лэжьэкIэхэр мы зэрыухуа щIыкIэм елъытауэ зэрыщытыр нэрылъагъущ; ауэ, *оригинал*у *е кIуэтэгъуэ* зиIэу ухуа "*макъ глагол*"хэм "префикс" къызэращтэу зэрылажьэ щIыкIэхэри "ы-э"рэ "э-ы"уэ *зэхъуэк*Iыу *зэрылэжьэф*хэри къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. Ауэ, я мыхьэнэми елъытащи, глагол гуэрхэм я къэIукIэхэр зэрызэмыхъуэкIри ("ы-э"рэ "э-ы"уэ зэмыхъуэкI) гурыIуэгъуэнщ.

- Мыбы нэмыщI, -мы и къэIукIэри дауи щырет-, глагол мыхьэнэми зэрелъытауэ, "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*" *псоми теухуауэ мылажьэ*хэр е *куэдыщэу мылажьэ*хэр къыхэдгъэщащ. Мы къыхэдгъэщахэм щыщ гуэрхэри а *глаголым* езым *хуэIуауэ* нэхъ игъуэу *зэрылажьэ* щIыкIэхэри -пп. "*хь, к*I" *кIэухк*Iэ

*лажьэу* бзэм *щызекӀуэу*- къыпытщэжащи, мыбыхэм икӀи *"суффикс"хэм дежи* аргуэру щыгъуазэ дыщыхуэхъужынущ.

- ИкӀи, *глагол мыхьэнэ*ми *елъыта*уэ, глаголыр "ы"рэ "э"уэ къыщыӀум деж, *къежьапӀэрэ хуэкӀуапӀ*э зэрылъытэу *-зэхуэпхэндж лъэныкъуэ*кӀэ *унэтӀыгъэ* зэрызыхуаӀэу- мыхьэнэ зыгъуэту *лажьэ "глагол"*хэри щыӀэщи, мыпхуэдэ глагол щапхъэхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| «пышын – пышэн; гуэшын – гуэшэн». |

- "ЩӀыпӀэ" щыжытӀэм деж, *дэтхэнэ гуэрыр икӀи зы "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэу зэрылъытэфынур жыӀэпхъэщи, мы зэхуэпхэндж лъэныкъуэ зыхуаӀэ щапхъэ гуэрхэмрэ икӀи таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэ гуэрхэм я "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" гуэрхэр зы гуэр зэрылъытэу зэреджапхъэхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| - «гуэшэн – гуэшын; тешын – тешэн; тепщын – тепщэн – тепщхьэн»;<br>- «теун, щыун, щыуэн; щыщӀэн». |

- Глаголхэм зы къэхъупӀэрэ гъэзэщӀэпӀэ зэраӀэнум папщӀэ, хуиту "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" къызэращтэфынур гурыӀуэгъуэми, я мыхьэнэми зэрелъытакӀэрэ *глагол гуэрхэр "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэу е дэтхэнэ зы "щӀыпӀэ"м *теухуауэ* зэры*игъуэу* зэры*мылэжьа*пхъэри гурыӀуэгъуэщ; мыпхуэдэ глаголхэри *"щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *"префикс"к*Ӏэ *лэжьэну нэхъ игъуэ*у зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэу зы гуэр зэрылъытапхъэу мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэмрэ икӀи таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ щапхъэхэм щыщ гуэрхэр –мы я "щӀыпӀэ" мыхьэнэми теухуауэ е нэгъуэщӀ мыхьэнэкӀэрэ- икӀи *"щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *"префикс"*уи зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| - «теун, щыун, щыуэн; щыщӀэн»;<br>- «щыщӀын; щэӀун, щэӀуэн; щыхьэн; щыкӀын; щыхун; щыщын; щытын, щысын, щылъын; щыщхъын; щыщхъун, щыщхъуэн; щытхъун, щытхъуэн». |

- Мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ, *"щӀыпӀ*э" лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащӀэ *зы мак*ъращ ипэкӀэ таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуахэри, *"занщ*Ӏэ *глагол"*рэ *"глаголыпкъ"*ым *ищхьэм занщ*Ӏэ*у къыпыхьэ "префикс"*хэрщ. Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэрщи, мы *"щӀыпӀ*э" лӀэужьыгъуэ *"префикс" мак*ъхэр *нэхъыбэуи "э"к*Ӏэ *къызэ*Ӏуущ *"глаголыпкъыщхьэ"м къызэрыпыхьэр*. Ауэ, *"глаголыпкъыщхьэ"*м къыпыхьа *"префикс"* къалэн зыгъэзащӀэ *макъ гуэрхэр*и оригиналу *"ы"к*Ӏэ *къызэры*Ӏур нэрылъагъущ: *«и, щы»*. Мыбыхэм гъунэгъуу ущеплъым деж, *"щӀыпӀ*э" зылъытэ адрей макъхэм елъытауэ *абстакц*э мыхьэнэ зиӀэ макъхэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ; икӀи, ахэр "э"кӀэ къыщыӀум деж, мы *я мыхьэнэ*р *зэрызэхъуэк*Ӏынури гурыӀуэгъуэщ: «иин, щыин; иплъэн, щыплъэн».

- Мы макъхэм нэмыщӀ, зыгуэрым и *хэхьэп*Ӏэрэ *хэкӀып*Ӏэ зылъытэ "Ӏу" макъри *"щӀып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащӀэу *"ы"*рэ "э"кӀэ къызэрыӀуущ щапхъэ гуэрхэм зэрыхэплъагъуэри, "Ӏу" *щӀыпӀэм къыщыхъур*э *щыгъэзащ*Ӏэр *"ы"к*Ӏэ къызэрыӀуу *(Ӏу)* мэлъытэр; ауэ, а "Ӏу" *щӀыпӀэм хуэкӀуэ*рэ *хуэгъэзауэ*

*къэхъуу гъэзащ*Iэри "э"*к*Iэ къызэрыIуущ *(Iуэ)* зэрылъытэр. НытIэ, "щIыпIэ" зылъытэ "I*у*"м мы и *къэIукIит*Iыр *зэлъытар*и "*префикс*"у "Iу"м илъытэмрэ, "I*у*"*р* "*префикс*" *зыхуэхъу глаголыр* "I*у*" лIэужьыгъуэ "*щIып*Iэ"м *къыщызэрыхъ*урэ *щызэрыгъэзащ*Iэ щIыкIэращ *зэлъытар*. Аращи, глагол псоми "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"у "Iу"рэ "Iуэ"уэ къэIукIитIкIи "префикс" язэрыхуэмыхъупхъэр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, "Iу"р мы и къэIукIэкIэ ("ы"уэ) "ин"ым "префикс" щыхуэхъум деж, -зэкIэлъыкIуэу къэIу макъ Iуэрит Iыр (Iу, и) зэхэжыхьауэ къэмыIун папщIэ- "Iу"р щхьэжу къызэрыIуу щIыкIэу "Iу"м "ы"р къыкIэлъыкIуэу (Iуыин) е "Iу"м "ъ" нэхъыщэ къыкIэлъыкIуэу (Iуъин) тхыныр зэрыигъуэр гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэхэм япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам зэрезэгъкIэ, мыбдежым "Iу"р "ъ" нэгъыщэ къыкIэлъыкIуэу зэрыттхари нэрылъагъущ. ИпэкIэ къэта нэгъуэщI макъхэм ипэ къыщихуэм деж, "Iу"р "ъ" нэгъыщэкIэ тхын зэрыхуэмыныкъуэри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мыхэр зытежытIыхьа "ин" глыголри яхэтыжу, "щIыпIэ" префиксу "I*у*"р "*ы*"рэ "*э*"уэ *къэIукIит*Iри зыхэзыубыдэу ипэкIэ къэта "*префиксиал глагол*" щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ: «Iуъин - Iуэин; Iуун – Iууэн; Iугъун – Iуэгъун».

- Глагол мыхьэнэми зэрелъытауэщи, дэтхэнэ зы "*щIып*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"кIэ лэжьэн зыхуэ*имыгъуэ* е мыпхуэдэ щIыкIэу бзэм щы*земыкIуащэ* глаголхэри щыIэщи, *мыпхуэдэ*хэр ипэкIэ къэта *щапхъ*эхэм зэры*хэдымыгъэхьа*ри гулъытапхъэщ.

- ИкIи, къэта щапхъэ гуэрхэр бзэм "куэдыщэу щызекIуэу зэрыщымыт"ымрэ, "зэрызекIуэ щIыкIэ"хэри къыхэдгъэщащи, щIэныгъэ лIэужьыгъуэ "щIэн" глаголри мыпхуэдэу зэрыщытыр нэрылъагъущ. Ауэ, мы щIэныгъэ лIэужьыгъуэ "щIэн" глаголыр мыхьэнэкIэ зыпыщIа "щIын"рэ "щIыуэ щытын" лIэужьыгъуэ "щIэн" глаголыр "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"кIэ бзэм хуиту зэрыхэлэжьыхьри къэта щапхъэхэмкIэ гурыIуэгъуэщ. НытIэ, "щIын"рэ "щыIуэ щытын"ыгъэ "щIэн" глаголыр дэтхэнэ зы "щIыпIэ"м щыгъэзэщIэныр игъуэми, "щIын"рэ "щIэн (щIыуэ щытын)"кIэрэ нэрыбгэм игъуэт абстакцэ лъэкIыныгъэрэ щIэныгъэ лIэужьыгъуэ "щIэн"ыр "щIыпIэ"м щызэрылэжьапхъэр мыпхуэдэкъым; аращи, щIэныгъэ лIэужьыгъуэ "щIэн" глаголыр а "щIыпIэ"м щылэжьэн папщIэ, а "щIыпIэ"м зэрыщыгъэзэщIэнур а "щIыпIэ"ми лъабжьэ зэригъуэт "щы"ри "префикс"у къищтэн хуейуэ щытщ. Мыри аргуэру адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытрэ псалъэхэми зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ икIэ нэгъунэ щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейр къэзыгъэлъагъуэ щапхъэрщ; икIи, дэтхэнэ зы глаголыр езым и мыхьэнэм хуэфащэ "префикс"кIэ зэрылэжьэфынури гурыIуэгъуэ къытхуэзыщIырщ. НытIэ, ипэкIэ бзэм щыземыкIуащэу къэта щапхъэхэр "щы" префикскIэрэ бзэм зэрызекIуэну щIыкIэри къыпытщэжынщ:

- «ищIэн, IущIэн, къуэщIэн, хэщIэн, гуэщIэн, "щыщIэн", щIэщIэн, дэщIэн,

| |
|---|
| тещӏэн, фӏэщӏэн, пыщӏэн»; *("щыщӏэн" нэмыщӏхэр щызекӏуащэкъым)* <br> - нытӏэ, *мыхэр "щы" префикскӏэ къэӏуэтэныр нэхъ игъуэщ*: <br> «щищӏэн, щыӏущӏэн, щыкъуэщӏэн, щыхэщӏэн, щыгуэщӏэн, щыщӏэн – щыщыщӏэн, щыдэщӏэн, щытещӏэн, щыфӏэщӏэн, щыпыщӏэн». |

*

Мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏа "щӏыпӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс"хэм нэмыщӏ, **"щӏыкӏэ"** лӏэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащӏэ макъхэри яхэтщ. Аращи, "щӏыпӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс" къызэращтэу "глагол"хэр мы ипэкӏэ зэрыбагъуэхэм нэмыщӏ, "щӏыкӏэ" зылъытэ макъхэри "префикс"у къазэрыпыхьэу къэхъу глагол бэгъуэнызгъэу утыку къихьэ "префиксиал глагол" лӏэужьыгъуэхэми теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъагъуэу, тежыӏыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ.

Ауэ япэрауи, **"щӏыкӏэ"** лӏэужьыгъуэ **"префикс"** *къалэн* зыгъэзащӏэ *щхьэж* **макъ**хэмрэ, я *мыхьэнэ*хэм *елъытауэ* мыпхуэдэ къалэнхэр *зэрагъэзэщ*ӏэ*ф*хэм мыбдежым щыгъуазэ дыхуэхъунщ:

| Макъхэр | Я макъ мыхьэнэхэм елъытауэ ягъэзащӏэ "щӏыкӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс" къалэнхэр |
|---|---|
| Е | *Джык*ӏуэн, *екӏуэл*ӏэнрэ екӏуэтэлӏэн зэрылъытэ "префикс". |
| Нэ | *"Сэ"м пэжыжьэ хуэхъуу унэт*ӏыр зэрылъытэ "префикс". |
| Къэ | *"Сэ"м елъыта*уэ къежьапӏэрэ *пэщ*ӏ*эдзэ* зылъытэ "префикс". |
| Хуэ | Хуэкӏуэ - хуэунэтӏ - *хуэгъэзар*э *папщ*ӏэр зэрылъытэ "префикс". |
| - Зы <br> - Зэ | - *Езым хуэлэжьэж*ыныгъэ зэрылъытэ "префикс". <br> - *Зыр зым* (зы-э) хуэщӏэнрэ *зэ*(дэ)*щ*ӏыгъуныгъэ; икӏи *езым* зы*хуищ*ӏ*ыу щытын*ыгъэ (зы-э) зэрылъытэ "префикс". |
| Щӏэ(*) | *Лъабжьэ*рэ *щхьэусыгъуэ* зэрылъытэ "префикс". |
| Дэ | *Дэщ*ӏ*ын, щ*ӏ*ыгъун*, дэщӏыгъуныгъэу *гуп* зэрылъытэ "префикс". |
| Фӏэ | Фӏэнапӏэрэ къэрууфӏэу е *ерыгъэ*рэ *л*ӏ*ыгъэ* зэрылъытэ "префикс". |

"Щӏыкӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс" зэрагъэзащӏэ щӏыкӏэри мыпхуэдэу къызыхэдгъэщахэм теухуа детал гуэрхэри мы илъабжьэм къыпытщэжынщи, къыкӏэлъыкӏуэуи ахэр глаголхэм префикс язэрыхуэхъу щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Япэрауэ, я мыхьэнэхэм елъытауэ "*щ*ӏ*ык*ӏэ" лӏэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащӏэу къэдгъэлъэгъуа мы *мак*ъхэм щыщ гуэрхэр *ик*ӏ*и* "*щ*ӏ*ып*ӏэ" лӏэужьыгъуэ "*префикс*" зыгъэзащӏэу ипэкӏи зи гугъу тщӏа макъхэрауэ зэрыщытхэр гулъытапхъэщ: «щӏэ, дэ, фӏэ».

Мы макъхэм теухуауэ жыӏэпхъэхэри мы илъабжьэм къыщытӏуэтэнщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, "щӏагъ"рэ "лъабжьэ"м теухуауэ "щӏыпӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс"у бзэм хэлэжьыхьу ипэкӏэ щыгъуазэ дызыхуэхъуарэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа макъырщ "щӏэ" макъри, ар

икIи мы "*щIагъ*"рэ "*лъабжьэ*"м *игъуэт щIык*Iэ зэрылъытэуи "*щIык*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"у бзэм зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэ зы щапхъэкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ: «ин → щIеин».

Мыбы нэмыщI, "*щ*Iэ" макъыр икIи дэтхэнэ гуэрым *лъабжьэ хуэхъу*рэ "*щхьэусыгъуэ*" зэрылъытэф макъыу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ гуэрым мыпхуэдэ "префикс" къалэн хуигъэзащIэу зи щхьэ къызыпыхьэ псалъэри цIэ лIэужьыгъуэрэ "глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"хэрщ: «пп: "щIэкIуэр сыт? – щIэкIуэр мыращ; щIэкIуэнур сыт? – щIэкIуэнур ара? – аращ щIэкIуэнур; щIэкIуар сыт?" - мыбы папщIэщ щIэкIуар)». Мыбдежым зи гугъу тщIы "щIэ" макъыр зыгуэрым "лъабжьэ"рэ "щхьэусыгъуэ" зэрыхуэхъу "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"ыр мы къэта щапхъэхэм езэгъыущ, мыхъумэ, лэжьэну *инфинитив*у гъэпса "глагол"ым "префикс" хуэхъуу "*префиксиал глагол*" *къытехъукIкъым* "*щ*Iэ"*ми*, мыбы папщIэщ икIи "щIэ" макъыр таблицэм "(*)"уэ къыщIэдгъэлъэгъуар.

"ЩIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къалэн зыгъэзащIэу ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуарэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа "*ф*Iэ" *мак*ъыр икIи *хуэф*I *хъуныгъ*эрэ *лIыгъэк*Iэ гъэзащIэр зэрылъытэ "*щIык*Iэ"уи "*префикс*" къалэн зыгъэзэщIэф макъырщ: «хьын → фIэхьын; хъун → фIэхъун».

ИпэкIэ зэхуакурэ дэтыпIэ зылъытэ "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"у зи гугъу тщIа "*дэ*"р икIи *гуп*рэ *зэдэщIыгъун*ыгъэ зэрылъытэу "*щIык*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэни зыгъэзащIэ макъырщи, нэгъуэщIым *дэщIыгъу*н "*щIык*Iэ"у *щхьэж*у "*дэ*" *мак*ъыр "*префикс*" зэрыхъукIэрэ "*префиксиал глагол*"хэри мэухуэр: «щIын → дэщIын»; «щIэн → дэщIэн». Мы къэта щапхъэхэр нэгъуэщIыр щIыгъуныгъэу утыку къихьэ гупыр зэрылъытэ "дэ"уэ зэрылъытэ "префикс"ырщ. Ауэ, зы Iуэгъуэур *зыр зым ("зы-э" → "зэ") щIыгъу*ныгъэу "*гуп*"кIэрэ *(дэ) – зэдэщIыгъу*ныгъэу- къэхъурэ гъэзащIэу щытмэ, мы *гупым (дэ) хиубыдэхэм я зэхущытык*Iэри ("зыр зым": зэ) *къыхэщу* (зэдэ) зэрылъытэфынур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэуи "*щIык*Iэ" лIэужьыгъуэу "*префикситI*" зиIэ "*префиксиал глагол*"хэр мэухуэфыр: «щIын → зэдэщIын»; «щIэн → зэдэщIэн».

Мы зи гугъу тщIар "гуп"ымрэ (дэ) а гупыр къэзыгъэщIхэм я зэхущытыкIэр (зыр зым) къызыхэщу "*зэдэ*" *макъит*I "*префикс*"у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, "*дэ*"*м теухуа*уэ мы къэтIуэтахэр *икIи* "*щIык*Iэ" зылъытэ щхьэж макъ "*префикс*"у щыт "*зэ*"*ми* зэр*теухуа*р

гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, мы зи гугъу тщӀар нэхъыбэу *"зэ"м "дэ" зэрыхуэныкъуэу къэхъуа* макъитӀ *префиксу* зэрылъытапхъэри жыӀэпхъэщ.

Ауэ икӀи, мыбдежым зи гугъу тщӀыхэр *зы макъ закъуэр "префикс"* зэрыхъум теухуащи, мыбдежым мы зи гугъу тщӀахэр зыхэзыубыдэ *"макъыбэ префикс"*хэми иужькӀэщ щыгъуазэ дыщыхуэхъунур.

ИкӀи, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "макъ"хэр дэтхэнэ зы глаголыр зэрыгъэзащӀэ "щӀыкӀэ" зылъытэфхэрщ. Ауэ, *мыбыхэм нэмыщӀ* макъхэу глаголхэм *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс" къалэн* зыхуэзыгъэзащӀэ *нэгъуэщӀ макъхэр зэрыщы*Ӏэнури мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

НытӀэ, мы ягъэзащӀэ я мыхьэнэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуа **"щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"** къалэн зыгъэзащӀэ *щхьэж* **макъ**хэр "занщӀэ глагол"хэм –абыхэм ипӀэкӀэ **"макъ глагол"**хэм- *къазэрыпыхь*эу утыку къихьэ **"префиксиал глагол"**хэм теухуа *щапхъэхэр*и таблицэхэм зэрыхиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ; - икӀи, *ухуагъэххэ глаголхэр "префикс"к*Ӏэ *щыухуэжым* деж, я *"префикс"*хэр **къыхэгъэщауэ** *тхын* зэры*хуэмей*р мыбдежми дигу къэдгъэкӀыжынщ:

| **Макъ глаголхэр** | **"ЗанщӀэ глагол"хэм "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" къызэращтэу къатехъукӀ "префиксиал глагол"хэр** |
|---|---|
| Ин | - еин, нэин, къэин, хуэин, зыин, зэин, дэин, фӀэин; |
| Ун<br><br><br>-------------------<br>Уэн | - еун, нэун, къэун, хуэун, зыун, зэун, дэун, фӀэун;<br>- еуэн (е-у-э-н), нэуэн, къэуэн, хуэуэн, зыуэн, зэуэн, дэуэн, фӀэуэн; - *(нэхъыбэр бзэм щызекӀуащэкъым)*<br>------------------------------------------------------------------------------------<br>- еуэн, нэуэн, къэуэн, хуэуэн, зыуэн, зэуэн, дэуэн, фӀэуэн;<br>- еун (е-уэ-ы-н), нэун, къэун, хуэун, зыун, зэун, дэун, фӀэун; *(бзэм куэдыщэу хэлэжьыхькъым)* |
| Ӏун<br><br><br>-----------------<br>Ӏуэн | - еӀун, нэӀун, къэӀун, хуэӀун, зыӀун, зэӀун, дэӀун, фӀэӀун;<br>- еӀуэн (е-Ӏу-э-н), нэӀуэн, къэӀуэн, хуэӀуэн, зыӀуэн, зэӀуэн, дэӀуэн, фӀэӀуэн;<br>------------------------------------------------------------------------------------<br>- нэӀуэн, къэӀуэн, хуэӀуэн, дэӀуэн, фӀэӀуэн; |
| Хьын | - нэхьын, къэхьын, хуэхьын, зыхьын, зэ(дэ)хьын, дэхьын, фӀэхьын; |
| КӀын<br>КӀэн (кӀы-э-н) | - нэкӀын, къэкӀын, хуэкӀын, дэкӀын, фӀэкӀын;<br>- екӀэн, нэкӀэн, къэкӀэн, хуэкӀэн, зэкӀэн, дэкӀэн, фӀэкӀэн; |
| КӀуэн | - нэкӀуэн, къэкӀуэн, хуэкӀуэн, зэкӀуэн – зэ(дэ)кӀуэн, дэкӀуэн, фӀэкӀуэн; |
| Чын | - нэчын, къэчын, хуэчын, зэ(дэ)чын, дэчын, фӀэчын; |

| | |
|---|---|
| Чэн (чы-э-н) | - нэчэн, къэчэн, хуэчэн, зэчэн – зэ(дэ)чэн, дэчэн, фIэчэн; |
| Хъун | - нэхъун, къэхъун, хуэхъун, дэхъун, фIэхъун;<br>- нэхъуэн (нэ-хъу-э-н), къэхъуэн, хуэхъуэн, дэхъуэн, фIэхъуэн; |
| Хун | - нэухун, къэхун, хуэхун, зыхун, зэ(дэ)хун, дэхун, фIэхун;<br>- нэхуэн (нэ-ху-э-н), къэхуэн, хуэхуэн, зэ(дэ)хуэн, дэхуэн, фIэхуэн; |
| Гъын | - егъын, нэгъын, къэгъын, хуэгъын, зыгъын, зэгъын – зэ(дэ)гъын, дэгъын, фIэгъын;<br>- егъэн (е-гъы-э-н), нэгъэн, къэгъэн, хуэгъэн, зыгъэн, зэгъэн-2 – зэ(дэ)гъэн, дэгъэн, фIэгъэн; |
| Гъун | - нэгъун, къуэгъун, хуэгъун, зэгъун – зэ(дэ)гъун, дэгъун, фIэгъун;<br>- нэгъуэн(нэ-гъу-э-н), къэгъуэн, хуэгъуэн, зэгъуэн – зэ(дэ)гъуэн, дэгъуэн, фIэгъуэн; |
| Джын<br>------------------<br>Джэн | - нэджын, къэджын, хуэджын, зыджын, зэджын - зэ(дэ)джын, дэджын, фIэджын;<br>- нэджэн (нэ-джы-э-н), къэджэн, хуэджэн, зыджэн, зыджэн, зэ(дэ)джэн, дэджэн, фIэджэн;<br>------------------------------------------------------------------------------<br>- еджэн, нэджэн, къэджэн, хуэджэн, зыджэн, зэджэн-2 - зэ(дэ)джэн, дэджэн, фIэджэн; |
| Дзын | - едзын, нэдзын, къэдзын, хуэдзын, зыдзын, зэдзын, дэдзын, фIэдзын;<br>- едзэн (е-дзы-э-н), нэдзэн, къэдзэн, хуэдзэн, зыдзэн, зэдзэн, дэдзэн, фIэдзэн; |
| Жьын<br>------------------<br>Жьэн | - ежьын, нэжьын, къэжьын, хуэжьын, зыжьын, зэжьын, дэжьын, фIэжьын;<br>- ежьэн (е-джьы-э-н), нэжьэн, къэжьэн, хуэжьэн, зыжьэн, зэжьэн, дэжьэн, фIэжьэн;<br>------------------------------------------------------------------------------<br>- нэжьэн, къэжьэн, хуэжьэн, зыжьэн, зэ(дэ)жьэн, дэжьэн, фIэжьэн; |
| Жын<br>------------------<br>Жэн-2 | - нэжын, къэжын, хуэжын, зыжын, зэ(дэ)жын, дэжын, фIэжын;<br>- нэжэн, къэжэн, хуэжэн, зыжэн, зэжэн - зэ(дэ)жэн, дэжэн, фIэжэн;<br>------------------------------------------------------------------------------<br>- ежэн(1), нэжэн, къэжэн, хуэжэн, зэжэн, дэжэн, фIэжэн; |
| Зын<br>--------------<br>Зэн | - нэзын, къэзын, хуэзын, зызын, дэзын, фIэзын;<br>- нэзэн, къэзэн, хуэзэн, зызэн, дэзэн, фIэзэн;<br>------------------------------------------------------------------------------<br>- нэзэн, къэзэн, хуэзэн, зызэн, дэзэн, фIэзэн; |
| Щын-2<br>------------------ | - нэщын, къэщын, хуэщын, зыщын, зэ(дэ)щын, дэщын, фIэщын;<br>- (*нэху щын*): нэщын, къэщын, хуэщын, дэщын, фIэщын;<br>------------------------------------------------------------------------------ |

| | |
|---|---|
| Щэн | - ещэн, нэщэн, къэщэн, хуэщэн, зыщэн, зэщэн - зэ(дэ)щэн, дэщэн, фІэщэн; |
| ЩІын<br>------------------<br>ЩІэн | - нэщІын, къэщІын, хуэщІын, зыщІын, зэ(дэ)щІын, дэщІын, фІэщІын;<br>- ещІэн (е-щІы-э-н), нэщІэн, къэщІэн, хуэщІэн, зыщІэн, зэщІэн-2 - зэ(дэ)щІэн, дэщІэн, фІэщІэн;<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>- нэщІэн, къэщІэн, хуэщІэн, зыщІэн, зэ(дэ)щІэн, дэщІэн, фІэщІэн; |
| (*дзэ*р) Шын<br>------------------<br>Шэн | - нэшын, къэшын, хуэшын, зэ(дэ)шын, дэшын, фІэшын;<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>- ешэн, нэшэн, къэшэн, хуэшэн, зышэн, зэшэн, дэшэн, фІэшэн; |
| Сын<br>------------------<br>Сэн | - нэсын, къэсын, хуэсын, зысын, зэ(дэ)сын, дэсын, фІэсын;<br>- нэсэн (нэ-сы-э-н), къэсэн, хуэсэн, зысэн, зэ(дэ)сэн, дэсэн, фІэсэн;<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>- нэсэн, къэсэн, хуэсэн, зысэн, зэсэн, дэсэн, фІэсэн; |
| Лъэн | - елъэн, нэлъэн, къэлъэн, хуэлъэн, зэ(дэ)лъэн, дэлъэн, фІэлъэн; |
| Лын<br>Лэн (лы-э-н)<br>------------------<br>Лэн | - елын, нэлын, къэлын, хуэлын, зылын, зэлын - зэ(дэ)лын, дэлын, фІэлын;<br>- елэн, нэлэн, къэлэн, хуэлэн, зылэн, зэлэн-2 - зэ(дэ)лэн, дэлэн, фІэлэн;<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>- (*уэздыгъэ лэн*) нэлэн, къэлэн, хуэлэн, зэ(дэ)лэн, дэлэн, фІэлэн; |
| ЛІэн | - нэлІэн, къэлІэн, хуэлІэн, зэлІэн - зэ(дэ)лІэн, дэлІэн, фІэлІэн; |
| Дын<br>Дэн (ды-э-н)<br>------------------<br>Дэн | - едын, нэдын, къэдын, хуэдын, зы(хуэ)дын, зэдын-2 – зэ(хуэ)дын – зэ(дэ)дын, дэдын, фІэдын;<br>- едэн, нэдэн, къэдэн, хуэдэн, зы(хуэ)дэн, зэдэн-2 – зэ(хуэ)дын – зэ(дэ)дын, дэдэн, фІэдэн;<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>- нэдэн, къэдэн, хуэдэн, зыдэн, зэдэн, дэдэн, фІэдэн; |
| Тын | - етын, нэтын, къэтын, хуэтын, зытын, зэтын - зэ(дэ)тын, дэтын, фІэтын;<br>- етэн (е-ты-э-н), нэтэн, къэтэн, хуэтэн, зытэн, зэтэн-2 - зэ(дэ)тэн, дэтэн, фІэтэн; |
| ТІын<br>ТІэн (тІы-э-н) | - етІын, нэтІын, къэтІын, хуэтІын, зытІын, зэтІын, дэтІын, фІэтІын;<br>- етІэн, нэтІэн, къэтІэн, хуэтІэн, зытІэн, зэтІэн-2, дэтІэн, фІэтІэн; |
| Фын | - нэфын, къэфын, хуэфын, зэ(дэ)фын, дэфын, фІэфын;<br>- нэфэн (нэ-фы-э-н), къэфэн, хуэфэн, зэ(дэ)фэн, дэфэн, фІэфэн; |
| ФІын<br>ФІэн (фІы-э-н) | - ефІын, нэфІын, къэфІын, хуэфІын, зэфІын, дэфІын, фІэфІын;<br>- ефІэн, нэфІэн, къэфІэн, хуэфІэн, зыфІэн, зэфІэн-2, дэфІэн, фІэфІэн; |
| Вын<br>Вэн (вы-э-н) | - евын, нэвын, къэвын, хуэвын, зэ(дэ)вын, дэвын, фІэвын;<br>- евэн, нэвэн, къэвэн, хуэвэн, зэвэн - зэ(дэ)вэн, дэвэн, фІэвэн; |

| | |
|---|---|
| ------------------<br>*(псы)* Вэн | --------------------------------------------------------------------------------<br>- нэвэн, къэвэн, хуэвэн, зэ(дэ)вэн, дэвэн, фӀэвэн; |
| ПӀын<br><br>ПӀэн<br>(пӀы-э-н) | - нэпӀын, къэпӀын, хуэпӀын, зыпӀын, зэпӀын - зэ(дэ)пӀын, дэпӀын, фӀэпӀын;<br>- нэпӀэн, къэпӀэн, хуэпӀэн, зыпӀэн, зэпӀэн-2 - зэ(дэ)пӀэн, дэпӀэн, фӀэпӀэн; |

| | |
|---|---|
| ПкӀын<br><br><br>-------------------<br>ПкӀэн | - нэпкӀын, къэпкӀын, хуэпкӀын, зэ(дэ)кӀын, дэпкӀын, фӀэпкӀын;<br>- нэпкӀэн (нэ-пкӀы-э-н), къэпкӀэн, хуэпкӀэн, зэ(дэ)кӀэн, дэпкӀэн, фӀэпкӀэн;<br>------------------------------------------------------------------------------<br>- епкӀэн, нэпкӀэн, къэпкӀэн, хуэпкӀэн, зэ(дэ)пкӀэн, дэпкӀэн, фӀэпкӀэн; |
| ТкӀун<br><br>ТкӀуэн<br>(ткӀу-э-н) | - нэткӀун, къэткӀун, хуэткӀун, зыткӀун-, зэ(дэ)ткӀун, дэткӀун, фӀэткӀун;<br>- нэткӀуэн, къэткӀуэн, хуэткӀуэн, зэ(дэ)ткӀуэн, дэткӀуэн, фӀэткӀуэн; |
| Щхъын<br><br><br><br><br>Щхъэн<br>(щхьы-э-н) | - нэщхъын, къэщхъын, хуэщхъын, зэщхъын - зэ(дэ)щхъын, дэщхъын, фӀэщхъын; - *(бзэм куэдыщэу хэлэжьыхькъым)*<br>- "*гъэщхъын*"у холэжьыхь: "егъэщхъын, нэгъэщхъын, къэгъэщхъын, хуэгъэщхъын, зэгъэщхъын, дэгъэщхъын, фӀэгъэщхъын";<br>- нэщхъэн, къэщхъэн, хуэщхъэн, зэщхъын - зэ(дэ)щхъын, дэщхъын, фӀэщхъын; - *(бзэм куэдыщэу хэлэжьыхькъым)*<br>- "*гъэщхъэн*": "егъэщхъэн, нэгъэщхъэн, къэгъэщхъэн, хуэгъэщхъэн, зэгъэщхъэн, дэгъэщхъэн, фӀэгъэщхъэн"; |
| Щхъун<br><br><br><br><br>-------------------<br>Щхъуэн | - нэщхъун, къэщхъун, хуэщхъун, зыщхъун, зэщхъун, дэщхъун, фӀэщхъун; - *(бзэм нэхъ щызэрызекӀуэр* "хуэщхъун"*уэщ)*<br>- нэщхъуэн (нэ-щхъу-э-н), къэщхъуэн, хуэщхъуэн, зыщхъуэн, зэщхъуэн, дэщхъуэн, фӀэщхъуэн; - *(бзэм нэхъ щызэрызекӀуэр* "хущхъуэн, хуэщхъуэн"*уэщ)*<br>-----------------------------------------------------------------------------<br>- нэщхъуэн, къэщхъуэн, хуэщхъуэн, зэщхъуэн, дэщхъун, фӀэщхъун; |
| Тхъын<br><br><br><br>------------------<br>Тхъэн | - нэтхъын, къэтхъын, хуэтхъын, зытхъын, зэ(дэ)тхъын, дэтхъын, фӀэтхъын;<br>- нэтхъэн (нэ-тхъы-э-н), къэтхъэн, хуэтхъэн, зытхъэн, зэ(дэ)тхъэн, дэтхъэн, фӀэтхъэн;<br>-----------------------------------------------------------------------------<br>- нэтхъэн, къэтхъэн, хуэтхъэн, зэ(дэ)тхъэн, дэтхъэн, фӀэтхъэн; |
| Тхъун | - етхъун, нэтхъун, къэтхъун, хуэтхъун, зэтхъун-2 - зэдэтхъын, дэтхъун, фӀэтхъун;<br>- етхъуэн (е-тхъу-э-н), нэтхъуэн, къэтхъуэн, зэтхъуэн-2 – зэ(дэ)тхъун, дэтхъуэн, фӀэтхъуэн; |

| | |
|---|---|
| ------------------ | -------------------------------------------------------------------------------- |
| Тхъуэн | - (*щхьэц тхуэн*) нэтхъуэн, къуэтхъуэн, хуэтхъуэн, зэ(хэ)тхъуэн, зэ(дэ)тхъуэн, дэтхъуэн, тетхъуэн, фӏэтхъуэн;<br>- нэтхъун (нэ-тхъуэ-ы-н), къэтхъун, зэ(хэ)тхъун, зэ(дэ)тхъуэн, дэтхъун, фӏэтхъун; |
| Пхъын<br><br>Пхъэн<br>(пхъы-э-н) | - епхъын, нэпхъын, къэпхъын, хуэпхъын, зэпхъын-2 – зэ(дэ)пхъын, дэпхъын, фӏэпхъын;<br>- епхъэн, нэпхъэн, къэпхъэн, хуэпхъэн, зэпхъэн-2 – зэ(дэ)пхъэн, дэпхъэн, фӏэпхъэн; |
| Пхъуэн | - епхъуэн, нэпхъуэн, къэпхъуэн, хуэпхъуэн, зэпхъуэн, дэпхъуэн, фӏэпхъуэн; |
| Шхын<br>Шхэн<br>(шхы-э-н) | - нэшхын, къэшхын, хуэшхын, зышхын, зэ(дэ)шхын, дэшхын, фӏэшхын;<br>- нэшхэн, къэшхэн, хуэшхэн, зэ(дэ)шхэн, дэщхэн, фӏэшхэн; |
| Тхын<br><br>Тхэн<br>(тхы-э-н) | - етхын, нэтхын, къэтхын, хуэтхын, зытхын, зэ(дэ)тхын, дэтхын, фӏэтхын;<br>- етхэн, нэтхэн, къэтхэн, хуэтхэн, зытхэн, зэ(дэ)тхэн, дэтхэн, фӏэтхэн; |
| Лъхун<br>Лъхуэн<br>(лъху-э-н) | - нэлъхун, къэлъхун, хуэлъхун, зэ(дэ)лъхун, дэлъхун, фӏэлъхун;<br>- нэлъхуэн, къэлъхуэн, хуэлъхуэн, зэ(дэ)лъхуэн, дэлъхуэн, фӏэлъхуэн; |
| Пхын<br><br>Пхэн<br>(пхы-э-н) | - епхын, нэпхын, къэпхын, хуэпхын, зыпхын, зэпхын, дэпхын, фӏэпхын;<br>- епхэн, нэпхэн, къэпхэн, хуэпхэн, зыпхэн, зэпхэн, дэпхэн, фӏэпхэн; |
| Бгэн | - ебгэн, нэбгэн, къэбгэн, хуэбгэн, зэбгэн-2, дэбгэн, фӏэбгэн;<br>- ебгын (е-бгэ-ы-н), нэбгын, къэбгын, хуэбгын, зэбгын-2, дэбгын, фӏэбгын; |
| Бжын<br><br>Бжэн<br>(бжы-э-н) | - нэбжын, къэбжын, хуэбжын, зыбжын, зэбжын, дэбжын, фӏэбжын;<br>- нэбжэн, къэбжэн, хуэбжэн, зэбжэн – зэ(дэ)бжэн, дэбжэн, фӏэбжэн; |
| Бзын<br>Бзэн<br>(бзы-э-н) | - нэбзын, къэбзын, хуэбзын, зыбзын, зэбзын, дэбзын, фӏэбзын;<br>- нэбзэн, къэбзэн, хуэбзэн, зыбзэн, зэбзэн-2 - зэ(дэ)бзэн, дэбзэн, фӏэбзэн; |
| Пщын-3<br><br>Пщэн-2 | - нэпщын, къэпщын, хуэпщын, зыпщын, зэпщын, дэпщын, фӏэпщын;<br>- епщэн, нэпщэн, къэпщэн, хуэпщэн, зыпщэн, зэпщэн, дэпщэн, фӏэпщэн; |
| Пщӏын<br><br>Пщӏэн<br>(пщӏы-э-н) | - епщӏын, нэпщӏын, къэпщӏын, хуэпщӏын, зэпщӏын-2 - зэ(дэ)пщӏын, дэпщӏын, фӏэпщӏын;<br>- епщӏэн, нэпщӏэн, къэпщӏэн, хуэпщӏэн, зэпщӏэн-2 – зэ(дэ)пщӏэн, дэпщӏэн, фӏэпщӏэн; |
| Плъын | - нэплъын, къэплъын, хуэплъын, зэплъын - зэ(дэ)плъын, |

| | |
|---|---|
| ----------------- Плъэн | дэплъын, фӀэплъын;<br>- нэплъэн (нэ-плъы-э-н), къэплъэн, хуэплъэн, зэплъэн - зэ(дэ)плъэн, дэплъэн, фӀэплъэн;<br>--------------------------------------------------------------------------------<br>- нэплъэн, къэплъэн, хуэплъэн, зэплъэн – зэ(дэ)плъэн, дэплъэн, фӀэплъэн;<br>- еплъын (е-плъэ-ы-н), нэплъын, къэплъы(хьы)н, зыплъы(хьы)н, зэплъын, дэплъы(хьы/кӀы)н- фӀэплъы(хьы)н; |
| Блэн | - еблэн, нэблэн, къэблэн, хуэблэн, зыблэн, зэблэн, дэблэн, фӀэблэн; |
| Щтын<br><br><br><br>-----------------<br>Щтэн-2 | - нэщтын, къэщтын, хуэщтын, зэщтын - зэ(дэ)щтын, дэщтын, фӀэщтын;<br>- нэщтэн (нэ-щты-э-н), къэщтэн, хуэщтэн, зэщтэн - зэ(дэ)щтэн, дэщтэн, фӀэщтэн;<br>-------------------------------------------------------------------------------<br>- нэщтэн, къэщтэн, хуэщтэн, зэщтэн - зэ(дэ)щтэн, дэщтэн, фӀэщтэн; |
| Пщтын | - нэпщтын, къэпщтын, хуэпщтын, зэпщтын - зэ(дэ)пщтын, дэпщтын, фӀэпщтын. |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Илъытэу зытеухуа Ӏуэхугъуэр *екӀуал*Ӏэрэ *хуэкӀуэ*у (е) *гъэзащ*Ӏэ *глагол*хэр зэрыщыӀэм хуэдэжу, мыпхуэдэ щӀыкӀэу *мыгъэзэщӀапхъэ глагол*хэри щыӀэщи, мы ипэкӀэ таблицэм хиубыдэ щапхъэхэм *"е" префикс зи*Ӏэрэ *зимы*Ӏэ *глагол*хэр язэрыхэтыр нэрылъагъущ. Аращи, глаголым "е" префикс къищтэрэ къимыщэфу зэрыщытыр а глаголым и мыхьэнэм –а Ӏуэхур зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэм- елъытащ. Ауэ икӀи, аргуэру глагол мыхьэнэм елъытащи, глагол гуэрхэм занщӀэу "е" префикс къащтэфу щытми, глагол гуэрхэм "е" префикс къыщащтэм деж я къэӀукӀэри зохъуэкӀыфыр: "ы"кӀэ къэӀу *глагол гуэрхэм "е" префикс къыщащтэм* деж, я *къэӀук*Ӏэри "*э*"уэ зохъуэкӀыр.

- *Зыр зым* зэры*хуэлажьэ щӀык*Ӏэр *"зэ" префикс*кӀэ зэрылъытам ипэкӀи щыгъазэ дыхуэхъуагъащи, таблицэхэм *"зэ" префикс зи*Ӏэу къыщыта *щапхъ*эхэри хыболъагъуэр. Зыр зым хуэлажьэрэ зэрыхущытыкӀэр зылъытэрщ "зэ" префиксри, *зыр зым зэрыхулажьэ*р нэхъ Ӏ*упщӀыу лъытэн*ым (хуэ) нэмыщӀ, *зыр зым хуэлажьэ*у щыжытӀэм деж, мыр икӀи зы *гуп*у зэрылъытапхъэм папщӀэ, *глагол гуэрхэм* -я мыхьэнэми зэрелъытащи- *"зэ" префикс къыщащтэм* деж, икӀи *"хуэ" е "дэ" префикс*и къащтэн хуей мэхъур. Мыпхуэдэ щапхъэхэр хыболъагъуэр ипэкӀэ къэта таблицэхэми, я *нэхъыбэри "зэ"м "дэ" дищӀыгъу щапхъ*эхэрщ. Аращи, глагол мыхьэнэм елъытащи, *"зэ" префикс закъуэ* зиӀэу ухуэрэ лэжьэкӀэ зыгъуэт *"префиксиал глагол"*хэр зэрыщыӀэм *нэмыщ*Ӏ, икӀи *"зэ(дэ)"* щӀыкӀэу *"префиксит*Ӏ*"*и зыхэзыубыдэ *"префиксиал глагол"*хэри щыӀэщ. Мыпхуэдэу "зэ"рэ "зэдэ" префиксхэмкӀэ ухуэф глаголхэм нэмыщӀ, "зэ" префикс

закъуэкӀэ мыухуэу, ″зэ″м ″дэ″ префиксри дищӀыгъуу ухуэ глаголхэр щыӀэщи, мыхэр *зыр зым (зэ) дэщӀыгъуу (дэ) къэхъурэ гъэзащ*Ӏэ щӀыкӀэу ″*зэдэ*″ *префикс*кӀэрэ ухуэф ″*префиксиал глагол*″хэрщ. Дауи, мыхэр а глаголхэм я мыхьэнэм теухуащи, ″*зэ*″ *префикс закъуэ* зы*хурикъу*у ухуэ ″*префиксиал глагол*″хэр щыӀэщ; ″зэ″ префикскӀэ зэрыухуэфым нэмыщӀ, икӀи ″*зэ*″*р икӀи зы гуп*ым -″дэ″ми- *теухуауэ* зэрыщыткӀэрэ *зэдэлэжьэн*ыгъэ (зэдэ) зэры*лъытэ*у ″*префиксиал глагол*″уи ухуэфхэр щыӀэщ; ауэ икӀи, ″*зэ*″ *префикс*кӀэ *мыухуэ*у ″*зэдэ*″ *закъуэ*кӀэ *–зэдэлэжьэн*ыгъэ лӀэужьыгъуэу- ″*префиксиал глагол*″у ухуэфхэри щыӀэщ. Ауэ, мыбдежым щхьэж макъ закъуэ ″префикс″хэм теухуа щапхъэхэрщ ди Ӏуэхури, мыбы папщӀэщ ″зэ″м къыкӀэлъыкӀуэу гуп зылъытэр ″(дэ)″уэ къыщӀэдгъэлъэгъуар.

- ″Зэ″м нэмыщӀ ″зы″ префиксми ипэкӀэ щыгъазэ дыхуэхъуащи, таблицэхэми ″зы″ префикс зиӀэ ″префиксиал глагол″ щапхъэхэр зэрыхэтри нэрылъагъущ. ″*Зы*″ *префикс* зиӀэ ″*глагол*″ыр ″*субъект*″*ым* езым ищхьэм *хуигъэлэжьэж*у зэрылъытэр гурыӀуэгъуэщи, глагол псори ″субъект″ым езым и щхьэм хуилэжьыжыфын Ӏуэхугъуэу зэрыщымытынури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, ″*зы*″ *префикс* зиӀэ щапхъэхэу таблицэхэм хэплъагъуэхэр *субъектым езым и щхьэм хуигъэлэжьыж*ыф *глагол*хэрауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, *мыпхуэдэу щымыт глагол*хэми ″*зы*″ префикс зиӀэ ″*префиксиал глагол*″ *язэрыхэмыт*ри нэрылъагъущ.

- Мы зэрыжытӀауэ, *езым зыхуилэжьыж*ыр ″*зы*″ *префикс*кӀэ зэрылъытэр гурыӀуэгъуэщи, *езым хуилэжьыжу (зы) щытын*ри (э) адыгэбзэм ″*зы-э* → *зэ*″*уэ зэрылъытапхъ*эр гурыӀуэгъуэщ; икӀи, *зыр зым зэрыхущытык*Ӏэри ″*зэ*″ *префикс*кӀэ зэрылъытэри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, ″*зэ*″ *префикс*ым *зыр зым хуалэжь*ыр икӀи *езым хуилэжьыж*у щытыр елъытэфри, мыпхуэдэу *лъэныкъуит*Ӏ *зылъытэу* ″*зэ*″ *префикс* зиӀэ *щапхъ*эхэу таблицэхэм ″2″уэ къыщыгъэлъэгъуа гуэрхэр мыбдежми къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| - «щӀын → щӀэн (щӀы-э-н) → ″зэщӀэн-2″»;<br>- «дын → ″зэдын-2″»; «дэн (ды-э-н) → ″зэдэн-2″»;<br>- «пхъын → ″зэпхъын-2″»; «пхъэн (пхъы-э-н) → ″зэпхъэн-2″»;<br>- «плъэн → ″зэплъын-2″ (зэ-плъэ-ы-н)»;<br>- «бзэн → ″зэбзэн-2″». |

- Мы къэтӀуэтахэм къызэрыхэщщи, глагол псоми зэхуэдэ къэхъукӀэрэ гъэзэщӀэкӀэ яӀэкъым; глагол псори дэтхэнэ зы щӀыкӀэкӀэ лэжьэфкъым; нытӀэ, глагол псоми ″щӀыкӀэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″ псори къащтэкъым; мыпхуэдэу зэрыщытри таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа ″префиксиал глагол″ щапхъэхэм хыболъагъуэр. Мы зэрыжытӀауэ, глагол псоми ″щӀыкӀэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″ псори къащтэкъым; ауэ икӀи, ″щӀыкӀэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″кӀэ ухуа ″префиксиал глагол″у къэдгъэлъэгъуа щапхъэ гуэрхэр бзэм хроникэ зэрыхэмыхъухьарэ куэдыщэу щыземыкӀуэу къыхэдгъэщами, я

зэпкъырыувэкІэрэ мыхьэнэкІэ игъуэу зэрылъытапхъэри мыбдежым аргуэру къыщыхэлгъэщынщ.

- Мы къыпытщэжам нэмыщІ, "щІыпІэ" лІэужьыгъуэ "префикс"хэм дежи макъ гуэрхэм я къэІукІэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам хуэдэу, мыбдежми *зи къэІукІэр адрейхэм хуэмыдэ*у щыт "*щІыкІэ*" лІэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащІэ зы *макъ яхэтщи*, мыбдежым мыбыи и гугъу тщІынщ. Мы макъыр "*префикс*" зыхуэхъуа "*занщІэ глагол*"ыр" -"*глаголыпкъ*"ыр- "*субъект*"ым *езым* зэрыз*ыхуигъэлэжьэж*ыр зэрылъытэ "*зы*" *мак*ъращи, мы макъыр "*ы*"*к*Іэ *къыщІ*эІури мы *игъэзащ*Іэ "щІыкІэ" *мыхьэнэм* зэрезгъри гурыІуэгъуэщ.

## "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ АРГУЭРУ "ПРЕФИКС" КЪАЩТЭУ "**ПРЕФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ**" КЪАЗЭРЫТЕХЪУКІХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкІэ "занщІэ глагол" лІэужьыгъуэу "макъ глагол"хэм зы "префикс" къызэрищтэу "префиксиал глагол"у зэрыухуэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыбдежми *глагол*хэм *зым нэхъыбэ префикс* къызэращтэу "*префиксиал глагол*" -префиксыбэ глагол- зэрыхуэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынущ.

ЗэрыгурыІуэгъуэу, мы ипэкІэ "*префикс*" лІэужьыгъуэу *щхьэж* "*макъ*"хэращ зи гугъу тщІари, къэдгъэлъэгъуа "*префиксиал глагол*"хэри *зы* щхьэж *макъ зыхэзыубыдэ* щапхъэхэрщ. НытІэ, мы къэтхьа щапхъэхэм елъытауэ мыбдежым зи гугъу тщІынури *макъ гуп -макъыбэ-* зыхэзыубыдэу утыку къихьэ "*префиксиал глагол*"хэращи, "*макъыбэ префиксиал глагол*"хэрщ. Мыбыхэм теухуа щапхъэхэри ипэкІэ зи гугъу тщІа щхьэж макъ лІэужьыгъуэ "*префикс*"хэм теухуауэ къэтхьынри игъуэщи, нытІэ, щхьэж *макъ* лІэужьыгъуэу "*префиксыбэ глагол*"хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Аращи, мы илъабжьэм зи гугъу тщІыну "*префиксыбэ глагол*"хэр *макъ лІэужьыгъуэ* "*префикс*"хэрщи, "*макъитІрэ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ префикс*" лІэужьыгъуэ "*префиксыбэ глагол*"хэрщ.

НытІэ, мы "занщІэ глагол" лІэужьыгъуэу "макъ глагол"хэмрэ "макъитІ е нэхъыбэ зыхиубыдэ занщІэ глагол"хэм "префикситІ"рэ нэхъыбэ къызэращтэу ухуэ "префиксыбэ глагол"хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ; икІи, къызэрыхъуа щІыкІэкІэ зы "префикс" е нэхъыбэ зиІэу ухуа "префиксиал глагол"хэми аргуэру зы е нэхъыбэ

"префикс" къызэращтэу ухуэж "префиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэ къэгъэлъэгъуэнращ къытпэщытыр.

Мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, "префиксыбэ глагол" жыхуэтӀэхэм утыку къихьэкӀитӀ яӀэу лъытапхъэщи, зыр зэрыухуагъэххэу "префиксыбэ глагол"хэрщ; адрейри "занщӀэ глагол"у щытхэм "префикс" къызэращтэу е зы "префикс" зиӀэххэу ухуа "префиксиал глагол"хэм аргуэру "префикс" къызэращтэущ.

НытӀэ, "префиксыбэ глагол"хэр утыку къызэрихьэм теухуауэ мы къытпэщыт лэжьыгъэр мы зи гугъу тщӀа глагол лӀэужьыгъуэ псоми теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу къедгъэкӀуэкӀын зэрыхуейри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, мы зи гугъу тщӀа *зэмылӀэужьыгъуэ "префиксыбэ глагол"* псоми теухуа *щапхъэ*хэр къэхьын *нэхъ*рэ, мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэхэм теухуауэ *зы макъ "префикс"* лӀэужьыгъуэ зыхэзыубыдэ *"префиксиал глагол" щапхъэ гуэрхэм аргуэру зы макъ* къызэрыпыхьэу ухуэ *"префиксыбэ глагол"*хэр *щапхъэ*у къэгъэлъэгъуэныр ирикъунурэ игъуэуи лъытапхъэщ.

НытӀэ, мы зэрыжытӀауэ, ипэкӀэ *"макъ глагол"*хэм *зы "префикс"* къазэрыпыхьэу къатехъукӀа *"префиксиал глагол"хэм аргуэру зы* -е нэхъыбэ- *"префикс"* къазэрыпхьэу къатехъукӀ *"префиксыбэ глагол"*хэр щапхъэу къэдгъэлъэгъуэнщи, мы щапхъэхэри *"префиксыбэ глагол"* лӀэужьыгъуэ псоми теухуа *щапхъэхэу* тлъытэнщ. Ауэ икӀи, *иужьрей лэжьыгъэ Ӏыхьэр "префикс"хэм теухуа*щи, *"префиксыбэ"*хэмрэ хиубыдэ *"префикс"*хэм я *зэхущытыкӀэхэми* абдежым икӀэ нэгъунэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъунур мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Ауэ, "макъ глагол"хэр "префикс"кӀэрэ "префиксиал глагол"у зэрыухуэ дэтхэнэ зым аргуэру "префикс" къызэрищтэу утыку къихьэну *"префиксыбэ глагол"* бжыгъэри куэд зэрыхъунур гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, мыбыхэми *щыщ гуэрхэр щапхъэ*у къэдгъэлъэгъуэныр игъуэу лъытапхъэщ. Аращи, кӀыхь мыхъун папщӀэ, *"префиксиал глагол" гуэрхэм аргуэру "префикс"* къызэрыпыхьэу утыку къихьэ *"префиксыбэ глагол"* щапхъэхэр мы ипэкӀэ *"макъ глагол"*хэм *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэу *е "щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэу *зы "префикс"*кӀэрэ *гупит*Ӏыу ухуауэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт *"префиксиал глагол" гуэрхэм "щӀыпӀэ"*рэ *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэу *"префиксит*Ӏ*"* зыхиубыдэу – нэхъ зэӀухуауи, *"щӀыпӀит*Ӏ *(1), щӀыкӀит*Ӏ *(2), зы щӀыпӀэрэ зы щӀыкӀэ (3)"* лӀэужьыгъуэу *"префиксит*Ӏ*"* зыхиубыдэу- утыку къихьэ *"префиксит*Ӏ *-е нэхъыбэ- зи*Ӏэ

*глагол*"хэр "*префиксыбэ глагол*" щапхъэхэу къэгъэлъэгъуэныр игъуэщи, дэтхэнэ зы глаголым теухуа щапхъэхэри зы таблицэм хиубыдэу къэдгъэлъагъуэу, тежыӀыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ.

Лэжьыгъэр кӀыхь дыдэ мыхъун папщӀэ, щапхъэ гуэрхэмкӀэ зыхуридгъэкъуу аращ мы зи гугъу тщӀыри, мы лэжьыгъэм къыпыщэнрэ глагол псоми щыгъуазэ хуэхъунри -*къэдымыхьа щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэнри- еджакӀуэхэм къахуренэ*!

Ауэ икӀи, я мыхьэнэрэ ягъэзащӀэ ӀуэхугъуэкӀэ зэщхь глаголхэри щыӀэщи, нытӀэ, еджакӀуэхэм къахуэдгъэна мы лэжьыгъэми дэӀэпыкъуэгъу хуэхъун папщӀэ, *къэдгъэлъагъуэ щапхъэхэм хуэдэрэ ещхь* лэжьэкӀэрэ зэпкъырыувэкӀэ зиӀэ нэгъуэщӀ *глагол*хэри къыхэдгъэщынщ. Ауэ, *дэтхэнэ зы глагол*ри *езым хуэӀуа* мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэ зиӀэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщи, къэтхьа *щапхъ*эхэм *хуэдэ*рэ *ещхь*у къыхэдгъэща *глагол*хэми теухуа *щапхъэхэр* щхьэхуэу *къэгъэлъэгъуэн* зэры*хуей*ри гурыӀуэгъуэнщ; икӀи, къэтхьа щапхъэхэм хуэдэрэ ещхьу *къыхэдымыгъэща глагол*хэри *зэрызэпкъырыув*эрэ зэры*лажь*эм теухуа *щапхъэхэр* къэгъэлъэгъуэнри *еджакӀуэхэм къахуон*эр.

**"ЩӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэр зыхэзыубыдэ "префиксыбэ глагол"хэм теухуауэ.**

Мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхаущӀауэ, мы илъабжьэм "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу щыт **"макъ глагол"** гуэрхэр **"щӀыпӀэ" префикс**кӀэ ухуэжу къатехъукӀ **"префиксиал глагол"**хэм **аргуэру "щӀыпӀэ" префикс** къызэращтэу **"щӀыпӀитӀ"** *зылъытэ* **"префикситӀ"** зиӀэу утыку къихьэ **"префиксыбэ глагол"**хэм теухуа *щапхъ*эхэр къэдгъэлъэгъуэнущи, нытӀэ, мы къэдгъэлъэгъуэну *щапхъэхэм хуэдэ*рэ *ещхь лэжьэк*Ӏэрэ *зэпкъырыувэк*Ӏэ зиӀэ *нэгъуэщ*Ӏ *глагол*хэри мы къэта щапхъэхэм къыкӀэлъыкӀуэуи *къыхэдгъэщынщ*.

"Префиксыбэ глагол"хэр мы утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэхэри таблицэхэу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщи, нытӀэ, мыпхуэдэ дэтхэнэ зы таблицэм "макъ глагол", абы зы "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ зы "префикс" закъуэр къызэрищтэкӀэрэ къытехъукӀ "префиксиал глагол"хэр, мыбыхэми аргуэру "щӀыпӀэ" префикс къызэращтэу утыку къихьэ "префиксыбэ глагол"хэр зэрыхиубыдапхъэр гурыӀуэгъуэнщи,

къытпэщыт мы лэжьыгъэр мыпхуэдэ зы таблицэ щапхъэм щӏэдджыкӏынщ:

| **Макъ глагол** | **Зы "щӏыпӏэ" префикс зиӏэу ухуа "префиксиал глагол"хэр** | **"Щӏыпӏэ" префиксхэр зыр зым къыкӏэлъыкӏуэу ухуэ "префиксыбэ глагол"хэр** |
|---|---|---|

Япэрауи, *"макъ ӏуэр глагол"*хэм теухуа зы щапхъэу, *"ин"* макъ глаголым *зы "щӏыпӏэ"* лӏэужьыгъуэ *"префикс"*кӏэ къытехъукӏ *"префиксиал глагол"*хэм *аргуэру "щӏыпӏэ"* лӏэужьыгъуэ *"префикс"* къазэрыпыхьэу *"префиксыбэ глагол"*хэр утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэхэр -мы ипэкӏэ къэта таблицэм хиубыдэу- къэдгъэлъэгъуэнщи, щапхъэхэм тежыӏыхьыпхъэхэри таблицэ нэужьым къыщыпытщэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| Ин | - иин → | - ӏуиин, къуиин, хиин, гуиин, щиин, щӏиин, диин, тиин, фӏиин, пиин; |
| | - "ӏуъин - ӏуэин" → | - къуӏуъин – къуӏуэин, хыӏуъин - хыӏуэин, гуӏуъин - гуӏуэин, щыӏуъин - щыӏуэин, щӏыӏуъин - щӏыӏуэин, дыӏуъин – дыӏуэин, фӏыӏуъин – фӏыӏуэин, пыӏуъин – пыӏуэин; |
| | - къуэин → | - щыкъуэин, щӏэкъуэин; |
| | - хэин → | - щыхэин; |
| | - гуэин → | - щыгуэин; ӏугуэин, къугуэин, щӏыгуэин, фӏыгуэин, пыгуэин; |
| | - щыин → | - щыщыин; |
| | - щӏэин → | - щыщӏэин; |
| | - дэин → | - щыдэин; |
| | - теин → | - щытеин; |
| | - фӏэин → | - щыфӏэин; |
| | - пыин → | - щыпыин; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Япэрауэ, *"префикс" нэхъыбэ*р "занщӏэ глагол"рэ *"глаголыпкъ"*ым *ищхьэ* дыдэм *къызэрыпыхьэр "э"кӏэ къызэрыӏуу* зэрыщытыр нэрылъагъуэщи, зы *"префикс" закъуэ* зиӏэу ухуа *"префиксиал глагол"*хэу ипэкӏэ къэта мы щапхъэхэми мыр *хыболъагъуэ*р. Ауэ, *макъ гуэр*хэр –я мыхьэнэми елъытащи- *"префикс"* къалэн ягъэзащӏэу дэтхэнэ зы щӏыпӏэм *"ы"*кӏэ *къэӏуу* зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, ипэкӏи щыжытӏагъащ (пп: и, щы, пы). Мыпхуэдэу *"ы" къэӏук*ӏэ зиӏэ *"префикс"*хэр мы къэта *"префиксыбэ глагол"* щапхъэхэми *хыболъагъуэ*р (ӏуиин, къуиин; щиин, щыкъуэин; щыпыин). Мыбыхэм *нэмыщ*ӏ *"префикс"*хэр *"глаголыпкъыщхьэ"*м *"э"кӏ*эрэ *къэӏуу* къызэрыпыхьэри нэрылъагъуэщ (ӏугуэин, къуӏуэин, щӏыӏуэин; щыгуэин; ӏугуэин, къугуэин). Ауэ, "глаголыпкъыщхьэ" дыдэм "э"кӏэ къэӏуу къыпыхьэ мы "префикс"хэр *"глаголыпкъыщхьэ" дыдэм нэмыщ*ӏ *щӏыпӏ*эхэм –префиксыщхьэрэ префиксыкум- *къыщыӏу* щӏыкӏэри *"ы"уэ* зэрыщытыр мы къэта щапхъэхэм *хыболъагъуэ*р.

- Мы жытӀахэр пэжми, ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, "Ӏу" *макъ*ымрэ ар "префикс" зыхуэхъу *глагол мыхьэнэм* –глаголыр зытеухуа Ӏуэхугъуэм-*елъытащи*, "*глаголыпкъыщхьэ*"уи "Ӏу"уэ икӀи "э"кӀэ къэӀуу -"Ӏуэ"уэ- "*префикс*" зэрыхъури гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, "Ӏу"р "ин" глаголыщхьэм занщӀэу префикс щыхуэхъум деж, къызэрыӀур хэмыгъуэщэн папщӀэ, "ъ" нэгъыщэкӀэ тхын зэрыхуейр ипэкӀи къыхэдгъэщагъащ. Ауэ, "*ин*" глаголым и "*префикс*"у щыт "*и*"*м ипэ* къыщихуэм деж, "Ӏу"*м* -икӀи, нэгъуэщӀ макъ Ӏуэр къэӀукӀэ зиӀэ "префикс"хэм- "ъ" нэхъыщэ зэры*хуэмынык*ъуэри къыхэгъэщыпхъэщ. Мы къыхэдгъэщахэм теухуа щапхъэщ мыхэр:

| |
|---|
| - «Ӏуиин, къуиин, хиин, гуиин, щиин, щӀиин, диин, тиин, фӀиин, пиин»; |
| ------------------------------------------------------------------------------------------------ |
| - «щыӀуъин - щыӀуэин; къуӀуъин – къуӀуэин, хыӀуъин - хыӀуэин, гуӀуъин - гуӀуэин, щӀыӀуъин - щӀыӀуэин, дыӀуъин – дыӀуэин, фӀыӀуъин – фӀыӀуэин, пыӀуъин – пыӀуэин». |

- *Адрей* "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэм *къащхьэщык*Ӏ "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"у щыт "*и*"мрэ "*щы*"р *сытым дежи* "ы"кӀэ *къызэры*Ӏур жытӀагъащи, ипэкӀэ къэта щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу, мыпхуэдэу зэрыщытми лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъури къыпытщэжынщ:

| |
|---|
| - «Ӏуиин, къуиин, хиин, гуиин, щиин, щӀиин, диин, тиин, фӀиин, пиин»; |
| - «щиин; щыӀуъин - щыӀуэин; щыкъуэин; щыхэин; щыгуэин; щыщыин; щыщӀэин; щыдэин; щытеин; щыфӀэин; щыпыин»; |

- Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэрщи, "*и*"*р* мы къызэрыӀу щӀыкӀэу "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" зэрыхъури "*префикс*"*хэм къак*Ӏ*элъык*Ӏ*уэ*рэ "*префиксык*Ӏэ"у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ; "*щы*"ри мы къызэрыӀу щӀыкӀэу "*префикс*" зэрыхъури "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэм я *ищхьэ* лъэныкъуэр зи увыпӀэу "*префиксыщхьэ*"у зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ. Мыпхуэдэу зэрыщытым лъабжьэ хуэхъури мы *макъ*хэм (и, щы) я *мыхьэнэ*мрэ ягъэзащӀэ "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" *къалэн*ым елъытащ. Мыбы нэмыщӀ, мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, "*и*"мрэ "*щы*"р "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэр *адрей* "*щып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" *псоми дэщ*Ӏ*ыгъуу* "*префиксыбэ*"*м* зэры*хэхьэ*фри гурыӀуэгъуэщи, мыри абыхэм *я* "*щып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *мыхьэнэ*хэм *елъыта*щ.

- "*Щ*Ӏ*ып*Ӏэ"у *абстакт* лӀэужьыгъуэу зи гугъу тщӀарэ икӀи *адрей* "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэми *лъабжьэ* яхуэхъу зэрылъытапхъэр къыхэдгъэщауэ щыта "*и, щ*" макъхэр *адрей* "*префикс*"*хэм дэщ*Ӏ*ыгъуу* мы я мыхьэнэхэм теухуа "*префикс*" къалэн зыгъэзэщӀэфырщ. Мыпхуэдэу зэрыщытри "*и*"м "*джыгъуэ, джып*Ӏэ" зэрилъытэфымрэ, "*щы*"ми "*зэман/эспас*" ("зэман"рэ "щӀыпӀэ" лъабжьэ) зэрилъытэфым теухуащ. ИкӀи, мы къэта щапхъэхэм я префиксыщхьэр "щы" макърауэ зэрыщытри нэрылъагъущи, "*щы*" *префикс*ыр адрей "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэм *ищхьэ* лъэныкъуэм къыщӀыпыхьэр "*щ*" макъыр

*щыӀэгъуэ лъабжьэ* мыхьэнэ иӀэу зэрыщытым зэрегъэщ; икӀи, *"щӀыпӀэ"хэм пӀэ яхуэхъуу* зыдэщыӀэ *"щӀыпӀэ"*хэми я *лъабжьэжу* щыт *"зэман/эспас" (time/space; temps/espace)* -е арапыбзэу *"зэман/мекан"* (адыгэбзэ *"к"*ым хуэдэу *псыгъуэу* къэӀуу)- жыхуэтӀэри зэрыигъуэу *"щ" макъ*кӀэрэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ.

- Мы зи гугъу тщӀа "префикс"хэм (и, щы) нэмыщӀ, ипэкӀи зи гугъу тщӀа "Ӏу"ри хэтыжу, *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс" гуэрхэр адрей "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" гуэрхэм дэщӀыгъуу "префиксыбэ"м хохьэф*ри, мыри мы макъхэм ягъэзащӀэ "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" къалэнымрэ икӀи "префикс" зыхуэхъу "глагол" мыхьэнэм елъытащ:

| |
|---|
| - «щӀыкъуэин (*"щӀагъ"ыр икӀи зы "къуагъ"* лӀэужьыгъуэщ)»; |
| - зы *"щӀыпӀэ"р икӀи* зы *джыпӀэ* Ӏэ*нат*Ӏэрщ (гу): «Ӏугуэин, къугуэин, щӀыгуэин, фӀыгуэин, пыгуэин»; |
| - зы *"къуагъ"рэ "щӀагъ"ым икӀи* зы "Ӏу" лӀэужьыгъуэ Ӏыхьэрэ ӀэнатӀэ яӀэфынщ: «къуӀуин – къуӀуэин, щӀыӀуин – щӀыӀуэин». |

- И мыхьэнэми елъытащи, дэтхэнэ зы "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"ым ищхьэм къыпыхьэф *"щы" префикс*ыр икӀи зы *"щы" префикс*кӀэ ухуа *"префиксиал глагол"*хэми *ищхьэм къыпыхьэфу* -*"префиксит*Ӏ"ри *"щы"*уэ- *"префиксыбэ глагол"* утыку къызэрихьэфыр ипэкӀэ къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр (щыин; щыщыин).

- "Те"уэ (е: "эй") мы *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*ыр глаголыр – зытеухуа Ӏуэхугъуэр- *лъэгапӀэм (т) ирикӀуэу (иэ, эй)* зэрыгъэзащӀэр зылъытэрщи, абы *"и" префикси къыщыкӀэлъыкӀуэм* деж, а глаголыр -Ӏуэхугъуэр- а лъэгапӀэм (т) ирикӀуэу гъэзэщӀэн нэхърэ *а лъэгапӀэ (т) "щӀыпӀэ"р* а глаголым и *"джыпӀэ"*у (и) зэры*хуэкӀуэ*р (е:"иэ, эй") мэлъытэри, мыри "эйй" зылъытэ "е"уэщ зэрытхыр *("е"м "иэ, эй"рэ "иэй, эйй" зэрилъытэр гурыӀуэгъуэщ)*:

| |
|---|
| «теин {← "тэй-ин" ← "ты-иэ-ин" ← "ты-е-ин"; (е: "иэ, эй")}» → «"те-и-ин" → "тэй-и-ин" → "тэйи-ин" → "тэйй-ин" → "те(эйй)-ин" → "те(эйй)-ин" → "теин" → → "тиин"». |

- *"Ин"* глаголыр *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префиксиал глагол"*у зэрыухуам *аргуэру "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къищтэу *"префиксыбэ глагол"*у утыку къихьэхэм теухуауэ мы къыхэдгъэщахэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, *"ин"* глаголым илъытэ Ӏ*уэхур зэмылӀэужьыгъуэ "щӀыпӀэ"хэм зэмылӀэужьыгъуэ* щӀыкӀэу *мэгъэзащӀ*эр. Аращи, *"ин" глагол*ыр щыгъэзащӀэ *"щӀыпӀэ"*хэм *елъытауэ езым хуэӀуа* лэжьэкӀэ зиӀэрщи, "ин" глаголыр -иджыркӀэ- занщӀэу *зыхуэдэу* лъытапхъэ *глагол* дыщыгъуазэкъым. Ауэ, *"ин" глагол*ыр зы Ӏ*уэху* лӀэужьыгъуэу, *"щӀын" глагол*ымрэ абы *хуэдэрэ ещхь*у лъытапхъэ *глаголхэм ещхь*у жыӀэпхъэщ.

- Таблицэм къыщыта щапхъэхэр "ин" макъ глаголыр зы "щыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"кӀэ "префиксиал глагол"у зэрыухуам аргуэру зы "щӀыпӀэ" префикскӀэ "префиксыбэ глагол"у зэрыухуэжым теухуащи, зы

"префикс" зиӀэу ухуа дэтхэнэ зы "префикиал глагол"ым аргуэру "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" псори къимыщтэу зэрыщытри нэрылъагъущ. Ауэ, "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэу ягъэзащӀэ "префикс" къалэнхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуа "и"мрэ "щы" макъхэр "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"у дэтхэнэ зы "префиксиал глагол"ым къызэрыпыхьэри къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. "И, щы" префиксхэм нэмыщӀ "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" гуэрхэри "ин" глаголыр зэрыухуа "префиксиал глагол"ым и "щӀыпӀэ" "префикс"ым дэкӀуэ щӀыгъуу "префиксыбэ глагол" зэрыухуэфым теухуа щапхъэхэри таблицэм къыщыдгъэлъэгъуащи, мыр икӀи "ин" глаголыр зэрыгъэзащӀэми зэрелъытар гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мы ипэкӀэ дэтхэнэ зы "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префиксиал" глаголым "и, щы" префиксри къызищтэфыр жытӀащи, **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикситӀ"** зиӀэ **"префиксыбэ глагол"**хэм **аргуэру "и, щы" префикс**хэри къызэрыпыхьэу **"шӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэу **"префиксиплӀ"** зиӀэ "префиксыбэ глагол"у зэрыухуэжыфынухэри гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префиксиплӀ" зиӀэу таблицэм къыщыта дэтхэнэ зы "префиксыбэ глагол"ми -игъуэ зэрыхъукӀэ- "и, щы" префикси къиштэу **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэу **"префикситӀ нэхъыбэ"** зыхэзыубыдэу зэрыухуэжыфынур гурыӀуэгъуэщи, мыбдежым мыпхуэдэ **"префиксыбэ глагол"** щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"ЩӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикситӀ" зиӀэу ухуа "префиксыбэ глагол"хэр** | **Мы "префиксыбэ глагол"хэм аргуэру "и, щы" префикси къащтэу зэрыухуэж "префиксыбэ глагол"хэр** |
|---|---|
| - Ӏуиин, къуиин, хиин, гуиин, щиин, щӀиин, диин, тиин, фӀиин, пиин; | - щыӀуиин, щыкъуиин, щыхиин, щыгуиин, щыщиин, щыщӀиин, дыдиин, щытиин, щыфӀиин, щыпиин; |
| - къуӀуъин – къуӀуэин, хыӀуъин – хыӀуэин, гуӀуъин – гуӀуэин, щыӀуъин – щыӀуэин, щӀыӀуъин – щӀыӀуэин, дыӀуъин – дыӀуэин, фӀыӀуъин – фӀыӀуэин, пыӀуъин – пыӀуэин; | - щыкъуӀуиин (икӀи "щы-къуӀуэ-и-ин"), щыхыӀуиин, щыгуӀуиин, щыщыӀуиин, щыщӀыӀуиин, щыдыӀуиин, щыфӀыӀуиин, щыпыӀуиин; |
| - щыкъуэин, щӀэкъуэин; | - щыщыкъуиин, щыщӀэкъуиин; |
| - щыхэин; | - щыщыхиин; |
| - щыгуэин; Ӏугуэин, къугуэин, щӀыгуэин, фӀыгуэин, пыгуэин; | - щыщыгуиин; щыӀугуиин, щыкъугуиин, щыщӀыгуиин, щыфӀыгуиин, щыпыгуиин; |
| - щыщыин; | - щыщиин; |
| - щыщӀэин; | - щыщыщӀиин; |
| - щыдэин; | - щыщыдиин; |
| - щытеин; | - щыщытиин; |
| - щыфӀэин; | - щыщыфӀиин; |
| - щыпыин; | - щыщыпиин. |

Мы лэжьыгъэр "префиксыбэ глагол"хэр утыку къызэрихьэм теухуащи, нэхъыбэуи "префикситӀ"кӀэ ухуа щапхъэхэращ

къэдгъэлъагъуэр. Ауэ, *"иин" префиксиал глагол*ыр *"префиксит*I*"* *нэхъыбэмк*Iэ *гъэзащ*Iэу къызэрытпыщIэхуам папщIэ мы щапхъэхэри къыпыщэжащ. НытIэ, *"иин" префиксиал глагол*ым теухуауэ мы къэдгъэлъэгъуа *щапхъэ гуэрхэм хиубыдэ "префикс" бжыгъэм хуэдиз мыхъуми,* къытпэщыт лэжьыгъэм щапхъэу *къэтхьыну "префиксиал глагол" гуэрхэри "префиксит*I*" нэхъыбэ*кIэ зэры*ухуэжыфыну*ри гурыIуэгъуэнщ. Дауи, *"префикс"*хэр *"префиксыбэ"м зэрыхэхь*эмрэ *я зэк*I*элъхьэужьык*Iэхэм *иужьрей лэжьыгъэ* I*ыхьэм* щыгъаузэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынущи, нытIэ, мы илъабжьэм къэтхьыну щапхъэхэм "префикситI" нэхъыбэ зэрыхиубыдэр къыхэдгъэщын иужьи дитыни хуэныкъуэкъым.

*

*"Макъ щэху глагол"*хэу зы *"щ*I*ып*I*э" префикс* къэзыщтэу *"префиксиал глагол"*у ухуахэм *аргуэру зы "щ*I*ып*I*э"* лIэужьыгъуэу *"префикс"* къызэрищтэу *"префикыбэ глагол"* -префикситI зиIэ глагол-къазэрытехъукIым теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Япэрауи **"хьын"** *макъ глагол*ым зы **"щIыпIэ" префикс** къызэрищтэу къытехъукI **"префиксиал глагол"**хэм **аргуэру "щIыпIэ" префикс** къызэрищтэу **"щIыпIэ" защIэ "префиксыбэ глагол"**хэр утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Хьын | - щыхьын; | - |
| | ---------------------- | ---------------------------------------------------------------- |
| | - ихьэн → (и-хьы-э-н) | - Iуихьэн, къуихьэн, хихьэн, гуихьэн, щихьэн, щIихьэн, дихьэн, тихьэн, фIихьэн, пихьэн; |
| | - Iухьэн → | - щыIухьэн; |
| | - къуэхьэн → | - щыкъуэхьэн; |
| | - хэхьэн → | - щыхэхьэн; |
| | - гуэхьэн → | - щыгуэхьэн; |
| | - щIэхьэн → | - щыщIэхьэн; |
| | - дэхьэн → | - щыдэхьэн; |
| | - техьэн → | - щытехьэн; |
| | - фIэхьэн → | - щыфIэхьэн; |
| | - пыхьэн → | - щыпыхьэн; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- *"Хьын"* глаголыр *мы "ы"к*I*э къызэры*I*у* щIыкIэу *"префикс"* къыхуэхъуфыр *"щы"* макъ *закъуэ*ращи, мыри "хьын"ыр зэрыщыту *щыгъэзащ*I*э зэманыгъуэ*рэ *щ*I*ып*Iэ зэрылъытэ къэIуэтэкIэрщ; икIи, "хьын"ыр "щы"кIэ мыпхуэдэу -"ы"кIэ-

къызэрыӀу щӀыкӀэу нэгъуэщӀ "щӀыпӀэ" префикс къызэрыпымыхьэри гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэ къызэрымытари гулъытапхъэщ.

- Ауэ, "*хьын*"ыр *адрей* "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"*хэмкӀэ* зэрыгъэзащӀэр *кӀуэтэгъуэ* (э) зэригъуэткӀэрэщи (ихьэн, Ӏухьэн), икӀи мыбы папщӀэщ "*щы*"*м нэмыщ*Ӏ "*щӀыпӀэ*" *префикс* къыщищтэм деж "хьын"ыр "*ы*"*к*Ӏэ *къызэрымы*Ӏ*ур* -"э"кӀэ къыщӀэӀур. НытӀэ, "*хьын*" глаголыр "*щӀыпӀэ*" *префиксхэмк*Ӏэ "*э*"кӀэ къэӀуу щӀызэпкъырыувэм мы илъабжьэм нэхъ гъуэнэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

- Зы гуэрым езым дищӀыгъуу гъэзащӀэ Ӏуэху лӀэужьыгъуэщ "хьын"ри, ихьыр зыхьым иӀыгърэ дищӀыгъуущ зы "щӀыпӀэ"м зэрихьрэ зэрыхьри, ихьыр зыхьым дэщӀыгъуущ а "щӀыпӀэ"м зэрыкӀуэр: зыхьыр кӀуэтэхункӀэ (э) дищӀыгъуу ихьри мэкӀуатэр (э). Аращи, зыхьыр -субъектыр- а "щӀыпӀэ"м щихьэкӀэрэ (ихьэн) езым иӀыгърэ дищӀыгъуури -объектри- а "щӀыпӀэ"м ихьэу (ихьэн) зэрыщытри наӀуэщ. НытӀэ, мы къызэрыӀуэта щӀыкӀэу, "объект"ыр зыхь "субъект"ым езыр а "щӀыпӀэ"м зэрихьэм (ихьэн) хуэдэщ абы иӀыгърэ дищӀыгъу объектри а "щӀыпӀэ"м зэрихьэр (ихьэн). Мыпхуэдэщ ипэкӀэ къэта дэтхэнэ зы "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" къэзыщтэ "хьын" глаголыр зэрыгъэзащӀэу зэрызэпкъырыувэри, "щы"м нэмыщӀ адрей "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ зы префикскӀэ ухуа "префиксиал глагол"хэр мы къэтӀуэтахэм теухуа щапхъэхэу зэрыщытри нэрылъагъуэщ.

- Ауэ икӀи, "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*щы*" *префиксым* "*префиксыщхьэ*"у зыкъызэригъэлъагъуэри гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, "*и*" *префикс*ри адрей "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэм къакӀэлъыкӀуэу "*глаголыпкъыщхьэ*"р зи увыпӀэу зэрыщытри мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр. Аращи, "*и*" *мак*ъыр *абзсис* мыхьэнэ зиӀэу *джыгъуэрэ джыпӀэ* зылъытэр гурыӀуэгъуэщи, адрей макъхэм ялъытэ "*щӀыпӀэ*"хэр *джыпӀэу* зылъытэ "и" префиксыр "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэм къакӀэлъыкӀуэнрэ -ахэр джыпӀэ лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр илъытэнрэ-, "глаголыпкъ"ым -"занщӀэ глагол"ым- ищхьэ дыдэр зи увыӀэнри игъуэщ. Мы ипэкӀэ къэта "префиксыбэ глагол" щапхъэхэр мыпхуэдэу зэрыщытыр нэрылъагъуищи, дэтхэнэ зы "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"ым къыкӀэлъыкӀуэу "глаголыпкъыщхьэ"р зи увыпӀэр "и" префиксращ.

- Мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэрщи, дэтхэнэ зы "префикс"ым къыкӀэлъыкӀуэу "префиксыбэ"м хиубыдэу мы зи гугъу тщӀа "и" макъым нэмыщӀ, "щы"ри дэтхэнэ зы "префикс"ым ищхьэм къыпыхьэу "префиксыбэ"м хиубыдэу зэрыщытри нэрылъагъуищи, "щы"м теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр ипэкӀэ щыжытӀагъэххэщ. ИкӀи, "*и*"мрэ "*щы*" сытым дежи *мы къызэры*Ӏ*уущ* "*префикс*" зэрыхъури, "*щы*"р "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префиксыщхьэ*"у, "*и*"ри "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префиксык*Ӏэ"у зэрыщытыпхъэри ипэкӀэ къыщыхэдгъэщагъэххэщ.

- Ипэкӏэ "*глаголыпкъыщхьэ*" дыдэм къыпыхьэ "*префикс*"*ыр* "*э*"*к*ӏэ къызэрыӏур жытӏагъащи, "ы"кӏэ къэӏун хуейуэ зи гугъу тщӏахэм нэмыщӏ "префикс"хэр мыпхуэдэщ; икӏи, мыр мы къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр. Мыбдежым ди глагол щапхъэр "хьын"ращи, "*хь*" макъым *к*ӏ*уэтэгъуэ* хуэдэ мыхьэнэ зэриӏэм папщӏэ, *ди бзэщӏэныгъэм* "*хь*"*ым ипэ къихуэ* "*э*"*р* "*ы*"*уэ* къэӏун хуейуэ *илъыта хабзэ*ращ нобэ ди *тхыгъэм щызек*ӏ*уэр*; аращи, мы хабзэр "*хьын*" глаголым ищхьэ дыдэм "*префикс*" хуэхъухэми *теухуауэ* зэры*зырахь*эр гурыӏуэгуэщ. Ауэ, мыр *адыгэбзэм езым къигъэщ*ӏ*а зы хабзэу зэрыщымыт*ыр гурыӏуэгъуэщи, дэтхэнэ зы "*занщ*ӏэ *глагол*"рэ "*глаголыпкъыщхьэ*" дыдэм къыпыхьэ "*префикс*"ыр къызэрыӏун хуейр ипэкӏэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щӏыкӏэущ "*хьын*" глаголым *ищхьэ* дыдэм къыпыхьэ "*префикс*"ри *къызэры*ӏ*ун хуейр*. Нытӏэ, мыпхуэдэу зэрыщытыр аргуэру къэдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| - «къуэхьэн, хэхьэн, гуэхьэн, щӏэхьэн, дэхьэн, техьэн, фӏэхьэн»;<br>- «щыкъуэхьэн, щыхэхьэн, щыгуэхьэн, щыщӏэхьэн, щыдэхьэн, щытехьэн, щыфӏэхьэн». |

- Мы тежытӏыхьахэмрэ ипэкӏэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, "хьын" глаголри "щӏыпӏэ"хэм елъытауэ зэрыгъэзащӏэр *езым ху*э*ӏуа*уэ лъытапхъэщи, зыхуэдэу лъытапхъэ глаголи дыщыгъуазэкъым. Ауэ, "*хьын*" *глагол* мыхьэнэмрэ илъытэ ӏуэхугъуэм елъытауэ *зэщхьу лъытапхъэ глаголхэр* щыӏэнщи, мыпхуэдэу лъытапхъэхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| «хун, шэн, тхъун, пхъын». |

*

Мыбдежми "**щӏын**"рэ "*щ*ӏ*ы*"*уэ щытын* мыхьэнэ зиӏэ "**щӏэн**" глаголымрэ, мыбыхэм къатехъукӏрэ зэпыщӏэныгъэ зыхуиӏэу икӏи –мы "щӏын – щӏэн"ым елъытауэ- *абстракцэ мыхьэнэ*и зиӏэу "*щ*ӏ*эныгъэ*" лӏэужьыгъуэу щыт "**щӏэн**" глаголыр "**щӏыпӏэ**" лӏэужьыгъуэ "**префикс**" *закъуэ*кӏэ зэрыухуэжу къатехъукӏа "**префиксиал глагол**"**хэм** *аргуэру* "*щ*ӏ*ып*ӏэ" лӏэужьыгъуэ "**префикс**" къызэращтэу утыку къихьэ -"*щ*ӏ*ып*ӏэ" *защ*ӏэ- "**префиксыбэ глагол**" щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Щӏын | - ищӏын →<br><br>- ӏущӏын →<br>- къуэщӏын →<br>- хэщӏын →<br>- гуэщӏын →<br>- щыщӏын →<br>- щӏэщӏын →<br>- дэщӏын →<br>- тещӏын →<br>- фӏэщӏын → | - ӏуищӏын, къуищӏын, хищӏын, гуищӏын, щищӏын, щӏищӏын, дищӏын, тищӏын, фӏищӏын, пищӏын;<br>- щыӏущӏын → щыӏущӏэн;<br>- щыкъуэщӏын → щыкъуэщӏэн;<br>- щыхэщӏын → щыхэщӏэн;<br>- щыгуэщӏын → щыгуэщӏэн;<br>- щыщыщӏын → щыщыщӏэн;<br>- щыщӏэщӏын → щыщӏэщӏэн;<br>- щыдэщӏын → щыдэщӏэн;<br>- щытещӏын → щытещӏэн;<br>- щыфӏэщӏын → щыфӏэщӏэн; |

| | | |
|---|---|---|
| | - пыщӀын →<br>--------------------<br>- ищӀэн →<br>(и-щӀы-э-н)<br>- ӀущӀэн →<br>- къуэщӀэн →<br>- хэщӀэн →<br>- гуэщӀэн →<br>- щыщӀэн →<br>- щӀэщӀэн →<br>- дэщӀэн →<br>- тещӀэн →<br>- фӀэщӀэн →<br>- пыщӀэн → | - щыпыщӀын → щыпыщӀэн;<br>------------------------------------------------------------------<br>- ӀуищӀэн, къуищӀэн, хищӀэн, гуищӀэн, щӀищӀэн, дищӀэн, тищӀэн, фӀищӀэн, пищӀэн;<br>- щыӀущӀэн;<br>- щыкъуэщӀэн;<br>- щыхэщӀэн;<br>- щыгуэщӀэн;<br>- щыщыщӀэн;<br>- щыщӀэщӀэн;<br>- щыдэщӀэн;<br>- щытещӀэн;<br>- щыфӀэщӀэн;<br>- щыпыщӀэн; |
| ------------<br>ЩӀэн | -------------------<br>- щыщӀэн; | ------------------------------------------------------------------<br>- щищӀэн; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы "щӀын"рэ "щыуэ щытын" лӀэужьыгъуэ "щӀэн" глаголым *зы "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*кӀэ къытехъукӀа *"префиксиал глагол"*хэм щыщу аргуэру *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* псори *къэзыщтэфыр "и" префикс закъуэ*кӀэ ухуарауэ (ищӀын, ищӀэн) зэрыщытыр (ӀуищӀэн, къуищӀэн, хищӀэн,..) нэрылъагъущ. Мыпхуэдэу щӀыщытри *абзсис*рэ *джыгъуэ – джыпӀэ* зылъытэ *"и"*р езым *ипэ къихуэ "префикс"*хэм *ялъытэ "щӀыпӀэ"р джыпӀэу* илъытэу *абстакцэ "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зэригъэзащӀэрщэ "И"р икӀи адрей *"префикс"хэм къыкӀэлъыкӀуэ*рэ *"глаголыпкъыщхьэ"*ри *зи увыпӀэ*у зэрыщытри нэрылъагъущ.

- Мыбы нэмыщӀ, *"щӀын"*рэ *щӀыуэ щытын* мыхьэнэ зиӀэ *"щӀэн"* глаголым хуиту дэтхэнэ *зы "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*ыр къызэрищтэфри гурыӀуэгъуэщ (ищӀын, ӀущӀын, къуэщӀын, хэщӀын...; ищӀэн, ӀущӀэн, къуэщӀэн, хэщӀэн...). Ауэ, зы гуэрыр *зэм зы "щӀыпӀэ" закъуэм* щыӀэфыну –ӀупщӀыу щыгъэзащӀэу- зэрыщытыфынур гурыӀуэгъуэнщи, *зы "щӀыпӀэ" префикс* къищтэу ухуа *"щӀын, щӀэн"* глаголым *аргуэру* ӀупщӀыу *"щӀыпӀэ"* префикс къызэримыщтапхъэр ипэкӀэ къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр. Ауэ, *а глагол*ыр (щӀын - щӀэн) *а щӀыпӀэм* (пп: къуэ) *щыгъэзащӀэу* (щы) *зэрыщыт*ыр зылъытэу *"щы"* префикс къызэращтэфынури гурыӀуэгъуэнщи, мыри къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. Мыпхуэдэу щӀыщытӀри *"щ" макъ мыхьэнэм* зэре*лъытар* гурыӀуэгъуэщ: *щыӀэ лъабжьэ* лъытэн *мыхьэнэ* зиӀэ "щ" макъыр *къэхъуре гъэзащӀэ* дэтхэнэ гуэрми *лъабжьэ* зэрыхуэхъум хуэдэжу, *къэхъупӀэрэ гъэзэщӀапӀэ лъабжьэи* зылъытапхъэрщ; икӀи, "щы"р *"зэман/эспас"* - хьэрыпыбзэ защӀэу "зэман/мекан"- зылъытэу *абстакт "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащӀэрщ.

- ИкӀи, "щӀын" глаголым *етӀуанэ "префикс"*у *"щы"* къыщищтэм деж лъытэр глаголыр *гъэзащ*Ӏэу зэры*щыт*ращи, мыбы зэрезэгъкӀи, *"щӀын"* глаголым къытехъукӀа *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префиксиал глагол"*хэм *етӀуанэ "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*у *"щы" къыщащтэ*м деж, "щӀын" глагол къэӀукӀэр (пп: къуэ*щӀын*) "э"кӀэрэ (щыкъуэ*щӀэн*) къэӀуу зохъуэкӀыр:

«"ӀущӀын" → "щыӀущӀын → щыӀущӀэн"»; «"къуэщӀын" → "щыкъуэщӀын → щыкъуэщӀэн"».

- "ЩӀын"рэ щӀыуэ щытыныр зэрылъытэ "щӀэн" глаголыр "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэу зы "префикс"кӀэ зэрыухуэрэ, етӀуанэ "префикс"уи "щы" къызэращтэфым мы къэтӀуэтахэмкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Ауэ, *щӀэныгъэ* лӀэужьыгъуэ *"щӀэн"* глаголым Ӏ*упщ*Ӏыу *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс" къимыщ*эу зэрыщытрэ, *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэу *зы "префикс"*у *къищтэри абстракт "щ*Ӏы*п*Ӏэ*"* лӀэужьыгъуэу *"зэман/мекан"* лъытэ *"щы"*рауэ зэрыщытри нэрылъагъущ. Мы "щӀэн" глаголым "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"у "щы" закъуэ къызэрищтэм *лъабжьэ хуэхъури "щы"м теухуа*уэ мы ипэкӀи къыхэдгъэщахэмрэ, *щӀэныгъэ* лӀэужьыгъуэ *"щӀэн" глагол*ми и *мыхьэнэм* зэр*елъыта*р гурыӀуэгъуэщ. Аращи, *щӀэныгъэ*р *щӀын*рэ *щӀыуэ щытын*кӀэрэ *утыку къихьэми*, зэгъэпэща нэужь, *"щӀэн"*ыр *щӀэныгъэ* лӀэужьыгъуэу а *утыку къыщихьа "щӀыпӀэ"*хэм *елъыта*уэ *лъытапхъэкъым*; *"щӀэн"*ыр а *"щӀыпӀэ"*хэм *теухуауэ* щылъытэм дежи, утыку къызэрихьа *"щӀын – щӀэн"*уэщ зэрылъытэнури, *"щ*Ӏэн"ыр *"щӀын – щӀэн" папщ*Ӏэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, *щӀэныгъэ* лӀэужьыгъуэ *"щӀэн"* глаголыр щылэжьэрэ (щыщӀэн) щыджым (щищӀэн) нэмыщӀ, Ӏ*упщ*Ӏыу зы *"щӀыпӀэ" кондицэ* зыхуэмыфащэрщи, *"щы"*ымрэ абы джыпӀэ зылъытэ *"и"* къызэрищтэм *нэмыщ*Ӏ, *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*кӀэ ухуэныр *игъуэкъым*. ИкӀи, Ӏ*упщ*Ӏыу *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къыщищтэм дежи, ар *"щӀэныгъэ"* лӀэужьыгъуэу лъытэн *нэхърэ а "щӀыпӀэ"хэм щӀыуэ зэрыщыт*ыр *зэрылъытэ*нур гурыӀуэгъуэнщи, ипэкӀэ къэта *"щӀын – щӀэн" глагол*хэм хуэдэу зэрылъытэнри гурыӀуэгъуэнщ.

- Дауи, мы къызэрыхэдгъэщауэ *"и"ми ипэ къихуэ "префикс"* лӀэужьыгъуэу зэрыщытми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуищӀщи, *"щы"*р зыхэзыубыдэ мы *"префикс"*хэм я *"щӀыпӀэ"* мыхьэнэхэм *елъытауэ лъабжьэ*рэ -"зэман/мэкан"- *абстракц*эу зэрыщытми къызэрыхэкӀкӀэ, мы *"щып*Ӏэ*"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"хэм ищхьэ* лъэныкъуэр *зи увып*Ӏ*эу* язэрыхэтыпхъэри гурыӀуэгъуэщ. Ипэ къихуэр къыкӀэлъыкӀуэр зэлъытауэ зэрыщыткӀи, зи *ипэ къихуэ "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*ри зы *къэхъуп*Ӏэрэ *гъэзэщ*Ӏэ*п*Ӏэу зэрыщытыр *зылъыт*эрщ *"щы"* префиксри, *а глаголым а "щӀыпӀэ"р и къэхъуп*Ӏэрэ *гъэзэщ*Ӏэ*п*Ӏэу *зэрыщыт*ыр *зылъыт*эрщ.

- Мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, Ӏ*уэху* лӀэужьыгъуэ *нэхъыщхьэу лъытапх*ъэщ *"щӀын"*рэ ар гъэзащӀэу зэрыщытыр зылъытэ *"щӀэн" глагол*ри,

"щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэу занщӀэу "*щӀын - щӀэн*" *хуэдэ дыдэу мылъытапхъэми*, Ӏ*уэху* лӀэужьыгъуэ *глагол куэд*ыр мы глаголым *ещхь*у зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ:

| |
|---|
| «ин, Ӏуэн *("*Ӏ*уэху"у)*; джын, дзын, жьын, зын, шын, дын, тӀын, вын, пӀын, шхын, тхын, лъхун, пхын, бжын, бзын, пщын *("къэпщытэн" л*Ӏ*эужьыгъуэу)*, пщӀын». |

Ауэ, ипэкӀи гулъытэ зэрыхуэтщӀауэ, мы "*щӀын – щӀэн*" глаголым *къытехъук*Ӏ*а*рэ икӀи мыбы хуэдэу Ӏ*уэху л*Ӏ*эужьыгъуэ*у щыт щхьэ, мыбыхэм хуэдэу *абсолюдэ*у *щымытр*э *абстракт*у *лъытапхъ*эу "*щ*Ӏ*эныгъэ*" лӀэужьыгъуэ "*щ*Ӏ*эн*" *глагол*ри "щӀыпӀэ"хэм щызэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэу *езым хуэ*Ӏ*уа*уэ лъытапхъэщи, *зыхуэдэ* глагол *дызыщымыгъуазэ* мы "*щ*Ӏ*эн*" *глагол*ым и мыхьэнэм *ещхьу лъытапхъэ глагол*хэрщ мыхэр:

| |
|---|
| «цӀыхун; лъытэн, щыгъуэзэн; гупщысэн». |

*

Мыбдежми "**лъэн**" *макъ глагол*ыр "**щӀыпӀэ**" лӀэужьыгъуэ "**префикс**" *закъуэ*кӀэрэ зэрыухуа "**префиксиал глагол**"хэм **аргуэру** "**щӀыпӀэ**" лӀэужьыгъуэ "**префикс**" къызэращтэу -"щӀыпӀэ" защӀэу- "**префиксыбэ глагол**" къазэрытехъукӀ щапхъэхэри къыпытщэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| Лъэн | - илъэн | → щилъэн; |
| | - Ӏулъэн | → щыӀулъэн; |
| | - къуэлъэн | → щыкъуэлъэн; |
| | - хэлъэн | → щыхэлъэн; |
| | - гуэлъэн | → щыгуэлъэн; |
| | - щылъэн | → щыщылъэн; |
| | - щӀэлъэн | → щыщӀэлъэн; |
| | - дэлъэн | → щыдэлъэн; |
| | - телъэн | → щытелъэн; |
| | - фӀэлъэн | → щыфӀэлъэн; |
| | - пылъэн | → щыпылъэн; |
| | ----------------------------- | ----------------------------------------------------- |
| | - илъын (и-лъэ-ы-н) | → щилъын; |
| | - Ӏулъын | → щыӀулъын; |
| | - къуэлъын | → щыкъуэлъын; |
| | - хэлъын | → щыхэлъын; |
| | - гуэлъын | → щыгуэлъын; |
| | - щылъын | → щыщылъын; |
| | - щӀэлъын | → щыщӀэлъын; |
| | - дэлъын | → щыдэлъын; |
| | - телъын | → щытелъын; |
| | - фӀэлъын | → щыфӀэлъын; |
| | - пылъын | → щыпылъын; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Нэрыбгэм и лъэкIыныгъэу къыпкъырыкI Iуэхугъуэрщ "*лъэн*"ри, ар *зы "щIыпIэ"м* (пп: къуэ) *зэрыщыгъэзащIэр* зылъытэу ухуа "*префиксиал глагол*"хэм (пп: къуэлъэн, къуэлъын) *аргуэру* къыпыхьэфыну "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*"ыр а Iуэхугъуэр (*лъэн*) а щIыпIэм (*къуэ*) щыгъэзащIэу -*щы*Iэ *зэрыхъуу*-утыку къызэрихьэр (къуэлъэн → *щы*къуэлъэн) зэрылъытэфыну "*щы*" макърауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *зы "щIыпIэ"м щыгъэзащIэр щыIэгъуэ лъабжьэ* зылъытэ "*щы*" макъымкIэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, "*щ*" макъыр дэтхэнэ зы "*щIыпIэ*"*р щы*Iэ лIэужьыгъуэу *зэрылъытэф мак*ъыу зэрыщытым хуэдэжу, *дэтхэнэ зы Iуэхугъуэр дэтхэнэ зы "щIыпIэ"м къыщыхъурэ щыгъэзащI*эу -щыIэ хъууэ- утыку къызэрихьэри *зылъытэф мак*ъыу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *щыIэгъуэ лъабжьэ* зылъытэ "*щы*"р "*щIыпIэ*" *лъабжьэуи* зэрылъытэкIэрэ дэтхэнэ зы *глаголыр* дэтхэнэ *зы* "*щып*Iэ"м утыку къихьэу щыIэ зэрыхъури зэрылъытэфырщи, глаголыр зы "щIыпIэ"м утыку къихьэу щыIэ зэрыхъури щыIэгъуэ лъабжьэ зылъытэ "щы"р "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"хэм *ищхьэм* къызэрыпыхьэу зэрылъытэфынур гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ мы ипэкIэ къэта щапхъэхэри, зы "*щIыпIэ*" "префикс"кIэ ухуа "*префиксиал глагол*"хэм *аргуэру* "*щы*" макъыр *префиксыщхьэ*у къазэрыпыхьэ "*префиксыбэ глагол*" лIэужьыгъуэхэрщ.

- Мыбдежым зи гугъу тщIы глаголыр (лъэн) *нэрыбгэ*м и *лъэкIыныгъэу къыпкъырык*I IуэгъуэрщIи, ипэкIэ къэта щапхъэ гуэрхэм хуэдэу, дэтхэнэ зы "*щIып*Iэ"м щыгъэзащIэу ухуа "*префиксиал глагол*"хэм аргуэру "и"р "префикс" язэрыхуэхэум *хуэдэу* зэры*щымыт*ынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, зы *абзис*рэ *джыгъуэ – джып*Iэ зылъытэ "*и*"ри *абстракцэ* зы "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащIэрщ; ауэ, мыр къыздыщхъу щIыпIэ зылъытэ "щы"м нэмыщI, адрей "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэм дэщIыгъуу "префиксыбэ глагол" къызэрытемыхъукIынур гурыIуэгъуэнщ.

- ИпэкIэ зэрыжытIауэ, "*лъэн*" *глагол*ым и *гъэзэщIэкIэм хуэд*эрэ ещхь глаголхэр зэрыщыIэнури гурыIуэгъуэщи, "лъэн"ым и теIэтыкIа лIэужьыгъуэу щыт "*лъэтэн*" глаголри мыпхуэдэщ; икIи, "*лъэн*" *глагол*ым *хуэдэ* лэжьэкIэрэ зэпкъырыувэкIэ зиIэ "*макъ глагол*"хэу лъытапхъэщ мыхэри:

| |
|---|
| «"жэн, пкIэн, пщын *(кIуэтэн лIэужьыгъуэу)*». |

*

Мыбдежми "**макъ зэгуэт глагол**"хэм *зы* "**щIыпIэ**" **префикс** къызэращтэу утыку къихьа "**префиксиал глагол**"хэм **аргуэру** "**щIыпIэ**" лIэужьыгъуэу "**префикс**" къызэрищтэу "*щIыпIэ*" *защI*э "**префиксыбэ глагол**" зэрыухуэ щапхъэхэр "*пщын, пщэн*" глаголхэм теухуауэ къэтхьынщ:

| | | |
|---|---|---|
| Пщын-2 | - ипщын → | - Iуипщын, къуипщын, хипщын, гуипщын, щипщын, щIипщын, дипщын, типщын – тепщын (е: "эйй"), |

| | | |
|---|---|---|
| | | фIипщын, пипщын; (*) |
| | - Iупщын → | - щыIупщын; |
| | - къуэпщын → | - щыкъуэпщын; |
| | - хэпщын → | - щыхэпщын; |
| | - гуэпщын → | - щыгуэпщын; |
| | - щыпщын → | - щыщыпщын; |
| | - щIэпщын → | - щыщIэпщын; |
| | - дэпщын → | - щыдэпщын; |
| | - тепщын → | - щытепщын; |
| | - фIэпщын → | - щыфIэпщын; |
| | - пыпщын → | - щыпыпщын; |
| ------------ | ------------------ | --------------------------------------------------------------- |
| Пщэн-2 (пщы-э-н) | - ипщэн → | - Iуипщэн; къуипщэн; хипщэн; гуипщэн; щипщэн; щIипщэн; дипщэн; типщэн – тепщын (е: "эйй"); фIипщэн; пипщэн; (*) |
| | - Iупщэн → | - щыIупщэн; |
| | - къуэпщэн → | - щыкъуэпщэн; |
| | - хэпщэн → | - щыхэпщэн; |
| | - гуэпщэн → | - щыгуэпщэн; |
| | - щыпщэн → | - щыщыпщэн; |
| | - щIэпщэн → | - щыщIэпщэн; |
| | - дэпщэн → | - щыдэпщэн; |
| | - тепщэн → | - щытепщэн; |
| | - фIэпщэн → | - щыфIэпщэн; |
| | - пыпщэн → | - щыпыпщэн; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- *"(*)"уэ къыхэдгъэщахэр "пщын-2, пщэн-2 (пщы-э-н)" глаголым и зы мыхьэнэм теухуащ. Ауэ, "пщын-2, пщэн-2" глаголым и "кIуэтэн" лIэужьыгъуэ мыхьэнэр и "къэпщытэн" мыхьэнэм хуэдэу къызэрымыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэнщ.*

- Мыбыхэм нэмыщI, *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"префиксиал глагол"*хэр щыгъэзащIэр зэрылъытэу *"щы" префикскIи ухуэжу* мы ипэкIэ къэта *"префиксыбэ глагол"*хэр "пщын-2, пщэн-2" глаголым и *мыхьэнитIми теухуа*уэ игъуэщ. Ауэ икIи, мы и лэжьэкIэкIэ *"пщын" глагол*ыр -етIуанэ и мыхьэнэкIэ (*"кIуэтэн" лIэужьыгъуэ*у)- *"лъэн" глаголым хуэд*эу зэрыщытыр нэрылъагъущи, мыр ипэкIэ "лъэн" глагол щапхъэхэм тежыIыхьыпхъэуи къыхэдгъэщагъащ.

## "ЩIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэр зыхэзыубыдэ "префиксыбэ глагол"хэм теухуауэ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэри зы *"макъ глагол"*ыр, абы **"щIыкIэ" префикс** *закъуэ*кIэрэ къытехъукIа **"префиксиал глагол"**хэр, мыбыхэми **аргуэру**

**"щIыкIэ" префикс** къызэращтэу утыку къихьэ **"щIыкIэ"** *защ*Iэ **"префиксыбэ глагол"**хэр зэрыхиубыдэ мыпхуэдэ таблицэ щапхъэм щIэджыкIауэ къэтхьынщ:

| **Макъ глагол** | **Зы "щIыкIэ" префикс зиIэу ухуа "префиксиал глагол"хэр** | **"ЩIыкIэ" префиксхэр зыр зым къыкIэлъыкIуэу ухуэ "префиксыбэ глагол"хэр** |
|---|---|---|

Япэрауэ, *"макъ Iуэр глагол"*хэм теухуа щапхъэу, **"ин"** *глагол*ым *зы* **"щIыкIэ" префикс** къызэрищтэу къытехъукI **"префиксиал глагол"**хэм **аргуэру "щIыкIэ"** лIэужьыгъуэ **"префикс"** къызэращтэу утыку къихьэ **"щIыкIэ" защIэ "префиксыбэ глагол"**хэр -мы ипэкIэ къэта *таблицэ щапхъэм хиубыдэу*- къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Ин | - еин → | - неин, къеин, хуеин, зеин (зыеин), зеин (зэеин), деин, фIеин (фIыеин); |
| | - нэин → | - къынэин, хунэин, зэнэин, дынэхьын, фIынэхьын; *("нэ"р къакIэлъыкIуэу щызекIуащэкъым)*; зынэин; |
| | - къэин → | - зыкъэин; |
| | - хуэин → | - ныхуэин, къыхуэин, зыхуэин, зэхуэин, дыхуэин, фIыхуэин; |
| | - зыин → | - нызыин – нызэин (ны-зы-э-ин), къызыин - къызэин, хузыин – хузэин, зызыин – зызэин; зэзыин - зэзэин, фIызыин – фIызэин; |
| | - зэин → | - нызэин, къызэин, хузэин, зызэин, зэзэин, дызэин, фIызэин; |
| | - дэин → | - ныдэин, къыдэин, худэин, зыдэин, зэдэин, фIыдэин; |
| | - фIэин → | - ныфIэин, къыфIэин, хуфIэин, зыфIэин, зэфIэин, дыфIэин. |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- "ЩIыпIэ" лIэужьыгъуэу "глаголыпкъыщхьэ" дыдэри зи увыпIэ "и" префикскIэ ухуа "префиксиал глагол"хэм адрей "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ дэтхэнэ зы "префикс"ыр къызэрищтэфым ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, "и"м и кIуэтэгъуэу (э) *"екIуэлIэн"*ыгъэ *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащIэ *"е (иэ)"*кIэрэ ухуа *"префиксиал глагол"*хэми *"е"*ри *"глаголыпкъыщхьэ"*у зэрыхиубыдэрэ икIи адрей дэтхэнэ зы *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"* къызэрищтэу *"префиксыбэ глагол"* къызэрытехъукIыр ипэкIэ къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр; икIи, мыбыхэм аргуэру *"префикс" нэхъыбэ* къыщыпыхьэкIи "е"м и увыпIэр -"глаголыпкъыщхьэ"у- зэхъуэкIкъым:

| |
|---|
| - «еин» → «неин (ны-е-ин), къеин, хуеин, зеин (зы-е-ин), зеин (зэ-е-ин), деин, фIеин (фIы-е-ин)»; |
| - «къынеин *(щызекIуащэкъым)*; къыхуеин, къызеин (къы-зы-е-ин), къызеин (къы-зэ-е-ин), къыдеин, фIыдеин (фIы-ды-е-ин)». |

- "Къ"рэ "н" макъхэм "префикс"у ягъэзащIэхэр зэщхьу лъытапхъэщи, зым зыкъыщигъэлъагъуэм деж, адрейр игъуэ зэрымыхъур нэхъыбэщ. Ауэ, игъуэ щыхъуфи щыIэщи, мыри мы "префкс"хэр къэзыщтэ глагол мыхьэнэм елъытащ. ИкIи, я мыхьэнэм елъытауэ "префиксыщхьэ" хъуну хуэщIэкъу мы

префикситӀым щыщу -илъытэ мыхьэнэм теухуауэ- ипэ къэӀун хуей "префикс"ри "къ"рауэ зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ.

- ПэщӀэдзэ макъыу утыку къихьауэ лъытапхъэрэ сытри зылъытэфрэ хъупхъэрэ мыхъупхъэ гурыӀуэгъуэ къытхуэзыщӀ "м"ым къыкӀэлъыкӀуэу, абы илъытарэ гурыӀуэгъуэ къытхуищӀам хуэкӀуэ япэрей лъэбагъуэу лъытапхъэ "н" макъри мы игъэзащӀэ пэщӀэдзэ пэлъытэ къалэным зэрезэгъкӀэ, "префиксыщхьэ" хъуну хущӀэкъурщи, "префиксыщхьэ"у къ" макъым къыкӀэлъыкӀуэу етӀуанэ увыпӀэр зыхуэфащэ "префикс"у лъытапхъэщ "н" макъыр. Ауэ икӀи, субъектым езым ищхьэм хуилэжьыжыр зылъытэ "зы"р -икӀи зыр зым хуалэжьыр зылъытэ "зэ"ри- "префикс"у "къ"ым хуэдэжу "н"ыми ипэ къихуэфу "префиксыбэ глагол" щыухуэфи щыӀэщи, мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэм мыпхуэдэхэри къыщытащ; ауэ, мы глаголым теухуауэ бзэм куэдыщэу щыземыкӀуэхэри къыхэгъэщащ. Аращи, "префиксыщхьэ" лӀэужьыгъуэр "къ" макъымрэ, абы нэужь "префиксыщхьэ"у – префиксыщхьэм хуэщӀэкъуу- лъытапхъэри "н" макърации, ипэкӀэ къэта "зынэин, зыкъэин"хэри бзэм хэлэжьыхьыф щхьэ, бзэм нэхъ щызекӀуэхэр "къызыин - къызэин (къы-зы-э-ин), къызэин"рэ "нызыин – нызэин (ны-зы-э-ин), нэзэин"у къэта "префиксыбэ глагол"хэращ.

- "Зы, зэ" префиксхэм нэмыщӀ, "*ху*"ри "*папщ*Ӏэ *гъэзэщ*Ӏ*эн*" мыхьэнэ зиӀэу "*префиксыщхьэ*" хъуну *хущ*Ӏ*экъуныгъ*эм елъытауэ "*зэ*"*м еплъытэ хъ*уну "*префикс*"щи, "зэ"м хуэдэу "ху" префиксри "*нэ*"*м ипэ къихуэф*у къызэрыӀупхъэри жыӀэпхъэнщ (хунэин). Ауэ, я мыхьэнэми елъытауэ, "*ху*"*р* "*н*"*ым къык*Ӏ*элъык*Ӏ*уэ* "*префикс*"у щытыныр *нэхъ игъуэ*щи, ипэкӀэ къэта щапхъэхэри мыпхуэдэу (ныхуэин) зэрыщытри нэрылъагъущ. И "*папщ*Ӏэ" мыхьэнэм *нэмыщ*Ӏ, "*хуэгъэза, хуэк*Ӏ*уэ*" мыхьэни зиӀэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащӀэрщ "*ху*" *макъ*ри, глаголым префикс хуэхъу "*ху*"*м* -псалъэм папщӀэ- "*дэщ*Ӏ*ыгъуныгъэ*" мыхьэнэ зиӀэ "*д*" *префикси дэщ*Ӏ*ыгъумэ*, глаголыр мы "префикс"итӀымкӀэрэ зэрыгъэзащӀэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэми елъытауэ "*дыхуэин*"*рэ* ("дэщӀыгъу папщӀэу ин"; "дэщӀыгъу хуэгъэзауэ ин") "*худэин*"уи ("папщӀэ дэщӀыгъуу ин"; "хуэгъэза дэщӀыгъуу ин") къэӀуэтапхъэщ, ауэ, "*худэин*"ыр бзэм *нэхъ щызок*Ӏ*уэ*р.

- "*Ху*" макъым *ещхь* "*префикс*" къалэн зыгъэзащӀэ макъырщ "*ф*Ӏ"ри, мы ипэкӀэ "*ху*"*м теухуа*уэ къэтӀуэтахэр "*ф*Ӏ"*ыми теухуа*уэ пэжщ. "Ху"мрэ "фӀ" макъхэр "*префикс*"*у* ипэ *лъытэм елъытауэ зыр зым ипэ къ*эӀуу –зэкӀэлъхьэужьу- "*префиксыбэ*"м *хэхьэфынщи*, "*хуф*Ӏ*эин*"ым ("папщӀэ лӀыгъэкӀэу ин"; "хуэгъэза лӀыгъэкӀэу ин") хуэдэжу "*ф*Ӏ*ыхуэин*"ри ("лӀыгъэкӀэ папщӀэу ин"; "лӀыгъэкӀэ хуэгъэзауэ ин") *игъуэу лъытапхъэщ*; ауэ, бзэм нэхъ щызекӀуэр "фӀ"ырауэ лъытапхъэщи, "*ф*Ӏ*ыхуэин*"рауэ лъытапхъэщ.

- "Ху"рэ "фӀ"ым мы я зэхущытыкӀэр адрей "префикс"хэми теухуауэ лъытапхъэщи, псалъэм папщӀэ, "*ин*" Ӏуэхур "*дыф*Ӏ*эин*"мрэ (дэщӀыгъуу фӀыдэин)

"*фIыдэин*"ыр (лIыгъэкIэ дыфIэин) тIури пэжщ, ауэ "*дыфIэин*" *нэхърэ* "*фIыдэин*"ыр бзэм щызекIуэу щытуи жыIэпхъэщ.

- "ЩIыкIэ" лIэужьыгъуэ мы "префикс"хэм зэхуэмыдэ къэIукIэ зэраIэр мы зэрытха щIыкIэхэми хыболъагъуэри, мыбдежым мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Япэрауэ, "*глаголыпкъыщхьэ*" дыдэр зи увыпIэ "*префикс*"хэр "*э*"*к*Iэ *къэIуу* зэрыщытри, мыр *зы* "*префикс*" зиIэ "*префиксиал глагол*"хэм (къэхьын, нэхьын, хуэхьын, дэхьын, фIэхьын) зэрыхэплъагъуэм хуэдэжу, "*префиксыбэ глагол*"хэми (ныфIэхьын, къыфIэхьын, хуфIэхьын, зыфIэхьын, дыфIэхьын) хыболъагъуэр: «"*глаголыпкъыщхьэ*"р зи увыпIэ *макъыр* "*э*"кIэ *къэIуу* а *глагол*ым *хуэкIуэу* зэрыпыщIэр мэлъытэри, езым *ипэ къэIу* "*префикс*"*хэри* зэрыщыту *глаголым пещI*эр». Ауэ, "*глаголыпкъыщхьэ*"*у щымыт*рэ "префиксыбэ"м "*префиксыщхьэ*"у *е* "*префиксыку*"у хиубыдэ "*префикс*"хэри "*ы*"*к*Iэрэ - "оригинал"у- *къэIуу зэрыщыт*ри щапхъэу къэта "*префиксыбэ глагол*"хэм (ныхуэин, къыфIэин, фIыхуэин, хуфIэин, фIыдэин) хыболъугъуэри, мыпхуэдэуи мы "*префикс*"*хэр а зэрыщыту зэрылъытэ*р гурыIуэгъуэщ.

- "Глаголыпкъыщхьэ" дыдэр зи увыпIэ "префикс"хэмрэ абы ипэ къихуэу къэIу "*префикс*"хэм я *къэIукI*эхэр мы зэрызэщхьэщыкIыр *я увыпIэм елъытауэ ягъэзэщIэн хуейуэ пщэрылъ къахуэхъум* зэры*теухуа*р тежытIыхьахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, мыри макъыбзэ лэжьэкIэм зэрытеухуар наIуэщ. Ауэ икIи, ипэкIэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *макъ гуэрхэр* - "*глаголыпкъыщхьэ*"у щырет, *е* "*префиксыщхьэ*"рэ "*префиксыбэку*"у щырет-*сытым дежи* "*ы*"кIэ е "*э*"кIэ къэIуу зэрыщытрэ мы я къэIукIэри зэрызэмыхъуэкIыр гурыIуэгъуэщи, мыри мы макъхэм я мыхьэнэмрэ ягъэзащIэ "префикс" къалэнхэм зэрелъытари наIуэщ. Мыпхуэдэщ *глаголыр субъектым езым ищхьэм хуилэжьу зэрыщыт*ыр зэрылъытэ "*зы*"р (зыин, ныզыин, хузыин); ауэ, игъуэ щыхъум деж, субъектым *езым ищхьэм хуилэжьыжу* щыту *къекIуэк*Iри "э"кIэ къызэрыIури гурыIуэгъуэщ (зэин, ныզэин, хузэин). Мыбы нэмыщI, *зыр зым хуэлэжьэн* "*щ*I*ык*Iэ"ри "*зэ*" *префикс*кIэщ (зэин, ныզэин, къызэин, хузэин, зэхуэин, фIызэин, зэфIэин) зэрылъытэри, мы илъытэм зэрезэгъкIэ мы "зэ"ми сытым дежи мы къызэрыIуущ "префикс" къалэн зэригъэзащIэр.

- Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщI, ипэкIэ "щIыпIэ" лIэужьыгъуэу "префикс"у "щы"р тIэу къызэрыIуфым хуэдэу лъытапхъэщи, "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу щыт "*зы*"мрэ "*зэ*"ми -я мыхьэнэм зэрелъытащи- *тIэу къэIуу* "*префикс*" -"префикситI" лIэужьыгъуэу- къалэн зэрагъэзэщIэфыр нэрылъагъущ (зызин – зызэин; зэзэин).

- НытIэ, мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, "*щIык*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"хэм я *зэкIэлъхьэужьык*Iэм теухуауэ мыхэр жыIэпхъэщ: «"префикс"у "*е*" макъыр *сытым дежи* "*глаголыпкъыщхьэ*"щи, *префиксыбэк*Iэу "*префиксык*Iэ"щ; япэрауэ "*къ*"ыр, къыкIэлъыкIуэуи "*н*"ыр "*префиксыщхьэ*"щи,

адрей "префикс"хэм *ипэ къэӏу "префикс"*хэуи *"префиксыбэщхьэ"*щ; мыбыхэм къыкӏэлъыкӏуэуи *"зы"*мрэ *"зэ"*р *мы зэкӏэлъыкӏуэу* зэрытха щӏыкӏэу *"префиксыщхьэ"м хущӏэкъу "префикс"*хэрщ; мыбыхэми къыкӏэлъыкӏуэу *"префиксыщхьэ"м хущӏэкъу*ныгъэм *елъытауэ "фӏ, ху, д"* макъхэри мы зэрытха щӏыкӏэу зэкӏэлъхьэужыкӏэ зиӏэ *"префикс"*хэрщ».

- Мыхэр зытежытӏыхьа *"щӏыкӏэ"* лӏэужьыгъуэ *"префикс"хэр "префиксыбэ"м щыхиубыдэ*кӏэ зэрызэ*кӏэлъхьэужьык*ӏэр къэдгъэлъэгъуэнщи, мы я зэкӏэлъхьэужьыкӏэм теухуауи дэтхэнэ *зы глаголым хуиту къыпыхьэ*фыну *"щӏыкӏэ" префиксхэри "префиксыбэ"*у къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «къ, н; зы, зэ; фӏ, ху; д; е»; |
| ------------------------------------------------------------------------------------------------- |
| - «"къызыфӏыхуе..." - зыкъыфӏыхуе..."; "къызэфӏыхуде..."; "къызэ(ды)фӏыхуде..."; "къызэ(ды)фӏыхуе..."»; |
| - «"нызыфӏыхуе..." - "зыныфӏыхуе..."; "ныызэфӏыхуде..."; "ныызэ(ды)фӏыхуде..."; "ныызэ(ды)фӏыхуде..."». |

- Нытӏэ, "щӏыкӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс"хэр я зэкӏэлъхьэужьыкӏэу "префиксыбэ"м зэрыхэхьэ щӏыкӏэм теухуа мы къэдгъэлъэгъуа "префиксыбэ" гупхэр зэрыигъуэкӏэрэ мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏа "ин" глаголым теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ, *цӏыхум езым зыижьын*ыр игъуащэу мылъытапхъэрэ *"ин"* глаголыр зэрыухуэну *"префиксыбэ"*м *"зы" префикс* хэхьэн *хуэмыфащэ*ми, мы ипэкӏэ къэта *"префиксыбэ" гупхэр зы глаголым къызэрищтэф щапхъэ* хъун папщӏэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏагъэххэ *"ин" глаголым теухуауэ* къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Ин | - «"къызыфӏыхуеин" - "зыкъыфӏыхуеин"; "къызэфӏыхудеин"; "къызэ(ды)фӏыхуеин"; "къызэ(ды)фӏыхудеин"»; - «"нызыфӏыхуеин" - "зыныфӏыхуеин"; "нызэфӏыхудеин"; "нызэ(ды)фӏыхуеин"; "нызэ(ды)фӏыхудеин"». |

*

Мы ипэкӏэ "ин" глаголым къытехъукӏ "префиксиал глагол"хэмрэ "префисыбэ глагол" щапхъэхэм теухуауэ къыхэдгъэща гуэрхэр икӏи мы илъабжьэм нэгъуэщӏ глаголхэм я лэжьэкӏэу къэдгъэлъэгъуэну щапхъэхэми зэрытеухуар мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ. Аращи, *"щӏыкӏэ"* лӏэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащӏэ мы *макъхэр "префиксыбэ"*м щыхиубыдэм *я зэкӏэлъхьэужьыкӏ*эмрэ икӏи *къызэрыӏу щӏыкӏ*эхэм теухуауэ мы ипэкӏэ къыхэдгъэщахэр *нэгъуэщӏ глагол*хэм теухуа *щапхъэхэу илъабжьэм* къыщыдгъэлъэгъуэнухэм *папщӏи игъуэ*у зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщ.

Мыри къыпытщэжа нэужь, мыбдежми *"макъ щэху глагол"*хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнущи, япэрауи, **"хьын"** глаголым дэтхэнэ *зы*

**"щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **префикс** къызэрищтэу къытехъукӀ **"префиксиал глагол"**хэр **аргуэру "щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"**хэмкӀэ *"щӀыкӀэ" защӀ*эу ухуэж **"префиксыбэ глагол"**хэм теухуа щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Хьын | - нэхьын →<br><br>- къэхьын →<br>- хуэхьын →<br><br>- зыхьын →<br><br>- зэ(дэ)хьын →<br><br>- дэхьын →<br><br>- фӀэхьын → | - къынэхьын, хунэхьын, фӀынэхьын; *(щызекӀуащэкъым)*; зынэхьын, зэ(ды)нэхьын;<br>- зыкъэхьын, зэ(ды)къэхьын;<br>- ныхуэхьын, къыхуэхьын, зыхуэхьын, зэ(ды)хуэхьын, дыхуэхьын, фӀыхуэхьын;<br>- нызыхьын, къызыхьын, хузыхьын, зызыхьын, зэ(ды)зыхьын, дызыхьын, фӀызыхьын;<br>- нызэ(дэ)хьын, къызэ(дэ)хьын, хузэ(дэ)хьын, фӀызэ(дэ)хьын<br>- ныдэхьын, къыдэхьын, худэхьын, зыдэхьын, зэдэхьын, фӀыдэхьын;<br>- ныфӀэхьын, къыфӀэхьын, хуфӀэхьын, зыфӀэхьын, зэ(ды)фӀэхьын, дыфӀэхьын; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ИпэкӀэ "ин" глаголым теухуа щапхъэхэм "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэмрэ нэгъуэщӀ гуэрхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, ахэр дэтхэнэ зы "глагол"ым теухуауэ зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, мыбдежым -"хьын" глаголми теухуауэ- аргуэру я гугъу щӀын хуэныкъуэкъым. ИкӀи, мы ипэкӀэ *"(щызекӀуащэкъым)"*у къэгъэлъэгъуари мыпхуэдэщ.

- Мыбы нэмыщӀ, мы къедгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэм дэтхэнэ и зы щӀыпӀэми *игъуэу мылъытапхъэ мыхьэн*рэ *къэмыхъупхъ*эу щытхэм *теухуа лэжьэк*Ӏэ щапхъэхэри *къызэрыдымыхь*ыр гурыӀуэгъуэнщи, мы ипэкӀэ *дэщӀыгъуныгъэ* зылъытэ *"д" префикс*ымрэ "зыр зым дэщӀыгъуныгъэ" -*зэдыщӀыгъуныгъэ*- зылъытэ *"зэ(дэ)" префикс*ыр *зэдэщӀыгъурэ зэкӀэлъхьэужьу* глаголхэм *"префикс" язэрыхуэмыхъу*ари -мыпхуэдэ щапхъэ язэрыхэмыткӀи- наӀуэщ.

*

Мыбдежми **"щӀын"**рэ ар *гъэзащӀэу зэрыщыт*ыр зэрылъытэ **"щӀэн"** глаголымрэ, мыбыхэм къатехъукӀауэ *щӀыныгъэ* лӀэужьыгъуэ мыхьэнэи зиӀэ **"щӀэн"** глаголыр дэтхэнэ зы **"щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"** *закъуэ*экӀэрэ **"префиксиал глагол"**у зэрыухуахэм **аргуэру "щӀыкӀэ" префикс** къызэрищтэу *"щӀыкӀэ" защӀ*эу утыку къихьэ **"префиксыбэ глагол"**хэм теухуа щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| ЩӀын | - нэщӀын →<br><br>- къэщӀын → | - хунэщӀын, зынэщӀын, зэ(ды)нэщӀын, дынэщӀын, фӀынэщӀын; *(щызекӀуащэкъым)*<br>- зыкъэщӀын, зэ(ды)къэщӀын; |

| | | |
|---|---|---|
| | - хуэщӀын → | - ныхуэщӀын, къыхуэщӀын, зыхуэщӀын, зэхуэщӀын, зэ(ды)хуэщӀын, дыхуэщӀын, фӀыхуэщӀын; |
| | - зыщӀын → | - нызыщӀын, къызыщӀын, хузыщӀын, зызыщӀын, зэ(ды)зыщӀын, дызыщӀын, фӀызыщӀын; |
| | - зэ(дэ)щӀын → | - нызэдэщӀын, къызэдэщӀын, хузэдэщӀын, зызэдэщӀын, фӀызэдэщӀын,; |
| | - дэщӀын → | - ныдэщӀын, къыдэщӀын, худэщӀын, зыдэщӀын, зэ(ды)дэщӀын, фӀыдэщӀын; |
| | - фӀэщӀын → | - ныфӀэщӀын, къыфӀэщӀын, хуфӀэщӀын, зыфӀэщӀын, зэ(ды)фӀэщӀын, дыфӀэщӀын; |
| | ----------------- | ----------------------------------------------------------------- |
| ЩӀэн (щӀы-э-н) | - ещӀэн → | - нещӀэн (ны-е-щӀэн), къещӀэн, хуещӀэн, зещӀэн (зы-е-щӀэн), зещӀэн (зэ-е-щӀэн), зэдещӀэн, дещӀэн, фӀещӀэн; |
| | - нэщӀэн → | - хунэщӀэн, зынэщӀэн, зэнэщӀэн, зэ(ды)нэщӀэн, дынэщӀэн, фӀынэщӀэн; *(щызекӀуащэкъым)* |
| | - къэщӀэн → | - зыкъэщӀэн, зэ(ды)къэщӀэн; |
| | - хуэщӀэн → | - ныхуэщӀэн, къыхуэщӀэн, зыхуэщӀэн, зэхуэщӀэн2 - зэ(ды)хуэщӀэн, дыхуэщӀэн, фӀыхуэщӀэн; |
| | - зыщӀэн → | - нызыщӀэн, къызыщӀэн, хузыщӀэн, зэзыщӀэн, зэ(ды)зыщӀэн, дызыщӀэн, фӀызыщӀэн; |
| | - зэщӀэн2 → | - нызэщӀэн, къызэщӀэн, хузэщӀэн, зызэщӀэн, зэзэщӀэн2 - зэ(ды)зэщӀэн, дызэщӀэн, фӀызэщӀэн; |
| | - зэ(дэ)щӀэн → | - нызэдэщӀэн, къызэдэщӀэн, хузэдэщӀэн, зызэдэщӀэн, зэзэдэщӀэн, фӀызэдэщӀэн; |
| | - дэщӀэн → | - ныдэщӀэн, къыдэщӀэн, худэщӀэн, зыдэщӀэн, зэдэщӀэн2 - зэ(ды)дэщӀэн, фӀыдэщӀэн; |
| | - фӀэщӀэн → | - ныфӀэщӀэн, къыфӀэщӀэн, хуфӀэщӀэн, зыфӀэщӀэн, зэфӀэщӀэн2 - зэ(ды)фӀэщӀэн, дыфӀэщӀэн; |
| ----------- | ------------------ | ------------------------------------------------------------------- |
| ЩӀэн | - нэщӀэн → | - хунэщӀэн, зынэщӀэн, зэ(ды)нэщӀэн, дынэщӀэн, фӀынэщӀэн; |
| | - къэщӀэн → | - зыкъэщӀэн, зэ(ды)къэщӀэн; |
| | - хуэщӀэн → | - ныхуэщӀэн, къыхуэщӀэн, зыхуэщӀэн, зэ(ды)хуэщӀэн, дыхуэщӀэн, фӀыхуэщӀэн; |
| | - зыщӀэн → | - нызыщӀэн, къызыщӀэн, хузыщӀэн, зызыщӀэн, зэ(ды)зыщӀэн, дызыщӀэн, фӀызыщӀэн; |
| | - зэ(дэ)щӀэн → | - нызэдэщӀэн, къызэдэщӀэн, хузэдэщӀэн, зызэдэщӀэн, фӀызэдэщӀэн; |
| | - дэщӀэн → | - ныдэщӀэн, къыдэщӀэн, худэщӀэн, зыдэщӀэн, зэ(ды)дэщӀэн, фӀыдэщӀэн; |
| | - фӀэщӀэн → | - ныфӀэщӀэн, къыфӀэщӀэн, хуфӀэщӀэн, зыфӀэщӀэн, зэ(ды)фӀэщӀэн, дыфӀэщӀэн; |
| | | - *{Я нэхъыбэр щӀыуэ щытыныгъэ "щӀэн" ("щӀы-э-н) хуэдэу мэгурыӀуэгъуэри, щызекӀуащэкъым}* |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Игъуэ щыземыкӀуэхэри *"(щызекӀуащэкъым)"*уэ къыхэдгъэщащ; ауэ, *"щӀын"* Ӏуэхугъуэу *езым ищхьэм хуилэжьы*р (зы) *къыщӀидзэ*у (къ) *зэрыгъэзащ*Ӏэр *"зыкъэщӀын"*кӀэрэ къызэрыӀуэтапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэри къэтагъэххэщ. Мы нэмыщӀ, *"щӀын"* Ӏуэхугъуэр *къыщӀидзэ*рэ (къ) *езым ищхьэм хуилэжьы*у зэрыгъэзащӀэри *"къызыщӀын"*у къызэрыӀуэтапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, "щӀэн" глаголыр зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэм елъытауэ мы "префиксит1"ым я зэкӀэлъхьэужьыкӀэр зэрызэхъуэкӀыфыр жыӀэпхъэщ. Ауэ икӀи, мы къэта щапхъэхэр нэхъ гурыӀуэгъуафӀэ хъун папщӀи, *аргуэру "ху" префикси* къащтэныр зэры*игъуэ*ри къыхэгъэщыпхъэщ; "зы*ху*элэжьэн"ыгъэу *"ху" префикс*и зыхуэигъуэу (зыкъыхуэщӀын; къызыхуэщӀын) лъытапхъэхэрщ. ИкӀи, мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ мы къэта *"префиксиал глагол"*хэр къызытехъукӀыр *"макъ глагол"* лӀэужьыгъуэу щыт *"щӀын"* глаголращи, мыбыхэмрэ, *"щӀ" макъ*ыр *"префикс" гуэрхэмк*Ӏэрэ (пп: "ху, фӀ") *къызэрыхъуа щӀыкӀэу "префиксиал глагол"*у утыку къихьахэр (*"хуэщӀын"*; *"фӀэщӀын"*) *щхьэхуэу зэрыщыт*хэр *гулъытапх*ъэщ; - ахэр зэхэгъэзэрыхьын хуейкъым. Аращи, мы къедгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэм мыпхуэдэу зэхуэдэ зэпкъырыувэкӀэ зиӀэу *лъэныкъуэбэрэ мыхьэнэбэу еджапхъэ* щапхъэу къытпыщӀэхуэр мащӀэкъым; икӀи, мыхэр зэрызэщхьэщыкӀыр сытым дежи къызэрыхэдымыгъэщыр дигу къэдгъэкӀыжынщи, къыщытпыщӀэхуэхэм *гулъытэ яхуэщ*Ӏын хуейщ.

- ИпэкӀэ екӀуэлӀэныгъэ зылъытэ щӀыкӀэ префикс "е"м ипӀэр сытым дежи "глаголыпкъыщхьэ"рауэ зэрыщытым щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къыхуэдгъэлъэгъуащ; ауэ, *"щӀын"* глаголыр *гъэзащӀэу зэрыщыт*ыр зэрылъытэ *"щӀэн"* глаголым *"е" префикс* къызэрищтэр нэрылъагъуэщи (ещӀэн), мыри "щӀын"ыр *"э"к*Ӏэрэ къызэрыӀуатэ *гъэзэщ*Ӏэ*к*Ӏэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ; икӀи, *"ещӀэн"* глаголым *нэгъуэщӀ "щӀыкӀэ" префикс*хэр къыпыхьэу ухуэ *"префиксыбэ глагол"хэми "е"р зи гугъу тщӀа ипӀэм иту* зэрыхэплъагъуэри гурыӀуэгъуэщ.

- Ауэ, мы "щӀын - щӀэн" глаголым къытехъукӀарэ теухуауи щытрэ *щӀэныгъэ* лӀэужьыгъуэ *"щӀэн"* глаголыр -мы и *абстрактцэ мыхьэнэ*ми елъытащи-*екӀуэлӀэныгъэ*кӀэрэ зэры*мыгъэзэщӀапхъэ*р гурыӀуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщӀ, мы *"щӀэныгъэ"* лӀэужьыгъуэ *"щӀэн"ым къытехъук*Ӏа мы *"префиксыбэ глагол"*хэр *практикэ* лӀэужьыгъуэ *мыхьэнэ* зиӀэ *"щӀэн"ым къытехъукӀа "префиксыбэ глагол"*хэм хуэдэу *гурыӀуэгъуэу хъуну йобэ*ри, мыри *практикэ мыхьэнэр нэхъ гурыӀуэгъуафӀ*Ӏэрэ *лэжьакӀуэ*у зэрыщытращ зытеухуар. Мыбы папщӀэщи, *"щӀэныгъэ"* лӀэужьыгъуэ *"щӀэн"*ым теухуа щапхъэхэм *"(я нэхъыбэр "щӀэн ("щӀы-э-н) хуэдэу мэгурыӀуэгъуэри, щызекӀуащэкъым)"*ыр ящӀэттхэжащ.

*

Мыбдежми **"лъэн"** глаголым **"щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ *дэтхэнэ зы* **"префикс"**ыр къызэрыпыхьэу ухуэ **"префиксиал глагол"**хэм **аргуэру "щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"**хэр къызэрищтэу *"щӀыкӀэ" защ*Ӏэу

ухуэ ″**префиксиал глагол**″хэм теухуа щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Лъэн | - елъэн → | - нелъэн (ны-е-лъэн), къелъэн, хуелъэн, зэ(д)елъэн {зэ(ды)-е-лъэн}, делъэн, фIелъэн; |
| | - нэлъэн → | - къынэлъэн, зэ(ды)нэлъэн; |
| | - къэлъэн → | - |
| | - хуэлъэн → | - ныхуэлъэн, къыхуэлъэн, зэ(ды)хуэлъэн, дыхуэлъэн, фIыхуэлъэн; |
| | - зэ(дэ)лъэн → | - нызэдэлъэн, къызэдэлъэн, хузэдэлъэн, фIызэдэлъэн; |
| | - дэлъэн → | - ныдэлъэн, къыдэлъэн, худэлъэн, зэ(ды)дэлъэн - зэдэлъэн, дыдэлъэн, фIыдэлъэн; |
| | - фIэлъэн → | - ныфIэлъэн, къыфIэлъэн, хуфIэлъэн, зэ(ды)фIэлъэн, дыфIэлъэн; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ″Лъэн″ глаголыр зы ″щIыкIэ″ префиксклэ ″префиксиал глагол″у зэрыухуа ″*къэлъэн*″ глаголым ищхьэм *аргуэру* ″*щIыпIэ*″ *префикс* къызэрищтэу ″*префиксыбэ глагол*″у зэры*мыухуэжа*р нэрылъагъущи, щапхъэхэр къызыхуэтхьа ″*щIыкIэ*″ *префикс*хэм ″*къ*″ым *ипэ къихуапхъэ*у ″*зы*″ *нэмыщI язэрыхэмыт*ри гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, ″*лъэн*″ глаголыр *субъект*ым *езым ищхьэ хуилэжьыж* I*уэхугъуэкъыми*, ″къэлъэн″ глаголым ищхьэм ″*зы*″ *префикск*I*и къыпымыхьэ*у, а зэрыщыту къызэрызытенэри гурыIуэгъуэщ.

- ″*Лъэн*″ глаголыр ″*зэ*″ *префикск*Iэрэ *зыр зым (зэ) елъэн* ″*щIык*Iэ″у къэIуэтэныр (зэлъэн) игъуащэкъыми, щапхъэхэми хэхьакъым. ИкIи, *лъэн* Iуэхугъуэр *зыр зым* (зэ) *дэщIыгъуу* (дэ) *гъэзэщ*Iэнри ″*зэ(дэ)лъэн*″ глаголкIэрэ къызэрыIуэтапхъэри щапхъэхэм хыболъагъуэр. Ауэ икIи, нэгъуэщIым *дэщIыгъуу* (дэ) *лъэн*ри ″*дэлъэн*″ глаголкIэрэ къызэрыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэщи, мыри щапхъэхэм хыболъагъуэр. НытIэ, *зэдэщIыгъу*у (зэдэ) гъэзащIэ ″*лъэн*″ Iуэхугъуэр *нэгъуэщ*I гуэр(хэ)ми *дэщIыгъуу*и (дэ) зэрыгъэзэщIэнури мы ипэкIэ къэта ″*зэ(ды)дэлъэн*″ глаголкIэрэщ. Ауэ икIи, лъэныр *дэщIыгъуу лъэн*кIэрэ ″*дэ*″ *префикс* зиIэу ″*префиксиал глагол*″у ухуагъэххэр *зыр зым* (зэ) *дэщIыгъуу лъэн* щIыкIэу ″*зэдэлъэн*″у зэрыухуапхъэри гурыIуэгъуэщи, ипэкIэ мыпхуэдэ щапхъэри къэтащ.

*

Мыбдежми ″**макъ зэгуэт глагол**″хэм дэтхэнэ зы ″**щIыкIэ**″ **префикс** къызэращтэу ухуэ ″**префиксиал глагол**″хэм **аргуэру** ″**щIыкIэ**″ лIэужьыгъуэу ″**префикс**″кIэрэ къатехъукI ″*щIык*Iэ″ *защ*Iэ ″**префикыбэ глагол**″хэм теухуа щапхъэхэр ″**пщын, пщэн**″ глаголым теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Пщын-2 | - нэпщын → | - къынэпщын, хунэпщын, зынэпщын, зэ(ды)нэпщын, дынэпщын, фIынэпщын; |

| | | |
|---|---|---|
| | - къэпщын → | - зэкъэпщын-1 - зэ(ды)къэпщын *(бзэм щызекӀуащэкъым)*"; зыкъэпщын-1; |
| | - хуэпщын → | - ныхуэпщын, къыхуэпщын, зыхуэпщын, зэхуэпщын зэ(ды)хуэпщын, дыхуэпщын, фӀыхуэпщын; |
| | - зыпщын-1 → | - нызыпщын, къызыпщын, хузыпщын, зызыпщын, зэзыпщын, дызыпщын, фӀызыпщын; |
| | - зэпщын → | - ныээпщын, къызэпщын – къызэ(дэ)пщын, хузэпщын, зызэпщын, дызэпщын, фӀызэпщын; |
| | - дэпщын → | - ныдэпщын, къыдэпщын, худэпщын, зыдэпщын, зэдэпщын, фӀыдэпщын; |
| | - фӀэпщын → | - ныфӀэпщын, къыфӀэпщын, хуфӀэпщын, зыфӀэпщын, зэфӀэпщын, дыфӀэпщын; |
| | --------------- | ------------------------------------------------------------ |
| Пщэн-2 (пщы-э-н) | - епщэн-1 → | - непщэн, къепщэн, хуепщэн, зепщэн (зы-е-пщэн), зепщэн (зэ-е-пщэн), депщэн, фӀепщэн; |
| | - нэпщэн → | - къынэпщэн, хунэпщэн, зынэпщэн, зэнэпщэн, дынэпщэн, фӀынэпщэн; |
| | - къэпщэн → | - ныкъэпщэн, хукъэпщэн, зыкъэпщэн, зэкъэпщэн, дыкъэпщэн, фӀыкъэпщэн; |
| | - хуэпщэн → | - ныхуэпщэн, къыхуэпщэн, зыхуэпщэн, зэхуэпщэн, дыхуэпщэн, фӀыхуэпщэн; |
| | - зыпщэн-1 → | - нызыпщэн, къызыпщэн, хузыпщэн, зызыпщэн, зэзыпщэн, дызыпщэн, фӀызыпщэн; |
| | - зэ(дэ)пщэн → | - нызэдэпщэн, къызэдэпщэн, хузэдэпщэн, зызэдэпщэн, дызэдэпщэн, фӀызэдэпщэн; |
| | - дэпщэн → | - ныдэпщэн, къыдэпщэн, худэпщэн, зыдэпщэн, зэдэпщэн, фӀыдэпщэн; |
| | - фӀэпщэн → | - ныфӀэпщэн, къыфӀэпщэн, хуфӀэпщэн, зыфӀэпщэн, зэфӀэпщэн, дыфӀэпщэн; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- "Пщын" глаголыр гъэзащӀэу зэрыщытыр зэрылъытэр "*пщэн*"уэщи, ар *хуэкӀуэн*рэ *екӀуэлӀэн*ыгъэу зэрыгъэзащӀэу "*е*"*к*Ӏэрэ "*префиксиал глагол*"у зэрыухуэжу "*епщэн-1*"уэ къэгъэлъэгъуар *зы гуэрыр* нэгъуэщӀ гуэрым *егъэпщэн* Ӏ*уэхугъуэ*у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мыр "пщэн" глаголым и *адрей мыхьэнэ*уэ "*кӀуэтэн*" *л*Ӏ*эужьыгъуэ* зэрылъытэм теухуа лэжьэкӀэу *зэрыщымыт*ыр гурыӀуэгъуэщ.

- "Къ" макъым ипэ къихуэ "зы"кӀэрэ ухуэ "зыкъэпщын" глаголыр "зыкъэпщытэн" мыхьэнэ лӀэужьыгъуэрщи, "пщын"ым и "кӀуэтэгъуэ" лӀэужьыгъуэ мыхьэнэри "зы" префикскӀэ къэӀуэтапхъэкъым. Аращи, "пщын" глаголым и "къэпщытэн" Ӏуэхугъуэращ субъектым езым зыхуилэжьыжу щытыфынури, мы къэта щапхъэхэм "зы" префикскӀэ ухуауэ хэплъагъуэ "зыпщын" глаголымрэ "зыпщэн" глаголым къыпыхьэ нэгъуэщӀ "щӀыкӀэ" префикскӀэрэ къытехъукӀ "префиксыбэ глагол"хэри мыпхуэдэу "къэпщытэн"

лIэужьыгъуэ мыхьэнэ зиIэхэрщ: «нызыпщын, къызыпщын, хузыпщын, зызыпщын, зээзыпщын, дызыпщын, фIызыпщын»; «нызыпщэн, къызыпщэн, хузыпщэн, зызыпщэн, зээзыпщэн, дызыпщэн, фIызыпщэн».

- ИкIи мы къэта щапхъэхэм щыщу *езым ищхьэ хуэлэжьэж*ыр зэрылъытэ *"зы"ри "зэ (зы-э)"уэ* къызэрыIуэтэфынухэр язэрыхэтри нэрылъагъущи, езым ищхьэм иригъапщэ псалъэ лIэужьыгъуэхэр зэрыбагъуэри гурыIуэгъуэщ:

| |
|---|
| - «нызыпщын - нызэпщын, къызыпщын - къызэпщын, хузыпщын - хузэпщын, зызыпщын - зызэпщын, зээзыпщын - зээзэпщын, дызыпщын - дызэпщын, фIызыпщын - фIызэпщын»;<br>- «нызыпщэн - нызэпщэн, къызыпщэн - къызэпщэн, хузыпщэн - хузэпщэн, зызыпщэн - зызэпщэн, зээзыпщэн - зээзэпщэн, дызыпщэн - дызэпщэн, фIызыпщэн - фIызэпщэн». |

Ауэ икIи, *"пщэн"*ым къытехъукIа мы *етIуанэ гуп*ым *я етIуанэ глагол*хэр (пп: нызэпщэн) "зы"р "э"кIэрэ "зэ"уэ къэIуу зэрызэхъуэкIам папщIэ, *зыр зым хуэлажьэ* зэрылъытэ *"зэ"уи* зэреджапхъэр гурыIуэгъуэнщи, *зэгъэпщэн* лIэужьыгъуэм *нэмыщI* икIи *кIуэтэн* лIэужьыгъуэу *зыр зым* зэры*зэ(дэ/хуэ)пщэн*уи зэреджапхъэр гурыIуэгъуэнщ.

- *"Къэпщын"* глаголым *мыхьэнит*Iри иIэ щхьэ, абы къытехъукIа *"зэкъэпщын-1"* щапхъэр *къэпщытэн* лIэужьыгъуэ *мыхьэнэ* зиIэрщ; икIи, мыбырэ *мыхьэнит*IкIи еджапхъэ *"зэ(ды)къэпщын"*ри *бзэми куэдыщэу щызэрыземык*Iуэри къыхэдгъэщагъэхххэщ. Ауэ, мы щапхъэхэм къыкIэлъыкIуэу къэта *"зыкъэпщын-1"* щапхъэри *къэпщытэн* лIэужьыгъуэ мыхьэнэ закъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

*

Зы "макъ глагол"ыр зы "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"кIэрэ ухуэу утыку къихьа "префиксиал глагол"хэм аргуэру "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэр къызэрыпыхьэу "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префиксыбэ глагол" щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу къыхэгъэщыпхъэхэри къыпытщэжащ. ИкIи, *"щIык*Iэ*"* лIэужьыгъуэ *"префикс" куэд*ыр *зэгъусэу "глагол"*хэм *къазэрыпыхьэф*ыр жытIагъарэ, *"ин" глагол*ми *теухуа щапхъэ* гуэрхэри *къэдгъэлъэгъуа*уэ щытащи, нытIэ, мыпхуэдэ щапхъэхэр мы ипэкIэ щапхъэу къэтхьа *дэтхэнэ зы глаголым теухуауи къэгъэлъэгъуэн*ыр игъуэщ.

Мы къыхэдгъэщами зэрезэгъкIэ, зы **"префиксыбэ"***м* **хиубыдэф**ыну **"щIыкIэ"** лIэужьыгъуэ **"префикс"***хэмрэ* **я зэкIэлъхьэужьыкIэ**м теухуа щапхъэхэр мы къедгъэкIуэкI лэжьыгъэ щапхъэу щыт *дэтхэнэ зы "макъ глагол"ым* теухуауэ зы *таблицэ*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глаголхэр** | **"ЩIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэр зыхэзыубыдэу ухуа "префиксыбэ глагол"хэр** |
|---|---|

| | |
|---|---|
| Ин → | - «къызыфӀыхуеин (къы-зы-фӀы-ху-е-ин) – зыкъыфӀыхуеин (зы-къы-фӀы-ху-е-ин); къызэ(ды)фӀыхуеин (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-е-ин); къызэ(ды)фӀыхудеин (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-д-е-ин)»;<br>- «нызыфӀыхуеин – зыныфӀыхуеин; нызэ(ды)фӀыхуеин; нызэ(ды)фӀыхудеин»; |
| Хьын → | - «къызыфӀыхуэхьынн (къы-зы-фӀы-хуэ-хьын) – зыкъыфӀыхуэхьын (зы-къы-фӀы-хуэ-хьын); къызэ(ды)фӀыхуэхьын (къы-зэ(ды)-фӀы-хуэ-хьын); къызэ(ды)фӀыхудэхьын (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-дэ-хьын)»;<br>- «нызыфӀыхуэхьын – зыныфӀыхуэхьын; нызэ(ды)фӀыхуэхьын; нызэ(ды)фӀыхудэхьын»; |
| ЩӀын →<br><br><br><br><br><br><br>ЩӀэн →<br>(щӀы-э-н)<br><br><br><br><br>------------<br>ЩӀэн → | - «къызыфӀыхуещӀэн (къы-зы-фӀы-ху-е-щӀы-э-н) – зыкъыфӀыхуещӀэн (зы-къы-фӀы-ху-е-щӀы-э-н); къызэ(ды)фӀыхуещӀэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-е-щӀы-э-н); къызэ(ды)фӀыхудещӀэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-д-е-щӀы-э-н)»;<br>- «нызыфӀыхуещӀэн – зыныфӀыхуещӀэн; нызэ(ды)фӀыхуещӀэн; нызэ(ды)фӀыхудещӀэн»;<br>------------------------------------------------------------------------------------<br>- «къызыфӀыхуещӀэн (къы-зы-фӀы-хуэ-щӀэн) – зыкъыфӀыхуещӀэн (зы-къы-фӀы-ху-е-щӀэн); къызэ(ды)фӀыхуещӀэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-е-щӀы-э-н); къызэ(ды)фӀыхудещӀэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-д-е-щӀы-э-н)»;<br>- «нызыфӀыхуещӀэн – зыныфӀыхуещӀэн; нызэ(ды)фӀыхуещӀэн; нызэ(ды)фӀыхудещӀэн»;<br>------------------------------------------------------------------------------------<br>- «къызыфӀыхуэщӀэн (къы-зы-фӀы-хуэ-щӀэн) – зыкъыфӀыхуэщӀэн (зы-къы-фӀы-хуэ-щӀэн); къызэ(ды)фӀыхуэщӀэн (къы-зэ(ды)-фӀы-хуэ-щӀэн); къызэ(ды)фӀыхудэщӀэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-дэ-щӀэн)»;<br>- «нызыфӀыхуэщӀэн – зыныфӀыхуэщӀэн; нызэ(ды)фӀыхуещӀэн; нызэ(ды)фӀыхудэщӀэн»; |
| Лъэн → | - «къыфӀыхуелъэн (къы-фӀы-ху-е-лъэн); къызэ(ды)фӀыхуелъэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-е-лъэн); къызэ(ды)фӀыхуделъэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-д-е-лъэн)»;<br>- «ныфӀыхуелъэн; нызэ(ды)фӀыхуелъэн; нызэ(ды)фӀыхуделъэн»; |
| Пщын-2 →<br><br><br><br><br><br>Пщэн-2 →<br>(пщы-э-н) | - «къыфӀыхуэпщын (къы-фӀы-хуэ-пщын) – къыфӀыхудэпщын (къы-фӀы-ху-дэ-пщын); къызэ(ды)фӀыхуэпщын (къы-зэ(ды)-фӀы-хуэ-пщын); къызэ(ды)фӀыхудэпщын (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-дэ-пщын)»;<br>- «ныфӀыхуэпщын – ныфӀыхудэпщын; нызэ(ды)фӀыхуэпщын; нызэ(ды)фӀыхудэпщын»;<br>------------------------------------------------------------------------------------<br>- «къыфӀыхуепщэн (къы-зы-фӀы-ху-е-пщэн); къызэ(ды)фӀыхуепщэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-е-пщэн); къызэ(ды)фӀыхудепщэн (къы-зэ(ды)-фӀы-ху-д-е-пщэн)»;<br>- «нызыфӀыхуепщэн – зыныфӀыхуепщэн; нызэ(ды)фӀыхуепщэн; нызэ(ды)фӀыхудепщэн»; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Зы *глаголы*р *мыпхуэдиз "щIыкIэ"м елъытауэ* -мыпхуэдиз "щIыкIэ" префикскIэрэ- лэжьэну гъэпсауэ зэрызэпкъырыувэм езыр *гурыгъэIуэ* хъуныр *гугъу*щи, ар зэрылажьэу ухуэну псалъэхэр зыгурыгъэIуэнри нэхъ гугъужу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ, мы *"макъ глагол"*хэр зэрыгъэзэщIэну *"щIыкIэ"*у *мыпхуэдиз "префикс"*кIэ зэрыз*эпкъырыув*эф*р*э икIи мыхьэнэ яIэу, *бзэ лэжьэк*Iэ*уи игъуэ*у зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, "префикс"хэми теухуауэ дэтхэнэ зы "глагол"ым езым хуэIуа гъэпсыкIэрэ лэжьэкIэ зэриIэри гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ щIыкIэу мы ипэкIэ къэгъэлъэгъуа дэтхэнэ зы щапхъэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэри мы илъабжьэм къыщыпытщэнщ.

- *"Хьын"* глаголыр *"е" префикс*кIэ зэры*мылажьэ*м ипэкIи щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыбдежми "префиксыбэ"м зэрыхэмытыр нэрылъагъущ {къызыфIыхуэхьын (къы-зы-фIы-хуэ-хьын)}.

- ИпэкIи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"щIын"* глаголыр *екIуэлIэныгъэ* (е) *щIыкIэу* гъэзэщIэнумэ, *глаголы*м зы *кIуэтэгъуэ*и (э) зэригъуэтыр гурыIуэгъуэщи, *"щIын"* глаголым къищтэ *"префиксыбэ"хэм "е" префикс*и щыхэхьэм деж, *"щIын"* глаголыр *"э"к*Iэрэ къэIуу *"щIэн"у* зэрыухуэжыр нэрылъагъущ {къызыфIыхуещIэн (къы-зы-фIы-ху-е-щIы-э-н)}. Аращи, *"е" префикс къэзыщтэ "щIын" глаголы*м *"е" префикс къэзыщта "щIэн" глагол зэпкъырыувэк*Iэ егъуэтыр {къызыфIыхуещIэн (къы-зы-фIы-ху-е-щIэн)}.

- *ЩIэныгъэ* лIэужьыгъуэ *"щIэн"*ыр *екIуэлIэныгъэ* (е) *"щIыкIэ"*кIэ - "префикс"кIэ- зэры*мылажьэ*м ипэкIи щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыбдежым къыщыгъэлъэгъуа *щапхъэхэми "е" префикс*ыр зэры*хэмыхьа*р нэрылъагъущ {къызыфIыхуэщIэн (къы-зы-фIы-хуэ-щIэн)}. Ауэ икIи, *мы "щIэн" глаголы*м теухуауэ къэта *щапхъэхэр* нэхъыбэуи *"щIыуэ щытын"* зылъытэ *"щIэн"*ым хуэдэу *зэрыгуры*I*уэну*ри -ипэкIи зэрыжытIауэ- наIуэщ.

- Мы къэтхьа щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"лъэн"* глаголыр *субъект*ым *езым ищхьэм телэжьыхьыжын* Iуэхугъуэ*къыми*, *"зы" префикс*кIэ *зэрымыухуэри* къэта щапхъэхэмкIэ наIуэщ {къыфIыхуещIэн (къы-фIы-ху-е-лъэн)}. ИкIи, *зыр зым елъэн*ри зэры*имыгъуащэ*м папщIэ, щапхъэхэми хыумылъагъуэкъым; ауэ, *зэдэщIыгъуу лъэн*ращ щапхъэхэм хэплъагъуэр {къызэ(ды)фIыхуелъэн (къы-зэ(ды)-фIы-ху-е-лъэн)}.

- "Пщын-2, пщэн-2"ым мыхьэнитI зэриIэр нэрылъагъущ; ауэ, "епщын, епщэн"рэ "зыпщын, зыпщэн"ыр "пщын-2, пщэн-2"ым и зы мыхьэнэм ("къэпщытэн, зэгъэпщэныгъэ") теухуауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, "е"мрэ "зы" префикс зыхэзыубыдэу ипэкIэ къэта "префиксыбэ глагол"хэм мыпхуэдэ мыхьэнэкIэ еджэн зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщ.

## "ЩIыпIэ"рэ "щIыкIэ"у "префикс" лIэужьыгъуитIри зыхиубыдэу ухуэ "префиксыбэ глагол"хэм теухуауэ.

"Макъ глагол" гуэрхэм "щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэр щхьэхуэ щхьэхуэу къазэрыпыхьэу къатехъукӀа "префиксыбэ глагол" щапхъэхэр ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуагъэххэщи, мыбдежми а *"макъ глагол"*хэр зи лъабжьэу, *"щӀыпӀэ"*рэ *"щӀыкӀэ" префикс лӀэужьыгъуит*Ӏри *зыхэзыубыдэ*у *"префиксыбэ глагол"*хэр утыку къызэрихьэм щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Мыпхуэдэу *"щӀыпӀэ"*рэ *"щӀыкӀэ"* префиксхэр зыхиубыдэу ухуэну *"префиксыбэ глагол"*хэм *хиубыдэ*фыну *"префикс" бжыгъэ*м щыгъуазэ хуэхъуфын папщӀи, ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа щӀыкӀэу, *"префиксыбэ"*хэм *щхьэхуэ щхьэхуэу "щӀыпӀэ"*рэ *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэу *хиубыдэ*фыну *"префикс" бжыгъэ*хэр дигу къэдгъэкӀыжын хуейщ. ИкӀи, "префиксыбэ"хэм хиубыдэ мы *"префикс"хэм я зэкӀэлъхьэужьык*Ӏэри дигу къэгъэкӀыжын хуейщ.

НытӀэ, *япэрауи*, *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*хэм теухуауэ ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэр дигу къэдгъэкӀыжынщ.

Аращи, я макъ мыхьэнэхэмрэ икӀи ягъэзащӀэ "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" къалэным теухуауэ ипэкӀэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуащи, "и"мрэ "щы"р дэтхэнэ зы глаголым "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэу "префикс" зэрыхуэхъуфыр гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, "и"р "глаголыпкъыщхьэ" дыдэм къыпыхьэ "префикс"у зэрыщытымрэ, "щы"ри "префиксыщхьэ" хуну хущӀэкъу "префикс"у зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбы нэмыщӀ, дэтхэнэ гуэрыр *зэм зы щӀыпӀэ*м *зэрыщыӀэф*ынум зэрезэгъкӀи, *глаголри зэм къыздыщыхъу*рэ *щыгъэзащӀэф*ынури *зы щӀыпӀэ*рауэ зэрыщытым папщӀи, *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*у - "и"рэ "щы"м нэмыщӀ- *глаголым къищтэфынур зы закъуэ*у зэрыщытынури ипэкӀэ щыжытӀагъащ.

Ауэ икӀи, "щӀыпӀэ" зылъытэу ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа "префикс" гуэрхэр нэгъуэщӀ "щӀыпӀэ"хэм я зы Ӏыхьэрэ ӀэнатӀэ зылъытэу зэрыщытыфынури жыӀэпхъэщи, "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" гуэрхэр адрей "щӀыпӀэ" префикс гуэрхэм дэщӀыгъуу "префиксыбэ глагол"хэр зэрыухуэфми ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Мыпхуэдэщ - псалъэм папщӀэ- щӀагърэ (щӀ) къуагъ (къу) лӀэужьыгъуэ "щӀыпӀэ"хэм теухуа "Ӏу" лӀэужьыгъуэ "щӀыпӀэ"хэр зэрылъытапхъэр. Ауэ икӀи, мыпхуэдэу зы щӀыпӀэм и зы Ӏыхьэрэ лъэныкъуэр щӀыпӀэ пыхытыкӀа гуэру зэрылъытэфынури а гъэзащӀэ Ӏуэхугъуэми зэрытеухуар

гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, а Ӏуэхугъуэр зэрылъытэ глаголыр зэрылажьэрэ зэрыгъэзащӀэми елъытащ зы "щӀыпӀэ"м (пп: "къуагъ, щӀагъ") и зы Ӏыхьэр нэгъуэщӀ "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэуи (пп: "къуагъыӀу; щӀагъыӀу") зэрылъытэфри, "ин" глаголым теухуауэ (пп: "къуагъыр Ӏуъин, щӀагъыр Ӏуъин) мыпхуэдэ щапхъэхэри (къуӀуъин, щӀыӀуъин) ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуауэ щытащ.

ИкӀи, "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префиксиал глагол"хэм аргуэру "и, щы" префиксхэр къызэращтэфым ипэкӀи и гугъу щытщӀащи, мы "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"итӀкӀэ ухуа мы "префиксыбэ глагол"хэм икӀи "и, щы" префиксхэри къызэращтэу "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуитплӀ "префикс" зиӀэ "префиксыбэ глагол"хэу (щыкъуӀуиин, щыщӀыӀуиин) зэрыухуэжа щапхъэхэри ипэкӀэ къэтхьауэ щытащ.

**"ЩӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"**хэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэмрэ *"префиксыбэ глагол"*хэм *зэрыхиубыдэ* щӀыкӀэхэми ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуауэ щытащи, "къ, н; зы, зэ(д); фӀ, ху; д, е"у **зэкӀэлъхьэужьыкӀэ** зиӀэхэм щыщу зы **"префиксыбэ глагол"***ым* **зэрыхиубыдэф**рэ я зэкӀэлъхьэужьыкӀэхэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ:

| |
|---|
| - «"къы-зы-фӀы-ху-ды-е" е "зы-къы-фӀы-ху-ды-е"; "къы-зэ-фӀы-ху-ды-е" - "къы-зэ(ды)-фӀы-ху-е" е "къы-зэ(ды)-фӀы-ху-ды-е" - "къы-зэ(ды)-фӀы-ху-е"»;<br>- «"ны-зы-фӀы-ху-ды-е" е "зы-ны-фӀы-ху-ды-е"; "ны-зэ-фӀы-ху-ды-е" - "ны-зэ(ды)-фӀы-ху-е" е "ны-зэ(ды)-фӀы-ху-ды-е" - "ны-зэ(ды)-фӀы-ху-е"». |

Ауэ, "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэу мы къэдгъэлъэгъуахэр *глагол мыхьэнэми елъыта*уэ зэрыщытрэ икӀи зэрызэхъуэкӀыфри гурыӀуэгъуэнщ.

Мыхэр дигу къэдгъэкӀыжу къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэм *"щӀыпӀэ"*рэ *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс" зэрызы*м *къыщыщӀидзэу* зы*хиубыдэфын хуэдизы*р *зыхуаубыдэу зэрыухуэж*хэм теухуа *щапхъэхэри* къэгъэлъэгъуэныр игъуэу лъытапхъэщ.

НытӀэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэр мы илъабжьэм къыщедгъэкӀуэкӀынущи, къэтхьыну *щапхъэхэм нэмыщӀ глаголхэми теухуа* мыпхуэдэ *лэжьыгъэ къегъэкӀуэкӀын*рэ игъуэ *щапхъэхэр* къахуэгъэлъэгъуэнри *еджакӀуэхэм къахуренэ!*

*

Мы зи гугъу тщӀахэм теухуа щапхъэхэр "щӀыкӀэ"рэ "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуитӀри зыхэзыубыдэ "префиксыбэ глагол"хэм теухуащи, нытӀэ, къэтхьыну *мы щапхъэхэр зыхиубыдэну зы таблиэцэ* ухуапхъэщ.

Ар щыхъукӀи, мы таблицэм япэрауэ мы лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъу *"макъ глагол"*хэр хиубыдэн хуейщ; абы къыкӀэлъыкӀуэуи, къэтхьыну мы "префиксыбэ глагол" щапхъэхэм хиубыдэну *"щӀыкӀэ"рэ "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ зы-тӀу "префикс"*ыр *зыхэзыубыдэ "префиксиал глагол"*хэри -"щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэу щхьэхуэ щхьэхуэу- хиубыдэн хуейщ; мыбыхэми мыбыхэм къатехъукӀыу, "щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ префикситӀхэр зыхиубыдэ "префиксыбэ глагол" щапхъэхэр хиубыдэн хуейщ.

НытӀэ, мы къыхэдгъэщахэр зыхэзыубыдэну гъэпсын хуей таблицэм и псэлъащхьэхэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ:

| **Макъ глаголхэр** | **"ЩӀыкӀэ"у зы-тӀу "преф" зиӀэу ухуа "преф.гл"хэр** | **"ЩӀыпӀэ"у зы-тӀу "префикс" зиӀэу ухуа "преф.гл"хэр** | **Мы "префиксиал гл."хэм я "щӀыкӀэ"рэ "щӀыпӀэ" лӀэужь. "префикс"хэр зэгъусэу зыхиубыдэу ухуэ "префиксыбэ глагол"хэр** |
|---|---|---|---|

НытӀэ, мыпхуэдэ зы таблицэми япэрауэ **"щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"**хэу *зы-тӀу* зэрыхиубыдэ ухуэ **"префиксыбэ глагол"** щапхъэхэр **"ин"** *макъ глаголым теухуа*уэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ин | - еин → | + иин → | - "иин" ← "е(иэ)иин – е(иэй)ин" {"е(иэй)ин" ← "иэи-ин" ← "е(иэ)-и-ин" ← "е-и-ин"}; |
| | - къеин → | + Ӏуъин → | - "къыӀуиин" ← "къыӀуеин" {"къыӀуе(эйй)-ин" ← "къыӀуэйй-ин" ← "къыӀуэии-ин" ← "къыӀуиэ-ин" ← "къыӀу-иэ-ин" ← "къыӀу-и-е(иэ)-ин")}, |
| | | + Ӏуэин → | - къыӀуеин {"къыӀуе(эйй)ин" ← къыӀуэйй-ин ← "къыӀуэиэ-ин" ← "къыӀуэ-е(иэ)-ин")}; |
| | - ныхуэин → | + къуэин → | - ныхукъуэин; |
| | - нызэ(дэ)ин → | + къуӀуъин →<br>+ къуӀуэин → | - нызэ(ды)къуӀуъин,<br>- нызэ(ды)къуӀуэин; |
| | - къыхуэин → | + Ӏугуъин →<br>+ Ӏугуэин → | - къыхуӀугуъин,<br>- къыхуӀугуэин; |
| | - зэ(дэ)ин → | + щыхэин → | - зэ(ды)щыхэин – щызэ(ды)хэин; |
| | зэ(ды)хуэин → | + щыдэин → | - зэ(ды)хущыдэин – зэ(ды)щыхудэин – щызэ(ды)худэин; |
| | - хуфӀэин → | + щыгуэин → | - хуфӀыщыгуэин – хущыфӀыгуэин – щыхуфӀыгуэин; |
| | - къыхуэин → | + щыщыин → | - къыхущыщыин – къыщыхущыин – |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | къыщыщыхуэин; |
| | - ныфӏэин → | + щыдэин → | - ныфӏыщыдэин – ныщыфӏыдэин – ныщыфӏыдэин – щыныфӏыдэин; |
| | - фӏэин → | + щӏыгуэин → | - фӏыщӏыгуэин; |
| | - хуфӏэин → | + дыӏуъин → | - хуфӏыдыӏуъин; |
| | - фӏыхуэин → | + дэин | - фӏыхудэин; |
| | - къыфӏэин → | + теин → | - къыфӏытеин; |
| | - фӏыдэин → | + фӏыгуэин → | - фӏыдыфӏыгуэин; |
| | - худэин → | + пыӏуъин → | - худыпыӏуъин; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Ипэкӏэ ″щӏыкӏэ″ префикс ″е″кӏэрэ ухуа ″еин″ымрэ ″щӏыпӏэ″ префикс ″и″кӏэрэ ухуа ″иин″ глаголым къатехъукӏ ″префиксыбэ глагол″ыр зэрызэпкъырыуварэ къызэрыӏу хъуа щӏыкӏэри къыхэдгъэщу къэдгъэлъэгъуащ. Аращи, мы къэдгъэлъэгъуахэр ″щӏыкӏэ″ лӏэужьыгъуэ ″префикс″у щыт ″е″мрэ ″щӏыпӏэ″ лӏэужьыгъуэ ″префикс″у щыт ″и″р щызэгуэхьэм теухуащ; ауэ, зыр зым и кӏуэтэгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткӏэ зэгухьэн хуейуи зэрымылъытапхъэри жыӏэпхъэщи, ″е″мрэ ″и″р зэгъусэу зы ″префиксыбэ″ ухуэн хуэмейуи лъытапхъэщ. Нэхъ зэӏухауэ жыӏэпхъэмэ, ″*и*″р *джыгъуэ-джып*ӏэ лӏэужьыгъуэу ″*щӏып*ӏэ″ *префикс* къалэн зыгъэзащӏэу зэрыщытыр; ауэ, ″*и*″*м и кӏуэтэгъуэ*у (э) щыт ″*е* (иэ)″ри *джыгъуэ-джып*ӏэ (и) *кӏуэтэгъуэ*у (э) ″*ек*ӏ*уэл*ӏ*эныгъэ*″ къалэн зыгъэзащӏэ ″*щӏык*ӏэ″ лӏэужьыгъуэ ″*префикс*″у зэрыщытри гурыӏуэгъуэщи, мы макъ лӏэужьыгъуэу *зыр зым* зэ*пыщ*ӏ*а*уэ -″е (иэ)″р ″и″м и кӏуэтэгъуэу- щыт щхьэ, ягъэзащӏэ ″*префикс*″ *къалэнк*ӏэ *зэщхьэщык*ӏми, глаголхэм *зэгъус*эрэ *зэк*ӏ*элъхьэужь*у ″*префикс*″ *яхуэхъун*ыр *игъуэу лъытапхъэкъым*и, *зы* ″*префиксыбэ*″м *химыубыдапхъэ*уи *жы*ӏ*эпхъэщ*. Аращи, зы глаголым ″*и*″мрэ ″*е*″р *зэгъусэ*у ″*префикс*″ *щ*ӏ*ыхуэмыхъупхъэр* -тӏури зы ″префиксыбэ″м зэрыхимыубыдапхъэр- абыхэм *я мыхьэн*эрэ *ягъэзащ*ӏэ *къалэн*ми *езэгъ* хабзэрщи, зы ″*глагол*″ыр *джыгъуэ-джып*ӏ*эм* (и) щыгъэзащӏэу *щылъытэм* деж, *а* ″*глагол*″*ыр джыгъуэ-джып*ӏ*эм* (и) *хуэк*ӏ*у*эрэ (э) *ек*ӏ*уэныгъэуи* (е) гъэзащӏэу зэры*мылъытапх*ъэр гурыӏуэгъуэнщ.

- Мыбхэм къыкӏэлъыкӏуэу, ″ин″ глаголыр ″е″ри зыхэзыубыдэ ″щӏыкӏэ″ префиксхэмкӏэ зэрыухуа ″*къеин*″ымрэ ″щӏыпӏэ″ префиксхэмкӏэ ухуа ″ӏ*уъин* – ӏ*уэин*″ым *къатехъук*ӏ ″*префиксыбэ глагол*″хэр *зэрызэпкъырыувэ* щӏыкӏэмрэ *къызэры*ӏ*у*у къызэрыдгъэлъэгъуа щӏыкӏэхэр *игъуэщ*.

- ″Глаголыпкъыщхьэ″р зи увыпӏэ ″щӏыкӏэ″ префикс ″е″мрэ ″щыпӏэ″ префикс ″и″м нэмыщӏ, ″щӏыкӏэ″ префиксхэр ″щӏыпӏэ″ префиксхэм ипэ къихуэу префиксыщхьэ лъэныкъуэм хущӏэкъуу зэрылъытапхъэр жытӏагъащ. Ауэ, ″*щ*ӏ*ып*ӏэ″ лӏэужьыгъуэу тлъыта ″*щы*″ *префикс*ыр –къежьапӏэ зылъытэ ″*къ*″ *префикс*ым *нэмыщ*ӏ- ″*щ*ӏ*ык*ӏэ″ *префикс нэхъыбэм ипэ къихуэ*у ″*префиксыщхьэ*″ лъэныкъуэр *увап*ӏэ *зыхиущ*ӏ*ыну* зэры*хущ*ӏ*экъу*ри гурыӏуэгъуэнщи, мыр мы ипэкӏэ

къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр.Аращи, сытым дежи "*префиксыщхьэ*"у тлъыта "*къ*"*ым къыкlэлъыкlуэу*щ "*щы*"р *префикс* зэрыхъунур (пп: "къыщыин, къыщыхуэин"); ауэ, "къ"ым нэмыщl "префикс"хэм ищхьэ лъэныкъуэр зи увапlэу лъытапхъэщ "щы" префиксым. Мыпхуэдэу зэрыщытыр и мыхьэнэм теухуаущи, зы lуэхугъуэр *къыщыхъу*рэ *щыгъэзащ*lэ –зэманыгъуэрэ щlыпlэу-*зылъытэ "щы" префикс*ыр а lуэгъуэр къызэрыхъу "*щ*lыпlэ"рэ "*щ*lыкlэ"хэри зыхиубыдэу *–езым елъытауэ* зэрыщыту- *утыку къыщихьэр зылъытэф*ырщ. Нытlэ, *къыщыхъу*у *щыгъэзащ*lэ "*щ*lыпlэ"рэ икlи *къызэрыхъу*у *зэрыгъэзащ*lэ "*щ*lыкlэ"уи *лъытэн* хуей *щыхъум* деж, мыхэр зэрылъыта "щыпlэ"рэ "щlыкlэ" префиксхэм "*щы*"*р* –"къ"ым нэмыщl- ищхьэ лъэныкъуэм къыпоувэр. Аращи, езыр "*щ*lыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"у щыт "*щы*"р "*щ*lыпlэ" *префикс псоми ищхьэ* лъэныкъуэм къыпэувэрщи, "къ, н" нэмыщl "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэми ищхьэ лъэныкъуэр зыхуэфащэрщ. "*Щы*" *префикс*ыр "*префиксыбэ*"м *зэрыхиубыдапхъэ*у ипэкlэ къэта "*префиксыбэ глагол*"хэм щыщу *нэхъ игъуэ*рэ *бзэми нэхъ щызекlуэр мы жытlам хуэдэ* щапхъэхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

- Цlыхум объективу игъэзащlэ lуэхугъуэщ "ин"ри, субъектым езым ищхьэм хуигъэзащlэ зы lуэхугъуэу зэрыщымытым папщlэ, "зы" префикскlи зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, "ин" глаголыр "зы" префикскlэ зэрыухуа щапхъэи къэдгъэлъэгъуакъым.

- Мы къэтlуэтами зэрезэгъщи, цlыху нэрыбгэхэм зыр зым (зэ) хуащl lуэхугъуэуи щыткъым "ин"ыр. Ауэ, *зэщ*l*ыгъуу* (зэ) *зэдащ*lэ (дэ) l*уэху*гъуэу зэрыщытыфынури гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, "*ин*" lуэхур зэдащlэу зэрылъытэкlэрэ "зэ"м "дэ" къыкlэлъыкlуэу "*зэ(дэ)*" *префикс*кlэ къэlуэтэныр игъуэщ; икlи мыпхуэдэщ мы ипэкlэ къэта щапхъэхэр.

*

Мыбдежми "**хьын**" *макъ глагол*ыр зи лъабжьэу "**щlыкlэ**"**рэ** "**щlыпlэ**" лlэужьыгъуэу щхьэхуэ щхьэхуэу ухуа "*префиксиал глагол*"хэм хиубыдэ мы я "**префикс**" **лlэужьыгъуитl**ри *зыхэзыубыд*эу *къатехъук*l*ыж* "**префиксыбэ глагол**" щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Хьын | - къэхьын → | + щыхьын → | - къыщыхьын; |
| | - ныхуэхьын → | " → | - ныхущыхьын → ныщыхуэхьын – щыныхуэхьын; |
| | - зыхьын → | " → | - зыщыхьын - щызыхьын; |
| | - нызэ(дэ)хьын → | " → | - нызэ(ды)щыхьын – ныщызэ(дэ)хьын; |
| | - къыхуэхьын → | " → | - къыхущыхьын → къыщыхуэхьын |
| | | ------------------ | -------------------------------------------- |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | - зыхуэхьын → | + ихьэн → | - зыхуихьэн; |
| | - зэ(ды)хуэхьын → | + Iуихьэн → | - зэ(ды)хуIуихьэн; |
| | - хуфIэхьын → | + къуихьэн → | - хуфIыкъуихьэн; |
| | - къыхуэхьын → | + къуэхьэн → | - къыхукъуэхьэн; |
| | - ныфIэхьын → | + хихьэн → | - ныфIыхихьэн; |
| | - фIэхьын → | + Iухьэн → | - фIыIухьэн; |
| | - хуэхьын → | + щыхэхьэн → | - хущыхэхьэн – щыхухэхьэн; |
| | - фIыхуэхьын → | + щыдихьэн → | - фIыхущыдихьэн – фIыщыхудихьэн – щыфIыхудихьэн; |
| | - къыфIэхьын → | + щыгуихьэн → | - къыфIыщыгуихьэн – къыщыфIыгуихьэн; |
| | - фIыдэхьын → | + щыдэхьэн → | - фIыдыщыдэхьэн – фIыщыдыдэхьэн – щыфIыдыдэхьэн; |
| | - худэхьын → | + щIэхьэн → | - худыщIэхьэн; |
| | - ныфIэхьын → | + техьэн → | - ныфIытехьэн; |
| | - къыфIэхьын → | + пыхьэн → | - къыфIыпыхьэн. |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- "*Хьын*"ым -"ы"кIэ- мы и къэIукIэкIэ "*щIыпIэ*" *префиксу* къищтэр а Iуэхур *щыгъэзащIэр* -"зэман/мекан- *зэрылъытэу* "*щы*" *закъуэ*ращи, (щыхьын) *адрей* "*щIыпIэ*" *префиксхэр* "хьын" Iуэхугъуэм теухуауэ *объектыр зыхуэхьрэ зыдэхь* "*щIыпIэ*" зэрылъытэу -*объектыр* "*хьын*"*кIэрэ зэрыкIуатэр* зэрылъытэу- "*э*"*кIэрэ къэIуущ*. Аращи, "*щIыкIэ*" лIэужьыгъуэ "*префиксиал глагол*" *гуэрхэр* "щы" префикскIэ ухуа "*щыхьын*" *глаголым*, *адрей гуэхэри* -"щы"м нэмыщI- *адрей* "*щIыпIэ*" *префиксхэмкIэ* ухуа "*префиксиал глагол*"хэм яхуэдгуэшауэ щапхъэхэращ ипэкIэ "*префиксыбэ глагол*"хэу къэдгъэлъэгъуахэр.

- Зэрыгурыгуэгъуэу, "*хьын*" Iуэхугъуэм и *объект*ыр зыхьым -*субъект*ым- *дэщIыгъуущ зы* "*щIыпIэ*"*м зэрыхь*ри, *зыхь*ыр зы *щIыпIэм зэрыхуэк*Iуэм -"*ихьэн*"- хуэдэщ абы *дищIыгъури -хьыри- а щIыпIэм зэрыхуэк*Iуэр (ихьэн). Мы къэтIуэтахэм теухуауэ дигу къэгъэкIыжпхъэщ "*макъ глагол*"у мы зи гугъу тщIы "*хьын*"ыр зэрыухуа "*хь*" *макъ*ым "*щIыпIэ*" *префикс* къызэрыпыхьэу *къызэрыхъуа щIыкIэкIэ* "*префиксиал глагол*"хэр утыку къызэрихьами ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, "*субъект*"ыр "*щIыпIэ*"*м зэрихь*эр зэрылъытэмрэ "*субъект*"*ым* "*объект*"*ыр* "*щIыпIэ*"*м зэрырихь*эр *зэхуэдэ* "*префиксиал глагол*"у зэрызэ*пкъырыу*вэр гурыIуэгъуэщ; ауэ, зыр -"*субъектыр щIыпIэм зэрихьэр- зэрылъытэ* "префиксиал глагол"ыр "*езырыж глагол*" лIэужьыгъуэу, адрейри -*субъектым дищIыгъуу* зыдихьэ *щIыпIэм ирихь*эу мыбдежым зи гугъу тщIыр-зэрылъытэ "префиксиал глагол"ри "*Iуэху глагол*" лIэужьыгъуэу зэрыщыткIэрэ *къэхъук*Iэрэ *гъэзэщI*экIэ лIэужьыгъуэуи *зэрызэщхьэщык*Iхэри гурыIуэгъуэщ.

- ИкIи, "хьын" глаголыр езыр зыгуэрыр гъэкIуэтэнрэ егъэкIуэлIэн Iуэху лIэужьыгъуэрщи, "екIуэлIэныгъэ"у "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "е" префикс къищтэкъым.

- Мы ипэкӏи къызэрыхэдгъэщауэ, зы "ӏ*уэху глагол*" лӏэужьыгъуэу щыт "*хьын*" глаголыр "*субъект*"*ым езым ищхьэм хуигъэлэжьэжын* "щӏыкӏэ"у "*зыхьын*"у къызэрыӏуэтэфынури гурыӏуэгъуэнщ; ауэ, мыпхуэдэ глаголыр зы "*щӏып*ӏэ"*м* теухуауэ зэры*мыгъэзэщӏапхъ*эрэ мыпхуэдэ "*префиксиал глагол*"ри зэры*мыухуапхъ*эр гурыӏуэгъуэщи, ипэкӏэ мыпхуэдэ *щапхъэи хэплъагъуэкъым*.

- "*Ин*" *глагол*ыр *щыгъэзащ*ӏэ *щӏып*ӏэ *гуэрхэм я* ӏ*ыхьэ гуэрхэри* "*щӏып*ӏэ" лӏэужьыгъуэу зэрылъытэфым ипэкӏэ я гугъу тщӏагъащи, "*ин*" глаголым мыпхуэдэу "*щӏып*ӏэ" "*префикс*"*ит*ӏ къызэрищтэм теухуа щапхъэхэри (щӏыӏуъин, къуэӏуиин, ӏугуэин) къэтхьагъащ. Ауэ, *глагол нэхъыб*эр мыпхуэдэу *щыгъэзащ*ӏэ "*щӏып*ӏэ"м *и зы* ӏ*ыхьэри зы* "*щып*ӏэ" лӏэужьыгъуэу зэры*мылъытапхъ*энур гурыӏуэгъуэнщи, мыбдежым зи гугъу тщӏы "*хьын*" *глаголри мыпхуэдэщ*. Аращи, глагол нэхъыбэм хуэдэу "*хьын*" глаголри *зэм зы щӏып*ӏэращ *щыгъэзащ*ӏэр. Ауэ, ипэкӏи къызэрыхэдгъэщауэ, "*зэман/мекан*" зылъытэ "*щы*"ым адрей "*щӏып*ӏэ" *лъытэ* "*префикс*"*хэм ищхьэ лъэныкъуэм* къыпыхьэу "*префикс*" зэрыхъуфыр, икӏи "*джыгъуэ-джып*ӏэ" зылъытэ "*и*"ри адрей "*щӏып*ӏэ" *лъытэ* "*префикс*"*хэм къык*ӏ*элъык*ӏуэу "*префикс*" зэрыхъуфыр гурыӏуэгъуэщи, "*хьын*" глаголым *теухуа*уэ мыпхуэдэ *щапхъэхэри* (ӏуихьэн, щыдихьэн, щыхэхьэн, щыдэхьэн) мы ипэкӏэ къэтагъэххэщ.

- "Префикс" гуэрхэр сытым дежи "ы"кӏэ къэӏуу зэрыщытым нэмыщӏ, "занщӏэ глагол"рэ "*глаголыпкъ*"ым *ищхьэ дыдэм къыпыхьэ* "*префикс*"хэр глаголым хуэкӏуэу "*э*"кӏэрэ къызэрыӏур гурыӏуэгъуэщи, мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, "*хьын*" макъ глаголми *ипэ къихуэ* "*префикс*"хэр "*э*"*к*ӏэрэщ къызэрыӏур. Икӏи, "*хьын*" глаголыр "*щӏып*ӏэ" лӏэужьыгъуэ "*префикс*"кӏэ щызэпкъырыувэм деж, "*хьын*" *к*ӏ*уэтэгъуэу (э)* "*...хьэн*"у *къызэры*ӏ*у*м лъабжьэрэ *щхьэусыгъуэ* хуэхъуми мы ипэкӏэ *щыгъуазэ дыхуэхъуа*гъэххэщ. Ауэ, "*хь*" макъым *к*ӏ*уэтэгъуэ хуэдэ къалэн* зэригъэзащӏэм гулъытэ зэрыхуащӏарагъэнти, *ди бзэщ*ӏ*эныгъэм хабзэу* къищтауэ *ди тхыгъэм* кӏуэтэгъуэ къалэн зыгъэзащӏэ "*э*" *макъыр* ("хьын" глаголыщхьэ "префикс"ыр къызэрыӏу "э"р) "..*хьэ*"*м ипэ* къихуэу *къэмы*ӏуныр -"*ы*"*уэ зэхъуэк*ӏ*ын*ыр- *хабзэу къыщок*ӏ*уэк*ӏыр. Нытӏэ, зы псалъэм хиубыдэу *к*ӏ*уэтэн къалэн* зыгъэзащӏэ "*хь*"*ыр* "*э*"кӏэ *къыщы*ӏ*ум* (...хьэ) деж, абы *ипэ къихуэу* "*к*ӏ*уэтэн*" къалэн зыгъэзащӏэ "*э*"ри къэӏуныр *лей*уэ зэралъытэу, *дубликацэу мыхъун папщ*ӏэ "...хьэ"м ипэ къихуэ "*э*"*р* "*ы*"*уэ къэ*ӏ*ун хуей*уэ ялъытэри, адыгэбзэм къыздихьарэ къыщекӏуэкӏ щыуагъэр ягъэузэхуэжащ! Гушыӏэр зы лъэныкъуэщ, ауэ лейр мыпхуэдэ тхэкӏэ хабзэрауэ жыӏэпхъэщ. Аращи, ипэкӏэ "*префикс*"хэмрэ "*глагол*"хэм я *зэхущытык*ӏэхэмрэ я *къэ*ӏ*ук*ӏэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам зэрезэгъкӏэ жыӏэпхъэщ *мы* зи гугъу тщӏы *тхэк*ӏэ *хабзэр къызыхэк*ӏ*ар* ди бзэщӏэныгъэм и *еплъык*ӏ*эрэ лэжьыгъэ ныкъуэ*р - нэмысар- лъабжьэ зэрищӏарауэ лъытапхъэщи, ди тхэкӏэм къыщекӏуэкӏ мыпхуэдэ хабзэр *езы адыгэбзэм къызэримыгъэщ*ӏ*ари* наӏуэщ. Нытӏэ, "..хьэ"м ипэ къихуэ

"э"р пыхун -"ы"уэ къэIун- хуейуи щыткъым: «къуэхьэн, къыкъуэхьэн; гуэхьэн, щыгуэхьэн».

*

Мыбдежми **"лъэн"** глаголыр *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэу *зы-тIу "префикс"*кIэ *"префиксиал глагол"*у зэрыухуахэмрэ, *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *зы-тIу "префикс"*кIэрэ *"префиксиал глагол"*у зэрыухуа *щапхъэхэр* зэрызэгухьэу *–я "префикс"хэр зэрызэгухьэ*у- **"щIыкIэ"рэ "щIыпIэ" лIэужьыгъуитI префикс**хэр зыхиубыдэу утыку къихьа **"префиксыбэ глагол"**хэм теухуа *щапхъэхэр* къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Лъэн | - елъэн → | - илъэн → | - илъэн; |
| | - нэлъэн → | + илъэн → | - нилъэн; |
| | - нелъэн → | + Iулъэн → | - ныIулъэн; |
| | - къэлъэн → | + къуэлъэн → | - къыкъуэлъэн; |
| | - хуелъэн → | + хэлъэн → | - хухэлъэн; |
| | - къыхуэлъэн → | + илъэн → | - къыхуилъэн; |
| | - зэ(дэ)лъэн → | + гуэлъэн → | - зэ(ды)гуэлъэн; |
| | - дэлъэн → | + щылъэн → | - дыщылъэн - щыдэлъэн; |
| | - фIэлъэн → | + щыщIэлъэн → | - фIэщыщIэлъэн – щыфIыщIэлъэн; |
| | - къелъэн → | + щыдэлъэн → | - къыщыдэлъэн; |
| | - ныхуэлъэн → | + телъэн → | - ныхутелъэн; |
| | - зэ(ды)хуэлъэн → | + щыфIэлъэн → | - зэ(ды)хущыфIэлъэн – зэ(ды)щыхуэлъэн – щызэ(ды)хуфIэлъэн; |
| | - фIыдэлъэн → | + пылъэн → | - фIыдыпылъэн; |
| | ---------------------- | ---------------------- | ---------------------------------- |
| | - елъэн → | - илъын → | - илъын |
| | - нэлъэн → | + илъын → | - нилъын; |
| | - нелъэн → | + Iулъын → | - ныIулъын; |
| | - къэлъэн → | + къуэлъын → | - къыкъуэлъын; |
| | - хуелъэн → | + хэлъын → | - хухэлъын; |
| | - къыхуэлъэн → | + илъын → | - къыхуилъын; |
| | - зэ(дэ)лъэн → | + гуэлъын → | - зэ(ды)гуэлъын; |
| | - дэлъэн → | + щылъын → | - дыщылъын - щыдэлъын; |
| | - фIэлъэн → | + щIэлъын → | - фIыщIэлъын; |
| | - къелъэн → | + дэлъын → | - къыдэлъын; |
| | - ныхуэлъэн → | + телъын → | - ныхутелъын; |
| | - зэ(ды)хуэлъэн → | + фIэлъын → | - зэ(ды)хуфIэлъын; |
| | - фIыдэлъэн → | + пылъын → | - фIыдыпылъын. |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- *"Лъэн"* глаголыр *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэу *зэхуэпхэндж* лъэныкъуэм *хуэгъэзау*э зэрыгъэзэ*щIэф*ыр гурыIуэгъуэщи, мыбы папщIэщ "щIыпIэ"м

теухуауэ гупитӀыу ("илъэн"рэ "илъын") зэрылъытар; - мы я зэпкъырыувэкӀми ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Аращи, "*лъэн*" глаголыр дэтхэнэ зы "щӀыпӀэ"м (пп: "и, Ӏу") щызэрыгъэзащӀэрэ а "*щӀыпӀэ"м хуэкӀуэ*у -ихьэу- (пп: "илъэн; Ӏулъэн"), е а "*щӀыпӀэ"м* (и, Ӏу) -къыщежьэрэ (лъэ-ы-н)- *ик*Ӏыу (илъын, Ӏулъын) лӀэужьыгъуитӀыущи, "*щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ" лӀэжьыгъуитӀ префикс*хэр зыхэзыубыдэу мы ипэкӀэ къэта "*префиксыбэ глагол*"хэр *зэхуэдэ* "*щӀык*Ӏэ"рэ "*щӀыпӀэ"у гупит*Ӏым теухуауэ къызэрытар нэрылъагъущ. НытӀэ, "*щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэр "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" *гупит*Ӏми *гуэхьэу* утыку къихьэ "*префиксиал глагол*" *гупит*Ӏщ къэдгъэлъэгъуахэри, "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префиксиал глагол*" *гупит*Ӏ*ым дэтхэнэ зым* къызэрыпыхьэнур зэрылъытэну щӀыкӀэу, "*щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префиксиал глагол*"хэр *тӀэу* къэдгъэлъэгъуащ.

- Зы Ӏуэхугъуэр зэм зы щӀыпӀэм щыгъэзэфыну зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, "лъэн" глаголри зэм зы щӀыпӀэращ щыгъэзащӀэри, мы ипэкӀэ и гугъу зэрытщӀа лӀэужьыгъуитӀыу -"*щӀыпӀэ"м ихь*эрэ *ик*Ӏыу гупитӀыу- зэрыгъэзащӀэм теухуа "префикс"хэр къищта нэужьми, "лъэн"ыр а "щӀыпӀэ"м мы лӀэужьыгъуиткӀи щыгъэзащӀэу зэрыщытыр "зэман/мекан" зылъытэ "*щы*" *префикск*Ӏ*и зэрылъыт*эфынур гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, ипэкӀи и гугъу зэрытщӀауэ, "щы" префиксым хуэфащэ увыпӀэр гурыӀуэгъуэщи, мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэми "*щы*" *префикс*ыр "*префиксыбэ"м зэрыхэт*ыну *щ*Ӏ*ыпӀ*эхэри *къыхэгъэщ*ауэ зэрыщытыр нэрылъагъущ.

- Мы зи гугъу тщӀа "*щы*" префиксым нэмыщӀ, *глагол куэдым* "*и*"ри *адрей* "*щӀыпӀэ*" *префиксхэм дэщ*Ӏ*ыгъуу* "*префиксыбэ"м зэрыхэхьэф*ынынур ипэкӀи щыжытӀагъащи, мыри *глагол*ыр зытеухуа Ӏ*уэгъуэр зэрыгъэзащ*Ӏэ щӀыкӀэми зэре*лъыта*ри къыхэдгъэщагъащ. НытӀэ, *зэрыгъэзащ*Ӏ*эр гурыӀуэгъуэ* къытхуэхъуа "*лъэн*" Ӏ*уэхугъуэр* щыгъэзащӀэ "*щӀыпӀэ"уи* Ӏ*упщ*Ӏыу лъыта нэужь, а "*щӀыпӀэ*"р аргуэру *джыгъуэ-джыпӀэ*уи зэрыщытыр *лъытэн* зэрыхуэ*мыныкъуэ*м папщӀэ, "*и*" *префикс* къищтэн *хуейкъыми*, ипэкӀэ къэта щапхъэхэм мыри хыболъагъуэр.

- Мыбы нэмыщӀ, "*лъэн*"ыр зы "*щӀыпӀэ"м хуэк*Ӏ*уэ*у (ихьэу) икӀи зы "*щӀыпӀэ"м къик*Ӏыу ("лъэн" Ӏуэхур а "*щӀыпӀэ*"м и *щӀыбым хуэк*Ӏ*уэ*рэ хуэгъэзауэ) *зэрыгъэзащ*Ӏэ *щӀыкӀэр хуэк*Ӏ*уэныгъэ*у зэрыщыр лъытагъэххэщи, мыпхуэдэу ухуа "префиксиал глагол"хэм аргуэру "*ек*Ӏ*уэлӀэныгъэ*" *префикс*у "*е*" *къызэрамыщтэнур* гурыӀуэгъуэщ; икӀи, "*щӀыпӀэ"рэ "щ*Ӏ*ык*Ӏэ" *лӀэужьыгъуит*Ӏри зыхэзыубыдэ "*префиксыбэ глагол"хэм* "*е*" *префикс* язэрых*эмыт*ри гулъытапхъэщ. – Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"у тлъыта "*те*"р *лъэгап*Ӏэу щыт (тэ) "*щӀыпӀэ*"м *щыджы*р (и) *зэрылъыт*эрщи ("тэ-и" → тэй → те), "те"м хэплъагъуа "е"р "*ек*Ӏ*уэлӀэн*"ыгъэ "щӀыкӀэ" зылъытэ "*е*"*къым*.

*

"ЩӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэу зы-тӀурэ "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэуи зы-тӀу "префикс" зыхэзыубыдэу ухуа "префиксыбэ глагол"хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуа мы щапхъэхэми къыкӀэлъыкӀуэуи, мы илъабжьэм **"щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"у зыхиубыдэфын***ум* **хуэдиз**ыр **зыхиубыдэ**у утыку къихьэ **"префиксыбэ глагол"**хэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщи, тежыӀыхьыпхъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

ИпэкӀи щыгъазэ дызэрыхуэхъуауэ, "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" *нэхъыбэр зэгухьэу "префиксыбэ" гуп лӀэужьыгъуэ*хэр утыку къызэрихьэр гурыӀуэгъуэщи, мы "префиксыбэ"хэми ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ: «"къы-зы-фӀы-ху-ды-е" е "зы-къы-фӀы-ху-ды-е"уэ, "къы-зэ-фӀы-ху-ды-е" е "къы-зэ(ды)-фӀы-ху-ды-е"уэ».

Ауэ, "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэр мыпхуэдэкъыми, ипэкӀэ глаголыр зэрыгъэзащӀэм теухуа "*щып*Ӏэ" префикскӀэрэ ухуа *дэтхэнэ зы "префиксиал глагол"*ым "*щӀып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэу "*щы*"ри *хиубыдэф*у зэрыщытымрэ, "*щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префиксиал глагол" нэхъыбэми "и"*р *зэрыхиубыдэф*ми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

НытӀэ, "*шӀып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *защ*Ӏэ "*префиксыбэ*"м хиубыдэнфыу "*префикс" бжыгъэр "щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *защ*Ӏэ "*префиксыбэ*"м хиубыдэфыну "префикс" бжыгъэм *елъытауэ мащ*Ӏэ*щ*. Ауэ икӀи, "*щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префиксыбэ"хэри гуп гупу* зэрыщытми мы ипэкӀи и гугъу тщӀагъэххэщ. НытӀэ, "*щык*Ӏэ"*рэ* "*щып*Ӏэ" *л*Ӏ*эужьыгъуит*Ӏ зыхэзыубыдэу ухуэну "*префиксыбэ глагол" щапхъэхэр "щӀып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префиксыбэ глагол*"хэм "*щык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префиксыбэ" гуп*хэр *къызэрыхэхьэ*у з*эрыухуэж*ым теухуауэ къэгъэлъэгъуэныр нэхъ игъуэуи лъытапхъэщ.

Аращи, "*щӀып*Ӏэ"*рэ* "*щӀык*Ӏэ" *л*Ӏ*эужьыгъуит*Ӏыу *зыхиубыдэфын хуэдиз "префикс"* хиубыдэ "*префиксыбэ глагол*"хэм теухуауэ мыбдежым къыщыгъэлъэгъуэну *щапхъэхэр* **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"у хиубыдэфын хуэдиз**ыр зыхэз*ыубыдэу* ухуа **"префиксыбэ глагол"** гуэрхэм **аргуэру "щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префиксыбэ"** *гуп*хэр зэры*игъуэ*кӀэ **къапыхьэу зэрыухуэж** щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **"ЩӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префиксыбэ глагол"хэр** | **Мы "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префиксыбэ глагол"хэм къащтэфын хуэдиз "щӀыкӀэ" префикскӀэ (**къ/н; зы, зэ(д); фӀ, ху; д; е**) зэрыухуэжу -"щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ" префикс лӀэужьыгъуитӀри зыхиубыдэу- утыку къихьэ "префиксыбэ глагол"хэр** |
|---|---|
| - къуӀуиин →<br>- щыщӀыӀуиин→ | - «къызэ(ды)фӀыхукъуӀуиин; къызэ(ды)фӀыхудыкъуӀуиин»;<br>- «къызэ(ды)фӀыхущыщӀыӀуиин – къызэ(ды)фӀыщыхущӀыӀуиин - |

| | |
|---|---|
| - щыӏугуэин → | къызэ(ды)фӏыхущӏыӏуиин – къыщызэ(ды)фӏыхущӏыӏуиин; къызэ(ды)фӏыхудыщыщӏыӏуиин – къызэ(ды)фӏыхущыдыщӏыӏуиин къызэ(ды)фӏыхудыщыщӏыӏуиин – къызэ(ды)щыфӏыхудыщӏыӏуиин – къыщызэ(ды)фӏыхудыкъуӏуиин»;<br>- «нызэ(ды)фӏыхудыщыӏугуэин – нызэ(ды)фӏыхущыдыӏугуэин нызэ(ды)фӏыщыхудыщӏыӏугуэин – нызэ(ды)щыфӏыхудыщӏыӏугуэин – нызщызэ(ды)фӏыхудыщыӏугуэин»; |
| - щыӏухьэн →<br>- щыкъуэхьэн →<br>- щыхихьэн → | - «къызэ(ды)фӏыхудыщыӏухьэн – къызэ(ды)фӏыхущыдыӏухьэн; къызэ(ды)фӏыщыхудыӏухьэн – къызэ(ды)щыфӏыхудыӏухьэн – къыщызэ(ды)фӏыхудыӏухьэн»;<br>- «нызэ(ды)фӏыхущыкъуэхьэн – нызэ(ды)фӏыщыхукъуэхьэн – нызэ(ды)щыфӏыхукъуэхьэн – нызщызэ(ды)фӏыхукъуэхьэн»;<br>- «къызэ(ды)фӏыхущыхихьэн – къызэ(ды)фӏыщыхухихьэн – къызэ(ды)щыфӏыхухихьэн – къыщызэ(ды)фӏыхухихьэн»; |
| - дэлъэн →<br>- щыкъуэлъэн →<br>- щыӏулъэн → | - «къызэ(ды)фӏыхудэлъэн; къызэ(ды)фӏыхудыдэлъэн»;<br>- «нызэ(ды)фӏыхущыкъуэлъэн – нызэ(ды)фӏыщыхукъуэлъэн - нызэ(ды)щыфӏыхукъуэлъэн – нызщызэ(ды)фӏыхукъуэлъэн»;<br>- «къызэ(ды)фӏыхущыӏулъэн – къызэ(ды)фӏыщыхуӏулъэн – къызэ(ды)щыфӏыхуӏулъэн – къыщызэ(ды)фӏыхуӏулъэн». |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Щапхъэр куэд дымыщӏын пащпӏэ, ″*префиксыщхьэ*″р ″*къ*″ *е* ″*н*″уэ къэдгъэлъэгъуащ; икӏи, щапхъэр мыбэгъуэн папщӏэ, ″дэщӏын″ зылъытэ ″*щӏыкӏэ*″ *префикс* ″*дэ*″ри сытым деж къыщыдгъэлъэгъуакъым. Мыбхэм нэмыщӏ, ″*щӏыкӏэ*″ *префикс гуэрхэм я щӏыпӏ*эри зэрызэ*хъуэкӏыф*ынур гурыӏуэгъуэнщи, щапхъэхэр куэд мыхъун папщӏэ, бзэм *нэхъ хроникэ* хэхъухьа *къэӏуэтэк*ӏэ *щапхъэхэр*ащ къэдгъэлъэгъуахэр. Ауэ, ″*щӏыпӏэ*″ лӏэужьыгъуэ ″*щы*″ *префикс*ыр - *адрей* ″*щӏыпӏэ*″ *префиксхэм ищхьэ* лъэныкъуэм къыпыхьэу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэми-, *дэтхэнэ зы* ″*щӏыкӏэ*″ *префиксым къыкӏэлъыкӏуэфу* зэрыщытым папщӏэ, ″*щы*″ *префикс зыхэзыубыдэ* ″*префиксыбэ глагол*″ щапхъэхэр *зэрыбагъу*р таблицэм щыхыболъагъуэр.

- Мы ипэкӏэ къэта щапхъэхэм *зэдэщӏыгъур*э *дэщӏыгъу* зылъытэ ″*зэ(дэ), дэ*″ яхэт щхьэ, щапхъэу къэтхьа мы *глагол*хэр *субъектым езым ищхьэм хиулэжь*у лъытэныр зэры*имыгъуащ*эм папщӏэ, ″*щӏыкӏэ*″ лӏэужьыгъуэ ″*зы*″ *префикс язэрыхэмыт*ри гулъытапхъэщ.

## ГЛАГОЛ ″ПРЕФИКС″ХЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЫПЫЩАПХЪЭРЭ АРГУЭРУ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭ ГУЭРХЭР

### ПРЕФИКСХЭМ ТЕУХУАУЭ ГУ КЪЭГЪЭКӀЫЖЫПХЪЭ ГУЭРХЭР

Глаголхэр хуитрэ елъытэнызгъэу зэрылажьэм теухуа мы лэжьыгъэ ӏыхьэр ″занщӏэ глагол″рэ ″префиксиал глагол″у зэрызэщхьэщыкӏыу

къедгъэкӀуэкӀащ. Мы лэжьыгъэр икӀи глаголхэр зэрылъытэрэ къызэрыхъуу зэрызэщхьэщыкӀым теухуа лъагъуэм тету къызэредгъэкӀуэкӀари гурыӀуэгъуэщ. Аращи, ″занщӀэ глагол″у щырет е ″префиксиал глагол″у щырет, къызэрыхъурэ зэрыбагъуэ лъагъуэм дырикӀуэущ глаголхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуар.

Глагол къэхъуныгъэрэ бэгъуэныгъэ мы лъагъуэм и пэщӀэдзэрэ лъабжьэу лъытапхъэхэри ″занщӀэ глагол″хэрауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщи, ахэр икӀи нэхъ гурыӀуэгъуафӀэрэ хуитуи лэжьэкӀэ зиӀэ глагол лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. – ИкӀи, ″занщӀэ глагол″ лӀэужьыгъуэу щыт ″макъ глагол″хэри глагол къэхъуныгъэрэ пэщӀэдзэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ, мы глагол ухуэныгъэрэ бэгъуэныгъэ лъагъуэм ирикӀуэу щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″префиксиал глагол″хэм теухуа лэжьыгъэ Ӏэнатӏэр ″занщӀэ глагол″хэм елъытауэ гурыӀуэгъуафӀэу зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэр глагол къэхъуныгъэрэ бэгъуэныгъэ лъагъуэм ирикӀуэу зэрыщыткӀэ, ″префиксиал глагол″хэр утыку къызэрихьэми щыгъуазэ дыхуищӀауэ лъытапхъэми, ″префикс″хэм псоми икӀэ нэгъунэ щыгъуазэ дызыхуищӀауэ лъытэныр игъуащэу зэрымылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Ар щыхъукӀи, ″префикс″хэм теухуауэ аргуэру къэӀуэтапхъэрэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр зэрыщыӀэнур жыӀэпхъэнщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэ гуэрхэми я гугъу щытщӀыжынщ.

Дауи, глаголхэм я лэжьэкӀэхэм теухуауэ къытпэщыт лэжьыгъэхэми ″префиксиал глагол″хэмрэ я ″префикс″хэм теухуауэ жыӀэпхъэрэ къыхэгъэщыпхъэхэр мы лэжьыгъэ Ӏыхьэмкӏи зэрыримыкъунур гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, зы *макъыбзэ лэжьэкӀэм щыгъуазэ ухуэхъун* папщӀэ, абы и *дэтхэнэ зы макъым* икӀэ нэгъунэ *щыгъуазэ ухуэхъун* хуейщи, мыри икъукӀэ лэжьыгъэ кӀыхьу зэрыщытынури къыхэгъэщыпхъэщ.

Зы **макъыбзэ**у щыт **адыгэбзэ**м макъхэм я мыхьэнэхэр ахэр къызэрыхъу щӀыкӀэм зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщи, мы я къэхъуныгъэм ипкъ иткӀэ ягъуэт мыхьэнэр я лъабжьэущ макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхькӀэрэ мыхьэнэщӀэхэри зэрагъуэтыр. Мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀи, адыгэбзэм хиубыдэ **макъ нэхъыбэр мыхьэнэбэ**у зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Ар щыхъукӀи, мыбдежым зи гугъу тщӀы ″префикс″ къалэн зыгъэзащӀэ макъхэри зы мыхьэнэ закъуэу къызэтенэкъым; мыхьэнэбэу

щыт мы макъхэм ягъэзэщӀэну ″**префикс**″хэри **мыхьэнэбэ**у зэрыщытыфынур гурыӀуэгъуэнщ.

Мы жытӀахэр макъхэм ″префикс″ къалэн зэрагъэзащӀэм теухуащ, ауэ ″префикс″ къалэн гъэзэщӀэныр макъхэм я закъуэкъым зытеухуари, ″префикс″ къалэн зыгъэзащӀэ ″псалъэ″хэр зэрыщыӀэри ипэкӀи къыхэдгъэщащ. ИкӀи, макъхэр зэрымыхьэнэбэм хуэдэжу, апхуэдэ макъхэмкӀэ ухуа **псалъэ**хэри **мыхьэнэбэ**у зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Ар щыхъукӀи, **псалъэ**хэми **мыхьэнэбэ** щӀыкӀэкӀэ ″**префикс**″ къалэн зэрагъэзэщӀэфынури жыӀэпхъэщ.

*

Ауэ икӀи, зы глаголым зы ″префикс″ закъуэ къищтэну хуейуэ зэрыщымытри гурыӀуэгъуэщи, ″префикс″хэри ″**префиксыбэ**″у зэрыщытыфынур мы дыкъызрикӀуа лэжьыгъэ гъуэгуанэми хыболъагъуэр. ИкӀи, глаголхэр ″префиксыбэ″у щыщыткӀэ, мы ″**префикс**″хэми зы **зэкӀэлъхьэужьыкӀэ хабзэ** яӀэн зэрыхуеинури -ар дыдэу- къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм къыхощыр. ИкӀи, ″префиксыбэ″м хиубыдэ ″префикс″хэми зы зэкӀэлъхьэужьыкӀэ зэраӀэнуми, мы къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъэххэщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, глаголхэм ″префикс″ къалэн зыхуэзыгъэзащӀэ макъхэм (″префиксыбэ″м хиубыдэ макъхэм) я зэкӀэлъхьэужьыкӀэр абыхэм я мыхьэнэхэм елъытащи, мыри ахэр къызэрыхъуа щӀыкӀэм зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ икӀи, мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, ″**мыхьэнэбэ**″у щыт дэтхэнэ *зы* **макъ**ыр ″**префиксыбэ″м щыхиубыдэ**ну *щӀыпӀэри* абы **и мыхьэнэхэм щыщ**у а глаголым хуигъэзащӀэ ″**префикс″ къалэным елъыта**уэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

ИпэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэмкӀи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *″префикс″* жыхуэтӀэр нэхъыбэу *″занщӀэ глагол″*у ухуагъэххэм *ищхьэм макъ* гуэрхэр –е *псалъэ* гуэрхэр- *къазэрыпыхь*энур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, глаголу хъуар фӀэкӀыпӀэ имыӀэу ″занщӀэ глагол″у утыку къызэримыхьэрэ, *глагол гуэрхэр ″префикс″кӀэрэ ухуэу утыку къызэрихь*эфри гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэхэми ипэкӀэ къыщедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀащ. НытӀэ, ″занщӀэ глагол″хэр ″префикс″кӀэрэ **иужькӀэ ″префиксиал глагол**″у зэрыухуэжым нэмыщӀ, **зэрыухуа щӀыкӀэкӀэ** -*зэрыухуагъэххэу*- ″**префиксиал глагол**″*у утыку къихьа*хэри щыӀэщ. Мыбыхэм нэмыщӀ, глаголхэм ″**префиксыбэ**″

зэрагъуэтыфынури жытӀагъащи, нытӀэ, -мы и гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэу-"префиксиал глагол"у зэрыухуа щӀыкӀэр дауи щырет, **"префиксиал глагол"**хэм **аргуэру "префикс"** къызэращтэфынури гурыӀуэгъуэщ.

*"Префикс"* жыхуэтӀэри зы *псалъэ* мыхьэнэр зэрыгъэзащӀэ *"кондицэ "*рщи, мыпхуэдэ псалъэхэри нэхъыбэу глаголу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мыбдежым **"префиксиал глагол"** жыхуэтӀэхэр **"инфинитив"**у зэры*зэпкъырыува* щӀыкӀэкӀэ ар зэрылэжьэнур зэлъыта **"кондицэ"** къалэн зыгъэзащӀэ *макъ*рэ *псалъ*эхэр **"префикс"** зыхуэхъуа *глагол*хэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ, "*префикс*" жыхуэтӀэр фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "*инфинитив глагол*"хэм "*кондицэ*" хуэхъуахэр зэрылъытэ *закъуэу лъытапхъэкъым*. Аращи, "кондицэ" къалэн зыгъэзащӀэ макъ -е псалъэ- гуэрхэр *"глагол инфинитив "*хэм *префикс* язэрыхуэхъум нэмыщӀ, *глагол лэжэкӀэу ухуэ псалъ*эхэри *префиксиал*у зэрызэпкъырыувэфхэри гурыӀуэгъуэщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, мы лэжьыгъэ Ӏыхьэм зи гугъу тщӀыр "*инфинитив глагол*" лӀэужьыгъуэхэу "*префиксиал глагол*"хэрщи, **"глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"**хэм къащтэ **"префикс"** лӀэужьыгъуэхэми *иужькӀэ* игъуэ щыхъум деж *щыгъуазэ* дыхуэхъунщ.

*

"Префикс" щыжытӀэм деж, нэхъыбэу псалъэм ищхьэм къыпыхьэ макъщ зи гугъу тщӀыри, "префикс" къалэн зыгъэзэщӀэфыну макъыр япэрауэ псалъэм ищхьэм къыпыхьэфыну зы макъ хъун хуейщ. Псалъэр *къызэрежьэ макъ*ыр икӀи *"макъ мыхьэнэ" зиӀэ*хэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщи, мыбыхэми ипэкӀэ я гугъу щытщӀагъащ. НытӀэ, псалъэм - глаголым- ищхьэ лъэныкъуэр зи увыпӀэуну щыту мы зи гугъу тщӀы **"префикс"** къалэн зыгъэзащӀэ *макъ*хэри макъ **мыхьэнэ зиӀэ**у *псалъэ пэщӀэдзэ* **макъ**ыу зэрыщытынурэ икӀи *бзэм щхьэжуи хэлэжьыхь* макъхэрауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ; ахэр икӀи "*макъ псалъэ*"хэри *къызытехъукӀ* макъхэрщ.

Мыпхуэдэу щымыт макъхэр "префикс" мыхъуфӀрэ **мыхьэнэ зимыӀэ**у бзэм *функциал*у къалэн гуэрхэр хигъэзэщӀыхьу хэлэжьыхь *мак*ъхэрщи, "макъ псалъэ" къызытемыхъукӀрэ икӀи бзэм щхьэжу хэмылэжьыхьу *псалъэ пэщӀэдзэи мыхъуф мак*ъхэрщ. Аращи, **"префикс" къалэни зымыгъэзэщӀэн**у *мак*ъхэу абыгэбзэм хиубыдэ макъхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| «ы, э, й, о; р». |

Ауэ, мыбыхэм щыщ **"р" макъ**ым щхьэж префикс къалэн имыгъэзэщІэфми, **"префикс"** *гуэрхэр* **зэпызыщІэ**у *префиксыщІэ*хэр *къытезыгъэхъукІ* макъырщ. ИпэкІэ къыщедгъэкІуэкІа лэжьыгъэм *"префикс"* къалэн зыгъэзащІэ макъ *псоми я гугъу тщІакъыми*, мыпхуэдэ къалэн зыгъэзащІэ *"р" макъми и гугъу щытщакъым*. Ауэ, мы зэрыжытІауи, *"р"* макъым игъэзащІэ макърэ псалъэ *зэпыщІэныгъэкІэ "префикс" гуэрхэр*и утыку къызэрихьэр гурыІуэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «къырищІэн, ирикІэн, кІэрыхын»;<br>- "хун" → «кІэрыхун, кІэрыхуэн"; "ехухын → ирихухын"». |

ЗэрыгурыІуэгъуэу, "р"ым игъэзащІэ къалэныр езыр утыку къызэрихьарэ къызэрыІум зэрезэгъкІэ функциалу игъэзэщІэфыну зы къалэнщи, макърэ псалъэхэр зэпыщІэн къалэнри мыбыхэм щыщщ; икІи, абы "префикс"хэм теухуауэ игъэзащІэри мыпхуэдэ зы къалэнщи, мы ипэкІэ зи гугъу тщІарэ щапхъэ къызыхуэтхьахэри макъ гуэрхэр "р"ыкІэ зэрызэпыщІэ "префикс"хэр утыку къызэрихьэм теухуащ. Мыпхуэдэу ухуэ "префикс" зэмылІэужьыгъуэхэм глаголхэм я лэжьэкІэхэм теухуа иужьрей лэжьыгъэхэм дежи щыгъуазэ дызэрыхуэхъунур мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

ИкІи, псалъэрэ глагол пэщІэдзэ макъыр мыхьэнэ зиІэ макъыу зэрыщытынурэ, "префикс" къалэн зыгъэзэщІэну макъри мыпхуэдэу щытын зэрыхуейр ипэкІэ щыжытІагъэххэщи, дэтхэнэ зы макъым игъэзащІэ "префикс" къалэныр езы макъым и мыхьэнэрэ къалэным зэрытеухуари ар дыдэу жытІагъэххэщ. Ауэ, "префикс" къалэн зыгъэзащІэ макъхэм мыхьэнэ яІэн хуейуэ щытми, **мыхьэнэ зиІэ**у адыгэбзэм хэт **макъ псоми "префикс" къалэн зэрамыгъэзащІэ**ри гурыІуэгъуэнщ.

*

Макъыбзэу щыт адыгэбзэм и псалъэхэр зэрыухуэрэ абыхэм мыхьэнэуэ ягъуэтыр ахэр зэрыухуарэ абыхэм хаубыдэ макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэращ зытеухуар. ИкІи, дэтхэнэ зы псалъэм игъуэта мыхьэнэм зэреджапхъэр а псалъэм хиубыдэ макъхэм я зэкІэлъхьэужьыкІэм зэрелъытарэ зэрытеухуари гурыІуэгъуэщ. Аращи, псалъэр зэрыухуа *макъхэр зэрызэкІэлъыкІуэ* щІыкІэкІэ зэдащІэ зы мыхьэнэщ псалъэм игъуэта мыхьэнэри, а **псалъэ мыхьэнэр къызэрежьэр**и а псалъэм **пэщІэдзэ** хуэхъу **макъ**ым и мыхьэнэм **деж**ращ. НытІэ икІи, **псалъэр зэрыух макъ**ри **псалъэ**м и **мыхьэнэр зыдэкІуэ**рэ зэрыухращ.

Щхьэжу ухуа дэтхэнэ зы псалъэм узэреджэну щIыкIэм нэмыщI, *мы* зи гугъу тщIа *хабзэр икIи* псалъэ пэщIэдзэу щыт "*префикс*"хэми зэрытеухуар гурыIуэгъуэнщ. Аращи, щхьэж зы псалъэм узэреджэн хуей щIыкIэущ абы "префикс"у къищтэми узэреджен хуей щIыкIэри, зы "**префиксиал глагол**"ым и **мыхьэнэр**и "**префикс**"**ым** деж **къыщIидзэ**ущ зэрыухуэрэ узэреджэн хуейр. НытIэ, мы жытIахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, "**префиксыбэ глагол**"хэм я **мыхьэнэ**рэ *узэреджэну щIыкIэ*ри я *япэрей префиксым* къыщыщIидзэущ. Аращи, **япэрей "префикс"ым къыщыщIидзэу** къыкIэлъыкIуэ "префикс"хэми утыку къыралъхьэ "кондицэ" мыхьэнэкIэрэщ а "префиксыбэ глагол"ыр зэрыгъэзэщIэну щIыкIэмрэ икIи абы игъуэтыну мыхьэнэр зэрыухуэр.

Дэтхэнэ зы "**префикс**"ыр псалъэр зэрыгъэзащIэ "**кондицэ**"р утыку къизылъхьэрщи, абы къыкIэлъыкIуэ псалъэ Iыхьэр мы кондицэм щIэтущ зэрыгъэзащIэр. Ар щыхъукIи, зы псалъэр *"префиксыбэ"*у ухуамэ, абы и **япэрей префикс**ыр **кондицэ нэхъыщхьэ**щ; япэрей префиксыр (кондциэр) къыкIэлъыкIуэ префиксхэм (кондицэ/кондицэхэм) я нэхъыщхьэращ; **япэрей** префиксым утыку къырилъхьэ **кондицэр къыкIэлъыкIуэ** префиксхэм утыку къыралъхьэ **кондицэхэри зэлъыта**уэ зэрыщыткIэрэ псалъэр зэрыгъэзэщIэну кондицэхэм я нэхъыщхьэрщ. Мыпхуэдэщ "префиксыбэ"у ухуа псалъэм дэтхэнэ и зы префиксри зэрылъытапхъэри, префиксыр зытеухуа кондицэр къыкIэлъыкIуэ префикс/префиксхэр зытеухуа кондицэ/кондицэхэмкIэрэ псалъэр зэрыгъэзэщIэну щIыкIэм и къежьапIэрщ. КIэщIыу жыпIэмэ, зы префиксрэ кондицэр къыкIэлъыкIуэ псалъэ Iыхьэм (ар "кондициял псалъэ Iыхьэ"уи щырет) и кондицэрщ.

"**Префикс**" жыхуэтIэр псалъэр зытеухуа **Iуэху**гъуэр **зэрыгъэзэщIэну** щIыкIэр ("**кондицэ**"р) зэрылъытэ **формэ** утыку къизылъхьэ *мак*ъращи, зы Iуэхур зэрыгъэзэщIэну щIыкIэм лъэбакъуэ лъэбакъуэу **зэкIэлъхьэужьыкIэ** зэриIэфынум зэрезэгъкIэ, псалъэр мыпхуэдэ щIыкIэкIэрэ зэрыгъэзэщIэнур зэрылъытэ префиксхэми зы зэкIэлъхьэужьыкIэ зэраIэнур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, зы Iуэхугъуэр зэрыгъэзащIэ кондицэхэм фIэкIыпIэ имыIэу зы зэкIэлъхьэужьыкIэ закъуэ яIэн хуейуэ зэрыщымытынур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, "*префикс*"хэм – фIэкIыпIэ имыIэрэ сытым дежи- *зы зэкIэлъхьэужьыкIэ закъуэ* зэр*имыIэн*ури гурыIэгъуэнщ. Аращи, псалъэр **-глагол**ыр-**зэрыгъэзэщIэнум елъытащ** глагол **префикс зэкIэлъхьэужьыкIэ**ри,

"префикс" къалэн зыгъэзащIэ макъхэм -икIи псалъэхэм- я зэкIэлъхьэужьыкIэр зэхъуэкIыфрэ зэщхьэщыкI щIыкIэхэми мы лэжьыгъэ Iыхьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуауэ жыIэпхъэнщ.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIыу, псалъэ мыхьэнэр абы хиубыдэ макъхэмкIэрэщ зэрыухуари, псалъэ мыхьэнэ къежьапIэри псалъэ пэщIэдзэ макъ мыхьэнэращ. Аращи, -зы глаголыр зы "*занщIэ глагол*"у щытмэ-, абы и *пэщIэдзэ макъ* мыхьэнэр псалъэ мыхьэнэм зэрыхэхьэрэ щыщ зэрыхъумрэ, -а глаголыр зы "*префиксиал глагол*"у щытмэ-, и *пэщIэдзэ макъ*ыу щыт мы "*префикс*"ыр псалъэ мыхьэнэм зэрыхэхьэну щIыкIэр *зэрызэщхьэщыкI*ри гурыIуэгъуэщ. Аращи, "глагол пэщIэдзэ" макъым и мыхьэнэр а глаголыр зы "занщIэ глагол"у зэрыщытымрэ зы "префиксиал глагол"у зэрыщытым елъытауэ лъытэн зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, макърэ псалъэхэр мыхьэнэбэу зэрыщытым къызэрыхэкIкIэ, зы **макъ**ыр зи **пэщIэдзэ** глаголыр **"занщIэ глагол"**у -ар *икIи мыхьэнэбэуи*- зэрыщытыфынум хуэдэжу, а глаголыр -*мыхэнэбэ*у зэрыщыткIэ- икIи **"префиксиал глагол"**уи *зэреджапхъэу* и *пэщIэдзэ макъыр* **"префикс"**уи щытыфынщ. Къыхэдгъэщыну мы зи иужь дитым теухуа зы щапхъэщ -псалъэм папщIэ- "*дэIуэн*" глаголри, ар икIи "*занщIэ глагол*" лIэужьыгъуэу зэджапхъэ мыхьэнэ зиIэрщ (содаIуэ, уодаIуэ), икIи "*префиксиал глагол*"у "*езырыж глагол*" лIэужьыгъуэрэ (сыдоIуэ, удоIуэ) икIи "*Iуэху глагол*" лIэужьыгъуэу (дызоIуэ, дыбоIуэ) зэджапхъэ мыхьэнитIи зиIэрщи, мыпхуэдэ зэщхьэщыкI мыхьэнэ зэриIэм елъытауэ лъытэн хуейщ зэхуэдэу къэIу "дэIуэн" глаголым и пэщIэдзэ "дэ" макъым и мыхьэнэр.

*

"Префикс" нэхъыбэм я зэкIэлъхьэужьыкIэм теухуауэ мы жытIахэр пэжми, "*префикс*" *гуэрхэм* сытым дежи езым я мыхьэнэрэ къалэным теухуарэ хуэIуауэ зы увыпIэрэ *зы щIыпIэ яIэщ*. Аращи, *префикс гуэрхэм префиксыбэм зэрыхэт*рэ щыхэт *щIыпIэр наIуэщи*, *зэхъуэкIкъым*. Мы жытIахэм теухуа щапхъэщи, фIэкIыпIэ имыIэу щхьэжу ухуа псалъэр -*глагол*ыр- *зэрылэжьэну Iыхьэм* -**"глаголыпкъ"**ым- **ищхьэ дыдэ**м къыпыхьэн хуей **"префикс"** къалэн зыгъэзащIэ макъхэр щыIэщ (*и*, *е*); префиксхэм ищхьэм къыпыхьэу **"пэщIэдзэ префикс"** хъун хуейхэр щыIэщ (*къ*); **глаголыпкъ**ым **гъунэгъу** хуэхъуну хущIэкъу **"префикс"**хэр щыIэщ; **префикс пэщIэдзэ лъэныкъуэ**мкIэ хущIэкъу **"префикс"**хэр щыIэщ. Мыпхуэдэу щыт префиксхэри а префикс къалэн

зыгъэзащӀэ макъым -псалъэм- и мыхьэнэрэ къалэным зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэхэми мы *къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэ Ӏыхьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуа*уэ жыӀэпхъэщ.

**"Префикс"** къалэн зыгъэзащӀэ макъхэм я нэхъыбэм **"глаголыпкъ "**ым **ищхьэ дыдэм** зыщагъэлъагъуэ щӀыкӀэр **"э"кӀэ къызэрыӀу**ущи (къэкӀуэн, хуэкӀуэн; дэщӀэн, хэщӀэн), мыпхуэдэкӀэрэи а *"префикс"ыр глагол лэжьэкӀэ* дыдэм *зэрыдэкӀуэ*р (э) мэлъытэр. Ауэ, *"префикс"*ым и увыпӀэр **глаголыпкъыщхьэу щымыт**рэ, нэгъуэщӀ зы "префикс"ым ищхьэ лъэныкъуэрамэ (езым *къыкӀэлъыкӀуэ "префикс" гуэр щыӀэмэ*), а префиксыр (абы илъытэ кондицэр) а зэрыщыткӀэрэ **"ы"кӀэ***рэщ* **къызэрыӀу**р (къы*ху*экӀуэн). Мыри **макъ**хэм я **мыхьэнэм елъыта**щи, дэтхэнэ зы щӀыпӀэр и увыпӀэу щырет, **"ы"кӀэрэ къэӀу***н хуей* **защӀэ**у *щыт "префикс"* (щы) зэрыщыӀэм (щыпсэлъэн, къыщыпсэлъэн) хуэдэу, *"префикс" зэрыхъу* щӀыкӀэр **"э"кӀэрэ къэӀу защӀэ**у щыт -*дэтхэнэ зы щӀыпӀэми "э"кӀэрэ къэӀу*у щыт- **"префикс"** къалэн зыгъэзащӀэхэри (зэ) щыӀэщ (зэкӀун, зэрызэдэшхэн, зэхуэсын, къызэхуэсын).

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэр зэрилъабжьэрэ къызэрыхэщкӀэрэ префикс къалэн зыгъэзащӀэ макъхэми ипэкӀэ щыгъазэ дызэрыхуэхъури гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ икӀи, ухуагъэххэ зы глаголым ищхьэм къыпыхьэ *макъ псоми* а *глаголым "префикс" къалэн* зэры*хуимыгъэзэщӀэн*ур гурыӀуэгъуэнщи, *къызпыхьэ глагол*ыр "префиксиал глагол"у мыухуэрэ *"занщӀэ глагол"у къызэтезыгъанэ* мыпхуэдэ *мак*ъхэми мы илъабжьэм я гугъу щытщӀынщ.

## "ЩХЬЭЖ МАКЪ" ГУЭРХЭМ ЯГЪЭЗАЩӀЭ "ПРЕФИКС" КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ ЛЭЖЬЫГЪЭМ КЪЫПЫЩАПХЪЭХЭР

Глаголхэр къызэрыхъурэ зэрыбагъуэ лъагъуэм дырикӀуэу, "префиксиал глагол"хэри утыку къызэрихьэми щыгъуазэ дыхуэхъуащи, япэрауи, глаголхэм занщӀэу "префикс" хуэхъу щхьэж макъхэм ягъэзащӀэ "префикс"хэм теухуащ мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэр. Мы зэрыжытӀауи, *къэтхьа "префиксиал глагол" щапхъэхэр "щхьэж макъ"хэращ зытеухуар*. Ауэ, щхьэж макъхэу щытми, дэтхэнэ зы глаголым "префикс" зэрыхуэмыхъум папщӀэ, е нэгъуэщӀ гуэркӀэ ди гугъу дымыщӀарэ щапхъэхэр къызыхуэдымыхьа щхьэж макъ гуэрхэм ягъэзащӀэ "префикс" къалэнхэми я гугъуи тщӀакъым.

Нытӏэ, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу игъуэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэн иужь дитынщ. Аращи, мы ипэкӏэ къедгъэкӏуэкӏа лэжьыгъэм щхьэж макъ гуэрхэм "*макъ къуэдзэ*" зыдащӏыгъуу "*префикс*" *къалэн* зэрагъэзащӏэ гуэрхэр къытпыщӏэхуарэ щапхъэхэри къахуэтхьами, щхьэж макъхэм мыпхуэдэ "префикс" къалэн зэрагъэзащӏэм икӏэ нэгъунэ щыгъуазэ дыхуэхъуу щхьэхуэу щапхъэхэри къахуэтхьауэ зэрыщымытри гурыӏуэгъуэнщ.

Нытӏэ, мы къытпэщыт ӏуэхур ипэкӏэ къедгъэкӏуэкӏа лэжьыгъэм къыпыщапхъэрэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэхэм теухуащи, мы илъабжьэм *макъ гуэрхэм* -"*префикс къуэдзэ*" *къалэнк*ӏэрэ- "**макъ къуэдзэ**" зыдищӏыгъуу "**префикс**" къалэн зэрагъэзащӏэмрэ, макъ гуэрхэри "**р"ыкӏэ** къызэрыӏуу "**префикс**" къал.эн зэрагъэзащӏэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, *къатехъук*ӏ "**префиксиал глагол**"хэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыбы нэмыщӏ, *щхьэж макъ* гуэрхэр занщӏэу "*макъ псалъэ*"у зэрыухуа щӏыкӏэуи "*префикс*" къалэнхэр зэрыгъэзэщӏэфынур гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри мы лэжьыгъэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Дауи, глаголхэр къызэрыхъурэ зэрыбагъуэ лъагъуэм дырикӏуэу "префиксиал глагол"хэри утыку къызэрихьэми щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ ипэкӏэ къыщедгъэкӏуэкӏа лэжьыгъэми, мыбдежым къыхэдгъэщынурэ щапхъэхэр къыхуэзытхьынухэри а лъагъуэм ирикӏуэрэ щагъуазэ дыхуэхъуарэ къэтхьа щапхъэхэм къыкӏэлъыкӏуэу ухуа "префиксиал глагол" къэхъуныгъэхэм зэрытеухуари гурыӏуэгъуэщ.

Нытӏэ, мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къызэрытхуащӏщи, мыбдежым зи гугъу тщӏыну "*щхьэж макъ*"хэри "*префикс*" къалэн *зыгъэзэщ*ӏэфхэрщ. Ауэ, *щхьэусыгъуэ гуэр*хэм теухуауэ е *нэгъуэщ*ӏ *макъ* гуэрхэр *дищ*ӏ*ыгъуу* "*префикс*" къалэн зыгъэзащӏэу зэрыщытым папщӏэ, ипэкӏэ "*префиксиал глагол*"хэр *зэрыуху*эм теухуауэ къедгъэкӏуэкӏа лэжьыгъэм *химыубыда* щхьэж макъхэрщ. Нытӏэ, мы макъэм ягъэзащӏэ "префикс" къалэнхэр а лэжьыгъэм хэмыхьа щӏэхъуа щхьэусыгъуэхэри мы илъабжьэм къэтӏуэтэнухэмрэ къэтхьыну щапхъэхэм гурыӏуэгъуэ къытхуищӏынщ.

**"Щхьэж макъ" гуэрхэм ягъэзащӏэ "префикс" къалэн щӏыкӏэкӏэ ухуэ "префиксиал глагол" къэхъуныгъэхэм къыпыщапхъэхэр.**

Мыпхуэдэ зы щхьэж макъыр ипэкӀэ "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"у зи гугъу тщӀауэ щыта *"пы" макъым и "э" къэӀукӀэ "пэ"*ращи, абы *"префикс" къалэн зэригъэзащ*Ӏэми мыбдежым щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Пы"р "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэу тлъытащ; ауэ, "**пэ**"р -нэхъыбэу- "**щӀыкӀэ**" лӀэужьыгъуэ "**префикс**"у лъытапхъэщ. Нэхъыбэу "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэу щытлъытэкӀэ, "пы" кӀуэтэгъуэ (э) "пэ"м игъэзащӀэ *"префикс" къалэн гуэрхэр* –глагол мыхьэнэми зэрелъытауэ- икӀи *"щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ*уи зэры*лъытапхъ*эри къыхэдгъэщынщ. Мыбы нэмыщӀ, "**пэ**"р щхьэжу зы **Ӏэпкълъэпкъ** зылъытэ *"макъ псалъэ"*у зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщи, мыри зы *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэнури гурыӀуэгъуэщ.

ИкӀи гурыӀуэгъуэщ Ӏэпкълъэпкъ лӀэужьыгъуэ "пэ"р икӀи псэущхьэм и *"гупэ" лъэныкъуэ*м зэрыщыӀэри, *дэтхэнэ гуэрым и гупэ лъэныкъуэри* а гуэрым и *"пэ" Ӏыхьэ*уи зэрылъытэр гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, дэтхэнэ гуэрым и гупэри зы лъэныкъуэу "**ипэ**"ущ зэрылъытэри, икӀи "**пэ**" макъым игъэзащӀэ "**префикс**" къалэныр нэхъыбэу "ипэ" лъэныкъуэм теухуащ: зы глагол лэжьэкӀэр *"ипэ"* лъэныкъуэм теухуауэ зэрылъытэ *"кондицэ"* зыгъэзащӀэ зы *"префикс"* лӀэужьыгъуэщ *"пэ" макъыр*.

*"Пэ"р* мыпхуэдэу *щхьэжу* къызэрыӀу щӀыкӀэу *глагол псоми* занщӀэу *"префикс"* язэры*хуэмыхъу*рауэ лъытапхъэщ ар *ипэк*Ӏэ *"щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *"префикс"у* зи гугъу тщӀахэми язэры*хэмыхьа*м и *щхьэусыгъуэ*р. Аращ икӀии, *"пэ"р нэхъыбэу "р"ык*Ӏ*эрэ къэ*Ӏ*уу*щ глаголхэм *"префикс"* язэрыхуэхъури; - ипэкӀэ "р"ыкӀэ къэӀу "префикс"хэм я гугъуи щытщӀакъым.

Дауи, макъхэр *"р"ык*Ӏэ къызэрыӀуу глаголхэм *"префикс"* язэрыхуэхъури *нэхъыбэу "щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэу лъытапхъэщи, *"пэ"ри "р"ык*Ӏэ къызэрыӀуу глаголхэм *"префикс"* язэрыхуэхъури *"щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэущ. Мыпхуэдэщ "пэ" макъым игъэзащӀэ "префикс" къалэнхэри, икӀи "псалъэ" лӀэужьыгъуэу е "псалъэ"м ипӀэкӀэ "префикс" къалэн игъэзащӀэуи жыӀэпхъэщ.

"Пэ"р мы зэрыжытӀауэ, "занщӀэ глагол" гуэрхэм -"макъ глагол" гуэрхэм- "префикс" яхуэхъуу ухуэ "префиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкӀэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ икӀи, *"глаголыпхъэ" макъ* гуэрхэми *"пэ" мак*ъыр *къыпыхьэ*у **-зэрыухуагъэххэу-**

**″префиксиал глагол″**хэр утыку къохьэри, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| «пэрыкӀын, пэрыхын, пэрысын, пэрытын». |

НытӀэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, **″пэ″р занщӀэу** къэзыщтэф *″макъ глагол″ гуэрхэм* къатехъукӀ *″префиксиал глагол″* щапхъэ гуэрхэмрэ, мы **″префикс″**ыр глаголым **″р″ыкӀэ** къыпыхьэу ухуэ *″префиксиал глагол″*хэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глаголхэр** | **Щхьэжу ″пэ″кӀэ ухуэ ″префиксиал глагол″хэр** | **″Пэры″кӀэрэ ухуэ ″префиксиал глагол″хэр** |
|---|---|---|
| Ин | - пэин - пэен; | - пэрыин - пэрыен; |
| Уэн | - пэуэн; | - пэрыуэн; |
| Хьын | -<br>- | -<br>- пэрыхьэн; |
| КӀуэн | - пэкӀуэн; | - пэрыкӀуэн; |
| Жэн | - пэжэн; | - пэрыжэн - пэрыжын; |
| Хъун | - пэхъун; | - пэрыхъун - пэрыхъуэн; |
| Хун | - пэхун – пэхуэн; | - пэрыхун – пэрыхуэн; |
| Шэн | - пэшэн – пэшын; | - пэрышэн – пэрышын; |
| Дын/дэн | - пэдын – пэдэн; | - пэрыдын – пэрыдэн; |
| Тхын/Тхэн | - пэтхын – пэтхэн; | - пэрытхын – пэрытхэн. |

*

″Пэ зиӀэм кӀэ иӀэщ″ зэрыжаӀэу, ″ипэ″ зиӀэми ″икӀэ″и иӀэщи, ″пэ″рэ ″ипэ″м и пхэндж мыхьэнэ зиӀэу лъытапхъэ ″кӀэ″рэ ″икӀэ″ми игъэзэщӀапхъэ ″префикс″ лӀэужьыгъуэми мыбдежым и гугъу щытщӀынщ.

ИкӀи, ″пэ″р гупэм щыщыӀэрэ зы Ӏэпкълъэпкъыр зылъытэу зэрыщытым хуэдэжу, ″кӀэ″ри щӀыбагъым -иужь е ипхэ- щыщыӀэрэ зы Ӏэпкъылъэпкъыр зылъытэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу, ″*пэ*″ыр *пэщӀэдзэрэ гупэ* лъэныкъуэу зэрылъытэм хуэдэу, ″*кӀэ*″ри *иужьрэ щӀыбагъ* лъэныкъуэу зэрылъытэу, зэхуэпхэндж лъэныкъуэхэр зылъытэхэу лъытапхъэми, макъ мыхьэнэуэ ″*пэ*″мрэ ″*кӀэ*″мкӀэ лъытэхэр зэхуэдэ категориеу ″щӀыкӀэ″ лӀэужьыгъуэхэущ зэрылъытапхъэр. Аращи, ″пэ″ макъым хуэдэу **″кӀэ″ макъ**ми *нэхъыбэ*у глагол лэжьэкӀэр **″икӀэ″** лъэныкъуэм теухуауэ зэрылэжьэну **″щӀыкӀэ″**м теухуа *кондицэ*у **″префикс″** къалэн игъэзащӀэу жыӀэпхъэнщ.

Ауэ икӀи, ″пэ″ макъым икӀи ″щӀыпӀэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″ къалэн игъэзащӀэуи зэреджапхъэм хуэдэжу, ″*кӀэ*″ *макъ*ми игъэзащӀэ ″*префикс*″ къалэн *гуэрхэм* ″*щӀыпӀэ*″ лӀэужьыгъуэуи *еджапхъэ*у зэрыщытынури

жыӀэпхъэнщ. Мыпхуэдэщ икӀи, Ӏэ*пкъылъэпкъ* зылъытэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэ -"пэ"м хуэдэу- "*к*Ӏэ"ми "*щ*Ӏы*п*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" къалэни зэригъэзэщӀэфынур.

ИкӀи къыхэгъэщыпхъэщ "*к*Ӏ" *макъыр* "п" макъым елъытауэ бзэм *нэхъыбэ зылъытэф*у зэрыхэлэжьыхьри, "*к*Ӏ" *макъыр* "п"ым елъытауэ бзэм *нэхъ* щы"*мыхьэнэбэ*"щ. Ар щыхъукӀи, мыбдежым зи гугъу тщӀы "*к*Ӏ*э*" *мак*ъым -е "*макъ псалъэ*"м- игъэзащӀэ "*префикс*" къалэнхэри "*мыхьэнэбэ*"у зэрыщытынур -зэреджапхъэнур- гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ, ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, "*пэ*" *макъыр щхьэжу* глаголхэм "*префикс*" хуэхъуфми, "*к*Ӏэ" *макъыр щхьэжу* глаголхэм "*префикс*" язэрыхуэ*мыхъу*р жыӀэпхъэщ. НытӀэ, "*к*Ӏэ"*р* "*р*"*ык*Ӏэ *къызэры*Ӏ*уу* глаголхэм "*префикс*" язэрыхуэхъур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, "*к*Ӏэ"*м* "*лъ*" ("лъэ-ы" → лъэ") *макъ дищ*Ӏ*ыгъууи* "*префикс*" къалэн егъэзащӀэри, "*к*Ӏэ"*рэ* "*ик*Ӏэ"*р зытеухуа* "*лъэ*"р зылъытэу жыӀэпхъэщ "*к*Ӏэ"*м зыдищ*Ӏ*ыгъуу* "*к*Ӏ*элъы*"уэу ухуэ "*префикс*"*ым* "*лъ*" *макъым хигъэзэщ*Ӏ*ыхьыр* ("лъэ-ы" → "лъы").

НытӀэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, "пэ"м елъытауэ "кӀ" макъыр бзэм куэдыщэу зэрыхэлэжьыхьри ипэкӀэ щызэрыжытӀауэ, "пэ"м хуэдэжу, "*к*Ӏ" *макъ*ри "*глаголыпхъэ*" *мак*ъхэм *къапыхь*эу - **зэрыухуагъэххэу- "префиксиал глагол"**хэр мымащӀэу утыку къызэрихьэфынур гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхынщ:

| |
|---|
| «кӀэрыкӀын, кӀэрыхын, кӀэрылъын, кӀэрысын, кӀэрытын». |

Мыбы къыкӀэлъыкӀуэуи, **"кӀэ"** *макъыр* -икӀи "*макъ псалъэ*"*р*- **"р"ыкӀэ къызэрыӀу**рэ **"лъ"** макъ **дищӀыгъуу** "занщӀэ глагол"хэм - "*макъ глагол*"*хэм*- **"префикс"** язэрыхуэхъуу утыку къихьэ **"префиксиал глагол"**хэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глаголхэр** | **"КӀэры"кӀэрэ ухуэ "префиксиал глагол"хэр** | **"КӀэ"м "лъ" макъ дищӀыгъуу ухуэ "префиксиал глагол"хэр** |
|---|---|---|
| Ин | - кӀэрыин – кӀэрыен; | - кӀэлъыин – кӀэлъыен; |
| Уэн | - кӀэрыуэн; | - кӀэлъыуэн; |
| Хьын | -<br>- | - кӀэлъыхьын;<br>- |
| КӀуэн | - | - кӀэлъыкӀуэн; |
| Жэн | - кӀэрыжэн; | - кӀэлъыжэн; |
| Хъун | - кӀэрыхъуэн; | - кӀэлъыхъун; |
| Хун | - кӀэрыхун – кӀэрыхуэн; | - кӀэлъыхун; |
| Шэн | - кӀэрышэн – кӀэрышын; | - кӀэлъышэн; |
| Дын/дэн | - кӀэрыдэн; | - кӀэлъыдэн; |

| | | |
|---|---|---|
| Тхын/Тхэн | - кӀэрытхэн; | - кӀэлъытхэн. |

*

**"Жьэ"**р зы **макъ псалъэ** лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, ар зы *Ӏэплъэпкъ* лӀэужьыгъуэу зэрыщыткӀэрэ, мы *Ӏэпкълъэпкъым теухуа* Ӏуэхугъуэхэм *"жьэ" псалъ*эр *Ӏупщ*Ӏыу зы **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэ *"префикс"* зэрыхуэхъуфынур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, зы Ӏэпкълъэпкъыр "жьэ"уэ мы зэрылъытэм нэмыщӀ, мы "жьэ" псалъэр лъабжьэ хуэхъуу къыщӀэкӀынщи, "жьэ"м хуэдэу щӀэхьэпӀэрэ щӀэкӀыпӀэ зиӀэ *"жьэгъу"*рэ *"бгъуэнщӀагъ"* хуэдэхэри зэрылъытэуи "жьэ"м *"щӀыпӀэ" формэ* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн егъэзащӀэр.

НытӀэ, ар зы Ӏ*эпкъылъэпкъ -жьэ-* лӀэужьыгъуэу щырет, *жьэм хуэдэ щӀып*Ӏэхэуи щырет, и гугъу зэрытщӀа щӀыкӀэхэу глагол лэжьэкӀэхэм "кондицэ" къалэн хуегъэзащӀэр *"жьэ"*ми, мыпхуэдэхэри *дэхьэп*Ӏэ *дэкӀып*Ӏэ *"щӀып*Ӏэ*"* лӀэужьыгъуэу зэрыщытми ипкъ зэриткӀи, **"дэ"**ри **зыдищӀыгъуу**щ мы игъэзащӀэ **"префикс"** къалэнхэр **"жьэ"**м зэригъэзащӀэр.

Аращи, мы зэрыжытӀауэ, *"жьэ"р "дэ"ри дищ*Ӏ*ыгъуу "глаголыпхъэ"хэм ищхьэми къыпыхьэу* **зэрыухуагъэххэу "префиксиал гллагол"**хэри утыку къызэрихьэм теухуауи "префикс" къалэн егъэзащӀэр:

| |
|---|
| «жьэдэкӀын, жьэдэхын, жьэдэлъын, жьэдэтын, жьэдэсын». |

НытӀэ, мыпхуэдэу **"жьэдэ"**укӀэрэ **"префикс"** къалэн игъэзащӀэу "занщӀэ глагол"хэми –*"макъ глагол"хэми*- **"префиксиал глагол"**хэр къазэрытехъукӀынум теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ гл.** | **"Жьэдэ"кӀэ ухуэ "префиксиал глагол"хэр** |
|---|---|
| Ин | - жьэдэин - жьэдэен; |
| Уэн | - жьэдэуэн - жьэдэун; |
| Хьын | - <br>- жьэдэхьэн; |
| КӀуэн | - жьэдэкӀуэн; |
| Жэн | - жьэдэжэн - жьэдэжын; |
| Хъун | - жьэдэхъун; |
| Хун | - жьэдэхун – жьэдэхуэн; |
| Шэн | - жьэдэшэн – жьэдэшын; |
| Дын/дэн | - жьэдэдын – жьэдэдэн; |
| Тхын/Тхэн | - жьэдэтхын – жьэдэтхэн. |

*

Функционал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ зылъытэ "*э*" *макъым и лимитацэ*у лъытапхъэ "Iэ" *мак*ъыр *зэманыгъуэ пыухытыкIа* зылъытапхъэрщи, мы и *мыхьэнэ лъабжьэ*мкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхьым нэмыщI, мы и мыхьэнэ лъабжьэм *къытехъукIа макъ мыхьэнэхэр*и зиIэу бзэм холэжьыхьыр "Iэ" макъыр. Бзэм *мыпхуэдэу зэрыхэлэжьыхьым теухуа*уэ лъытапхъэщ икIи зы I*эпкълъэпкъри* "Iэ"уэ зэрылъытари, зы "*макъ псалъэ*"уи бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэщ.

Iэпкълъэпкъ лIэужьыгъуэу зэрыщытым къытехъукIа "занщIэ глагол" лIэужьыгъуэхэрщ "Iэ"р зэры"гъэ"р зэрылъытэу ухуа "Iыгъын (Iэгъэн)" псалъэри, "Iэ-ы-гъэ-ы-н"у зэрызэпкъырыувари гурыIуэгъуэщ; мыпхуэдэ зы псалъэри "Iэтын"ращи, ари "Iэ"р Iэпкълъэпкъыцlэу зэрылъытэм къытехъукIарэ иужькIэ дэтхэнэ гуэрым теухуауэ бзэм щызекIуэу щIидзауэ лъытапхъэ "занщIэ глагол"ырщ.

НытIэ, "Iэ"м игъэзэщIапхъэ "*префикс*" къалэнхэри *псалъэ* лIэужьыгъуэу зэрыщытымрэ икIи зи гугъу тщIа *и макъ мыхьэнэ*хэми теухуауэ зэрыщытыфынури гурыIуэгъуэнщ. **"Iэ"**р **псалъэ**у е и **макъ мыхьэнэ**кIэрэ "*префикс*" къалэн зэригъэзэщIэфынур **щхьэжу** е **"р"ыкIэ къызэрыIуу** зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, зы I*эпкълъэпк*ъыу щыт "Iэ"*р* зы зы "пIэ"рэ "щIыпIэ"у зэрыщыткIи, мыпхуэдэр зэрылъытэ **"щIэ"** макъри **дищIыгъуу** "Iэ"р **"префикс"** зэрыхъуфынури гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ щIыкIэхэуи "Iэ" *мак*ърэ *псалъ*эр *щхьэжу* икIи "*р*"*ык*Iэрэ къызэрыIумрэ "*щ*Iэ" зэры*дищIыгъуу* "*глаголыпхъэ*"хэми *къыпыхьэу* **зэрыухуагъххэу "префиксиал глагол"**хэри утыку къызэрихьэфынур гурыIуэгъуэнщ:

| |
|---|
| - "Iихын (Iэ-и-хы-н): «"Iэ ихын" → Iэихын → Iихын»; |
| - «Iэрылъын; IэрыкIын; Iэрыхын»; |
| - «IэщIэлъын; IэщIэкIын; IэщIэхын». |

НытIэ, мыпхуэдэ щIыкIэхэу **"Iэ"**р **щхьэжу**, **"р"ыкIэ къызэрыIуу**, **"щIэ" дищIыгъуу** "занщIэ глагол" -"*макъ глагол*"- *гуэрхэм* "*префикс*" язэрыхуэхъуу утыку къихьэ **"префиксиал глагол"**хэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глаголхэр** | **Щхьэжу "Iэ"кIэ ухуэ "преф.гл."** | **"Iэры"кIэрэ ухуэ "префиксиал глагол"хэр** | **"IэщIэ"кIэрэ ухуэ "префиксиал глагол"хэр** |
|---|---|---|---|
| Ин | - пэин - пэен; | - Iэрыин – Iэрыен; | - IэщIэин – IэщIэен; |
| Уэн | - Iэуэн; | - Iэрыуэн; | - IэщIэуэн; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Хьын | -<br>- lэхьэн; | -<br>- lэрыхьэн; | -<br>- lэщlэхьэн; |
| Кlуэн | - | - | - |
| Жэн | - lэжэн; | - lэрыжэн – lэрыжын; | - lэщlэжэн – lэщlэжын; |
| Хъун | - lэхъуэн; | - lэрыхъуэн; | - lэщlэхъуэн; |
| Хун | - lэхуэн; | - lэрыхун – lэрыхуэн; | - lэщlэхун – lэщlэхуэн; |
| Шэн | - | - lэрышэн – lэрышын; | - lэщlэшэн – lэщlэшын; |
| Дын/дэн | - lэдэн; | - lэрыдэн; | - lэщlэдэн; |
| Тхын/Тхэн | - | - lэрытхэн; | - lэщlэтхэн. |

Мы къэта "префиксиал глагол" щапхъэ нэхъыбэм "lэ"р псалъэ лlэужьыгъуэу зэреджапхъэр наlуэщ; ауэ, "префиксил глагол" гуэрхэми "lэ"м и макъ мыхьэнэкlэ зэреджапхъэхэри гурыlуэгъуэщ. Псалъэрэ макъ мыхьэнэу дауи щырет, *"р"ык*lэ *къызэры*l*у* щlыкlэущ *нэхъыб*эрэ *нэхъ игъу*эуи "lэ"р глаголхэм *"префикс"* язэрыхуэхъури, "lэ"*р щхьэжу* къызэрыlум теухуа щапхъэхэри бзэм *щыземык*l*уащ*эу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мы таблицэмрэ икlи ипэкlэ къэта таблицэхэм хиубыдэ щапхъэхэм теухуауэ *къыхэгъэщыпхъ*эхэмрэ *щапхъ*эхэм *къыпыщэн*ри *еджак*l*уэхэм къахуренэ*!

"МАКЪ ЗЭГУЭТ"РЭ "МАКЪ ЗЭГУЭТ ПСАЛЪЭ"ХЭМ
ЯГЪЭЗАЩlЭ "ПРЕФИКС" КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ

**"Макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэм "префикс" къалэн зэрагъэзэщlапхъэхэм теухуауэ.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, ипэкlэ *глаголхэр утыку къызэрихьэрэ зэрыбагъу*эм теухуа *лъагъуэм* ирикlуэу *"префиксиал глагол"хэри утыку къызэрихь*эм щыгъуазэ дыхуэхъуэу, "префиксиал глагол" лlэужьыгъуэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьагъащ. Ауэ икlи, *"префиксил глагол"хэм хуэ*l*уа*уэ къедгъэкlуэкlа *лэжьыгъэм "префикс"* лlэужьыгъуэу *щыгъуазэ дызыхуэхъуа*рэ икlи **"префикс"**хэм теухуауэ къэтхьа щапхъэхэр **"щхьэж макъ"** лlэужьыгъуэхэращ зытеухуар.

Мыпхуэдэу зэрыщытыр мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, глагол къэхъуныгъэ лъагъуэм теухуащи, "префиксиал глагол"хэр "занщlэ глагол" къэхъуныгъэм къыкlэлъыкlуэу зэрылъытапхъэм хуэдэжу, "префиксиал глагол"хэри япэрауэ "щхьэж макъ" лlэужьыгъуэ

"префикс"хэм къатехъукIауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, "щхьэж макъ"хэм я къэхъуныгъэм къыкIэлъыкIуэу, бзэм мыхьэнэщIэрэ псэлъэщIэхэр къигъэщIыну зэрыхущIэкъум ипкъ зэриткIэ, мы "щхьэж макъ"хэм щыщ гуэрхэр зэрызэгухьэу "макъ зэгуэт" къэхъуныгъэри утыку къызэрихьэм хуэдэжу, "префиксиал глагол" къэхъуныгъэри япэу зытеухуа "щхьэж макъ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэм къыкIэлъыкIуэу "макъ зэгуэт"хэми "префикс" къалэн зэрагъэзащIэу зэрыунэтIар гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ икIи къыхэгъэщыпхъэщ *глагол къэхъуныгъэм* теухуауэ ипэрей лэжьыгъэ Iыхьэм къыщыта *щапхъэхэм "макъ зэгуэт" зыхэзыубыдэ "занщIэ глагол"*хэм теухуа щапхъэхэр зэрызыхиубыдэм хуэдэжу, *"макъ зэгуэт"*хэр зыхэзыубыдэ *"префиксиал глагол"*хэм теухуа *щапхъэхэри* зэрызыхиубыдэри, мыбдежым *къытпэщыт лэжьыгъэр "префиксиал глагол"*хэм зэрытеухуам папщIэ, *"макъ зэгуэт"хэм* я гугъу зэрытщIынури *ягъэзащIэ "префикс" къалэнхэм теухуа*уэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ.

"Щхьэж макъ"хэмрэ ягъэзащIэ "префикс" къалэнхэм ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэр къахуэтхьащи, мыбдежми *"макъ зэгуэт"*хэмрэ *ягъэзащIэ "префикс"* къалэнхэм *щыгъуазэ* дыхуэхъуу *щапх*ъэхэри къахуэтхьыныр игъуэщ. Мыпхуэдэуи, *"префиксиал глагол" къэхъуныгъ*эм теухуауэ *лэжьыгъэм къыпыщапх*ъэщ мы къытпэщыт лэжьыгъэр. Мы псалъэми къызэрыхэщщи, нытIэ, мы илъабжьэм япэрауэ *"макъ зэгуэт"*хэм щыщу *"префикс" къалэн зыгъэзэщIапх*ъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр къыпытщэнщ.

*

"Макъ зэгуэт"хэм я зэкIэлъхьэужьыкIэр я кIэух макъыр -"макъ зэгуэт"ыр зыгъэлажьэ макъыр- "щхьэж макъ" лIэужьыгъуэу утыку къызэрихьам елъытауэщ ипрей лэжьыгъэхэм щызэрытлъытари, нытIэ, "макъ зэгуэт"хэм щыщу "префикс" къалэн зыгъэзащIэхэми мыпхуэдэ я зэкIэлъхьэужьыкIэу щыгъуазэ дахуэхъунщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, "префикс" къалэныр япэрауэ мыхьэнэ зиIэ макъхэрщ зыгъэзэщIэнури, атIэми "макъ зэгуэт"хэр мыхьэнэ зиIэ макхэм я зэгухьэныгъэу къэхъуауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, мыхьэнэ зиIэххэу утыку къихьэхэрщ. Ар щыхъукIи, -къызэрыхъуа щIыкIэр дауи щырет- "макъ зэгуэт"у зэрыухуа мыхьэнэр потенциалу "кондицэ" зэрыхъуфынур жыIэпхъэнщ. Ауэ икIи, игъэзэщIэфыну "кондицэ" къалэныр и

мыхьэнэращ зэлъытари, и мыхьэнэм елъытарэ теухуауэ "кондицэ" къалэн зыгъэзэщӀэфыну дэтхэнэ зы "макъ зэгуэт"ри мы и "кондицэ"кӀэ лэжьэфыну дэтхэнэ зы глаголым "префикс" зэрыхуэхъуфынури гурыӀуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэм аргуэру къыпыщапхъэщи, "*макъ зэгуэт*"хэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэр бзэ лэжьэкӀэм мыхьэнэщӀэ зэрыхуэныкъуэщ: *бзэ мыхьэнэщ*Ӏэрэ *псэлъэщ*Ӏэ *зыхуэныкъуэ бзэм* щыхэту щыт *щхьэж макъхэр зэрызэгухьэ*ущ "*макъ зэгуэт*"хэр утыку къызэрихьэр. Ар щыхъукӀи, "макъ зэгуэт"хэр утыку къызэрихьэ щӀыкӀэхэр нэхъыбэу щхьэж псалъэ лӀэужьыгъуэу е псалъэхэм хиубыдэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, "*макъ зэгуэт*"*хэр* бзэм къызэригъэщӀыр *нэхъыбэу* "*макъ зэгуэт псалъэ*" лӀэужьыгъуэхэущ.

Мы жытӀахэм теухуауэ адыгэбзэм "префикс" къалэни зыгъэзащӀэу хэт "*макъ зэгуэт*"хэмрэ "*макъ зэгуэт псалъэ*"хэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «пкъы, щхьэ, бгъэ, бгъу, бгы, пщэ; пх, бл». |

НытӀэ, мы "*макъ зэгуэт*"рэ "*макъ зэгуэт псалъэ*"хэр *утыку къызэрихь*эу ягъуэт *мыхьэнэ*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, *глагол*хэми я *лэжьэк*Ӏэхэу хуагъэзащӀэ "*кондицэ*" къалэнкӀэрэ "*префикс*" язэрыхуэхъуу утыку къихьэ "*префиксиал глагол*"хэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

**"Префикс" къалэн зыгъэзащӀэ мы "макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэм къатехъукӀыпхъэ "префиксиал глагол"хэм теухуауэ.**

"*Пкъ*" *макъ зэгуэт*ыр и къэӀукӀэм ипкъ зэриткӀэ, "*п*Ӏ" *макъ*ымрэ "*къ*" *мак*ъыр зэрызэгухьэу утыку къихьауэ лъытапхъэщи, щхьэж "*п*Ӏ" *макъыр* "*къ*" *макък*Ӏэ *зеш*эу ухуа зы "*макъ зэгуэт*"ырщ.

Мы ипэкӀэ зэрыжытӀами зэрезэгъкӀэ, *бзэ лэжьэк*Ӏ*эм мыхьэнэщ*Ӏэ къигъэхъуну *зэрыхущ*Ӏ*экъук*Ӏэ зы "*псалъэ*" *л*Ӏ*эужьыгъу*эу утыку къихьауи лъытапхъэщ "*пкъы*"ри, мыпхуэдэу бзэм зэрыхэхьам ипкъ зэриткӀи, зы **"макъ зэгуэт"***уи бзэм щыхэлъыта*уэ жыӀэпхъэщ **"пкъ"**ыр.

Аращи, зы **"макъ зэгуэт псалъэ"**у мы *утыку къызэрихьами теухуа* "*макъ зэгуэт*" *мыхьэнэ*и зиӀэу бзэм хэлэжьыхьырщ "пкъ"ыри, "*п*Ӏ*ыгъуэ*"*рэ* "*п*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ мыхьэнэ зиӀэ "*п*Ӏ" *мак*ъыр *къэхъуныгъ*эрэ утыку къихьэгъуэ зи мыхьэнэ "*къ*" *макък*Ӏэ *зеш*эу мы зэрыухуам

зэрезэгъкӀи, зы ″*пӀэ″рэ ″пӀыгъуэ″ лӀэужьыгъуэу къэхъуу*, ″*къэхъупӀэ″*рэ ″*къыхэхъукӀыпӀэ″*у зэхэлъ мыхьэнэ зиӀэу еджапхъэщ. Къызэрыхъуа ″*пкъы″ псалъэ мыхьэн*эм хуэдэжу, икӀи ″*макъ зэгуэт″ мыхьэн*эуи зэр*еджапх*ъэр мыпхуэдэу жыӀэпхъэщ. Мы зэреджапхъэуи ″*щӀыпӀэ″*рэ (пӀ) ″*щӀыкӀэ″* (къ) лӀэужьыгъуэ *мыхьэнэ* зиӀэ *макъитӀ*ыр зыхэзыубыдэрщ ″*пкъ″*ри, **″щӀыпӀэ″р ″щӀыкӀэ″у гъэзащӀэ**у *зэхэлъ* мыхьэнэ зиӀэ **″макъ зэгуэт″**у лъытапхъэрщ.

Зыхиубыдэ макъхэм елъытауэ ″*щӀыпӀэ″* (пӀ) *утыку къызэрихь*эрэ (къ) икӀи къызытехъукӀ зылъытэрщ ″*пкъ″ макъ зэгуэт*ри, езыр *щхьэжу зы ″щӀыпӀэ″* зи *мыхьэн*эми, икӀи а *щӀыпӀэри къызэрыхъу ″щӀыкӀэ″*ри *зыхэзыубыдэ мыхьэнэ*и зиӀэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэкӀэ глаголхэр зэрылэжьэну ″*кондциэ″*у игъэзэщӀэну къалэнри а глагол мыхьэнэрэ зытелэжьыхьыр *зэпкъырыувэн*рэ *къыпкъырыкӀыныгъ*эу гъэлэжьэнрауэ жыӀэпхъэнщ.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, *щхьэжу ″пкъы″*уэ ″*префикс″* щыхъум деж, ″*пкъы″*уэ лъытэ зы ″*щӀыпӀэ″* зылъытэ ″*префикс″*щ; ауэ, ″*пкъы″*р ″*р″ык*Ӏэрэ къэӀуу -зекӀуэу- ″*префикс″* щыхъум деж, а *глаголыр ″пкъы″рэк*Ӏэ *зэрыгъэзэщӀэну*ращ лъытэри, мыпхуэдэри а глаголыр зэрыгъэзэщӀэкӀэу зы ″*щӀыкӀэ″* лӀэужьыгъуэ ″*префикс″*ырщ. ″Пкъы″м ″префикс″ къалэн зэригъэзащӀэм теухуауэ мы къэтӀуатэхэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхущӀыу жыӀэпхъэщ ″*пкъы″м щхьэжу ″префикс″* къалэну игъэзащӀэр *куэд зэрымыхъ*унур гурыӀуэгъуэщи, ″*пкъы″м нэхъубэу* игъэзащӀэ ″*префикс″* къалэныр ″*р″ык*Ӏэ *къызэрыӀу* щӀыкӀэу ″*пкъыры″*уэщ.

ИкӀи, ипэкӀэ ″р″ыкӀэ къэӀу ″префикс″хэм я гугъу зэрыдымыщӀарэ щапхъэхэри къазэрыхуэдымыхьам папщӀэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри япэу къыщытпэщӀэхуа мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ **″р″ыкӀэ**рэ къэӀуу **″префикс″** къалэн зыгъэзащӀэ *дэтхэнэ макърэ псалъэм зэреджапх*ъэр ″*пкъыры″м* теухуауэ мы къэӀуэтахэм *хуэдэу* **″щӀыкӀэ″** *лӀэужьыгъуэ*у зэрыщытыр. Мыпхуэдэ щапхъэхэр мы илъабжьэм къыпытщэну лэжьыгъэ пыухытыкӀами куэдыщэу къызэрытпэщӀэхуэнури къыхэдгъэщынщ.

Мыпхуэдэу гъэзащӀэр зылъытэущ ″пкъ″ макъ зэгуэтрэ ″пкъы″ псалъэр глагол лэжьэкӀэм ″кондицэ″ зэрыхуэхъунури, мы гъэзащӀэкӀэри глаголми елъытауэ *щхьэжу ″пкъы″*кӀэрэ е -нэхъыбэуи- ″*пкъы″р ″р″ык*Ӏэрэ къызэрыӀуу зэрыгъэзэщӀапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ **″префикс″** къалэн щыгъэзащӀэм деж, **щхьэжу** е **″р″ыкӀэ** глаголыпкъым

-"занщӀэ глагол"ым- зэрызэпыщӀэу **къызэрыӀу** *щӀыкӀэри* "макъ зэгуэт псалъэ"у зэрыухуа щӀыкӀэу **"пкъы"**уэщ.

НытӀэ, "*макъ зэгуэт*"у е "*макъ зэгуэт псалъэ*"у щырет, глаголхэм мыпхуэдэ щӀыкӀэущ "**префикс**" язэрыхуэхъури, мыпхуэдэ щапхъэхэр иужькӀэ къэдгъэлъэгъуэнущ.

Мыбыхэм нэмыщӀ, "*глаголыпхъэ*" *макъ гуэрхэм ищхьэм къыпыхьэу* "*префиксиал глагол*" гуэрхэр утыку къихьэнкӀи щхьэпэ язэрыхуэхъу щыӀэщи, мыпхуэдэу **зэрыухуагъэххэу** утыку къихьэ "**префиксиал глагол**"хэм теухуауэ къэдгъэлъагъуэ щапхъэхэри "*пкъы*"*р* "*р*"*ыкӀэ къэӀуу* зэрыщытри нэрылъагъущ. Ауэ икӀи, нэхъ игъуэу мыхэр аргуэру "префикс" къызэращтэжу зэрызэпкъырыувэжхэри гурыӀуэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «пкъырыкӀын → зэпкъырыкӀын; пкъырыхын → зэпкъырыхын; пкъырыхун → зэпкъырыхун; пкъырытын → зэпкъырытын; пкъырылъын → зэпкъырылъын»; |

*

**"Щхьэ"**ри мы зэрыухуа щӀыкӀэу зы **"макъ зэгуэт псалъэ"***у утыку къихьа*уэ зэрытлъытар гурыӀуэгъуэщи, икӀи бзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэри мы къызэрыхъуа щӀыкӀэущ. *Щы*Ӏэгъуэм теухуа мыхьэнэ зиӀэ "*щ*" *макъ*ымрэ "*цӀыху*"*рэ цӀыхум хуэдэ псэущхьэ* зэрылъыта "*хьэ*"р зэрызэгухьэу къэхъуа зы "*макъ зэгуэт псалъэ*"рщ "*щхьэ*"ри, "*хьэ*" *щы*Ӏэгъуэм (щ) теухуа мыхьэнэ зиӀэу "*хьэ*"*м и* Ӏ*энкъ*л*ъэпкъ нэхъыщхьэ*р зылъытэу бзэм хэхьауэ еджапхъэщ.

Дауи, иужькӀэ *псэ зы*Ӏ*утрэ псэущхьэ*у щыт *дэтхэнэ гуэрым теухуа*уи *бзэм щызек*Ӏуэу зэрыщӀидзари гурыӀуэгъуэщ "щхьэ" псалъэри, цӀыхурэ дэтхэнэ зы псэущхьэм и Ӏ*энкълъэпкъ нэхъыщхьэ*р *зэрылъытэ псалъэу* зэрыщытрагъэнщ икӀи дэтхэнэ зы *цӀыхумрэ псэущхьэр зы* "*щхьэ*"*рэ щхьэжуи зылъытэ* псалъэу бзэм щызекӀуэу зэры*щ*Ӏ*идза*р.

Ауэ икӀи, зы Ӏэпкълъэпкърэ дэтхэнэ гуэрыр щхьэжуи зэрылъытэми къыщымынэу, а Ӏэпкълъэпкъ -*щхьэ*- *лъэныкъуэ*ри зылъытэ "*ищхьэ*" псалъэри *бзэм хэлэжьыхьу зэрыщ*Ӏ*идза*ри гурыӀуэгъуэщи, дэтхэнэ гуэрым зы Ӏ*энкълъэпкъ*ыу *щхьэ* имыӀэми, сытми зы *ищхьэ* лъэныкъуэ зэрылъытапхъэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Зы Ӏ*энкълъэпкъ*рэ -щхьэ- ар зыдэщыӀэ *лъэныкъуэ*ри *зылъытэу* - ищхьэ- бзэм хэлэжьыхьу мы зи гугъу тщӀахэр зэрыщыту *глагол лэжьэк*Ӏ*эр зытеухуа* "*кондицэ*"уи зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, **"щхьэ"** *макъ зэгуэт псалъ*эр мыпхуэдэ "*кондицэ*" зылъытэущ глаголхэм **"префикс"** язэрыхуэхъуфри. НытӀэ, мыпхуэдэ "префикс"хэри *зы*

lэ*пкълъэпкъ* **"щlыпlэ"**рэ *а щlыпlэр зи* **лъэныкъуэ** зылъытэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Икlи, мыпхуэдэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащlэ *"щхьэ"*р икlи *щlыпlэм теухуа*рэ *лъэныкъуэ* зылъытэу зэрыщытри *зылъытэну* нэгъуэщl *макъ дэlэпыкъуэгъу* гуэрхэри *зыхуэныкъуэ*рщ: «пп: "щхьэ<u>щы</u>; щхьэ<u>дэ</u>; щхьэ<u>ры</u> – щхьэ<u>пыры</u>"».

*"Щхьэ"*р зы *"макъ зэгуэт"* лlэужьыгъуэуи къызэрыхъуар мы *"э"кlэ къызэрыlу* щlыкlэу зэрыщыткlэ зы *"макъ зэгуэт псалъэ"ущи*, абы **"префикс"** къалэн щыгъэзащlэм дежи, къыкlэлъыкlуэ *"макъ къуэдзэ"*м и *къэlукlэр дауи щырет*, зы "макъ зэгуэт псалъэ"у зэрыухуа щlыкlэу **"щхьэ"**уэщ.

Мы зи гугъу тщlахэм теухуауэ "макъ глагол"хэм "щхьэ"р "префикс" язэрыхуэхъуу ухуэ "префиксиал глагол" щапхъэхэр мы къэтlуахэхэм къыкlэлъыкlуэу къэдгъэлъэгъуэнущ.

Нытlэ, мыбдежым *"глаголыпхъэ"* макъ гуэрхэми *ищхьэм* - lэ*пкълъэпкъ*рэ *ищхьэ лъэныкъуэ* зылъытэ- *"щхьэ" макъ псалъэ къызэрыпыхьэу* къызэрыхъуа щlыкlэкlэ **-зэрыухуагъэххэу- "префиксиал глагол"**хэр утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

|  |
| --- |
| - «щхьэщыхын, щхьэщыкlын, щхьэщысын, щхьэщытын»; «щхьэдэхын, щхьэдэкlын»; «щхьэдэфтын»;<br>- «щхьэрыхын, щхьэрыкъуэн, щхьэрыгъын, щхьэрылъын, щхьэрыкlын»; «щхьэпырыкlын, щхьэпырыхын». |

*

"П" макъыр "лъабжьэ" мыхьэнэ зиlэ "х"ыкlэрэ къэlуу утыку къихьэр **"пх" макъ зэгуэт**ращи, мы зэрыухуа щlыкlэу "пх" макъ зэгуэт мыхьэнэр *щыlэр зытетрэ зыхэт лъабжьэ*м (х) теlэбапlэрэ *нэс*ынымгъэ (п) зиlэу щытыр зэрылъытапхъэрщ.

Мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэу гъэзащlэр зэрылъытапхъэу занщlэу *"макъ зэгуэт глагол"*у ухуауэ лъытапхъэщ **"пхын, пхэн"** глаголхэр. Ауэ икlи, мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэу *–"пхын, пхэн"кlэрэ- цlыхум* и *лъабжьэ лъэныкъуэр* зэрыз*ыщlипх*эм къытехъукlауэ жыlэпхъэщ **"пхэ"** псалъэри, *цlыхум* щlипхэу щlидза мы *и лъыбжьэр* зы lэ*пкълъэпкъ*ыу зэрылъытэ цlэ лlэужьыгъуэ псалъэу бзэм щызекlуэу щlидзауэ жыlэпхъэщ.

*Мы* lэ*плъэпкъыр* икlи псэущхьэм и *зы лъэныкъуэ*м -и *щlыб*рэ *иужь* лъэныкъуэм- къыщынэу зэрыщытым зэрезэгъкlи, *а лъэныкъуэр* –япэрауэ псэущхьэм, иужькlи дэтхэнэ гуэрым- **"ипхэ"** псалъэмкlэ зэрылъытэу бзэм щызекlуэу зэрыщlидзари жыlэпхъэщ.

Ауэ икӀи, мы "псалъэ зэгуэт"хэм нэмыщӀ, *"пх" макъ зэгуэт*ым хиубыдэ *"х"*ыр зы *"макъ псалъэ"*у *щӀылъэм* и нэхъ *лъахъшап*Ӏэу щыт *псышхуэ*хэр *зылъытэ*у занщӀэу зы *"макъ псалъэ"у -"хы"-* бзэм зэрыхэхьагъэнури гурыӀуэгъуэщи, *псым икӀын*ри *"хы"*м зэрынэскӀэрэ - *"п"*кӀэрэ- (*пхы*) *"хым икӀын"* Ӏуэхугъуэу **"пхыкӀын"** (*пхы-кӀын*) глаголри утыку къихьагъэнщ. Нэрылъагъущ икӀии, мы *"пхыкӀын"* глаголыр *"глаголыпхъэ"*у щыт *"кӀ"ым "пх" макъ зэгуэтыр –е, "п" макъ эффект*рэ *"хы" макъ псалъэ*кӀэ ухуа *"пхы"р- къызэрыпыхьэу* утыку къихьа - *зэрыухуагъэххэу-* зы *"префиксиал глагол"*у зэрыщытыр. НытӀэ, *"хы"м икӀыныгъ*эр зэрылъытэу, *"глаголыпхъэ"* макъ *"кӀ"ым* къыпыхьэ *"пхы"*кӀэрэ утыку къихьа *"пхыкӀын"* глаголыр мы зэрызэпкъырыува щӀыкӀэу *иужьк*Ӏэ *нэгъуэщ*Ӏ *икӀыныгъэ*хэм теухуауи *бзэм хэлэжьыхь*у щӀидзагъэнщи, нобэ "хы"рэ "псы"м икӀыныгъэм нэмыщӀхэри *"пхыкӀын"*рэ и вариант гуэрхэмкӀэ -пп: *пхырыкӀын-* бзэм щызокӀуэр.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхаущӀщи, **"пх"** *макъ зэгуэт*ыр зыхэплъагъуэ глагол **"префикс"**хэр Ӏэ*пкъылъэпкъ* лӀэужьыгъуэу **"пхэ"**м теухуауэ, икӀи "пхэ"р зыдэщыӀэ лъэныкъуэр зэрылъытэу **"ипхэ"**м теухуауи зэрыщытыфынур жыӀэпхъэми, *нэхъыбэу "префикс"* къалэн зыгъэзащӀэу **"пх"**ыр зэрыхэтыр **"макъ зэгуэт"** лӀэужьыгъуэущ. Аращи, мы ипэкӀэ *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*ым зэрыхэтым хуэдэу лъытапхъэщи, *псы*рэ *нэгъуэщ*Ӏ *гуэрхэм икӀын* хуэдэ Ӏуэхугъуэхэр зэрылъытэущ. ИкӀи, **щхьэжу** е **"р"ыкӀэ** *къызэры*Ӏуу игъэзащӀэ *"префикс"* къалэнхэри **"пхы"**уэ *къызэры*Ӏуущ.

Мы къызэрыхъуарэ зыхиубыдэ макъхэми елъытащи, "пхы"ым игъэзащӀэу мы зи гугъу тщӀахэр **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэ *"префикс"*у зэрылъытапхъэм нэмыщӀ, икӀи глаголыр зэрыгъэзэщӀэкӀэуи **"щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префикс"**уи лъытапхъэщ.

Ауэ икӀи, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа щапхъэм "пхы"р **щхьэжу** *"префикс"*у зэрыхэтым (пхыкӀын) нэмыщӀ, икӀи *нэхъыбэу "пхы"р* **"р"ыкӀэ**рэ къэӀуу глаголхэм *"префикс"* яэзрыхуэхъунури къыхэдгъэщынщ.

Дауи, мы зи гугъу тщӀахэм теухуауэ "макъ глагол"хэм "пхы"р "префикс" яэзрыхуэхъуу ухуэ "префиксиал глагол" щапхъэхэр мы къэтӀуахэхэм къыкӀэлъыкӀуэу къэдгъэлъэгъуэнущ.

НытӀэ, *"пхы"*р икӀи *"глаголыпхъэ"*у *"кӀ"*ым ищхьэм къызэрыпыхьэу **ухуагъэххэу** утыку къихьэ **"префиксил глагол"**ми (пхыкӀын) гугъу тщӀагъэххэщи, *"хы"м икӀыным теухуауэ* къхъуа мы *глаголыр иужьк*Ӏэ

*нэгъуэщӀхэм теухуауи* бзэм зэрыхэлэжьыхь щапхъэхэри къыпыщэжауэ мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «"хым икӀын": "пхыкӀын → пхырыкӀын, зэпхырыкӀын"» → «"уэс-ятӀэ-пкъыгъуэ-кӀуэцӀ" хуэдэхэми "пхыкӀын → пхырыкӀын, зэпхырыкӀын»; |

Мы къэта щапхъэхэм нэмыщӀ *"глаголыпхъэ"* макъ гуэрхэм *ищхьэми* Ӏэпкълъэпкърэ (пхэ) *ик*Ӏэрэ *иужь (ипхэ) лъэныкъуэ* зылъытэ *"пхы, пхэ"* макъ зэгуэтрэ "макъ зэгуэт псалъэ" *къызэрыпыхьэу -зэрыухуагъэххэу- "префиксиал глагол"* утыку къихьэу щытмэ, мыпхуэдэ *щапхъэхэр* къэхьынри *еджак*Ӏ*уэхэм къахуренэ*!

*

*Зэрелъыта ужьыгъуэ*р (б) *"гъэ"*кӀэрэ ухуа зы *"макъ зэгуэт"* лӀэужьыгъуэу щыт **"бгъэ"**ри бзэм къызэрыхэхъухьа щӀыкӀэри *гупэ лъэныкъуэ* Ӏ*эпкълъэпкъ* зэрылъытэ зы **"макъ зэгуэт псалъэ"**у жыӀэпхъэщ.

Мыр *ц*Ӏ*ыху*рэ *псущхьэ*м и *гупэ*р зэрылъытэм нэмыщӀ, *ик*Ӏ*и дэтхэнэ гуэрыр* и *гупэ*рэ *ипэ* лъэныкъуэкӀэ *зэрылъытэ*у бзэм зэрыхэлэжьыхьри жыӀэпхъэщи, абы *игъэзэщ*Ӏ*апхъэ* **"префикс"** лӀэужьыгъуэри мыпхуэдэ **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэ зылъытэу зэрыщытыпхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, зы глаголыр *ипэ*рэ *гупэ* лъэныкъуэм *хуэгъэза*рэ зэры*хуэк*Ӏ*уэ* **"щӀыкӀэ"** зылъытэ "префикс" къалэни зэригъэзэщӀэфынур жыӀэпхъэнщ.

Зы *"макъ зэгуэт псалъэ"* лӀэужьыгъуэ *"бгъэ"м "префикс"* къалэн зэригъэзащӀэри глаголыр зытеухуа Ӏуэхугъуэр *зыгъэзащ*Ӏ*эмрэ* -глагол "субъект"ымрэ- Ӏуэхур *зи гупэ*м хуэгъэзауэ зытелэжьыхьыр -глагол "объект"ыр- зыхиубыдэу *"дэщ*Ӏ*ыгъу"*ныгъэ зы*лъытэ* **"дэ" макъ**ри - префикс къуэдзэу- *зыдищ*Ӏ*игъуу*щ; икӀи, **"р"ыкӀэ** къызэрыӀууи *"префикс"* хъуфынщ. Мыпхуэдэщ **"префикс"** къалэн зэригъэзащӀэри, мы *"дэ" макъ къуэдзэм ипэ къихуэу* е *"р"ык*Ӏэ **къызэрыӀу** щӀыкӀэри зы *"макъ зэгуэт псалъэ"у* къызэрыӀу щӀыкӀэу **"бгъэ"**уэщ.

НытӀэ, "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу "макъ глагол" щапхъэхэм "бгъэ"р "дэ"ри зыдищӀыгъуу "префикс" язэрыхуэхъуу утыку къихьэну "префиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэхэр иужькӀэ къэдгъэлъэгъуэнущи, мыбдежым *"глаголыпхъэ" макъ гуэрхэм "бгъэ"р* - "дэ"ри зыдищӀыгъуу- *къапыхьэу* **-зэрыухуагъэххэу- "префиксиал глагол"**хэр утыку къызэрихьэ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «бгъэдэтын, бгъэдэсын, бгъэдэлъын»; «бгъэдэхын, бгъэдэкӀын»; «бгъэдэфтын»; |

- «бгъэрытын, бгъэрылъын; бгъэрыхын, бгъэрыкӀын».

*

Къызэрыхъуа щӀыкӀэр *"бгъэ" ужьыгъуэ*у (у) лъытапхъэщ *"макъ зэгуэт"* лӀэужьыгъуэу щыт **"бгъу"**р къызэрыхъуа щӀыкӀэри, *бгъэм ехьэлӀа*рэ пыщӀа (бгъэ-ы) *ужьыгъуэ*у ("бгъэ-ы-у" → бгъу) *бгъэм и лъэныкъуит*Ӏыр зылъытапхъэ **"макъ зэгуэт псалъэ"**у къигъэщӀауэ лъытапхъэщ. Ауэ икӀи, *зи "бгъу"р "и"к*Ӏэ *зэрылъытэ*ущ бзэм зы псалъэ лӀэужьыгъуэу зэрыхэхьари, **"ибгъу"**ущ. ИкӀи, *"префикс"* къалэн *зэригъэзащ*Ӏэ *щ*Ӏ*ык*Ӏэри мыпхуэдэ мыхьэнэкӀэрэщ.

Мыри "бгъэ"м хуэдэу **"щӀыпӀэ"** зылъытапхъэрщ; ауэ зэрыжытӀауэ *"бгъу"*р *"префикс"*у глаголхэм къызэрыхэщыр *зи "бгъу"р зэрылъытэ "ибгъу"* мыхьэнэкӀэрэщи, глаголыр мы *щ*Ӏ*ып*Ӏэрэ *лъэныкъуэм теухуа*рэ хуэгъэзауэ зэрыгъэзащӀэ **"щӀыкӀэ"**и зэрылъытэущ глаголхэм **"префикс"** язэрыхуохъур. Ауэ, мыр нэхъыбэу мы илъытэ лъэныкъуэм теухуарэ хуэкӀуэу глаголыр зэрыгъэзащӀэ "префикс"ырщи, **"р"ыкӀэ**рэ къэӀуу *"префикс"* хъуныр игъуэщи, икӀи мы къызэрыӀу *"р"ым ипэ къихуэу "префикс"у* **къызэрыӀу** щӀыкӀэри **"бгъу"**уэщ.

"Макъ глагол"хэм "бгъу"р "р"ыкӀэ къэӀуу "префикс" язэрыхуэхъуу ухуэ "префиксиал глагол" щапхъэхэр иужькӀэ къэдгъэлъэгъуэнщуи, мыбдежми, *"глаголыпхъэ" макъ гуэрхэм "бгъу"р "р"ык*Ӏэрэ къызэрыӀуу къапыхьэу ухуэ **-зэрыухуагъэххэу- "префиксиал глагол"**хэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ:

«бгъурытын, бгъурылъын, бгъурысын».

*

*Зэрелъыта ужьыгъуэ* зылъытэ *"б"* макъыр *егъэлея джыгъуэ* зылъытэ *"г"*ыкӀэрэ лажьэу ухуа *"бг" макъ зэгуэт*ри мы зыхиубыдэ макъхэм зэращӀэ мыхьэнэм зэрезэгъкӀэ бзэ лэжьэкӀэм зы **"макъ зэгуэт псалъэ"**ущ **-бгы-** утыку къызэрихьар. *"Бгы" псалъэми* зыр "къу"м теухуарэ *къу ек*Ӏ*уэк*Ӏ*мы и зэхуэдэ лъэгап*Ӏэ зылъытэу, адрейри *псэущхьэм ищхьэмрэ ипхэ зэхуаку лъэгап*Ӏэр -цӀыхум и "бгы"ри хэтыжу- зылъытэу **мыхьэнитӀ** иӀэщи, мыхэри зэрызытеухуар гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, игъэзэщӀэну **"префикс"** *къалэн*ыр мыпхуэдэ и *мыхьэнит*Ӏми теухуауэ жыӀэпхъэнщи, мы и *мыхьэнит*Ӏ*ми теухуа*уэ игъэзащӀэ *"префикс"* къалэнри зы **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэу жыӀэпхъэнщ. Ауэ, а *щ*Ӏ*ып*Ӏ*эхэм теухуауэ гъэзащ*Ӏ*эр* икӀи зэрыгъэзащӀэ **"щӀыкӀэ"** лӀэужьыгъуэ зыхэлъуи лъытапхъэнщ.

Ик**І**и, *"бгы" макъ зэгуэт псал*ъэм игъэзащІэ мы *"щІыкІэ"* лІэужьыгъуэ *"префикс"* къалэнри *иужьк*Іэ къэхъуарэ икІи *бзэм нэхъыбэу щызек*Іуэ "префикс" къалэнрауи жыІэпхъэщи, мы зи гугъу тщІыр мыбдежым къыщыдгъэунэхунщ. Мы *"щІыкІэ"* лІэужьыгъуэ *"префикс"* къалэну зи гугъу тщІыр къызытехъукІари зы *"занщ*Іэ *глагол"* лІэужьыгъуэу *"бгынэн"* глаголым и мыхьэнэм теухуауэ лъытапхъэщи, *"бгынэн"* глаголыр *"бгым къинэн"* мыхьэнэ зиІэущ зэрыухуар. *Мыпхуэдэ мыхьэнэ* зиІэу мы зэрыухуа (бгынэн) щІыкІэращ икІи *"бгы" макъ зэгуэт псал*ъэр *иужьк*Іэ *бзэм нэхъ хэлэжьыхьу зэрыщ*І*идзари*, къы*щхьэщымыж*ынрэ къы*дэмыщ*І*ыж*ын – *дэщ*І*ымыгъуж*ын зэрылъытэ щІыкІэу мы и лэжьэкІэр *ик*І*и* "бгы"м игъэзащІэ *"префикс"* лІэужьыгъуэхэми и нэхъыщхьэу лъытапхъэрщ.

Аращи, мы зи гугъу тщІа и *мыхьэнэк*І*эрэщ "бгы"*р глаголхэм *"префикс"* язэрыхуэхъури, **"р"ыкІэ**рэ къызэрыІуу **"префикс"** зэрыхъунури игъуэрэ гурыІуэгъуэнщ. Зы *"префикс"* лІэужьыгъуэу *"р"ым ипэ* къихуэу **къызэрыІу** щІыкІэри зы *"макъ зэгуэт псалъэ"у* утыку къызэрихьа и зэпкъырыувэкІэу **"бгы"**уэщ.

НытІэ, "макъ глагол"хэм мы "бгыры"р "префикс" язэрыхуэхъуу утыку къихьэну "префиксиал глагол"у иужькІэ къэтхьыну щапхъэхэм нэмыщІ, мыбдежым *"глаголыпхъэ" макъ гуэрхэм ищхьэм "бгы"р* -и *мыхьэнит*ІкІи- *"бгыры"*уэ къэІуу ухуэ **-зэрыухуагъэххэу- "префиксиал глагол"**хэу утыку къихьа щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «бгырылъын, бгырысын; бгырыхын, бгырыкІын; бгырыфтын»; «къыбгырыкІын, зэбгырыкІын, зэбгырыхын; зэбгырыфтын». |

*

"Щхьэ"м хуэдэу зы *Іэпкълъэпкъыц*І*эрщ "пщэ"*ри, ари "щхьэ"м хуэдэу *"ищхьэ" лъэныкъуэ* зылъытапхъэрщ; нытІэ, мыпхуэдэ лъэныкъуэр *"ипщэ"* псалъэмкІи мэлъытэр. Аращи, зы **макъ зэгуэт псалъэ**у щыт **"пщэ"**р илъытэ *Іэпкълъэпк*ъым теухуауэ икІи зы лъэныкъуэу **"ипщэ"**р зэрылъытэу глаголхэм **"щІыпІэ"** лІэужьыгъуэ **"префикс"** язэрыхуэхъупхъэр гурыІуэгъуэнщ.

Ауэ икІи зы Іэпкълъэпкъыу *"пщэ"*мрэ *"ипщэ"* лъэныкъуэри зы *дэтып*І*э дэхып*Іэу зэрыщытри зэрылъытэ *"щ*І*ып*І*э"* лІэужьыгъуэу, **"дэ"** макъри *"префикс къуэдзэ"*у къызэрищтэнури къыхэгъэщщыпхъэщ. Мыбы нэмыщІ, мы зи гугъу тщІахэр щІыпІэ лІэужьыгъуэу лъытапхъэ щхьэ, мыбыхэм теухуауэ гъэзэщІэ мы Іуэхугъуэр икІи гъэзэщІэкІэу -

"щIыкIэ" лIэужьыгъуэу- зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщIы "пщэ"р икIи **"р"ыкIэ** къэIуу "префикс" зэрыхъуфынури гурыIуэгъуэнщ.

*"Дэ*"р *"макъ къуэдэ*"у дищIыгъуу *е "р"ык*Iэ глаголым пыщIауэ дауи щырет, *"префикс*"у **къызэрыIу**р *"макъ зэгуэт псалъэ"у* къызэрыIуа щIыкIэу **"пщэ"**уэщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэм теухуауэ иужькIэ "макъ глагол" щапхъэхэм "пщэ"р "префикс" язэрыхуэхъуу ухуэ "префиксиал глагол" щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнущи, мыбдежми *"глаголыпхъэ*"у лъыта *макъ гуэрхэм* ищхьэм *"пщэ*"р *къапыхьэу –"дэ"рэ "р"ык*Iэ *къэIуу*- утыку къихьэ - **зэрыухуагъэххэу- "префиксиал глагол"**хэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «пщэдэлъын, пщэдэхын; пщэдэкIын»;<br>- «пщэрылъын, пщэрыхын; пщэрыкIын». |

*

Зэрелъыта ужьыгъуэ зи мыхьэнэ "б"ыр "л" макъкIэрэ къэIуу *ухуа "бл" макъ зэгуэт*ым *"макъ зэгуэт псалъэ*"и (*блы*) къытохъукIри, мыри занщIэу зэпэщ хъуауэ ялъытэ зы бжыгъэм (7) теухуа *бжыгъэцI*эрщ. "Благъэ"ри генетикэу зэпыщIэныгъэ зылъытэ зэгъунэгъугъэу зэрызэлъыта ужьыгъуэу зекIуэу лъэкъуибл зыхэзыубыдэ зы генетикэ жыг зылъытэрщ. Зэрызэлъыта ужьыгъуэкIэрэ кIуэрэ зиубгъуу щытыр зэрылъытапхъэ зы *"макъ зэгуэт псалъэ*"у щыт *"блэ*"ри зы *псэущхьэцI*эрщ. *"Блэн*" глаголри уэздыгъэм *нэху зэридз*рэ *нэхугъэ*ри *зэрызекIуэ*р зэрылъытэ *"макъ зэгуэт глагагол*"ырщ. Мыбыхэм нэмыщI, зы Iуэхум хэхьэныр -къыщIэдзэныр- хэкIыным -ухыным- хуэкIуэ лъагъуэм и техьэгъуэу лъытапхъэнщи, зы I*уэхур зэрызэлъытэныгъэк*Iэрэ *кIуэтэным* тегъэпсыхьынрэ *теухуэн*ыгъэу а Iуэхур зэпэщ хъуным и *пэщIэдзэри "ублэн, къэублэн*" псалъээхэмкIэщ зэрылъытэр.

Дауи, мыпхуэдэ зэмылIэужьыгъуэ бзэ мыхьэнэрэ псалъэхэр къызытехъукI "макъ зэгуэт"ырщ "бл"ыри, глаголхэм "префикс" язэхуэхъу щIыкIэри ар зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэм ипкъ зэриткIэ, *зэрелъыта ужьыгъуэ* (б) *лъагъуэ икIуэн*ыр (л) глагол лэжьэкIэхэм *"кондциэ*" язэрыхуэхъуущ. НытIэ, "бл" макъ зэгуэтым къытехъукIыу мы ипэкIэ зи гугъу тщIа псалъэхэм я мыхьэнэхэми теухуащи, **"бл"** *макъ зэгуэт*ым *глаголхэм яхуигъэзащ*Iэ **"префикс"** къалэныр а *глаголыр зытеухуа*рэ *зытелэжьыхь*ым -**"щIыпIэ**"м- зэры*блиху* **"щIыкIэ"у**

жыІэпхъэнщ. Аращи, *зы гуэр*рэ *щІыпІэ*м и *гъунэгъу*рэ и *Іэгъуэ благъуэ*м *елъытауэ* глаголыр *зэрыгъэзэщІ*э "*щІыкІ*э" зылъытэрщ "*бл*" *макъ зэгуэт*ым "*префикс*" къалэну игъэзащІэр.

ИкІи, *глаголыпк*ъым -"занщІэ глагол"ым- *ищхьэ дыдэм* зы "*макъ зэгуэт*"у нэхъыбэу *щхьэжу*щ "префикс" зэрыхуэхъури, -мащІэми, "*р*"*ык*Іэ къэІуу "*префикс*" къалэн щигъэзащІэм дежи- **къызэрыІу** щІыкІэр зэрыигъуэу "*э*"*к*Іэрэщи, **"блэ"**уэщ.

Ауэ икІи, мы ипэкІэ зи гугъу тщІа "макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэр нэхъыбэу "р"ыкІэ къэІуу "префикс" зэрыхъум хуэдэкъым **"бл"** *макъ зэгуэт*ри, ар **нэхъыбэу щхьэжу "блэ"***уэ къызэры*Іуущ глаголхэм **"префикс"** язэрыхуэхъур.

Аращи, "макъ глагол" щапхъэхэм "бл"ыр "префикс"у къазэрыпыхьэу "префикси глагол"хэр утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэхэр иужькІэ къэдгъэлъэгъуэнущи, мыбдежым "*глаголыпхъэ*" *макъ гуэрхэм ищхьэм* "*бл*" макъыр *къыпыхьэу* утыку къихьэ **-зэрыухуагъэххэу- "префиксиал глагол"**хэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «блэкІын, блэхын, блэфтын». |

**"Макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэр "занщІэ глагол"хэм - "макъ глагол"хэм- "префикс" язэрыхуэхъуу ухуэ "префиксиал глагол" щапхъэхэр.**

НытІэ, мы ипэкІэ "макъ зэгуэт"хэмрэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэр утыку къызэрихьэ щІыкІэхэмрэ икІи *щхьэжу* е зыдащІыгъу *макъ къуэдзэ*кІэрэ ягъэзащІэ "префикс" къалэнхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мы щыгъуазэ дызэрыхуэхъуами зэрезэгъкІэ, ахэр "*занщ*Іэ *глагол*" лІэужьыгъуэ "*макъ глагол*"хэм "*префикс*" язэрыхуэхъуу "*префиксиал глагол*"хэр утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэхэри таблицэхэм хиубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глаголхэр** | **"ЗанщІэ глагол"хэм "макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэр "префикс" язэрыхуэхъуу ухуэ "префиксиал глагол"хэр** |
|---|---|
| Ин | - «пкъыин; пкъырыин»;<br>- «щхьэщыин, щхьэдэин; щхьэрыин; щхьэпырыин»;<br>- «пхыин; пхырыин»;<br>- «бгъэдэин; бгъэрыин»;<br>- «бгъурыин»; |

| | |
|---|---|
| | - «пщэдэин; пщэрыин»;<br>- «блэин»; |
| Ун<br><br><br>-------------<br>Уэн | - «пкъыун; пкъырыун»; «щхьэщыун, щхьэдэун; щхьэрыун, щхьэпырыун»; «бгъэдэун, бгъэрыун»; «бгъурыун»; «пщэдэун; пщэрыун»; «блэун»;<br>----------------------------------------------------------------------------------<br>- «пкъыуэн; пкъырыуэн»; «щхьэщыуэн, щхьэдэуэн; щхьэрыуэн, щхьэпырыуэн»; «бгъэдэуэн, бгъэрыуэн»; «бгъурыуэн»; «пщэдэуэн; пщэрыуэн»; «блэуэн»;<br>- «пкъыун; пкъырыун»; «щхьэщыун, щхьэдэун; щхьэрыун, щхьэпырыун»; «бгъэдэун, бгъэрыун»; «бгъурыун»; «пщэдэун; пщэрыун»; «блэун»; |

| | |
|---|---|
| Хьын | -<br>- «пкъырыхьэн»; «щхьэщыхьэн, щхьэдэхьэн; щхьэрыхьэн, щхьэпырыхьэн»; «бгъэдэхьэн, *бгъэры(-)*»; «бгъурыхьэн»; «пщэдэхьэн; пщэрыхьэн»; «*блэ(-)*»; |
| Кӏын | - «пкъырыкӏын»; «щхьэщыкӏын, щхьэдэкӏын; щхьэрыкӏын, щхьэпырыкӏын»; «бгъэдэкӏын, *бгъэры(-)*»; «бгъурыкӏын»; «пщэдэкӏын; пщэрыкӏын»; «блэкӏын»;<br>- «пкъырыкӏэн»; «щхьэщыкӏэн, щхьэдэкӏэн; щхьэрыкӏэн, щхьэпырыкӏэн»; «бгъэдэкӏэн, *бгъэры(-)*»; «бгъурыкӏэн»; «пщэдэкӏэн; пщэрыкӏэн»; «блэкӏэн»; |
| Кӏуэн | - «пкъырыкӏуэн»; «щхьэщыкӏуэн, щхьэдэкӏуэн; щхьэрыкӏуэн, щхьэпырыкӏуэн»; «бгъэдэкӏуэн, бгъэрыкӏуэн»; «бгъурыкӏуэн»; «пщэдэкӏуэн; пщэрыкӏуэн»; *«блэ(-)»*; - *къэта щапхъэ куэдыр гъэзэщӏэкӏэу игъуэкъым; бзэми щызекӏуащэкъым!* |
| Хъун | - «пкъырыхъун»; «щхьэщыхъун, щхьэдэхъун; щхьэрыхъун, щхьэпырыхъун»; «бгъэдэхъун, *бгъэры(-)*»; «бгъурыхъун»; «пщэдэхъун; пщэрыхъун»; «блэхъун»;<br>- «пкъырыхъуэн»; «щхьэщыхъуэн, щхьэдэхъуэн; щхьэрыхъуэн, щхьэпырыхъуэн»; «бгъэдэхъуэн, *бгъэры(-)*»; «бгъурыхъуэн»; «пщэдэхъуэн; пщэрыхъуэн»; «блэхъуэн»; - *"..хъуэ"уэ къэӏу щапхъэхэр нэхъ игъуэщ*! |
| Хун | - «пкъырыхун»; «щхьэщыхун, щхьэдэхун; щхьэрыхун, щхьэпырыхун»; «бгъэдэхун, бгъэрыхун»; «бгъурыхун»; «пщэдэхун; пщэрыхун»; «блэхун»;<br>- «пкъырыхуэн»; «щхьэщыхуэн, щхьэдэхуэн; щхьэрыхуэн, щхьэпырыхуэн»; «бгъэдэхуэн, бгъэрыхуэн»; «бгъурыхуэн»; «пщэдэхуэн; пщэрыхуэн»; «блэхуэн»; |
| Дзын | - «пкъырыдзын»; «щхьэщыдзын, щхьэдэдзын; щхьэрыдзын, щхьэпырыдзын»; «бгъэдэдзын, бгъэрыдзын»; «бгъурыдзын»; «пщэдэдзын; пщэрыдзын»; «блэдзын»;<br>- «пкъырыдзэн»; «щхьэщыдзэн, щхьэдэдзэн; щхьэрыдзэн, |

| | |
|---|---|
| | щхьэпырыдзэн»; «бгъэдэдзэн, бгъэрыдзэн»; «бгъурыдзэн»; «пщэдэдзэн; пщэрыдзэн»; «блэдзэн»; |
| Жын<br>-------------<br>Жэн-2 | - «пкъырыжын»; «щхьэщыжын, щхьэдэжын; щхьэрыжын, щхьэпырыжын»; «бгъэдэжын, бгъэрыжын»; «бгъурыжын»; «пщэдэжын; пщэрыжын»; «блэжын»;<br>- «пкъырыжэн»; «щхьэщыжэн, щхьэдэжэн; щхьэрыжэн, щхьэпырыжэн»; «бгъэдэжэн, бгъэрыжэн»; «бгъурыжэн»; «пщэдэжэн; пщэрыээн»; «блэжэн»;<br>-----------------------------------------------------------------------------------<br>- «пкъырыжэн»; «щхьэщыжэн, щхьэдэжэн; щхьэрыжэн, щхьэпырыжэн»; «бгъэдэжэн, бгъэрыжэн»; «бгъурыжэн»; «пщэдэжэн; пщэрыээн»; «блэжэн»;<br>- «пкъырыжын»; «щхьэщыжын, щхьэдэжын; щхьэрыжын, щхьэпырыжын»; «бгъэдэжын, бгъэрыжын»; «бгъурыжын»; «пщэдэжын; пщэрыжын»; «блэжын»; |
| ЩӀын/ЩӀэн<br>-------------<br>ЩӀэн | - «пкъырыщӀын»; «щхьэщыщӀын, щхьэдэщӀын; щхьэрыщӀын, щхьэпырыщӀын»; «бгъэдэщӀын, бгъэрыщӀын»; «бгъурыщӀын»; «пщэдэщӀын; пщэрыщӀын»; «блэщӀын»;<br>- «пкъырыщӀэн»; «щхьэщыщӀэн, щхьэдэщӀэн; щхьэрыщӀэн, щхьэпырыщӀэн»; «бгъэдэщӀэн, бгъэрыщӀэн»; «бгъурыщӀэн»; «пщэдэщӀэн; пщэрыщӀэн»; «блэщӀэн»;<br>-----------------------------------------------------------------------------------<br>- *мыпхуэдэ "кондицэ"хэм елъытакъым "щӀэныгъэ" лӀэужьыгъуэ "щӀэн"ри, къэӀуэтапхъэми, бзэм щыземыкӀуащэм папщӀэ, щапхъэи къэтхьакъым!* |
| Лъэн | - «пкъырылъэн»; «щхьэщылъэн, щхьэдэлъэн; щхьэрылъэн, щхьэпырылъэн»; «бгъэдэлъэн, бгъэрылъэн»; «бгъурылъэн»; «пщэдэлъэн; пщэрылъэн»; «блэлъэн»;<br>- «пкъырылъын»; «*щхьэщылъын(-)*, щхьэдэлъын; *щхьэрылъын(-)*, щхьэпырылъын»; «бгъэдэлъын, *бгъэрылъын(-)*»; «бгъурылъын»; «*пщэдэлъын(-)*; *пщэрылъын(-)*»; «*блэлъын(-)*»; |
| ПӀын/ПӀэн | - «пкъырыпӀын»; «щхьэщыпӀын, щхьэдэпӀын; щхьэрыпӀын, щхьэпырыпӀын»; «бгъэдэпӀын, бгъэрыпӀын»; «бгъурыпӀын»; «пщэдэпӀын; пщэрыпӀын»; «блэпӀын»;<br>- «пкъырыпӀэн»; «щхьэщыпӀэн, щхьэдэпӀэн; щхьэрыпӀэн, щхьэпырыпӀэн»; «бгъэдэпӀэн, бгъэрыпӀэн»; «бгъурыпӀэн»; «пщэдэпӀэн; пщэрыпӀэн»; «блэпӀэн»; |

| | |
|---|---|
| ПкӀын | - «пкъырыпкӀын»; «щхьэщыпкӀын, щхьэдэпкӀын; щхьэрыпкӀын, щхьэпырыпкӀын»; «бгъэдэпкӀын, бгъэрыпкӀын»; «бгъурыпкӀын»; «пщэдэпкӀын; пщэрыпкӀын»; «блэпкӀын»;<br>- «пкъырыпкӀэн»; «щхьэщыпкӀэн, щхьэдэпкӀэн; щхьэрыпкӀэн, щхьэпырыпкӀэн»; «бгъэдэпкӀэн, бгъэрыпкӀэн»; «бгъурыпкӀэн»; «пщэдэпкӀэн; пщэрыпкӀэн»; «блэпкӀэн»; |

| | |
|---|---|
| --------------<br>ПкӀэн | ------------------------------------------------------------------------------------<br>- «пкъырыпкӀэн»; «щхьэщыпкӀэн, щхьэдэпкӀэн; щхьэрыпкӀэн, щхьэпырыпкӀэн»; «бгъэдэпкӀэн, бгъэрыпкӀэн»; «бгъурыпкӀэн»; «пщэдэпкӀэн; пщэрыпкӀэн»; «блэпкӀэн»;<br>- «пкъырыпкӀын»; «щхьэщыпкӀын, щхьэдэпкӀын; щхьэрыпкӀын, щхьэпырыпкӀын»; «бгъэдэпкӀын, бгъэрыпкӀын»; «бгъурыпкӀын»; «пщэдэпкӀын; пщэрыпкӀын»; «блэпкӀын»; |
| Пхъуэн | - «пкъырыпхъуэн»; «щхьэщыпхъуэн, щхьэдэпхъуэн; щхьэрыпхъуэн, щхьэпырыпхъуэн»; «бгъэдэпхъуэн, бгъэрыпхъуэн»; «бгъурыпхъуэн»; «пщэдэпхъуэн; пщэрыпхъуэн»; «блэпхъуэн»; |
| Шхын/Шхэн | - «пкъырышхын»; «щхьэщышхын, щхьэдэшхын; щхьэрышхын, щхьэпырышхын»; «бгъэдэшхын, бгъэрышхын»; «бгъурышхын»; «пщэдэшхын; пщэрышхын»; «блэшхын»;<br>- «пкъырышхэн»; «щхьэщышхэн, щхьэдэшхэн; щхьэрышхэн, щхьэпырышхэн»; «бгъэдэшхэн, бгъэрышхэн»; «бгъурышхэн»; «пщэдэшхэн; пщэрышхэн»; «блэшхэн»; |
| Пхын/Пхэн | - «пкъырыпхын»; «щхьэщыпхын, щхьэдэпхын; щхьэрыпхын, щхьэпырыпхын»; «бгъэдэпхын, бгъэрыпхын»; «бгъурыпхын»; «пщэдэпхын; пщэрыпхын»; «блэпхын»;<br>- «пкъырыпхэн»; «щхьэщыпхэн, щхьэдэпхэн; щхьэрыпхэн, щхьэпырыпхэн»; «бгъэдэпхэн, бгъэрыпхэн»; «бгъурыпхэн»; «пщэдэпхэн; пщэрыпхэн»; «блэпхэн»; |
| Плъын<br><br><br><br><br><br>-------------<br>Плъэн | - «пкъырыплъын»; «щхьэщыплъын, щхьэдэплъын; щхьэрыплъын, щхьэпырыплъын»; «бгъэдэплъын, бгъэрыплъын»; «бгъурыплъын»; «пщэдэплъын; пщэрыплъын»; «блэплъын»;<br>- «пкъырыплъэн»; «щхьэщыплъэн, щхьэдэплъэн; щхьэрыплъэн, щхьэпырыплъэн»; «бгъэдэплъэн, бгъэрыплъэн»; «бгъурыплъэн»; «пщэдэплъэн; пщэрыплъэн»; «блэплъэн»;<br>---------------------------------------------------------------------------------<br>- «пкъырыплъэн»; «щхьэщыплъэн, щхьэдэплъэн; щхьэрыплъэн, щхьэпырыплъэн»; «бгъэдэплъэн, бгъэрыплъэн»; «бгъурыплъэн»; «пщэдэплъэн; пщэрыплъэн»; «блэплъэн»;<br>- «пкъырыплъын»; «щхьэщыплъын, щхьэдэплъын; щхьэрыплъын, щхьэпырыплъын»; «бгъэдэплъын, бгъэрыплъын»; «бгъурыплъын»; «пщэдэплъын; пщэрыплъын»; «блэплъын»; |
| Блэн | - «пкъырыблэн»; «щхьэщыблэн, щхьэдэблэн; щхьэрыблэн, щхьэпырыблэн»; «бгъэдэблэн, бгъэрыблэн»; «бгъурыблэн»; «пщэдэблэн; пщэрыблэн»; «блэблэн»; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- "Префикс"хэм я къэкъэхъукӀэхэм мы таблицэхэм ипэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащ; икӀи, мы "*префикс*" къалэн зыгъэзащӀэу щыгъуазэ дызыхуэхъуа мы "*макъ зэгуэт*"рэ "*макъ зэгуэт псалъэ*"хэр *щхьэжу* е *къыкӀэлъыкӀуэ макъ гуэр*хэмкӀэрэ (пп: щы, дэ; р) глаголхэм "*префикс*" язэрыхуэхъури

къыщыхэдгъэщащи, *щхьэжу е макъ гуэрхэмк*Iэ къызэрыIуу "*префикс*" къалэн щагъэзащIэм деж, *къызэрыIу щIык*Iэхэри мыбдежым аргуэру къыщытдэгъэгъужынщ: «пкъы, щхьэ, бгъэ, бгъу, бгы, пщэ; пхы, блэ».

- Ауэ икIи, *мыхьэнэ зимы*Iэ *мак*ъхэр *псалъэ пэщ*Iэдзэрэ "*префикс*"и зэрымыхъунум ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуауэ щытащи, нытIэ, мы ипэкIэ къэта таблицэхэм "*глаголыпкъ*"*ым ищхьэ* дыдэм къыпыхьэ "*р*"ым щхьэжу "*префикс*" къалэн зэр*имыгъэзащ*Iэри гурыIуэгъуэщ. Аращ икIии, "префикс"ыр зэпыщIэныгъэ къалэн зыгъэзащIэу "глаголыпкъ"ыщхьэ дыдэм къыпыхьэ "р"ым и къэIукIэр "ы"кIэрэу щIыщытыр абы щхьэжу "префикс" къалэн зэримыгъэзащIэм папщIэщ; - мыбы папщIи, "префикс" къэIуыкIэ хабзэм хиубыдэкъым. НытIэ, "*глаголыпкъ*"*ыщхьэ* "*префикс*"у лъытахэр "р"ыкIэ къэIу мы "*макъ зэгуэт*"рэ "*макъ зэгуэт псалъэ*" лIэужьыгъуэ "префикс"хэращи, абыхэм *я къэ*I*ук*Iэр мы "р"ыкIэ къызэрыIууи "*глаголыпкъ*"*ыщхьэ* "*префикс*" *къэ*I*ук*Iэу зэрыщытыр ипэкIэ таблицэхэми хыболъагъуэри, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр:

- «пкъыиин – пкъырыин»;
- «щхьэщыин – щхьэдэин – щхьэрыин – щхьэпырыин»;
- «пхыин – пхырыин»;
- «бгъэрыин»;
- «бгъуин – бгъурыин»;
- «пщэин – пщэрыин»;
- «блэин»;

- ИпэкIэ и гугъу зэрытщIауэ, *нэхъыбэу "р"ык*I*эрэ къэ*I*уу "префикс"* къалэн зыгъэзащIэ "*пкъы*" *макъ зэгуэт псал*ъэр занщIэу -"*р*"*ыншэу*- "*префикс*" зыхуэхъу "макъ глагол"хэм щыщщ "ин"ри, мыр мыбдежыми щыболъагъуэр. Мы щапхъэм нэмыщI, "*макъ* I*уэр глагол*"хэу щыт "*ун, уэн*" глаголхэми "*пкъы*"*р* "*р*"*ыншэу* "*префикс*" яэзрыхуэхъуфри гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкIэ къэта таблицэхэм хыболъагъуэр.

- ИпэкIэ *щхьэж макъхэм теухуауэ* къэтхьауэ щыта щапхъэхэм тежыIыхьыпхъэу *къыхэдгъэща куэдыр "макъ зэгуэт"хэми теухуа*уэ зэрыщытым папщIэ, мыбдежым аргуэру я гугъу тщIыжакъым. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ *глаголхэм я къэ*I*ук*I*эр "э"рэ "ы"уэ зэрызэхъуэк*I*ф*ри, "*ы*"*к*Iэ *къэ*I*у* зы *глагол*ыр зытеухуа I*уэхугъуэр гъэзащ*I*эу зэрыщыт*рэ зэрызекIуэр "*э*"*уэ къызэры*I*уу* зэрылъытэр гурыIуэгъуэщ. Мыбы *и пхэнджри "э"к*Iэ *къэ*I*у глаголыр "ы"к*Iэ *къэ*I*уу* зэрызэхъуэкIырщ. Мыри а глаголхэм я мыхьэнэхэм теухуауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм нэмыщI, *к*I*уэтэгъуэр*эрэ *хьэрычэт* зи *мыхьэнэ глаголхэми* я къэIукIэр "*э, ы*"*уэ щызэхъуэк*Iым деж *хьэрычэтыр зыхуэгъэза лъэныкъуэр зэрызэхъуэк*Iыр гурыIуэгъуэщи, *мыпхуэдэ* щапхъэхэу ипэкIэ къэта "префиксиал глагол"хэр къызытехъукIа "*макъ глагол*"хэрщ мыхэр: «хун; дзын; жэн; лъэн; пкIын, пкIэн».

- И мыхьэнэмрэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэм зэрелъытакlэ *глаголыр "префикс"к*lэ *зэрымыухуэ*р *"блэ(-); блэры(-)"* хуэдэ щlыкlэхэу къыхэдгъэщащ; *"префикс"к*lэ *ухуа* щапхъэу *бзэм щызэмыкlуащ*эхэри *"блэлъын(-)"* хуэдэу къыхэдгъэщащ. Мыбыхэм нэмыщlыу *къыхэгъэщыпхъэ*хэри *щапхъэхэм къыкlэлъыкlуэу* къыпыщащ; е *мы "префикс"хэмк*lэ *мылажьэ*рэ щапхъэ къызыхуэмыхьахэри *щlэмылажьэ* лъабжьэрэ *щхьэусыгъуэк*lэ *къыхэгъэщащ*.

- Кlыхь дымыщlын папщlэ, "макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэр "префикс" язэрыхуэхъуу утыку къихьэ "префиксиал глагол" щапхъэхэр "макъ глагол" псоми теухуауэ къэдгъэлъэгъуакъыми, *щапхъэ къызыхуэдымыхьа глагол*хэм теухуа мыпхуэдэ лэжьыгъэри *еджакlуэхэм къахуренэ*!

*"Макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ" л*lэ*ужьыгъуэ "префикс"хэр зыхиубыдэу утыку къихьэ "**префиксыбэ глагол**"хэм теухуауэ.*

Таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэдгъэщахэм нэмыщl, "макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"хэм я мыхьэнэхэми елъытауэ зэрыщытрагъэнщи, зэкlэлъхьэужьу "префикс" зэрымыхъурэ, мыпхуэдэуи "префиксыбэ глагол" къатемыхъукlынуи жыlэпхъэнщ.

Ауэ, адыгэбзэр макъыбзэу мыхьэнэбэрэ лэжьэкlэбэрщи, игъуэ щыхъум деж, зыр зым дищlыгъуу "префиксыбэ" къызытехъукlхэр язэрыхэтыфынури ар дыдэу къыхэгъэщыпхъэщ. Мыпхуэдэщ икlи, *"щхьэ"*м *"макъ къуэдзэ"* гуэрхэр *дищlыгъуу "префикс"* къалэн зэригъэзащlэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щlыкlэу *"щхьэ"м "макъ къуэдзэ"у "пхыры"*р къищтэфуи "префикс" къалэн зэригъэзэщlэфынур жыlэпхъэнщ. Мыпхуэдэу ухуэну зы "префиксиал глагол"ри нэхъыбэу *"пхыры"к*lэ*рэ "префиксиал глагол"у ухуагъэххэ*у щыт *"пхырык*lын*"*ым *аргуэру "щхьэ"р "префикс"* хуэхъужыныгъэу лъытапхъэщ: «щхьэпхырыкlын».

Мыри къыхэдгъэща нэужь, зи гугъу тщlарэ щхьэжрэ нэгъуэщl макъ гуэрхэри дащlыгъуу "префикс" къалэн зыгъэзащlэ мы *"макъ зэгуэт"рэ "макъ зэгуэт псалъэ"* лlэужьыгъуэхэр ипэкlэ зи гугъу тщlа *нэгъуэщl "префикс"хэм дэщlыгъуу "префиксыбэ"м зэрыхиубыд*эмрэ *щыхиубыд*эну *щlып*lэ*рэ* икlи я *зэк*lэ*лъхьэужьык*lы*к*lэнур зыгурыдгъаlуэу *щапхъ*эхэри къахуэтхьыныр игъуэщ. Ауэ икlи, мы *"макъ зэгуэт"хэр нэхъыбэу "псалъэ"* лlэужьыгъуэуи зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"префикс"у "глаголыпкъ"ыщхьэ -занщ*lэ *глагол"ыщхьэ- лъэныкъуэр зи увап*lэу хущlэкъунуи лъытапхъэнхэрщ.

Нытӏэ, ″макъ псалъэ″ щапхъэхэм къатехъукӏ ″макъ зэгуэт″ лӏэужьыгъуэ ″префиксиал глагол″хэмрэ нэгъуэщӏ ″префиксиал глагол″хэм къатехъукӏ ″префиксыбэ глагол″хэм теухуа щапхъэхэр ″*щӏыпӏэ″рэ* ″*щӏыкӏэ*″ лӏэужьыгъуэ ″*префикс*″хэмкӏэ ухуа ″**префиксыбэ глагол**″у ипэкӏэ къэдгъэлъэгъуауэ щыта *щапхъэхэм* ″**макъ зэгуэт**″рэ ″**макъ зэгуэт псалъэ**″ лӏэужьыгъуэ ″**префикс**″**хэри къазэрыхэхьэ**у утыку къихьэ ″**префиксыбэ глагол**″ щапхъэ гуэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глагол** | **″Щӏыкӏэ/щӏыпӏэ″ лӏэужь. ″префиксыбэ глагол″** | **+ ″Макъ зэгуэт″кӏэ ″преф.гл.″** | **″Щӏыкӏэ/щӏыпӏэ″у ″префыбэ гл.″ + ″макъ зэгуэт″у ″преф.гл.″ → ″префиксыбэ глагол″ыщӏэ** |
|---|---|---|---|
| Ин | - къызэдыфӏыхукъуӏуиин<br>- къызэдыфӏыхукъуӏуиин | + пкъыин<br>+ пкъырыин | → къызэдыфӏыхукъуӏупкъиин;<br>→ къызэдыфӏыхукъуӏупкъыриин; |
| | - къызэдыфӏыхущыщӏыӏуиин<br>- къыщызэдыфӏыхущӏыӏуиин<br>- къыфӏыхудыщыщӏыӏуиин<br>- къыхущыдыщӏыӏуиин | + щхьэщыин<br>+ щхьэдэин<br>+ щхьэрыин<br>+ щхьэпырыин | → къызэдыфӏыхущӏыӏущхьэщиин;<br>→ къыщызэдыфӏыхущӏыӏущхьэдиин;<br>→ къыфӏыхудыщыщӏыӏущхьэриин;<br>→ къыхущыдыщӏыӏущхьэпыриин; |
| | - нызэдыфӏыхудыщыӏугуэин<br>- нызэдыфӏыхущыдыӏугуэи | + пхыин<br>+ пхырыин | → нызэдыфӏыхудыщыӏугуэпхыин;<br>→ нызэдыфӏыхущыдыӏугуэпхырыин; |
| | - ныфӏыщыхудыщӏыӏугуэин<br>- нызыфӏыхудыӏугуэин | + бгъэдэин<br>+ бгъэрыин | → ныфӏыщыхудыщӏыӏугуэбгъэдэин;<br>→ ныщыфӏыхудыӏугуэбгъэрыин; |
| | - къызэдыфӏыщыхущӏыӏуиин | + бгъурыин | → къызэдыфӏыщыхущӏыӏубгъуриин; |
| | - къыщызэдыфӏыхущӏыӏуиин<br>- къыщыфӏыхудыкъуӏуиин | + пщэдэин<br>+ пщэрыин | → къыщызэдыфӏыхущӏыӏупщэдиин;<br>→ къыщыфӏыхудыкъуӏупщэриин; |
| | - нызэдыфӏыхущӏыӏугуэин | + блэин | - нызэдыфӏыхущӏыӏугуэблиин;<br>*(″префиксыбэ″кӏэ мы лъытам ″блэ″и къыпыщтэныр игъуащэкъым)* |

**Мы таблиэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Япэрауэ, ″щӏыкӏэ″рэ ″щӏыпӏэ″ лӏэужьыгъуэ ″префикс″ гуэрхэр зыхиубыдэу ухуа ″префиксыбэ глагол″ лӏэужьыгъуэу ипэкӏэ къэдгъэлъэгъуагъэххэ гуэрхэм –къатехъукӏыну глаголыр кӏыхь дыдэ щыхъум деж- ″префикс″ гуэрхэр хэдгъэкӏыу къыпытщэну ″макъ зэгуэт″рэ ″макъ зэгуэт псалъэ″ лӏэужьыгъуэ ″префикс″хэр къызэрыпытщар гулъытапхъэщи, мыбдежми щыжытӏэжынщ.

- Ауэ икӏи, ипэкӏи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″*щӏыпӏэ*″ лӏэужьыгъуэ ″*и*″мрэ ″*щӏыкӏэ*″ лӏэужьыгъуэ ″*е*″ макъхэр ″*префикс″у ″глаголыпкъ″ыщхьэ дыд*эр -″занщӏэ глагол″ыщхьэ дыдэр- *зи увыпӏэ*у зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщи, нытӏэ, *мы ″префикс″хэм (и, е) я закъуэ*у зэрыщытри нэрылъагъущ ″*макъ зэгуэт″рэ ″макъ зэгуэт псалъэ″ префиксхэмрэ ″глаголыпкъ″ыщхьэ* -″занщӏэ глагол″ыщхьэ- *зэхуакур зи увы*ӏэр.

- Аращи, "префиксыбэ"хэм хиубыдэ "префикс"хэм щыщу глаголыпкъыщхьэр -занщӀэ глагол"ыщхьэр- зи увыӀэ "префикс"хэр -"и"мрэ "е"м нэмыщӀ- "*макъ зэгуэт*" лӀэужьыгъуэ мы "*префикс*"хэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщи, мыбы лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъури "*макъ зэгуэт*"хэр икӀи "*макъ зэгуэт псалъэ*" *л*Ӏэужьыгъуэу зэрыщытрэ, мы *я мыхьэнэ*ми *елъыта*уэ глаголхэм хуагъэзащӀэ "префикс" къалэным теухуауэ жыӀэпхъэнщ.

- Ауэ икӀи, мы "макъ зэгуэт" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэм и нэхъыбэри "ири" формэ зиӀэу ухуа "префикс"хэрщи, префиксыщхьэ "и"р дэтхэнэ зы "префикс"рэ "префиксыбэ" зэрылъытапхъэрщи, нытӀэ, мы "и"р "макъ зэгуэт"хэри зыхэзыубыдэ "префиксыбэ"м ипӀэкӀэщ; етӀуанэ "и"уэ щыт "р" нэужь "и"ри глаголыр зэрыджыпхъэу -сытым дежи- "глаголыпкъ"ыщхьэ дыдэр -"занщӀэ глагол"ыщхьэ дыдэр- зи увапӀэ "и"рауэ зэрыщытым ипкъ зэриткӀи, щапхъэу къэдгъэлъагъуэ "префиксыбэ глагол"хэм я "префиксыбэ"у, "макъ зэгуэт" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэри зыхэзыубыдэу "ири" формэу щыт префиксыбэ+р+и"м мы и "и"м ипӀэри "глаголыпкъ"ыщхьэ дыдэрауэ -"занщӀэ глагол"ыщхьэ дыдэрауэ- зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - пкъыин | + къызэдыфӀыхукъуӀуиин | → къызэдыфӀыхукъуӀу*пкъ*иин; |
| - пкъырыин | + къызэдыфӀыхукъуӀуиин | → къызэдыфӀыхукъуӀу*пкъыр*иин; |

- Мыхэр мы къызэрыӀу щӀыкӀэу зэрызэпкъырыува щӀыкӀэхэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ: «"...пкъыиин" → "...пкъиин"»; «"...пкъырыиин" → "...пкъыриин"».

- "*ЩӀып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*щы*" макъыр зыхэзыубыдэ "*префиксыбэ*"м "*щы*" макъ *дищӀыгъуу* "*щхьэ*" макъ зэгуэт -"макъ зэгуэт псалъэ"- "*префикс*"*и къыщыхэхьэм* деж, зэхуэдэ къалэн зыгъэзащӀэ мы "*щы*" *макъитӀым зыр лей*уэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщи, "*щхьэ*"*м* "*щы*" *зэрыдищӀыгъум папщ*Ӏэ, *адрей* "*щы*"*р* "*префиксыбэ*"*м хок*Ӏыр:

| | | |
|---|---|---|
| - щхьэщыин | + къызэдыфӀыхущыщӀыӀуиин | → къызэдыфӀыхущӀыӀущхьэщиин |

## "ДЖЫГЪУЭРЭ ЩЫӀЭГЪУЭ" КАТЕГОРИЕ МЫХЬЭНЭ ЗИӀЭ МАКЪХЭМРЭ, ЯГЪЭЗАЩӀЭ "ПРЕФИКС" КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ

Глаголхэм "префикс" къалэн зыхуэзыгъэзэщӀэну макъхэм мыхьэнэ лӀэужьыгъуэ гуэрхэр зэраӀэн хуеинур ипэкӀэ щыжытӀагъэххэщи, префикс къалэн зыгъэзащӀэ макъхэр мы я мыхьэнэм теухуауэщ икӀи зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэнур. Ауэ икӀи, макъхэр мыхьэнэбэуи зэрыщытыфынум къызэрыхэкӀкӀэ, зы макъым префикс къалэнитӀ -е нэхъыбэ- игъэзащӀэу зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщ.

ИпэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, мыхьэнэ зимыӀэу бзэм хэлэжьыхь макъхэм "префикс" къалэн зэрамыгъэзэщӀэфынур гурыӀуэгъуэнщи,

"префикс" къалэн зыгъэзэщlэну зы макъым япэрауэ мыхьэнэ иlэн хуейщ. Ауэ икlи, *мыхьэнэ зиlэ дэтхэнэ зы макъым "префикс" къалэн* зэр*имыгъэзащl*эри гурыlуэгъуэнщ.

*"Префикс"* жыхуэтlэр *глаголыр зэрыгъэзэщlэну* щlыкlэр зэрылъытэ *"кондицэ"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, "префикс" къалэн зыгъэзэщlэну макъым мыпхуэдэ къалэн игъэзэщlэфыну мыхьэнэ иlэу зэрыщытын хуейр гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, "префикс" къалэн зыгъэзащlэ "макъ"хэри мы я "мыхьэнэ" лlэужьыгъуэкlэрэ лъытауэ зэщхьэщыгъэкlын хуейщ.

Ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм "префикс"хэр тlууэ зэрызэщхьэщыдгъэкlар гурыlуэгъуэщи, абыхэм теухуауэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыпытщэжынщ.

Аращи, ипэкlи зэрытлъытауэ, "префикс" гуэрхэр глаголыр щыгъэзащlэ "щlыкlэ"м теухуарэ "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэу тлъытагъащи, мыпхуэдэхэр **"щlыпlэ формэ"** зылъытэ "префикс"хэу, е **"щlыкlэ"** *категорие формэ* лlэужьыгъуэ **"префикс"**хэу лъытапхъэщ.

Ипэкlэ "префикс"хэр зэрытлъыта етlуанэ щlыкlэри, "щlыкlэ" лlэужьыгъуэущи, мыхэри **"щlыкlэ формэ"** зылъытэ "префикс"хэу, е **"щlыкlэ"** *категорие формэ* лlэужьыгъуэ **"префикс"**хэу лъытапхъэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэм яхэтлъытауэ щытащ *"и"*рэ *"щы"* макъхэр. Ауэ, мы макъхэр мы зыхэтлъыта "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэм къазэрыщхьэщыкlри гурыlуэгъуэнщи, мыри мы макъхэм я макъ мыхьэнэм зэрелъытарэ зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ.

Щыlэуэ щыт дэтхэнэ гуэрыр *джыгъуэ*рэ я *щыlэгъуэ* лlэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, мыпхуэдэхэр зылъытэ макъхэрщ мы "префикс"итl къалэн зыгъэзащlэхэри, ахэр "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ гупым зэрыхэлъытапхъэм нэмыщl, *"и"рэ "щ"* макъхэм я мыхьэнэм ипкъ зэриткlэ, мыхэр зы *гупу* **"джыгъуэрэ щыlэгъуэ лъытэ"** *категорие* лlэужьыгъуэ **"префикс"**хэуи лъытапхъэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"джыгъуэрэ щыlэгъуэ лъытэ"* мыхьэнэ зиlэр джыгъуэрэ щыlэгъуэ зиlэу щыт *сытри зылъытапх*ъэрщи, мыпхуэдэ "префикс" къалэн зыгъэзащlэм зи гугъу тщlа *адрей префикс* къалэнхэри *зыхэзыубыд*эу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"джыгъуэрэ щыlэгъуэ лъытэ" лlэужьыгъуэ "префикс"*хэу тлъыта *"и, щ" мак*ъхэм я *мыхьэн*эмрэ ягъэзащlэ *"префикс"* къалэнхэм *"зэманыгъуэ, щlыкlэ,*

*щІыпІэ*" лІэужьыгъуэ мыхьэнэ зиІэ "префикс"хэм ягъэзащІэ къалэнхэри зыхаубыдэу лъытапхъэщ.

Дэтхэнэ гуэрыр "*джыгъуэрэ щыІэгъуэ лъытэ*"*ныр* а гуэрыр практикэрэ ІупщІыу зэрылъытэфынум *лъабжьэ* хуэхъу *мыхьэнэ* лІэужьыгъуэу лъытэнырщи, "*и*"*рэ* "*щы*" *мак*ъхэмкІэ лъытар *икІи адрей макърэ псалъэ* уэрхэмкІи практикэрэ нэхъ ІупщІыу -тафетелъу-мэлъытэфыр. НэгъуэщІыу жыпІэмэ, "*и, щы*" *мак*ъхэм я мыхьэнэмрэ, абыхэм "*джыгъурэ щыІэгъуэ лъытэ*" лІэужьыгъуэ "*префикс*" зэрагъэзащІэм щыгъуазэ дыщыхуэхъум деж, мыбыхэм *адрей* "*префикс*" *къалэнхэр* лъабжьэкІэ зэрызыхиубыдэри гурыІуэгъуэнщ.

НытІэ, "щІыпІэ"рэ "щІыкІэ" лІэужьыгъуэу тлъыта "*префикс*"*хэм лъабжьэ яхуэхъу*у зи гугъу тщІы мы "*и, щ*" *мак*ъхэм ягъэзащІэ "*джыгъуэрэ щыІэгъуэ лъытэ*" лІэужьыгъуэ "*префикс*"хэм щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщи, мыбы папщІи, мы макъхэм я мыхьэнэм аргуэру щыгъуазэ хуэхъун хуейщ.

**"И" макъымрэ игъэзащІэ "префикс" къалэнхэм теухуауэ.**

Япэрауэ, **"и" макъ мыхьэнэ**кІэрэ гъэзащІэ **"джыгъуэрэ щыІэгъуэ лъытэ"** лІэужьыгъуэ **"префикс"** къалэным нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"И" макъым икІи "макъ псалъэ" къызэрытехъукІыфыр гурыІуэгъуэщ {и (8), ин-2}; ауэ, "и"м игъэзащІэу мыбдежым зи гугъу тщІы "префикс" къалэныр абы и макъ мыхьэнэращ зытеухуар.

Зэрыгурыlуэгъуэу "и" макъыр "абзсис" зи мыхьэнэ макъыущ адыгэбзэм зэрыхэтри, "джы"рэ утыку къихьэ "сыт"ри зылъытэу "*абзсис* (и)" лІэужьыгъуэ зи мыхьэнэ макъырщ. *Сытри джырэ джыгъуэ* лІэужьыгъуэу зэрыщытри гурыІуэгъуэщи, абзсисрэ джыр зылъытэу адыгэбзэм хэт "и" макъыр сытри зылъытэф макъырщ. "*Сытри*" жыхуэтІэри "*щыІэ*"*рэ* "*щыІэгъуэ*" зиІэ дэтхэнэ гуэрырщ.

"И" макъыр "э" макъым къыкІэлъыкІуэу къызэрыхъуарэ утыку къызэрихьауэщ япэрей лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуари, нытІэ, "кІуэтэгъуэ"рэ "функционал зэман" къалэн зиІэу утыку къихьарэ мыпхуэдэ къалэни зыгъэзащІэу бзэм хэлэжьыхь "э" макъым къыкІэлъыкІуэу утыку къихьа макъырщ "и" макъри, джыгъуэрэ щыІэгъуэр утыку къызэрихьэм теухуауэ систематикэу къекІуэкІ мы

″зэман координат″ системэм ″орбинат″ хуэхъур ″э″рауэ зэрыщытым елъытауэ мы системэми и ″абзсис″ри ″и″ращ. ″Э″р кӀуэтэгъуэрэ фукнционал зэман зылъытэу къызэрыхъуарэ икӀи бзэми мыпхуэдэу зэрыхэлэжьыхьым хуэдэжу, зи къэхъуныгъэр мыпхуэдэу лъытапхъэ ″и″ макъри адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэри мы и къэхъуныгъэм елъытауэ мы игъэзащӀэу зи гугъу тщӀыхэм теухуауэщ.

Мы зэрыжытӀауэщ икӀии, ″координат системэ″ лъабжьэу ″зэман координат системэ″м и ″ординат″ым (зэман) елъытауэ – зэманыгъуэкӀэрэ- джауэ утыку къихьэр зэрылъытэрщ ″абзсис″ыр. ″Зэман системэ″м хуэдэрэ икӀи ар зи лъабжьэрщи, дэтхэнэ зы ″координат системэ″м щыджри ″абзсис″у зэрылъытэри гурыӀуэгъуэщ. ″Геометрие координат системэ″у ″х″ыр зи ″ординат″ системэми -″х ординат системэ″- системэ лъабжьэу щыт ″х″ым елъытауэ джыри ардыдэу ″абзсис″у ″и″уэ зэрылъытэри гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, ″абзсис″ жыхуаӀэр дэтхэнэ зы системэм утыку къыщихьа дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэрщи, адыгэбзэм и ″и″ макъри мыпхуэдэ мыхьэнэрэ къалэнкӀэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Дэтхэнэ зы системэм щыджыр ″абзсис″рэ ″и″уэщ зэрылъытэри, щыӀэгъуэ зиӀэр зэманкӀэрэ утыку къызэрихьэм ипкъ иткӀэ, ″и″м илъытэр щыӀэгъуэ зиӀэ дэтхэнэ гуэрырщ. Ар щыхъукӀи, щыӀэгъуэ зыгъуэту щыӀэ хъур зэрылъытэ **″и″ макъ мыхьэнэ**р ″щыӀэ″рэ **″щыӀэгъуэ лъытэ″** мыхьэнэуэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Дэтхэнэ зы систэмэм щыджрэ джыгъуэу утыку къихьэр зэрылъытэрщ ″и″ макъри, мы ипэкӀэ зэрыжытӀауэ, ар ″щыӀэгъуэ лъытэ″ мыхьэнэ зиӀэу зэрыщыткӀэри сытри щыӀэ лӀэужьыгъуэу зылъытэрщ. Сытри зы щыӀэгъуэрэ джы лӀэужьыгъуэу зэрилъытэм зэрезэгъкӀи, **″и″ макъ мыхьэнэ**р икӀи щыӀэу щыт *дэтхэнэ гуэрыр щхьэжрэ объективу* зы **″джыгъуэ″**у зылъытэрщ.

*

Мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъщ адыгэбзэм и ″и″ макъым и мыхьэнэрэ икӀи ар адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри, ″инфнитив глагол″хэм ″префикс″ къалэн хуигъэзащӀэу мыбдежым зи гугъу тщӀым хуэдэу лъытапхъэщ икӀи ″и″м бзэ лэжьэкӀэм хигъэзэщӀыхь дэтхэнэ зы къалэнри. Аращи, ″инфинитив глагол″хэм ″префикс″ зэрыхуэхъум имызакъуэу, и къэхъуныгъэм елъытарэ теухуа къалэнщ ″и″ макъым адыгэбзэм хигъэзэщӀыхьри, мыпхуэдэ зы щапхъэщ ″*глагол лэжьэкӀэу ухуэ*

*псалъэ*"хэми *хигъэзэщӀыхь къалэн*хэри. Мы псалъэм теухуа зы щапхъэщи, дэтхэнэ зы "*Ӏуэху глагол*"ым и лэжьэкӀэу ухуэ псалъэхэм "*объектив*"ыгъэ зиӀэу щыт "*ещанэ субъект цӀэпапщ*Ӏэ"р псалъэм щызыхэлъытэри –ар зыгъэ*лъагъуэ*ри- "и" макърауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, "*ит зэман нэмыщӀ*" зэманыгъуэхэм теухуауэ зы Ӏуэхур "ещанэ щхьэ"кӀэрэ гъэзэщӀэнурэ гъэзэщӀауэ зэрылъытэ "и"кӀэрэщи, "*ит зэман*"ыгъуэу Ӏуэхур щыгъэзащӀэри "и – кӀуэтэгъуэ"рэ (иэ) джыгъуэу (и) "*иэй → е*"уэщ: "е(иэ; иэй)"р "и" лӀэужьыгъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбдежым "*ещанэ субъект*"хэмрэ "*объектив*"ыгъэр зэрызэлъытапхъэм нэхъ гъунэгъууи деплъынщ. Бзэр къэзыӀуатэрэ бзэ лэжьэкӀэр зэлъытар "сэ" нэрыбгэу япэрей "субъект"ращи, "сэ"м пыщӀэныгъэ зэрызыхуимыӀэм ипкъ иткӀэ, "*сэ*"*м дежкӀэ* "*адрей*"р "сэ"м дежкӀэ "*объектив*"ыгъэ зиӀэрщи, "*ещанэ субъект*"ыр "сэ"м дежкӀэ мыпхуэдэщ. Аращи, "*ещанэ субъект*"ыр "сэ"м дежкӀэ "*объектив*"ущ зэрылъытэри, "ещанэ субъект"ым теухуа Ӏуэхугъуэхэр зэрылъытэрэ зэрыгъэлъагъуэри *джы*гъуэ лӀэужьыгъуэу "*объектив*"у "*и*"кӀэрэщ.

Мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, дэтхэнэ гуэрыр зы *джыгъуэ*рэ *щыӀэгъуэ* зиӀэу утыку къызэрихьэрэ зэрылъытэр "*объектив*"у зы*лъытэ* макъыу щыт "*и*"кӀэрэщи, мы и мыхьэнэкӀэрэ "и" макъыр зыхуэигъуэ глаголхэми ("инфинитив глагол"хэми) "*префикс*" зэрыхуэхъуфынур гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, "*и*"р зы глаголым "*префикс*" щыхуэхъум деж, а глаголыр зэрыгъэзэщӀэнум теухуа *сытри объективу* зы "*джыгъуэ*"*у зылъытэ*нурщи, глаголыр зэрылэжьэнум теухуауэ мы "сытри" псалъэри а глаголыр *зыгъэзэщӀэну*р (субъект), а глагол *лэжьэкӀэм хиубыд*энухэр (дополненэ), а глаголыр *зытелэжьыхь*ынур (объект) зыхэзыубыдэ зы псалъэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, "префикс" къалэн зыгъэзащӀэ "*и*"*м* мыхэр (глаголым и "*субъект, объект, дополненэ*") *объективу зэрилъыт*эм теухуауэ *зэреджапхъ*эр гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, дэтхэнэ зы *глагол*ыр зэры*лэжьэн*у щӀыкӀэр зы*теухуа* ("субъект, объект, дополненэ"у) *сытри* ("*щыӀэ*" *псори*) *объектив*у зы "*джыгъуэ*"у зылъытэу аращ а глаголым и "*и*" *префикс*ыр. Мы псалъэми зэрезэгъщ **"и"**р и **макъ мыхьэнэ**кӀэрэ **"префикс"** зэрыхъу щӀыкӀэр **"джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъытэ"**у зэрылъытапхъэр.

*

*"Джгъуэрэ щыIэгъуэ лъытэ"* лIэужьыгъуэу *"префикс"* къалэн зэригъэзащIэм лъабжьэ хуэхъур *"и"*р къызэрыхъуарэ икIи и мыхьэнэуэ мы ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIыр наIуэщ. ИкIи, глаголхэм *"префикс"* хуэхъу *"и"*р а глаголыр зэрыгъэзэщIэнум теухуа *"субъект, объект, дополненэ"* лъэныкъуэкIэ *зэреджапхъ*эри жытIагъащи, нытIэ, мыпхуэдэ и еджэкIэкIэ "и"р *"префикс"* зыхуэ*хъуу* утыку къихьэ - *зэрыухуагъэххэу*- *"префиксиал глагол"*хэмрэ, глагол гуэрхэми *префикс хуэхъуу иужькIэ "префиксиал глагол"у ухуэж*хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «итын, илъын, исын, икIын, ихьэн, инэн»;<br>- «икIуэн, ищIэн, ихун, иувэн, иувыIэн, исын, исыхьын, ивэн, ивыхьын». |

Мы къэта щапхъэ гуэрхэм я "и" префиксым глаголым и "субъект, объект, дополненэ"м дэтхэнэ зым е псоми теухуауэ узэреджапхъэри гурыIуэгъуэщи, мыбы и зы щапхъэщ "ищIэн" глаголым и "префикс"у щыт *"и"*м "ищIэн" Iуэхур *зыгъэзащI*эр (субъект) зэрылъытэу, икIи "ищIэн" Iуэхугъуэр зытелэжьыхьу *гъэзащI*эр (объект) зэрылъытэу, икIи мы гъэзащIэм хиубыдэр (дополненэ) зэрылъытэу узэреджапхъэр.

Аращи, "ищIэн" глаголым и *"лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"* зэпкъырыувэкIэрэ къэIуэтэкIэм (пп: *ири*щIащ) *"и"тI*ыр *"р"ыкIэрэ зэпха* (ири) *"префикс"* зыхеубыдэри, мы "и"тIым хиубыдэ *"и"хэм "субъект, объект, дополненэ"* лъэныкъуэкIэ *зэреджапхъ*эри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, *"ищIэн" глагол*ым и *"лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*р зэрыухуа *"ири" префикс*ым "субъект, объект, дополненэ"хэр къызэрыхэщри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «абы (субъект) ар (объект) абы (дополненэ) ирищIащ» → «"абы (субъект) ирищIащ" + "ар (объект) ирищIащ" + "абы (дополненэ) ирищIащ"». |

ИкIи, "ищIэн" глаголым къытехъукIыпхъэ *"ирищIэн"* глаголри, мы *"ири" префикс*ым ипэ ит *"и"*р (*и*р..) "ищIэн" Iуэхугъуэр зытеухуа *"объект"*рэ (пп: кIапсэр) зытегъэзэщIыхь *"дополненэ"* (пп: гуанэм) лъэныкъуэкIэ *еджапхъ*эу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ; етIуанэ *"и"*ри (..р*и*) глаголыр зыгъэзащIэ *"субъект"*ым теухуауэ *еджапхъ*эу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, ипэкIэ глаголхэм "и"р "префикс" зэрыхуэхъуу къэта *"префиксиал глагол" щапхъэхэм* щыщу мыхьэнэкIэ зыхуэигъуэхэм *"ири"р "префикс"* язэрыхуэхъукIэрэ *"префиксиал глагол"у зэрыухуэж*хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэжынщи, абыхэм я *"ири" префикс*хэм мы зи гугъу тщIа щIыкIэу *зэреджапхъ*эми деплъынщ:

| |
|---|
| «ирикӀын»; «ирикӀуэн, ирищӀэн, ирихун, ириувэн, ириувыӀэн, ирисын, ирисыхьын, иривэн, иривыхьын». |

*

Мыбы нэгъунэ "и" -икӀи "ири"- префиксым игъэзащӀэу къэта "префиксиал глагол" щапхъэхэр "и"р "джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъытэ" лӀэужьыгъуэу зэрыщытым зэрытеухуар гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӀэ зы "префикс"у щыт "и"м а глаголыр зэрыгъэзэщӀэнум хиубыдэ дэтхэнэ гуэрыр зэрилъытэфынури ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуащ.

НытӀэ, мыпхуэдэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀи, *"и" префиксым икӀи адрей "префикс"* лӀэужьыгъуэхэри зэр*илъытапхъ*эр гурыӀуэгъуэнщ. Мы псалъэми зэрезэгъщи, -ипэкӀэ зэрыигъуэу *"и"р "щӀып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *"префикс"* лӀэужьыгъуэу зэрытлъытам нэмыщӀ-, **"и"**м икӀи **"щӀыкӀэ"** формэ лӀэужьыгъуэ **"префикс"** къалэни игъэзэщӀэфынуи къыщӀэкӀынщ. Аращи, мы ипэкӀэ *"ири"* префиксхэм узэреджапхъэм а глаголыр зэрыгъэзащӀэ *щӀыкӀэ*ри къыхэщу лъытапхъэщ.

Ауэ, мыпхуэдэу щытми, *"джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъытэ"*м – мыпхуэдэ "префикс" къалэн зыгъэзащӀэ *"и"*м- икӀэ нэгъунэ зэры**игъуэкӀэ**рэ *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зэр**имыгъэзэщӀэфын**ури къыхэгъэщыпхъэщ.

*"Джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъытэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащӀэ "и" макъ мыхьэнэр *"абзсис"*ыгъэу зэрыщыткӀэрэ, *"джыгъуэ"*рэ *"джыпӀэ"*ри зылъытэрщи, мыри зы *"щӀыпӀэ"*у зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Мы псалъэм ипкъ итрэ ипэкӀи зэрытлъытауэ, **"и" макъ**ым и **мыхьэнэ**кӀэрэ **"щӀыпӀэ"** формэ лӀэужьыгъуэ **"префикс"** къалэн зэригъэзэщӀэфынури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, ипэкӀэ *"и"* префикс зиӀэу ухуарэ иужькӀэ ухуэжауэ къэдгъэлъэгъуауэ щыта *"префиксиал глагол"*хэр зэрыигъуэкӀэрэ *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэу *зэджапхъэ*кӀэрэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| - «итын, илъын, исын, икӀын, ихьэн, инэн»; |
| - «ищӀэн, ихун, иувэн, иувыӀэн, исыхьын, ивэн, ивыхьын»; |
| - «ирикӀын»; «ирикӀуэн, ирищӀэн, ирихун, ириувэн, ириувыӀэн, ирисын, ирисыхьын, иривэн, иривыхьын». |

*

*"И"* макъ мыхьэнэкӀэрэ *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зэрыгъэзащӀэм аргуэру *къыхэгъэщыпхъэхэр* щыӀэщи, къыпытщэнщ. НытӀэ, *"зэман"*кӀэрэ *"джы"*рэ *"абзсис"*ыгъэу *"утыку къихьэ"*рэ *"щыӀэгъуэ"* зыгъуэту *"щыӀэ"*у щыт *дэтхэнэ гуэрыр* зылъытэрщ *"и"*ри,

*щыIэгъуэ*м дэтхэнэ и зы *Iыхьэ*у *щыIэ* дэтхэнэ гуэрэр икIи зы "*щIыпIэ*"у зэрыщытри гурыIуэгуэнщ. Мы псалъэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, "*и*" макъыр аргуэру "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзэщIыфырщ. Ауэ икIи, "и" префиксым гурыIуэгъуэ къытхуищI мы "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэр "и" макъ мыхьэнэр "*щыIэгъуэ*"м зэрытеухуам къызэрыхэкIкIэ, *а нэхъ лъабжьэ*у –а нэхъ *щIыпIэ* лъабжьэу-зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

ИкIи, "*и*"м и *мыхьэнэ*р абзсисыгъэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, "*щыIэгъуэ лъытэ*"у зэрыщытыр зы "*объектив*"гъэ лIэужьыгъуэу зырыщытри гурыIуэгъуэщи, нытIэ, "*и*"кIэрэ "щIыпIэ" зэрылъытэр "*объектив*"у зы "*щIыпIэ*" *лIэужьыгъуэ*рщ. Мы жытIахэм гурыIуэгъуэ зэращIщи, "*и*"м илъытэр "*щыIэгъуэ*"*рэ* "*объектив*"ущ зэрилъытэри, **"и"** префикскIэрэ лъытэ **"щIыпIэ"** формэр "*щIыпIэ*" *лIэужьыгъуэ* формэ зылъытэ "*адрей префикс*"*хэм елъытауэ* нэхъ **лъабжьэ**рэ *объектив*уи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ.

Ауэ икIи, "и" макъ "префикс"кIэрэ "*щIыпIэ*"р "*щыIэгъуэ*"рэ "*джыгъуэ*" лIэужьыгъуэу мы зэрылъытэр мы "щIыпIэ"р "*IупщI*"ыу зыхуэIуа гуэркIэрэ *мылъыта*уэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, "*и*"*кIэрэ* лъытэ "*щIыпI*э"р *объектив*ущ зэрылъытэри, *а* "щIыпIэ"*р* икIи *зыхуэIуам теухуауэ аргуэру нэгъуэщI игъуэ* "*префикс*"*к*Iэ *зэрылъытэжыпх*ъэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, "*адрей щIыпIэ лIэужьыгъуэ префикс*"хэм я макърэ псалъэ мыхьэнэкIэрэ зы "*щIыпIэ*"*р формэу нэхъ IупщI*ыу зэралъытэм *елъытауэ* "*и*"кIэрэ лъытэ "*щIыпIэ*" формэр *объектив*рэ *лъабжьэ*у зэрыщытым хуэдэжу *икIи* **абстракт**у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Аращи тIэ, "щIыпIэ" лIужьыгъуэу илъытэхэр щыIэгъуэ лъабжьэрэ объективу зэрилъытэм ипкъ иткIэ, цIэимыIуэрэ абстракцэущ "и"м зэрелъытэри, "щIыпIэ" лIэужьыгъуэхэр формэу IупщIыу зылъытэ адрей префиксхэр "и"м абстакцэу илъытэ щIыпIэ лIэужьыгъуэ "префикс"ым ипIэ иувэу жыIэпхъэщ. ИкIи, "и"м нэмыщI "щIыпIэ" зылъытэ "префикс"хэр "и"м "щIыпIэ"р зэрилъытэ "абстаркт" мыхьэнэр нэхъ "IупщI"ыу зэрылъытэ "префикс"хэрщи, "щIыпIэ"р IупщIыу зытеухуарэ зэлъытакIэрэ зылъытэ щыIэмэ, ар "абстракцэ"у зылъытэм зэрыхуэмыныкъуэжынури жыIэпхъэнщ. НытIэ, мы жытIахэм теухуауэ ипэкIэ "и" макъ мыхьэнэкIэрэ "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ формэу еджапхъэу къэта "префиксиал глагол" щапхъэхэр "и"м ипIэ "префикс" къалэн

зыгъэзащlэ нэгъуэщl макърэ псалъэхэр зэриувэ щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуэжынщ:

- "итын"ыр "дэтын" хуэдэу къызэрыlуэта щапхъэхэу лъытапхъэщ мыхэри: «хэлъын, дэсын, щlэкlын, жьэдэхьэн, гуэнэн»;
- "ищlэн"ыр "гуэщlэн" хуэдэу къызэрыlуэта щапхъэхэу лъытапхъэщ мыхэри: «гуэхун, дэувэн, щlэувыlэн, хэсыхьын, къуэвэн, жьэхэвыхьын»;
- «"ирикlуэн"ыр "къырикlуэн" хуэдэу къызэрыlуэта щапхъэхэу лъытапхъэщ мыхэри: «кlуэцlырищlэн, пхырихун, зэпкъырыувэн, пхырыувыlэн, дырисын, кlуэцlырисыхьын, кlуэцlыривэн, кlуэцlырывыхьын».

*

Ауэ икlи, "джыгъуэ"рэ "щыlэгъуэ" лъабжьэу зэрилъытэм ипкъ иткlэ, "и"м илъытэ "щlыпlэ" лlэужьыгъуэхэр "абстракцэ"у зэрыщытми зэрезэгъщи, "*и*"м игъэзащlэ "*щlыпlэ*" лlэужьыгъуэ "*префикс*" къалэнхэр икlи "*щlыпlэ"м теухуауэ* гъэзащlэ lуэхугъуэхэр "*зэрыгъэзащlэ формэ*" зылъытэрщ. Ар щыхъукlи, "*lупщl"у зы "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс*" къалэн зыгъэзащlэхэм мыр *зэрагъэзащlэ форм*эри зылъытэу "*и*" префикси къазэрыкlэлъыкlуэфынури гурыlуэгъуэнщ. Мы жытlам теухуа щапхъэхэр мы ипэкlэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэри наlуэщ, ауэ икlи апхуэдэ щапхъэхэр зэрыгъэбэгъуапхъэри гурыlуэгъуэнщ:

- «дигъэтын, хигъэлъын, дигъэсын, щlигъэкlын; жьэдихьэн, гуинэн»;
- «гуищlэн, гуигъэщlэн; гуихун, гуигъэхун; диувэн, дигъэувэн; щlигъэувыlэн, хисыхьын; къуивэн, къуигъэувэн; жьэхивыхьын»;
- «къырикlуэн; кlуэцlырищlэн, пхырихун; зэпкъыриувэн, зэпкъыригъэувэн; пхыриувыlэн, пхыригъэувыlэн; дырисын, кlуэцlырисыхьын; кlуэцlыривэн, кlуэцlырыигъэувэн; кlуэцlыривыхьын, кlуэцlыригъэувыхьын».

Зэрыгурыlуэгъуэу, "*абзсис*" жыхуэтlэр *системэм къигъэхъур*э *теджыкlыхь*ырщи, *системэ лъабжьэ*ри "*зэман системэ*"у зэрыщытрэ, икlи "*функциал зэман*" къалэн хигъэзэщlыхьу адыгэбзэм хэт "*э*" *макъ нэужь*у утыку къихьа "*и*" *макъ*ри "*абзсис*" къалэн зыгъэзащlэу зэрыщытри жытlагъащ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, функуиал зэман нэужь макъыу къызэрыхъуам ипкъ иткlэ, "*и*" *макъыр* занщlэу "*зэманыгъуэ*" *зылъытапхъэкъым*, - къэзыгъэлъэгъуапхъэкъым. Езыр *зэманыгъуэ нэужь*у утыку къихьарэ мыпхуэдэхэри зэрылъытэ "*джыгъуэрэ щыlэгъуэ лъытэ*" лlэужьыгъуэ "*префикс*" къалэнщ игъэзащlэри, **"и" макъ мыхьэнэ**кlэрэ **"зэманыгъуэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс"** къалэн зэры**мыгъэзэщlэн**ури гурыlуэгъуэнщ.

**"Щ" макъымрэ игъэзащlэ "префикс" къалэнхэм теухуауэ.**

"Джыгъуэрэ щыIэгъуэ лъытэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къалэн зыгъэзащIэ "и" макъым и гугъу тщIащи, мыпхуэдэ "префикс" къалэн зыгъэзащIэ зы макъри "щ" макърауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. "И"м хуэдэжу, "щ" макъми "макъ псалъэ" къытохъукIыфыр: «щы (3), щын-2; щэн-2».

Ауэ, *"щ" мак*ъым игъэзащIэ *"префикс" къалэн*ри и *макъ мыхьэнэм* зэры*теухуа*ри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, **"щ" макъ мыхьэнэ**кIэрэ гъэзащIэ **"джыгъуэрэ щыIэгъуэ лъытэ"** лIэужьыгъуэ **"префикс"** къалэнми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

*"Щ"* макъыр *къэхъурэ гъэзащIэр къыщыхъурэ щыгъэзащIэр зылъытэ мак*ъырщи, мыпхуэдэу зэрыщытым къызэрыхэкIкIэ, щхьэжу *"щIыпIэ"*м нэмыщI, щхьэжу *"зэман"*и *зылъытэф* макъырщ. Мыпхуэдэу зэрыщытри, *"щIыпIэ"р зэманым елъытауэ зэрыдж*рэ утыку къызэрихьэм зэрытеухуарэ, *зэманрэ* абы *дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм щыдж*ыр *щIыпIэ*у *зэрызэпыщIа*уэ зэрыщытым папщIэращи, мыри мы зэрызэпыщIауэ *"зэман/мекан"у* зэрылъытапхъэр ипэкIэ щыжытIагъащ.

НытIэ, **"щы"** макъым игъэзащIэ **"префикс"**кIэ лъытапхъэ мы "зэман/мекан"ыр икIи *щхьэжу "щIыпIэ" лъэныкъуэ*кIэ е *щхьэжу "зэман" лъэныкъуэ*кIэ зэрылъытапхъэнури гурыIуэгъуэнщи, *"щы" префикс*ыр **"щIыпIэ формэ"** *зылъытэ*у е **"зэман формэ"** *зылъытэ*у зэрыщытыр, ауэ икIи *тIури зэгъусэу* "зэман/мекан" -**"зэман/мекан формэ"**- *зылъытэ "префикс"*у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

*

*ЩыI*эр *зэманкIэрэ къэхъуу* зэрыщыткIэ, *къэхъуныгъэр зэманрэ мекан* лIэужьыгъуэу *щхьэхуэ щхьэху*эрэ *зэгъусэ*уи *зэрылъытапх*ъэр жытIагъэххэщи, дэтхэнэ зы лъэныкъуэкIи мыхэр зылъытэ *"щ"* макъыр *щыIэгъуэ лъабжьэ* зи мыхьэнэрщ.

ИкIи, *"щыIэ"* псалъэр зэрыухуэм пэщIэдзэрэ лъабжьэихуэхъу макъырщ "щ"ыри, *"щыIэ"*р *"щы"*м зы *зэман*ыгъуэ *пыухытыкIа*кIэрэ (*Iэ*) *зызэригъэлъагъуэ*рауэ жыIэпхъэщ. Мы жытIам зэрезэгъщ икIии, *"щыIэн"* глаголыр зэрыухуари, ар *"щы" префикс*кIэрэ ухуэу *утыку къихьа* зы *"префиксиал глагол"*ырщ, - "префиксиал глагол"у ухуагъэххэрщ.

ИкIи, *"щ" мак*ъыр *"щыIэ"м лъабжьэ хуэхъу*у *"щыIэгъуэ"* лIэужьыгъуэ *мыхьэнэ* зиIэу зэрыщытым зэрезэгъкIэрэщ бзэми

зэрыхэлэжьыхьыр. ″Щ″ макъыр мы зэрыжытӀауэ бзэм зэрыхэлэжь щапхъэ закъуэр *″щыӀэ, щыӀэн″* псалъэхэракъым. ″ЩыӀэ″р утыку къыщихьэ *″щыгъуэ″*ри *″щы″м гъуэ щигъуэт*рэ *щыӀэ*р утыку къихьэныр *игъуэ щыхъу*р зэрылъытэрщ.

НытӀэ, ″щыӀэ″рэ ″щыӀэгъуэ″р къэхъуныгъэм лъабжэ хуэхъур зэрылъытэрщ ″щ″ макъри, ″щ″ым зы ″зэман пыухыта″кӀэрэ (Ӏэ) зигъэлъагъуэу утыку къихьэхэращ ″щыӀэ″у зи гугъу тщӀыхэр; щыӀэр къэхъун папщӀэ –щыӀэр щыӀэн папщӀэ- япэрауэ зыхуэныкъуэрэ лъабжьэ лӀэужьыгъуэращ ″щ″ым гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр. Ар щыхъукӀи, ″щыӀэгъуэ лъытэ″у зэрыщытыр гурыӀуэгъуащэщ ″щ″ макъри, дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщыӀэкӀэрэ зэрылъытэ мыхъуу, зы щыӀэгъуэ зиӀэу зылъытэрщ ″щ″ыр икӀи щыӀэу щыт сытри и ″щыӀэгъуэ″кӀэрэ ″объектив″у зылъытэрщ.

*″ЩыӀэ, щыӀэн″* псалъэхэр зэрыухуам теухуарэ мы иужькӀэ къыпытщэжахэри зэрыхэткӀэрэ **″щ″ макъ**ым мы и **мыхьэнэ**кӀэрэ **″джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъытэ″** лӀэужьыгъуэ **″префикс″** къалэн зэригъэзащӀэр гурыӀуэгъуэщ. Ар ″префикс″ зэрыхъу щӀыкӀэри ″щы″уэщ.

НытӀэ, ″щы″м мыпхуэдэ ″префикс″ къалэн зэригъэзащӀэм теухуа щапхъэхэри *″щы″кӀэрэ* ухуэу *утыку къихьэ ″префиксиал глагол″*хэмрэ, глаголхэм ″щы″р префикс хуэхъуу *иужькӀэ ″префиксиал глагол″у ухуэж*хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «щыӀэн, щынэн, щыхын, щыкӀын - къыщыкӀын, щытын, щысын, щылъын, щыхуэн»; |
| - «щыпсэлъэн, щыплъэн, щылъагъун, щыгъын, щыуфэрэкӀын, щыувэӀун, щывэн, щыувыӀэн». |

*

″Щ″ макъ мыхьэнэм ″джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъытэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″ къалэн зэригъэзащӀэр мыпхуэдэщи, ар щыӀэуэ хъуар утыку къызэрихьэрэ я щыӀэгъуэри зэрызекӀуэм лъабжьэрэ кондицэ хуэхъурщ.

НытӀэ, щыӀэгъуэм ″щы″р лъабжьэ хуэхъурэ щыӀэри ″щы″р зэман пыухытыкӀакӀэрэ зэрылажьэм теухуауэ щыщыткӀэ, щыӀэгъуэ зиӀэр утыку къихьэным кондицэ хуэхъу ″щы″р икӀи дэтхэнэ зы щыӀэм теухуа ″зэманыгъуэ″и зылъытэ макъ мыхьэнэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″джыгъуэрэ щыӀэгъуэ лъытэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″ къалэн зэригъэзащӀэм хуэдэжу, **″шы″ макъ**ым и **мыхьэнэ**кӀэрэ **″зэманыгъуэ″** формэ лӀэужьыгъуэ **″префикс″** къалэни зэригъэзащӀэри гурыӀуэгъуэнщ.

Нытӏэ, мы ипэкӏэ *"джыгъуэрэ щыӏэгъуэ лъытэ"* лӏэужьыгъуэу къэта *"префикс"* щапхъэхэм *икӏи* **"зэманыгъуэ"**уи **зэреджапхъэ**р гурыӏуэгъуэнщ, щапхъэ гуэрхэри къапытщэн:

| |
|---|
| - «щыӏэн, щынэн, щыхын, щыкӏын - къыщыкӏын, щытын, щысын, щылъын, щыхуэн»;<br>- «щыщыӏэн, щыщынэн, щыщыкӏын, щыщысын; щыпсэлъэн, щыплъэн, щылъагъун, щыгъын, щыуфэрэкӏын, щыувэӏун, щывэн, щыувыӏэн». |

*

Мы къэта щапхъэхэр *"джыгъуэрэ щыӏэгъуэ лъытэ"* мыхьэнэ зиӏэ *макъ*ым икӏи *адрей префикс* къалэнхэри *зэригъэзэщӏэну*м зэрытеухуар гурыӏуэгъуэнщ.

Ауэ икӏи, *"щыӏэ"*р *утыку къыщихьэ*р зы *зэманыгъуэ*у зэрылъытэм нэмыщӏ, икӏи абдежыр *щыӏэгъуэм и зы "щӏыпӏэ"*у зэрыщытри гурыӏуэгъуэнщи, зы *"щӏыпӏэ"* лӏэужьыгъуэрщ. Мыр икӏи щӏэныгъэм зэрилъытэу *"зэман"рэ "эспас"*ыр *зэгъусэ*у зэрыщытым теухуауэ къэӏуэтапхъэщи, аргуэру *"щыӏэгъуэ лъытэ"р "зэманыгъуэ лъытэ"рэ икӏи "щӏыпӏэ лъытэ"у* зэрыщытыр гурыӏуэгъуэ зыщӏыршщ. Нытӏэ, **"щы" макъ**ыр и **мыхьэнэ**кӏэрэ икӏи **"щӏыпӏэ"** формэ лӏэужьыгъуэ **"префикс"** къалэн зыгъэзащӏэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ.

Мы къэтӏуэтахэм зэрезэгъкӏэ, "щы"р префикс зэрыхъум теухуауэ ипэкӏэ "джыгъуэрэ щыӏэгъуэ лъытэ" лӏэужьыгъуэрэ "зэманыгъуэ" лӏэужьыгъуэ "префикс" щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуахэр икӏи **"щӏыпӏэ"** лӏэужьыгъуэуи **зэреджапхъэ**кӏэрэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| - «щыӏэн, щынэн, щыхын, щыкӏын - къыщыкӏын, щытын, щысын, щылъын, щыхуэн»;<br>- «щыщыӏэн, щыщынэн, щыщыкӏын, щыщысын; щыпсэлъэн, щыплъэн, щылъагъун, щыгъын, щыуфэрэкӏын, щыувэӏун, щывэн, щыувыӏэн». |

*

Мыхэр *"щы"* макъыр *"инфинитив глагол"*ым *"префикс"* зэрыхуэхъум теухуа щапхъэхэрщи, зы ӏуэхугъуэр щыгъэзащӏэм теухуа *"зэманыгъуэ"*рэ *"щӏыпӏэ"*р икӏи *"глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"*хэм префиксу зэрыхиубыдэфынури гурыӏуэгъуэнщи, *"щы"*р мыпхуэдэу *"префикс"* зэрыхъум теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «щыпсэлъэм щыгъуэ, щыпсалъэм деж»;<br>- «щылэжьэм щыгъуэр, щылажьэм дежыр»;<br>- «щыщыӏэм щыгъуэр, щыщыӏэм деж»;<br>- «щылажьэм щыгъуэ, щылажьэкӏэ, щылажьэм, щылажьэр». |

Ауэ, ″джыгъуэрэ щыІэгъуэ лъытэ″ лІэужьыгъуэ ″префикс″ къалэн зыгъэзащІэ **″щы″** макъми -″*и*″м хуэдэу- **″щІыкІэ″** лІэужьыгъуэ **″префикс″** къалэныр икІэ нэгъунэ зэры*игъуэкІ*эрэ зэр**имыгъэзащІэ**ри гурыІуэгъуэнщ.

## ″ГЛАГОЛ″ЫЩХЬЭМ -″ГЛАГОЛЫПКЪ″ЫЩХЬЭМ- КЪЫПЫХЬЭМИ, ″ПРЕФИКС″ КЪАЛЭН ЗЫМЫГЪЭЗАЩІЭ МАКЪХЭР: «ГЪЭ; У»

Мыбдежым къыщедгъэкІуэкІ лэжьыгъэр ″префикс″хэм теухуащ, ауэ, ″префикс″у мылъытэми, глаголхэм ищхьэм къыпыхьэ макъ гуэрхэри щыІэщи, ахэр глаголхэм къызэрыпыхьэ щІыкІэхэми мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ. Мы зи гугъу тщІыну макъхэр ″*у*″ *макъ*ымрэ нэхъыбуи ″*гъэ*″ *макъ*ращи, ахэр *глаголыпкъ*ым *ищхьэ дыдэм* – занщІэ глагол″ым ищхьэ дыдэм- *къыпыхьэ макъхэр*щ. Къызпыхьэ *глаголми щыщ* хъууэщ зэрылажьэри, *къызпыхьа ″занщІэ глагол″*ыр *а зэрыщыту* - ″занщІэ глагол″ лІэужьыгъуэу- къызэтонэр. Дэтхэнэ зым теухуауэ жыІэпхъэхэр илъабжьэкІэ къыпытщэнщ.

Мы жытІахэм зэрезэгъкІэ, ″*префикс*″ къалэн зыгъэзащІэ *макъкъым* **″гъэ″** макъри, ар глаголхэм къызэрыпыхьэ щІыкІэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Япэрауэ ″*гъэ*″ **къэзыщтэ** дэтхэнэ зы *глагол*ыр **″Іуэху глагол″** лІэжьыгъуэу *зэрыухуу*эр гурыІуэгъуэщ. ИкІи, ипэкІи къызэрыхэдгъэщауэ, ″*гъэ*″р сытым дежи ″*занщІэ глагол*″рэ **″глаголыпкъ″**ым **ищхьэ дыдэ***м къыпыхьэф макъ*щ; мы *и щІыпІэр*и зэры*зэмыхъуэкІ*ри гурыІуэгъуэщ. ″*Гъэ*″*р къызпыхьэ* дэтхэнэ зы ″*езырыж глагол*″ыр ″*гъэ*″*ри зыхэзыубыдэ* зы ″*заншІэ Іуэху глагол*″ лІэужьыгъуэу мэухуэр; ауэ икІи, ″гъэ″м и мыхьэнэм къызэрыхэкІкІэ, ″*езырыж занщІэ глагол*″*ыр* ″*Іуэху занщІэ глагол*″ущ зэрызэхъуэкІрэ зэрыухуэжыр:

| «кІуэн (уэ абы уокІуэ) → гъэкІуэн (уэ ар абы богъакІуэ)». |
|---|

″*Іуэху глагол*″ жыхуэтІэр зы ″субъект″ым ІупщІыу зы Іуэху зэригъэзащІэрщи, къызпыхьэ глаголым ″гъэзэщІэн″ыгъэ къезыт **″гъэ″** макъыр **″езырыж глагол″**ым къыщыпыхьэм деж, ар **″Іуэху глагол″**у мэухуэжри, мы къэта щапхъэр мыбы теухуа зы щапхъэрщ.

**″Гъэ″**р зы **″Іуэху глагол″**ым *ипэ* къыщыпыхьэм дежи, а Іуэхур **″нэгъуэщІым егъэзэщІэн″** мыхьэнэ иІэущ зэрыухуэжри, глаголыр **″Іуэху глагол″** лІэужьыгъуэу къызэтонэжыр; *ауэ* ″*префиксиал*″у мэухуэжыр. Аращи, ″*Іуэху глагол*″у ″сует″ым ″игъэзащІэ″ мы Іуэхур

*"гъэ"кӏэрэ* щыухуэм деж, "сует"ым *"нэгъуэщӏ гуэрым иригъэзэщӏэн"* мыхьэнэщ игъуэтри, *"субъект"*ым мы *"нэгъуэщӏ"*рэ -ӏуэхур зыгъэзащӏэ- *"субъект къуэдзэ"*м ӏуэхум *"зэрыригъэзащӏэ"* щӏыкӏэри ар ("субъект къуэдзэ"р) ӏуэхум "зэр*екӏуалӏэ*"кӏэрэу (*е*) зэрыщытыр къызэрыхэщущи, *"гъэ" къэзыщтэ "ӏуэху глагол"ыр "е" префикс*кӏэрэ мэухуэжыр. Нытӏэ, зы *"занщӏэ ӏуэху глагол"ым ипэ "гъэ"* къыщыпыхьэм деж, ар *"е" префикс зиӏэ* зы *"префиксиал ӏуэху глагол"*ущ зэрыухуэжри, мыпхуэдэ щапхъэ къэтхьынщ:

| |
|---|
| «щӏын (уэ ар бощӏ) → егъэщӏын (уэ абы ар ибогъэщӏ)». |

"Гъэ"р "занщӏэ глагол"ым ипэ дыдэм къызэрыпыхьэр мы жытӏахэм гурыӏуэгъуэ къытхуащӏри, мыр префиксиал глаголхэми теухуауэ мэгъэзащӏэр. Аращи, *"префиксиал глагол"*хэми *"глаголыпкъ"*ым ("занщӏэ глагол"ым) *ип*эм *"гъэ"* къыпыхьэнщи, мыпхуэдэм дежи мы ипэкӏэ зи гугъу зэрытщӏа щӏыкӏэу *"езырыж префиксиал глагол"*хэр *"ӏуэху префиксиал глагол"*у мэухуэж, *"ӏуэху префиксиал глагол"*хэри *"е" префикси зиӏэ "ӏуэху префиксиал глагол"*у мэухуэжыр:

| |
|---|
| - «"къэкӏуэн → къэгъэкӏуэн"; "зэдэщӏыгъун → зэдэгъэщӏыгъун"»; |
| - «"хуэщӏэн → хуегъэщӏэн"; "къэцӏыхун → къегъэцӏыхун"». |

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, къызпыхьэ глаголыр "езырыж глагол"у щырет е "ӏуэху глагол"у щырет, ар "занщӏэ глагол"у щырет е "префиксиал глагол"у щырет, *"гъэ"м ипӏэр* зэхъуэкӏкъым: ар сытым дежи *глаголыпкъым ищхьэ дыд*эращ зыдыпытыр. "Префиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэрщи, "глаголыпкъ"ым (занщӏэ глагол) ипэ дыдэращ "гъэ"р къызэрыпыхьэ щӏыкӏэри, *префиксымрэ глаголыпкъ зэхуакуращ "гъэ"м и пӏэр*.

Ауэ икӏи, зи ищхьэм къыпыхьэ "глагол"ым хуигъэзащӏэ къалэныр *"префикс"у щымыт "гъэ"*р къэзыщтэ *"езырыж глагол"ыр* "ӏ*уэху глагол*"у зэрыгъэпсыжым нэмыщӏ, "гъэ"р къэзыщтэ "ӏ*уэху глагол"ри "е" префикс*кӏэ -фӏэкӏыпӏэ имыӏэу- зы *"префиксиал* ӏ*уэху глагол"*у зэрыгъэпсыжри аргуэру къыхэгъэщыпхъэщ.

*

Мы зи гугъу тщӏы лэжьэкӏэм теухуауэ "гъэ"м ещхьу лъытапхъэ зы макъри **"у"** макъращи, ари *"префикс" къалэн зымыгъэзащӏэ*у зэрылъытапхъэу **"глаголыпкъ"**ым (занщӏэ глагол) **ищхьэ дыдэ***м къыпыхьэ* **макъ**щ. Мыпхуэдэуи, -"гъэ" макъым хуэдэжу-, "у" макъри зи

ищхьэ къызпыхьа ″глаголыпкъ″ым *–занщӏэ глагол*ым- *щыщ* хъу макъырщ.

Глаголым ″префикс″ къалэн хуимыгъэзащӏэу, -″гъэ″м хуэдэжу-, ″у″ макъри зи ипэ къызпыхьэ *″занщӏэ глагол″ым и зы ӏыхьэ*у лэжьэкӏэ зыгъуэтырщи, къызпыхьэ *глагол*ри *″префиксиал″у зэпкъырыувэкъым*.

Ар къызпыхьэ глаголыр ″езырыж глагол″у щырет е ″ӏуэху глагол″у щырет, *″у″р ″занщӏэ глагол″ым ипэ дыд*эращ къызэрыпыхьэри, къызпыхьэ глаголри ″у″ри зыхэзыубыдэ зы *″занщӏэ глагол*″у къызэтонэжыр. Ауэ, ″гъэ″р къызпыхьэ глаголыр дауи ″ӏуэху глагол″ лӏэужьыгъуэу ухуэжми, *″у*″р зи *″глаголыпкъ″ыщхьэм къызпыхьэ глагол*ыр *″езырыж глагол″рэ* ″ӏ*уэху глагол″у* зэрыщытыр *зэхъуэкӏкъым*, а *зэрыщыту къызэтон*эр.

Нытӏэ, ″у″р къызпыхьэ глаголыр ″езырыж″рэ ″ӏуэху″у зэрыщытыр зэхъуэкӏкъым; икӏи ″префикс″ къалэн зэримыгъэзащӏэм къызэрыхэкӏкӏэ, *ухуагъэххэ ″занщӏэ глагол″хэм ″у″ къапыхьэжу* зэрыухуэжри *″занщӏэ глагол*″ущ; ауэ икӏи, *″у″кӏэрэ къежьэу ухуагъэххэ* глаголхэри *″занщӏэ глагол″* лӏэужьыгъуэхэрщ. Къатхьынщ мыпхуэдэ щапхъэхэр:

| |
|---|
| - «дэӏун (мэдэӏу) → удэӏун (мэудэӏу); гъуэгын (мэгъуэг) → угъуэгын (мэугъуэг); хуэнщӏын (ехуэнщӏ) → ухуэнщӏын (еухуэнщӏ)»;<br>- «ухуэн (мэухуэ; еухуэ); ухын (мэух; еух); унэхъун (мэунэхъу)». |

*

Нытӏэ, **″гъэ″рэ ″у″** къэзыщтэ глаголым мы макъитӏым я **зэкӏэлъхьэужьыкӏэ**р дауэ жыпӏэмэ, ″гъэ″р ипэ къызпыхьэ дэтхэнэ гуэрыр зэрыгъэзащӏэкӏэрэ зылъытэрщи, нытӏэ, **″у″ри ″гъэ″кӏэ**рэ зэрыг*ъэзэщӏэн*ур гурыӏуэгъуэнщ. Ар щыхъукӏи, ″у″ къэзыщта глаголым (занщӏэ глагол) ″гъэ″и къищтэмэ, **″гъэ″р ″у″м ипэ** *къихуэу*щ глаголыр зэрызэпкъырыувэр; икӏи, *″гъэ″ къызэрищтам папщӏи* глаголыр *″ӏуэху глагол″* лӏэужьыгъуэу зэрыхуэнури гурыӏуэгъуэщ:

| |
|---|
| - «удэӏун → гъэудэӏун; угъуэгын → гъэугъуэгын»;<br>- «″ухуэн (мэухуэ; еухуэ)″ → ″гъэухуэн (егъэухуэ); егъэухуэн (ирегъэухуэ)″»;<br>- «″ухын (мэух; еух)″ → ″гъэухын (егъэух); егъэухын (ирегъэух)″»;<br>- «унэхъун (мэунэхъу) → гъэунэхъун (егъэунэхъу)». |

*

Мы къэта щапхъэхэм къыщымынэу, ӏуэхур нэгъуэщӏым егъэзэщӏэныгъэ мыхьэнэ къэзыгъэхъу *″гъэ″*р зэкӏэлъыкӏуэу *тӏэу* къэӏуу глаголхэм ищхьэм къызэрыпыхьэфри гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэу **″гъэгъэ″**м игъэзащӏэр а ӏуэхур субъектым субъект къуэдзэмкӏэ нэгъуэщӏ

гуэрым иригъэзэщӀэныгъэрщ: «бы ар абы абы ирегъэгъэзащӀэ». Мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэри:

| |
|---|
| «егъэгъэухуэн; егъэгъэухын; егъэгъэзэщӀэн». |

Мыхэри "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи мыбыи нэгъуэщӀ, "*гъэ*"р зи ипэ къихуэ *префиксым "р"ыкӀэрэ пыщӀауэ* "глаголыпкъ"ыщхьэ щыхъуи щыӀэщи, мыпхуэдэм дежи "гъэ"м ипӀэр зэрызэмыхъуэкӀыр гурыӀуэгъуэщ. Мыбы нэмыщӀ, префиксым "р"ыкӀэрэ пыщӀауэ "занщӀэ глагол"ым ипэм къыщыпыт "*гъэ*"р ипэкӀэ и гугъу зэрытщӀауэ *тӀэу* къыщыӀуи щыӀэщ; икӀи, префиксым "*р*"*итӀ*кӀэ пыщӀауэ къыщыӀуи щыӀэщ. "Префикс"ым "гъэ"р "*р*"*кӀ*эрэ е "*р*"*итӀкӀ*эрэ зэрыпыщӀар "*префиксиал Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбдежым икӀи къыхэгъэщыпхъэщ "гъэ"рэ "гъэгъэ"м ипэ "е" къызэрихуэм хуэдэжу "и"ри къызэрихуэфынури, мыпхуэдэм деж, "е"кӀэ къэӀуу ухуэ глагол мыхьэнэр (егъэухуэн; егъэгъэухуэн) *субъектым Ӏуэхур субъект къуэдзэм зэрыригъэзащӀ*эр зэрылъытэрщ; "и"кӀэ къэӀуу ухуэ глагол мыхьэнэри (игъэухуэн, игъэгъэухуэн) *субъектым Ӏуэхур нэгъуэщӀым игъэзэщӀэнкӀэ хуит зэрищӀ*ыр зэрылъытэрщ.

ИкӀи, мыпхуэдэу ухуэ глаголхэр "р"ыкӀэ къэӀууи зэрыухуэжыфынур гурыӀуэгъуэщи, абы щыгъуэми "*ире*"р "*ири*"уэ къэӀуу зэрызэпкъырыувэфынур гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы зи гугъу тщӀа щӀыкӀэхэу глаголхэр мы щӀыкӀитӀыуи къызэрыӀум теухуа щапхъэхэр зэкӀэлъыкӀуэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, мы зи гугъу тщӀа я мыхьэнэ зэхъуэкӀыныгъэ цӀыкӀухэми гулъытэ хуэщӀынщ:

| |
|---|
| - «егъэухуэн; егъэухын; егъэзэщӀэн»; «игъэухуэн; игъэухын; игъэзэщӀэн»;<br>- «ирегъэухуэн; ирегъэухын; ирегъэзэщӀэн»; «иригъэухуэн; иригъэухын; иригъэзэщӀэн»;<br>- «ирырегъэухуэн; ирырегъэухын; ирырегъэзэщӀэн»; «ирыригъэухуэн; ирыригъэухын; ирыригъэзэщӀэн»;<br>-----------------------------------------------------------------------------------------------------------<br>- «егъэгъэухуэн; егъэгъэухын; егъэгъэзэщӀэн»; «игъэгъэухуэн; игъэгъэухын; игъэгъэзэщӀэн»;<br>- «ирегъэгъэухуэн; ирегъэгъэухын; ирегъэгъэзэщӀэн»; «иригъэгъэухуэн; иригъэгъэухын; иригъэгъэзэщӀэн»;<br>- «ирырегъэгъэухуэн; ирырегъэгъэухын; ирыригъэгъэзэщӀэн»; «ирыригъэгъэухуэн; ирыригъэгъэухын; ирыригъэгъэзэщӀэн». |

## ″ГЛАГОЛ″ХЭМ ″ПРЕФИКС″ХЭМКӀЭ ЯГЪУЭТ ″ИНФОРМАЦЭ″ ЛӀЭУЖЬЫЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

### ″ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ″ХЭМ ″ПРЕФИКС″ХЭМКӀЭ ЯГЪУЭТ ИНФОРМАЦЭ ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

″Префикс″ жыхуэтӀэр ″глагол″хэм ищхьэ лъэныкъуэм къыпыхьэу глагол лэжьэкӀэм пэщӀэдзэ хуэхъу макърэ псалъэхэращи, я мыхьэнэхэм елъытауэ а глаголым и мыхьэнэрэ и лэжьэкӀэр зэлъытахэрщ. Аращи, глаголыр зэрылэжьэну щӀыкӀэр абы ″префикс″ къалэн хуигъэзащӀэу къыпыхьа мы макърэ псалъэхэм я мыхьэнэм елъытауэщ. НытӀэ, глаголхэр мы макъхэм -″префикс″хэм- елъытауэ лэжьэнумэ, а глаголыр занщӀэу и мыхьэнэкӀэрэ хуиту зэрымылэжьэнур гурыӀуэгъуэщ.

Ищхьэм къыпыхьарэ и лэжьэкӀэми пэщӀэдзэ хуэхъу мы макърэ псалъэхэм я мыхьэнэм елъытауэщ глаголыр лажьэу зэрыщӀидзэнури, мыри макърэ псалъэхэм я мыхьэнэхэр а глаголым и лэжьэкӀэм ″кондицэ″ хуэхъуу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. Мы къэтӀуэтахэм мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀауэ щыт лэжьыгъэ Ӏыхьэми щыгъуазэ дызэрырыхуэхъуауэ, ″префикс″хэр глагол лэжьэкӀэхэм теухуа ″кондицэ″ зылъытэхэрщ; дэтхэнэ зы глаголым къищтэ дэтхэнэ зы ″префикс″ыр абы илъытэ ″кондицэ″м елъытауэ лэжьэкӀэ зэригъуэтми дыщыгъуазэщ.

ИпэкӀэ мыбы нэгъунэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм ″префикс″хэмрэ мыпхуэдэ къалэн зыгъэзащӀэ макъхэм я мыхьэнэхэмрэ, икӀи ахэр ″инфинитив глагол″хэм щызэрыхэлъытапхъэ щӀыпӀэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Мыбыхэм нэмыщӀ, глаголхэр ″префиксыбэ″у щытмэ, хиубыдэну ″префикс″хэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэ хъун хуейми щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьагъащ. Мыбдежми щыгъуазэ дызыхуэхъунур мы ″префикс″хэм ″инфинитив глагол″хэм хуагъэзащӀэ мы ″кондицэ″ къалэнхэр икӀи а глаголхэм я лэжьэкӀэхэм теухуа ″информацэ″ лӀэужьыгъуэ къалэнуи зэрылъытапхъэращ.

Щыгъуазэ дыхуэхъуну жыхуэтӀэ ″префикс″хэр зытеухуэ ″информацэ″ лӀэужьыгъуэхэми мыбдежым газетхэмрэ хъыбар зэхуэзыхьэс нэгъуэщӀ лэжьапӀэхэм хъыбархэр къызэрахутэрэ зэрагъэхьэзырым теухуа *информацэ лӀэужьыгъуэ упщӀ*эхэм елъытауэ щыгъуазэ дыхуэхъун иужь дитынщ. Мы зи гугъу тщӀы упщӀэхэри зы хъыбарыр зытеухуа Ӏуэхугъуэр, зыгъэзащӀэр, щыгъэзащӀэ зэманрэ

щӀыпӀэр, зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэр, щӀэгъэзащӀэр къызэрыгъэунэхуным теухуа мыпхуэдэ *упщӀэхэр*щ: «хэт, сыт, сыт щхьэ, сыт щыгъуэ, дэнэ, дауэ».

*

Хъыбархэр къызэрыхутэм теухуа мы *упщӀэхэм* ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа глагол *"префикс"хэм ялъытэхэр хуиту пэджэж* язэры*хуэхъу*нури гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, адыгэбзэм и *"префиксиал глагол"*хэр –нэхъ игъуэуи *"префиксыбэ глагол"*хэр- мы зи гугъу тщӀа *упщӀэхэм пэджэж*у зэрыщытыпхъэм ипкъ зэриткӀэ, зы *"информацэ"*рэ *"интеллигенцэ" лӀэужьыгъуэу гъэпсагъэххэ*у зэрыщытхэри жыӀэпхъэщ.

ИкӀи гурыӀуэгъуэщ ипэкӀэ глаголхэм *"префикс"* яхуэхъу дэтхэнэ зы *макърэ псалъэхэм* я мыхьэнэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуауэ зэрыщытри, нытӀэ, ахэр мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀы *"информацэ"* лӀэужьыгъуэ *упщӀэхэм пэджэж* зэрыхуэхъу щӀыкӀэри *я мыхьэнэхэмкӀэ гуры*Ӏ*уэгъуэ*нщ. Аращи, мыбдежым абыхэм я мыхьэнэхэр аргуэру къэтӀуэтэн нэхърэ, япэрауэ абыхэм ягъэзащӀэ *"префикс"* къалэнхэр *"щӀып*Ӏэ*"*рэ *"щӀык*Ӏэ*"* *лӀэужьыгъуэу гупит*Ӏыу ипэкӀэ зэрызэщхьэщыдгъэкӀар мы илъабжьэми къыщыдгъэлъэгъуэжынщи, мы зи гугъу тщӀа *упщӀэхэм щыщу зытеухуу*эхэми иужькӀэ къэтхьыну щапхъэхэмкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы псалъэхэм къызэрыхэкӀкӀэ, мыбдежым *"щӀып*Ӏэ*" лӀэужьыгъуэ "префикс"* къалэн зыгъэзащӀэу ипэкӀи щыгъуазэ дызыхуэхъуа *макъ гуэрхэр* къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «и, щы; Ӏу, къу, гу, х, щӀ, дэ, пы». Мыбы къыкӀэлъыкӀуэуи, *"щӀык*Ӏэ*" лӀэужьыгъуэ "префикс"* къалэн зыгъэзащӀэу ипэкӀи щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта *макъ гуэрхэр*и къэдгъэлъэгъуэнщ: «къ, н; е, ху, фӀ; зы, зэ – зэды; пэ».

Мы макъхэр я мыхьэнэхэм елъытауэщ ягъэзащӀэ "префикс" къалэнкӀэ мы *гупит*Ӏыу зэрызэщхьэщыкӀри, ахэр зытеухуэну "информацэ" лӀэужьыгъуэхэри гурыӀуэгъуэщ: «мы *"щӀып*Ӏэ*"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*хэр глаголыр *"информацэ"* лӀэужьыгъуэ *упщ*Ӏэу *"дэнэ"м пэджэж*у глаголыр зытеухуа Ӏуэхугъуэр *"щыгъэзащ*Ӏэ *щ*Ӏ*ып*Ӏэ*"* зылъытапхъэхэрщ; мы *"щӀык*Ӏэ*"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*хэри глаголыр зытеухуа Ӏуэхгъуэр *"зэрыгъэзащ*Ӏэ *щ*Ӏ*ык*Ӏэ*"* зылъытапхъэу *"информацэ"* лӀэужьыгъуэ *упщ*Ӏэу *"дауэ"*м *пэдж*эныгъэ зиӀэхэрщ».

Ауэ икӀи, макъхэм ягъэзащӀэ "префикс"хэр мыпхуэдэу *"щӀып*Ӏэ*"рэ "щӀык*Ӏэ*"у гупит*Ӏыу зэщхьэщыгъэкӀыпхъэ щхьэ, мы дэтхэнэ зы гупым хиубыдэ дэтхэнэ зы *"префикс"*ым илъытэ *"щӀып*Ӏэ*"рэ "щӀык*Ӏэ*"* лӀэужьыгъуэр *и кӀуэцӀк*Ӏэ -а *"префикс"* къалэн зыгъэзащӀэ *макъ*хэм я

*мыхьэнэхэм елъытауэ- зэрызэщхьэщык*Iынури гурыIуэгъуэщи, "*щ*I*ып*I*э"рэ "щ*I*ык*I*э"*у дэтхэнэ зы *гупыр -и к*I*уэц*I*к*I*э-* а *гупым хиубыдэу* тлъыта *макъ бжыгъэм хуэдизк*I*э зэщхьэщок*Iыр. Аращи, "*щ*I*ып*I*э" е "щ*I*ык*I*э"* лIэужьыгъуэ зылъытэ *дэтхэнэ зы "префикс"*ым илъытэ "*щ*I*ып*I*э"рэ "щ*I*ык*I*э"р* мы "*префикс*" къалэн зыгъэзащIэ *макъым и мыхьэнэм елъытащ*.

НытIэ, "щIыпIэ"рэ "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэм дэтхэнэ зым хиубыдэ "*префикс" бжыгъэм елъытауэ мэбагъуэр "щ*I*ып*I*э"рэ "щ*I*ык*I*э" л*I*эужьыгъуэу лъытапхъэхэри*, мы "*префикс"хэм ялъытэ "информацэ"* лIэужьыгъуэхэри -и кIуэцIкIэ- дэтхэнэ зы *гупым хиубыдэ "префикс" бжыгъэм елъыта*уэ зэщхьэщыкIыу *зэрыбэгъуэнури* гурыIуэгъуэнщ.

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, япэрауэ "*щ*I*ып*I*э"рэ "щ*I*ык*I*э"* лIэужьыгъуэ "*префикс"*хэр "*информацэ*" лIэужьыгъуэ *упщ*Iэхэм щыщу *зыпэджэж*хэм гулъытэ хуэтщIынщи, мы зэрыжытIауи, дэтхэнэ зы "*информацэ*" лIэужьыгъуэ *гуп*ыр *и к*I*уэц*I*к*I*э деталу зэрылъытэхэми* щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

НытIэ, япэрауэ "*информацэ*" лIэужьыгъуэу "*дэнэ*" *упщ*Iэм *хуэпэджэж*у зи гугъу тщIа "*щ*I*ып*I*э*" лIэужьыгъуэ "*префикс*"хэм *дэтхэнэ зыр* илъытэ "*щ*I*ып*I*э" пыухытык*I*ам теухуауэ зэрыхуэпэджэж* щIыкIэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ:

- "*Зэман, щы*I*эгъуэ, джыгъуэ*" категорие формэ зылъытэ "*щы, и*" макъхэр "префикс" зыхуэхъу глагол мыхьэнэрэ Iуэхугъуэр щыгъэзащIэ "*щ*I*ып*I*э*"рэ "*зэманыгъуэ*"р зылъытэхэрщи, ипэкIэ зи гугъу тщIа "*информацэ*" лIэужьыгъуэ *упщ*Iэхэу "*сыт щыгъуэ*"рэ "*дэнэ –дэндеж-*" упщIэхэм зэрыпэджэнухэр гурыIуэгъуэщ. "И"мрэ "щы"м теухуауэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, мы илъабжьэм аргуэру я гугъу щытщIыныр игъуэщ.

- Дэтхэнэ зы "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ зылъытэ *макъхэм* мы *ялъытэ "щ*I*ып*I*э*" лIэужьыгъуэхэм *лъабжьэ хуэхъу "щ*I*ып*I*э" л*I*эужьыгъуэ*рщ "*и"м* макъым *илъытэри*, "*щ*I*ып*I*э*"р "*эспас*" -"*мекан*"- лIэужьыгъуэуи зылъытэ "*и*" макъыр "*префикс*"у *адрей* макъхэм ялъытэ "*щ*I*ып*I*э"хэр зыхиубыдэ*у зылъытэрщ. Мы псалъэхэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, и макъ мыхьэнэр *джып*I*эрэ джыгъуэ*у зэрыщыткIэ "*абзсис*"уи тлъытауэ щыта "*и*" *макъ*ым -и макъ мыхьэнэми елъытауэ- илъытэр "*щ*I*ып*I*э" л*I*эужьыгъуэу хъуар зыхэзыубыдэ "щ*I*ып*I*э" формэщ -"мекан" формэщ*-. НытIэ, "и" макъым игъэзащIэ "префикс"ыр "*дэнэ*" *упщ*I*эм зэрыпэджэж*у глаголым хилъхьэ "*информацэ*" лIэужьыгъуэри мыращ. "*Щы*" макъми илъытэ "*щ*I*ып*I*э"р "и"м* мы *зэрилъытэ*м

хуэдэщ; ауэ икIи, *щыIэгъуэ системэу* зэпыщIауэ зэрылъытапхъэу "*зэман/мекан*" -"*тайм/эспас*"- зылъытэрщ "*щы*" *макъ*ри, игъуэ щыхъум "*щIыпIэ*", игъуэ щыхъукIи "*зэманыгъуэ*" зылъытэущ "*префикс*" къалэни зэригъэзащIэр. НытIэ, "*щы*" макъым мы игъэзащIэ "*префикс*"ыр "*дэнэ*" *упщIэм зэрыпэджэж*у глаголым хилъхьэ "*информацэ*" лIэужьыгъуэри мыпхуэдэщ.

- "*ЩIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*"у "Iу"р *зыгуэр*ым е зы *щIыпIэ*м и *хэхьэпIэ*рэ *хэкIыпIэ*рэ "*Iупэ, гъунэ*" хуэдэхэр зылъытэрщи, "*информацэ*" лIэужьыгъуэу "*дэнэ*" *упщI*эм мыпхуэдэ *детал*ыр *къыхигъэщу пэджэж*ырщ.

- Зыгуэрым е зы щIыпIэм и къуагъыр зылъытэ "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*" "*къу*"р *глаголыр* зытеухуа Iуэхугъуэр мыпхуэдэ зы *къуагъ щIыпIэ лIэужьыгъуэм къуэхъухьрэ къуэщIыхь*у зэрыщытыр зылъытэрщи, мыпхуэдэ *щIыпIэ пыухытыкIа*м теухуа "*информацэ*" зылъытэущ "*дэнэ*" *упщIэм пэгъуэк*I зэритыр.

- "*Гу*" макъми "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэну игъэзащIэр зы *гуэр*ым е зы *пыухытыкIа щIыпIэ*м *къыгуэхъухь*рэ къыгу*эщIыхь*ыр зылъытэрщи, "*информацэ*" лIэужьыгъуэ "*дэнэ*" *упщIэм зэрыпэдж*энури мыпхуэдэ зы *щIыпIэ детал лIэужьыгъуэ зэрилъыт*эущ.

- "*Хэ*" макъми "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ пыухытыкIауэ "*хэтыпIэ – хэлъыпIэ – хэсыпIэ*"*рэ* "*дэтыпIэ – дэлъыпIэ – дэсыпIэ*"м *хэхъухь*рэ *хэщIыхь*ыр зылъытэрщи, глаголым теухуа "*информацэ*" лIэужьыгъуэу "*дэнэ*" *упщIэм зэрыхуэпэджэж*ри мыпхуэдэ зы "*щIыпIэ*" *детал зэрилъытэущ*.

- "*ЩI*" макъым игъэзащIэ "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэныр зы *щIагъ* лIэужьыгъуэ *щIыпIэ*м *щIэхъухь*рэ *щIэщIыхь*рауэ лъытапхъэщи, глаголыр зытеухуа Iуэхугъуэу "*информацэ*" лIэужьыгъуэ "*дэнэ*" *упщIэм зэрыхуэпэджэж*ынури мыпхуэдэ зы *щIыпIэ лIэужьыгъуэ детал* зэрилъытэущ.

- "*Дэ*" макъыр *дэхьэпIэ*рэ *дэкIыпIэ*у зы *зэхуаку* зылъытэу "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащIэу, къызпыхьа глаголыр дэхъухьрэ дэщIыхьыу зэрыщыту зылъытэрщи, "*информацэ*" лIэужьыгъуэ "*дэнэ*" *упщI*эм иритыну *пэгъуэк*Iри мыпхуэдэ зы *щIыпIэ пыухытыкIа зэрилъытэу*щ.

- Дэтхэнэ гуэрым е щIыпIэм и хэхьэпIэрэ хэкIыпIэу и гъунэхэм пыхъухьрэ пыщIыхьыр зылъытэу, "*щIыпIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащIэрщ "*пы*"ри, "*информацэ*" лIэужьыгъуэу "*дэнэ*" *упщIэм зэрыпэдж*энури мыпхуэдэ зы *щIыпIэ пыухытыкIа детал* зэрилъытэущ.

*

Мыбыхэм къыкIэлъыкIуэуи "*щIыкIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*"хэр зытеухуа "информацэ" лIэужьыгъуэхэм теухуа упщIэр "дауэ"рауэ зэрыщытыр ипэкIи къыхэдгъэщагъащи, нытIэ, "*щIыкIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*"хэм -зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэкIэрэ- *ялъытэ* "*щIыкIэ*" лIэужьыгъуэ *пыухытыкIа*хэм гулъытэ хуэтщIыу, ахэр "*информацэ*"

лӀэужьыгъуэу "*дауэ*" *упщӀэм зэрыпэджэжыпхъэ*хэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ:

- "*Къ*" макъыр *къежьэрэ пэщӀэдзэ* мыхьэнэ зэриӀэм езэгъ "*префикс*" къалэн зыгъэзащӀэрщи, мы и мыхьэнэми зэрезэгъкӀэ зыхыхьэ "префиксыбэ"м ищхьэ дыдэр зи увыпӀэрщ. Аращи, "*префикс*" зыхуэхъу глаголыр -бзэр къэзыӀуатэ "сэ" нэрыбгэм зэрилъытэ щӀыкӀэу-, *къежьэрэ пэщӀэдзэу къэхъурэ къэщӀ*ыу зылъытэ "къ" макъым "*информацэ*" лӀэужьыгъуэу "*дауэ*" *упщӀэм* иритыну *пэгъуэк*Ӏрэ мыпхуэдэ "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэ *пыухытыкӀа*рщ.

- "*Н*" макъри "*префикс*"у "къ" нэужьым "префиксыбэ"м ищхьэр зи увыпӀэрщи, фӀырыфӀкӀи "къ"ым къыкӀэлъыкӀуэу "префикс"и мыхъу "н" макъыр "*сэ*" *нэрыбгэм пэжыжьэ хъуурэ к*Ӏуэр зэрылъытэрщи, нэхъыбэуи "сэ" и пышэгъу "*уэ*"*м хуэк*Ӏ*уэри зылъытэ*рщ. Мыпхуэдэ "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэ *пыухытыкӀа*ращ "*н*" *макъ*ым игъэзащӀэ "*префикс*" къалэныр зытеухуари, "*информацэ*" лӀэужьыгъуэ *упщӀэу* "*дауэ*"м *зэрыпэджэ*нури мыпхуэдэущ.

- "*Зы*"р "*префикс*"у глаголыр зытеухуа Ӏуэхугъуэр "*субъект*"*ым езым зыхуэхъуж*рэ *зыхуэщӀыж* "*щӀыкӀэ*" зылъытэрщи, "*информацэ*" лӀэужьыгъуэ "*дауэ*" *упщӀэм зэрыхуэпэджэ*нури мыпхуэдэ зы "*щӀыкӀэ*" *пыухытыкӀа* лӀэужьыгъуэщ. "*Субъект*"*ым* езым ищхьэм *хуэлэжьэжыр* а *зэрыщыту зэрызек*Ӏ*уэу* зэрылъытэри "*зэ*" *префикск*Ӏэщи, игъэзащӀэ "*информацэ*" лӀэужьыгъуэри мыпхуэдэ "*щӀыкӀэ*" *лӀэужьыгъуэ пыухытыкӀа*рщ. Ауэ икӀи, "*зыр зым*" теухуауэ къэхъурэ гъэзащӀэри зэрылъытэ префикс лӀэужьыгъуэщ "*зэ*"ри, "*информацэ*" лӀэужьыгъуэу мыпхуэдэри зылъытэрщ. "*Зэ*"р икӀи *зит*Ӏрэ *нэхъыб*эм теухуауэ *куэдагъ* зылъытапхъэрщи, "*щхьэж*"у е *куэдагъ лъытэ* "*дэ*" зы*дищӀыгъуу* "*префикс*" къалэни зыгъэзащӀэрщ; нытӀэ, "*информацэ*" лӀэужьыгъуэ "*дауэ*" *упщ*Ӏэми *зэрыпэджэнухэр* мы ягъэзащӀэ "*щӀыкӀэ*" *пыухытыкӀа*уэщ.

- "Зэ"м дищӀыгъу мыхъуу щхьэжуи "*дэщӀыгъун*"ыгъэ мыхьэнэкӀэрэ "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн егъэзащӀэр "*дэ*" *макъ*ми, глаголхэр дэщӀыгъуныгъэу *дэхъурэ дэщ*Ӏ щӀыкӀэу зэрылажьэр зылъытэу, "информацэ" лӀэужьыгъуэ "*дауэ*"*м иратыну пэгъуэк*Ӏри мыпхуэдэ "щӀыкӀэ" пыухытыкӀа лӀэужьыгъуэрщ.

- НэгъуэщӀым хуэкӀуэрэ папщӀэ къэхъуу гъэзащӀэр зэрылъытэ "щӀыкӀэ"р "ху" префикскӀэщи, "информацэ" лӀэужьыгъуэу "дауэ"м зэрыпэджэнури мыпхуэдэ "щӀыкӀэ" пыухытыкӀа лӀэужьыгъуэущ.

- Мыбы ещхь "*префикс*" къалэн зыгъэзащӀэу лъытапхъэщ "*ф*Ӏ"ыри, зыгуэрыр е *лӀыгъэ е ерыщагъкӀэ къэхъуу гъэзащ*Ӏэу зэрылъытэ "*щӀыкӀэ*" зылъытэу, "*информацэ*" лӀэужьыгъуэ "*дауэ*"*м зэрыпэджэ*нури мыпхуэдэ "*щӀыкӀэ*" *пыухытыкӀа* лӀэужьыгъуэущ.

- Глаголыр зыгуэрым ипэ лъэныкъуэм хуэгъэзащIэ къэхъурэ гъэзащIэу зэрыщыт "щIыкIэ" зылъытэрщ "пэ" макъри, "информацэ"у зытеухуари мыпхуэдэ зы "щIыкIэ" пыухытыкIарщ.

- "*Е*" *макъ*ри зэрыгурыIуэгъуэу *линие функцэ* зиIэу *хуэкIуэныгъэ* зылъытэрщи, мыпхуэдэ "*щIыкIэ*" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зыгъэзащIэу, "*информацэ*" лIэужьыгъуэ "*дауэ*" *упщIэми* иритыну *пэгъуэк*Iыр мы "*щIыкIэ*" *пыухытыкIа* лIэужьыгъуэрщ.

*

НытIэ, мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, адыгэбзэм дэтхэнэ и зы глаголыр -иджыри *мылажьэ ипэ- лэжьэну зэрыгъэпса*уэ "*инфинитив*"у зэрызэпкъырыува щIыкIэм абы *къиIуэтэну*хэм теухуауэ мыпхуэдиз *информацэ* зыхеубыдэр. Аращи, -псалъэм папщIэ- зы "*префиксиал глагол*"ым хиубыдэфыну *информацэ* лIэужьыгъухэр щхьэхуэ *щхьэхуэу* лъытэнрэ *къэIуэтэн* папщIэ а нэхъ мащIэу зы *псалъэухыгъэ кIыхь* е зы *параграфышхуэ* *ухуэныкъуэ*ыну зэрыщытыр жыIэпхъэщ. Мыбы икIи *глагол*ыр "*суффиксыбэ*"уи зэрыщытыфынури хэлъытапхъэщ.

## **"ПРЕФИКС"УИ ЩЫМЫТ "ГЪЭ, У"** МАКЪХЭМКIЭ "ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ"ХЭМ ЯГЪУЭТ "ИНФОРМАЦЭ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭР

Глаголыщхьэхэм "префикс" къалэн ямыгъэзащIэу къыпыхьэ къыпыхьэ макъхэрщ "гъэ, у" макъхэри, зы псалъэм игъуэтыну мыхьэнэрэ и лэжьэкIэнур псалъэм пэщIэдзэ хуэхъуа макъым зэрелъытам ипкъ иткIэ, "гъэ, у" макъхэмкIэ къежьэ глаголхэри мы къызэрежьэ макъхэм я мыхьэнэм елъытауэщ зэрылэжьэнур. Мы макъхэр глаголхэм къазэрыпыхьэми ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэни хуэныкъуэнкъым.

Аращи, ухуагъэххэ зы *глаголым ищхьэ* лъэныкъуэм "*гъэ*" къыщыпыхьэжым деж, а глагол мыхьэнэр "*къэгъэхъун*"рэ "*гъэзэщIэн*"кIэрэ лэжьэну мэгъэпсыжыр. Мыпхуэдэу ухуэж глаголыр икIи "*Iуэху глагол*" *лIэужьыгъуэ*у зэрыщытми ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

НытIэ, ищхьэм къыпыхьа "*гъэ*"*кI*эрэ ухуэжа *глагол*хэр и мыхьэнэрэ зытеухуа *Iуэху*р глагол "*субъект*"*ым нэгъуэщI гуэрым иригъэщI*ыущ

къызэрыIуэтэнури, мыпхуэдэри "Iуэху" *зэрыгъэзэщI*э зы "*щIык*Iэ"у зэрылъытапхъэм ипкъ зэриткIэ, зи гугъу тщIа "*информацэ*" *лъытэ упщI*эхэм щыщу "*дауэ*" *упщI*эм *пэгъуэк*I хуэхъуну "информацэ" лIэужьыгъуэм теухуауэ лъытапхъэщ "гъэ"м игъэзащIэ мы къалэныр. Ауэ икIи, "глагол" мыхьэнэрэ Iуэхугъуэр *зыгуэрым* –"субъект"ым- *нэгъуэщI гуэрым* -"дополненэ"м- *иригъэщI*ыу зэрыщытым ипкъ зэриткIи, "*хэт*" *упщIэми формалу пэджэж* "*информацэ*" лIэужьыгъуэ зэрылъытапхъэуи жыIэпхъэщ *глагол*ым и "*гъэ*" *пэщIэдзэ*р.

*

Ухуагъэххэ зы глаголым ищхьэм "у" къыщыпыхьэм дежи, а глаголыр и мыхьэнэрэ зытеухуа Iуэхугъуэм елъытауэ "*ужьыгъуэ*"у лэжьэну *зэрыгъэпсыж*ыр гурыIуэгъуэщ. "У" къэзыщтэ глаголыр зэрылажьэ щIыкIэкIэ зэмыхъуэкIыу а зэрыщыту къызэрызэтенэжыр гурыIуэгъуэщи, "Iуэху глагол"у е "езырыж глагол"у зэрызэмыхъуэкIри къыхэдгъэщынщ. ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, "гъэ"р дэтхэнэ зы глаголым ищхьэм къыпохьэфыр; ауэ, "у"р дэтхэнэ зы глаголым ищхьэм къызэрымыпыхьэри дигу къэдгъэкIыжынщ.

НытIэ, ищхьэм "*у*" *къызыпыхьэ глагол*ым *ужьыгъуэ*у зэры*лэжьэну* мыхьэнэ егъуэтри, мыпхуэдэ лэжьэкIэри зи гугъу тщIа "*информацэ*" *лъытэ упщI*эхэм щыщу "*дауэ*" *упщIэм пэгъуэк*I хуэхъуну "*информацэ*" *лIэужьыгъуэ*у зэрыщыткIэ, "у"м къызыпыхьэ глаголхэм хилъхьэну "информацэ" лIэужьыгъуэри мыпхуэдэщ.

## "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭУ УХУЭ ПСАЛЪЭ"ХЭМ ХИУБЫДЭ "ПРЕФИКС"ХЭР ЗЫТЕУХУА "ИНФОРМАЦЭ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭХЭР

Мыбыхэм нэмыщI, "*информацэ*" лIэужьыгъуэу *упщIэу* ипэкIэ къыхэдгъэщахэм щыщ "*сыт щхьэ*"р *къэхъурэ гъэзащI*эм *лъабжьэ*рэ *щхьэусыгъуэ* хуэхъур *къэгъэунэхун* папщIэ ят *упщI*эу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыбы *пэджэж*ынури *лъабжьэ* зылъытэу "*щI*" *мак*ъым игъэзащIэ "*щIык*Iэ" лIэужьыгъуэуи лъытапхъэ "*префикс*" къалэнращ.

Аращи, "щI" макъым ипэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ "*щIагъ*" зи мыхьэнэу "*щIып*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*" къалэн зэригъэзащIэм *нэмыщ*I, мыбдежым зи гугъу тщIа "*лъабжьэ*"рэ щхьэусыгъуэ мыхьэнэкIэри "*префикс*" къалэни зэригъэзащIэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, "*щ*I" макъым игъэзащIэ *мы* "*префикс*" къалэныр мы ипэкIэ "*инфинитив*

*глагол*"хэм къащтэу зи гугъу тщlа "*щlыкl*э" лlэужьыгъуэ "*префикс*"хэм *щlыхимыубыда*ми гулъытэ хуэщlын хуейщ.

Нытlэ, къэхъурэ гъэзащlэр *къыщlэхъурэ щlэгъэзащl*эр нэхъ *игъуэу щылъытэнур* ахэр *къыщыхъурэ щыгъэзащlэм щыгъуэ*ращи, мы и мыхьэнэкlэрэ "*щl*" макъыр "*префикс*" зыхуэхъупхъэри *глагол*хэм я *лэжьэкl*эхэм *щыгъуэу*, "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэм зэрыхиубыдэущ. Аращи, игъуэр къыщысым деж, зэрыигъуэкlэ "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэм хиубыдэ "префикс"хэм щыгъуазэ дыщыхуэхъум деж, "*щl*" *макъ*ми мы и "*лъабжьэ*" мыхьэнэкlэрэ "*префикс*" къалэн зэригъэзащlэми гулъытэ хуэтщlыу щапхъэхэри къахуэтынщ.

Нытlэ, адыгэбзэм и "*инфинитив глагол*"хэм хиубыдэ "*префикс*"хэм ягъэзащlэ "*информацэ*" лlэужьыгъуэхэу "*сыт щыгъуэ*" *упщl*эм *формалу*, "*дэнэ, дауэ*" *упщl*эхэми зэрыигъуэу *пэгъуэкl хуэхъу*нухэм *нэмыщl*, мы ипэкlи "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэм хиубыдэну "*префикс*" лlэужьыгъуэу "*сыт щхьэ*" *упщl*эм пэгъуэкl хуэхъуну "*префикс*"ми щыгъуазэ дыхуэхъуу, абы и гугъу щытщlыну щlыпlэри зыгурыдгъэlуащ.

*

Ауэ, мы зи гугъу тщlахэмкlэ иджыри ипэкlэ зи гугъу тщlа упщlэ псоми пэгъуэкl хуэхъунухэр зэрыримыкъуар гулъытапхъэщи, lуэхур *зыгъэзащlэр* къызэрыгъэунэхуну "*хэт*" *упщl*эмрэ а lуэхур *щыгъэзащl*э *зэманыгъуэ дыд*эр къызэрыгъэунэхуну "*сыт щыгъуэ*" *упщl*эм я гугъу зэрыдымыщlари гурыlуэгъуэщ. Икlи гурыlуэгъуэнщ мы "*хэт*"рэ *щыгъэзащlэ зэманыгъуэ дыдэу* "*сыт щыгъуэ*" *упщlэх*эм я *пэджэж*хэри *глаголхэр щылажьэм щыгъуэ къэунэхуну* зэрыщытри, нытlэ, -"сыт щхьэ" упщlэм и пэгъуэкlыр зэрытынум хуэдэжу- мы *упщlитl*ми я *пэгъуэкl*хэр "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэм хиубыдэну зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Аращи, "инфинитив глагол"хэм щыхэмылъытэу, глаголхэм я "*лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэми игъуэ зэрыхъукlэ "*префикс*"хэр - "*суффикс*"хэри- зэрыхэлъытэнум и гугъу тщlагъэххэщ. Аращи, мыпхуэдэхэр мы ипэкlэ зи гугъу тщlарэ "лъабжьэ" мыхьэнэ зиlэу "глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэм "префикс" къалэнкlэрэ щыхэлъытэну "щl" макъым къызэрыщымынэнур гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, мы и мыхьэнэкlэ мы зи гугъу тщlа "*щl*" *макъ*ым *нэмыщl*ыу ипэкlэ зи гугъу тщlарэ "*инфинитив глагол*"хэм "*префикс*" яхуэхъу макъ *гуэрхэри* "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэм зэрыигъуэу "*префикс*"

язэрыхуэхъуну щIыкIэхэр мы ипэкIэ зи гугъу тщIа "*щIыпIэ*"*рэ* "*щык*Iэ" *лIэужьыгъуэущи*, мыбыхэмрэ мы иужьрейуэ зи гугъу тщIа "*хэт*"рэ *щызэгъащ*Iэ *зэмыныгъуэ дыдэ*р зэрылъытэу "*сыт щыгъуэ*" *упщ*Iэхэм *пэджэну* щытрэ "*глагол лэжьэк*I*эу ухуэ псалъэ*"хэм *щыхэлъыт*энухэр *зэщхьэщыгъэк*I*ын зэрыхуей*ри мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ.

Аращи, *глагол*хэр *зэрылажьэ* щIыкIэм *ипкъ зэрит*кIэ *ф*I*эк*I*ып*Iэ *имы*I*эу* "*глагол лэжьэк*I*эу ухуэ псалъэ*"хэм "*префикс*" лIэужьыгъуэу лъытапхъэу хиубыдэн хуейхэр *глагол лэжьэк*I*эм* "*субъект*" хуэхъур икIи "*объект*"рэ "*субъект*" хуэхъухэр зэрылъытэу "*щхьэ префикс*"у лъытапхъэхэрщ. Мыхэр икIи "*щхьэ ц*I*эпапщ*I*э лъытэрэ гъэлъагъуэ*"уи лъытапхъэщи, мыбыхэми глаголхэм я лэжьэкIэм теухуа лэжьыгъэ Iыхьэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

ИпэкIи зэрыжытIауэ, мыхэр "*хэт*" *упщ*Iэм икIи "*объект*"ым теухуауэ "*сыт*" *упщ*Iэми *пэджэж*хэрауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

**ЕЩАНЭ lЫХЬЭ**

# ГЛАГОЛХЭР ХУИТУ Е ЕЛЪЫТЭНЫГЪЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУА КЛАСИФИКАЦЭУ ″СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭР

| ЕЩАНЭ IЫХЬЭМ ХИУБЫДЭХЭР -ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭУ- | ТХЫЛЪ. Н.КIУЭЦI |
|---|---|
| **"СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" КЛАСИФИКАЦЭМРЭ, "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭ ЩIЫКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **332** |
| **ГЛАГОЛ ПСОМИ ЗАНЩIЭУ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУФХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКI "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **337** |
| - "ЛЪЭЩЫГЪЭ"РЭ "ЕГЪЭЛЕИНЫГЪЭ" ЗЫЛЪЫТЭ "СУФФИКС"ХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКI "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР | 339 |
| - "ЗЭРЫХЪУН ХЪУА"РЭ "ЗЭПЭЩ"У ЗЫЛЪЫТЭ "СУФФИКС"ХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКI "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР | 340 |
| - "АРГУЭРУ ЗЫЛЪЫТЭ"РЭ (ЗЫЛЪЫТЭЖ) "ЛЪЭКIЫНЫГЪЭ" ЗЫЛЪЫТЭ "СУФФИКС"ХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКI "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР | 340 |
| - ГЛАГОЛ ПСОМИ ЗАНЩIЭУ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУ ПСОРИ ЗЭГЪУСЭУ ЗЫХЭЗЫУДЭУ УХУЭ **"СУФФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"**ХЭР | 342 |
| - МЫ "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ "ПРЕФИКС", "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМИ МЫ "СУФФИКС"ХЭР КЪАЩТЭУ УХУЭ **"ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"**ХЭР | 343 |
| - МЫ "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ "ПРЕФИКСЫБЭ", "ПРЕФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"ХЭМИ МЫПХУЭДЭ "СУФФИКСЫБЭ" КЪАЩТЭУ УХУЭ **"ПРЕФИКСЫБЭ СУФФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"**ХЭР | 347 |
| **ГЛАГОЛ ГУЭРХЭМ ЗАНЩIЭУ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКI "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **348** |
| **ГЛАГОЛХЭМ "ПРЕФИКС"КIЭРЭ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКI "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **350** |
| - "ПРЕФИКС" ЗЫХУЭНЫКЪУЭ "СУФФИКС"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 350 |
| - ГЛАГОЛХЭМ "ПРЕФИКС"КIЭРЭ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУХЭР "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМИ КЪЫЗЭРАЩТЭУ УТЫКУ КЪИХЬЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР | 355 |
| - "ПРЕФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"ХЭМ МЫ "ХЬ, КI, ХЬЫКI"РЭ НЭГЪУЭЩI "СУФФИКС"ХЭР КЪАЩТЭУ УТЫКУ КЪИХЬЭ **"ПРЕФИКСЫБЭ СУФФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"**ХЭР | 367 |
| **ГЛАГОЛХЭМ "ИГЪУЭ ПРЕФИКС"КIЭРЭ "СУФФИКС" ХУЭХЪУХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКI "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **368** |
| - ЗЫХУЭГЪЭЗА ЛЪЭНЫКЪУЭ ЗЫЛЪЫТЭ "СУФФИКС"ХЭМ "ИГЪУЭ ПРЕФИКС"КIЭРЭ КЪАТЕХЪУКIЫПХЪЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 368 |

| | |
|---|---|
| - "ИЩХЬЭ"РЭ "ИЛЪАБЖЬЭ", "ИБГЪУ"РЭ "ЩӀЫБАГЪ" ЛЪЭНЫКЪУЭХЭМ ХУЭГЪЭЗАУЭ ГЪЭЗАЩӀЭ ӀУЭХУГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ УХУЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР<br>- "ИПХЭ/ИУЖЬ" ЛЪЭНЫКЪУЭМ ХУЭГЪЭЗАУЭ ГЪЭЗАЩӀЭ ӀУЭХУГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ УХУЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР<br>- ЗЫДЭКӀУЭФРЭ ЗЭРЫХЪУФЫМ НЭГЪУНЭ ХУЭКӀУАУЭ ЗЫЛЪЫТЭ "ЛӀ" СУФФИКСЫМ ХУЭ"ИГЪУЭ ПРЕФИКС" КЪИЩТЭУ УХУЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР | 369<br>382<br>383 |
| **"ГЛАГОЛ"ХЭМ "СУФФИКС"ХЭМКӀЭ ЯГЪУЭТ "ИНФОРМАЦЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ**<br>-"ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ"ХЭМ "СУФФИКС"КӀЭРЭ ЯГЪУЭТ "ИНФОРМАЦЭ" ЛӀЭЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ<br>-"ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКӀЭУ УХУЭ ПСАЛЪЭ"ХЭМ ХИУБЫДЭ "СУФФИКС"ХЭМ ТЕУХУА "ИНФОРМАЦЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР | **388**<br>388<br>392 |

## "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" КЛАСИФИКАЦЭМРЭ, "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭ ЩIЫКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Зэрыгурыlуэгъуэу, адыгэбзэ псалъэ ухуэкlэм ипэ итыр нэхъыщхьэрэ къыкlэлъыкlуэр зэкlун хуейуэ щытырщи, псалъэ кlэухри а псалъэ мыхьэнэр зышэрэ зыдэкlуэр зылъытэрщ. Мы зэрыжытlауэ, адыгэбзэ псалъэ мыхьэнэр ар зэрыухуа макърэ псалъэхэм я мыхьэнэхэмрэ я зэкlэлъхьэужьыкlэм елъытащи, ипэ къэlу макърэ псалъэр ар зыхэзыубыдэ псалъэ мыхьэнэ ухуэныгъэм теухуауэ пашэрэ пэщlэдзэрщ; икlэ къэlу макърэ псалъэри къызыкlэлъыкlуэ макърэ псалъэ мыхьэнэм елъыта къалэн зыгъэзащlэу ар зыхэзыубыдэ псалъэм и кlашэрэ кlэухырщ.

Нытlэ, глаголхэми ищхьэм къыпыхьэ "*префикс*"хэр къызпыхьэрэ зыхэзыубыдэ *глагол*хэм *я лэжьэкlэхэр зэкlун хуей*уэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщи, "префиксиал глагол"хэри елъытэныгъэ лэжьэкlэ зиlэ глаголхэу зэрылъытэри мыбы папщlэщ. Икlи, глаголхэм икlэ къыпыхьэу мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъуну "*суффикс*"хэри къызкlэлъыкlуэ *глагол лэжьэкlэр зыдэкlуэрэ зэрызекlуэр зэрылъытэ*у зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, глагол пэщlэдзэр глагол мыхьэнэр къызэрежьэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, глагол "префикс"ыр мыхуэдэщ; глагол кlэухыу щыт "*суффикс*"ри глагол *мыхьэн*эр *зэрыух*рэ *зыдэкlу*эр зылъытэ глагол *lыхь*эращ.

*

"*Префикс*" къищтэу "*инфинитив*"у ухуэ "*глагол*"хэр "*префиксиал глагол*"у зэрытлъытам хуэдэжу, "*суффикс*" къищтэу *ухуэж* "*глагол*"хэри "**суффиксиал глагол**"у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, "суффиксиал глагол" щыжытlэм дежи, и кlуэцlкlэ зэщхьэщыкl глагол лlэужьыгъуэщ зи гугъу тщlыри мыбыи щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ауэ, *глаголхэм "суффикс" къызэращтэ щlыкlэхэр* глаголхэм "префикс" къызэращтэ щlыкlэхэм къазэрыщхьэщыкlри гурыlуэгъуэнщ. *Глаголхэм "суффикс" къызэращтэ щlыкlэхэм* щыгъуазэ хуэхъун папщlи, япэрауэ "*суффикс*"*хэм щыгъуазэ* хуэхъун зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщи,

"суффикс"хэри и кӀуэцӀкӀэ зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэр гурыӀуэгъуэщ. Мы илъабжьэм къыщедгъэкӀуэкӀыну лэжьыгъэм "суффикс"хэр и кӀуэцӀкӀэ зэрызэщхьэщыкӀым щыгъуазэ дыхуэхъунущ; икӀи, *игъуэ щыхъу* дэтхэнэ зы щӀыпӀэм "*суффикс*" къалэн зыгъэзащӀэ *мак*ъхэмрэ *мы* я *къалэн*ыр *зэрагъэзащ*Ӏэ щӀыкӀэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

Мы псалъэхэм зэрезэгъкӀэ, япэрауэ "суффикс"хэр гупитӀыу зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэр мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ: *зы гуп*ыр *глаголым занщ*Ӏ*эу* "*суффикс*" хуэхъуфхэрщи, мыхэр **"префикс" зыхуэмыныкъуэ "суффикс"**хэуи лъытапхъэнщ; ауэ икӀи, глагол псоми къамыщтэу глагол гуэрхэм занщӀэу "суффикс" яхуэхъухэри щыӀэщ. Мыбыхэм нэмыщӀ, глаголхэм "кондицэ"кӀэрэ -"*префикс*"*к*Ӏ*эрэ*- "*суффикс*" *яхуэхъуф*хэри щыӀэщи, мыхэри **"префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"**хэу лъытапхъэщ. Ауэ мыбыхэм щыщу, **игъуэ префикс** *зыхуэныкъуэ* "*суффикс*"хэри зэрыщыӀэри къыхэгъэщыпхъэщ.

Аращи, "префикс" зыхуэмыныкъуэу глаголхэм занщӀэу къищтэф "суффикс"хэмрэ, глаголым къищтэн папщӀэ "префикс" е "игъуэ префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"хэу "суффикс"хэр мы зэрызэщхьэщыкӀри а "суффикс"ым зэрелъытам хуэдэжу икӀи глаголми елъытауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ.

НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, *глагол зэпкъырыувэк*Ӏ*эр зэзымыхъуэк*Ӏ*ыу* глаголым къыпыхьэ "*суффикс*"хэр щыӀэщи, мыпхуэдэхэр *глаголыр* а *зэрыухуа щ*Ӏ*ык*Ӏ*эм* езэгъыу зэрылэжьэнум *пэмыув* "*суффикс*"хэрщ. Ауэ, зы глаголым "*суффикс*" хуэ*хъун папщ*Ӏ*э*, а глаголыр *игъуэ* "*кондицэ*"кӀэ *лэжьэн хуей*уэ пэплъэ "*суффикс*"хэри щыӀэщи, а глаголыр мыпхуэдэ "*суффикс*"*к*Ӏ*э*рэ *зэрылэжьэфынур* апхуэдэ "*кондицэ*"*м* -"*префикс*"*ым*-*елъыта*уэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэм къикӀри "*суффикс*" *гуэрхэмк*Ӏэ -"префикс" зыхуэмыныкъуэу "суффикс"хэмкӀэ- ухуэ "*суффиксиал глагол*"*хэр ик*Ӏ*и* "*занщ*Ӏ*э глагол*" лӀэужьыгъуэу, ауэ "*суффикс*" *гуэрхэмк*Ӏэ –игъуэ "префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"хэмкӀэ- ухуэ "*суффиксиал глагол*"*хэр* -фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- "*префиксиал глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрыщытращ.

НытӀэ, мы жытӀахэм зэрезэгъщ "*суффиксиал глагол*"*хэр и к*Ӏ*уэц*Ӏ*к*Ӏэ зэрызэ*щхьэщык*Ӏри, япэрауэ, ухуагъэххэ зы "*занщ*Ӏ*э глагол*"ым занщӀэу "*суффикс*" -"*префикс*" *зыхуэмыныкъуэ* "*суффикс*"- къищтэу утыку къихьэхэр **"суффиксиал глагол"**хэрщи, мыхэр икӀи **"занщӀэ глагол"** лӀэжьыгъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ; етӀуанэу, *игъуэ* "*префикс*"

*зыхуэныкъуэ* "*суффикс*"кIэрэ ухуа -икIи "*суффиксиал*" *л*Iэу*жьыгъуэ*уи лъытапхъэ- глаголхэр -фIэкIыпIэ имыIэу- "**префиксиал глагол**"у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

*

НытIэ, мы "**суффикс**" **гупитI**кIэ -е *гупищ*кIэ- *ухуэж* **глагол**хэри *я* лэжьэкIэ*к*Iэ **хуит**у е **елъытэныгъэ**у зэрыгъэзащIэм теухуауэ **гупитI**ыу зэрызэщхьэщыкIри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, "*префикс*" *зыхуэмыныкъуэ* "*суффикс*"кIэрэ ухуэ глаголхэр -"*суффиксиал глагол*"хэр- "*занщ*Iэ *глагол*" лIэужьыгъуэу *хуиту лэжьэк*Iэ *зи*Iэрщ; ауэ, "*префикс*"*к*I*эрэ* -е *игъуэ* "*префикс*"кIэ- глаголхэм "*суффикс*" яхуэхъуу ухуэ глаголри -фIэкIыпIэ имыIэу- "*префиксиал глагол*" лIэужьыгъуэу "*префикс*"*ым елъытэныгъэк*Iэ зэры*лэжьэну*ри гурыIуэгъуэщ.

Ауэ мыбы къикIкъым "префикс" зыхуэмыныкъуэ "*суффикс*"кIэрэ ухуэ "*занщ*Iэ *глагол*"*хэм* "*префикс*" къамыщэфуи, нытIэ, "*суффиксиал глагол*"хэри "*префикс*" къащтэу щыухуэжым утыку къихьэнури зы "*префиксиал глагол*" лIэужьыгъуэрщ. ИкIи, "*префикс*" *зыхуэмыныкъуэ* "*суффикс*"хэр фIэкIыпIэ имыIэу "занщIэ глагол"хэм къищтэн хуейуэ зэрыщымытри гурыIуэгъуэнщи, "*префиксиал глагол*"*у ухуагъэхххэми* мы "*префикс*" *зыхуэмыныкъуэ* "*суффикс*"хэр къызэращтэфынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы *т*I*ум дежи* "префикс" зыхуэмыныкъуэ "суффикс"кIэрэ ухуэу утыку къихьэнур "*префиксиал глагол*" *л*I*эужьыгъуэ*уи зэрыщытынур наIуэщ; ауэ, мыр и "*суффикс*"*ым* ("префикс" зыхуэмыныкъуэ "суффикс"ым) зэр*емылъытар* гурыIуэгъуэщ. ИкIи, *игъуэ* "*префикс*" *зыхуэныкъуэ* "*суффикс*" къищтэу ухуэ глаголхэри –фIэкIыпIэ имыIэу- "*префиксиал глагол*" лIэужьыгъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэрэ ипэкIи къыщыхэдгъэщагъэхэщи, мы зи гугъу тщIа *щ*I*ык*I*ищу* утыку къихьэу "*префиксиал глагол*" *л*I*эужьыгъуэ*хэр *ик*I*и* "*суффикс*"*и зи*Iэу -"*суффиксиал глагол*" лIэужьыгъуэуи- зэрыщытхэм зэрезэгъкIэ, мыхэр я *зэхуэдэу* "**префиксиал суффиксиал глагол**"хэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Мы "*префиксиал суффиксиал глагол*" лIэужьыгъуэу тлъытахэр зэхуэдэрэ занщIэу зэрымыухуар гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм "*префикс*" *зыхуэмыныкъуэ* "*суффикс*" къэзыщтэ "*занщ*Iэ *глагол*" лIэужьыгъуэхэр зэмыхъуэкIыу "*суффиксиал глагол*"уи ухуэжахэм иужькIэ "*префикс*" къызэращтэу утыку къихьахэр зэрыхиубыдэм хуэдэжу, игъуэ "*префикс*" *зыхуэныкъуэ* "*суффикс*"кIэрэ ухуарэ мы зэрыухуа щIыкIэкIи *щхьэж*у

"*префиксиал суффиксиал глагол*"*у лъытапхъ*эхэри зэрыхиубыдэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, дауи утыку къихьауи щырет, "*префикс*" *зи*I*эу ухуэ*жа нэужь, зэрылъытапхъэр "*префиксиал суффиксиал глагол*" *л*I*эужьыгъуэ*у зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщи, *зэрылажьэ щ*I*ык*I*эуи елъытэныгъэ зи*Iэ *глагол гуп*ым зэрыхиубыдэри наIуэщ.

Аращ икIии, псалъэм ищхьэ лъэныкъуэр зи увыпIэ "префикс"ыр а псалъэр зэрылэжьэну щIыкIэр зэлъытарэ и лэжьэкIэм пэщIэдзэ хуэхъурщи, "суффикс" зиIэу щытми, глагол лэжьэкIэр зэлъытар - нэхъыщхьэуи лъытапхъэ- "префикс"ращ.

*

"*Префикс*" *зыхуэмыныкъуэ* "*суффикс*" гуэрхэр глаголхэм икIи *зэдэщ*I*ыгъуу к*I*эух* язэрыхуэхъуфынури гурыIуэгъуэнщи, "префикс" зыхуэмыныкъуэ "*суффикс*"*ит*I*рэ нэхъыб*эр кIэху зыхуэхъу зы "*занщ*Iэ *глагол*"ыр мы зэрыухуэжынур "**суффиксыбэ глагол**"у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мыбыхэм -ипэкIэ зэрыжытIауэ- "*префикс*"*хэр*и - префиксыбэ- *къащтэу* щы*ухуэж*кIэ, утыку къихьэр "**префиксыбэ суффиксыбэ глагол**"у зэрылъытапхъэнури гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, "*префиксиал глагол*"у ухуагъэххэхэм –икIи "*префиксыбэ глагол*"хэм- "*префикс*" *зыхуэмыныкъуэ* мы "*суффикс*"*хэр* къызэращтэу зэрыухуэжынури ар дыдэу "*префиксыбэ суффиксыбэ глагол*"хэу зэрылъытэнур гурыIуэгъуэнщ. Аргуэру пыщапхъэмэ, игъуэ "*префикс*" *зыхуэныкъуэ* "*суффикс*"кIэрэ ухуарэ "*префиксиал суффиксиал глагол*"уи лъытапхъэхэми я "*префикс*"рэ "*суффикс*"хэр *зэрыбагъуэ*у "*префиксыбэ суффиксыбэ глагол*"хэр къатехъукIыфури гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэхэми илъабжьэм къыщедгъэкIуэкIыну лэжьыгъэ Iыхьэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Ауэ икIи, мыбдежым "*суффикс*"у мы зи гугъу тщIынухэр ипэкIэ "*префикс*"хэм я гугъу зэрытщIам хуэдэщи, *глагол*хэр *инфинитив*у зэрызэпкъырыувэм теухуауэщ; нытIэ, "*инфинитив глагол*"у зэрызэпкъырыува щIыкIэу "*суффиксиал глагол*" жыхуэтIэхэр утыку къызэрихьэм теухуащ. Аращи, мыбдежым "*инфнитив глагол*"хэм нэмыщIхэм -"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэм хиубыдэ кIэуххэм- я гугъу зэрыдымыщIынур гурыIуэгъуэщ.

*

"Префиксиал глагол"хэмрэ "суффиксиал глагол"хэр "занщIэ глагол"хэм елъытауэ зэхуэдэу лъытапхъэкъым. Дэтхэнэ зы глаголыр

"занщӀэ глагол"рэ "префиксиал глагол"у зэщхьэщыгъэкӀыпхъэми, мыпхуэдэ зэщхьэщыкӀыныгъэр "занщӀэ глагол"ымрэ "суффиксиал глагол"ым я зэхуку дэлъкъым. Аращи, "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу щыт гуэрхэр мы "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу зэрыщыту "суффиксиал глагол"уи ухуэфынущ. "Суффисиал глагол" гуэрхэри фӀэкӀыпӀэ имыӀэу икӀи "префиксиал глагол"у щытын хуейщи, мыпхуэдэу "префикс"рэ "суффикс" зиӀэу ухуэхэри "префиксиал суффиксиал глалгол"хэу зэрылъытэми ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

ИкӀи, *япэ* къэхъуа глагол лӀэужьыгъуэхэр "*занщ*Ӏэ *глагол*"хэрауэ зэрыщытыр жытӀагъарэ гурыӀуэгъуэщи, абы *къык*Ӏэ*лъык*Ӏ*уэ* глагол къэхъуныгъэр "*префикс глагол*"хэрауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, "префиксиал глагол"хэм *иужь*щ "*суффиксиал глагол*"хэр къызэрыхъуари, абыхэми "*префиксиал суффиксиал глагол*" къэхъуныгъэр *къык*Ӏ*элъык*Ӏ*уа*уэ жыӀэпхъэщ. Дауи, "префикс"рэ "суффикс"хэр "занщӀэ глагол" нэужьращ утыку къыщихьари, ахэр зыхуэныкъуэрэ *абыхэмк*Ӏэ *лэжьэфыну глагол*хэращ икӀи "*префикс*"рэ "*суффикс*" *къэзыщт*эр. Аращи, "префикс"хэм хуэдэжу, "*суффикс*"*хэри япэрауэ зэрылэжьэну глагол* зы*хуэныкъуэ*хэрщ.

"Суффиксиал глагол"хэм теухуауэ ипэкӀэ къэтӀуэтахэмрэ "префиксиал глагол"рэ "занщӀэ глагол"хэм я зэхущытыкӀэм теухуауэ мыбдежым пытщэжахэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, "префиксиал глагол"хэм теухуауэ щхьэхуэу зы лэжьыгъэ Ӏыхьэ къегъэкӀуэкӀын зэрыхуейм хуэдэу мыбдежми "суффиксиал глагол"хэми теухуауэ щхьэхуэу зы лэжьыгъэ Ӏыхьэ къегъэкӀуэкӀын хуейщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, мы класификацэ тщӀа "**суффикс**"хэм къатехъукӀ "**суффиксиал глагол**"хэри **къызэрыхъу щӀыкӀэ**кӀэ "глаголхэм занщӀэу -префиксыншэу- "суффикс" хуэхъухэмрэ, къатехъукӀ "суффиксиал глагол"хэм теухуарэ, глаголхэм "префикс"кӀэрэ "суффикс" хуэхъухэмрэ, къатехъукӀ "префиксиал суффиксиал глагол"хэм теухуауэ гупитӀу зэрызэщхьэщыкӀынур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, мы гупитӀым дэтхэнэ зыр и кӀуэцӀкӀэ зэщхьэщыгъэкӀыпхъэу зэрыщытынури тлъытагъэхэщи, нытӀэ, мыхэри зыхиубыдэу мы илъабжьэм къедгъэкӀуэкӀыну лэжьыгъэр мыпхуэдэ Ӏыхьиплӏыу лъытапхъэщ:

- Глагол **псоми занщӀэу "суффикс"** яхуэхъухэмрэ, къатехъукӀ "**суффиксиал глагол**"хэм теухуауэ;

- Глагол **гуэрхэм занщӀэу "суффикс"** яхуэхъухэмрэ, къатехъукӀ **"суффиксиал глагол"**хэм теухуауэ;

- Глаголхэм **"префикс"кӀэрэ "суффикс"** яхуэхъухэмрэ, къатехъукӀ **"префиксиал суффиксиал глагол"**хэм теухуауэ;

- Глаголхэм **"игъуэ префикс"кӀэрэ "суффикс"** яхуэхъухэмрэ, къатехъукӀ **"префиксиал суффиксиал глагол"**хэм теухуауэ.

## ГЛАГОЛ ПСОМИ ЗАНЩӀЭУ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУФХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКӀ "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ

ИпэкӀэ "суффикс"хэм теухуауэ жытӀахэми къызэрыхэщщи, мы псэлъащхьэм щӀэдджыкӀыну "*суффикс*"хэр глаголхэм "*префикс*"*ыншэу* къыщтэфхэращ. Мы "суффикс"хэмкӀэ ухуэну "*суффиксиал глагол*"хэри "*префикс*"*ынш*эрэ "*суффикс*" *защ*Ӏэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщи, "*занщ*Ӏэ *глагол*" лӀэужьыгъуэхэрщ. Ар щыхъукӀи, мы "*суффиксиал глагол*"хэр *хуитр*э *занщ*Ӏэу -"кондицэ" гуэрым емылъытауэ- *лэжьэк*Ӏэ *зи*Ӏэ глаголхэрщ; - зыми емылъытарэ *хуиту щылажьэм* дежи, зи *лэжьэк*Ӏэр *зэмыхъуэкӀ* глаголхэрщ.

Мыхэр *иужьк*Ӏэ "*префикс*" къащтэу зэрыухуэжхэмрэ икӀи "*префиксиал глагол*"*хэм мы* "*суффикс*"хэр къащэтэу "*префиксиал суффиксиал глагол*"у зэрыухуэжхэмрэ "*префиксыбэ суффиксыбэ глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрыухуэжхэми щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

НытӀэ, "*суффикс*" жыхуэтӀэхэр *глагол*ым кӀэух хуэхъуу ар *зезыш*эрэ *зыгъэлэжьэ*фхэрщи, мыпхуэдэ къалэныр глаголым занщӀэу –зы "кондицэ"м емылъытауэ- хуэзыгъэзэщӀэфынури *а глаголыр зэрыщыту къызэрыпыщ*эрэ *зэрылажь*эр зыхузэфӀэкӀ *мыхьэнэ зи*Ӏэ *макъ*хэм ягъэзэщӀэфыну "*суффикс*" *къалэн*хэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мыпхуэдэхэр *зыхузэф*Ӏэк*Ӏыну макъхэм ягъэзэщ*Ӏэ*ну* "*суффикс*" къалэнхэу лъытапхъэщ мыхэри, глаголыр а зэрыщыту *къыпыщэрэ зэрыбагъуэ* е *лъэщу зылъытэ мак*ъхэм мыпхуэдэ "*суффикс*" къалэн ягъэзэщӀэфыну жыӀэпхъэщ. Мыпхуэдэ къалэн зыгъэзэщӀэфыну макъхэм щыщу лъытапхъэщ *ужьыгъуэ пыухытык*Ӏ*а* зи мыхьэнэ "Ӏ*у*"ри, *к*Ӏ*эух* зыхуэхъу *инфинитив* лӀэужьыгъуэ *глагол*ыр -и мыхьэнэкӀэ- *ужьыгъуэ*м хуэзышэу глаголыр и *ужьыгъуэм къыпыщ*эрэ *багъуэ*у зылъытэрщ; мыпхуэдэ "суффикс" къалэн игъэзэщӀэфыну лъытапхъэщ щыӀэгъуэрэ

щыӀэкӀэу кӀуэтэгъуэрэ бэгъуэныгъэ мыхьэнэ зиӀэу лъытапхъэ "щэ"ми, ар кӀэух зыхуэхъу глагол мыхьэнэри бэгъуэныгъэрэ лъэщыгъэу мэлъытэр.

Мы зи гугъу тщӀа макъхэр ягъэзащӀэ "суффикс" къалэнкӀэрэ зэщхьу лъытапхъэщи, мыбыхэм нэмыщӀ, "префикс" зыхуэмыныкъуэу "суффикс" къалэн зыгъэзащӀэ макъхэри щыӀэщ. Ауэ икӀи, мы зи гугъу тщӀахэм ебгъэщхь хъуну лъытапхъэщ зы *глагол мыхьэн*эр *ип*Ӏэ *зыгъуэта*рэ *зэпэщ*у зэрылъытэ "*п*" *макъ*ым (гъунапкъэрэ тенгенс зылъытэу) "*пэ*"*уэ* игъэзащӀэ "*суффикс*" къалэнри.

Мыбыхэм нэмыщӀ, дэтхэнэ зы *глаголыр аргуэру зыгъэлэжьэж "ж" мак*ъымрэ, дэтхэнэ зы *глаголыр и лъэк*Ӏ*ыныгъэк*Ӏ*э зылъытэ "ф" мак*ъым игъэзащӀэ "*суффикс*" *къалэн*хэри глаголхэм занщӀэу кӀэух яхуэхъурэ глаголхэр я лэжьэкӀэкӀэ зэзымыхъуэкӀхэрщ.

Дэтхэнэ зы глаголым кӀэух хуэхъуфу мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ, *дэтхэнэ зы глаголым к*Ӏ*эух хуэмыхъуф*ми, *занщ*Ӏ*эу* кӀэух хъуф "*суффикс*"хэри щыӀэщи, мыхэри мы псэлъащхьэм щӀэддзыкӀынщ. ИкӀи, *дэтхэнэ зы глаголым к*Ӏ*эух* язэры*хуэмыхъуф* мы "*суффикс*"хэр къэзыщтэну глаголхэри наӀуэу -*куэдыщэу* зэры*щымыт*ыр-гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэу глагол псоми темыухуарэ *глагол гуэрхэм к*Ӏ*эух* яхуэхъуф мы "*суффикс*"*хэмк*Ӏэрэ ухуэну "*суффиксиал глагол*" бжыгъэри *куэд* зэры*мыхъун*ури гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ, *дэтхэнэ зы глаголым* кӀэух хуэхъуф "*суффикс*"хэр "макъ глагол"рэ "макъыбэ глагол"хэм икӀи "занщӀэ глагол"рэ "префиксиал глагол"хэм я *зэхуэдэу* "*суффикс*" язэры*хуэхъуф*ынур гурыӀуэгъуэнщ. – Ауэ, мы псэлъащхьэм теухуауэ мыбдежым *япэрауэ* "*занщ*Ӏ*э глагол*"*хэм мы* "*суффикс*"*хэр* къызэращтэу утыку къихьэ "*суффиксиал глагол*"хэращ зи гугъу тщӀынури, мыбы *къык*Ӏ*элъык*Ӏ*уэуи*, мы "суффиксиал глагол"хэм "префикс" къащтэу икӀи "*префиксиал глагол*"*хэми мы* -"префикс" зыхуэмыныкъуэ- "*суффикс*"хэр *къащтэу* "*префиксиал суффиксиал глагол*"у ухуэжхэми я гугъу тщӀыуэ щапхъэхэр къахуэтхьынри игъуэщ. Дауи, "*префикс*" *зыхуэмыныкъуэ* мы "*суффикс*"хэр *глагол псоми к*Ӏ*уэх язэрыхуэхъуф*ым папщӀэ, мы "суффикс"хэмкӀэрэ "суффиксиал глагол"у ухуэну *глагол*хэри *къыхэхауэ* щытын *хуейкъым*; икӀи, мыбыхэм теухуа *щапхъэ*у къызыхуэтхыну *глагол* бжыгъэри *куэд* хъун *хуейуи щыткъым*.

НытӀэ, мыпхуэдэ "*суффикс*" къалэн зыгъэзащӀэ макъхэмрэ мыпхуэдэу утыку къихьэ "*суффиксиал глагол*" *л*Ӏ*эужьыгъуэ*хэм мы

илъабжьэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыщыхуэхъуу *щапхъэхэри* къахуэтхьынщ.

## "ЛЪЭЩЫГЪЭ"РЭ "ЕГЪЭЛЕИНЫГЪЭ" ЗЫЛЪЫТЭ "СУФФИКС"ХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКӀ "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР

*Япэрауэ*, мыпхуэдэу лъытапхъэщ *глаголыр* -норалу зэрылажьэ щӀыкӀэм елъытауэ- *лъэщрэ егъэлея*уэ *зэрылажьэ* щӀыкӀэр зэрылъытэ "*суффикс*"хэри, мыпхуэдэ "суффикс" къалэн зыгъэзащӀэ макъхэрщ мыхэр: «Ӏуэ, щэ».

Мы макъхэм дэтхэнэ зым и мыхьэнэм зэрелъытакӀэрэ мыпхуэдэ "суффикс" къалэн зэригъэзэщӀэфми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Мыпхуэдэ "суффикс" къалэн зыгъэзащӀэ зы макъыр "**Ӏу**"ращи, "*у*" макъым и *лимитац*эу "*ужьыгъуэ пыухытыкӀа* - Ӏ*ыхьэ*"уэ лъытапхъэ "*Ӏу*" макъыр дэтхэнэ зы псалъэм -"*глагол*"ым- *кӀэух* хуэхъуу зэрыкӀуатэр (э) а псалъэр -"глагол"ыр- зытеухуа Ӏ*уэхугъуэр ужьыгъуэ пыухытыкӀак*Ӏэрэ *зэрыкӀуат*эр (**Ӏуэ**) -ужьыгъуэ лъэныкъуэкӀэ зэрыкӀуатэр- зэрылъытэрщи, мыри а Ӏуэхугъуэм ужьыгъуэ игъуэту зэрыщытыр зылъытэрщ. Аращи, "*Ӏуэ*"р "*суффикс*" зыхуэхъу глаголыр –зытеухуа Ӏуэхугъуэр- *ужьыгъуэ пыухытыкӀак*Ӏэрэ -"Ӏу"кӀэрэ- *зекӀуэрэ кӀуатэу* (э) зэрыщытыр мэлъытэри, мыри а Ӏ*уэху*гъуэр зэры*багъуэ*рэ зэры*хэхъуэ*р зэрылъытэ щӀыкӀэрщ.

Дэтхэнэ зы *щыӀэр щхьэжу зылъыт*эрэ икӀи *щыӀэгъуэ лъабжьэ* мыхьэнэ зиӀэ "*щ*" макъым и *кӀуэтэгъуэ* (э) макъри (**щэ**) щыӀэм теухуа *бэгъуэныгъэ* зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, "щэ"р мы и мыхьэнэкӀэрэ зы глаголым кӀэху хуэхъуу "*суффикс*" къалэн щыхуэхъум деж, а *глаголыр лъэщ*рэ *куэдыщ*эу зэры*лажьэ*у зэрылъытэнури гурыӀуэгъуэнщ. – ИкӀи, "*щэ*"р икӀи адыгэбзэм щхьэжу *куэдагъ* зэрылъытэу зэрыхэлэжьыхьри гурыӀуэгъуэнщи, умыбжын хуэдиз куэдагъэр зэрылъытэу бзэм хэлэжьыхь "щэ"р иужькӀэ зы бжыгъэцӀэ зэрыхъуари мыбдежым дигу къыщыгъэкӀыжыпхъэщ.

НытӀэ, "Ӏ*уэ*"рэ "*щэ*"уэ мы зи гугъу тщӀа макъхэр "*суффикс*" къалэнкӀэ кӀэух зыхуэхъу *глагол*хэр *а зэрыщыту занщ*Ӏ*эу лъэщрэ егъэлеяуэ* зэрылажьэу ухуэж "суффиксиал глагол" щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «кӀуэн → "кӀуэӀуэн; кӀуэщэн»; |

- «псэлъэн → ″псэлъэӀуэн; псэлъэщэн»;
- «щӀын → ″шӀыӀуэн; шӀыщэн».

## ″ЗЭРЫХЪУН ХЪУА″РЭ ″ЗЭПЭЩ″У ЗЫЛЪЫТЭ ″СУФФИКС″ХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКӀ ″СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭР

Мы зи гугъу тщӀахэм хуэдэу лъэщрэ куэдыгъэ имылъытэми, мы зи гугъу тщӀа ″суффикс″хэм хуэдэу лъытапхъэ зы ″*суффикс*″щ ″**пэ**″ макъми игъэзащӀэр. Зэрыгурыӏуэгъуэу, дэтхэнэ гуэрым *тенгенс* щӀыкӀэкӀэ *нэс*ыныгъэр –зы ″пунктэ″кӀэ нэсрэ лъэӀэсыныгъэр- зылъытэрщ ″*п*″ *макъ мыхьэн*эр. НытӀэ, мы зэрыжытӀауэ, дэтхэнэ гуэрым и *пкъыгъуэ*р -″*корпус*″ыр- и *гъуэ*рэ *гъунапкъ*экӀэ лъытэныр -а *пкъыгъуэ*р *дэтхэнэ и зы щӀып*ӀэкӀэрэ теӀэбапӀэу лъытэныр- ар зэрызэпкъырылъэ зэрыхъуа щӀыкӀэу лъытэнырщи, дэтхэнэ гуэрыр мыпхуэдэу *зэрыхъун хуей зэрыхъуа*рэ игъуэрэ *ипӀэ зыгъуэта*уэ *зэрыщыт*ри ″*п*″ *кӀуэтэгъуэк*Ӏэ (пэ) зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. – Мыр икӀи бзэм текъузауэ ″ппэ″уи къэӀуу хэлэжьыхьу зэрыщытар къыхэгъэщыпхъэщи, ар нобэ бзэм ″пэ″уэ мы къызэрыӀу щӀыкӀэу хэлэжьыхь хъуащ.

НытӀэ, зы гуэрыр –глаголыр, Ӏуэхугъуэр- зэрыхъун хъуарэ зэпэщу зэрыщытрэ зэрылажьэр ″*пэ*″р *глагол*ым ″*суффикс*″ зэрыхуэхъуу зэрылъытапхъэр наӀуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къыпытщэнщ:

- «кӀуэн → кӀуэпэн»;
- «псэлъэн → псэлъэпэн»;
- «щӀын → щӀыпэн».

## ″АРГУЭРУ ЗЫЛЪЫТЭ″РЭ (ЗЫЛЪЫТЭЖ) ″ЛЪЭКӀЫНЫГЪЭ″ ЗЫЛЪЫТЭ ″СУФФИКС″ХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКӀ ″СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭР

Мы зи гугъу тщӀа ″суффикс″хэм хуэдэу глагол псоми кӀэух хуэхъуфу а глагол зэпкъырыувэкӀэр зэзымыхъуэкӀрэ а зэрыщыту -″занщӀэ глагол″у- къызэтенэж нэгъуэщӀ ″*суффикс*″хэрщ мыбдежым зи гугъу тщӀыну ″*ж, ф*″ *мак*ъхэри, мыбыхэм ягъэзащӀэ ″суффикс″ лӀэужьыгъуэ къалэнхэр ипэкӀэ зи гугъу тщӀа ″суффикс″хэм къазэрыщхьэщыкӀри псэлъащхьэм гурыӀуэгъуэ къытхуещӀыр.

Аращи, и макъ мыхьэнэм зэрелъытауэ ″**генератикэ зэпыщӀэ**″ныгъэ къалэн зэригъэзащӀэм зэрезэгъкӀэ, *кӀэух* зыхуэхъу **глаголыр** а зэрыщыту

-*аргуэру*- **зылъытэж**у глаголыр *езым* **зыпызыщІэж**ырщ **"ж"** макъри, **"суффикс"** къалэн зыхуигъэзащІэ дэтхэнэ зы *глагол*ыр *а зэрыщыту аргуэру мэлъыт*эр.

НытІэ, глаголхэм *"ж"*ыр *"суффикс"* къалэнкІэрэ кІэух хуэхъуу зэрыухуэж *"суффиксиал глагол"* щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «кІуэн → кІуэжын»;
- «псэлъэн → псэлъэжын»;
- «щІын → щІыжын».

*

**КъарууфІэ**рэ **лъэкІыныгъэ** мыхьэнэ иІэу лъытапхъэ **"ф"** макъми игъэзащІэ **"суффикс"** къалэныр мы и мыхьэнэм теухуащи, кІэух зыхуэхъу **глаголыр** *къару*рэ **лъэкІ - зэфІэкІ** мыхьэнэкІэ лажьэу зэрылъытэу зэпкъыроувэр:

- «кІуэн → кІуэфын»;
- «псэлъэн → псэлъэфын»;
- «щІын → щІыфын».

Япэрауэ мы ипэкІэ зи гугъу тщІа "суффикс"итІыр я мыхьэнэхэм зэрелъытащи, *зыр зым к*Іэ*лъык*І*уэф*у глаголхэм *"суффикс" яхуэхъуф*ынуи лъытапхъэщ. Аращи, генератикэ зэпыщІэныгъэ зыгъэзэщІэф **"ж"** макъыр зи кІэух *глаголыр езым генератикэу зыпызыщ*Ірэ езыр зылъытэж *"суффикс"*у зэрыщытым нэмыщІ, *лъэкІыныгъэ* зылъытэ **"ф"** макъри зи кІэух *глагол*ыр и *лъэкІыныгъэ*кІэ зэрылъытэ *"суффикс"*у зэрыщытми зэрезэгъкІэ, *тІури зыр зым къы***кІэлъыкІуэ***ф*у глаголхэм *"суффикс"* щыхуэхъум деж, глаголым *"езыр зэрыухуэжыф"*рэ глаголыр *"зэрыухуэфыж"*ыр зылъытэу я зэкІэлъхьэужьыкІэр зэхъуэкІыфу **"суффикситІ"** зыхэзыубыдэ *"глагол" л*І*эужьыгъуит*І зэрыухуэжыфынури гурыІуэгъуэнщ:

- «кІуэн → "кІуэжыфын – кІуэфыжын"»;
- «псэлъэн → "псэлъэжыфын – псэлъэфыжын"»;
- «щІын → "щІыжыфын – щІыфыжын"».

Ауэ, глаголыр езым генератикэу зыпызыщІэ "суффикс"ыр "глагол"ым къыкІэлъыкІуэ кІэухыу щытыныр нэхъ игъуэу лъытапхъэщи, "ж" кІэух къищтэу ухуа "суффиксиал глагол"ми и лъэкІыныгъэ зэрылъытэу **"ф"**ыр **"ж"**ым къы**кІэлъыкІуэ**у "суффикс" хъунур нэхъ игъуэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ икІи бзэми хроникэ зэрыхэхъухьарэ щызэрызекІуэр:

- «кІуэн → кІуэжыфын»;
- «псэлъэн → псэлъэжыфын»;

- «щӀын → щӀыжыфын».

## ГЛАГОЛ ПСОМИ ЗАНЩӀЭУ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУХЭР ЗЭГЪУСЭУ ЗЫХЭЗЫУДЭУ УХУЭ "**СУФФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ**"ХЭР

Мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэр дэтхэнэ зы *глагол*ым *зэгъусэ* - *зэк*Ӏ*элъык*Ӏ*уэ "суффикс" къызэрищтэф*ым теухуа щапхъэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ; ауэ икӀи, мы щапхъэхэр "*ж*"ымрэ "*ф*"ым теухуауэ "*суффикс" зэк*Ӏ*элъхьэужьык*Ӏ*э щапхъэ*уи зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Аращи, мы къэта щапхъэхэр суффиксыбэм хиубыдэ "суффикс"хэм я зэкӀэлъхьэужьыкӀэри къызыхэщ "*суффиксыбэ глагол*" щапхъэхэрщ.

НытӀэ, мы ипэкӀэ "суффикс"итӀ зыхэзыубыдэу къэта щапхъэхэм нэмыщӀ, "*префикс*" *зыхуэмынык*ъуэ "*суффикс*"*хэмк*Ӏэ утыку къихьауэ ипэкӀэ щапхъэуи къэдгъэлъэгъуа "**суффиксиал глагол**"хэр я "**суффикс**"**хэмкӀэ зэрыбагъуэ** щӀыкӀэу къатехъукӀ "**суффиксыбэ глагол**" лӀэужьыгъуэхэр *лъэбакъуэ лъэбакъуэу* утыку къызэрихьэ *щапхъэхэр*и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «кӀуэӀуэн; кӀуэщэн» → «кӀуэӀуэжын – кӀуэжыӀуэн, кӀуэӀуэфын – кӀуэфыӀуэн, кӀуэӀуэжыфын – кӀуэжыӀуэфын – кӀуэжыфыӀуэн; кӀуэжыпэн»; «кӀуэщэжын – кӀэжыщэн; кӀуэщэфын – кӀуэфыщэн; кӀуэщэжыфын – кӀуэжыщэфын – кӀуэжыфыщэн; кӀуэжыпэн»;
- «псэлъэӀуэн; псэлъэщэн» → «псэлъэӀуэжын – псэлъэжыӀуэн, псэлъэӀуэфын – псэлъэфыӀуэн, псэлъэӀуэжыфын – псэлъэжыӀуэфын – псэлъэжыфыӀуэн; псэлъэжыпэн»; «псэлъэщэжын – псэлъэжыщэн; псэлъэщэфын – псэлъэфыщэн; псэлъэщэжыфын – псэлъэжыщэфын – псэлъэжыфыщэн; псэлъэжыпэн»;
- «шӀыӀуэн; шӀыщэн» → «щӀыӀуэжын – щӀыжыӀуэн; щӀыӀуэфын – щӀыфыӀуэн; щӀыӀуэжыфын – щӀыжыӀуэфын – щӀыжыфыӀуэн; щӀыжыпэн»; «щӀыщэжын – щӀыжыщэн; щӀыщэфын – щӀыфыщэн; щӀыщэжыфын – щӀыжыщэфын – щӀыжыфыщэн; щӀыжыпэн».

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы ипэкӀэ къэта щапхъэ гуэрхэм зэрыхэплъагъуэу, "*суффикс*" *гуэрхэм я зэк*Ӏ*элъхьэужьык*Ӏэр зэрыз*эхъуэк*Ӏ*ыф*ыр гурыӀуэгъуэщи, мыбыхэм бзэм нэхъ щызекӀуэхэри яхэтщ.

- КӀэух зыхуэхъу псалъэр *лъэщрэ егъэлеиныгъэу зылъьытэ* "*суффикс*"хэрщ "*Ӏуэ, щэ*"ри, ахэри мы зэрытха щӀыкӀэу *зэрызэк*Ӏ*элъык*Ӏ*уэу* псалъэхэм *к*Ӏ*эух* язэры*хуэхъуфын*ури жыӀэпхъэщ. Ауэ, *бзэм куэдыщэу щызeмык*Ӏуэми, къызэрыӀуэтапхъэри гурыӀуэгъуэнщ:

«кӀуэӀуэщэн; псэлъэӀуэщэн; щӀыӀуэщэн».

- Зэрыгурыӏуэгъуэу, ″пэ″ кӏэухыр а ӏуэхур зэрыхъун зэрыхъуа дыдэ зылъытэ ″суффикс″ырщи, абы лъэщрэ егъэлеинигъэ зылъытэ ″ӏуэ, щэ″ суффиксхэр къыкӏэлъыкӏуэныр игъуэкъым. Мыбы хуэдэу лъытапхъэщи, зэрыхъун хъуа зылъытэ ″пэ″м ипэ лъэщрэ егъэлеиныгъэ зылъытэ ″ӏуэ, щэ″ суффиксхэри игъуащэкъым. Дауи, ″пэ″м ″ӏуэ, щэ″р къыкӏэлъыкӏуэн нэхърэ ″пэ″м ипэ ″ӏуэ, щэ″ри къиухуэу ″суффиксыбэ глагол″хэр ухуапхъэуи жыӏэпхъэнщи, ипэкӏэ къэта щапхъэхэм химыубыдэ мы щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «кӏуэӏуэпэн, кӏуэщэпэн»; «псэлъэӏуэпэн, псэлъэщэпэн»; «щӏыӏуэпэн, щӏыщэпэн». |

- Мыбыхэм нэмыщӏ, *лъэкӏыныгъэ* зылъытэ ″*ф*″ *суффикс нэужь*ми *зэрыхъун хъуар зылъытэ* ″*пэ*″ *суффикс* къыпыхьэнри игъуэу зэры*мылъытапх*ъэр гурыӏуэгъуэнщи, мы ипэкӏэ къэта щапхъэхэм мыпхуэдэхэри хэплъагъуэкъым. Ауэ, мыпхуэдэ псалъэхэр къэмыӏуэтапхъэрэ земыхьапхъуи жыӏэпхъэкъым:

| |
|---|
| «кӏуэфыпэн; псэлъэфыпэн; щӏыфыпэн». |

- Зэгъусэу ″суффикс″ мыхъуну тлъытауэ мы зи гугъу тщӏа ″суффикс″хэм адрей ″суффикс″хэр дэщӏыгъуу ухуэну ″суффиксыбэ глагол″хэри къэта щапхъэхэм зэрыхэмытри нэрылъагъущ.

## МЫ ″СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ ″ПРЕФИКС″, ″ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМИ МЫ ″СУФФИКС″ХЭР КЪАЩТЭУ УХУЭ ″**ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ**″ХЭР

**Глагол псоми занщӏэу ″суффикс″ яхуэхъуу ухуа ″суффиксиал глагол″хэм ″префикс″и къащтэу ухуэ ″префиксиал суффиксиал глагол″хэр.**

″Префикс″ зыхуэмыныкъуэ ″суффикс″хэмкӏэ ″суффиксиал глагол″ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр мы ипэкӏэ къыщыдгъэлъэгъуащ; икӏи, ″суффикс″хэр зэгъусэу ухуэ ″суффиксыбэ глагол″ щапхъэхэри къыпытщэжащ. ″Префикс″ зыхуэмыныкъуэ ″суффикс″хэр глаголхэм занщӏэу къызэрыпыхьэу утыку къихьэ ″суффиксиал глагол″хэр ″занщӏэ глагол″ лӏэужьыгъуэу зэрыщытхэр ипэкӏи жытӏагъащи, нытӏэ, мыпхуэдэ ″суффикс″хэр зэгъусэу глаголхэм къащтэу утыку къихьэ глаголхэри ″суффиксыбэ глагол″у лъытапхъэщ; икӏи, мыхэри ″занщӏэ глагол″ лӏэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэщ.

Ауэ икӏи, ″префикс″ зыхуэмыныкъуэу ухуауэ мы зи гугъу тщӏы ″суффиксиал глагол″хэм икӏи ″префикс″и къызэращтэфынур

гурыӀуэгъуэнщи, ″*суффиксиал глагол*″хэр ″*занщ*Ӏэ *глагол*″ лӀэужьыгъуэу щытми, абыхэм ″*префикс*″ *къищта нэужь*, а ″*префикс*″*ымк*Ӏэ *лъыта* ″*кондицэ*″*м елъыта лэжьэк*Ӏэ зэрагъуэтынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″занщӀэ глагол″ лӀэужьыгъуэу щыт ″суффиксиал глагол″ым ″префикс″ къищта нэужь, ″префиксиал глагол″ лӀэужьыгъуэу зэрылъытапхъэнури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, къызытехъукӀарэ зи *лъабжьэр* ″*суффиксиал глагол*″у зэрыщытым папщӀэ, ″префикс″ къищтэу мы зэрыухуэнур -зэ щхьэ- ″*суффиксиал префиксиал глагол*″у лъытапхъэуи жыӀэпхъэнщ.

Ауэ икӀи, ″префикс″ зыхуэмыныкъуэ ″суффикс″хэр кӀэух зыхуэхъу глаголыр зэрызимыхъуэкӀыр жытӀагъащи, нытӀэ, мы ″суффикс″хэр зы ″префиксиал глагол″ми зэрылажьэ щӀыкӀэр зэримыхъуэкӀыу къызэрыпыхьэфынур гурыӀуэгъуэнщи, ″префиксиал глагол″ым ″суффикс″ къызэрищтэу мы утыку къихьэну глаголыр ″**префиксиал суффиксиал глагол**″у лъытэныр зэры*игъуэ*ри наӀуэщ.

Мыбдежым аргуэру дигу къэдгъэкӀыжынщ глаголхэр хуитрэ елъытэныгъэу зэрылажьэ щӀыкӀэхэм теухуауэ зэрызэщхьэщыкӀри, ″префикс″ зимыӀэ глаголхэр хуиту лэжьэкӀэ зиӀэ глагол лӀэужьыгъуэхэу - ″занщӀэ глагол″хэу- зэрыщытымрэ, зы ″кондицэ″м елъытарэ ″префикс″ зиӀэ глаголхэри елъытэныгъэкӀэрэ лажьэ глаголхэу -″префиксиал глагол″хэу- зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, утыку къызэрихьарэ *хуиту* зэры*лажьэ*р гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуа ″*суффиксиал глагол*″хэм ″*префикс*″ къыщащтэм деж, зы ″префиксиал глагол″ лӀэужьыгъуэ утыку къызэрихьэнур гурыӀуэгъуэщи, мыр ″суффиксиал глагол″ лъабжьэ хуэхъуу зэрыухуам папщӀэ, ″суффикс″ыр ипэ игъэщауэ ″суффиксиал префиксиал глагол″у лъытапхъэми и лэжьэкӀэр ″префиксиал глагол″ лӀэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэ ″префиксиал суффиксиал глагол″у лъытэнри нэхъ игъуэу зэрыщытри наӀуэщ.

Аращи, макъыбэу ухуа зы псалъэ зэпкъырыувэкӀэм хиубыдэу ипэ къэӀу макъыр къыкӀэлъыкӀуэ макъыр зэлъытаращи, *ипэ къэӀу макъыр нэхъапэ*уи зэрыщытым зэрезэгъкӀэ, *псалъэ зэпкъырыувэк*Ӏ*эм теухуауэ нэхъыщхьэ*щ; *к*Ӏ*эух мак*ъри а *псалъэ мыхьэнэр зыдэк*Ӏ*уэ*р зылъытэрэ *зезыш*эрщ. Глагол зэпкъырыувэкӀэм теухуауи мыпхуэдэщи, *глагол лэжьэк*Ӏ*эм теухуауэ* ″*префикс*″*ыр* ″суффикс″ым *нэхъапэщ*. ИкӀи, бзэ лэжьэкӀэм зэрыхэхьам теухуауи мыпхуэдэщи, ″префиксил глагол″хэр ″суффиксиал глагол″хэм елъытауэ нэхъапэу утыку къихьарэ лэжьэкӀэ

зыгъуэтахэрщ. Зэрыгурыӏуэгъуэу, *глагол*ыр и *лэжьэкӏэкӏэ класификацэ* щӏын ӏуэхугъуэм теухуауи ″*префикс*″ыр нэхъыщхьэрщ; ар *хуиту лажьэ глаголым елъытэныгъэ лэжьэкӏэ зэригъуэт*ырщ. Нытӏэ, зы глаголым ″*префикс*″ *иӏэу щытмэ*, абы *и лэжьэкӏэр а* ″*префикс*″*ым елъытащи*, *елъытэныгъэ лэжьэкӏэ зиӏэ* зы *глагол* *лӏэужьыгъуэу* ″*префиксиал глагол*″щ. Ар щыхъукӏи, ″*суффиксиал префиксиал глагол*″ *нэхърэ* ″*префиксиал суффиксиал глагол*″ыр нэхъ игъуэщ.

Мы жытӏахэм зэрезэгъщи, ипэкӏэ щапхъэу къэтхьа ″*суффиксиал глагол*″*хэм* ″*префикс*″ къызэращтэу *зэрыухуэ*хэм теухуауэ мы илъабжьэм къэдгъэлъэгъуэну *глагол* (″суффиксиал префиксиал глагол″!) *щапхъэхэр* икӏи а ″*префикс*″*хэр зиӏэу* ухуа ″*префиксиал глагол*″*хэм* мы ″*суффикс*″хэр къащтэу *зэрыухуэж глагол* (″префиксиал суффиксиал глагол″) *щапхъэхэр* зэхуэдэ глаголхэу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ.

Нытӏэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкӏэ зи гугъу тщӏа ″*суффикс*″ *гуэрхэр* (пп: ″ӏуэ, щэ″) зыхэзыубыдэ щапхъэу къэдгъэлъэгъуа ″**суффиксиал глагол**″ *гуэрхэм* ″**префикс**″ *гуэрхэр* -икӏи ″*щӏып*ӏэ″рэ ″*щӏык*ӏэ″ лӏэужьыгъуэ ″*префикс*″ гупитӏым щыщхэу- **къащтэу зэрыухуэж**хэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «кӏуэӏуэн; кӏуэщэн» → «къэкӏуэӏуэн, зэ(дэ)кӏуэӏуэн, хуэкӏуэӏуэн, фӏэкӏуэӏуэн; къэкӏуэщэн, зэ(дэ)кӏуэщэн, хуэкӏуэщэн, фӏэкӏуэщэн»;
- «псэлъэӏуэн; псэлъэщэн» → «щыпсэлъэӏуэн, зэпсэлъэӏуэн, щӏэпсэлъэӏуэн, фӏэпсэлъэӏуэн; къуэпсэлъэщэн, хэпсэлъэщэн, хуэпсэлъэщэн, щыпсэлъэщэн»;
- «шӏыӏуэн; шӏыщэн» → «щыщӏыӏуэн, зэ(дэ)щӏыӏуэн, щӏэщӏыӏуэн, фӏэщӏыӏуэн; къуэщӏыщэн, хэщӏыщэн, хуэщӏыщэн, щыщӏыщэн»;

Зэрыжытӏауэ, зи гугъу тщӏа ″суффиксиал глагол″хэм мы ″префикс″хэр къызэращтэу зэрыухуэжауэ мы къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэр икӏи мы ″префикс″хэр зиӏэу ухуа ″префиксиал глагол″хэм мы ″суффикс″хэр къызэращтэу зэрыухуэж глаголхэм хуэдэу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэщи, мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнущ. Ауэ, ипэкӏи къызэрыхэдгъэщащауэ, мыпхуэдэу зэхуэпхэндж щӏыкӏэу лӏэужьыгъуитӏыу утыку къихьэ глаголхэр я зэхуэдэу ″*префиксиал суффиксиал глагол*″ лӏэужьыгъуэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ.

**Глагол псоми занщӏэу ″суффикс″ яхуэхъухэр ″префиксиал глагол″хэми къащтэу ухуэ ″префиксиал суффиксиал глагол″хэр.**

Зэрыжытӏауэ, мыбдежым зи гугъу тщӏынухэр ″*префиксиал глагол*″*у ухуагъэхх*эм мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏа ″*суффикс*″*хэр къызэращт*эу зэрыухуэжхэращ. Аращи, ″префиксиал глагол″у щытыххэрэ ″префикс″ зиӏэххэ глаголхэм ″суффикс″ къызэрищтэм зэрезэгъкӏи, хуиту **″префиксиал суффиксиал глагол″**хэу лъытапхъэхэрщ.

Мыхэр ″префиксиал суффиксиал глагол″у зэрылъытапхъэм хуэдэу тлъытагъащ ипэкӏэ ″суффиксиал глагол″хэм ″префикс″ къызэращтэу ухуахэри, ахэри ″суффиксиал префиксиал глагол″у лъытэн нэхърэ ″префиксиал суффиксиал глагол″у лъытэныр нэхъ игъуэу зэрыщытри къыхэдгъэщауэ щытащ.

Нытӏэ икӏи, мыпхуэдэу *лъэныкъуитӏкӏэ къэхъу мы глаголхэр* зэхуэдэу ″*префиксиал суффиксиал глагол*″у *зэрылъытапхъэ*ми *лъабжьэ* хуэхъур ″*префикс*″хэр -″суффикс″хэм елъытауэ- *нэхъыщхьэ*у зэрылъытапхъэм зэрытеухуари къыхэдгъэщагъащ. Ауэ икӏи, мы зэхуэдэу зэрылъытапхъэми зэрезэгъщи, ипэкӏэ ″*суффиксиал глагол*″*хэм* ″*префикс*″ къызэращтэу ухуэж ″префиксиал глагол″ лӏэужьыгъуэхэр икӏи *а* ″*префикс*″*хэмкӏэ ухуагъэххэ* ″*префиксиал глагол*″*хэм а* ″*суффикс*″хэр къызэращтэу зэрыухуэжу утыку къызэрихьэнури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, *ипэкӏэ къэта* ″*префиксиал суффиксиал глагол*″*хэр* мы *илъабжьэм къэтхьыну* ″*префиксиал суффиксиал глагол*″хэм зэры*хэплъэгъуэну*р гурыӏуэгъуэнщ.

Нытӏэ, мы ипэкӏэ дэтхэнэ зы ″*суффиксиал глагол*″ым ″*префикс*″ къищтэу къытехъукӏа дэтхэнэ зы ″*префиксиал суффиксиал глагол*″ыр зыхэплъэгъуэнур *мы* глаголым хиубыдэ ″*префикс*″*кӏэ ухуа* дэтхэнэ зы ″*префиксиал глагол*″ым а глаголым хиубыдэ ″*суффикс*″ къызэрищтэу ″*префиксиал суффиксиал глагол*″у зэрыухуэращи, мы илъабжьэм къэтхьыну щапхъэхэри мыпхуэдэщ.

Икӏи, мы ипэкӏэ ″*префикс*″хэр ″*щӏып*ӏэ″рэ ″*щӏык*ӏэ″ лӏэужьыгъуэу зэрытлъытами теухуащ мы илъабжьэм къэдгъэлъэгъуэну щапхъэхэри, нытӏэ, мы ″*префиксиал глагол*″хэр бжыгъэу куэд зэрыхъунум зэрезэгъкӏи, къащтэ ″суффикс″кӏэрэ утыку къихьэну ″префиксиал суффиксиал глагол″хэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъунури гурыӏуэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «къэкӏуэн → къэкӏуэӏуэн, къэкӏуэщэн»; |
| - «зэ(дэ)кӏуэн → зэ(дэ)кӏуэӏуэн, зэ(дэ)кӏуэщэн»; |
| - «хуэкӏуэн → хуэкӏуэӏуэн, хуэкӏуэщэн»; |

- «фӀэкӀуэн → фӀэкӀуэӀуэн, фӀэкӀуэщэн»;
---------------------------------------------------------------------------------------------------
- «щыпсэлъэн → "щыпсэлъэӀуэн, щыпсэлъэщэн"»;
- «зэпсэлъэн → "зэпсэлъэӀуэн, зэпсэлъэщэн"»;
- «щӀэпсэлъэн → "щӀэпсэлъэӀуэн, фӀэпсэлъэӀуэн"»; «къуэпсэлъэн → "къуэпсэлъэӀуэн, къуэпсэлъэщэн"»;
- «хэпсэлъэн → "хэпсэлъэӀуэн, хэпсэлъэщэн"»;
- «хуэпсэлъэн → "хуэпсэлъэӀуэн, хуэпсэлъэщэн"»;
- «щыпсэлъэн → "щыпсэлъэӀуэн, щыпсэлъэщэн"»;
---------------------------------------------------------------------------------------------------
- «щыщӀын → "щыщӀыӀуэн, щыщӀыщэн"»;
- «зэ(дэ)щӀын → "зэ(дэ)щӀыӀуэн, зэ(дэ)щӀыщэн"»;
- «щӀэщӀын → "щӀэщӀыӀуэн, щӀэщӀыщэн"»;
- «фӀэщӀын → "фӀэщӀыӀуэн, фӀэщӀыщэн"»;
- «къуэщӀын → "къуэщӀыӀуэн, къуэщӀыщэн"»;
- «хэщӀын → "хэщӀыӀуэн, хэщӀыщэн"»;
- «хуэщӀын → "хуэщӀыӀуэн, хуэщӀыщэн"»;
- «щыщӀын → "щыщӀыӀуэн, щыщӀыщэн"»;

## МЫ "СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ "ПРЕФИКСЫБЭ", "ПРЕФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"ХЭМИ МЫПХУЭДЭ "СУФФИКСЫБЭ" КЪАЩТЭУ УХУЭ **"ПРЕФИКСЫБЭ СУФФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"**ХЭР

Глаголыр -"занщӀэ"рэ "префиксиал"у- зэрылэжьэну щӀыкӀэр зэзымыхъуэкӀ "суффикс"хэрщ мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэри, "*префикс*" *хуэмыныкъуэ* "*суффикс*"хэрщ. ИпэкӀэ къэта щапхъэхэми къызэрагъэлъагъуэу, мы "суффикс"хэмкӀэрэ "*занщӀэ глагол*"хэр "*суффиксиал занщӀэ глагол*"*у зэрыухуэж*ыфыр гурыӀуэгъуэщ. Мы "суффиксиал глагол"хэм хиубыдэхэр "суффиксыбэ"у зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэгнщи, мы "суффиксыбэ глагол"хэри "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ; икӀи мыбыхэм теухуа щапхъэхэри мы ипэкӀэ къэтагъэхххэщ.

Ауэ икӀи, мы "*суффиксиал глагол*"хэм "*префикс*"хэр къащтэу зэрыухуэжыфынурэ икӀи мы "*суффикс*"хэр "*префиксиал глагол*"хэми къызэращтэфыр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ щӀыкӀитӀыу ухуа глаголхэри "*префиксиал суффиксиал глагол*"хэу зэрылъытари наӀуэщ. Мыпхуэдэми щыгъуазэ дыхуэхъуу теухуа щапхъэхэри мы ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуагъэхххэщ.

Мы ″префиксиал суффиксиал глагол″хэр зэрыухуа щӀыкӀэхэр мы лъэныкъуитӀым дэтхэнэрауи щырет, мыбыхэм зы ″префикс″рэ зы ″суффикс″ зэрыхиубыдэри гулъытапхъэщи, мыбыхэм ″префикс″рэ ″суффикс″у хиубыдэфынури зэрыбэгъуэфынур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мыхэр ″*префиксыбэ*″рэ ″*суффиксыбэ*″ зыхиубыдэу зэрыухуэфынур гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэну глаголхэри ″**префиксыбэ суффиксыбэ глагол**″у зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мыбдежым мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри къэгъэлъэгъуапхъэщ.

Аращи, ипэкӀэ *зы* ″*префикс*″рэ *зы* ″*суффикс*″кӀэ ухуауэ щапхъэу къэта ″*префиксиал суффиксиал глагол*″ гуэрхэм ″**префикситӀ**″рэ -е нэхъыбэ- ″**суффикситӀ**″ -е нэхъыбэ- къызэращтэу утыку къихьэ мы ″*префиксыбэ суффиксыбэ глагол*″ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «къэкӀуэӀуэн → ″къыхуэкӀуэӀуэфын, зэдыфӀэкӀуэӀуэжыфын″»; |
| - «къэкӀуэщэн → ″къыхуэкӀуэфыщэн – къыхуэкӀуэщэфын″»; |
| - «зэ(дэ)кӀуэӀуэщэн → ″зэдыфӀыхуэкӀуэжыщэн – зэдыфӀыхуэкӀуэщэжын″»; |
| ---------------------------------------------------------------------------------------------------- |
| - «щыпсэлъэӀуэн → ″щыхуэпсэлъэӀуэжын, щыфӀыхуэпсэлъэӀуэжыфын″»; |
| - «щыпсэлъэщэн → ″щыфӀыхуепсэлъэщэжын, щыфӀыхуепсэлъэжыфыщэн - щыфӀыхуепсэлъэщэжыфын″»; |
| - «зэпсэлъэӀуэн → ″щӀызэпсэлъэӀуэпэн, щӀызэпсэлъэӀуэпэжын, щӀызэпсэлъэӀуэпэжыфын»; |
| - «зэпсэлъэщэн → щӀызэпсэлъэщэжын – щӀызэпсэлъэжыщэн, щӀызэпсэлъэжыфыщэн – щӀызэпсэлъэжыфыщэн″»; |
| ---------------------------------------------------------------------------------------------------- |
| - «щыщӀыӀуэн → щызэдэщӀыӀуэжын, щыхузэдэщӀыӀуэфыжын»; |
| - «щыщӀыщэн → щыфӀыхуэщӀыжыщэн - щыфӀыхуэщӀыщэжын, щызэдыфӀыхуэщӀыжыфӀыщэн - щызэдыфӀыхуэщӀыщэжыфӀын»; |

## ГЛАГОЛ ГУЭРХЭМ ЗАНЩӀЭУ ″СУФФИКС″ ЯХУЭХЪУХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКӀ ″СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мыпхуэдэ лъытапхъэ зы ″суффикс″ лӀэужьыгъуэри, ″хь″ макъращи, и макъ мыхьэнэкӀэрэ ″хь″ макъыр кӀэух зыхуэхъуу ухуа псалъэ зэмылӀэужьыгъуэхэри щыӀэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэрщ -псалъэм папщӀэ- ″кӀыхь, тыхь, дзыхь, щхъухь″ хуэдэ псалъэхэр. Дауи, глаголыр зытеухуа Ӏуэхугъуэр зэрыгъэзащӀэм зы *зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ* щихьым дежщ ″*хь*″ым ″*суффикс*″ *къалэн* игъэзащӀэу глаголхэм кӀэух язэрыхуэхъури,

нэхъыбэм дежи, *"хь" макъыр "префикс"к*Iэрэщ глаголхэм *"суффикс"* язэрыхуэхъур. "Хь" макъым "префикс"кIэрэ "суффикс" къалэн зэригъэзащIэми игъуэ щыхъум деж щыгъуазэ дыхуэхъунущ; ауэ мыбдежым "хь"ым "суффикс" къалэн зэригъэзащIэу зи гугъу тщIынур "хь"ыр *"префикс"к*Iэрэ *"суффикс"* зэрыхъум *теухуакъыми*, *"префикс"ыншэу "суффикс" зэрыхъу*рэ мыпхуэдэуи *"суффиксиал глагол"* утыку къызэрихьэм теухуащ.

НытIэ, зы *глагол*ым зы *зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ зэрихь*ыр зэрылъытэ *"суффикс"*у *"хь"*ыр кIэух зэрыхуэхъум теухуащ зи гугъу тщIыну *"занщ*Iэ *глагол"* лIэужьыгъуэр. Аращи, *"шэн"* Iуэхугъуэр зы *щIыпIэм хуэмык*Iуэу, *зы лэжьыгъэи зэрихь*кIэрэ гъэзащIэу щытмэ, мыр *"шэн"* глаголым *"префикс"ыншэу "хь"* макъыр *"суффикс"*у къищтэнщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, *"шэн"* глагол *"объект"ыр езым ешэк*I *защ*Iэ*к*Iэрэ гъэзащIэу щытмэ, мыр *"шэн" глагол*ым *занщ*Iэ*у* **"хь"** макъыр **"суффикс"** зэрыхуэхъукIэрэ къызэрыIуэтапхъэр гурыIуэгъуэнщ:

| |
|---|
| «шэн → шыхьын». |

"Хь" макъым нэмыщI, глаголхэм занщIэ *"суффикс"* хуэхъуф макъхэр зэрыщыIэнури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, мыпхуэдэу утыку къихьэ глагол куэдыр *"глаголыщ*Iэ*"*у зэрылъытапхъэри къыхэгъэщыпхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэрщ глагол гуэрхэм **"тэ" кIэух**кIэ къатехъукIыу мы илъабжьэм къэта щапхъэхэр:

| |
|---|
| - «кIуэн → кIуэтэн»; |
| - «лъэн → лъэтэн». |

Мы къэта щапхъэхэм щыщу, *"к*I*уэн"*ыр *щхьэщык*I*ыныгъэ*рэ (т) *к*I*уэтэгъуэ* (э) зылъытэ *"тэ" к*I*эух*кIэ занщIэу *"к*I*уэтэн"*у ухуэжауэ зэрылъытапхъэм хуэдэжу, *"лъэн"* Iуэхугъуэри *щхьэщык*I*ыныгъэ* зылъытэ *"тэ"к*Iэрэ *"те*I*этык*I*ауэ лъэн"* лIэужьыгъуэу зэрылъытэкIэрэ занщIэу *"лъэтэн"*у ухуэжауэ лъытапхъэщ.

Мыбыхэм хуэдэ нэгъуэщI щапхъэхэри къэхьыпхъэщ, ауэ икIи, *глаголыпхъ*эу лъыта "т, тэ" *макъ*ымрэ *нэгъуэщ*I *макъ* гуэрхэр зэрызэ*гухьэу "занщ*Iэ *глагол"*у (къутэн) е *"префиксиал глагол"*у (икIутэн, икIутын) утыку къихьа глаголхэр зэрымымащIэри гурыIуэгъуэнщ:

Мы зи гугъу тщIа "т, тэ" макъым хуэдэуи лъытапхъэми, *"суффикс"* къалэн ягъэзащIэу лъытапхъэ *макъхэри* щыIэщи, псалъэрэ глаголхэм кIэух яхэхъуу псэлъэщIэрэ глаголыщIэхэр къызытехъукI *мыпхуэдэ макъхэр*щ **"щI, с, д, и"** хуэдэ макъхэр. НытIэ, *мы макъхэр глаголхэм*

*кӀэух* яхуэхъуу утыку къихьэрэ "*суффиксиал глагол*"уи *лъытапхъ*эхэм теухуа щапхъэхэри къыпытщэнщ:

| |
|---|
| "кӀуэн": «кӀуэщӀын; кӀуэсэн; кӀуэдын; кӀуриин {← кӀуре*(эйй)*ин ← кӀуэре*(эй)*ин ← (кӀуэрэиэн) ← кӀуэрэен}». |

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ мы "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэ "*суффиксиал глагол*"*хэми игъуэ* "*префикс*"хэр къызэращтэу "*префиксиал суффиксиал глагол*"хэр къазэрытехъукӀыфынур. Ар дыдэу, ухуагъэххэ *игъуэ* "*префиксиал глагол*"*хэми мы* "*суффикс*"*хэр* къащтэу "*префиксиал суффиксиал глагол*"хэри утыку къызэрихьэфынури гурыӀуэгъуэнщ.

*Глагол гуэрхэм занщ*Ӏ*эу* "*суффикс*" яхуэхъуу мы зи гугъу тщӀахэм зыр зым къыкӀэлъыкӀуэу "*суффиксыбэ*" *къазэрытемыхъук*Ӏынур мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщи, мыри мы макъхэм я мыхьэнэхэм зэрелъытар гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ, глагол псори занщӀэу "суффикс" хуэхъуу ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэр глагол гуэрхэм занщӀэу "суффикс" хуэхъуу мы зи гугъу тщӀахэм къыкӀэлъыкӀуэу "суффиксыбэ" зэрыухуэфынури гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щӀыкӀэуи, мыбдежым щапхъэу къэтхьа "*суффиксиал глагол*"хэм -ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэм хуэдэу- "**суффиксыбэ глагол**"хэр къазэрытехъукӀыпхъэр гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мыбдежым щапхъэу къэдгъэлъэгъуа мы "суффиксиал глагол"хэм "префикс" къащтэу е "префиксиал глагол"хэм мы "суффикс"хэр къазэрыпыхьэу "**префиксиал суффиксиал глагол**"хэри зэрыухуээфынур гурыӀуэгъуэнщ. Ар дыдэу, мы зи гугъу тщӀа "суффикс"хэм "**префиксыбэ суффиксыбэ глагол**"хэри къазэрытехъукӀыфынур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, кӀыхь дымыщӀын папщӀэ, мы зи гугъу тщӀахэм теухуа щапхъэхэри къыпытщэкъыми, нытӀэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэхэри *еджак*Ӏ*уэхэм къахуренэ*!

## ГЛАГОЛХЭМ "ПРЕФИКС"КӀЭРЭ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКӀ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ

### "ПРЕФИКС" ЗЫХУЭНЫКЪУЭ "СУФФИКС"ХЭМ ТЕУХУАУЭ

ИпэкӀэ глаголхэм -глагол псоми е глагол гуэрхэм- *занщ*Ӏ*эу* кӀэух хуэхъуф "*префикс*" *зыхуэмынықъуэ* "*суффикс*"хэм я гугъу тщӀащи,

мыбдежым "*префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"*хэращ зи гугъу тщӀынур. Аращи, мыбдежым зи гугъу тщӀыну "*суффикс*"хэр *глагол*хэм *кӀэух* яхуэх*ъун папщ*Ӏэ "*префикс" зыхуэныкъу*эхэрщи, кӀэух зыхуэхъу глаголхэр "кондицэ" гуэрхэм елъытауэ зыгъэлэжьэну "суффикс"хэрщ.

Ауэ икӀи, "префикс" зыхуэныкъуэ *мы "суффикс"хэр глаголхэм къащтэн папщ*Ӏэ, япэрауэ *а глаголхэр мы "суффикс"хэмк*Ӏэ *лэжьэфын* зэры*хуеин*ури гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэу щыщыт дежращ мы "суффикс"ыр "префикс"и зыдищӀыгъуу е "префиксиал глагол"ым кыъыпыхьэу "префиксиал суффиксиал глагол"ыр утыу къызэрихьэфынур.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, псалъэ кӀэух лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, глаголыр зезышэрэ зыгъэлажьэрщ "суффикс" жыхуэтӀэхэри, нытӀэ, зытеухуа Ӏуэхугъуэр -глаголыр- зэрылажьэр зылъытэ мы "суффикс"хэр мы Ӏуэхугъуэр щызекӀуэ "щӀыпӀэ"рэ зэрызекӀуэ "щӀыкӀэ" зылъытэ "кондицэ"м -"префикс"ым- елъытарэ теухуауэ зэрыщыткӀэрэ зэрылэжьэнур зылъытэ "суффикс"хэрщ. Мыращ икӀи мы "суффикс"хэр игъуэ "префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"у щӀэтлъытари, зы Ӏуэхугъуэр зы "щӀыпӀэ"м щыгъэзащӀэу зэрылъытэ е зы гъэзэщӀэкӀэ зылъытэ "суффикс"хэрщ; икӀи, мыпхуэдэхэм теухуа мыхьэнэ зиӀэ макъхэм ягъэзащӀэ "суффикс" къалэнхэрщ.

Мы псалъэхэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, мы "суффикс"хэр зыхуэныкъуэнур "*префикс" псорик*Ӏ*къыми*, *глагол*ыр зытеухуа Ӏ*уэхугъуэр* мы "*суффикс" къалэн* зыгъэзащӀэ *макъ мыхьэнэк*Ӏэрэ *зэрылэжьэфыну*р зэлъыта -"*щ*Ӏ*ып*Ӏэ"рэ "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ- "*префикс*"хэращ зыхуэныкъуэр. Аращи, мы глаголхэр мы "*суффикс*"хэмкӀэрэ зэрылэжьэфынур игъуэ "*кондицэ" гуэрхэмк*Ӏэрэщи, мы *кондиц*эхэр *зэрылъытэ*у "*игъуэ префикс*"хэр *зыхуэныкъуэ* "*суффикс*"хэрщ мыхэр.

ИкӀи, *мы* зи гугъу тщӀы "*суффикс*"хэр *глаголхэм "префикс"и къызэращтэ*у *к*Ӏ*эух* яхуэхъуф щхьэ, мы "*суффикс"хэм дэтхэнэ зы "префикс" зэрамыд*энури гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, дэтхэнэ зы "*суффикс"ым хуэигъуэ "префикс*"хэри *зэрыщы*Ӏэращ гурыӀуэгъуэ къытхуэхъури, ар дыдэу, дэтхэнэ зы "суффикс"ым *хуэмыигъуэ "префикс"хэри щы*Ӏ*эщ*. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, мы зи гугъу тщӀы "суффикс"хэр кӀэух зыхуэхъу *глаголыр* езы "*суффикс*"ым и *мыхьэнэк*Ӏэрэ *зэригъэлэжьэфыну* - "щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ зылъытэ- *игъуэ "кондицэ"* зыхуэныкъуэрщ. Аращи, *мыпхуэдэ* дэтхэнэ зы "*суффикс*"ыр *езым*

*хуэӀуарэ хуэигъуэ "кондицэ"м елъытау*эщ *глагол*ым *кӀэух* зэрыхуэхъуфынури, икӀи, *мыпхуэдэ дэтхэнэ зы "суффикс"*ыр *дэтхэнэ зы "глагол"ми кӀэух* зэры*хуэмыхъуфын*ури гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ икӀи, ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, *"суффикс"хэр* зыхуэ*игъуэ "кондицэ"*хэм зэр*елъытам* ипэ къихуэу лъытапхъэщи, *глаголхэри мы "кондицэ"рэ "суффикс"кӀэрэ гъэзэщӀэфын*у щытын хуейщ; мыри *"глагол"*ым и *мыхьэнэмрэ* зытехуа *Ӏуэхугъуэм елъыта*уэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ.

*

Мы къэтӀуэтахэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, мы зи гугъу тщӀы *"суффикс"*хэр -мы я къалэныр ягъэзэщӀэфын папщӀэ- *"префикс" зыхуэныкъуэ*хэрщ; мыри "суффикс" къалэн зэрыгъэзэщӀэфынум щхьэпэ хуэхъуну "префикс"у щытын хуейщи, мы зи гугъу тщӀы "суффикс"хэр "игъуэ префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"хэрщ.

Мы зи гугъу тщӀы "суффикс"хэм хуэигъуэ "префикс"хэри наӀуэщи, дэтхэнэ зы "префикс"ыр мы зи гугъу тщӀы "суффикс"хэм дэтхэнэ зыми и къалэныр зэригъэзэщӀэфыну "префикс"у зэрыщымытри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мы *"суффикс"ым* и къалэныр зэригъэзэщӀэнум *хуэӀуа "префикс"*хэрщ мыхэри, мы *"суффикс"ыр глаголым къызэрищт*эфынури абы хуэӀуарэ ар *зыхуэныкъуэ "префикс"кӀэрэщ*.

НытӀэ, мыпхуэдэ зы "суффикс" къэзыщтэ дэтхэнэ зы глаголыр –зы "занщӀэ глагол"ри- икӀи мы "суффикс"ыр зыхуэныкъуэрэ зэрылэжьэфыну "префикс"и къищтэу зэрыухуэжын хуейр гурыӀуэгъуэщи, глаголыр *"занщӀэ глагол"*у щырет *е* дэтхэнэ зы "префикс"кӀэрэ ухуагъэххэ *"префиксиал глагол"*у щырет, мы зи гугъу тщӀы "суффикс"ыр къищтэу зэрыухуэжыну щӀыкӀэр *мы "суффикс"ыр зыхуэныкъуэ "префикс"и* къызэрищтэущ. Глаголыр дауи щырет, мыпхуэдэ зы "суффикс" къэзыщхьэ глаголыр зэрыухуэж щӀыкӀэри зы *"префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыщытынур гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ икӀи, *"префиксиал глагол"*ым мыпхуэдэ зы "суффикс" къищтэу щыухуэжым деж, а глаголым *иӀэу щыт "префикс"*ыр "суффикс"ыр зыхуэныкъуэ "префикс"у щытмэ, *"суффикс"*ыр *хуиту* къызэрищтэнур гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэуи а "префиксиал глагол"ыр зы *"префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыухуэжынур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, "суффикс" къэзыщтэну "префиксиал глагол"ым и *"префикс"ыр "суффикс"ыр зыхуэныкъуэ "префикс"у щымытмэ*, а "префиксиал глагол"ым

*"суффикс"ыр зыхуэныкъуэ "префикс"ри* къищтэу *"префиксitl"* зиIэу зэрыухуэжынур гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэуи *"префиксыбэ суффиксиал глагол"*у щыухуэм дежи, *префикс*хэм я *зэкIэлъхьэужьыкIэ хабз*эри зэрыщызекIуэнури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мы къыпытщэжахэми зэрезэгъкIэ, ипэкIэ "занщIэ глагол" лIэужьыгъуэу щапхъэу къэтауэ щыта "макъ глагол"хэр (кIуэн; щIын) "префикс" къызэращтэу къатехъукIа "префиксиал глагол"хэм (къэкIуэн; хуэщIын) зы *"суффикс"* къызэращтэфым теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу, "префиксиал глагол"хэм дэтхэнэ я зы "префикс"ыр дэтхэнэ зы "суффикс"ыр зыхуэныкъуэу зэрыщытми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэу утыку къихьэну глаголхэри *"префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

ИпэкIи и гугъу зэрытщIауэщи, мы *зэрыгъэзэщ*Iэфыну *игъуэ "префикс"*и *зыхуэныкъуэ* мы *"суффикс"*хэр глагол псоми къызэрамыщтэнури гурыIуэгъуэнщи, а *глагол*ымкIэ лъыта I*уэхугъуэр* мыпхуэдэ *"суффикс"кIэрэ лэжьэфын*у щытын *хуейщ*. НытIэ, мы зи гугъу тщIы *"суффикс"*хэм я къэлэныр зэрагъэзэщIэнур*"игъуэ кондицэ"к*Iэрэщи, мы "суффикс"хэр мыпхуэдэу *"игъуэ "префикс"* зыхуэныкъуэу зэрыщытым *нэмыщ*I, икIи *"игъуэ глагол"*и *зыхуэныкъуэ "суффикс"*хэрщ.

*

Мы зи гугъу тщIа *"игъуэ глагол"* гуэрхэм щыщу лъытапхъэщ *ихьэ-ик*Iыныгъэ е *хэхьэ*рэ *хэк*Iыныгъэ зиIэрэ зы *зэманыгъуэи зыхь* лэжьэкIэ зиIэхэри, нытIэ, зы глаголыр *хэхьэ*рэ *хэк*Iыу зэрылъытэну мы *"суффикс"*хэм мы *хэхьэп*Iэрэ *хэкIып*Iэхэр зэрылъытэ *"игъуэ префикс"и* зэры*хуэныкъу*энури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мыпхуэдэ *"суффикс"* къалэнхэр зэрыгъэзэщIэнум теухуа *"кондицэ"*хэр зылъытэ макъхэри щыIэнщи, мы зи гугъу тщIы *"ихьэ-ик*I*, хэхьэ-хэкI, хэджыхьыкIэ, къекIуэкIыкIэ"* лIэужьыгъуэхэу *лэжьэ*фыну *глагол*хэр зэрыгъэзэщIэну "суффикс"хэми мыпхуэдэ *"игъуэ префикс"*хэр зэрыхуэныкъуэнур гурыIуэгъуэнщ. ГурыIуэгъуэнщ мы зи гугъу тщIы *"суффикс"* къалэнхэр зыгъэзэщIэну макъхэр *"хь"*ырэ *"кI" мак*ъхэрауэ зэрыщытри, ахэр *зыхуэныкъу*эну *"префикс"*хэри мы зи гугъу тщIа *лэжьыгъэр къыздыщекIуэкIыну "щIып*Iэ"рэ *къызэрекIуэкIыну "щIык*Iэ"хэр зылъытэ *макъхэм ягъэзащ*Iэ *къалэн*хэрщ.

Мы зи гугъу тщIы *"хь, к*I" макъхэм ягъэзащIэ *"суффикс"* къалэнхэр *зэрызэлъыта*р гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, мыхэр *щхьэжу "суффикс"*

зэрыхъухэм нэмыщI, зэкIэлъхьэужь макъыитIыу "суффикс" зэрыхъунури гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэуи, глаголыр зытеухуа Iуэгъуэр зы *зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ ихь*у (хь) къызыдыщ*ек*I*уэк*Iым щыгъэзащIэу зэры*щызэфI*эк*I*ыр (кI) зэкIэлъхьэужьу *зэрылъыт*эу -"хь"ымрэ "кI"ыр зэкIэлъхьэужьу- "*хьык*I"у макъитIри зыхэзыубыдэ "*суффикс*"ым *зыхуэныкъуэ* "*префикс*"*к*Iэрэ зэдаухуэ "*префиксиал суффиксиал (суффиксыбэ) глагол*" утыку къихьэнщ.

Мыбы нэмыщI, зы Iуэхугъуэр зы *лъэныкъуэм хуэгъэзарэ хуэк*I*уэ*у *лажь*эу зэрылъытэнури а глаголхэр мы *лъэныкъу*эхэм (пп: "илъабжьэ; ищхьэ" лъэныкъуэ) *зэрыхуашэ*р зылъытэ "*суффикс*"хэр (пп: "х; ей, ий") къызэращтэу зэрылэжьэнур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ "суффикс"хэми глаголыр зыхуашэ *лъэныкъу*эхэм *зэрыхуашэну щ*I*ык*Iэхэр зылъытэ "*префикс*"хэр (пп: "е; дэ") *зэрыхуэныкъу*энур гурыIуэгъуэнщ.

Мыбыхэм нэмыщI, зы Iуэхугъуэр *зэрыхъун хуейр*эм мы *зыхуэк*I*уап*Iэм *хуэунэт*I*а*уэ *зыдэк*I*уэф*ын хуэдизкIэ зэрыкIуэри "*л*I" макъым игъэзащIэ "*суффикс*" къалэнщи, мы *зыдынэсынум зэрыхуэк*I*уэ щ*I*ык*Iэри зылъытэ *игъуэ* "*префикс*" зэрыхуэныкъуэнур гурыIуэгъуэщ.

ИпэкIэ къэтIуэтахэми къызэрыхэщщи, мы зи гугъу тщIыну "суффикс"хэр игъуэ "префикс" зэрыхуэныкъуэм хуэдэжу дэтхэнэ зы глаголым кIэух хуэмыхъухэрщи, игъуэ глаголи зыхуэныкъуэхэрщ. НытIэ, мы "игъуэ префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"хэмрэ, ахэр къэзыщтэ игъуэ глаголхэм къатехъукI "префиксиал суффиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм -ипэкIэ мы "суффикс"хэр зэрызэщхьэщыдгъэкIам хуэдэу- гуп гупу къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Ауэ икIи, *мы "суффикс"хэр дэтхэнэ зы глаголым къызэримыщт*эр гурыIуэгъуэщи, мы "*суффикс*"*хэр глаголхэм к*I*эух* язэры*хуэхъу*рэ язэры*хуэмыхъу*ри а *глагол*хэм я *мыхьэнэрэ* я *гъэзэщ*I*эк*I*эм елъыта*уэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, дэтхэнэ зы глаголым "суффикс" зэрыхуэмыхъум зэрзэгъкIэ, -къедгъэкIуэкIыну лэжьыгъэри кIыхь мыхъун папщIи- мы "*суффикс*"*хэр* "*игъуэ префикс*"*к*I*э къэзыщтэ глагол*хэм къатехъукI "*префиксиал суффиксиал глагол*" щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэн зэрыхуейм нэмыщI, икIи *мы* "*суффикс*"*хэр къэзымыщтэ глагол*хэри къыхэгъэщын зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мы къедгъэкIуэкIыну лэжьыгъэм теухуа щапхъэхэр *зэгъэпщапхъэу таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуэн*ыр *игъу*эщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри "*макъ глагол*"хэр

*"префикс"к*Iэрэ зэрыухуэж *"префиксиал глагол"хэм мы "суффикс"хэр къызэращт*эрэ *къызэрамыщт*эм *теухуауэ* къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

НытIэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэр дэтхэнэ зы глаголым теухуауэ къызэредымыгъэкIуэкIыфынум папщIэ, зи гугъу дымыщIарэ щапхъэ къыхуэзыдымыхьа *глаголхэм мы "суффикс"хэр кIэух язэрыхуэхъу*нум теухуа *лэжьыгъэхэри еджакIуэхэм къахуренэ*!

ГЛАГОЛХЭМ "ПРЕФИКС"КIЭРЭ "СУФФИКС" ЯХУЭХЪУХЭР "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМИ КЪЫЗЭРАЩТЭУ УТЫКУ КЪИХЬЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР

**Зы зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ зылъытэ "суффикс"хэмрэ, "префикс"кIэрэ къатехъукIыпхъэ "префиксиал суффиксиал глагол"хэм теухуауэ.**

Мыбдежым зи гугъу тщIынур глаголхэр зы зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ ихьрэ зэфIэкIыу зэрылажьэр зылъытэ "суффикс"у "хь, кI" макъхэм ягъэзащIэращи, нытIэ, "хь, кI" макъхэр -зыхуэигъуэ "префикс"кIэрэ-"суффикс" зыхуэхъу глаголхэм къатехъукI "префиксиал суффиксиал глагол" щапхъэхэр мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Ауэ, мыпхуэдэ лэжьэкIэхэр *дэтхэнэ зы глаголым теухуауэ* зэры*щымыт*ри гурыIуэгъуэщи, мы макъхэр *"суффикс" зыхуэхъу*рэ *зыхуэмыхъу глагол*хэми гулъытэ хуэщIын папщIэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэри зы *глагол лIэужьыгъуэ гуп*ым теухуауэ къегъэкIуэкIынри игъуэщ. Мы псалъэми зэрезэгъкIэ, *мы лэжьыгъэр* ипэкIэ къыщыдгъэлъэгъуарэ икIи къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэ гуэрхэми лъабжьэ яхуэтщIа *"макъ глагол"хэм теухуауэ* къегъэкIуэкIынри игъуэщ.

Ауэ икIи, глаголхэр "хь, кI" макъ "суффикс"кIэрэ лэжьэн папщIэ игъуэ "префикс"и къызэращтэнур гурыIуэгъуэщи, нытIэ, "макъ глагол"хэр "префикс"кIэрэ зэрыухуагъэххэ "префиксиал глагол"хэм "хь, кI" суффиксхэр къызэращтэу утыку къихьэ "префиксиал суффиксиал глагол" щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, мы "суффикс"хэр къэзымыщтэ "префиксиал глагол"хэри -и глагол мыхьэнэм е и "префикс"м елъытауэ къызэрамыщари- къыхэдгъэщынщ. Аращи, игъуэ префикс зыхуэныкъуэ "суффикс"хэрщ мы зи гугъу тщIыхэри, ахэр мы ухуагъэххэ "префиксиал

глагол"хэм "суффикс" яхуэхъун папщӀэ, глагол мыхьэнэмрэ и "префикс"ри -"суффикс"ым теухуауэ- игъуэу щытын хуейщ.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэр ипэкӀэ къэта "макъ глагол"хэм къатехъукӀ "префиксиал глагол" псоми теухуауэ къегъэкӀуэкӀын зэрыхуейри гурыӀуэгъуэнщ; ауэ, кӀыхь дымыщӀын папщӀэ, абыхэм щыщ гуэрхэм "хь, кӀ" суффиксхэр къызэращтэу утыку къихьэ "префиксиал суффиксиал глагол" щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу, мы "суффикс"хэр зыхуэимыгъуэрэ имыгъуащэхэри къыхэдгъэщынкӀэ зыхуридгъэкъунщ. НытӀэ, зи щапхъэ къэдымыхьахэм теухуауэ мыпхуэдэ лэжьыгъэ къегъэкӀуэкӀынри еджакӀуэхэм къахуренэ!

**"ЩӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префиксиал глагол"хэм "хь, кӀ, хьыкӀ"хэр "суффикс" яззэрыхуэхъуфхэм теухуауэ.**

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, зы *зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ хьын*рэ мыпхуэдэуи *зэфӀэкӀыныгъэ зылъытэ* макъхэрщ *"хь, к*Ӏ" -икӀи *"хьык*Ӏ"- *суффикс*хэри, *глагол*ым и *мыхьэнэ*р *мыпхуэдэ лэжьэк*Ӏ*эм хуэигъу*эн зэры*хуейм* нэмыщӀ, икӀи къищтэ *"префикс"ри* зы *щ*Ӏ*ып*Ӏэ зылъытэ макъыу щытмэ, нэхъ игъуэу лъытапхъэщи, нытӀэ, мы *суффиксхэм "щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *"префикс"*хэр *нэх*ъ зэры*хуэигъу*энури жыӀэпхъэнщ.

Мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэмрэ мы къыпытщэжами зэрезэгъкӀэ, ипэкӀэ зи гугъу тщӀа *"макъ глагол"хэм "щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ *"префиксиал глагол"*у къытехъукӀахэм щыщу *"хь, к*Ӏ" *суффикс*кӀэрэ лэжьэн зыхуэигъуэхэм къазэрытехъукӀ *"префиксиал суффиксиал глагол"* щапхъэхэр мы илъабжьэм таблицэхэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ. НытӀэ, мы **"щӀыпӀэ"** лӀэужьыгъуэ **"префиксиал глагол"**хэм щыщу *игъуэхэм* - **игъуэ глагол**рэ **игъуэ префикс**хэм- **"хь, кӀ, хьыкӀ" суффикс**хэр къащтэу къатехъукӀ **"префиксиал суффиксиал глагол"** *л*Ӏ*эужьыгъуищ*ым теухуа щапхъэхэр зы *таблиц*эм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глаголхэр** | **"ЩӀыпӀэ" "префиксиал глагол"хэр** | **Глаголхэм мы "суффикс"хэм хуэигъуэ "префикс" къащтэу ухуэ "префиксиал суффиксиал глагол"хэр**<br>-----------------------------------------------------------------<br>**хь/хьэ** | **кӀ/кӀэ** | **хьыкӀ/хьыкӀэ** |
|---|---|---|---|---|
| Ин | Иин | - иихьын – иихьэн; | - иикӀын – иикӀэн; | - иихьыкӀын – иихьыкӀэн; |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Ун<br><br>------------<br>Уэн | lуун/lууэн<br><br>----------------<br>lууэн/lуун | - lуухьын – lуухьэн;<br>-----------------<br>- lуухьын – lуухьэн; | - lуукlын – lуукlэн;<br>---------------<br>- lуукlын – lуукlэн; | - lуухьыкlын – lуухьыкlэн;<br>---------------------<br>- lуухьыкlын – lуухьыкlэн; |
| lун-2/<br>lуэн-2<br>------------<br>lуэн | къуэlун-2/<br>къуэlуэн-2<br>---------------<br>къуэlуэн | - къуэlухьын – къуэlухьэн;<br>-----------------<br>- къуэlухьын – къуэlухьэн; | - къуэlукlын – къуэlукlэн;<br>----------------<br>- къуэlукlын – къуэlукlэн; | - къуэlухьыкlын – къуэlухьыкlэн;<br>---------------------<br>- къуэlухьыкlын – къуэlухьыкlын |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Хьын | -<br>Къуэхьэн | -<br>- | -<br>- | -<br>- |
| Кlын/Кlэн | Щlэкlын/<br>Щlэкlэн | - щlэкlыхьын – щlэкlыхьэн; | - щlэкlыкlын – щlэкlыкlэн; | - щlэкlыхьыкlын – щlэкlыхьыкlэн; |
| Хъун | Хэхъун/<br>Хэхъуэн | - хэхъухьын – хэхъухьэн; | - хэхъукlын – хэхъукlэн; | - хэхъухьыкlын – хэхъухьыкlэн; |
| Гъун | Щlэгъун/<br>Щlэгъуэн | - щlэгъухьын – щlэгъухьэн; | - щlэгъукlын – щlэгъукlэн; | - щlэгъухьыкlын – щlэгъухьыкlэн; |
| Джын/<br>Джэн<br>-----------<br>Джэн | Гуэджын/<br>Гуэджэн<br>---------------<br>Гуэджэн/<br>Гуэджын | - гуэджыхьын - гуэджыхьэн;<br>-----------------<br>- | - гуэджыкlын – гуэджыкlэн;<br>-----------------<br>- | - гуэджыхьыкlын – гуэджыхьыкlэн;<br>----------------------<br>- |
| Жьын<br><br>-----------<br>Жьэн | Тежьын/<br>Тежьэн<br>---------------<br>Тежьэн | - тежьыхьын - тежьыхьэн;<br>-----------------<br>- тжьыхьын - тежьыхьэн; | - тежьыкlын – тежьыкlэн;<br>---------------<br>- тежьыкlын – тежьыкlэн; | - тежьыхьыкlын – тежьыхьыкlэн;<br>--------------------<br>- тежьыхьыкlын – тежьыхьыкlэн; |
| Жын<br><br>-----------<br>Жэн2 | Пыжын/<br>Пыжэн<br>---------------<br>Пыжэн/<br>Пыжын | - пыжыхьын – пыжыхьэн;<br>-----------------<br>- пыжыхьын – пыжыхьэн; | - пыжыкlын – пыжыкlэн;<br>---------------<br>- пыжыкlын – пыжыкlэн; | - пыжыхьыкlын – пыжыхьыкlэн;<br>-------------------<br>- пыжыхьыкlын – пыжыхьыкlэн; |
| Щын2/<br>Щэн-2<br>-----------<br>Щэн | Тещын/<br>Тещэн<br>----------------<br>Тещэн | - тещыхьын - тещыхьэн;<br>-------------------<br>- | - тещыкlын – тещыкlэн;<br>-----------------<br>- | - тещыхьыкlын – тещыхьыкlэн;<br>---------------------<br>- |
| Щlын/<br>Щlэн<br>-----------<br>Щlэн | Щыщlын/<br>Щыщlэн<br>-----------------<br>- Щыщlэн | - щыщlыхьын – щыщlыхьэн;<br>-------------------<br>- | -<br><br>-----------------<br>- | -<br><br>-------------------<br>- |
| Сын | Гуэсын/Гуэсэн<br>*(игъуащэкъым)* | - гуэсыхьын – гуэсыхьэн; | - гуэсыкlын – гуэсыкlэн; | - гуэсыхьыкlын – гуэсыхьыкlэн; |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| --------<br>Сэн | ----------------<br>Гуэсэн | -----------------<br>- | ----------------<br>- | ---------------------<br>- |
| Лын/<br>Лэн<br>-----------<br>Лэн | Фӏэлын/<br>Фӏэлэн<br>----------------<br>Пылэн | - фӏэлыхьын – фӏэлыхьэн;<br>-----------------<br>- | - фӏэлыкӏын – фӏэлыкӏэн;<br>-----------------<br>- пылыкӏын – пылыкӏэн; | - фӏэлыхьыкӏын – фӏэлыхьыкӏэн;<br>-----------------<br>- |
| Лӏэн | Щӏэлӏэн | - щӏэлӏыхьын – щӏэлӏыхьэн; | - щӏэлӏыкӏын – щӏэлъыкӏэн; | - щӏэлӏыхьыкӏын – щӏэлӏыхьыкӏэн; |
| Дын/<br>Дэн<br>-----------<br>Дэн | Хэдын/<br>Хэдэн<br>-----------------<br>Хэдэн | - хэдыхьын – хэдыхьэн;<br>------------------<br>- хэдыхьын; | - хэдыкӏын – хэдыкӏэн;<br>-----------------<br>- | - хэдыхьыкӏын – хэдыхьыкӏэн;<br>---------------------<br>- |
| Тӏын/<br>Тӏэн | Дэтӏын/<br>Дэтӏэн | - дэтӏыхьын – дэтӏыхьэн; | - дэтӏыкӏын – дэтӏыкӏэн; | - дэтӏыхьыкӏын – дэтӏыхьыкӏэн; |
| Фын | Ифын/Ифэн<br>*(игъуащэкъым)* | - ифыхьын - ифыхьэн; | - ифыкӏын – ифыкӏэн; | - ифыхьыкӏын – ифыхьыкӏэн; |
| Вын/<br>Вэн<br>------------<br>(псы) Вэн | Щӏэвын/<br>Щӏэвэн<br>-----------------<br>Щӏэвэн | - щӏэвыхьын – щӏэвыхьэн;<br>------------------<br>- щӏэвыхьын – щӏэвыхьэн; | - щӏэвыкӏын – щӏэвыкӏэн;<br>-----------------<br>- щӏэвыкӏын – щӏэвыкӏэн; | - щӏэвыхьыкӏын – щӏэвыхьыкӏэн;<br>---------------------<br>- щӏэвыхьыкӏын – щӏэвыхьыкӏэн; |
| Пӏын/<br>Пӏэн | Хэпӏын/<br>Хэпӏэн | - хэпӏыхьын – хэпӏыхьэн; | - хэпӏыкӏын – хэпӏыкӏэн; | - хэпӏыхьыкӏын – хэпӏыхьыкӏэн; |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Тхъын<br><br>----------<br>Тхъэн | Дэтхъын/<br>Дэтхъэн<br>----------------<br>Дэтхъэн | - дэтхъыхьын – дэтхъыхьэн;<br>--------------------<br>- | - дэтхъыкӏын – дэтхъыкӏэн;<br>------------------<br>- | - дэтхъыхьыкӏын – дэтхъыхьыкӏэн;<br>---------------------<br>- |
| Шхын/<br>Шхэн | Къуэшхын/<br>Къуэшхэн | - къуэшхыхьын – къуэшхыхьэн; | - къуэшхыкӏын – къуэшхыкӏэн; | - къуэшхыхьыкӏын – къуэшхыхьыкӏэн; |
| Тхын/<br>Тхэн | Итхын/<br>Итхэн | - итхыхьын - итхыхьэн; | - итхыкӏын – итхыкӏэн; | - итхыхьыкӏын – итхыхьыкӏэн; |
| Пхын/<br>Пхэн | Щыпхын/<br>Щыпхэн | - щыпхыхьын - щыпхыхьэн; | - щыпхыкӏын – щыпхыкӏэн; | - щыпхыхьыкӏын – щыпхыхьыкӏэн; |
| Лъхун/<br>Лъхуэн | Хэлъхун/<br>Хэлъхуэн | - хэлъхухьын – хэлъхухьэн; | - хэлъхукӏын – хэлъхукӏэн; | - хэлъхухьыкӏын – хэлъхухьыкӏэн; |
| Пщын-2/<br>Пщэн-2 | Пыпщын/<br>Пыпщэн | - пыпщыхьын – пыпщыхьэн; | - пыпщыкӏын – пыпщыкӏэн; | - пыпщыхьыкӏын – пыпщыхьыкӏэн; |
| Щтын<br><br>----------<br>- Щтэн 2 | Хэщтын/<br>Хэщтэн<br>----------------<br>Хэщтэн-1 | - хэщтыхьын – хэщтыхьэн;<br>-------------------<br>- | - хэщтыкӏын – хэштыкӏэн;<br>------------------<br>- хэщтыкӏын; | - хэщтыхьыкӏын – хэщтыхьыкӏэн;<br>---------------------<br>- |
| Плъын | Фӏэплъын/ | - фӏэплъыхьын – | - фӏэплъыкӏын | - фӏэплъыхьыкӏын – |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ----------<br>Плъэн | Фӏэплъэн<br>----------------<br>Фӏэплъэн/<br>Фӏэплъын | фӏэплъыхьэн;<br>-------------------<br>- фӏэплъыхьын –<br>фӏэплъыхьэн; | – фӏэплъыкӏэн;<br>------------------<br>- фӏэплъыкӏын; | фӏэплъыхьыкӏэн;<br>-------------------------<br>- фӏэплъыхьыкӏын; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, мы ″суффикс″хэр ″*хь*, *к*ӏ″рэ ″*хьэ*, *к*ӏэ″уэ -икӏи ″*хьык*ӏ″рэ ″*хьык*ӏэ″у- къызэрыӏу щӏыкӏэхэр кӏэух зыхуэхъу *глаголыр* ″*ы*″*рэ* ″*э*″*к*ӏэ *къызэрыӏум елъыта*уэ зэры*щымыт*ри гурыӏуэгъуэщ. Аращи, мы ″суффикс″хэм я къэӏукӏэр глаголыр ″ы″р ″э″уэ дауи къыреӏу, зэхъуэкӏкъым: глаголхэр ″хь, кӏ″ кӏэухкӏэрэ зэрыухуэмрэ ″хьэ, кӏэ″кӏэрэ зэрыухуэр зэщхьэщыкӏыщэкъым. Зэрыгурыӏуэгъуэу, ″э″р ″ы″ кӏуэтэгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткӏэ, ″*э*″*к*ӏэ *къэ*ӏ*у* псалъэр ″*ы*″*к*ӏэ *къэ*ӏ*у* псалъэм *и к*ӏ*уэтэгъу*эрщи, ″*ы*″*к*ӏэ *къэ*ӏ*у* псалъэр *гъэзащ*ӏ*эу зэрыщыт*ыр ″*э*″*к*ӏэ *къызэры*ӏ*у*ущ зылъытэр. Аращи, псалъэм папщӏэ, ″*къуэ*ӏ*ухьын*″ ӏуэхур *гъэзащ*ӏ*эу щытын*ыр зэрылъытэр ″*къуэ*ӏ*ухьэн*″у къэӏуэтапхъэщи, ″*къуэ*ӏ*ухьэн*″ыр ″*къуэ*ӏ*ухь*у *щытын*″ырщ. Мы къыхэдгъэщахэр дэтхэнэ зы глаголым теухуауэ зэрыщытым зэрезэгъкӏи, нытӏэ глаголхэр ″хь, кӏ″рэ ″хьэ, кӏэ″у -″хьыкӏ″рэ ″хьыкӏэ″у- суффиксиалу зэрыухуэ щапхъэхэр ″*макъ* ӏ*уэр*″ лӏэужьыгъуэхэм *теухуауэ къэгъэлъэгъуащ*и, *къык*ӏ*элъык*ӏ*уэ* ″макъ глагол″хэм теухуа *щапхъэхэр* ″*хь*, *к*ӏ″*ыуэ къызэры*ӏ*у закъуэ*у къэгъэлъэгъуэныр *игъуэ*рэ *ирикъу*у лъытапхъэщ.

- Таблицэми зэрыхэплъагъуэу, зэхуэдэ мыхьэнэ зиӏэу ″ы″рэ ″э″кӏэ къэӏу глаголхэр зэрыщыӏэм нэмыщӏ, мы макъхэмкӏэ ухуа щхьэ, и мыхьэнэкӏи мыбыхэм къащхьэщыкӏ ″макъ глагол″хэри щыӏэщи, зэхуэдэ макъкӏэ ухуарэ *мыхьэнэк*ӏ*э зэщхьэщык*ӏ *мы глаголхэр* ″----″кӏэрэ *т*ӏ*у ищ*ӏ*ык*ӏ*а*уэ къэгъэлъэгъуащ. Я мыхьэнэкӏэ зэщхьэщыкӏрэ мыпхуэдэуи къэгъэлъэгъуа ″*макъ глагол*″ *гуэрхэр я зэхуэдэу* ″*хь*, *к*ӏ″ *суффикс*кӏэрэ *зэрыухуэф*ым нэмыщӏ, я *мыхьэнэ* зэщхьэщыкӏыныгъэм *елъытауэ* ″*макъ глагол*″ *гуэрхэри* ″*хь*, *к*ӏ″ *суффикс*кӏэрэ зэры*мыухуэф*ри таблицэхэм хыболъагъуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Щын2/<br>Щэн-2<br>--------<br>Щэн | Тещын/<br>Тещэн<br>----------------<br>Тещэн | - тещыхьын -<br>тещыхьэн;<br>-------------------<br>- | - тещыкӏын –<br>тещыкӏэн;<br>-----------------<br>- | - тещыхьыкӏын –<br>тещыхьыкӏэн;<br>---------------------<br>- |
| Щӏын/<br>Щӏэн<br>--------<br>Щӏэн | Щыщӏын/<br>Щыщӏэн<br>-----------------<br>- Щыщӏэн | - щыщӏыхьын –<br>щыщӏыхьэн;<br>-------------------<br>- | -<br><br>-----------------<br>- | -<br><br>-------------------<br>- |
| Сын<br><br>--------<br>Сэн | Гуэсын/Гуэсэн<br>*(игъуащэкъым)*<br>----------------<br>Гуэсэн | - гуэсыхьын –<br>гуэсыхьэн;<br>-----------------<br>- | - гуэсыкӏын –<br>гуэсыкӏэн;<br>----------------<br>- | - гуэсыхьыкӏын –<br>гуэсыхьыкӏэн;<br>---------------------<br>- |

- Мы къэта таблицэ Iыхьэми зэрыхэплъагъуэу, я мыхьэнэми зэрелъытащи, "*макъ глагол" гуэрхэр* (пп: сын, фын) "*щIыпI*э" лIэужьыгъуэ "*префиксиал глагол"у* зэры*мыухуапхъ*эр гурыIуэгъуэнщ; ауэ икIи, *мы* "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "*префиксиал глагол"у мыухуапхъэхэр "хь, к*I" *суффикск*Iэрэ -икIи "хьыкI"кIэ-*ухуапхъ*эхэрщи, мыри мы *глагол*хэм я *мыхьэн*эхэмрэ ялъытэ I*уэхугъуэр къызэрыхъу*рэ *зэрыгъэзащ*Iэм зэр*елъыта*ри гурыIуэгъуэщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Сын | Гуэсын/Гуэсэн *(игъуащэкъым)* | - гуэсыхьын – гуэсыхьэн; | - гуэсыкIын – гуэсыкIэн; | - гуэсыхьыкIын – гуэсыхьыкIэн; |
| Фын | Ифын/Ифэн *(игъуащэкъым)* | - ифыхьын - ифыхьэн; | - ифыкIын – ифыкIэн; | - ифыхьыкIын – ифыхьыкIэн; |

- Хьын глагол мыхьэнэр субъектым зы объект зэригъэкIуатэрщи, абы аргуэру зы зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ хьын зылъытэ "хь" суффикс къыпыхьэжыныр игъуэкъым; икIи, "хьын" глаголымкIэ гъэзащIэращ абы къыхэхъукIри, "кI" суффикси хуэныкъуэкъым. Ауэ, къищтэ "префикс"кIэ "хьын" глаголыр "ы"рэ "э"кIэ къэIуу зэрызэхъуэкIри гурыIуэгъуэнщ: ар щыгъэзащIэ щIыпIэрэ зэманыгъуэ зылъытэ "щы" префикскIэ а зэрыщыту "ы"кIэ къэIуущ (щыхьын) зэрыухуэжри, объектыр зы щIыпIэ хуэкIуэу зэрылъытэ "префикс" къищтэу зэрыухуэжри "э"кIэрэщ (ихьэн, Iухьэн, щIэхьэн, дэхьэн, хэхьэн).

- Аргуэру пыщапхъэмэ, *и мыхьэн*эмрэ зытеухуа I*уэхугъу*эр *къызэрыхъу*рэ *зэрыгъэзащ*Iэ щIыкIэращ зы *глагол*ым "*хь, к*I" макъхэр "*суффикс*"у *къызэрищтэф*ынур *зэлъытари*, мыпхуэдэ щапхъэщ икIи "с" макъым къытехъукIа "сын" глаголымрэ ("хь, кI" суффикс къэзыщтэ) "сэн" глаголыр ("хь, кI" суффикс къэзымыщтэ). Аращи, зэхуэдэу "с" макъ мыхьэнэкIэ ухуа мы глаголитIыр бзэ мыхьэнэкIэ зэрызэщхьэщыкIым елъытащ абыхэм зым "хь, кI" суффикс къищтэу щIэухуэфымрэ адрейр щIэмыухуэфыр. НытIэ, *зы зэманыгъуэ зыхьрэ зэф*Iэк*I*ыф "*сын*"ыр "*хь, к*I" *суффиксм*Iэ къыздыщIекIуэкI *щIыпI*эри зылъытэу -игъуэ "*префикс*"кIэ- "*префиксиал суффиксиал глагол*"у щIэухуэфыр къызэрыхъурэ зэрыгъэзащIэращ зэлъытар ("сыуэ щытын" мыхьэнэ зиIэ "сэн"ри мыпхуэдэщ). Аращи, "*сын*" глаголыр щхьэжу -"*хь, к*I" *суффиксыншэу*- "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"кIэ щIэмыухуапхъэр -"*префиксиал глагол*"у щIэ*мыухуэ*р- "*сын*" Iуэхугъуэр *къызэрыхъу*рэ *зэрыгъэзащ*Iэм *елъыта*щ. Ар щхьэ, зэхуэдэ макъкIэ ухуа "*сэн*" *глагол*ыр щхьэжу мы "*щIыпI*э" лIэужьыгъуэ "*префикс*"хэмкIэ "*префиксиал глагол*"у *зэрыуху*эри (гуэсэн) нэрылъагъущ; ауэ икIи, мы глаголыр - "сэн"- "*хь, к*I" *суффиксхэмк*Iэ зэры*мыухуапхъ*эри и мыхьэнэрэ зэрыгъэзащIэ щIыкIэм теухуауэ гурыIуэгъуэнщи, икIи мыпхуэдэу зэрымыухури таблицэм хыболъагъуэр.

- Мыпхуэдэу, "хь, кI" суффикскIэ "*мыухуапхъэ*" щыжытIэм деж, мы псалъэм "*мыухуэххэн*"рэ "*мыухуэщэн*"ухэр хиубыдэу лъытапхъэщи, таблицэм

къыщыта щапхъэхэр мыпхуэдэуи зэщхьэщыгъэкIыпхъэщ. Аращ икIии, къэдгъэлъэгъуа *дэтхэнэ зы глаголыр "хь, к*I, *хьык*I" *суффиксхэмк*Iэ зэры*мылажь*эри хыболъагъуэр таблицэми, мыр а *глагол*ым и *мыхьэн*эрэ *зэрыгъэзащ*Iэ щIыкIэм зэре*лъыта*ри жытIагъэххэщ. Ауэ икIи, *а глагол*ыр абы къыпыхьауэ къэдгъэлъэгъуа *"префикс"ымк*Iэ *щымылажьэи* щыIэщи, нытIэ, а глаголыр нэгъуэщI зы *игъуэ "префикс"к*Iэ *лэжьэфыну* зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Мы жытIахэм аргуэру къыпыщапхъэмэ, *глагол гуэр*хэм я *лэжьэк*Iэр *"хь" суффиксы*Iэ, *нэгъуэщ*I *глагол гуэр*хэм я *лэжьэк*I*эри "к*I" *суффикск*Iэ нэхъ игъуэу зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ. Аращи, *глагол гуэрхэр "хь" суффикск*Iэ –е "кI" суффикскIэ- *лажьэу* щытрэ, "*к*I" *суффикск*Iэ –е "хь" суффикскIэ- *мылажьэу* зэрыщытынр гурыIуэгъуэнщи, ипэкIэ къэта таблицэхэм мыпхуэдэхэри къыхощыр.

- НытIэ, ипэкIи икIи мыбдежми мы къыхэдгъэщыжахэри хэтыжу, мы **"хь, кI, хьыкI"** *суффикс*хэр къэзыщтэф **глагол**хэм –мы префиксиал глаголхэм- я **"префикс"**хэр мы *суффиксхэм* хуэ**игъуэ**у, хуэ**имыгъуэ**, хуэ**имыгъуащэ**у зэрылъытапхъэу зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэри гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, мы *суффиксхэмк*Iэрэ мы *префиксиал глаголхэр -"глагол" мыхьэнэрэ "префикс"ым елъытауэ- зэрыгъэзэщ*Iэ*ф*ынухэм теухуа *консидерацэ* къегъэкIуэкIын зэрыхуейри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, -кIыхь дымыщIын папщIэ-, мыбдежым *глагол псоми теухуа щапхъэ къызэрыдымыхьа*р икIи къэтхьа *щапхъэхэми мыпхуэдэ детал псори къызэрыхэдымыгъэща*р нэрылъагъущи, нытIэ, мыпхуэдэ деталхэми гулъытэ хуэщIынкIэрэ глагол псоми теухуа щапхъэ къэхьынри *еджак*I*уэхэм къахуренэ!*

- Мыбы нэмыщI, таблицэм къыщыта щапхъэхэм тежыIыхьыпхъэу мы ипэкIэ къыхэдгъэщахэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, глаголхэм къыпыхьа мы "префикс"хэмкIэ *"хь, к*I, *хьык*I" *суффикск*Iэ *ухуа*уэ таблицэм къыщыгъэлъэгъуа *псалъэ* щапхъэ *псори бзэм зэхуэдэу* щызэрызе*мык*I*уэ*ри гурыIуэгъуэнщ. Мыри *глаголым и мыхьэнэм*рэ икIи къэдгъэлъэгъуа *префиксым* -макъым- *и мыхьэнэм елъыта*щ. Аращи, къэта *щапхъэ гуэрхэр бзэм хуиту щызек*I*уэ* щхьэ, нэгъуэщI *щапхъэ гуэрхэри бзэм хуиту щызек*I*уэкъым*. Ауэ икIи, глаголрэ префиксым елъытауэ *бзэм хуиту щызек*I*уэфыну щытми*, бзэм *куэдыщэу хэлэмыжьыхь*рэ *хроникэ хэмыхъухьа псалъэхэри* язэрыхэтыр гурыIуэгъуэщ къэта щапхъэхэм. НытIэ, къэта щапхъэхэр мыхьэнэрэ бзэм щызэрызекIуэм елъытауэ зэхуэдэу лъытапхъэкъыми, мыпхуэдэхэм щыгъазэ хуэхъунри *еджак*I*уэхэм къахуренэ!*

*

Мы къата таблицэхэмрэ тежыIыхьыпхъэу мы къыпытщахэм аргуэру тежыIыхьыпхъэрэ къыпыщапхъэ гуэрхэри зэриIэнур гурыIуэгъуэнщ; икIи, зэры*имыгъуэ* е *имыгъуащэ*у зэры*тлъыта*м папщIэ, зи лэжьэкIэ *щапхъэу къэдымыгъэлъэгъуа гуэрхэр*и бзэм теухуауэ *къэ*I*уэтапхъ*эрэ

*игъуэу лъытапхъэ*хэу зэрыщытынури жыIэпхъэнщ. Мыпхуэдэнщ зы *макъыбзэ*ри, *бзэм хроникэ хэмыхъухьами*, *бзэ лэжьэкIэрэ мыхьэнэуэ игъуэ*у лъытапхъэхэр *–лэжьэкIапхъэ*рэ *псэлъапхъэ*хэр- и куэдщ.

ИкIи, ипэкIэ "хьыкI, хьыкIэ"у къэдгъэлъэгъуа "суффикситI" зэкIэлъыкIуэр икIи "кIыхь, кIыхьэ"уи зэрызэкIэлъыкIуэфынуи жыIэпхъэщ. Аращи, *мы* "суффикс" къалэн зыгъэзащIэ *макъхэм* я мыхьэнэм елъытащи, "хь, кI" макъхэм *тIури зэкIэлъыкIуэу "суффикс" мэхъуфыр*; икIи, я *зэкIэлъхьэужьыкIэри я мыхьэнэм елъытащ*и, мы ипэкIэ къызэрытам хуэдэщ. Ауэ, *глагол мыхьэнэми елъыта*щи, мы *я зэкIэлъхьэужьыкIэр зэхъуэкIыфуи* зэрыщытыфыр гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, мыпхуэдэ щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ мыбдежми, **"кI"ыр ипэ** къихуэрэ **"хь"ыр** абы **къыкIэлъыкIуэ** *зэкIэлъхьэужьыкIэ зиIэуи ухуэф* "префиксиал суффиксиал глагол" щапхъэхэрщ мыхэр:

| **Макъ глагол** | **ЩIыпIэ префиксиал гл.** | **<u>кIыхь</u>/<u>кIыхьэ</u>** |
|---|---|---|
| Ин | Иин | - иикIыхьын – иикIыхьэн; |
| КIын/КIэн | ИкIын/ИкIэн | - икIыкIыхьын – икIыкIыхьэн; |
| ПIын/ПIэн | ХэпIын/ХэпIэн | - хэпIыкIыхьын – хэпIыкIыхьэн; |
| Шхын/Шхэн | Къуэшхын/Къуэшхэн | - къуэшхыкIыхьын – къуэшхыкIыхьэн. |

Мы зи гугъу тщIа "суффикс"хэм теухуауэ ипэкIэ къэта таблицэхэм теухуауэ къыпыщэнрэ *критикэ* тещIыхьынрэ икIи мы *суффикс*хэм я *зэкIэлъхьэужьык*Iэр *зэрызэхъуэк*Iыфым теухуауэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуа *щапхъэ мащIэр гъэбэгъуэн* Iуэхугъуэхэри *еджакIуэхэм къахуренэ!*

**"ЩIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префиксиал глагол"хэм "хь, кI, хьыкI"хэр суффикс язэрыхуэхъуфхэм теухуауэ.**

ИпэкIэ глаголхэм къащтэ "*хь, к*I, *хьык*I" *суффикс*хэм *хуэигъуэ "префикс"*хэр къэдгъэлъэгъуэн папщIэ, "*щIып*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префиксиал глагол"*хэр щапхъэу къэтхьащи, нытIэ, мыбдежми -абыхэми зэрегъэпщапхъэу- а "*глагол"хэм* къащтэ **"щIыкIэ"** лIэужьыгъуэ **"префикс"**хэр (къ, н; зы, зэ; фI, ху; д; е) **"хь, кI, хьыкI" суффикс**хэм хуэ**игъуэ** "префикс" язэры**хуэхъу**м щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ауэ икIи зэрыгурыIуэгъуэу, зы *зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ хьын*рэ мыпхуэдэми *къыхэхъукIын*ыгъэ зыгъэзащIэ *суффикс*хэрщ "*хь, к*I"ри, *нэхъыбэу* зы*хуэныкъуэ "префикс"*хэр "*щIып*Iэ" лIэужьыгъуэхэрщ. Ар щыхъукIи, мыбдежым зи гугъу тщIыну "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"

нэхъыбэр –ар глагол мыхьэнми елъытами- зыхуэмыигъуэ суффиксхэу лъытапхъэщ. Аращи, щапхъэ къызыхуэтхьыну *глагол куэдыр "хь, к*Ӏ*" суффикс*кӀэ *лэжьэн папщ*Ӏэ, "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" *куэдыр* зэры*хуэмыигъу*энур гурыӀуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу дэтхэнэ зы глаголым дэтхэнэ зы суффиксрэ префиксыр зэрыхуэмыигъуэр, икӀи "префикс" зыхуэныкъуэу мы зи гугъу тщӀы "суффикс"хэми игъэзащӀэ къалэным хуэигъуэ "префикс" зэрыхуэныкъуэм лъабжьэ хуэхъури адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэщ.

Мыбыхэм теухуа щапхъэхэри мы *глаголхэр "щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"*к*Ӏэрэ зэры*хухуа "префиксиал глагол*"хэм мы "*хь, к*Ӏ, *хьык*Ӏ" *суффикс*хэкӀэрэ **"префиксиал суффиксиал глагол"**у зэры**ухуэж**хэмрэ зэры**мыхуапхъэ**хэр зыхэзыубыдэ таблицэхэр мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глаголхэр** | **"ЩӀыкӀэ" "префиксиал глагол"хэр** | **Глаголхэм мы "суффикс"хэм хуэигъуэ "префикс" къащтэу ухуэ "префиксиал суффиксиал глагол"хэр** | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **хь/хьэ** | **кӀ/кӀэ** | **хьыкӀ/хьыкӀэ** |
| Ин | Еин | - | - еикӀын – еикӀэн; | - |
| Ун<br>------------<br>Уэн | Къэун/Къэуэн<br>----------------<br>Къэуэн/къэӀун | - къэухьын – къэухьэн;<br>-----------------<br>- къэухьын; – къэухьэн; | -<br>---------------<br>- | -<br>---------------------<br>- |
| Ӏун-2/<br>Ӏуэн-2<br>------------<br>Ӏуэн | нэӀун-2/<br>нэӀуэн-2<br>---------------<br>нэӀуэн | - нэӀухьын – нэӀухьэн;<br>-----------------<br>- нэӀухьын – нэӀухьэн; | - нэӀукӀын – нэӀукӀэн;<br>----------------<br>- нэӀукӀын – нэӀукӀэн; | - нэӀухьыкӀын – нэӀухьыкӀэн;<br>---------------------<br>- нэӀухьыкӀын – нэӀухьыкӀын; |
| Хьын | Нэхьын | - | - | - |
| КӀын/КӀэн | ЗыкӀын/<br>ЗыкӀэн | - зыкӀыхьын – зыкӀыхьэн; | - зыкӀыкӀын – зыкӀыкӀэн; | - зыкӀыхьыкӀын – зыкӀыхьыкӀэн; |
| Хъун | Зэ(дэ)хъун/<br>Зэ(дэ)хъуэн | - зэ(дэ)хъухьын; – зэ(дэ)хъухьэн; | - зэ(дэ)хъукӀын – зэ(дэ)хъукӀэн; | - зэ(дэ)хъухьыкӀын – зэ(дэ)хъухьыкӀэн; |
| Гъун | ФӀэгъун/<br>ФӀэгъуэн | - | - | - |
| Джын/<br>Джэн<br>-----------<br>Джэн | Хуэджын/<br>Хуэджэн<br>---------------<br>Хуэджэн/ | -<br>-------------------<br>- | -<br>------------------<br>- | -<br>----------------------<br>- |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Хуэджын | | | |
| Жьын<br>-----------<br>Жьэн | Дэжьын/<br>Дэжьэн<br>---------------<br>Дэжьэн | - дэжьыхьын - дэжьыхьэн;<br>-------------------<br>- дэжьыхьын - дэжьыхьэн; | - дэжьыкӏын – дэжьыкӏэн;<br>------------------<br>- дэжьыкӏын – дэжьыкӏэн; | - дэжьыхьыкӏын – дэжьыхьыкӏэн;<br>----------------------<br>- дэжьыхьыкӏын – дэжьыхьыкӏэн; |
| Жын<br>-----------<br>Жэн-2 | Ежын/Ежэн<br>*(игъуащэкъым)*<br>---------------<br>Ежэн-1 | -<br>-------------------<br>- | -<br>-----------------<br>- | -<br>----------------------<br>- |
| Щын-2/<br>Щэн<br>-----------<br>Щэн | Къэщын-2/<br>Къэщэн-1<br>---------------<br>Къэщэн | - къэщыхьын-1 – къэщыхьэн-1;<br>--------------------<br>- | -<br>-----------------<br>- | -<br>----------------------<br>- |
| Щӏын/<br>Щӏэн<br>-----------<br>Щӏэн | Нэщӏын/<br>Нэщӏэн<br>--------------<br>Нэщӏэн | - нэщӏыхьын – нэщӏыхьэн;<br>--------------------<br>- | -<br>-----------------<br>- | -<br>----------------------<br>- |
| Сын<br>--------<br>Сэн | Зэ(дэ)сын/<br>Зэ(дэ)сэн<br>--------------<br>Зэ(дэ)сэн | - зэ(дэ)сыхьын – зэ(дэ)сыхьэн;<br>-------------------<br>- | - зэ(дэ)сыкӏын – зэ(дэ)сыкӏэн;<br>------------------<br>- | - зэ(дэ)сыхьыкӏын – зэ(дэ)сыхьыкӏэн;<br>----------------------<br>- |
| Лын/<br>Лэн<br>-----------<br>Лэн | Зылын/<br>Зылэн<br>--------------<br>Зылэн<br>*(Игъуэкъым)* | - зылыхьын – зылыхьэн;<br>------------------<br>- | - зылыкӏын – зылыкӏэн;<br>------------------<br>- | - зылыхьыкӏын – зылыхьыкӏэн;<br>----------------------<br>- |
| Лӏэн | Фӏэлӏэн | - | - | - |
| Дын/<br>Дэн<br>-----------<br>Дэн | Хуэдын/<br>Хуэдэн<br>--------------<br>Хуэдэн | -<br>------------------<br>- | -<br>------------------<br>- | -<br>---------------------<br>- |
| Тӏын/<br>Тӏэн | Дэтӏын/<br>Дэтӏэн | - дэтӏыхьын – дэтӏыхьэн; | - дэтӏыкӏын – дэтӏыкӏэн; | - дэтӏыхьыкӏын – дэтӏыхьыкӏэн; |
| Фын | Ефын/Ефэн<br>*(игъуэкъым)* | - | - | - |
| Вын/<br>Вэн<br>------------<br>(псы) Вэн | Къэвын/<br>Къэвэн<br>--------------<br>Нэвэн | - къэвыхьын – къэвыхьэн;<br>------------------<br>- | - къэвыкӏын – къэвыкӏэн;<br>------------------<br>- | - къэвыхьыкӏын – къэвыхьыкӏэн;<br>---------------------<br>- |
| Пӏын/<br>Пӏэн | Зыпӏын/<br>Зыпӏэн | - | - | - |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Тхъын<br>----------<br>Тхъэн | Зэ(дэ)тхъын/<br>Зэ(дэ)тхъэн<br>----------------<br>Фӏэтхъэн | - зэ(дэ)тхъыхьын – зэ(дэ)тхъыхьэн;<br>----------------------<br>- | - зэ(дэ)тхъыкӏын – зэ(дэ)тхъыкӏэн;<br>--------------------<br>- | - зэ(дэ)тхъыхьыкӏын – зэ(дэ)тхъыхьыкӏэн;<br>------------------------<br>- |
| Шхын/ | Хуэшхын/ | - | - | - |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Шхэн | Хуэшхэн | | | |
| Тхын/ Тхэн | Дэтхын/ Дэтхэн | - дэтхыхьын - дэтхыхьэн; | - дэтхыкIын – дэтхыкIэн; | - дэтхыхьыкIын – дэтхыхьыкIэн; |
| Пхын/ Пхэн | Епхын/ Епхэн | - | - епхыкIын – епхыкIэн; | - |
| Лъхун/ Лъхуэн | Къэлъхун/ Къэлъхуэн | - | - | - |
| Пщын-2/ Пщэн-2 | Нэпщын/ Нэпщэн | - нэпщыхьын – нэпщыхьэн; | - нэпщыкIын – нэпщыкIэн; | - нэпщыхьыкIын – нэпщыхьыкIэн; |
| Щтын<br>----------<br>- Щтэн-2 | Зыщтын/Зыщтэн *(игъуэкъым)*<br>----------------<br>Къэщтэн | -<br>-------------------<br>- | -<br>------------------<br>- | -<br>-----------------------<br>- |
| Плъын<br>----------<br>Плъэн | ФIэплъын/ ФIэплъэн<br>----------------<br>ФIэплъэн/ ФIэплъын | - фIэплъыхьын – фIэплъыхьэн;<br>-------------------<br>- фIэплъыхьын – фIэплъыхьэн; | - фIэплъыкIын – фIэплъыкIэн;<br>------------------<br>- фIэплъыкIын; | - фIэплъыхьыкIын – фIэплъыхьыкIэн;<br>-----------------------<br>- фIэплъыхьыкIын; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ИпэкIэ ″щIыпIэ″ лIэужьыгъуэ ″префикс″хэм деж таблицэрэ хиубыдэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщагъэххэ гуэрхэр мы таблицэрэ щапхъэхэм теухуауи пэжщи, апхуэдэхэр мыбдежми аргуэру къыхэдгъэщынкъым.

- ЗэрыгурыIуэгъуэу, зы зэманыгъуэрэ гъуэгуанэ хьынрэ мыпхуэдэми къыхэхъукIыныгъэ мыхьэнэ зиIэ ″*хь, к*I″ *суффикс*хэр *нэхъыбэу зыхуэныкъуэ* ″*префикс*″хэр ″*щIып*Iэ″ лIэужьыгъуэхэращи, ″*щIык*Iэ″ лIэужьыгъуэ ″*префикс*″хэр ″*хь, к*I″ *суффикс*хэм *хуигъуэ* щыхъур зэры*мащ*Iэр -икIи *нэхъыбэуи глагол мыхьэнэм* зэр*елъытар*- мы къэта таблицэми хыболъагъуэр.

- *Глагол псоми* ″*щIып*Iэ″ лIэужьыгъуэ ″*префикс*″ къызэримыщтапхъэм хуэдэжу ″*щIык*Iэ″ лIэужьыгъуэ ″*префикс*″ *къызэрамыщтапхъ*эр гурыIуэгъуэнщи, мыр ипэкIэ къэта таблицэхэми хыболъагъуэр. ИкIи, *щапхъэу къэтхьа дэтхэнэ зы* ″*макъ глагол*″ыр и мыхьэнэрэ *зэрыгъэзащ*I*эм елъыта*щи, ″*хь, к*I″ *суффикск*Iэ лэжьэфыну зэрыщымытым нэмыщI, *лэжьэфыну* щыт *глагол*хэри ″хь, кI″ суффиксхэм *хуэигъуэ* ″*префикс*″кIэрэщ зэрылэжьэфынур. Ауэ икIи, *дэтхэнэ зы глагол*ыр мы ″*хь, к*I″ *суффиксхэм т*I*умк*I*и* –икIи ″хьыкI″уэ-лэжьэфыну *зэрыщымыт*ынури гурыIуэгъуэнщ. Мыбыхэм нэмыщI, сытым дежи щыгъуазэ дызэрыхуэхъущ *глагол* гуэрхэм мыхьэнитI зэраIэри, мы *мыхьэнит*I*ри зэхуэдэу* ″*хь, к*I″ *суффикск*Iэрэ *лэжьэфыну зэрыщымыт*ынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы зи гугъу тщIахэр ипэкIэ къэта таблицэхэми зэрыигъуэу зэрызэхэхупхъэу къэгъэлъэгъуауэ хыболъагъуэри, мы зи гугъу тщIахэм теухуа щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Ин | Еин | - | - еикIын – еикIэн; | - |
| Ун | Къэун/Къэуэн | - къэухьын – | - | - |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ---------<br>Уэн | ------------------<br>Къэуэн/къэӀун | къэухьэн;<br>----------------<br>- къэухьын; – къэухьэн; | ---------------<br>- | ----------------<br>- |
| Жын<br>---------<br>Жэн-2 | ежын/ежэн *(игъуащэкъым)*<br>-----------------<br>Ежэн-1 | -<br>----------------<br>- | -<br>----------------<br>- | -<br>----------------<br>- |
| Щтын<br>---------<br>Щтэн-2 | Зыщтын/Зыщтэн *(игъуэкъым)*<br>------------------<br>Зыщтэн-1 | -<br>-----------------<br>- | -<br>----------------<br>- | -<br>----------------<br>- |

- ИпэкӀэ къыхэдгъэщахэм нэмыщӀ, мы къэдгъэлъэгъуэжа щапхъэхэмкӀи гурыӀуэгъуэщ ″-″уэ къэгъэлъэгъуа е ″*игъуэкъым/игъуащэкъым*″у лъытахэр мы я ″префикс″хэм хуэӀуарэ теухуауэ зэрыщытыфынур. Аращи, -псалъэм папщӀэ- ″*зы*″ *префикс*ыр зыхуэмыигъуэ ″щтын″ глаголыр ″*зыщтын/зыщтэн*″у ухуэныр ″*игъуэкъым*″и, ″*хь, к*Ӏ, *хьык*Ӏ″ *суффикси* къащтэу ″*префиксиал суффиксиал глагол*″ *къатехъук*Ӏ*къым.* Мыр дыдэр ″жын, жэн″ глаголхэми теухуауэ жыӀэпхъэщ.

- ″ЩыкӀэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″хэр зэкӀэлъыкӀуэу глагол щапхъэхэм къащтауэ щытщи, дэтхэнэ зы ″префикс″ыр глаголымрэ икӀи ″хь, кӀ″ суффиксхэм хуэигъуэу щытын хуейуэ зэрыщымытри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, *имыгъуэ*у тлъыт ″*префикс*″хэм *ип*Ӏэ *нэгъуэщ*Ӏ ″щӀыкӀэ″ лӀэужьыгъуэ ″*префикс*″хэр *игъуэу къызэриувэф*ынури гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр:

| |
|---|
| - «жэн-2 → ″ежэн-1″; - ″е″м ипӀэкӀэ ″хуэ″ преф. → ″хуэжэн-2″»; |
| - «″фын″ым ″е″р хуэмигъуэми, ″зэ(дэ)″р хуэигъуэнщи, ″зэ(дэ)фын″»; |
| - «″щтын″ым ″зы″р хуэмыигъуэми, ″къэ″р хуэигъуэнщи, ″къэщтын″». |

*

ИпэкӀэ ″щӀыпӀэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″хэм дежи и гугъу тщӀагъащи, *глагол мыхьэнэми елъыта* щхьэ, ″хь, кӀ″ суффикс *зэк*Ӏ*элъхьэужьык*Ӏ*эр зэхъуэк*Ӏ*ыфу* зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэхэр ″щӀыкӀэ″ лӀэужьыгъуэ ″префикс″хэм теухуауи къохъуфри, **″кӀ″ыр ипэ** къихуэрэ **″хь″ыр** абы **къыкӀэлъыкӀуэ** *зэк*Ӏ*элъхьэужьык*Ӏэ *зи*Ӏ*эуи ухуэф* ″префиксиал суффиксиал глагол″ щапхъэхэрщ:

| **Макъ глагол** | **ЩӀыкӀэ префиксиал гл.** | **<u>кӀ-хь</u>/<u>кӀ-хьэ</u>** |
|---|---|---|
| Ӏун/Ӏуэн<br>----------------<br>Ӏуэн | НэӀун/НэӀуэн<br>-------------------------<br>НэӀуэн | - нэӀукӀыхьын – нэӀукӀыхьэн;<br>-------------------------------------------<br>- нэӀукӀыхьын – нэӀукӀыхьэн; |

| | | |
|---|---|---|
| Вын/Вэн | Къэвын/Къэвэн | - къэвыкӀхьын – къэвыкӀыхьэн; |
| ТӀын/ТӀэн | ДэтӀын/ДэтӀэн | дэтӀыхьыкӀын – дэтӀыхьыкӀэн; |
| Тхъын/Тхъэн | Зэ(дэ)тхъын/Зэ(дэ)тхъэн | - зэ(дэ)тхъыкӀыхьын – зэ(дэ)тхъыкӀыхьэн; |
| Пхын/Пхэн | Епхын/Епхэн | - епхыкӀыхьын – епхыкӀыхьэн. |

ИпэкӀи зэрыжытӀауэ, таблицэхэм теухуауэ аргуэру *къыхэгъэщыпхъ*эхэмрэ, мыбдежым -кӀыхь дымыщӀын папщӀэ- къэта *щапхъэ* мащӀэр *гъэбэгъуэн* Ӏуэхугъуэри *еджакӀуэхэм къахуренэ*!

## "ПРЕФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"ХЭМ МЫ "ХЬ, КӀ, ХЬЫКӀ"РЭ НЭГЪУЭЩӀ "СУФФИКС"ХЭР КЪАЩТЭУ УТЫКУ КЪИХЬЭ **"ПРЕФИКСЫБЭ СУФФИКСЫБЭ ГЛАГОЛ"**ХЭР

ИпэкӀэ таблицэхэм хиубыдэу къэта щапхъэхэр "префиксиал глагол"хэм -зы "префикс" зиӀэ глаголхэм- "хь, кӀ" суффиксхэм зыр - "хьыкӀ"р "суффикситӀ"ми(!)- къащтэу ухуэ "префиксиал суффиксиал глагол"хэрщи, "глагол"рэ и "префикс"ыр "хь, кӀ" суффикскӀэ лэжьэну зэрыигъуэм теухуауэ утыку къихьэ глагол лӀэужьыгъуэхэрщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри "щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префиксиал глагол"хэм "хь, кӀ"ыр "суффикс" язэрыхуэхъум теухуауэ къэгъэлъэгъуащ.

Ауэ, мыбдежым *мы "суффикс"хэм нэгъуэщ*Ӏ *"суффикс"хэри дэщӀыгъуу* утыку къихьэ *"суффиксыбэ"*хэмкӀэ **"префиксыбэ"**у щыт глаголхэр -*"префиксыбэ глагол"*хэр- *зэрылажьэ*у ухуэ *"префиксыбэ суффиксыбэ глагол"*хэращ зи гугъу тщӀынурэ щапхъэхэри къызыхуэтхьынур.

НытӀэ, ипэкӀэ дэтхэнэ зы глаголым къищтэу а глаголыр *егъэлеярэ* **(Ӏуэ)** *лъэщу* **(щэ)** *зыгъэлажьэ "суффикс"*хэмрэ *зэрыхъун хъуа дыдэу зылъытэ "суффикс"*ыр **(пэ)**, глаголыр зытеухуа Ӏуэхугъуэр *хузэф*ӀэкӀынрэ **(ф)** *аргуэру* **(ж)** хъунрэ гъэзэщӀэн къалэн зыгъэзащӀэ *"суффикс"*хэр *дэтхэнэ зы глаголым "суффикс" зэрыхуэхъу*фхэр гурыӀуэгъуэщи, ахэр мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа **"хь, кӀ"** *суффикс*хэм **дэщӀыгъуу** –къакӀэлъыкӀуэу- **"суффиксыбэ"** зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр игъуэщ.

НытӀэ, "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" гуэрхэр зэрызэгухьэу утыку къихьэ *"префиксыбэ глагол"*хэм *"хь, к*Ӏ*" суффикс*хэмрэ *мы зи гугъу тщ*Ӏ*а суффикс*хэр зэрызэгухьэу ухуэ *"суффиксыбэ"*р къызэращтэу **"префиксыбэ суффиксыбэ глагол"**у ухуэнухэм теухуа щапхъэхэр

къэдгъэлъэгъуэнущи, мыпхуэдэ лэжьыгъэми ипэкӀэ таблицэхэм къыщыта щапхъэ гуэрхэр лъабжьэ яхуэтщӀынщ:

| **Макъ гл.** | **Префиксыбэ гл.** | **+ Суффиксыбэ (хь + нэгъуэщӀ суф.)** | **+ Суффиксыбэ (кӀ + нэгъуэщӀ суф.)** | **+ Суффиксыбэ (хьыкӀ + нэгъуэщӀ с.)** |
|---|---|---|---|---|
| Ин | щиин | щиихьыӀуэн;<br>щиихьыӀуэщэн; | щиикӀыжын;<br>щиикӀыӀуэфын; | щиихьыкӀыщэн;<br>щиихьыкӀыӀуэщэн; |
| КӀын/<br>КӀэн | КъыщӀэкӀын/<br>КъыщӀэкӀэн | къыщӀэкӀыхьыжын;<br>къыщӀэкӀыхьыщэн; | къыщӀэкӀыкӀыжын;<br>къыщӀэкӀыкӀыщэн; | къыщӀэкӀыхьыкӀыфын;<br>къыщӀэкӀыхьыкӀыӀуэн; |
| Хъун | Зэдыхэхъун/<br>Зэдыхэхъуэн | зэдыхэхъухьыӀуэн,<br>зэдыхэхъухьыжыфын; | зэдыхэхъукӀыфын;<br>зэдыхэхъукӀыӀуэн; | зэдыхэхъухьыкӀыпэн;,<br>зэдыхэхъухьыкӀыфын; |
| Шхын/<br>Шхэн | Ныкъуэшхын/<br>Ныкъуэшхэн | Ныкъуэшхыхьыжыпэн;<br>ныкъуэшхыхьыщэжын; | ныкъуэшхыкӀыпэн;<br>ныкъуэшхыкӀыжын; | ныкъуэшхыхьыкӀыфын;<br>ныкъуэшхыхьыкӀыщэн; |

**Мы къэтхьа щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ″Хь, кӀ″ суффиксхэр псалъэ кӀэухыу зэрыщытым зэрезэгъкӀэ ″э″кӀэ къоӀуфыр (иихьэн, иикӀэн, иихьыкӀэн); ауэ, мыпхуэдэ къэӀукӀэ зиӀэ глаголхэм нэгъуэщӀ ″суффикс″хэри кӀэух щыхуэхъум деж, ″э″уэ къэӀуу зи гугъу тщӀыхэр ″ы″уэ къэӀуу зэрызэхъуэкӀынур гурыӀуэгъуэщи, мыр таблицэм къыщыта щапхъэхэми хыболъагъуэр.

- КӀыхь дымыщӀын папщӀэ, мащӀэу къэдгъэлъэгъуащ щапхъэхэри, ахэр зэрыбэгъуэфынурэ икӀи нэгъуэщӀ тежыӀыхьыпхъэхэри зэрыщыӀэнур гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэр къыпыщэнри *еджакӀуэхэм къахуренэ*!

## ГЛАГОЛХЭМ ″ИГЪУЭ ПРЕФИКС″КӀЭРЭ ″СУФФИКС″ ЯХУЭХЪУХЭМРЭ, КЪАТЕХЪУКӀ ″ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

### ЗЫХУЭГЪЭЗА ЛЪЭНЫКЪУЭ ЗЫЛЪЫТЭ ″СУФФИКС″ХЭМ ″ИГЪУЭ ПРЕФИКС″КӀЭРЭ КЪАТЕХЪУКӀЫПХЪЭ ″ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

*Глагол кӀэух мак*ъращ глагол *мыхьэнэр* зыдэкӀуэнум зышэрэ *зыгъэлажьэри*, ″*суффикс*″ жыхуэтӀэхэри *мыпхуэдэ къалэн* зыгъэзащӀэхэрщ. Глагол *лэжьэкӀэр зыхуэгъэза лъэныкъуэр* -зэрылажьэ лъэныкъуэр- *зылъытэ мак*ъхэри *глагол*хэм *кӀэух* зэрыхуэхъупхъэнур гурыӀуэгъуэнщи, мыбдежым мыпхуэдэ ″*суффикс*″хэращ зи гугъу тщӀынухэр. Аращи, дэтхэнэ зы глаголыр *зы лъэныкъуэм хуэгъэза*уэ зэрылэжьэнур а глаголым кӀэху хуэхъуну ″*суффикс*″*хэмк*Ӏэрэщ зэрылъытэнур. Ауэ икӀи, зы *глаголыр нормалу зэрылэжьэну щӀыкӀэм къыщымынэу, зы лъэныкъуэм хуэгъэзауэ* мы *зэрылэжьэнур*и зы *игъуэ* ″*кондицэ*″*м елъыта*уэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщи, глаголыр

зэрылэжьэну мыпхуэдэ *лъэныкъуэ*хэр зылъытэ "*суффикс*"хэр икӀи *игъуэ* "*префикс*"и *зыхуэныкъуэ*хэрщ.

Мы зи гугъу тщӀы "суффикс"хэм хуэигъуэ "префикс" къащтэу "префиксиал суффиксиал глагол" къатехъукӀыу щыжытӀэм деж, мыр *икӀи мы "префикс"*кӀэрэ ухуа "*префиксиал глагол*"*хэми мы* зи гугъу тщӀы "*суффикс*"*ыр къызэращтэф*ынури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ япэрауэ, *мы "префикс"*ри мы зи гугъу тщӀы *глаголым* ар зэрыгъэзэщӀэну "*кондицэ*" хуэхъуфыну щытын зэрыхуейр гурыӀуэгъуэнщи, *мыпхуэдэ*у ухуа "*префиксиал глагол*"ращ *мы*бдежым *зи гугъу тщӀы "суффикс"к*Ӏэрэ *лажьэу* зэрыухуэнури, мыпхуэдэу утыку къихьэнури мы *ипэк*Ӏэ - "суффикс"ымрэ хуэигъуэ "префикс"кӀэ- *ухуэ*у зи гугъу тщӀы "*префиксиал суффиксиал глагол*"рауэ зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэм теухуауэ илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэну щапхъэхэм ипэ къихуэу, мыбдежым мыхуэдэ "*суффикс*" *гуэрх*эмрэ ахэр зыхуэныкъуэу абыхэм *хуэигъуэ* "*префикс*" *гуэрх*эм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

## "ИЩХЬЭ"РЭ "ИЛЪАБЖЬЭ", "ИБГЪУ"РЭ "ЩӀЫБАГЪ" ЛЪЭНЫКЪУЭХЭМ ХУЭГЪЭЗАУЭ ГЪЭЗАЩӀЭ ӀУЭХУГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ УХУЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР

**"Е(иэ)"**р "*линиер*" лӀэужьыгъуэ зы *функцэ*у лъытапхъэщи, мы и щӀыкӀэрэ мыхьэнэм зэрезэгъкӀэ, -глагол кӀэух макъхэм я къалэнри ди гурыӀуэгъуэу- *кӀэху зыхуэхъу глагол*ыр и мыхьэнэрэ зэрыгъэзэщӀапхъэу а зэрыщыту "*е*" *суффикс*ым *занщ*Ӏэрэ *линиер*у зэр*игъэлэжьэф*ынур гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мыпхуэдэ къалэн яхуигъэзащӀэу **"е(иэ)"**р *глагол*хэм **"суффикс"** язэрыхуэхъуфынури наӀуэщ. Зы глаголыр а зэрыщыту занщӀэу линиеру мы зэрылажьэр глаголым "е"р щхьэжу кӀэух зэрыхуэхъукӀэрэщи, мыпхуэдэ лэжьэкӀэри а глаголым -и мыхьэнэрэ и гъэзэщӀэкӀэми зэрелъытауэ- и егъэлеиныгъэ лэжьэкӀэрщ: «кӀуэн → кӀуэен; лъэн → лъэен; жэн → жэен; хун → хуен; щӀэн → щӀэен».

ИкӀи, мыпхуэдэу занщӀэу "*е*" *суффикс* къэзыщтэ глаголыр *линиер*у мы *зэрылэжьэн*у щӀыкӀэм *нэмыщ*Ӏ, "*е(иэ)*"р *глагол*хэми "*префикс*" язэрыхуэхъур гурыӀуэгъуэщи, абы щыгъуэми а *глаголыр хуэкӀуэнрэ екӀуэлӀэныгъэ* "*кондицэ*"кӀэ *зэрылэжьэн*ур гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, *глагол лэжьэкӀэр* зы *лъэныкъуэм хуэгъэза*уэ щытынумэ, мы *лъэныкъуэр игъуэ*

*"суффикс"к*Ӏэщ зэрылъытэнури, глаголыр мы *лъэныкъуэм хуэк*Ӏ*уэрэ ек*Ӏ*уал*Ӏ*эу* зэрыщытынури *"е" префикс*ым игъэзащӀэ *"кондицэ"*рщ. и лажьэущ глаголыр зэрыгъэпсыныри, мыпхуэдэм дежи, *"е" суффикс*ым мыпхуэдэ *кондицэ* зылъытэ зы *игъуэ "префикс"* хуэныкъуэнущ.

Аращи, *"е(иэ)"*р *"линиер"* лӀэужьыгъуэ зы *функц*эу зэрыщытым къызэрыхэкӀкӀэ, зы *глаголым ищхьэ* лъэныкъуэм *къыщыпыхьэм* деж, *а глаголыр "е"м* мы и щӀыкӀэм *елъытауэ* зэры*лэжьэну*р гурыӀуэгъуэщи, **"е(иэ)"** макъыр **"префикс"** зыхуэхъу глаголыр *занщ*Ӏ*эу -"линиер"у-хуэк*Ӏ*уэн*рэ *ек*Ӏ*уэл*Ӏ*эн* щӀыкӀэу *лэжьэн* зэры*хуеи*нур гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мы игъэзащӀэ къалэным зэрезэгъкӀэ *"е"*р *"префикс" зыхуэхъу* дэтхэнэ зы *глагол*ыр -и мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэми елъытауэ- лэжьэну *зыхуэгъэза* дэтхэнэ зы *лъэныкъуэр зылъытэ "суффикс"*хэм хуэ*игъуэ "префикс"*уи лъытапхъэнщ. Мы жытӀахэм теухуа зэмылӀэужьыгъуэ щапхъэхэри къэтхьыщ: «ехын, ехуэхын, ехухын, ежэхын, ефэхъуэхын»; «екӀуэкӀын, ежэкӀын, еплъэкӀын, еудэкӀын».

*

Мы щапхъэхэм *"суффикс"* яхуэхъу макъхэр *"х, к*Ӏ*" макъхэр*ащи, нытӀэ, игъэзащӀэ "префикс" къалэну щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"е(иэ)" мак*ъыр мы суффиксхэм я хуэ*игъуэ "префикс"*у зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мыбдежми мыпхуэдэ *"суффикс"* къалэн зыгъэзащӀэ мы *макъхэми щыгъуазэ* дыхуэхъунщ.

*"Х" мак*ъыр *лъабжьэ* зылъытэ *мыхьэнэ* зиӀэу икӀи дэтхэнэ зы *щы*Ӏ*эм лъабжьэрэ тетып*Ӏэ хуэхъуу бзэм хэлэжьыхьырщ. Мыпхуэдэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ занщӀэу зы *ц*Ӏэ *л*Ӏ*эужьыгъуэ "макъ псалъэ"*у (хы) щӀылъэм а *нэхъ* и *лъахъшап*Ӏэу щыт псышхуэ иувыӀахэри зылъытэрщ. Ар занщӀэу "макъ глагол" мыхъуами, мы зи гугъу тщӀа *и мыхьэнэк*Ӏэрэ *"глаголыпхъэ"у* зэрылъытэкӀэрэ, зэрыгъэзэщӀэн кондицэ зылъытэу ищхьэм *"префикс"* лӀэужьыгъуэу къыпыхьэ *макъ гуэрхэмк*Ӏэ *"глагол" къызытехъук*Ӏыф макъырщи, мыпхуэдэ ухуа *"префиксиал глагол"* щапхъэхэрщ мыхэр: «ехын, гуэхын, щыхын, щӀэхын, мэхын, псэхын, щхьэхын».

Ауэ мыбдежым ди Ӏуэхур *глаголхэм игъуэ "префикс"к*Ӏэ *"суффикс"* хуэхъуу ухуэ "префиксиал суффиксиал глагол"хэращи, *глагол лэжьэк*Ӏэр *зыхуэгъэза лъэныкъуэ*р зылъытэ *"суффикс"*у щыт "х"ымрэ абы ху*игъуэ "префикс"*кӀэ ухуэ *"префиксиал суффиксиал глагол"*хэрщ. Мыри глаголыр *илъабжьэ лъэныкъуэ*у *зэрылэжьэну*р зэрылъытэ **"х"**

**"суффикс"**ым *игъуэ "префикс"*и къызэрищтэущи, мы префиксри *"е(иэ)"*рауэ зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ; - мыр ипэкӀэ къэта щапхъэхэми къыхощыр. НытӀэ, иужькӀэ къэдгъэлъэгъуэну щапхъэхэм нэмыщӀ, мыбдежми зэмылӀэужьыгъуэ глаголхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «еухын, ехухын, еплъыхын, епсэлъыхын, ежэхын, ешэхын».

Глагол мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэр зыхуэгъэзапхъэ зы лъэныкъуэри ибгъу лъэныкъуэращи, *ибгъу лъэныкъуэм хуэгъэза*уэ субъектым игъэзащӀэ мы Ӏуэхур *икӀи и щӀыб лъэныкъуэми -щӀыбагъми- хуэгъэза*рэ *хуэкӀу*эну зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мы зэрыжытӀауэ, субъектым *ибгъу*рэ и *щӀыбагъ* лъэныкъуэм *хуэгъэзауэ гъэзащӀэ глаголыр зэхуэдэ "суффикс"*рэ *игъуэ "префикс"*кӀэ зэрыухуапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мы зыхуэгъэза лъэныкъуэм *хуэкӀуэрэ екӀуалӀэу* зэрыщытынури *"е" префикс*кӀэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, *ибгъу*рэ *щӀыбгъ* лъэныкъуэр *глагол*ыр *нормалу зэрылэжьэн*у *гупэ лъэныкъуэм* и *пхэндж*рэ *ик*Ӏ *лъэныкъуэ*у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ лъэныкъуэри зэрыигъуэу зылъытэнур *"к*Ӏ*" мак*ъым и *мыхьэн*эрэ бзэм хигъэзэщӀыхь *къалэнк*Ӏэрэщ.

НытӀэ, зы глаголыр *"ибгъу"*рэ *"щӀыбагъ" лъэныкъуэм хуэгъэзауэ* зэрылэжьэнур зэрылъытэну **"суффикс"**ыр **"кӀ"**ращи, глаголыр мы лъэныкъуэм *хуэкӀуэрэ екӀуалӀэу* гъэзэщӀэн папщӀэ, глаголрэ *суффиксыр зыхуэныкъуэ "префикс"*ри аргуэру *"е(иэ)"* макъырщ. Аращи, *"е(иэ)"р "ибгъу"*рэ *"щӀыбагъ" лъэныкъуэ* зылъытэ *"к*Ӏ*" суффикс*ми *хуэигъуэ "префикс"*ырщ: «екӀуэкӀын, ежэкӀын, еплъэкӀын, еудэкӀын».

Мы щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"суффикс"итӀри "е" префикск*Ӏэщ зэрылажьэр. Ауэ, ибгъурэ щӀыбагъ лъэныкъуэм хуэкӀуэу зыгъэлажьэ *"к*Ӏ*" суффиксымрэ* илъабжьэ лъэныкъуэм хуэкӀуэу зыгъэлажьэ *"х" суффикс къэзыщтэ глагол къэ*Ӏ*ук*Ӏэр *зэщхьэщык*Ӏ*ыпхъэ*у зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщи, *"х" суффикс къэзыщтэ глагол къэ*Ӏ*ук*Ӏ*эр "ы"уэ* щытыныр -"э→ы"уэ зэхъуэкӀыныр- адыгэбзэ лэжьэкӀэ хабзэмкӀэ зэрыигъуэнури гурыӀуэгъуэнщ. Илъабжьэм мыбыхэм теухуа щапхъэхэм тежыӀыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ.

*

Мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ зы лъэныкъуэри *ищхьэ лъэныкъуэ*ращи, мы лъэныкъуэр зэрылъытэну зыхуэигъуэ макъри *"координат системэ"*м и *ищхьэ лъэныкъуэу абзис*ыр зэрылъытэ "и"рауэ жыӀэпхъэщ. Мыпхуэдэ зы лъэныкъуэри *дэгъэзеигъуэ лъэныкъуэ*уи

лъытапхъэщи, мы лъэныкъуэм *хуэгъэзауэ лэжьэну* зы *глаголыр* икIи *зэтет щIыпIэ* лIэужьыгъуэу *кондицэ* зылъытэ *"дэ" префиксыкI*э гъэзэщIапхъэу зэрыщытынури жыIэпхъэщ. Аращ икIии, *ищхьэ лъэныкъуэм хуэгъэзауэ гъэзэщIэну глаголыр* икIи *"дэ" префикси* зыхуэныкъуэнырщ. Мыбы нэмыщI, мы *ищхьэ лъэныкъуэр "абзсис"*рэ джыгъуэу зэрыщытыкIэ *"и" суффиксыкIэ лэжьэф*ыну щыт щхьэ, икIи мыбы -*"и"м- екIуалI*эрэ *хуэкIуэ*ныгъэри (е) зыхэзыубыдэфыну "суффикс"кIэрэ (еи) гъэзэщIэныр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ. Аращи, *ищхьэ лъэныкъуэм хуэгъэзар*эрэ дэгъэзеигъуэу щыт *мы лъэныкъуэр занщIэрэ задэ*у лъытэн *нэхърэ зэтетыгъуэ*у лъытэныр *нэхъ игъуэщи*, мыпхуэдэр зэрылъытапхъэ **"суффикс"**ри **"ей"**ращ.

НытIэ, *ищхьэ лъэныкъуэ*р зэрылъытэ *"суффикс"*ыр *абзсис*ыгъэм *(и) хуэкIуэу (е) "ей"*уэщ зэрылъытапхъэри, мыри *ищхьэкIэ дэкIуеин*ыгъэ зиIэ зы *функцэ*у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Мы къэтIуэтахэр нэхъри гурыIуэгъуэ къытхуэхъун папщIэ, мы макъхэм я функцэ щIыкIэр дигу къэдгъэкIыжын: «"е(иэ)"р "и = х"щи *(у = х) линиер функцэ*рщ; "ей"ри "иэй"уэ зэрыщыткIэ, "и = х2"щи *(у = х2)* зы *парабол функцэ*щ – ищхьэкIэ зигъэкъуаншэкIэрэ декIуей функцэщ».

Аращи, *къуаншэу* мы *дэкIуей функцэ*р "е"рэ "и" зыхиубыдэу *"ей (иэй)"*уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыри "и" лъэныкъуэ защIэу –задэу дэкIыгъуэу- *"абзсис" защIэу щымыт*у, *ищхьэкIэ зигъэкъуаншэ дэкIуеи*гъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, *глагол лэжьэкIэр зыхуэгъэза лъэныкъуэр мы*пхуэдэ *функцэ*у щыт *"суффикс"*ым хуэ*игъуэ* **"префикс"**ри *зэтетыгъуэ* зылъытэ **"дэ"**рауэ зэрыщытыпхъэри гурыIуэгъуэнщ: «дэгъэзеин, дэхуеин, дэхьеин, дэшеин, дэкIуеин».

*

НытIэ, мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэ, зи гугъу тщIы "суффикс"хэмрэ хуэигъуэ "префикс"хэмкIэ ухуэ "префиксиал суффиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэхэр мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнущ.

Мыбдежым зи лэжьэкIэхэм теухуа щапхъэхэр къызыхуэтхьыну *глаголхэр нэхъыбэу* зи гугъу тщIа *мы "суффикс"*хэмрэ *хуэигъуэ "префикс"*кIэ *лэжьэфыну* тлъыта *мыхьэнэрэ гъэзэщIэкIэ зиIэ глаголхэр*ауэ зэрыщытри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щыта щапхъэхэр таблицэхэми зэрызыхаубыдэм хуэдэу, *зэхуэдэ макъкIэ ухуа*рэ *мыхьэнэ*кIэ *зэщхьэщык*Iхэри -ипэрей таблицэхэми зэрыхэплъагъуэ щIыкIэу- "---

″*кӀэрэ* зэгуэгъэкӀауэ таблицэхэм *къыщыдгъэлъэгъуэнщ*. Мы *зэхуэдэ мак*ъкӀэрэ ухуарэ *мыхьэнэк*Ӏэ *зэщхьэщык*Ӏ *глагол*хэм щыщ *гуэрхэр мы ″суффикс″рэ ″префикс″хэмк*Ӏэ *лажьэу*, *нэгъуэщ*Ӏ *гуэрхэри мылажьэу* зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэм икӀи мы ″*суффикс*″хэмрэ ахэр *зыхуэныкъуэ* ″*префикс*″кӀэ *мылажьэ глаголхэми щыгъуазэ дызэрыхуащ*Ӏынури гурыӀуэгъуэнщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, зи гугъу тщӀа мы ″*суффикс*″хэмкӀэ ″*игъуэ*″у лажьэхэм теухуа *щапхъэхэр*ащ таблицэм къыщыдгъэлъэгъуэнури, таблицэм *мы* ″*суффикс*″хэр зыхуэ″*имыгъуэ*″ *щапхъэ* къызэры*мыхьын*ури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, мы ″*суффикс*″хэр зыхуэ″*имыгъуащэ*″хэм теухуа *щапх*ъэхэри гулъытэ зэрыхуэщӀыпхъэ щӀыкӀэу къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэпкърыувэну таблицэхэм тежыӀыхьыпхъэхэри таблицэ нэужьым къыщыпытщэжынщ.

НытӀэ, ипэкӀэ къэтӀуэтахэмрэ, мы къыпытщэжахэми зэрезэгъкӀэ, ″занщӀэ глагол″ лӀэужьыгъуэ ″макъ глагол″ гуэрхэр зы **лъэныкъуэ**м **хуэгъэза**уэ зэрылэжьэф ″**суффикс**″хэмкӀэ –**игъуэ** ″**префикс**″хэри къащтэу- *инфинитив*у зэры**ухуэ ″префиксиал суффиксиал глагол″** щапхъэхэр мы илъабжьэм таблицэхэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ глголхэр** | **ИщхьэкӀэ гъэзауэ зэрылажьэ ″суф.″рэ зэтет щӀыпӀэ лъытэ ″дэ″ преф.кӀэ ухуэ ″преф./суф. гл.″хэр** | **Зы лъэныкъуэм гъэзауэ зэрылажьэ ″суф.″рэ екӀуэлӀэныгъэ зылъытэ ″е″ щӀыкӀэ префикс зыхуэигъуэу ухуэ ″префиксиал суффиксиал гл.″хэр.** | |
|---|---|---|---|
| | | **Илъабжьэ** | **Ибгъурэ щӀыбагъ** |
| Ин | - деин; | - еихын; | - еикӀын – еекӀын; |
| Ун<br>----------------<br>Уэн | - дэуеин;<br>----------------------<br>- дэуеин | - еухын;<br>---------------------<br>- еухын; | - еуэкӀын;<br>---------------------<br>- еуэкӀын; |
| Ӏун-2/Ӏуэн-2<br>-----------------<br>Ӏуэн | - дэӀуеи-2;<br>----------------------<br>- дэӀуеин; | - еӀухын-2;<br>---------------------<br>- еӀухын; | - еӀуэкӀын-2;<br>---------------------<br>- еӀуэкӀын; |
| Хьын | -<br>- дэхьеин; | -<br>- ехьэхын; | -<br>- ехьэкӀын; |
| КӀуэн | - дэкӀуеин; | - | - екӀуэкӀын; |
| Хъун | - дэхъуеин; | - ехъухын; | - ехъуэкӀын; |
| Хун | - дэхуеин; | - ехухын; | - ехуэкӀын; |
| Дзын | - дэдзеин; | - едзыхын; | - едзэкӀын; |
| Жьын/Жьэн | - дэжьеин; | - ежьыхын; | - ежьэкӀын; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ----------------<br>Жьэн | ----------------------<br>- дэжьеин;<br>*(игъуащэкъым)* | --------------------<br>- ежьыхын;<br>*(игъуащэкъым)* | ---------------------<br>- ежьэкӀын;<br>*(игъуащэкъым)* |
| Жын<br>----------------<br>Жэн-2 | - дэжеин (←дэжыен);<br>----------------------<br>- дэжеин-2 | - ежыхын;<br>--------------------<br>- ежэхын-2; | - ежэкӀын;<br>---------------------<br>- ежэкӀын-2; |
| ЩӀын/ЩӀэн<br>----------------<br>ЩӀэн | - дэщӀеин;<br>----------------------<br>- | - ещӀыхын – ещӀэхын;<br>---------------------<br>- | - ещӀэкӀын;<br>---------------------<br>- |
| Шын<br>----------------<br>Шэн | -<br>----------------------<br>- дэшеин; | -<br>-------------------<br>- ешэхын; | -<br>--------------------<br>- ешэкӀын; |
| Сын<br>---------------<br>Сэн | - дэсеин;<br>----------------------<br>- дэсеин;<br>*(игъуащэкъым)* | - есыхын;<br>--------------------<br>- есэхын;<br>*(игъуащэкъым)* | - есыкӀын;<br>--------------------<br>- есэкӀын;<br>*(игъуащэкъым)* |
| Лъэн | - дэлъеин; | - елъыхын; | - елъэкӀын; |
| Лын/Лэн<br>---------------<br>Лэн | - дэлеин;<br>---------------------<br>- дэлеин;<br>*(игъуащэкъым)* | - елыхын;<br>--------------------<br>- елэхын;<br>*(игъуащэкъым)* | - елэкӀын;<br>---------------------<br>- елэкӀын;<br>*(игъуащэкъым)* |
| Дын/Дэн<br>---------------<br>Дэн | - дэдеин;<br>*(игъуащэкъым)*<br>----------------------<br>- | - едыхын;<br>*(игъуащэкъым)*<br>---------------------<br>- | - едэкӀын;<br>*(игъуащэкъым)*<br>---------------------<br>- |
| ТӀын/ТӀэн | - дэтӀеин; | - етӀыхын; | - етӀэкӀын; |
| Вын/Вэн<br>----------------<br>(псы) Вэн | - дэвеин;<br>----------------------<br>- дэвеин;<br>*(игъуащэкъым)* | - евыхын;<br>---------------------<br>- евэхын;<br>*(игъуащэкъым)* | - евэкӀын;<br>---------------------<br>- евэкӀын;<br>*(игъуащэкъым)* |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Тхъын/Тхъэн<br>-------------------<br>Тхъэн | - дэтхъеин;<br>---------------------<br>- | - етхъыхын;<br>---------------------<br>- | - етхъыкӀын;<br>---------------------<br>- |
| Пхъын/Пхъэн | - дэпхъеин; | - епхъыхын; | - епхъыкӀын – епхъэкӀын; |
| Тхъун/Тхъуэн<br>-------------------<br>Тхъуэн/Тхъун | - дэтхъуеин;<br>---------------------<br>- | - етхъухын;<br>----------------------<br>- | - етхъуэкӀын;<br>---------------------<br>- |
| Пхъуэн | - дэпхъуеин; | - епхъухын – епхъуэхын; | - епхъуэкӀын; |
| Тхын/Тхэн | - дэтхеин; | - етхыхын; | - етхэкӀын; |
| Лъхун/Лъхуэн | - | - | - |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Пхын/Пхэн | - дэпхеин; | - епхыхын; | - епхэкӀын; |
| Бзын/Бзэн | - дэбзеин; *(игъуащэкъым)* | - ебзыхын; *(игъуащэкъым)* | - ебзэкӀын; *(игъуащэкъым)* |
| Пщын-2/Пщэн-2 | - дэпщеин-2; | - епщыхын-2; | - епщэкӀын-2; |
| ПщӀын/ПщӀэн | - дэпщӀеин; *(игъуащэкъым)* | - епщӀыхын; *игъуащэкъым)* | - епщӀэкӀын; |
| Плъын<br>-------------------<br>Плъэн | - дэплъеин;<br>---------------------<br>- дэплъеин; | - еплъыхын;<br>---------------------<br>- еплъыхын; | - еплъэкӀын;<br>----------------------<br>- еплъэкӀын; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ИпэкӀи къызэрытӀуэтарэ таблицэхэм къыщыта щапхъэ нэхъыбэми зэрыхэплъагъуэу, къызытехъукӀа глаголыр -"ы"кӀэ е "э"кӀэ- дауи къэӀуу щырет, *"е" префикс* къэзыщтэ *"х" суффиксым теухуауэ* глаголыр зэрыухуэр *"ы"к*Ӏэ *къэӀуу* зэрыщытрэ, *"кӀ" суффиксым теухуауи* зэрыухуэр *"э"к*Ӏэ *къэӀуу* зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэу щӀыщытри *"х"* суффиксыр *илъабжьэрэ ехыпӀ*эу зэрыщытым папщӀэщ ("э-ы" → ы); *"кӀ"* суффиксри *ибгъу*рэ и *щӀыб* лъэныкъуэкӀэ *екӀуэкӀыгъэу кӀуэтэгъуэ*кӀэ (э) зэрыгъэзащӀэм папщӀэщ ("ы-э" → э). Мыпхуэдэ щапхъэхэу *зи гугъу тщӀыхэри "италикэ"*у тхауэ къыхэдгъэщынщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ун<br>-------------------<br>Уэн | - дэуеин;<br>----------------------<br>- дэуеин | - *еухын;*<br>---------------------<br>- *еухын;* | - еуэкӀын;<br>---------------------<br>- еуэкӀын; |
| Хун | - дэхуеин; | - *ехухын;* | - ехуэкӀын; |
| Тхын/Тхэн | - дэтхеин; | - *етхыхын;* | - етхэкӀын; |

- Ауэ, дэтхэнэ зы глаголыр мы къэтӀуэтарэ къэтхьа щапхъэхэм хуэдэу зэрыщымытри ипэкӀэ таблицэхэм къыщыта щапхъэхэми хыболъагъуэри, мыпхуэдэу щымытхэри *глаголхэм я мыхьэнэрэ я гъэзэщӀэк*Ӏэхэращ зы*теухуар*; нытӀэ, *мыпхуэдэ къыхэгъэщыпхъэхэри мы илъабжьэм къыщыпытщэн*.

- Я мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэхэм елъытащи, *"э"к*Ӏэ *къэӀу глагол* гуэрхэр щыӀэщ *лъабжьэ лъэныкъуэм хуэгъэзауэ "х" суффикс*кӀэ *ехыу* щылажьэкӀи, и *"э"р пымыху*у зэрыщыту *къэӀуу*и, таблицэм щыхэплъагъуэ мыпхуэдэ щапхъэхэм щыщщ мыхэр:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Жэн-2 | - дэжеин-2 | - *ежэхын-2;* | - ежэкӀын-2; |
| Шэн | - дэшеин; | - *ешэхын;* | - ешэкӀын; |

- Мы къэта щапхъэхэм нэмыщӀ, -ипэкӀи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *"хьын"* глаголыр "префикс"кӀэ щылажьэм деж, *"хьы"р (объект) зыхьым (субъект) дэщӀыгъуу зэрык*Ӏ*уатэ*м папщӀэ, *"э"к*Ӏэрэщ къызэрыӀуатэри, мыбдежыми *"хьын"* глаголыр *"х" суффикс*рэ хуэигъуэ *"е" префикс*кӀэ зэрыухуэу утыку къихьэри мы мы къэта щапхъэхэм хуэдэ зы *"префиксиал суффиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Хьын | -<br>- дэхьеин; | -<br>- *ехьэхын;* | -<br>- ехьэкӀын; |

- Мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ, аргуэру глагол мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэм елъытащи, лъабжьэ лъэныкъуэм хуэгъэзауэ -ехыгъуэу- *"х" суффиксыкӀэ "ы"рэ "э"уэ къэӀуу лажьэ глагол*хэри щыӀэщ. Мыпхуэдэ *къэӀукӀит*Ӏым *дэтхэнэ зым* езым *хуэӀуа гъэзэщӀэкӀэ* зэриӀэжри гурыӀуэгъуэнщи, мыри *"щӀын/щӀэн" глагол*ым теухуауэ къэтӀуэтэнщ: *"щӀын"* Ӏуэхур *къыздыщӀэбдзэр "ищхьэ" лъэныкъуэу* зэрылъытэкӀэрэ *илъабжьэ лъэныкъуэм хуэгъэзау*э зэрыгъэзащӀэр *"ещӀыхын"*ращи, ар п*щӀыуэ щыт*у ("щӀы-э"у) *къызэрыӀуэтапхъ*эри "ещӀы-э-хы-н" щӀыкӀэу *"ещӀэхын"*уэщ. ИкӀи, ехыгъуэ зэрылъытэ "х" суффиксыкӀэ лажьэу мыпхуэдэ къэӀуэтэкӀитӀ зиӀэфыну глаголхэр нэхъыбэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ, ауэ, нэхъ къэӀуэтэкӀэ игъуэрэ хроникэ щӀыкӀэхэращ таблицэм къыщыгъэлъэгъуахэр. Дауи, мыпхуэдэ щапхъэхэу табдицэм хиубыдэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| ЩӀын/ЩӀэн | - дэщӀеин; | - *ещӀыхын – ещӀэхын;* | - ещӀэкӀын; |
| Пхъын/Пхъэн | - дэпхъеин; | - *епхъыхын;* | - епхъыкӀын – епхъэкӀын; |
| Пхъуэн | - дэпхъуеин; | - *епхъухын – епхъуэхын;* | - епхъуэкӀын; |

- Зыгуэрыр *зыдитыпӀэм езыр езырурэ ихун*ыр *"ехуэхын"* глаголкӀэщ зэрылъытапхъэри, абырэ мыбдежым зи гугъу тщӀы *"хун"* глаголыр *илъабжьэ лъэныкъуэм хуэгъэзауэ* зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэр *зэхуэдэу* зэры*щымыт*ыр гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мыбдежым *"хун"* Ӏуэхур *илъабжьэ лъэныкъуэм хуэгъэзауэ* зэрыгъэзащӀэращ ди Ӏуэхури, мыр *зыгуэрыр илъабжьэ лъэныкъуэм*кӀэ *зэрыху* Ӏуэхугъуэу *"хун"* глаголым "къытехъукӀ *"ехухын"* Ӏуэхугъуэрщ. Ауэ, "хууэ щыт"у (*хуэ*) *ибгъу* е и *щӀыб лъэныкъуэм*кӀэ екӀуэкӀыр кӀуэтэгъуэкӀэ (э) зэрылъытэри (*ехуэкӀын*) нэрылъагъущ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Хун | - дэхуеин; | - *ехухын;* | - ехуэкӀын; |

- Аргуэру глагол мыхьэнэмрэ и гъэзэщӀэкӀэм елъытащи, *"кӀуэн"* Ӏуэхугъуэр *илъабжьэм хуэгъэзауэ* зэрыгъэзащӀэр **"ехын"** глаголкӀэ; *ищхьэм хуэгъэзауэ* зэрыгъэзащӀэри **"дэкӀын"** глаголкӀэ къызэрыӀуэтапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэ, мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэращ лъабжьэрэ нэхъыщхьэр; нытӀэ, зи гугъу тщӀыр *"кӀуэн"* Ӏуэхугъуэу лъытапхъэми, "кӀуэн" глаголкӀэ къэӀуэтэн *нэхърэ Ӏуэхур зэрыгъэзащӀэ щӀык*Ӏэр къызэрыӀуатэ *глагол*ращ игъуэр. Ауэ икӀи, *"кӀуэн"* Ӏуэхур гъэзэщӀэну зыхуэгъэза ищхьэ лъэныкъуэр *зэтет*ыгъуэу (дэ) щылъытэм деж, нэхъ игъуэу *"дэкӀуеин"* глаголкӀэ къызэрыӀуэтапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэр ехыгъуэм теухуауэ игъуэкъым; икӀи, *кӀуэн* глаголым къытехъукӀ *е*хыгъуэ лӀэужьыгъуэу *щхьэжу зэпкъырыува*уэ щыт **"екӀурэхын"** глаголри щыӀэщи, ар мыбдежым зи гугъу тщӀыхэм зэрыхуэмыдэм папщӀэ, щапхъэхэми яхэдгъэхьакъым:

| | | | |
|---|---|---|---|
| КӀуэн | - *дэкӀуеин;* | - | - екӀуэкӀын; |

- Ипэкӏэ къэтӏуэтахэм зэрезэгъщ ″ин″ глаголым теухуауэ къэта щапхъэхэри, ″макъ ӏуэр глагол″ыр ″макъ ӏуэр″ лӏэужьыгъуэ ″префикс″рэ ″суффикс″кӏэ зэрыухуэрэ игъуэт къэӏукӏэхэм щыгъуазэ хуэхъун хуейщ. Аращи, ″ин″ глаголыр ищхьэ зэтет (дэ) лъэныкъуэм хуэгъэзауэ зэрыгъэзащӏэр къызэрыӏуэта ″деин″ыр *«″дэ-и-ей-н″ → ″дэ-и-иэй-н″ → дэййин″ → ″деин″»*у ухуауэ лъытапхъэщ; ″еихын″у ухуа ″е″ префикскӏэ *«″е-и-хы-н″ → ″иэ-и-хын″ → ″еихын»*у зэрыухуар; ″ин″ глаголыр ибгъурэ и щӏыб лъэныкъуэм хуэгъэзауэ зэрыгъэзащӏэри *«″е-иэ-кӏын″ → ″иэ-иэ-кӏын″ → ″еекӏын″»*у, икӏи ″ин″ыр а зэрыщыту гъэзащӏэу зэрекӏуэкӏыр (кӏ) зэрылъытэу *«″е-и-кӏы-н″ → ″еикӏын″»*у зэпкъырыувапхъэхэщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ин | *- деин;* | *- еихын;* | *- еикӏын – еекӏын;* |

- Мыбдежым ″ин″ глаголыр ибгъурэ и щӏыбым хуэгъэзауэ зэрылажьэр ″кӏ″ кӏэухрэ ″е″ префикскӏэ зэрыухуэр ″ин″ ӏуэхур кӏуатэу (э) икӏи кӏуэтэн хуэмыныкъуэу (″и″рэ ″э″ зэпыщӏэныгъэми езэгъыу) къэӏукӏитӏ иӏэу зэрызэпкъырыувэ щапхъэ къэтхьащи, глагол мыхьэнэрэ гъэзэщӏэкӏэм елъытауэ мыпхуэдэу щӏыкӏитӏкӏи къэӏуэтэф нэгъуэщӏ щапхъэхэри щыӏэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Пхъын/Пхъэн | - дэпхъеин; | - епхъыхын; | *- епхъыкӏын – епхъэкӏын;* |

- Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщӏ, ″*имыгъуащэ*″у тлъытауэ икӏи *щапхъ*эхэр къызыхуэтхьахэр нэрылъагъущи, ахэри *нормал*рэ нэхъ *цӏыкӏуу* зэры*тха*м елъытауэ *гупит*ӏыу зэщхьэщыдгъэкӏащ. Мыпхуэдэу имыгъуащэу къыхэдгъэщахэм мыхьэнэ яӏэ щхьэ, бзэм куэдыщэу хэмылэжьыхьрэ хроникэ хэхъухьауэ зэрыщытым папщӏэ, е глаголыр зытеухуа ӏуэхугъуэр мыпхуэдэу лэжьэныр зэрыимыгъуащэм папщӏэ ″игъуащэкъым″у тлъытащ. Псалъэм папщӏэ, *нэху бзий* кӏуэкӏэр зэрылъыта ″*лэн*″у щытыр *ищхьэ, илъабжьэ е ибгъу*кӏэ дауи *зэхуэдэ*уэщ зэрылэнури, мыпхуэдэу зэщхьэщыкӏыу къэӏуэтапхъэнкъым; ауэ, зы *теплъэрэ фэ егъэгъуэтын* щӏыкӏэу ″*лэн*″ыр *ищхьэ, илъабжьэ е ибгъу* лъэныкъуэм хуэгъэзауэ *зэщхьэщык*ӏыу *къызэры*ӏ*уэтэф*ынур гурыӏуэгъуэнщ. Мыбыхэм нэмыщӏ, ″*сын*″*ыр дэнк*ӏ*эйщ*, икӏи мафӏэм зэрыхуэмыӏуари гурыӏуэгъуэщи, дэтхэнэ зы лъэныкъуэм хуэгъэзауэ зэрыс щӏыкӏэр лъытэнри зэры″*мыгъуащэ*″р мыпхуэдэу лъытэн хуейщ; ауэ, ″*сэн*″ыр *ищхьэ лъэныкъуэ*кӏи пщӏынщ ауэ *игъуащэ хъункъыми*, зэрысэр *илъабжь*эмкӏэщи, ″сэн″ыр илъабжьэм хуэгъэзауэ къэӏуэтэнри *игъуащэкъым*:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Сын<br><br>-------------<br>Сэн | - дэсеин;<br>*(игъуащэкъым)*<br>-----------------------<br>- дэсеин;<br>*(игъуащэкъым)* | - есыхын;<br>*(игъуащэкъым)*<br>----------------------<br>- есыхын – есэхын;<br>*(игъуащэкъым)* | - есыкӏын;<br>*(игъуащэкъым)*<br>---------------------<br>- есэкӏын;<br>*(игъуащэкъым)* |
| Лын/Лэн<br>------------- | - дэлеин;<br>----------------------- | - елыхын;<br>---------------------- | - елэкӏын;<br>--------------------- |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Лэн | - дэлеин; *(игъуащэкъым)* | - елыхын; *(игъуащэкъым)* | - елэкӀын; *(игъуащэкъым)* |

*

Мы ипэкӀэ зыхуэгъэза лъэныкъуэ зылъытэ "суффикс"хэм (ей, х, кӀ) хуигъуэ префикскӀэ (дэ, е) къатеухъукӀыу ухуэ "префиксиал суффиксиал глагол"хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуащ. НытӀэ, мы "префикс" дыдэхэмкӀэ (дэ, е) ухуагъэххэ "префиксиал глагол"хэри мы зи гугъу тщӀа "суффикс" дыдэхэмкӀэ (ей, х, кӀ) лажьэу а "префиксиал суффиксиал глагол" дыдэхэр зэрыухуэфынур гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, зэхуэдэу тхарэ зэщхьэщыкӀ мыхьэнэ зиӀэ макъхэри зэрыщыӀэр гурыӀуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщӀы мы "префикс"хэр зи гугъу тщӀы мы "суффикс"хэм хуэигъуэ мыхьэнэ зиӀэ "префикс" дыдэрауэ щытын зэрыхуейри гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, **"дэ, е"** *префиксхэмк*Ӏэ **ухуагъэххэ "префиксиал глагол"**хэм *мы* **"ей, х, кӀ"** *суффикс*хэр *къазэрыпыхьэу* **"префиксиал суффиксиал глагол"**хэр *утыку къызэрихьэ* щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ гл.** | **"Дэ преф.гл."ыр "ей суфф."кӀэ ухуэу** | **"Е преф.гл."ыр "х" суфф.кӀэ зэрыухуэ** | **"Е преф.гл."ыр "кӀ суфф."кӀэ зэрыухуэ** |
|---|---|---|---|
| Ин | Дэин → деин *(игъуащэкъым)* | Еин → еихын; | Еин → еикӀын – еекӀын; |
| КӀуэн | ДэкӀуэн → - | - | - |
| Дзын | Дэдзын → дэдзеин; | Едзын → едзыхын; | - Едзын → едзэкӀын; |
| ТӀын/ ТӀэн | ДэтӀын/ДэтӀэн → дэтӀеин; | ЕтӀын/ЕтӀэн → етӀыхын; | ЕтӀын/ЕтӀэн → етӀэкӀын; |
| Пхъын/ Пхъэн | Дэпхъын/Дэпхъэн → дэпхъеин; | Епхъын/Епхъэн → епхъыхын; | Епхъын/Епхъэн → епхъыкӀын – епхъэкӀын; |
| Тхын/ Тхэн | Дэтхын/Дэтхэн → дэтхеин; | Дэтхын/Дэтхэн → етхыхын; | Дэтхын/Дэтхэн → етхэкӀын; |
| Пхъуэн | Дэпхъуэн → дэпхъуеин; | Епхъуэн → епхъухын – епхъуэхын; | Епхъуэн → епхъуэкӀын; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы къэта щапхъэхэмкӀэ нэрылъагъущ *ухуагъэххэ "префиксиал глагол"*хэмрэ мы зи гугъу тщӀа *"суффикс"рэ хуэ*игъуэ *"префикс"*кӀэ *ухуэ "префиксиал суффиксиал глагол"*хэр *-я "префикс"хэр зэхуэдэми*-зэрызэщхьэщыкӀри, мыбдежым мыпхуэдэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

- *Суффикс "ей"*р зыхуэ*игъуэ "дэ" префикс*ыр *"зэтет"*ыгъэ мыхьэнэ зиӀэрщи, "ин" глаголыр "префиксиал"у мы зэрыухуа *"дэин"* глаголым и префикс *"дэ"*м зэры*игъуэу зэтет*ыныгъэ зэр*имылъыт*эм папщӀэщ *"имыгъуащэ"*у щӀэлъытар.

- "*ДэкIуэн*" глаголым и "*дэ*" префиксым илъытэр "*дэщIыгъу*" е "*зэхуаку*"рщи, мыбыхэм дэтхэнэ зыми "*ей*" *суффикс*ыр *зыхуэныкъуэ* "*префикс*"*у зэтет*ыгъуэ мыхьэнэ "*дэ*"рауэ зэры*щымыт*ым папщIэ, мы "*дэкIуэн*" префиксиал глаголри "*ей*" *суффикскIэ*рэ "*дэкIуеин*" глаголу *ухуэнкъым*: "*кIуэн*" глаголыр "*ей*" (и=х2) *суффикскIэ* лэжьэн папщIэ зы*хуэигъуэ* "*дэ*" *префикс*ыр - фIэкIыпIэ иммыIэу- *зэтет*ыгъуэ мыхьэнэ зиIэращ.

- "*ЕкIуэн*" *глагол*ыр "*кIуэн*" *глагол*ым мыбдежым зи гугъу тщIы и *лэжьэкIэу* зэры*мыухуа*м папщIэ, -ипэрей таблицэхэм къызэрыщымыгъэлъэгъуам хуэдэжу- мыбдежми къыщыдгъэлъэгъуакъым; аращ икIии, а "*екIуэн*" глаголыр -и мыхьэнэм елъытащи- "*екIуэкIын*"*у*и зэры*мыухуэн*ур гурыIуэгъуэщ.

- Мыбыхэм нэмыщI щапхъэхэр игъуэу лъытапхъэщ. Ауэ икIи, *мы къэта щапхъэхэм нэмыщI*, ипэкIэ таблицэхэм хиубыдэу къэта щапхъэхэми мыбдежым зи гугъу тщIахэм хуэдэу *щыгъуазэ хуэхъун* хуеинщи, ахэри *еджакIуэхэм къахуренэ*!

*

Глагол лэжьэкIэр зыхуэгъэза лъэныкъуэ зылъытэ мы "суффикс"хэр глаголхэм зэгъусэрэ зэкIэлъыкIуэу къызэрамыщтэнури гурыIуэгъуэнщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, мы лъэныкъуэхэр зыр зым хуэпхэндж е хуэпэзадэ лъэныкъуэхэрщи, глаголыр зы лъэныкъуэм теухуауэщ зэрылэжьэнур. Аращи, зы глаголыр ибгъуэрэ щыбагъ лъэныкъуэм хуэгъэзауэ икIи илъабжьэ -е ищхьэ- лъэныкъуэм хуэгъэзауэ зэрымылэжьэнурэ къызэрымыIуэтапхъэнури гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, глагол лэжьэкIэр зыхуэгъэза **лъэныкъуэ** зылъытэ мы **"суффикс" защIэ**кIэ глаголхэр **"суффиксыбэ"**у зэры**мыухуэн**ур гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ, ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа "*суффикс*" *гуэрхэр* мыбдежым зи гугъу тщIа *мы "суффикс"хэм дэщIыгъуу "суффиксыбэ"* зэрыухуэфынур жыIэпхъэщи, мыпхуэдэхэми мыбдежым щыгуъазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

НытIэ, мыпхуэдэ "суффикс"хэу лъытапхъэщ *дэтхэнэ зы глагол*ыр *егъэлея* (Iуэ), *лэщ*ыгъэ (щэ), зэрыхъун *хъуа дыд*эу (пэ) зыгъэлажьэ "*суффикс*"хэмрэ, *глагол*ыр зытеухуа I*уэхугъуэ*р *зыхузэф*IэкIыныгъэрэ (ф) аргуэру зыгъэлажьэ (ж) "*суффикс*"хэр *лъэныкъуэ* зылъытэ "*суффикс*"хэм (ей, х, кI) *дэщIыгъуу* **"суффиксыбэ"** ухуэфыну къыщIэкIынщ.

Мы зэрыжытIауи, мы *лъэныкъуэ* зылъытэ **"ей, х, кI" суффикс**хэмрэ яхуэ*игъуэ* "*префикс*"хэмкIэ (дэ, е) ухуа "*префиксиал суффиксиал глагол*"хэм дэтхэнэ зы глаголым кIэух хуэхъуфу зи гугъу тщIа **"Iуэ, щэ; пэ; ж, ф" суффикс**хэр къакIэлъыкIуэу **"суффиксыбэ"** зэрыухуэм теухуа

**"префиксиал суффиксыбэ глагол"** щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ гл.** | **"Дэ преф. - ей суфф." + "нэгъуэщӀ суфф."хэр** | **"Е преф. - х суфф." + "нэгъуэщӀ "суфф."хэр** | **"Е преф. - кӀ суфф." + "нэгъуэщӀ суфф."хэр** |
|---|---|---|---|
| Ин | - деин → «деиӀуэн, деиӀуэщэн, деиӀуэщэжын, деиӀуэщэжыфын»; | - еин → «еихыӀуэн, еихыӀуэщэн, еихыӀуэщэжын, еихыӀуэщэжыфын»; | - еин → «еикӀыӀуэн – еекӀын, еикӀыӀуэщэн – еекӀыӀуэщэн, еикӀыӀуэщэжын – еекӀыӀуэщэжын, еикӀыӀуэщэжыфын – еекӀыӀуэщэжыфын»; |
| КӀуэн | - дэкӀуеин → «дэкӀуеиӀуэн, дэкӀуэиӀуэщэн, дэкӀуэиӀуэщэжын, дэкӀуеиӀуэщэжыфын»; | - | - екӀуэкӀын → «екӀуэкӀыӀуэн, екӀуэкӀыӀуэщэн, екӀуэкӀыӀуэщэжын, екӀуэкӀыӀуэщэжыфын»; |
| Дзын | - дэдзеин → «дэдзеиӀуэн, дэдзеиӀуэщэн, дэдзеиӀуэщэжын, дэдзеиӀуэщэжыфын»; | - едзыхын → «едзыхыӀуэн, едзыхыӀуэщэн, едзыхыӀуэщэжын, едзыхыӀуэщэжыфын»; | - едзэкӀын → «едзэкӀыӀуэн, едзэкӀыӀуэщэн, едзэкӀыӀуэщэжын, едзэкӀыӀуэщэжыфын»; |
| Тхын/ Тхэн | - дэтхеин → «дэтхеиӀуэн, дэтхеиӀуэщэн, дэтхеиӀуэщэжын, дэтхеиӀуэщэжыфын»; | - етхыхын → «етхыхыӀуэн, етхыхыӀуэщэн, етхыхыӀуэщэжын, етхыхыӀуэщэжыфын»; | - етхэкӀын → «етхэкӀыӀуэн, етхэкӀыӀуэщэн, етхэкӀыӀуэщэжын, етхэкӀыӀуэщэжыфын»; |

*

"Мыбыхэм нэмыщӀ, игъуэ "префикс" зыхуэныкъуэ "*суффикс*"хэу щыгъуазэ дыхуэхъуа "*хь, к*Ӏ, *хьык*Ӏ"хэри *глагол лэжьэк*Ӏэр зыхуэгъэза мы *лъэныкъуэ* зылъытэ "*суффикс*"хэм (ей, х, кӀ) къыкӀэлъыкӀуэу "суффиксыбэ" -"*префиксиал суффиксыбэ глагол*"- зэрыухуэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, *игъуэ префикс*рэ "*хь, к*Ӏ" *суффикс*хэмкӀэ ухуа "*префиксиал суффиксиал глагол*"хэм нэгъуэщӀ "*суффикс*"*хэр (*Ӏ*уэ, щэ, пэ; ж, ф)* къащтэу "*префиксыбэ суффиксыбэ глагол*"хэр зэрыухуэм ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуауэ щытащ. НытӀэ, ахэри ди гурыӀуэгъуэу, мыбдежым **"ей, х, кӀ" суффикс**хэмрэ яхуэ**игъуэ префикс**хэмкӀэ **(дэ, е)** ухуауэ мы ипэкӀэ къэта "*префиксиал суффиксиал глагол*"хэм **"хь, кӀ, хьыкӀ" суффикс**хэр къызэращтэу **"префиксиал суффиксыбэ глагол"**хэр зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ гл.** | **"Дэ преф. - ей суфф." + "хь - кӀ - хьыкӀ суфф."** | **"Е преф. - х суфф." + "хь - кӀ - хьыкӀ суфф."** | **"Е преф. - кӀ суфф." + "хь -кӀ - хьыкӀ** |
|---|---|---|---|

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | **суфф.**" |
| Ин | - деин → «деихьын, деихьэн, деихьыкӀын, деихьыкӀэн; деикӀын, деикӀэн, деикӀыхьын, деикӀыхьэн»; *(игъуащэкъым)* | - еихын → «еихыхьын, еихыхьэн, еихыхьыкӀын, еихьыкӀэн; еихыкӀын, еихыкӀэн, еихыкӀыхьын, еихыкӀыхьэн»; | - еикӀын → «еикӀыхьын, еикӀыхьэн, еикӀыхьыкӀын, еикӀыхьыкӀэн; еикӀыкӀын, еикӀыкӀэн, еикӀыкӀыхьын, еикӀыкӀыхьэн»; *(хэлэжьыхьыщэкъым)* |
| КӀуэн | - дэкӀуеин → «декӀуеихьын, дэкӀуеихьэн, дэкӀуеихьыкӀын, дэкӀуеихьыкӀэн; дэкӀуеикӀын, дэкӀуеикӀэн, дэкӀуеикӀыхьын, дэкӀуеикӀыхьэн»; *(игъуащэкъым)* | - | - екӀуэкӀын → «екӀуэкӀыхьын, екӀуэкӀыхьэн, екӀуэкӀыхьыкӀын, екӀуэкӀыхьыкӀэн; екӀуэкӀыкӀын, екӀуэкӀыкӀэн, екӀуэкӀыкӀыхьын, екӀуэкӀыкӀыхьэн»; *(хэлэжьыхьыщэнкъым)* |
| Дзын | - дэдзеин → «дэдзеихьын, дэдзеихьэн, дэдзеихьыкӀын, дэдзеихьыкӀэн; дэдзэеикӀын, дэдзеикӀэн, дэдзеикӀыхьын, дэдзеикӀыхьэн»; *(хэлэжьыхьыщэкъым)* | - едзыхын → «едзыхыхьын, едзыхыхьэн, едзыхыхьыкӀын, едзыхьыкӀэн; едзыхыкӀын, едзыхыкӀэн, едзыхыкӀыхьын, едзыхыкӀыхьэн»; *(хэлэжьыхьыщэкъым)* | - едзэкӀын → «едзэкӀыхьын, едзэкӀыхьэн, едзэкӀыхьыкӀын, едзэкӀыхьыкӀэн; едзэкӀыкӀын, едзэкӀыкӀэн, едзэкӀыкӀыхьын, едзэкӀыкӀыхьэн»; *(хэлэжьыхьыщэнкъым)* |
| Тхын/ Тхэн | - дэтхеин → «дэтхеихьын, дэтхеихьэн, дэтхеихьыкӀын, дэтхеихьыкӀэн; дэтхеикӀын, дэтхеикӀэн, дэтхеикӀыхьын, дэтхеикӀыхьэн»; *(хэлэжьыхьыщэнкъым)* | - етхыхын → «етхыхыхьын, етхыхыхьэн, етхыхыхьыкӀын, етхыхьыкӀэн; етхыхыкӀын, етхыхыкӀэн, етхыхыкӀыхьын, етхыхыкӀыхьэн»; | - етхэкӀын → «етхэкӀыхьын, етхэкӀыхьэн, етхэкӀыхьыкӀын, етхэкӀыхьыкӀэн; етхэкӀыкӀын, етхэкӀыкӀэн, етхэкӀыкӀыхьын, етхэкӀыкӀыхьэн»; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы къэта щапхъэхэм щыщу "*имыгъуащэ*"у къэдгъэлъэгъуахэр *глагол* мыхьэнэм *елъытауэ* лэжьэкӀэ *лей*уэ лъытапхъэхэрщ. Ауэ, щапхъэ къэтахьэм щыщу бзэм "*хэлэжьыхьыщэ(н)къым*" хуэдэу лъытахэр *глагол лэжьэкӀэу игъуэу* лъытапхъэ щхьэ, бзэм щызекӀуащэу щымытхэрщ, - нэхъыбэуи *псалъэ кӀыхьу щытхэр*ащ *бзэм щыземыкӀуащэ*хэр.

- Дауи, зытеухуа *глагол*ым мы *префикс*рэ *суффикс*кӀэ *къытехъукӀыпхъэ псалъэхэр*щ -"префиксиалрэ суффиксиал глагол"хэрщ- мы къэта щапхъэхэри, *гупщысэрэ къэӀуэтэкӀэр щыхуэныкъуэм деж*, къэӀуэтапхъэрэ *бзэм щызекӀуапхъэ*

*псалъэхэрщ* мы псорикl. Аращ икlии, игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щlыпlэм къызэрыхэдгъэщу, *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, нобэ *бзэм щызекlуэ*рэ хроникэ хэхъухьа *псалъэхэмрэ и лэжьэкlэхэм куэдыщэу щхьэщык*lыну къыщlэкlынщ *адыгэбзэм къигъэщlыпхъэ псалъэрэ и лэжьэхэр*: нобэ бзэм *щыземыкlуэрэ хроникэ хэмыхъухьа псалъэ куэд къигъэщlыфыну лъэкlынығъэшхуэ зи*lэ зы *псэлъэбзэ*рщ *адыгэбзэр*.

- Икlи, зэрыухуа щlыкlэхэр щыгъуазэ къытхуэхъуауэ щыт мы "префиксиал суффиксыбэ глагол"хэми аргуэру нэгъуэщl суффиксхэр -ипэкlэ зи гугъу тщlа "lуэ, щэ, пэ; ж, ф" суффиксхэр- къащтэу "суффикс" бжыгъэкlэ бэгъуа "префиксиал суффиксыбэ глагол"хэри къазэрытехъукlыфынур гурыlуэгъуэнщ.

## "ИПХЭ/ИУЖЬ" ЛЪЭНЫКЪУЭМ ХУЭГЪЭЗАУЭ ГЪЭЗАЩlЭ lУЭХУГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ УХУЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР

Ипэкlэ "*префикс зыхуэмыныкъуэ суффикс*"у щыгъуазэ дыхуэхъуащ "**тэ**" макъми, ар суффикс зыхуэхъу *глаголыр зыдэщы*lэ *щlыпlэм щхьэщык*lрэ (т) *кlуат*эу (э) -текlуэтыкlыу- зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр "кlуэн" глаголым теухуауэ къэдгъэлъэгъуагъуат: «"кlуэн + тэ" → "кlуэтэн"».

"Щхьэщыкlынығъэрэ (т) кlуэтэн (э)"ыр -*текlуэтыкlынығъэр*- "тэ"м мы ипэ –гупэ- лъэныкъуэу зэригъэзащlэм хуэдэу щымытрэ абы и пхэнджу *ик*lэ*к*lэ *–иужьк*lэ- гъэзащlэу щыщытым деж, мы "тэ" *суффикс*ым и *кlуэтэгъуэ*р (э) *зэрыпыху*кlэрэ (**тэ-ы → ты**) зэрылъытэфынур –адыгэбзэм и зы лэжьэкlэ хабзэу- гурыlуэгъуэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, дэтхэнэ гуэрыр *нормалу* зэры*лажьэр*э зэрызекlуэр *ипэ –и гупэ- лъэныкъуэ*ущи, мыпхуэдэу гъэзэщlэн папщlэ зы *глаголыр зэкlуэн хуей зы кондицэ щы*lэ*нкъым*; - глаголым гупэ лъэныкъуэу занщlэу лэжьэфынщ. Мыбы папщlэщи, "*занщ*lэ *глагол*" лlэужьыгъуэу – икlи "макъ глагол"у- щыт "*кlуэн*" *глагол*ым "*тэ*" *суффикс*ыр -"префикс хуэмыныкъуэу- *занщlэу* къищтэу "*суффиксиал глагол*" къытохъукlыфыр. Ауэ, мыбы и *пхэндж* лэжьэкlэу *–нормал* лэжьэкlэ *щымыту- ипхэк*lэ е *иужьк*lэ *кlуэтэн* папщlэ, *глаголыр зэкlун хуей зы кондицэ щы*lэ*нщи*, нытlэ, "*тэ-ы*"уэ утыку къихьауэ тлъытэ мы "**ты**" **суффикс**ым зы *игъуэ* "*префикс*" хуэныкъуэнщ (пп: *ик*lуэтын); - мыри дэтхэнэ зы джыгъуэрэ гуэр зылъытэф "и"уэ щытыфынщ.

Мы зи гугъу тщӀы "суффикс"ыр къэзыщтэ глаголри куэдкъыми, "*тэ"м и пхэндж лэжьэк*Ӏэ игъэзащӀэу "*ты*" *суффикс*ыр "тэ"р къэзыщта "*кӀуэн*" *глаголым* къызэрищтэфынури -зэрыжытӀауэ- абы хуэ*игъуэ* "*и*" *префикск*Ӏэрэщ. Мыбыхэм теухуа щапхъэ гуэрхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «кӀуэн → кӀуэтэн → «"икӀуэтын (и-кӀуэтэ-ы-н)"»;
- «кӀуэтэн → «"ӀукӀуэтэн → ӀукӀуэтын (ӀукӀуэтэ-ы-н)"»; «"пыкӀуэтэн → пыкӀуэтын (пыкӀуэтэ-ы-н)"»; «"текӀуэтэн → текӀуэтын (текӀуэтэ-ы-н)"».

Мыбыхэм теухуа щапхъэхэр гъэбэгъуэнрэ икӀи мыпхуэдэу ухуа глаголхэм *нэгъуэщ*Ӏ "*префикс"рэ* "*суффикс"*хэри *къащтэу къатехъукӀыфыну глагол* лӀэужьыгъуэхэм *щыгъуазэ* хуэхъунрэ *щапхъ*эхэр къахуэхьын Ӏуэхугъуэри *еджакӀуэхэм къахуренэ*!

## ЗЫДЭКӀУЭФРЭ ЗЭРЫХЪУФЫМ НЭГЪУНЭ ХУЭКӀУАУЭ ЗЫЛЪЫТЭ "ЛӀ" СУФФИКСЫМ ХУЭ"ИГЪУЭ ПРЕФИКС" КЪИЩТЭУ УХУЭ "ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР

Мыбдежым зи гугъу тщӀыну "*л*Ӏ" *суффикс*ымрэ хуэ*игъуэ* "*префикс*"ым *зэдащ*Ӏэ Ӏ*уэху*гъуэр мы ипэкӀэ къэтахэм щыщу ипэ ит щапхъэхэм ещхьу лъытапхъэщ: *глаголыр зыхуэгъэза лъэныкъуэ зылъытэ* "*суффикс*"хэмрэ ахэр зы*хуэныкъуэ* "*префикс*"хэм *зэдащ*Ӏэ Ӏ*уэху*гъуэм *ещхь*у лъытапхъэщ.

"*Л*Ӏ" *макъ*ым и *мыхьэн*эр зыгуэрыр *зэрыхъун хуей*рэ *зэрыхъуа*уэ зылъытэрщи, суффикс зыхуэхъу глаголыр *зэрылэжьэн хуейм нэгъунэ зэрылажьэ*р е зы щӀыпӀэм *нэс зэрылажьэ*р зылъытэрщ.

"ЛӀ" макъым мы и мыхьэнэми зэрезэгъщи, *зэрыхъун хъуа ц*Ӏ*ыху*р "*л*Ӏ*ы*"уэщ зэрылъытар. - Мыр иужьрей патриартал лъэхъэнэхэм "цӀыхухъу"у лъытэжагъэнщ-. Зэрыхъун хъуа цӀыхур "лӀы"уэ зэрилъытэм къыщымынэу, абы зэманым (э) къыхуихьынурэ ар икӀэм икӀэжым зыдэкӀуапхъэри "*л*Ӏ*эн*"*ыгъ*эрауэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, цӀыху лъэпкъ е нэгъуэщӀ псэущхьэ лӀэужьыгъуэу щырет, *псэ зы*Ӏ*ут* дэтхэнэ зы щыӀэр -фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- икӀэм икӀэжым *зыдэк*Ӏ*уэну*рэ *зыдынэсыну*р зэрылъытэ "*макъ глагол*"щ "*л*Ӏ*эн*"ри, мыпхуэдэ щӀыкӀэуи псэущхьэхэр зэрыхъун хъуа нэужьым, икӀэм икӀэжым зыдэкӀуэну къыпэщытри зылъытэу ухуа псалъэрщ.

Мы къэтӀуэтами зэрезэгъщ икӀии, псэ зыӀутхэм теухуауэ "*лӀэн*"ыгъэм *атӀкӀэ кӀуапӀэ* зэры*щымы*Ӏэм зэрезэгъкӀэ, "лӀэн" глаголыр "лӀ" кӀэухкӀэ зэрымылэжьапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ, зы*хуейм хунэсыну хущӀэкъущэн*ыр "*л*Ӏ" *макъит*ӀкӀэ зылъытэу ухуа "*ел*Ӏэ*л*Ӏ*эн*" глаголи щыӀэщ.

Ауэ, ар утыку къызэрихьа щӀыкӀэр мыбдежым зи гугъу тщӀыхэм теухуакъыми, мыбдежым зи гугъу тщӀынухэр ухуагъэххэ глаголхэм - нэхъ игъуэуи "*занщ*Ӏэ *глагол"хэм*- "*л*Ӏ" *суффиксрэ хуигъуэ "префикс"* къищтэнращ. Мыпхуэдэ зы Ӏуэхугъуэри зы *кондиц*эм щӀэту зэры*гъэзэщ*Ӏэ*фыну*р гурыӀуэгъуэнщи, мыри *хуэк*Ӏ*уэн*рэ *ек*Ӏ*уэл*Ӏэ*н*ыгъэкӀэ зэрыгъэзэщӀэфынур жыӀэпхъэнщ. НытӀэ, "*л*Ӏ" *суффикс*ыр зыхуэныкъуэр "*е*" *префикс*рауэ жыӀэпхъэщ. - Ауэ икӀи, "е"м къыщымынэу, "*л*Ӏ" *суффиксым хуэигъуэ нэгъуэщ*Ӏ "*префикс"хэри* щыӀэфынщи, мыхэри илъабжьэм къыщыхэдгъэщынщ.

*

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэми "*л*Ӏ" *суффикс*ымрэ хуэ*игъуэ* "*е*" *префикс*ыр *къэзыщтэ*у ухуэ "*префиксиал суффиксиал глагол" щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу, къэзымыщт*эрэ мыпхуэдэу мыухуэфхэри *нэщ*Ӏ*ыу къэдгъэнэнщ*. "Префиксиал суффиксиал глагол" щапхъэу къэдгъэлъэгъуахэм щыщу глагол мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэм теухуауэ "*имыгъуащэ*"хэмрэ нэгъуэщӀ гуэркӀэ *бзэм* хуиту *хэмылэжыхь*хэри *щыземык*Ӏ*уащэ*у зэрылъытауэ *таблицэм къыщыхэдгъэщынщ*. Ауэ, *щыземык*Ӏ*уащэ*у къыхэдгъэщахэр *бзэм щызехьапхъэу* зэрыщытхэри гурыӀуэгъуэнщ. Мыбыхэм нэмыщӀ аргуэру къыхэгъэщын хуей гуэрхэмрэ, "*е*"*м нэмыщ*Ӏ "лӀ" суффиксыр зэрылэжьэф нэгъуэщӀ "*префикс*"*хэри таблицэ нэужь*ым *къыщыпытщэжынщ*:

| | |
|---|---|
| Ин | - еилӀэн; |
| Ун<br>------------------<br>Уэн | - еулӀэн; *(игъуащэкъым)*<br>----------------------------------------------------------------------<br>- еуэлӀэн;* |
| Ӏун-2/Ӏуэн-2<br>------------------<br>Ӏуэн | - еӀулӀэн-1; - псэлъэн мыхьэнэм(2) хуэ*игъуащэкъым*!<br>-----------------------------------------------------------------------<br>- еӀуэлӀэн;* - *гъэзэщ*Ӏ*эк*Ӏ*эу игъуащэкъым*! |

| | |
|---|---|
| Хьын – | -<br>- ехьэлӀэн;* |
| КӀуэн | - екӀуэлӀэн;* |
| Хъун | - ехъулӀэн; |

| | |
|---|---|
| Хун | - ехулӀэн; |
| Дзын | - едзылӀэн; |
| Жьын<br>-----------------<br>Жьэн | - ежьылӀэн; - *гъэзэщӀэкӀэу игъуащэкъым*!<br>------------------------------------------------------------------------<br>- ежьылӀэн;** *(игъуащэкъым)* |
| Жын<br>-----------------<br>Жэн-2 | - ежылӀэн; - *гъэзэщӀэкӀэу игъуащэкъым*!<br>------------------------------------------------------------------------<br>- ежэлӀэн;* |
| ЩӀын/ЩӀэн<br>-----------------<br>ЩӀэн | - ещӀылӀэн; **<br>------------------------------------------------------------------------<br>- |
| Шын -<br>-----------------<br>Шэн | -<br>------------------------------------------------------------------------<br>- ешэлӀэн;* |
| Сын<br>-----------------<br>Сэн | - есылӀэн;<br>------------------------------------------------------------------------<br>- есылӀэн;**- *щызекӀуащэкъым*! |
| Лъэн | - елъылӀэн – елъэлӀэн;*** - *щызекӀуащэкъым*! |
| Лын/Лэн<br>------------------<br>Лэн | - елылӀэн;***(игъуащэкъым)*<br>------------------------------------------------------------------------<br>- |
| Дын/Дэн<br>------------------<br>Дэн | - едылӀэн;**<br>------------------------------------------------------------------------<br>- |
| ТӀын/ТӀэн | - етӀылӀэн;** - *щызекӀуащэкъым*! |
| Вын/Вэн<br>------------------<br>(псы) Вэн | - евылӀэн;** - *щызекӀуащэкъым*!<br>------------------------------------------------------------------------<br>- |

| | |
|---|---|
| Тхъын<br>------------------<br>Тхъэн | - етхъылӀэн; *(игъуащэкъым)*<br>-----------------------------------------------------------------------<br>- |
| Пхъын/Пхъэн | - епхъылӀэн;** |
| Тхъун/Тхъуэн<br>------------------<br>Тхъуэн/Тхъун | - етхъулӀэн;**<br>-----------------------------------------------------------------------<br>- |
| Пхъуэн | - епхъуэлӀэн;* |
| Тхын/Тхэн | - етхылӀэн;** - *щызекӀуащэкъым*! |
| Лъхун/Лъхуэн | - |
| Пхын/Пхэн | - епхылӀэн;** - *щызекӀуащэкъым*! |
| Бзын/Бзэн | - ебзылӀэн; *(игъуащэкъым)* |
| Пщын-2/Пщэн-2 | - епщылӀэн-2;** |
| ПщӀын/ПщӀэн | - епщӀылӀэн;** *(игъуащэкъым)* |
| Плъын/Плъэн | - |

| -------------------- | ---------------------------------------------------------------------- |
|---|---|
| Плъэн | - еплъылIэн;** - *щызекIуащэкъым*! |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Таблицэм "*" нэгъыщэкIэ къыщыгъэлъэгъуа *глагол*хэр *къызэрыIу "э"к*Iэрэщ "*л*I" *суффикси къызэращт*эри, мыпхуэдэу щыт глаголхэм щыгъуазэ ущыхуэхъум деж, мыр *глагол мыхьэнэрэ гъэзэщIэкIэм* зэры*теухуа*ри гурыIуэгъуэ къыпхуохъур.

- Ауэ, я *къэIукIэр "ы"рэ "э"уэ* дауи щырет, *глагол нэхъыбэм "л*I" *суффикс* къызэращтэ щIыкIэр "*ы"к*Iэ *къызэрыIуущи*, мыпхуэдэхэри "**" нэгъыщэкIэ къыхэдгъэщащ.

- Мы *лэжьэкIитIри зи*Iэхэри "***" нэгъыщэкIэ къыхэдгъэщащ.

- Мы таблицэхэм теухуауэ мы къыхэдгъэщахэм нэмыщI, "*имыгъуащэ*"рэ бзэм куэдыщэу "*щыземыкIуащэ*"у мы къэтхьа щапхъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуищIым аргуэру гулъытэ хуэнщIынщ. Аращи, мыпхуэдэу тлъытахэр *бзэ лэжьэкIэу игъуэ*у лъытапхъэ *щхьэ*, иджыри *бзэм* хэмылэжьыхьыщэрэ *хроникэ хэмыхъухьахэр*ащи, *адыгэбзэм* и лэжьэкIэм *хэлэжьыхьыпхъэу* –потенциалу лэжьэну- *хэтрэ иджыри мылажьэ* и *лъэныкъуэхэр* зэрыщыIэращ. НытIэ, мыпхуэдэхэри *адыгэбзэр зезыхьэм -щыхуэныкъуэм* деж- *бзэм къыщигъэщIыфыну лэжьэк*Iэ *лъэк*Iыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэу лъытапхъэхэрщ.

*

ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, "лI" суффиксыр зыхуэигъуэр "е" префикс закъуэрауэ жыIэпхъэкъыми, нытIэ, мы ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа "*е*" *префиксри яхэту* -"щIыпIэ"рэ "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу- **"префикс" зэмылIэужьыгъуэ**хэмкIэ "*префиксиал/префиксыбэ глагол*"у *ухуагъэххэхэм* **"лI" суффикс** *къызэращтэу* утыку къихьэ **"префиксиал/префиксыбэ суффиксиал глагол"**хэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ гл.** | **Ухуагъэххэ "преф.гл."хэр** | **Суффиксу "лI" къызэращтэхэр** |
|---|---|---|
| Ин | - еин →<br>- зэдыдэин →<br>- щыхущIэин →<br>- щыкъуэин → | - еилIэн;<br>- зэдыдэилIэн – зэдыдеилIэн;<br>- щыхущIэилIэн – щыхуэщIеилIэн;<br>- щыкъуэилIэн – щыкъуеилIэн; |
| Хъун | -<br>- хуэхъун →<br>- зэдыхуэхъун → | -<br>- хуехъулIэн;<br>- зэдыхуэхъулIэн – зэдыхуехъулIэн; |
| КIуэн | -<br>- зэдэкIуэн →<br>- фIыхуэкIуэн → | -<br>- зэдэкIуэлIэн – зэдекIуэлIэн;<br>- фIыхуекIуэлIэн; |
| Дын/Дэн | - едын/едэн → | - едылIэн; |

| | | |
|---|---|---|
| | - щыгуэдын/щыгуэдэн →<br>- щӏызэдын/щӏызэдэн → | - щыгуэдылӏэн – щыгуедылӏэн;<br>- щӏызэдылӏэн – щӏызедылӏэн; |
| Лъэн | - елъэн →<br>- зэдыдэлъэн →<br>- щыщӏэлъэн → | - елъэлӏэн – елъылӏэн;<br>- зэдыдэлъылӏэн – зэдыделъылӏэн;<br>- щыщӏэлъылӏэн – щыщӏелъылӏэн; |
| Пхъын/Пхъэн | - епхъын/епхъэн →<br>- дэпхъын/дэпхъэн →<br>- щӏэпхъын/щӏэпхъэн → | - епхъылӏэн;<br>- дэпхъылӏэн – депхъылӏэн;<br>- щӏэпхъылӏэн – щӏепхъылӏэн; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Дэтхэнэ зы глаголыр "*префиксиал глагол*"у зэрыухуэ щапхъэхэм "*е*" *префикс*кӏэ ухуа *щапхъэр ипэ къихуэу* къэдгъэлъэгъуащи, ди "*макъ глагол*" щапхъэхэм щыщу "*е*" *префикск*ӏэ *мыухуэ*хэрэ (хъун), *мыхьэнэк*ӏэ *щхьэщык*ӏыныгъэ (екӏуэн) *и*ӏэ*у ухуэ* (кӏуэн) зэрыхэтри нэрылъагъущ. Нытӏэ, "*е*" *префикск*ӏэ *мыухуа*рэ зэрыухуэри *игъуэу щымыт*мэ, "*л*ӏ" *суффикс*и къыызэращтэм и *гугъуи щӏыпхъэнкъыми*, мыпхуэдэ *щапхъэ*хэри *къэдгъэлъэгъуакъым* (-). - Ауэ, мы "*макъ глагол*"хэр "*л*ӏ" *суффикск*ӏэ *щылэжьэнум* деж, мы глаголхэр мы зэрылэжьэну *суффиксыр зыхуэныкъуэ* "*е*" *префикси* къащтэу "*префиксиал (е) суффиксиал (л*ӏ*) глагол*"у зэрыухуэнухэри гурыӏуэгъуэщ.

- Ипэкӏи къызэрыхэдгъэщауэ, "лӏ" суффиксыр зыхуэигъуэр "е" префиксу щытми, *нэгъуэщ*ӏ "*префикс*" *гуэрхэри* "*л*ӏ" *суффиксым* хуэигъуэу зэры*лъытэфын*ур жыӏэпхъэщи, мыри а "*префикс*"хэм я *мыхьэнэ*мрэ ягъэзащӏэ "*кондцэ*" *къалэн*ым *елъытащ*. Аращи, глаголхэр зэрыухуагъэххэ "префикс"хэр "лӏ" суффиксым зэрыхуэигъуэрагъэнщи, ипэкӏэ къэта *ухуагъэххэ* "*префиксиал глагол*"хэр -"е" префикси хуэмыныкъуэу- "*л*ӏ" *суффикск*ӏэ *лэжьэф*у зэры*лъытапхъэ*хэри нэрылъагъущ. Ауэ икӏи, мы "префиксиал глагол"хэр *ик*ӏ*и* "*е*" *префикси къащтэу зэрылажьэ*р къэта щапхъэхэми хыболъагъуэри, "*л*ӏ" *суффиксыр нэхъыбэу зыхуэныкъуэ*рауэ зэрыщытри наӏуэщ; мы щапхъэхэм щыщу *бзэм нэхъ щызек*ӏ*уэхэри* "*е*" *префикси къэзыщтэ*у ухуэ *глаголхэр*ауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мыпхуэдэу зэрыщытым къыщымынэу, "*е*" *префиксыншэу лэжьэныр игъуэ мыхъу глаголхэри* язэрыхэтри къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. Дауи, мы "*е*"*рэ* "*е*"*ншэу* зэщхьэщыкӏыу *ухуа* мы псалъэхэми -*глаголхэми*- -мащӏэми- *мыхьэнэ зэщхьэщык*ӏыныгъэ зэрызыхуаӏэр гурыӏуэгъуэнщи, *нэхъ игъуэри* "*е*"кӏэ *къэ*ӏ*у*хэрауэ лъытапхъэщ.

*

*Ухуагъэххэ* "*префиксиал глагол*"*хэм* **"лӏ" суффикс** къащтэу ухуа "*префикс/префиксыбэ суффиксиал глагол*" щапхъэхэм щыщу -"лӏ" суффиксым нэхъ хуэигъуэ- "*е*" *префикси зыхэт*хэм **нэгъуэщӏ**

**"суффикс"**хэри *къащтэу* **"префикс/префиксыбэ суффиксыбэ глагол"** зэрыухуэ *щапхъэхэр*и къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ гл.** | **Суффиксу "лl" зиlэ "преф.суфф.гл."хэр** | **Нэгъуэщl суффикси** (lуэ, щэ, пэ; ж, ф) **къащтэу зэрыухуэхэр** |
|---|---|---|
| Ин | - еилlэн;<br>- зэдыдеилlэн;<br>- щыхуэщlеилlэн;<br>- щыкъуеилlэн; | - еилlэlуэщэн;<br>- зэдыдеилlэпэн;<br>- щыхуэщlеилlэжыфын;<br>- щыкъуеилlэфын; |
| Хъун | -<br>- хуехъулlэн;<br>- зэдыхуехъулlэн; | -<br>- хуехъулlэжын;<br>- зэдыхуехъулlэпэн; |
| Кlуэн | -<br>- зэдекlуэлlэн;<br>- фlыхуекlуэлlэн; | -<br>- зэдекlуэлlэн;<br>- фlыхуекlуэлlэн; |
| Дын/Дэн | - едылlэн;<br>- щыгуедылlэн;<br>- щlызедылlэн; | - едылlэжыпэн;<br>- щыгуедылlэжыфын;<br>- щlызедылlэщэн; |
| Лъэн | - елъылlэн;<br>- зэдыделъылlэн;<br>- щыщlелъылlэн; | - елъылlэlуэщэн;<br>- зэдыделъылlэlуэн;<br>- щыщlелъылlэпэн; |
| Пхъын/Пхъэн | - епхъылlэн;<br>- депхъылlэн;<br>- щlепхъылlэн; | - епхъылlэщэн;<br>- депхъылlэжын;<br>- щlепхъылlэжыфын; |

Мы "префикиал/префиксыбэ суффиксыбэ глагол" щапхъэхэр дэтхэнэ зы глаголым кlэху хуэхъуф мы "суффикс"хэр (lуэ, щэ, пэ; ж, ф) "лl" суффиксым къызэрыкlэлъыкlуэм зэрытеухуар нэрылъагъущ. Нытlэ, нэгъуэщl "суффикс"хэри мы "лl" суффиксым къыкlэлъыкlуэу "суффиксыбэ" ухуэныр суффиксхэм я мыхьэнэхэм теухуауэ игъуэрэ имыгъуэу зэрыщытымрэ, игъуэмэ, зэрыигъуэм елъытауэ ухуапхъэ глагол щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэнри еджакlуэхэм къахуренэ!

***

"Инфинитив глагол"хэм къащтэ мы "суффикс"хэм нэмыщl, игъуэ щыхъум деж, "*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"хэми "*суффикс*" гуэрхэр къазэрыпыхьэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэми "глагол"хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр къыщыдгъэлъагъуэм -игъуэ зэрыхъукl- щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

## "ГЛАГОЛ"ХЭМ "СУФФИКС"ХЭМКlЭ ЯГЪУЭТ "ИНФОРМАЦЭ" ЛlЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

## ″СУФФИКС″ХЭМ ТЕУХУА ″ИНФОРМАЦЭ″ ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР

″Префикс″хэм теухуауэ глаголхэм ягъуэт ″информацэ″ лӀэужьыгъуэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуауэ щытащи, ″суффикс″хэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀа мы лэжьыгъэ Ӏыхьэм и кӀэухыуи мыбдежым глаголхэм ″суффикс″кӀэрэ ягъуэт ″информацэ″ лӀэужьыгъуэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Глаголхэм мы ″информацэ″хэр ″суффикс″хэмкӀэ зэрагъуэтри мыпхуэдэ къалэн зыгъэзащӀэ макърэ псалъэхэм я мыхьэнэрэ къалэнхэм зэрелъытари гурыӀуэгъуэщи, икӀи ″*суффикс*″ жыхуэтӀэхэр *глагол кӀэух*ыу зэрыщытми зэрезэгъкӀэ, псалъэ кӀэух макъым *зи кӀэух псалъэм хуигъэзащӀэ къалэн*ым зэрезэгъынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, глагол ″*суффикс*″ым глаголым хиугъэзащӀэ *информацэ* лӀэужьыгъуэхэр а *глагол мыхьэн*эрэ Ӏ*уэхугъуэр зэрызек*Ӏ*уэ*рэ *зэрылажьэ щ*Ӏ*ык*Ӏэм теухуащ.

ИкӀи гурыӀуэгъуэщ ″суффикс″хэр глаголхэм къызэращтэ щӀыкӀэми щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщ мы ипэкӀи, ″суффикс″ гуэрхэр глаголхэм занщӀэу –″префикс″ зыхуэмыныкъуэу- къащтэу, ″суффикс″ гуэрхэри игъуэ ″префикс″кӀэрэ къащэтэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщытми мы ипэкӀэ щыгъузэ дыхуэхъуащи, ″суффикс″хэр глаголхэм мы къызэращтэ щӀыкӀэхэм зэрелъытакӀэрэ глаголхэм хуагъэзащӀэ ″информацэ″ лӀэужьыгъуэхэми деплъынщ.

*

″*Суффикс*″ жыхуэтӀэхэр *глагол*хэм *кӀэух* яхуэхъу макърэ псалъэхэрщ. Ауэ икӀи, глагол мыхьэнэ зиӀэ *дэтхэнэ зы псалъэр* ″*инфинитив глагол*″*у зэрыухуэри* абы кӀэух хуэхъу ″*н*″ *макък*Ӏэрэу зэрыщытри дигу къэдгъэкӀыжынщ. Аращи, ″*н*″ *кӀэухк*Ӏэрэщ ″*глагол*″хэр ″*инфинитив*″у зэрыухуэри, ″*н*″ макъыр *къызэрыхъуа*м зэрезэгъ *и къалэнк*Ӏэрэщ зы *глаголыр* ″*инфинитив*″*у зэригъэпс*ыр. Глаголыр ″*н*″ *кӀэухк*Ӏэрэ ″*инфинитив*″у щыгъэпсым дежи, а *глаголыр* и мыхьэнэрэ зытеухуа ӀуэхугъуэкӀэрэ *лэжьэну зэрыгъэпса щ*Ӏ*ык*Ӏэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мы зэпкъырыувэкӀэр а *глагол*ыр зы *псалъэ лӀэужьыгъуэу* зэрыщытрэ икӀи зыхиубыдэ *макъхэри лэжьэну зэрыгъэпса щ*Ӏ*ык*Ӏэрщи, *глаголым езы*мрэ *хиубыдэ макъх*эр я *къ*Ӏ*ук*ӀэкӀэ –я кӀэху *макъзешэк*Ӏэ- занщӀэу *лэжьэну* -функционалу- зэрыгъ*эпсыжа*уэщ. Аращи, *глаголым хиубыдэ* дэтхэнэ и зы *макъыр* мы *къызэры*Ӏ*ун хуейм хуэдэщ* икӀи а *глаголым* ″*инфинитив*″ *формэ зэригъуэт* щӀыкӀэри, *глагол*ым *кӀэух* хуэхъу ″*н*″ым

*ипэ къихуэ*у псалъэ лIэужьыгъуэ глаголым и *кIэух макъри "оригинал"*у (ы) е *"кIуэтэгъуэ"*у (э) къызэрыIуущ. НытIэ, *макъыр* мы *"ы"рэ "э"уэ къызэрыIу* щIыкIэкIэщ *"макъ глагол"* зэпкъырыувэкIэхэр; ар-дыдэу, *"макъыбэ глагол"*у *"н"*кIэрэ ухуа *"инфинитив глагол"*ри -"н"ым ипэ къихуэ- *макъ кIэухыр къызэры*Iур икIи -абыи ипэ къихуэу- *глаголым* хиубыдэ *дэтхэнэ и зы макъри* –нэхъыбэу- *къызэры*Iур *"ы"рэ "э"к*Iэрэщ.

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, глаголым и *"субъект, объект, дополненэ"*р *"щхьэ префикс"*у -е *"префикс" лIэужьыгъуэу "щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*у- *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм зэрыхиубыдэм ипэкIи щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, зи гугъу тщIы *"информацэ"* лIэужьыгъуэу *"хэт" упщI*эм *пэгъуэк*I хуэхъуу ар къэзыгъэунэхурщ.

Ауэ, зы Iуэхур зыгъэзащIэр *зы нэрыбгэрэ зы гупу* зэрыщытри *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм къызэрыхэщри гурыIуэгъуэщи, глагол лэжьэкIэр зытеухуахэр -"субъект, объект, дополненэ"- зы закъуэрэ зы гупу зэрыщытыр "глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэм ипэкIэ зэрыжытIауэ "префикс" лIэужьыгъуэу къызэрыхэщ зэрыщыIэм хуэдэжу, "псэлъэку"м хиубыдэу е "суффикс"уи къызэрыхэщри гурыIуэгъуэщ.

Мыбыхэм глаголъэм я лэжьэкIэхэм теухуауэ игъуэ лэжьыгъэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъунури гурыIуэгъуэщ; ауэ мыбдежым глагол *"субъект"ыр* зы *гуп*рэ *куэдагъэ лIэужьыгъуэ*у зэрыщытыр *зэрылъытэ "хэ"*р *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм кIэух язэрыхуэхъур къыщыхэдгъэщынщ. НытIэ, *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм *"суффикс"* хуэхъу *"хэ"*ри *"информацэ"* лIэужьыгъуэ *упщIэу "хэт"*ым *пэгъуэк*I хуэхъуу ар *деталкIэрэ къэзыгъэунэхуу* зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

*

Ипэрей лэжьыгъэ Iыхьэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа глагол *"префикс"*хэм ягъэзащIэ *"кондицэ"* къалэнхэмкIэ *глагол*хэм *халъхьэ "информацэ"* лIэужьыгъуэхэм -зи гугъ тщIа *"информацэ" лъытэ упщI*эхэм *пэгъуэк*I язэрыхуэхъум- щыгъуазэ дыхуэхъуащи, нытIэ мыбдежми мыбы нэгъунэ *"суффикс"*хэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа макъхэм я мыхьэнэхэм елъытауэ *"информацэ" лъытэ упщI*эхэм зэрыхуэ*пэджэж*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Мыбы папщӀи, ипэкӀэ "суффикс" къалэн зыгъэзащӀэ макъхэм щыгъуазэ дызэрыхъуэхъуа щӀыкӀэу, *дэтхэнэ зы макъым* и мыхьэнэрэ мы къалэнкӀэрэ "*суффикс*" къалэн зэригъэзащӀэр дигу къэдгъэкӀыжынщи, мыпхуэдэуи "*суффикс*" *зыхуэхъу глагол* мыхьэнэрэ лэжьэкӀэм теухуауэ *гъэзащӀэ* "*информацэ*" лӀэужьыгъуэхэри зыгурыдгъэӀуэнщ.

Глаголхэм "*суффикс*" хуэхъухэри а къэхъуныгъэрэ Ӏуэхугъуэр *зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэ* зылъытэрщи, "*дауэ*"рэ "*дэнэ*" *упщӀэхэм пэджэж*хэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, глаголхэм "префикс"кӀэрэ "суффикс" яхуэхъухэри щыӀэщи, мыпхуэдэу ухуэ "префиксиал суффиксиал глагол"хэм яӀэну "информацэ" лӀэужьыгъуэхэр я "префикс"хэми теухуауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мы илъабжьэм "*суффикс*"*хэр занщӀэу* е "*префикс*"кӀэ къэзыщтэ "*инфинитив глагол*"хэм ягъуэт "*информацэ*" лӀэужьыгъуэхэм дахэплъэнщ:

- *Дэтхэнэ зы глагол*ми занщӀэу "*суффикс*" *хуэхъуф* макъхэр щыӀэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэм щыщу зэпэгъунэгъу мыхьэнэ зиӀэхэрщ "*Ӏу, щэ*" макъхэм ягъэзащӀэ "суффикс" къалэнхэр. Аращи, глагол мыхьэнэрэ Ӏуэхугъуэр *егъэлея*уэ зылъытэ "*Ӏу*" макъымрэ *лъэщу* зылъытэ "*щэ*" макъыр "*суффикс*" зыхуэхъу глаголхэм мы зи гугъу тщӀа макъхэм я мыхьэнэкӀэрэ лажьэу зэрыщыт "*информацэ*" ягъуэтынущ.

- *Дэтхэнэ зы глаголым* "*суффикс*" *хуэхъуф* зы макъри а глагол мыхьэнэр *зэпэщу* зэрыщытрэ зэрылажьэр зылъытэ "*пэ*" макъращи, ар къэзыщтэ глаголми мыпхуэдэ "*информацэ*" лӀэужьыгъуэ зэригъуэтынур гурыӀуэгъуэнщ.

- *Дэтхэнэ зы глаголым* "*суффикс*" *хуэхъуф*хэрщ "*ж, ф*" макъхэри, "*ж*" макъыр кӀэух зыхуэхъу глаголыр *аргуэру* къэхъурэ гъэзащӀэу зэрыщытыр зылъытэрщ; "*ф*" макъри кӀэух зыхуэхъу глагол мыхьэнэрэ Ӏуэхугъуэр глагол "*субъект*"*ым хузэф*Ӏэ*к*Ӏыу зэрыщытыр зылъытэрщ. НытӀэ, мыхэр "*суффикс*" зыхуэхъу глаголхэми ягъуэтыну "*информацэ*" лӀэужьыгъуэри мы макъхэм я мыхьэнэкӀэрэ глаголым халъхьэну "*дауэ*" *упщ*Ӏэм *пэджэж* лӀэужьыгъуэрщ.

- Мы зи гугъу тщӀа "суффикс" къалэн зыгъэзащӀэ макъхэр дэтхэнэ зы глаголым -"занщӀэ глагол" е "префиксиал глагол"ым- кӀэух язэрыхуэхъуфыр жытӀагъащи, мыпхудэу *глагол псоми* "*суффикс*" *яхуэмыхъу*у, *глагол гуэрхэм* "*суффикс*" *яхуэхъу* макъхэми я гугъу тщӀагъащи, мыпхуэдэ "*суффикс*" къалэн зыгъэзащӀэ макъхэрщ "*хь, т*" макъхэри, кӀэух зыхуэхъу глаголым *зэман зэрихь*рэ зэрык*Ӏуатэ*у (хь), и *лъагъуэм тек*Ӏыныгъэ (т) зэригъуэт я мыхьэнэкӀэрэщ абыхэми "*суффикс*" зыхуэхъу глаголхэм халъхьэ "*информацэ*" лӀэужьыгъуэхэр.

- "*Суффикс*" хъун папщӀэ фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "*префикс*" *зыхуэныкъуэ* глаголхэр щыӀэщи, "суффикс" зыхуэхъухэр "префиксиал глагол"хэрщ. Мыпхуэдэ макъхэрщ "*хь, к*Ӏ*; хьык*Ӏ"хэр; нытӀэ, мы макъхэм я мыхьэнэм теухуауэ ягъэзащӀэ "*суффикс*" къалэныр глагол лэжьэкӀэр *къыпыщ*эрэ *зэманыгъуэ ихь*у зэрызекӀуэу зэрыщытымрэ (хь) глагол *лэжьэкӀэм къыхэхъук*Ӏ (кӀ) зылъытэрщи, мы лэжьыгъэр къыщекӀуэкӀ "*щӀыпӀэ*"ри "*префикс*"хэмкӀэ зэрылъытапхъэнур гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу ухуа "*префиксиал суффиксиал глагол*"ри зытеухуа "*информацэ*" лӀэужьыгъуэр "*дэнэ*" -*щ*Ӏ*ып*Ӏэ- *упщ*Ӏ*эм* "*префикс*"хэмкӀэ *пэджэж*рэ, "*дауэ*" *упщ*Ӏ*эми* "*суффикс*"*хэмк*Ӏэ *пэджэж*ущ зэрыгъэзащӀэр.

- Глаголхэм "*суффикс*" хуэхъун папщӀэ "*игъуэ префикс*" *зыхуэныкъуэ* макъхэри щыӀэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ "*х, к*Ӏ" *макъхэр*. Мы "суффикс" къалэныр мы макъхэм я мыхьэнэхэм зэрезэгъкӀэ лаголыр илъабжьэ (х) ибгъурэ щӀыбагъ (кӀ) лъэныкъуэу лэжьэн папщӀи, *хуэигъуэ* "*префикс*"ри мы лъэныкъуэхэм хуэгъэзарэ *хуэк*Ӏ*уэ* (е) зылъытэрщ. Мыпхуэдэу ухуэ "*префиксиал глагол*"*хэм* "*суффикс*" яхуэхъу мы макъхэм глаголым халъхьэ "*информацэ*" лӀэужьыгъуэри глаголыр зытеухуа Ӏуэхугъуэр *илъабжьэ лъэныкъуэ*м, *ибгъур*э *щ*Ӏ*ыбагъ лъэныкъуэ*м *зэрыухуэнэт*Ӏращи, мы зыхуэгъэзарэ зыхуэкӀуэр "*дауэ*" *упщ*Ӏэм "*е*" *префикс*ыр *пэджэж*у, зыхуэкӀуэ лъэныкъуэу мы зыдэкӀуэри "*суффикс*"кӀэрэ "*дэнэ*" *упщ*Ӏэми *пэгъуэк*Ӏ хуэхъуу лъытапхъэхэрщ.

- Мы зи гугъу тщӀам хуэдэу глаголхэм *игъуэ* "*префикс*"*к*Ӏэ (е) "*суффикс*" къалэн хуэзыгъэзащӀэрщ "*п*Ӏ" *макъ*ри, глагол лэжьэкӀэр мы *зыхуэунэт*Ӏ*а*уэ (е) *зыдэк*Ӏ*уэф*ынрэ *ик*Ӏэ *нэгъунэ* зэрыкӀуэр зылъытэущ глаголым хуигъэзащӀэ "*информацэ*" лӀэужьыгъуэри, мыри хуэгъэзарэ хуэкӀуэу зэрылъытэ "*е*" *префикс*кӀэ "*дауэ*" *упщ*Ӏэм *пэджэж*рэ, мы *зыхуэк*Ӏ*уэ нэгъун*эри -зы "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэу зэрыщыткӀэ- "*дэнэ*" *упщ*Ӏэм *пэгъуэк*Ӏ хуэхъуу лъытапхъэщ.

## "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКӀЭУ УХУЭ ПСАЛЪЭ"ХЭМ ХИУБЫДЭ "СУФФИКС"ХЭМ ТЕУХУА "ИНФОРМАЦЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР

"Инфинитив глагол"хэм "суффикс" яхэухъуу мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэр зэрыигъуэкӀэ "глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"хэми "суффикс" язэрыхуэхъупхъэр гурыӀуэгъуэнщи, мыбыхэм глагол лэжьэкӀэхэм теухуа лэжьыгъэм деж щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Ауэ, мы "суффикс"хэм нэмыщӀ, глаголыр зэрыгъэзащӀэ щӀыкӀэм елъытауэ "глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"хэм кӀэух яхуэхъуф макъхэри щыӀэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ "*гъэ, ххэ*" *макъхэр*. Мыпхуэдэхэми *глагол лэжьэк*Ӏ*эхэм деж* щыгъазэ дыщыхуэхъунщ.

Мыбыхэм нэмыщӀ, глагол лэжьэкӀэм теухуауэ "глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"хэм кӀэух яхуэхъуухэри щыӀэщ. Ауэ, мы ипэкӀэ "глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"хэм "суффикс" яхуэхъуу зи гугъу тщӀахэм глаголым халъхьэ "*информацэ*" лӀэужьыгъуэхэри "*дауэ*" упщӀэм и *пэгъуэк*Ӏ лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбыхэм нэмыщӀ, зи гугъу тщӀа "*информацэ*" лӀэужьыгъуэ упщӀэхэм щыщу "*сыт щыгъуэ*" *упщ*Ӏэм *занщ*Ӏ*эу пэгъуэк*Ӏ хуэхъуу "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм *ику*м е *ик*Ӏэм "*зэман гъэлъагъуэ*"хэр зыхеубыдэри, мыбыхэми иужькӀэ глагол лэжьэкӀэхэм теухуа лэжьыгъэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ; ауэ, мы илъабжьэм мы "зэман гъэлъагъуэ"хэми щхьэхуэу гулъытэ яхуэтщӀынщ.

*

"*Глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"*хэм* "*зэман гъэлъагъуэ*"*хэр зэрыхиубыд*эми мыбдежым щыгъуазэ дыхуэхъунщ**.**

Аращи, ипэкӀэ "инфинитив глагол"хэм зэмылӀэужьыгъуэ щӀыкӀэу къащтэу зи гугъу тщӀа "суффикс"хэм зэрыхуэмыдэм хуэдэу зэрыщымытым нэмыщӀ, икӀи "глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"хэми "суффикс" яхуэхъуу мы ипэкӀи къыхэдгъэщахэм хуэдэуи лъытапхъэкъым "*зэман гъэлъагъуэ*"хэри, ахэр "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм *ф*Ӏ*эк*Ӏ*ып*Ӏ*э имы*Ӏ*эу* зэрыхиубыдэн хуейр гурыӀуэгъуэщ.

Аращи, *дэтхэнэ зы глагол лэжьэк*Ӏ*эр* зы "субъект"ым теухуауэ зэрыщытым хуэдэжу, *зы* "*зэманыгъуэ*"*ми теухуа*уэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мы зэманыгъуэр зылъытэхэращ "*зэман гъэлъагъуэ*" жыхуэтӀэхэр. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, "инфинитив глагол"хэр я "*инфинитив*"*ыгъэм къикӀыу лажьэ*у зэрыщӀидзэращ "*глагол лэжьэкӀэ*" жыхуэтӀэри, *зэманым елъыта*уэ *къэ*Ӏ*уатэ* зы *псалъэ*у зэрыухуэращ; мыпхуэдэу зэрылажьэрэ къызэрыӀуатэри "*зэман гъэлъагъуэ макъхэр*" къызэрищтэущ.

Ауэ, ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ "*зэман гъэлъагъуэ макъ*"хэр зэрыщыту "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм "*суффикс*" лӀэужьыгъуэу зэрыхимыубыдэри гурыӀуэгъуэщи, *псэлъэку*м хиубыдэхэри щыӀэщ.

Зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм мы "*зэман гъэлъагъуэ*"хэр зылъытэ *макъ*хэр "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"м *зэрыхиубыд*энури абыхэм *ялъытэ* "*зэманыгъуэ*"*м елъытауэ* зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщи, "*ит зэман гъэлъагъуэ*"р "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм я "*глаголыпкъыщхьэ*"м -"занщӀэ глагол"ыщхьэм- къыпыхьэу, "*блэк*Ӏ*а*

*зэман гъэлъагъуэ*"р япэ иту *адрей "зэман гъэлъагъуэ*"хэр "глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"хэм "*суффикс*" яхуэхъуу къапыхьэу зэрыщытынури игъуэнщ.

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, "*зэман гъэлъагъуэ*" къалэнхэр *геометрие мыхьэн*эрэ къалэн зиӀэ "*макъ Ӏуэр*"хэм *зэрагъэзэщӀапхъ*эр гурыӀуэгъуэнщ. Мы "*зэман гъэлъагъуэ макъ*"хэр *икӀи* "*макъзешэ*" къалэн зыгъэзащӀэ "*макъ Ӏуэр*" лӀэужьыгъуэу зэрыщытын хуейри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мыпхуэдэу зэрыщыткӀи, зи *зэманыгъуэ*р *зылъытэ*ну "*зэман гъэлъагъуэ*"р *зыхэзыубыдэ* глагол лэжьэкӀэр *а* "*зэманыгъуэ*"м –"*зэман геометрие системэ*"м- щылажьэу зэрылъытэнури, мы *глагол*ым и "*лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"м а "*зэманыгъуэ*"р *щыхиубыдэ игъуэ щӀыпӀэ*и иӀэу щытын зэрыхуеинури гурыӀуэгъуэщ. Аращи, "*субъект*"ым занщӀэу къыпкъырыкӀрэ игъэзащӀэр "*ит зэман гъэлъагъуэ*"м "*глаголыпкъ*" къыкӀэлъыкӀуэщ Ӏуэху къэхъукӀэрэ гъэзэщӀэкӀэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэри, "ит зэман гъэлъагъуэ"р псэлъэкум хиубыдэу лъытапхъэщ; *къэхъуа*рэ *гъэзэщӀа*уэ щытыр зэрылъытэ "*блэкӀа зэман гъэлъагъуэ*"ри "*глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"м "*суффикс*" хуэхъуу и *кӀэух*ращ зыщыхиубыдапхъэр.

ИпэкӀи зэрыжытӀауэ, "зэман гъэлъагъуэ"хэми глаголыр зэрыгъэзащӀэ зэманыгъуэращ ялъытэр; нытӀэ, "*глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"хэм хиубыдэ "*зэман гъэлъагъуэ*"хэмкӀэ лъытэр *глагол* мыхьэнэрэ Ӏуэхугъуэр *щылажьэ зэманыгъуэ дыдэ*ращи, зи гугъу тщӀа "информацэ" лӀэужьыгъуэ упщӀэхэм щыщ "*сыт щыгъуэ*" *упщ*Ӏэми зэры*пэджэ*жри мыпхуэдэущ.

## ЕПЛӀАНЭ ӀЫХЬЭ

# КЪЫЗПКЪЫРЫКӀРЭ КЪЭЗЛЭЖЬЫМ ТЕУХУА ЛЭЖЬЭКӀЭ ЛЪАБЖЬЭУ ГЛАГОЛХЭР ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКӀХЭР

| ЕПЛӀАНЭ ӀЫХЬЭМ ХИУБЫДЭХЭР -ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭУ- | ТХЫЛЪ. Н.КӀУЭЦӀ |
|---|---|
| **КЪЭХЪУНЫГЪЭРЭ КЪЭЛЭЖЬЫГЪЭУ ЗЭРЫЩЫТЫМ ЕЛЪЫТАУЭ ГЛАГОЛ КЛАСИФИКАЦЭМ ТЕУХУАУЭ** | **397** |
| **КЪЭХЪУНЫГЪЭРЭ КЪЭЛЭЖЬЫГЪЭУ ЗЭРЫЩЫТКӀЭРЭ ГЛАГОЛХЭР "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫЛЪЫТЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКӀХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **401** |
| - МАКЪХЭР ЗАНЩӀЭУ ЗЭРЫУХУЭ "МАКЪ ГЛАГОЛ"ХЭР "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫЛЪЫТЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКӀХЭМ ТЕУХУАУЭ | 401 |
| - "МАКЪЫБЭ ГЛАГОЛ"ХЭР "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫЛЪЫТЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКӀХЭМ ТЕУХУАУЭ | 417 |
| **"ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМРЭ, ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **436** |
| - "ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩӀЭ -МАКЪ- ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ "ӀУЭХУ ЗАНЩӀЭ -МАКЪ- ГЛАГОЛ"ХЭР Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМКӀЭ ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭР | 437 |
| **"ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **447** |
| - "ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ХИУБЫДЭ "ЩХЬЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ ЕЛЪЫТАУЭ И КӀУЭЦӀКӀЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКӀХЭР | 447 |
| - "ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМРЭ, ХИУБЫДЭ "ЩХЬЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР | 453 |
| **"ӀУЭХУ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **457** |
| - "ӀУЭХУ ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ЕЛЪЫТАУЭ И КӀУЭЦӀКӀЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКӀХЭМ ТЕУХУАУЭ | 457 |
| - "ӀУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ХИУБЫДЭ "ЩХЬЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР | 461 |
| **"ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ"КӀЭРЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭМ ТЕУХУАУЭ** | **494** |
| **"ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЫР ЗЫМ ИПӀЭКӀЭ ЗЭРЫЛЭЖЬЭФХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **502** |
| **"ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭМ АРГУЭРУ ЗЭДЫХЭПЛЪЭЖЫГЪУЭ** | **516** |
| - "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР АРГУЭРУ ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭМ ТЕУХУАУЭ | 5116 |
| - "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ "ЕЗЫРЫЖЫГЪЭ"М ТЕУХУАУЭ | 520 |
| - "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЭРЫБАГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 527 |

## КЪЭХЪУНЫГЪЭРЭ КЪЭЛЭЖЬЫГЪЭУ ЗЭРЫЩЫТЫМ ЕЛЪЫТАУЭ ГЛАГОЛ КЛАСИФИКАЦЭМ ТЕУХУАУЭ

Зэмылӏэужьыгъуэ еплъыкӏэрэ критерхэм зэрелъытарэ зэрытеухуакӏэрэ глаголхэр ипэкӏэ класификацэ зэрытщӏа щӏыкӏэхэр гурыӏуэгъуэщи, абыхэм щыщщ мыбдежым мы зи гугъу тщӏы лэжьыгъэ ӏыхьэр зытеухуар. Ауэ икӏи, *мы класификацэр* глаголхэм теухуа а *нэхъ критер щыпкъэ*уи лъытапхъэщ. Аращи, мыбдежым зи гугъу тщӏыну глагол класификацэмкӏэ лъытэну *глагол лӏэужьыгъуэхэр икӏи адрей класификацэхэри зыхэзыубыдэ*у зэрыщытынури гурыӏуэгъуэщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу мыбедым зи гугъу тщӏынур къэхъуныгъэу е къэлэжьыгъэу зэрыщытым теухуа глагол класификацэрщи, адыгэбзэм хиубыдэ *глаголхэр* мыпхуэдэ щӏыкӏэу **"къэхъуныгъэ" лӏэужьыгъуэ**у е *гъэзэщӏапхъэ* зы **"ӏуэху" лӏэужьыгъуэ**у зэрыщытым теухуауэщ зэрызэщхьэщыгъэкӏыпхъэхэр.

*Нобэрей ди бзэщӏэныгъэми глаголхэр а нэхъ лъабжьэу класификацэ* зэрищӏыр ахэр *"лъэӏэс, лъэмыӏэс"*у зэщхьэщигъэкӏыущи, нытӏэ, мыбдежым зи гугъу тщӏыну "глагол класификацэ"р -зэ щхьэ- мы класификацэм пэплъытэрэ ебгъэщхь хъунуи жыӏэпхъэщ.

Нобэрей *ди бзэщӏэныгъ*эм глаголхэр *"лъэӏэс, лъэмыӏэс"*у мы *зэрызэщхьэщигъэкӏ*а щӏыкӏэр утыку ит *генералнэ бзэщӏэныгъ*эм –икӏи абы и *урысыбзэ вариант*ым- зэрытеухуар гурыӏуэгъуэщи, глаголхэм теухуа мыпхуэдэ зы класификацэри езы *глаголхэм нэхъ*рэ ахэр *псалъэухыгъэм къызэрыхэщ*рэ къызэрыщыӏуатэ щӏыкӏэм елъытарэ теухуа *класификацэрщ*. Аращи, глаголхэр *"лъэӏэс"*рэ *"лъэмыӏэс"*у *класификацэ* зэрыщӏа щӏыкӏэр *глагол*хэм я *мыхьэнэрэ* я *лэжьэк*ӏэм занщӏэу теухуа *критер* гуэрхэм *елъыта класификацэкъыми*, "глагол лэжьэкӏэу ухуа псалъэ"хэр псалъэухыгъэкӏэ къызэрыӏуэтэфым елъытауэ -глагол мыхьэнэрэ лэжьэкӏэхэм теухуауэ- *индирект класификац*эу лъытапхъэщ.

Мы зэрыжытӏауэ, глагол лэжьэкӏэхэр псалъэухыгъэкӏэ къыщыӏуатэм деж, *псалъэухыгъэм хиубыдэ "щхьэ" бжыгъэм елъытау*эщ глаголхэр *"лъэӏэс"*рэ *"лъэмыӏэс"*у зэралъытэри, зы глагол лэжьэкӏэр псалъэухыгъэкӏэ *зы "щхьэ" зыхиубыд*эу къызэрыӏуатэр *"лъэмыӏэс*

*глагол*"у, зы "щхьэ"м нэхъыбэ -"*щхьитI е щхьищ*"- *зыхиубыдэ*у къызэрыIуатэри "*лъэIэс глагол*"ущ зэрылъытэр. – Мы "щхьэ"хэм теухуауи, адыгэбзэм мыхэр псалъэ лIэужьыгъуэхэу зэрыухуа щIыкIэхэмрэ абыхэм ялъытэхэри зэрызэлъапхъэу зымылъытэу зы формал лIэужьыгъуэ класификацэу лъытапхъэщ мыр.

Мы класификацэр утыку итрэ универсалуи зылъытэж бзэщIэныгъэм теухуащи, *бзэ поми* зы "*глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ*"р зыхиубыдэу къызэрыIуатэ *псалъэухыгъэм* мы "глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"р *зытеухуа "щхьэ"хэри зыхиубыдэ*у щыт щхьэ, *бзэ псоми* я *псалъэухыгъэхэм хиубыдэ "щхьэ"*хэр икIи "*глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"хэми къыхэщу* зэрыщымытри гурыIуэгъуэщ.

Ауэ, *псалъэухыгъэкIэ къызэрыIуатэ*м хиубыдэ "*щхьэ"хэр* адыгэбзэм икIи и "*глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ*"хэми *зэрыхиубыдэрэ* къызэрыхэщри гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм и дэтхэнэ зы "*глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"м* езым щхьэжу ар зи лэжьэкIэ *глаголыр "лъэмыIэс глагол"рэ "лъэIэс глагол"у* зэрыщытыр *зэрилъытэф*ри гурыIуэгъуэщ. Аращи, мы къэтIуэтахэм адыгэбзэм и глагол лэжьэкIэхэми теухуарэ хуэIуа гуэрхэр къыхэщ хуэдэ щхьэ, глаголхэр "*лъэIэс"рэ "лъэмыIэс*"у мы зэрылъыта щIыкIэр езы *глаголхэм нэхърэ* ахэр *псалъэухыгъэм* зэрыхиубыдэу къызэрыIуатэм зэры*теухуа*рэ икIи зи гугъу тщIы *бзэщIэныгъэр къызтехъукIа бзэхэм* зэры*хуэIуа*р наIуэщ.

Ди бзэщIэныгъэм мыр глаголхэм теухуа а нэхъ лъабжьэ класификацэу илъытэми, зы *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*м и *глаголхэм хуэIуа*рэ икIи ахэр нэхъ лъабжьэу *класификацэ* зэрыщIыпхъэр занщIэу *езы глагол*хэм я *мыхьэнэрэ лэжьэкIэхэм елъыта*рэ *теухуа*уэ зэрыщытын хуейри гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, ипэкIэ адыгэбзэ глаголхэр зэмылIэужьыгъуэ щIыкIэкIэ класификацэ зэрыщIам нэмыщI, мы тхыгъэр зыщIэджыкIыу къэта *псэлъащхьэми зэрезэгък*Iэ адыгэбзэм и *глагол*хэр *къэхъуныгъэ*рэ *гъэзэщIапхъэ*у зэрыщытым *елъытауэ*щ мыбдежым *класификацэ* зэрытщIын хуейри, адыгэбзэм хиубыдэ *глаголхэр а нэхъ лъабжьэу "езырыж глагол*"рэ "*Iуэху глагол*"у *тIу*уэ мы зэрызэщхьэщыкIым ипэкIи щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

ИкIи, глаголхэр "езырыж"рэ "Iуэху" лIэужьыгъуэу зэрытлъытэмрэ ахэр "*лъэмыIэс*"рэ "*лъэIэс*"у зэрылъыта щIыкIэхэр я *критер*хэр зэрызэ*щхьэщык*Iым елъытауэ зэрызэщхьэщыкIынури ипэкIэ

къыхэдгъэщарэ наIуэу щытщ. Аращи, ди бзэщIэныгъэм зы "щхьэ" зыхэзыубыдэу илъыта "*лъэмыIэс глагол*"хэр -зэ щхьэ- "*езырыж глагол*"у тлъытахэм теухуауэу *лъытапхъэ щхьэ*, "*езырыж глагол*"*хэм* "*щхьит*I" зыхэзыубыдэхэри язэрыхэтым папщIэ, икIэ нэгъунэ мы гупитIыр зэтехуэу зэры*мылъытапхъ*эри гурыIуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщI, "I*уэху глагол*"хэр "*лъэ*I*эс глагол*" лIэужьыгъуэхэу лъытапхъэу *къытщыхъуми*, глаголхэр класификацэ зэрыщIа критер щIыкIэхэм зэрелъытарагъэнщи, "лъэIэс глагол"рэ "лъэмыIэс глагол"хэм теухуауэ ди бзэщIэныгъэлIхэм къырагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм ущыхэплъэм деж, "I*уэху глагол*" *гуэрхэри* "*лъэмы*I*эс глагол*"*у зэралъытэ* щIыкIэхэри къыппыщIохуэр.

Дауи, глаголхэр "*лъэ*I*эс*"*рэ* "*лъэмы*I*эс*"у *класификацэ* зэращIамрэ "*езырыж*"*рэ* "I*уэху*"*у класификацэ* зэрытщIа щIыкIэхэр я класификацэ критеркIи, я калификацэкIи, псалъэхэм я мыхьэнэрэ къыдгурагъаIуэкIи зэрызэтемыхуэрэ зэрыщэщхьэщыкIэхэр наIуэщ. Класификацэ зэращIа *критер*хэр зэры*зэхуэмыд*эрэ зэры*зэтемыху*эм зэрэгъкIэ, мы *класификацит*I*ыр зэплъытэ*рэ *зэбгъапщэ* хъуну зэры*щымытыпхъ*эри гурыIуэгъуэнщ.

ИкIи, глаголхэр "*лъэ*I*эс*"*рэ* "*лъэмы*I*эс*"у мы зэры*лъытар* адыгэбзэм и *глагол*хэм я *лэжьэк*I*эхэм ик*I*э нэгъунэ иримык*I*уа лъытэк*Iэу утыку къихьарэ, адыгэбзэр *макъыбзэу зымылъыта* бгъэдэхьэкIэм къигъэщIа класификацэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, глаголхэр "лъэIэс"рэ "лъэмыIэс"у мы класификацэ зэрыщIа щIыкIэр глаголхэм теухуауэ лъабжьэрэ игъуэ класификацэу зэрыщылъытапхъэр гурыIуэгъуэщ. Мыбы папщIи, адыгэбзэм и глагол лэжьэкIэхэр *ик*I*э нэгъунэ* къыдгурызгъаIуэрэ *хуирикъуу*и зэрыщымытынури гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, *адыгэбзэм теухуа термин*хэр къэгъэщIыныр зи пщэрылъхэр щыIэщи, мыбдежым къэтпсэлъхэр зы *еплъык*Iэу зэрыщытым ипкъ икIэ, а нэхъыбэу **пропозицэ** лIэужьыгъуэхэрщ. Аращи, мыбдежым "Iуэху глагол"рэ "езырыж глагол" класификацэхэр е мы лэжьыгъэхэм къызэрыхэщкIэ адыгэбзэм нэхъ хуэигъуэ терминхэр зехьэн нэхърэ нобэ зэрахьэу щытрэ къызэрыхъуа щIыкIэри ди гурыIуэгъуэ "*лъэ*I*эс*"*рэ* "*лъэмы*I*эс*" *терминхэр зарахьэу щытми*, *мы къедгъэк*I*уэк*I *лэжьыгъэхэм ик*I*э нэгъунэ щыгъуазэ дыхуэхъун зэрыхуей*ри къыхэгъэщыпхъэщ.

*

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, глаголхэр "езырыж"рэ "Iуэху" лIэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ къыпхуэзыщIынум ящыщщ

глаголыр *къызпкъырык*Iрэ *згъэзащ*Iэр "*глагол лэжьэк*Iэ*у ухуэ псалъэ*"м зэрыхиубыдэрэ къызэрыхэщ щIыкIэри, мыбыхэми гулъытэ хуэтщIынщ. Аращи, г*лагол* лэжьэкIэр *къызпкъырык*Iрэ *згъэзащ*Iэ "щхьэ"р а глаголым и "*лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"м щызэрыхэлъытэ *макъхэм* елъытауэ зэщхьэщокIри, мыхэр псалъэм зэрыхиубыдэ щIыкIэми глаголыр "езырыж глагол"рэ "Iуэху глагол"у зэрыщытыр гурыIуэгъуэ къытхуещIыр.

Мыхэр зэрылъытэ терминхэми иужькIэ игъуэ щыхъу щIыпIэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ; ауэ, мыбдежым мы *глагол лэжьэк*Iэр *къызпкъырык*Iрэ *зыгъэзащ*Iэ "*щхьэ*"уэщ и гугъу зэрыщытщIынур.

ИкIи, адыгэбзэ глаголхэм я "*лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"хэм "*щхьэ*" *зэрылъытэ макъ* зэрыхиубыдэм нэмыщI, къыщыхъурэ щыгъэзащIэ "*зэманыгъуэ*"хэри *зэрылъытэ макъ* зэрыхиубыдэри гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэхэм мы лэжьыгъэм хиубыдэу иужькIэ игъуэ щыхъум деж щыгъуазэ дыхуэхъунущ. НытIэ, "глагол"ыр *къызпкъырык*Iрэ *къэзлэжь* "*щхьэ*"м нэмыщI, "*зэманыгъуэ*"ри "*глагол лэжьэкIуэу ухуэ псалъэ*"м *зэрыхиубыдэ щIыкIэм зэрелъыта*р гурыIуэгъуэщ а глаголыр "*езырыж глагол*"рэ "I*уэху глагол*"у зэрызэщхьэщыкIыр.

Дауи, мыбыхэм иужькIэ игъуэ щыхъум деж, зэрыигъуэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунущи, мыбдежым глаголыр къызпкъырыкIрэ къэзлэжь "*щхьэ*"м теухуауэ жыIэпхъэхэр къыхэдгъэщынщ. Аращи, глаголыр *къызпкъырык*Iрэ *къэзлэжь* "*щхьэ*"р "*глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"м щызэрыхэлъытэ щIыкIэм елъытащ "езырыж глагол"хэмрэ "Iуэху глагол"хэр зэрылъытэри, нытIэ икIи, *глаголыр* –зытеухуа Iуэхугъуэр- "**къызпкъырыкI щхьэ**"уэ е "**къэзлэжь щхьэ**"уэ *зэрыщытым* **елъыта**уэ **лэжьэкIэ зэрагъуэт**ым *теухуа* **класификацэ** щIынращ игъуэр.

Мы зи гугъу тщIа критерхэм теухуауэ глаголхэр класификацэ щыпщIым деж, лъытэрэ утыку къихьэр "*глагол гупитI*"ырщи, ахэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ: «"**къыпкъырыкI щхьэ**"м теухуауэ тлъытэ **глагол** лIэужьыгъуэхэр "**езыр езырурэ къэхъуу утыку къихьэ**"хэр зэрылъытэ **глагол**"хэрщ (**езырыж глагол**); "**къэзлэжь щхьэ**"м – *згъэзащ*Iэм- теухуа **глагол** лIэужьыгъуэхэри "**Iуэху лIэужьыгъуэу гъэзащIэхэр зэрылъытэ глагол**"хэрщ (**Iуэху глагол**)».

Глаголхэр мыбдежым а нэхъ лъабжьэу мыпхуэдэу гупитIу зэщхьэщыдгъэкIа нэужь, илъабжьэкIэ мы гупхэри зэрызэтлъытэнщ икIи

дэтхэнэ зы глагол гупым нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъуу, мы гупитIым дэтхэнэ зым теухуа глагол щапхъэхэри къэдгъэлъагъунущ.

*

Мы лэжьыгъэ Iыхьэр зытеухуа критерым елъытауэ дэтхэнэ зы глаголыр фIэкIыпIэ имыIэу мы глагол гупитIым зым хиубыдэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, зытеухуа критерым елъытауэ зы глагол класификацэрщ мыри, *адыгэбзэ*м хиубыдэ *глагол псори мы гупитIым зым* зэры*хиубыд*эр гурыIуэгъуэщ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, нэгъуэщI *класификац*эрэ *глагол гуп*хэу дауи ирелъытэ, **дэтхэнэ зы глаголыр** -фIэкIыпIэ имыIэу- **мы гупитIым зы**м *хохь*эр.

Ауэ икIи, глагол класификацэхэр критерхэм елъытащи, бзэм хиубыдэ *дэтхэнэ зы глагол*ыр мыпхуэдэдэ *критерхэм елъытауэ* дэтхэнэ *зы класификацэм зэрыхиубыд*энури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, дэтхэнэ *зы критерым теухуауэ класификацэ тщIа*рэ зы гупу тлъыта *глаголхэр* икIи *нэгъуэщ*I *критерхэми теухуауэ класификацэ* зэрыщIыпхъэри гурыIуэгъуэнщ. Мы зэрыжытIауэ, дэтхэнэ зы критерым елъытауэ класификацэ тщIарэ тлъыта *дэтхэнэ зы глагол гупым хиубыдэ глаголхэр* икIи *адрей критерхэм теухуа класификацэми зэрыхиубыд*энур гурыIуэгъуэщ. Ауэ, кIыхь дымыщIын папщIэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэр дэтхэнэ зы класификацэ лIэужьыгъуэм теухуауэ къедгъэкIуэкIакъым.

НытIэ, мы лэжьыгъэ Iыхьэм щылъытэ глагол гупхэм теухуауэ къедгъэкIуэкIынщи, *дэтхэнэ зы* **глагол гуп**ым хиубыдэ *глаголхэр*и **и кIуэцкIэ** *адрей класификацэ критерхэми елъытауэ* **класификацэ** зэрыщIыпхъэрэ зэрызэщхьэщыкIым щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аргуэру кIыхь мыхъун папщIи, *мыпхуэдэ лэжьыгъэри* мы лэжьыгъэ Iыхьэр зытеухуа класификацэ лIэужьыгъуэм щыхэлъытауэ мы ипэкIи зи гугъу тщIа "*езырыж глагол*" гупымрэ "I*уэху глагол*" гупым хиубыдэ *глаголхэм теухуауэ* къедгъэкIуэкIынщ.

## КЪЭХЪУНЫГЪЭРЭ КЪЭЛЭЖЬЫГЪЭУ ЗЭРЫЩЫТКIЭРЭ ГЛАГОЛХЭР "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "IУЭХУ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫЛЪЫТЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКIХЭМ ТЕУХУАУЭ

### МАКЪХЭР ЗАНЩIЭУ ЗЭРЫУХУЭ "МАКЪ ГЛАГОЛ"ХЭР "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "IУЭХУ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫЛЪЫТЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКIХЭМ ТЕУХУАУЭ

**Макъэхэр занщӀэу "макъ глагол"у зэрыухуа мыхьэнэхэм елъытауэ "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"у зэрылъытэфрэ зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэхэр.**

*Мак*ъхэр оригиналу "*ы*"уэ къызэрыӀуу утыку къызэрихьам теухуа я мыхьэнэрэ "*э*"кӀэ *къызэрыӀу* щӀыкӀэм елъыта я мыхьэнэкӀэрэ –икӀи, макъ гуэрхэм иужькӀэ ягъуэта я мыхьэнэкӀэрэ- *занщӀэу* глаголу зэрыухуэ "*макъ глагол*"хэм мы я мыхьэнэхэр *къэхъуныгъэрэ къэлэжьыгъэ лӀэужьыгъуэу* зэрыщытхэм зэрезэгъкӀэ, "**езырыж глагол**"рэ "***Ӏуэху глагол***"у зэрылъытапхъэхэр къэтӀуатэу, ахэр мы зэрытха "нормал"рэ "*италикэ*" щӀыкӀэхэу зэхэхугъуафӀэу таблицэхэм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Макъ гл.хэр** | **Макъхэр занщӀэу зэрыухуэ "макъ глагол"хэр я мыхьэнэхэм елъытауэ "езырыж глагол"рэ "*Ӏуэху глагол*"у зэрызэщхьэщыкӀхэр** |
|---|---|

| | |
|---|---|
| Ин | Зы гуэрым аргуэру -"абзсис/джыпӀэ" (и)- теджыхьыкӀын "***Ӏуэху гл.***"щ. |
| Ун<br>--------<br>Уэн | Езыр езырурэ ужьыныгъэ (у) къэхъугъуэу "**езырыж глагол**"щ.<br>----------------------------------------------------------------------------------------------<br>- "У"уэ щытыныгъэу (э) "**езырыж глагол**"щ;<br>- ЗылъэкӀым и ужьыгъуэ (у) лӀэужьыгъуэу (уэ) къыпкъырыкӀ "**езырыж глагол**"щ. |
| Ӏун<br><br><br><br>--------<br>Ӏуэн | - "У" лимитрэ къуапэ (Ӏу) зылъытэрщи, мыпхуэдэу лъытапхъэ ӀэпкълъэпкъымI (Ӏу"м) и хьэрычэт лӀэужьыгъуэу -макъ къыжьэдэкӀыныгъэу- "**езырыж глагол**"щ;<br>- Зыгуэрыр мыпхуэдэу утыку къилъхьэнрэ къэгъэунэхунри "***Ӏуэху гл***"щ.<br>----------------------------------------------------------------------------------------------<br>- Макъ "Ӏу"уэ щытыныгъэу (э) "**езырыж глагол**"щ;<br>- Зыгуэрыр утыку къилъхьэнрэ къэгъэунэху зэпытынри "***Ӏуэху гл***"щ;<br>- Зы ужьыгъуэ (у) Ӏыхьэрэ къуапэм (Ӏу) ирикӀуэныгъэуи (э) зы "***Ӏуэху гл.***"щ. |

| | |
|---|---|
| Хьын | "Хьэ"м (цӀыху) и Ӏуэху пэщӀэдзэу лъытапхъэ "хьэлъэ" зехьэныгъэу "***Ӏуэху глагол***"щ. |
| КӀын | Къэхъуныгъэ лӀэужьыгъуэу къэкӀыгъэм теухуа лъэкӀыныгъэу "**езырыж глагол**"щ. |
| КӀуэн | ЗэдэкӀуу (кӀу) кӀуэтэн (э) зи лъэкӀыныгъэу ("кӀуэн" зи лъэкӀ) "**езырыж гл.**"щ. |
| Чын<br><br><br>-------- | - Псыгъуэу зэгуэкӀыныгъэ "**езырыж глагол**"щ;<br>- Лъакъуэхэр зэгуэкӀыу зэрыдз "бэкъуэн" глаголри -егъэщхьыныгъэкӀэ!- зэрылъытэу ("лъэбакъуэ чын") "***Ӏуэху глагол***"щ.<br>---------------------------------------------------------------------------------------------- |

| | |
|---|---|
| Чэн | ″Чы″уэ щытынрэ ″чы″гъэ кIуэтэгъуэр (э) зэрылъытэу ″**езырыж гл.**″щ. |
| Хъун | Лъабжьэ (хъы) ужьыгъуэрэ (у) лъабжьэм теужьыкIыныгъэу ″**езырыж глагол**″щ. |
| Хун | И пIэрэ лъабжьэр (х) иужь къыщигъанэу (у) -теужьыгъэкI Iуэхуу- ″***Iуэху глагол***″щ. |
| Гъын | ″Гъэ″ ехыу (гъ) псэущхьэ зэпкъырынэныгъэу -еужьыхыгъэу- ″**езырыж глагол**″щ. |
| Гъун | Зы″гъэ″ псыр псэм зэрыхэщIкIэрэ къэхъу еужьыхыгъуэу (гъ-у-н) ″**езырыж глагол**″щ. |
| Джын<br><br>--------<br>Джэн | - Къэхъурэ щыIэу утыку къызэрихьэрэ (дж) зэрыужьыкIэу ″**езырыж гл.**″щ;<br>- ЩыIэр зы джыгъуэу зэрыщыт щIыкIэу цIыхум къызэрихутэ ″***Iуэху гл.***″щ.<br>--------------------------------------------------------------------------------------------<br>- ″Джы″уэ щытыныгъэу ″**езырыж глагол**″щ; цIыхум идж зэпыту зэрыщыткIэрэ ″***Iуэху глагол***″щ;<br>- Зэрызэхахыфыну макъ Iэтакlэ джынрэ джыуэ щытыныгъэу ″**езырыж глагол**″щ. |
| Дзын | Зы щыIэм езыр зэмыхъуэкIрэ (мыдж) и пIэр псынщIэу зэрызэхъуэкI ″***Iуэху глагол***″щ. |
| Жьын<br><br>---------<br>Жьэн | Зэхъуэкlыфынум (пп: щхьэц) хьэрычэткIэ (жь) узыхуей формэ етын ″***Iуэху глагол***″щ.<br>--------------------------------------------------------------------------------------------<br>- ″Жьы″ зэпытыныгъэу ″***Iуэху глагол***″щ;<br>- ЩыIэм (пп: шхын) и щыIэкIэ/щIыкIэ зэхъуэкIыныгъэу (пп: мафIэкIэ) ″**Iуэху глагол**″щ. |
| Зын<br><br>--------<br>Зэн | Генетикэу зэпкъырылъ (зы) хуэдэ щIын -″зы″рэ зэхуэдэ щIын- (хомогенизацэ) Iуэхугъуэу ″***Iуэху глагол***″щ.<br>--------------------------------------------------------------------------------------------<br>- ″Зы″рэ зэхуэдэ щIын -хомогенизацэ- зэпыт Iуэхугъуэу ″***Iуэху глагол***″щ;<br>- Зэм зы лъэныкъуэ, зэми адрей лъэныкъуэ зэрыхъурэ зэрызэхъуэкIыр зылъытэ ″**езырыж глагол**″щ. |
| Щын<br><br>--------<br>Щэн | - Фэм тет цыхэр теупщIыкIын (цы щын) ″***Iуэху глагол***″щ;<br>- Зы ″щыигъуэ″р (пп: ″нэху щын″) зэрылъытэ къэхъугъуэу ″**езырыж гл.**″щ.<br>--------------------------------------------------------------------------------------------<br>ЩыIэр и щыIэгъуэ(пIэ)кIэрэ зэрызэхъуэкI Iуэхугъуэу ″***Iуэху глагол***″щ. |
| ЩIын<br><br>--------<br>ЩIэн | Зы щIы(пIэ)м щIэ гуэр щыухуэнрэ утыку къигъэхьэн Iуэхугъуэу ″***Iуэху глагол***″щ.<br>--------------------------------------------------------------------------------------------<br>- ″ЩIын″ зэпытыныгъэу ″***Iуэху глагол***″щ;<br>- ″ЩIын″ зэпытым къыпхилъхьэ щIын лъэкIыныгъэу ″***Iуэху глагол***″щ. |
| Шын<br><br>--------<br>Шэн | ЩыIэм теухуарэ и продуктэ (ш) зы щIыкIэу (″дзэр шын″) къэхъу ″**езырыж глагол**″щ.<br>--------------------------------------------------------------------------------------------<br>ЩыIэ гуэрыр зыдэщыIэм ибгъэкIыу удэщIыгъуу зэрыпху ″***Iуэху гл.***″щ. |
| Сын | ЩыIэхэр зэры(зэ)лъытэрэ зэрыщыIэ уэзырыджыпэ(пIэ) ″**езырыж гл.**″щ. |

| | |
|---|---|
| --------<br>Сэн | ------------------------------------------------------------------------------------------<br>- ″Сы″уэ щытыныр зэрылъытэу ″**езырыж глагол**″щ.<br>- ″Сы″гъуэм хуэгъэкӀуэн (пп: ″жылэ сэн″) ″***Ӏуэху глагол***″щ. |
| Лъэн | Лъакъуэхэр зэрыӀэту зэрыдз лъэ (пкъы) кӀуэтэкӀэу ″**езырыж гл.**″щ. |
| Лын<br><br><br><br>--------<br>Лэн | - Зы пкъыгъуэрэ лъэ гущӀыӀум (лы) зы фэ къегъэщтэн лэжьыгъэу ″***Ӏуэху глагол***″щ;<br>- Нэху -мафӀэ- бзийр зыгуэрым -и лъэ гущӀыӀум (и ″лы″м)- зэрызекӀуэу ″***Ӏуэху глагол***″щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>- Лъэм (и ″лы″м) зы фэ къыригъэщтэу щытыныгъэу (э) ″**езырыж гл.**″щ;<br>- Нэхъу бзийр лъэ гущӀыӀум зэрырикӀуэ -лын- зэпыту (э) ″***Ӏуэху гл.***″щ. |
| ЛӀэн | Псэущхьэу зэрыхъун хъуам (лӀы: цӀыхум папщӀэ) фӀэкӀыпӀэ имыӀэу къыпэщытым зэрыхуэкӀуэр зэрылъытэ ″**езырыж глагол**″щ. |
| Дын<br><br>--------<br>Дэн | Зыгуэрым ″д″ (дэлъ/дэтыпӀэ) хуэщӀын (фэ/фащэ/тепӀэ) Ӏуэхугъуэу ″***Ӏуэху глагол***″щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>- ″Ды″уэ щытын щӀыкӀэр зэрылъытэ ″**езырыж гл.**″щ;<br>- Игу техуэ/хуэкӀуэнрэ гъусэ (дэ: гуп/зэхэт/зэгъусэ) зыхуэщӀыпхъэу ″***Ӏуэху глагол***″щ. |
| Тын | НэгъуэщӀым папщӀэ езым къыпкъырыкӀыу зыщхьэщыгъэкӀын (т) ″***Ӏуэху глагол***″щ. |
| ТӀын<br><br>--------<br>ТӀэн | Зы гуэр -е зы щӀыпӀэм- икурэ кӀуэцӀым хищӀэ (тӀ) лэжьыгъэ лъэщу ″***Ӏуэху глагол***″щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>″ТӀы″уэ щытыныгъэу ″**езырыж глагол**″щ. |
| Фын | Псэугъуэ къарурэ (ф) фэ еужьыхыу (фэ-ы) лъэр зэрызэхэпцӀэ ″**езырыж глагол**″щ. |
| ФӀын<br>--------<br>ФӀэн | Теплъэрэ фэ зиӀэу зэрыхъу хуей щӀыкӀэ зэрылъытэ ″**езырыж гл.**″щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>ФӀыуэ щытыныгъэ ″**езырыж гл.**″щ. |
| Вын<br>--------<br>Вэн | ЩӀагъ-щӀыӀу зэрыщӀынкӀэрэ щӀым и лъэрэ и фэм лъэщу хэӀэн ″***Ӏуэху гл.***″щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>- ЩӀыр щӀагъ-щӀыӀу щӀыуэ щытыныгъэу ″**езырыж глагол**″щ;<br>- Езыр езырурэ (пп: псы) щӀагъ-щӀыӀу хъуныр зэрылъытэу ″**езырыж гл.**″щ. |
| ПӀын<br><br>--------<br>ПӀэн | - КъыщӀэхъуэрэ (бын) зэплъыр ин щӀынрэ хэгъэхъуэн ″***Ӏуэху глагол***″щ.<br>- Езы быныр зэрыпӀ лъэныкъуэкӀэ ″**езырыж глагол**″щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>- ″ПӀын″ Ӏуэхугъуэ егъэкӀуэкӀын –пӀы зэпытын- Ӏуэхугъуэу ″***Ӏуэху гл.***″щ;<br>- Езы быныр ″пӀы″уэ зэрыщыт лъэныкъуэкӀи ″**езырыж глагол**″щ. |

| | |
|---|---|
| ПкӀын<br>------------<br>ПкӀэн | И пӀэ икӀын (пӀкӀ) къэхъуныгъэу ″**езырыж глагол**″щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>ИпӀэ икӀрэ кӀуатэр (э) зэрылъытапхъэ ″**езырыж глагол**″щ. |
| Щхъын | Лъабжьэрэх щӀыкӀэр зэрылъытэ ″**езырыж глагол**″щ. |

| | |
|---|---|
| Тхъын<br>------------<br>Тхъэн | Зы къарукӀэ (т) лъабжьэм (хъ) хищӀэ/хунэсу гъэзащӀэ "***Ӏуэху гл.***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>- Тхъы"уэ щытын "**езырыж глагол**"щ;<br>- Къару(уфӀэ)у (т) лъабжьэрыкӀуэн (:гъэхъэн) "**езырыж гл.**"щ. |
| Пхъын<br>------------<br>Пхъэн | ИпэкӀэ (п) лъабжьэм (хъ) хуэгъэкӀуэн Ӏуэхугъуэу "***Ӏуэху гл.***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>"Пхъы" зэпытын (э) Ӏуэхугъуэу "***Ӏуэху гл.***"щ. |
| Щхъун<br>------------<br>Щхъуэн | ЩыӀэгъуэ (щ) техъухь/зэхъуэкӀ (хъу) лӀэужьыгъуэ "**езырыж гл.**"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>ЩыӀэгъуэ (щ) техъухьу/зэхъуэкӀыу щытынрэ зэхъуэкӀын (хъуэ) "**езырыж глагол**"щ. |
| Тхъун<br><br>------------<br>Тхъуэн | - (Зэман) къарукӀэ (т) къэ"хъу" (щхьэц тхъун) "**езырыж гл.**"щ;<br>- КъарукӀэ (т) лъабжьэрыгъэужь (хъыун) Ӏуэхугъуэу "***Ӏуэху глагол***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>- (Зэман) къарукӀэ (т) къэ"хъу"у щытыныгъэу (э) "**езырыж гл.**"щ;<br>- КъарукӀэ (т) лъабжьырыгъэужь зэпытын (хъыуэн) "***Ӏуэху глагол***"щ. |
| Пхъуэн | ИпэкӀэ (п) хуэкӀуэу къэхъу хьэрычэт лӀэужьыгъуэу "**езырыж гл.**"щ. |
| Шхын<br>------------<br>Шхэн | ЩыӀэгъуэм къыщӀэхъуэр (ш) -шхыныгъуэ- егъэхын (х) "***Ӏуэху глагол***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>"Шхы"уэ щытыныр зэрылъытэу "**езырыж глагол**"щ. |
| Тхын<br>------------<br>Тхэн | Къарум -щхьэщыкӀым- (т) къыпкъырыкӀ лъабжьэрыкӀуэ (х) "***Ӏуэху гл.***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>"Тхын" Ӏуэхуу къекӀуэкӀыу щытыр зэрылъытэу "**езырыж гл.**"щ. |
| Пхын<br>------------<br>Пхэн | ГъунапкъэкӀэрэ (п) лъабжьэрыщӀ (х) "***Ӏуэху глагол***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>- "Пхы"уэ щытыныгъэу "**езырыж глагол**"щ;<br>- "Пхын" зэпытыныгъэу "***Ӏуэху глагол***"щ. |
| Лъхун<br>-----------<br>Лъхуэн | "Лъэ" зыхэхуныгъэу (ху) "***Ӏуэху глагол***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>"Лъху"уэ щытын "**езырыж глагол**"щ. |
| Бгэн | Елъытаужьыгъуэ (б) джыпэ (г) -бампӀэрыӀуэн- лӀэужьыгъуэу "**езырыж глагол**"щ. |
| Бжын<br>-----------<br>Бжэн | Елъытэужьыгъуэу (б) генератикэрэпх (ж) Ӏуэхугъуэу "***Ӏуэху гл.***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>"Бжы"уэ щытыныгъэу "**езырыж глагол**"щ. |
| Бзын<br>-----------<br>Бзэн | "Зэлъытэужьыгъуэз"у -"зэлъытэ(лӀэ)ужьыгъуэ хуэ(гъэ)з"у- "***Ӏуэху гл.***"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------<br>"Бзы"уэ щытыныгъэу "**езырыж гл.**"щ. |
| Пщын<br><br><br><br><br>----------- | - И пӀэ – и гъуэ и гъунэкӀэрэ (п) зы щыӀэр (щ) лъытэн Ӏуэхугъуэу "***Ӏуэху глагол***"щ;<br>- ИпэкӀэ (п) щыӀэну (щ) хущӀэкъу кӀуэтэн лӀэужьыгъуэу "**езырыж гл.**"щ;<br>- И икӀуэцӀ гъунапкъэрэ фэ (п) лъэныкъуэм хуэкӀуэ къарукӀэрэ къэхъу щӀыкӀэ (щ) зэхъуэкӀыныгъэ зэрылъытэ "**езырыж глагол**"щ.<br>------------------------------------------------------------------------------------------ |

| | |
|---|---|
| Пщэн | Мы "пщын" *глагол лӀэужьыгъуищ*ри -мыхьэнищри- гъэзащӀэу зэрыщытыр зэрылъытэу, мы и *мыхьэнищ*кӀи **"езырыж глагол"**щ. |
| ПщӀын<br>-----------<br>ПщӀэн | ИпӀэ (теухуа гуэр) щӀын Ӏуэхугъуэу **"*Ӏуэху глагол*"**щ.<br>-------------------------------------------------------------------------------------------<br>"ПщӀы"уэ щытын **"езырыж глагол"**щ. |
| Плъын<br><br>-----------<br>Плъэн | Зы лъэр и гъунапкъэ лъэныкъуэхэм екъурэ хуэкӀуэу зэрыгъэпсыр зэрылъытэу **"езырыж глагол"**щ.<br>-------------------------------------------------------------------------------------------<br>- Плъыуэ щытын **"езырыж глагол"**щ;<br>- "Лъагъун" Ӏуэхугъуэм ипэ къихуэрэ "*лъагъун*"*ым хуэгъэпсауэ щытын*ыр -"плъы"уэ щытыныр (э)- зэрылъытэу **"езырыж глагол"**щ. |
| Блэн | "Лъэ" гущӀыӀур (лы) къэзыгъэунэхур "лын, лэн" глаголкӀэ тлъытагъащи, -мыбы и мыхьэнэгъууи зэрылъытапхъэу- нэху бзийр елъытэужьыгъуэу (б) зэрызекӀуэр зэрылъытэ **"езырыж гл."**щ. |
| Щтын<br>-----------<br>Щтэн | И щыӀэгъуэ/щыӀэкӀэм щхьэщыкӀрэ зэхъуэкӀыныгъэу **"езырыж гл."**щ.<br>-------------------------------------------------------------------------------------------<br>- Зы псэущхьэр *нормалу зэрыщыт*рэ и *щӀыкӀэм зэуэ тек*Ӏы*у* шына е къэӀуӀэбжьа пэлъытэу къызэфӀэнэн ("*щты*"уэ зэрыщыт *пэлъытэу)* лӀэужьыгъуэу **"езырыж глагол"**щ;<br>- ЩыӀэр зыдэщыӀэм теӀэтыкӀын Ӏуэхугъуэу **"*Ӏуэху глагол*"**щ. |
| Пщтын | И щыӀэгъуэ/щыӀэкӀэм щхьэщыкӀрэ зэхъуэкӀыныгъэ лӀэужьыгъуэу - "щтын" пэгъурэ (п) гъунапкъэгъуу- **"езырыж гл."**щ. |

**"Макъ глагол"хэр "езырыж макъ глагол"рэ "Ӏуэху макъ глагол"у зэрылъытэу зэрызэщхьэщыкӀхэр.**

Адыгэбзэр макъыр утыу къызэрихьэм къыщӀидзэу псэлъэбзэу ухуарэ, мы зэрыухуа щӀыкӀэр зи лъабжьэу иджыри макъыбзэу лажьэу щытщ. Ар щыхъукӀи, макъхэр къызэрыхъуарэ псэлъэбзэм зэрыхэхьа щӀыкӀэр зыхэмыгъуэщарэ систематикэу зыхэлэжьыхьырщ адыгэбзэри, мы къикӀуа лъагъуэр зыхэзыубыдэу зэрыщытым зэрезэгъкӀэ, зи лэжьэкӀэр деталыбэу зы бзэрщ. Ауэ икӀи, бзэм и лэжьэкӀэ лӀэужьыгъуэхэр утыук къызэрихьэрэ зыр зым зэрызэщхьэщыкӀми и деталхэр къызыхэщ зы бзэрщ адыгэбзэри, и лэжьэкӀэхэр зэпымыщӀарэ занщӀэу зэрызэщхьэщыкӀауэ лъытэныр гугъущ. Нэхъ гурыӀуэгъуэу жыӀэпхъэмэ, адыгэбзэм и лэжьэкӀэ лӀэужьыгъуэ ӀыхьитӀыр занщӀэу ӀупщӀыу зэщхьэщыкӀарэ я зэхуакум зэпыщӀэныгъэ дэмылъыххэу лъытапхъэкъыми, а лэжьэкӀитӀым и зэхаукум ахэр зэрызэщхьэщыкӀ лэжьэкӀэ лӀэужьыгъуэхэри дэтщ. Аращи, зы лэжьэкӀэр пэщӀэдзэу лъытапхъэмэ, мы лэжьэкӀэр мащӀэ мащӀэурэ зэрызэхъуэкӀкӀэрэщ

къыкӀэлъыкӀуэ лэжьэкӀэ лӀэужьыгъуэр утыку къызэрихьэр. Ар щыхъукӀи лэжьэкӀитӀ зэхуакум мы лэжьэкӀитӀыр зэпызыщӀэ лэжьэкӀэ зэхъуэкӀыныгъэ лӀэужьыгъуэхэри дэтщ; лэжьэкӀитӀым я зэхуакум ахэр зыпызыщӀэ лэжьэкӀэ лӀужьыгъуэи дищӀэущ лэжьэкӀитӀыр зэрызэщхьэщыкӀыр.

Мы зи гугъу тщӀыр мыбдежым зи гугъу тщӀы "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"хэми теухуащи, "макъ глагол"хэмрэ "макъыбэ глагол"хэр сытым дежи лъытэнрэ зэщхьэщыгъэкӀыныр зэрымытыншыр мы къэтӀуэтахэм теухуауэ лъытапхъэщ.

Макъхэм ягъэзэщӀапхъэ глагол къалэнхэмрэ занщӀэуи къатехъукӀ "макъ глагол"хэр "езырыж глагол"рэ "Ӏ*уэху глагол*"у зэрызэщхьэщыкӀым теухуа таблицэхэм къыкӀэлъыкӀуэу, мыхэри къыпытщэжа нэужь, нытӀэ, "макъ глагол"хэр "езырыж макъ глагол"рэ "Ӏ*уэху макъ глагол*"у зэрылъытапхъэрэ зэрызэщхьэщыкӀхэри -мы зэрытха щӀыкӀэу къыхэгъэщауэ- таблицэхэм хэплъагъуэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэу, тежыӀыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **Оригинал -"ы"уэ- къэӀу "макъ гл."хэр "езырыж"рэ "Ӏуэху" лӀэужьыгъуэхэу** | **"Э"кӀэ къэӀу "макъ гл."хэр "езырыж"рэ "Ӏуэху" лӀэужьыгъуэхэу** |
|---|---|

| | |
|---|---|
| *Ин* | - |
| Ун | Уэн (ууэ щытын) – Уэн (-еуэн) |
| Ӏун/Ӏ*ун* | Ӏуэн/Ӏ*уэн* (Ӏууэ щытын / Ӏ*ун зэпытын*) – Ӏ*уэн*/Ӏуэн (мэкъу-мэш) |

| | |
|---|---|
| *Хьын* | - |
| КӀын | КӀэн (кӀыуэ щытын) |
| - | КӀуэн |
| Чын – *Чын (лъэбакъуэ чын)* | Чэн (чыуэ щытын) - "-" |
| Хъун | - |
| *Хун* | - |
| Гъын | - |
| Гъун | - |
| Джын/*Джын* | Джэн/*Джэн* (джыуэ щытын / *джын зэпытын*) – Джэн (макъ Ӏэтауэ къэӀуэн) |
| *Дзын* | - |
| *Жьын* | *Жьэн* (*жьын зэпытын*) – Жьэн (мафӀэкӀэ) |
| Жын | Жэн (жыуэ щытын) – Жэн (псынщӀэрыкӀуэн) |

| | |
|---|---|
| *Зын* | *Зэн* (*зын зэпытын*) – Зэн (-гъэзэныгъэ) |
| (нэху) Щын – *Щын (цы щын)* | "-"  – *Щэн* (*щын зэпытын*) – *Щэн (бэзэр lуэху)* |
| *Щlын* | *Щlэн (щlын зэпытын) – Щlэн (щlэныгъэу)* |
| Шын  (дзэр) | *Шэн (гъэкlуэтэныгъэ)* |
| Сын | *Сэн* |
| - | Лъэн |
| *Лын-2 (*1- *мафlэ бзий lуэху;* 2- *фэ щыхуэн lуэху)* | *Лэн-2* (*лын зэпытын*) – Лэн (*лы*уэ -фэ щихуэу-щытын) |
| - | Лlэн |
| *Дын* | Дэн (*ды*уэ щытын) – *Дэн (игум идэн)* |
| *Тын* | - |
| *Тlын* | Тlэн (*тlы*уэ щытын) |
| Фын | - |
| Фlын | Фlэн (фlыуэ щытын) |
| *Вын* | Вэн (*вы*уэ щытын) – (псы) Вэн |
| *Пlын*/Пlын | *Пlэн* (*пlын зэпытын*)/Пlэн (пlыуэ щытын) |

| | |
|---|---|
| Пкlын | Пкlэн (пкlыуэ щытын) – Пкlэн |
| Ткlун | Ткlуэн (ткlууэ щытын) |
| Щхъын | Щхъэн (щхъыуэ щытын) |
| Щхъун | Щхъуэн (щхъууэ щытын) |
| *Тхъын* | *Тхъэн* (*тхъын зэпытын*) – Тхъэн (-гъэхъэн) |
| *Пхъын* | *Пхъэн* (*пхъын зэпытын*) |
| Тхъун – *Тхъун* | Тхъуэн (тхъууэ щытын) – Тхъуэн (*тхъу*уэ щытын) |
| - | Пхъуэн |
| *Шхын* | Шхэн (*шхы*уэ щытын) |
| *Тхын* | Тхэн (*тхы*уэ щытын) |
| *Лъхун* | Лъхуэн (*лъху*уэ щытын) |
| *Пхын* | Пхэн (*пхы*уэ щытын) |
| - | Бгэн |
| *Бжын* | Бжэн (*бжы*уэ щытын) |
| *Бзын* | Бзэн (*бзы*уэ щытын) |
| Пщын-2 (1- кlуэтэныгъэ); 2- бэгын) – *Пщын* (*-къэпщытэн*) | Пщэн (1- кlуатэу щытын; 2- бэгыу щытын) – *Пщэн* (*пщын -къэпщытэн- зэпытын*) |
| *Пщlын* | Пщlэн (*пщlы*уэ щытын) |
| Плъын | Плъэн (плъыуэ щытын) – Плъэн (лъагъун папщlэ) |
| - | Блэн |
| Щтын | Щтэн (щтыуэ щытын) – Щтэн (-къэуlэбжын) – *Щтэн (зыдэщыlэм теlэтыкlын)* |
| Пщтын | - |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Глаголхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр таблицэхэм хыболъагъуэри, абыхэм нэмыщl къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри къыпытщэнщ.

- Глаголхэр *адрей класификацэхэм* елъытауэ зэрылъытапхэхэми *дэтхэнэ зы глагол гупым теухуауэ мы илъабжьэм* -е *игъуэ щыхъум-* щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ; ауэ, ″*макъ глагол*″ лӀэужьыгъуэхэрщ мыхэри, нытӀэ, я *лэжьэк*Ӏэ *хуитыныгъэм елъытауэ класификацэ* зэрыщӀыпхъэри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ: мыхэр **″езырыж занщӀэ -макъ- глагол″**рэ **″Ӏ*уэху занщ*Ӏ*э -макъ- глагол*″** лӀэужьыгъуэхэрщ.

- Зы ″глагол″у щытми, ″езырыж глагол″рэ икӀи ″Ӏ*уэху глагол*″у *лэжьит*Ӏыр зиӀэхэм мы я **лэжьэкӀитӀ**ыр **зэригъуэта**м теухуауэ **зэкӀэлъхьэужь**у *щхьэхуэ щхьэхуэ*у -*пэщ*Ӏ*эдзэ* лэжьэкӀэр *ипэ иту* (пп: Ӏун), *иужьк*Ӏэ игъуэта лэжьэкӀэри абы къыкӀэлъыкӀуэу *ет*Ӏ*уан*эу (пп: Ӏ*ун*)- *тхауэ* къыщыгъэлъэгъуащ ипэкӀэ къэта таблицэхэми, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэхэр къыщытхьыжынщ:

| |
|---|
| - «″Ӏун/Ӏ*ун*″; |
| - «″Джын/*Джын*″; ″Джэн/*Джэн* (джыуэ щытын / *джын зэпытын*)″»; |
| - «″*П*Ӏ*ын*/ПӀэн″». |

- Зы глаголыр ″*езырыж глагол*″*у зэрылажьэм хуэдэжу* ″Ӏ*уэху глагол*″*уи зэрылажьэ*р а *глагол мыхьэнэм елъыта*уэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщи, мыри адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ ит **лэжьэкӀэбэ** лъэкӀыныгъэрщ. ИкӀи гурыӀуэгъуэщ макъыбзэу щыт дыгэбзэр **мыхьэнэбэ**у зэрыщытри, *мыхьэнэбэ*у щыт *глагол*хэм я *мыхьэнэ бжыгъэ*ри (пщын-2) таблицэхэм къыщыхэгъэщауэ къэгъэлъэгъуащ; зэхуэдэ макъкӀэрэ ухуарэ *мыхьэнэбэ*у щыт мы *глагол*хэм *дэтхэнэ и зы мыхьэнэ*ри тхыхьым дэтущ {пщын-2 (1- бэгын; 2- ипэ кӀуэтэн)} къыз*зэрыгъэунэхуа*р.

- Мы зи гугъу тщӀахэм я мыхьэнэхэр зэгъунэгъурэ зэрызэпыщӀар гурыӀуэгъуэщи, мыбыхэм хуэдэу зэхуэдэ макъкӀэрэ ухуауэ, я *мыхьэнэ*хэр *нэхъ зэщхьэщык*Ӏ*а*уэ щыт глаголхэри щыӀэщи, мыпхуэдэхэм -я гупыр ″езырыж глагол″у е ″Ӏуэху глагол″у дауи щырет- я зэхуакум ″–″ къыдэхьэу зэгуэгъэкӀауэ къыщыгъэлъэгъуащ таблицэхэм. Мыхэри адыгэбзэр зэры*макъыбзэм теухуа*рэ **мыхьэнэбэ**ми зызэри**убгъу**р къэзыгъэлъагъуэ щапхъэхэрщи, мыбдежми мыпхуэдэ щапхъэ гуэрхэр къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| - «Джэн/*Джэн* (джыуэ щытын / *джын зэпытын*) – Джэн (макъ Ӏуэтауэ Ӏуэн)»; |
| - «*Щ*Ӏ*эн (щ*Ӏ*ын зэпытын*) – *Щ*Ӏ*эн*»; |
| - «Вэн (*вы*уэ щытын) – (псы) Вэн»; |
| - «Пщын-2 (1- ипэ кӀуэтэн; 2- бэгын) – *Пщын* (-*къэпщытэн*); Пщэн-2 (1- ипэ кӀуатэу щытын; 2- бэгыу щытын) – *Пщэн* (*пщын -къэпщытэн- зэпытын*)»; |
| - «Щтэн (щтыуэ щытын) – Щтэн (къэуӀэбжын) – *Щтэн (зыдэщы*Ӏ*эм те*Ӏ*этык*Ӏ*ын)*». |

- Адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым къызэрыхэкӀкӀэ, -мыхьэнэбэ глаголхэр мыхьэнэкӀэ зэгъунэгъурэ нэхъ зэпэжыжьэу дауи щырет- зэхуэдэ макъкӀэрэ ухуарэ -я мыхьэнэкӀэ зэщхьэщыкӀыу- *мыхьэнэбэу* щыт *глагол*хэм ″*ы*″*уэ къэ*Ӏ*у*хэр *язэрыхэтым хуэдэжу*, ″*э*″*к*Ӏ*э къэ*Ӏ*у*хэри *язэрыхэт*ыфыр ипэкӀэ къэта

таблицэхэмрэ мы ипэкӀэ къыщыгъэлъэгъуэжа щапхъэхэми щыхыболъагъуэр. Ауэ, зэхуэдэ макъкӀэрэ ухуа глаголхэр "ы"рэ "э"кӀэ къызэрыӀу щӀыкӀэхэр а глаголхэр мыхьэнэкӀэ зэрызэщхьэщыкӀым теухуауэ зэрыщымытынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, таблицэхэм щапхъэхэу къыщыта *"макъ глагол"*хэм *мыхьэнэгъуу "ы"кӀэ къэӀурэ "э"кӀэ къэӀухэр хыболъагъуэ*ри, *"э"кӀэ къэӀу "макъ глагол"* вариантым илъытэр *"ы"кӀэ къэӀу "макъ глагол"* вариантым *кӀуэтэгъуэ* (э) *зэригъуэта*ращ. Нэхъ гъунэгъуу уеплъмэ, *"ы"кӀэ къэӀу* "езырыж глагол"ыр *"къэхъуу зэрыщыт"*ыр *"э"кӀэ къэӀуу* "езырыж глагол"ущ зэрылъытэр: «джын → джэн (джыуэ щытын)». ИкӀи, *"ы"кӀэ къэӀу "Ӏуэху глагол"*ри *"гъэзащӀэу* зэрыщыт"ыр *"э"кӀэ къэӀуу* "езырыж глагол"у мэлъытэри {*бжын* → бжэн (*бжы*уэ щытын)}, *"ы"кӀэ къэӀу "Ӏуэху глагол"*ыр *"э"кӀэ къэӀуу "гъэзащӀэ зэпыт"*у зэрылъытэри *"Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэущ {*щӀын* → *щӀэн* (*щӀы зэпытын*)}. Мы къэтӀуэтахэр "езырыж глагол"рэ *"Ӏуэху глагол"*хэр зэрытха щӀыкӀэхэм зэрезэгъыр нэрылъагъуущи, таблицэхэми мыпхуэдэ тхэкӀэхэмкӀэ зэщхьэщыкӀыу къызэрытар нэрылъагъущ.

- Глаголхэр таблицэхэм къызэрыгъэлъэгъуа зэкӀэлъхьэужьыкӀэр *оригиналу* - **ы"кӀэ- къэӀу глагол**хэр **ипэ къихуэ**ущи, мы зэкӀэлъхьэужьыкӀэр икӀи глаголхэм **нормал**у я **къэхъукӀэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэ**у зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, я къэхъукӀэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэхэр *мыпхуэдэу щымыт глагол*хэри щыӀэщи, нытӀэ, **я къэхъукӀэ**хэм **емылъыта** *зэкӀэлъхьэужьыкӀэу* мы ипэкӀэ *таблицэхэм* **къыщыгъэлъэгъуа мы глагол** гуэрхэр **я къэхъукӀэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэ**у зэрылъытапхъэхэм *елъытауэ* мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| **Глагол гуэрхэр таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа я зэкӀэлъхьэужьыкӀэу** | | **Глагол къэхъукӀэм елъыта зэкӀэлъхьэужьыкӀэу** |
|---|---|---|
| Ун | Уэн (ууэ щытын) – Уэн (еуэн) | Уэн – Ун-Уэн |
| Чын – *Чын (лъэбакъуэ)* | Чэн (чыуэ щытын) - "-" | Чын-Чэн – *Чын* |
| *Жьын* | *Жьэн* (*жьын зэпытын*) – Жьэн (мафӀэкӀэ) | Жьэн – *Жьын-Жьэн* |
| Жын | Жэн (жыуэ щытын) – Жэн (псынщӀэрыкӀуэн) | Жэн – Жын-Жэн |
| *Зын* | *Зэн* (*зын зэпытын*) – Зэн (-гъэзэн) | Зэн – *Зын-Зэн* |
| Шын (дзэр) | *Шэн (гъэкӀуэтэнығъэ)* | *Шэн* – Шын |
| *Вын* | Вэн (*вы*уэ щытын) – Вэн (псы) | Вэн-*Вын* – Вэн (псы) |
| *Тхъын* | *Тхъэн* (*тхъын зэпытын*) – Тхъэн | Тхъэн – *Тхъын-Тхъэн* |
| Плъын | Плъэн (плъыуэ щытын) – Плъэн (лъагъун папщӀэ) | Плъэн – Плъын-Плъэн |
| *Лъхун* | Лъхуэн (*лъху*уэ щытын) | Лъхуэн-*Лъхун* |

Ауэ икӀи, мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ *глагол къэхъукӀэу "езырыж глагол"хэр бжьыпэр зы*Ӏыгъыну зэрыщытри, мы *къэтагъэххэ щапхъэхэми* я

*къэхъук*Iэ*м елъыта глагол зэк*Iэ*лъхьэужьык*Iэми **къэхъуныгъэ**кIэ ″**езырыж глагол**″хэр нэхъыбэу **ипэ къихуэ**у зэрыщытыр хыболъагъуэр.

- ИпэкIэ къэта таблицэхэр зытеухуар нэхъыбэу макъхэр -къызэрыхъуа щIыкIэ мыхьэнэкIэрэ- занщIэу глагол лIэужьыгъуэу зэрылъытахэр. ИкIи, глаголхэр къызэрыхъуа зэкIэлъхьэужьыкIэри къызэрыхэщу къэдгъэлъэгъуэни иужь дитащ. Ауэ, абыхэм щыщу иужькIэ къэхъуарэ, ухуагъэххэ глагол гуэрым - и *мыхьэнэ зэхъуэк*I*ыныгъ*экIэрэ зыгуэрым **егъэщхьыныгъэ**у- къытехъукIахэри язэрыхэтыр гулъытапхъэщи, мыбдежым мыпхуэдэ зы щапхъэми и гугъу щытщIынщ. Аращи, макъым и мыхьэнэ лъабжьэкIэрэ занщIэу ″макъ глагол″у ухуарэ *зыгуэрыр езыр езырыурэ зэрызэгуэк*Iыр зылъытэу бзэм хэлэжьыхьу щызекIуэ ″чын″ глаголыр иужькIэ -егъэщхьыныгъэкIэрэ- *лъакъуэхэр зэрызэк*I*уэк*IкIэрэ къэхъуу щыт ″*к*I*уэн, к*I*уэтэн*″ глагол мыхьэнэгъуу бзэм хэлэжьыхь хъуауэ лъытапхъэщ: «чын → лъэбакъуэ *чын*».

- Мы ″езырыж макъ глагол″хэм щыщу ″фIын″ыр икIи ″*статя глагол*″ лIэужьыгъуэу зэрыщытри къыпытщэжынщи, мыпхуэдэхэм иужькIэ щхьэхуэу зы ″*глагол гуп*″у щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

### КъызпкъырыкIрэ къэзлэжьым -″субъект″ым- и щыIэгъуэм елъытауэ ″макъ глагол″хэр и кIуэцIкIэ зэрызэщхьэщыкIым теухуауэ.

Мы ипэкIэ ″макъ глагол″хэр ″езырыж глагол″рэ ″Iуэху глагол″у зэщхьэщыкIыу зэрыщытыр таблицэхэм къызэрыхэщу къыщыгъэлъэгъуащи, нытIэ, мыбдежми мы ″макъ глагол″хэр *къызпкъырык*Iрэ *къэзылэжь*ым -″глагол *субъект*″ым- и *щы*Iэ*гъуэ*м елъытауэ *зэрызэщхьэщыгъэк*I*ыпхъ*эхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ, таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа ″макъ глагол″хэу ″**къэхъу-къэщIыгъуэ**″хэм теухуахэр къэдгъэлъэгъуэнщи, тежыIыхьыпхъэхэр къыпытщэжынщ:

|  |
| --- |
| - «ун-уэн»; |
| - «чын – чэн, хъун, джын-джэн, зэн, жын, жьэн, щын (нэху), сын, *лын-лэн* (мафIэрэ нэху бзийхэм ягъэзащIэ Iуэхугъуэ), фIын-фIэн, (псы) вэн»; |
| - «пкIын-пкIэн (ипIэ икIыныгъэ), ткIун-ткIуэн, щхъын-щхъэн, щхъун-щхъуэн, тхъун-тхъуэн, пщын-пщэн (бэгын лIэужьыгъуэ), плъын-плъэн, блэн, щтын-щтэн, пщтын». |

″I*уэху глагол*″хэр нэхъыбэу *ц*I*ыхум теухуа*уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ″къэхъу-къэщIыгъуэ″хэм теухуа мы ″макъ глагол″хэм ″*лын-лэн*″ глаголым нэмыщIхэр ″езырыж глагол″ лIэужьыгъуэ

зэрыщытыр нэрыгъущ (1). – ИкIи, езыр езырурэ утыку къихьэ къэхъу-къэщIыгъуэ лIэужьыгъуэхэм мы "Iуэху глагол"ыр къазэрыхэхуари илъабжьэм гурыIуэгъуэ зыхуэтщIыжынщ. "*Къэхъу-къэщIыгъуэ*"хэм теухуа мы *глаголхэр* икIи "*псэ зыIумыт*" щыIэгъуэ зиIэхэм *теухуауи* зэрыщытыр ипэкIи къыхэдгъэщагъащи, нытIэ, "*къэхъу-къэщIыгъуэ*"м теухуауэ къэдгъэлъэгъуа мы "макъ глагол"хэри *занщIэу* "*псэ зыIумыт*"*у щыIэхэми* зэры*теухуа*р гурыIуэгъуэнщ (2). Ауэ икIи, *сытри щы*Iэгъуэ *зи*Iэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, *къэхъу-къэщIыгъуэ лIэужьыгъуэ*у лъытапхъэщи, мы "*къэхъу-къэщIыгъуэ*"хэм теухуа "*макъ глагол*" *нэхъыбэр*и къыкIэлъыкIуэ "*глагол гуп*"хэр *зыхуэIуа щы*Iэгъуэ лIэужьыгъуэхэми *теухуа*уэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ (3).

"Макъ глагол" лIэужьыгъуэу таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм щыщу "**къэкIыгъэ**"хэм теухуа глаголхэри мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу, тежыIыхьыпхъэхэри къыщыпытщэжынщ:

| |
|---|
| «кIын-кIэн, гъун, фын». |

Мы къэта глагол щапхъэхэр "езырыж глагол" лIэужьыгъуэу зэрыщытыр нэрылъагъущ, ауэ къэкIыгъэхэм теухуарэ "Iуэху глагол" лIэужьыгъуэ глаголхэри зэрыухуэфынури гурыIуэгъуэнщ (1). *КъэкIыгъэ*хэр *псэ зыIут* щыIэгъуэ зиIэхэрщи, "къэкIыгъэ"хэм теухуа мы глаголхэм "кIын"ым нэмыщIхэр икIи *къыкIэлъыкIуэ* "*глагол гуп*"хэр зыхуэIуа *щы*Iэгъуэ лIэужьыгъуэххэми *теухуауи* (гъун, фын) зэрыщытыпхъэр наIуэщ (2).

"Макъ глагол"у таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм щыщу "**псэущхьэ**"хэм теухуа глаголхэри мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу, тежыIыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| |
|---|
| - «уэн, Iун-Iуэн»;<br>- «кIуэн, *хун*, жэн, лъэн, лIэн, *пIын*/пIэн»;<br>- «пкIэн, *шхын*-шхэн, *лъхун*-лъхуэн, пхъуэн, пщын (кIуэтэн лIэужьыгъуэ), плъэн (лъагъун папщIэ)». |

Мы къэта глагол щапхъэхэри нэхъыбэу "езырыж глагол"у зэрыщытыр нэрылъагъущ; ауэ икIи, *псэущхьэхэм теухуа* глаголхэм хиубыдэ "*Iуэху глагол*"хэр *ипэрей* "*глагол гуп*"хэр зыхуэIуа *щIыгъуэ* лIэужьыгъуэхэм *елъытауэ нэхъыбэ*у зэрыщытри нэрылъагъущ (1). *ЦIыху*ри зы *псэущхьэ лIэужьыгъуэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, "*псэущхьэ*"*м теухуа глагол нэхъыбэр цIыхуми теухуа*уэ зэрыщытыфынур

гурыӀуэгъуэнщи, икӀи, мы *къэта "макъ глагол"хэм псори цӀыхуми теухуа*уэ зэрыщытыр нэрылъагъущ (2).

"Макъ глагол" лӀэужьыгъуэу таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуахэм щыщу "**цӀыху**"м теухуа глаголхэри мыхэращи, тежыӀыхьыпхъэхэри илъабжьэм къыщыпытщэжынщ:

| |
|---|
| - «Ӏ*ун*-Ӏ*уэн*, Ӏ*уэн*/Ӏуэн»;<br>- «*хьын*, (лъэбакъуэ) *чын*, гъын, *джын-джэн*, джэн (макъ Ӏэтауэ къэӀуэн), *жьын-жьэн*, *зын*, *щын-щэн*, *щэн* (бэзэр Ӏуэху), *щӀын-щӀэн*, *щӀэн* (щӀэныгъэу), *шэн*, *сэн*, *лын*-лэн (щыхуэн лӀэужьыгъуэ), *дын*-дэн, *дэн* (игум идэн), *тын*, *тӀын*-тӀэн, *вын*-вэн»;<br>- «тхъэн, *пхъын-пхъэн*, *тхъун*-тхъуэн, *тхын*-тхэн, *пхын*-пхэн, бгъэн, *бжын*-бжэн, *бзын*-бзэн, *пщын-пщэн* (къэпщытэн лӀэужьыгъуэ), *пщӀын*-пщӀэн». |

"Ӏ*уэху глагол*"хэр цӀыхум къилъэжьхэм теухуауэ *цӀыхум хуэӀуа*уэ утыку къызэрихьам ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, *цӀыхум теухуа*уэ *мы* къэта "*макъ глагол*" щапхъэ *нэхъыбэри* "Ӏ*уэху глагол*"у зэрыщытыр нэрылъагъущ (1). "Ӏ*уэху глагол*"хэр *цӀыхум хуэӀуа*уэ зэрыщытым зэрезэгъщи, ипэкӀэ *псэущхьэхэм теухуа*уэ къэдгъэлъэгъуэжа "езырыж глагол" гуэрхэм *я* "Ӏ*уэху глагол*" *вариантхэри* мыбдежым цӀыхум хуэӀуа глагол лӀэужьыгъуэхэм зэрыхиубыдэри нэрылъагъущ (2). ЦӀыхум хуэӀуауэ къэхъуами, *цӀыхум адрей псэущхьэхэми хилъагъуэу зэрихьэ*у щӀидзауэ лъытапхъэ *глаголхэр*и щыӀэщи, мы къэдгъэлъэгъуэжа глаголхэм мыпхуэдэхэри (пп: *хьын*, джэн, *щӀын-щӀэн*, *щӀэн*, *шэн*, *дэн*, *тӀын*-тӀэн, *вын*-вэн, *пхъын-пхъэн*, *тхъун-тхъуэн*) хыболъагъуэр (3). *ЦӀыхум хуэӀуа*уэ къэхъуарэ *адрей щыӀэгъуэ лӀэужьыгъуэхэм тыриухуэжу* -нэхъыбэуи псэущхьэхэм теухуауэ- *зэрихьэ*у къыхэдгъэща мы *глаголхэм нэмыщӀхэр езы цӀыхум хуэӀуа* глаголхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ (4).

*

Глаголхэр къызпкъырыкӀрэ къэзлэжьым и щыӀэгъуэм елъытауэ зэрызэщхьэщыкӀым теухуа мы гупхэм хиубыдэ глагол гуэрхэр "*къэхъу-къэщӀыгъуэ*"м -*е къыкӀэлъыкӀуэ* адрей *гупищ*ым- *теухуа глагол гупхэмрэ* "*цӀыху*"*м теухуа глагол гупым* зэрыхиубыдэр гулъытапхъэщи, "къэхъу-къэщӀыгъуэ" лӀэужьыгъуэ глаголхэр ипэ иту глаголхэр нэхъыбэу "езырыж глагол"у щытми, "*цӀыху*"*м теухуа глагол* лӀэужьыгъуэхэр "Ӏ*уэху глагол*"у зэрыщытри нэрылъагъущ. Мы ипэкӀэ къэта глаголхэр зытеухуа щыӀэгъуэкӀэ зэщхьэщыкӀыу зэрылъытэр а глаголхэм я мыхьэнэхэращ зэлъытар. Ауэ икӀи, *цӀыху щыӀэгъуэ* зиӀэмрэ *адрей*

*щы*Ӏэгъ*уэ* зиӀэхэм теухуа ″*субъект*″хэри зэрызэщхьэщыкӀынур гурыӀуэгъуэнщи, мыри -нэхъ игъуэу- глагол лэжьэкӀэхэм теухуауэ зэрылъытэфынур гурыӀуэгъуэщ.

Аращи, *бзэр зезыхьэр цӀыху*рауэ зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, *цӀыхум нэмыщӀ щы*Ӏэгъ*уэ* зиӀэхэм теухуа глаголхэр *цӀыхум зэрилъытэ*ну щӀыкӀэр *езым хуэмыдэ*рэ *хуэпэжыжьэ*ущи, *цӀыхум нэмыщӀ щы*Ӏэгъ*уэ* зиӀэхэм теухуа глагол ″*субъект*″хэр *езы цӀыху*м теухуа глаголхэм я ″*субъект*″хэм хуэдэу *зэрымылъытэн*ур гурыӀуэгъуэнщ. Мы зэрыжытӀауэ, *бзэр къэзыӀуатэ*м елъытащ глагол ″*субъект*″хэр *зэрылъытэ*ну щӀыкӀэи, бзэр къэзыӀуатэ ″*сэ*″ *нэрыбгэ*р езыр *зэпсалъэ*у *уэр-сэру зэхущыт цӀыху нэрыбгэ*хэр ″уэ, сэ, дэ, фэ″ хуэдэу илъытэфыну щхьэ, *цӀыхуу щымыт щы*Ӏэгъ*уэ* зиӀэхэр глагол ″*субъект*″хэу ″*ещанэ щхьэ*″уэщ (ар, ахэр; абы, абыхэм/ахэм) зэрилъытапхъэнур.

Мы зэрыжытӀауэ, *цӀыхум теухуа глагол гупхэм нэмыщӀхэр ″ещанэ щхьэ″уэ* глагол ″*субъект*″ хъуу зэрылэжьэнухэр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, *цӀыхум теухуа глагол*хэри ″*ещанэ щхьэ*″хэм теухуауэ зэрылэжьэфынури гурыӀуэгъуэнщ: бзэр къэзыӀуатэ ″сэ″м хуэпэжыжьэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, мыпхуэдэ цӀыху нэрыбгэхэри ″ещанэ щхьэ″уэщ зэрыигъуэу зэрылъытэнур. НытӀэ икӀи, зы глаголыр ″ещанэ щхьэ″м (ар, абы; ахэр, ахэм) нэмыщӀ ″субъект″хэмкӀэ (сэ, уэ, дэ, фэ) лажьэу къыщыӀуатэм дежращ а глаголыр цӀыхум теухуауэ зэрыщыр щызэрыхэхуфынур.

Мыбыхэм игъуэр къыщысым деж зэрыигъуэу щыгъуазэ дыщыхуэхъунущи, мыбдежым мыхэр къызэрыхэгъэщари ирикъунщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэм зэрезэгъкӀэ, *цӀыхум нэмыщӀ щы*Ӏэгъ*уэ* зиӀэхэм теухуа глагол ″*субъект*″хэр ″*ещанэ щхьэ*″уэщ зэрылъытэфыну *закъуэ*ри, *цӀыхум теухуарэ хуэ*Ӏ*уа глагол* гуэрхэм я *лэжьэк*Ӏэхэм теухуа щапхъэхэри ″*ещанэ щхьэ*″*м нэмыщ*Ӏ ″*субъект*″ *цӀэпапщ*ӀэхэмкӀэ (сэ, уэ, дэ, фэ) къызэрыӀуатэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - «Ӏ*ун*-Ӏ*уэн*» → | - «*сэ со*Ӏ*у*; – *сэ со*Ӏ*уэ*»; |
| - «Ӏ*уэн*/Ӏуэн» → | - «*уэ* (мэкъу) *бо*Ӏ*уэ*» / «уэ уоӀуэ»; |
| ------------------------------ | ---------------------------------------------------------------- |
| - «гъын» → | - «фэ фогъ»; |
| - «*тхын* – тхэн» → | - «*уэ ботх*» - «уэ уотхэ»; |
| - «бгэн» → | - «дэ добгэ»; |
| - «*бжын*-бжэн» → | - «*уэ бобж*» - «уэ уобжэ». |

Мы ″Ӏ*уэху глагол*″рэ ″езырыж глагол″хэр *лэжьэк*Ӏ*эк*Ӏэ *зэрызэщхьэщык*Ӏыр къэта щапхъэхэм щыхыболъагъуэри, мыбдежым

мыбыхэм гулъытэ хуэщӀынкӀэ зыхуридгъэкъуу, *иужьк*Ӏэ нэхъ гъунэгъуу *щыгъуазэ* дыщыхуэхъунщ.

Мы къэта глагол щапхъэхэм щыщу "Ӏун-Ӏуэн" глаголхэр макъ къыхэзыгъэӀукӀ псэущхьэхэми теухуауэ лъытапхъэщ, ауэ мыбдежым мыхэр "*Ӏуэху глагол*"у *(Ӏун-Ӏуэн*) зэрыщытыр нэрылъагъущи, субъектым къыриӀу макъымкӀэ зыгуэр -гурыӀуэгъуэ ищӀын гуэр- къызэрыриӀум папщӀэщ "цӀыху"м хуэӀуауэ зэрылъытар. "Езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу "Ӏун-Ӏуэн" глаголхэри "псэлъэн" мыхьэнэгъуу цӀыхум теухуауэ адыгэбзэм щызэрызекӀуэри гурыӀуэгъуэнщ, ауэ, мыбдежым къэтхьа "Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэхэращ цӀыхум хуэӀуа закъуэу лэжьэкӀэ зиӀэфынухэр.

Мы щапхъэхэм къыкӀэлъыкӀуэрэ зэхуэдэ макъхэмкӀэ ухуауэ щытрэ "*Ӏуэху глагол*"рэ (Ӏ*уэн*) "езырыж глагол"у (Ӏуэн) къэгъэлъэгъуари "мэкъу-мэш"ым теухуа Ӏуэхугъуэхэу *цӀыхум къилэжь*рэ *хуэӀуа* Ӏуэхугъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщи, зы "*Ӏуэху глагол*"рэ ("мэкъу-мэш" *зэриӀуэ*) адрейри "езырыж глагол"у ("*Ӏуэуэ* зэрыщыт) зэрыщытри мы Ӏуэхугъуэр мы зэралъытэ щӀыкӀэхэращ зытеухуар.

Мыбы къыкӀэлъыкӀуэ глаголхэр нэхъ Ӏупщӏыу цӀыхум хуэӀуауэ зэрыщытхэри гурыӀуэгъуэщ.

*

Таблицэхэм хиубыдэ глаголхэр зытеухуа щыӀэгъуэхэм елъытауэ зэрызэщхьэщыкӀхэу мы зи гугъу тщӀахэр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, абыхэм хиубыдэ гуэрхэми я гугъу щӀыпхъэщи, мыбдежым мыпхуэдэхэм я гугъу щытщӀынщ. Мыпхуэдэ зы Ӏуэхугъуэрщ "*къэхъу-къэщӀыгъуэ*" лӀэужьыгъуэ глаголхэм "макъ глагол"хэу хиубыдэ "Ӏуэху глагол"хэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ хуэхъуныр.

Аращи, "чын – чэн"ыр зэрыхиубыдэрэ икӀи зэрыигъуэу "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу зэрыщытри нэрылъагъущи, игъуэщ. Ауэ, бзэр зезыхьэ цӀыхум иужькӀэ *лъэбакъуэхэр зэрызэгуэк*Ӏыр зэрилъыта "*чын*" глаголыр "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу мы "къэхъу-къэщӀыгъуэ" лӀэужьыгъуэрэ "езырыж глагол"у щыт "чын" глагол мыхьэнэм *иригъэщхьу къызэрытырищӀыкӀа*ри гурыӀуэгъуэщи, мы "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэри зэрыигъуэу мы "*къэхъу-къэщӀыгъуэ*" глагол *гупым* зэры*хэмыхьа*ри нэрылъагъущ.

"*Къэхъу-къэщӀыгъуэ*"у утыку къихьэ "*езырыж глагол*" *гуэрхэм ик*Ӏ*и* "*Ӏуэху*" *гуэрхэр* зэрагъэзэщӀэфынури гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэр *бзэм и*

*иужьрей лэжьэк*Iэхэу –нэхъ игъуэуи "макъыбэ глагол"хэм- къигъэщIауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Ар щхьэ, макъхэр занщIэу глаголу зэрыухуэ щIыкIэу утыку къихьэ "**макъ глагол**"у (*лын-2*) щыт "*Iуэху глагол*" лIэужьыгъуэхэр ипэкIэ къэдгъэлъэгъуа "**къэхъу-къэщIыгъуэ**" глагол гупым зэрыхэтыр нэрылъагъущи, *гъэщIэгъуэнщ*. НытIэ, мыбдежым къытпэщытыр мыпхуэдэу зэрыщытыр *нэхъ гъунэгъуу зыгурыгъ*эI*уэн*рэ мыр къызэрыхъуа щIыкIэхэми щыгъуазэ хуэхъунращи, мы зи гугъу тщIы глаголхэр таблицэм зэрыхэт щIыкIэу мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу, тежыIыхьыпхъэхэри къыпытщэжын:

| | |
|---|---|
| *Лын-2 (*1- *маф*Iэ *бзий* I*уэху;* 2- *фэ щыхуэн* I*уэху)* | *Лэн* (*лын зэпытын*) – Лэн (*лы*уэ - фэ щыхуэу-щытын) |

МыхьэнитI зиIэу къэгъэлъэгъуа "лын-2" глаголыр икIи "*лэн*, лэн"у къызэрыIури нэрылъагъущи, мы *глаголым* мы *мыхьэнит*Iыр *зэригъуэта зэк*I*элъхьэужьык*I*эри* ахэр зэкIэлъхьэужьу *къызэрыгъэлъэгъуам елъыта*уэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, *япэу нэхурэ маф*Iэ *бзий къарууф*I*эр зыдынэсым ирищ*I*эр зэрылъытэ мыхьэнэ*уэ утыку къихьагъэнущ "*лын*" глаголри, мы зытеухуахэм зэрезэгъкIэ, "*къэхъу-къэщ*I*ыгъуэ" глагол л*I*эужьыгъу*эу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ, зыгуэрхэм зы *фэ къегъэщтэн* Iуэхугъуэу "*лын*" глаголыр цIыхум къилъэжьу зэрыщIидзар иужьыIуэкIэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщи, "цIыху"м теухуа "Iуэху глагол"у зэрыщытым нэмыщI, иужьыIуэкIэ къилэжьу щIидза Iуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, зыр *глагол къэхъуныгъэ пэщ*I*эдзэ гуп*ым щыщрэ адрейри цIыхум езым хуэIуарэ къилэжьхэм теухуауэ *глагол къэхъуныгъэ ухып*Iэ *гуп*ым щыщ мы *зэхуэмыдэ* I*уэхугъуэрэ зэманыгъуэхэм къыщыхъуа* мы Iуэхугъуэхэр *зэхуэдэ къэ*I*ук*I*э зи*I*э глаголу щ*I*эухуар* зыгурыгъэIуэн хуеймэ, мыр къыдгурызгъэIуэнур "л" макъыр зытеухуаращ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, *зэхуагъэгъэрэ занщ*I*эу к*I*уэгъуэрэ* лъагъуэ лIэужьыгъуэ зылъытэ *макъ мыхьэн*эщ "л"ыри, мы и мыхьэнэри *зыхэзыубыдэ макъ гупым елъытауэ* зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ. Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуар гурыIуэгъуэщи, мыбдежым кIыхь дымыщIыу жыIэпхъэмэ, "*лъэ*" *гущ*I*ы*I*ум тырищ*I*эж* зэхуапIэ I*ыхьэр* бзэм щызэрыхэлъыта "*макъ псалъэ*"рщ "*лы*"ри, мыращ мы зи гугъу тщIы "*лын*" *глагол*ым и *мыхьэнит*I*ри* зытеухуар. Аращи, зыгуэрым -лъэ- и гущIыIум -лы- зы фэ къегъэщтэн папщIэ зыгуэр -лэчкэ-щыхуэн "Iуэху глагол"у "лын"ыр гурыIуэгъуэщи, щызыхуэм мыр

илэжьу зэрыщытри "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу "лэн"ущ зэрылъытэр. НытӀэ, мафӀэрэ нэху бзий къуаруу фӀэм къилэжьу зи гугъу тщӀа "лын" Ӏуэхугъуэр зытеухуари мы *мафӀэрэ нэху бзий*хэр *зыхунэс пкъыгъуэ*рэ *лъэ* лӀэужьыгъуэм и *гущӀыӀум* -и *"лы"м-* зэрырикӀуэрауэ жыӀэпхъэщ япэу къэхъуауэ жыхуэтӀэ *"лын"* глаголми гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыр. Аращи, *мафӀэрэ нэху бзий* кӀуэкӀэращ *"къэхъу-къэщӀыгъуэ"* лӀэужьыгъуэ *глагол*ри, ар *зэрыигъуэу "езырыж макъ глагол"* лӀэужьыгъуэ *"блэн"*кӀэрэщ зэрылъытэр. НытӀэ, мы *"къэхъу-къэщӀыгъуэ"*у *мафӀэрэ нэху бзий къаблэм* лъэ гущӀыӀу *"лы"м зэрырик*Ӏуэу *тырищ*Ӏэ *"Ӏуэху"*ращ *"лын"*у лъытари, мы *"лын" глаголым езыр занщ*Ӏэу *"къэхъу-къэщӀыгъуэ"* лӀэужьыгъуэу *езыр езырурэ къэхъуакъым*; ар *"къэхъу-къэщӀыгъуэ"* лӀэужьыгъуэ *"блэн"кӀэрэ зек*Ӏуэу *"къэхъу-къэщӀыгъуэ"* лӀэужьыгъуэ *нэху бзий*хэр *зыдынэс "лы"м ирищ*Ӏэ Ӏ*уэхур зэрылъытэ*у ухуа *"Ӏуэху глагол"*щ. НытӀэ, мы *"лын" глагол*ыр *занщ*Ӏэу *"къэхъу-къэщӀыгъуэ"* лӀэужьыгъуэ *глаголкъыми*, *"къэхъу-къэщӀыгъуэ"* гуэрым и *эффект*кӀэрэ *гъэзащ*Ӏэ Ӏ*уэхур зылъыт*эрщ. КӀэщӀыу жыпӀэмэ, *"къэхъу-къэщӀыгъуэ"* лӀэужьыгъуэ зы *"езырыж глагол"*у щыт *"блэн"*ыр къыщыхъурэ *утыку къыщихьэк*Ӏэ *икӀи* зы щыӀэ -лъэ- гуэрым и гущӀыӀум -*"лы"м- ирик*Ӏуэу *тырищ*Ӏэр зы *"Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэу зэрыигъуэу зэрылъытэращ *"лын"*ыр.

*"Лын"* Ӏуэхугъуэу "лы"м мы тырищӀэр икӀи *"лыгъэ"*рэ *"лыгъуэ"* псалъэхэмкӀэ зэрылъытэу бзэм щызэрызекӀуэри гурыӀуэгъуэщи, мы псалъэхэр икӀи *мафӀэрэ нэху бзий къарууф*Ӏэхэм *теухуа*уэ Ӏуэхугъуэхэу бзэм щызэрызекӀуэри гурыӀуэгъуэщ. Мыбыхэм нэмыщӀ, адыгэбзэм "лыдын, къэлыбын" хуэдэ глаголхэри зэрыхэтыр гурыӀуэгъуэщи, мы "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэхэр зытеухуарэ къызытехъукӀри -мы ипэкӀэ и гугъу зэрытщӀауэ- лъэ гущӀыӀу "лы" лӀэужьыгъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Дауи, нэху бзийхэм щызэрызекӀуэр щыӀэгъуэрауэ –космос"рауэ- зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ, нэху бзийхэм ягъэзащӀэу щыгъуазэ дызыхуэхъуа мы *"лын"* глаголыр икӀи *нэху бзийр щы*Ӏэгъуэм щыщыӀэ лъэ лӀэужьыгъуэхэм *щызэрызек*Ӏуэри къызэрыӀуэтапхъэу бзэм щызекӀуапхъэр гурыӀуэгъуэщи, ар адыгэбзэм "блэн" ипӀэкӀэ щызэрызекӀуэфри гулъытапхъэщ. Ауэ икӀи, аргуэру къыхэгъэщыпхъэщ мы зи гугъу тщӀа *"лын" глагол*ыр занщӀэу "къэхъу-къэщӀыгъуэ" лӀэужьыгъуэу езыр езырурэ -"езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу- утыку

къихьа зы Іуэхугъуэу зэрыщымытри, ар ″*къэхъу-къэщІыгъуэ*″ *лІэужьыгъуэк*Іэ *гъэзащ*Іэ зы Іу*эхугъуэ* зэрылъытэ ″І*уэху глагол*″щ.

## ″МАКЪЫБЭ ГЛАГОЛ″ХЭР ″ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ″РЭ ″ІУЭХУ ГЛАГОЛ″У ЗЭРЫЛЪЫТЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКІХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкІэ макъхэр занщІэу глаголу зэрыухуэу утыку къихьэ ″макъ глагол″хэр -зэрыухуа макъхэм я мыхьэнэм зэрелъытауэ- ″езырыж глагол″рэ ″Іуэху глагол″у зэрыщытхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыбдежми макъитІрэ нэхъыбэ зыхэзыубыдэу ухуэ ″макъыбэ глагол″хэр ″езырыж глагол″рэ ″Іуэху глагол″у зэрылъытэрэ зэрызэщхьэщыкІхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынущ.

ЗэрыгурыІуэгъуэу, ″*макъыбэ глагол*″ жыхуэтІэхэр *макъит*Ірэ *нэхъыбэ* зыхэзыубыдэу *зэрызэщхьэщыгъэк*Іыпхъэри гурыІуэгъуэнщи, глагол къэхъуныгъэу *япэ утыку къихьапхъэ* ″*макъыбэ глагол*″хэри *макъит*І *зыхэзыубыд*эхэрауэ зэрылъытапхъэр гурыІуэгъуэнщ. Дауи, глагол къэхъуныгъэ зэкІэлъхьэужьыкІэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуущ мы лэжьыгъэр къызэредгъэкІуэкІри, мы я къэхъукІэ зэкІэлъхьэужьыкІэу лъытапхъэм елъытауэ ″макъыбэ глагол″хэми гупитІыу щыгъуазэ дыхуэхъунщ: япэрауэ *макъит*І *зыхэзыубыдэ* ″*макъыбэ глагол*″хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу, къыхэгъэщыпхъэхэр къыпытщэнщи, мыбы *къык*Іэ*лъык*Іу*эуи макъит*І*рэ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ* ″*макъыбэ глагол*″хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу, къыхэгъэщыпхъэхэри къыпытщэжу къедгъэкІуэкІынщ мы лэжьыгъэр.

Ауэ икІи, ″*макъыбэ глагол*″хэр *къызэрыхъуа щ*І*ык*І*эми елъытауэ* зэрызэщхьэщыгъэкІыпхъэр гурыІуэгъуэщи, ″*макъыбэ глагол*″хэр мыпхуэдэуи *гупит*Іыу лъытапхъэщ. Ахэр къызэрыхъуа щІыкІэм зыр ипэкІэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″макъ глагол″хэм нэгъуэщІ макъхэр къагухьэу ″макъыбэ глагол″ къазэрытехъукІыжыр; адрей ″макъыбэ глагол″ къэхъукІэри, *глаголыпхъэ* макъым -е макъ гупым- *нэгъуэщ*І *макъ* -е макъхэр- *къызэрыгухьэу* глагол лІэужьыгъуэу *зэрыухуагъэхэу* ″*макъыбэ глагол*″у утыку къзэрихьэ щІыкІэрщ.

Ауэ, ″*макъыбэ глагол*″хэр ″*езырыж глагол*″*рэ* ″І*уэху глагол*″*у зэрызэщхьэщык*І*ыр* мы *къызэрыхъуа*рэ утыку къызэрихьэ *щ*І*ык*Іэхэм зэр*емылъытар* гурыІуэгъуэщ. НытІэ, ахэр ″*езырыж глагол*″*рэ* ″І*уэху глагол*″*у зэрылъытэрэ* зэрызэщхьэщыкІыр *я мыхьэнэхэращ зэлъытар*.

Ар щыхъукӏи, *къызэрыхъуа щӏыкӏэр* -"макъ глагол"ым макъ гуэрхэр къыгуэхьэу "макъыбэ глагол"у ухуэжауэ е зэрыухуагъэхххэу "макъыбэ глагол"у утыку къихьауэ- *дауи щырет*, *"езырыж глагол"*рэ "ӏ*уэху глагол*"у *зэрылъытэр*э зэрызэщхьэщыкӏыр зэры*зэмыхъуэк*ӏым папщӏэ, *зы гуп*ым теухуа *щапхъэ*хэр *адрейхэми щапхъэ* яз*эрыхуэхъупхъ*эр гурыӏуэгъуэщ. Нытӏэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри *зэрыухуагъэхххэу "макъыбэ глагол"*у утыку къихьахэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщи, ахэр *"езырыж глагол"*рэ "ӏ*уэху глагол"*у зэрылъытэрэ зэрызэщхьэщыкӏхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ауэ икӏи, къызэрыхъуа щӏыкӏэр дауи щырет, *"макъыбэ глагол"*хэр *"занщӏэ глагол"*рэ *"префиксиал глагол"*хэу зэрыщытыфынури гурыӏуэгъуэнщи, нытӏэ, мы илъабжьэм къыщедгъэкӏуэкӏыну лэжьыгъэм "макъыбэ глагол"хэр икӏи мыпхуэдэуи *зэрыщыт*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Нытӏэ, мы къыхэдгъэщахэми зэрезэгъкӏэ, *"макъыбэ глагол"*хэр *"езырыж глагол"рэ* "ӏ*уэху глагол"у зэрылъыт*эрэ зэрызэщхьэщыкӏым теухуауэ мы илъабжьэм къыщедгъэкӏуэкӏыну *лэжьыгъэри* **зэрыухуагъэхххэу "макъитӏ зыхэзыубыдэ глагол"**хэу утыку къихьахэмрэ, абыхэм къыкӏэлъыкӏуэуи **зэрыухуагъэхххэу "макъищрэ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол"**у утыку къихьахэм теухуауэ къедгъэкӏуэкӏынщ.

**Зэрыухуагъэхххэу "макъитӏ зыхэзыубыдэ глагол"у утыку къихьа "глагол"хэр "езырыж глагол"рэ "ӏуэху глагол"у зэрылъытэрэ зэрызэщхьэщыкӏхэр.**

*Зэрыухуагъэхххэу "макъит*ӏ *зыхэзыубыдэ глагол"*у утыку къихьахэр таблицэхэм хиубыдэу япэрей ӏыхьэм къыщыдгъэлъэгъуагъащ. Етӏуанэ ӏыхьэми, ахэр *"занщ*ӏэ *глагол"*р *"префиксиал глагол"*у зэрызэщхьэщыкӏхэуи аргуэру къыщыдгъэлъэгъуауэ щытащ. Нытӏэ, мыбдежми ди ӏуэхур глаголхэр *"езырыж глагол"*рэ "ӏ*уэху глагол"* лӏэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкӏращи, "занщӏэ глагол"рэ "префиксиал глагол"у зэрызэщхьэщыкӏхэу мы таблицэхэм хиубыдэ мы *"макъит*ӏ *зыхэзыубыдэ глагол"*хэр *"занщ*ӏэ *глагол"*рэ *"префиксиал глагол"*уи зэрызэщхьэщыкӏыр къыщыгъэгъэщауэ къэдгъэлъэгъуэжынщ.

Къэта таблицэхэм "**префикс**"хэр къыхэгъэщагъэххэу зэрыхиубыдэр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, "езырыж глагол"рэ "Iуэху глагол"хэри щхьэхуэ *щхьэхуэу зэрытха щIыкIэкIэ* къыхэдгъэщынщ: "езырыж глагол"хэр мы "нормал"у зэрытха щIыкIэу, "*Iуэху глагол*"хэри мы "*италикэ*"у зэрытха щIыкIэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, адыгэбзэм и макъхэр мыхьэнэбэу зэрыщытым хуэдэжу и псалъэхэри мыхьэнэбэу зэрыщытыфынури, *зы макъ гуп зыхэзыубыдэ глагол*хэр я *мыхьэнэк*Iэ зэрызэщхьэщыкIыфынум нэмыщI, *икIи* "езырыж"рэ "*Iуэху*" лIэужьыгъуэуи *зэрызэщхьэщык*I*ыф*ынур гурыIуэгъуэнщ. НыIэ, зы глаголыр "езырыж глагол"рэ *икIи* "*Iуэху глагол*" лIэужьыгъуэу щыщытым деж, ахэри -зэрыжытIауэ зэрытхын хуей щIыкIэу- "езырыж"рэ "*Iуэху*"у зэрыщыткIэрэ *т*I*эу тхауэ* къэдгъэлъэгъуэнщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэм теухуауэ *зэрыухуагъэххэу "макъит*I *зыхиубыдэ глагол*"хэр - зэрыигъуэрэ зэрылъэкIкIэ- *къызэрыхъуа зэк*I*элъхьэужьык*Iэуи зэрылъытапхъэ зэкIэлъхьэужьыкIэу мы илъабжьэм къэта таблицэхэм зэрыхиубыдэу –таблицэщхьэкIэ къежьэу- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Зэрыухуагъэххэу оригиналу -"ы"кIэ- къэIуу утыку къихьа "макъыбэ (макъитI) глагол"хэр** | **Зэрыухуагъэххэу "э"кIэ къэIуу утыку къихьа "макъыбэ (макъитI) глагол"хэр** |
|---|---|
| - **щы**Iэн; щIыIэн; *шы*I*эн*; *у*I*эн*/уIэн; псыIэн; ***и****I**эн (- лэн/**щы**хуэн)*;<br>- ***и****I**эн (-еиныгъэ)*, гуIэн, ***хэ****I**эн (игу еуэн)*;<br>- **е**Iэн, **хэ**Iэн, **щIэ**Iэн, **дэ**Iэн; | -<br><br>-<br>- |
| - кIиин, *щ*I*иин*, *шиин*, лъиин, диин, тIиин/*т*I*иин*, фиин, пIиин/*п*I*иин*, биин, ткIиин; лъеин;<br>- *гъеин*;<br>- **е**(*иэ*)ин, **зэ**ин (-**зэ**ижын); | -<br><br><br>- |
| - ***е****ен*/**е**ен, ***хэ****ен*/**хэ**ен, ***щы****ен*/**щы**ен, ***щ*I*э****ен*/**щIэ**ен, ***ф*I*э****ен*/**фIэ**ен;<br>- кIиен, *щ*I*иен*, *шиен*, лъиен, диен, тIиен/*т*I*иен*, фиен, пIиен/*п*I*иен*, биен, ткIиен;<br>----------------------------------------------------<br>- ***е****(иэй)ин*; **хуе**ин; хеин; жеин;<br>- хъеин; **щIе**ин; лъеин; тIеин; | -<br><br>-<br><br><br>-------------------------------------------<br>-<br>- |
| - **щы**ун; | - **щы**уэн; |

| | |
|---|---|
| - бэун *(-**е**бэун)*;<br>- гуэун (→гуоун);<br>- цIуун (←цIыун);<br>- **фIэ**ун;<br>-<br>- | - бэуэн;<br>- гуэуэн (→гуоуэн);<br>-<br>- **фIэ**уэн;<br>- **Iу**уэн, **фIэ**уэн, пкIэуэн;<br>- бэуэн; |
| - ***и**Iун*, ***къэ**Iун*, ***хэ**Iун*, ***гуэ**Iун*, ***щIэ**Iун*, ***дэ**Iун*, ***фIэ**Iун*, ***пы**Iун*;<br>- *уIун*;<br>- дэIун (-**е**дэIун);<br>- щэIун;<br>- лъэIун;<br>- фIэIун (зэхъуэкIыныгъэу); | - ***и**Iуэн*, ***хэ**Iуэн*, ***щIэ**Iуэн*, ***дэ**Iуэн*, ***фIэ**Iуэн*, ***пы**Iуэн*;<br>- *уIуэн*;<br>- дэIуэн;<br>- щэIуэн;<br>- лъэIуэн;<br>- фIэIуэн. |

| | |
|---|---|
| - хуэмын;<br>- щымын;<br>-<br>- | -<br>-<br>- *хъумэн*;<br>- пэмэн; |
| - **хэ**нын, ***щIэ**нын*;<br>- *гъэнын*;<br>- *пшынын*;<br>-<br><br><br><br><br><br><br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>-<br>- *пшынэн*;<br>- **и**нэн/***и**нэн*, **Iу**нэн/***Iу**нэн*, **къэ**нэн/***къэ**нэн*, **къуэ**нэн/***къуэ**нэн*, **хэ**нэн/***хэ**нэн*, **гуэ**нэн/***гуэ**нэн*, **щы**нэн/***щы**нэн*, **щIэ**нэн/***щIэ**нэн*, **дэ**нэн/***дэ**нэн*, **фIэ**нэн/***фIэ**нэн*, **пы**нэн/***пы**нэн*;<br>- *бгынэн* (← ***бгы**нэн*);<br>- хъуэнэн;<br>- шынэн;<br>- **хэ**нэн; **щIэ**нэн, **пы**нэн;<br>- бэнэн; |
| - ***шы**хьын*;<br>-<br><br><br>-<br>- щхъухьын;<br>- | -<br>- (езы субъектыр) **и**хьэн, **Iу**хьэн, **къуэ**хьэн, **хэ**хьэн, **гуэ**хьэн, **щIэ**хьэн, **дэ**хьэн, **фIэ**хьэн, **пы**хьэн;<br>- **фIэ**хьэн, **пы**хьэн; - (объект хьын)<br>-<br>- **щы**хьэн (зыхуритIэн); |
| - дыкъын;<br>-<br>- | -<br>- дзэкъэн;<br>- къэкъэн (макъ егъэщхьыныгъэу); |
| - **е**къун, **щIэ**къун, **дэ**къун;<br>- | - **щIэ**къуэн, **дэ**къуэн;<br>- ***дэ**къуэн*; |

| | |
|---|---|
| -<br>- *тхьэкъун*; | - бэкъуэн;<br>- *тхьэкъуэн*; |
| - (езы субъектыр) **и**кӀын, **Ӏу**кӀын, **къуэ**кӀын, **хэ**кӀын, **гуэ**кӀын, **щӀэк**Ӏын, **дэ**кӀын, **фӀэ**кӀын, **пы**кӀын;<br>-<br>- **фӀэ**кӀын, **пы**кӀын; - (иужь икӀыжын)<br>- ***е****кӀын* {я(*еа*)гъэ (*Ӏейягъ*) *екӀын*};<br>- *укӀын*;<br>- **щы**кӀын (**зэ**хъуэкӀын - гу техуэгъуей хъун);<br>- *сэкӀын*;<br>- *лъэкӀын*;<br>- | -<br>- ***и****кӀэн*, ***Ӏу****кӀэн*, ***къуэ****кӀэн*, ***хэ****кӀэн*, ***гуэ****кӀэн*, ***щӀэ****кӀэн*, ***дэ****кӀэн*, ***фӀэ****кӀэн*, ***пы****кӀэн*;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- гъукӀэн; |
| - **е**кӀун, **зэ**кӀун;<br>-<br>-<br>- | -<br>- ***е****кӀуэн* {е: Ӏей};<br>- хъуэкӀуэн;<br>- щэкӀуэн; |
| - **къэ**кхъун; - ″**и**кхъун, **Ӏу**кхъун, **къуэ**кхъун, **хэ**кхъун, **гуэ**кхъун, **щӀэ**кхъун, **дэ**кхъун, **фӀэ**кхъун, **пы**кхъун″;<br>- | - ″**и**кхъуэн**, Ӏу**кхъуэн, **къуэ**кхъуэн, **хэ**кхъуэн, **гуэ**кхъуэн, **щӀэ**кхъуэн, **дэ**кхъэун, **фӀэ**кхъуэн, **пы**кхъуэн″;<br>- *укхъуэн*; |
| - ***и****чын*, ***Ӏу****чын*, ***къуэ****чын*, ***хэ****чын*, ***гуэ****чын*, ***щӀэ****чын*, ***дэ****чын*, ***фӀэ****чын*, ***пы****чын;* | - ***и****чэн*/**и**чэн, ***Ӏу****чэн*/**Ӏу**чэн, ***къуэ****чэн*/**къуэ**чэн, ***хэ****чэн*/**хэ**чэн, ***гуэ****чэн*/**гуэ**чэн, ***щӀэ****чэн*/**щӀэ**чэн, ***дэ****чэн*/**дэ**чэн, ***фӀэ****чэн*/**фӀэ**чэн, ***пы****чэн*/**пы**чэн; |
| - | - ***и****куэн*, ***Ӏу****куэн*, ***къуэ****куэн*, ***хэ****куэн*, ***гуэ****куэн*, ***щӀэ****куэн*, ***дэ****куэн*; |
| -<br>-<br>- | - *гъэхъэн*;<br>- *лъэхъэн*;<br>- сыхъэн; |
| -<br>-<br>-<br>- хъуэхъун;<br>- *тӀэхъун*;<br>-<br>- ***щы****хъун (-****къы****щыхъун)*;<br>- ***фӀэ****хъун (-****къы****фӀэхъун)*;<br>- | - **и**хъуэн, **Ӏу**хъуэн, **къуэ**хъуэн, **хэ**хъуэн, **гуэ**хъуэн, **щӀэ**хъуэн, **дэ**хъуэн, **фӀэ**хъуэн, **пы**хъуэн;<br>- **хэ**хъуэн;<br>- гъуэхъуэн;<br>- хъуэхъуэн;<br>- *тӀэхъуэн*/тӀэхъуэн;<br>- ***щы****хъуэн*;<br>-<br>-<br>- лъыхъуэн/*лъыхъуэн*; |

| | |
|---|---|
| - лъыхъун;<br>- _**хуэ**хъун (-**къыхуэ**хъун)_;<br>- _гъэхъун_,<br>- **дэ**хъун;<br>- **пэ**хъун;<br>- сэхъун; | -<br>-<br>- _гъэхъуэн_;<br>- **дэ**хъуэн;<br>- **пэ**хъуэн;<br>- |
| - _**и**хын_, _**Iу**хын_, _**хэ**хын_, _**гуэ**хын_, _**къуэ**хын_, _**щIэ**хын_, _**дэ**хын_, _**фIэ**хын_, _**пы**хын_;<br>- _**блэ**хын_;<br>- _**гуэ**хын_, _**фIэ**хын_, _**пы**хын_;<br>- _**щы**хын_;<br>- **е**хын;<br>- ухын/_ухын_;<br>- мэхын;<br>- сэхын;<br>- псэхын;<br>- бзэхын;<br>- щхьэхын; | -<br><br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |
| - (**ще**хуэхын) **и**хун, **Iу**хун, **къуэ**хун, **хэ**хун, **гуэ**хун, **щIэ**хун, **дэ**хун, **фIэ**хун, **пы**хун;<br>- (зыфIэтым) **фIэ**хун, **пы**хун;<br>-<br><br><br>- псэхун (-гъэпсэхун);<br>- I_уэхун_;<br>- ц_Iыхун_;<br>- _щэхун_ (_**къэ**щэхун_);<br>- | -<br><br><br>-<br>- (**и**зэгъэн, хуэфI хъун) **и**хуэн, **Iу**хуэн, **къуэ**хуэн, **хэ**хуэн, **гуэ**хуэн, **щIэ**хуэн, **дэ**хуэн, **фIэ**хуэн, **пы**хуэн;<br>-<br>-<br>-<br>- щэхуэн;<br>- ухуэн/_ухуэн_; |
| - зэгъын;<br>- кIыгъын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- зэгъын;<br>-<br>- | -<br>- кIыгъэн;<br>- I_ыгъын_ ("Iэ-ы-гъэ-ы-н" ← "Iэгъэн");<br>- _**щы**гъын_ (**щы**-гъэ-ы-н);<br>- гъэгъэн;<br>- гугъэн;<br>-<br>- зэгъэн;<br>- блэгъэн; |
| - **щIы**гъун;<br>- **щIэ**гъун;<br>- _**хуэ**гъун_, _гъэгъун_, _**хуэ**гъэгъун_;<br>-<br>-<br>- | -<br>-<br>-<br>- гъуэгъуэн;<br>- фыгъуэн;<br>- бэгъуэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>- **е**гъун;<br>- ***дэ**гъун*;<br>- *дыгъун*; | - щыгъуэн;<br>-<br>- ***дэ**гъуэн*;<br>- дыгъуэн; |
| - бэгын;<br>- | - бэгэн;<br>- пэгэн; |
| - уджын;<br>- тэджын;<br>-<br>- | - уджэн;<br>-<br>- пыджэн;<br>- бзэджэн; |
| - джэгун;<br>- | - джэгуэн;<br>- ***и**гуэн*, ***Iу**гуэн*, ***къуэ**гуэн*, ***хэ**гуэн*, ***щIэ**гуэн*, ***дэ**гуэн*, ***фIэ**гуэн*, ***пы**гуэн*; |
| - ***е**дзын*; | - |
| - **къэ**жьын; - "**и**жьын, **Iу**жьын, **къуэ**жьын, **хэ**жьын, **гуэ**жьын, **щIэ**жьын, **дэ**жьын, **фIэ**жьын, **пы**жьын";<br>- *лэжьын*;<br>-<br><br>- ужьын/*ужьын*; | - "**и**жьэн, **Iу**жьэн, **къуэ**жьэн, **хэ**жьэн, **гуэ**жьэн, **щIэ**жьын, **дэ**жьэн, **фIэ**жьэн, **пы**жьэн";<br>- лэжьэн-2 (1- Iуэху щIэн; 2- жьы хъун);<br>- **е**жьэн-2 (1- хуэкIуэн пэщIэдзэ; 2- зыгуэрым пэплъэн);<br>- |
| - *хьэжын*; | - *хьэжэн*/хьэжэн; |
| - **щы**зын/***щы**зын*, **и**зын/*изын*, **Iу**зын/***Iу**зын*, **къуэ**зын/***къуэ**зын*, **хэ**зын/***хэ**зын*, **щIэ**зын/***щIэ**зын*, **дэ**зын/***дэ**зын*, **фIэ**зын/***фIэ**зын*, **пы**зын/***пы**зын*;<br>- *шэзын*;<br>- *хузын*;<br>- *къузын*;<br>- плъызын;<br>- гызын;<br>- узын;<br>-<br>- | -<br><br><br><br><br>- *шэзэн*/шэзэн;<br>- *хузэн*;<br>- *къузэн*;<br>- плъызэн;<br>- гызэн;<br>-<br>- *гъэзэн*;<br>- **хуэ**зэн; |
| - **и**щын, **къуэ**щын, **хэ**щын, **щIэ**щын, **дэ**щын, **пы**щын;<br>-<br><br>- (ипэ) **и**щын;<br>- ***фIэ**щын (цIэ фIэщын)*;<br>- *ущын*;<br>- Iущын;<br>- гъущын; | -<br><br>- ***и**щэн*, ***Iу**щэн*, ***къуэ**щэн*, ***хэ**щэн*, ***гуэ**щэн*, ***щIэ**щэн*, ***дэ**щэн*, ***пы**щэн*;<br>-<br>-<br>- *ущэн*;<br>-<br>- гъущэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>-<br>- **щы**щын; | - гъуэщэн (-лъагъуэ/щӀыпэу щыуэн);<br>- щэщэн;<br>- |
| - *ущӀын*;<br>- нэщӀын;<br>- ***хэ**щӀын*;<br>-<br>- ***хуэ**щӀын* (-пп: бжэр);<br>- *хущӀын*;<br>- *жьыщӀын*;<br>- *тхьэщӀын*;<br>- *лъэщӀын*;<br>- **дэ**щӀын;<br>- *шэщӀын*;<br>- кӀуэщӀын;<br>- *фыщӀын*;<br>- ***фӀэ**щӀын (-къыщыхъун)*;<br>- бзыщӀын/*бзыщӀын*, бзэщӀын/*бзэщӀын*;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- жэщӀын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- *тӀэщӀын*;<br>- | - *ущӀэн*;<br>-<br>- ***хэ**щӀэн* (-хэбэгъуэн);<br>- ***щы**щӀэн* (-*хэщӀ*ыныгъэ);<br>-<br>- *хущӀэн*;<br>- жьыщӀэн;<br>- тхьэщӀэн;<br>- лъэщӀэн;<br>- **дэ**щӀэн;<br>- *шэщӀэн*;<br>- кӀуэщӀэн;<br>- фыщӀэн;<br>-<br>- бзыщӀэн/*бзыщӀэн*, бзэщӀэн;<br>- ***щӀэ**щӀэн*;<br>- хъущӀэн;<br>- гъущӀэн;<br>- пхъэщӀэн;<br>- жэщӀэн;<br>- **Ӏу**щӀэн;<br>- пӀыщӀэн;<br>- *гъэщӀэн*;<br>- хьэщӀэн;<br>-<br>- ***и**щӀэн*; |
| - *(шэ) **къэ**шын, **хэ**шын, **щӀэ**шын;*<br>- къэшын (-зэн);<br>- **е**шын, **зэ**шын;<br>- ***пы**шын*;<br>-<br>- *гуэшын*; | -<br>-<br>-<br>- ***пы**шэн*;<br>- пхъэшэн;<br>- *гуэшэн*; |
| - *усын*;<br>- сысын;<br>- **нэ**сын, **къэ**сын;<br>- шэсын (шы-э-с-н), кӀэсын;<br>- ***лъы**сын* (лъэ-ы-с-н);<br>- *лъэсын*;<br>- тӀысын; **щы**сын, - "**и**сын, **Ӏу**сын, **къуэ**сын, **хэ**сын, **гуэ**сын, **дэ**сын, **фӀэ**сын, **пы**сын";<br>- | - усэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- лъэсэн;<br>-<br>- гусэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>-<br>- | - кӀуэсэн;<br>- **е**сэн, зэсэн, гъэсэн;<br>- хэсэн (- **зэ**хэсэн); |
| - **щы**лъын (щы-лъэ-ы-н), - ″**и**лъын, **Ӏу**лъын, **къуэ**лъын, **хэ**лъын, **гуэ**лъын, **щӀэ**лъын, **дэ**лъын, **фэ**лъын, **пы**лъын″;<br>- **и**лъын, (-**къи**лъын);<br>-<br>- **пы**лъын (-**зэпы**лъын);<br>-<br>- | -<br><br><br>-<br>- ***пы**лъэн*, ***фӀэ**лъэн*;<br>-<br>- лъэлъэн;<br>- псэлъэн; |
| - джылын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- | -<br>- джэлэн;<br>- лэлэн;<br>- **пы**лэн;<br>- *цӀэлэн*;<br>- *тхьэлэн*; |
| - | - ***Ӏу**лӀэн*; |
| - кӀуэдын;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- лыдын; | -<br>- джэдэн;<br>- *кудэн*;<br>- **хэ**дэн (-къыхэхыныгъэу);<br>- хуэдэн;<br>- шхыдэн;<br>- |
| - Ӏ*этын*;<br>- **щы**тын, - ″**и**тын, **Ӏу**тын, **къуэ**тын, **хэ**тын, **гуэ**тын, **щӀэ**тын, **дэ**тын, **фӀэ**тын, пытын″;<br>- *тӀэтын*;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- Ӏ*уэтын*;<br>-<br>- **къэ**тын (зыщыӀэн хуейм щымыӀэн); | -<br>-<br><br><br>- *тӀэтэн*;<br>- *утэн*;<br>- бэтэн;<br>- къутэн/*къутэн*;<br>- кӀуэтэн;<br>- *хутэн* (-***къэ**хутэн*);<br>- гъуэтэн;<br>- щэтэн;<br>- щӀытэн;<br>- *лъытэн*;<br>- лъэтэн;<br>- Ӏ*уэтэн*;<br>- Ӏ*уэтэн (-жыӀэжын)*;<br>- |
| - *пӀытӀын*; | - *пӀытӀэн*; |

| | |
|---|---|
| - | - тIэтIэн; |
| - ***и**фын, хэфын;* **щIэ***фын*;<br>- *лъэфын*;<br>- | - ***е**фэн*;<br>- *лъэфэн*;<br>- **къэ**фэн; |
| - **е**фIын, **зэ**фIын, **фIэ**фIын;<br>-<br>-<br>- *пщэфIын*; | - бжьыфIэн;<br>- *гъэфIэн*;<br>- гуфIэн;<br>- пщэфIэн; |
| - увын;<br>- цIывын;<br>- бэвын; | -<br>- цIывэн;<br>- бэвэн; |
| - *щыпын (-къэщыпын)*;<br>-<br>- | - щыпэн;<br>- *хуэпэн*;<br>- щхьэпэн; |
| - тIэпIын/*тIэпIын*;<br>- | - тIэпIэн/*тIэпIэн*;<br>- лъэпIэн (-лъапIэу щытын); |
| - *убын*;<br>- быбын;<br>- лыбын (-**къэ**лыбын);<br>-<br>-<br>-<br>- | - *убэн*/убэн;<br>- быбэн;<br>-<br>- **Iу***бэн*;<br>- Iэбэн;<br>- **е**бэн;<br>- хуэбэн; |
| - **къэ**цIын, - "**Iу**цIын, **хэ**цIын, **гуэ**цIын, **щIэ**цIын, **дэ**цIын, **фIэ**цIын, **пы**цIын;<br>-<br>- кIэцIын; | - "**и**цIэн, **Iу**цIэн, **къуэ**цIэн, **хэ**цIэн, **гуэ**цIэн, **щIэ**цIэн, **дэ**цIэн, **фIэ**цIэн, **пы**цIэн";<br>- нэцIэн;<br>- кIэцIэн; |

| | |
|---|---|
| - хущхьэн;<br>- **е**щхьын (**е**-щхьэ-ы-н), **зэ**щхьын; | -<br>- |
| - уэщхъун;<br>-<br>- Iуэщхъун; | - ущхъуэн, **къэ**щхъуэн;<br>- хущхъуэн;<br>- Iуэщхъуэн; |
| - ***хэ**тхъын, **гуэ**тхъын,* **щIэ***тхъын, **дэ**тхъын,* **пы***тхъын*; | - ***хэ**тхъэн*/**хэ**тхъэн, ***гуэ**тхъэн*/**гуэ**тхъэн, **щIэ***тхъэн*/**щIэ**тхъэн, ***дэ**тхъэн*/**дэ**тхъэн, **пы***тхъэн*/**пы**тхъэн; |
| - **щы**тхъун;<br>- | - **щы**тхъуэн;<br>- утхъуэн; |
| -<br>- | - **щIэ**пхъуэн;<br>- Iэпхъуэн; |
| - (**къе**шхын), **е**шхын; | - "**и**шхэн, **Iу**шхэн, **къуэ**шхэн, **хэ**шхэн, **гуэ**шхэн, **щIэ**шхэн, |

| | |
|---|---|
| | **дэ**шхэн, **фӀэ**шхэн, **пы**шхэн"; |
| - | - гушхуэн; |
| - утхын/*утхын*; | - утхэн/*утхэн*; |
| - | - **е**бгъэн (- игу **е**бгъэн); |
| - *убгъун*; | - *убгъуэн*; |
| -<br>- | - **и**бжьэн, **хэ**бжьэн, **щӀэ**бжьэн;<br>- лыбжьэн; |
| -<br>- | - убзэн;<br>- жэбзэн; |
| -<br><br><br><br>-<br>- **хэ**пщын (-жэщ **хэ**гъэпщ); | - **е**пщэн, **къе**пщэн, - "**и**пщэн, **Ӏу**пщэн, **къуэ**пщэн, **хэ**пщэн, **гуэ**пщэн, **щӀэ**пщэн, **дэ**пщэн, **те**пщэн, **фӀэ**пщэн, **пы**пщэн";<br>- **хэ**пщэн;<br>- |
| - *упщӀын*;<br>- ***къэ**пщӀын*;<br>- пщӀыпщӀын (-**къэ**пщӀыпщӀын);<br>-<br>- | - упщӀэн;<br>-<br>- пщӀыпщӀэн (-**зэхэ**пщӀыпщӀэн);<br>- **е**пщӀэн;<br>- **хэ**пщӀэн/***хэ**пщӀэн*; |
| - *упсын-2 {1- псыгъуэ щӀын (-теупсыкӀын); 2- пцӀы зэхэлъхьэн}*;<br>-<br>-<br>- *гъэпсын (-гъэузэдын)*; | - упсэн-2;<br><br>- упсэн (-**е**упсэн);<br>- хъуэпсэн;<br>- |
| - | - ублэн/*ублэн*; |
| - | - кӀ*ыщтэн* (← **кӀы** *щтэн*) |
| - **къэ**пщтын, **къи**пщтын; | - |
| - **и**фтын, **Ӏу**фтын, **къуэ**фтын, **хэ**фтын, **гуэ**фтын, **щӀэ**фтын, **дэ**фтын, **фӀэ**фтын, **пы**фтын; | - |
| -<br>-<br>- *упцӀын*; | - **къэ**пцӀэн; *гъэпцӀэн (-**къэ**гъэпцӀэн)*;<br>- **хэ**пцӀэн (-**зэхэ**пцӀэн);<br>- *упцӀэн (-**те**упцӀэн)*. |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ *макъитӀ зыхиубыдэу ухуагъэххэ* мы "*макъыбэ глагол*"хэр "езырыж глагол"рэ "Ӏ*уэху глагол*"хэу зэрызэщхьэщыкӀхэм нэмыщӀ, "занщӀэ глагол"рэ "**префикс**иал глагол"хэу зэрызэщхьэщыкӀхэри -мы зэрытха щӀыкӀэхэу- таблицэхэм щылъытауэ къыщыгъэлъэгъуагъэххэщ. Ауэ мыбыхэм нэмыщӀ, ипэкӀэ "*макъ глагол*"хэр "езырыж глагол"рэ "Ӏ*уэху глагол*"у зэщхьэщыкӀыу къыщыгъэлъэгъуа таблицэхэм хиубыдэхэм *теухуауэ къыхэдгъэщар*рэ къыпытщэжахэм *хуэдэхэр* (пп: мыхьэнэбэхэр, "езырыж глагол"рэ икӀи Ӏуэху глагол"у вариантитӀ зиӀэхэр, зытеухуам и щыӀэгъуэм елъытауэ зэщхьэщыкӀхэр, нэмыщӀхэри) мы "*макъыбэ глагол*"*хэм теухуауэ*

къызэрыхэгъэщыпхъэр гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, -кӀыхь дымыщӀын папщӀэ-мыбыхэм теухуауэ *мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр* къыпыщэнри *еджакӀуэхэм къахуэдгъэнэнщ*!

- Ауэ, глаголхэр я лэжьэкӀэм теухуауэ "*езырыж глагол*"рэ "*Ӏуэху глагол*"у мы зэрызэщхьэщыкӀым *нэмыщӀ*, мы гупхэм хиубыдэ *глагол гуэрхэр* я лэжьэкӀэкӀэ икӀи *нэгъуэщӀ* "*глагол гуп*"*хэу мэлъыт*эфри, мы гупхэр "**статя глагол**"рэ "**щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол**" гупхэрщ. НытӀэ, мы ипэкӀэ таблицэхэм хиубыдэу къэта *макъитӀ зыхиубыдэу зэрыухуагъэхххэк*Ӏэ "*макъыбэ глагол*"хэм щыщу *мы* зи гугъу тщӀа "*глагол гуп*"хэм хиубыдэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**Статя глаголхэр**:
- «**щы**Ӏэн, щӀыӀэн, псыӀэн, ***и***Ӏ*эн (-еинъгъэ)*, ткӀиин, ***е****ин*, ***хуе****ин*, хеин»;
- «хуэмын, щымын; щхъухьын; - Ӏ*ыгъын* ("Ӏэ-ы-гъэ-ы-н" ← "Ӏэгъэн"), ***щы****гъын** *(**щы**-гъэ-ы-н)*, пэгэн; **щы**зын/***щы****зын*, **и**зын/*изын*, **Ӏу**зын/***Ӏу****зын*, **къуэ**зын/***къуэ****зын*, **хэ**зын/***хэ****зын*, **щӀэ**зын/***щӀэ****зын*, **дэ**зын/***дэ****зын*, **фӀэ**зын/***фӀэ****зын*, **пы**зын/***пы****зын*; Ӏущын, пхъэшэн; "**щы**сын, **и**сын, **Ӏу**сын, **къуэ**сын, **хэ**сын, **гуэ**сын, **дэ**сын, **фӀэ**сын, **пы**сын"; "**щы**лъын, **и**лъын, **Ӏу**лъын, **къуэ**лъын, **хэ**лъын, **гуэ**лъын, **щӀэ**лъын, **дэ**лъын, **фэ**лъын, **пы**лъын, **пы**лъын (**зэпы**лъын), хуэдэн, "**щы**тын, **и**тын, **Ӏу**тын, **къуэ**тын, **хэ**тын, **гуэ**тын, **щӀэ**тын, **дэ**тын, **фӀэ**тын, **пы**тын", **къэ**тын, бэвын»;
- «щхьэпэн, лъэпӀэн, хуэбэн»;
- "*": икӀи "щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху глагол"щ.

**Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глаголхэр**:
- «***хэ***Ӏ*эн (игу еуэн)*»;
- «**Ӏэщ**Ӏ***э****хьэн*/Ӏ***эщ**Ӏ**ы****хьэн*, ***хуэ****фэщэн*, ***щӀэ****нын*, ***щы****хъун*, ***фӀэ****хъун*, ***хуэ****хъун*, ***пэ****хъун*, ***щы****гъын** *(**щы**-гъэ-ы-н)*, ***хуэ****гъун*, ***хэ****щӀын*, ***фӀэ****щӀын*, ***лъы****сын* (лъэ-ы-сы-н)»;
- "*": икӀи "статя глагол"щ.

**Зэрыухуагъэхххэу "макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол"у утыку къихьахэр "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"у зэрылъытэрэ зэрызэщхьэщыкӀхэм теухуауэ.**

Мы ипэкӀэ зэрыухуагъэхххэу "макъитӀ зыхэзыубыдэ глагол"хэр мы утыку къызэрихьа щӀыкӀэкӀэ "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"у зэрызэщхьэщыкӀхэм теухуа щапхъэхэр таблицэхэм хиубыдэу къэдгъэлъагъуэу, къыхэгъэщыпхъэхэри къыпытщэжащи, мыбдежми "*макъыбэ глагол*"хэу "**макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ глагол**"хэр "езырыж глагол"рэ "*Ӏуэху глагол*"у зэрызэщхьэщыкӀхэм теухуа щапхъэхэри –мы зэрытха щӀыкӀэхэу- таблицэхэм къыщыдгъэлъагъуэу, къыхэгъэщыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **Зэрыухуагъэххэу оригиналу -"ы"кӀэ-къэӀуу утыку къихьа "макъыбэ (макъитӀ нэхъыбэ) глагол"хэр** | **Зэрыухуагъэххэу "э"кӀэ къэӀуу утыку къихьа "макъыбэ (макъитӀ нэхъыбэ) глагол"хэр** |
|---|---|
| - гушыӀэн;<br>- увыӀэн; | -<br>- |
| - кӀуриин, укӀуриин;<br>- *дриин*;<br>- **е**гиин;<br>- *къуэдиин*, *укъуэдиин*/укъуэдиин; | -<br>-<br>- |
| - кӀуриен;<br>- *дриен*;<br>- **е**гиен;<br>- *укъуэдиен*/укъуэдиен;<br>------------------------------------------------<br>- Ӏуеин;<br>- ***щӀе**ин (-гъэщӀеин)*;<br>- **дэ**уеин; ***дэ**хуеин; **дэ**гъэзеин*;<br>- ***е**упсеин*;<br>- бырсеин;<br>- фтыреин, уфтыреин;<br>- пӀейтӀеин;<br>- **къэ**укъубеин;<br>- укъуеин;<br>- **къэ**къеин;<br>- ***е**гъэлеин*;<br>- хьэулеин;<br>- ухъуреин/*ухъуреин*;<br>- *угъуеин* (-***къэ**угъуеин*);<br>- уфӀеин;<br>- нэщхъеин; | -<br>-<br>-<br>-<br>---------------------------------------------<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |
| - **е**жьуун, **дэ**жьуун;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- **зэ**пыуун; | -<br>- пӀэтӀэуэн;<br>- лъэкъуэуэн, **е**лъэкъуэуэн;<br>- **е**нэпэуэн;<br>- **е**тхэуэн;<br>- Ӏэуэлъэуэн;<br>- |
| - упщӀыӀун;<br>- | -<br>- **гуры**Ӏуэн/***гуры**Ӏуэн* (***къыгуры**Ӏуэн*); |

| | |
|---|---|
| - гурымын;<br>- | - гурымэн;<br>- гъумэтӀымэн; |
| - *ухуэнын*/ухуэнын; | - *ухуэнэн*/ухуэнэн; |

| | |
|---|---|
| - уцӀынын, *гъэуцӀынын*;<br>-<br>- *упцӀэнын*;<br>- *удынын*;<br>- угъуэнын/*угъуэнын*; | -<br>- **зэ**Ӏынэн;<br>-<br>-<br>- |
| -<br>-<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- *__къэ__кӀухьын*;<br>- **е**пщӀыхьын;<br>- **хэ**шыпсыхьын;<br>- *__икъу__хьын*/**икъу**хьын;<br>- *__къэ__ухъуреихьын*;<br>- *__къэ__хухьын*; | - *__и__лъхьэн*, *__Ӏу__лъхьэн*, *__къуэ__лъхьэн*, *__хэ__лъхьэн*, *__гуэ__лъхьэн*, *__щӀэ__лъхьэн*, *__дэ__лъхьэн*, *__фӀэ__лъхьэн*, *__пы__лъхьэн;* *__пщэры__лъхьэн*;<br>- **щхьэщы**хьэн;<br>- **зэ**Ӏыхьэн;<br>- *__зе__хьэн*;<br>- *__лъэщӀы__хьэн*, *__кӀэщӀэ__хьэн*, *__кӀэлъыщӀэ__хьэн*;<br>- **ӀэщӀэ**хьэн - ӀэщӀыхьэн;<br>-<br>-<br>- **хэ**шыпсыхьэн;<br>-<br>-<br>- |
| - **е**тӀыркъын;<br>- фтэрэкъын, уфтэрэкъын;<br>- *__зы__гъэкъын*; | - **е**тӀыркъэн;<br>-<br>- |
| - **е**ныкъуэкъун; **зэ**ныкъуэкъун;<br>-<br>- **дэ**Ӏэпыкъун;<br>-<br>-<br>-<br>- **ири**къун, **хури**къун**;<br>-<br>- | - ныкъуэкъуэн, - **е**ныкъуэкъуэн, **зэ**ныкъуэкъуэн;<br>-<br>- *__зэщӀэ__къуэн*;<br>- *__щӀэ__гъэкъуэн*, *__зыщӀэ__гъэкъуэн*;<br>- **хуэ**ныкъуэн;<br>-<br>- *уныкъуэн*;<br>- щхьэукъуэн; |
| - **къи**кӀыкӀын;<br>- *__хэ__щӀыкӀын-2 (1- зыдыхэтым къыхэчын; 2- щӀэныгъэу хуэщыгъуазэ)*;<br>- пӀэнкӀын, упӀэнкӀын;<br>- *пхъэнкӀын*;<br>- *__те__щӀыкӀын (щапхъэм къытещӀыкӀын)*;<br>- уфэрэкӀын, ублэрэкӀын;<br>- **зэ**фӀэкӀын-2 (1- зэрыхъун хуей хъун; 2- зыр зым пыкӀын);<br>- **зэблыры**кӀын; **зэбгыры**кӀын;<br>- **кӀэры**кӀын-2 (1- иужь икӀын; 2- зыкӀэрынам хэкӀын); | -<br>-<br>- пӀэнкӀэн, упӀэнкӀэн;<br>- пхъэнкӀэн;<br>-<br>-<br>-<br>-<br>- |

| | |
|---|---|
| - ***е***_шэкIын_; ***зэ***_шэкIын_;<br>- **е**пIэщIэкIын;<br>- **е**лъэдэкъэщыкIын;<br>- ***е***_удэкIын-2 (1- физикэу; 2- псалъэкIэ)_;<br>-<br><br><br>- ***зэ***_дзэкIын-2 (1- зэпыгъэзэн; 2- тэрмэш щIын)_;<br>- хъуэпскIын;<br>-<br>-<br>- _гъэпскIын_;<br>- **зэIы**кIын; | -<br>- **е**пIэщIэкIэн;<br>-<br>-<br>- ***и***_укIэн_, ***Iу***_укIэн_, ***къуэ***_укIэн_, ***хэ***_укIэн_, ***гуэ***_укIэн_, ***дэ***_укIэн_, ***те***_укIэн_, ***фIэ***_укIэн_, ***пы***_укIэн_;<br>-<br><br>- хъуэпскIэн;<br>- ***щIэ***_упскIэн_;<br>- **къэ**скIэн;<br>-<br>- |
| - _гъэпщIкIун_;<br>- _гъэныщIкIун_;<br>-<br>- пIыщкIун, упIыщкIун;<br>- пIэскIун; | -<br>-<br>- **е**фIэкIуэн;<br>- пIыщIкIуэн, упIыщкIуэн;<br>- пIэскIуэн; |
| **-** | - псчэн; |
| - | - тIэсхъэн, утIэсхъэн; |
| - псэлъыхъун;<br>-<br>- унэхъун; | - псэлъыхъуэн;<br>- кIэрэхъуэн;<br>- |
| - ***зэхэ***_хын_;<br>- ***е***_гъэхын_, ***е***_дырэхын_, ***е***_гъэдырэхын_;<br>- ***зэIы***_хын_; | -<br>-<br>- |
| - ***зэхэ***_хун_;<br>- унэхун/_унэхун_, _гъэунэхун_;<br>- узэхун/_узэхун_;<br>- _ущэхун_;<br>- _убзыхун_; | -<br>-<br>- узэхуэн/_узэхуэн_;<br>-<br>- |
| - **е**зэгъын;<br>- кIыргъын;<br>- бэлэрыгъын;<br>-<br>- | -<br>- кIыргъэн;<br>- бэлэрыгъэн;<br>- ***щы***_тIэгъэн_;<br>- **е**бгъэн; |
| -<br>- **е**гугъун;<br>- _ужэгъун_; | - _гъэщIэгъуэн_;<br>-<br>- |
| -<br>-<br>- | - сэхъуджэн;<br>- **е**хъурджэн;<br>- сымэджэн; |
| - | - **хыфIэ**дзэн; |

| | |
|---|---|
| - *убэрэжьын*;<br>- | - *убэрэжьэн*;<br>- пӀэжьэжьэн; |
| - ***фӀэ****гъэжсын*;<br>- унэжын; | -<br>- |
| -<br>-<br>- кӀэзызын;<br>- джэрэзын; уфэрэзын;<br>- ***е****гъэзын*;<br>- | - ***е****Ӏэзэн*;<br>- унэзэн (щхьэр кӀэрэхъуэн);<br>-<br>- джэрэзэн; уфэрэзэн;<br>-<br>- **щы**гъуэзэн; **лъы**гъуэзэн, **кӀэлъы**гъуэзэн; |
| - **е**Ӏущэщын;<br>- **е**пэщэщын;<br>- **е**улъэпхъэщын;<br>- | - Ӏущэщэн, **е**Ӏущэщэн;<br>- **е**пэщэщэн;<br>- лъэпхъэщэн, улъэпхъэщэн;<br>- ***хуэ****фэщэн*; |
| - *ухъуэнщӀын*;<br><br>- *тхъунщӀын*;<br>- *унэщӀын*;<br>- *гъэнщӀын*, ***зы****гъэнщӀын*;<br>- *хуэнщӀын; ухуэнщӀын*;<br>- *уплӀэнщӀын*/упӀэнщӀын;<br>-<br>- ***и****щӀыкӀын*, ***зэпы****щӀыкӀын*;<br>-<br>- ***зыпы****щӀын*, ***зыпы****щӀыжын*;<br>- узэщӀын/*узэщӀын*;<br>- *убзыщӀын*/убзыщӀын;<br>- *удыныщӀын*;<br>- **е**ӀунщӀын;<br>- | - *хъунщӀэн*/хъуэнщӀэн; *ухъуэнщӀэн*/ухъуэнщӀэн;<br>- *тхъунщӀэн*/тхъунщӀэн;<br>- *унэщӀэн*;<br>-<br>- *ухуэнщӀэн*/ухуэнщӀэн;<br>- *уплӀэнщӀэн*/уплӀэнщӀэн;<br>- **е**дэхэщӀэн;<br>-<br>- **зэӀы***щӀэн*;<br>-<br>- узэщӀэн/*узэщӀын*;<br>- *убзыщӀэн*/убзыщӀэн;<br>- *удыныщӀэн*;<br>-<br>- *гъэзэщӀэн*; |
| - укъуэншын/*укъуэншын*;<br>- **къэ**ушын;<br>- | - къуэншэн, - укъуэншэн;<br>-<br>- узыншэн; |
| - ***е****пэсын*, **зэ***пэсын*;<br>- ***е****гупщысын*;<br>-<br>- **нэ***хьэсын*;<br>- ***зэхуэ****хьэсын*;<br>- **кӀэлъы**сын; | -<br>- гупщысэн (- гупсысэн);<br>- **е**уэсэн;<br>-<br>-<br>-<br>- **е**гъусэн, **зэ**гъусэн; |
| -<br>-<br>- | - мэжэлӀэн;<br>- **е**жэлӀэн;<br>- **е**лӀэлӀэн; |

| | |
|---|---|
| -<br>-<br>- *__е__IулIын; __е__гулIын*; | - **е**хъулIэн;<br>- **е**уэлIэн, **зэ**уэлIэн;<br>- *__е__IулIэн; __е__гулIэн*; |
| -<br>- *__и__удын*;<br>- *__Iу__удын, __къуэ__удын, __хэ__удын, __гуэ__удын, __щIэ__удын, __дэ__удын, __те__удын, __фIэ__удын, __пы__удын*;<br>- *__зэ__пыудын*;<br>- *__зэIы__удын*;<br>-<br>- *узэдын*/узэдын;<br>- *убыдын*; | - *гъэбыдэн*;<br>-<br>-<br><br><br>-<br>-<br>- *__и__удэн; __хэ__удэн, __щIэ__удэн, __те__удэн*;<br>- *узэдэн*/узэдэн;<br>- |
| -<br>-<br>- *__къэ__гъуэтын*, - *__щы__гъуэтын*;<br><br><br><br>- *__и__кIутын*/**и**кIутын;<br><br><br>- **и**кIуэтын;<br>-<br>- *__щIэ__стын, __щIэ__гъэстын*;<br>-<br>- *__щы__гъэтын*; | - *упщIэтэн*;<br>- укIытэн;<br>- ″*__и__гъуэтэн, __Iу__гъуэтэн, __къуэ__гъуэтэн, __хэ__гъуэтэн, __гуэ__гъуэтэн, __щIэ__гъуэтэн, __дэ__гъуэтэн, __те__гъуэтэн, __фIэ__гъуэтэн, __пы__гъуэтэн*″;<br>- *__и__кIутэн*, - ″*__Iу__кIутэн, __къуэ__кIутэн, __хэ__кIутэн, __гуэ__кIутэн, __щIэ__кIутэн, __дэ__кIутэн; __те__кIуэтэн, __фIэ__кIутэн, __пы__кIутэн*;<br>-<br>- *__къэ__хутэн*;<br>-<br>- *убзытэн*;<br>- |
| -<br>- унэтIын/*унэтIын*; | - *Iуэнт*Iэн;<br>- |
| -<br>-<br>- **къэ**цыфын; ″**и**цыфын, **Iу**цыфын, **къуэ**цыфын, **хэ**цыфын, **щIэ**цыфын, **дэ**цыфын, **те**цыфын, **фIэ**цыфын, **пы**цыфын″; | - удэфэн;<br>- *__щIэ__уфэн*/щIэуфэн, *__те__уфэн*;<br>- ″**и**цыфэн, **Iу**цыфэн, **къуэ**цыфэн, **хэ**цыфэн, **щIэ**цыфэн, **дэ**цыфэн, **те**цыфэн, **фIэ**цыфэн, **пы**цыфэн″; |
| -<br>- укIыфIын/*укIыфIын*; ункIыфIын/*ункIыфIын*; | - фIэрэфIэн, уфIэрэфIэн; гурыфIэн;<br>- |
| -<br>- **зэ**гуэпын; | - лъэпэрэпэн;<br>- |
| -<br>-<br>- уцIэпIын/*уцIэпIын*; | - пIэрэпIэн, - упIэрэпIэн;<br>- бэмпIэн (:бэмыпIэн);<br>- уцIэпIэн/*уцIэпIэн*; |

| | |
|---|---|
| -<br>- *ущэбын*; | - ***те****пІэн*;<br>- *ущэбэн*; |
| -<br>- уфІыцІын/*уфІыцІын*; | - **е**цІэцІэн;<br>- уфІыцІэн/*уфІыцІэн*; |

| | |
|---|---|
| - *гъэщхъын*; | - |
| - удэрэщхъун; | - удэрэщхъуэн; |
| - пІэстхъын, - ″**е**пІэстхъын, **зэ**пІэсхъын″;<br><br>- **зэІы**тхъын/***зэІы****тхъын*; | - ″пІэстхъэн; **е**пІэстхъэн, **зэ**пІэстхъэн″;<br>- **зэІы**тхъэн/***зэІы****тхъэн*; |
| - | - цІэнтхъуэн; |
| - дэхьэшхын;<br>- | -<br>- жьэгъуэшхэн; |
| - *убжьытхын*; | - убжьытхэн; |
| - | - удэрэбжьэн; |
| - *укъэбзын*;<br>-<br>- ушыбзын/*ушыбзын*; ушэбзын/*ушэбзын*; | - *укъэбзэн; гъэкъэбзэн*;<br>- бзэрэбзэн, убзэрэбзэн;<br>- ушыбзэн/*ушыбзэн*; ушэбзэн/*ушэбзэн*; |
| -<br><br><br><br>-<br>- *утІыпщын*;<br>- ***хэ****гъэпщын*; | - **е**пщэн, **къе**пщэн, - ″**и**пщэн, **Іу**пщэн, **къуэ**пщэн, **хэ**пщэн, **гуэ**пщэн, **щІэ**пщэн, **дэ**пщэн, **те**пщэн, **фІэ**пщэн, **пы**пщэн;<br>- **щы**гъупщэн;<br>-<br>- |
| - *утхыпщІын*; | - *утхыпщІэн*/утхыпщІэн;<br>- ***кІэры****пщІэн*; |
| - **е**гушыпсын; | - гушыпсэн; |
| - *упэмцІын – упэпцІын*; | - *упэмцІэн – упэпцІэн*; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Къызэрыхъуа щІыкІэкІэ *макъитІ нэхъыбэ зыхиубыдэу ухуагъэххэ* мы ″*макъыбэ глагол*″хэр ″езырыж глагол″рэ ″*Іуэху глагол*″хэу зэрызэщхьэщыкІхэм нэмыщІ, ″занщІэ глагол″рэ ″**префикс**иал глагол″хэу зэрызэщхьэщыкІхэри -мы зэрытха щІыкІэхэу- таблицэхэм щылъытауэ къыщыгъэлъэгъуагъэххэщ. Ауэ мыбыхэм нэмыщІ, ипэкІэ ″*макъ глагол*″хэр ″езырыж глагол″рэ ″*Іуэху глагол*″у зэщхьэщыкІыу къыщыгъэлъэгъуа таблицэхэм хиубыдэхэм *теухуауэ къыхэдгъэща*рэ къыпытщэжахэм *хуэдэхэр* (пп: мыхьэнэбэхэр, ″езырыж глагол″рэ икІи ″Іуэху глагол″ вариантитІ зиІэхэр, зытеухуам и щыІэгъуэм теухуауэ зэрызэщхьэщыкІхэр, нэмыщІхэри) мы ″*макъыбэ глагол*″*хэм теухуауэ* къызэрыхэгъэщыпхъэр гурыІуэгъуэнщи, -кІыхь дымыщІын папщІэ- мыбыхэм теухуауэ *мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр* къыпыщэнри *еджакІуэхэм къахудгъэнэщ*!

- Ауэ, глаголхэр я лэжьэкӀэм теухуауэ *"езырыж глагол"*рэ *"Ӏуэху глагол"*у мы зэрызэщхьэщыкӀым *нэмыщӀ*, мы гупхэм хиубыдэ *глагол гуэрхэр* я лэжьэкӀэкӀэ икӀи *нэгъуэщӀ "глагол гуп"хэу мэлъыт*эфри, мы гупхэр **"статя глагол"**рэ **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"**хэрщ. НытӀэ, мы ипэкӀэ *макъитӀ нэхъыбэ зыхэзыубыдэ "макъыбэ глагол"*хэм щыщу *мы* зи гугъу тщӀа *"глагол гуп"хэм щыщхэр*и мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| **Статя глаголхэр**:<br>«нэщхъеин; **икъу**хьын; сымэджэн; **хуэ**фэщэн; узыншэн»; |
| **Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глаголхэр**:<br>«***гуры***Ӏ*уэн* (***къыгуры***Ӏ*уэн*); **ӀэщӀэ***хьэн*/**ӀэщӀы***хьэн*; ***хуэ****фэщэн;* ***кӀэры****пщӀэн*». |

***

Мыбы нэгъунэ, утыку къызэрихьа щӀыкӀэхэм теухуа глаголхэр "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"уи зэрызэщхьэщыкӀым щыгъуазэ дыхуэхъуу икӀи таблицэхэм мыпхуэдэу зэрыхэлъытауэ къыщыдгъэлъагъуэу, нэгъуэщӀ гуэрхэри къахухэдгъэщащ. Аращи, *"макъ глагол"*хэмрэ *"макъыбэ занщӀэ глагол"*хэм икӀи зэрыухуагъэххэу *"префиксиал глагол"*у утыку къихьахэр таблицэхэм къыщыдгъэлъагъуэу, ахэр *"езырыж глагол"*рэ *"Ӏуэху глагол"*у зэрызэщхьэщыкӀхэр къыхэдгъэщу, тежыӀыхьыпхъэхэри къыпытщэжащ.

НытӀэ, мы зи гугъу тщӀа глагол лӀэужьыгъуэхэм *иужькӀэ къэхъуа "префиксиал глагол"*хэр зэры*химыубыд*эри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, таблицэхэм къыщыдгъэлъэгъуа щапхъэхэм *"занщӀэ глагол"хэм "префикс" къащтэу "префиксиал глагол"* къатехъукӀхэм теухуа щапхъэхэр зэры*химыубыд*эр гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ икӀи, иужькӀэ "префикс" къащтэу ухуа мы "префиксиал глагол"хэри "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"у зэрызэщхьэщыкӀ щӀыкӀэхэри мы ипэкӀэ таблицэхэм къыщыта щапхъэхэм хуэдэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, *"занщӀэ глагол"*ыр *"езырыж"рэ "Ӏуэху"* лӀэужьыгъуэу зэрыщытыр *зэхъуэкӀкъым* абы *"префикс"* къыщищтэм дежми, нытӀэ, *"занщӀэ глагол"у "префикс"* къащтэу *"префиксиал глагол"у ухуэжа*хэр *"езырыж глагол"*рэ *"Ӏуэху глагол"*у *зэрызэщхьэщык*Ӏым теухуауэуэ мыбдежым *щхьэхуэ*у зы *лэжьыгъэ* къегъэкӀуэкӀын *хуэныкъуэнкъым*.

Аращи, "префиксиал глагол"ыр ухуагъэххэу утыку къырехьэ е "занщӀэ глагол"ым "префикс" къиищтэу иужькӀэ "префиксиал глагол"у иреухуэ, дэтхэнэ зы *глагол* лӀэужьыгъуэри *"езырыж"рэ "Ӏуэху"* лӀэужьыгъуэу *зэрызэщхьэщык*Ӏхэр абыхэм *я мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэращ*

*зэлъытари*, мыбдежым ухуагъэхххэу утыку къихьэ ″префиксиал глагол″хэм теухуауэ къэтхьа щапхъэхэр икӀи иужькӀэ -″занщӀэ глагол″хэм ″префикс″ къащтэу- ухуэжа ″префиксиал глагол″хэми теухуарэ хуэдэу зэрылъытапхъэм папщӀэ, абыхэм папщӀи щхьэхуэу щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэн хуэныкъуэкъым.

## ″ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ″РЭ ″ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМРЭ, ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мыпхуэдэ лэжьыгъэр глаголхэр класификацэ зэрытщӀа щӀыкӀэхэм теухуауэ къызэрегъэкӀуэкӀыпхъэр гурыӀуэгъуэнщи, ″езырыж глагол″рэ ″Ӏуэху глагол″хэр дэтхэнэ зы класификацэм елъытауэ и кӀуэцӀкӀэ зэрызэщхьэщыкӀым теухуа щапхъэхэр къэтхьу, дэтхэнэ зыр адрейхэм зэрелъытапхъэу къазэрыщхьэщыкӀми щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейр гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэр кӀыхь дыдэ зэрыхъунур гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, ″езырыж глагол″рэ ″Ӏуэху глагол″ лэжьэкӀэхэмрэ ахэр зэрызэлъытапхъэхэм щыгъуазэ хуэхъун папщӀэ, мыдежым къыщедгъэкӀуэкӀыну лэжьыгъэр мы зи гугъу тщӀы дэтхэнэ зы лэжьыгъэм щапхъэ зэрыхуэхъуным тегъэпсыхьауэ щытыныр игъуэщ.

Ар щыхъукӀи, нытӀэ, глагол лӀэужьыгъуэу япэу утыку къихьа ″макъ глагол″хэр ″езырыж глагол″рэ ″Ӏуэху глагол″у ипэкӀэ зэщхьэщыдгъэкӀахэм я лэжьэкӀэ щапхъэхэр къэтхьу зэрызэлъытапхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуныр зэрыигъуэри гурыӀуэгъуэнщ. ″Макъ глагол″хэр ″макъыбэ глагол″хэм ипэ къихуэу къэхъуарэ икӀи я лъабжьэу зэрыщытхэм ипкъ зэриткӀэ, я лэжьэкӀэрэ зэрызэлъытэкӀэхэр ″макъыбэ занщӀэ глагол″хэми я лэжьэкӀэрэ зэрызэлъытапхъэхэм щапхъэ язэрыхуэхъунури гурыӀуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу дызыхэхьа лэжьыгъэр икӀи лъабжьэм къыщыщӀидзауэ зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщи, мы лэжьыгъэм къыхэхъукӀ лэжьыгъэ лӀэужьыгъуэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъкӀэрэ лэжьыгъэр къыпытщэжу къедгъэкӀуэкӀыныр игъуэщ. Аращи, -псалъэм папщӀэ- лэжьыгъэр къыщыщӀэддза ″макъ глагол″хэм -″езырыж макъ глагол″рэ ″Ӏуэху макъ глагол″хэм- ″префикс″ къащтэу къатехъукӀ ″префиксиал глагол″хэми -″езырыж префиксиал глагол″рэ ″Ӏуэху префиксиал глагол″хэми- я лэжьэкӀэхэмрэ зэрызэлъытапхъэхэм икӀи мы глагол гупхэр я лэжьэкӀэхэм

елъытауэ и кӏуэцӏкӏи зэрызэщхьэщыкӏхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуу лэжьыгъэм къыпыщэжу мы лэжьыгъэ дызыпэублар къедгъэкӏуэкӏыныр тфӏэигъуэщ.

## ″ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩӀЭ -МАКЪ- ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ ″ӀУЭХУ ЗАНЩӀЭ -МАКЪ- ГЛАГОЛ″ХЭР Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМКӀЭ ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭР

Нытӏэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэм щапхъэ хуэхъун папщӏи, ″*занщӏэ глагол*″ *лӏэужьыгъуэ* **″макъ глагол″**хэр **″езырыж глагол″**рэ **″ӏуэху глагол″**у зэщхьэщыкӏыу *зэрылъыта*рэ абыхэм я ″*лэжьэкӏэу ухуа псалъэ*″хэри *псалъэухыгъэкӏэ къызэрыӏуатэ* щапхъэхэр зыхэзыубыдэ *таблицэхэр* мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, ахэр зэрызэлъытапхъэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ, мыбдежым къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр щыӏэщи, ″езырыж глагол″хэмрэ ″ӏуэху глагол″хэм хиубыдэ ″щхьэ″хэр зэрылъытэну щӏыкӏэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, ахэр зэрытхыну щӏыкӏэхэри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Нытӏэ, **″езырыж глагол″**хэм я **″субъект″**хэри **″езырыж″** лӏэужьыгъуэу зэрыщытынур къыхэгъэщыпхъэщ. Аращи, ″езырыж глагол″хэм я ″лэжьэкӏэу ухуа псалъэ″хэм ″субъект″хэр ″езырыж″ лӏэужьыгъуэу мы къызэрыхэщыну щӏыкӏэр икӏи ахэр къызэрыӏуатэ *псалъэухыгъэхэми къызэрыхэщ*ыну щӏыкӏэу зэрыщытынури гурыӏуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэр -″езырыж″ лӏэужьыгъуэ ″субъект″хэр- таблицэхэм мы зэрытха щӏыкӏэу -нормалу- тхауэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Мы къэтӏуэтахэми гурыӏуэгъуэ къызэрищӏщи, ***″ӏуэху глагол″***хэм я ***″субъект″***хэри ***″ӏуэху″*** лӏэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщи, нытӏэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри таблицэхэм *италик*эу тхауэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

″ӏ*уэху глагол*″хэр зы ″объект″ым зэрытелэжьыххьыр ипэкӏи щыжытӏагъащи, ″ӏ*уэху глагол*″хэм я ″*субъект*″хэр ″ӏ*уэху*″ лӏэужьыгъуэ зэрылъытауэ мы *зыпыщӏа*рэ зытелэжьыхь ″ӏуэхугъуэ″ри зы **″объект″**у а зэрыщыткӏэрэ -зэрыигъуэщи- **″езырыж″**у зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, ипэкӏэ ″езырыж″ лӏэужьыгъуэ ″субъект″хэр

зэрытхам хуэдэу, "объект"у щыт мы "езырыж" лӏэужьыгъуэри мы зэрытха щӏыкӏэу -нормал тхэкӏэу- къэдгъэлъэгъуэнщ.

Ипэкӏи зэрыжытӏауэ, "езырыж глагол" нэхъыбэр "*дополненэншэ*"у щытми, "езырыж глагол" гуэрхэм "*дополненэ*"*и къыхощ*ри, глагол лэжьэкӏэхэм теухуа щапхъэхэр къыщытхькӏэ мыбыхэми гулъытэ яхуэтщӏынщ. Зэрыжытӏауэ, "езырыж глагол"хэм я "субъект"ыр "езырыж"ущ зэрылъытэри, мыпхуэдэу "езырыж"у утыку къихьэр *зытеухуу*эрэ абы *хиубыдэ*у гъэзащӏэ ***ӏуэху*** *лӏэужьыгъуэщ* "***дополненэ***"у лъытэхэр. Икӏи, "*езырыж занщ*ӏэ *-макъ- глагол" гуэрхэм* я лэжьэкӏэхэм "*дополненэ*" зэрыз*ыхаубыдэф*ым хуэдэжу, "ӏ*уэху занщ*ӏэ *-макъ- глагол*" *гуэрхэми* я лэжьэкӏэхэм "*дополненэ*" зэрыз*ыхаубыдэф*ри гурыӏуэгъуэщ. Дауи, ар "езырыж глагол"у е "ӏуэху глагол"у щырет, зи *лэжьэк*ӏ*эр зытеухуу*эрэ *зыхуэунэт*ӏыр *зэрылъытэр*щ "*дополненэ*" жыхуэтӏэри, ари мы *глагол лэжьэк*ӏ*эхэм* зы "ӏ*уэху*" лӏэужьыгъуэу *утыку къыригъэхь*эрщ.

Нытӏэ, мы зэрыжытӏауэ "*дополненэ*"хэри "ӏ*уэху*" лӏэужьыгъуэхэрщи, ахэри *италик*эу тхауэ къыхэгъэщыныр игъуэщ; ауэ икӏи "ӏ*уэху глагол*"хэм я -"ӏ*уэху*" лӏэужьыгъуэ- "*субъект*"хэми хэмыгъуэщэн папщӏэ, я лъабжьэри щӏэтхъауэ къыхэдгъэщынри игъуэщ "*<u>дополнэнэ</u>*"хэр.

Ауэ икӏи къыхэгъэщыпхъэщ мы зи гугъу тщӏа "*субъект*, объект, *<u>дополненэ</u>*" жыхуэтӏэхэр глагол лэжьэкӏэхэр *псалъэухыгъэ*у къызэрыӏуатэ щӏыкӏэхэм хиубыдэ "*щхьэ*" лӏэужьыгъуэхэу зэрылъытэри, нытӏэ, мыхэр икӏи "*глагол лэжьэк*ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэми зыгуэркӏэ щызэрых*элъытапхъ*эр гурыӏуэгъуэнщ. Аращ икӏии, мы зи гугъу тщӏы "*субъект*, объект, *<u>дополненэ</u>*" лӏэужьыгъуэ "*щхьэ*"хэр "*глагол лэжьэк*ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм "*префикс*" лӏэужьыгъуэхэу зэры*хэлъытапхъ*эхэр гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэу зэрыщытри къэтхьыну щапхъэхэми хэплъэгъуэнщ. Ауэ икӏи, ипэкӏэ къэтӏуэтахэми къызэрыхэщу, "*глагол лэжьэк*ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм мы "*префикс*" лӏэужьыгъуэу *хэлъыта*хэм (*субъект*, объект, *<u>дополненэ</u>*) *дэтхэнэ зыр* псалъэухыгъэм "*щхьэ*"жу зэрылъытэу -пп, "цӏэпапщӏэ"у-къызэрыӏуатэри ди гурыӏуэгъуэщи, нытӏэ, мы лэжьыгъэр нэхъ гурыӏуэгъуафӏэ зэрытхуэхъуну щӏыкӏэри мы "*щхьэ*"*хэр* "*ещанэ щхьэ*" лӏэужьыгъуэхэу зэрылъытэкӏэрэщ. Мыбы щхьэусыгъуэфӏхэр иӏэщи, "*ещанэ щхьэ*" лӏэужьыгъуэ "*субъект*"ым теухуа "*глагол лэжьэк*ӏ*эу ухуэ псалъэ*" *зэпкъырыувэк*ӏэр "*объектив*" лӏэужьыгъуэу зэрыщытыр мыпхуэдэ зы щхьэусыгъуэфӏщ; мыпхуэдэу зэрыщытым ипкъ зэриткӏи, *псалъэухыгъэ*хэм "*ещанэ щхьэ*"хэр

"езырыж"рэ "l*уэху*" лlэужьыгъуэу зэрыщытыр *къыхэщу холэжьыхь*ри, икlи, "*ещанэ щхьэ*"хэр "*цlэпапщl*э"у зэрылъытэ щlыкlэхэри "езырыж"рэ (ар, ахэр) "l*уэху*" (*абы, абыхэм/ахэм*) лlэужьыгъуэущ.

Нытlэ, мы къыхэгъэщыпхъэу зи гугъу тщlахэр зэрылъытэну щlыкlэу, "*макъ глагол*" лlэужьыгъуэхэу щыт "*езырыж глагол*"рэ "l*уэху глагол*"хэр "*ещанэ щхьэ*"м теухуа "*ит зэманыгъуэ*" лэжьэкlэхэр къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэхэм* "*субъект, объект,* <u>*дополнен*э</u>"хэр "*ещанэ щхьэ цlэпапщl*э"хэу зэрыхиубыдэм теухуа щапхъэхэр мы илъабжьэм таблицэхэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"Макъ гл."хэр "езырыж"рэ "l*уэху*" лlэужьыгъуэхэу** | **Я лэжьэкlэхэмрэ, хиубыдэ "щхьэ"хэр "ещанэ щхьэ" цlэпапщlэхэу** |
|---|---|
| - *Ин* → | - «*абы ей – абы* ар *ей*»; |
| - Ун<br>- Уэн (ууэ щытын) →<br>------------------------------------<br>- Уэн (-еуэн) | - «ар мэу – ар <u>*абы*</u> мэу»;<br>- «ар мауэ – ар <u>*абы*</u> мауэ»;<br>----------------------------------------------------------<br>- «ар мауэ – ар <u>*абы*</u> мауэ»; |
| - lун/l*ун* →<br><br>- lуэн/l*уэн* →<br>(lууэ щытын – l*уэ зэпытын*)<br>------------------------------------<br>- l*уэн*/lуэн (мэкъу-мэш) → | - «ар мэlу – ар <u>*абы*</u> мэlу» / «*абы е*l*у – абы* ар *е*l*у*»;<br><br>- «ар маlуэ – ар <u>*абы*</u> маlуэ» / «*абы е*l*уэ – абы* ар *е*l*уэ*»;<br>----------------------------------------------------------<br>- «*абы е*l*уэ – абы* ар *е*l*уэ*» / «ар маlуэ»; |
| - *Хьын* → | - «*абы* ар *ехь*»; |
| - Кlын →<br>- Кlэн (кlыуэ щытын) → | - «ар мэкl»;<br>- «ар макlэ»; |
| - Кlуэн → | - «ар макlуэ – ар <u>*абы*</u> макlуэ»; |
| - Чын – *Чын* (лъэбакъуэ) →<br>- Чэн (чыуэ щытын) - "-" → | - «ар мэч» - «*абы еч – абы* лъэбакъуэ (ар) *еч*»;<br>- «ар мачэ»; |
| - Хъун → | - «ар мэхъу»; |
| - *Хун* → | - «*абы еху – абы* ар *еху*»; |
| - Гъын → | - «ар магъ»; |
| - Гъун → | - «ар мэгъу»; |
| - Джын/*Джын* →<br>- Джэн →<br>(*джыуэ*/джыуэ щытын)<br>------------------------------------<br>- Джэн (макъ lэтауэ къэlуэн) → | - «ар мэдж» / «*абы едж – абы* ар *едж*»;<br>- «ар маджэ»;<br><br>----------------------------------------------------------<br>- «ар маджэ – ар <u>*абы*</u> маджэ»; |
| - *Дзын* → | - «*абы едз – абы* ар *едз*»; |
| - *Жьын* →<br>------------------------------------<br>- Жьэн (мафlэкlэ) → | - «*абы ежь – абы* ар *ежь*»;<br>----------------------------------------------------------<br>- «ар мажьэ»; |

| | |
|---|---|
| - Жын →<br>------------------------------------<br>- Жэн (псынщlэрыкlуэн) → | - «ар мэж»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «ар мажэ – ар абы мажэ»; |
| - *Зын*<br>-------------------------------------<br>- Зэн (гъэзэн) → | - «*абы ез – абы* ар *ез*»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «ар мазэ»; |
| - (нэху) Щын – (цы) *Щын* → | - «ар (нэху) мэщ» - «*абы ещ – абы* ар *ещ*»; |
| - *Щlын* →<br>- *Щlэн (щlыуэ щытын)* →<br>------------------------------------<br>- *Щlэн (щlэныгъэу)* → | - «*абы ещl – абы* ар *ещl*»;<br>- «*абы ещlэ – абы* ар *ещlэ*»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «*абы ещlэ – абы* ар *ещlэ*»; |
| - Шын (дзэр) →<br>-------------------------------------<br>- *Шэн* → | - «ар (дзэр) мэш»;<br>-----------------------------------------------------------<br>- «*абы ешэ – абы* ар *ешэ*»; |
| - Сын →<br>-------------------------------------<br>- *Сэн* → | - «ар мэс»;<br>-----------------------------------------------------------<br>- «*абы есэ – абы* ар *есэ*»; |
| - Лъэн → | - «ар малъэ – ар абы малъэ»; |
| - *Лын-2* (1- *нэху/мафlэ бзийкlэ;* 2- *щыхуэн)* →<br>- *Лэн-2* (*лы зэпытын*) – Лэн (2-*лы*уэ щытын) → | - «*абы ел – абы* ар *ел*»;<br><br>- «*абы елэ – абы* ар *елэ*» - «ар малэ»; |
| - Лlэн → | - «ар малlэ»; |
| - *Дын* →<br>- Дэн (*ды*уэ щытын) →<br>-------------------------------------<br>- *Дэн* (игум идэн) → | - «*абы ед – абы* ар *ед*»;<br>- «ар мадэ»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «*абы едэ – абы* ар *едэ*»; |
| - *Тын* → | - «*абы ет – абы* ар *ет*»; |
| - *Тlын* →<br>- Тlэн (*тlы*уэ щытын) → | - «*абы етl – абы* ар *етl*»;<br>- «ар матlэ»; |
| - Фын → | - «ар мэф»; |
| - Фlын →<br>- Фlэн (фlыуэ щытын) → | - «ар мэфl»;<br>- «ар мафlэ»; |
| - *Вын* →<br>- Вэн (*вы*уэ щытын) →<br>------------------------------------<br>- (псы) Вэн → | - «*абы ев – абы* ар *ев*»;<br>- «ар мавэ»;<br>-----------------------------------------------------------<br>- «ар мавэ»; |
| - *Пlын*/Пlын →<br>- *Пlэн*/Пlэн →<br>(*пlы зэпытын/*пlыуэ щытын) | - «*абы епl – абы* ар *епl*» / «ар мэпl»;<br>- «*абы епlэ – абы ар епlэ*» / «ар мапlэ»; |

| | |
|---|---|
| - Пкlын →<br>- Пкlэн (пкlыуэ щытын) →<br>----------------------------------------- | - «ар мэпкl»;<br>- «ар мапкlэ»;<br>------------------------------------------------------- |

| | |
|---|---|
| - Пкlэн → | - «ар мапкlэ – ар *абы* мапкlэ»; |
| - Ткlун →<br>- Ткlуэн (ткlууэ щытын) → | - «ар мэткlу»;<br>- «ар маткlуэ»; |
| - Щхъын →<br>- Щхъэн (щхъыуэ щытын) → | - «ар мэщхъ»;<br>- «ар мащхъэ»; |
| - Щхъун →<br>- Щхъуэн →<br>(щхъууэ щытын; щхъуэ хъун) | - «ар мэщхъу»;<br>- «ар мащхъуэ»; |
| - *Тхъын* →<br>- *Тхъэн* (*тхъы зэпытын*) →<br>------------------------------------------<br>- Тхъэн (-гъэхъэн) → | - «*абы етхъ* – *абы* ар *етхъ*»;<br>- «*абы етхъэ* – *абы* ар *етхъэ*»;<br>----------------------------------------------------<br>- «ар матхъэ»; |
| - *Пхъын* →<br>- *Пхъэн* (*пхъы зэпытын*) → | - *абы епхъ* – *абы* ар *епхъ*;<br>- *абы епхъэ* – *абы* ар *епхъэ*; |
| - Тхъун – *Тхъун* →<br><br>- Тхъуэн-2 →<br>(тхъууэ – *тхъу*уэ щытын) | - «ар (щхьэц) мэтхъу» - «*абы етхъу* – *абы* ар *етхъу*»;<br>- «ар (щхьэц) матхъуэ» - «ар матхъуэ»; |
| - Пхъуэн → | - «ар мапхъуэ – ар <u>*абы*</u> мапхъуэ»; |
| - *Шхын* →<br>- Шхэн (*шхы*уэ щытын) → | - «*абы ешх* – *абы* ар *ешх*»;<br>- «ар машхэ»; |
| - *Тхын* →<br>- Тхэн (*тхы*уэ щытын) → | - «*абы етх* – *абы* ар *етх*»;<br>- «ар матхэ»; |
| - *Лъхун* →<br>- Лъхуэн (*лъху*уэ щытын) → | - «*абы елъху* – *абы* ар *елъху*»;<br>- «ар малъхуэ»; |
| - *Пхын* →<br>- Пхэн (*пхы*уэ щытын) → | - «*абы епх* – *абы* ар *епх*»;<br>- «ар мапхэ»; |
| - Бгэн → | - «ар мабгэ»; |
| - *Бжын* →<br>- Бжэн (*бжы*уэ щытын) → | - «*абы ебж* – *абы* ар *ебж*»;<br>- «ар мабжэ»; |
| - *Бзын* →<br>- Бзэн (*бзы*уэ щытын) → | - «*абы ебз* – *абы* ар *ебз*»;<br>- «ар мабзэ»; |
| - Пщын-2 →<br>(1- кlуэтэн; 2- бэгын) – *Пщын* (-*егъэпщэн*)<br>- Пщэн-2 {1- пщыуэ (кlуатэу щытын; 2- пщыуэ (бэгыу) щытын} – Пщэн (*пщы*уэ -*зэригъапщэу*- щытын) → | - «1- ар мэпщ – ар <u>*абы*</u> мэпщ; 2- ар мэпщ» - «*абы епщ* – *абы* ар *епщ*»;<br><br>- «1- "ар мапщэ – ар <u>*абы*</u> мапщэ"; 2- ар мапщэ» - «ар мапщэ»; |
| - *Пщlын* →<br>- Пщlэн (*пщlы*уэ щытын) → | - «*абы епщl* – *абы* ар *епщl*»;<br>- «ар мапщlэ»; |
| - Плъын →<br>- Плъэн (плъыуэ щытын) →<br>------------------------------------------<br>- Плъэн (лъагъун папщlэ) → | - «ар мэплъ»;<br>- «ар маплъэ»;<br>------------------------------------------------------<br>- |

| | |
|---|---|
| | - «ар маплъэ – ар <u>*абы*</u> маплъэ»; |
| - Блэн → | - «ар маблэ»; |
| - Щтын →<br>- Щтэн (щтыуэ щытын) →<br>---------------------------------------------<br>- Щтэн (къэуӀэбжьын/шынэн) – *Щтэн* (-пхъуэтэн/теӀэтыкӀын) → | - «ар мэщт»;<br>- «ар мащтэ»;<br>-------------------------------------------------------<br>- «ар мащтэ» - «*абы ещтэ – абы* ар *ещтэ*»; |
| - Пщтын → | - «ар мэпщт». |

**Мы таблицэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Глаголхэр "езырыж глагол"рэ "*Ӏуэху глагол*"у зэрызэщхьэщыкӀым теухуауэ я "*лэжьэк*Ӏэу ухуа *псалъэ*"хэмрэ ахэр зыхаубыдэ "*щхьэ*"хэмкӀэ *къызэры*Ӏ*уатэ*хэуи къыщыгъэлъэгъуащ таблицэхэми, *зэрызэщхьэщык*Ӏри нэрылъагъущ. НытӀэ япэрауэ, "езырыж глагол" лэжьэкӀэм "субъект" хуэхъур (ар) "езырыж" лӀэужьыгъуэу, "Ӏ*уэху глагол*" лэжьэкӀэми "*субъект*" хуэхъур (*абы*) "Ӏ*уэху*" лӀэужьыгъуэу зэрыхиубыдэр нэрылъагъущ. Мыбы нэмыщӀ, "езырыж глагол" нэхъыбэм я лэжьэкӀэхэм "*субъект*"ым *нэмыщ*Ӏ "*щхьэ*" зых*иумыубыдэ* щхьэ, "езырыж глагол" гуэрхэм я лэжьэкӀэхэм "*субъект*"ым *нэмыщ*Ӏ *зы* "*щхьэ*"*и* -"<u>*дополненэ*</u>"у- "Ӏ*уэху*" лӀэужьыгъуэу лъытауэ зэрыхиубыдэри нэрылъагъущ. "Ӏ*уэху глагол*" лэжьэкӀэхэм лӀэужьыгъуэ "*субъект*"ым *нэмыщ*Ӏ "объект"у "езырыж" лӀэужьыгъуэу *зы* "*щхьэ*" зэрызыхиубыдэри нэрылъагъущ. Мы къыхэдгъэщахэм иужькӀэ нэхъ гъунэгъуу "езырыж глагол"хэмрэ "Ӏуэху глагол"хэм хуэӀуа лэжьыгъэхэу щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Ауэ, мыбдежым мы къэтӀуэтахэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"Езырыж макъ глагол"хэр** | **"Глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ"хэр, хиубыдэ "щхьэ"хэмкӀэ зэрызэщхьэщыкӀхэр** |
|---|---|
| - Фын → | - «ар мэф»; |
| - ТкӀун →<br>- ТкӀуэн (ткӀуэ щытын) → | - «ар мэткӀу»;<br>- «ар маткӀуэ»; |
| - Блэн → | - «ар маблэ»; |
| - Ун →<br>- Уэн (ууэ щытын) →<br>-------------------------------------<br>- Уэн (-еуэн) → | - «ар мэу – ар <u>*абы*</u> мэу»;<br>- «ар мауэ – ар <u>*абы*</u> махуэ»<br>-----------------------------------------------------------<br>- «ар мауэ – ар <u>*абы*</u> мауэ»; |
| - КӀуэн → | - «ар макӀуэ – ар <u>*абы*</u> макӀуэ»; |
| **"Ӏ*уэху макъ глагол*"хэр** | **"*Глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"хэр, хиубыдэ "щхьэ"хэмкӀи къызэрыӀуатэхэр** |
| - *Ин* → | - «*абы ей – абы* ар *ей*»; |
| - *Хун* → | - «*абы еху – абы* ар *еху*»; |

| | |
|---|---|
| - *Дзын* → | - «*абы едз – абы* ар *едз*»; |
| - *Жьын* → | - «*абы ежь – абы* ар *ежь*»; |
| - *ЩӀын* →<br>- *ЩӀэн* (*щӀыуэ щытын*) →<br>-------------------------------------<br>- *ЩӀэн* (*щӀэныгъэу*) → | - «*абы ещӀ – абы* ар *ещӀ*»;<br>- «*абы ещӀэ – абы* ар *ещӀэ*»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «*абы ещӀэ – абы* ар *ещӀэ*». |

- Зэхуэдэу ухуарэ *мыхьэнэгъуу*и щыт щхьэ, "езырыж глагол"рэ "*Ӏуэху глагол*"у *гуитӀ*ми хэтрэ *лэжьэкӀитӀ зиӀэ глагол*хэр щыӀэщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Ӏун/Ӏ*ун* →<br><br>- Ӏуэн/Ӏ*уэн* →<br>(Ӏуэ щытын – Ӏ*уэ зэпытын*)<br>-------------------------------------<br>- Ӏ*уэн*/Ӏуэн (мэкъу-мэш) → | - «ар мэӀу – ар <u>*абы*</u> мэӀу» / «*абы е*Ӏ*у – абы* ар *е*Ӏ*у*»;<br>- «ар маӀуэ – ар <u>*абы*</u> маӀуэ» / «*абы е*Ӏ*уэ – абы* ар *е*Ӏ*уэ*»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «*абы е*Ӏ*уэ – абы* ар *е*Ӏ*уэ*» / «ар маӀуэ»; |
| - Джын/*Джын* → | - «ар мэдж» / «*абы едж – абы* ар *едж*». |

- Оригиналу -"ы"кӀэ- къызэрыӀуу ухуа *глагол нэхъыбэ*м я *мыхьэнэгъуу* щытрэ "*э*"*к*Ӏэ *къэ*Ӏ*у*у ухуа *глагол*хэри къызэрыкӀэлъыкӀуэр нэрылъагъущи, мы "*э*"*к*Ӏэ *къэ*Ӏ*у глагол вариант*хэр "*ы*"*к*Ӏэ *къэ*Ӏ*у глагол вариант мыхьэнэ*хэр "къэхъуу е *гъэзащ*Ӏэу зэрыщыт"рэ ("езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу) зэры"*гъэзащ*Ӏэ *зэпыт*"ыр ("Ӏ*уэху глагол*" лӀэужьыгъуэу) зылъытэ глаголхэрщ. ИкӀи, "къэхъуу щыт"рэ "*гъэзащ*Ӏэу щыт"ыныгъэ е "*гъэзащ*Ӏэ *зэпыт*"ыныгъэр *функционал к*Ӏ*уэтэгъуэ* зылъытэ "*э*"*к*Ӏ*эрэ* зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэрэ *игъуэщ*. Ауэ икӀи, "ы"кӀэ къэӀу *дэтхэнэ зы* "*занщ*Ӏэ *глагол*"ым -"*макъ глагол*"ым- "*э*"*к*Ӏэ *къэ*Ӏ*у глагол вариант* зэр*игъуэтыпхъ*энури гурыӀуэгъуэнщ; нытӀэ, бзэм хуиту *щызэрыземык*Ӏ*уэм папщ*Ӏэрагъэнщи, "*ы*" *къэ*Ӏ*у*кӀэ зиӀэ *дэтхэнэ зы глаголым* "*э*"кӀэ *къэ*Ӏ*у вариант зэримы*Ӏэри къэта таблицэхэм гурыӀуэгъуэ къыпхуащӀыр. Ауэ икӀи, "*ы*"*к*Ӏэ *къэ*Ӏ*у глагол*ым "*э*"*к*Ӏэ *къэ*Ӏ*у* и *глагол вариант псори* бзэм *щызек*Ӏ*уащ*эу зэры*щымыт*ри абыхэм *я лэжьэк*Ӏэ щапхъэу таблицэхэм къыщытахэм *гуры*Ӏ*уэгъуэ къыпхуащ*Ӏри, я *глагол мыхьэнэ*хэм зэр*елъытак*Ӏэрэ мыбыхэм *гулъытэ хуэщ*Ӏ*ын*ри *еджак*Ӏ*уэхэм къахуренэ*!

- Я лэжьэкӀэхэм гурыӀуэгъуэ къытхуищӀыу мы *къыхэдгъэщахэр* зытеухуа щапхъэхэр "макъ глагол"хэрщи, "*занщ*Ӏэ *глагол*" лӀэужьыгъуэрщ. Мы ипэкӀэ зэрыжытӀауи, "*занщ*Ӏэ *глагол*" лӀэужьыгъуэхэу "*ы*"кӀэ *къэ*Ӏ*у*у ухуа глаголхэр *мы я мыхьэнэк*Ӏ*эрэ* "*э*"кӀэ *къэ*Ӏ*уу*и зэрыухуапхъэхэри гурыӀуэгъуэщ. Ауэ "ы"кӀэ къэӀуу ухуа

глаголхэр "къэхъуу щыт"рэ "*гъэзащ*Iэу щыт"у е "*гъэзащ*Iэ *зэпыт*"у зэрылъытэу "*э"к*Iэ *къэ*I*уу зэрыухуэ*жынур глаголыр зытеухуа Iуэхугъуэр *къызэрыхъур*э *зэрыгъэзащ*Iэ *щ*I*ып*Iэрэ *щ*I*ык*Iэ зэрылъытэкIэрэ *нэхъ хуиту зэрыухуэфыну*ри гурыIуэгъуэнщ. къызэрыхэщу "*э"к*Iэ *къэ*I*уу ухуа глагол*хэу зэрыухуахэри нэрылъагъущ. НытIэ, мы "щIыпIэ"рэ "щIыкIэ"хэр *зэрылъытэф*ынури мыпхуэдэхэр зылъытэ "*префикс*"хэмкIэщи, "*э"к*Iэ *къэ*I*у*у ухуа мы "*занщ*I*э глагол*" -"макъ глагол"- лIэужьыгъуэхэри *игъуэ* "*префикс*"хэмкIэ "*префиксиал глагол*" лIэужьыгъуэхэу нэхъ хуиту зэрыухуэжымрэ я *лэжьэк*Iэхэми мыбдежым гулъытэ щыхуэтщIыныр игъуэщ. - Ауэ икIи къыхэгъэщыпхъэщ "*гъэзащ*I*э зэпыт*"ыр ("I*уэху глагол*" лIэужьыгъуэ) "*э*"кIэ зэрылъытэм *нэмыщ*I, -нэхъ игъуэуи- "*хь*" кIэухкIэ *мэлъытэф*ри, нытIэ, "I*уэху префиксиал глагол*"хэм зэрыигъуэкIэ "*хь*" *суффикс* е *нэгъуэщ*Iхэр къызэращтапхъэми гулъытэ хуэтщIынщ:

| **"Макъ глагол" гуэрхэмрэ я лэжьэкIэхэр** | **"ЩIыпIэ" префикс къащтэу щыухуэжкIэ ягъуэт глагол гупрэ лэжьэкIэхэр** |
|---|---|
| - *Шхын* → «*абы ешх – абы* ар *ешх*»;<br>- Шхэн → «ар машхэ»; | - ***И**шхын* → «*абы* ар *ирешх – абы* ар *абы ирешх*»;<br>*(пп: "хь" к*I*эух нэхъ хуэигъуэщ)*<br>- **Iу**шхэн/I*ушхэн* → «ар Iуошхэ – ар *абы* Iуошхэ» / «*абы* ар I*уешхэ – абы* ар *абы* I*уешхэ*»; |
| - *Тхын* → «*абы етх – абы* ар *етх*»;<br>- Тхэн → «ар матхэ»; | - ***Къуэ**тхын* → «*абы* ар *къуетх – абы* ар *абы къуетх*»;<br>- **Хэ**тхэн/***Хэ**тхэн* → «ар хотхэ – ар *абы* хотхэ» / «*абы* ар *хетхэ – абы* ар *абы хетхэ*»; |
| - *Лъхун* → «*абы елъху – абы* ар *елъху*»;<br>- Лъхуэн → «ар малъхуэ»; | - ***Гуэ**лъхун* → «*абы* ар *гуелъху – абы* ар *абы гуелъху*»;<br>- **Щы**лъхуэн/***Щы**лъхуэн* → «ар щолъхуэ – ар *абы* щолъхуэ» / «*абы* ар *щелъхуэ – абы* ар *абы щелъхуэ*»; |
| - *Пхын* → «*абы епх – абы* ар *епх*»;<br>- Пхэн → «ар мапхэ»; | - ***Щ*I*э**пхын* → «*абы ар щ*I*епх – абы* ар *абы щ*I*епх*»;<br><br>- **Дэ**пхэн/***Дэ**пхэн* → «ар допхэ – ар *абы* допхэ» / «*абы* ар *депхэ – абы* ар *абы депхэ*»; |
| - *Бжын* → «*абы ебж – абы* ар *ебж*»;<br>- Бжэн → «ар мабжэ»; | - **ФIэ***бжын* → «*абы* ар *ф*I*ебж – абы* ар *абы ф*I*ебж*»;<br>- **Пы**бжэн/***Пы**бжэн* → «ар побжэ – ар *абы* побжэ» / «*абы* ар *побжэ – абы* ар *абы побжэ*»; |
| - *Бзын* → «*абы ебз – абы* ар *ебз*»;<br>- Бзэн → «ар мабзэ»; | - ***И**бзын* → «*абы* ар *иребз – абы* ар *абы иребз*»;<br><br>- **Iу**бзэн/**I***у**бзэн* → «ар Iуобзэ – ар *абы* Iуобзэ» / «*абы* ар I*уебзэ – абы* ар *абы* I*уебзэ*». |

- Дауи, "префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэкӏэхэм илъабжьэм игъуэ щыхъум деж -нэхъ гъунэгъуу- щыгъуазэ дахуэхъунущи, мыбдежым "э"*кӏэ къэӏу глагол*хэр *бзэм нэхъ игъуэу* щызэрызекӏуэр "*префиксиал глагол*"*хэм теухуа*уэ зэрыщытыр къыхэдгъэщауэ аращ. Икӏи, ипэкӏэ "префикс"рэ "суффикс"хэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, мы къэта - "*префиксиал ӏуэху глагол*"- гуэрхэр "*суффикс*" *гуэрхэмк*ӏэ (пп: "хь" е "кӏ") *нэхъ игъуэ*у зэрылъытапхъэри мы таблицащхьэм къыщыхэгъэщагъэххэщ.

- Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщӏ, "ӏуэху глагол"хэм "хь, кӏ" суффиксхэр нэхъ яхуэигъуэу зэрыщытри къыпыщапхъэщ.

**"Езырыж глагол"рэ "ӏуэху глагол"хэр я лэжьэкӏэхэм елъытауэ зэрызэлъытапхъэхэм теухуауэ.**

Зэрыгурыӏуэгъуэу, "езырыж глагол" жыхуэтӏэр *езыр езырурэ къэхъуу утыку къихь*эращи, мыпхуэдэу лъытэныр нэхъ гурыӏуэгъуэ зэрыхъури *къэхъу-къэщӏыгъуэ* лӏэужьыгъуэхэм теухуащ. Ауэ икӏи, *къызпкъырык*ӏым и *лъэкӏыныгъ*эм ипкъ зэриткӏэ утыку къихьэри "езырыж глагол"ущ зэрылъытэри, мы *утыку къихьэ лъэкӏыныгъ*эри зы *къэхъу-къэщӏыгъуэ лӏэужьыгъуэ*у лъытапхъэнщ. Дауи, тӏум дежи утыку къихьэр зэхуэдэу къэхъу-къэщӏыгъуэрэ лъэкӏыныгъэу лъытапхъэнщи, "езырыж глагол"кӏэ утыку къихьэр *щыӏэгъуэм къыпкъырык*ӏ лъэкӏыныгъэу *къэхъу-къэщӏыгъуэ*ращ е *къызпкъырык*ӏым -щыӏэ гуэрым- и *лъэкӏыныгъэ*у къэхъу-къэщӏырщ. "Езырыж глагол"хэр нэхъ гурыӏуэгъуафӏэ къызэрытхуэхъуу щыт "къэхъу-къэщӏыгъуэ лӏэужьыгъуэ глагол"хэр мы *къэхъу-къэщӏыгъуэ*у *езыр езырурэ къэхъу*рэ утыку къихьэр зэрылъытэрщи, мы глаголыр *къызпкъырыкӏыр къэхъу-къэщӏыгъуэ*у зэрыщытым ипкъ иткӏэ "*субъект*"ыр мы *къэхъу-къэщӏыгъуэм езыращ*; ауэ, *мы утыку къиихьэм езыращ* икӏи мы *глаголкӏэрэ утыку къихьэри*. Нытӏэ, мыпхуэдэ глаголым и "*субъект*"*ыр* мы *къэхъуныгъэм езыращи*, мы къэхъуныгъэр зэрылъытэ "*езырыж глагол*"ым хуэдэжу, глагол "*субъект*"*ри* "*езырыж*"щ. Ауэ икӏи, "езырыж глагол" лэжьэкӏэу *утыку къихьэр* глагол "*субъект*"*ым езырамэ*, "езырыж глагол"ым и "*субъект*"*ыр икӏи* и *глаголыр* зэрылажьэу "*объективацэ*" *зэрыхъуращи, и* "*объект*"*ыж*ырщ: "езырыж глагол"ыр къызпкъырыкӏ "*субъект*"*ыр икӏи глагол лэжьэк*ӏ*эу утыку къихьэ*ращи, и "*объект*"*ыжырщ*.

*"Iуэху глагол"* жыхуэтIэр зы Iуэху утыку къизылъхьэрщи, мыр утыку къизылъхьэр зэрылъытэри глагол *"субъект"*ращ. Мы зэрыжытIауэ, "Iуэху глагол"ым и *"субъект"ым игъэзащIэу утыку къырилъхьэ* зы *"Iуэху"* щыIэщи, мыри зы *"объект"*у зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, *"Iуэху глагол"*ыр зытеухуа *"Iуэху"*р *зыгъэзащIэ "субъект"*ыр мы *игъэзащIэ "Iуэху"м пыщIау*э зэрыщыткIэрэ *"Iуэху" лIэужьыгъуэ*ущ зэрылъытапхъэр. Мы зэрыпыщIа щIыкIэу *"субъект"ым игъэзащIэ "Iуэху"*ри *щхьэжрэ езырыжу* щыту зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщи, "Iуэху"р зы *"объект"у* мы зэрылъытэри *"езырыж"* лIэужьыгъуэщ.

*"Езырыж глагол"* лэжьэкIэр щхьэжу *"объект" зыхэзымыубыд*эрщи, "объект" жыхуэтIэр глагол лэжьэкIэу утыку къихьэрауэ лъытапхъэмэ, нытIэ, "езырыж глагол"ым *и "объект"ыр "субъект"ым езыр*ауэ зэрыщытыр ипэкIэ къыхэдгъэщагъэххэщ. *"Iуэху глагол"* лэжьэкIэр *фIэкIыпIэ имыIэу "объект" зыхэзыубыд*эрщи, *ар зы "Iуэху"у зылъытэу пыщIауэ* ар *зыгъэзащIэ "субъект"*ыр *"Iуэху"* лIэужьыгъуэу, *игъэзащIэ Iуэху*ри *"объект"* лIэужьыгъуэу зэрыщыткIэрэ *"езырыж"* лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри ипэкIэ къыхэдгъэщагъэххэщ. НытIэ, *"Iуэху глагол"*хэмрэ *"езырыж глагол"*хэр *зэрызэщхьэщык*Iрэ икIи *зэпыщIау*э зэрызэлъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, икIи *"Iуэху глагол"кIэ гъэзащIэр* -"объект"ыр- зы *"езырыж"* лIэужьыгъуэрщи, *"Iуэху глагол"*ым и *"пасив лэжьэк*Iэ"ри мыпхуэдэу *"езырыж глагол" лэжьэк*Iэущ зэрыухуэр; "езырыж глагол"ыр зы *Iуэху*у зэрыгъэзащIэри *"Iуэху глагол"* лэжьэкIэущ къызэрыIуатэр:

| |
|---|
| - *"Iуэху глагол"*ым и нормал *лэжьэк*Iэ: «*абы* ар *ещI*»; |
| ↓ |
| - *"Iуэху глагол"*ым и *пасив лэжьэк*Iэ: «ар мэщI»; |
| ------------------------------------------------------------------------------------------------ |
| - "езырыж глагол"ым и нормал лэжьэкIэ: «ар мэбауэ»; |
| ↓ ↓ |
| - "езырыж гл."ыр *"Iуэху гл."у зэрылажьэ*: «*абы* ар (и бэуэнур) *ебауэ*». |

Мы къэта щапхъэхэмкIи нэрылъагъуурэ гурыIуэгъуэщ "езырыж глагол"хэр "Iуэху глагол"у, "Iуэху глагол"хэри "езырыж глагол"у зэрылэжьэфыну я зэхущытыкIэхэри, мыби иужькIэ игъуэ щыхъум деж нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

## "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

"ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ХИУБЫДЭ "ЩХЬЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ ЕЛЪЫТАУЭ И КӀУЭЦӀКӀЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКӀХЭР

Мыпхуэдэхэм щыгъуазэ хуэхъун *лэжьыгъэри "езырыж занщ*Ӏэ *глагол"*хэм теухуа *щапхъэф*Ӏхэу щыт **"езырыж -макъ- глагол"**хэм я *"лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ"*хэмрэ абыхэм *хиубыдэ* **"щхьэ"** *л*Ӏ*эужьыгъуэхэм* щыгъуазэ дыхуэхъуу къедгъэкӀуэкӀынщи, мыбыхэм **елъыта**уэ мы *"езырыж глагол"*хэр **и кӀуэцӀкӀэ зэрызэщхьэщыкӀ**хэми нэхъ гъунэгъуу гулъытэ яхуэтщӀынщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, *дэтхэнэ зы глагол*ыр зэрылажьэр *"субъект"ым теухуа*уэщи, *дэтхэнэ зы "глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ"*м *"щхьэ"уэ къыхэщ*ынур -фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- *"субъект"*ым теухуащ; икӀи, ар къызэрыӀуатэ *псалъэухыгъэми* а нэхъ мащӀэу *къыхэщ*ыну *"щхьэ"р "субъект"*ым *теухуа*уэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ. Глагол лэжьэкӀэхэм *"субъект"ым нэмыщ*Ӏ *"щхьэ"*уэ *"объект"*рэ *"дополненэ"* зэрыхаубыдэми ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, *"объект" зыхэзыубыд*эри *"*Ӏ*уэху глагол"*хэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

Мыбдежым зи гугъу тщӀы *"езырыж глагол"*хэращи, ахэр *"объект"ыншэ* глагол лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, *"езырыж глагол"*хэм я лэжьэкӀэхэм глагол *"субъект"*ым *нэмыщ*Ӏ *я*Ӏэфыну *"щхьэ"*р *"дополненэ"* лӀэужьыгъуэу зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, *дэтхэнэ зы "езырыж глагол"*ым и лэжьэкӀэм *"дополненэ"*и *къызэрыхэмыщ*ыр къыхэгъэщыпхъэщ; - икӀи, *"езырыж глагол" нэхъыбэр* нормалу *"дополненэншэ"*у зэрылажьэри гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, *"езырыж занщ*Ӏэ *глагол"*хэр *"дополненэншэ"*рэ *"дополненэ"* зиӀэу зэщхьэщокӀри, *"езырыж занщ*Ӏэ *глагол"*хэм я *"лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ"*хэмрэ хиубыдэ *"щхьэ"*хэр *псалъэухыгъэу къызэры*Ӏ*уатэ* щӀыкӀэу мы *т*Ӏ*ууэ* зэрызэщхьэщыкӀри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «субъект – глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ»; |
| - «субъект – дополненэ – глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ». |

Мы ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, *"езырыж занщ*Ӏэ *глагол" нэхъыбэр "дополненэншэ"*ущ зэрылажьэр. Ауэ икӀи, *"дополненэншэ"*у лажьэ мы *"езырыж занщ*Ӏэ *глагол"*хэм *"префикс"* гуэрхэр *къыщащтэм* деж, *"дополненэ"и зи*Ӏэ *лэжьэк*Ӏэ зэрагъуэтыфынури гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ,

мыпхуэдэхэми иужькӀэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъунур мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ. Аращи, ″*дополненэншэ*″у лажьэ ″*езырыж занщ*Ӏэ *глагол*″хэм ″*префикс*″ къащтэу ″*префиксиал езырыж глагол*″у щыухуэжым деж, -мы ″*префикс*″*ымк*Ӏэ *лъыта*- ″*дополненэ*″ зиӀэу лэжьэкӀэ *зэрагъуэтыф*ынури гурыӀуэгъуэнщ.

ИпэкӀэ ″езырыж глагол″рэ ″Ӏуэху глагол″хэр зыхиубыдэу къэтауэ щыта таблицэхэм ″**езырыж макъ глагол**″у хиубыдэхэм щыщу ″**дополненэ**″и зиӀэу лажьэхэмрэ ″**дополненэншэ**″у лажьэхэри ″*ещанэ щхьэ*″ *ц*Ӏ*эпапщ*Ӏэхэм теухуа *зэрылажьэ* щапхъэхэр мыбдежми таблицэхэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэнщи, мы глаголхэмрэ я лэжьэкӀэхэм *нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ хуэхъун лэжьыгъэ*ри къыкӀэлъыкӀуэу къедгъэкӀуэкӀынщ:

| ″**Езырыж макъ глагол**″**хэр** | **Я лэжьэкӀэхэмрэ хиубыдэ** ″**щхьэ**″**хэр** ″**ещанэ щхьэ**″ **цӀэпапщӀэхэу** |
|---|---|
| - Ун<br>- Уэн (ууэ щытын) →<br>-----------------------------------<br>- Уэн | - «ар мэу – ар *абы* мэу»;<br>- «ар мауэ – ар *абы* мауэ»;<br>---------------------------------------------------------<br>- «ар мауэ – ар *абы* мауэ»; |
| - Ӏун →<br>- Ӏуэн (Ӏууэ щытын) →<br>-----------------------------------<br>- Ӏуэн → | - «ар мэӀу – ар *абы* мэӀу»;<br>- «ар маӀуэ – ар *абы* маӀуэ»;<br>---------------------------------------------------------<br>- «ар маӀуэ»; |
| - КӀын →<br>- КӀэн (кӀыуэ щытын) | - «ар мэкӀ»<br>- «ар макӀэ»; |
| - КӀуэн → | - «ар макӀуэ – ар *абы* макӀуэ»; |
| - Джын →<br>- Джэн (*джы*уэ/джыуэ щытын) →<br>---------------------------------------<br>- Джэн → | - «ар мэдж»;<br>- «ар маджэ»;<br>-------------------------------------------------------<br>- «ар маджэ – ар *абы* маджэ»; |
| - Жын →<br>---------------------------------------<br>- Жэн → | - «ар мэж»;<br>-------------------------------------------------------<br>- «ар мажэ – ар *абы* мажэ»; |
| - Лъэн → | - «ар малъэ – ар *абы* малъэ»; |
| - ПӀын →<br>- ПӀэн (пӀыуэ щытын) | - «ар мэпӀ»;<br>- «ар мапӀэ»; |
| - Пхъуэн → | - «ар мапхъуэ – ар *абы* мапхъуэ»; |
| - Пщын-2 (1- ипэ кӀуэтэн; 2- бэгын) → | - «1- ″ар мэпщ – ар *абы* мэпщ″; 2- ″ар мэпщ″»; |

| | |
|---|---|
| - Пщэн-2 {1- пщыуэ (ипэ кӏуатэу) щытын; 2- пщыуэ (бэгыу) щытын} – Пщэн (*пщы*уэ - *къэпщытэ*у- щытын) → | - «1- "ар мапщэ – ар <u>*абы*</u> мапщэ" "; 2- "ар мапщэ» - «ар мапщэ»; |
| - Плъын →<br>- Плъэн (плъыуэ щытын) →<br>---------------------------------------<br>- Плъэн → | - «ар мэплъ»;<br>- «ар маплъэ»;<br>-----------------------------------------------------<br>- «"ар маплъэ – ар <u>*абы*</u> маплъэ"»; |
| - Щтын →<br>- Щтэн (щтыуэ щытын) →<br>--------------------------------------<br>- Щтэн → | - «ар мэщт»;<br>- «ар мащтэ»;<br>-----------------------------------------------------<br>- «ар мащтэ»; |
| - Пщтын → | - «ар мэпщт». |

**"Езырыж занщӏэ -макъ- глагол" гуэрхэр "дополненэ" зиӏэу щӏэлэжьэфхэм теухуауэ.**

Нытӏэ, "*дополненэ*" *зи*ӏ*эрэ зимы*ӏэ "*езырыж занщ*ӏэ *-макъ- глагол*"*хэр зэрызэлъытапхъ*эрэ *зэрызэщхьэщык*ӏми мы таблицэхэм къыщыта щапхъэхэмкӏэ гулъытэ яхуэтщӏыу щыгъуазэ дыхуэхъуни иужь дихьэнщ.

Мы ипэкӏэ къэта таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуарэ "*дополненэ*" *зи*ӏэ*у лажьэ* "*езырыж макъ глагол*"хэм "дополнненэ"р зэраӏэфым – зэрагъуэтыфым- гулъытэ зыхуэщӏыным теухуа таблицэхэр илъабжьэкӏэ къыщыдгъэлъэгъуэнущ. Ауэ, мыбыхэм зы игъуэ щапхъэ гуэркӏэ гулъытэ хуэтщӏынщ.

"*Дополненэ*" *зи*ӏ*эу лэжьэф* мы "*езырыж занщ*ӏэ *-макъ- глагол*"хэр *езырыжу утыку къыщихьэм* щыгъуэ *ик*ӏ*и зыгуэрми теухуэф*хэращи, мы *зытеухуэхэр*ащ икӏи глагол лэжьэкӏэм "*дополненэ*"у щыхэлъытэр. Псалъэм папщӏэ, зылъэкӏым -субъектым- къыпкъырыкӏыу къэхъу "*к*ӏ*уэн*"ыр щылажьэкӏэ (ар макӏуэ), -и *мыхьэнэми зэрелъыта*уэ- икӏи зы *гуэрым* е зы *щ*ӏ*ып*ӏэм *теухуэ*уи –а щӏыпӏэрэ гуэрым *хуэунэт*ӏауи- зэрыщытыфынур (ар <u>*абы*</u> макӏуэ) гурыӏуэгъуэщи, "кӏуэн"ыр къэхъурэ лажьэу щыщӏидзэм икӏи *мы зытеухуэ*рэ *зыхуэунэт*ӏращ (<u>*абы*</u>) "*дополненэ*"у лъытэр. Нытӏэ, "*езырыж занщ*ӏэ *глагол*" лӏэужьыгъуэу щыт "*к*ӏ*уэн*"ыр "*субъект*"ым -и зы *лъэк*ӏ*ыныгъэу- къыпкъырык*ӏрэ къэхъу зы *глагол* лӏэужьыгъуэращи, ар *лажьэу щыщ*ӏ*идзэм* (ар макӏуэ) деж, -лажьэр "субъект"ращ (ар)-, ауэ, *ик*ӏ*и* "субъект"ым и лъэкӏыныгъэу *къыпкъырык*ӏ мы *глагол лэжьэк*ӏ*эу* мы къэхъур (ар макӏуэ) *зытеухуэ*рэ *зыхуэунэт*ӏ (ар

*абы* макӀуэ) *гуэри* -е *щӀыпӀэ*- зэрыщыӀэфыр (*абы*) гурыӀуэгъуэщи, мы "*щхьэ*" *лӀэужьыгъуэ*ращ "*дополненэ*" жыхуэтӀэр.

Мыпхуэдэщ "дополненэ"и зыхэзыубыдэ лэжьэкӀэ зиӀэу мы ипэкӀэ къыщыдгъэлъэгъуэжа мы "езырыж макъ глагол"хэри, нытӀэ, "кӀуэн" глаголри яхэтыжу, абыхэм я лэжьэкӀэхэм "*дополненэ*"и зэрыхэлъытэри тхыхьым дэту -кӀэщӀыу- къэтӀуэтэнщ:

| | |
|---|---|
| - Ун →<br>---------------<br>- Уэн → | - «ар мэу – ар *абы* мэу» {ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэу "ун"ыр къыщыхъум зыхуэунэтӀрэ зыдэужь щыӀэщ: "ар мэу", ауэ щы"у"м икӀи зыхуэкӀуэ – зыхуэунэтӀи (*абы*) щыӀэщ};<br>---------------------------------------------------------------------------<br>- «ар мауэ – ар *абы* мауэ»; {псэущхьэм и ужьыгъуэ лӀэужьыгъуэу "уэн"ри щылажьэм зыхуэунэтӀ гуэри щыӀэщ: "ар мауэ", ауэ мы щы"уэ"м дежи икӀи зыхуэкӀуэ – зыхуэунэтӀ гуэри (*абы*) щыӀэщ}; |
| - Ӏун →<br><br>-Ӏуэн →<br>(Ӏууэ щытын) | - «ар мэӀу – ар *абы* мэӀу»; {макъ къигъэкӀын – псэлъэн лӀэужьыгъуэу "Ӏун"кӀэ утыку къихьэ макъми зы кӀуэгъуэрэ унэтӀыгъэ иӀэщ: "ар мэӀу"ри, мы и"Ӏу"ри зыхуэкӀуэ – зыхуэунэтӀ гуэр (*абы*) щыӀэщ};<br>- «ар маӀуэ – ар *абы* маӀуэ»; {мыпхуэдэщ "Ӏу"уэ щытыныр зэрылъытэ "Ӏуэн"ри щылажьэм икӀи зыгуэрми (*абы*) хуоунэтӀ}; |

| | |
|---|---|
| - КӀуэн → | - «ар макӀуэ – ар *абы* макӀуэ» (ипэкӀэ дытепсэлъыхьащ); |
| - Джэн → | - «ар маджэ – ар *абы* маджэ» {"джэ"м къыхэӀукӀ макъыр зыхуэкӀуэ гуэр (*абы*) зэрыщыӀэфынури гурыӀуэгъуэщ}; |
| - Жэн → | - «ар мажэ – ар *абы* мажэ» {"жэн"ым зы гъуэгуанэ зэрихьынурэ зыхуэкӀуэ гуэр е щӀыпӀэ (*абы*) зэрыщыӀэфынур гурыӀуэгъуэщ}; |
| - Лъэн → | - «ар малъэ – ар *абы* малъэ» {"лъэн"ри зы гъуэгуанэ зыхьу зыгуэр е зы щӀыпӀэм (*абы*) хуэкӀуэу зэрыщытынри гурыӀуэгъуэщ}; |

| | |
|---|---|
| - Пхъуэн → | - «ар мапхъуэ – ар *абы* мапхъуэ» {ущыпхъуэм деж узыдэпхъуэ е узэпхъуэи (*абы*) щыӀэнщ}; |
| - Пщын →<br>(кӀуэтэн лӀэжь.)<br>- Пщэн →<br>(кӀуатэу щытын) | - «ар мэпщ – ар абы мэпщ» {"кӀуэтэн" Ӏуэхугъуууэ щыт "пщын"ыр зы гуэр е щӀыпӀэм (*абы*) зэрыхуэкӀуэр гурыӀуэгъуэщ};<br>- «ар мапщэ – ар *абы* мапщэ» {"пщыуэ щытын"ри -ар дыдэу-зыгуэр е щӀыпӀэм (*абы*) зэрыхуэкӀуэри гурыӀуэгъуэщ}; |
| - Плъэн → | - «ар маплъэ – ар *абы* маплъэ» {"плъэ"р зыдэплъэ/зыхуэплъэ гуэр е щӀыпӀэи (*абы*) щыӀэнщ}. |

Мы "*езырыж макъ глагол*"хэм дэтхэнэ зыр "*дополненэ*" *зиӀэу зэрылажьэр* гурыӀуэгъуэ тщӀын иужь диту къэтӀуэтахэщ; ауэ, *мы "езырыж макъ глагол"хэм* гулъытэ щыхуэпщӀым деж, абыхэм -я зэхуэдэу- *я лэжьэкӀэхэм "дополненэ" зэраӀэнури* мы глаголхэм *я мыхьэнэрэ гъэзэщӀэкӀэхэмкӀэ зэрынаӀуэри* гурыӀуэгъуэщ.

**"Езырыж занщIэ -макъ- глагол"хэр зэрыигъуэу -нормалу- "дополненэншэ"у щIэлажьэхэм теухуауэ.**

НытIэ, *"дополненэ" зи*Iэу лэжьэфу *мы* зи гугъу тщIа *"езырыж макъ глагол"*хэм я *гуп*хэм хиубыдэу -зэ*гупэгъу*рэ *зэхуэдэ макъхэмк*Iэ *ухуа*уэ- **"дополненэншэ"** лэжьэкIэ зиIэ **"езырыж макъ глагол"** *защIэхэри таблицэхэм хиубыдэу* мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэжынщи, тежыIыхьыпхъэри къыпытщэжынщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, мы ипэкIэ къэдгъэлъэгъуа "езырыж занщIэ -макъ- глагол"хэм "дополненэ"и яIэу зэрылэжьэфыр а глаголхэр утыку къызэрихьэ щIыкIэмрэ я мыхьэнэхэм зэрелъытар къыхэдгъэщагъэххэщи, нытIэ, "езырыж занщIэ -макъ- глагол"у мы илъабжьэм зи гугъу тщIынухэми "дополненэ" зэрамыIэри а глаголхэм я къэхъукIэрэ мыхьэнэм елъытауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэ, мы илъабжьэм таблицэхэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэжа *"езырыж макъ глагол"*хэр *"дополненэншэ"*у *зэрылэжьэн* хуейрэ *"дополненэ" зэрамы*I*эф*ынур мы глаголхэм я *мыхьэнэ*хэм *зэрелъытар*эз зэрытеухуа щIыкIэхэр -тхыхьым дэту- къыхэдгъэщынщи, гурыIуэгъуэи зыхуэтщIыжынщ:

| | |
|---|---|
| - Iуэн → | - «ар маIуэ» {"субъект"ыр "Iуэуэ зэрыщыт"ыр (мэкъу-мэш *и*I*уэу* зэрыщытыр) зылъытэрщ мы глаголри, ар а зэрыщытрэ зыдэщытым нэмыщI зытемыухуэрщи, "дополненэшэ"щ}; |

| | |
|---|---|
| - КIын →<br>- КIэн →<br>(кIыуэ щытын) | - «ар мэкI» {къэкIыгъэр къыздыщыкIым езыр езырурэщ къызэрыкIри, нэгъуэщIыу зытеухуэ щыIэкъым};<br>- «ар макIэ» {къэкIыу зэрыщытри ардыдэущи, нэгъуэщIыу зытеухуэ щыIэкъым}; |
| - Джын →<br><br>- Джэн →<br>(*джыуэ*/джыуэ щытын) | - «ар мэдж» {зыдэщыIэм езыр езырурэ джыр зыхуэкIуэ е зыхуэунэтI гуэр щыIэнкъым};<br>- «ар маджэ» {езыр езырурэ "джыуэ щыт"ым нэмыщI, "I*уэху зыдж*ыу щыт"ри "*джы*уэ щыт"ущ зэрылъытэри, -а зыдэщытым щытыжу- "езырыж глагол"у "дополненэншэ"ущ зэрылажьэр}; |
| - Жын → | - ар мэж{езыр езырурэ –и кIуэцIкIэ- къэхъурщ "жын"ри, зыхуэкIуэ зыхуэунэтI щымыIэу "дополненэншэ"ущ зэрылажьэр}; |
| - ПIын →<br><br><br>- ПIэн →<br>(пIыуэ щытын) | - «ар мэпI» {зыми имыпIми, псэущхьэр зыщыпсэум езыр езырурэ зэрыпIыфыр зылъытэу зэрыщытым папщIэ, зытеухуэ гуэр лъытэнкъым};<br>- «ар мапIэ» {зыщыпIым езыр езырурэ пIыуэ щыту зэрылъытэми, зытеухуэ гуэр лъытэнкъым}; |

| | |
|---|---|
| - Пщын →<br>("бэгын" лӀэужьыгъуэ)<br><br>- Пщэн →<br>{пщыуэ (бэгыу) щытын}<br>– Пщэн (*пщы*уэ - *къэпщытэ*у- щытын) | - «ар мэпщ» {бэгыныгъэу къэхъу "пщын"ыр кӀуэцӀращ къыздыщыхъури, зыхуэкӀуэ е зытеухуэ гуэр щыӀэкъым, - "дополненэншэ"щ};<br>- «ар мапщэ» {"бэгыу щытын"ри ардыдэу "дополненэншэ"щ} - «ар мапщэ» {Ӏуэху лӀэужьыгъуэ "*пщын*"ыр "*гъэзащ*Ӏэу щытын"ыр (пщэн) зыдэщытым езырыжущ зэрыгъэзащӀэри, нэгъуэщӀ зытехуэ гуэр щымыӀэу къызэрыӀуатэр "дополненэншэ"ущ}; |
| - Плъын →<br>- Плъэн →<br>(плъыуэ щытын) | - «ар мэплъ» {"плъын"ыр кӀуэцӀым къыщыхъурщи, зыхуэунэтӀ гуэр щыӀэкъым, - "дополненэншэ"щ};<br>- «ар маплъэ» {"плъыуэ щытын"ри ардыдэщ; - ауэ икӀи *бзэм куэдыщэуи щызек*Ӏ*уэкъым*}; |
| - Щтын →<br><br><br>- Щтэн →<br>(щтыуэ щытын)<br>-----------------------------<br>- Щтэн → | - «ар мэпщт» {"щтын"ри щӀыӀэм елъытауэ а гуэрым къыщыхъурщи, а гуэрым езым нэмыщӀ зытеухуэ гуэри щыӀэкъым., - дополненшэ"ущ мэлажьэр};<br>- «ар мащтэ» {"щтыуэ щытын"ри ардыдэщ; - ауэ *бзэм куэдыщэуи щызек*Ӏ*уэкъым*};<br>-----------------------------------------------------------------<br>- «ар мащтэ» {шынэн/къэуӀэбжьын лӀэужьыгъуэу "щтэн"ри а гуэрым теухуауэ къэхъурщи, нэгъуэщӀыу зытеухуэ гуэр щымыӀэу, "дополнэншэ"у къоӀуатэр}; |
| - Пщтын → | - «ар мэпщт» {"пщтын"ри хуэбагъэм елъытауэ а гуэрым и кӀуэцӀым къыщыхъущи, нэгъуэщӀ гуэрым теухуэкъым, - "допоненэншэ"щ}. |

Мы "езырыж макъ глагол"хэм дэтхэнэ зыр "*дополненэшэ*"*у щ*Ӏ*элажьэр* къыхэдгъэщащ; ауэ, *мы "езырыж макъ глагол"хэм* гулъытэ щыхуэпщӀым деж, мы псоми *я лэжьэк*Ӏ*эхэм "дополненэ" зэрамы*Ӏ*энур*э щӀамыӀуэнур абыхэм я *мыхьэнэрэ гъэзэщ*Ӏ*эк*Ӏ*эхэмк*Ӏи гурыӀуэгъуэ къызэрыпхуэхъунури наӀуэщ.

**"Езырыж макъ глагол"хэм -"дополненэншэ"у лажьэхэми- "префикс"кӀэрэ "дополненэ" зэрагъуэтыфым теухуауэ:**
"ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМРЭ, ХИУБЫДЭ "ЩХЬЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР

НытӀэ, "*дополненшэ*"у лажьэу къэдгъэлъэгъуа мы ипэкӀэ "*езырыж макъ глагол"хэм дэтхэнэ зыр "щ*Ӏ*ып*Ӏэ"рэ (и, Ӏу, къуэ, хэ, гуэ, щы, щӀэ, дэ, фӀэ, пы) "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" (е, нэ, къэ, хуэ, зы, зэ/зэ(дэ), дэ, фӀэ, пэ) лӀэужьыгъуэ "*префикс" гупит*Ӏым дэтхэнэ зым щыщ "*префикс"ит*Ӏ къызэрищтэу "*префиксиал езырыж глагол*"у зэрыухуэжхэмрэ я лэжьэкӀэхэми

"*дополненэ" зэрызыхуабыд*эм теухуа щапхъэхэр таблицэхэм хиубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Ауэ мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ глагол мыхьэнэхэми зэрелъытакlэрэ дэтхэнэ зы "макъ глагол"ыр мы "префикс"хэмкlэ зэрыухуэжымрэ ("префиксиал глагол"хэр утыку къызэрихьэмрэ), зэрымыухуэфынур ("префиксиал глагол"хэр къазэрытемыхъукlыфынур) "префикс"хэм теухуауэ ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэ lыхьэм щыгъуазэ дыщызэрыхуэхъуар. Нытlэ, мы ипэкlэ глаголхэм *зэк*l*элъхьэужь*у къащтэну зи гугъу тщlа дэтхэнэ зы "*префикс*"ыр *зыхуэза глаголым* зэрымы*хуэигъуэр* ("префиксиал глагол"у мыигъуэр) икlи *глагол лэжьэк*l*эу имыгъуэр* "~~зэрытха~~" мыпхуэдэу и *гущ*l*ы*l*ур зэрытетхъауэ* – мылъытапхъэу- мы илъабжьэм щапхъэхэр зыхэзыубыдэ *таблицэхэм* къыхэгъэщауэ *къыщыдгъэлъэгъуэнщи*, *глагол мыхьэнэмрэ "префикс"хэр зэрызэлъыта*рэ икlи дэтхэнэ зы "*префиксиал глагол*" *лэжьэк*l*эхэми "дополненэ" зэрыхуэигъуэтр*э *зэримыгъуэтыпх*ъэми занщlэу *гулъытэ хуэтщ*l*ынщ*. Мыбыхэм нэмыщl, таблицэхэм хиубыдэ *щапхъэхэм* теухуауэ *къыхэгъэщыпхъэхэри тхыхьым дэту* къэдгъэлъэгъуэнщи, *аргуэру къыхэгъэщыпхъэхэри таблицэ нэужь*ым къыщыпытщэжынщ.

Нытlэ, мы тежытlыхьахэми зэрезэгъкlэ, ипэкlэ "*дополненэ*" *зимы*lэу лажьэ "*езырыж макъ глагол*"хэм "*дополненэ*" ягъуэтын *папщ*lэ "*префикс*"хэр къызэращтэу "*префиксиал глагол*"*у зэрыухуэж*хэмрэ, абыхэм *я лэжьэк*l*эхэми* "*субъект*"рэ "*дополненэ*"хэр "*ещанэ щхьэ ц*l*эпапщ*lэ"*у* зэрылъыта щlыкlэхэу зэрыхиубыдэ щапхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **"Езырыж макъ гл."хэр** | **"Дополненэ" папщlэ "преф."кlэ ухуэжауэ "езрж. преф. гл."хэр** | **"Щlыпlэ"рэ "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэмкlэ ухуэжа "префиксиал езырыж глагол" лэжьэкlэхэр – дополненэ"и зыхаубыдэу** |
|---|---|---|
| - lуэн (мэкъу-мэш) | - «иlуэн, lуlуэн» → <br>- «~~еlуэн~~, къэlуэн» → <br>*(мы "глагол"ым "е" преф. "к*l*" к*l*эухк*l*э игъуэщ)* | - «ар *абы* йоlуэ»; «ар *абы* lуоlуэ»; <br>- «-»; «ар *абы* къоlуэ»; *(игъуащэкъым)* |
| - Джын | - «къуэджын, хэджын» → <br>- «нэджэн, хуэджэн» → | - «ар *абы* къуодж»; «ар *абы* ходж»; <br>- «ар *абы* ноджэ»; «ар *абы* хуоджэ»; |
| - Джэн (*джыуэ*/джыуэ | - «гуэджэн, щыджэн» → <br>- «зыджэн, зэджэн» → | - «ар *абы* гуоджэ»; «ар *абы* щоджэ»; <br>- «ар *езым* зоджэ»; «ахэр *зыр зым* |

| | | |
|---|---|---|
| щытын) | | зоджэ(хэ)»; |
| - Жын | - «щӀэжын, дэжын» → <br><br> - «зэ(дэ)жын, дэжын» → | - «ар абы щӀож»; «ар абы дож» *("хь" кӀэухкӀэ нэхъ игъуэхэщ)* <br> - «ахэр абы зэдож»; «ар абы дож»; |

| | | |
|---|---|---|
| - Пщын <br> ("бэгын" лӀэужь.) <br><br><br> - Пщэн {пщыуэ (бэгыу) щытын} – Пщэн (*пщы*уэ - *къэпщытэ*у- щытын) | - «~~фӀэпщын~~, пыпщын» → *(щӀыпӀэ "фӀэ" преф. игъуэкъым)* <br> - «фӀэпщын, пэпщын» <br><br> - «ипщэн, Ӏупщэн» → <br> - «епщэн, нэпщэн» → <br> - «къуэпщэн, хэпщэн» → <br> - «нэпщэн, къэпщэн» → | - «-»; «ар абы попщ»; <br><br> - «ар абы фӀопщ»; «ар абы попщ»; <br> - «ар абы йопщэ; ар абы Ӏуопщэ»; <br> - «ар абы йопщэ; ар абы нопщэ»; <br> - «ар абы къуопщэ; - ар абы хопщэ» - «ар абы нопщэ; - ар абы къопщэ»; |
| - Плъын <br><br><br> - Плъэн <br> (плъыуэ щытын) | - «гуэплъын, щыплъын» → <br> - «хуэплъын, зыплъын» → <br><br> - «щӀэплъэн, дэплъэн» → <br> - «зэ(дэ)плъэн, дэплъэн» → | - «ар абы гуоплъ»; «ар абы щоплъ»; <br> - «ар абы хуоплъ; ар езым зоплъ»; <br> - «ар абы щӀоплъэ»; «ар абы доплъэ»; <br> - «ахэр зэ(д)оплъэ»; «ар абы доплъэ»; |
| - Щтын <br><br><br> - Щтэн <br> (щтыуэ щытын) <br><br><br> ----------------------- <br> - Щтэн <br> (къэуӀэбжьын) | - «фӀэщтын, пыщтын» → <br> - «фӀэщтын, пэщтын» → <br> - «ищтэн, Ӏущтэн» → <br> *("хь" кӀэухкӀэ нэхъ игъуэщ)* <br> - «~~ещтэн~~, къэщтэн» → <br> *("щӀыпӀэ" преф. + "хь" кӀэух нэхъ игъуэщ)* <br> ---------------------------------- <br> - «къуэщтэн, хэщтэн» → <br> - «хуэщтэн, ~~зыщтэн~~» → | - «ар абы фӀощт»; «ар абы пощт»; <br> - «ар абы фӀощт»; «ар абы пощт»; <br> - «ар абы йощтэ»; «ар абы Ӏуощтэ»; <br> - «-»; «ар абы къощтэ»; <br> *("щӀыпӀэ" преф.+ "хь" кӀэух: «**хощтэ** – **хощтыхь**»)* <br> ---------------------------------------- <br> - «ар абы къуощтэ»; «ар абы хощтэ»; <br> - «ар абы хуощтэ»; «-»; |
| - Пщтын | - «гуэпщтын, щыпщтын» → <br> - «зэ(дэ)пщтын, дэпщтын»→ | - «ар абы гуопщт»; «ар абы щопщт»; <br> - «ахэр абы зэ(д)опщт»; «ар абы допщт». |

**Мы таблицэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Таблицэхэм *глагол лэжьэк*Ӏэу къэта щапхъэхэу *имыгъуащэ*у щытхэр къыхэдгъэщащ икӀи *нэхъ зэрыигъуэ* щӀыкӀэри *къыпыща*уэ къэдгъэлъэгъуащ. Ауэ, *глагол лэжьэк*Ӏэу къэта щапхъэ гуэрхэм щыщу *имыгъуэ* щапхъэхэри и

*гущIыIур тетхъа*уэ (пп: ~~ещтэн~~) къэдгъэлъэгъуащи, мыхэр зэрыимыгъуэр *глагол мыхьэн*эмрэ "*префикс*"ым *елъытауэ* зэрыщытым гулъытэ хуэщIынри *еджакIуэхэм къахурен*э!

- Мы таблицэхэм хиубыдэ щапхъэхэр "щIыпIэ"рэ "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэм псорикIкъыми, икIи "префикс"хэм теухуауэ ипэкIэ къыщедгъэкIуэкIа лэжьыгъэми дэтхэнэ зы "префикс"ыр дэтхэнэ зы "глагол"ым къызэримыщтэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. "ЗанщIэ глагол" лIэужьыгъуэу "дополненэншэ" лэжьэкIэ зиIэхэм "дополненэ" зэрагъуэтыр абыхэм зэрыигъуэу къащтэ "префикс"хэмкIэщи, икIи - ипэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- "глагол" нэхъыбэм "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къащтэу зэрыщытми зэрезэгъкIэ, нэхъ игъуэу "дополненэ" зылъытэ "префикс"хэри "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэрауэ зэрыщытри мы таблицэхэми хыболъагъуэр. Мы жытIахэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" гуэрхэм "дополненэ" къалэн зэрамыгъэзащIэр таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэм хыболъагъуэри, мыпхуэдэ зы щапхъэщ мыр:

| | | |
|---|---|---|
| - Iуэн (мэкъу-мэш) | - «иIуэн, IуIуэн» → <br>- «~~еIуэн~~, къэIуэн» → <br>*("преф"у "къэ"р игъуэ щхьэ...)* | - «ар *<u>абы</u>* йоIуэ»; «ар *<u>абы</u>* IуоIуэ»; <br>- «-»; «ар *<u>абы</u>* къоIуэ»; <br>*(..."дополненэ"у игъуэкъым!)* |

Дэтхэнэ зы "*префикс*"*ымк*Iэ *ухуэж* дэтхэнэ зы "*езырыж префиксиал глагол*"ым и лэжьэкIэм -фIэкIыпIэ имыIэу- "*дополненэ*" *игъуэтыфын*у зэрымылъытапхъэм нэмыщI, дэтхэнэ зы "*езырыж занщIэ глагол*" лIэужьыгъуэр *инфинитиву зэрыухуэф*ыну дэтхэнэ зы "*префикс*"ым а *глаголым* -фIэкIыпIэ имыIэу- *икIи* "*дополненэ*" лъытэн къалэн *хуиъэзэщIэн*у зэрыщымыри гурыIуэгъуэнщи, мыри мы къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр.

- "Субъект"ым "*езым зыхуэухуэ*"у зэрыщытыр зылъытэ "зы" *префикс*ымкIэ, икIи "*зыр зым хуэухуэ*"р зылъытэ "зэ" *префикс*ымрэ "*зымрэ адрейр зэдэухуэ*"у щыт "зэ(дэ)" *префикс*ымкIэ ухуа "*префиксиал глагол*"хэм я *лэжьэк*Iэ щапхъэхэр *адрей* "*префиксиал глагол*" *лэжьэк*Iэ щапхъэхэм *къазэрыщхьэщыкIыр* нэрылъагъуэщи, мы къазэрыщхьэщыкIри *глагол мыхьэн*эмрэ "*префикс*"ым *елъыта*уэ зэрыщытри гурыIуэгъуэщ:

| | | |
|---|---|---|
| - Джэн (*джыуэ*/джыуэ щытын) | - «зыджэн, зэджэн» → | - «ар *<u>езым</u>* зоджэ»; «ахэр <u>*зыр зым*</u> зоджэ(хэ)»; |
| - Жын | - «зэ(дэ)жын» → | - «ахэр *<u>абы</u>* зэ(д)ож»; |
| - Плъын | - «зыплъын» → | - ар *<u>езым</u>* зоплъ»; |

| | | |
|---|---|---|
| - Плъэн (плъыуэ щытын) | - «зэ(дэ)плъэн» → | - «ахэр зэ(д)оплъэ». |

- Мыбыхэм нэмыщӏ, глагол лэжьэкӏэу къэта щапхъэхэм щыуагъэшхуэ хыумылъэгъуэми, а глагол гъэзэщӏэкӏэм нэхъ езэгъ и къэӏуэтэкӏэу бзэм щызекӏуэхэр щыӏэщи, кӏыхь дымыщӏын папщӏэ, мыпхуэдэ гуэрхэу къыхэдымыгъэщахэми гулъытэ хуэщӏыныр *еджакӏуэхэм къахуренэ*!

- Икӏи нэрылъагъущ мы къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэр зытеухуар "езырыж макъ глагол"хэрауэ зэрыщытри, мыхэр ди гъуазэу "езырыж занщӏэ глагол" лӏэужьыгъуэхэми мыпхуэдэ я лэжьэкӏэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу долъытэр. Ауэ икӏи, мы "езырыж макъ глагол"хэм "щӏыпӏэ"рэ "щӏыкӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс"хэм дэтхэнэ зыр къызэращтэу "езырыж префиксиал глагол"у зэрыухуэжхэмрэ я лэжьэкӏэхэми теухуа щапхъэхэри къызэрыдымыгъэлъэгъуари нэрылъагъущ. Нытӏэ, мы "езырыж макъ глагол"хэм "щӏыпӏэ"рэ "щӏыкӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс"у хъуар къызэращтэу къатехъукӏ "езырыж префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэкӏэхэми "дополненэ" зэрагъуэтрэ зэрамыгъуэтыфым теухуа лэжьыгъэхэр къегъэкӏуэкӏынри -икӏи мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр "езырыж макъыбэ глагол"хэми теухуауэ къегъэкӏуэкӏынри- *еджакӏуэхэм къахуренэ!*

## "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

## "ӀУЭХУ ЗАНЩӀЭ ГЛАГОЛ"ХЭР Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ЕЛЪЫТАУЭ И КӀУЭЦӀКӀЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКӀХЭМ ТЕУХУАУЭ

"Езырыж занщӏэ -макъ- глагол"хэм теухуауэ мы къедгъэкӏуэкӏа лэжьыгъэ цӏыкӏумрэ къэтхьа щапхъэхэм къыкӏэлъыкӏуэуи **"ӏуэху занщӏэ -макъ- глагол**"хэм я *лэжьэкӏэхэм* хиубыдэ "*щхьэ*" *лӏэужьыгъуэ*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Япэрауи, ипэкӏи къызэрыхэдгъэщауэ, "ӏуэху занщӏэ глагол"хэм я "лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"хэр псалъэухыгъэкӏэ къызэрыӏуатэрэ хиубыдэ "щхьэ"хэр зэрылъытэу зэрызэкӏэлъхьэужьыкӏэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжу тежыӏыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| |
|---|
| «субъект – объект – глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ». |

Зэрыжытӏауэ, "ӏуэху занщӏэ глагол"хэм я лэжьэкӏэхэм хиубыдэхэм теухуауэ мы къэдгъэлъэгъуам къыхэгъэщыпхъэщи, ипэкӏэ "*езырыж занщӏэ глагол*"хэр "*дополненэ*" *зиӏэрэ зимыӏэу* зэрылажьэхэм елъытауэ

*гупит*Ӏу зэрызэщхьэщыдгъэкӀам хуэдэжу, **"Ӏуэху занщӀэ глагол"**хэри *и кӀуэцӀ*кӀэ **"дополненэ" зиӀ**эрэ **зимыӀэ**у **гупитӀ**у зэщхьэщыгъэкӀыпхъэщ. НытӀэ, мы зэрыжытӀауэ, "*Ӏуэху занщ*Ӏэ *глагол*"хэм я *лэжьэк*Ӏ*эхэм* хиубыдэхэм теухуауэ мы ипэкӀэ къэтам "*дополненэ*"*и хиубыдэу зы гупи* иӀэжщ:

| |
|---|
| «субъект – объект – дополненэ – глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ». |

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, "Ӏуэху глагол" лэжьэкӀэхэми фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "объект" зэрызыхуаубыдэр гурыӀуэгъуэщи, мыбдежым "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *глагол*" *гуэр лэжьэк*Ӏ*эхэм* "*объект*"*ым нэмыщ*Ӏ "*дополненэ*"*и хиубыдэу* зэрыщытращ зи гугъу тщӀыр. НытӀэ, *мы* зи гугъу тщӀы "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *глагол*" *гуэрхэр* щыгъэзащӀэу "*объект*"*ым щытелэжьыхьым щыгъуэ ик*Ӏ*и зытеухуэ гуэри* зэрыщыӀэращ мы зи гугъу тщӀыри, мыри "дополненэ" жыхуэтӀэ "щхьэ" лӀэужьыгъуэхэращ. ИкӀи гурыӀуэгъуэщ "*дополненэ*" жыхуэтӀэр *глагол лэжьэк*Ӏэм *япэрей и* Ӏ*уэхугъуэрэ нэхъыщхьэу* зэрыщымытри, *глаголыр зытелэжьыхь*у "*объект*"у лъыта Ӏ*уэхугъуэ нэхъыщхьэр къыщыхъу*рэ *щыгъэзащ*Ӏэм *щыгъуэм ик*Ӏ*и зыхуэунэт*Ӏрэ *зытеухуэ гуэр*у зыкъэзгъэлъагъуэрэ лъытэращ. "*Дополненэ*" псалъэр икӀи "*къыпыщэ*" *мыхьэнэ*и *зи*Ӏэ *зы термин*у зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, "езырыж"рэ "Ӏуэху" лӀэужьыгъуэ "занщӀэ -макъ- глагол"хэу зэхуэдэ таблицэхэм хиубыдэу ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуахэм щыщ "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *-макъ- глагол*"хэр я *лэжьэк*Ӏ*эхэр*и къызэрыхэгъэщауэ мы илъабжьэм таблицэхэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэжынщи, "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *-макъ- глагол*"хэр и кӀуэцӀкӀэ "*дополненэ*" *зи*Ӏ*эрэ зимы*Ӏ*эу зэрызэщхьэщык*Ӏымрэ нэгъуэщӀ гуэрхэми гулъытэ яхуэтщӀыжынщ:

| **"Ӏуэху занщӀэ -макъ- глагол"хэр** | **Я лэжьэкӀэхэм хиубыдэ "щхьэ"хэр ещанэ щхьэ "цӀэпапщӀэ"хэу** |
|---|---|
| - *Ин* → | - «*абы ей – абы* ар *ей*»; |
| - Ӏ*ун* →<br>- Ӏ*уэн* (Ӏ*уэ щытын*) →<br>----------------------------------<br>- Ӏ*уэн* → | - «*абы е*Ӏ*у – абы* ар *е*Ӏ*у*»;<br>- «*абы е*Ӏ*уэ – абы* ар *е*Ӏ*уэ*»;<br>-------------------------------------------------------<br>- «*абы е*Ӏ*уэ – абы* ар *е*Ӏ*уэ*»; |

| | |
|---|---|
| - *Хьын* → | - «*ар ехь – абы* ар *ехь – абы ар <u>абы</u> ехь*»;* |
| - *Чын* → | - «*абы еч – абы* лъэбакъуэ (ар) *еч – абы* ар <u>*абы*</u> *еч*»;* |
| - *Хун* → | - «*абы еху – абы* ар *еху – абы* ар <u>*абы*</u> *еху*»;* |
| - *Джын* → | - «*абы едж – абы* ар *едж*» |

| | |
|---|---|
| - *Дзын* → | - «*абы едз – абы* ар *едз – абы* ар <u>*абы*</u> *едз*»;* |
| - *Жьын* → | - «*абы ежь – абы* ар *ежь*»; |
| - *Зын* | - «*абы ез – абы* ар *ез*»; |
| - *Щын* | - «*абы ещ – абы* ар *ещ*»; |
| - *ЩӀын* →<br>- *ЩӀэн* (*щӀыуэ щытын*) →<br>-----------------------------------<br>- *ЩӀэн* → | - «*абы ещӀ – абы* ар *ещӀ*»;<br>- «*абы ещӀэ – абы* ар *ещӀэ*»;<br>-----------------------------------------------------------<br>- «*абы ещӀэ – абы* ар *ещӀэ*»; |
| - *Шэн* → | - «*абы ешэ – абы* ар *ешэ – абы* ар <u>*абы*</u> *ешэ*»;* |
| - *Сэн* → | - «*абы есэ – абы* ар *есэ*»; |
| - *Лын-2* →<br>*(1- нэху/мафӀэ бзий; 2- щыхуэн)*<br>- *Лэн-2* | - «*абы ел – абы* ар *ел*»;<br><br>- «*абы елэ – абы* ар *елэ*»; |
| - *Дын* →<br>-----------------------------------<br>- *Дэн* (*игум идэн*) → | - «*абы ед – абы* ар *ед*»;<br>-----------------------------------------------------------<br>- «*абы едэ – абы* ар *едэ*»; |
| - *Тын* → | - «*абы ет – абы* ар *ет*»; |
| - *ТӀын* → | - «*абы етӀ – абы* ар *етӀ*; |
| - *Вын* → | - «*абы ев – абы* ар *ев*»; |
| - *ПӀын* →<br>- *ПӀэн* (*пӀыуэ щытын*) → | - «*абы епӀ – абы* ар *епӀ*;<br>- «*абы епӀэ – абы ар епӀэ*»; |

| | |
|---|---|
| - *Тхъын* →<br>- *Тхъэн* (*тхъыуэ щытын*) → | - «*абы етхъ – абы* ар *етхъ*»;<br>- «*абы етхъэ – абы* ар *етхъэ*»; |
| - *Пхъын* →<br><br>- *Пхъэн* (*пхъыуэ щытын*) → | - «*абы епхъ – абы* ар *епхъ – абы* ар <u>*абы*</u> *епхъ*»;*<br>- «*абы епхъэ – абы* ар *епхъэ – абы ар абы епхъэ*»;* |
| - *Тхъун* → | - «*абы етхъу – абы* ар *етхъу – абы* ар <u>*абы*</u> *етхъу*»;* |
| - *Шхын* → | - «*абы ешх – абы* ар *ешх*»; |
| - *Тхын* → | - «*абы етх – абы* ар *етх*»; |
| - *Лъхун* → | - «*абы елъху – абы* ар *елъху*; |
| - *Пхын* → | - «*абы епх – абы* ар *епх*»; |
| - *Бжын* → | - «*абы ебж – абы* ар *ебж*»; |
| - *Бзын* → | - «*абы ебз – абы* ар *ебз*»; |
| - *Пщын* (*пщытэн*) → | - «*абы епщ – абы* ар *епщ*»; |
| - *ПщӀын* → | - «*абы епщӀ – абы* ар *епщӀ*»; |
| - *Щтэн* → | - «*абы ещтэ – абы* ар *ещтэ*». |

**Мы таблицэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- "*Ӏуэху глагол*"хэр -фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- "*объект*"ым *телэжьыхь глагол* лӀэужьыгъуэхэрщи, "Ӏуэху занщӀэ -макъ- глагол"хэм я лэжьэкӀэу мы къэта щапхъэхэри "объект" зиӀэу зэрыщытри нэрылъагъущ. Ауэ таблицэхэм "*"

нэгъыщэкӀэ къыхэгъэщахэр хыболъагъуэри, абыхэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ

- Аращи, мы ипэкӀэ къэта таблицэхэм хиубыдэ "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *-макъ- глагол*" *гуэрхэм я лэжьэк*Ӏэхэм "*дополненэ*"*и зи*Ӏэхэр язэрыхэтри нэрылъагъущи, "*" нэгъыщэкӀэ лъытахэр мыпхуэдэхэращ. ИпэкӀэ, "дополненэ" зиӀэу лажьэ "езырыж занщӀэ -макъ- глагол"хэм гулъытэ хуэтщӀагъащи, мыбдежми "Ӏуэху занщӀэ -макъ-глагол"хэми "дополненэ" иӀэу зэрылэжьэфыр глагол мыхьэхэм елъытауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мы ипэкӀэ къэта таблицэхэм хиубыдэ "Ӏ*уэху макъ глагол*" гуэрхэу(*) зи лэжьэкӀэхэм "*дополненэ*" *зыхэзыубыдэф* щапхъэхэр мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэжу, мыбыхэм "дополненэ" зэраӀэфын хуейри таблицэ Ӏыхьэу къыпытщэжынщ:

| **"Ӏуэху макъ глагол"хэр** | **Я лэжьэкӀэхэм "дополненэ"и къызэрыхэщыр** | **Я мыхьэнэм елъытауэ "дополненэ" щӀаӀэфыр** |
|---|---|---|
| - *Хьын* → | - «*ар ехь – абы* ар *ехь – абы ар <u>абы</u> ехь*»; | - яхьыр (объ.) щылъытэкӀэ, зыдахьи (доп.) лъытэфынщ; |
| - *Чын* → | - «*абы еч – абы* лъэбакъуэ (ар) *еч – абы* ар <u>*абы*</u> *еч*»; | - лъэбакъуэ (объ.) щачкӀэ зыдачри (доп.) мэлъытэф; |
| - *Хун* → | - «*абы еху – абы* ар *еху – абы* ар <u>*абы*</u> *еху*»; | - яхур (объ.) щылъытэкӀэ зыдахури (доп.) мэлъытэфыр; |
| - *Дзын* → | - «*абы едз – абы* ар *едз – абы* ар <u>*абы*</u> *едз*»; | - ядзыр (объект) зыдадз (дополненэ) щыӀэщ; |
| - *Шэн* → | - «*абы ешэ – абы* ар *ешэ – абы* ар <u>*абы*</u> *ешэ*»; | - яшэр (объект) зыдашэ (дополненэ) щыӀэщ; |
| - *Пхъын* →<br><br>- *Пхъэн* → (*пхъыуэ щытын*) | - «*абы епхъ – абы* ар *епхъ – абы* ар <u>*абы*</u> *епхъ*»;<br>- «*абы епхъэ – абы* ар *епхъэ – абы ар* <u>абы</u> *епхъэ*»; (*мы щапхъэм мы и "дополненэ"м папщӀэ "префикс" нэхъ хуэигъуэщ)* | - япхъыр (объект) зыдапхъи (дополненэ) щыӀэщ;<br>- япхъыу щытыр (объ.) зыдапхъу щытри (доп.) лъытэнщ; - *мыр "префикс"к*Ӏэ *лъытэнри нэхъ игъуэщ!* |
| - *Тхъун* → | - «*абы етхъу – абы* ар *етхъу – абы* ар <u>*абы*</u> *етхъу*»; | - ятхъур (объ.) щылъытэкӀэ зыдатхъуи (доп.) мэлъытэф. |

- Мы къэта щапхъэ гуэрхэми (*пхъэн*) зэрыхэплъагъуэу, *глагол гуэрхэм я къэхъук*Ӏ*эрэ гъэзэщ*Ӏ*эк*Ӏ*эр нэхъ гуры*Ӏ*уэгъуаф*Ӏ*эу зылъытэ "префикс"хэр* (пп: ***щы****пхъэн,* ***те****пхъэн*) *щы*Ӏ*эщи,* бзэм зэрызекӀуэ щӀыкӀэр "*занщ*Ӏ*э глагол*" лӀэужьыгъуэ *нэхърэ "префиксиал глагол"у щытхэр* щыӀэщ. НытӀэ, мы псалъэм езэгъ "Ӏ*уэху макъ глагол*"у ипэкӀэ къэта таблицэхэм хиубыдэ *гуэр*хэм я *лэжьэк*Ӏэ щапхъэхэмрэ, ахэр *зыхуэигъуэ "префикс"к*Ӏ*э къэ*Ӏ*уатэу зэрылажьэ щапхъэ*хэри абыхэм къыкӀэлъыкӀуэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, *глагол мыхьэнэм* зэр*елъытак*Ӏ*эрэ* мы *гъэзащ*Ӏ*э* Ӏ*уэхур* мы "*префикс"хэмк*Ӏ*э нэхъ игъуэу* зэрылъытэм, ауэ икӀи *игъуэ "префикс"*кӀэ "*дополненэ*" зэрыл*ъыт*эфынум ипкъ

итклэ, "*префикс*"*к*lэ ухуэж глагол нэхъыбэм я *лэжьэк*lэхэм "*дополненэ*"*и зэрагъуэт*ми *гулъытэ* хуэтщlынщ:

| | |
|---|---|
| - *Сэн* → | - «*абы есэ* – *абы* ар *есэ*» → «*абы* **х***есэ* – *абы* ар <u>*абы*</u> **х***есэ*» *(пп: "щlыпlэ" преф.: "х")*; |
| - *Пlэн* → (*п*l*ыуэ щытын*) | - «*абы епlэ – абы ар епlэ*» → «*абы* **х***епlэ – абы ар* <u>*абы*</u> **х***епlэ*» *(пп: "щlыпlэ" преф.: "х")*; |
| - *Тхъэн* → (*тхъыуэ щытын*) | - «*абы етхъэ* – *абы* ар *етхъэ*» → «*абы* **щ***етхъэ* – *абы* ар <u>*абы*</u> **щ***етхъэ*» *(пп: "щlыпlэ" преф": "щы")*; |
| - *Лъхун* → | - «*абы елъху* – *абы* ар *елъху*» → «*абы* **къ***елъху* – *абы* ар **къ***елъху*» *(пп: "щlыкlэ" преф.: "къ")*; → *ауэ, "щlыпlэ" преф. "щ"ыкlэ "дополненэ"и мэлъытэр:* «*абы* **къыщ***елъху* – *абы* ар <u>*абы*</u> **къыщ***елъху*»; |
| - *Щтэн* → | - «*абы ещтэ* – *абы* ар *ещтэ*» → «*абы* **къ***ещтэ* – *абы* ар **къ***ещтэ*» *(пп: "щlыкlэ" преф.: "къ")*; → *ауэ, "щlыпlэ" преф. "щ"ыкlэ "дополненэ"и мэлъытэр:* «*абы* **къыщ***ещтэ* – *абы* ар <u>*абы*</u> **къыщ***ещтэ*». |

- Мы къэта щапхъэхэр зытеухуар *глагол гуэрхэр бзэм нэхъ игъуэу* "*префикс*"*к*lэ *зэрыхэлэжьыхь*ыр къэдгъэлъэгъуэну аращ; ауэ икlи, "**дополненэшэ**" лэжьэкlэ зиlэ мы "**lуэху занщlэ -макъ- глагол**"хэр *я мыхьэнэ*хэми зэр*елъытак*lэрэ нэхъыбэу "**щlыпlэ**" лlэужьыгъуэ "**префикс**"*к*lэ щыухуэжым дежщ "**дополненэ" зэрагъуэт**ыфри, мыр мы къэта щапхъэхэмкlи нэрылъагъущ. Нытlэ, "l*уэху занщ*lэ *-макъ- глагол*"хэу "*дополненэншэ*"хэм "*префикс*"*к*lэ "*дополненэ*" зэрагъуэтми мы илъабжьэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

- Мыхэр илъабжьэкlэ къытпэщыт lуэхущ, ауэ икlи, "дополненэ" зиlэрэ зимыlэ "lуэху занщlэ глагол"хэу мыбдежым къэтхьа щапхъэхэр "lуэху макъ глагол"хэращи, нытlэ, "*макъыбэ*" лlэужьыгъуэ "l*уэху занщ*lэ *глагол*"хэми мыпхуэдэ еплъыкlэкlэ *щыгъуазэ хуэхъун*ри *еджак*l*уэхэм къахуренэ*!

- Ауэ икlи, я мыхьэнэрэ зэрыгъэзэщlэкlэм елъытауэ мы "lуэху макъ глагол"хэм "дополненэ" яlэу щlэлэжьэфыр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащи, мыпхуэдэу щымытхэр и "*дополненэ*" *зимы*l*эу* зэры*лэжьэнухэр*и гурыlуэгъуэщ: зытелэжьыхь "*объект*"*ым нэмыщ*lым *хуэмыунэт*lрэ *темыухуэ* лэжьэкlэ зиlэ "l*уэху занщ*lэ *глагол*"*хэм* "*дополненэ*" *зэрамы*lэнур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы къыхэдгъэщами зэрезэгъкlэ, "*дополненэ*" *зимы*lэ "l*уэху макъ глагол*"хэм –икlи "*дополненэ*" *зимы*lэ "*макъыбэ* l*уэху занщ*lэ *глагол*"*хэми*- "*дополненэ*" *щ*l*амы*l*энур* я мыхьэнэрэ я гъэзэщlэкlэм елъытауэ къэгъэлъэгъуэнрэ *гуры*l*уэгъуэ щ*l*ын* lуэхугъуэри *еджак*l*уэхэм къахуренэ*!

## "lуэху занщlэ -макъ- глагол"хэм "префикс"кlэрэ "дополненэ" зэрагъуэтыфым теухуауэ:

## "ӀУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ХИУБЫДЭ "ЩХЬЭ" ЛӀЭУЖЬЫГЪУЭХЭР

Ипэкӏэ "езырыж макъ глагол"хэу "дополненэ" зимыӏэхэми "префикс"кӏэрэ "дополненэ" зиӏэу лэжьэкӏэ зэрагъуэтым щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, глагол *"префикс"хэм ягъэзащӏэ къалэныр "дополненэ" лъытэ*у зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Аращи, "езырыж занщӏэ глагол"у щырет, "ӏуэху занщӏэ глагол"у щырет, *"дополненэ" зимыӏэу лажьэ дэтхэнэ зы глаголыр* игъуэ *"префикс"*кӏэрэ *"префиксиал глагол"*у щыухуэжым деж, *"дополненэ" зиӏэ лэжьэк*ӏэ зэригъуэтыфынури гурыӏуэгъуэщ. Нытӏэ, мы зи гугъу тщӏы лъэныкъуэкӏэ "ӏуэху глагол"хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы псалъэм зэрезэгъкӏи, "ӏуэху занщӏэ глагол"хэм "префикс" къащтэу "ӏуэху префиксиал глагол"у ухуэжахэм я лэжьэкӏэхэм "дополненэ"и зэрызыхиубыдэм -хиубыдэ "щхьэ"хэр зэрыбагъуэм- теухуа щапхъэхэр мы илабжьэм къэдгъэлъагъуэу, тежыӏыхьыпхъэхэри къыщыпытщэжынщ.

Глаголхэм къащтэну "префикс"хэри зэрызэщхьэщыкӏым ипэкӏэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, нытӏэ, дэтхэнэ зы *"ӏуэху занщӏэ глагол"*ыр *щыгъэзащӏ*э *"щӏыпӏэ"*рэ *зэрыгъэзащӏ*э *"щӏыкӏэ"*р зэрылъытэ *"префикс"* къищтэу зэрыухуэжым теухуа *"ӏуэху префиксиал глагол"*хэращ мыбдежым къэдгъэлъагъуэу щыгъуазэ дызыхуэхъунухэр. Нытӏэ, мыхэр щыгъэзащӏэ мы *"щӏыпӏэ"р зэрылъыта "префикс"*ым *елъыта*рэ теухуауэ *лэжьэк*ӏэ зэригъуэтыр, икӏи, зэрыгъэзащӏэ мы *"щӏыкӏэ"р зэрылыта "префикс"*ым *елъыта*уэ *лэжьэк*ӏэ зэригъуэтращ щыгъуазэ дызыхуэхъунур. Аращи, мы *"префикс"*хэмкӏэ лъыта *"щӏыпӏэ"*рэ *"щӏыкӏэ"* лӏэужьыгъуэхэращ *икӏи* глагол лэжьэкӏэхэм *"дополненэ"*у хиубыдэнухэр.

Глагол лэжьэкӏэхэм теухуауэ "**префикс**"хэращ "**дополненэ**" жыхуэтӏэхэр *зылъытэ*хэри, *дэтхэнэ зы "занщӏэ глагол"* лӏэужьыгъуэм *"префикс"* къищтэу къытехъукӏ *"префиксиал глагол"* лӏэужьыгъуэм и лэжьэкӏэм -фӏэкӏыпӏэ имыӏэу- *"дополненэ"и зыхеубыд*эр.

Нытӏэ, мы къэтӏуэтахэри ди гурыӏуэгъуэу, ипэкӏэ *"дополненэшэ"у лажьэ "езырыж занщӏэ глагол"*хэм *"префикс"*хэр къащтэу *"езырыж префиксиал глагол"*у щыухуэжкӏэ, я лэжьэкӏэхэм *"дополненэ" зэрагъуэтм*и гулъытэ зэрыхуэтщӏам хуэдэу лъытапхъэщ мыбдежым

къыщедгъэкӀуэкӀыну къытпэщыт лэжьыгъэри, ″Ӏуэху *занщӀэ глагол*″хэри ″*префикс*″кӀэ ″Ӏ*уэху префиксиал глагол*″у щыухуэжкӀэ ″*дополненэ*″и *ягъуэту* зэрылажьэхэм гулъытэ яхуэтщӀыну аращ.

Мы къэтӀуэтахэри ди гурыӀуэгъуэу, ″Ӏ*уэху макъ глагол*″хэм ″*щ*Ӏ*ып*Ӏэ″рэ ″*щ*Ӏ*ык*Ӏэ″ лӀэужьыгъуэ ″*префикс*″ къащтэу ухуэж ″Ӏ*уэху префиксиал глагол*″хэмрэ, мыбыхэм я лэжьэкӀэхэм хиубыдэ ″*щхьэ*″хэри - ″*дополненэ*″хэри яхэтыжу- ″*ещанэ щхьэ цӀэпапщӀэ*″*у* зэрылъыта щӀыкӀэу щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, къыкӀэлъыкӀуэуи тежыӀыхьыпхъэхэр къыпытщэжын:

| **″Ӏуэху макъ глагол″хэр** | **″ЩӀыпӀэ″рэ ″щӀыкӀэ″ лӀэужь. ″преф.″хэмкӀэ ухуэж ″Ӏуэху преф. глагол″хэр** | **Мы ″преф.″хэмкӀэ ухуэжа мы ″Ӏ*уэху преф. гл.*″хэр ″*дополненэ*″ зыхиубыдэрэ зыхимыубыдэу зэрылажьэхэр** |
|---|---|---|
| - *Ин* | - «иин, Ӏуин» →<br>- «еин, нэин» → | - «*абы* ар *абы ирей*»; «*абы* ар *абы* Ӏ*уей*»;<br>- «*абы* ар *абы ирей*»; «*абы* ар *абы ней*»; |
| - Ӏ*ун*<br><br>- Ӏ*уэн*<br>(Ӏ*ун зэпытын*)<br>-----------------<br>- Ӏ*уэн* | - «къуэӀун, хэӀун» →<br>- «къэӀун, хуэӀун» →<br><br>- «гуэӀуэн, щыӀуэн» →<br>- «зыӀуэн, зэӀуэн» →<br>----------------------------<br>- «щӀэӀуэн, дэӀуэн» →<br>- «зэ(дэ)Ӏун, фӀэӀуэн»→ | - «*абы* ар *абы къуе*Ӏ*у*»; «*абы* ар *абы хе*Ӏ*у*»;<br>- «*абы ар ъке*Ӏ*у*»; «*абы* ар *абы хуе*Ӏ*уэ*»;<br><br>- «*абы* ар *абы гуе*Ӏ*у*»; «*абы* ар *абы ще*Ӏ*уэ*»;<br>- «*абы (езым) зе*Ӏ*уэ*»; «*абыхэм (езыхэм) за*Ӏ*уэ*»;<br>----------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *абы щ*Ӏ*е*Ӏ*уэ*»; «*абы* ар *абы де*Ӏ*уэ*»;<br>- «*абыхэм* ар *зэ(д)а*Ӏ*уэ*»; «*абы* ар *абы ф*Ӏ*е*Ӏ*уэ*»; |
| - *Хьын* | - «-» (″щӀыпӀэ″ префиксмэ, ″э″ кӀэухкӀэщ):<br>«фӀэхьэн, пыхьэн» →<br>- «дэхьын, пэхьын» → | - «″*абы* ар *абы ф*Ӏ*ехьэ*″»; «″*абы* ар *абы пехьэ*″»;<br>- «*абы* ар *абы дехь*»; «*абы* ар *абы пехь*»; |
| - *Чын* | - «ичын, Ӏучын» →<br>- «~~ечын~~, нэчын» → | - «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы иреч*»; «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы* Ӏ*уеч*»;<br>«-»; «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы неч*»; |
| - *Хун* | - «къуэхун, хэхун» →<br>- «къэхун, хуэхун» → | - «*абы* ар *абы къуеху*»; «*абы* ар *абы хеху*»;<br>«*абы* ар *абы къеху*»; «*абы* ар *абы хуеху*»; |

| | | |
|---|---|---|
| - *Джын* | - «гуэджын, щыджын» →<br>- «зыджын, зэджын» → | - «*абы* ар *абы гуедж*»; «*абы* ар *абы щедж*»;<br>- «*абы (езым) зедж*»; «*абхэм (езыхэм* – зыр *зым) задж*»; |
| - *Дзын* | - «щӏэдзын, дэдзын» →<br>- «зэ(дэ)дзын, дэдзын» → | - «*абы* ар *абы щӏедз*»; «*абы* ар *абы дедз*»;<br>- «*абыхэм* ар *абы зэ(д)адз*»; «*абы* ар *абы дедз*»; |
| - *Жьын* | - «фӏэжьын, пыжьын» →<br>- «фӏэжьын, пэжьын» → | - «*абы* ар *абы фӏежь*»; «*абы* ар *абы пежь*»;<br>- «*абы* ар *абы фӏежь*»; «*абы* ар *абы пежь*»; |
| - *Зын* | - «изын, ӏузын» →<br>- «~~езын~~, нэзын» → | - «*абы* ар *абы ирез*»; «*абы* ар *абы ӏуез*»;<br>- «-»; «*абы* ар *абы нез*»; |
| - *Щын* | - «къуэщын, хэщын» →<br>- «къэщын, хуэщын» → | - «*абы* ар *абы къуещ*»; «абы ар *абы хещ*»;<br>- «*абы* ар *къещ*»; «*абы* ар *абы хуещ*»; |
| - *Щӏын*<br><br><br>- *Щӏэ (щӏын зэпытын)*<br><br>-----------------<br>- *Щӏэн* | - «гуэщӏын, щыщӏын» →<br>- «зыщӏын, зэ(дэ)щӏын» →<br>- «щӏэщӏэн, дэщӏэн» →<br>- «зэщӏэн, дэщӏэн» →<br>--------------------------------<br>- «~~пыщӏэн, ищӏэн~~» →<br>- «фӏэщӏэн, пэщӏэн» → | - «*абы* ар *абы гуещӏ*»; «*абы* ар *абы щещӏ*»;<br>- «*абы* (*езым*) *зещӏ*»; «*абыхэм* ар *зэ(д)ащӏ*»;<br>- «*абы* ар *абы щӏещӏэ*»; «*абы* ар *абы дещӏ*»;<br>- «*абы (езым) зещӏэ* – *абыхэм* ар (зыр *зым) защӏэ*»; «*абы* ар *абы дещӏэ*»;<br>-----------------------------------------------<br>- «-»;<br>- «*абы* ар *абы фӏещӏэ*»; «*абы* ар *абы пещӏэ*»; |
| - *Шэн* | - «фӏэшэн, пышэн» →<br>- «ешэн, нэшэн» → | - «*абы* ар *абы фӏешэ*»; «*абы* ар *абы пешэ*»;<br>- «*абы* ар *абы ирешэ (–ирешалӏэ)*»; «*абы* ар *абы нешэ*»; |
| - *Сэн* | - «исэн, ӏусэн» →<br>- «къэсэн, хуэсэн» → | - «*абы* ар *абы иресэ*»; «*абы* ар *абы ӏуесэ*»;<br>- «*абы* ар *абы къесэ*»; «*абы* ар *абы хуесэ*»; |
| - *Лын-2 (1- нэху/мафӏэ бзий; 2- (щыхуэн)*<br>- *Лэн* (2- *лын зэпытын*) | - «къуэлын, хэлын» →<br>- «зылын, зэлын» →<br>- «гуэлэн, щылэн» → | - «*абы* ар *абы къуел*»; «*абы* ар *абы хел*»;<br>- «*абы (езым) зел*»; «*абыхэм (езыхэм* - зыр *зым) зал*»;<br>- «*абы* ар *абы гуелэ*»; «*абы* ар *абы щелэ*»; |

| | | |
|---|---|---|
| | - «зэ(дэ)лэн, дэлэн» → | - «*абыхэм* ар *зэ(д)алэ*»; «*абы* ар *абы делэ*»; |
| - *Дын*<br><br><br>-----------------<br>- *Дэн* | - «щӀэдын, дэдын» →<br>- «фӀэдын, пэдын» →<br>--------------------------------<br>- «фӀэдэн, идэн» →<br>- «фӀэдэн, пэдэн» → | - «*абы* ар *абы щӀед*»; «*абы* ар *абы дед*»;<br>- «*абы* ар *абы фӀед*»; «*абы* ар *абы пед*»;<br>----------------------------------------------<br>- «*абы* ар *абы фӀедэ*»; «*абы* ар *абы иредэ*»;<br>- «*абы* ар *абы фӀедэ*»; «*абы* ар *абы педэ*»; |
| - *Тын* | - «Ӏутын, къуэтын» →<br>- «етын, нэтын» → | - «*абы* ар *абы Ӏует*»; «*абы* ар *абы къует*»;<br>- «*абы* ар *абы ирет*»; «*абы* ар *абы нет*»; |
| - *ТӀын* | - «хэтӀын, гуэтӀын» →<br>- «къэтӀын, хуэтӀын» → | - «*абы* ар *абы хетӀ*»; «*абы* ар *абы гуетӀ*»;<br>- «*абы* ар *абы къетӀ*»; «*абы* ар *абы хуетӀ*»; |
| - *Вын* | - «щывын, щӀэвын» →<br>- «~~зывын~~, зэ(дэ)вын» → | - «*абы* ар *абы щев*»; «*абы* ар *абы щӀев*»;<br>- «-»; «*абыхэм* ар ~~*абы*~~ зэдав»; |
| - *ПӀын*<br><br><br>- *ПӀэн* (*п*Ӏын *зэпытын*) | - «дэпӀын, фӀэпӀын» →<br>- «дэпӀын, фӀэпӀын» →<br><br>- «ипӀэн, ӀупӀэн» →<br>- «пэпӀэн, ~~епӀэн~~» → | - «*абы* ар *абы депӀ*»; «*абы* ар *абы фӀепӀ*»;<br>- «*абы* ар *абы депӀ*»; «*абы* ар *абы фӀепӀ*»;<br><br>- «*абы* ар *абы ирепӀ*»; «*абы* ар *абы ӀуепӀ*»;<br>- «*абы* ар *абы непӀ*»; «-»; |

| | | |
|---|---|---|
| - *Тхъын*<br><br><br>- *Тхъэн* (*тхъын зэпытын*) | - «къуэтхъын, хэтхъын» →<br>- «нэтхъын, къэтхъын» →<br>- «гуэтхъэн, щытхъэн» →<br>- «хуэтхъэн, зытхъэн» → | - «*абы* ар *абы къуетхъ*»; «*абы* ар *абы хетхъ*»;<br>- «*абы* ар *абы нетхъ*»; «*абы* ар *абы къетхъ*»;<br>- «*абы* ар *абы гуетхъ*»; «*абы* ар *абы щетхъ*»;<br>- «*абы* ар *абы хуетхъ*»; «*абы (езым) зетхъ*»; (*глагол мыхьэнэуэ игъуэкъым*) |
| - *Пхъын* | - «дэпхъын, фӀэпхъын» →<br>- «зэпхъын, зэ(дэ)пхъын» → | - «*абы* ар *абы депхъ*»; «*абы* ар *абы фӀепхъ*»;<br>- «*абыхэм* ар *зыр зым запхъ*»; «*абыхэм* ар (зыр *зым) зэдапхъ*»; |

| | | |
|---|---|---|
| - *Пхъэн* (*пхъын зэпытын*) | - «пыпхъэн, ипхъэн» →<br>- «дэпхъэн, фІэпхъэн» → | - «*абы* ар *абы пепхъэ*»; «*абы* ар *абы ирепхъэ*»;<br>- «*абы* ар *абы депхъэ*»; «*абы* ар *абы фІепхъэ*»; |
| - *Тхъун* | - «Іутхъун, къуэтхъун» →<br>- «пэтхъун, ~~етхъун~~» → | - «*абы* ар *абы Іуетхъу*»; «*абы* ар *абы къуепхъу*»;<br>- «*абы* ар *абы петхъу*»; «-»; |
| - *Шхын* | - «гуэшхын, щышхын» →<br>- «нэшхын, къэшхын» → | - «*абы* ар *абы гуешх*»; «*абы* ар *абы щешх*»;<br>- «*абы* ар *абы нешх*»; «*абы* ар *абы къешх*»; |
| - *Тхын* | - «щІэтхын, дэтхын» →<br>- «хуэтхын, зытхын» → | - «*абы* ар *абы щІетх*»; «*абы* ар *абы детх*»;<br>- «*абы* ар *абы хуетх*»; «*абы (езым) зетх*»; |
| - *Лъхун* | - «фІэлъхун, пылъхун» →<br>- «зэ(дэ)лъхун, дэлъхун» → | - «*абы* ар *абы фІелъху*»; «*абы* ар *абы пелъху*»;<br>- «*абыхэм* ар *зэ(д)алъху*»; «*абы* ар *абы делъху*»; |
| - *Пхын* | - «ипхын, Іупхын» →<br>- «фІэпхын, пэпхын» → | - «*абы* ар *абы ирепх*»; «*абы* ар *абы Іуепх*»;<br>- «*абы* ар *абы фІепх*»; «*абы* ар *абы пепх*»; |
| - *Бжын* | - «къуэбжын, хэбжын» →<br>- «~~ебжын~~, нэбжын» → | - «*абы* ар *абы къуебж*»; «*абы* ар *абы хебж*»;<br>- «-»; «*абы* ар *небж*»; |
| - *Бзын* | - «гуэбзын, щыбзын» →<br>- «къэбзын, хуэбзын» → | - «*абы* ар *абы гуебз*»; «*абы* ар *абы щебз*»;<br>- «*абы* ар *къебз*»; «*абы* ар *абы хуебз*»; |
| - *Пщын* (*къэпщытэн*) | - «щІэпщын, дэпщын» →<br>- «зыпщын, зэ(дэ)пщын» → | - «*абы* ар *абы щІепщ*»; «*абы* ар *абы депщ*»;<br>- «*абы (езым) зепщ*»; «*абыхэм* ар *зэдапщ*»; |
| - *ПщІын* | - «фІэпщІын, пыпщІын» →<br>- «дэпщІын, фІэпщын» → | - «*абы* ар *абы фІепщІ*»; «*абы* ар *абы пепщІ*»;<br>- «*абы* ар *абы депщІ*»; «*абы* ар *абы фІепщІ*»; |
| - *Щтэн* (*теІэтыкІын*) | - «ищтэн, Іущтэн» →<br>- «пэщтэн, ~~ещтэн~~» → | - «*абы* ар *ирещтэ*» – «*абы* ар *Іуещтэ*;<br>- «*абы* ар *пещтэ*»; «-». |

**Мы таблицэхэми къызэрыхэщу, "префиксиал Іуэху глагол"хэмрэ я лэжьэкІэхэм хиубыдэ "щхьэ"хэм теухуауэ къыпыщапхъэхэр.**

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, "хьын" глаголыр мы къызэрыlуу дэтхэнэ зы "префикс"кlэ ухуэкъыми, мыпхуэдэу зэрыухуэфыр "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс" гуэрхэмкlэщ. Аращи, "хьы"уэ мы къызэрыlу щlыкlэу "префикс"кlэ зэрыухуэфыр мы зэрыщыт "щlыкlэ"у зэрыгъэзащlэр зылъытэну "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэмкlэщ: «нэхьын, къэхьын, хуэхьын, фlэхьын, пэхьын».

Ауэ, "хьын" глаголыр мы къызэрыlуу "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэмкlэ ухуэкъым. Нытlэ, "*хьын*" глаголыр "*щlыпlэ*" лlэужьыгъуэ "*префикс*"хэмкlэ зэрыухуэр "*э*"*к*lэ *къызэрыlу*ущ. Мыпхуэдэуи, "*хьын*" lуэхур зы "*щlыпlэ*"*м зэрырик*l*у*эр (э) мэлъытэр: «ихьэн, lухьэн, къуэхьэн, гуэхьэн, щlэхьэн, фlэхьэн, пыхьэн».

"Хьын" глаголыр "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"кlэ щыухуэм деж, къищтэ "*э*" *к*l*эухым игъэзащ*lэ къалэнри "*хьын*" l*уэхур* мы "*щып*lэ" лlэужьыгъуэм зэрыр*ик*l*у*эращ *(э)*. Нытlэ, мы "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэмкlэ "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ" къэlуэтэкlэм щыхэлъытэри "доплоненэ"у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, ипэкlэ "хьын" глаголыр "щlыпlэ"рэ "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"хэмкlэ зэрыухуа "lуэху префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэкlэ щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - *Хьын* | - «-» - ("щlыпlэ" префиксхэр "э"кlэ къэlуущ): «фlэхьэн, пыхьэн» → <br>- «дэхьын, пэхьын» → | - «*абы* ар *абы фlехьэ*»; «*абы* ар *абы пехьэ*"»; <br>- «*абы* ар *абы дехь*»; «*абы* ар *абы пехьэ*». |

Нытlэ, "хьын" макъ глаголым "э"кlэ къэlу вариант зэримылlэр гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы и нормал -"ы"- къэlукlэкlэ "хьын" макъ глаголым "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс" къызэримыщтэри нэрылъагъущи, абы "щlыпlэ" префикс къыщищтэм деж "э"кlэ къэlуу зэрыухуэри мы къэта щапхъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр. Мыбы папщlэщ икlи мыбдежым хэхауэ "хьын" глаголым "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс" къищтэу мы зэрыухуэж щlыкlэми гугъу щlэтщlар. Мыхъумэ, "префикс" къыщащтэм деж, "э" къэlукlэ зыгъуэт глаголхэр мащlэкъым.

*

Нытlэ, "префикс" къащтэу "э" къэlукlэ зыгъуэт глаголхэми я гугъу тщlынщи, ипэкlэ къэта таблицэхэм хиубыдэ мыпхуэдэ глаголхэр "э"кlэ къэlууи зэрыухуэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ. – Ауэ, мы зи гугъу тщlы щапхъэхэр "ы"кlэ къэlуу

ухуа "Ӏуэху макъ глагол"хэращ зытеухуари, зэмыхьэнэгъу глаголу "э" къэӀукӀи зиӀэхэм зэрытемыухуар гурыӀуэгъуэнщ.

Дауи зэрыгурыӀуэгъуэу, *"ы"кӀэ къэӀу* зы *глагол*ыр *гъэзащӀэ зэпыт*рэ *щыт*у зэрылъытэрщ абы и "э"кӀэ къэӀуу зэрыухуэж и вариантри, мыбдежым зи гугъу тщӀынухэри мыпхуэдэу лъытапхъэхэрщ. Ауэ икӀи, зы *глагол* мыхьэнэр абы къищта *"префикс"ым елъытауэ лажьэу зэрызек*Ӏуэри -"префикс"кӀэ лъыта *"дополненэ"м хуэк*Ӏуэрэ *теухуэ*у *зэрылажьэ*ри- "э" кӀэухкӀэ къызэрыӀуу ухуэжыныр нэхъ гъуэу зэрыщытыпхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, глагол куэдыр *"щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ"у* дэтхэнэ зы *"префикс"* лӀэужьыгъуэкӀэ иреухуэж, *"префиксиал глагол"у "э"кӀэ къэӀууи зэрызэпкъырыувэф*хэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэщ икӀи ипэкӀэ таблицэхэм къыщыта глагол куэдыр. НытӀэ, таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуарэ *"ы"кӀэ къэӀу*у ухуа *"Ӏуэху макъ глагол"*хэм *"префикс"* къызэращтэу къатехъукӀа *"Ӏуэху префиксиал глагол" гуэрхэр* икӀи *"э"кӀэ къэӀууи зэрыухуэж*хэр къэдгъэлъагъуэу, я *лэжьэк*Ӏэ *щапхъэхэр*и къапытщэжынщ. – Ауэ икӀи, "префикс" къищтэу "э"кӀэ къэӀуу мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэм щыщу *нэхъ игъуэрэ бзэми нэхъ щызек*Ӏуэхэр *"щӀыпӀэ" л*Ӏэужьыгъуэ *"префикс"к*Ӏэ *ухуахэр*ауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ:

| | | |
|---|---|---|
| - *Пхын* | - «ипхын → "ипхэн"; «Ӏупхын → "Ӏупхэн"» →<br>- «фӀэпхын → "фӀэпхэн"; пэпхын → "пэпхэн"» → | - «*абы* ар *абы* *ирепхэ*»; «*абы* ар *абы* *Ӏуепхъэ*»;<br>- «*абы* ар *абы* *фӀепхэ*»; «*абы* ар *абы* *пепхэ*»; |
| - *Бжын* | - «къуэбжын → "къуэбжэн"; хэбжын → "хэбжэн"» →<br>- «~~ебжын~~; нэбжын → "нэбжэн"»→ | - «*абы* ар *абы* *къуебжэ*»; «*абы* ар *абы* *хебжэ*»;<br>- «-»; «*абы* ар ~~*абы*~~ *небжэ*»; |
| - *Бзын* | - «гуэбзын → "гуэбзэн"; щыбзын → "щыбзэн"» →<br>- «къэбзын → "къэбзэн"; хуэбзын → "хуэбзэн"» → | - «*абы* ар *абы* *гуебзэ*»; «*абы* ар *абы* *щебзэ*»;<br>- «*абы* ар ~~*абы*~~ *къебзэ*»; «*абы* ар *абы* *хуебзэ*»; |
| - *Пщын* (-*пщытэн*) | - «щӀэпщын → "щӀэпщэн"; дэпщын → "дэпщэн"» →<br>- «зыпщын → "зыпщэн"; зэ(дэ)пщын → "зэ(дэ)пщэн"» → | - «*абы* ар *абы* *щӀепщэ*»; «*абы* ар *абы* *депщэ*»;<br>- «*абы (езым) зепщэ*»; «*абыхэм* ар ~~*абы*~~ *зэдапщэ*»; |
| - *ПщӀын* | - «фӀэпщӀын → "фӀэпщӀэн"; пыпщӀын → "пыпщӀэн"» →<br>- «дэпщӀын → "дэпщӀэн"; | - «*абы* ар *абы* *фӀепщӀэ*»; «*абы* ар *абы* *пепщӀэ*»;<br>- «*абы* ар *абы* *депщӀэ*»; «*абы* ар *абы* |

| | | |
|---|---|---|
| | фӏэпщӏын → "фӏэпщӏэн"» → | *фӏепщ*ӏэ». |

Гулъытэ зэрыхуэщӏыпхъэм теухуау ипэкӏэ къыпытщэжа псалъэми гурыӏуэгъуэ къызэрищӏщи, "э" кӏэух зиӏэу ухуа мы "ӏуэху префиксиал глагол" щапхъэхэм щыщу нэхъ игъуэхэр "*щ*ӏ*ып*ӏэ" лӏэужьыгъуэ "*префикс*"хэм теухуахэрщ: "*э*" *к*ӏэ*ух*ыр *зыхуэфащэр* зы *щ*ӏ*ып*ӏэрэ лъагъуэм теухуа зы *к*ӏ*уэтэгъуэ*у зэрыщытынури гурыӏуэгъуэнщ.

*

Ипэкӏи къызэрыхэдгъэщауэ, "э"м игъэзащӏэр функционал кӏуэтэгъуэщи, мыпхуэдэу къэӏу глаголыр кӏуэтэгъуэ лӏэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Ауэ, "э" кӏэух имыӏэми, *и мыхьэнэр к*ӏ*уэтэгъуэ л*ӏ*эужьыгъуэ*у щыт *глагол*хэр щыӏэщи, мыпхуэдэхэр "*ы*"*к*ӏэ *къызэры*ӏ*урэ* "*э*"*к*ӏэ *къызэры*ӏ*у*у зэрыухуахэм я зэхуакум *мыхьэнэк*ӏэ *зэщхьэщык*ӏыныгъэ зыхуаӏэнуи къыщӏэкӏынщ.

Аращи, мы ипэкӏэ зи гугъу тщӏа "префикс" лӏэужьыгъуэхэмкӏэ ухуэрэ "э" кӏэух къэӏукӏи зыхуэигъуэ "ӏ*уэху префиксиал глагол*" *гуэрхэр* я глагол *мыхьэн*эрэ гъэзэщӏэкӏэми *зэрелъыта*щи, "*э*"*к*ӏэ *къэ*ӏ*у* и *вариант*ымрэ нормалу -"*ы*"*к*ӏэ- *къызэры*ӏ*у* и *вариант*ыр *зэхуэпхэндж лъэныкъуэ*м хуэгъэза *мыхьэнэ ягъуэту* зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Глаголым езыр кӏуэтэгъуэ лӏэужьыгъуэ мыхьэнэ зиӏэу "ы"рэ "э" къэӏукӏэ зиӏэу зэрыухуа мы "ӏуэху префиксиал глагол"хэр зыхуэгъэза лъэныкъуэри "щӏыпӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс"кӏэ зэрылъытэнур гурыӏуэгъуэнщ.

Нытӏэ, "*ы*"*рэ* "*э*"*к*ӏэ *къызэры*ӏ*ухэм елъытауэ зэхуэпхэндж мыхьэнэ щ*ӏ*агъуэт*ми щыгъуазэ дыхуэхъуащи, я *мыхьэнэк*ӏэ *к*ӏ*уэтэгъуэ* лӏэужьыгъуэу *щытыххэ* мыпхуэдэ *глагол*хэмрэ ахэр "*ы*"*рэ* "*э*"*к*ӏэ *къызэры*ӏ*у*у зэрыухуахэмрэ *я лэжьэк*ӏэ *щапхъ*эхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ. – Ауэ икӏи, ипэкӏи къызэрыхэдгъэщауэ, *к*ӏ*уэтэгъуэ*м икӏуэр зы *гъуэгуанэ*у зы "*щ*ӏ*ып*ӏэ" лӏэужьыгъуэрщи, мыбдежым ди ӏуэхур "*щ*ӏ*ып*ӏэ" лӏэужьыгъуэ "ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэращ:

| | | |
|---|---|---|
| - *Хун* | - «къуэхун/къуэхуэн; хэхун/хэхуэн» → | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *къуеху*»/«*абы* ар <u>*абы*</u> *къуехуэ*»; «*абы* ар <u>*абы*</u> *хеху*»/ «*абы* ар <u>*абы*</u> *хеху*»; |
| - *Дзын* | - «щӏэдзын/щӏэдзэн; дэдзын/дэдзэн» → | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *щ*ӏ*едз*»/«*абы* ар <u>*абы*</u> *щ*ӏ*едзэ*»; «*абы* ар <u>*абы*</u> *дедзэ*»; |
| - *Тхъун* | - «ӏутхъун/ӏутхъуэн; къуэтхъун/къуэтхъуэн» → | - «*абы* ар <u>*абы*</u> ӏ*уетхъу*»/«*абы* ар <u>*абы*</u> ӏ*уетхъуэ*»; «*абы* ар <u>*абы*</u> *къуепхъу*»/«*абы* |

| | | |
|---|---|---|
| | | ар <u>*абы*</u> *къуепхъу*». |

Мыбыхэм "префикс"рэ "суффикс"хэм теухуа лэжьыгъэм дежи щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, мы щапхъэрэ лэжьэкӀэхэр нэхъри кӀыхь зэрытщӀыфынур гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, кӀыхь дымыщӀыу, мыбдежми *"э"к*Ӏэ *къэ*Ӏ*у*у ухуа зы *глагол*ыр "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"кӀэ *"ы"к*Ӏ*и къэ*Ӏ*уу* зэрыухуэмрэ, мы къызэрыӀу щӀыкӀэхэм елъытауэ *зэхуэпхэндж лъэныкъуэм хуэгъэза мыхьэнэ* ягъуэту зэрылажьэ щапхъэ къэтхьынщ:

| | | |
|---|---|---|
| - *Шэн* | - «фӀэшэн/фӀэшын; пышэн/пышын» → | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *ф*Ӏ*ешэ*»/«*абы* ар <u>*абы*</u> *ф*Ӏ*еш*»; «*абы* ар <u>*абы*</u> *пешэ*»/«*абы* ар <u>*абы*</u> *пеш*». |

*"Щ*Ӏ*ык*Ӏ*э" л*Ӏ*эужьыгъуэ префиксхэу* ***"зы, зэ, зэ(дэ)"*** *хэм теухуауэ.*

Глаголхэр "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "зы"рэ "зэ, "зэ(дэ)" префиксхэмкӀэ зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр адрей префиксхэмкӀэ ухуа глаголхэм я лэжьэкӀэ щапхъэхэм къызэрыщхьэщыкӀыр нэрылъагъущи, мыпхуэдэу зэрыщытыр зытеухуари мы "префикс"хэм ягъэзащӀэ къалэнхэращ. ИкӀи, мы къазэрыщхьэщыкӀхэри ипэкӀэ къэта таблицэхэм къыхэгъэщауэ зэрыщытри нэрылъагъущ: «зыӀуэн → *"абы (езым) зе*Ӏ*уэ"*»; «зэӀуэн: *"абыхэм за*Ӏ*уэ"*»; «зэ(дэ)Ӏуэн: *"абыхэм зэ(д)а*Ӏ*уэ"*».

Мы щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, -*глагол мыхьэнэми* зэр*елъытау*эщи- мы "префикс"хэмкӀэ ухуа глаголхэм я лэжьэкӀэхэм "объект"рэ *"<u>дополненэ</u>" зэрыхимыубыдапхъ*эри гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мы илъабжьэм мы префиксхэм ягъэзащӀэ къалэнхэмрэ, мыхэр *зи "префикс" глагол лэжьэк*Ӏэхэм *хиубыдэ "щхьэ"*хэр *адрей "префиксиал глагол"хэм* я лэжьэкӀэхэм *къазэрыщхьэщык*Ӏым щхьэхуэ щхьэхуэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

Япэрауэ, *"субъект"ым езым ищхьэм хуэгъэзэщ*Ӏ*эн имыгъуэ* Ӏуэхугъуэ зылъытэ глаголхэр *"зы" префикск*Ӏэ *инфинитив*у *зэрызэпкъырымыув*энур гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэу "инфинитив глагол"у мыухуапхъэхэр ипэкӀэ къэта таблицэхэм и гущӀыӀур тетхъауэщ зэрыхэплъагъуэр: «~~зывын~~».

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, *"зы" префикс*ыр къэзыщтэ *глагол*ыр *"субъект"ым езым хуэлэжьэж*у мэлъытэри, *"субъект"ым -езым- ищхьэм*

зэры*хуэгъэзащI*эм папщIэ, глагол лэжьэкIэм "объект" *и*Iэнкъым. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, глаголыр *зытелэжьыхьыр глагол "субъект"*ым езыращи, *глагол "объект"ыр езы "субъект"ра*уэ лъытапхъэщ. Ауэ, глаголыр зыхуэлэжьэж *"субъект"*ым *езыр аргуэру* "объект"уи (пп: *"абы* езыр *зещ*Iэ" хуэдэу) зэры*мылъытапхъ*эр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, мы *глагол лэжьэкIэр "субъект"ым зэрытелэжьыхь*ым (объект) ипкъ зэриткIэ, "объект" химыубыдэу мы къызэрыIуэтапхъэм глагол *"субъект"ыр ик*I*и* глагол "объект"у зэрыщыткIэрэ *щэхуу хиубыдэу* зэры*лъытапхъ*эри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, "зы" префикскIэ ухуа мы глагол лэжьэкIэр "объект" химыубыдэущ къызэрыIуэтапхъэри, абы икIи щэхуу хиубыдэу лъытапхъэ "объект"ри къызэрыхэщ и къэIуэтэкIэри къыпытщэжу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «зыщIэн: "*абы зещ*Iэ" ← {"*абы* (езыр) *зещ*Iэ"}». |

ИкIи, *"субъект"ым езым ищхьэм хуигъэзэщIэж* мы Iуэхугъуэр *зытеухуэ*ри а Iуэхугъуэр зыгъэзащIэ *"субъект"*ым езыращи, глагол лэжьэкIэм *"__дополненэ__"*у хиубыдапхъэри езы *"субъект"*ращ. Ауэ, *"субъект"ым езыр "дополненэ"уи* (*абы __езым__ зещ*Iэ) зэры*мылъытапхъ*эр гурыIуэгъуэнщи, *"зы" префикскIэ ухуа глагол лэжьэкIэм "__дополненэ__"и хиубыдапхъэкъым*. Аращи, *"зы" префикс*кIэ ухуа *глагол лэжьэкIэр "субъект"ым езым хуэлэжьэж*у зэрыщытым -нэгъуэщI гуэрым темыухуэрэ хуэмыунэтIыу зэрыщытым- папщIэ, "объект" химыубыдэу къызэрымыIуэтапхъэм хуэдэжу *"__дополненэ__"*и хиубыдэу къэIуэтапхъэкъым. НытIэ, *"__дополненэ__"* химыубыдэу къызэрыIуатэ щIыкIэмрэ, абы *"__дополненэ__"*р щэхуу зэрыхиубыдэри къыпытщэжу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «зыщIэн: "*абы зещ*Iэ" ← {"*абы* (*__езым__*) *зещ*Iэ"}». |

Ауэ, *"зы"м нэмыщI игъуэ "префикс"*хэу "*щ*I*ып*Iэ" лIэужьыгъуэ *"префикс"*рэ (щы) зыгуэрым зэрыхуэунэтIыгъэ зылъытэ "*щ*I*ык*Iэ" лIэужьыгъуэ *"префикс"*кIэ (хуэ) ухуа мы *"Iуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэк*Iэхэм "объект" химыубыдэнуми, мы *"префикс"*хэмкIэ (щы, хуэ) *зытеухуэ*эр зэрылъыта *"__дополненэ__"* зэрыхиубыдэфынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы къызэрыIуэтапхъэхэмрэ икIи абыхэм *щэхуу зыхаубыд*эу къэдгъэлъэгъуа "объект"рэ *"__дополненэ__"*ри къызэрыхэщри къыпытщэжу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - "зыщыщIэн": «"*абы __абы__ зыщещ*Iэ" ← {"*абы* (езыр) *__абы__ зыщещ*Iэ"; "*абы* (*__езым__*) *__абы__ зыщещ*Iэ"}»; |

| |
|---|
| - ″зыхуэщӏэн″: «″*абы* <u>*абы*</u> *зыхуещ*ӏэ″ ← {″*абы* (езыр) <u>*абы*</u> *зыхуещ*ӏэ″; ″*абы* <u>*(езым)*</u> <u>*абы*</u> *зыхуещ*ӏэ″}». |

*

″*Зы*″м ″*префикс*″у мы *игъэзащ*ӏэ *къалэн*ыр -адыгэбзэ лэжьэкӏэм ипкъ зэриткӏэ- ″*зы*″*уэ щыт* (″зы-э → зэ″) *мыхьэнэк*ӏэрэ икӏи ″*зэ*″ *префикс*ми *зэригъэзэщ*ӏэ*ф*ынур гурыӏуэгъуэнщ (пп: *зэин*, *зэ*ӏ*уэн*, *зэщ*ӏ*эн*).

Ауэ, ″зы″мрэ абы и кӏуэтэгъуэу щыт мы ″зэ″м елъытауэ ӏуэхур зэрыгъэзэщӏэну щӏыкӏэр зэрызэщхьэщыкӏынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, ″зы″р ″префикс″ зыхуэхъуу ухуэж глаголыр зытеухуа ӏуэхум глагол ″субъект″ым езыр хиубыдэу ″субъект″ым езыр глагол гъэзэщӏэкӏэм хиубыдэущ зэрылажьэри, ″*субъектым езым зищ*ӏ″уэщ; ауэ ″зэ″р префикс зыхуэхъу глаголыр зытеухуа ″ӏ*уэхур* -объектыр- *субъект*ым *езым зэрызыхуищ*ӏ″ щӏыкӏэущ зэрылажьэр. Нытӏэ, мыхэр мы зэхущытыкӏэкӏэ зэреджапхъэм теухуа лэжьэкӏэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - ″зыин″: «″*абы зей*″ ← {″*абы (езым) зей*″; ″*абы* езыр *зей*″}»;<br>- ″зэин″: «″*абы* ар *зей*″ ← {″*абы* ар *(езым) зей*″}; ″*абы абык*ӏэ *зей*″ ← {″*абы* (езыр) *абык*ӏэ *зей*″}». |

Ауэ, мы зэреджапхъэм нэмыщӏ, ″зэ″ префикскӏэ ухуа глаголыр икӏи зытеухуа ӏуэхугъуэр зы *гупым игъэзащ*ӏ*эу* зэрыщыткӏи зэр*еджапх*ъэр гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Аращи, ″*зэ*″ *префикс*ыр къэзыщтэ *глаголыр* зы *гупк*ӏэ зэрыг*ъэзэщ*ӏ*эн хуейм* теухуащи, мыр ″*зэ*″ *префикс*ыр *къэзыщтэ*у ухуа *глагол*ым и ″*субъект*″ыр *куэдагъ*эу -гупу- зэрыщытынур гурыӏуэгъуэщ. ″Зэ″ префикс къэзыщтэ глаголыр зы гупкӏэ зэрыщыту зэрыгъэзащӏэм нэмыщӏ, мы *глаголыр* зытеухуа ӏуэхугъуэр мы гупым хиубыдэхэм *зыр зым зэрыхуагъэзащ*ӏэри ″зэ″ префикскӏэ зэрылъытапхъэри гурыӏуэгъуэнщ.

Ауэ, ″*зэ*″ *префикс* зиӏэ ″*префиксиал глагол*″ым мы и *гуп* лӏэужьыгъуэ ″*субъект*″ым хиубыдэхэм ″*зыр зым хуагъэзащ*ӏэ″у (зэрызырщӏэ) зэрыщытым *нэмыщ*ӏ, мы глаголыр зытеухуа ″ӏ*уэхур* -″объект″ыр- ″*субъект*″ *гупым хиубыдэ псоми ягъэзащ*ӏ*эу*″ (зыращӏэ) зэрыщыткӏи зэр*еджапх*ъэр гурыӏуэгъуэнщ.

| |
|---|
| - ″зэин″: «*абыхэм* (зыр зым*) зай (зэрызырай)*»; «*абыхэм* ар (хиубыдэ псоми) *зай (зырай)*»;<br>- ″зэӏун″: «*абыхэм* (зыр зым) *за*ӏ*у (зэрызыра*ӏ*у)*»; «*абыхэм* ар (хиубыдэ псоми) *за*ӏ*у (зыра*ӏ*у)*»;<br>- ″зыщӏэн″: «*абыхэм* (зыр зым) *защ*ӏэ *(зэрызыращ*ӏ*э)*»; «*абыхэм* ар (хиубыдэ псоми) *защ*ӏэ *(зыращ*ӏ*э)*». |

*

"Зэ" префиксым глагол мыхьэнэхэми елъытауэ игъэзащӀэ мы и къалэнитӀым щыщу *гуп* лӀэужьыгъуэ *"субъект"ым хиубыдэхэм псоми ягъэзащ*Ӏэу мы тлъытар икӀи мы *"субъект" гупым хиубыдэхэр зэдэщӀыгъуу* зэрылъытэу "зэ"м "дэ"ри дищӀыгъуу "префикс" къалэни егъэзащӀэр. Аращи, глагол *мыхьэнэми елъыта*уэ "зэ"м икӀи *"дэщӀыгъуныгъэ"* зылъытэ *"дэ"*ри *"префикс къуэдзэ"*у дищӀыгъуу *"зэдэ" префикс*ущ зэрызэпкъырыувэри, мыпхуэдэ щапхъэхэри таблицэхэм зэрыигъуэу хыболъагъуэр.

| |
|---|
| - "зэ(дэ)ин": «*абыхэм* ар *зэдай (зэдэщӀыгъуу яй)*»; |
| - "зэ(дэ)Ӏун": «*абыхэм* ар *зэдаӀу (зэдэщӀыгъуу яӀу)*»; |
| - "зыщӀэн": «*абыхэм* ар *зэдащӀэ (зэдэщӀыгъуу ящӀ)*»; |

**"Дополненэ" лӀэужьыгъуэхэмрэ "Ӏуэху префиксиал глагол"хэу зи лэжьэкӀэхэм "дополненэбэ" зэрызыхиубыдэхэм теухуауэ.**

Мы ипэкӀэ "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "зы, зэ"кӀэ ухуа "Ӏуэху префиксиал глагол"хэм я лэжьэкӀэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мы глаголхэм я лэжьэкӀэхэм занщӀэу "объект"рэ "дополненэ" къызэрыхэмыщыр езы "префикс"хэращ зэлъытарэ зытеухуар. Ауэ, ипэкӀи зэрыжытӀауэ "объект" зимыӀэ "Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэ зэрыщымыӀэри гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, ипэкӀэ къэта таблицэхэми зэрыхэплъагъуэу, "Ӏуэху занщӀэ -макъ- глагол" гуэрхэм "дополненэ"и зэраӀэр нэрылъагъущи, нытӀэ "дополненэ" зимыӀэ "Ӏуэху глагол"хэми къащтэ "префикс"хэмкӀэ "дополненэ"и зэрагъуэтыфми мы ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуащ.

"Дополненэ" зимыӀэ "Ӏуэху занщӀэ -макъ- глагол"хэм игъуэ "префикс"хэмкӀэ "дополненэ" ягъуэтри, нытӀэ, мыбдежым къытпэщытри "дополненэ" иӀэ е имыӀэми, игъуэ "префикс"хэмкӀэ ухуэж *"Ӏуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкӀэхэм* **"дополненэбэ"** *зэрагъуэтыф*ым теухуащ. Дополненэ зимыӀэхэм "префикс"кӀэрэ "дополненэ" щагъуэткӀэ, "дополненэбэ" зиӀэу лэжьэкӀэ зыгъуэтыну глаголхэри -псэлъащхьэми къызэрыхэщщи- "префиксыбэ"у -"**Ӏуэху префиксыбэ глагол**"хэу-щытыну къыщӀэкӀынщи, мы илъабжьэм мыбыхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Ауэ икӀи, къыхэгъэщыпхъэщ "занщӀэ -макъ- глагол" лӀэужьыгъуэу *"дополненэ" зи*Ӏэххэ *глагол*хэр зы *"префикс"к*Ӏэ ухуэжмэ, *аргуэру зы*

"*дополненэ*" игъуэтын хуейуэ *къыщ*Iэк*I*ынкъым. Мыбы хуэдэу къыщIэкIынщи, "I*уэху префиксиал глагол*"у зи лэжьэкIэхэм "*дополненэ*" *зи*Iэххэхэми *мы и*Iэ "*префикс*" *л*I*эужьыгъуэ*у -аргуэру- "*префикс*" ("щIыпIэ" е "щIыкIэ") къищтэми, "*дополненэ*" бжыгъэкIэ *бэгъуэну къыщ*Iэк*I*ынкъым.

ИкIи, *адыгэбзэр макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, мы къэтIуэтахэри *глагол*ымрэ абы "*префикс*" къалэн хуэзыгъэзащIэ макърэ псалъэ *мыхьэнэм елъыта*уэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщи, дэтхэнэ зы глаголым -ауэ къыпыщIэхуэ- дэтхэнэ зы "префикс" къищтэу "дополненэ" игъуэтын хуейуэ зэрыщымытынури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, глаголхэр "*префиксыбэ*"у зэрыухуэу утыку къихьэ "I*уэху префиксыбэ глагол*"хэм "*дополненэбэ*" лэжьэкIэ *зэрагъуэт*ыфынум *елъытауэ* "щIыпIэ"рэ "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"*хэм теухуа*уэ *къыхэгъэщыпхъ*эрэ щапхъэ гуэрхэр мы илъабжьэм къыщыпытщэнщ.

"I*уэху префиксиал глагол*" *лэжьэк*I*эхэм хиубыдэ* "***дополненэ***" ***лIэужьыгъуэ****хэм теухуауэ.*

Япэрауэ, "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"хэмкIэ ухуэж "префиксиал глагол"хэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ щапхъэхэр къэтхьынщ.

Мы ипэкIэ къэтIуэтахэмкIи гурыIуэгъуэнщи, "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къалэн зыгъэзащIэу ипэкIи щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм (и, Iу, къу, гу, хэ, щы, щI, дэ, фIэ, пы) щыщ дэтхэнэ *зы* "*префикс*" къэзыщтэу ухуэ дэтхэнэ зы "префиксиал глагол" лэжьэкIэм *зы* "*дополненэ*"щ игъуэтыфынур. НытIэ, "*дополненэншэ*" *лэжьэк*Iэ зиIэ зы "I*уэху макъ глагол*" (пп: "ин") лэжьэкIэмрэ, мы глаголыр "*щ*I*ып*Iэ" лIэужьыгъуэ дэтхэнэ зы "*префикс*"кIэрэ зэрыухуэж "I*уэху префиксиал глагол*"хэм я лэжьэкIэхэм "<u>*дополненэ*</u>" *зэрыхаубыд*эм теухуа щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - "ин": «*абы* ар *ей*»; |
| ------------------------------------- |
| - "иин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *ирей*»; |
| - "Iуин": «*абы* ар <u>*абы*</u> I*уей*»; |
| - "къуэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *къуей*»; |

Мы къэта щапхъэхэмкIэ нэрылъагъуэщи, "дополненэ" зимыIэу лажьэ "Iуэху занщIэ глагол"ым ("ин") дэтхэнэ зы "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ

"префикс" къищтэу зэрыхуэж "Iуэху префиксиал глагол" лэжьэкIэхэм зы "дополненэ" ("щIыпIэ" лIэужьыгъуэу) ягъуэтыр.

Ауэ, мы глаголхэр *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"*хэм *зым нэхъыбэ* къэзыщтэу *"префиксыбэ глагол"*у щыухуэм дежи, я лэжьэкIэхэм *"дополненэбэ" зэрамыгъуэт*ынури гурыIуэгъуэнщ. Сыт щхьэ жыпIэмэ, *зы* Iуэху*р зэм зы "щIыпIэ"*ращ *зэрыщыгъэзэщIэф*ынури, зы глаголыр *зэм щыгъэзащ*Iэ *зы "щIыпIэ"*р лъыта нэужь, ар глаголыр *а зэм икIи нэгъуэщ*I *"щIыпIэ"ми щыгъэзаIэу зэрымылъытэф*ынур гурыIуэгъуэнщ: зы Iуэхур -глаголыр- зэм -зы зэманыгъуэм- зы "щIыпIэ"ращ щылэжьэфыр. Арарщи, сытри щыджрэ зэрылъытэр "зэман/мекан" лIэужьыгъуэущи, глагол лэжьэкIэри мыпхуэдэщ: «*глагол лэжьэкIэр зэманым елъыта*уэ зэрыщытыр -зэрылажьэр- гурыIуэгъуэщи, мы и лэжьэкIэр *къыздыщек*I*уэк*I*ри зы "щIыпIэ"* закъуэращ».

Мы жытIахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, зы *глагол лэжьэкIэм хиубыдэну "щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"дополненэ"*р *зы "щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс" закъуэмкIэщ зэрылъытэри*, глаголыр "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префиксыбэ"у ухуами, глагол лэжьэкIэу щыгъэзащIэ "щIыпIэ"р а зы "щIыпIэ"ращ: глагол "префикс"ыр куэдми -*"префиксыбэ"ми- глалол лэжьэкIэм* хиубыдэ *"дополненэ"р зы* закъуэщ. Ауэ, зы глаголыр *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ "префикс"хэмкIэ *"префиксыбэ глагол"*у щыухуэм деж, мы *"префикс"хэм –я* мыхьэнэм елъытауэ- а глаголыр *щыгъэзащ*Iэ *"щIыпIэ"м* теухуа *зэмылIэужьыгъуэ лъэныкъуэ ялъытэ*рэ *къагъэунэху*у аращ.

НытIэ, мы къыхэдгъэщахэм езэгъ зы щапхъэу -псалъэм папщIэ- зы *"Iуэху макъ глагол"* лIэужьыгъуэу щыт *"ин"*ыр *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"префиксыбэ"*у "**щыкъуIу**ин"у ухуамэ, мы "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префиксыбэ"м хиубыдэ *дэтхэнэ зы "щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"*ым а *глаголым хуигъэзащ*I*э къалэн*ыр *а глаголыр "щIыпIэ"* лIэужьыгъуэм *зэрыгъэзащ*Iэ зы *лъэныкъу*эр -а "префикс" мыхьэнэм елъытауэ- къигъэунэхуу аращ: «**щы** (щыгъэзэщIэр "зэман/мекан"у зылъытэрщ), **къу** (щыгъэазщIэр "къуагъ" лIэужьыгъуэу зэрыщытыр зылъытэрщ), **Iу** (щыгъэзэщIэр щхьэIурэ Iупэ лIэужьыгъуэу зылъытэрщ): глаголыр (ин) щыгъэзэщIэр (щы) къуагънапIэIуу (къу-Iу) лъытауэ ухуащ (щыкъуIуин)».

НытIэ, мы къыпытщэжарэ къэтхьа щапхъэр гурыIуэгъуэщи, мыбдежым мыпхуэдэ еджэкIэхэри зыхуэигъуэу, ипэкIэ *"щIыпIэ"*

лӀэужьыгъуэу зы "*префикс*"кӀэ ухуа "Ӏ*уэху префиксиал глагол*" щапхъэхэм *аргуэру* "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэр къащтэу "*щӀыпӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префиксыбэ*"у -"Ӏ*уэху префиксыбэ глагол*"хэу-зэрыухуэрэ *я лэжьэкӀэхэм* "*дополненэ*" *зэрыхуаубыдэм* теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - "иин" → "щиин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *щырей*»; |
| - "Ӏуин" → "щыщӀыӀуэин: «*абы* ар <u>*абы*</u> *щыщӀыӀуей*»; |
| - "къуэин" → "къугуэин: «*абы* ар <u>*абы*</u> *къугуей*». |

*

Мыбдежми "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэмкӀэ ухуэж "*префиксиал глагол*"хэм я лэжьэкӀэхэм "*дополненэ*" *зэрыхиубыдэ*м щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

"ЩӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" зыгъэзащӀа макъхэм (е, нэ, къэ, зы, зэ, зэ(дэ), дэ, хуэ, фӀэ, пэ) ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщ. – Ауэ, мыбыхэм щыщу "*зы*"ымрэ "*зыуэ щыт*" *зылъытэ* "*зэ*"р икӀи "*зыр зым*" зыхуагъэзащӀэ *зэрылъытэ* "*зэ*"р "*префикс*" зыхуэхъу "Ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэм я лэжьэкӀэхэм "*объект*"*рэ* "*дополненэ*" зэры*химыубыдапхъэ*р гурыӀуэгъуэщи, -мы щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- мыбыхэм *мыбдежым ди* Ӏ*уэху язэрыхэмыл*ъри гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, мыбыхэм (зы, зэ) нэмыщӀ "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэмкӀэ ухуэ "Ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэм я лэжьэкӀэхэм "<u>*дополненэ*</u>" зэрагъуэтым теухуа щапхъэхэри -"занщӀэ глагол" лэжьэкӀэм теухуа щапхъэм къыкӀэлъыкӀуэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - "ин": «*абы* ар *ей*»; |
| ------------------------------------------------ |
| - "еин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *ирей*»; |
| - "нэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *ней*»; |
| - "къэин": «*абы* ар <u>*абы/мыбы*</u> *къей*»; |
| - "дэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *дей*»; |
| - "хуэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *хуей*»; |
| - "фӀэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *фӀей*»; |
| - "пэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *фӀей*». |

"ЩӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэри зэкӀэлъыкӀуэу глаголхэм къызэращтэфынур гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэу "*щӀыкӀэ*" лӀэужьыгъуэ "*префиксыбэ*"у ухуа "Ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэм я лэжьэкӀэхэми *хиубыдэнур зы* "*дополненэ*" *закъуэ*у зэрыщытын хуейр гурыӀуэгъуэнщ. Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, глаголыр *зы зэманыгъуэрэ зы* "*щӀыпӀэ*"м *щыгъэзэщӀ*эм щыгъуазэ, и гъэзэщӀэкӀэри -"*щӀыкӀэ*" *лӀэужьыгъуэуи- зы*

*закъу*эущ -зэ щӀыкӀэу- *лъытапхъ*эщи, "щӀыкӀэ"р зытеухуа *а зы "дополненэ"*рщ зэрылъытэнур.

НытӀэ, ипэкӀэ зы "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"кӀэ ухуа "Ӏуэху префиксиал глагол"хэр *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префиксыбэ"*у зэрыухуэж щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- "неин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *нырей*»;
- "ныхуэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *ныхуей*»;
- "къыфӀэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *къыфӀей*»;
- "къыхудеин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *къыхудырей*»;
- "къыхупэин": «*абы* ар <u>*абы*</u> *къыхупей*».

*

"ЩыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэмрэ ялъытэ "дополненэ"хэм икӀи "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэмрэ ялъытэ "дополненэ" лӀэужьыгъуэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьащ мы ипэкӀи, нытӀэ, *"Ӏуэху префиксиал глагол"* лэжьэкӀэм *"дополненэбэ"* хиубыдэн папщӀэ, глагол мыхьэнэмрэ гъэзэщӀэкӀэм хуэигъуэу *зы "щӀыпӀэ"*рэ *зы "щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*кӀэ -зыр "щӀыпӀэ"у адрейри "щыкӀэ"у "префиксит" иӀэу- зэрыухуапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

ИкӀи *"щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*хэр зэрыз мыхъуу *нэхъыбэ хъуми Ӏуэхур зэрызэмыхъуэк*Ӏынур гурыӀуэгъуэнщ: *мыпхуэдэ "Ӏуэху префиксыбэ глагол"* лэжьэкӀэми зы *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"дополненэ"*рэ *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*кӀэ *лъыта зы "дополненэ"*у *"дополненитӀ"*щ *хиубыдэф*ынур. Аращи, глаголыр щыгъэзащӀэ *"щӀыпӀэ"*р зэрылъытэ *зы "дополненэ"*мрэ, глаголыр зэрыгъэзащӀэ *"щӀыкӀэ"*р *зытеуху*эрэ зыхуэунэтӀ -е *зыхуэгъэзащӀ*э зэрылъытэ- *зы "дополненэ"*у *"дополненитӀ" зыхуаубыдэф*ыр гурыӀуэгъуэнщ мыпхуэдэ *"Ӏуэху префиксыбэ глагол" лэжьэкӀэхэм*.

Мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, мы къызэрытӀуэтами гурыӀуэгъуэ зэрищӀщи, *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*ымкӀэ *занщӀэу* зы *"щыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"дополненэ"* зэрылъытэр гурыӀуэгъуэщ; ауэ икӀи, *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*ымкӀэ лъытэр мы *"щӀыкӀэ"*р -глагол *"гъэзэщӀэкӀэ"*р- *зытеуху*эрэ зыхуэгъэзащӀэ *"щхьэ"*ращ -"щӀыкӀэ"м теухуа- *"дополненэ"*у зэрылъытэри гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, мы *"дополненэ"* лӀэужьыгъуэр зэрылъытэ *"щхьэ"*р зы *цӀыху*у зэрыщытыфынум хуэдэжу, дэтхэнэ зы *псэущхьэ* е дэтхэнэ зы *щы*Ӏэ *гуэр*у зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщ.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, дэтхэнэ зы "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"кIэ занщIэу зы "дополненэ" лъытэфынуми, дэтхэнэ зы "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"ымкIэ занщIэу зы "дополненэ" лъытэфкъым. "*ЩIык*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"ымкIэ лъытэфыну "*дополненэ*"р мы глаголыр *зэрыгъэзащ*Iэ *щIэк*Iэр -глагол гъэзэщIэкIэр-*зытеухуа*р "*щхьэ*"уэ *зэрылъыт*эрщ. Ар щыхъукIи, *дэтхэнэ зы* "*щIык*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"ымкIэ Iупщlыу зы "*дополненэ*" зэрымылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщи, икIи, *мыбы теухуа щапхъэф*Iхэрщ - ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа- "*щIык*Iэ" лIэужьыгъуэ "*зы, зэ*" *префикс*хэр.

НытIэ, мы къэтIуэтахэр "Iуэху префикиал глагол" лэжьэкIэхэм хиубыдэ "*дополненэ*"*хэмк*Iэ *лъыта* "*щ*I*ып*Iэ" лIэужьыгъуэхэмрэ "*щ*I*ык*Iэ" лIэужьыгъуэхэри *зытеухуа*хэр щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкIэ "*щ*I*ып*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"хэмкIэ икIи "*щ*I*ык*Iэ" лIэужьыгъуэ "*префикс*"хэмкIэ ухуа "I*уэху префиксыбэ глагол*"*хэм* я *лэжьэк*Iэ *щапхъэхэр* мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу, икIи мы лэжьэкIэхэм "*ещанэ щхьэ ц*I*эпапщ*Iэ" лIэужьыгъуэу хиубыдэ "*дополненэ*"*хэмк*Iэ (*абы*) *лъыт*эхэри -гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъукIэ-къыхэгъэщауэ къыпытщэжынщ:

| **"Iуэху префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэкIэ щапхъэхэр** | | **Мы глагол лэжьэкIэхэм хиубыдэ "дополненэ" (*абы*) зэрылъытапхъэ** |
|---|---|---|
| **"ЩIыпIэ" лIэужь. защIэу "преф. гл"хэр ►** | - "щиин": «*абы* ар *абы щырей*»;<br>- "щыщIыIуэин: «*абы* ар *абы щыщ*I*ы*I*уей*»;<br>- "къугуэин: «*абы* ар *абы къугуей*». | - "*абы*": «а щIыпIэм (и) деж (щы)...»;<br><br>- "*абы*": «а щIагъ (щI) Iупэм (Iу) деж (щы)...»;<br>- "*абы*": «къуагъ (къу) напIэм (гу)...». |
| **"ЩIыкIэ" лIэужь. защIэу "преф. гл"хэр ►** | - "неин": «*абы* ар *абы нырей*»;<br>- "ныхуэин": «*абы* ар *абы ныхуей*»;<br>- "къыфIэин": «*абы* ар *абы къыф*I*ей*»;<br>- "къыхудеин": «*абы* ар *абы къыхудырей*»;<br>- "къыхупэин": «*абы* ар *абы къыхупей*». | - «ныхуэкIуэу (ны-е) *абы*...»;<br>- «нежьэу (ны) папщIэ (хуэ) *абы*... »;<br><br>- «къару/лIыгъэ/ерыщыгъэкIэ (фIэ) щIидзэу (къ) *абы*...»;<br>- «папщIэ (ху) дэщIыгъуу (дэ) къежьэрэ (къ) хуэкIуэу (е) *абы*...»;<br>- «папщIэ (ху) къыпэжьэу (къ-пэ) *абы*...». -пэ) *абы*...». |

"*Ху*" макъым "*префикс*" къалэну "*папщ*Iэ"м нэмыщI "*лъэк*I*/зэф*I*эк*I"ыныгъэ къалэни зэриIэри гурыIуэгъуэщи, мыбдежым "папщIэ" закъуэр щIэлъытами гулъытэ хуэтщIынщ. *Ху*" *префикс*ым и

*"папщ*Iэ" къалэныр зы гуэрым -*"дополненэ"м- теуху*эу *"субъект"ым игъэзащ*Iэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, *мы и къалэнк*Iэ *"ху" префиксыр* мыбдежым *"дополненэ"* дизэрыIуэхум папщIэ игъуэщ; ауэ, *"ху" префикс*ым и *"лъэкI/зэф*Iэк*I"*ыныгъэ къалэныр *"субъект"ым теухуа*уэ -*"субъект"ым и "лъкI/зэфIэкI"*ыныгъэу- зэрыщытым папщIэ, *"дополненэ"м теухуа мы лэжьыгъэм "ху" префиксым* мы и *"лъэкI/зэфIэкI"*ыныгъэ *къалэн*ыр щы*зехьэныр игъуэкъым*.

Мы префиксым ещхь къалэн игъэзащIэу лъытапхъэщ *"ф*Iэ*"*ми, *"субъект"*ым и *"къару-лIыгъэ-ерыщыгъэ"*кIэрэ игъэзащIэр зы гуэрым -*"дополненэ"м- теуху*эуэ зэрыщытым папщIэ, ар *"дополненэ"*м теухуа *мы лэжьыгъэм* щыхуэ*игъуэщи*, щызетхьагъэхххэщ.

*

НытIэ, "дополненэ" лIэужьыгъуэхэм зэреджапхъэу мы къэтIуэтахэмрэ къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, зи лэжьэкIэм *"дополнненэбэ"* зыхэзыубыдэфыну глаголхэр *"щIып*Iэ*"*рэ *"щIык*Iэ*"* лIэужьыгъуэ *"префикс"* -а нэхъ мащIэу-*зэрыз* (зы "щIыпIэ"рэ зы "щIыкIэ") -хуемэ, нэхъыбэ ("щIыпIэ" зы бжанэрэ "щIыкIэ" зы бжанэ)- *зыхэзыубыд*эу ухуа "I*уэху префиксыбэ глагол"*хэрауэ зэрыщытыр наIуэщ.

Мы къэтIуэтахэр *"щIып*Iэ*"*рэ *"щIык*Iэ*"* лIэужьыгъуэу *зэрыз* е *нэхъыбэ зыхэзыубыд*эу ухуа "I*уэху префиксыбэ глагол"* лэжьэкIэхэм *"дополненэбэ"* зэрагъуэтым теухуащи, мыпхуэдэу *ухуагъэххэ* "I*уэху префиксиал глагол"*хэм хуэдэжу, *"занщ*Iэ *глагол"* лIэужьыгъуэу зи лэжьэкIэр *"дополненэнш*э*"*у щытхэмрэ *"дополненэ"и зыхэзыубыд*эхэми *"щIып*Iэ*"рэ "щIык*Iэ*" зэрыз* -е нэхъыбэ- *"префикс"* къащтэу ухуэж "I*уэху префиксыбэ глагол"*хэм теухуащ.

ИкIи, ипэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"занщ*Iэ *глагол"*у зи *лэжьэкIэр зыхуэунэт*I *лъагъуэрэ "щIып*Iэ*"р*ащ *"дополненэ"*у лъытэри, нытIэ, мыпхуэдэ зы "Iуэху занщIэ глагол"ым зы "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс" къищтэу "Iуэху префиксиал глагол"у ухуэмэ, абыи "щIыпIэ"рэ "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу "дополненитI" игъуэтынтэкъэ жыпIэмэ.. – хьэуэ! Сыт щхьэ жыпIэмэ, и *"префикс"ым елъыта*уэ *лэжьэк*Iэ егъуэтыр зы *глагол*ми, *"дополненэ"* зиIэххэу лажьэу щыт зы *"занщ*Iэ *глагол"*ми *"префикс"* къищтэу *"префиксиал глагол"*у щыухуэм деж, и *лэжьэкIэр мы* къищта *"префикс"ым елъыташ*; - мыхъумэ, "занщIэ глагол"у щыщыта и лэжьэкIэм къыхэщу щыта "дополненэ"ракъым.

Аращи, къищта *"префикс"ыр "щӀыпӀэ" е "щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэу *зэрыщытым елъыта* лэжьэкӀэ егъуэтыри, мы и *"префикс"хэмкӀэ лъытэ "дополненэ"* иӀэущ зэрылэжьэнур.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэр зыхэплъэгъуэну щапхъэхэу, мы илъабжьэм зи лэжьэкӀэм *"дополненэ" зыхэзыубыдэ "Ӏуэху занщӀэ глагол"*хэм я лэжьэкӀэхэмрэ, мы глаголхэр зы *"щӀыпӀэ"*рэ зы *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*кӀэ *зэрыухуэж "Ӏуэху префиксиал глагол"* лэжьэкӀэхэми *"дополненэ"* зэрыхиубыдэм гулъытэ хуэтщӀыу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"Ӏуэху занщӀэ –макъ- глагол"у зи лэжьэкӀэм "дополненэ"и зыхэзыубыдэхэр** | | **Мыхэр "щӀыпӀэ" е "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"кӀэ ухуэжу щылажьэм хиубыдэ "дополненэ"р глагол "префикс"ым теухуащ** | |
|---|---|---|---|
| *Хьын* | - «*абы ар абы ехь*»; | Ихьэн<br>Нэхьын | - «*абы ар абы ирехьэ*»;<br>- «*абы ар абы нырехь*»;* |
| *Чын* | - «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы еч*»; | Ӏучын<br>Къэчын | - «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы Ӏуеч*»;<br>- «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы къеч*»;* |
| *Хун* | - «*абы* ар *абы еху*»; | Къуэхун<br>Хуэхун | - «абы ар *абы* къуеху»;<br>- «абы ар *абы* хуеху»; |
| *Дзын* | - «*абы* ар *абы едз*»; | Гуэдзын<br>ФӀэдзын | - «*абы* ар *абы гуедз*»;<br>- «*абы* ар *абы фӀедз*»; |
| *Шэн* | - «*абы* ар *абы ешэ*»; | Щышэн<br>Пэшэн | - «*абы* ар *абы щешэ*»;<br>- «*абы* ар *абы пешэ*»;* |
| *Пхъын* | - «*абы* ар *абы епхъ*»; | ЩӀэпхъын<br>Епхъын | - «*абы* ар *абы щӀепхъ*»;<br>- «*абы* ар *абы ирепхъ*»;* |
| *Тхъун* | - «*абы* ар *абы етхъу*»; | ФӀэтхъун<br>Нэтхъун | - «*абы* ар *абы фӀетхъу*»;<br>- «*абы* ар *абы нетхъу*».* |

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, *"Ӏуэху занщӀэ -макъ- глагол"*хэм я лэжьэкӀэхэм хиубыдэ *"дополненэ"*р -глагол мыхьэнэм елъытауэ- *глагол*ыр зытеухуа *Ӏуэхум икӀуэ* лъагъуэр зэрылъытэу *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэщ. Ауэ, абыхэм "префикс" къыщащтэм деж, мы *къащта "префикс"*ыр *"щӀыпӀэ"*рэ *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэу *зэрыщытым елъытащ* мы утыку къихьа *"Ӏуэху префиксиал глагол"* лэжьэкӀэхэм хиубыдэ *"дополненэ"*ри, *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэщ е *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэм теухуащ.

Аращи, "занщӀэ глагол" лэжьэкӀэхэм хиубыдэ "дополненэ"мрэ, глаголыр "префикс"кӀэ ухуэжа нэужь лэжьэкӀэхэм хиубыдэну "дополненэ"хэр зэхуэдэу зэрыщымытынур гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*хэмкӀэ ухуа *"Ӏуэху префиксиал глагол"* лэжьэкӀэхэм фӀэкӀыпӀэ имыӀэу щыхэлъытэну *"дополненэ"*р *"щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэщи, мыр "префикс" къимыщтэ ипэ "Ӏуэху макъ глагол"у

щытам и лэжьэкӀэр зыхуэунэтӀ лъагъуэр зэрылъытэ "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "дополненэ" дыдэрауэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщ. Мыпхуэдэщ икӀи *"дополненэ" зи*Ӏэ*у лажьэ* "Ӏ*уэху макъ глагол*"хэр "*щӀык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэмкӀэ зэрыухуэжу утыку къихьа "Ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэм я лэжьэкӀэхэми хиубыдэну "дополненэ"ри, къищта "*щык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"*ыр зытеухуа* "*дополненэ*" лӀэужыьгъуэрщ.

Ауэ икӀи, "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"кӀэ ухуа "Ӏуэху префиксиал глагол"хэм я лэжьэкӀэхэм хэлъыта "дополненэ"хэр зэщхьэщыкӀыу лъытапхъэщи, "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" зиӀэу ухуа "Ӏ*уэху префиксиал глагол*" *гуэрхэр* "*" *нэгъыщэк*Ӏэ *къыхэгъэща*рэ *адрейхэр къызэрыхэмыгъэща*р мыбы теухуащ. ЖытӀэнур аращи, "*дополненэ*" *зи*Ӏэ*хх*эу лажьэ зы *глагол*ым –ар "занщӀэ глагол"уи щырет, "префиксиал глаго"уи щырет- *къищтэ* "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*" *псоми* -щхьэхуэу- мы "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ"р зытеухуа "*дополненэ*" *ялъытэкъым*: мыпхуэдэ щапхъэхэрщ "*" *нэгъыщэк*Ӏэ *къыхэгъэща*хэр. Мы "*префикс*"ыр *къимыщтэ ипэ* –глагол мыхьэнэм елъыта- и лэжьэкӀэм *хиубыдэ* - "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ- "*дополненэ*"*р зэмыхъуэк*Ӏыу аргуэру зыхэлъытэж щапхъэхэрщ мыхэр (*).

НытӀэ, *къищта* "*префикс*"ым игъэзащӀэ къалэным *елъытауэ* "*дополненэ*" *зыгъуэти* щыӀэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри *нэгъыщэк*Ӏэ *къыхэмыгъэща*хэрщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри мы зи гугъу тщӀы "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"ыр *къимыщтэ ипэ* и лэжьэкӀэм *хиубыдэ* - "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ- "*дополненэ*"м *ип*Ӏэ глаголым къищта "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"ым елъытауэ *гъэзащ*Ӏэр зылъытэ "*дополненэ*" хэлъытауэ *лэжьэк*Ӏэ зиӀэ "Ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэрщ. Мы ипэкӀэ къэта щащпхъэхэм хыболъагъуэр мыпхуэдэ щапхъэхэри, къэзыщтэ глаголхэм я лэжьэкӀэм *мыпхуэдэ* "*дополненэ*" хэзылъытэ "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэрщ "*ху*"рэ "*ф*Ӏэ"р.

*

НытӀэ, "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэмкӀэ лъытэ "дополненэ"хэр зэрызэщхьэщыкӀыр гурыӀуэгъуэщ мы къэтӀуэтахэмкӀи, мыбы *нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ* хуэхъун папщӀэ, "Ӏ*уэху макъ глагол*"хэу зи *лэжьэк*Ӏэхэм "*дополненэ*" *зыхэзыубыдэ*хэмрэ, мы глаголхэм "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэ "*префикс*"хэмкӀэ къатехъукӀ "Ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэм я

*лэжьэкӀэхэм* хиубыдэ "*дополненэ*" *лӀэужьыгъуэхэр зэрызэлъытапхъэ* щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| *Хьын* | - «*абы ар абы ехь*»;<br>*{абы (щӀыпӀэ)}* | ~~Ехьын~~<br>Нэхьын<br>Къэхьын<br>Хуэхьын<br>Дэхьын<br><br>ФӀэхьын<br><br>Пэхьын | -<br>- «*абы ар абы нехь*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы къехь*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы хуехь*»; *(абы папщӀэ)*<br>- «*абы ар абы дехь*»; (*абы* дэщӀыгъуу)<br>- «*абы ар абы фӀехь*»; (лӀыгъэ/ерыщыгъэкӀэ *абы*)<br>- «*абы ар абы пехь*»; *(абы хуэипэу)* |
| *Чын* | - «*абы* лъэбакъуэ (ар) *абы еч*»;<br>*{абы (щӀыпӀэ)}* | ~~Ечын~~<br>Нэчын<br>Къэчын<br>Хуэчын<br>Дэчын<br>ФӀэчын<br><br>Пэчын | -<br>- «*абы ар абы неч*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы къеч*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы хуеч*»; *(абы папщӀэ)*<br>- «*абы ар абы деч*»; (*абы* дэщӀыгъуу)<br>- «*абы ар абы фӀеч*»; (лӀыгъэ/ерыщыгъэкӀэ *абы*)<br>- «*абы ар абы печ*»; *(абы хуэипэу)* |
| *Хун* | - «*абы* ар *абы еху*»;<br>*{абы (щӀыпӀэ)}* | ~~Ехун~~<br>Нэхун<br>Къэхун<br>Хуэхун<br>Дэхун<br><br>ФӀэхун<br><br>Пэхун | -<br>- «*абы ар абы неху*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы къеху*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы хуеху*»; *(абы папщӀэ)*<br>- «*абы ар абы деху*»; (*абы* дэщӀыгъуу)<br>- «*абы ар абы фӀеху*»; (лӀыгъэ/ерыщыгъэкӀэ *абы*)<br>- «*абы ар абы пеху*»; *(абы хуэипэу)* |
| *Дзын* | - «*абы* ар *абы едз*»;<br>*{абы (щӀыпӀэ)}* | Едзын<br><br>Нэдзын<br>Къэдзын<br>Хуэдзын<br>Дэдзын<br>ФӀэдзын<br><br>Пэдзын | - «*абы ар абы иредз*»; *(абы хуэкӀуэу; а щӀыпӀэм)***<br>- «*абы ар абы недз*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы къедз*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы хуедз*»; *(абы папщӀэ)*<br>- «*абы ар абы дедз*»; (*абы* дэщӀыгъу)<br>- «*абы ар абы фӀедз*»; (лӀыгъэ/ерыщыгъэкӀэ *абы*)<br>- «*абы ар абы педз*»; *(абы хуэипэу)* |
| *Шэн* | - «*абы* ар *абы ешэ*»;<br>*{абы (щӀыпӀэ)}* | Ешэн<br><br>Нэшэн<br>Къэшэн<br>Хуэшэн<br>Дэшэн | - «*абы ар абы ирешэ*»; *(абы хуэкӀуэу; а щӀыпӀэм)***<br>- «*абы ар абы нешэ*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы къешэ*»; *(а щӀыпӀэм)**<br>- «*абы ар абы хуешэ*»; *(абы папщӀэ)*<br>- «*абы ар абы дешэ*»; (*абы* дэщӀыгъу) |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Фӏэшэн<br><br>Пэшэн | - «*абы ар* *абы* *фӏешэ*»; (лӏыгъэ/ерыщыгъэкӏэ абы)<br>- «*абы ар* *абы* *пешэ*»; (*абы ипэ/папщӏэ)* |
| *Пхъын* | - «*абы* ар *абы* *епхъ*»; {*абы* (щӏыпӏэ)} | Епхъын<br><br>Нэпхъын<br>Къэпхъын<br>Хуэпхъын<br>Дэпхъын<br><br>Фӏэпхъын<br><br>Пэпхъын | -«*абы ар* *абы* *непхь*»; (*абы* хуэкӏуэу; *а щӏыпӏэм)***<br>- «*абы ар* *абы* *непхь*»; (*а щӏыпӏэм)**<br>- «*абы ар* *абы* *къепхь*»; (*а щӏыпӏэм)**<br>- «*абы ар* *абы* *хуепхь*»; (*абы* папщӏэ)<br>- «*абы ар* *абы* *депхь*»; (*абы* дэщӏыгъуу)<br>- «*абы ар* *абы* *фӏепхь*»; (лӏыгъэ/ерыщыгъэкӏэ абы)<br>- «*абы ар* *абы* *пепхь*»; (*абы ипэ/папщӏэ)* |
| *Тхъун* | - «*абы* ар *абы* *етхъу*»; {*абы* (щӏыпӏэ)} | Епхъун<br><br>Нэтхъун<br>Къэтхъун<br><br>Хуэтхъун<br><br>Дэтхъун<br><br>Фӏэтхъун<br><br>Пэтхъун | - «*абы ар* *абы* *иретхьу*»; (*абы хуэкӏуэу; а щӏыпӏэм)**<br>- «*абы ар* *абы* *нетхьу*»; (*щӏыпӏэм)**<br>- «*абы ар* *абы* *къетхьу*»; (*а щӏыпӏэм)**<br>- «*абы ар* *абы* *хуетхьу*»; (*абы папщӏэ)*<br>- «*абы ар* *абы* *детхьу*»; (*абы* дэщӏыгъуу)<br>- «*абы ар* *абы* *фӏетхьу*»; (лӏыгъэ/ерыщыгъэкӏэ абы)<br>- «*абы ар* *абы* *петхьу*»; (*абы хуэипэу)* |

Япэрауэ, мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэщи, "*щӏыкӏэ*" лӏэужьыгъуэ "*префикс*"ым *елъытауэ* лъытэ "*дополненэ*"хэр мыбы ипэ къэта щапхъэм къытпыщӏэхуа "*ху, фӏ*" *префиксхэм къыщынэкъыми*, - *глагол мыхьэнэми елъытауэ*- и *гъэзэщӏэкӏэр зытеухуэ* "*дополненэ*" зылъытэф "*щӏыкӏэ*" лӏэужьыгъуэ "*префикс*" щапхъэхэр мы таблицэм хыболъагъуэр.

Аращи, "щӏыкӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс"кӏэ ухуауэ мы къэта "ӏуэху префиксиал глагол" лэжьэкӏэ щапхъэхэу "*" *нэгъущ*экӏэ къыхэгъэщахэр "*ӏуэху занщӏэ глагол*" лэжьэкӏэм щылъыта "*дополненэ*"*р зэмыхъуэк*ӏыу зыхэзыубыдэхэрщи, *нэгъыщэк*ӏэ *къыхэмыгъэща* лэжьэкӏэ щапхъэхэр "*щӏыкӏэ*" лӏэужьыгъуэ "*префикс*"*ым елъыта*уэ лъыта "*дополненэ*" зыхэзыубыдэхэрщ. Ауэ икӏи, мы "*дополненэ*" *лӏэужьыгъуитӏкӏи еджапхъ*эхэр щыӏэщи, мыхэри "**" нэгъыщэкӏэ къыхэгъэщахэрщ.

*

Мы зи гугъу тщӀахэр "дополненэ" зиӀэххэ "Ӏуэху занщӀэ -макъ-глагол"хэм мы я "дополненэ"мрэ абыхэм "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" къызэращтэу зэрыухуэ "Ӏуэху префиксиал глагол" лэжьэкӀэхэм хиубыдэ "дополненэ"р зэрызэлъытэм теухуащ. НытӀэ, мыбдежми *"дополненэншэ"у лажьэ "Ӏуэху занщӀэ -макъ- глагол"*хэм *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къызэращтэу ухуэж *"Ӏуэху префиксиал глагол"* лэжьэкӀэхэм *ягъуэт "дополненэ"*хэми щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

*"Дополненэншэ"*у лажьэ *"Ӏуэху занщӀэ глагол"*хэм "щӀыпӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс" къащтэу "Ӏуэху префиксиал глагол"у щыухуэжым я лэжьэкӀэхэм -"щӀыпӀэ"м теухуауэ- "дополненэ" зэрагъуэтынум хуэдэжу, *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* къащтэу зэрыухуэж *"Ӏуэху префиксиал глагол" лэжьэк*Ӏэхэми *"дополненэ"* зэрыхиубыдэнур гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, мы *"Ӏуэху префиксиал глагол" лэжьэк*Ӏэхэм хиубыдэ *"дополненэ"*хэри глаголым къищта *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"ым елъыта*уэ -глагол *лэжьэкӀэр зытеуху*эрэ зыхуэунэтӀ *зэрылъытэ*- *"дополненэ"*у зэрыщытынури мы къэта щапхъэхэмкӀи гурыӀуэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - *Ин* | - «еин, нэин» → | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *ирей*»; «*абы* ар <u>*абы*</u> *ней*»; |
| - *Жьын* | - «фӀэжьын, пэжьын» → | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *фӀежь*»; «*абы* ар <u>*абы*</u> *пежь*»; |
| - *Щын* | - «къэщын, хуэщын» → | - «*абы* ар *къещ – абы* ар <u>*абы*</u> *хуещ*»; |
| - *Бжын* | - «~~ебжын~~; нэбжын» → | - «-»; «*абы* ар *небжэ*»; |
| - *Бзын* | - «къэбзын; хуэбзын» → | - «*абы* ар *къебзэ*»; «*абы* ар <u>*абы*</u> *хуебзэ*»; |

***"Ӏуэху префиксыбэ глагол"****у зи лэжьэкӀэхэм* ***"дополненитӀ"*** *зыхэзыубыдэхэм теухуауэ.*

Мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, а нэхъ мащӀэу *зы "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"* зиӀэу ухуа *зы "Ӏуэху префиксиал глагол"*ымрэ - фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- илъытэ "щӀыкӀэ"р зытеухуэрэ зыхуэунэтӀ "дополненэ" зылъытэу мы ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"у* а нэхъ мащӀэу *зы* къэзыщтэу ухуэ *зы "Ӏуэху префиксиал глагол"*ыр *зэрызэгухьэу* ухуэ *"Ӏуэху префиксыбэ глагол"*хэм я *лэжьэкӀэхэм "дополненит*Ӏ" зэрыхиубыдэнур гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, *зы "Ӏуэху макъ глагол"*ым *зы "щӀыпӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*ымрэ *зы "щӀыкӀэ"* лӀэужьыгъуэ *"префикс"*ыр къыпыхьэу ухуэ *"Ӏуэху префиксиал глагол"итӀ*ыр *зэрызэгухьэу* ухуэну мыпхуэдэу *зы*

"*Іуэху префиксыбэ глагол*"ым теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «"щыин" + "хуэин" → "щыхуэин" икІи "хущыин"»:
«"щыин (*абы* ар *абы щей*)" + "хуэин (*абы* ар *абы хуей*)"» → «щыхуэин {*абы* ар *абы* (щІыпІэ/зэманыгъуэ) *абы* (папщІэ) *щыхуей*}» икІи «хущыин {*абы* ар *абы* (папщІэ) *абы* (щІыпІэ/зэманыгъуэ) *хущей*}»;
-----------------------------------------------------------------------------------------------------
- «"щІэин" + "фІэин" → "щІыхуэин" икІи "фІыщІэин"»:
«щІыхуэин (*абы* ар *абы* (щІагъым) *абы* (лІыгъэкІэ) *щІыхуей*» икІи «фІыщІэин {*абы* ар *абы* (лІыгъэкІэ) *абы* (и щІагъым) *фІыщІей*}»;
-----------------------------------------------------------------------------------------------------
- «"пытхъун" + "дэтхъун" → "дэпытхъун - пыдэтхъун"»:
«дэпытхъуэн → "*абы* ар *абы* (дэщыгъуу) *абы* (ипэм) *дэпетхъу*"» - «пыдэтхъуэн → "*абы* ар *абы* (ипэм) *абы* (дэщІыгъуу) *пыдетхъу*"»;
-----------------------------------------------------------------------------------------------------
- «"щІэшэн" + "пэшэн" → "пэщІэшэн – щІыпэшэн"»:
«пэщІэшэн → "*абы* ар *абы* (хуэипэу) *абы* (щІагъым) *пэщІетэ*"» - «щІыпэшэн → "*абы* ар *абы* (щІагъ) *абы* (хуэипэу) *щІыпетэ*"».

Мы "*щІыпІэ*"*рэ* "*щІыкІэ*" лІэужьыгъуэ "*префикс*"*хэр* "*префиксыбэ*"*м* щы*зэрызэкІэлъхьэужь* щІыкІэр *зэрызэхъуэкІыф*ыр мы къэта щапхъэхэмкІэ нэрылъагъущи, мы ипэкІэ къэта *япэрей щапхъитІ*ри мыпхуэдэщ. Ауэ, "префикс" псоми я зэкІэлъхьэужьыкІэр мыбыхэм хуэдэу наІуэу лъытапхъэкъым; икІи, я зэкІэлъхьэужьыкІэр зэмыхъуэкІ "префикс"хэри зэрыщыІэпхъэр гурыІуэгъуэнщ. Аращи, я зэкІэлъхьэужьыкІэр зэрызэхъуэкІыпхъэр Іуэхур утыку къызэрихьэрэ зэрыгъэзащІэ зэкІэлъхьэужьыкІэм елъытауэ зэрыщытыр гурыІуэгъуэщ. Дауи, мыпхуэдэхэм ипэкІэ "префикс"хэм теухуа лэжьыгъэ Іыхьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, мыбдежым кІыхьу тепсэлъыхьын хуэныкъуэкъым.

Ауэ мыбы нэмыщІ, мы ипэкІэ къэта щапхъэхэр "*дополненэ*" *зыхэзыубыдэххэ* "*Іуэху макъ глагол*"хэм "*щІыпІэ*"*рэ* "*щІыкІэ*" лІэужьыгъуэу *зэрыз* "*префикс*" къызэращтэу ухуа "*Іуэху префиксыбэ глагол*"хэм зэрытеухуар нэрылъагъущи, нытІэ, "*дополненэнишэ*" лэжьэкІэ зиІэ "*Іуэху макъ глагол*"хэми мы "*щІыпІэ*"рэ мы "*щІыкІэ*" лІэужьыгъуэ "*префикс*" *зэрыз* къащтэу ухуэну "*Іуэху префиксыбэ глагол*"хэми я лэжьэкІэхэм "дополненитІ" зэрызыхаубыдэнури гурыІуэгъуэнщ. НытІэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- "щын" → «"щІэщын" + "хуэщын" → "щІыхуэщын" икІи "хущІэщын"» → «*абы* ар *абы* (щагъ) *абы* (папщІэ) *щІыхуещ*» икІи «*абы* ар *абы* (папщІэ) *абы* (щІагъ)

*хущIещ*»;
- "щIын" → «"щыщIын" + "фIэщIын" → "щыфIэщIын" икIи "фIэщыщIын» → «"щыфIэщIын" → "*абы* ар <u>*абы*</u> (зэман/мекан) <u>*абы*</u> (папщIэ) *щыфIещI*"» икIи «"фIэщыщIын" → *абы* ар <u>*абы*</u> (папщIэ) <u>*абы*</u> (щIагъ) *фIыщещI*»;
- "бжын" → «"хэбжын" + "дэбжын" → "дэхэбжын - хэдэбжын"» → «"дэбжын" → "*абы* ар <u>*абы*</u> (дэщIыгъуу) <u>*абы*</u> (гупым/зэхэтым) дэхебжэ"» - «"хэдэбжын" → *абы* ар <u>*абы*</u> (гупым/зэхэтым) <u>*абы*</u> (дэщIыгъуу) хыдебжэ"»;
- "пхын" → «"къуэпхын" + "пэпхын" → "пэкъуэпхын - къуэпэпхын» → «"пэкъуэпхын" → "*абы* ар <u>*абы*</u> (хуэипэу) <u>*абы*</u> (къуагъым) пэкъуепх"» - «"къупэпхын" → "*абы* ар <u>*абы*</u> (къуагъым) <u>*абы*</u> (хуэипэу) къупепх"».

*

"Iуэху занщIэ -макъ- глагол"хэу зы -е нэхъыбэ- "щIыпIэ"рэ зы -е нэхъыбэ- "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу а нэхъ мащIэу "префиксит1" къищтэу ухуэ "Iуэху префиксыбэ глагол"хэм я лэжьэкIэхэм "дополненит1" зэрызыхаубыдэм щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Мыбыхэм нэмыщI, "*гъэ"кIэрэ ухуэж гллаголхэм я лэжьэкIэхэр "дополненэ"кIэ* зэрыбэгъуэнур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, "*гъэ"кIэрэ ухуа глаголхэу "дополненит*1" зыхэзыубыдэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Дэтхэнэ зы *глагол*ыр "*гъэ"кIэрэ щыухуэжым* деж, а *глаголыр зыгъэзэщIэну гуэр*ыр *хуит зыщI* зы "*субъект*"щ лъытэр; е, мыбы нэмыщI, а глаголыр "*субъект*"ым *зыригъэщI гуэр* щылъыти щыIэщ. НытIэ, мы *тIум дежи*, глагол "*субъект*"ым мы глаголыр зытеухуа I*уэху*гъуэр *игъэзэщIэнкIэ хуит ищI гуэр*ымрэ, мы глаголыр зытеухуа Iуэхуэгъуэр *зыригъэщI гуэр* мэлъытэри, мыпхуэдэуи "*гъэ"кIэрэ ухуа глагол*ым и лэжьэкIэм а нэхъ мащIэу *зы "дополненэ"* зэрыхиубыдэр гурыIуэгъуэщ.

ИпэкIэ "I*уэху занщ*Iэ *глагол*" лIэужьыгъуэу "*дополненэ*"и *зыхэзыубыдэ лэжьэк*Iэ зиIэхэмрэ, "*дополненэ*" *зи*Iэ *е зимы*Iэ глаголхэу щырет, *глаголхэм* къащтэ "*префикс*"*хэмк*Iэ "*дополненэ*" зэрылъытэ щIыкIэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъэххэщ. НытIэ, мыбдежми "I*уэху занщ*Iэ *-макъ- глагол*"хэр "*гъэ*"кIэрэ *щыухуэж*ым *икIи мы* "*гъэ*"*кIэ*рэ ухуа "I*уэху занщ*Iэ *глагол*" лIэужьыгъуэхэм "*префикс*"и къищтэу къатехъукI "I*уэху префиксиал глагол*" лэжьэкIэхэми "*дополнэнит*1" зэрызыхаубыдэм теухуа щапхъэхэр къахуэтхьынщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри зи лэжьэкIэхэм "*дополненэ*" *зыхэзыубыдэ* "I*уэху макъ глагол*"хэмрэ зи лэжьэкIэхэм "*дополненэ*" *зыхэзымыубыдэ* "I*уэху макъ глагол*"хэр "*гъэ*"*кIэрэ зэрыухуэж*хэм я лэжьэкIэхэм *икIи* мыхэр "щIыпIэ" е "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу *зы* "*префикс*"*кIэ зэрыухуэж*хэм я лэжьэкIэхэм

теухуауэ къэтхьынщи, мыбыхэм *хиубыдэ "щхьэ"*хэми -"*дополненэ*"хэми-щыгъуазэ дыхуэхъунщ:

| **"Iуэху макъ глагол"хэмрэ "гъэ"кIэрэ зэрыухуэжхэм я лэжьэкIэхэм "щхьэ"хэр - "дополненэ"и- зэрызыхаубыдэр** | | **"Гъэ"кIэ мы глагол ухуэкIитIым "щIыпIэ" е "щIыкIэ"у зы "префикс" къащтэу щыухуэж лэжьэкIэхэм -"префикс"ми теухуа- зы "дополненэ" зэрыхэлъытэр** | |
|---|---|---|---|
| Хьын →<br>Гъэхьын →<br>Егъэхьын → | - «*абы ар абы ехь*»;<br>- «*абы ар абы абы егъэхь*»;<br>- «*абы ар абы абы ирегъэхь*»; | Игъэхьын →<br>Егъэхьын → (е: ие)<br>Ирегъэхьын → (е: эйй)<br>Нэгъэхьын →<br>Негъэхьын → | - «*абы ар абы абы ирегъэхь*»;<br>- «*абы ар абы абы ирегъэхь*»<br>- «*абы ар абы абы ирырегъэхь*»;<br>- «*абы ар абы негъэхь)*»;<br>- «*абы ар абы абы нырегъэхь*»; |
| Чын →<br>Гъэчын →<br>Егъэчын → | - «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы еч*»;<br>- «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы абы егъэч*»;<br>- «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы абы егъэч*»; | Iугъэчын →<br>Iуегъэчын →<br>Къэгъэчын →<br>Къегъэчын → | - «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы (абы)* I*уегъэч*»;<br>- «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы абы* I*урегъэч*»;<br>- «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы абы къегъэч*»;<br>- «*абы* ар (лъэбакъуэ) *абы абы къурегъэч*»; |
| Хун →<br>Гъэхун →<br>Егъэхун → | - «*абы* ар *абы еху*»;<br>- «*абы* ар *абы абы егъэху*»;<br>- «*абы* ар *абы абы егъэху*»; | Къуэгъэхун →<br>Къуегъэхун →<br>Хуэгъэхун →<br>Хуегъэхун → | - «*абы* ар *абы абы къуегъэху*»;<br>- «абы ар *абы абы къурегъэху*»;<br>- «*абы* ар *абы абы хуегъэху*»;<br>- «*абы* ар *абы абы хруегъэху*»; |
| Дзын →<br>Гъэдзын →<br>Егъэдзын → | - «*абы* ар *абы едз*»;<br>- «*абы* ар *абы абы егъэдз*»;<br>- «*абы* ар *абы абы ирегъэдз*»; | Гуэгъэдзын →<br>Гуегъэдзын →<br>ФIэгъэдзын →<br>ФIегъэдзын → | - «*абы* ар *абы абы гуегъэдз*»;<br>- «абы ар *абы абы гурегъэдз*»;<br>- «*абы* ар *абы абы фIегъэдз*»;<br>- «*абы* ар *абы абы фIырегъэдз*»; |
| Шэн →<br>Гъэшэн →<br>Егъэшэн → | - «*абы* ар *абы ешэ*»;<br>- «*абы* ар *абы абы егъашэ*»;<br>- «*абы* ар *абы абы* | Щыгъэшэн →<br>Щегъэшэн → | - «*абы* ар *абы абы щегъашэ*»;<br>- «абы ар *абы абы щырегъашэ*»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | *ирегъашэ*»; | Пэгъэшэн →<br>Пегъэшэн → | - «*абы* ар *абы* *абы* *пегъашэ*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *пэрегъашэ*»; |
| Пхъын →<br>Гъэпхъын →<br>Егъэпхъын→ | - «*абы* ар *абы* *епхъ*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *егъэпхъ*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *ирегъэпхъ*»; | ЩӀэгъэпхъын →<br>ЩӀегъэпхъын →<br>Егъэпхъын →<br>Ирегъэпхъын→ | - «*абы* ар *абы* *абы* *щӀегъпэхъ*»;<br>- «абы ар *абы* *абы* *щӀырегъэпхъ*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *ирегъэхъ*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *ирырегъэхъ*»; |
| Тхъун →<br>Гъэтхъун →<br>Егъэтхъун → | - «*абы* ар *абы* *етхъу*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *егъэтхъу*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *ирегъэтхъу*»; | Дэгъэтхъун →<br>Дегъэтхъун →<br>Нэгъэтхъун →<br>Негъэтхъун → | - «*абы* ар *абы* *абы* *дегъэтхъу*»;<br>- «абы ар *абы* *абы* *дырегъэтхъу*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *негъэтхъу*»;<br>- «*абы* ар *абы* *абы* *нырегъэтхъу*»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ин →<br>Гъэин →<br>Егъэин → | - «*абы ар ей*»;<br>- «*абы ар абы егъэй*»;<br>- «*абы ар абы ирегъэй*»; | ФӀэгъэин →<br>ФӀегъэин →<br>Къэгъэин →<br>Къегъэин → | - «*абы ар абы абы фӀегъэй*»;<br>- «*абы ар абы абы фӀырегъэй*»;<br>- «*абы ар абы къегъэй*»;<br>- «*абы ар абы абы къырегъэй*»; |
| Жьын →<br>Гъэжьын →<br>Егъэжьын → | - «*абы ар ежь*»;<br>- «*абы ар абы егъэжь*»;<br>- «*абы ар абы ирегъэжь*»; | Пыгъэжьын →<br>Пегъэжьын →<br>Хуэгъэжын →<br>Хуегъэжын → | - «*абы ар абы абы пегъэжь*»;<br>- «*абы ар абы абы пырегъэжь*»;<br>- «*абы ар абы абы хуегъэжь*»;<br>- «*абы ар абы абы хурегъэжь*»; |
| Щын →<br>Гъэщын →<br>Егъэщын → | - «*абы ар ещ*»;<br>- «*абы ар абы егъэщ*»;<br>- «*абы ар абы ирегъэщ*»; | Игъэщын →<br>Егъэщын →<br>Ирегъэщын →<br>Дэгъэщын → | - «*абы ар абы абы (хуит ищӀыр) егъэщ*»;<br>- «*абы ар абы абы ирегъэщ*»<br>- «*абы ар абы абы ирырегъэщ*»;<br>- «*абы ар абы абы* |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Дегъэщын → | *дегъэщ»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *дырегъэщ»*; |
| Бжын →<br>Гъэбжын →<br>Егъэбжын → | - «*абы ар ебж»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> *егъэбж»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> *ирегъэбж»*; | Iугъэбжын →<br>Iуегъэбжын →<br>Хуэгъэбжын →<br>Хуегъэбжын → | - «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *Iуегъэбж»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *Iурегъэбж»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *хуегъэбж»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *хурегъэбж»*; |
| Бзын →<br>Гъэбзын →<br>Егъэбзын → | - «*абы ар ебз»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> *егъэбз»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> *ирегъэбз»*; | Къуэгъэбзын →<br>Къуегъэбзын →<br>ФIэгъэбзын →<br>ФIегъэбзын → | - «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *къуегъэбз»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *къурегъэбз»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *фIегъэбз»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *фIырегъэбз»*; |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Япэрауэ, *"дополненэ" зи*Iэу лажьэ *"Iуэху макъ глагол"*хэм *мы* я *"дополненэ"*р *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэу зэрыщытым ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыпхуэдэ *глагол*хэр *"гъэ"кIэрэ щыухуэж*ым я лэжьэкIэхэм *аргуэру* хэлъытэ *"дополненэ"*ри *"гъэ"м елъыта*уэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, глаголхэр *"гъэ"кIэрэ лIэужьыгъуит*Iыу зэрыухуэр мы ипэкIэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр: 1- *"е" префикс зимы*Iэу *ухуа глагол*ыр (пп: гъэхьын) *"субъект"ым* мы *Iуэхур игъэззэщIэнкIэ хуит*I *ищIыр* зэрылъытэрщ; 2- *"е" префикс зи*Iэу *ухуа глагол*ри (пп: егъэхьын) *"субъект"ым мы* I*уэхур зыригъэщIыр* зэрылъытэрщ. ИкIи, мы Iуэхур *"субъект"ым игъэззэщIэнкIэ хуит ищ*Iымрэ мы Iуэхур *"субъект"ым зыригъэщI*ыр глагол лэжьэкIэхэм *"дополненэ"*у зэрыхэлъытэри, мы зи гугъу тщIахэри мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Хьын →<br>Гъэхьын →<br>Егъэхьын –<br>Ирегъэхьын → | - «*абы ар* <u>*абы*</u> (зыдэхь: "щIыпIэ") *ехь»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> (зыдэхь: "щIыпIэ") <u>*абы*</u> (хьынкIэ хуит ищI) *егъэхь»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> (зыдэхь: "щIыпIэ") <u>*абы*</u> (зыригъэхь) *ирегъэхь»*;<br>- «*абы ар* <u>*абы*</u> (щIыпIэ) <u>*абы*</u> (зыригъэхь) *ирырегъэхь»*. |

- ИпэкIэ "е" префикс зиIэрэ зимыIэ глаголхэм я лэжьэкIэхэр зэрызэщхьэщыкIыр жытIагъэххэщи, *"субъект"ым* мы Iуэхур щIынкIэ *хиут ищIыр "дополненэ"у* зыхэзыубыдэр *"е" префиксыншэ глагол*ырщ; *"субъект"ым* мы Iуэхур *зыригъэщIыр "дополненэ"у* зыхэзыубыдэри *"е" префикскIэ ухуа глагол*ращ. Мы зи гугъу тщIа зэрызэщхьэщыкIынгъэр *"глагол лэжьэкIэу ухуа*

*псалъэ" зэпкъырыувэк*Iэхэмк1и нэрылъагъущ: «гъэхьын: "*егъэхь*"»; «егъэхьын: "*ирегъэхь*"».

- Аращи, "*е*" *префикс*кIэ ухуа *глагол*ым и "*лэжьэк*Iэ*у ухуа псалъэ*"р - "*субъект*"*ым мы* I*уэхур* (ар) "<u>*абы*</u>" *иригъэщ*Iыу зэрыщыткIэрэ- "*ире*" формэ "*префикс*"кIэрэ зэрыу*хуари* (*ирегъэхь*) нэрылъагъущ. ИкIи, "I*уэху глагол*"хэр (*хьын*) "*гъэ*"кIэрэ *зэрыухуэж*ынум нэхъ *хуэигъуэри мыпхуэдэ лэжьэк*Iэхэращи (*ирегъэхь*), нытIэ "*е*" *префикс*"*к*Iэ *ухуэн*ращ (*егъэхьын*). Аращи, "*субъект*"*ым* мы Iуэхур игъэзэщIэнкIэ *зыгуэрыр хуит зэрищ*I (гъэхьын) нэхърэ "*субъект*"*ым мы* I*уэхур нэгъуэщ*I *гуэрым иригъэщ*I*ын* мыхьэнэ игъуэтынращ "I*уэху глагол*"*ыр* "*гъэ*"*к*I*эрэ* зэрыухуэжым *нэхъ хуэфащ*эрэ *хуэигъуэ*ри, мыри "*гъэ*"*к*Iэ *ухуэж* "I*уэху глагол*"ыр "*е*" *префикс*кIэ *ухуэн*ращ (*егъэхьын*). Дауи, мы ухуэкIитIри (*гъэхьын; егъэхьын*) бзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэщ; ауэ, бзэм нэхъ щызекIуэкIэри "е" префикскIэрэ зэпкъырыуваращ (*егъэхьын*).

- ИпэкIэ зи лэжьэкIэхэм "*дополненэ*" *зи*Iэххэ "I*уэху макъ глагол*"хэу "щIыпIэ" е "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу *зы* "*префикс*" къэзыщтэу *ухуахэм я лэжьэк*Iэхэм *нэгъуэщ*I "*дополненэ*" *зэрыхэмылъытэ*м щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. НытIэ, "*дополненэ*" *зи*I*эххэ* "I*уэху макъ глагол*"хэр "*гъэ*"*к*I*эрэ ухуэж*рэ я лэжьэкIэхэми "*дополнэнит*I" зыхэзыубыдэхэм "щIыпIэ" е "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ *зы* "*префикс*" *къащтэу щыухуэжк*I*э*, я лэжьэкIэхэм хиубыдэ "*дополненэ*" *бжыгъэр* зэрыз*эмыхъуэк*Iынури -зэрымыбагъуэри- гурыIуэгъуэнщи, зи лэжьэкIэхэм *иджыри* "*дополненит*I" зыхэзыубыдэ мыпхуэдэ "I*уэху префиксиал глагол*" щапхъэхэр я "*дополненэ*" *л*I*эужьыгъу*эхэри тхыхьым дэту мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | |
|---|---|
| Игъэхьын → | - «*абы ар* <u>*абы*</u> (щIыпIэ) <u>*абы*</u> (зыригъэхь) *ирегъэхь*»; |
| Егъэхьын – | - «*абы ар* <u>*абы*</u> (щIыпIэ) <u>*абы*</u> (зыригъэхь) *ирегъэхь*» - «*абы ар* <u>*абы*</u> (щIыпIэ) <u>*абы*</u> (зыригъэхь) *ирырегъэхь*»; |
| Ирегъэхьын → | |
| Нэгъэхьын → | - «*абы ар* <u>*абы*</u> (щIыпIэ) <u>*абы*</u> (хьынкIэ хуит ищI) *негъэхь)*»; |
| Негъэхьын → | - «*абы ар* <u>*абы*</u> (щIыпIэ) <u>*абы*</u> (зыригъэхь) *ныре*г*ъэхь*»; |

- Мы "гъэ"кIэрэ ухуэжарэ "е" префикс къимыщтэрэ къищтэм теухуа мы "Iуэху префиксиал глагол" щапхъэхэм щыщу "щIыпIэ" лIэужьыгъуэ "и" префикскIэ ухуа "игъэхьын" глаголым къыкIэлъыкIуэу "и"м "е" къыкIэлъыкIуэу ухуэн хуей глаголыр "*егъэхьын*"рэ "*ирегъэхьын*"у глаголитIу къызэрытар нэрылъагъущи, нытIэ, мыпхуэдэу зэрыщытми щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ. Япэрауэ, мы ипэ къихуэ "*егъэхьын*" глаголым "*префикс*"у къыхэщ "*е*"р "екIуэлIэн"ыгъэу "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"у щымытрэ, "*щ*I*ып*Iэ" лIэужьыгъуэ "*и*" *префикс*ымрэ "Iуэху глагол"ыр "*гъэ*"*к*I*эрэ* щыухуэжым "*е*" *префикси* къызэрищтэр *зыхэзыубыдэрщи*, мыпхуэдэу зэрыухуа щIыкIэр "игъэхьын" глаголым деж къыщыщIидзэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «игъэхьын → иегъэхьын → "иэйгъэхьын" → егъэхьын». |

Аращи, мы "*егъэхьын*"у ухуа "I*уэху префиксиал глагол*"ыр "*щIыпI*э"у "*и*"м *зэрыгъэзэщIэну* "*щIыкI*э"р *екIуэлIэны*гъэу (е: "иэ") зэрыщытыр *зыхэзыубыд*эрщи, нытIэ икIи, мы глаголыр мы къызэрыIуэта щIыкIэу "*и*"*рэ* "*е*"*р зэпыщIауэ* "*ире*" *префикс*кIэ зэрыухуапхъэри гурыIуэгъуэнщ: "*и*" *щIыпIэм щыгъэзэщIэну* "*хьын*" I*уэхугъуэр екIуэлIэныгъэ* (*е*) "*щIыкI*э"*ущ* -абы хуэкIуэущ-*зэрыгъэзэщIэнури*, мыпхуэдэр зэрызэпыщIакIэрэ ухуа мы "*ирегъэхьын*" глаголым и лэжьэкIэнури мыпхуэдэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ:

| |
|---|
| «*абы ар абы* (щIыпIэ) *абы* (зыригъэхь) *ирырегъэхь*». |

- Мы зи гугъу тщIахэм хуэдэ нэгъуэщI щапхъэхэри зэрыщыIэнур гурыIуэгъуэнщи, "хьын"ым хуэдэу "Iуэху занщIэ глагол" лIэужьыгъуэу "дополненэ" зыхэзыубыдэу "гъэ"кIэрэ "е" префиксыншэу ухуам "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"у "е" къищтэу зэрыухуэжымрэ, "гъэ"кIэрэ "е" префикс къищтэу ухуам аргуэру "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу "е" префикс къищтэу зэрыухуэжым теухуа щапхъэхэми гулъытэ хуэщIыпхъэщи, "е" префикскIэ ухуагъэххэм аргуэру "е" къызэрищтэну щIыкIэр "*и*"уэ лъыта "*щIыпI*э"мрэ *екIуэлIэныгъэ* "*е*"*р* зэрызэ*пыщIауэ* "*ире*" *префикс*у зэрыухуэнур гурыIуэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Гъэпхъын → | - «*абы* ар *абы абы егъэпхъ*»; | Егъэпхъын → {е: ие(ииэ: иэйй)} | - «*абы* ар *абы абы ирегъэпхъ*»; |
| Егъэпхъын → (е: "иэ") | - «*абы* ар *абы абы ирегъэпхъ*»; | Ирегъэпхъын→ | - «*абы* ар *абы абы ирырегъэпхъ*»; |

- НытIэ икIи, "*гъэ*" къэзыщтэу "*е*" *префикс*кIэ ухуа дэтхэнэ зы глаголым *аргуэру зы* "*префикс*"и къыщищтэм деж, "*префиксит*I" зыхиубыдэу зэрыщытри къэта щапхъэхэмкIэ нэрылъагъущ. Ауэ, "*щIыкI*э" лIэужьыгъуэ "*префикс*" *гуэрхэм* "*дополненэ*" *зэрамылъыт*эм папщIэ, "*префиксит*I"кIэ ухуа *мы* "*префиксыбэ глагол*" лэжьэкIэхэр "*дополненэ*"*к*Iэ *багъуэкъым*. Мыпхуэдэу "гъэ"кIэрэ ухуарэ "щIыпIэ"рэ игъуэ "щIыкIэ" лIэужьыгъуэ "префикс"и къищтэу зи лэжьэкIэхэми "дополненищ" зыхэызыубыдэ "Iуэху префиксыбэ глагол"хэми илъабжьэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

- ЗэрыгурыIуэгъуэу, "хьын, пхъын" глагол щапхъэхэм теухуауэ мы къэдгъэлъэгъуарэ къэтIуэтахэр зи лэжьэкIэхэм "*дополненэ*" *зыхэзыубыдэ* "I*уэху макъ глагол*"хэращ зытеухуар. НытIэ, "*дополненэнэшэ*"у лэжьэкIэ зиIэ "I*уэху макъ глагол*"хэм "*гъэ*"кIэрэ -глагол "*субъект*"*ым* "*хуит ищ*I" е "*зыригъэщ*I" зэрылъытэу- зы "*дополненэ*" *зэрагъуэт*ынур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуа глаголхэр зы "*щIыпI*э" лIэужьыгъуэ "*префикс*"и къащтэу щыухуэжкIэ, я лэжьэкIэхэм -"*щIыпI*э" лIэужьыгъуэу- *аргуэру зы* "*дополенэ*" зэрыхэлъытэнури гурыIуэгъуэнщ. - Ауэ икIи, мы ипэкIи и гугъу зэрытщIауэ, *дэтхэнэ зы* "*щIыкI*э" лIэужьыгъуэ "*префикс*"*ым*кIэ "*дополненэ*" зэры*мылъытапхъ*эри гурыIуэгъуэнщ. Дауи, мы жытIахэм теухуа щапхъэхэр хыболъагъуэр ипэкIэ къэта таблицэхэми, мыпхуэдэ зы щапхъэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэу тежыIыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ин →<br>Гъэин →<br>Егъэи → | - «*абы ар ей*»;<br>- «*абы ар <u>абы</u> егъэй*»;<br>- «*абы ар <u>абы</u> ирегъэй*»; | Фӏэгъэин →<br>Фӏегъэин →<br><br>Къэгъэин →<br>Къегъэин → | - «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> фӏегъэй*»;<br>- «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> фӏырегъэй*»;<br>- «*абы ар <u>абы</u> къегъэй*»;<br>- «*абы ар (<u>абы</u>) <u>абы</u> къырегъэй*»; |

- Ипэкӏэ къызэрыхэдгъэщауэ, "*гъэ*"*кӏэ ухуа глаголхэм я лэжьэкӏэхэм* глагол "*субъект*"*ым* ӏ*уэхур* "*игъэзэщӏэнкӏэ хуит ищӏ*"рэ ("е" префиксыншэу) "*зыригъэщӏ*"ыр ("е" префиксиалу) зэрылъытэу *зы* "*дополненэ*" зэрызыхиубыдэр гурыӏуэгъуэщ. Икӏи, мы "гъэ"кӏэрэ ухуа глаголхэр *зы* "*щӏыпӏэ*" лӏэужьыгъуэ е "*дополненэ*" *зылъытапхъэ зы* "*щӏыкӏэ*" лӏэужьыгъуэ *зы* "*префикс*"кӏэ щыухуэжым деж, я лэжьэкӏэхэм *аргуэру зы* "*дополненэ*" зэрыхэлъытэнур гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ икӏи, мы зэрыжытӏауэ, "щӏыкӏэ" лӏэужьыгъуэ "префикс" гуэрхэмкӏэ "дополненэ" лъытапхъэкъыми, таблицэхэм хэплъагъуэ мыпхуэдэ зы щапхъэщ мы зи гугъу тщӏыхэри: «"*къэгъэин*" глагол лэжьэкӏэм хиубыдэ "*дополненэ*"р "*гъэин*"ым хиубыдэ "*дополненэ*"*рщи*, "*къегъэин*" глагол лэжьэкӏэм *щэхуу зы* "*щӏыпӏэ*" лӏэужьыгъуэ "*дополненэ*"и хэплъытэ зэрыхъунур "*(<u>абы</u>)*"уэ къыхэдгъэщащ».

"**ӏ*уэху префиксыбэ глагол***"*у зи лэжьэкӏэхэм* "***дополненищ***" - ***нэхъыбэи****- зыхэзыубыдэфхэм теухуауэ.*

Мы ипэкӏэ "ӏуэху занщӏэ -макъ- глагол"хэр "гъэ"кӏэрэ "е" префиксыншэу щыухуэкӏэ глагол "субъект"ым мы ӏуэхур игъэзэщӏэнкӏэ "хуит ищӏ"ыр зэрылъытэу, икӏи "гъэ"рэ "е" префикскӏэрэ щыухуэкӏи глагол "субъект"ым мы ӏуэхур "зыригъэщӏ"ыр зэрылъытэу, глагол лэжьэкӏэр "дополненэ"кӏэ зэрыбагъуэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщ. Икӏи, мыбыхэм ипэкӏи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, зы "щӏыпӏэ"рэ "дополненэ" зылъытапхъэ зы "щӏыкӏэ" префикс къэзыщтэ "ӏуэху занщӏэ глагол"хэри зи лэжьэкӏэм "дополненитӏ" зыхуаубыдэри гурыӏуэгъуэщ. Нытӏэ, мы зи гугъу тщӏы глагол лӏэужьыгъуитӏыр зэрызэгухьэу "дополненищ" зыхэзыубыдэ лэжьэкӏэ зиӏэ "ӏуэху префиксиал - префиксыбэ- глаголхэр утыку къызэрихьэнури гурыӏуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр мы ипэкӏэ "гъэ"кӏэрэ ухуэ глаголхэм теухуауэ къызэрыдгъэлъэгъуэфынури гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ, кӏыхь дымыщӏын папщӏэ, къэтхьыну щапхъэхэри куэд тщӏынкъыми, щапхъэ гуэрхэр къэтхьынкӏэ зыхуридгъэкъунщ.

Нытlэ, япэрауэ "гъэ"кlэ ухуа глагол щапхъэ гуэрхэр къэтхьынщ. Икlи, глаголым къищтэ "*гъэ*"*м* -сытым дежи- *и увып*lэр "занщlэ глагол"ым икlи "*глаголыпкъ*"ым *ипэ* къихуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, "lуэху занщlэ –макъ- глагол"ымрэ "щlыпlэ"рэ "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"кlэ ухуа "lуэху префиксиал глагол"хэм "гъэ" къызэрищтэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ: «ин → "гъэин, егъэин"»; «щыин → "щыгъэин, щегъэин"»; «хуэин → "хуэгъэин, хуегъэин"».

Нытlэ, "дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху макъ глагол"у щыт "ин" глаголыр "гъэ"кlэрэ щыухуэм деж (гъэин), зы "дополненэ" игъуэтауэ зэрылэжьэнум хуэдэжщи, абы къыкlэлъыкlуэу щыт "lуэху префиксиал глагол"хэу, "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс" зиlэу "гъэ"кlэрэ ухуа "lуэху префиксиал глагол"ымрэ, мы "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс" зиlэу "гъэ"кlэрэ ухуа "lуэху префиксиал глагол"ым дэтхэнэ зым "доплненитl" иlэу зэрылэжьэнури гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, зи лэжьэкlэхэм "*дополненит*l" зыхэзыубыдэ мы "l*уэху префиксиал глагол*" лlэужьыгъуитlыр зэрызэгухьэу зы "lуэху префиксыбэ глагол" щыухуэм деж, мыбы "дополненищ" хиубыдэу зэрылэжьэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, "*щlып*lэ"*рэ* "*щlык*lэ" лlэужьыгъуэ "*префикс*"*к*lэ зэмылlэужьыгъуэу ухуа мы "l*уэху префиксиал глагол*"*хэм дэтхэнэ зыр* къэдгъэлъагъуэу, мыбыхэми къыкlэлъыкlуэу, мыхэр *зэрызэгухьэу утыку къихьэ* "l*уэху префиксыбэ глагол*"хэри *зэмыл*lэ*ужьыгъуэ зэпкъырыувэк*lэ зэраlэм *елъыта зэк*lэ*лъхьэужь*ыкlэу мы илъабжьэм щхьэхуэ щхьэхуэу къыщыдгъэлъэгъуэнщи, дэтхэнэ зым и *лэжьэк*lэ*мрэ хиубыдэ* "*щхьэ*"*хэр* - "*дополненэ*" лlэужьыгъуэу "*щы*" зэрызыхаубыдэри- къызэрыхэщ щапхъэхэри къапытщэжынщ:

| |
|---|
| - «"**щыгъэин**" + "**хуэгъэин**" → "**щыхуэгъэин**" икlи "**хущыгъэин**"»: «"щыгъэин (*абы* ар *<u>абы</u> <u>абы</u> щегъэй*)" + "хуэгъэин (*абы* ар *<u>абы</u> хуегъэй*)"» → «щыхуэгъэин {*абы* ар *<u>абы</u>* (щlыпlэ/зэманыгъуэ) *<u>абы</u>* (папщlэ) *<u>абы</u>* (субъект къуэдзэ) *щыхуегъэй*}» икlи «хущыгъэин {*абы* ар *<u>абы</u>* (папщlэ) *<u>абы</u>* (щlыпlэ/зэманыгъуэ) *<u>абы</u>* (субъект къуэдзэ) *хущегъэй*}»; |

| |
|---|
| - «"**щигъэин**" + "**хуигъэин**" → "**щыхуигъэин**" икlи "**хущигъэин**"»: «"щегъэин (*абы* ар *<u>абы</u> <u>абы</u> щырегъэй*)" + "хуегъэин (*абы* ар *<u>абы</u> хурегъэй*)"» → «щыхуегъэин {*абы* ар *<u>абы</u>* (щlыпlэ/зэманыгъуэ) *<u>абы</u>* (папщlэ) *<u>абы</u>* (субъект къуэдзэ) *щыхурегъэй*}» икlи «хущыгъэин {*абы* ар *<u>абы</u>* (папщlэ) *<u>абы</u>* (щlыпlэ/зэманыгъуэ) *<u>абы</u>* (субъект къуэдзэ) *хущырегъэй*}»; |
| - «"**щегъэин**" + "**хуегъэин**" → "**щыхуегъэин**" икlи "**хущегъэин**"»: «"щегъэин (*абы* ар *<u>абы</u> <u>абы</u> щырегъэй*)" + "хуегъэин (*абы* ар *<u>абы</u> хурегъэй*)"» → |

«щыхуегъэин {*абы* ар <u>*абы*</u> (щӀыпӀэ/зэманыгъуэ) <u>*абы*</u> (папщӀэ) <u>*абы*</u> (субъект къуэдзэ) *щыхурегъэй*}» икӀи «хущыгъэин {*абы* ар <u>*абы*</u> (папщӀэ) <u>*абы*</u> (щӀыпӀэ/зэманыгъуэ) <u>*абы*</u> (субъект къуэдзэ) *хущырегъэй*}»;

- «"**щыригъэин**" + "**хуэригъэин**" → "**щыхуригъэин**" икӀи "**хущыригъэин**"»:
«"щыригъэин (*абы* ар <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *щырырегъэй*)" + "хуригъэин (*абы* ар <u>*абы*</u> *хурырегъэй*)"» → «щыхуэгъэин {*абы* ар <u>*абы*</u> (щӀыпӀэ/зэманыгъуэ) <u>*абы*</u> (папщӀэ) <u>*абы*</u> (субъект къуэдзэ) *щыхуегъэй*}» икӀи «хущыгъэин {*абы* ар <u>*абы*</u> (папщӀэ) <u>*абы*</u> (щӀыпӀэ/зэманыгъуэ) <u>*абы*</u> (субъект къуэдзэ) *хущегъэй*}»;
--------------------------------------------------------------------------------------------------
- «"**щегъэин**" + "**хуегъэин**" → "**щыхуегъэин**" икӀи "**хущегъэин**"»:
«"щегъэин (*абы* ар <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *щырегъэй*)" + "хуегъэин (*абы* ар <u>*абы*</u> *хурегъэй*)"» → «щыхуегъэин {*абы* ар <u>*абы*</u> (щӀыпӀэ/зэманыгъуэ) <u>*абы*</u> (папщӀэ) <u>*абы*</u> (субъект къуэдзэ) *щыхурегъэй*}» икӀи «хущыгъэин {*абы* ар <u>*абы*</u> (папщӀэ) <u>*абы*</u> (щӀыпӀэ/зэманыгъуэ) <u>*абы*</u> (субъект къуэдзэ) *хущырегъэй*}»;

*

Мы зи гугъу тщӀахэр "Ӏуэху глагол"хэр "гъэ"кӀэрэ зэрыухуэу "субъект"ым "Ӏуэху"р нэгъуэщӀым иригъэщӀыну зэрыгъэпсахэм "щӀыпӀэ"рэ игъуэ "щӀыкӀэ" префиксхэри къызэрищтэу "Ӏуэху префиксыбэ глагол"хэм "дополнэнищ" зэрыхиубыдэм теухуащ. Ауэ икӀи, глаголхэм ищхьэм *"гъэ"уэ тӀу* къызэрыпыхьэфынури гурыӀуэгъуэнщи, ар щыхъум дежи, *"субъект"ым "Ӏуэху"р гъэзэщӀэнкӀэ зыхуиӀуэхуам мы "Ӏуэху"р нэгъуэщӀым иригъэщӀыу* зэрылъытэнур гурыӀуэгъуэнщ.

Ар щыхъукӀи, глагол лэжьэкӀэм хиубыдэну "дополненэ"р зэрыбэгъуэнури гурыӀуэгъуэщи, *"гъитӀ"рэ* икӀи *"префиксыбэ"у* зэпкъырыувэну *"Ӏуэху префиксыбэ глагол"*хэм я *лэжьэк*Ӏэхэм хиубыдэфынур *"дополненищ"ым къыщымынэ*нкӀи зэрыхъунури гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэм теухуа щапхъэхэр *"Ӏуэху занщ*Ӏэ -*макъ-глагол"*хэр *"гъитӀ"*рэ *"префикс"*кӀэрэ *"Ӏуэху префиксиал/префиксыбэ глагол"*хэу зэрыухуэхэм теухуауэ къэтхьынщ. Ауэ икӀи, *"префикс"*хэр *"ири, ире"*рэ *"ирыри, ирыре" формэк*Ӏэ зэрыухуэфынури гурыӀуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщӀауэ, "гъитӀ"рэ "префикс"хэмкӀэ ухуа "Ӏуэху префиксиал/префиксыбэ глагол"хэм я "префикс"хэри мыпхуэдэ формэкӀэ (ире, ирыре) зэрыухуэжым я лэжьэкӀэ щапхъэхэри къэтхьынщ.

Мы зи гугъу тщӀахэм теухуа *глагол зэпкъырыувэк*Ӏэхэм икӀи я *лэжьэк*Ӏ*эхэм*рэ *хиубыдэ* "щхьэ"хэм -*"<u>дополнэ</u>"хэм*- мы илъабжьэм - къэдгъэлъагъуэ щапхъэхэм теухуауэ- щыгъуазэ дыхуэхъунщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| ФӀэгъэгъэин | - «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> <u>абы</u> фӀырегъэгъэй*»; | ФӀырегъэгъэин | - «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> <u>абы</u> фӀырырегъэгъэй*»; |
| ФӀегъэгъэин | - «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> <u>абы</u> фӀырегъэгъэй*»; | ФӀырегъэгъэин | - «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> <u>абы</u> фӀырырегъэгъэй*»; |
| Къэгъэгъэин | - «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> къырегъэгъэй*»; | Къырегъэгъэин | - «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> <u>абы</u> къырырегъэгъэй*»; |
| Къегъэгъэин | - «*абы ар (<u>абы</u>) <u>абы</u> <u>абы</u> къырегъэгъэй*»; | Къырегъэгъэин | - «*абы ар <u>абы</u> <u>абы</u> <u>абы</u> къырырегъэгъэй*»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Егъэгъэпхъын | - «*абы* ар <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *урегъэгъэпхъ*»; | Ирегъэгъэпхъын | - «*абы* ар <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *ирырегъэгъэпхъ*»; |
| Ирегъэгъэпхъын | - «*абы* ар <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *ирырегъэгъэпхъ*»; | Ирырегъэгъэпхъын | - «*абы* ар <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> <u>*абы*</u> *ирырырегъэпхъ*»; |

Ауэ, мыхэр бзэм хуиту къызэрыщымыӀуэтэфынур икӀи зэхэхугъуейрэ гурыӀуэгъуейуэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, *теорикэу* мыпхуэдэ *"глагол инфинитив" зэпкъырыувэк*Ӏэхэр *зэрыбэгъуэфыну*рэ я лэжьэкӀэхэр *адыгэбзэм* зэры*хузэфӀэкӀыну*ри гурыӀуэгъуэнщ; ар щхьэ, *псалъэ зэпкъырыувэк*Ӏэрэ *лэжьэк*Ӏэм *гъунапкъэ* хуэхъун хуейри *хуиту къэ*Ӏ*уэтэн*рэ къэӀуатэри *ик*Ӏэ *нэгъунэ гуры*Ӏ*уэгъуэ хъун*рауэ зэрыщытри гулъытапхъэщ.

***

Дауи, "Ӏуэху макъ глагол"хэм къыщӀэддзэу мыбы нэгъунэ "Ӏуэху глагол"хэм я лэжьэкӀэхэмрэ абыхэм "дополненэ" зэрызыхаубыдэ щӀыкӀэхэм теухуауэ мы къэтӀуэтахэм къыпыщэнрэ нэгъуэщӀ щапхъэхэри къэхьыныр, икӀи мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр "Ӏуэху макъыбэ глагол"хэм теухуауи къегъэкӀуэкӀынрэ, -бзэ гъунапкъэм нэгъунэ мыхъуми- игъуэрэ хурикъун хуэдиз щапхъэхэр къэхуэхьынри *еджак*Ӏ*уэхэм къахуренэ*!

## "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ"КӀЭРЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкӀэ "Ӏуэху глагол"хэм я лэжьэкӀэхэмрэ хиубыдэ "дополненэ" лӀэужьыгъуэрэ бжыгъэхэм щыгъуазэ хуэхъуным теухуа лэжьыгъэ къыщедгъэкӀуэкӀащи, мы лэжьыгъэм икӀэм хуэзэуи "Ӏуэху глагол"хэр "гъэ"кӀэрэ зэрыухуэрэ я лэжьэкӀэхэми "дополненэ" бэгъуэныгъэ къызэрыщыхъум щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьащ. Ауэ икӀи, "езырыж глагол"хэр "гъэ"кӀэрэ щыухуэжым деж, "Ӏуэху глагол"

лӀэужьыгъуэхэрщ утыку къихьэри, нытӀэ, мы ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀауэ зи гугъу тщӀы лэжьыгъэм и зы Ӏыхьэуи лъытапхъэщ ″езырыж глагол″хэр ″гъэ″кӀэрэ зэрыухуэу утыку къихьэ ″Ӏуэху глагол″ лӀэужьыгъуэхэр. Ар щыхъукӀи, мыбдежым къытпэщыт зы лэжьыгъэри ″езырыж глагол″хэм ″гъэ″кӀэрэ къатехъукӀ мы ″Ӏуэху глагол″ лӀэужьыгъуэхэм я лэжьэкӀэхэм икӀи зыхаубыдэ ″дополненэ″ лӀэужьыгъуэрэ бжыгъэхэми щыгъуазэ хуэхъунращ.

НытӀэ, мы илъабжьэм ″*езырыж глагол*″хэмрэ я лэжьэкӀэхэр икӀи абыхэм ″*гъэ*″ *къызэращтэ*у утыку къихьэ ″Ӏ*уэху глагол*″хэмрэ я лэжьэкӀэхэр зэрызэлъытапхъэр игъуэщи, мыхэр мы зэрыжытӀа щӀыкӀэу щызэрыгъэпщапхъэу таблицэхэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэнщи, мыбыхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэри таблицэ нэужьым къыщыпытщэжынщ:

| **″Езырыж макъ глагол″хэр** | **Я лэжьэкӀэхэмрэ, хиубыдэхэр ″ещанэ щхьэ″ цӀэпапщӀэхэу** | **″Езрж.гл.″хэу ″гъэ″кӀэрэ ″Ӏуэху гл.″хэр** | **Я лэжьэкӀэхэмрэ, хиубыдэхэр ″ещанэ щхьэ″ цӀэпапщӀэхэу** |
|---|---|---|---|
| - Ун<br>- Уэн<br>(ууэ щыт)<br>----------------<br>- Уэн | - «ар *абы* мэу»;<br>- «ар абы мауэ»;<br>------------------------<br>- «ар *абы* мауэ»; | - Гъэун<br>- Гъэуэн<br>*(гъэу зэпыт)*<br>---------------<br>- Гъэуэн | - «абы ар *абы* егъэу»;<br>- «абы ар *абы* егъауэ»;<br>-------------------------------<br>- «*абы* ар *абы егъауэ*»; |
| - Ӏун<br>- Ӏуэн<br>(Ӏууэ щыт)<br>-----------------<br>- Ӏуэн<br>(мэкъу-мэш) | - «ар *абы* мэӀу»;<br>- «ар *абы* маӀуэ»;<br>-------------------------<br>- «ар маӀуэ»; | - ГъэӀун<br>- ГъэӀуэн<br>*(гъэӀу зэпыт)*<br>---------------<br>- ГъэӀуэн | - «*абы* ар (*абы*) *егъэӀу*»;<br>- «*абы* ар (*абы*) *егъаӀуэ*»;<br>-------------------------------<br>- «*абы* ар *егъаӀуэ*»; |
| - КӀын<br>- КӀэн<br>(кӀыуэ щыт) | - «ар мэкӀ»<br>- «ар макӀэ»; | - ГъэкӀын<br>- ГъэкӀэн<br>(*гъэкӀ зэпыт*) | - «*абы* ар *егъэкӀ*»;<br>- «*абы* ар *егъакӀэ*»; |
| - КӀуэн | - «ар *абы* макӀуэ»; | - ГъэкӀуэн | - «*абы* ар *абы егъакӀуэ*»; |
| - Джын<br>- Джэн<br>(*джы*/джыуэ щыт)<br>------------------<br>- Джэн | - «ар мэдж»;<br>- «ар маджэ»;<br>-------------------------<br>- «ар *абы* маджэ»; | - Гъэджын<br>- Гъэджэн<br>*(гъэдж зэпыт)*<br>----------------<br>- Гъэджэн | - «*абы* ар *егъэдж*»;<br>- «*абы* ар *егъаджэ*»;<br>-------------------------------<br>- «*абы* ар *абы егъаджэ*»; |
| - Жын<br>------------------<br>- Жэн | - «ар мэж»;<br>-------------------------<br>- «ар *абы* мажэ»; | - Гъэжын<br>----------------<br>- Гъэжэн | - «*абы* ар *егъэж*»;<br>-------------------------------<br>- «*абы* ар *абы егъажэ*»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| - Лъэн | - «ар абы малъэ»; | - Гъэлъэн | - «*абы* ар абы *егъалъэ*»; |
| - ПӀын<br>- ПӀэн<br>(пӀыуэ щыт) | - «ар мэпӀ»;<br>- «ар мапӀэ»; | - ГъэпӀын<br>- ГъэпӀэн<br>*(гъэпӀ зэпыт)* | - «*абы* ар *еп*Ӏ»;<br>- «*абы* ар *еп*Ӏэ»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| - Пхъуэн | - «ар абы мапхъуэ»; | - Гъэпхъуэн | - «*абы* ар абы *егъапхъуэ*»; |
| - Пщын-2 (1- ипэ кӀуэтэн; 2- бэгын)<br><br>- Пщэн-2 {1- пщыуэ (ипэ кӀуатэу) щыт; 2- пщыуэ (бэгыу) щыт} – Пщэн (*пщы*уэ - *къэпщытэ*у- щыт) | - «1- ар абы мэпщ; 2- ар мэпщ»;<br><br>- «1- "ар абы мапщэ" "; 2- "ар мапщэ» - «ар мапщэ»; | - Гъэпщын-2 (1- гъэкӀуэтэн; 2- гъэбэгын)<br>- Гъэщэн-2 {1- *гъэпщ (гъэк*Ӏ*уатэ) зэпыт*; 2- *гъэпщ (гъэбэг) зэпыт*} – Пщэн *(гъапщэ - гъэпщытэ- зэпыт)* | - «1- "*абы* ар абы *егъэпщ*"; 2- "*абы* ар *егъэпщ*"»;<br>- «1- "*абы* ар абы *егъапщэ*" "; 2- "*абы* ар *егъапщэ*» - «*абы* ар *егъапщэ*»; |
| - Плъын<br>- Плъэн<br>(плъыуэ щыт)<br>--------------------<br>- Плъэн | - «ар мэплъ»;<br>- «ар маплъэ»;<br><br>-------------------------<br>- «ар абы маплъэ"»; | - Гъэлъын<br>- Гъэлъэн<br>*(гъэплъ зэпыт)*<br>------------------<br>- Гъэплъэн | - «*абы* ар егъэплъ»;<br>- «*абы* ар *егъаплъэ*»;<br><br>------------------------------<br>- «*абы* ар абы *егъаплъэ*»; |
| - Щтын<br>- Щтэн<br>(щтыуэ щытын)<br>--------------------<br>- Щтэн<br>(къэуӀэбжьын) | - «ар мэщт»;<br>- «ар мащтэ»;<br><br>-------------------------<br>- «ар мащтэ»; | - Гъэщтын<br>- Гъэщтэн<br>*(гъэщт зэпыт)*<br>-------------------<br>- Гъэщтэн | - «*абы* ар *егъэщт*»;<br>- «*абы* ар *егъащтэ*»;<br><br>------------------------------<br>- «*абы* ар *егъащтэ*»; |
| - Пщтын | - «ар мэпщт». | - Гъэпщтын | - «*абы* ар *егъэпщт*». |

**Мы таблицэхэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ИпэкӀи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, "*езырыж занщ*Ӏ*э глагол" нэхъыбэр "дополненэнша*"ущ зэрылажьэри, мыпхуэдэхэр "*гъэ*"*к*Ӏэрэ "Ӏ*уэху занщ*Ӏ*э глагол*"*у* щыухуэжкӀи -"Ӏуэху глагол"хэм фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "объект" зэраӀэм папщӀэ- "*объект" ягъуэтми*, "*дополненэ" ягъуэткъым*. Ауэ, "*дополненэ" зи*Ӏэу лажьэ "*езырыж занщ*Ӏэ *глагол*" гуэрхэри щыӀэщи, мыхэри "*гъэ*"кӀэрэ "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *глагол*"у щыухуэжым -"Ӏуэху глагол"у фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "*объект" ягъуэтми*-*я*Ӏэ*у щыта* "*дополненэ*"*р иджыри я*Ӏэущ зэрылажьэхэр. НытӀэ, "*езырыж макъ глагол*"хэмрэ "*гъэ*"кӀэрэ "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *глагол*"у зэрыхуэж щӀыкӀэхэми хыболъагъуэр мы къыхэдгъэщахэри, мыбдежым мыбыхэм теухуауэ ипэкӀэ къэта таблицэхэм хэплъагъуэ щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| - Джын<br>- Джэн<br>(*джы*/джыуэ щыт) | - «ар мэдж»;<br>- «ар маджэ»; | - Гъэджын<br>- Гъэджэн<br>*(гъэдж зэпыт)* | - «*абы* ар *егъэдж*»;<br>- «*абы* ар *егъаджэ*»; |
| - ПӀын | - «ар мэпӀ»; | - ГъэпӀын | - «*абы* ар *еп*Ӏ»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| - ПIэн<br>(пIыуэ щыт) | - «ар мапIэ»; | - ГъэпIэн<br>*(гъэпI зэпыт)* | - «*абы* ар *епIэ*»; |
| - Щтын<br>- Щтэн<br>(щтыуэ щытын)<br>--------------------<br>- Щтэн<br>(къэуIэбжьын) | - «ар мэщт»;<br>- «ар мащтэ»;<br><br>-------------------------<br>- «ар мащтэ»; | - Гъэщтын<br>- Гъэщтэн<br>*(гъэщт зэпыт)*<br>-------------------<br>- Гъэщтэн | - «*абы* ар *егъэщт*»;<br>- «*абы* ар *егъащтэ*»;<br><br>------------------------------<br>- «*абы* ар *егъащтэ*»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| - Ун<br>- Уэн<br>(ууэ щыт)<br>----------------<br>- Уэн | - «ар <u>абы</u> мэу»;<br>- «ар <u>абы</u> мауэ»;<br><br>------------------------<br>- «ар <u>абы</u> мауэ»; | - Гъэун<br>- Гъэуэн<br>*(гъэу зэпыт)*<br>---------------<br>- Гъэуэн | - «абы ар <u>абы</u> егъэу»;<br>- «абы ар <u>абы</u> егъауэ»;<br><br>-------------------------------<br>- «*абы* ар <u>*абы*</u> *егъауэ*»; |
| - КIуэн | - «ар <u>абы</u> макIуэ»; | - ГъэкIуэн | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *егъакIуэ*»; |
| - Джэн | - «ар <u>абы</u> маджэ»; | - Гъэджэн | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *егъаджэ*»; |
| - Лъэн | - «ар <u>абы</u> малъэ»; | - Гъэлъэн | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *егъалъэ*»; |
| - Пхъуэн | - «ар <u>абы</u> мапхъуэ»; | - Гъэпхъуэн | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *егъапхъуэ*»; |

- Таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, "*езырыж глагол*"ыр "*гъэ*"*кIэрэ* "*Iуэху глагол*"у щыухуэжкIэ, "*езырыж глагол*"у *езыр езырурэ къызэрыхъ*урэ (ар мэплъ) "*субъект*"*ым къыпкъырык*Iыр (ар <u>абы</u> малъэ) утыку къихьэнкIэ *глагол* "*субъект*"*ыр хуит щ*Iын (*абы* ар егъэплъ; *абы* ар <u>*абы*</u> *егъалъэ*) къалэнщ "*гъэ*"*кIэрэ гъэзащIэр*. Аращи, "*гъэ*"*кIэрэ* "*Iуэху глагол*" лIэужьыгъуэу *ухуа* "*езырыж глагол*"ыр зытеухуа *къэхъуныгъэр утыку къихьэнк*Iэрэ мы "*Iуэху глагол*"ым и "*субъект*"*ым хуит ищ*I*ыр* "*езырыж глагол*"*ым и* "*субъект*"*ращи*, "*езырыж глагол*"ым и "*субъект*"*ыр* "*гъэ*"*кIэ ухуа* "*Iуэху глагол*"ым и "*объект*"*щ*. НытIэ, ипэкIэ таблицэхэм хиубыдэ "*езырыж глагол*"*ит*Iыр "*гъэ*"*кIэрэ* "*Iуэху глагол*"*ит*Iыу щыухуэжкIэ, я *лэжьэк*Iэхэм мы зи гугъу тщIа *зэхущытык*Iэр *къызэрыхэщ щапхъ*эхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - "плъын": «ар мэплъ»<br>↓ ↓<br>- "*гъэ*плъын": «*абы* ар *егъэплъ*»; | - "лъэн": «ар <u>абы</u> малъэ»<br>↓ ↓ ↓<br>- "*гъэ*лъэн": «*абы* ар <u>*абы*</u> *егъалъэ*»; |

- "Езырыж глагол"хэр "гъэ"кIэрэ зэрыухуа мы "Iуэху глагол"хэмрэ "Iуэху глагол"хэр "гъэ"кIэ зэрыухуэжу утыку къихьа "Iуэху глагол"хэм я лэжьэкIэхэр зэрызэщхьэщыкIынур нгурыIуэгъуэнщи, мыбдежым мы къэта щапхъэхэмрэ ипэкIэ "Iуэху глагол"хэр "гъэ"кIэрэ зэрыухуэжым теухуауэ къыхэдгъэщахэмкIэ наIуэщ. Ауэ икIи, ипэкIи "*Iуэху глагол*"хэри "*гъэ*"*кIэ зэрыухуэ зы щIык*I*эр* "субъект"ым "*гъэзэщ*IэнкIэ *хуит ищ*I"*ыр зэрылъытэ*у щытари дигу къэдгъэкIыжынщи, мыпхуэдэ *лэжьэк*I*эр нэхъ зыхуэигъуэри* -мы ипэкIэ къэта щапхъэхэми гурыIуэгъуэ къызэращIыу- "*езырыж глагол*"хэр "*гъэ*"*кI*эрэ "*Iуэху*

*глагол"у зэрыухуэжым теухуа*уэ зэрыщытыр мыбдежым къыщыхэгъэщыпыпхъэщ.

**"Езырыж глагол"хэр "гъэ"кӀэрэ зэрыухуэу утыку къихьэ "Ӏуэху занщӀэ глагол"хэм "префикс"и къащтэу къатехъукӀ "Ӏуэху префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэкӀэхэм теухуауэ.**

"Езырыж макъ глагол"хэр "гъэ"кӀэрэ "Ӏуэху занщӀэ глагол"у зэрыухуэмрэ мыбыхэм теухуауэ гулъытэ хуэщӀыпхъэхэм мы ипэкӀэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, мыпхуэдэу утыку къихьа "Ӏуэху занщӀэ глагол"хэм "щӀыпӀэ"рэ "щӀыкӀэ" лӀэужьыгъуэ "префикс"хэр къызэращтэфынур гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мыбыхэми "*дополненэншэ*"рэ "*дополенэ*"и къызыхэщу *лажьэ "езырыж макъ глагол"хэр "гъэ"к*Ӏэрэ зэрыухуэжу утыку къихьэ "Ӏ*уэху занщ*Ӏ*э глагол*"хэмрэ я лэжьэкӀэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыбы папщӀи, зи *лэжьэк*Ӏ*эр* "*дополненэншэ*"рэ "*дополнен*э" *зи*Ӏэу "*езырыж макъ глагол*"хэм "гъэ"кӀэрэ къызытехъукӀа "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *глагол*"хэм теухуа щапхъэхэри мыпхуэдэ *гупит*Ӏыу къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэми "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" е "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ"у *зы* "*префикс*" къызэращтэу "Ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэр *къазэрытехъук*Ӏхэмрэ *я лэжьэк*Ӏэхэми теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэри "*гъэ*"*к*Ӏэрэ зэрыухуа "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *глагол"хэмрэ я лэжьэк*Ӏ*эхэр* икӀи *мы* "Ӏ*уэху занщ*Ӏэ *глагол*"хэми "*щ*Ӏ*ып*Ӏэ" е "*щ*Ӏ*ык*Ӏэ" лӀэужьыгъуэу *зы* "*префикс*" къызэращтэу "Ӏ*уэху префиксиал глагол"у зэрыухуэжхэмрэ я лэжьэк*Ӏ*эхэр зэрызэлъытапхъэ* щӀыкӀэу зэхуэдэ таблицэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуэнщи, гулъытэ хуэщӀыпхъэхэри къыкӀэлъыкӀуэу къыпытщэжынщ:

| **"Езрж.гл." "гъэ"кӀэрэ "Ӏуэху гл"** | **Мы глаголхэр зэрылажьэхэм теухуа щапхъэхэр** | **"Езрж.гл"у "гъэ"кӀэ "Ӏуэху гл."хэр "преф"кӀэ зэрыухуэ** | **Мы глаголхэр зэрылажьэхэм теухуа щапхъэхэр** |
|---|---|---|---|
| - Гъэджын | - «*абы* ар *егъэдж*»; | - Игъэджын | - «*абы* ар *абы егъэдж* ("е"←"ие") – *ирегъэдж*»; |
| - Гъэджэн *(гъэдж зэпыт)* | - «*абы* ар *егъаджэ*»; | - Егъэджын<br>- Ӏугъэджэн<br>- Нэгъэджын | - «*абы* ар *абы ирегъэдж*»;<br>- «*абы* ар *абы* Ӏ*уегъаджэ*»;<br>- «*абы* ар *абы негъэджэ*»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| - Гъэщтын<br><br>- Гъэщтэн<br>*(гъэщт зэпыт)*<br>-----------------<br>- Гъэщтэн | - «*абы* ар *егъэщт*»;<br>- «*абы* ар *егъащтэ*»;<br>----------------------<br>- «*абы* ар *егъащтэ*»; | - Къуэгъэщтын<br>- Къэгъэщтын<br>- Гуэгъэщтын<br>- Хуэгъэщтын<br>--------------------<br>- Щыгъэщтэн<br>- ФIэгъэщтэн | - «*абы* ар *абы къуегъэщт*»;<br>- «*абы* ар *абы къегъэщт*»;<br>- «*абы* ар *абы гуегъэщт*»;<br>- «*абы* ар *абы хуегъэщт*»;<br>--------------------------------<br>- «*абы* ар *абы щегъащтэ*»;<br>- «*абы* ар *абы фIегъащтэ*»; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| - ГъэкIуэн | - «*абы* ар *абы егъакIуэ*»; | - ХэгъэкIуэн<br>- ПэгъэкIуэн | - «*абы* ар *абы хегъакIуэ*»;<br>- «*абы* ар *абы пегъакIуэ*»; |
| - Гъэлъэн | - «*абы* ар *абы егъалъэ*»; | - Дэгъэлъэн<br>- Егъэлъэн | - «*абы* ар *абы дегъалъэ*»;<br>- «*абы* ар *абы ирегъалъэ*»; |
| - Гъэпхъуэн | - «*абы* ар *абы егъапхъуэ*»; | - ФIэгъэпхъуэн<br>- Нэгъэпхъуэн | - «*абы* ар *абы фIегъапхъуэ*»;<br>- «*абы* ар *абы негъапхъуэ*»; |

НытIэ, мы къэта щапхъэхэм теухуауэ **къыхэгъэщыпхъэхэр**и мы илъабжьэм къыщыхэдгъэщынщ.

Япэрауэ, "*езырыж глагол*"ыр "*гъэ*"кIэрэ зэрыухуэу утыку къихьа "I*уэху глагол*"ым *мы и лэжьэк*I*эр* глагол "*субъект*"*ым* "*езырыж глагол*" къэхъуныгъэр къызыпкъырыкI "*субъект*"*ыр* мы къэхъуныгъэр утыку къихьэнрэ къыпкъырыкIынкIэ "*хуит зэрищ*I" лэжьэкIэу зэрыщытыр ипэкIи щыгъуазэ дызыхуэхъуа Iуэхугъуэщ. НытIэ, мы "I*уэху занщ*I*э глагол*"ым и "*субъект*"ым (*абы*) "*хуит ищ*I"ыр *езырыж* лIэужьыгъуэу (ар) зэрылъытэри гурыIуэгъуэщи, "*дополненэншэ*" "*езырыж глагол*" лэжьэкIэхэм "*гъэ*"*к*Iэрэ къытехъукI "I*уэху занщ*I*э глагол*" лэжьэкIэм *хиубыдэ* "*щхьэ*"*хэр*и мыхэращ. Мы "I*уэху занщ*I*э глагол*"хэми "*префикс*" къащтэу утыку къихьэ "I*уэху префиксиал глагол*" *лэжьэк*Iэхэми глагол "*субъект*"ым (*абы*) "*хуит ищ*I"ыр (ар) *къыщыхъурэ къыщыпкъырык*I "*щ*I*ып*I*э*"рэ *къызэрыхъурэ къызэрыпкъырык*I "*щ*I*ык*I*э*"р (*абы*) зэрылъытэри мы къищта "*префикс*"*к*Iэхэмрэщ.

НытIэ, мыхэр зытежытIыхьауэ щыт "*дополненэншэ*"у лажьэ "*езырыж глагол*"хэм "*гъэ*"*к*Iэрэ къатехъукI "I*уэху занщ*I*э глагол*"хэм "щIыпIэ" е "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу *зы* "*префикс*" къащтэу къатехъукIыж "I*уэху префиксиал глагол*"хэм я *лэжьэк*I*эхэм* -мы "*дополненэ*"*и зэрагъуэта щ*I*ык*I*эу- зэреджапхъэ*м теухуа щапхъэ гуэрхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, *хиубыдэ* "*щхьэ*"хэр *зэрылъытапхъэ*хэри тхыхьым дэту къэдгъэунэхунщ:

| | |
|---|---|
| - Игъэджын<br><br>- Егъэджын | - «*абы* (субъект) ар (джынкIэ хуит ищIыр) *абы* (джыпхъэ/джыпIэм) *егъэдж* ("е"←"иэй" ← "ие") – *ирегъэдж*»;<br>- «*абы* (субъект) ар (джынкIэ хуит ищIыр) *абы* (джыпхъэм) |

| | |
|---|---|
| | *ирегъэдж*»; |
| - Iугъэджэн | - «*абы* (субъект) ар (джынкIэ хуит ищIыр) <u>*абы*</u> (джыпхъэ/джыпIэм) I*уегъэдж*»; |
| - Нэгъэджын | - «*абы* (субъект) ар (джынкIэ хуит ищIыр) <u>*абы*</u> (джыпхъэ/джыпIэм) *ирегъэдж*»; |

Мы къэта щапхъэхэр "езырыж глагол"ыр "гъэ"кIэрэ зэрыухуа "Iуэху занщIэ глагол"ым и "субъект"ым мы "езырыж глагол"ыр зытеухуа къэхъуныгъэмкIэ езырыж "субъект"ыр хуит зэрищIым зэрытеухуар гурыIуэгъуэнщи, мы "I*уэху префиксиал глагол*"хэм мы *я лэжьэк*Iэхэри "езырыж глагол"ыр "гъэ"кIэрэ зэрыухуа "I*уэху занщ*I*э глагол*"хэм теухуа I*уэхугъуэр "префикс"ым теухуауи зэрыгъэзащ*Iэр гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мы къыпытщэжари хэтыжу мы ипэкIэ къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэ, "*езырыж макъ глагол*" (плъын) *лэжьэк*I*эмрэ "гъэ"к*Iэрэ зэрыухуэ "I*уэху занщ*I*э глагол*" (гъэплъын) *лэжьэк*I*эр зэрызэхущыт*у ипэкIэ къэдгъэлъэгъуа щIыкIэм къыпытщэжу мыбдежми "*гъэ"к*Iэрэ ухуа "I*уэху занщ*I*э глагол*" *лэжьэк*I*эмрэ* абы зы "*префикс"и къищтэу* зэрыухуэ "I*уэху префиксиал глагол*" (гъэплъын) *лэжьэк*I*эр зэрызэхущыт* щIыкIэри къэдгъэлъэгъуэнщ; - ауэ икIи "плъын"ыр зытеухуар нэхъыбэу зы матеряу зэрыщытым папщIэ, "хуит щIын"ыгъэр зэрыхуэимыгъуащэри наIуэщ:

| Плъын – *Гъэплъын* | *Гъэплъын* – I*угъэплъын* |
|---|---|
| - «ар мэплъ»;<br>↓<br>- «*абы* ар *егъэплъ*»; | - «*абы* ар *егъэплъ*»;<br>↓ ↓<br>- «*абы* ар <u>*абы*</u> I*уегъэплъ*»; |

*

Ауэ, мы "*езырыж глагол*"хэр "*дополненэнш*э"у зэрыщытрэ ахэр "*гъэ"к*Iэрэ "I*уэху занщ*I*э глагол"у щыухуэжк*I*и* зэрылажьэр "*дополненэнш*э"у зэрыщытыр нэрылъагъурэ гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм "*префикс" къыщащтэм* дежщ "*дополненэ*" *зэрагъуэт*ыр. ИкIи, "*дополненэ" зимы*Iэ "I*уэху глагол*"ым "*префикс" къищтэу "дополненэ" щигъуэтым* деж, и *лэжьэк*I*эм зэреджэн*у щIыкIэр *зэрызэхъуэк*I*ыф*ынури жыIэпхъэнщ.

НытIэ, "*езырыж макъ глагол"ыр "гъэ"к*I*эрэ* "I*уэху занщ*I*э глагол*"у мы зэрыухуа *зэпыщ*I*эныгъэр зэрымылъытэк*I*эрэ* мы "I*уэху префиксиал глагол*" лэжьэкIэм *нэгъуэщ*I *еджэк*I*и зэри*Iэфынунуми щыгъуазэ дызэрыхуэхъун щIыкIэу, мы ипэкIэ зи еджэкIэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа "I*уэху префиксиал глагол*" щапхъэхэм я *лэжьэк*I*эхэм* мы

илъабжьэм мы нэгъуэщӀ и еджэкӀэу деплъынщ; икӀи, хиубыдэ "*щхьэ*"хэм мы *етӀуанэ еджэк*Ӏэхэри тхыхьым дэту къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Игъэджын<br><br>- Егъэджын<br><br>- Ӏугъэджэн<br><br>- Нэгъэджэн | - «*абы* (субъект) ар ("езырж гл"ыр зытеухуа къэхъуныгъэ: джын) <u>*абы*</u> (мы джын Ӏуэхур зыригъэщӀ) *егъэдж* ("е" ← "ие") – *ирегъэдж*»;<br>- «*абы* (субъект) ар ("езырж гл"ыр зытеухуа къэхъуныгъэ: джын) <u>*абы*</u> (мы джын Ӏуэхур зыригъэщӀ) *ирегъэдж*»;<br>- «*абы* (субъект) ар ("езырж гл"ыр зытеухуа къэхъуныгъэ: джэн) <u>*абы*</u> (мы джэн Ӏуэхур зыригъэщӀ) Ӏ*уегъаджэ*»;<br>- «*абы* (субъект) ар ("езырж гл"ыр зытеухуа къэхъуныгъэ: джэн) <u>*абы*</u> (мы джэн Ӏуэхур зыригъэщӀ) *негъэджэ*»; |

Мы къэтӀуэтахэмрэ къэтхьа глагол лэжьэкӀэ щапхъэхэм хиубыдэ "щхьэ"хэм зэреджапхъэхэмрэ ипэкӀэ зи гугъу тщӀа еджэкӀэхэр зэрызэщхьэщыкӀыр нэрылъагъурэ гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ, "*плъын*"*рэ* "*гъэплъын*" *лэжьэк*Ӏ*э зэхущытык*Ӏэм зэры*хуэмыд*эр гурыӀуэгъуэщ "*гъэплъын*"*рэ* "*щыгъэплъын*" *лэжьэк*Ӏэхэри, мыхэр *зэрызэщхьэщык*Ӏыри къыхэгъэщауэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Плъын – *Г*ъэплъын | - «ар мэплъ»;<br>↓<br>- «*абы* ар *егъэплъ*»; |
| *Гъэплъын* – Ӏ*угъэплъын* | - «*абы* ар (хуит ищӀ) <u>*абы*</u> (плъыпӀэ/плъыпхъэ) *егъэплъ*»;<br>↓<br>- «*абы* ар (плъын) <u>*абы*</u> (зыригъэплъ) Ӏ*уегъэплъ*»; |

*

Мыхэр зытеухуар "дополненэншэ"у лажьэ "езырыж макъ глагол"хэм "гъэ"кӀэрэ къытехъукӀ "Ӏуэху занщӀэ глагол"хэм зы "префикс" къыщтэу "Ӏуэху префиксиал глагол"хэращ.

НытӀэ, зи лэжьэкӀэхэм "*дополненэ*" *зи*Ӏ*эххэ* "*езырыж макъ глагол*"хэм "*гъэ*"*к*Ӏэрэ къатехъукӀ "Ӏ*уэху занщ*Ӏ*э глагол*"хэм я лэжьэкӀэхэмрэ мы глаголхэм *зы* "*префикс*" къащтэу къатехъукӀ "Ӏ*уэху префиксиал глагол*"хэми я лэжьэкӀэхэм хиубыдэ "*дополненэ*"хэр зэрызэмыхъуэкӀынури гулъытапхъэщ. Мыбдежми мы зи гугъу тщӀа глаголхэм теухуа щапхъэхэмрэ я *лэжьэк*Ӏ*эхэми хиубыдэ* "*щхьэ*"хэм *зэреджапхъэ* щӀыкӀэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - ХэгъэкӀуэн<br><br>- ПэгъэкӀуэн | - «*абы* (субъект) ар (кӀуэнкӀэ хуит ищӀыр) <u>*абы*</u> (кӀуапхъэм/кӀуапӀэм) *хегъак*Ӏ*уэ*»;<br>- «*абы* (субъект) ар (кӀуэнкӀэ хуит ищӀыр) <u>*абы*</u> (кӀуапхъэм) *пегъак*Ӏ*уэ*»; |

ЗэрыжытӀарэ мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, зи лэжьэкӀэхэм "*дополненэ*" *зи*Ӏ*эххэ* "*езырыж глагол*"хэр (лъэн) "*гъэ*"кӀэрэ "Ӏ*уэху занщ*Ӏ*э*

*глагол*"у (гъэлъэн) щыухуэм дежи; мыбы *зы* "*префикс*"и къищтэу "I*уэху префиксиал глагол*"у (Iугъэлъэн) щыухуэм дежи, *я лэжьэк*I*эхэм* хиубыдэ "*щхьэ*"хэм *зэреджапхъэр зэхъуэк*I*къым*:

| | |
|---|---|
| - "лъэн": «ар <u>абы</u> малъэ»<br>↓ ↓ ↓<br>- "*гъэлъэн*": «*абы* ар <u>абы</u> *егъалъэ*»; | - "*гъэлъэн*": «*абы* ар <u>абы</u> *егъалъэ*»;<br>↓ ↓ ↓ ↓<br>- "I*угъэлъэн*": «*абы* ар <u>абы</u> I*уегъалъэ*»; |

*

"Iуэху глагол"хэм деж щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъагъащ *глагол*хэр "*гъэ*"кIэрэ -"*гъэ*"*бэуи*- зэрызэпкъырыувэу зэрылажьэмрэ, "*ири, ире*" *формэ* "*префикс*"хэмкIэрэ "*инфинитив*"у зэрызэпкъырыувэу зэрылажьэм хиубыдэ "щхьэ"хэр -"*дополненэ*"у- *зэрыбагъуэ*м. ИкIи, мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр мы ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыт -"гъэ"кIэрэ ухуэж "езырыж глагол"хэм къатехъукI "Iуэху занщIэ глагол"хэмрэ "префикс"и ягъуэту- "Iуэху префиксиал глагол"у ухуэжхэу къэтхьа щапхъэхэми теухуауэ къызэрегъэкIуэкIыфынур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, кIыхь дымыщIын папщIэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр къыпытщэнкъыми, ахэри *еджак*I*уэхэм къахуренэ*!

## "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "IУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЫР ЗЫМ ИПIЭКIЭ ЗЭРЫЛЭЖЬЭФХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы псэлъащхьэм щIэдджыкIынур "*езырыж глагол*"*хэр* "I*уэху глагол*" *лэжьэк*I*э*, "I*уэху глагол*"*хэри* "*езырыж глагол*" *лэжьэк*I*э* зэрагъуэтыфым теухуащ.

ИпэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ "I*уэху глагол*"*хэм ф*I*эк*I*ып*I*э имы*I*эу* "*объект*" *зэра*Iэр гурыIуэгъуэщ; ауэ, "*езырыж глагол*"*хэми* "*объект*" *зэрамы*Iэр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, зы "I*уэху глагол*"*ыр* "*езырыж глагол*"*у щылажьэм* деж, и "*объект*"*ыр зыдэк*Iуэм, зы "*езырыж глагол*"*ри* "I*уэху глагол*"*у щылажьэм* дежи, "*объект*"ыр *къыздик*Iри зыгурыдгъэIуэнщ.

ИкIи, "*езырыж глагол*"хэр "*допоненэ*" *зи*I*эрэ зимы*I*эу зэрылажьэ*ми щыгъуазэ дыщыхуэхъуащ ипэкIи, мы "*езырыж глагол*"*хэм* "I*уэху глагол*" *лэжьэк*I*э щагъуэтым* деж, *мы* "*дополненэ*"*р зэрылъыт*эри зыгурыдгъэIуэнщ.

Ауэ, "I*уэху глагол*"хэм *я* "*езырыж глагол*" *лэжьэк*Iэхэр "I*уэху глагол*"*ым и* "*пасив*" *лэжьэк*Iэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщи, мыр

къызэрыхъуми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыбы и пхэндж Iуэхугъуэу, *"езырыж глагол"*ыр *"Iуэху глагол"у щылажьэм* деж, и *"езырыжыгъэ"р зыдэкIуэрэ "Iуэху глагол" лэжьэкIэм щызэрыхэлъыт*эми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*"Езырыж глагол"*хэм я *"субъект"*хэр *"езырыж"*у, *"Iуэху глагол"*хэм я *"субъект"*хэри *"Iуэху"* лIэужьыгъуэу зэрылъытэр гурыIуэгъуэщи, мы зи гугъу тщIы *лэжьэкIэ зэхъуэкIыныгъэм* мы *"субъект"хэр зэрызэхъуэк*Iрэ мы глагол лэжьэкIэщIэхэм *зэрыхэлъыт*эми щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

НытIэ, мы зи гугъу тщIахэмрэ нэгъуэщI гуэрхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуну щIыкIэу, "Iуэху макъ глагол"хэр "езырыж макъ глагол"у, "езырыж макъ глагол"хэри "Iуэху макъ глагол"у зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр зэрызэлъытапхъэу зэхуэдэ таблицэхэм хихубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, таблицэхэм къыкIэлъыкIуэуи мыбыхэм тежыIыхьыпхъэрэ къыхэгъэщыпхъэр къапытщэжынщ:

| **"Езрж"рэ "Iуэху" лIэужь. "макъ глагол"хэр** | **И гуп лэжьэкIэмрэ адрей гуп лэжьэкIэу: «гуп лэжьэкIэ» → «адрей гуп лэжьэкIэ»** |
|---|---|

| | |
|---|---|
| - *Ин* → | - «*абы* ар *ей*» → «ар мэй»; |
| - Ун<br>- Уэн (ууэ щытын) →<br>-------------------------------------<br>- Уэн (-еуэн) | - «ар *абы* мэу» → «*абы* ар *еу*»;<br>- «ар *абы* мауэ» → «*абы* ар *еуэ*»;<br>----------------------------------------------------------<br>- «ар *абы* мауэ» → «*абы* ар *еуэ*»; |
| - Iун/I*ун* →<br><br>- Iуэн/I*уэн* →<br>(Iууэ щытын – I*уэ зэпытын*)<br>-------------------------------------<br>- I*уэн*/Iуэн (мэкъу-мэш) → | - «ар *абы* мэIу» → «*абы* ар (*абы*) *е*I*у*» / «*абы* ар *е*I*у*» → «ар мэIу»;<br>- «ар *абы* маIуэ» → «*абы* ар (*абы*) *е*I*уэ*» / «*абы* ар *е*I*уэ*» → «ар маIуэ»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *е*I*уэ*» → «ар маIуэ» / «ар маIуэ» → «*абы* ар *е*I*уэ*»; |

| | |
|---|---|
| - *Хьын* → | - «*абы* ар *абы ехь*» → «ар мэхь»; |
| - КIын →<br>- КIэн (кIыуэ щытын) → | - «ар мэкI» → «*абы* ар *ек*I»;<br>- «ар макIэ» → «*абы* ар *ек*I*э*»; |
| - КIуэн → | - «ар *абы* макIуэ» → «*абы* ар *ек*I*уэ*»; |
| - Чын – *Чын* (лъэбакъуэ) →<br><br>- Чэн (чыуэ щытын) - "-" → | - «ар мэч» → «абы ар еч» - «*абы* ар (лъэбакъуэ) *еч*» → «ар (лъэбакъуэ) мэч»;<br>- «ар мачэ» → «*абы* ар *ечэ*»; |
| - Хъун → | - «ар мэхъу» → «*абы* ар ~~*ехъу*~~ – *егъэхъу*»; |
| - *Хун* → | - «*абы* ар *абы еху*» → «ар *абы* мэху»; |

| | |
|---|---|
| - Гъын → | - «ар магъ» → «*абы* ар *егъ*»; |
| - Гъун → | - «ар мэгъу» → «*абы* ар *егъу*»; |
| - Джын/*Джын* →<br>- Джэн<br>(*джыуэ*/джыуэ щытын) →<br>-------------------------------------<br>- Джэн (макъ Iэтауэ къэIуэн) → | - «ар мэдж» → «*абы* ар *едж*» / «*абы* ар *едж*» → «ар мэдж»;<br>- «ар маджэ» → «*абы* ар *еджэ*»;<br>-------------------------------------------------------------<br>- «ар абы маджэ» → «*абы* ар *еджэ*»; |
| - *Дзын* → | - «*абы* ар *едз*» → «ар мэдз»; |
| - *Жьын* →<br>-------------------------------------<br>- Жьэн (мафIэкIэ) → | - «*абы* ар *ежь*» → «ар мэжь»;<br>-------------------------------------------------------------<br>- «ар мажьэ» → «*абы* ар *ежьэ*»; |
| - Жын →<br>-------------------------------------<br>- Жэн (псынщIэрыкIуэн) → | - «ар мэж» → «*абы* ар *еж*»;<br>-------------------------------------------------------------<br>- «ар абы мажэ» → «*абы* ар *ежэ*»; |
| - *Зын*<br>-------------------------------------<br>- Зэн (гъэзэн) → | - «*абы* ар *ез*» → «ар мэз»;<br>-------------------------------------------------------------<br>- «ар мазэ» → «*абы* ар ~~*езэ*~~ – *егъазэ*»; |
| - (нэху) Щын – (цы) *Щын* → | - «ар (нэху) мэщ» → «*абы* ар ~~*ещ*~~ – *егъэщ*» - «*абы* ар (цы) *ещ*» → «ар мэщ»; |
| - *ЩIын* →<br>- *ЩIэн* (*щIыуэ щытын*) →<br>-------------------------------------<br>- *ЩIэн* (*щIэнычгъэу*) → | - «*абы* ар *ещI*» → «ар мэщI»;<br>- «*абы* ар *ещIэ*» → «ар мащIэ»;<br>-------------------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *ещIэ*» → «ар мащIэ»; |
| - Шын (дзэр) →<br>-------------------------------------<br>- *Шэн* → | - «ар (дзэр) мэш» → «*абы* ар *еш* – *егъэш*»;<br>-------------------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *ешэ*» → «ар машэ»; |
| - Сын →<br>-------------------------------------<br>- *Сэн* → | - «ар мэс» → «*абы* ар *ес*»;<br>-------------------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *есэ*» → «ар масэ»; |
| - Лъэн → | - «ар абы малъэ» → «*абы* ар *елъэ*»; |
| - *Лын-2* (1- *нэху/мафIэ бзийкIэ;* 2- *щыхуэн)* →<br>- *Лэн-2* (*лы зэпытын*) – Лэн (2- *лы*уэ щытын) → | <br>- «*абы* ар *ел*» → «ар мэл»;<br>- «*абы* ар *елэ*» → «ар малэ» - «ар малэ» → «*абы* ар *елэ*»; |
| - ЛIэн → | - «ар малIэ» → «*абы* ар ~~*елIэ*~~ – *егъалIэ*»; |
| - *Дын* →<br>- Дэн (*д*ыуэ щытын) →<br>-------------------------------------<br>- *Дэн* (игум идэн) → | - «*абы* ар *ед*» → «ар мэд»;<br>- «ар мадэ» → «*абы* ар *едэ*»;<br>-------------------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *едэ*» → «ар мадэ»; |
| - *Тын* → | - «*абы* ар *ет*» → «ар мэт»; |
| - *ТIын* →<br>- ТIэн (*тI*ыуэ щытын) → | - «*абы* ар *етI*» → «ар мэтI»;<br>- «ар матIэ» → «*абы* ар *етIэ*»; |
| - Фын → | - «ар мэф» → «*абы* ар *еф* → *егъэф*»; |
| - ФIын → | - «ар мэфI» → «*абы* ар ~~*ефI*~~ – *егъэфI*»; |

| | |
|---|---|
| - ФӀэн (фӀыуэ щытын) → | - «ар мафӀэ» → «*абы* ар ~~*ефӀэ*~~ – *егъафӀэ*»; |
| - *Вын* →<br>- Вэн (*вы*уэ щытын) →<br>------------------------------------<br>- (псы) Вэн → | - «*абы* ар *ев*» → «ар мэв»;<br>- «ар мавэ» → «*абы* ар *евэ*»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «ар мавэ» → «*абы* ар ~~*евэ*~~ – *егъавэ*»; |
| - *П*Ӏын/ПӀын →<br><br>- *П*Ӏэн/ПӀэн →<br>(*п*Ӏ*ы зэпытын/*пӀыуэ щытын) | - «*абы* ар *еп*Ӏ» → «ар мэпӀ» / «ар мэпӀ» → «*абы* ар *еп*Ӏ»;<br>- «*абы ар еп*Ӏэ» → «ар мапӀэ» / «ар мапӀэ» → «*абы* ар *еп*Ӏ»; |

| | |
|---|---|
| - ПкӀын →<br>- ПкӀэн (пкӀыуэ щытын) →<br>------------------------------------------<br>- ПкӀэн → | - «ар мэпкӀ» → «*абы* ар *епк*Ӏ – *егъэпк*Ӏ»;<br>- «ар мапкӀэ» → «*абы* ар *епк*Ӏэ – *егъапк*Ӏэ»;<br>------------------------------------------------------<br>- «ар *абы* мапкӀэ» → «*абы* ар *епк*Ӏэ»; |
| - ТкӀун →<br>- ТкӀуэн (ткӀууэ щытын) → | - «ар мэткӀу» → «*абы* ар ~~* етк*Ӏ*у*~~ – *егъэтк*Ӏ*у*»;<br>- «ар маткӀуэ» → «*абы* ар ~~*етк*Ӏ*уэ*~~ – *егъатк*Ӏ*уэ*»; |
| - Щхъын →<br>- Щхъэн (щхъыуэ щытын) → | - «ар мэщхъ» → «*абы* ар *ещхъ* – *егъэщхъ*»;<br>- «ар мащхъэ» → «*абы* ар *ещхъэ* – *егъэщхъэ*»; |
| - Щхъун →<br><br>- Щхъуэн →<br>(щхъууэ щытын; щхъуэ хъун) | - «ар мэщхъу» → «*абы* ар *ещхъу* – *егъэщхъу*»;<br>- «ар мащхъуэ» → «*абы* ар *ещхъуэ* – *егъащхъуэ*»; |
| - *Тхъын* →<br>- *Тхъэн* (*тхъы зэпытын*) →<br>------------------------------------------<br>- Тхъэн (-гъэхъэн) → | - «*абы* ар *етхъ*» → «ар мэтхъ»;<br>- «*абы* ар *етхъэ*» → «ар матхъэ»;<br>-----------------------------------------------------<br>- «ар матхъэ» → «*абы* ар ~~*етхъэ*~~ – *егъатхъэ*»; |
| - *Пхъын* →<br>- *Пхъэн* (*пхъы зэпытын*) → | - «*абы* ар *епхъ*» → «ар мэпхъ»;<br>- «*абы* ар *епхъэ*» → «ар мапхъэ»; |
| - Тхъун – *Тхъун* →<br><br>- Тхъуэн-2 →<br>(тхъууэ – *тхъу*уэ щытын) | - «ар (щхьэц) мэтхъу» → «*абы* ар ~~*етхъу*~~ – *егъэтхъу*» - «*абы* ар *етхъу*» → «ар мэтхъу»;<br>- «ар (щхьэц) матхъуэ» → «*абы* ар ~~*етхъуэ*~~ – *егъатхъуэ*» - «ар матхъуэ» → «*абы* ар *етхъуэ*»; |
| - Пхъуэн → | - «ар *абы* мапхъуэ» → «*абы* ар *епхъуэ*»; |
| - *Шхын* →<br>- Шхэн (*шхы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *ешх*» → «ар мэшх»;<br>- «ар машхэ» → «*абы* ар *ешхэ*»; |
| - *Тхын* →<br>- Тхэн (*тхы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *етх*» → «ар мэтх»;<br>- «ар матхэ» → «*абы* ар *етхэ*»; |
| - *Лъхун* →<br>- Лъхуэн (*лъху*уэ щытын) → | - «*абы* ар *елъху*» → «ар мэлъху»;<br>- «ар малъхуэ» → «*абы* ар *елъхуэ*»; |
| - *Пхын* → | - «*абы* ар *епх*» → «ар мэпх»; |

| | |
|---|---|
| - Пхэн (*пхы*уэ щытын) → | - «ар мапхэ» → «*абы* ар *епхэ*»; |
| - Бгэн → | - «ар мабгэ» → «*абы* ар *ебгэ*»; |
| - *Бжын* →<br>- Бжэн (*бжы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *ебж*» → «ар мэбж»;<br>- «ар мабжэ» → «*абы* ар *ебжэ*»; |
| - *Бзын* →<br>- Бзэн (*бзы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *ебз*» → «ар мэбз»;<br>- «ар мабзэ» → «*абы* ар *ебзэ*»; |
| - Пщын-2 →<br>(1- кӀуэтэн; 2- бэгын) – *Пщын* (-*егъэпщэн*)<br>- Пщэн-2 {1- пщыуэ (кӀуатэу щытын; 2- пщыуэ (бэгыу) щытын} – Пщэн (*пщы*уэ -зэ*ригъапщэ*у- щытын) → | - «1- "ар *абы* мэпщ" → "*абы* ар *епщ*"; 2- "ар мэпщ" → "*абы* ар ~~*епщ*~~ – *егъэпщ*"» - «*абы* ар *епщ*» → «ар мэпщ»;<br>- «1- "ар *абы* мапщэ" → "*абы* ар *епщэ*"; 2- "ар мапщэ" → "*абы* ар ~~*епщэ*~~ – *егъапщэ*"» - «ар мапщэ» → «*абы* ар *епщэ*»; |
| - *ПщӀын* →<br>- ПщӀэн (*пщӀы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *епщӀ*» → «ар мэпщӀ»;<br>- «ар мапщӀэ» → «*абы* ар *епщӀэ*»; |
| - Плъын →<br>- Плъэн (плъыуэ щытын) →<br>------------------------------------------<br>- Плъэн (лъагъун папщӀэ) → | - «ар мэплъ» → «*абы* ар *еплъ* – *егъэплъ*»;<br>- «ар маплъэ» → «*абы* ар *еплъэ* – *егъаплъэ*»;<br>------------------------------------------------------<br>- «ар *абы* маплъэ» → «*абы* ар *абы* ~~*еплъэ*~~ – *егъаплъэ*»; |
| - Блэн → | - «ар маблэ» → «*абы* ар *еблэ* – *егъаблэ*»; |
| - Щтын →<br>- Щтэн (щтыуэ щытын) →<br>--------------------------------------------<br>- Щтэн (къэуӀэбжьын/шынэн) – *Щтэн* (-пхъуэтэн/теӀэтыкӀын) → | - «ар мэщт» → «*абы* ар *ещт* – *егъэщт*»;<br>- «ар мащтэ» → «*абы* ар *ещтэ* – *егъащтэ*»;<br>------------------------------------------------------<br>- «ар мащтэ» → «*абы* ар ~~*ещтэ*~~ – *егъащтэ*» - «*абы* ар *ещтэ*» → «ар мащтэ»; |
| - Пщтын → | - «ар мэпщт»→ «*абы* ар *епщт* – *егъэпщт*». |

**Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"хэр зыр зым ипӀэкӀэ зэрылажьэм теухуауэ.**

*УхуэкӀэрэ мыхьэнэкӀэ зэхуэдэу лъытапхъэми, зыхиубыдэ гупкӀэ зэщхьэщыкӀ глаголхэр зыр зым ипӀэкӀэ зэрылажьэм теухуауэ.*

Япэрауэ, *къызэрыӀу щӀыкӀэкӀи зэхуэдэ*у -"ы" е "э" къэӀукӀэ зиӀэу-*ухуа*рэ *зэхуэдэ мыхьэнэ*и зиӀэу "езырыж глагол"рэ икӀи "*Ӏуэху глагол*" *вариантит*Ӏу щытхэм гулъытэ хуэтщӀынщ. ИкӀи, мыхэр *зыр зым ипӀэкӀэ* зэрылэжьэнури дэтхэнэ зым *и адрей вариант* лэжьэкӀэу щытынуи зэрылъытапхъэнури жыӀэпхъэнщ. Аращи, мыбыхэм дэтхэнэ *зым и адрей глагол лэжьэкӀэр адрей гуп глагол*у *зэрыухуам и лэжьэк*Ӏэу зэрыщытын хуейуэ зэрылъытапхъэм папщӀэ, аргуэру зыр зым ипӀэкӀэ зэрылажьэ щапхъэ къэхьын хуэмыныкъуэу лъытапхъэнщ. Ауэ, "езырыж глагол"рэ

"*Iуэху глагол*"хэр я "*лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"хэмрэ *зыхаубыдэ* "*щхьэ*"*хэм елъытауэ зэрызэщхьэщык*Iыр гурыIуэгъуэщи, *глагол вариантит*Iыр *зыр зым ипIэкIэ щылажьэм зэщхьэщыкIыныгъэ зэрызыхуаIэфынури* жыIэпхъэнщ.

НытIэ, мы ипэкIэ таблицэхэм "езырыж макъ глагол"/"*Iуэху макъ глагол*"у къэтахэр зыр зым ипIэкIэ зэрылажьэуи къэгъэлъэгъуагъэххэщи, ахэр мы илъабжьэм аргуэру къыщыдгъэлъагъуэу, я *лэжьэк*Iэхэмрэ зэрызэхущытыкIэхэми гулъытэ яхуэтщIынщ:

| | |
|---|---|
| - Iун/I*ун* →<br><br>- Iуэн/I*уэн* →<br>(Iууэ щытын – I*уэ зэпытын*)<br>------------------------------------<br>- I*уэн*/Iуэн (мэкъу-мэш) → | - «ар *абы* мэIу» → «*абы* ар (*абы*)* *е*I*у*» / «*абы* ар *е*I*у*» → «ар мэIу»;<br>- «ар *абы* маIуэ» → «*абы* ар (*абы*)* *е*I*уэ*» / «*абы* ар *е*I*уэ*» → «ар маIуэ»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *е*I*уэ*» → «ар маIуэ» / «ар маIуэ» → «*абы* ар *е*I*уэ*»; |
| - Джын/*Джын* →<br>- Джэн →<br>(*джыуэ*/джыуэ щытын) | - «ар мэдж» → «*абы* ар *едж*» / «*абы* ар *едж*» → «ар мэдж»; |
| - *П*I*ын*/ПIын →<br><br>- *П*I*эн*/ПIэн →<br>(*п*I*ы зэпытын*/пIыуэ щытын) | - «*абы* ар *еп*I» → «ар мэпI» / «ар мэпI» → «*абы* ар *еп*I»;<br>- «*абы ар еп*I*э*» → «ар мапIэ» / «ар мапIэ» → «*абы* ар *еп*I*э*». |

Мы глагол вариантитIым щыщу япэ иту къэтар мы вариантитIым ипэ къэхъуу лъытарэ лэжьэкIэ зыгъуэта вариантращ; къыкIэлъыкIуэри абы нэужь лъытарэ лэжьэкIэ зыгъуэта варианту зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, нытIэ глаголыр зэрыухуарэ зэрылажьэ лъабжьэр ипэ ит глаголрэ и гупрауэ зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ.

Мы къэта щапхъэхэми "езырыж глагол" мыхьэнэр *и* "*Iуэху глагол*" *лэжьэк*I*эм* занщIэу "объект"у зэрыхибыдэр ипэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмкIи гурыIуэгъуэщ. Ауэ, глаголу *гуп вариантит*Iу къэта щапхъэхэм *ипэ къихуэр* "*езырыж глагол*"*у* тIущ яхэтри, мы *глаголит*I*ым зыр* "*дополненэнш*э"у лажьэ "*езырыж глагол*"у, адрейри "*дополненэ*" *зыхэзыубыдэу лажьэ* "*езырыж глагол*"у зэрыщытри нэрылъагъуэщ. ИкIи, "*дополненэ*" *зи*I*эу лажьэ* "езырыж глагол"ым теухуауэ *къыхэгъэщыпхъэ* гуэр щыIэщ: "дополненэ" зиIэ мы "езырыж глагол"итIым (Iун; Iуэн) я лэжьэкIэхэм (ар *абы е*I*у*; ар *абы е*I*уэ*) хиубыдэ "*дополненэ*"р (*абы*) абыхэм я "I*уэху глагол*" *лэжьэк*I*эхэми* (*абы* ар (*абы*) еIу; *абы* ар (*абы*) *е*I*уэ*) -фIэкIыпIэ имыIэу- *хиубыдэн хуейуэ* зэры*щымыт*ыр гурыIуэгъуэщ;

– ауэ, *хиубыдэ хъуфынуи* зэрыщытым папщӀи, мы "<u>*дополненэ*</u>"хэр тхыхьым дэту {"(<u>*абы*</u>)"} къэдгъэлъэгъуэу, "*" нэгъыщэкӀи къыхэдгъэщащ.

*

Мы зи гугъу тщӀахэр зэрыухуа *макърэ къэӀукӀ*экӀэ *икӀи мыхьэнэк*Ӏэ *зэхуэдэу "езырыж"*рэ *"Ӏуэху" глагол вариантит*Ӏым теухуащи, мыбдежми, зэрыухуа *мак*ъхэмрэ *мыхьэнэ*кӀи *зэхуэдэ*у щыт щхьэ, *я къэӀукӀэр "ы"рэ "э"уэ* къызэрыӀуу зэры*зэщхьэщык*Ӏым *елъытауэ глагол гуп*кӀэ *зэщхьэщык*Ӏ глаголхэр *зыр зым ип*ӀэкӀэ *зэрылажьэ*м щыгъуазэ дыхуэхъунщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, мыбдежым зи гугъу тщӀынухэр "ы"кӀэ къэӀу "Ӏ*уэху глагол*"хэмрэ, мыхэр *гъэзащ*Ӏэ*у зэрыщыт*ыр "э"кӀэрэ къэӀуу зэрылъытэ "езырыж глагол"хэращи, мы глагол гуп лӀэужьыгъуэхэр зыр зым ипӀэкӀэ зэрылажьэращ щыгъуазэ дызыхуэхъунур.

НытӀэ, ипэкӀэ къэта таблицэхэм зэрыхиубыдэу, *мыпхуэдэ глагол*хэмрэ я *лэжьэк*Ӏэ щапхъэхэр *икӀи адрей гупкӀэрэ зэрылажьэ* щапхъэхэр мыбдежми къыщыдгъэлъэгъуэнщи, къыхэгъэщыпхъэхэми гулъытэ хуэтщӀынщ:

| | |
|---|---|
| - *Дын* →<br>- Дэн (*ды*уэ щытын) → | - «*абы* ар *ед*» → «ар мэд»;<br>- «ар мадэ» → «*абы* ар *едэ*»; |
| - *ТӀын* →<br>- ТӀэн (*тӀы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *етӀ*» → «ар мэтӀ»;<br>- «ар матӀэ» → «*абы* ар *етӀ*э»; |
| - *Вын* →<br>- Вэн (*вы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *ев*» → «ар мэв»;<br>- «ар мавэ» → «*абы* ар *евэ*»; |

| | |
|---|---|
| - *Шхын* →<br>- Шхэн (*шхы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *ешх*» → «ар мэшх»;<br>- «ар машхэ» → «*абы* ар *ешхэ*»; |
| - *Тхын* →<br>- Тхэн (*тхы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *етх*» → «ар мэтх»;<br>- «ар матхэ» → «*абы* ар *етхэ*»; |
| - *Лъхун* →<br>- Лъхуэн (*лъху*уэ щытын) → | - «*абы* ар *елъху*» → «ар мэлъху»;<br>- «ар малъхуэ» → «*абы* ар *елъхуэ*»; |
| - *Пхын* →<br>- Пхэн (*пхы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *епх*» → «ар мэпх»;<br>- «ар мапхэ» → «*абы* ар *епхэ*»; |
| - *Бжын* →<br>- Бжэн (*бжы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *ебж*» → «ар мэбж»;<br>- «ар мабжэ» → «*абы* ар *ебжэ*»; |
| - *Бзын* →<br>- Бзэн (*бзы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *ебз*» → «ар мэбз»;<br>- «ар мабзэ» → «*абы* ар *ебзэ*»; |
| - *ПщӀын* →<br>- ПщӀэн (*пщӀы*уэ щытын) → | - «*абы* ар *епщӀ*» → «ар мэпщӀ»;<br>- «ар мапщӀэ» → «*абы* ар *епщ*Ӏэ». |

Я къэӏукӏэрэ глагол гупкӏэ зэщхьэщыкӏ мы глаголхэр -мыхьэнэгъууи зэрыщытым зэрезэгъши- я вариант глагол гупкӏэ хуиту лэжьэфыну лъытапхъэщ; ауэ, зи къэӏукӏэр зэхуэдэу ипэкӏэ зи гугъу тщӏа глаголхэм хуэдэ дыдэу зэрыщымытри гурыӏуэгъуэнщи, икӏи къэта щапхъэхэмкӏи нэрылъагъущ.

Дауи, ипэкӏэ "езырыж глагол"рэ "ӏуэху глагол" лэжьэкӏэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам хуэдэщ дэтхэнэ зы гупым адрей гуп лэжьэкӏэ зэригъуэтыну щӏыкӏэри, нытӏэ, "ӏуэху глагол" лэжьэкӏэм фӏэкӏыпӏэ имыӏэу "объект" зэриӏэм зэрезэгъкӏэ, "езырыж глаго"хэр "ӏуэху глагол"у щылажьэкӏэ игъуэтыну "объект"ыр "езырыж глагол" мыхьэнэрауэ зэрыщытынури мы къэта щапхъэхэмкӏи гулъытапхъэщ. – Ауэ, "езырыж глагол"ым (пщӏэн) и "*ӏуэху глагол*" *лэжьэк*ӏэм (*епщ*ӏэ) хиубыдэ "объект"ыр (ар) "езырыж глагол" мыхьэнэм теухуауэ (пщӏапхъэр) зэрыщытыр мы къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр.

"*Езырыж глагол*"*хэр* "*ӏуэху глагол*"*у зэрылажьэхэм теухуауэ.*

"*Езырыж глагол*"хэр *езыр езырурэ къэхъу*рэ *къызпкъырык*ӏым и *лъэк*ӏ*ыныгъэ*у утыку къихьэ *глагол*хэрщи, мыпхуэдэу *утыку къыщихьэм* щыгъуэ икӏи *зытеухуэу гъэзащ*ӏэ гуэрхэри утыку къыщихьэ щыӏэщ. "*Езырыж глагол*" лӏэужьыгъуэу *утыку къыщихьэм* икӏи *нэгъуэщ*ӏ *гуэрми теуху*эрэ *хуэунэт*ӏыу лажьэхэм мы *зытеуху*эрэ *зыхуэунэт*ӏри я *лэжьэк*ӏэхэм *зэрыхиубыд*эфынури гурыӏуэгъуэщи, мы "езырыж глагол" лӏэужьыгъуэр къызпкъырыкӏыр *глагол лэжьэк*ӏ*эм* "субъект"у зэрылъытэм *нэмыщ*ӏ, мы *зытеуху*эрэ *зыхуэунэт*ӏыр "<u>*дополненэ*</u>"у зэрылъытэми ипэкӏэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

Нытӏэ, мы *зытеуху*эрэ *зыхуэунэт*ӏыр зы "*ӏуэху*" лӏэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткӏи, "<u>*дополненэ*</u>" зиӏэу лажьэ "*езырыж глагол*"хэр нэхъ *хуиту* "*ӏуэху глагол*" лӏэужьыгъуэу *зэрылэжьэф*ынури жыӏэпхъэнщ. Нэгъуэщӏыу жыпӏэмэ, *къыщыхъу*рэ *къызэрыхъу*м щыгъуэ зы *ӏуэхуи къыздэхъу* "*езырыж глагол*" лӏэужьыгъуэхэр "*ӏуэху глагол*" лӏэужьыгъуэу нэхъ *хуиту зэрылэжьэф*ынур жыӏэпхъэнщ.

"*ӏуэху глагол*" лэжьэкӏэм -фӏэкӏыпӏэ зимыӏэу- "*объет*" *зыхэзыубыд*эрщи, "*езырыж глагол*"ым *и* "*ӏуэху глагол*" *лэжьэк*ӏэм *хиубыдэну* "*объект*"ри "*езырыж глагол*" *мыхьэнэм* зэры*теухуа*м ипэкӏи щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Ауэ, мыбдежым "<u>*дополенэ*</u>" *зи*ӏэ*у лажьэ*

"*езырыж глагол*"хэм *я* "*Iуэху глагол*" *лэжьэк*Iэхэращ ди Iуэхури, "дополненэ" зиIэу лажьэ "*езырыж глагол*"хэм я "*Iуэху глагол*" *лэжьэк*Iэхэм хиубыдэну "*объект*"ыр "*езырыж глагол*" *лэжьэк*I*эм* хиубыдэ "<u>*дополненэ*</u>"мрэ мы "*езырыж глагол*" *мыхьэнэр зэрызэпыщ*I*ам теухуа*уэ лъытапхъэщ. НэгъуэщIыу жыпIэмэ, мы "*езырыж глагол*" *мыхьэнэмрэ* мыр утыку къыщихьэм *зытеухуэ нэгъунэр* зыхэзыубыдэрщ мы "*езырыж глагол*"*ым и* "*Iуэху глагол*" *лэжьэк*Iэм хиубыдэ "*объект*"ыр зэрылъытэр.

НытIэ, мы къэтIуэтахэр ди гурыIуэгъуэу, "<u>*дополненэ*</u>" *зи*I*эу лажьэ* "езырыж глагол"хэм я *лэжьэк*I*э щапхъэхэм* ахэр "*Iуэху глагол*"*у зэрылажьэ щапхъэхэр къык*I*элъык*I*уэу* къэдгъэлъэгъуэнщи, мы "*Iуэху глагол*" *лэжьэк*Iэхэм хиубыдэ "*объект*"хэри кIэщIыу *къызэры*I*уэтапхъэ*у тхыхьым дэту къыхэдгъэщынщ:

| | |
|---|---|
| - Ун → | - «ар <u>*абы*</u> мэу» → «*абы* ар (иунур) *еу*»; |
| - Уэн (ууэ щытын) → | - «ар <u>*абы*</u> мауэ» → «*абы* ар (иуу щытынур) *еуэ*»; |
| ------------------------------ | ---------------------------------------------------------------- |
| - Уэн (-еуэн) → | - «ар <u>*абы*</u> мауэ» → «*абы* ар (иуэнур) *еуэ*»; |

| | |
|---|---|
| - КIуэн → | - «ар <u>*абы*</u> макIуэ» → «*абы* ар (икIуэнур) *ек*I*уэ*»; |
| - Жэн (псынщIэрыкIуэн) → | - «ар <u>*абы*</u> мажэ» → «*абы* ар (ижэнур) *ежэ*»; |
| - Лъэн → | - «ар <u>*абы*</u> малъэ» → «*абы* ар (илъэнур) *елъэ*»; |

| | |
|---|---|
| - ПкIэн → | - «ар <u>*абы*</u> мапкIэ» → «*абы* ар (ипкIэнур) *епк*I*э*»; |
| - Пхъуэн → | - «ар <u>*абы*</u> мапхъуэ» → «*абы* ар (ипхъуэнур) *епхъуэ*»; |
| - Плъэн (лъагъун папщIэ) → | - «ар <u>*абы*</u> маплъэ» → «*абы* ар (иплъэнур) *еплъэ*» → «*абы* ар (зыдэплъэр) *елъагъу*».* |

Дауи, мы иужьрей щапхъэр (*) адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр гулъытапхъэщи, мыри глагол мыхьэнэм зэрелъытар гурыIуэгъуэнщ: мыбы лъабжьэ хуэхъури адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытыращ. Аращи, "езырыж глагол" лIэужьыгъуэу щыт мы "*плъэн*" глаголыр "*лъагъун папщ*I*э*"*щи*, "*плъэн*" *глагол лэжьэк*Iэр *зытеухуэрэ зыхуэунэт*Iыр - зэрылъытэ "<u>*дополненэ*</u>"р- "*лъагъун*" *папщ*Iэу {ар <u>*абы*</u> (илъагъунум) маплъэ} зэрыщытым ипкъ иткIэ, мы "плъэн" глаголым *и* "*Iуэху глагол*" *лэжьэк*Iэм {*абы* ар (иплъэнур) *еплъэ*} *нэхърэ* игъуэр "*лъагъун*" *глагол лэжьэк*Iэрауэ {*абы* ар (зэплъэр) *елъагъу*} зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ.

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ мы зи гугъу тщIарэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэр "езырыж глагол" лIэужьыгъуэу "Iуэху глагол"

лэжьэкӀэ зыгъуэтыфхэрауэ зэрыщытыр. ИкӀи, *мы "езырыж глагол"*хэри - ипэкӀи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *"гъэ"кӀэрэ "Ӏуэху глагол"у* хуиту зэрыухуэфынухэ гурыӀуэгъуэнщ; ауэ, абы щыгъуэм ягъуэтыну *мыхьэнэ*хэр мыбдежым зи гугъу тщӀахэм *зэрыщхьэщык*Ӏынури наӀуэщ.

Ауэ икӀи, "дополненэ" зиӀэу лажьэ "езырыж глагол"хэм теухуауэ мы къыхэдгъэщахэр ипэкӀэ мыпхуэдэ щапхъэхэу зи гугъу тщӀахэми теухуауэ зэрыщытри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

*

НытӀэ, мыбдежми *"дополненэншэ"*у лажьэ *"езырыж глагол"*хэм *я "Ӏуэху глагол" лэжьэк*Ӏэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, мыпхуэдэ "езырыж глаго"хэр езыр езыру къэхъуу щытрэ, мы и къэхъукӀэри зытеухуэу гъэзащӀэ гуэри мылъытапхъэхэрщи, зытеухуэрэ зыухуэунэтӀ гуэр зэрыщымыӀэнум зэрезэгъкӀи, мы "езырыж глагол"хэм фӀырыфӀкӀэ занщӀэу "Ӏуэху глагол" лэжьэкӀэ зэрамыӀэнури жыӀэпхъэщ. Ауэ, мыпхуэдэ "езырыж глагол"хэр зэрыгъэзэщӀапхъэри гурыӀуэгъуэнщи, мыри мы "езырыж глагол"хэр "гъэ"кӀэрэ зэрыгъэпсым теухуащ.

Мыпхуэдэу зэрыщытыр мы къэтӀуэтахэмкӀи гурыӀуэгъуэщи, икӀи, "дополненэншэ"у лажьэ "езырыж глагол"хэри я мыхьэнэхэм елъытауэщ "гъэ"кӀэрэ гъэпсауэ зэрылэжьэфынухэри, "езыржы глагол" гуэрхэр "гъэ"ншэуи "Ӏуэху глагол" лэжьэкӀэ зыхуигъуэми, адрей гуэрхэр фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "гъэ"кӀэрэ гъэпсауэщ "Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэу зэрылажьэхэр. Аращи, *"дополненэншэ"*у лажьэ мы *"езырыж глагол"*хэм *"Ӏуэху глагол" лэжьэк*Ӏэ зэрагъуэтыр *я зэхуэдэу "гъэ"кӀэрэкъыми, "езырыж глагол" гуэрхэр "Ӏуэху глагол"у лэжьэн папщ*Ӏэ, *фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "гъэ"* зыхуэныкъуэхэрщ; ауэ, *"езырыж глагол" гуэрхэр*и *"Ӏуэху глагол"у лэжьэн папщ*Ӏэ, *фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "гъэ"* хуэныкъуэу щымытхэрщ.

ИкӀи ипэкӀэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ *"езырыж глагол"*хэм (хъун; фын) *"гъэ"* къызэращтэу *"Ӏуэху глагол"у зэрыухуэ* щӀыкӀэми, мы утыку къихьэ *"Ӏуэху глагол"* (гъэхъун; егъэф) мыхьэнэри а *"езырыж глагол" мыхьэнэр утыку къихьэн*рэ (хъун; фын) *гъэзэщ*Ӏэн*к*Ӏэ *"хуит щ*Ӏы*н"*ырщ. Аращи, мыбдежым *"гъэ"*кӀэрэ ухуэныр зыхуэигъуэу зи гугъу тщӀы зыхуэигъуэ *псалъэ*хэри (*егъэхъу; егъэф*) мы зи гугъу тщӀа къэхъукӀэ зиӀэ

*зы* ″*Iуэху глагол*″ (гъэхъун; гъэфын) лIэужьыгъуэм и *лэжьэк*Iэу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэм теухуа щапхъэхэрщ мы илъабжьэм таблицэхэм хиубыдэу къэгъэлъэгъуахэри, ″езырыж глагол″хэм щыщу ″*Iуэху глагол*″*у* лэжьэн папщIэ *фIэкIып*Iэ *имы*Iэу ″*гъэ*″кIэрэ ухуэн *хуей*хэм теухуа щапхъэхэм (*егъэхъу*) ипэ къихуэу ″*гъэ*″*нш*эу ухуэ *псалъэ* щапхъэхэри и гущIыIур (~~*ехъу*~~) тетхъауэ къэдгъэлъэгъуэнщ; ″езырыж глагол″у ″*гъэ*″*ншэуи* ″*Iуэху глагол*″ *лэжьэк*Iэ зыгъуэтыфу ухуэ *псалъэ*хэми (*еф*) ″*гъэ*″кIэрэ *зэрылажьэ*у ухуэ *псалъэ*хэр (*егъэф*) къыкIэлъыкIуэу къэдгъэлъагъуэнщ; икIи, ″*дополненэншэ*″у лажьэ ″*езырыж глагол*″хэр ″*Iуэху глагол*″ *лэжьэк*I*эу* мыпхуэдэу *зэрызэщхьэщык*Iми *я мыхьэнэхэм елъыта*уэ зэрыщытми -*еджак*Iуэхэу-гулъытэ яхуэтщIынщ:

| | |
|---|---|
| - Хъун → | - «ар мэхъу» → «″абы ар (ихъунур) *ехъу*″ (игъуащэкъым!) → ″*абы* ар (хъунур) *егъэхъу*″»; |
| - Зэн (-гъэзэн) → | - «ар мазэ» → «″*абы* ар (изэнур) *езэ*″ (игъуащэкъым!) → ″*абы (езым) зегъазэ*″»; |
| - (нэху) Щын → | - «ар (нэху) мэщ» → «″*абы* ар (ищынур) ~~*ещ*~~″ (игъуащэкъым!) - ″абы ар (щынур) ~~*егъэщ*~~″ (игъуэкъым!)»; |
| - Шын (дзэр) → | - «ар (дзэр) мэш» → «*абы* ар (дзэр) *еш* - *егъэш*»; |
| - ЛIэн → | - «ар малIэ» → «″*абы* ар (илIэнур) *ел*Iэ″ – ″*абы* ар (лIэнур) *егъал*Iэ″»; |
| - Фын → | - «ар мэф» → «*абы* ар *еф – егъэф*»; |
| - ФIын →<br>- ФIэн (фIыуэ щытын) → | - «ар мэфI» → «*абы* ар ~~*ефI*~~ → ″*абы* ар *егъэф*I″»;<br>- «ар мафIэ» → «*абы* ар ~~*ефIэ*~~ → ″*абы* ар *егъаф*Iэ″»; |
| - (псы) Вэн → | - «ар мавэ» → «*абы (псым)* ар (ивэнур) *евэ* – ″*абы* ар (псыр) *егъавэ*″»; |

| | |
|---|---|
| - ПкIын →<br>- ПкIэн (пкIыуэ щытын) → | - «ар мэпкI» → «″*абы* ар (ипкIынур) *епк*I″ – ″абы ар (пкIынур) *егъэпк*I»;<br>- «ар мапкIэ» → «″*абы* ар (ипкIынур) *епк*Iэ″ – ″абы ар (пкIынур) *егъапк*Iэ″»; |
| - ТкIун →<br>- ТкIуэн (ткIууэ щытын) → | - «ар мэткIу» → «″*абы* ар (иткIунур) ~~*еткIу*~~″ → ″*абы ар егъэтк*I*у*″»;<br>- «ар маткIуэ» → «абы ар (иткIунур) ~~*еткIуэ*~~ → ″абы ар *егъатк*I*уэ*″»; |
| - Щхъын →<br>- Щхъэн (щхъыуэ щытын) → | - «ар мэщхъ» → «*абы* ар (ищхъынур) *ещхъ* - ″*абы* ар (щхъунур) *егъэщхъ*″»;<br>- «ар мащхъэ» → «″*абы* ар (ищхьэнур) *ещхъэ*″ - |

| | |
|---|---|
| | ″*абы* ар (щхъуэнур) *егъэщхъэ*″»; |
| - Щхъун →<br><br>- Щхъуэн →<br>(щхъууэ щытын; щхъуэ хъун) | - «ар мэщхъу» → «″*абы* ар (ищхъунур) *ещхъу*″ → ″*абы* ар *егъэщхъу*″»;<br>- «ар мащхъуэ» → «″*абы* ар (ищхъуэнур) *ещхъуэ*″ → ″*абы ар егъащхъуэ*″»; |
| - Тхъэн (-гъэхъэн) → | - «ар матхъэ» → «″*абы* ар ~~*етхъэ*~~″ → ″*абы ар егъатхъэ*″»; |
| - Тхъун (щхьэц) →<br><br>- Тхъуэн →<br>(щхьэц тхъууэ – *тхъу*уэ щытын) | - «ар (щхьэц) мэтхъу» → «″*абы* ар ~~*етхъу*~~″ → ″*абы ар егъэтхъу*″»;<br>- «ар (щхьэц) матхъуэ» → «″*абы* ар ~~*етхъуэ*~~″ → ″*абы ар егъатхъуэ*″»; |
| - Бгэн → | - «ар мабгэ» → «″*абы* ар (ибгэнур) *ебгэ*″ – ″*абы* ар (бгэнур) *егъабгэ*″»; |
| - Плъын →<br>- Плъэн (плъыуэ щытын) → | - «ар мэплъ» → «*абы* ар *еплъ – егъэплъ*»;<br>- «ар маплъэ» → «*абы* ар *еплъэ – егъаплъэ*»; |
| - Блэн → | - «ар маблэ» → «*абы* ар *еблэ – егъаблэ*»; |
| - Щтын →<br><br>- Щтэн (щтыуэ щытын) →<br><br>--------------------------------------<br>- Щтэн (къэуӀэбжьын/шынэн) → | - «ар мэщт» → «*абы* ар (ищтынур) *ещт* (игъуащэкъым!)″ → ″*абы* ар *егъэщт*″»;<br>- «ар мащтэ» → «*абы* ар *ещтэ* (игъуащэкъым!) – ″*абы* ар *егъэщт (егъащтэ-ы)*″»;<br>--------------------------------------------------------<br>- «ар мащтэ» → «″*абы* ар (ищтэнур) *ещтэ*″ (игъуащэкъым!) → ″*абы* ар *егъащтэ*″»; |
| - Пщтын → | - «ар мэпщт» → «*абы* ар *епщт* → *егъэпщт*». |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Къэта щапхъэхэм яӀэ зэрызэщхьэщыкӀыныгъэхэр *зэрытха щӀыкӀэкӀэ* е *тхыхьым дэту* къыхэгъэщагъэххэщ; ауэ иджыри къыхэгъэщын гуэрхэу лъытапхъэхэр мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуэжащ.

- Глагол лэжьэкӀэу игъуэ хуэдэми, глагол мыхьэнэкӀэ имыгъуэхэр щыӀэщи, мыпхуэдэхэр ″игъуащэкъым″у, имыгъуэхххэхэри ″игъуэкъым″у къыхэдгъэщу, игъуэ лэжьэкӀэ иӀэмэ, ари къыпытщэжащ:

| | |
|---|---|
| - Хъун → | - «ар мэхъу» → «″абы ар (ихъунур) *ехъу*″ (игъуащэкъым!) - ″*абы* ар (хъунур) *егъэхъу*″»; |
| - Щтын →<br><br>- Щтэн (щтыуэ щытын) →<br><br>--------------------------------------<br>- Щтэн (къэуӀэбжьын/шынэн) → | - «ар мэщт» → «*абы* ар (ищтынур) *ещт* (игъуащэкъым!)″ - ″*абы* ар (щтынур) *егъэщт*″»;<br>- «ар мащтэ» - «*абы* ар *ещтэ* (игъуащэкъым!) → ″*абы* ар *егъэщт (егъащтэ-ы)*″»;<br>--------------------------------------------------------<br>- «ар мащтэ» → «″*абы* ар (ищтэнур) *ещтэ*″ (игъуащэкъым!) → ″*абы* ар *егъащтэ*″»; |

- ″Зэн″ глаголым и лэжьэкӀэхэри мыбыхэм хуэдэу лъытапхъэми, абыхэм къазэрыщхьэщыкӀми гулъытэ хуэщӀын хуейщ:

| | |
|---|---|
| - Зэн (-гъэзэн) → | - «ар мазэ» → «″*абы* ар (изэнур) *езэ*″ |

| | |
|---|---|
| | (игъуащэкъым!) → "*абы (езым) зегъазэ*"»; |

- Къэlуэтэкlэкlэ игъуэу лъытапхъэми, бзэм нэхъ щызекlуэрэ нэхъ игъуэ къэlуэтэкlэри абы къыпытщэжащ:

| | |
|---|---|
| - Шын (дзэр) → | - «ар (дзэр) мэш» → «"*абы* ар (дзэр) *еш*" - "абы ар (дзэр) *егъэш*"»; |

- Къэта къэlуэтэкlитlри игъуэми, къаlуатэхэр мыхьэнэкlэ зэрызэщхьэщыкlри гулъытапхъэщ:

| | |
|---|---|
| - (псы) Вэн → | - «ар мавэ» → «*абы (псым)* ар (ивэнур) *евэ* – "*абы* ар (псыр) *егъавэ*"»; |

- Глагол мыхьэнэрэ и лэжьэкlэуи мыхъуххэнухэри *и гущlыlур тетхъа*уэ къэдгъэлъэгъуащи, *зэрылэжьэну щlык*lэ зиlэхэми мы и лэжьэкlэр *къыпытщэжащ*:

| | |
|---|---|
| - Фlын →<br>- Фlэн (фlыуэ щытын) → | - «ар мэфl» → «*абы* ар ~~*ефl*~~ → "*абы* ар *егъэфl*"»;<br>- «ар мафlэ» → «*абы* ар ~~*ефlэ*~~ → "*абы* ар *егъафlэ*"»; |
| - Ткlун →<br>- Ткlуэн (ткlууэ щытын) → | - «ар мэткlу» → «"*абы* ар (иткlунур) ~~*еткlу*~~" → "*абы ар егъэткlу*"»;<br>- «ар маткlуэ» → «абы ар (иткlунур) ~~*еткlуэ*~~ → "абы ар *егъаткlуэ*"»; |
| - Тхъэн (-гъэхъэн) → | - «ар матхъэ» → «"*абы* ар ~~*етхъэ*~~" → "*абы ар егъатхъэ*"»; |
| - Тхъун (щхьэц) →<br>- Тхъуэн (щхьэц тхъууэ – *тхъу*уэ щытын) → | - «ар (щхьэц) мэтхъу» → «*абы* ар ~~*етхъу*~~" → "*абы* ар *егъэтхъу*"»;<br>- «ар (щхьэц) матхъуэ» → «"*абы* ар ~~*етхъуэ*~~" → "*абы* ар *егъатхъуэ*"»; |

- Мыбыхэм хуэдэу лъытапхъэми, мыбыхэм къазэрыщхьэщыкlым гулъытэ хуэщlын папщlэ, щхьэхуэу къэгъэлъэгъуэныр игъуэщ "(нэху) Щын"ри:

| | |
|---|---|
| - (нэху) Щын → | - «ар (нэху) мэщ» → «"*абы* ар (ищынур) ~~*ещ*~~" (игъуащэкъым!) - "абы ар ~~*егъэщ*~~" (игъуэкъым!)»; |

*"lуэху глагол"хэр "езырыж глагол"у зэрылажьэхэм теухуауэ.*

Зэрыгурыlуэгъуэу, "lуэху глагол"хэр фlэкlыпlэ зимыlэу зытелэжьыхьыну "объект" зиlэ глагол лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, мы ипэкlэ "езырыж глагол"хэр "lуэху глагол"у зэрыухуэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыпхуэдэу ухуэ "lуэху глагол" лlэужьыгъуэхэми -фlэкlыпlэ имыlуэу- "объект" зэрагъуэтри гурыlуэгъуэнщ; икlи, абыхэм мы ягъуэт "объект"ри езы "езырыж глагол" мыхьэнэрауэ -е абы теухуауэ- зэрыщытми щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

Нытlэ, "*lуэху глагол*"*хэм* "*езырыж глагол*" *лэжьэк*lэ *щагъуэтым* дежи, мы щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, "*езырыж глагол*"*хэр* "*lуэху глагол*"*у зэрылажьэм щыгъуэ къэхъум и пхэнджыр къэхъуну* ды*пэплъапх*ъэу зэрыщытынури игъуэнщ. Аращи, "lуэху глагол" лэжьэкlэхэм фlэкlыпlэ имыlэу хиубыдэ "объект"ыр мы "езырыж глагол" лэжьэкlэхэм "объект"у зэрыхимыубыдэнур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы р зи "объект"у щыт "lуэху глагол"ым и "езырыж глагол" лэжьэкlэм мы "объект"ыр "езырыж глагол"ым езырауэ е абы теухуауэ –нэгъуэщlыу жыпlэмэ езырыж глагол "субъект"рауэ- зэрыщытыпхъэр жыlэпхъэнщ.

Мыпхуэдэщ икlии, "*lуэху глагол*"хэм *я* "*езырыж глагол*" *лэжьэк*lэхэм *я* "*субъект*"ыр а "*lуэху глагол*"*хэм я* "*объект*"хэращи, нытlэ, мы "*езырыж глагол*" *лэжьэк*lэхэр къызытехъукlа "*lуэху глагол*"хэм я "*пасив*" *лэжьэк*lэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, ипэкlэ къэта таблицэхэм хиубыдэ "lуэху глагол"хэмрэ я лэжьэкlэхэм къыкlэлъыкlуэу я "езырыж глагол" лэжьэкlэ щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, тежыlыхьыпхъэхэри иужькlэ къыпытщэжынщ:

| | |
|---|---|
| - *Ин* → | - «*абы* ар *ей*» → «ар мэй»; |

| | |
|---|---|
| - *Хьын* → | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *ехь*» → «ар <u>*абы*</u> мэхь»; |
| - *Хун* → | - «*абы* ар <u>*абы*</u> *еху*» → «ар <u>*абы*</u> мэху»; |
| - *Дзын* → | - «*абы* ар *едз*» → «ар <u>*абы*</u> мэдз»; |
| - *Жьын* → | - «*абы* ар *ежь*» → «ар мэжь»; |
| - *Зын* → | - «*абы* ар *ез*» → «ар мэз»; |
| - (цы) *Щын* → | - «*абы* ар *ещ*» → «ар мэщ»; |
| - *Щ*l*ын* →<br>- *Щ*l*эн* (*щ*l*ыуэ щытын*) →<br>-------------------------------------<br>- *Щ*l*эн* (*щ*l*эныгъэу)* → | - «*абы* ар *ещ*l» → «ар мэщl»;<br>- «*абы* ар *ещ*l*э*» → «ар мащlэ»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *ещ*l*э*» → «ар мащlэ»;* |
| - *Лын-2* (1- *нэху/маф*lэ *бзийк*lэ*;* 2- *щыхуэн)* →<br>- *Лэн-2* (*лы зэпытын*) → | - «*абы* ар *ел*» → «ар мэл»;<br>- «*абы* ар *елэ*» → «ар малэ»; |
| - *Дын* →<br>-------------------------------------<br>- *Дэн* (игум идэн) → | - «*абы* ар *ед*» → «ар мэд»;<br>------------------------------------------------------------<br>- «*абы* ар *едэ*» → «ар мадэ»;* |
| - *Тын* → | - «*абы* ар *ет*» → «ар мэт»; |

| | |
|---|---|
| - *Пхъын* →<br>- *Пхъэн* (*пхъы зэпытын*) → | - «*абы* ар *епхъ*» → «ар мэпхъ»;<br>- «*абы* ар *епхъэ*» → «ар мапхъэ»; |
| - *Тхъун* → | - «*абы* ар *етхъу*» → «ар мэтхъу». |

Дауи, игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щӀыпӀэм къыщызэрыхэдгъэщу, адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ иткӀэ, глагол гупхэр зы лъагъуэм тетрэ зы щӀыкӀэ иӀэу зэрылажьэр гурыӀуэгъуэми, мы лъагъуэрэ щӀыкӀэри а зы глаголым щхьэжу езым и мыхьэнэми езэгъын хуейуэ зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ. Мы зэрыжытӀауэ, къэта щапхъэхэм щыщу зи "езырыж глагол" лэжьэкӀэхэр (*) зыхуэимыгъуэ "Ӏуэху глагол"хэри яхэтщи, мыхэри а глаголхэм я мыхьэнэхэращ зэлъытар. Аращи, къэта щапхъэхэм "*" нэгъыщэкӀэ къыщыхэгъэщауэ щыт "Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэ "*щӀэн; дэн*" лэжьэкӀэхэм хиубыдэ "*объект*"ыр я "*езырыж глагол*" *лэжьэк*Ӏэхэм "*субъект*"у езэгъкъым. Нэхъ зэӀухауэ жытӀэмэ, зыщӀэм/зыдэм ("Ӏ*уэху глагол*"*ым и* "*субъект*"*у* "*абы*") ищӀэр/идэр ("объект"у "ар") "*субъект*"ым езым и Ӏ*уэхужщи* (*едэ*), -мы "щӀэн/дэн" глаголхэм я мыхьэнэхэм елъытащи- *абы* (субъект) *ищ*Ӏэу/*идэ*у щыт "ар"ым (объект) зыхищӀэкъым - хунэскъыми, *абы (*Ӏ*уэху субъект*) мы ищӀэр/идэр (объект) щхьэжу мы "щӀэн/дэн"ым езырыжу "субъект" хуэхъукъым:

| | | |
|---|---|---|
| - *Щ*Ӏ*эн* (щӀэныгъэу) | → | - «*абы* ар *ещ*Ӏэ» → «ар мащӀэ»; |
| - *Дэн* (игум идэн) | → | - «*абы* ар *едэ*» → «ар мадэ». |

Дауи, мы къыхэдгъэщахэр ипэкӀэ щапхъэу къэтхьауэ щыта "Ӏуэху глагол"хэми теухуауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ.

## "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭМ АРГУЭРУ ЗЭДЫХЭПЛЪЭЖЫГЪУЭ

### "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"РЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР АРГУЭРУ ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкӀэ къэта таблицэхэм глаголхэр "езырыж"рэ "Ӏуэху" лӀэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкӀыр къыхощыр. Ауэ икӀи, абыхэм щыщу япэ къэхъу глагол лӀэужьыгъуэхэри къэхъуныгъэрэ щыӀэм и щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэм ипкъ зэрикӀэ къапкъырыкӀхэр зэрылъытэ глагол лӀэужьыгъуэу "езырыж глагол"хэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэ къыпхуохъур. Мыр нэхъыбэрэ нэхъапэу занщӀэу "макъ глагол"у ухуэ макъхэм я мыхьэнэми гурыӀуэгъуэ зэрыхъури гулъытапхъэщ. ИкӀи, "Ӏуэху глагол"хэр нэхъыбэу цӀыхум теухуарэ хуэӀуа глаголхэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, цӀыхум Ӏуэху гуэрхэр ищӀыу зэрыщӀидзэм теухуауэ къэхъуа глагол лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытым зэрезэгъкӀи, къэхъуныгъэ лӀэужьыгъуэу

щыт "езырыж глагол"хэм елъытауэ "Iуэху глагол"хэр иужькIэ лъытарэ икIи къэхъуауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

*Глагол*хэр мы *класификацэ* зэрытщIа щIыкIэр *къызпкъырыкI*рэ *згъэзащ*Iэм елъытарэ теухуауэщи, *къызпкъырыкI*ым и щыIэгъуэрэ *лъэкIынығъэ*кIэрэ *къэхъуу езыр езырурэ утыку къихьэ*р "*езырыж глагол*"щ; гъэзэщIапхъэ зы лэжьыгъэрэ Iуэху лIэужьыгъуэу щыту дэтхэнэ зы щхьэм игъэзащIэри "*Iуэху глагол*"ырщ. Мыпхуэдэу зэрыщытри глаголыр *къызпкъырык*Iрэ *згъэзащ*Iэ "*щхьэ*"р "*глагол лэжьэк*Iэ*у ухуэ псалъэ*"хэм къызэрыхэщым -щызэрыхэлъытэм- гурыIуэгъуэ къыпхуещIыр. Аращи, "*глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"м "*щхьэ цIэпапщIэ*"хэр щызэрыхэлъытэ щIыкIэри глаголыр "*езырыж глагол*"рэ (сы, у, мэ, ды, фы, мэ) "*Iуэху глагол*"у (с, б, е, д, ф, я) зэрыщытым елъытауэ зэрызэщхьэщыкIри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мыбдежым глаголхэр "*езырыж глагол*"рэ "*Iуэху глагол*"у *зэрызэщхьэщыкI*ым *лъабжьэ хуэхъурэ гулъытэ* ухуэзыщI гуэрхэм я гугъу тщIащи, мыбыхэм теухуа детал куэдым иужькIэ игъуэ щыхъу щIыпIэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

Ауэ, "*глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"хэм "*щхьэ*"хэр мы зэры*хиубыдэ щIыкIэхэм нэмыщI*, икIи "*ещанэ щхьэ*"*м теухуа* "*глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"р къызэрыIуатэ псалъэухыгъэм "*ещанэ щхьэ*"р и "*цIэпапщIэкIэ*" зэрылъытэм занщIэу гурыIуэгъуэ къызэрыпхуищIынури гурыIуэгъуэщ. Аращи, "*езырыж глагол*"ым теухуа "*ещанэ щхьэ цIэпапщ*Iэ"р "*ар, ахэр*"уэщ зэрылъытэри, "*Iуэху глагол*"хэм теухуа "*ещанэ щхьэ цIэпапщ*Iэ"ри "*абы, абыхэм*"уэщ зэрылъытэр.

*

Мы глагол гупитIым зыр нэхъыбэу *натуралу къэхъу къекIуэкI*ымрэ *щыIэгъу*эм теухуауэ утыку къихьэ Iуэхугъуэхэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы глагол гупыр *къызпкъырык*Iым и *лъэкIынығъэу утыку къихьэ*рэ *езыр езырурэ къэхъу*у зи гугъу тщIа "*езырыж глагол*"хэрщ. Мыпхуэдэ глаголхэри япэрауэ "*къэхъу-къэщIрэ щыIэгъуэм къыпкъырыкI*"рэ ар *зэрызекIу*эм ипкъ зэриткIэ утыку къихьэхэр зэрылъытэ *глаголхэр*ауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мыбыхэм нэмыщI, зы *щыIэм и щыIэгъуэрэ щыIэкI*эм е и *лъэкIынығъэ*м ипкъ зэриткIэ утыку къихьэхэри мыпхуэдэ *глагол*хэу -"езырыж глагол"- зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, *езыр езырурэ къэхъуу утыку къихь*эхэр зэрылъытэ

*глагол*хэрщ мыхэри, мыы къызэрытӀуэта щӀыкӀэми къызэрыхэщу, мыхэр кӀэщӀыу *"езырыж глагол гуп"*у тлъытащ.

Адрей глагол гупри, нэхъыбэм деж *зы лэжьыгъэу щытрэ гъэзэщӀапхъэ Ӏуэхугъуэхэ*м теухуа глаголхэрщи, *"Ӏуэху глагол"*хэу тлъытахэрщ. Мыхэри нэхъыбэу зы *псэущхьэ*м -икӀи нэхъыбэрэ нэхъ игъуэуи *зы цӀыху нэрыбгэ*м- *игъэзэщапхъэ Ӏуэхугъуэ*хэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. – Ауэ, зы "Ӏуэху" лӀэужьыгъуэм папщӀэ, фӀэкӀыпӀэ имыӀэу зы цӀыху нэрыбгэ -е зы псэущхьэ- хъун хуейуэ щымыту, натуралрэ космикэу къекӀуэкӀымкӀэ гъэзащӀэу утыку къихьэ зы Ӏуэхугъуэуи зэрыщытыфынур гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, Ӏуэху гъэзэщӀэныр япэрауэ цӀыхум теухуарэ хуэӀуауэ лъытауэ жыӀэпхъэщи, цӀыхум имыгъэзащӀэ Ӏуэхугъуэхэр цӀыхум теухуауэ лъыта "Ӏуэху глагол" нэужьу лъытауи жыӀэпхъэнщ.

Мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ зэращӀщи, натуралрэ космикэу е зы щыӀэ гуэрым и щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэм теухуа и лъэкӀыныгъэм къихьу езыр езырурэ гъэзащӀэу утыку къихьэхэр зэрылъытэ глаголхэр "езырыж глагол"хэращ. Мы глаголхэр зэхуэдэу зы гупу зэрылъытапхъэм нэхъ гъунэгъуу дыщеплъым деж, ахэр натуралрэ космикэу къахъу къекӀуэкӀым теухуауэ щырет, е зы гуэрым и щыӀэгъуэр зэрихьым теухуауэ щырет, тӀум дежи зы "щыӀэгъуэ"мрэ ар "зэрызекӀуэ"ращ къызпкъырыкӀыри, мы *"къэхъу къекӀуэкӀ"*ым и зы *"лъэкӀыныгъэ"*у къызэрыпкъырыкӀри *езыр езырур*эщ. Аращи, мы "езырыж глагол" жыхуэтӀэ гупым хиубыдэ глаголхэр дэтхэнэ зы щыӀэмрэ космикэрэ щыӀэгъуэм я *щыӀэгъуэр зэрыщыӀэрэ зэрызекӀуэм теухуа*уэ *езыр езырурэ къэхъу*у утыку къихьэхэр зэрылъытэ глаголхэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

Аргуэру жыӀэпхъэмэ, мы зи гугъу тщӀы глаголхэр *"щыӀэрэ щыӀэгъуэ"м къыпкъырыкӀ*рэ я *"щыӀэгъуэ"р езыр езырурэ зэрызекӀу*эрэ къызэрекӀуэкӀым теухуауэ зэхуэдэ зы гупым хиубыдэ глаголхэрщ: зы *"щыӀэ"рэ "щыӀэгъуэ"р къызэрыхъу*рэ *зэрызек*Ӏуэр -я щыӀэгъуэр зэрахьыр- зэхуэдэу *езыр езырурэ* гъэзащӀэрэ утыку къихьэ Ӏуэхугъуэрщ. НытӀэ, зэхуэдэ Ӏуэхугъуэм теухуауэ зы гупым хиубыдэ мы глаголхэм я лэжьэкӀэри зэхуэдэу къыщӀэкӀынщи, мы глаголхэр зэхуэдэу *"езыр езырурэ къэхъуу утыку къихьэхэм теухуа глагол"* хуэдэ зы гупу тылъытагъэхэщ.

Мы зи гугъу тщӀа глагол гупым хуэдэу щыӀэм и щыӀэгъуэр зэрихь щӀыкӀэу езыр езырурэ гъэзащӀэу щымытрэ, физикэу зы "Ӏуэху"у

лъытапхъэр зэрыгъэзащIэ щIыкIэкIэ утыку къыригъэхьэр зэрылъытэ глаголхэри щхьэхуэу зы гупу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэрэ икIи ипэкIи щыжытIагъащи, мыпхуэдэ глаголхэри *"Iуэху лIэужьыгъуэу гъэзащIэ глагол гуп"*у тлъытагъэххэщ.

Мыпхуэдэ зы "Iуэхугъуэ"р нэхъыбэу зы цIыху нэрыбгэм е -зи мыхъуми- зы псэущхьэм къызэрыпкъырыкIынури жытIагъащ. Ауэ, ар зэрыгъэзащIэр щыIэгъуэрэ къэхъу-къэщIыгъуэрауэ щырет, е дэтхэнэ зы щыIэ гуэру щырет, ар езыр езырурэ утыку къихьэрэ гъэзащIэракъыми, утыку къихьэн папщIэ абы телэжьыхьын зэрыхуейрэ зэрыгъэзэщIэн хуейри гурыIуэгъуэщи, мыбы папщIэщ икIи мыпхуэдэхэр зэрылъытэ глаголхэр "Iуэху глагол"у щIэтлъытар.

НытIэ, зы нэрыбгэм е зы псэущхьэм игъэзэщIэну иужь зихьарэ къилэжь зы Iуэхущ мыри, къэзлэжьыр абы зэрыпыщIакIэрэ гъэзащIэу утыку къихьэ зы "Iуэху" лIэужьыгъуэрщ икIи. Ауэ, мыпхуэдэу IупщIыу зы Iуэху утыку къыригъэхьэн папщIэу щымытрэ, щыIэгъуэрэ къэхъу къекIуэкI лъэкIыныгъэкIэрэ утыку къихьэ "Iуэху" лIэужьыгъуэхэр къызэрыхъуфынури гурыIуэгъуэнщи, мыпхэдэхэр зэрылъытэ глаголхэри мы гупым зэрыхиубыдэнур гурыIуэгъуэнщ.

Мыбдежым ди Iуэхур глаголхэм я класификацэращ зытеухуари, "езырыж глагол"рэ "Iуэху глагол"хэм теухуауэ мы жытIахэм къыщымынэу, иужькIэ *глагол лэжьэк*Iэхэм теухуа *лэжьыгъэ Iыхь*эм мы *"глагол гуп"*хэм я *лэжьэк*Iэхэми теухуауэ нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дызэрыхуэхъунур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, аргуэру *"езырыж глагол"*хэмрэ *"Iуэху глагол"*хэр *зэрызэщхьэщыкI*рэ зэрызэлъытэ щIыкIэхэм щыгъуаэ хуэхъун папщIэ, мы илъабжьэм "езырыж глагол"рэ "Iуэху глагол" лIэужьыгъуэу игъуэ щапхъэ гуэхэми я гугъу щытщIынщ.

*

Мы зи гугъу тщIа *"езырыж глагол"*ымрэ *"Iуэху глагол"*ыр зэрызэщхьэщыкIым теухуауэ зы щапхъэфI къэгъэлъэгъуапхъэмэ, нэхъ щапхъэ игъуэхэм щыщу лъытапхъэщ *"плъэн"*рэ *"лъагъун"* глаголхэр. Аращи, и щыIэгъуэрэ щыIэкIэм ипкъ иткIэ, "плъэн" лъэкIыныгъэ зиIэ дэтхэнэ гуэрым къыпкъырыкIыр зэрылъытэ глаголщ "плъэн"ри, ар зы "езырыж глагол"у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, гъэзэщIэн папщIэ "плъэн"ыр зыхуэныкъуэрэ "плъэн"кIэрэ гъэзащIэми, зэрыгъэзащIэрэ утыку къызэрихьэ щIыкIэр зы "Iуэху" лIэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ "лъагъун"ри, ари зы "Iуэху глагол"щ. "Плъэн"рэ

"лъагъун" глаголхэу щхьэхуэ гупу тлъытахэм иужькӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуну я лэжьэкӀэри мы зэхуэмыдэ гупу зэрылъытам зэрезэгъкӀэрэщ.

"Езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"хэр зэрызэщхьэщыкӀымрэ, я зэхуакуми дэлъыфыну щыт зэпыщӀэныгъэр лъытэным теухуауэ мы глаголитӀыр щапхъэфӀщ. Мыбдежми зы "езырыж глагол"ымрэ, абы къытехъукӀ зы "Ӏуэху глагол" щапхъэм деплъынщи, къызтехъукӀым къыщхьэщыкӀа зэрыхъуами щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Аращи, *"езырыж глгол"*у щыт *"кӀуэн, къэкӀуэн"*ымрэ, "кӀуэн"ыр зи лъабжьэу утыку къихьа *"Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэу щыт *"къэкӀухьын"* глаголращ мыбдежым зи гугъу тщӀынур. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, и щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэкӀэ зылъэкӀым езыр езырурэ игъэзащӀэр зэрылъытэ зы глаголщ "кӀуэн"ыр. НытӀэ, мыпхуэдэ зы лъэкӀыныгъэу утыку къихьэ зы "езырыж глагол"у щыт *"кӀуэн"ыр* кондицэ гуэрхэм елъытауэ *гъэзащӀэ*у щылъытэм деж, утыку къихьэр зы "Ӏуэху" лӀэужьыгъуэрщи, мыпхуэдэ зы "Ӏуэху глагол"щ *"къэкӀухьын"*ыр.

## "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ "ЕЗЫРЫЖЫГЪЭ"М ТЕУХУАУЭ

"Глагол" жыхуэтӀэ псалъэхэм щыщу *япэ ухуа*рэ *лъыта*хэр *езыр езырурэ гъэзащӀэрэ утыку къихьэ*хэр *зэрылъытэ* глаголхэрауэ зэрыщытыпхъэр гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэри **"езырыж глагол"**у тлъыта глагол лӀэужьыгъуэхэращ. Мыпхуэдэ глаголхэрщ *езыр езырурэ къэхъуу* утыку къихьэ Ӏ*уэхугъуэ*хэр зэрылъытэ глаголхэр, зы *щыӀэм и щыӀэгъуэр зэрызекӀуэ*р зэрылъытэ глаголхэр, *къэкӀыгъэ*хэмрэ *псэущхьэ*м я *псэуныгъэрэ гъащӀэ*р *зэрызырекӀуэ*р зэрылъытэ глаголхэр.

НытӀэ, дэтхэнэ зы щыӀэм и щыӀэгъуэрэ и щыӀэкӀэм ипкъ иткӀэ езыр езырвурэ гъэзащӀэу утыку къихьэрщ *"езырыж глагол"* лӀэужьыгъуэхэри, утыку къихьэн папщӀэ, а щыӀэм и щыӀэгъуэрэ и щыӀэкӀэм нэмыщӀ узыхуэмыкъыкъуэу, *щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэ функц*эхэу лъытапхъэхэрщ. Аращи, а щыӀэр -псалъэм папщӀэ- зы къэкӀыгъэмэ, жылэм къызэрикӀыкӀрэ къызэрыкӀыр, тхьэмпэхэр къызэрыпыкӀэр, зэрыгъагъэрэ къыпыкӀэхэри зэрыхъун зэрыхъур -е зэрымыхъухэр- зэрылъытэ щӀыкӀэ глаголхэращ "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэхэр. Мы псалъэхэм гурыӀуэгъуэ къызэрищӀщи, *"езырыж глагол"*хэр *къызпкъырыкӀ*рэ

*субъект хуэхъухэм теухуа глаголхэрщи, мы зытеухуахэми я щыIэгъуэрэ щыIэкIэм елъыта*уэ гъэзащIэ глаголхэрщ.

"Езырыж глагол"хэр щыIэу щытым и щыIэгъуэрэ щыIэкIэм теухуа глаголхэу зэрыщытыр жытIагъэххэщи, щыIэуэ хъуари зы щыIэгъуэу космикэм и щыIэгъуэм хиубыдэу зэрыщытрэ, икIи космикэм и щыIэгъуэр зэрихьрэ зэрызекIуэм утыку къыригъэхьа щыIэ лIэужьыгъуэхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. "Космикэ" жыхуэтIэ щыIэгъуэшхуэм и ужьыгъуэкIэрэщ щыIэгъуэ зиIэ дэтхэнэ зы щыIэ лIэужьыгъуэр утыку къызэрихьэри, космикэм мы и зекIуэкIэмрэ абы къигъэхъу -къыщыхъу-щыIэхэми я щыIэгъуэр зэрызекIуэр зэрызэхуэдэр жыIэпхъэщ.

Аращи, щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэхэри зылъытэрэ и псэлъэбзэмкIи къэзыIуатэ дэ цIыхухэм дежкIэ, мы зи гугъу тщIыхэр езыр езырурэ къэхъурэ утыку къихьэущ зэрытлъытэри, адыгэбзэм мыпхуэдэхэр зэрыгъэзащIэр зэрылъытэу къызэрыIуатэ глаголхэр зыхэзыубыдэ гупыр "езырыж глагол" жыхуэтIэращ.

ЩыIэгъуэ ужьыгъуэр зэрылъытэрэ мы щыIэгъуэ ужьыгъуэкIи дэтхэнэ зы щыIэр утыку къызэрихьэр, икIи зыр зым къытехъукIыжу къэхъу дэтхэнэ зы щыIэм и щыIэгъуэрэ щыIэкIэр зэрызекIуэр зэрылъытэ глаголхэращ мы "езырыж глагол" жыхуэтIэ гупым хиубыдэхэр. Мы тежытIыхьахэми гурыIуэгъуэ къызэращIщи, "*езырыж глагол*"хэм я *лэжьэкIэр космикэр зэрызекIуэ щIыкIэ*у *езыр езырурэ гъэзэщIэкIэ*рщ.

*

"Езырыжыгъэ"у мы ипэкIэ къыхэдгъэщамрэ "езырыж глагол"хэм теухуауэ аргуэру къыпыщапхъэхэр щыIэщ. Япэрауэ, дэ щыIэхэм елъытауэ нэхъ игъуэу "*езырыжыгъэ*" зиIэу щытыр *щыIэгъуэм езыр*ауэ - "*космикэ*"рауэ- зэрыщытынур гурыIуэгъуэщи, абы мы и зекIуэкIэр абы хиубыдэ дэтхэнэ зы щыIэми теухуауэ зэрызекIуэри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, *космикэм* мы и зекIуэкIэм *нэхъ пыщIа*рэ ар *нэхъ лантIэ*у зыхэзыщIэ *щыIэгъуэ категориехэр* лъытапхъэщи, щыIэгъуэ категориеу нэхъыбэу "*псэ зыIумыт*"хэрауэ лъытапхъэщ *комсикэм* мы и зекIуэкIэр *занщIэрэ япэрауэ зыхэзыщIэ*хэр. Мыбы *къыкIэлъыкIуэ щыIэгъуэ категориеуи* "*псэ зыIут*" лIэужьыгъуэу щыт "*къэкIыгъэ*"хэрауэ жыIэпхъэщ космикэ къекIуэкIыкIэм нэхъ пыщIауэ щытхэр. Мыбыхэм къыкIэлъыкIуэ щыIэгъуэ категориер "псэущхьэ"ращи, икIи зы псэущхьэ лIэужьыгъуэу "*цIыху*"ращ "*езырыжыгъэ*"м *пэжыжьэ* хуэхъуауэ щытыр.

Дауи, щыӀэгъуэ зиӀэу тлъытэ дэтхэнэ гуэрыр космикэ къэхъуныгъэрэ зекӀуэкӀэу утыку къызэрихьам ипкъ иткӀэ, фӀэкӀыпӀэ имыӀэу космикэ езырыжыгъэри зыхэлъу зэрылъытапхъэри ипэкӀи къыщыхэдгъэщагъащ. Ауэ, мы ипэкӀэ щыӀэгъуэ зиӀэхэр категоризацэ зэрытщӀам елъытащи, *космикэм и езырыжыгъэм а нэхъ хуэпэжыжьэр "цӀыху" щыӀэгъуэращ*. Ар щыхъукӀи, *зи езырыжыгъэр нэхъ мащӀэ щыӀэгъуэр "цӀыху" щыӀэгъуэ*рауэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ; ауэ, мыри *цӀыху щыӀэкӀэр а нэхъ хуит*у зэрыщытрагъэнщ зытеухуари, мырагъэнщ икӀи *цӀыхур* езыр *щхьэжу зы космикэ цӀыкӀу*уи зэрылъытапхъэр.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, цӀыхур псэлъэбзэ зиӀэрэ щыӀэуэ хъуари зылъытэу къэзыӀуэтэфырщ. Мы къэӀуэтэкӀэри щыӀэгъуэ категориехэм елъытауэ зэрызэщхьэщыкӀри гурыӀуэгъуэщ. Аращи, *псэлъэбзэр зыхуэухуарэ зезыхьэ цӀыхур* мы псэлъэбзэмкӀэ зэпсалъэу зэгурыӀуэрщи, ахэр *псэлъэбзэм и субъект*хэрщ. Ахэр зыр зым елъытарэ и субъективыгъэми зэриткӀэрэ псэлъэбзэм щылъытэфхэрщ; глагол лэжьэкӀэм субъект хуэхъу дэтхэнэ зы цӀыхум езыр зыхэтрэ зэпсалъэ дэтхэнэ зы цӀыхур зэрилъытэри субъективущ.

Мы зэрыжытӀауэ, *цӀыхур псэлъэбзэм и субъект*у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мыр икӀи *дэтхэнэ зы цӀыхур къэпсалъэ цӀыхум* елъытарэ пыщӀэныгъэ зыхуиӀэу *субъектив*у зэрылъытэфым гурыӀуэгъуэ къытхуещӀыр. Мы жытӀами къызэрыхэщщи, бзэр зезыхьэрэ къэӀуэтапхъэхэр зылъытэу *къэзыӀуатэрщ цӀыху*ри, *ар икӀи псэлъэбзэм и "субъект"*ырщ. *ЦӀыхум нэмыщӀ* щыӀэгъуэ зиӀэхэм цӀыхум хуэӀуауэ мыбдежым зи гугъу тщӀы *псэлъэбзэр зэрахьэкъыми*, ахэр псэлъэбзэр зезыхьэрэ къэзыӀуатэ цӀыхум и субъективыгъэми зэримытхэм папщӀи, *къэпсалъэ цӀыхум дежкӀэ "объективыгъэ"* зиӀэущ зэрылъытапхъэрэ къызэрыӀуэтапхъэхэри. Псэлъэбзэр зезыхьэрэ *псалъэкӀэрэ зэгурыӀуэр цӀыхуращи*, къэпсалъэрэ *къэзыӀуатэ цӀыхум дежкӀэ* дэтхэнэ зы *цӀыхури субъективу лъытэфынщ*; ауэ, псэлъэбзэр зыӀурымылъэрэ цӀыхуу щымыт дэтхэнэ гуэрыр цӀыхум и пышэгъуу щымытыфынур гурыӀуэгъуэнщи, къэпсалъэрэ къэзыӀуатэ цӀыхум дежкӀэ ахэр сытым щыгъуи объективыгъэм итырщ, сытым дежи "адрей"уэ лъытапхъэхэрщ. НытӀэ, глагол лэжьэкӀэм субъект хуэхъу цӀыхум езым дежкӀэ *цӀыху щы*Ӏэгъуэ *зи*Ӏ*эм нэмыщӀ щыӀэгъуэ зиӀэхэр* адрейрэ зэпыщӀэныгъэ зыхуимыӀэу а зэрыщытрэ езырыжыгъэу "*ар, ахэр*"уэщ зэрилъытэр.

Ауэ икIи, цIыхуу щытми, *къэпсалъэ* цIыху *нэрыбгэм пыщIэныгъэ зыхуимы*Iэхэри зэрылъытэр мы *адрей щыIэхэм хуэдэу* адрей лIэужьыгъуэущи, "объектив" лIэужьыгъуэу *"объектив щхьэ цIэпапщIэ"*кIэрэщ (ар, ахэр) зэрылъытэр.

Мы жытIахэм гурыIуэгъуэ къытхуащIыр мыращ: *псэлъэбзэ лэжьэкIэр къэпсалъэ цIыхум елъытащи*, псэлъэбзэкIэ зэгурыIуэ *цIыхур* – къэпсалъэ цIыхум зэпыщIэныгъэ зэрызыхуиIэ щIыкIэми елъытауэ- *къэпсалъэ цIыхум и субъективыгъэм ихьэфынщ*. Ауэ, *цIыхум нэмыщI* щыIэгъуэ зиIэхэр сыт хуэдизу зы цIыхум пэгъунэгъууи щырет, *къэпсалъэ цIыхум и субъективыгъэм хэхьэфынкъым*, - хиубыдэнкым. ЦIыхум нэмыщIыр а зэрыщыткIэрэ щхьэжу зэрылъытапхъэ цIэпапщIэхэр фIэкIыпIэ имыIэу "ар, ахэр"щ.

Псэлъэбзэр зыхуэухуарэ зезыхьэ цIыхур зэрыпсалъэрэ къызэриIуатэ щIыкIэри –зэрыгурыIуэгъуэу- къипсэлъынурэ къиIуэтэнухэр езым зэрилъытэ щIыкIэущ. Аращи, *цIыхур псэлъэбзэм и субъект*у зэрыщыткIэрэ дэтхэнэ зы цIыхур къэпсалъэ субъектым и субъективыгъэу зэрылъытэфынур гурыIуэгъуэщи, цIыхум хуэIуа псэлъэбзэмкIэ цIыхум цIыхур зэрилъытэрэ къызэриIуатэмрэ, адрей щыIэгъуэ зиIэхэр зэрилъытэрэ къызэриIуатэхэр зэрызэхуэмыдэнур гурыIуэгъуэщ. Дэтхэнэ зы цIыхур псэлъэбзэр зезыхьэ цIыхум и субъективыгъэм итущ нэхъыбэу зэрилъытэр, ауэ адрей щыIэгъуэхэр цIыху суебъективыгъэу лъытэнрэ къэIуэтэныр мыхъуныгъэрщ. Аращи, *къэпсалъэ цIыхур* бзэр зезыхьэрэ къэзыIуатэрщи, илъытэр зэрилъытэр къыхунэсыр къызэрыхунэс щIыкIэу "*сэ*"уэщ зэрылъытэр.

НытIэ, псэлъэбзэр –нэхъ игъуэуи глаголхэр- зэрылажьэу къэхъурэ гъэзащIэу хъуар "сэ"м къызэрыхунэсрэ зэрилъытэущ къызэрыIуатэри, "сэ"р зыхэтрэ "сэ"м и субъективыгъэм ит нэрыбгэхэм теухуауэ къэхъурэ гъэзащIэхэмрэ, "сэ"м пыщIэныгъэ зыхуимыIэрэ и субъективыгъэм имытхэм теухуауэ къэхъурэ гъэзащIэхэр зэщхьэщокIыр. Мы къэхъурэ гъэзащIэр цIыхум теухуауэ жыIэпхъэмэ, *"сэ"м пыщIэныгъэ зиIэ* дэтхэнэ зы *цIыхур "сэ"м елъытарэ и субъективыгъэм хиубыдэущ зэрылъытэнури*, *"сэ"*р зыхэмытрэ *зэпыщIэныгъэ зыхуимыIэ цIыхури "сэ"м* и *субъективыгъэм имыт*рэ *"объектив"*у зэрилъытэнури гурыIуэгъуэнщ.

Мы жытIахэм къызэрыхэщу, "сэ"м и "субъективыгъэ"м итхэр езы "сэ"мрэ "сэ"р зыхэт гупыр икIи "сэ"м зэпыщIэныгъэ зыхуиIэхэращи,

*"сэ"*мрэ "сэ"р *зыхэт гуп*ыр (*дэ*) *япэрей субъект*хэущ "сэ"м зэрелъытарэ икIи зэрилъытэр. Ауэ, *"сэ"р зыхэмытрэ "сэ"м зэпыщIэныгъэ зыхуиIэхэр*и - "сэ"м и субъективыгъэм зэритклэрэ- *етIуанэ субъект*хэущ (уэ, фэ) "сэ"м зэрелъытарэ зэрилъытэр:

| |
|---|
| - «сэ, дэ ("сэ"р зыхэт гуп)»; |
| - «уэ ("сэ"м пыщIа - и пышэгъу - и ужьыгъуэ), фэ ("уэ"р зыхэт гуп)». |

Мы жытIахэм аргуэру пыщапхъэмэ, псэлъэбзэр зыгъэлажьэу сытри *зылъытэ*рэ *къэпсалъэр "сэ"*ращи, дэтхэнэ зы глагол лэжьэкIэм субъект хуэхъур -икIи глагол лэжьэкIэм "субъект"ым нэмыщIыу хиубыдэр-зэлъытарэ зылъытэр "сэ"ращ. Аращи, *"сэ"р зыхэту зи гугъу ищI гуп*ыр зэрылъытэр *"дэ"*щ; *"сэ"р зэпсалъэ щхьэж нэрыбгэ*р зэрылъытэр *"уэ"*щи, *"уэ"ри зыхэту "сэ"р зэпсалъэ гуп*ри зэрылъытэр *"фэ"*щ. Мыхэр "сэ"р зыхэтрэ зэпсалъэу, *"сэ"м и "субъективыгъэ"*м хиубыдэ *нэрыбгэ*хэр зэрылъытэ *цIэпапщIэ*хэращ.

Ауэ, бзэр зезыхьэ цIыхум дэтхэнэ зы цIыхур езым и субъективыгъэм зэритклэрэ зэрилъытэфынур жытIагъащи, мыпхуэдэу щимылъытэну щIыклэхэри нэхъ гурыIуэгъуэ зыхуэтщIынщ. Мыр икIи ипэкIэ "сэ"м и субъективыгъэм итхэм теухуауэ жытIахэм къызэрыхэщри гурыIуэгъуэщ. Аращи тIэ, "сэ"р зыхэмытрэ зэпыщIэныгъэ зимыIэ цIыхухэри "субъект" лIэужьыгъухэу "сэ"м зэрилъытэнур гурыIуэгъуэнщи, апхуэдэхэр "сэ"м елъытауэ щхьэхуэрэ "объектив"ущ зэрилъытэр. НытIэ, *"сэ"р зыхэмытрэ зэмыпсалъэу зи гугъу ищI щхьэж нэрыбгэр а зэрыщытрэ езырыжу "сэ"м зэрилъытауэ зэрилъытэр "ар"*уэщ; *мыпхуэдэ* зы *гуп*ри *"ахэр"*уэщи, "сэ"м зэпыщIэныгъэ зыхуимыIэу а зэрыщытрэ зэрыезырыжкIэрэ и гугъу зэрищIкIэрэ илъытэ мы нэрыбгэхэри (щхьэж е гуп) *"сэ"м дежкIэ "объективыгъэ"* зиIэ *"щхьэ цIэпапщIэ"*хэмкIэрэ зэрилъытэр гурыIуэгъуэщ. Мыхэр цIыхуу зэрыщытым папщIэ, глаголхэм "субъект" язэрыхуэхъури *"ещанэ субъект"*уэщ зэрылъытапхъэр.

НытIэ, мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, "сэ"м зэпыщIэныгъэ зыхуимыIэ *"цIыху"*хэмрэ цIыхум зэрихьэ псэлъэбзэр къэзымыпсэлъу *"цIыхуу щымыт"*хэр зэхуэдэу *"объектив щхьэ цIэпапщIэ"*кIэ зэрылъытэфыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, "цIыху нэрыбгэ"у "сэ"м зэрыхуэпэжыжьэм елъытауэ "объективыгъэ" зиIэу лъыта нэрыбгэр бзэ лэжьэкIэми "субъект" зэрыхуэхъуфым ипкъ иткIэ, "ещанэ субъект"уи лъытапхъэщ. Ар щхьэ, псэлъэбзэ зыIурымылъу "цIыхуу щымыт"хэр бзэм и субъектхэуи зэрыщымытым папщIэщи, "ещанэ субъект"хэу лъытэныр

игъуащэу къыщlэкlынкъым. Ауэ, цlыхуу щымытхэм зыгуэр къапкъырыкlрэ ягъэзащlэмэ, ахэр мы къапкъырыкlрэ ягъэзащlэм "субъект" язэрыхуэхъум теухуауэ зэрылъытапхъэр "объектив субъект"у лъытэныр игъуэщ.

Цlыхум нэмыщl щыlэгъуэ зиlэхэмрэ "сэ"р зыпымыщlа цlыхухэри "а зэрыщыт"рэ "езырыж"у "объектив щхьэ"уэ зэрытлъытэкlэрэ мы ипэкlэ къэтlуатэхэр "езырыж глагол"хэм я лэжьэкlэрэ "субъект"хэм теухуауэ зэрылъытапхъэхэри мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэнщ. Зэрыжытlауэ, бзэ лэжьэкlэр "сэ"м елъытауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, абы пыщlэныгъэ зыхуимыlэ суетхэр я зэхуэдэу "объектив субъект"хэу – цlыхум хуэlуауи "ещанэ субъект"у- мы зэрылъыта щlыкlэр икlи "езырыж глагол"хэм я "*езырыжыгъэ*"р "*объектив*"у зэрылъытэ зы лъэныкъуэрщ. Аращи, "*езырыж глагол"хэм я "езырыжыгъэ"р къызхэщ цlэпапщlэхэр* "сэ"м пыщlэныгъэ зыхуимыlэрэ и "объективыгъэ"м зэриткlэрэ *я "езырыжыгъэ"р лъытэф*хэу "*ар, ахэр*"щ.

Ауэ, "сэ"р зыхэтрэ зэпсалъэ нэрыбгэхэу "*сэ"м и "субъективыгъэ"м ит "цlыху нэрыбгэ*"хэмрэ "*субъект*"хэм "езырыжыгъэ" къызэрыхэмыщынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу лъыта "*щхьэ цlэпапщlэ"хэмкlэ* глаголыр зэрылажьэ щlыкlэр "*езырыж*"у е "*lуэху*"у зэрыщытыр наlуэрэ объективу зэрымылъытэфынури гурыlуэгъуэщ.

Аргуэру пыщапхъэмэ, псэлъэбзэр зезыхьэрэ къэзыlуатэ нэрыбгэу щыт "*сэ"м зэпыщlэныгъэ хуимыl*эмэ, ар *цlыхуу*и щырет, "сэ"м и субъективыгъэм имытращи, "сэ"м зэрилъытэну щlыкlэр "*объектив*"ущ. Ахэр цlыхуу щытмэ, "сэ"м дежкlэ "ещанэ субъект"хэрщ (зы е куэд): «ар, ахэр». Ауэ, *цlыхуу щымыт дэтхэнэ щыlэр* "сэ"м сыт хуэдизу и гъунэгъуу щырет, "*сэ"м зэрилъытэну щlыкlэр* зэхъуэкlкъым, - "*объектив"ущ.* Мыпхуэдэщ цlыхум дэтхэнэ зы "псэущхьэ"р, "къэкlыгъэ"хэр, "псэ зыlумыт" лlэужьыгъуэхэр, "космикэрэ къэхъу-къэщlыгъуэ"хэр "сэ"м зэрелъытауэ зэрилъытэ щlыкlэри, мыпхуэдэу зэрылъытэри псэлъэбзэр цlыхум зэрыхуэlуаращ зэлъытар. Гурыlуэгъуэщ мыбдежым ди lуэхур "езырыж глагол"хэрауэ зэрыщытрщи, мы зи гугъу тщlыхэр "цlыху"у щырет е "мыцlыху"у щырет, "*сэ"м мыхэр* зы "*субъект"у зэрилъытэ*рэ къызэриlуатэ щlыкlэри я *езырыжыгъ*эрэ *жыжьагъ*эущ; мы жыжьагъэр (а) *а зэрыщытрэ зэрыезырыжу* (р) зэрилъытэкlэрэщ:

| |
|---|
| «ар, ахэр». |

Мы жытӀахэми къызэрыхэщщи, зылъытэрэ къэпсалъэу щыт "сэ"м пыщӀэныгъэ зыхиумыӀэ цӀыхури суету а зэрыщытрэ езырыж щӀыкӀэу "ар, ахэр"у зэрилъытэр гурыӀуэгъуэщ, ауэ дэтхэнэ зы цӀыхур "сэ"р зыхэтыфыну зы гупу (дэ) е "сэ"м пыщӀэныгъэ зыхуиӀэу (уэ, фэ) субъективу зэрылъытэфынури гурыӀуэгъуэнщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, "ар, ахэр"у илъытагъэххэ цӀыхухэр "сэ"м зэпыщӀэныгъэ щиӀэ щыхъум деж, субъектив суетхэу илъытэфынщ; ауэ, адрей щыӀэгъуэхэм "сэ"р сыт хуэдизу гъунэгъу хуэхъуу зэпыщӀэныгъэ зыхуиӀэуи щырет, "сэ"м ахэр зэй субъективу (дэ, уэ, фэ) зэримылъытэфынурэ къызэримыӀуэтэфынур гурыӀуэгъуэщ. Аращи, цӀыхуу щымытхэр (псэущхьэ, къэкӀыгъэ, псэ зыӀумыт, космикэ) "сэ"м и субъективыгъэм зэй зэримыувэфынур гурыӀуэгъуэщи, зэмыпсэлъэфыну щыт мыпхуэдэ щыӀэгъуэ зиӀэхэр а зэрыщытрэ езырыжу цӀыхум ("сэ"м) зэрилъытэнур сытым дежи "объектив"ущ:

«ар, мыр, мор; ахэр, мыхэр, мохэр».

Мы къэтӀуэтахэм къикӀыр гурыӀуэгъуэщ, ауэ икӀи, ипэкӀэ къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, езыри зы псэущхьэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, *псэущхьэхэм теухуауэ* зи гугъу тщӀа *"езырыж глагол" куэдыр* – и нэхъыбэр- *цӀыхуми зэрытеухуар* гурыӀуэгъуэнщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, псэлъэбзэр зезыхьэ псэущхьэу зэрыщыткӀэрэ зылъытэрэ къэзыӀуатэ цӀыхум ("сэ"м) мы глаголхэр *"псэущхьэ"хэм теухуауэ* зэрилъытэнурэ къызэриӀуэтэнур *"объектив"*ущ ("ар, ахэр" суетхэмкӀэрэщ); ауэ, а глагол дыдэхэр (псэущхьэм теухуарэ цӀыхуми теухуа лэжьэкӀэ зиӀэ глаголхэр) *"цӀыху"м теухуауэ "сэ"м "субъектив"*у ("сэ, уэ, дэ, фэ" суетхэмкӀэрэ) къызэриӀуэтэфынур гурыӀуэгъуэщ; ауэ икӀи, "сэ"м зэпыщӀэныгъэ зыхуимыӀэ цӀыхухэри *"объектив"*у -"ещанэ субъект"у- "ар, ахэр"уэ зэрилъытэу къызэриӀуэтэнури гурыӀуэгъуэщ.

Мыбдежым зи гугъу тщӀыр *"езырыж глагол"*хэращи, мы глаголхэми *лъабжьэ* яхуэхъурэ ахэр нэхъыбэу зыхуэигъуэхэри *"космикэу къэхъу-къэщӀыгъуэ"*хэрауэ зэрыщытыр жыӀэпхъэщ. ЦӀыхур езырыжыгъэкӀэ нэхъ мащӀэу лъытапхъэ щыӀэгъуэ зиӀэращи, *"цӀыхум теухуа езырыж глагол"хэр* абы и *"Ӏуэху глагол"хэм елъытауэ нэхъ мащӀ*эу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, *"цӀыхум теухуа езырыж глагол"м* нэхъыбэу адрей щыӀэгъуэхэм теухуа езырыж глаголхэр *лъабжьэ* яэзэры*хуэхъу*ри жыӀэпхъэщи, мыхэр икӀи *"космикэ"рэ "псэущхьэ"м теухуа езырыж глагол*хэрщ. ЩыӀэгъуэ категориекӀэ зэпыщӀарэ

зэкӀэлъхьэужьуи лъытапхъэщ "псэущхьэ"мрэ "цӀыху"ри, "*псэущхьэм теухуа езырыж глагол*"*хэм и нэхъыбэр икӀи* "*цӀыхум теухуа*"уи зэрылэжьэфынур гурыӀуэгъуэрэ игъуэщ. Ауэ, глагол лэжьэкӀэр зытеухуа субъектхэр зэрылъытэ щӀыкӀэр зэрызэщхьэщыкӀри мы ипэкӀэ жытӀагъэххэщ. ИкӀи, "псэущхьэм теухуа езырыж глагол"хэм нэмыщӀ, "псэ зыӀумыт"хэмрэ "къэкӀыгъэ"хэм теухуа "езырыж глагол"хэр цӀыхум теухуауэ лэжьэныр зэрыгугъури къыхэгъэщыпхъэщ.

Дауи, мы къэтӀуэтахэм елъытауэщ икӀи "езырыж глагол"хэр "цӀыху"м, "псэущхьэ"м, "къэкӀыгъэ"м, "къэхъу-къэщӀыгъуэ"м теухуауэ зэрызэщхьэщыкӀри, глаголхэр и кӀуэцӀкӀэ мыпхуэдэу зэрызэщхьэщыкӀми ипэкӀэ къыщедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьагъэххэщ.

## "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ "ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭРЭ ЗЭРЫБАГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

ЩыӀэхэм я щыӀэгъуэрэ щыӀэкӀэр зэрахьым теухуа глагол лӀэужьыгъуэхэу тлъытарэ езыр езырурэ къэхъурэ утыку къихьэхэр зылъытэ глаголхэу зэрыщытым щыгъуазэ дыхуэхъуащ "*езырыж глагол*"хэм. Ауэ, мыпхуэдэу щымытми, зы Ӏуэхугъуэр увыӀэгъуэ зимыӀуэ къекӀуэкӀыу зэрыщыт щӀыкӀэри "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу мэлъытэфри, "Ӏуэху глагол"у щытми, глагол мыхьэнэрэ Ӏуэхугъуэми зэрелъытащи, Ӏуэху гуэрхэр *гъэзащӀэу щыту -лажьэу щыту-* зэрылъытэрэ къызэрыӀуэтапхъэри "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэхэу мэухуэфыр. Аращи, ар *зы "Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэми, *зэ гъэзэщӀэкӀэу зы Ӏуэху утыку къимыхьа*рэ *зи гъэзэщӀэкӀэр иджыри мыуха*уэ *гъэзащӀэу щыт -лажьэу щыт- Ӏуэхур* зэрылъытэрэ *къызэрыӀуатэ щӀыкӀэ*ри зы "*езырыж глагол" лӀэужьыгъуэ*ущ. Мыпхуэдэу зэрылъытэри гулъытапхъэщ: зы Ӏуэхуми, *гъэзащӀэу щыту лъытэн*ыр *мыуха* зы *Ӏуэхугъуэу*, *иджыри къэхъуу щыт*у –къэхъуныгъэ лъагъуэ тету- *лъытэн* хуэдэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, *мы* зи гугъу тщӀа "*езырыж глагол" къэхъукӀэри* "езырыж глагол" лэжьэкӀэ зиӀэу, "езырыж глагол"хэр и кӀуэцӀкӀэ класификацэ зэрыщӀыпхъэу *зы гуп цӀыкӀу*у зэрылъытэфынури жыӀэпхъэнщ. Мы жытӀами аргуэру гурыӀуэгъуэ къызэрытхуищӀщи, ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, "езырыж глагол" гупым и кӀуэцӀкӀэ къыщыхъу

гупхэр зэрыбэгъуэфынум теухуа зы щапхъэуи лъытапхъэщ мыбдежым зи гугъу тщlыр: **"lуэху глагол"** лlэужьыгъуэми, ар **гъэзащlэу щыту** *къызэрыlуатэр* **"езырыж глагол"** лlэужьыгъуэу зэрыухуэр мыпхуэдэ зы щапхъэрщ.

Икlи, "l*уэху глагол" къэ*l*укlэр зэрызэхъуэк*lым елъытащ мы *глагол гуп зэхъуэк*lыныгъэри, *гъэзащ*l*эу щытыр к*l*уэтэгъуэ* лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкlэ, *"ы"к*l*э къэ*l*у* "l*уэху глагол"ыр "э"к*l*э къызэры*l*уу* зэрызэхъуэкlыр а l*уэхугъуэр гъэзащ*l*эу щыту зэрылъытэ*ущ *"езырыж глагол"*у *зэрыухуэр*.

Ауэ икlи къыхэгъэщыпхъэщ *"ы"рэ "э" къэ*l*ук*lэу мы **"lуэху глагол"**рэ **"езырыж глагол" зэхъуэкlыныгъэр лъэныкъуитl**кlи зэрыигъуэри, *"э"к*l*э къэ*l*уу ухуагъэххэ "езырыж глагол"* лlэужьыгъуэ гуэрхэм я къэlкlэри *"ы"к*l*э зэрызэхъуk*l*ыу* "l*уэху глагол"* лlэужьыгъуэу *зэрыухуэж*ынури гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ икlи, *глагол къэхъуныгъэ пэщ*l*эдзэ*у лъытапхъэр *"езырыж глагол"*хэрауэ щыжытlэм деж, **мы зэхъуэкlыныгъэр**и **"езырыж глагол"**хэм **къыщыщlидзэу** -"езырыж глагол"хэм я къэlукlэр "ы"кlэ зэрызэхъуэкlыу "lуэху глагол"у зэрыухуэжым къыщlидзэу-*зэрылъытапх*ъэри жыlэпхъэнщ.

"Езырыж глагол"рэ "lуэху глагол" зэхущытыкlэм теухуауэ щыгъуазэ зыхуэхъупхъэхэм игъуэ щыхъум деж дытелэжьыхьынщ, ауэ мыбдежым мы ипэкlэ "езырыж глагол" гуп цlыкlухэм хиубыдэ глаголхэм щыщу *"lуэху къекlуклыу щыт"*у ухуа *"езырыж глагол"*хэр *къызтехъукla "lуэху глагол"*хэри къыпытщэжу къэдгъэлъэгъуэнщ.

Япэрауи, *зы "lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу щытыр мыухарэ *лажьэу зэрыщыт*ыр зэрылъытэу къызэрыlуатэ щlыкlэм ("езырыж глагол" лlэужьыгъуэу) зы *щапх*ъэкlэрэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"тхын"* *lуэху*гъуэр *къекlуэкlыу зэрыщыт*ыр зэрылъытэ *"тхэн"* глаголыр зы *"езырыж глагол"*у зэрыщытыр:

«тхын (лэжьэкlэ щапхъэ: "уэ ар ботх")» → «тхэн (лэжьэкlэ щапхъэ: уэ уотхэ)».

Мыпхуэдэу "lуэху глагол"ым къытехъукl "езырыж глагол" лlэужьыгъуэхэу ипэкlэ къэта щапхъэхэр – я лэжьэкlэ гуэхэри хэтыжу-мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «джын (уэ бодж)» → «джэн (уэ уоджэ)»;
- «усын (уэ боус)» → «усэн (уэ уоусэ)».

*

Зэрыухуа макъхэм елъытауэ псалъэхэм зэмылӀэужьыгъуэ мыхьэнэрэ еджэкӀэ зэраӀэм хуэдэщи, глаголхэм зэмылӀэужьыгъуэ лэжьэкӀэ зэраӀэфри адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытращ зэлъытарэ зытеухуар. Аращи, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа глагол лэжьэкӀэ зэщхьэщыкӀынигъэрэ зэпыщӀэныгъэм нэмыщӀ, *зы глаголым лэжьэкӀитӀ зэриӀэф*ынури гурыӀуэгъуэнщи, псалъэм папщӀэ, мыбдежым зи гугъу тщӀы ″езырыж глагол″хэм щыщ гуэрхэм –макъыбзэ псалъэ зэпкъырыувэкӀэм ипкъ зэриткӀэ- икӀи ″Ӏуэху глагол″ лӀэужьыгъуэуи зэреджапхъэрэ зэрылажьэри гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, мыбдежым зи гугъу тщӀы ″*езырыж глагол*″хэм теухуауэ ипэкӀэ къэтхьа щапхъэхэм щыщ *гуэрхэр икӀи* ″*Ӏуэху глагол*″ лӀэужьыгъуэуи зэрыщытыр зэрылъытапхъэри къыхэгъэщыпхъэщ. Ауэ икӀи, ″*Ӏуэху глагол*″хэр *нэхъ зыхуэигъуэ*рэ *зыхуэӀуар цӀыху*рауэ зэрыщытынури къыхэгъэщыпхъэщ. НытӀэ, мы ипэкӀэ ″**езырыж глагол**″хэм теухуа щапхъэу къэтхьахэм щыщ гуэрхэр икӀи -ар дыдэу- ″**Ӏуэху глагол**″уи *еджапхъ*эхэрщи, мыпхуэдэу **лэжьэкӀитӀ** (″*езырыж глагол*″*рэ* ″*Ӏуэху глагол*″ лэжьэкӀэу) зиӀэ **глагол**хэр зэкӀэлъхьэужьу къэдгъэлъэгъуэнщ; *икӀи зэмылӀэужьыгъуэ мыхьэнэ*и зиӀэхэм теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ:

- «къутэн (ар мэкъутэ; абы екъутэ)»;
- «зэхэщэщэн (ар зэхощащэ, абы зэхещащэ)»;
- «зэпычын (ар зэпоч; абы зэпеч)»;
- «зэхэпщэн (ар зэхопщэ; абы зэхепщэ)»;
- «къыдэжын (удзыр къыдож; уэ укъыдож)»;
- «къыпыхун {мыӀэрысэр (ар) къыпоху; дыгъум (абы) мэл хъушэр (ар) къыпеху}».

*

″Езырыж глагол″хэр езыр езырурэ гъэзащӀэрэ къэхъу-къэщӀыгъуэ лӀэужьыгъуэхэу утыку къихьэхэм теухуауэ глагол къэхъуныгъэ пэщӀэдзэу лъытапхъэщи, мыпхуэдэу зэрыщытым зэрезэгъкӀи, глаголхэр щылъытэрэ утыку къыщихьэм къыщӀидзэу глагол лӀэужьыгъуэу нэхъыбэр ″езырыж глагол″хэрауэ зэрыщытынури гуыӀуэгъуэнщ.

Ауэ, *цӀыхум хуэӀуауэ утыку къихьа*уэ зи гугъу тщӀащ ″*Ӏуэху глагол*″хэми, **цӀыхум Ӏуэху игъэзащӀэу зэрыщӀидза**рэ мыхэри глагол лӀэужьыгъуэу щылъитар ″езырыж глагол″хэмкӀэ илъытахэм елъытауэ иужьыӀуэкӀэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, *цӀыхум Ӏуэху*

*игъэзащ*Iэу *зэрыщIидзэм* къыкIэлъыкIуэу зэрылъытэм **къытехъукIа**щ **"Iуэху глагол"**хэри, цIыухм игъэзащIэ **Iуэху**хэр **зэрыбагъуэм дэщIыгъуу багъуэ**у зэрыщIидзари гурыIуэгъуэнти, "I*уэху глагол*"хэр - "*езырыж глагол*"хэм *елъытауэ*- **нэхъ бэгъуэнығъэ** *зыгъуэтыфыну глагол л*Iэу*жьыгъуэ*хэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Аращи, мы лэжьыгъэм и пэщIэдзэхэм глагол къэхъуныгъэр зи лъабжьэу макъхэр занщIэу "*макъ глагол*"у зэрыухуэхэмрэ *глаголыпхъэ гуэрхэм макъ гуэр*хэр *къазэрыпыхьэу* утыку къихьэ глагол лIэужьыгъуэхэу *зэрыухуагъэххэу "макъыбэ глагол"*у къэдгъэлъэгъуауэ щытахэм "*езырыж глагол"хэр нэхъыб*эу яхэту щытами, **"Iуэху глагол"**хэр *к*I*уэ пэтрэ* **бзэм нэхъыбэ зэрыхэхъухь**ыр гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, мы псэлъащхьэм щIэджыкIыпхъэу мы къэтIуэтахэм къыпыщапхъэхэр мащIэкъым. ИкIи, "езырыж глагол"хэр "Iуэху глагол"у зэрылэжьэфыу мы ипэкIэ зи гугъу тщIахэм и пхэнджри -"I*уэху глагол"хэр "езырыж галгол"у зэрылэжьэф*ри- адыгэбзэм и лэжьэкIэм къыщохъуфри, ипэкIэ мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуагъэххэщ.

Дауи, ипэкIэ къызэрыхэдгъэща щIыкIэу, "езырыж глагол"хэм елъытауэ "Iуэху глагол"хэм нэхъ бэгъуэныгъэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, мыбыи къыщымынэу, *дэтхэнэ зы* **"езырыж глагол"**ыр **"гъэ"кIэ**рэ *занщ*I*эу* **"Iуэху глагол"у мэухуэф**ри, мыбы *и пхэнджыр къызэрымыхъ*ури гурыIуэгъуэщ.

Аращи, **"Iуэху глагол"**хэр **"езырыж глагол"**хэм я **бэгъуэныгъэм** *а нэхъ мащ*I*эу* **хуэдиткIэ щхьэщыкIы**у **зэрыбэгъуэф**ынури наIуэщ.

## ЕТХУАНЭ ӀЫХЬЭ

# КЪЫЗПКЪЫРЫКӀРЭ КЪЭЗЛЭЖЬЫМ ТЕУХУА ЛЭЖЬЭКӀЭУ ГЛАГОЛ КЛАСИФИКАЦЭМ КЪЫПЫЩАПХЪЭХЭР:

## - ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭР

## - ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭР

| ЕТХУАНЭ ӀЫХЬЭМ ХИУБЫДЭХЭР<br>-ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭУ- | ТХЫЛЪ.<br>Н.КӀУЭЦӀ |
|---|---|
| **″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭР** | **533** |
| - ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 533 |
| - ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭ ЛЪАГЪУЭРЭ ЛЪАБЖЬЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 535 |
| - ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 548 |
| - ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭР ″ГЪЭ″КӀЭРЭ ЩЫУХУЭМ НОРМАЛ ″ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ МЭХЪУХЭР | 565 |
| **″СТАТЯ ЗЫЛЪЫТЭРЭ КЪЭЗЫГЪЭЛЪУАГЪУЭ ГЛАГОЛ″ХЭР -″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭР-** | **567** |
| - ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 567 |
| - ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 571 |
| - ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ Я КЪЭХЪУНЫГЪЭМ ТЕУХУАУЭ АРГУЭРУ КЪЫПЫЩАПХЪЭ ГУЭРХЭР | 589 |
| - ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭР ГЪЭ″КӀЭРЭ -″ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″У-ЩЫУХУЭЖКӀЭ Я ″СТАТЯ″ ЛЭЖЬЭКӀЭР МЭКӀУЭДЫР | 599 |

## КЪЭЗЛЭЖЬЫМ ТЕУХУЭЖРЭ И ЩХЬЭМ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУГЪУЭХЭР ЗЫЛЪЫТЭ ГЛАГОЛХЭР: "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР

### "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Ипэкӏэ глаголхэр "*ерызыж глагол*"рэ "*ӏуэху глагол*"у *гупитӏ*у зэрызэщхьэщыкӏым щыгъуазэ дыхуэхъуащи, адыгэбзэм хиубыдэ *дэтхэнэ зы глаголыр* япэрауэ мы *гупитӏым зым щыщ*у зэрыщытри жытӏагъащ. Икӏи, мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъуну "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол" гуэрхэри къызытехъукӏар "езырыж глагол"рэ "ӏуэху глагол"у дауи щырет, мы "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол*"хэр икӏи "*ӏуэху глагол*" лӏэужьыгъуэу зэрыщытми щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

Нытӏэ, мыбдежым зи гугъу тщӏыну глаголхэр ипэкӏэ зэрытлъытами къызэрыхэщрэ икӏи я мыхьэнэми ипкъ зэриткӏэ, "*къэзлэжьым телэжьыхь*" лэжьэкӏэ зиӏэхэрщи, зы *лэжьыгъэ*у мы зэрытлъытам гурыӏуэгъуэ къызэрытхиущӏкӏэ, мы глаголхэр "*ӏуэху глагол*" лӏэужьыгъуэхэрщ. Икӏи, "ӏуэху глагол" лӏэужьыгъуэу лъытапхъэми, мы къызэрытӏуэта и лэжьэкӏэмкӏи "глагол" жыхуэтӏэу мыбы нэгъуэнэ зи гугъу тщӏахэм къащхьэщыкӏ глагол лэжьэкӏэ зиӏэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэнщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, "*ӏуэху глагол*" жыхуэтӏэр *нормалу къэзлэжь*рэ *килэжь*ыр зэрылъытэу а нэхъ мащӏэу *щхьитӏ* зыхэзыубыдэ лэжьэкӏэ зиӏэ глаголхэрщ; икӏи, "*ӏуэху глагол*" гуэрхэри *къэзлэжь*ым *къилэжьыр* зытеухуэрэ *зытелэжьыхь*у –зытелэжьыхьыр зэрылъытэу- *аргуэру зы* "*щхьэ*" къызыхэхьэжу "*щхьищ*"и зыхэзыубыдэфу зэрыщытхэри гурыӏуэгъуэщ. Ауэ, *къэзлэжь*рэ *зытелэжьыхь*ыр *зэхуэмыдэ* "*щхьэ*"*хэрщ нормал* "*ӏуэху глагол*" лэжьэкӏэри, мыбдежым зи гугъу тщӏыр *къэзлэжьым езым телэжьыхьыж* "*ӏуэху глагол*" лӏэужьыгъуэрщ: *къэзлэжь*рэ *зытелэжьыхь*ыр *зэхуэдэ* "*щхьэ*"уэ щыт глаголхэрщ.

Мы зэрытлъыта щӏыкӏэми къызэрыхэщщи, къэзлэжь щхьэм езым телэжьыхьыж мы глаголхэр *нормал* зы *глагол лэжьэкӏэм хиубыд*эу зи

гугъу тщӀа *щхьэхэм ипӀэкӀэ "къэзлэжьрэ зытеухуэ"*р *зы*уэ зэрылъыта лэжьэкӀэ зиӀэ глаголхэрщ. Мы глаголхэр "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрыщытри жытӀагъащи, нытӀэ, абыхэм *къазэрыщхьэщык*Ӏым икӀэ нэгъунэ *щыгъуазэ хуэхъун папщ*Ӏэ, я *нормал глагол лэжьэк*Ӏ*эхэми* икӀэ нэгъунэ *щыгъуазэ ухуэхъуауэ щытын хуейщи*, мыбы щыгъуазэ дыщыхуэхъунури иужькӀэ *глагол гупхэмрэ я лэжьэк*Ӏэхэм теухуа лэжьыгъэ Ӏыхьэм дежращ.

Мы къэтӀуэтахэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, "**къэзлэжьым телэжьыхьыж**рэ **теухуэж**"у зэрыщыткӀэрэ "нормал "Ӏ*уэху глагол*"хэм къащхьэщыкӀ лэжьэкӀэ зиӀэхэрщ мыбдежым зи гугъу тщӀы "глагол"хэри, *нормал глаголхэм къатехъук*Ӏарэ *я лэжьэк*Ӏ*эми къащхьэщык*Ӏыу щыт мы глаголхэр зы "*глагол гуп*"у "*къэзлэжьым телэжьыхьыжрэ щхьэм къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэхугъуэ*"хэу, "**щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэхугъуэ зэрылъытэ глагол**"хэу, *к*Ӏ*эщ*Ӏ*ыу жып*Ӏ*эмэ* "**щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол**"у лъытапхъэхэрщ.

Мы зи гугъу тщӀы глагол гупыр мыпхуэдэу тлъыта нэужь, ипэкӀэ къэтӀуэтахэм къыпыщапхъэмэ, мы "*щхьэм къырик*Ӏ*уэрэ теухуэж* Ӏ*уэху глагол*"у тлъытахэр къызпкъырыкӀрэ зытеухуэжыр зэхуэдэ "щхьэ"у *зэрыщытым папщ*Ӏ*э*, "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"*м зыгъэзащ*Ӏэ "*щхьэ*"*р ик*Ӏ*и зи щхьэ къырик*Ӏ*уэ* "*щхьэ*"уэ къызэрыхэщынур гурыӀуэгъуэщи, "Ӏ*уэху глагол*"*хэмрэ ик*Ӏ*и* "*езырыж глагол*"*хэм я лэжьэк*Ӏэхэр *зыхэзыубыдэ* зы *зэпкъырыувэк*Ӏэ *зи*Ӏэ *псалъэ* лӀэужьыгъуэу утыку къызэрихьэнур жыӀэпхъэщ. Аращи, "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"м и *зэпкъырыувэк*Ӏэр "Ӏ*уэху глагол*" лэжьэкӀэ лӀэужьыгъуэ зэрыхэплъагъуэм *хуэдэжу* икӀи "*езырыж глагол*" лӀэужьыгъуэ *лъэныкъуэ къызэрыхэщ*ынури жыӀэпхъэнщ.

Мыпхуэдэу гъэзэщӀэну зы Ӏуэхугъуэри **игъуэ "кондицэ"** гуэрхэм елъытауэ зэрыгъэзэщӀапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, "**щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол**"хэр нормал глаголу *инфинитиву* зэрызэпкъырыува щӀыкӀэкӀэ "**префиксиал глагол**"хэрщ (пп: "**гуры**Ӏуэн, **щы**ун, **хуэ**хъун, **фӀэ**щӀын").

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, дэтхэнэ зы *гуп*ым хиубыдэ *глагол*хэр икӀи *нэгъуэщ*Ӏ класификацэм елъытауэ нэгъуэщӀ "*глагол гуп*"хэми хиубыдэфу щытынщи, мы зи гугъу тщӀы гупым хиубыдэ глаголхэри зэмылӀэжьыгъуэ класфикацэхэм елъытауэ зэмылӀэужьыгъуэ *глагол гуп*хэми зэрыхиубыдэфынур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мы "*щхьэм*

*хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏуэ Ӏ*уэху глагол*"хэр икӀи "Ӏ*уэху глагол*" *л*Ӏ*эуэьыгъуэу* лъытапхъэщ; ауэ, къызытехъукӀахэр "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"хэр *къызтехъукӀа*р "*езырыж глагол*" *л*Ӏ*эужьыгъуэ*хэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, "*езырыж глагол*"*хэм я зы лэжьэк*Ӏэрщ; аращи, *мы гупым хиубыдэ глагол*хэм (пп: "щыун: сыщоу") ахэр къызтехъукӀа *нормал глагол лэжьэкӀи* -"*езырыж глагол*" *лэжьэкӀи-зэраӀэхх*эр (пп: "щыун: "сыщоу; щызоу") гурыӀуэгъуэнщ.

Мы жытӀахэми зэрезэгъщи, "Ӏ*уэху глагол*" *л*Ӏ*эужьыгъуэу* зэрылъытапхъэрэ икӀи *къызытехъук*Ӏ*а* глагол лӀэужьыгъуэхэри "*езырыж глагол*"хэу зэрыщытым зэрызэгъкӀэ, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэр мы *лъэныкъуит*Ӏ*ри зыхэзыубыдэ лэжьэк*Ӏэ зиӀэхэрщ. Аращи, "*езырыж глагол*"рэ "Ӏ*уэху глагол*" *лъэныкъуит*Ӏри зыхэзыубыдэ лэжьэкӀэ зиӀэрщ "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэри, нытӀэ, *езым хуэ*Ӏ*уа лэжьэк*Ӏэрэ *зэпкъырыувэк*Ӏэ зиӀэу *щхьэхуэрэ щхьэжу* зы "*глагол гуп*"у зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ.

## "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭ ЛЪАГЪУЭРЭ ЛЪАБЖЬЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Дэтхэнэ зы глаголыр "Ӏуэху" е "езырыж" лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэр "Ӏ*уэху*" *л*Ӏ*эужьыгъуэу* зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, я "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэр зэрыухуарэ хиубыдэ "*щхьэ ц*Ӏ*эпапщ*Ӏ*э гъэлъагъуэ*"хэр *зэрыхиубыдэ щ*Ӏ*ык*Ӏэхэмрэ, псалъэухыгъэу *къызэры*Ӏ*уат*эм хиубыдэ *щхьэ ц*Ӏ*эпапщ*Ӏэхэм ущеплъым деж, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэр "*езырыж*"*рэ* "Ӏ*уэху*" лӀэужьыгъуэ *лъэныкъуит*Ӏри *зыхэзыубыдэ* лэжьэкӀэ зиӀэхэрщи, икӀи "Ӏ*уэху глагол*" *лэжьэк*Ӏ*эм* хуэдэжу "*езырыж глагол*" *лэжьэк*Ӏ*эми щхьэщык*Ӏыныгъэ зыхуиӀэ лэжьэкӀэрщ. НытӀэ, мыри *къызэрыхъуа щ*Ӏ*ык*Ӏ*эм теухуа*уэ лъытапхъэнщи, илъабжьэм мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу тежыӀэпхъэхэр къыщыхэдгъэщынщ.

Япэрауэ, езым *и щы*Ӏ*эгъуэр адрей псэущхьэ*хэмрэ *псэ зы*Ӏ*ут* дэтхэнэ гуэрым –икӀи *псэ зы*Ӏ*умыт*рэ *къэхъу-къэщ*Ӏ*ыгъуэ*хэм- я *щы*Ӏ*эгъуэхэм къыщхьэщык*Ӏыу елъытэр *ц*Ӏ*ыху*ми, *езым нэмыщ*Ӏ щыӀэгъуэ зиӀэхэр зэрыщыту *къэхъу-къэщ*Ӏ*ыгъуэрэ натурэм щыщу* мы *зэрилъыт*эм ипкъ

зэриткӀэ, *абыхэм* теухуауэ "*щхьэм къырикӀуэ*" Ӏуэхугъуэ зэр*имылъыт*эр мы "глагол гуп"ми наӀуэ къещӀыр.

НытӀэ, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"ыр щхьэхуэу зы глагол гупу *зэрылъыта*рэ утыку къызэрихьам *лъабжьэ* хуэхъур *цӀыхум* мы *зызэрилъытэращ* зытеухуари, мыбы теухуауэ жыӀэпхъэ гуэрхэр къыпытщэнщ.

Аращи, *натуралрэ* **къэхъу-къэщӀыгъуэ** лӀэужьыгъуэу *зыпэмыплъэу къэхъурэ езы* **цӀыху**ми **теухуэу** ауэ *и* Ӏэ *имылъ*рэ **къыпыщӀэхуэ**у утыку къихьэр *езы цӀыхум и* "**щхьэм къырикӀуэ**" Ӏуэхугъуэущ цӀыхум зэрилъытэр. Аргуэру жыӀэпхъэмэ, *къэхъу-къэщӀыгъуэ* лӀэужьыгъуэу утыку къихьэхэр езыр езырурэ къэхъу лӀэужьыгъуэхэу -"*езырыж глагол*" лӀэужьыгъуэхэу- *пэмыплъэххэ*у –икӀи и Ӏэ *имылъу- цӀыхум къыпыщӀэхуэ*у утыу къихьэрэ *езы цӀыху*ми *теухуэ*хэр цӀыхум езым *и щхьэм къырикӀуэ Ӏуэхугъуэ*у зэрилъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщ.

ГурыӀуэгъуэщ мыпхуэдэ "*езырыж глагол*"хэм я лэжьэкӀэми "*субъект*" яӀэу зэрылъытэр; ауэ, мы "субъект"кӀэрэ лъытэ **мы езырыж къэхъуныгъэ** *дыдэр цӀыхум* **езыми теухуэу** щыщытым деж, езы **цӀыхум** елъытауэ **къызэриӀуэтэнур**и **езыр мы къэхъуныгъэм "субъект" зэрыхуэхъу** щӀыкӀэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. – *Мы "езырыж глагол"ри цӀыхум теухуэ*у зэрылъытэу *игъуэ "префикс"* зиӀэу ухуа зы "*езырыж префиксиал глагол*"у зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ. Аращи, "*езырыж префиксиал глагол" лэжьэкӀэу цӀыхум* хуэунэтӀарэ *теухуэ* –**зи "дополненэ"р цӀыху**у щыт- къэӀуэтэкӀэр мыр *зытеухуэ цӀыху лъэныкъуэкӀэ* -"**дополненэ" лъэныкъуэкӀэ- къызэрыӀуэтэж**ыр а *цӀыхум и щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху* лӀэужьыгъуэущ зэрылъытэур. Аргуэру жыӀэпхъэмэ, *зи "дополненэ"р цӀыху* нэрыбгэу щыт "*езырыж префиксиал глагол" лэжьэкӀэр* мы "*дополненэ" лъэныкъуэкӀэ* –**цӀыху**р зи "**субъект**"у-**къызэрыӀуэтэж**ыр цӀыхум и "**щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху**" *лэжьэкӀэрщ*.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, мы "*езырыж префиксиал глагол" лэжьэкӀэм* цӀыху лӀэужьыгъуэ "*дополненэ*" зыхи*убыдэу къызэрыӀуэтэф*ынур гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, мы *къэхъу-къэщӀыгъуэу цӀыхум теухуэр* псэлъэбзэр зезыхьэрэ зыхуэӀуа *цӀыхум езым и лъэныкъуэкӀэ къызэриӀуэтапхъэ*ри гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ къэӀуэтэкӀэращ "*щхьэм къырикӀуэ Ӏуэхугъуэ" къэӀуэтэкӀэ*рэ *глагол лэжьэкӀэ*у зэрылъытэр. Аращи, *къэхъу-къэщӀыгъуэ* лӀэужьыгъуэу утыку къихьэрэ икӀи *псэ зыӀутрэ адрей псэущхьэхэм къапкъырык*Ӏрэ

къалэжьу *цӀыхуми теухуэ*у щыт –дополненэу цӀыху зыхэзыубыдэ- *глагол лэжьэк*Ӏэхэр бзэр зыхуэӀуа езы *цӀыху лъэныкъуэмк*Ӏэ къыщыӀуэтэжращ *"щхьэм къырикӀуэ* Ӏ*уэхугъуэ"*у лъытапхъэу мыбдежым зи гугъу тщӀы глагол лэжьэкӀэр.

Ауэ, мы *"езырыж префиксиал глагол"* лэжьэкӀэр *цӀыху*м *нэмыщ*Ӏ щыӀэгъуэ зиӀэ *гуэрым теухуэу* –и *"дополненэ"р цӀыхуу щымыту*-щылажьэм деж, ар а *зытеухуэ* щыӀэгъуэ зиӀэ *гуэр лъэныкъуэмк*Ӏэ –цӀыхуу щымыт мы "дополненэ" лъэныкъуэмкӀэ- *къэӀуэтэн хуейуэ щыткъыми*, - *бзэр зезыхьэ цӀыхум* зэрилъытэрэ *бзэр* мы *зэригъэлажьэ* щӀыкӀэм елъытащи- **цӀыхум нэмыщӀ** щыӀэгъуэ зиӀэхэм я **щхьэм къырикӀуэ** Ӏ*уэхугъуэ къэхъурэ щыӀэ*у **лъытапхъэкъым**.

НытӀэ, *къэхъу-къэщӀыгъуэ*рэ *псэ зыӀут* е *псэущхьэ*у щырет, *цӀыхум езым нэмыщ*Ӏ *щыӀэгъуэ зиӀэхэм къапкъырык*Ӏрэ *утыку къихьэ*хэр *зэрылъытэ глагол*хэр *цӀыхум теухуэуи щылажьэм* деж, мыр *цӀыху лъэныкъуэк*Ӏэ *къэӀуэтэныр нэхъ игъуэ*у елъытэр езы цӀыхуми, *адрей щыӀэгъуэ зиӀэхэм елъытауэ "субъект"* хъуныр нэхъ *зыхуэфащэу зелъыт*эр езы *цӀыхум*. **ЦӀыхур** *адрей щыӀэгъуэ зиӀэхэм елъытауэ* **нэхъ "субъект"**щ, *"субъект"ыгъэ* **зыхуэигъуэ**рщ!

*

Мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэмкӀэ гурыӀуэгъуэщ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"хэр утыку къихьэным лъабжьэ хуэхъуар бзэр зезыхьэ цӀыхум езым зызэрилъытэрауэ зэрыщытыр. Ауэ, иужькӀэу лъытапхъэщи, бзэ лэжьэкӀэхэу *цӀыху*м *нэмыщ*Ӏ -*нэхъыбэуи псэущхьэ*м теухуауэ- *щыӀэгъуэ зиӀэхэр* -мащӀэми- *"субъект" зыхуэхъу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ* Ӏ*уэху глагол" лэжьэк*Ӏэ *гуэрхэр бзэм щызек*Ӏ*уэу щ*Ӏ*идза*уи лъытапхъэщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, мыпхуэдэ лэжьэкӀэ зыгъуэтыфыну глаголхэр *"езырыж глагол"*хэрщи, абыхэм игъуэ *"префикс"* зэрагъуэткӀэрэщ мы *"дополненэ" и*Ӏэу *лэжьэк*Ӏэ зэрагъуэтынур. ИпэкӀи зэрыжытӀауэ, мы глаголри и дополненэ лъэныкъуэкӀэ къызэрыӀуэтэжыр *"щхьэм къырикӀуэ"* Ӏ*уэхугъуэу лъытэн папщ*Ӏэ, мы *"дополненэ"ри цӀыху зылъыт*эу щытын зэрыхуейри гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, *мыпхуэдэ "дополненэ" зэрылъытэну "префикс"*хэри *"езырыж глагол"* лӀэужьыгъуэ *къэхъуныгъ*эр икӀи нэгъуэщӀым *хуэунэт*Ӏрэ *теухуэ*у зылъытэфынухэрщи, **"хуэ"**р занщӀэу *мыпхуэдэ мыхьэнэ* зиӀэ *"префикс"*щ; **"фӀэ"**ри нэгъуэщӀ

гуэрым *имыщӀэххэу хуилэжьыныр* зэрылъытапхъэ "*префикс*"щи, мыри мыпхуэдэ "дополненэ" зэрылъытэфынурщ.

Ауэ, и мыхьэнэр игъуэрэ мыпхуэдэ лэжьэкӀэ къызытехъукӀ глаголым мыпхуэдэ и лэжьэкӀэр "щхьэм къырикӀуэ ӀуэхугъуэА" лэжьэкӀэрэ къэӀуэтэкӀэми, бзэм *мыпхуэдэ лэжьэкӀэхэр хроникэ* зэрыхъукӀэрэ мыпхуэдэ лэжьэкӀэхэр -мы къызэрытӀуэта щӀыкӀэу- *щхьэхуэу зы "глагол гуп" лъытэн*ым *лъабжьэ*рэ *лъагъуэ* хуэхъуауи лъытапхъэщ. Аращи, *иужькӀэ бзэм "щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэу *лъытапхъэ* глаголхэри *къигъэщӀа*уэ лъытапхъэщ.

Мыпхуэдэу "*щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху глагол*" *л*Ӏ*эужьыгъуэ*хэрэ зыхэзыубыдэ зы "*глагол гуп*" *лъыта нэужь*ым икӀи *мы зэрылъытам езэгъ глаголхэри бзэм къигъэщӀ*ыу мы *гупым зэрыхэхьа*м нэмыщӀ, **"субъект"ым** *къыпкъырыкӀыу* езым *теухуэж*рэ **хуэлэжьэж** *Ӏуэхугъуэ*хэри *зылъытэ*у *бзэм* **глаголыщӀэ***хэри къигъэщӀа*щи, мыхэри мы зи гугъу тщӀа лэжьэкӀэ зиӀэу мы "*глагол гуп*"*ым зэрыхэхьа*ри къыхэгъэщыпхъэщ. Мыбы папщӀэщи, *мы* **"глагол гуп"***ыр* **"щхьэм къырикӀуэ"**у зэрыщытым нэмыщӀ, *икӀи* **"щхьэм хуэлэжьэж"**уи лъытапхъэ глаголхэри зыхэзыубыдэрщи, мы "*глагол гуп*"ым **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"** гупу лъытапхъэщ.

*

Мы къэтӀуэтахэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхаущӀщи, *щхьэм къырикӀуэн* Ӏуэхугъуэхэр –зи мыхъуми *нэхъыбэу- цӀыхум теухуа*рэ *хуэӀуа*уэ зэрыщытынур наӀуэщи, глагол "*субъект*"*ым* езым *и щхьэм къырикӀуэ*рэ *зыхуилэжьыж* Ӏуэгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, мыпхуэдэ Ӏуэхугъуэхэр икӀи *нэгъуэщӀ гуэрым "объектив"у къилэжьу зэрыщымыт*ынури гурыӀуэгъуэнщ. Ар щыхъукӀи, езы *цӀыху нэрыбгэ*м – "*субъектив субъект*"ым- *къилэжь* гуэру лъытэнущ мыпхуэдэ *глагол*хэри, нытӀэ, мыпхуэдэр зы *Ӏуэху л*Ӏ*эужьыгъуэ*у щылъытэм деж, мы Ӏуэхур икӀи *езы нэрыгъэми* -"*субъектив субъект*"*ми*- "*объектив*"*у къилэжь*у утыку къыригъэхьэ *зы* *Ӏуэхуу* зэры*щымыт*ынури гурыӀуэгъуэщи, нэгъуэщӀым къыпкъырыкӀыу -нэхъыбэуи *къэхъу-къэщӀыгъуэ* лӀэужьыгъуэу *езырыж*у- утыку къихьэр *цӀыхум теуху*эу щытхэрауэ зэрылъытапхъэри ипэкӀэ къыхэдгъэщагъэххэщ. Мыпхуэдэ щыщыткӀи, мы "*щхьэм къырикӀуэ Ӏуэхугъуэ*"хэр *къызытехъук*Ӏыр "Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэуи зэрыщымытынур гурыӀуэгъуэщи, "глагол" лӀэужьыгъуэу "*езырыж глагол*"хэращ.

Ауэ, глагол гуэрхэр я мыхьэнэхэми елъытауэ мыпхуэдэ лэжьэкӀэ игъуэту бзэм щызекӀуэу щӀидзэрэ мыпхуэдэ лэжьэкӀэри кӀуэ пэтрэ *хроникэ зэрыхъук*Ӏэрэ мы лэжьэкӀэ зиӀэ глаголхэр абы *лъабжьэ хуэхъуа "езырыж глагол"*хэм *нэмыщӀ щхьэхуэ глагол* лӀэужьыгъуэхэу лъытэу *зэрыщӀидз*эрэ езым хуэӀуа *зы "глагол гуп"*у утыку къихьауэ жыӀэпхъэщ *"щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху глагол"* гупыр. Мыпхуэдэ лэжьэкӀэхэр хроникэ хъуарэ езым хуэӀуа зы глагол гупуи зыкъигъэлъагъуэу щӀидза нэужь, мы гупым хуэӀуа лэжьэкӀэ зиӀэу "щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэхэри утыку къызэрихьар –мы "глагол гуп"ым зэрыхэхьар-гурыӀуэгъуэнщ.

*Мыпхуэдэ лэжьэк*Ӏэ зиӀэ мы *глагол*хэри мы *"глагол гуп"ым къыхэхьа нэужь, "субъект"ым езым и "щхьэм къырикӀуэ"* Ӏуэхугъуэхэр зылъытэ глаголхэр *утыку къызэрихьэм нэмыщӀ*, *"субъект"ым езым и "щхьэм хуэлэжьэж"* Ӏуэхугъуэ зылъытэ *глагол къэхъуныгъэ*ми хуэкӀуауэ жыӀэпхъэщи, мыпхуэдэ глаголхэри къызыхэхъукӀа мы "глагол гуп"ыр *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол" гуп*у зэрылъытапхъэри ипэкӀэ къыхэдгъэщагъащ.

Аргуэру пыщапхъэмэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ"*у щытыр глагол *"субъект"ым езым теухуа*уэ зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, *"езырыж глагол" л*Ӏ*эужьыгъуэ*щ. Ауэ, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӀэ *"езырыж глагол"*хэр *нэхъыбэу къэхъу-къэщӀыгъуэ* лӀэужьыгъуэу лъытапхъэщи, икӀи а зэрыщыту *"Ӏуэху глагол" лэжьэк*Ӏ*э зымыгъуэтыфын*у *"езырыж глагол" л*Ӏ*эужьыгъуэ*хэрщ. Е, къэхъу-къэщӀыгъуэ лӀэужьыгъуэу щымытми, *"субъект"ым езым и* Ӏэ *имылъ*у *къэхъуныгъэ*хэр зэрылъытэ *"езырыж глагол"*хэрщ мыхэри, псэущхьэм е цӀыхум теухуа "езырыж глагол"хэу езы глагол *"субъект"ым и щхьэм къырикӀуэ*фыну *къэхъуныгъэ* зи *мыхьэнэ*хэрщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэхэри *"езырыж глагол"* лӀэужьыгъуэ гуэрхэращ зытеухуари, мыпхуэдэхэр *ик*Ӏ*и "Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэи *хуиту* зэры*мылэжьэфын*ур гурыӀуэгъуэнщ.

ИпэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ, мы гурыӀуэгъуэ къытхуэхъуа глагол лӀэужьыгъуэхэр я мыхьэнэхэми зэрелъытакӀэрэ *"езырыж глагол"хэм я зы лэжьэк*Ӏэ лӀэужьыгъуэу утыку къихьауэ лъытапхъэми, мыпхуэдэ лэжьэкӀэ зыгъуэтыну мы *"езырыж глагол"хэр игъуэ кондицэк*Ӏ*э лэжьэну* гъэпсауэ щытын зэрыхуейри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мыпухэдэ мыхьэнэ зиӀэ "езырыж глагол"хэр *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэу лъытэнрэ лэжьэн папщӀэ, абыхэм мыпхуэдэ къалэн

зыгъэзэщӏэну *игъуэ "префикс"* къащтэн зэры*хуейр* гурыӏуэгъуэщи, мы зи гугъу тщӏы "глагол гуп"ыр икӏи -нормал глаголхэм елъытауэ- *"езырыж префиксиал глагол" л*ӏэ*ужьыгъуэ*хэрщ.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *"щхьэм хуэлажьэрэ къырикӏуэ ӏуэхугъуэ"* щыжытӏэм деж, япэрауэ мыбы *лъабжьэ хуэхъур* -я мыхьэнэхэм елъытарэ *игъуэ префикс*кӏи ухуа- *"езырыж префиксиал глагол"* лӏэужьыгъуэхэращ. Ауэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэхугъуэ"*у мы зи гугъу тщӏыр зы *ӏуэху л*ӏ*эужьыгъуэ*у зэрыщытри наӏуэщи, нытӏэ, *зэрыгъэзэщӏэну* щӏыкӏэр зы нормал *"езырыж префиксиал глагол" лэжьэк*ӏэу зэры*щымытыфын*ури гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ икӏи, мыр глагол *"субъект"ым езым и щхьэ ӏуэху*у зэрыщытым ипкъ зэритӏи, ӏупщӏрэ *объективу зы ӏуэху* лӏэужьыгъуэуи *лъытапх*ъэкъыми, зэры*игъуэ*кӏэрэ зы *"ӏуэху глагол" лэжьэк*ӏэ дыдэу *зэрымыгъэзэщ*ӏэынури гурыӏуэгъуэнщ.

Аращи, мыпхуэдэ зы ӏуэхугъуэр *"субъект"ым езым теухуа*уэ зэрыщытым ипкъ иткӏэ, *"езырыж глагол" л*ӏ*эужьыгъуэ*у лъытапхъэнуми, мыр икӏи *"субъект"ым езым къилэжьыж е и щхьэм къырикӏуэ зы ӏуэху*гъуэу зэрыщытым зэрезэгъкӏи зы *"ӏуэху глагол" л*ӏ*эужьыгъуэ* лъэныкъуэ лэжьэкӏи зиӏэн хуейуэ щытыпхъэнщ.

Мыпхуэдэгъэнщ икӏии, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол"* жыхуэтӏэхэр *"езырыж глагол"рэ "ӏуэху глагол" лэжьэкӏит*ӏри зыхэзыубыдэ лэжьэкӏэ *зи*ӏэ *глагол л*ӏ*эужьыгъуэ*у щытын хуеинщ.

**"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол" къэхъуныгъэ лъагъуэм теухуа "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкӏэхэр.**

Къызэрыхъуарэ зи лэжьэкӏэхэми теухуауэ мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къызэрытхуащӏщи, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол"*у бзэм щымылъытэ ипэ, мы глагол лӏэужьыгъуэрэ гуп къэхъуныгъэ лъагъуэми нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дызыхуэхъун щапхъэ гуэрхэри къэгъэлъэгъуапхъэщ. Ауэ икӏи, мы глагол гупым хиубыдэ глагол къэхъуныгъэ лъагъуэр япэрауэ *"щхьэм къырикӏуэ"*р *зэрылъытэ* лэжьэкӏэу зэрыщытри жытӏагъащ. Нытӏэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэуху глагол"* гупым хиубыдэхэм теухуа щапхъэхэр къэдымыхь ипэ, мыбыхэм *лъабжьэ яхуэхъуа* мыпхуэдэ лэжьэкӏэ *щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Нытlэ икlи, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, мыбыхэм теухуауэ мы ипэкlэ къэтlуэтахэм езэгъ мыхьэнэ зиlэ "*езырыж макъ глагол*"хэр къэхъуу утыку къыщихьэм деж, нэгъуэщl гуэрми теухуэрэ хуэунэтlэу зэрылъытэ щапхъэхэм я лэжьэкlэм деплъыну къызэрытпэщытри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мыпхуэдэ зы къэхъуныгъэр нэгъуэщl гуэрми теухуэу лъытэн папщlэ, абы игъуэ "префикс" къищтэн хуейщи, нытlэ, мы "езырыж глагол"хэр зыгуэрым *папщlэ зэрылажьэ*рэ зыгуэрым *фlэлажьэу* щыту зэрылэжьэну "префикс"хэрщ "*ху*"рэ "*фl*" *префикс*хэри, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр "*субъект*"ым езым и *щхьэм къырик*l*уэ*"р зэрылъытэм нэмыщl икlи *и щхьэм хуэлэжьэж*уи лъытапхъэ къэlуэтэкlэрэ лэжьэкlэу лъытапхъэхэрщ. Мы илъабжьэм мыпхуэдэ щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу дыкlэлъыплъыжынщ.

Дэтхэнэ зы lуэхугъуэр нэгъуэщlым хуэкlуэрэ папщlэ къэхъуу зэрыгъэзэщlэфыныр икlи ерыщыгъэрэ лlыгъэкlэ нэгъуэщlым фlэхъурэ зэрыфlэгъэзэщlэфынури гурыlуэгъуэнщ, ауэ, "*щхьэм хуэлэжэжрэ къырик*l*уэ*" лlэужьыгъуэу лъытэну глаголхэр *къэхъу-къэщ*l*ыгъуэ* *л*l*эужьыгъуэ* "*езырыж глагол*"хэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, "*хуэ, ф*l*э*" *префикс*хэр къазыщтэу "щхьэм къырикlуэ" лэжьэкlэ зыгъуэтыну глаголхэри -я мыхьэнэми зэрелъытакlэрэ- мыпхуэдэ "езырыж глагол"хэу щытын хуейщ.

Нытlэ, мы зи гугъу тщlа "*префикс*"хэр зи гугъу тщlа *мыхьэнэ* лlэужьыгъуэ зиlэ "*езырыж макъ глагол*"хэм къащтэу "*езырыж префиксиал глагол*"у ухуэжхэм я *нормал* "*езырыж глагол*" *лэжьэк*lэхэмрэ "*щхьэм хуэлажьэрэ къырик*l*уэ*"у къызэрыlуатэ щlыкlэхэр зыхэзыубыдэу мы илъабжьэм таблицэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| "Езырыж макъ гл." гуэрхэр | "Ху"рэ "фl" префикскlэ зэрыухуэж | Я "езырыж глагол" лэжьэкlэхэр | Субъектым -"щхьэ"м-**хуэ**лэжьэжрэ **фlэ**лажьэ **lуэху"у къызэрыlуатэ** |
|---|---|---|---|
| Ун | **Хуэ**ун<br>**Фlэ**ун | → ар *абы* хуоу<br>→ ар *абы* фlоу | → *абы* ар *хуоу*<br>→ *абы* ар *фlоу* |
| Хъун | **Хуэ**хъун<br>**Фlэ**хъун | → ар *абы* хуохъу<br>→ ар *абы* фlохъу | → *абы* ар *хуохъу*<br>→ *абы* ар *фlохъу* |
| Гъун | **Хуэ**гъун<br>**Фlэ**гъун | → ар *абы* хуогъу<br>→ ар *абы* фlогъу | → *абы* ар *хуогъу*<br>→ *абы* ар *фlогъу* |
| Шын | **Хуэ**шын<br>**Фlэ**шын | → ар *абы* хуош<br>→ ар *абы* фlош | → *абы* ар *хуош*<br>→ *абы* ар *фlош* |
| Лlэн | **Хуэ**лlэн<br>**фlэ**лlэн | → ар *абы* хуолlэ<br>→ ар *абы* фlолlэ | → *абы* ар *хуол*lэ<br>→ *абы* ар *фlол*lэ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Фын | **Хуэ**фын<br>**ФӀэ**фын | → ар <u>*абы*</u> хуоф<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀоф | → *абы* ар *хуоф*<br>→ *абы* ар *фӀоф* |
| ФӀын* | **Хуэ**фӀын*<br>**ФӀэ**фӀын* | → ар <u>*абы*</u> хуофӀ/хуэфӀщ*<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀоф/фӀэфӀщ* | → *абы* ар *хуофӀ/хуэфщ**<br>→ *абы* ар *фӀофӀ/фӀэфӀщ** |
| ПӀын | **Хуэ**пӀын<br>**ФӀэ**пӀын | → ар <u>*абы*</u> хуопӀ<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀопӀ | → *абы* ар *хуоп*Ӏ<br>→ *абы* ар *фӀоп*Ӏ |
| ПкӀып | **Хуэ**пкӀын<br>**ФӀэ**пкӀын | → ар <u>*абы*</u> хуопкӀ<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀопкӀ | → *абы* ар *хуопк*Ӏ<br>→ *абы* ар *фӀопк*Ӏ |
| ТкӀун | **Хуэ**ткӀун<br>**ФӀэ**ткӀун | → ар <u>*абы*</u> хуоткӀу<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀоткӀу | → *абы* ар *хуотк*Ӏ*у*<br>→ *абы* ар *фӀотк*Ӏ*у* |
| Тхъун | **Хуэ**тхъун<br>**ФӀэ**тхъун | → ар <u>*абы*</u> хуотхъу<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀотхъу | → *абы* ар *хуотхъу*<br>→ *абы* ар *фӀотхъу* |
| Плъын | **Хуэ**плъын<br>**ФӀэ**плъын | → ар <u>*абы*</u> хуоплъ<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀоплъ | → *абы* ар *хуоплъ*<br>→ *абы* ар *фӀоплъ* |
| Щтын | **Хуэ**щтын<br>**ФӀэ**щтын | → ар <u>*абы*</u> хуощт<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀощт | → *абы* ар *хуощт*<br>→ *абы* ар *фӀощт* |
| Пщтын | **Хуэ**пщтын<br>**ФӀэ**пщтын | → ар <u>*абы*</u> хуопщт<br>→ ар <u>*абы*</u> фӀопщт | → *абы* ар *хуопщт*<br>→ *абы* ар *фӀопщт* |

**Мы глаголхэм мы я лэжьэкӀитӀыр зэрызэлъытапхъэхэм теухуауэ.**

ИпэкӀэ къэтӀуэтахэм теухуауэ къэтхьа мы щапхъэхэм ущыхэплъэм деж, мы игъуэ "префикс"хэмкӀэ (хуэ, фӀэ) ухуа *мы "езырыж префиксиал глагол"*хэм я нормал лэжьэкӀэм -мы "префикс"хэми елъытауэ- зыхуэкӀуэ (хуэ) гуэр е зыфӀэлажьэ (фӀэ) гуэр зылъытэу "дополненэ"и зыхиубыдэу зэрылъыщыт нэрылъагъущ. "Префиксиал езырыж глагол"ым мы и нормал лэжьэкӀэм *къыкӀэлъыкӀуэри* мы *нормал лэжьэк*Ӏ*эм* хиубыдэ "<u>*дополненэ*</u>" *лъэныкъуэк*Ӏ*э къызэры*Ӏ*уатэ лэжьэк*Ӏэрщи, мыри "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ*"р *зэрылъытэ* къэӀуэтэкӀэу, "Ӏ*уэху*" *л*Ӏ*эужьыгъуэ* лэжьэкӀэ зиӀэ *къэ*Ӏ*уэтэк*Ӏэрщ.

Глаголхэм мы я лэжьэкӀэхэм хиубыдэ "*щхьэ*"хэр *зэрызэлъыт*эрэ *зэрызэхущыт* щӀыкӀэр мыпхуэдэщи, мы "щхьэ"хэр я зэхущытыкӀэкӀэ *зыхэзыубыдэ "глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм я *зэпкъырыувэк*Ӏ*эхэри зэхуэдэу* лъытапхъэ щхьэ, *нормал глагол лэжьэк*Ӏ*эм теухуа псалъэр "езырыж" л*Ӏ*эужьыгъуэу, къык*Ӏ*элъык*Ӏ*уэри* "Ӏ*уэху*" *л*Ӏ*эужьыгъуэ псалъэу* зэрыщытри гурыӀуэгъуэгщ.

НытӀэ, мы къыхэдгъэщахэри зыхэзыубыдэу "*езырыж префиксиал глагол*"хэм мы я *лэжьэк*Ӏ*ит*Ӏ*ым хиубыдэ* "*щхьэ*"хэм я *зэхущытык*Ӏэмрэ

мы псалъэхэр зэрызэпкъырыува щӀыкӀэр къыхэщу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«ар абы хуохъу» ← **"хуэхъун" глаголым и нормал лэжьэкӀэ**
↓ ↓ ↓
↓ ↓ ↓
↓ ↓ ↓
↓ «*абы* ар *хуохъу*» ← **"хуэхъун" глаголыр "субъект"ым "и щхьэм къырикӀуэ"у зэрылажьэ щӀыкӀэ**
↓ ↑
→ → →

Аращи, нормал *"езырыж префиксиал глагол"* лэжьэкӀэм щыхэлъыта "*дополненэ*"р къыкӀэлъыкӀуэ лэжьэкӀэм "*субъект*" *зыхуэхъуа*р нэрылъагъущи, мыр "*субъект*"*ым езым и* "*щхьэ*"*м* зэры*хуэлэжьэж*рэ *къырикӀуэ* къэӀуэтэкӀэрщ. Мы лэжьэкӀэр икӀи нормал "*езырыж префиксиал глагол*" лэжьэкӀэм и "*субъект*"*ри* "*объект*"у зыхэзыубыдэ *къэӀуэтэк*Ӏэу зэрыщытри нэрылъагъущи, "*езырыж глагол*" *мыхьэнэ*уэ щыт мы *къэхъуныгъэ*р мы игъуэ префикскӀэрэ -хуэ,фӀэ- "*субъект*"ым езым и *щхьэм* зэры*хуэлэжьэж* къэӀуэтэкӀэу, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ* Ӏ*уэху*"р *къызэрыӀуатэ* щӀыкӀэрщ.

Нэгъуэщӏыу жыпӀэмэ, мы "*езырыж префиксиал глагол*"ым и *нормл лэжьэк*Ӏэм хиубыдэ "*щхьэ*"хэмкӀэ еджапхъэмэ, зыр *мы* "*езырыж глагол*" *мыхьэнэ*уэ мы къэхъуныгъэрэ *къызпкъырык*Ӏыр "*субъект*"у зэрылъытауэ зыхиубыдэрщи, хиубыдэ *етӀуанэ* "*щхьэ*"ри, глагол *префиксым елъыта*уэ (хуэ) мы *къэхъуныгъэр зытеухуэ*ри "*дополненэ*"у зыхиубыдэрщ. *Мы нормал глагол лэжьэк*Ӏ*эр* мы *къэхъуныгъэр зытеухуэ* "*дополненэ*" *лъэныкъуэк*Ӏэ къызэрыӀуатэ щӀыкӀэри -*мы* "*езырыж префиксиал глагол*"ыр *зэрылэжьэф етӀуанэ* зы *щӀыкӀ*эу- мы "*дополненэ*"р "*субъект*"у зэрылъыта зы *къэӀуэтэк*Ӏэрщи, нытӀэ, -мы къэӀуэтэкӀэр икӀи зы "*Ӏуэху*" *л*Ӏ*эужьыгъуэ*у зэрыщытми зэрезэгъкӀэ- нормал "*езырыж префиксиал глагол*" лэжьэкӀэм "*субъект*"у хиубыдэ *къэхъуныгъэри* "*объект*"у зыхэзыубыдэ *къэӀуэтэк*Ӏэрщ.

*

ИпэкӀэ къэта глагол лэжьэкӀэм теухуа щапхъэхэм хуэдэхэр илъабжьэкӀэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"хэм теухуауи къэдгъэлъагъуэу, дэтхэнэ и зы лъэныкъуэкӀи щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Ауэ, мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэм хиубыдэ "щхьэ"хэр "*ещанэ щхьэ*"уэ зэрыщытым папщӀэ, "*глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"хэм хиубыдэ

″*щхьэ*″*хэр* Іупщlыу ″*щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*″у къыхэщкъыми, нытlэ, зи мыхъуми *зы* ″*щхьэ*″р *цlыху нэрыбгэу* –″*субъектив щхьэ*″уэ- зэрыщыту *нормал* ″*езырыж глагол*″ *лэжьэк*Іэмрэ ″*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Іуэ″ *лэжьэк*Іэр *зэрызэлъытапхъэ*у мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэнщ:

«ар *уэ п*хуохъу»  ←  **″хуэхъун″ глаголым и нормал лэжьэкІэ**<br>
↓ ↓ ↓<br>
↓ ↓ ↓ ↓{″*уэ*″м мы ″хуэхъу″м нэхърэ езы ″*уэ*″ращ ″субъект″ хъупхъэр!}↓<br>
↓ ↓ ↓<br>
↓ «*уэ* ар *пхуохъу*» ← **″хуэхъун″ глаголыр ″субъект″ым ″и щхьэм**<br>
↓ ↑ **къырикІуэ″у зэрылажьэ щІыкІэ**<br>
→ → →

ИпэкІи къызэрытІуэтарэ мы къэта глагол лэжьэкІэ щапхъэхэми гурыІуэгъуэ къытхуащІыр зы ″езырыж префиксиал глагол″ым (пп: ″хуэхъун″) и лэжьэкІэр (″ар *абы* хуохъу″; ″ар *уэ* пхуохъу″) -мы глагол мыхьэнэми елъытауэ- мы лэжьэкІэм хиубыдэ ″*дополненэ*″ лъэныкъуэкІи къэІуэтэфынщи, мыпхуэдэ къэІуэтэкІэр утыку къызэрихьа щІыкІэрэ къыщІихьари мы ″*дополненэ*″р *цІыху нэрыбгэу щыщыт*ращ. Аращи, ″***хуэ****хъун*″ глаголым и *нормал лэжьэк*Іэм (″ар *абы* хуохъу″) хиубыдэ ″*дополненэ*″р -цІыхуу ″*субъектив*″*у щымыта*рэ- зы ″объект″у (*абы*) щытамэ, мы къэхъу къекІуэкІ Іуэхугъуэр *псэлъэбзэм* ″*дополненэ*″ *лъэныкъуэк*І*и къи*І*уэтэн хуэныкъуэнтэкъым*. Ауэ, мы глагол лэжьэкІэм хиубыдэ ″*дополненэ*″р цІыху нэрыбгэу -″*субъектив*″у- щыщытым (″ар *уэ* пхуохъу″) деж, ар мы *цІыху нэрыбгэ лъэныкъуэмк*І*э къэ*І*уэтэн*ыр бзэр зезыхьэ *цІыхум дежк*І*э къызэры*І*уэтэн хуей щ*І*ык*Іэрэ къызэрыІуэтапхъэ *игъуэ*уи зэрылъытэм папщІэ, мы *нормал глагол лэжьэк*І*эр* и ″*дополненэ*″ *лъэныкъуэк*І*э -цІыху нэрыбгэ*р зи ″*субъект*″у- къоІуатэри, мыращ ″*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*І*уэ* І*уэху глагол*″ лІэужьыгъуэ лэжьэкІэрщ.

Аращи, *цІыхум теухуауэ къек*І*уэк*І къэхъуныгъэрэ Іуэхугъуэхэм *езы цІыхур* ″*субъект*″*у лъытэ*ныр –″объектив″у мы къэхъурэ къекІуэкІ Іуэхугъуэхэм елъытауэ- цІыхур *бзэр зезыхьэрэ къэзы*І*уатэ*у -″*сэ*″ри сытри езым къызэрыхунэскІэрэ зылъытэу къэзыІуатэ *цІыху нэрыбгэ*у- зэрыщытми зэрезегъкІэ, нэхъ игъуэщ.

*

Аргуэру кІэщІыу жыІэпхъэмэ, ″*щхьэм къырик*І*уэрэ хуэлэжьэж* І*уэху глагол*″хэр *къызэрыхъуа щ*І*ык*І*эр цІыхум теухуа*уэщи, *глагол мыхьэнэми елъыта*уэ, ″*езырыж префиксиал глагол*″ *гуэр*хэм я нормал *лэжьэк*І*эм* хиубыдэ ″*дополненэ*″р *цІыху нэрыбгэу* –″*субъектив*″у- щытмэ, ар мы

*"субъектив* <u>*дополненэ*</u>*" лъэныкъуэ*кӀэ *-цӀыху нэрыбгэр зи "субъект"у-къэӀуэтэныр игъуэщи*, мыри *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол" лэжьэк*Ӏэрщ.

ИкӀи, мыпхуэдэ *къэхъу-къыщӀыгъуэ*хэу утыку къихьэу *цӀыхум теухуэ* Ӏуэхугъуэхэр *цӀыхум езым и "щхьэм къырикӀуэ"* Ӏуэхугъуэущ зэрилъытэри, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"* нэхъыбэри мыпхуэдэщ.

Ауэ, бзэм мыпхуэдэ лэжьэкӀэ щигъуэта нэужь, *цӀыху* нэрыбгэм *къыпкъырык*Ӏрэ *езым теухуэж* е *нэгъуэщ*Ӏ зы *цӀыху* нэрыбгэм *теухуэ*у лэжьэкӀэ зиӀэну глаглохэри утыку къызэрихьэнури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, и *"субъект"*ым нэмыщӀ *"дополненэ"*ри *цӀыху нэрыбгэ*у щыт *"езырыж префиксиал глагол" нормал лэжьэк*Ӏэр и *"дополненэ" лъэныкъуэмк*Ӏэ *къызэрыӀуатэ* щӀыкӀэу *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"* лэжьэкӀэм *"субъект"рэ "объект"ыр цӀыху* нэрыбгэу – *"субъектив щхьит*Ӏ*"*- зэрызыхиубыдэнур гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы ипэкӀэ къэта *"езырыж префиксиал глагол"*ым (хуэхъун) и *нормал лэжьэк*Ӏэмрэ ар *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"*у къызэрыӀуэтэж лэжьэкӀэм хиубыдэ *"щхьит*Ӏ*"*ри *цӀыху* нэрыбгэу – *"субъектив щхьэ"*хэу- зэрыщытым теухуа щапхъэи къэтхьынщ.

«сэ <u>*уэ*</u> сыпхуохъу» ← **"хуэхъун" глаголым и нормал лэжьэкӀэ**<br>
↓ ↓ ↓<br>
↓ ↓ ↓<br>
↓ ↓ ↓<br>
↓ «*уэ* сэ сы*пхуохъу*» ← **"хуэхъун" глаголыр "субъект"ым "и щхьэм къырикӀуэ"у зэрылажьэ щӀыкӀэ**<br>
↓ ↑<br>
→ → →

Мы къэта щапхъэр ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "езырыж префиксиал глагол"хэм щыщ гуэрым теухуащи, мыпхуэдэ зи лэжьэкӀэм хиубыдэ "щхьэ"хэр "субъектив субъект" занщӀэу нэхъ игъуэ мыхьэнэ зиӀэри зэрыщыӀэнур гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мы къэта щапхъэм хуэдэу *глаголыр нормалу "зэрылажьэу ухуэ псалъэ"*мрэ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"уи "къызэрыӀуатэу ухуэ псалъэ"*р *зэхуэдэу ухуэжыф "езырыж префиксиал глагол"*хэр мы зи гугъу тщӀы *лъагъуэр зэӀузых* глагол лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытри мыбдежым къыщыпыщапхъэщ.

*

Аращи, зи лэжьэкӀэм "щхьэ"уэ хиубыдэхэр "субъектив" лӀэужьыгъуэу щытхэм теухуа щапхъэщ мы къэтари, нытӀэ, *"глагол*

*лэжьэкӀэу ухуэу псалъэ*"хэмрэ хиубыдэ "*щхьэ цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ*"хэр *зэрыхиубыдэ щӀыкӀ*эхэми гулъытэ яхуэтщӀынщ. Аращи, "*езырыж префиксиал глагол*"ым и *нормал* "*лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"мрэ мы лэжьэкӀэр "<u>*дополненэ*</u>" *лъэныкъуэкӀэ* "*къызэрыӀуатэу ухуэ псалъэ*"у "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"ым теухуа псалъэм "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэ щӀыкӀэми "*субъектив щхьэ*"хэр я "*цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ*"кӀэрэ зэрылъытауэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

НытӀэ, мыбдежым дызытепсэлъыхь "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"ыр "*Ӏуэху глагол*" *лӀэужьыгъуэ*у зэрылъытапхъэм зэрезэгъкӀэ, *и лэжьэкӀэри зэрыщыту* "*Ӏуэху глагол*" лэжьэкӀэу *лъытапхъэми*, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"ым и "*лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"р "*езырыж глагол*"*рэ* "*Ӏуэху глагол*" лэжьэкӀэ *лъэныкъуитӀ* зыхэзыубыдэу зэрыхуэр ипэкӀи къыщыхэдгъэщагъащ. Аращи, *псалъэухыгъэ*у къызэрыӀуатэ щӀыкӀэм *хиубыдэ* "*щхьэ*"хэр зэрылъытэр "*Ӏуэху глагол*" *къэӀуэтэкӀэ*у зэрыщытми зэрезэгъкӀэ, и "*глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"хэри зэрыщыту "*Ӏуэху глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"у лъытапхъэу щытщи, псалъэхэр зэрыщыту мыпхуэдэу зэрылъытэми зэрезэгъыр гурыӀуэгъуэщ а псалъэхэм "*щхьэ*"хэр я "цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"кӀэрэ "*Ӏуэху*" е "*езырыж*" лӀэужьыгъуэу *зэрыхиубыд*эр. Ауэ, "*щхьэ*"хэр мыпхуэдэу зэрылъытауэ а *псалъэхэм зэрыхиубыдэ щӀыкӀэм езэгъыщ*эуи зэрымылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ *а* "*щхьэ*"*хэр а псалъэхэм щыхэт щӀыпӀ*эхэри, мыпхуэдэхэми -мы ипэкӀэ къэта глагол лэжьэкӀэ щапхъэм теухуауэ- мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ:

| |
|---|
| «*уэ* **сэ сы***п***х**охъу»:<br>↓ ↓ ↓ ↓ ↓<br>1 2 3 4 5<br><br>1: "***Уэ***"р **Ӏ*уэху*** глагол "***субъект***"у мы *зэрылъыта*уи "**Ӏ*уэху***" лӀэужьыгъуэщ.<br>2: "**Сэ**"р **Ӏ*уэху*** глагол "**объект**"у мы зэрылъытауи "**езырыж**" лӀэужьыгъуэщ.<br>3: "*Глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ*"м хиубыдэ "**объект цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ**"р (сы) "**езырыж**"щи, псалъэм зыдыщыхэтыпӀэри игъуэщ.<br>4: "Псалъэ"м хиубыдэ "***субъект цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ***"р (*п*) "**Ӏ*уэху***" лӀэужьыгъуэщ; ауэ ар псалъэм щыхэтыпӀэр "**езрж.преф.гл.**" лэжьэкӀэм теухуащ.<br>5: "Ит зэман гъэлъагъуэ"ри (о) "езырыж префиксиал глагол"ым теухуауэ зэрыщытыр ипэкӀэ "ещанэ щхьэ"хэм теухуа глагол лэжьэкӀэхэмкӀэ гурыӀуэгъуэщ. |

Мы къыхэдгъэщахэм глагол Iуэху лIэужьыгъуэ "*субъект*"ымрэ (*уэ*) езырыж лIэужьыгъуэ "объект"ым (сэ) мы "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол*"ыр зы "*Iуэху*" *лIэужьыгъуэ*у зэрыщытыр наIуэ къытхуэзыщIырщ. Ауэ, "*глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"р и зэпкъырыувэкIэу "езырыж префиксиал глагол" лIэужьыгъуэ лэжьэкIэу зэрыухуар наIуэщи, абы "*Iуэху*" лIэужьыгъуэу *хиубыдэ закъуэр* "*субъект цIэпапщ*Iэ *гъэлъагъуэ*"ращ (*п*); ауэ, абы *и увып*Iэри "*Iуэху глагол*" лэжьэкIэм теухуауэ *щымытрэ* "*езырыж префиксиал глагол*" *лэжьэк*Iэм теухуа *увып*Iэу зэрыщытри нэрылъагъущ. "*Ит зэман гъэлъагъуэ*"ри (о) "*езырыж префиксил глагол*"*ым теухуа*уэ зэрыщытыр мы щапхъэ закъуэм теухуауэ IупщI дыдэу щымытми, ар ипэкIэ "ещанэ щхьэ"хэм теухуа лэжьэкIэхэм гурыIуэгъуэ къащIыр; икIи, "*Iуэху префиксиал глагол*"хэм я "*субъект*"ым и "*цIэпапщ*I*э гъэлъагъуэ*"р мы "*ит зэман гъэлъагъуэ*"м ищхьэ дыдэм къыпыту зэрыгъэлъэгъуэнури гурыIуэгъуэщ.

**"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол" лэжьэкIэ зимыIэну "езырыж глагол"хэм теухуауэ псэлъитI-щы.**

Мы къэтIуэтарэ къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэмкIэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"хэр зэрылъытэрэ къызэрыхъу лъагъуэм щыгъуазэ дыхуэхъуауэ лъытапхъэщи, къызытехъукIарэ лъабжьэ яхуэхъуа глаголхэм я мыхьэнэрэ зэпкъырыувэкIэми гулъытэ хуэтщIарэ щапхъэхэри къахуэтхьащ.

Аращи, ипэкIэ зи гугъу тщIарэ зи лэжьэкIэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа глаголхэр фIэкIыпIэ имыIэу "езырыж префиксиал глагол"хэрщ. Ауэ икIи, мыбыхэми щыщу нэхъыбэу къэхъу-къэщIыгъуэ лIэужьыгъуэ "езырыж глагол"хэрщ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол" лэжьэкIэхэр къызытехъукIыфыр. НытIэ, мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIыу, *къэхъу-къэщIыгъуэ лIэужьыгъуэу щымыт* "*Iуэху глагол*"хэр –нэхъыбэуи- *цIыхум* "*объектив*"*у игъэзащ*Iэхэм теухуа *глагол лIэужьыгъуэ*хэрщи, мыпхуэдэу зэрыщыткIэрэ я *мыхьэнэкIэ* "*Iуэху глагол*"*хэм* "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ* Iуэху *глагол*" *лэжьэк*I*э къазэрытемыхъук*Iыр наIуэщ. Аращи, *мы глагол гупыр* сыт хуэдизу "*Iуэху глагол*" *лIэужьыгъуэу лъытапхъэми*, *нормал* "*Iуэху глагол*"*хэм мы глагол гуп*ым теухуа *лэжьэк*Iэ *зэрамыгъуэт*ыр гурыIуэгъуэщ.

Ауэ, ″езырыж префиксиал глагол″у щытхэми, я мыхьэнэкӀэ имыгъуэ глаголхэми ″щхьэм хуэлэжьэнрэ къырикӀуэн″ лэжьэкӀэ зэрамыгъуэтыфынур гурыӀуэгъуэщи, нытӀэ, мыбыхэм теухуа щапхъэ гуэрхэри къэтхьмэ, Ӏуэхур зытетыр нэхъыфӀыу къыдгурыӀуэну къыщӀэкӀынщ.

Мы жытӀам зэрезэгъкӀэ, *игъуэ ″префикс″ къащтэу ″езырыж префиксиал глагол″*у ухуэжми, *я мыхьэнэхэр ″щхьэм хуэлэжьэнрэ къырикӀуэн″*кӀэ *имыгъуэ глагол* гуэрхэм я лэжьэкӀэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэу тежыӀыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **″Езырыж гл.″хэр** | **″Езырыж глагол″ лэжьэкӀэхэр** | **Я ″Ӏуэху глагол″ лэжьэкӀэхэр** | **Я ″щхьэм хуэлэжь. къърикӀуэ″ лэжьэкӀэ** |
|---|---|---|---|
| - КӀуэн → <br>- **Хуэ**кӀуэн → | - «ар <u>*абы*</u> макӀуэ»;<br>- «ар <u>*абы*</u> хуокӀуэ»; | - «*абы* ар *екӀуэ*»;<br>- «*абы* ар *хуекӀуэ*»; | → «<u>*абы*</u> ар *хуокӀуэ*»;<br>↑ (игъуэкъым) |
| - Жэн →<br>- **ФӀэ**жэн → | - «ар <u>*абы*</u> мажэ»;<br>- «ар <u>*абы*</u> фӀожэ»; | - «*абы* ар *ежэ*»;<br>- «*абы* ар *фӀежэ*»; | → «<u>*абы*</u> ар *фӀожэ*»;<br>↑ (игъуэкъым) |
| - Лъэн →<br>- **Хуэ**лъэн → | - «ар <u>*абы*</u> малъэ»;<br>- «ар <u>*абы*</u> хуолъэ″»; | - «*абы* ар *елъэ*»;<br>- «*абы* ар *хуелъэ*»; | → «<u>*абы*</u> ар *хуолъэ*»;<br>↑ (игъуэкъым) |

Глаголхэм я мыхьэнэхэм елъытащи, мы глаголхэм *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол″* лэжьэкӀэ *къызытемыхъук*Ӏхэрщ. Я лэжьэкӀэу къэта щапхъэхэм *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ″*м хуэзэу къэта *лэжьэкӀэ щапхъэ*хэр *а глаголым и нормал лэжьэк*Ӏэу зэрыщытри нэрылъагъущ. Аращи, *″щхьэ″ цӀэпапщ*Ӏэхэр къызэрыхэдгъэща щӀыкӀэми гурыӀуэгъуэ къызэрищӀщи, глаголым и нормал лэжьэкӀэр *″<u>дополненэ</u>″ лъэныкъуэк*Ӏэ –ар *″субъект″ зэрыхъу*ауэ- *къызэрыӀуэтэ* лэжьэкӀэу щыткъым. Мы зэрыжытӀауэ, *мы гупым теухуа лэжьэкӀэу* мы къэта къэӀуэтэкӀэм –псалъэухыгъэ цӀыкӀум- хиубыдэ *″щхьэ″хэр* мы *къызэрыхэгъэщауэ*, мыр мы *гупым хуигъуэ псалъэухыгъэкъым*. НытӀэ, *глагол мыхьэнэм елъытащи, ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ″ лэжьэк*Ӏэу къэта мы *щапхъэ*хэр я *мыхьэнэк*Ӏэ *нормал глагол лэжьэк*Ӏэ мыхьэнэращи, хиубыдэ *″щхьэ″*хэм я *увыпӀ*эр *зэхъуэкӀ*ауэ –*″зэблэдза псалъэухыгъэ гъэпсык*Ӏэ″у- щыту къызэрыгъэлъэгъуар мыхьэнэкӀэ зыгурыгъэӀуапхъэщ. Аращ икӀии, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ″* лэжьэкӀэм теухуауэ къэта *псалъэухыгъэ щапхъэр* мы гупым теухуауэ *″игъуэкъым″*у къыхэдгъэщащ.

## ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКӀУЭ ӀУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

**"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол" щапхъэхэмрэ тежыӀыхьыпхъэ гуэрхэр.**

ИпэкӀэ *зэрыухуагъэххэу "макъыбэ глагол"*у утыку къихьахэм теухуа таблицэхэм хиубыдэ "Ӏуэху глагол"хэм щыщу *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"*у тлъытахэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжу, тежыӀыхьыпхъэхэри къыпытщэнщ:

**Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глаголхэр**:
- «***хэ****Ӏэн (игу еуэн)*»;
- «***щӀэ****нын*, ***щы****хъун*, ***фӀэ****хъун*, ***хуэ****хъун*, ***пэ****хъун*, ***щы****гъын** (***щы****-гъэ-ы-н)*, ***хуэ****гъун* ***хэ****щӀын*; ***фӀэ****щӀын*; ***лъы****сын* (лъэ-ы-сы-н)»;
- «***гуры****Ӏуэн* (***къыгуры****Ӏуэн*); **Ӏэщӏэ***хьэн*/Ӏ**эщӀы***хьэн*; ***хуэ****фэщэн**; ***щы****гъупщэн;* ***кӀэры****пщӀэн*; **хузэфӀэ**кӀын»;
- "*": икӀи "статя глагол"щ.

ИкӀи, *зэрыухуагъэххэу "макъыбэ глагол"у* утыку къихьа щапхъэхэм щыщу "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"у мы тлъытахэр икӀи нормал глагол лӀэужьыгъуэу "*езырыж префиксиал глагол*"хэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

ИкӀи, мы къэдгъэлъэгъуа "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"хэр зыхэзыубыдэ -ипэкӀэ таблицэхэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуауэ щыта- *зэрыухуагъэххэу "макъыбэ глагол"* щапхъэхэм щыщу а нэхъ иужькӀэ къэхъуауэ лъытапхъэ глагол лӀэужьыгъуэхэрауи жыӀэпхъэщ.

Мы ипэкӀэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"у къэта щапхъэхэм икӀи "*статя глагол*" *лӀэужьыгъуэ*у лъытапхъэхэри яхэтщи, ахэри "*" нэгъыщэкӀэ къыхэдгъэщащ.

*

"*Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэхэр бзэм щыхэлъытэнрэ къигъэщӀын папщӀэ, абы *лъабжьэ хуэхъу*у я къэхъуныгъэ *лъагъуэ*р *зэӀузых* глагол *лэжьэк*Ӏэхэри щыӀэгъэнщи, мыпхуэдэхэри япэрауэ "*субъект*"ым езым и "*щхьэм къырикӀуэ*" *лэжьэк*Ӏэ зиӀэу ипэкӀэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэрауэ жыӀэпхъэщ. Мыпхуэдэ глаголхэр -я мыхьэнэхэми зэрелъытакӀэрэ- икӀи *нэгъуэщӀым папщ*Ӏэ *лажьэ*у е *фӀэлажьэ*у *зэрыщыт*ыр зылъытэф игъуэ "*префикс*"хэр къэзыщтэу ухуа "*езырыж префиксиал глагол*"у зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщи, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри ипэкӀэ къыщыдгъэлъэгъуащ. ИкӀи, къэдгъэлъэгъауэ жыхуэтӀэ мы "*езырыж префиксиал глагол*"хэр я *нормал*

*лэжьэк*Iэхэм хиубыдэ "*дополненэ*" *лъэныкъуэк*Iэ *къызэры*I*уэтэж* щIыкIэхэр "*щхьэм къырик*I*уэ* I*уэху глагол*" *лэжьэк*Iэу зэрыщытым теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуарэ щыгъуазэ дыхуэхъуауи щытщ.

Мыпхуэдэу *зи лъагъуэр зэ*I*ухар*э *мы лэжьэк*I*эхэр лъабжьэ зэрыхуэхъуу ухуа*уэ лъытапхъэщ "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*I*уэ* I*уэху глагол*" *гупр*и, *иужьк*Iэ занщIэу мы *гупым хиубыд*эу зэры*хуагъэххэ*у "*щхьэм къырик*I*уэ* I*уэху глагол*"хэр *къызэрыхэхъуа*м нэмыщI, мыбыхэм *къык*I*элъык*I*уэуи*, мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэу зи гугъу тщIы "*щхьэм хуэлэжьэж глагол*"*хэри зэрыухуагъэххэу* мы *глагол гупым щыщу утыку къихьа*хэу лъытапхъэщ.

Дауи, мы зэрыжытIауэ *глагол гуэрхэм я ет*I*уанэ лэжьэк*Iэхэм теухуауэ утыку къихьа *зы глагол лэжьэк*I*э гуп*у лъытапхъэщ "*щхьэм къырик*I*уэ* I*уэху глагол*" лIэужьыгъуэхэри, бзэм мыпхуэдэ лэжьэкIэ игъуэтарэ хроникэи хъуа нэужь, мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэну глагол гуэрхэри зэрыухуагъэххэу "щхьэм къырикIуэ Iуэху глагол" лIэужьыгъуэхэри утыку къихьэу щIидзагъэнщ. Абыхэми къыкIэлъыкIуэу, мы гупым "*щхьэм хуэлэжьэж* I*уэху глагол*"*у лъытапхъэхэри къызэрыхэхъухьар*и жытIагъэххэщи, мыпхуэдэуи мы глагол гупыр "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*I*уэ* I*уэху глагол*" *гуп*у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Аращи, зэрыжытIа лъагъуэр глаголхэм я етIуанэ къэIуэтэкIэхэр лъабжьэ зыхуэхъуу зэIухарэ кIуэ пэтри *бзэми хроникэ хэхъухьа* мы *глагол лэжьэк*Iэхэм *зэрыухуагъэххэу* "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*I*уэ* I*уэху глагол*"хэр *иужьк*Iэ *къахэхъухьыжа*уэ жыIэпхъэщ.

ИкIи гурыIуэгъуэрэ ипэкIи къыхэдгъэщауэ щытащи, мыпхуэдэ лэжьэкIэр глагол мыхьэнэм елъытащ; икIи, мыпхуэдэ лэжьэкIэ зыгъуэтыну глаголхэр занщIэ глагол лIэужьыгъуэу зэрыщымытынури гурыIуэгъуэнщи, утыку ит глаголым къытехъукIыу щырет е зэрыухуагъэххэу щырет, зы глаголыр мыпхуэдэу зэрылэжьэфынур абы *игъуэ* "*префикс*" къызэрищтэщ. Аращи, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*I*уэ* I*уэху глагол*" лIэужьыгъуэхэу ипэкIэ къэта щапхъэхэм щыщ *гуэрхэр* икIи утыку ит *зы глаголым игъуэ префикс къищтэу къытехъук*Iауи лъытапхъэщи, мыпхуэдэу лъытапхъэ щапхъэхэр *къызытехъук*I*а* "*езырыж занщ*I*э глагол*"ри къыхэщу икIи *япэу* зэрыухуа "*езырыж префиксиал глагол*"ымрэ, абыи и зы лэжьэкIэуи *иужьк*Iэ "*щхьэм*

*хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"у зэрылы*тэжа*р къызэрыхэщу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «хъун» → «**щы**хъун, **фӀэ**хъун, **хуэ**хъун, **пэ**хъун» → «***щы****хъун,* ***фӀэ****хъун,* ***хуэ****хъун,* ***пэ****хъун*»; |
| - «гъун» → «**хуэ**гъун» → «***хуэ****гъун*»; |
| - «щӀын» → «**хэ**щӀын; **фӀэ**щӀын» → «***хэ****щӀын*; ***фӀэ****щӀын*». |

*

Зэрыжыт*Ӏ*ауэ, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*" жыхуэтӀэхэр *и мыхьэнэм елъытауэ езы "субъект"ым хуэлэжьэж*ынурэ и *щхьэм къырик*Ӏ*уэ*ну Ӏ*уэхугъуэ* зылъытэ глаголхэрщи, мыпхуэдэ зы гупыр бзэм щыхэлъыта нэужь, абыхэм *зэрыухуагъэххэ глагол*у утыку къызэрихьахэри язэрыхэтынум нэмыщӀ, икӀи иужькӀэ *нормал глагол*хэми *къатехъук*Ӏахэри къазэрыхэхьэнури жыӀэпхъэнщ.

Аращи, мы глагол гуп лэжьэкӀэхэм лъабжьэ хуэхъуахэм нэмыщӀ, мы глагол гупыр лъыта нэужьи, *нормал глагол* гуэрхэми -я *мыхьэнэ*хэм елъытарэ икӀи *игъуэ "префикс"*кӀэрэ- "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*" *лэжьэк*Ӏэ зэраӀэфынури гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэри иужькӀэ мы "глагол гуп"ым хиубыдауэ жыӀэпхъэщ.

НытӀэ, зы глаголым иужькӀэ *игъуэ "префикс"* къищтэу ухуэж "*префиксиал глагол*" *гуэрхэри* "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"*у зэрылажьэ*рэ икӀи мыпхуэдэ *глагол гуэрхэу мы "глагол гуп"ым хиубыдэуи* лъытапхъэ щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «ун → "**щы**ун, **те**ун" → "***щы****ун,* ***те****ун*"»; |
| - «"**къэ**нэн, **хуэ**нэн" → **къыхуэ**нэн → ***къыхуэ****нэн*»; |
| - «**хэ**тын → **хухэ**тын → ***хухэ****тын**; |
| - «**хэ**хьэн → "**хухэ**хьэн – **къыхухэ**хьэн" → ***къыхухэ****хьэн*»; |
| - «**зэфӀэ**кӀын → **хузэфӀэ**кӀын». |

Мы ипэкӀэ къэтӀуэтахэмрэ мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху гагол" гуэрхэр ухуагъэххэ "езырыж занщӀэ глагол" гуэрхэр –я мыхьэнэхэми зэрелъытауэ-нэгъуэщӀым папщӀэ ялэжьрэ фӀалэжьу зэрыщытыр зэрылъытэ игъуэ "префикс"кӀэрэ зэрыухуэжу утыку къихьауэ зэрыщытыр нэрылъагъущ: «ун → **щы**ун». Мы къэта щапхъэ гуэрхэри "*езырыж префиксиал глагол*"*у ухуагъэхх*эхэм е *ухуэжа*хэм -нэгъуэщӀым хуалэжьрэ фӀалэжьу зэрыщытыр зэрылъытэу- *игъуэ "префикс"*хэр къызэращтэу "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"у *лэжьэк*Ӏ*и зыгъуэтыжа*хэу зэрыщытри нэрылъагъущ: «"**къэ**нэн, **хуэ**нэн" → **къыхуэ**нэн; **хэ**тын →

**хухэ**тын; **хэ**хьэн → ″**хухэ**хьэн – **къыхухэ**хьэн″; **зэфlэ**кlын → **хузэфlэ**кlын».

Мы къэта щапхъэхэм щыщу *иужьрей глаголит*lыр (**хухэ**хьэн; **хухэ**тын) зэрыухуа щlыкlэу *физикэ мыхьэнэ* зиlэущ зэрылъытапхъэри, ахэр иужькlэ бзэм *псикэ мыхьэнэ*кlэ зэрызекlуэу ″*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*lуэ *lуэху глагол*″ лlэужьыгъуэу (***хухэ**хьэн;* ***хухэ**тын*) зэрылъытахэри гурыlуэгъуэнщ.

*

Мы къыхэдгъэщахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, мы ″*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*lуэ *lуэху глагол*″хэр *зэхуэдэ щ*lыкlэ*у къызэрымыхъуа*рэ *зэхуэдэ зэманыгъуэми къыщымыхъуа*хэр гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, ахэр *къызэрыхъуа*рэ *къыщыхъуа*м икlи *мы* ″*глагол гуп*″*ым къызэрыхэхьа*уэ е *къыщыхэхъухьа*уэ зэрыщытми *теухуа*уэ мы илъабжьэм аргуэру зы *консидерацэ* цlыкlу къыщедгъэкlуэкlынщ.

Япэрауэ, зэрыухуагъэххэу ″езырыж префиксиал глагол″у утыку къихьа ″**хэ**lэн″ глаголыр и *физикэ мыхьэнэ*кlэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыхэтым *иужьк*lэ *псикэ мыхьэнэ*и игъуэту къызэрыlуатэ щlыкlэр ″**хэ**lэн″ глаголыр мы ″*глагол гуп*″*ым зэрыхэхьа щ*lыкlэу лъытапхъэщ.

Ипэкlэ мы ″глагол гуп″ым лъабжьэ хуэхъуа лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъум ″*ху, ф*lэ″ *префикс*хэм я *мыхьэнэ*хэмрэ ягъэзащlэ *къалэн*хэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащи, нытlэ, *мы* ″*префикс*″*хэмк*lэ *ухуа глагол нэхъыбэр я мыхьэнэхэми елъытауэ* мы ″глагол гуп″ым хиубыдэу лъытапхъэщ. Икlи, бзэм мыпхуэдэу хроникэ зэрыхэхъухьу ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″ лlэужьыгъуэу гупым хэхьа глаголхэм щыщу лъытапхъэщ мыхэри: «**хуэ**гъун, **фlэ**щlын».

Мыбыхэм нэмыщl, ″**щы**хъун, **фlэ**хъун, **хуэ**хъун, **пэ**хъун″ глаголхэм щыщу ″**фlэ**хъун, **хуэ**хъун″ глаголхэри мы глагол гупым лъабжьэ язэрыхуэхъуу зэрылажьэ щlыкlэр бзэм хроникэ зэрыхэхъухькlэрэ мы ″глагол гуп″ым щыщу лъытауэ жыlэпхъэщ. ″Хъун″ глаголым къытехъукlа мы къэдгъэлъэгъуа глаголхэм щыщу ″**щы**хъун, **пэ**хъун″ глаголхэр ″хъун″ глаголым ″префикс″ къищтэу къызэрытехъукlар гурыlуэгъуэщ; ауэ, мы я *мыхьэнэ*м мащlэу *зэхъуэк*lыныгъэ зэригъуэтклэрэ мы ″глагол гуп″ым зэрыхэхьар гурыlуэгъуэнщи, мыри *мы гуп лэжьэк*lэ*р бзэм хроникэ хэхъухьа нэужь*рауэ лъытапхъэщ.

Мы иужьрейуэ зи гугъу тщӀа глаголитӀым хуэдэу лъытапхъэщ ″**щы**ун, **те**ун″ глаголхэри, мыхэри ″ун″ глаголым ″префикс″кӀэ къызэрытехъукӀа мыхьэнэкӀэ бзэм хэлэжьыхьу щыту, я *мыхьэнэ*хэр мащӀэу *зэхъуэк*Ӏыу *псикэ мыхьэнэ* лӀэужьыгъуэ зэрагъуэту мы гупым хэхьауэ лъытапхъэщи, мыхэри мы глагол гупым зэрыхэхьарэ щыхэхьари ипэкӀэ зи гугъу тщӀа глаголитӀым хуэдэу лъытапхъэщ.

″**ЩӀэ**нын″ глаголри ″н″ым ипэ къыпыхьэу ″префикс″ къалэн зыгъэзащӀэ макъхэмкӀэрэ ″префиксиал глагол″у ухуахэм щыщщи, утыку къыщихьари мыпхуэдэ глагол къэхъукӀэм хуэзэу лъытапхъэщ; ауэ мы глаголыр и мыхьэнэм елъытауэ игъуэ щыхъум мы гупым щыщу зэрылъытари гурыӀуэгъуэнщ.

Мы глагол къэхъукӀэм хуэдэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ ″**къыхуэ**нэн″ри ар зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″у утыку къихьа ″**къэ**нэн″ым иужькӀэ ″**хуэ**″ *префикси къищтэу мы* ″*глагол гуп*″*ым хуэигъуэ*у зэрыухуэжари гурыӀуэгъуэнщ.

Зэрыхуагъэххэу утыку къихьа ″**щӀэ**хьэн″ глаголым и мыхьэнэр гурыӀуэгъуэщи, мыбы ″Ӏэ″ *префикс*и къыпыхьэжу *и* ″Ӏэ″*м* ″*щ*Ӏэ*хьэн*″ мыхьэнэ зэригъуэткӀэрэ ″**ӀэщӀэ**хьэн″у ухуэжа глаголыр *нэгъуэщ*Ӏ*ым и* Ӏэ Ӏэ*щ*Ӏэ*хьэн мыхьэнэ*кӀэрэ бзэм хэлэжьыхьу щытауэ лъытапхъэми, *езым и* Ӏэ*м (къы)*Ӏэ*щ*Ӏэ*хьэн мыхьэнэк*Ӏэрэ *мы* ″*глагол гуп*″ым зэрыхэхьари гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу лъытапхъэщ бзэм ″**зэфӀэ**кӀын″у хэт глаголыр иужькӀэ ″*субъект*″ым игъэзащӀэ ″*зэф*Ӏэ*к*Ӏ″*ыу* зэрылъытэу ″**хузэфӀэ**кӀын″ри мы гупым и зы глаголу зэрыхэхьар.

Зэрыухуагъэххэу ″езырыж префиксиал глагол″ лӀэужьыгъуэу иужькӀэ къэхъуауи лъытапхъэ ″**гуры**Ӏуэн, **кӀэры**пщӀэн″ глаголхэр мы зэрыухуауэ нормал лэжьэкӀэ яӀэу бзэм щызекӀуэу, иужькӀэ ″субъект″ым езым и щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ″ щӀыкӀэуи лэжьэкӀэ зэрагъуэту мы гупым хэхьахэу жыӀэпхъэщ.

Аращи, мы глагол гупым щыщхэм зэмылӀэужьыгъуэ къэхъукӀэрэ мы гупым къыхэхьэкӀэ зэраӀэр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ″ лэжьэкӀэр бзэм хроникэ щыхъуарэ мыпхуэдэ лэжьэкӀэхэр зыхэзыубыдэ зы глагол гупу лъытапхъэ хъуа нэужь, *мы лэжьэк*Ӏ*эр зи*Ӏ*эххэ глагол* гуэрхэри утыку къихьауэ лъытапхъэщи, нытӀэ, мыпхуэдэу ″*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*″ *л*Ӏ*эужьыгъуэу къэхъуагъэххэ* глаголхэу лъытапхъэрщ мыхэри: «**щы**гъын*, **лъы**сын, **щы**гъупщэн, **хури**къун».

Ауэ, мыпхуэдэ зы глагол гуп лъытарэ абы хуэигъуэ глаголхэр гупым къыщыхэхъухьуу щӀидзами, аргуэру нормал глагол лэжьэкӀэ зиӀэ глаголхэми "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"хэр къытехъукӀыу зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, "фащэ хуэхъун" мыхьэнэ зиӀэу иужькӀэ къэхъуауи лъытапхъэ "**хуэ**фэщэн*" глаголри, "**хэ**тын"у "езырыж префиксиал глагол"у ухуагъэххэм "*ху*" *префикси* къыпыхьэу ар икӀи *псикэ мыхьэнэ* иӀэу зэрылъытэкӀэрэ мы гупым хэхьа "**хухэ**тын*" глаголри, мыбы хуэдэ утыку къихьэкӀэ зиӀэ "**хэ**хьэн"ми "ху" префикси -икӀи "къ" префикси- къызэрыпыхьэу и психэ мыхьэнэкӀэ мы гупым щыщ хъуа "къы**хухэ**хьэн" глаголри мыпхуэдэ щапхъэхэрщ.

*

Мыбыхэм нэмыщӀ, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*" гуэрхэр "*щхьэм къырикӀуэ*" лӀэужьыгъуэу нэгъуэщӀ гуэрхэри "*щхьэм хуэлэжьэж*" лӀэужьыгъуэу лъытэфынуи жыӀэпхъэнщ. Ауэ, мыпхуэдэу зэщхьэщыгъэкӀынри сытым дежи тыншу зэрыщымытынури гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэу гупитӀыу зэщхьэщымыгъэкӀыпхъэ глаголхэри мы лъэныкъуитӀкӀи еджапхъэущ. НытӀэ, мы "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"хэр мы зэрыжытӀауэ зэрылъытапхъэрэ зэрызэщхьэщыгъэкӀыпхъэуи къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| **"Щхьэм къырикӀуэ" лӀэужьыгъуэхэр:**<br>«хэӀэн (къыхэӀэн), щӀэнын (къыщӀэнын), пэхъун (къыпэхъун), хуэгъун (къыхуэгъун), хэщӀын, лъысын (къылъысын), ӀэщӀэхьэн (къыӀэщӀэхьэн), кӀэрыпщӀэн (къыкӀэрыпщӀэн), щыун, теун, къыхуэнэн, къыхухэхьэн»; |
| **"Щхьэм хуэлэжьэж" лӀэужьыгъуэхэр:**<br>«щыгъын*, гурыӀуэн (къыгурыӀуэн), хурикъун». |
| **"Щхьэм хуэлэжьэж"рэ "щхьэм къырикӀуэ" лӀэужьыгъуитӀ"кӀи еджапхъэхэр:**<br>«хуэхъун, щыхъун, фӀэхъун, фӀэщӀын, хуэфэщэн, щыгъупщэн, хухэтын*». |

**"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"хэм я лэжьэкӀэ щапхъэхэр.**

НытӀэ, мыхэр зытежытӀыхьа мы "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол" щапхъэхэм я лэжьэкӀэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ икӀи, *езы "глагол гуп" лэжьэкӀэми къыкӀэлъыкӀуэу* -мы гупым лъагъуэрэ лъабжьэ хуэхъуа- "*езырыж префиксиал глагол*" лэжьэкӀэи зэрагъуэт

щапхъэхэри къыпытщэжынщи, мыри зэгъэпщапхъэу зэхуэдэ зы таблицэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуэу, тежыӏыхьыпхъэри къыпытщэжынщ:

| ″Щхьэм хуэлэжь. кърkӏуэ ӏуэху гл.″ щапхъэхэр | ″Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху гл.″хэм я лэжьэкӏэхэр | Я ″езырыж префиксиал глагол″ лэжьэкӏэхэр |
|---|---|---|
| - **хэ**ӏэн → | - «*абы* ар *хо*ӏэ» (псикэ); | - «ар <u>*абы*</u> хоӏэ» (физикэ/псикэ); |
| - **щӏэ**нын → | - «*абы* ар *щӏон*»; | - «ар <u>*абы*</u> щӏон»; |
| - **щы**хъун → | - «*абы* ар -зыгуэру- *щохъу*»; | - «ар <u>*абы*</u> -зыгуэру- щохъу»; |
| - **фӏэ**хъун → | - «*абы* ар *фӏохъу*» (*зыгуэру е лӏыгъэкӏэ)* | - «ар <u>*абы*</u> фӏохъу» (*зыгуэру е лӏыгъэкӏэ)* |
| - **хуэ**хъун → | - «*абы* ар *хуохъу*»; (хуэфӏщ, папщӏэ) | - «ар <u>*абы*</u> хуохъу»; (хуэфӏщ, папщӏэ) |
| - **пэ**хъун → | - «*абы* ар *похъу*»; (пышэгъу) | - «ар <u>*абы*</u> похъу»; (пышэгъу) |
| - **щы**гъын* → | - «*абы* ар *щогъ – щыгъщ**»; | - «ар <u>*абы*</u> щогъ – щыгъщ*»; |
| - **хуэ**гъун → | - «*абы* ар *хуогъу*»; | - « ар <u>*абы*</u> хуогъу»; |
| - **хэ**щӏын → | - «*абы* ар *хощӏ*»; | - «ар <u>*абы*</u> хощӏ»; |
| - **фӏэ**щӏын; → | - «*абы* ар -зыгуэру- *фӏощӏ*»; | - «ар <u>*абы*</u> -зыгуэру- фӏощӏ»; |
| - **лъы**сын → | - «*абы* ар *лъос*»; | - «ар <u>*абы*</u> лъос»; |
| - **гуры**ӏуэн → | - «*абы* ар гуроӏуэ (*къыгуро*ӏ*уэ*)»; | - «ар <u>*абы*</u> гуроӏуэ» (зыр зым...; зэгуроӏуэ) |
| - **ӏэщӏэ**хьэн; → | - «*абы* ар ӏ*эщӏохьэ*»; | - «ар <u>*абы*</u> ӏэщӏохьэ»; |
| - **хуэ**фэщэн* → | - «*абы* ар *хуофащэ – хуэфащэщ**»; | - «ар <u>*абы*</u> хуофащэ – хуэфащэщ*»; |
| - **щы**гъупщэн → | - «*абы* ар *щогъупщэ*»; | - «ар <u>*абы*</u> щогъупщэ»; |
| - **кӏэры**пщӏэн → | - «*абы* ар *кӏэропщӏэ*»; | - «ар <u>*абы*</u> кӏэропщӏэ»; |
| - **хури**къун → | - «*абы* ар *хурокъу*»; | - «ар <u>*абы*</u> хурокъу»; |
| - **щы**ун → | - «*абы* ар *щоу*»; | - «ар <u>*абы*</u> щоу»; |
| - **те**ун → | - «*абы* ар *тоу*»; | - «ар <u>*абы*</u> тоу»; |
| - **къыхуэ**нэн → | - «*абы* ар *къыхуонэ*»; | - «ар <u>*абы*</u> къыхуонэ»; |
| - **хухэ**тын* → | - «абы ар хухот – хухэтщ*»; (псикэ) | - «ар <u>*абы*</u> хухот – хухэтщ*»; (псикэ) |
| - **къыхухэ**хьэн → | - «*абы* ар *къыхухохьэ*»; | - «ар <u>*абы*</u> къыхухохьэ»; |
| - **хузэфӏэ**кӏын → | - «*абы* ар *хузэфӏокӏ*»; | - «ар абы хузэфӏокӏ». |

**Мыхэр ди щапхъэу ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол″ лэжьэкӏэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр.**

Япэрауэ, мы къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэр ″*″ нэгъыщэкӏэ къыхэдгъэщащи, ахэр мы ″глагол гуп″ым зэрыхиубыдэм хуэдэжу ″статя глагол″ гупми хиубыдапхъэу зэрыщытыр къыхэдгъэщынщ.

Мыбы нэмыщӏ, таблицэм гулъытэ хуэщӏыпхъэ гуэрхэри къыщыхэгъэщагъэххэщи, мыпхуэдэхэм щыщу аргуэру зи гугъу тщӏыпхъэхэри илъабжьэм къыщыхэдгъэщыжынщ.

Мы зэрыжытӏауэ, таблицэм къыщыгъэлъэгъуа глагол щапхъэхэм *мыхьэнитӏ* зиӏэхэр яхэтщи, мы я *мыхьэнитӏкӏи "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол"*у лъытапхъэхэр язэрыхэтым хуэдэжу, я мыхьэнитӏым и *зы мыхьэнэм теухуауэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол"*хэри щыӏэщ.

Мы къэта *глагол щапхъэхэр мы "глагол гуп"ым хиубыдэ* глаголхэрщ, ауэ мыхэр мы *"глагол гуп"ым теухуа глагол псорикӏкъым*.

Нытӏэ, мыбыхэм нэмыщӏ къыхэгъэщыпхъэхэми илъабжьэм я гугъу щытщӏынщ.

*

Зэрыгурыӏуэгъуэу, ипэкӏэ *игъуэ "префикс"*кӏэ ухуарэ *"езырыж префиксиал глагол"*хэу утыку къихьарэ мы *"глагол гуп"ым лъабжьэрэ лъагъуэ къыхуэхъуа*уэ лъытапхъэ гуэрхэм я лэжьэкӏэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, абыхэм *лэжьэкӏитӏ*ри *хуиту зэраӏэу щыта*ри гурыӏуэгъуэщ. Икӏи, мы *лэжьэкӏитӏ*ыр *зэраӏэм папщӏ*эщ икӏи *мы "глагол гуп"ым лъагъуэрэ лъабжьэ* щӏыхуэхъуахэр. Ауэ, ахэр лъабжьэ зыхуэхъуу ухуауэ лъытапхъэ *мы "глагол гуп"ым хиубыдэ*у ипэкӏэ зи лэжьэкӏэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа *глаголхэм* -абыхэм хуэдэу- *хуиту лэжьэкӏитӏ зэрамы*ӏэр зэрыгулъытапхъэр мы къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр.

Аращи, *щхьэху*эрэ езым хуэӏуа мы *"глагол гуп"*ым хиубыдэ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол"* псоми *"езырыж префиксиал глагол" лэжьэкӏ*э зэрамыӏэрэ язэры*хуэмыигъуэ*р гурыӏуэгъуэщи, нытӏэ, мыпхуэдэ *лэжьэкӏи зи*ӏэхэм теухуа *щапхъ*эхэр къэдгъэлъагъуэжу, -зы*хуэмыигъуэ*хэри нэщӏы къэгъэнауэ- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - **хэ**ӏэн → | - «*абы* ар *хо*ӏэ» (псикэ); | - «ар <u>*абы*</u> хоӏэ» (физикэ); |
| - **щӏэ**нын → | - «*абы* ар *щӏон*»; | - «ар <u>*абы*</u> щӏон»; |
| - **щы**хъун → | - «*абы* ар *-зыгуэру- щохъу*»; | - «ар <u>*абы*</u> *-зыгуэру-* щохъу»; |
| - **фӏэ**хъун → | - «*абы* ар *фӏохъу*» (*зыгуэру е л*ӏыгъэкӏэ*)* | - «ар <u>*абы*</u> фӏохъу» (*л*ӏыгъэкӏэ*)* |
| - **хуэ**хъун → | - «*абы* ар *хуохъу*»; (хуэфӏщ, папщӏэ) | - «ар <u>*абы*</u> хуохъу»; (папщӏэ) |
| - **пэ**хъун → | - «*абы* ар *похъу*»; (пышэгъу) | - «ар <u>*абы*</u> похъу»; (пышэгъу) |
| - **щы**гъын* → | - «*абы* ар *щогъ – щыгъщ**»; | - «ар <u>*абы*</u> щыгъщ*»; |
| - **хуэ**гъун → | - «*абы* ар *хуогъу*»; | - |
| - **хэ**щӏын → | - «*абы* ар *хощ*ӏ»; | - |

| | | |
|---|---|---|
| - **фӀэ**щӀын; → | - «*абы* ар -зыгуэру- *фӀощӀ*»; | - «ар <u>*абы*</u> -зыгуэру- фӀощӀ»; |
| - **лъы**сын → | - «*абы* ар *лъос*»; | - «ар <u>*абы*</u> лъос»; |
| - **гуры**Ӏуэн → | - «*абы* ар гуроӀуэ» (къыгуроӀуэ) | - «ар <u>*абы*</u> гуроӀуэ» (зыр зым; зэгуроӀуэ) |
| - **Ӏэщ**Ӏ**э**хьэн; → | - «*абы* ар *ӀэщӀохьэ*»; | - «ар <u>*абы*</u> ӀэщӀохьэ»; |
| - **хуэ**фэщэн* → | - «*абы* ар *хуофащэ – хуэфащэщ**»; | - «ар <u>*абы*</u> хуофащэ – хуэфащэщ*»; |
| - **щы**гъупщэн → | - «*абы* ар *щогъупщэ*»; | - |
| - **кӀэры**пщӀэн → | - «*абы* ар *кӀэропщӀэ*»; | - «ар <u>*абы*</u> кӀэропщӀэ»; |
| - **хури**къун → | - «*абы* ар *хурокъу*»; | - «ар <u>*абы*</u> хурокъу»; |
| - **щы**ун → | - «*абы* ар *щоу*»; | - |
| - **те**ун → | - «*абы* ар *тоу*»; | - |
| - **къыхуэ**нэн → | - «*абы* ар *къыхуонэ*»; | - «ар <u>*абы*</u> къыхуонэ»; |
| - **хухэ**тын* → | - «абы ар хухот – хухэтщ*»; (псикэ) | - |
| - **къыхухэ**хьэн → | - «*абы* ар *къыхухохьэ*»; | - |
| - **хузэфӀэ**кӀын → | - «*абы* ар *хузэфӀокӀ*»; | - |

"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол" щыжытӀэм деж, мыр - *нэхъыбэ*у- *цӀыху нэрыбгэ*р зи "*субъект*"у лэжьэкӀэ зиӀэу аращи, ипэкӀи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, къэхъу-къэщӀыгъуэ лӀэужьыгъуэу "объектив"у утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр а "езырыж глагол"ым и "субъект"у щытми, "щхьэм хуэлэжэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"у лӀэужьыгъуэу щылъытэм деж, мыпхуэдэ къэхъу-къэщӀыгъуэр глаголым "объект" хуэхъуну аращ. ИкӀи зэрыжытӀауэ, "субъект"ыр цӀыху нэрыбгэу щытмэ, мы къэхъу-къэщӀыгъуэр нэхъ ткӀийуэ глагол "объект"щ. Аращи, къэхъу-къэщӀыгъуэ лӀэужьыгъуэ мыхьэнэ зиӀэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"хэм мы къэхъу-къэщӀыгъуэ лӀэужьыгъуэр "субъект" зэрыхуэмыхъунур гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, мыпхуэдэ глаголхэм "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкӀи ягъуэтынкъым. Мыращ мы ипэкӀэ къэта глаголхэм я етӀуанэ лэжьэкӀэхэр -"езырыж префиксиал глагол" лэжьэкӀэхэр- зэрамыӀэм лъабжьэ хуэхъур. Мыпхуэдэу зэрыщытыр нэхъ ӀупщӀ зэрыхъунури глагол "субъект"ыр цӀыху нэрыбгэу –"субъектив"у-къыщыгъэлъагъуэрращи, иужькӀэ мыпхуэдэ щапхъэи къэдгъэлъэгъуэнщ.

Дауи, мы "*глагол гуп*"ым хиубыдэ *глагол гуэрхэм* я етӀуанэ лэжьэкӀэ - "*езырыж префиксиал глагол*" *лэжьэк*Ӏэ- *зэрамы*Ӏэр нэрылъагъущи, мыпхуэдэу зэрыщытым лъабжьэ хуэхъуу мы къыхэдгъэщахэри щапхъэ гуэрхэм теухуауэ мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ:

| |
|---|
| - «цӀыхум хуэӀуащ зыхуэпэнри, "щыгъын" глаголым хуэфащэ "субъект"ри цӀыху |

нэрыбгэращ; зыщыгъращ "субъект"ри, абы щыгъыр -мы "щыгъын" глагол лэжьэкӀэм- и "объект"щ; ауэ физикэу зы фащэрэ щыгъыныр "статя"у зыгуэрым щыгъыу лъытэфынщ (ар <u>*абы*</u> щыгъщ*)»;
- «мыпхуэдэщи, хуэхъур зы "вакъэ"рамэ, вакъэр зыхуэхъуращ "хуэхъун" глагол "субъект"ри, абы хуэфӀ хъурэ хуэхъу "вакъэ"ри "объект"щ»;
- «"зыщыу"рэ "зытеу"р "щыун, теун" глаголым "субъект" хуэхъуращи, абы "щыу"рэ "теу"ри мыпхуэдэ лъытэкӀэу мы глаголхэм я "объект"щ»;
- «"зыхухэт"у ялъытэри цӀыху нэрыбгэращи, "субъект"ырщ; мыпхуэдэ Ӏуэху глагол лэжьэкӀэм и "объект"ри "субъект"ым "хухэт"ращ»;
- «"къызхухэхьэ"у лъытэр –икӀи цӀыху нэрыбгэщ- глагол "субъект"щ; ауэ, абымы къыхухэхьэу зи гугъу тщӀыр "субъект" хъункъыми, мы глаголым и "объект"щ»;
- «"зыхузэфӀэкӀ"ращ "субъект"ри, зэфӀэкӀыр "субъект"у "зыхузэфӀэкӀ"ым теухуэу аракъым».

*

"*Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэр "*субъект*"*ым езым и щхьэращ зыхуэлэжьэжрэ къызрик*Ӏ*уэ*ри, мыпхуэдэ щӀыкӀэри "*къ*" *префикс*кӀэ къэӀуэтэныр зэры*игъуэ*ри гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, щапхъэу къэдгъэлъэгъуа глагол гуэрхэри "къ" префикскӀэ ухуагъэххэщи, нытӀэ, ахэр "щхьэм къырикӀуэрэ хуэлэжьэж Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэу зэрылэжьэфынур мы я "къ" префиксымкӀэщ. Аращи, мы къэта глагол щапхъэ гуэрхэр "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ*"*у гуры*Ӏ*уэгъуэ зэрыхъу* щӀыкӀэр е *нэхъ гуры*Ӏ*уэгъуафӀэ зэрыхъу*р "*къ*" *префикс*кӀэ*щ*.

Ауэ, мы "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэр "*езырыж префиксиал глагол*"*у лэжьэн папщ*Ӏэ, "*къ*" *префикс* зэры*хуэмыныкъуэ*ри къыхэгъэщыпхъэщ.

Ауэ икӀи, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*" щапхъэу къэдгъэлъэгъахэм щыщ *гуэрхэм* "*къ*" *префикс*и зэры*хуэмыныкъуэ*рэ зэрыхуэмейри гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэмкӀэ гурыӀуэгъуэщи, мы гупым хиубыдэу къэта *глагол* щапхъэ *гуэрхэр* "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ*"*у гуры*Ӏ*уэгъуэ хъун папщ*Ӏэ, "*къ*" *префикс* къищтэн хуейщ; мыпхуэдэу зэрыщытми зэрезэгъкӀэ *глагол* щапхъэ *гуэрхэри* "*къ*" *префикс*кӀэ *ухуагъэххэ*щ; *глагол* щапхъэ *гуэрхэри* "*къ*" *префикс*и къищтэмэ "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэу*"*у нэхъ гуры*Ӏ*уэгъуафӀ*э хъунщ; *глагол* щапхъэ *гуэрхэри* "*къ*" *префикс хуэмыныкъу*эрэ *хуэмей*уэщ "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ*"у зэрылажьэр.

Дауи, мы къыхэдгъэщахэри а *глаголхэм* я *мыхьэнэращ зэлъытари*, ипэкӀэ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"* щапхъэу къэдгъэлъэгъуауэ щытахэм щыщу *"къ" префикскӀэ ухуагъэххэхэм* нэмыщӀ, *"къ" префикс къищтэн зыхуэныкъуэрэ зыхуэфӀхэр "къ" префикскӀэ* ухуауэ; *"къ" префикс къищтэн зыхуэмыныкъуэрэ хуэмейр* зэрыщыту къызэрыгъэлъэгъуэжауэ, я лэжьэкӀэ щапхъэхэри къакӀэлъыкӀуэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - **хэ**Ӏэн → **къыхэ**Ӏэн → | - «*абы* ар *къыхо*Ӏэ» (псикэ); |
| - **щӀэ**нын → **къыщӀэ**нэн → | - «*абы* ар *къыщӀон*»; |
| - **щы**хъун → **къыщы**хъун → | - «*абы* ар *-зыгуэру- къыщохъу*»; |
| - **фӀэ**хъун → **къыфӀэ**хъун → | - «*абы* ар *къыфӀохъу*» (*зыгуэру е лӀыгъэкӀэ)* |
| - **хуэ**хъун → | - «*абы* ар *хуохъу*»; (хуэфӀщ, папщӀэ) |
| - **пэ**хъун → | - «*абы* ар *похъу*»; (пышэгъу) |
| - **щы**гъын* → | - «*абы* ар *щогъ – щыгъщ**»; |
| - **хуэ**гъун → **къыхуэ**гъун → | - «*абы* ар *къыхуогъу*»; |
| - **хэ**щӀын → | - «*абы* ар *хощӀ*»; |
| - **фӀэ**щӀын → **къыфӀэ**щӀын → | - «*абы* ар -зыгуэру- *къыфӀощӀ*»; |
| - **лъы**сын → **къылъы**сын → | - «*абы* ар *къылъос*»; |
| - **гуры**Ӏуэн → **къыгуры**Ӏуэн → | - «*абы* ар *къыгуро*Ӏ*уэ*»; |
| - **Ӏэщ**Ӏ**э**хьэн → **къы**Ӏ**эщ**Ӏ**э**хьэн → | - «*абы* ар *къы*Ӏ*эщ*Ӏ*охьэ*»; |
| - **хуэ**фэщэн* → | - «*абы* ар *хуофащэ – хуэфащэщ**»; |
| - **щы**гъупщэн → | - «*абы* ар *щогъупщэ*»; |
| - **кӀэры**пщӀэн → **къыкӀэры**пщӀэн → | - «*абы* ар *къыкӀэропщ*Ӏэ»; |
| - **хури**къун → | - «*абы* ар *хурокъу*»; |
| - **щы**ун → | - «*абы* ар *щоу*»; |
| - **те**ун → | - «*абы* ар *тоу*»; |
| - **къыхуэ**нэн → | - «*абы* ар *къыхуонэ*»; |
| - **хухэ**тын* → | - «*абы* ар *хухот – хухэтщ**»; (псикэ) |
| - **къыхухэ**хьэн → | - «*абы* ар *къыхухохьэ*»; |
| - **хузэфӀэ**кӀын → | - «*абы* ар *хузэфӀок*Ӏ». |

**"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"хэм цӀыху нэрыбгэ -"субъектив щхьэ"- зэрыхиубыдэ я лэжьэкӀэхэм теухуауэ.**

Мы псэлъащхьэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуищӀыу *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"*хэр *цӀыхум теухуа*уэ зэрылажьэ щапхъэхэрщ мыбдежым къэдгъэлъэгъуэнухэри, икӀи мы "глагол гуп"ыр зыхуэигъуэри нэхъыбэу цӀыхум теухуауэу, глагол "субъект"ыр цӀыху нэрыбгэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. ИпэкӀэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол" щапхъэхэр "ещанэ щхьэ"р зи "субъект"у

зэрыщытым теухуащ; ауэ, *глагол "субъект"ыр цӀыху нэрыбгэу* зэрыщытыр *нэхъ наӀуэ зэрыхъунури цӀыхум хуэӀуа "цӀэпапщӀэ"рэ "цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"*кӀэ -*"субъектив субъект"у- лъытэнращ*.

НытӀэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"*хэр *цӀыху нэрыбгэ –"субъектив щхьэ"*- зыхиубыдэу мы илъабжьэм къэдгъэлъэгъуэну *лэжьэк*Ӏэ *щапхъэхэр* япэрауэ зы "субъект щхьэ" зыхиубыдэу; глагол *"субъект"*ыр *цӀыху нэрыбгэ*у зэрыщытыр наӀуэ къэзыщӀ *"субъектив субъект"* лӀэужьыгъуэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

ИкӀи, ипэкӀи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, мы *"глагол гуп"*ым хиубыдэ *глагол гуэрхэр "субъект"ым и "щхьэм хуэлажьэрэ къырикӀуэ"*у къэӀуэтэныр *"къ" префикс*кӀэ *нэхъ игъуэ*у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, *"къ" префикс*кӀэ ухуэныр *нэхъ зыхуэигъуэ* глаголхэри "инфинитив"у "къ" префикскӀэ ухуауэ зэрылъытауэ я лэжьэкӀэ щапхъэхэр къэтхьынщ.

НытӀэ, мы къыхэдгъэщахэм зэрезэгъкӀэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"*хэр я глагол *"субъект"ыр цӀыху* нэрыбгэу – *"субъектив субъект"*у- глагол *"объект"*ри *"ещанэ щхьэ"рэ цӀыхуу щымыту* мы *"глагол гуп"ым хиубыдэу зэрылажьэ* щапхъэхэмрэ, икӀи мы глаголхэм щыщу *"езырыж префиксиал глагол"* лэжьэкӀи зыгъуэтхэм теухуа щапхъэхэри –глагол *"субъект"ыр "ещанэ щхьэ"*рэ *цӀыхуу щымыту*, *"дополненэ"*ри *цӀыху* нэрыбгэу (*"субъектив щхьэ"*уэ) щыту-къэдгъэлъэгъуэнщи, тежыӀыхьыпхъэхэри къыпытщэнщ:

| **"Щхьэм хуэлэжь. къырикӀуэ Ӏуэху гл."хэр** | **И "субъект"ыр цӀыху нэрыбгэу –"субъектив субъект"у зэрылажьэ щапхъэхэр** | **"Езырыж префиксиал глагол"у зэрылажьэ щапхъэхэр** |
|---|---|---|
| - **къыхэ**Ӏэн → | - «*уэ* ар *къы**п**хо*Ӏэ» (псикэ); | - «ар *уэ* къы***п***хоӀэ» (физикэ); |
| - **къыщӀэ**нын → | - «*уэ* ар *къы**п**щӀон*»; | - «ар *уэ* къы***п***щӀон»; |
| - **къыщы**хъун → | - «*уэ* ар -*зыгуэру*- *къы**п**щохъу*»; | - |
| - **къыфӀэ**хъун → | - «*уэ* ар *къы**п**фӀохъу*»; (*зыгуэру е лӀыгъэк*Ӏэ*)* | - «ар *уэ* къы***п***фӀохъу»; (*лӀыгъэк*Ӏэ*)* |
| - **хуэ**хъун → | - «*уэ* ар ***п**хуохъу*»; (хуэфӀ, папщӀэ) | - «ар *уэ* ***п***хуохъу»; (папщӀэ) |
| - **пэ**хъун → | - «*уэ* ар ***п**похъу*»; (пышэгъу) | - «ар *уэ* ***п***похъу»; (пышэгъу) |
| - **щы**гъын* → | - «*уэ* ар ***п**щогъ* – ***п**щыгъщ**»; | - «ар *уэ* ***п***щыгъщ*»; |
| - **къыхуэ**гъун → | - «*уэ* ар *къы**п**хуогъу*»; | - «ар *уэ* къы***п***хуогъу»; |
| - **хэ**щӀын → | - «*уэ* ар ***п**хощ*Ӏ»; | - |
| - **къыфӀэ**щӀын → | - «*уэ* ар -зыгуэру- *къы**п**фӀощ*Ӏ»; | - «ар *уэ* -зыгуэру-къы***п***фӀощӀ»; |
| - **къылъы**сын → | - «*уэ* ар *къы**п**лъос*»; | - «ар *уэ* къы***п***лъос»; |
| - **къыгуры**Ӏуэн → | - «*уэ* ар *къы**б**гуро*Ӏ*уэ*»; | - |

| | | |
|---|---|---|
| - **къыӀэщӀэ**хьэн → | - «*уэ ар къы**п**Ӏэщ*Ӏ*охьэ*»; | - «ар уэ къы**п**ӀэщӀохьэ»; |
| - **хуэ**фэщэн* → | - «*уэ ар **п**хуофащэ – **п**хуэфащэщ**»; | - «ар уэ **п**хуофащэ – **п**хуэфащэщ*»; |
| - **щы**гъупщэн → | - «*уэ ар **п**щогъупщэ*»; | - |
| -**къыкӀэры**пщӀэн→ | - «*уэ ар къы**п**к*Ӏ*эропщ*Ӏэ»; | - «ар уэ къы**п**кӀэропщӀэ»; |
| - **хури**къун → | - «*уэ ар **п**хурокъу*»; | - «ар уэ **п**хурокъу»; |
| - **щы**ун → | - «*уэ ар **п**щоу*»; | - |
| - **те**ун → | - «*уэ ар **п**тоу*»; | - |
| - **къыхуэ**нэн → | - «*уэ ар къы**п**хуонэ*»; | - «ар уэ къы**п**хуонэ»; |
| - **хухэ**тын* → | - «*уэ ар **п**хухот – **п**хухэтщ**»; (псикэ) | - |
| - **къыхухэ**хьэн → | - «*уэ ар къы**п**хухохьэ*»; | - |
| - **хузэфӀэ**кӀын → | - «*уэ ар **п**хузэф*Ӏ*ок*Ӏ»; | - |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ЗэрыгурыӀуэгъуэу, глагол "*субъект*"у щыт "*уэ*"м теухуа "Ӏ*уэху*" лӀэужьыгъуэ "*ц*Ӏ*эпапщ*Ӏ*э гъэлъагъуэ*"р "Ӏ*уэху*" лӀэужьыгъуэу -"*б*"; къэӀукӀэкӀи зэрызэхъуэкӀыу "*п, п*Ӏ"уэ- "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"ым и "*лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм я *ищхьэм* къызэрыпыхьэр нэрылъагъуущ. Ауэ, "*къ*" *префикси* зиӀэ "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэм я "*лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм мы "*субъект ц*Ӏ*эпапщ*Ӏ*э гъэлъагъуэ*"р ("*б*"; "*п, п*Ӏ") "*къ*" *префиксым къык*Ӏ*элъык*Ӏ*уэу* зэрыщытри къэта щапхъэхэмкӀэ нэрылъагъущи, мыпхуэдэу щӀыщытри -"къ" макъым и мыхьэнэрэ игъэзащӀэ къалэным зэрезэгъкӀэ- мы *къэхъуныгъэр* глагол "*субъект*"*ым къыхуэк*Ӏ*уэу* зэрыщытым папщӀэщ.

- Аращи, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэр *нормал глагол* лӀэужьыгъуэу "*префиксиал глагол*" *л*Ӏ*эужьыгъуэрщи, глагол лэжьэк*Ӏ*эр* мы *зэрыщыту* "*субъект*"*ым* зэры*теухуа*м папщӀэ, "*субъект ц*Ӏ*эпапщ*Ӏ*э гъэлъагъуэ*"р (*п*) глагол *префиксхэми* (**хузэфӀэ**кӀын) *ищхь*эм къыпыхьэущ "глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ"хэм (***п****хузэф*Ӏ*ок*Ӏ) зэрыхиубыдэр. Ауэ, фӀэкӀыпӀэ имыӀэу "*префиксиал глагол*"у щыт "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"хэм мы я *префиксхэм ипэ* "**къ**" *префикси къыпытыжмэ* (**къыхуэ**гъун), "*къ*" *мак*ъым и *мыхьэн*эмрэ игъэзащӀэ *префикс къалэн*ым зэрезэгъкӀэ, "къ"ыр "*субъект ц*Ӏ*эпапщ*Ӏ*э гъэлъагъуэ*"ми (*п*) *ипэ* къихуэущ (*къы****п****хуогъу*) "*глагол лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"м зэрыхиубыдэри, мыпхуэдэуи мы глагол мыхьэнэ *къэхъуныгъэр* "*субъект*"*ым къызэрыхуэк*Ӏ*уэ*р мэлъытэр.

- Мыбыхэм нэмыщӀ, мыхэри къыхэгъэщыпхъэщ:

| |
|---|
| - "къыщыхъун; хэщӀын; къыгурыӀуэн; щыгъупщэн; "щыун, теун"; "хухэхьэн, хухэтын"; хузэфӀэкӀын" глаголхэр "субъект"ым и кӀуэцӀым –игум- щызекӀуэу е и къарукӀэ къекӀуэкӀыу зэрыщытым папщӀэ, "объект" лъэныкъуэкӀэ къэӀуэтэн игъуэкъыми, "езырыж глагол" лэжьэкӀи игъуэтынкъым.<br>- "къыхэӀэн"ыр "псикэ" лӀэужьыгъуэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ |

| |
|---|
| Iуэхугъуэ"ущ зэрылэжьэнур; ауэ, "физикэ" лIэужьыгъуэу лъэныкъуитIкIи лэжьэнщи, "езырыж глагол"уи къэIуапхъэщ.<br>- "къыфIэхъун"ыр "зыгуэру къызэрыфIэхъу - къызэрыщыхъу"у зэрылъытапхъэм нэмыщI, "субъект"ым "лIыгъэкIэ"кIэ къэфIэхъури зылъытэрщи, мыпхуэдэу къэхъур "езырыж глагол"уи лэжьэфынщ.<br>- "хуэхъун" глаголым и зы мыхьэнэр "субъект"ым зыгуэр (пп: "вакъэ"р) "хуэфI хъун"ращи, мыр "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол" лэжьэкIэ зиIэрщ; адрей и зы мыхьэнэри зыгуэрым "папщIэ хъун"ыгъэрщи, мыр икIи "езырыж глагол" лэжьэкIэуи къэIуэтэфын: «ар <u>уэ</u> пхохъу».<br>- "щыгъын"ыр зыщыгъ "субъект"кIэ къэIуэтапхъэщ, ауэ "субъект"ым щыгъри ("объект"ри) "статя"у щыгъыу лъытэфынщ. |

*

"Щхьэм хуэлэжьэрэ къырикIуэ Iуэху глагол"хэм я лэжьэкIэхэм зэмылIэужьыгъуэ "щхьэ" зэрыхиубыдэм теухуа щапхъэхэр мы ипэкIэ къэдгъэлъагъуэу щыгъуазэ дахуэхъуащ; мы иужьрей я лэжьэкIэ щапхъэхэри зи "субъект"ыр цIыху нэрыбгэу щытхэм теухуащи, мыбдежми *глагол лэжьэкIэм хиубыдэ "щхьэ"хэр* зэрыщытыу *цIыху нэрыбгэу* -"*субъектив щхьэ*"хэу- зэрыщытым теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщи, дыкIэлъыплъыжыныр игъуэщ.

ИкIи гурыIуэгъуэщ дэтхэнэ зы *глагол*ым и *лэжьэкIэр и мыхьэнэращ зэлъытар*; ауэ икIи, дэтхэнэ зы *глаголыр зытеухуа* е зыхуэIуа *щыIэгъуэ лIэужьыгъуэ*хэри щыIэщ. Аращи, мы къыхэдгъэщахэм елъытауэ щытщ "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол*"хэми я лэжьэкIэри, мыпхуэдэу зэрыщытыр ипэкIи глагол лэжьэкIэхэр зэмылIэужьыгъуэ "щхьэ"хэм елъытауэ зэрызэщхьэщыкIми гулъытэ щыхуэтщIауэ щытщ. НытIэ, мыбдежми мы глаголхэр *цIыху нэрыбгэ "щхьэ"* лIэужьыгъуэхэр – "*субъектив щхьэ*"хэр- зыхиубыдэу зэрылажьэ щIыкIэми мыпхуэдэ лъэныкъуэкIи гулъытэ яхуэтщIынщ.

ИпэкIэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"хэр ипэкIэ зэмылIэужьыгъуэ "щхьэ"хэр "субъект, объект" лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэмрэ, икIи абыхэм щыщу "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкIи зиIэхэм хиубыдэ "щхьэ"хэр "субъект, дополненэ" лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, нытIэ, мыбдежми мы *глагол*хэм мыпхуэдэ я *лэжьэк*Iэхэм хиубыдэ "*щхьэ*"хэр *цIыху нэрыбгэ* лIэужьыгъуэ защIэу -"*субъектив щхьэ*"хэу- зэрылъыта щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэу, къыхэгъэщыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **"Щхьэм хуэлэжь. къырикIуэ Iуэху** | **"Субъект"ыр цIыхурэ "объект"ыр цIыхуу** | **"Езырыж префиксиал глагол"у зэрылажьэ** |
|---|---|---|

| **гл."хэр** | **щымыту зэрылажьэ щапхъэхэр** | **щапхъэхэр** |
|---|---|---|
| - **къыхэ**lэн → | - «*уэ* сэ сы*къы***п***хо*lэ» (псикэ); | - |
| - **къыщlэ**нэн → | - «*уэ* сэ сы*къы***п***щ*l*он*»; | - «сэ *уэ* сыкъы**п**щlон»; |
| - **къыщы**хъун → | - «*уэ* сэ -*зыгуэру*- сы*къы***п***щохъу*»; | - |
| - **къыфlэ**хъун → | - «*уэ* сэ сы*къы***п***ф*l*охъу*» (*зыгуэру е л*lыгъэкlэ) | - «сэ *уэ* сыкъы**п**фlохъу» (*л*lыгъэкlэ) |
| - **хуэ**хъун → | - «*уэ* сэ сы**п***хуохъу*»; (хуэфl, папщlэ) | - «сэ *уэ* сы**п**хуохъу»; (папщlэ) |
| - **къыпэ**хъун → | - «*уэ* сэ сы*къы***п***похъу*»; (пышэгъу) | - «сэ *уэ* сыкъы**п**похъу»; (пышэгъу) |
| - **щы**гъын* → | - | - |
| - **къыхуэ**гъун → | - «*уэ* сэ сы*къы***п***хуогъу*»; | - «сэ *уэ* сыкъы**п**хуогъу»; |
| - **хэ**щlын → | - | - |
| - **къыфlэ**щlын → | - «*уэ* сэ -зыгуэру- сы*къы***п***ф*l*ощ*l»; | - |
| - **къылъы**сын → | - «*уэ* сэ сы*къы***п***лъос*»; | - «сэ *уэ* сыкъы**п**лъос»; |
| - **къыгуры**lуэн → | - «*уэ* сэ сы*къы***б***гуро*l*уэ*»; | - |
| - **къыlэщlэ**хьэн → | - «*уэ* сэ сы*къы***п**l*эщ*l*охьэ*»; | - «сэ *уэ* сыны**п**lэщlохьэ»; |
| - **хуэ**фэщэн* → | - «*уэ* сэ сы**п***хуофащэ* – сы**п***хуэфащэщ**»; | - «сэ *уэ* сы**п**хуофащэ – сы**п**хуэфащэщ*»; |
| - **щы**гъупщэн → | - «*уэ* сэ сы**п***щогъупщэ*»; | - |
| - **къыкlэры**пщlэн→ | - «*уэ* сэ сы*къы***п***к*l*эропщ*l*э*»; | - «сэ *уэ* сыны**п**кlэропщlэ»; |
| - **хури**къун → | - «*уэ* сэ сы**п***хурокъу*»; | - «сэ *уэ* сы**п**хурокъу»; |
| - **щы**ун → | - | - |
| - **те**ун → | - | - |
| - **къыхуэ**нэн → | - «*уэ* сэ сы*къы***п***хуонэ*»; | - «сэ *уэ* сыкъы**п**хуонэ»; |
| - **хухэ**тын* → | - | - |
| - **къыхухэ**хьэн → | - | - |
| - **хузэфlэ**кlын → | - | - |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- "*Къызыхэ*l*эр, къызыщыхъур, къызыф*l*эщ*l*ыр, къызыгуры*l*уэр, зыщыгъупщэр*" мы глаголхэм "*субъект*" хуэхъухэращи, мы "*субъект*"*ым* мы "*къыхэ*l*эр, къыщыхъур, къыф*l*эщ*l*ыр, къыгуры*l*уэр*"и глаголым и "*объект*"ущ зэрылъытэр. Нытlэ, мы глаголхэм *ц*l*ыху нэрыбгэр* "*субъект*" зэрыхуэхъуфынум хуэдэжу "*объект*"и хуэхъуфынщ, *мы* "*субъектив щхьэ*"*хэр мы* "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*l*уэ* l*уэху глагол*" *лэжьэк*l*эм хиубыдэфынщ*. Аращи, мыхэр *зыхузэф*lэкlрэ зи лъэкlыныгъэр "*субъект*"ращи, "*объект*"*ым* езым *мы лъэк*l*ыныгъэхэр зи*lэм -"субъект"ым- *зыщиджыфынкъыми* (езыр абы и гум зыщиджыфынкъым), "*субъект*"*ым езым и* "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*l*уэ*" мы lуэхугъуэхэр "*объект*" *лъэныкъуэк*lэ -"езырыж глагол" лlэужьыгъуэу-*къэ*l*уэтэфынкъым* - лэжьэфынкъым.

- *"Щыун, теун"* глаголхэри мыпхуэдэщи, *цӀыхум щыурэ теур псикэ* мыхьэнэ зиӀэ *гуэрщ*, ауэ *цӀыхум цӀыху щыурэ теуу* зэрыщ*ымыт*ым папщӀэ, "щхьэм къырикӀуэу" икӀи и *"езырыж глагол" лэжьэкӀэу игъуэкъым*.

- Ар дыдэу, *псиксэ мыхьэнэ* зиӀэ *"хухэтын"*рэ *"къыхухэхьэн"* глаголхэри *цӀыхур зи "субъект"*у "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэхэрщ; ауэ, *цӀыхур зи "объект"у* къэӀуэтэныр зэры*имыгъу*эр гурыӀуэгъуэнщ; икӀи, дауи щырет цӀыхум езым и "щхьэм къырикӀуэ" мы Ӏуэхугъуэр "объект" лъэныкъуэкӀэ –*"езырыж глагол"* лэжьэкӀэу-*къызэрымы*Ӏ*уэтэн*ури гурыӀуэгъуэщ.

- *ЛъэкӀыныгъэ* лӀэужьыгъуэщ *"хузэф*Ӏ*экӀын"* глагол мыхьэнэри, *зыхузэфӀэкӀыр "субъект"* хуэхъуу лэжьэну *"щхьэм хуэлэжьэж"* лӀэужьыгъуэрщ; ауэ, зыхузэфӀэкӀым мы хузэфӀэкӀыр *зэфӀэкӀ лъэныкъуэк*Ӏэ *къызэрымы*Ӏ*уэтапхъ*эри гурыӀуэгъуэнщи, *"езырыж глагол"* лӀэужьыгъуэ лэжьэкӀэуи *къэ*Ӏ*уэтапхъэкъым*. Аращи, мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӀэ *"хузэфӀэкӀын" глаголми цӀыхур "объект" зэрыхуэмыхъу*фынури гурыӀуэгъуэщ.

- *ЦӀыхуращ "щыгъын" зыхуэ*Ӏ*уа*ри, "щыгъын" глаголым хуэигъуэ "субъект"ыр цӀыху нэрыбгэращ; ар щыхъукӀи, *езы цӀыхур* мыпхуэдэ зы глаголым *"объект"* зэры*хуэмыхъун*ури гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, "щыгъын" глаголыр цӀыху нэрыбгэ защӀэ "щхьэ" хиубыдэу -цӀыхур нэгъуэщӀ зы цӀыхум щыгъынкӀэ- лэжьэнкъым. Вакъэ щыгъынрэ щытӀэгъэнри мыпхуэдэщи, *"вакъэ"* зылъытэ мыхьэнэкӀи *"хуэхъун"* глаголри *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэу *цӀыхур зи "субъект"*ущ къызэрыӀуэтэнур, ауэ *цӀыхур зи "объект"у* къэӀуэтэнкъым. НытӀэ, *"щыгъын"* глаголымрэ вакъэ мыхьэнэкӀэ *"хуэхъун"* глаголым *"субъектив щхьэ" защ*Ӏэ зыхиубыдэу –и "субъект"рэ и "объект"ыр цӀыху нэрыбгэу- *лэжьэкӀэ игъуэтыкъым*.

- *"ХэщӀын"*ыр цӀыхум и лъэкӀыныгъэрэ къару куэдыгъуэ зылъытэрщи, глагол "субъект"ыр цӀыху нэрыбгэущ зэрылъытэнур; ауэ, зы цӀыхур нэгъуэщӀ зы цӀыхум зэрыхэмыщӀынум папщӀэ, "хэщӀын" глаголым "объект"ыр цӀыху нэрыбгэ –"субъектив объект"- зэрымыхъунури гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, хэщӀыр *зыхэщӀыр "субъект"ращи*, цӀыхум хэщӀыр *хэщӀ* –"объект"- *лъэныкъуэкӀи къэ*Ӏ*уэтапхъэкъым*; – *"хэщӀын"* глаголыр *"езырыж глагол"у лэжьапхъэкъым*.

- *"КъыфӀэхъун"* глаголым и зы мыхьэнэр "къыщыхъун, къыфӀэщӀын" мыхьэнэгъущ, адрей и мыхьэнэри "лӀыгъэрэ ерыщыгъэ"кӀэ "хъун" мыпхуэдэщи, мы тӀури "щхьэм къырикӀуэ" Ӏуэхугъуэу- *цӀыху*р зи *"субъект"*рэ *"объект"*у *къэ*Ӏ*уэтэнщ*. Ауэ, "къыфӀэхъун" глаголым икӀи *"лӀыгъэрэ ерыщыгъэ"*кӀэ *"хъун" мыхьэнэкӀэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ* Ӏ*уэху глагол" лэжьэк*Ӏэ зэры*имыгъуэ*р гурыӀуэгъуэщи, мыр езырыж глаголу зэрылэжьэфынури гурыӀуэгъуэщ. Мы жытӀахэм теухуащ ипэкӀэ къэта щапхъэхэри, мыбдежми

къыщцыдгъэлъэгъуэжынщ: «*уэ* сэ сы*къы****пф****lохъу*» (*зыгуэру е лlыгъэкlэ)*; «сэ <u>*уэ*</u> сы*къы****пф****lохъу*» (*лlыгъэкlэ)*.

- Цlыхум кlэрыпщlэныгъэ зэримылэр гурыlуэгъуэми, мыпхуэдэ щlыкlэу *егъэщхьыныгъэк*lэ бзэм щызекlуэ хъуащи, "*къыкlэрыпщlэн*" глаголыр "*щхьэм къырик*lуэ"*у ик*l*и* "*езырыж глагол*"у и *лэжьэк*lэ щапхъэхэри къэтащ. Мы къыхэдгъэщам нэмыщl, "къ" макъым и префикс къалэныр гурыlуэгъуэщ; ауэ, "къ" префикскlэ ухуа глаголу щытми, "къыпкъырыкlын" глаголым и "*езырыж глагол*" *лэжьэк*lэр "*субъект*"*ым* ("сэ"м) *къыпкъырык*lыу "<u>*дополненэ*</u>"м ("*уэ*"м) *хуэк*l*уэу зэрылъыт*энур нэхъ зыхуэигъуэри "*н*" *префикс*рауэ лъытапхъэщ. Мыпхуэдэщ "*къы*l*эщ*l*эхьэн*" глаголми и "*езырыж глагол*" *лэжьэк*lэр: «сэ <u>*уэ*</u> сыны<u>***п***</u>lэщlохьэ»; «сэ <u>*уэ*</u> сыны<u>***п***</u>кlэропщlэ».

- Ипэкlэ "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*l*уэ* l*уэху глагол*"хэр утыку къызэрихьэ лъагъуэм деж, абыхэм я "*лэжьэк*l*эу ухуа псалъэ*"хэр "*езырыж глагол*"рэ "l*уэху глагол*" *л*l*эужьыгъуит*lри зыхиубыдэу зэрыухуэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыбдежми "*субъектив щхьэ*"хэр зэрызыхиубыдэми теухуауэ мы "*глагол лэжьэк*l*эу ухуа псалъэ*"хэр *зэрызэпкъырыл*ъым аргуэру дыщеплъыжынщ:

| **"Щхьэм хуэлэжь. къырикlуэ lуэху глагол" лэжьэкlэрэ ухуэ и псалъэхэр зэрызэпкъырыхыпхъэхэр** | **Я "езырыж глагол" лэжьэкlэрэ ухуэ и псалъэхэр зэрызэпкъырыхыпхъэхэр** |
|---|---|
| «*уэ* сэ сы***п****щогъупщэ*»;<br>↓ ↓ ↓ ↓ ↓<br>1 2 3 4 5<br><br>1 – lуэху гл. "субъект" *(*l*уэху*);<br>2 – lуэху гл. "объект" (езырыж);<br>3 – "Объект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ" (езыжыр);<br>4 – "Субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ" *(*l*уэху*);<br>5 – "Ит зэман гъэлъагъуэ"; | «сэ <u>*уэ*</u> сы<u>***п***</u>щогъупщэ»;<br>↓ ↓ ↓ ↓ ↓<br>1 2 3 4 5<br><br>1 – Езырыж гл. "субъект" (езырыж);<br>2 – "Езырыж гл. "<u>*дополненэ*</u>" *(*l*уэху*);<br>3 – "Субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ" (езыжыр);<br>4 – "Дополненэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ" *(*l*уэху*);<br>5 – "Ит зэман гъэлъагъуэ". |

## "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ"КlЭРЭ ЩЫУХУЭМ НОРМАЛ "lУЭХУ ГЛАГОЛ" МЭХЪУХЭР

Гурыlуэгъуэщ "*езырыж глагол*" лlэужьыгъуэхэм "*гъэ*"*к*l*эрэ* "l*уэху глагол*" къазэрытехъукlри, мыпхуэдэу ухуа "lуэху глагол"хэм я лэжьэкlэри глагол "субъект"ым мы "езырыж глагол" мыхьэнэр – къэхъуныгъэрэ lуэхугъуэр (объект) игъэзэщlэнкlэ нэгъуэщl гуэрыр (дополненэ) хуит зэрищl е иригъэзащlэущ. Икlи, гурыlуэгъуэщ "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*l*уэ* l*уэху глагол*"хэр *нормал глаголу* "*езырыж*

*префиксиал глагол*"у зэрыухуари, нытӀэ, мыбыхэм "*гъэ*"*кӀэрэ къатехъукӀыну* "*Ӏуэху глагол*"хэри -мы зэрыжытӀауэ- "*езырыж префиксиал глагол*"*хэр* "*гъэ*"*кӀэрэ зэрыухуэ*у къатехъукӀ "*Ӏуэху глагол*" *лӀэужьыгъуэ*хэм хуэдэщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкӀэ "*ещанэ щхьэ*"р зи "*субъект*"у къэта *щапхъэ*хэм теухуауэ къэтхьынщ. ИкӀи мы ипэкӀэ зэрыжытӀауэ, "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"хэмрэ, абыхэм "*гъэ*" *къапыхьэу* зэрыухуэж "*Ӏуэху префиксиал глагол*"хэр къэдгъэлъэгъуэнщи, я лэжьэкӀэхэри къыпытщэжынщ:

| "**Щхьэм хуэлэжь. кърkӀуэ Ӏуэху гл.**" **щапхъэхэмрэ** "**гъэ**"**кӀэрэ** "**Ӏуэху префиксиал глагол**"**у зэрыухуэхэр** | "**Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху гл.**"**хэмрэ** "**гъэ**"**кӀэ зэрыухуа** "**Ӏуэху префиксиал глагол**"**хэм я лэжьэкӀэхэр** |
|---|---|
| - **хэ**Ӏэн → **хэ**гъэӀэн → | - «*абы* ар *хо*Ӏэ» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *хегъэ*Ӏэ»; |
| - **щӀэ**нын → **щӀэ**гъэнын → | - «*абы* ар *щӀон*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *щӀегъэн*»; |
| - **щы**хъун → **щы**гъэхъун → | - «*абы* ар *щохъу*» → «*абы* ар *щегъэхъу*»; |
| - **фӀэ**хъун → **фӀэ**гъэхъун → | - «*абы* ар *фӀохъу*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *фӀегъэхъу*»; |
| - **хуэ**хъун → **хуэ**гъэхъун → | - «*абы* ар *хуохъу*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *хуегъэхъу*»; |
| - **пэ**хъун → **пэ**гъэхъун → | - «*абы* ар *похъу*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *пегъэхъу*»; |
| - **щы**гъын* → **щы**гъагъын → | - «*абы* ар *щогъ – щыгъщ**» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *щегъагъ*»; |
| - **хуэ**гъун → **хуэ**гъэгъун → | - «*абы* ар *хуогъу*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *хуегъэгъу*»; |
| - **хэ**щӀын → **хэ**гъэщӀын → | - «*абы* ар *хощӀ*» → «*абы* ар *хегъэщӀ*»; |
| - **фӀэ**щӀын → **фӀэ**гъэщӀын → | - «*абы* ар *фӀощӀ*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *фӀегъэщӀ*»; |
| - **лъы**сын → **лъы**гъэсын → | - «*абы* ар *лъос*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *лъегъэс*»; |
| - **гуры**Ӏуэн → **гуры**гъэӀуэн → | - «*абы* ар гуроӀуэ» → «*абы* ар <u>*абы*</u> гурегъаӀуэ»; |
| - **Ӏэщӏэ**хьэн → **Ӏэщӏэ**гъэхьэн → | - «*абы* ар *ӀэщӀохьэ*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *ӀэщӀегъэхьэ*»; |
| - **хуэ**фэщэн* → **хуэ**гъэфэщэн → | - «*абы* ар *хуофащэ – хуэфащэщ**» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *хуегъэфащэ*»; |
| - **щы**гъупщэн → **щы**гъэгъупщэн → | - «*абы* ар *щогъупщэ*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *щегъэгъупщэ*»; |
| - **кӀэры**пщӀэн → **кӀэры**гъэпщӀэн → | - «*абы* ар *кӀэропщӀэ*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *кӀэрегъапщӀэ*»; |
| - **хури**къун → **хури**гъэкъун → | - «*абы* ар *хурокъу*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *хурегъэкъу*»; |
| - **щы**ун → **щы**гъэун → | - «*абы* ар *щоу*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *щегъэу*»; |
| - **те**ун → **те**гъэун → | - «*абы* ар *тоу*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *тырегъэу*»; |
| - **къыхуэ**нэн → **къыхуэ**гъэнэн → | - «*абы* ар *къыхуонэ*» → «*абы* ар <u>*абы*</u> *къыхуегъанэ*»; |
| - **хухэ**тын* → **хухэ**гъэтын → | - «*абы* ар *хухот – хухэтщ**» → ~~«*абы* ар <u>*абы*</u> *хухегъэт*»;~~ (игъуэкъым!) |

| | |
|---|---|
| - **къыхухэ**хьэн → **къыхухэ**гъэхьэн →<br><br>- **хузэфlэ**кlын → **хузэфlэ**гъэкlын → | - «*абы* ар *къыхухохьэ*» → ~~«*абы* ар *абы* *къыхухегъэхьэ*»~~; (игъуэкъым!)<br>- «*абы* ар *хузэфlокl*» → «*абы* ар *абы* хузэфlегъэкl»; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- ″Гъэ″кlэрэ нормал ″lуэху глагол″у ухуэжхэм я ″префикс″хэми елъытауэ ″дополненэ″и зэрагъуэтыр нэрылъагъущ; ауэ, глагол гуэрхэм я мыхьэнэхэми елъытащи, ″дополненэ″ зэрамыгъуэтыпхъэнури гурыlуэгъуэрэ нэрылъагъущ.

- ″Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″хэр ″гъэ″кlэрэ нормал ″lуэху глагол″у зэрыухуэм хуэдэжу, ″статя глагол″хэм(*) я лэжьэкlэхэри ″гъэ″кlэрэ зэрыкlуэдыр мы къэта щапхъэхэмкlэ нэрылъагъущ.

- Глаголхэр ″гъэ″кlэрэ щыухуэм деж, ″субъект″ым мы lуэхур нэгъуэщlым иригъэщlыу е нэгъуэщlым мы lуэхур ищlынкlэ хуит ищlыу мыхьэнэ егъуэтыр. Ауэ, глагол *мыхьэнэм елъыта*рэ зэрезэгъкlэ, *езы ″субъект″ым нэмыщlым ищlын*ыр *имыгъуэ ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*хэри щыlэщи, мыпхуэдэ глаголхэр ″*гъэ″кlэрэ зырымыухуапхъ*эри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″у ″гъэ″кlэрэ ухуахэм я лэжьэкlэ гущlыlур тетхъауэ къэдгъэлъагъуэу ″игъуэкъым″уи къыхэдгъэщащ.

## ″СТАТЯ ЗЫЛЪЫТЭРЭ КЪЭЗЫГЪЭЛЪУАГЪУЭ ГЛАГОЛ″ХЭМ (″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМ) ТЕУХУАУЭ

### ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мыбдежым зи гугъу тщlыну глаголхэри ипэкlэ зи гугъу тщlа глаголхэм елъытауэ щхьэхуэу лъытэн хуей лэжьэкlэ зиlэ глаголхэращ. Глаголхэр къызпкъырыкlэрэ къэзлэжьыым зэрелъытакlэрэ а нэхъ лъабжьэу ″езырыж глагол″рэ ″lуэху глагол″у класификацэ зэрыщlыпхъэу ипэкlэ къедгъэкlуэкlам нэмыщl, икlи ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″хэу мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуам нэмщыl, абыхэм къащхьэщыкlыныгъэ зиlэ зы класификэ лlэужьыгъуэщ мыбдежым зи гугъу тщlынур. Я бжыгъэкlэ адрей глаголхэм елъытауэ мащlэу щытми, мы зи гугъу тщlыну ″*глагол гуп*″ым хиубыдэ глаголхэр я *лэжьэкlэкlэ адрей глагол гуп псоми къащхьэщокlыр.*

Мы зэрыжытlауэ, ″ит зэманыгъуэ″мрэ ″иджы зэманыгъуэ″у зэрылажьэм елъытауэщ ″статя глагол″хэр нормал глаголхэм -″езырыж глагол″рэ ″lуэху глагол″хэм- къазэрыщхьэщыкlыр. Аращи, мы *адрей*

*глагол*хэм я *"ит зэман нэмыщl"* къэlуэтэкlэхэр *статя* зыгъуэта *псалъэ лlэужьыгъуэ*хэу зэрыщытри зэрыгурыlуэгъуэу, *"статя глагол"*хэм я "иджы зэманыъуэ"м *нэмыщl лэжьэк*lэхэмрэ *адрей глагол гуп*хэм *я "ит зэманыгъуэ"*м *нэмыщl лэжьэк*lэхэр *зэхуэдэ*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Аращи, *адрей глагол гуп*хэм я лэжьэкlэхэм *хуэмыдэ*у щыту *мы* зи гугъу тщlы *глагол гуп*ыр зытеухуар я *лэжьэк*lэкlэ **"статя зылъытэрэ къэзгъэлъагъуэ глагол"**хэращ (**"статя глагол"**). Зэрыгурыlуэгъуэу, *"глагол"* жыхуэтlэ псалъэр *хьэрычэт* мыхьэнэ зиlэрэ *"динамикэ псалъэ"*ущ зэрылъытапхъэри, нытlэ, мыбдежым зи гугъу тщlы *"статя глагол"* гуприи зэрытлъытэнур мы *хьэрычэт*ыр *къызэрыхъ*урэ *зэрызекlуэм елъытащ*.

Къызэрыхъурэ къыщыхъум елъытауэ лъытэн хуейщ *"сатятя гагол"*хэри "блекlа" е "къэкlуэну" зэман мыхъуу *"иджы зэман"*ым -ит зэманым- *елъытауэщ зэрылъытапхъэр*. *"Иджы зэман"*ым щыгъуэ и *лэжьэк*lэ*ращ "статя глагол"* жыхуэтlэхэр *адрей глагол гуп*хэм я *лэжьэк*lэ*хэм къазэрыщхьэщык*lыр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *адрей глагол*хэр зытеухуа *хьэрычэтыр утыку къыщихьэр лъытэфрэ къэlуэтэф* щхьэ, *"статя глагол"*хэр зы *статя зиlэххэу зекlуэ хьэрычэт*хэм теухуащи, мы хьэрычэтрэ lуэхугъуэр *иджым щыгъуэм зы статя зи*lэхх*эу лъытэфрэ къэlуэтэф* глаголхэращ *"статя глагол"* жыхуэтlэхэр.

Ипэкlэ зи гугъу тщlа глагол гупхэр -"статя глагол"у щымытхэр-зытеухуа *хьэрычэтыр къыщыхъу*у утыку къыщихьэр *"ит зэман"*у зэрылъытэфыр гурыlуэгъуэщи, *"статя глагол"*хэр зытеухуа хьэрычэтыр къыщыхъурэ утыку къыщихьар къызхэмыщ глаголхэрщ. Нытlэ, зытеухуа *хьэрычэтыр статус* зыгъуэтагъэххэрэ *стабилизацэ зиlэххэу къекlуэкlыу* зэрылъытэ глаголхэрщ мы "статя глагол" жыхуэтlэхэр. Мы зэрыжытlауэ, "ит зэманыгъуэ"мрэ "иджы зэманыгъуэ"у зэрылажьэм елъытауэщ "статя глагол"хэр нормал глаголхэм -"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол"хэм-къазэрыщхьэщыкlыр. Аращи, мы *адрей глагол*хэм я *"ит зэман нэмыщl"* къэlуэтэкlэхэр *статя* зыгъуэта *псалъэ лlэужьыгъуэ*хэу зэрыщытри зэрыгурыlуэгъуэу, *"статя глагол"*хэм я "иджы зэманыъуэ"м *нэмыщl лэжьэк*lэхэмрэ *адрей глагол гуп*хэм *я "ит зэманыгъуэ"*м *нэмыщl лэжьэк*lэхэр *зэхуэдэ*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Иужьрей ди лэжьыгъэхэм "глагол"хэр зэрылажьэ "зэманыгъуэ"хэми щыгъуазэ дыхуэхъунущи, *номрал глагол*хэм я *"ит зэман"*ым щыгъэзащlэм хуэдэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэщ *"статя*

*глагол"*хэри, ахэр *иджым статя зиӀэххэу зэрызекӀуэ*р къызэрыӀуатэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнущ. НытӀэ, *"статя глагол"*хэр *нормал глаголхэм къазэрыщхьэщыкӀ критер* нэхъыщхьэр *нормал глагол*хэм я *"ит зэманыгъуэ"* лэжьэкӀэм *ипӀэкӀэ "статя глагол"*хэр *"иджы зэманыгъуэ"*у зэрылажьэрауэ жыӀэпхъэнщ.

Мы зэрыжытӀауэ, "ит зэманыгъуэ"мрэ "иджы зэманыгъуэ"у зэрылажьэм елъытауэщ "статя глагол"хэр нормал глаголхэм -"езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол"хэм- къазэрыщхьэщыкӀыр. Аращи, мы *адрей глагол*хэм я *"ит зэман нэмыщӀ"* къэӀуэтэкӀэхэр *статя* зыгъуэта *псалъэ лӀэужьыгъуэ*хэу зэрыщытри зэрыгурыӀуэгъуэу, *"статя глагол"*хэм я "иджы зэманыъуэ"м *нэмыщӀ лэжьэк*Ӏэхэмрэ *адрей глагол гуп*хэм *я "ит зэманыгъуэ"*м *нэмыщ*Ӏ *лэжьэк*Ӏэхэр *зэхуэдэ*у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэми гурыӀуэгъуэ къызэрытхуащӀщи, *нормал глагол*хэм я *статя къэӀуэтэкӀэ*хэр *"ит зэманыгъуэ"м нэмыщӀ*ыу зэрыщыткӀэрэ *фунциал* лӀэужьыгъуэу зэры*щымыт*ыр гурыӀуэгъуэщ; ауэ, *"статя глагол"*хэр *иджым статя зиӀэхх*эу лажьэ глаголхэу зэрыщытым зэрезэкӀэ, *мы я статя лэжьэкӀэр* икӀи *функциал* лӀэужьыгъуэу зэры*щыт*ри гурыӀуэгъуэщ.

*

*"Статя глагол"*хэр зы статя къэзыгъэлъагъуэрэ зылъытэ глаголхэрщи, *зыгуэрыр а зэрыщытрэ езырыжу зы статя зэрит*рэ *статя зэриӀэххэу зэрызекӀуэ*м ("езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу) хуэдэжу, зы *Ӏуэхур* зы *статя зиӀэххэу зэрыгъэзащӀэр*и ("Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэу) зэрылъытэ глаголхэрщ. Мы псалъэми зэрезэгъкӀэ, *"статя глагол"*хэм *"езырыж глагол"* лӀэужьыгъуэрэ *"Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэхэр зыхеубыдэр. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, *дэтхэнэ зы глаголыр* къызпкъырыкӀрэ къэзлэжьым елъытауэ а нэхъ лъабжьэу *"езырыж глагол"*рэ *"Ӏуэху глагол"*у *зэрызэщхьэщык*Ӏыр гурыӀуэгъуэщи, *"статя глагол" гупым хиубыдэ* глаголхэри мы *гупым и кӀуэцӀк*Ӏэ мыпхуэдэу зэщхьэщокӀыр.

НытӀэ, *"статя глагол"*хэр "езырыж глагол"рэ "Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэу дауи щырет, зэрылэжьэнурэ къызэриӀуэтэну щӀыкӀэхэр а зэры*"щыт"*ыххэрэ а зэры*"щыӀэ"*ххэу зэрылъытэущи, мыпхуэдэ псалъэхэр зэрыухуэнуи щыӀэгъуэ зэрылъытэ *"щ" макъ кӀэухк*Ӏэрэщ. Аращи, *глагол*ыр зытеухуа *Ӏуэхугъуэр иджым къызэрекӀуэкӀ* щӀыкӀэр *"щ"*

*кӀэухкӀ*эрэ къэӀуатэу лэжьэкӀэ зыгъуэт глаголхэрщ "*статя глагол*" жыхуэтӀэхэр.

ГурыӀуэгъуэщ "*щ*" *мак*ъыр *кӀэух* зыхуэхъу дэтхэнэ зы псалъэм зы "*статус, статя*" къигъуэтрэ "*щыӀэ*" зэрыхъури, "щ"ыр кӀэух зыхуэхъу псалъэр *глаголу щымытми*, "*щ*" *макъыр* дэтхэнэ зы *псалъэм кӀэух* зэрыхуэхъукӀэрэ гъэзащӀэр *щы*Ӏ*эгъуэ* зэригъуэт "*статя*" Ӏуэхугъуэрщ. Аращи, дэтхэнэ зы *псалъэр а зэрыщыт*рэ *а зэрыщыӀэ*у "*статя*" зэриувэр "*щ*" *кӀэухк*Ӏэрэщ.

Псалъэхэм *кӀэух* хуэхъуу мы зи гугъу тщӀы "*щ*" *мак*ъыр икӀи "*щыгъуэ, щыӀэ, щыт*" псалъэхэм *ипэ къихуэу хиубыдэ мак*ъращи, ар "*щыӀэн*"ыр утыку къихьэным *лъабжьэ*рэ *пэщӀэдзэ* хуэхъурэ, дэтхэнэ гуэрыр зэрыщыӀэну *глагол* "*щыӀэн*"ми *и статя лэжьэкӀэ*у (щыӀэщ) зэрыщытри гулъытапхъэщ. Мы псалъэхэм ипкъ зэриткӀэ тӀэ, "*щ*" кӀэухкӀэрэ зыгуэрыр зы *статя зиӀэу зэрыщыӀэрэ зэрыщыт*ым теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «уэ улэжьакӀуэщ; сэ сысымаджэщ; ар хуэмыхущ; мыр плъыжьщ; ар хужьщ». |

Мыпхуэдэ лэжьэкӀэрщ "*статя глагол*" жыхуэтӀэхэми я "*иджы зэманыгъуэ*" лэжьэкӀэри, "*щ*" *макъ кӀэух*кӀэрэщ. Ауэ, "*статя глагол*" жыхуэтӀэхэр мы *зэрылъытэну* "*статя*"*р зыхэзыубыдэ*у "*инфинитив*"*у* "*глагол*"у ухуа псалъэхэрщ. ИкӀи, адыгэбзэм дэтхэнэ и зы псалъэм (плъыжь, сымаджэ) "*н*" макъыр кӀэух щыхуэхъум деж, ар "*инфинитив глагол*"у (плъыжьын, сымэджэн) мэлъытэфри, зи мыхъуми *езыр а езырауэ зэрыщыткӀ*эрэ зы *статя зэриӀэ*у утыку зэритыр зэрылъытэ лэжьэкӀэ (уплъыжьщ, усымаджэщ) егъуэтыр. НытӀэ, мыпхуэдэ щапхъэхэр мы ипэкӀэ "щ" кӀэух зиӀэу къэта щапхъэхэм къатехъукӀыпхъэри гурыӀуэгъуэнщ:

| |
|---|
| «лэжьакӀуэ → лэжьэкӀуэн; сымаджэ → сымэджэн; хуэмыху → хуэмыхун; плъыжь → плъыжьын; хужь → хужьын». |

Мыпхуэдэу "инфинитив глагол" формэу зэпкъырыува мы псалъэхэм я лэжьэкӀэри, ахэр "езырыж"у зэрыщытыр зэрылъытэкӀэрэ "щ" кӀэухкӀэрэщи, ахэр "статя глагол" лӀэужьыгъуэу мы зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мы зи гугъу тщӀа ӀуэхугъуитӀыр зэхуэдэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, иужьрейуэ мы къэта щапхъэхэр абы ипэкӀэ къэтахэм теухуа "инфинитив глагол формэ"хэращ; икӀи, ипэкӀэ къэта щапхъэхэри мы инфинитив формэм и лэжьэкӀэращ. Ар щыхъукӀи, дэтхэнэ зы щыӀэр езырауэ зэрыщыӀэрэ, икӀи дэтхэнэ зы щыӀэр зыгуэру е

зы статус зэриӀэкӀэрэ зэрылъытэр "статя глагол" лэжьэкӀэущ къызэрыӀуэтапхъэр.

Мы къызэрыӀуэта щӀыкӀэу нытӀэ мы *"статя глагол"*хэр икӀи *нэхъыбэуи "езырыж глагол"* лэжьэкӀэу зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщ. Дауи, бзэм мыпхуэдэ лэжьэкӀэхэм теухуа щапхъэ щыкуэду зэрыщытынури гурыӀуэгъуэщ. ИкӀи, *"статя глагол"у "Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэхэри зэрыщыӀэнури гурыӀуэгъуэнщ; ауэ, ахэр "езырыж глагол"хэм елъытауэ *нэхъ* зэры*мащ*Ӏэри гурыӀуэгъуэнщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, *"глагол гуп"*хэр глаголхэм теухуа *нэгъуэщӀ критерхэм елъытауэ класификацэ* щӀыпхъэщи, *"статя глагол"*хэри и кӀуэцӀкӀэ *"занщӀэ глагол"*рэ *"префиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкӀым нэмыщӀ, икӀи -ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ- *"езырыж глагол"*рэ *"Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкӀри наӀуэщ.

## "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКӀЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

### "Статя глагол" щапхъэхэм теухуауэ.

ИпэкӀэ глаголхэр *"макъ глагол"*рэ *"макъыбэ глагол"*хэу, мыхэри *"занщ*Ӏэ *глагол"*рэ *"префиксиал глагол"*у, икӀи *"езырыж глагол"*рэ *"Ӏуэху глагол"*у *зэрызэщхьэщык*Ӏым теухуа таблицэхэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуауэ щыта *щапхъэ*хэм щыщ *гуэрхэр* **"статя глагол"**у зэрыщытхэри таблицэхэм нэужь къыхэдгъэщауэ щытащи, нытӀэ, мы *"статя глагол"хэр* япэрауэ *мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ.*

Ауэ икӀи, глаголхэр къызэрыхъурэ утыку къызэрихьэу икӀи класификацэ зэрыщӀ щӀыкӀэм теухуауэ ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм къыщыдгъэлъэгъуа глагол щапхъэхэр *"макъ глагол"*хэмрэ *зэрыухуагъэххэу "макъыбэ глагол"*хэращи, мыбдежым щапхъэу къэдгъэлъагъуэ *"статя глагол"*хэри ахэр зыхэзыубыдэ таблицэ нэужьым къахэдгъэщауэ жыхуэтӀэхэращ. Аращи, ипэкӀэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэм глагол щапхъэу къыщыдгъэлъэгъуа глаголхэми *–ухуагъэххэу утыку ит глаголхэми-* нэгъуэщӀ макърэ псалъэхэр къазэрыгухьэу *къатехъук*Ӏ*ыну глаголыщ*Ӏ*эхэр* зэры*хиумыубыд*эм ипкъ иткӀэ, мыбыхэми хиубыдапхъэ *"статя глагол"*хэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэну щапхъэхэм зэры*химыубыд*энур гурыӀуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу утыку къихьэну *глаголыщ*Ӏэхэм теухуа *щапхъэхэр* къэхьыныр *еджак*Ӏ*уэхэм*

*къазэрыхуэдгъэна*м хуэдэжу, *абыхэм щыщ "статя глагол"хэр* лъытэнри *еджакIуэхэм къахонэр*.

НытIэ, мы зэрыжытIауэ *"макъ глагол"*рэ ухуагъэххэу утыку къихьа *"макъыбэ глагол"* щапхъэхэм хиубыдэу гулъытэ зыхуэтщIарэ ипэкIэ къэдгъэлъэгъуауэ щыта *"статя глагол"* лIэужьыгъуэхэр мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэнщи, къыкIэлъыкIуэуи, къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри къыпытщэжынщ:

- «фIын»;
- «**щы**Iэн, щIыIэн, псыIэн, ***и***I*эн (-еиныгъэ)*, ткIиин, ***е****ин*, ***хуе****ин*, хеин»;
- «хуэмын, щымын, цIынэн, щхъухьын, щэхун, I*ыгъын* ("Iэ-ы-гъэ-ы-н"), ***щы****гъын** *(**щы**-гъэ-ы-н)*, пэгэн; пхъэшэн; "**щы**зын/***щы****зын*, **и**зын/*изын*, **Iу**зын/***Iу****зын*, **къуэ**зын/***къуэ****зын*, **хэ**зын/*хэзын*, **щIэ**зын/***щIэ****зын*, **дэ**зын/***дэ****зын*, **фIэ**зын/***фIэ****зын*, **пы**зын/***пы****зын*"; "**щы**сын, **и**сын, **Iу**сын, **къуэ**сын, **хэ**сын, **гуэ**сын, **щIэ**сын, **дэ**сын, **фIэ**сын, **пы**сын"; "**щы**лъын, **и**лъын, **Iу**лъын, **къуэ**лъын, **хэ**лъын, **гуэ**лъын, **щIэ**лъын, **дэ**лъын, **фэ**лъын, **пы**лъын"; **пы**лъын (**зэпы**лъын), хуэдэн, "**щы**тын, **и**тын, **Iу**тын, **къуэ**тын, **хэ**тын, **гуэ**тын, **щIэ**тын, **дэ**тын, **фIэ**тын, **пы**тын"; **къэ**тын, бэвын; нэщIын»;
- «щхьэпэн, лъэпIэн, хуэбэн»;
- «нэщхъеин; сымэджэн; **хуэ**фэщэн*; узыншэн».
- "*": икIи "щхьэм къырикIуэ Iуэху глагол"щ.

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу *"статя глагол"хэм теухуауэ* занщIэу *къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр* щыIэщи, мыпхуэдэхэр мы илъабжьэм къыщыпытщэнщ.

Япэрауэ, *"статя глагол"*у мы къэта щапхъэхэм *"занщIэ глагол"рэ "префиксиал глагол"* лIэужьыгъуэхэр хыболъагъуэри, нытIэ, *"статя глагол"*у зэрылъытэнур и мыхьэнэрэ и лэжьэкIэращ зэлъытари, зы глаголыр "статя глагол"у лъытэн папщIэ, мыбыхэм нэмыщI *"кондицэ"* - *префикс*- зэрыхуэмыныкъуэр гурыIуэгъуэщ: *"статя глагол"*хэр *"статя занщIэ глагол"*рэ *"статя префиксиал глагол"*у зэщхьэщыгъэкIыпхъэщ.

Ауэ ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, мы къэта *"статя глагол"* щапхъэхэм -зэрытха щIыкIэкIэ- *"езырыж глагол"рэ "Iуэху глагол"* лIэужьыгъуэхэри хыболъагъуэри, зы глаголыр *"статя" къигъэлъагъуэу лэжьэн папщI*э, ар зы *"езырыж глагол"у* е зы *"Iуэху глагол"у щытын* зэры*хуэмейр*и гурыIуэгъуэщ. НытIэ, *"статя глагол"*хэр икIи *"статя езырыж глагол"*рэ *"статя Iуэху глагол"*у зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэр гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ икIи, *"статя глагол"* щапхъэхэу мы ипэкIэ къэтахэм *"занщIэ глагол"*рэ *"префиксиал глагол"*хэм я бжыгъэм зэщхьэщыкIыщэ ямыIэми, "езырыж глагол" бжыгъэм елъытауэ *"Iуэху глагол" бжыгъэр мащI*эу

зэрыщытри хыболъагъуэри, мыри "Iуэху глагол"хэр нэхъыбэу *динамикэ лIэужьыгъуэу гъэзэщIэн* хуейуэ зэрыщытым елъытауэ жыIэпхъэщ.

Мы къэта щапхъэхэм кIэщIэтхауэ къыщыхэгъэщащи, "*статя глагол*" гуэрхэр -я бжыгъэр мащIэ дыдэми- икIи "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол*" *лIуэжьыгъуэ*уи лъытапхъэщ. НытIэ, "*статя глагол*"хэр *и кIуэцIкIэ* "*занщIэ*"*рэ* "*префиксиал*"у икIи "*езырыж*"*рэ* "*Iуэху*" лIэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкIым нэмыщI, "*статя глагол*" *гуэрхэри* "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол*" лIэужьыгъуэуи лъытапхъэщ.

ИкIи къыхэгъэщыпхъэщ "статя глагол"хэр мы зи гугъу тщIа *дэтхэнэ зы гупми хыреубыдэ*, зы глаголыр "*статя глагол*"у лъытэн папщIэ, - *глагол мыхьэнэми елъытауэ*- зы "*статя*" *къигъэлъагъуэу зэрылажьэ*р ирокъур.

**"Статя глагол"хэр къызэрыхъурэ зэрылажьэ щIыкIэкIэ зэрызэлъытапхъэхэм теухуауэ.**

"*ПлъыфэцIэ*" лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэр занщIэу "*инфинитив*"у зэрыпкъырыувэкIэ утыу къихьа "*занщIэ глагол*" лIэужьыгъуэхэр яхэтщ мы къэта щапхъэхэми, мыпхуэдэ "*статя глагол*" *къэхъук*Iэри "*статя глагол*" *къэхъуныгъэ пэщIэдзэ*хэм хуэзэуи лъытапхъэнщ.

ИкIи, мыпхуэдэ глаголхэр къызытехъукIа *плъыфэр* (пп: "фIы") зыгуэрым -*езырыж* "*субъект*"ым (ар)- *и статя -и плъыфэ*- (фIыщ) зылъытэ лэжьэкIэ (ар фIыщ) зиIэну глаголхэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ икIи, утыку ит *зы псалъэр* (фIы) "*инфинитив*" *формэм зэриувэк*Iэрэ (фIын) къэхъуауэ щыту тлъыта *мы* "*статя глагол*"хэр -бзэ лэжьэкIэу- "*статя глагол*" *къэхъуныгъэ лъагъуэм къыщыхъуа*уэ лъытапхъэуи жыIэпхъэхэрщ.

Дауи, мы ипэкIи къызэрыхэдгъщауэ, мыпхуэдэу къэхъуауэ зи гугъу тщIы мы глаголхэр "*статя глагол*" *къэхъуныгъэ лъагъуэр зэIузых бзэ лэжьэк*Iэу утыку къихьэуи лъытапхъэщ. ИкIи, мыхэр "статя глагол" къэхъуныгъэ пэщIэдзэу лъытапхъэхэм псорикIкъым. Ауэ икIи, *мыпхуэдэ бзэ лэжьэкIэм къыщыхъуа глагол куэд*ри "*статя глагол*"*у* зэры*мылъыта*ри гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, "*статя глагол*" *къэхъуныгъэ лъагъуэм къыщыхъуа*уэ лъытапхъэрэ мы *пэщIэдзэ* "*статя глагол*"хэуи лъытапхъэхэр *къызэрыхъу*

*щӀык*Ӏэри -къызытехъукӀ цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэри- къыхэщу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «фӀы → фӀын»; «щӀыӀэ → щӀыӀэн»; «псыӀэ → псыӀэн», «ткӀий → ткӀиин»; «хей → хеин»; «хуэм → хуэмын»; «щым → щымын»; «цӀынэ → цӀынэн»; «щэху → щэхун»; «пагэ → пэгэн»; «Ӏущ → Ӏущын»; «пхъашэ → пхъэшэн»; «бэв → бэвын»; «щхьэпэ → щхьэпэн»; «щхъухь → щхъухьын»; «лъапӀэ → лъэпӀэн»; «хуабэ → хуэбэн»; «нэщхъей → нэщхъеин»; «сымаджэ → сымэджэн»; «узыншэ → узыншэн»; «нэщӀ → нэщӀын». |

Зыгуэрым -"*субъект*"*ым*- мы *плъыфэрэ щӀык*Ӏэ *зэри*Ӏэр зэрылъытэ глаголу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, мы "*статя глагол*"хэр *ик*Ӏ*и* "*езырыж глагол*" лӀэужьыгъуэу -"**статя езырыж глагол**"у- зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ; ар дыдэу, мы *плъыф*эрэ *щӀык*Ӏэхэр зыгуэрым -"*субъект*"*ым*- занщӀэу *къищтэу зэрыщыт*ым зэрезэгъкӀэ икӀи "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэхэрщ, - "**статя езырыж занщӀэ глагол**"хэрщ. Аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, мы "*статя глагол*"хэм *ик*Ӏ*и нормал глагол лэжьэк*Ӏэ зэрагъуэтыфынури жыӀэпхъэнщ.

НытӀэ, *мы* зи гугъу тщӀа "*статя глагол*"*хэр* мы зи гугъу тщӀа *я лэжьэк*Ӏ*ит*ӀкӀэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - фӀын | → «ар мэфӀ»; | → «ар фӀыщ»; |
| - щӀыӀэн | → «ар мэщӀыӀэ»; | → «ар щӀыӀэщ»; |
| - псыӀэн | → «ар мэпсыӀэ»; | → «ар псыӀэщ»; |
| - ткӀиин | → «ар мэткӀий»; | → «ар ткӀийщ»; |
| - хеин | → «ар мэхей»; | → «ар хейщ»; |
| - хуэмын | → «ар мэхуэм»; | → «ар хуэмщ»; |
| - щымын | → «ар мэщым»; | → «ар щымщ»; |
| - пэгэн | → «ар мэпагэ»; | → «ар пагэщ»; |
| - Ӏущын* | → «ар мэӀущ»; | → «ар Ӏущщ»; |
| - пхъэшэн | → «ар мэпхъашэ»; | → «ар пхъашэщ»; |
| - бэвын | → «ар мэбэв»; | → «ар бэвщ»; |
| - щхьэпэн | → «ар мэщхьэпэ»; | → «ар щхьэпэщ»; |
| - щхъухьын | → «ар мэщхъухь»; | → «ар щхъухьщ»; |
| - лъэпӀэн | → «ар мэлъапӀэ»; | → «ар лъапӀэщ»; |
| - хуэбэн | → «ар мэхуабэ»; | → «ар хуабэщ»; |
| - нэщхъеин | → «ар мэнэщхъей»; | → «ар нэщхъейщ»; |
| - сымэджэн | → «ар мэсымаджэ»; | → «ар сымаджэщ»; |
| - узыншэн | → «ар мэузыншэ»; | → «ар узыншэщ»; |
| - нэщӀын | → «ар мэнэщӀ»; | → «ар нэщӀщ». |

**Мыбыхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр къыпытщэжынщ:**

- "ПлъыфэцӀэ"хэм къатехъукӀа мы "статя глагол" щапхъэхэр "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэхэрщи, *а зэрыщыт*рэ *езырыж*у "*субъект*"ым мы *плъыф*эрэ *щӀык*Ӏэхэр *зэри*Ӏ*эрэ* (статя глагол лэжьэкӀэ) *зэригъуэт*ыр (нормал глагол

лэжьэкӀэ) зэрылъытэ мы *лэжьэкӀитӀми "субъект"ым нэмыщӀ "щхьэ"* зэры*хэмылъыт*эри нэрылъагъущ. Ауэ икӀи, *плъыфӀэцӀэ* лӀэужьыгъуэ псалъэхэр *занщӀэу* зэрыухуэ *глагол*хэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, мыхэр *"занщӀэ глагол"* лӀэужьыгъуэхэрщи, "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу мы я лэжьэкӀитӀми *"субъект"ым нэмыщӀ щхьэ химыубыд*эу -"дополненэ" зыхэзымыубыдэу- зэрыщытри ахэр *"занщӀэ глагол"у зэрыщытращ зэлъытар*.

- Аращи, мыхэр *"статя глагол"у зэрылъытэф*ыр *къызытехъукӀа плъыфэцӀ*эхэр зытеухуа *плъыфэрэ щӀыкӀ*эхэр глагол *"субъект"*ым *статя*у *иӀэу зэрыщыт* нэмыщӀ, икӀи *зэригъуэт*уи мэлажьэр мы глаголхэри, мыпхуэдэ лэжьэкӀитӀри *"езырыж занщӀэ глагол"* лӀэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ. "Субъект"ым плъыфэрэ щӀыкӀэр иӀэу щытрэ къищтэу щыту зэрылъытэм папщӀи, зыхуэунэтӀрэ зытеухуэ гуэр щымыӀэу -"дополненэ" зимыӀэу- зэрылэжьэнури гурыӀуэгъуэщ.

- ИкӀи, мы зи гугъу тщӀы глагол щапхъэхэм щыщу "Ӏущын" глаголым и *"Ӏуэху глагол"* мыхьэнэр мы *къэтӀуэтахэм езэгъ* зы *"статя глагол"у щыткъыми*, "*" нэгъыщэкӀэ къыщӀыхэдгъэщари мыращ. Аращи, "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэ "Ӏущын"ыр и "субъект"ыр *"Ӏущ"ыгъэ игъуэт*у (ар мэӀущ) зэрылажьэрэ икӀи "субъект"ым *"Ӏущ"ыгъэ иӀ*эу -"Ӏущ"у- зэрылъытэу (ар Ӏущщ) "статя глагол"уи зэрылажьэм -мы и лэжьэкӀитӀми- "щхьэ"уэ зыхуаубыдэ закъуэр глагол "субъект"ырщи, мыри ипэкӀэ къэтӀуэтахэм зэрезэгъыр гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, зы *"Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэу зэрылъытэкӀэрэ *"Ӏущын"*ыр - *"Ӏуэху глагол" лэжьэк*Ӏэу- *"субъект"*ым *нэгъуэщӀ гуэр*ыр *игъэӀущу "щхьит*Ӏ" ("субъект"рэ "объект") хиубыдэущ зэрылажьэри, нытӀэ, мыпхуэдэ лэжьэкӀэр - "Ӏущ"ыгъэр "субъект"ым езым игъуэтын е иӀэ хъун лэжьэкӀэу зэрыщымытым ипкъ зэриткӀэ-, *"Ӏущын"* глаголым и *"Ӏуэху глагол"* глагол вариантыр *"статя глагол"у* зэры*щымыт*ынури гурыӀуэгъуэщ. Аращи, *"Ӏуэху глагол"* лӀэужьыгъуэу *"Ӏущын"*ым и *лэжьэкӀэр* {*"абы еӀущ"* (е: иэйй) – *егъэӀущ* (е: иэй)} *нормал "Ӏуэху глагол" лэжьэк*Ӏэрщ.

- Мыбы нэмыщӀ щапхъэхэр "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэ "статя глагол"хэрщи, *лэжьэкӀитӀ* зэраӀэри ("статя глагол" лэжьэкӀэрэ нормал "езырыж глагол" лэжьэкӀэу) нэрылъагъущ; икӀи зэрыжытӀауэ, мы *я лэжьэкӀитӀми "щхьэ"*уэ "субъект" закъуэращ зыхаубыдэр. Ауэ икӀи къыхэгъэщыпхъэщ мы зи гугъу тщӀы "статя глагол" лӀэужьыгъуэхэм щыщ *гуэрхэр нормал* -езырыж- *глагол лэжьэкӀэуи игъуащ*эу щыт щхьэ (пп: сымэджэн → "ар мэсымаджэ"), *щапхъэ нэхъыбэр нормал* -езырыж- *глагол лэжьэкӀэу имыгъуащэ* зэрымылъытапхъэри жыӀэпхъэщи, мыхэр бзэм я *"статя глагол" лэжьэкӀэу хроникэ* зэрыхэхъухьари гулъытапхъэщ. Дауи, мы *глагол* щапхъэхэм я *нэхъыбэ*м я *лэжьэк*Ӏэр нэхъ зыхуэ*игъуэ*ри *"статя глагол"* лӀэужьыгъуэ *лэжьэк*Ӏэу зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ.

- Зэрыгурыӏуэгъуэу, "субъект"ым *плъыфэрэ щӏыкӏэ иӏэу зэрыщыт*ыр "*статя глагол*" *лэжьэк*ӏэрщи, мы *плъыфэрэ щӏыкӏэр игъуэту* -къищтэу-*зэрыщыт*кӏэрэ къэӏуэтэнри нэхъ *зыхуэигъуэ*р *нормал* "*езырыж глагол*" *лэжьэк*ӏэращ. Ипэкӏи къызэрыхэдгъэщауэ, "статя глагол" щапхъэу къэтахэм и нэхъыбэр -я *мыхьэнэ*хэм *елъыта*щи- *плъыфэрэ щӏыкӏэр* "*субъект*"*ым иӏэу щыт*у къэӏуэтэныр нэхъ *зыхуэигъуэ*хэрщи, мыпхуэдэхэм хуэигъуэ лэжьэкӏэр "*статя глагол*" *лэжьэк*ӏэ закъуэрщ; - мыпхуэдэхэм *нормал глагол лэжьэк*ӏэ *хуэигъуэкъым*. Ауэ мы *лэжьэкӏитӏри зыхуэигъуэ* щапхъэхэри яхэтщ "статя глагол"у къэта щапхъэхэми, *плъыфэрэ щӏыкӏэр иӏэу щыт*у къызэрыӏуатэ "*статя глагол*" *лэжьэк*ӏэхэм *нэмыщ*ӏ, икӏи а *плъыфэрэ щӏыкӏэр къищтэу щыту* -хъууэ щыту- зэрылъытэ "*езырыж глагол*" *лэжьэкӏи зыхуэигъуэ*хэри яхэтщи, мы *лэжьэкӏитӏри зэхуэдэу зыхуэигъуэ*хэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - хуэмын | → «ар мэхуэм»; | → «ар хуэмщ»; |
| - бэвын | → «ар мэбэв»; | → «ар бэвщ»; |
| - щхьэпэн | → «ар мэщхьэпэ»; | → «ар щхьэпэщ»; |
| - щхъухьын | → «ар мэщхъухь»; | → «ар щхъухьщ»; |
| - хуэбэн | → «ар мэхуабэ»; | → «ар хуабэщ»; |
| - нэщхъеин | → «ар мэнэщхъей»; | → «ар нэщхъейщ»; |
| - сымэджэн | → «ар мэсымаджэ»; | → «ар сымаджэщ»; |
| - узыншэн | → «ар мэузыншэ»; | → «ар узыншэщ»; |
| - нэщӏын | → «ар мэнэщӏ»; | → «ар нэщӏщ». |

*

Мыхэр зытежытӏыхьа глаголхэр *плъыфэцӏэхэм занщӏэу къатехъук*ӏарэ "*статя езырыж занщӏэ глагол*"у ухуахэрщи, я *мыхьэнэ*хэм елъытарэ *занщӏэ глагол*уи зэрыщытхэм ипкъ зэриткӏэ, "*субъект*"*ым* а *плъыфэрэ щӏыкӏэр къызэрищтэрэ иӏэу зэрыщыт*ыр зэрылъытэ мы я лэжьэкӏэхэм "*дополненэ*" *зэрыхэмылъыт*энури ипэкӏэ къыщыдгъэщагъэххэщ.

Ауэ, мыхэр "*статя езырыж занщӏэ глагол*"у щыщыткӏэ, абыхэм игъуэ "*префикс*" гуэрхэр къащтэу "*статя езырыж префиксиал глагол*"хэр къазэрытехъукӏыфынури гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэу щыухуэм дежи, мы *плъыфэрэ щӏыкӏэр* "*субъект*"*ым къыщищт*эрэ *щиӏэу зэрыщытыр* е *къызэрищтэ зэриӏэ щӏыкӏэр* -къащта "*префикс*"хэм *ипкъ ит*рэ *елъыта*уэ- "*дополненэ*"кӏэ зэрылъытэнури гурыӏуэгъуэнщ.

Нытӏэ, мы зи гугъу тщӏахэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - фӏын → **фӏэ**фӏын | → «ар *абы* фӏофӏ»; | → «ар *абы* фӏэфӏщ»; |
| - щӏыӏэн → **щы**щӏыӏэн | → «ар *абы* щощӏыӏэ»; | → «ар *абы* щыщӏыӏэщ»; |
| - псыӏэн → **щы**псыӏэн | → «ар *абы* щопсыӏэ»; | → «ар *абы* щыпсыӏэщ»; |

| | | |
|---|---|---|
| - ткӀиин → **хуэ**ткӀиин | → «ар *абы* хуотклий»; | → «ар *абы* хуэтклийщ»; |
| - хеин → **щы**хеин | → «ар *абы* щохей»; | → «ар *абы* щыхейщ»; |
| - хуэмын → **щы**хуэмын | → «ар *абы* щохуэм»; | → «ар *абы* щыхуэмщ»; |
| - щымын → **щы**щымын | → «ар *абы* щощым»; | → «ар *абы* щыщымщ»; |
| - пэгэн → **хуэ**пэгэн | → «ар *абы* хуопагэ»; | → «ар *абы* хуэпагэщ»; |
| - Ӏущын → **фӀэ**Ӏущын | → «ар *абы* фӀоӀущ»; | → «ар *абы* фӀэӀущщ»; |
| - пхъэшэн → **хуэ**пхъэшэн | → «ар *абы* хуопхъашэ»; | → «ар *абы* хуэпхъашэщ»; |
| - бэвын → **щы**бэвын | → «ар *абы* щобэв»; | → «ар *абы* щыбэвщ»; |
| - щхьэпэн → **хуэ**щхьэпэн | → «ар *абы* хуощхьэпэ»; | → «ар *абы* хуэщхьэпэщ»; |
| - щхъухьын → **хуэ**щхъухьын | → «ар *абы* хуощхъухь»; | → «ар *абы* хуэщхъухьщ»; |
| - лъэпӀэн → **щы**лъэпӀэн | → «ар *абы* щолъапӀэ»; | → «ар *абы* щылъапӀэщ»; |
| - хуэбэн → **фӀэ**хуэбэн | → «ар *абы* фӀохуабэ»; | → «ар *абы* фӀэхуабэщ»; |
| - нэщхъеин → **фӀэ**нэщхъеин | → «ар *абы* фӀонэщхъей»; | → «ар *абы* фӀэнэщхъейщ»; |
| - сымэджэн → **щы**сымыджэн | → «ар *абы* щосымаджэ»; | → «ар *абы* щысымаджэщ»; |
| - узыншэн → **щы**узыншэн | → «ар *абы* щоузыншэ»; | → «ар *абы* щыузыншэщ». |

Мыхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ я лэжьэкӀэ щапхъэхэри ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуауэ щыт "*статя езырыж занщӀэ глагол*"хэм "*префикс*" гуэрхэр къызэращтэу къатехъукӀа "*сатятя езырыж префиксиал глагол*"хэрщи, "*дополненэ*" *хиубыдэу* зэрыщытхэми мы зэрыплъагъуэу, *я лэжьэкӀэхэри* къызытехъукӀа "*занщӀэ глагол*" *лӀэужьыгъуэхэм къазэрыщхьэщык*Ӏри нэрылъагъущ. НытӀэ, "*статя префиксиал глагол*" лӀэужьыгъуэхэм я *лэжьэкӀэхэм* теухуауэ *гулъытэ хуэщӀыпхъэу* къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри мы илъабжьэм къытыпщӀэхуэну мыпхуэдэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэдгъэщынщ.

*

Мы зи гугъу тщӀарэ къэтхьа щапхъэхэр плъыфэцӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэхэр занщӀэу глаголу зэрыухуэм теухуащи, мы глаголхэм я мыхьэнэрэ я лэжьэкӀэхэри мы къызытехъукӀа псалъэхэм ялъытэ плъыфэрэ щӀыкӀэр зыгуэрым -"субъект"ым- иӀэу зэрыщытрэ (ар сымаджэщ) зэригъуэтыр (ар мэсымаджэ) зэрылъытэущ. Аращи, "езырыж занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу щыт мы глаголхэр икӀи нэгъуэщӀ гуэрым темыухуэу -"дополненэ" зимыӀэу- лажьэ глаголхэр.

Мы къэта щапхъэхэм хуэдэу плъыфэцӀэу щымытми, зыхуэдэ е зэрыхуэдэр зэрылъытэ "*предлог*" лӀэужьыгъуэ "*хуэдэ*" псалъэри

"инфинитив" формэкӀэрэ "статя"у зылъытэ *"хуэдэн"*у *"статя глагол"*у мэухуэфыр.

Мыр икӀи зы *"езырыж глагол"* лӀэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэщи, икӀи мы глаголыр къызытехъукӀа -*хуэдэ*- псалъэ *мыхьэнэми къызэрыхэщ*кӀэ, *"субъект"ыр* зыхуэдэр *–зыхуэдэ "щхьэ"р-зэрылъытэ*у "<u>*дополненэ*</u>"и иӀэу зэрылэжьэнури гурыӀуэгъуэнщ.

ИкӀи, *"субъект"*ыр *хуэдэу щыт*у -зыхуэдэу зэрыщытыр- зэрылъытэу *"статя глагол" лэжьэк*Ӏэр зыхуэигъуэрщ *"хуэдэн"* глаголри, "субъект"ыр *хуэдэ хъуурэ зэрыщыт*ыр -"хуэдэ"гъуэ игъуэту щыту-лъытэныр *игъуащэу* зэры*мылъытапхъ*эм зэрезэгъкӀэ, "хуэдэн" глаголри *нормал глагол лэжьэк*Ӏэ зэри*мыгъуэтыпхъ*эр (*) гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ икӀи, зы плъыфэцӀэу щыткъым "хуэдэ" псалъэри, абы къытехъукӀыну глаголри зыгуэрым щхьэжу зы плъыфэрэ щӀыкӀэр иӀэу зэрыщытрэ зэригъуэтыр зэрылъытэу зэрымылэжьэнур гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, *"хуэдэ"* псалъэр *"хуэ"*рэ -"хуэкӀуэн"рэ- *"дэ"* -зыгуэр- зылъытэу зэрыухуа щӀыкӀэми зэрезэгъкӀэ, *хуэкӀуэныгъ*эрэ *зыхуэкӀуэри* къызыхэщ псалъэрщ. Ар щыхъукӀи, зыхуэ"дэ"м "хуэ"кӀуэу лъыта мы псалъэм къытехъукӀ *"хуэдэн"* глаголыр зы *"префиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэуи лъытапхъэщи, мыр "хуэдэн" е "**хуэ**дэн" глаголым и *нормал лэжьэк*Ӏэми (*) къыхощыр.

НытӀэ, мы къэтӀуэтахэми гурыӀуэгъуэ къызэращӀщи, "хуэдэ" псалъэм къытехъукӀ "хуэдэн" глаголыр *"хуэдэ"мрэ* -субъект- *зыхуэдэр* -дополненэ- зыхиубыдэу **"статя езырыж глагол"** лэжьэкӀэ закъуэкӀэ къэӀуэтэнращ нэхъ игъуэр:

| | | |
|---|---|---|
| - хуэдэн | → «ар <u>*абы*</u> мэхуэдэ»; (игъуащэкъым!)<br>→ «ар <u>*абы*</u> **ху**одэ»; (игъуащэкъым!) | → «ар <u>*абы*</u> хуэдэщ»;<br>→ «ар <u>*абы*</u> хуэдэщ». |

Мы къэта щапхъэми зэрыхэплъагъуэу, "хуэдэ" псалъэр занщӀэу глаголу зэрыухуам ипкъ итkӀэ "езырыж занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу лъытапхъэми, ар нормал "езырыж занщӀэ глагол" лэжьэкӀэу бзэм щызэмыкӀуащэм хуэдэжу, псалъэхэр "хуэ-дэ"уэ зэрызэпкъырылъым ипкъ зэриткӀи "езырыж префиксиал глагол" зэрылъытапхъэуи нормал лэжьэкӀэ зэримыгъуэтыпхъэри гурыӀуэгъуэщ.

Ауэ, "хуэдэн" глаголыр "занщӀэ глагол"уи "префиксиал глагол"у дауи лъытэ, я "статя глагол" лэжьэкӀэр зэхуэдэу зэрыщытри мы къэта щапхъэхэмкӀэ нэрылъагъуэщи, "статя глагол"ым и лэжьэкӀэр *"ещанэ щхьэ"*м *теухуа щымытрэ адрей "щхьэ"хэм –цӀыхум теухуа "субъектив*

*щхьэ*"хэм- теухуауэ щыщытым деж, мы "глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ"хэм я "цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"хэр зэхуэмыдэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ:

| |
|---|
| «сэ <u>*уэ*</u> сы<u>*п*</u>хуэдэщ»;<br>«сэ <u>*абыхэм*</u> с<u>*а*</u>хуэдэщ». |

ИкӀи къыхэгъэщыпхъэщ "хуэдэн" глаголым и "статя глагол" лэжьэкӀэу мы къэта щапхъэхэм "цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ"р зыхиубыдэ щӀыпӀэм елъытауэ "хуэдэн" глаголыр "префиксиал глагол"у зэрымылъытар.

ИпэкӀэ "хуэдэн" глаголыр "езырыж занщӀэ глагол"у е "езырыж префиксиал глагол"у дауи щырет, я нормал глагол лэжьэкӀэр игъуащэ зэрымыхъур къыхэдгъэщащ. Ауэ, "*хуэдэн*" глаголым "*префикс*"и къищтэу "*езырыж префиксиал глагол*"у зэрыухуэфынур гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщи, ахэр зэрылажьэ щӀыкӀэхэм -мы ипэкӀи къыхэдгъэща псалъэм зэрезэгъкӀи- "хуэдэн" глаголыр "занщӀэ глагол"рэ "префиксиал глагол"у зэрылъытапхъэри къыхэщынщ:

| | | |
|---|---|---|
| - **щы**хуэдэн/<br>**щыхуэ**дэн<br><br>- **зэ**хуэдэн/<br>**зэхуэ**дэн | → «сэ <u>*уэ*</u> сы**щ**о<u>*п*</u>хуэдэ» (игъуащэкъым!) / «сэ <u>*уэ*</u> сы**щы**<u>*п*</u>**ху**одэ»; (игъуащэкъым!)<br>→ «ахэр **з**охуэдэ(хэ) – **зэху**одэ(хэ)» (игъуащэкъым!) / «дэ ды**з**охуэдэ - ды**зэху**одэ»; (игъуащэкъым!) | → «сэ <u>*уэ*</u> (<u>*абы*</u>) сы**щы**<u>*п*</u>хуэдэщ» / «сэ <u>*уэ*</u> (<u>*абы*</u>) сы**щы**<u>*п*</u>хуэдэщ»;<br>→ «ахэр **зэ**хуэдэ(хэ)щ» / «дэ ды**зэ**хуэдэщ». |

Мы къэта щапхъэхэми я *нормал глагол лэжьэк*Ӏ*эхэр имыгъуащэ*у зэрыщытыр нэрылъагъущи, я "*статя глагол*" *лэжьэк*Ӏэу мы къэтахэращ *бзэм щызэрызек*Ӏ*уэ* щӀыкӀэхэр. Ауэ икӀи, "*хуэдэн*" глаголым "*префикс*"и къищтэу мы зэрыухуэжа "*езырыж префиксиал глагол*" щапхъэхэм я лэжьэкӀэхэм ущыхэплъэм деж, "*хуэдэн*" глаголыр -сыт хуэдизу "**хуэ**дэ"у "езырыж префиксиал глагол" лӀэужьыгъуэу лъытапхъэми- зэрыщыту "*занщ*Ӏ*э глагол*" лӀэужьыгъуэу *зэрылъыт*эм теухуа *лэжьэк*Ӏэхэр *бзэм нэхъ щызек*Ӏ*уэ* щӀыкӀхэрщи, глаголым и нормал лэжьэкӀэхэм хуэдэжу, "*статя глагол*"*у зэрылажьэ* щӀыкӀэхэри "*хуэ*"*р* "*префикс*"*у лъыт*эн нэхърэ "*хуэдэ*"*р мы зэрыщытрэ занщ*Ӏ*эу зэрылажьэ*ущ, - "хуэдэн"ыр "занщӀэ глагол" лӀэужьыгъуэу зэрылъытэущ. Ауэ икӀи, "*хуэдэн*" *глагол*ым хуэигъуэ лэжьэкӀэри "*статя глагол*"у зэрылажьэ щӀыкӀэрщ:

| | |
|---|---|
| - **щы**хуэдэн/**щыхуэ**дэн<br><br>- **зэ**хуэдэн/**зэхуэ**дэн | → «сэ <u>*уэ*</u> (<u>*абы*</u>) сы**щы**<u>*п*</u>хуэдэщ» / «сэ <u>*уэ*</u> (<u>*абы*</u>) сы**щы**<u>*п*</u>хуэдэщ»;<br>→ «ахэр **зэ**хуэдэ(хэ)щ» / «дэ ды**зэ**хуэдэщ». |

*

*"Статя глагол"* къэхъуныгъэ лъагъуэми теухуауэ зэрылъытапхъэу, *плъыфэцӀэрэ щӀыкӀэ* зылъытэ *цӀэ лӀэужьыгъуэ псалъэ*хэм къатехъукӀауэ мыбы нэгъунэ зи гугъу тщӀа *"езырыж глагол"* лӀэужьыгъуэ *"статя глагол"*хэр -"статя езырыж глагол"хэр- мы къызэрыхъуа щӀыкӀэми елъытауэ *"занщӀэ глагол"* лӀэужьыгъуэу -"статя езырыж занщӀэ глагол"у- зэрыщытым нэмыщӀ, къызэрыхъуа щӀыкӀэкӀэ *-зэрыухуагъэххэу- "езырыж префиксиал глагол"* лӀэужьыгъуэу *"статя глагол"*уи щытхэми -**"статя езырыж префиксиал глагол"**хэми- щыгъуазэ дыхуэхъунщ. лэжьэкӀэ зиӀэхэм гупымр зэрылъытам къыщыхъуауэ лъытапхъэ "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «**щы**Ӏэн»; |
| - "**щы**сын, **и**сын, **Ӏу**сын, **къуэ**сын, **хэ**сын, **гуэ**сын, **щӀэ**сын, **дэ**сын, **фӀэ**сын, **пы**сын" |
| - «"**щы**лъын, **и**лъын, **Ӏу**лъын, **къуэ**лъын, **хэ**лъын, **гуэ**лъын, **щӀэ**лъын, **дэ**лъын, **фӀэ**лъын, **пы**лъын"»; |
| - «**пы**лъын (**зэпы**лъын)»; |
| - «"**щы**тын, **и**тын, **Ӏу**тын, **къуэ**тын, **хэ**тын, **гуэ**тын, **щӀэ**тын, **дэ**тын, **фӀэ**тын, **пы**тын"»; |
| - «**къэ**тын». |

Мыхэр *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*у утыку къызэрихьами зэрезэгъкӀэ, "статя глагол" лӀэужьыгъуэуи зэрыщытхэм нэмыщӀ, икӀи -ипэкӀэ къэта "статя глагол"хэм елъытауэ- нэхъ *хуиту норамл "езырыж глагол"*у -"езырыж префиксиал глагол"у- зэры*лэжьэфыну*хэри гурыӀуэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - **щы**Ӏэн | → «ар щоӀэ → ар <u>*абы*</u> щоӀэ»; | → «ар щыӀэщ → ар <u>*абы*</u> щыӀэщ»; |
| - "**щы**сын, **и**сын, **Ӏу**сын, **къуэ**сын, **хэ**сын, **гуэ**сын, **щӀэ**сын, **дэ**сын, **фӀэ**сын, **пы**сын" | → «ар щос → ар <u>*абы*</u> щос»; «ар Ӏуос → ар <u>*абы*</u> Ӏуос»; «ар гуос → ар <u>*абы*</u> гуос»; «ар щӀос → ар <u>*абы*</u> щӀос»; «ар пос → ар <u>*абы*</u> пос»; | → «ар щысщ → ар <u>*абы*</u> щысщ»; «ар Ӏусщ → ар <u>*абы*</u> Ӏусщ»; «ар гуэсщ → ар <u>*абы*</u> гуэсщ»; «ар щӀэсщ → ар <u>*абы*</u> щӀэсщ»; «ар пысщ → ар <u>*абы*</u> пысщ»; |
| - "**щы**лъын, **и**лъын, **Ӏу**лъын, **къуэ**лъын, **хэ**лъын, **гуэ**лъын, **щӀэ**лъын, **дэ**лъын, **фэ**лъын, **пы**лъын" | → «ар щолъ → ар <u>*абы*</u> щолъ»; «ар Ӏуолъ → ар <u>*абы*</u> Ӏуолъ»; «ар гуолъ → ар <u>*абы*</u> гуолъ»; «ар щӀолъ → ар <u>*абы*</u> щӀолъ»; ар полъ → ар <u>*абы*</u> полъ»; | → «ар щылъщ → ар <u>*абы*</u> щылъщ»; «ар Ӏулъщ → ар <u>*абы*</u> Ӏулъщ»; «ар гуэлъщ → ар <u>*абы*</u> гуэлъщ»; «ар щӀэлъщ → ар <u>*абы*</u> щӀэлъщ»; «ар пылъщ → ар <u>*абы*</u> пылъщ»; |

| | | |
|---|---|---|
| --------------------- | ----------------------------------- | -------------------------------------- |
| - **пы**лъын (**зэпы**лъын) | → «ар полъ → ар <u>*абы*</u> полъ»; (ахэр зэполъ) | → «ар пылъщ → ар <u>*абы*</u> пылъщ»; (ахэр зэпылъщ) |
| --------------------- | ----------------------------------- | -------------------------------------- |
| - "**щы**тын, **и**тын, **lу**тын, **къуэ**тын, **хэ**тын, **гуэ**тын, **щlэ**тын, **дэ**тын, **фlэ**тын, **пы**тын" | → «ар щот → ар <u>*абы*</u> щот»; «ар lуот → ар <u>*абы*</u> lуот»; «ар гуот → ар <u>*абы*</u> гуот»; «ар щlот → ар <u>*абы*</u> щlот»; «ар пот → ар <u>*абы*</u> пот»; | → «ар щытщ → ар <u>*абы*</u> щытщ»; «ар lутщ → ар <u>*абы*</u> lутщ»; «ар гуэтщ → ар <u>*абы*</u> гуэтщ»; «ар щlэтщ → ар <u>*абы*</u> щlэтщ»; «ар пытщ → ар <u>*абы*</u> пытщ»; |
| --------------------- | ---------------------------------- | -------------------------------------- |
| - **къэ**тын | → «ар къот*»; (игъуащэкъым!) | → «ар къэтщ». |

**Мыбыхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри къыпытщэжынщ:**

- Япэрауэ, мы иужьрей глагол щапхъэу щыт "*къэтын*"ым хиубыдэ "*т*" *мак*ъым и мыхьэнэмрэ "*щытын*" глаголым –икlи ар зыхэт адрей глаголхэми- хиубыдэ "*т*" *мак*ъым ягъэзащlэ къалэныр зэрыз*эхуэмыд*эр гурыlуэгъуэщ. Икlи, "*къэтын*"*ымрэ адрей глагол*хэм "*т*" *мак*ъыр зэрыхэт *къалэн*ыр *зэхуэпхэнджу*и лъытапхъэщи, "*щытын*" глаголым хиубыдэ "*т*" *макъым* илъытэр а "*щы*"м – "префикс"кlэ лъыта "*щlыпlэ*"м ("*и, lу, гуэ, къуэ,...*"м)- зэр*итр*ащ; ауэ, "*къэтын*" глаголым хиубыдэ "*т*" *макъым* илъытэр *зыдэщыlэн хуей* "*щlыпlэ*"*м* зэр*имыт*ращи, икlи *мы* зыдэщыlэн хуей *щlыпlэм* къызэрымыкlуауэ е къемыкlуэлlауэ –*къемыкlуэлlэжа*уэ- зэрыщытри зэрылъытэр зы "*щlыкlэ*" лlэужьыгъуэу щыт "*къ*" *префикс*кlэрэщ. Аращи, зыгуэрыр *зыдэщыlэн хуейм зэрыщымыlэр* мыпхуэдэу -зы щlыкlэу- *зэрылъытэ* "*къэтын*" глаголыр икlи -а гуэрыр- *зыдэщыlэри* -е зыди*три*- *зымылъытэр*щи, нытlэ, мыбы папщlэ "*къэтын*" *глагол лэжьэкlэм* "<u>*дополнен*э</u>"и *и*lэнкъым. – А зыдэщыlэр лъытэн хуеймэ, ар зэрилъытэнури "щытын" глаголым хиубыдэ "т" макъым игъэзащlэ къалэнкlэрэт: "къыздэт, зыдэщыт, къыздэщыт,...". Ауэ икlи, *зыдэщы*lэр *мына*lэмэ, ар абы зэрыщыlэ щlыкlэри зэрымылъытапхъэм зэрезэгъкlэ, ит зэманыгъуэу лъытэнри игъуэнкъыми, "*къэтын*"ыр *нормал глаголу* "*ит зэман*" *лэжьэк*lэри *хуэигъуащэкъым* (ар къот*!).

- Мыбы нэмыщl щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэр яlэу жыlэпхъэкъым. Ауэ, я глаголыпкъхэр зэщхьэщыкlми, щыгъэзащlэ "*щlыпlэ*"хэр зэрылъытэ зэхуэдэ "*префикс*"хэмкlэ ухуа *глагол гуп*хэр нэрылъагъущи, я *лэжьэк*l*эхэр зэхуэд*эу зэрыщытым папщlэ, глагол псоми теухуа щапхъэ къэдгъэлъэгъуакъыми, кlыхь зэрымыхъун хуэдиз щапхъэ къахуэтхьащ.

*

- Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщl, мы къэта глагол гупхэм ипэ къихуэу хиубыдэ "*щы*l*эн*" глаголым теухуауи мыбдежым *псэлъит*l*-щы* къыщыпытщэнщ.

- Зэрыгурыlуэгъуэу, ит зэман нэмыщl зэманыгъуэм теухуауэ глаголхэм я лэжьэкlэм статя яlэу зэрылъытэр гурыlуэгъуэщи, "статя глагол" жыхуэтlэхэм я

"ит зэман" лэжьэкІэри зы статя зиІэущ зэрылъытэр. Аращи, мы зи гугъу тщІы глагол гупыр "статя глагол"у зэрылъытэр "ит зэман"уи -нэхъ игъуэу "иджы зэман"у- мы зэрылажьэ щІыкІэращ зэлъытар. "Статя глагол"хэм я "иджы зэман" лэжьэкІэр *статя*рэ *щыІэгъуэ* иІэу зылъытэ "*щ*" макъыр "глагол лэжьэкІэу ухуэ псалъэ"м *кІэух* зэрыхъукІэрэщ.

- Мы псалъэм гурыІуэгъуэ зэрищІщи, щыІэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиІэ "*щ*" *макъ*ыр *кІэух* зыхуэхъу *псалъэр а езырауэ* зэрыщытрэ *а зэрыщыткІ*эрэ *статя* зыгъуэтырщи, икІи, "щ" макъ кІэух къэзыщтэ мы псалъэр глаголу щытын хуейуэ зэрыщымытри гурыІуэгъуэщ. Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщІыр зы *глагол*ырщ, икІи абы и -"*ит зэман*" *пэлъытэ*- "*иджы зэман*"*ыр* "*щ*" *кІэух*кІэрэщ *къызэрыІуат*эри, ипэкІи къызэрыхэдгъэщауэ, мы глагол гупыр зэрыигъуэу "*статя глагол*"у зэрылъытапхъэри гурыІуэгъуэщ.

- НытІэ, *щыІ*эныгъэ *лъабжьэ*уи лъытапхъэ "*щ*" макъыр *кІэух* зыхуэхъу дэтхэнэ зы *псалъ*эр а зэрыщыткІэрэ *щыІэгъуэ*рэ *статия* зыгъуэту зэрыщытыр гурыІуэгъуэщи, мыпхуэдэ къалэн зэригъэзащІэм ипкъ зэриткІи, ди бзэщІэныгъэм "*щ*" макъыр "*щыІэныгъэ цІэпапщІэ*"у зэрилъытари гурыІуэгъуэщ. Ауэ, "*щыІэн*"ыр зы глагол лІэужьыгъуэу зэрыщыІэр гурыІуэгъуэщи, нытІэ, мыбы къыкІэлъыкІуэу, "*щ*" *макъ*ымрэ "*щыІэныгъэ*"м икІи "*щыІэн*" *глагол*ым теухуауэ жыІэпхъэхэр къыпыщэжынри игъуэщ.

*

Мы зи гугъу тщІа "статя езырыж глагол" гупхэм хуэдэу "*щІып*Іэ" зылъытэ "*префикс*"хэмкІэ ухуауэ щыт нэгъуэщІ зы глагол гупым хиубыдэ глаголхэм "*статя* І*уэху глагол*" *варианти* зэраІэр нэрылъагъуущи, ахэр мыбдежым "*езырыж*"*рэ* "І*уэху*" лІэужьыгъуэ мы *вариантит*ІкІи къыщыдгъэлъагъуэнщ:

| |
|---|
| «"**щы**зын/***щы****зын*, **и**зын/*изын*, **І****у**зын/***Іу****зын*, **къуэ**зын/***къуэ****зын*, **хэ**зын/***хэ****зын*, **щІэ**зын/***щІэ****зын*, **дэ**зын/***дэ****зын*, **фІэ**зын/***фІэ****зын*, **пы**зын/***пы****зын*"». |

"Езырыж"рэ "Іуэху" лІэужьыгъуэу мы къэта "префиксиал глагол"хэм мы я нормал лэжьэкІэхэмрэ я "статя" лэжьэкІэхэм теухуа щапхъэхэри - кІыхь дымыщІын папщІэ- мыбыхэм щыщ глаголищым ("щы, щІ, дэ" префикскІэ ухуа глаголищ) теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - **щы**зын/***щы****зын* | → «ар щоз → ар <u>*абы*</u> щоз» / «*абы* ар *щоз* → *абы* ар *щоз*»; | → «ар щызщ → ар <u>*абы*</u> щызщ» / «*абы* ар *щызщ* → *абы* ар *щызщ*»; |
| - **щІэ**зын/***щІэ****зын* | → «ар щІоз → ар <u>*абы*</u> щІоз» / «*абы* ар *щІоз* → *абы* ар *щІоз*»; | → «ар щІэзщ → ар <u>*абы*</u> щІэзщ» / «*абы* ар *щІэзщ* → *абы* ар *щІэзщ*»; |
| - **дэ**зын/***дэ****зын* | → «ар доз → ар <u>*абы*</u> доз» / «*абы* ар *доз* → *абы* ар *доз*»; | → «ар дэзщ → ар <u>*абы*</u> дэзщ» / «*абы* ар *дэзщ* → *абы* ар *дэзщ*». |

Зы *щӀыпӀэм щыз*у щытыр *лъэныкъуитӀкӀэ къызэрыӀуэтэф*ынур гурыӀуэгъуэнщи, зыр а *щӀыпӀэм щызу щыт*ым и *лъэныкъуэк*Ӏэ ("ар щоз → ар <u>абы</u> щоз"; "ар щызщ → ар <u>абы</u> щызщ") къэӀуэтапхъэщи, мыпхуэдэ къэӀуэтэкӀэр "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэу (**щы**зын) зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ; адрей лъэныкъуэри ар зыщыз *щӀыпӀэ лъэныкъуэмк*Ӏэ ("*абы щоз → абы* ар *щоз*"; "*абы щызщ → абы* ар *щызщ*") къызэрыӀуатэрщи, мыри "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу (***щы**зын*) зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

ИкӀи, мы зи гугъу тщӀы *лъэныкъуитӀри цӀыхум нэмыщӀ щы*Ӏэ*гъуэ зи*Ӏэ*хэм теухуа*уэ зэрыщытым папщӀэ, мы глаголхэм я *вариантит*Ӏ*ми я лэжьэк*Ӏ*эхэм хиубыдэну* "*щхьэ*"хэр "*ещанэ щхьэ*"уэ зэрылъытэнур гурыӀуэгъуэщи, глагол лэжьэкӀэм *цӀыху нэрыбгэ*у "*субъектив*" лӀэужьыгъуэ "*щхьэ*" зэрхиубыдэ щӀыкӀэхэм мыпхуэдэ щапхъэхэр *къыщытпыщ*Ӏ*эхуэм* деж *щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ*. Аращи, мы щапхъэхэр къызыхуэтхьа глагол лэжьэкӀэм *цӀыху нэрыбгэ* зэрылъытэ "*щхьэ*" зэры*хиумыубыдэ*нур гурыӀуэгъуэщ: псалъэм папщӀэ, *изу щыт*ыр (ар изщ) е *из хъур* (*абы изщ*) цӀыхум и *пхъуант*эрами, изу лъытэр а пхъуантэращи, ари зэрылъытэнур "*ещанэ щхьэ*"уэ (ар, абы) зэрыщытынур гурыӀуэгъуэщ.

*

Мы зи гугъу тщӀахэм нэмыщӀ, "*езырыж глагол*"рэ "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуитӀыуи "*статя глагол*" лӀэужьыыгъуэу щыт "хуэфэщэн" глаголми и гугъу щӀын хуейщ. Ар "*статя глагол*"у зэрыщытым нэмыщӀ, *ик*Ӏ*и* "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"уи зэрыщытыр ипэкӀэ "*" нэгъыщэкӀэ къыхэдгъэщагъащи, мыри и "*Ӏуэху глагол*" *вариант*ым (***хуэ**фэщэн*) зэрытеухуар гурыӀуэгъуэнщ:

| |
|---|
| - **хуэ**фэщэн/***хуэ**фэщэн**. |

НытӀэ, "езырыж глагол"рэ "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу щыт "**хуэ**фэщэн/***хуэ**фэщэн*" глаголыр мы *лэжьэк*Ӏ*ит*Ӏ*к*Ӏ*и нормал*рэ "*статя глагол*"у зэрылажьэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - **хуэ**фэщэн/ ***хуэ**фэщэн** | → «ар хуофащэ → ар <u>абы</u> хуофащэ» / «*абы хуофащэ → абы* ар <u>*хуофащэ*</u>»; | → «ар хуэфащэщ → ар <u>абы</u> хуэфащэщ» / «*абы хуэфащэщ → абы* ар <u>*хуэфащэщ*</u>». |

"*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу щыт "***хуэ**фэщэн*" глаголыр "*статя глагол*"у зэрыщытым нэмыщӀ, икӀи "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*"у зэрыщытыр жытӀагъащи, мыр мы ипэкӀэ къэта глагол лэжьэкӀэ

щапхъэхэми къыхощыр. Аращи, "*хуэфэщэн*" глаголым и *нормал лэжьэкӀэхэр* нормалу "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*" *лэжьэк*Ӏэрщ; и "*статя глагол*" *лэжьэк*Ӏэри "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэу щыт Ӏуэху*"р зэрылъытэрщ.

Ауэ, мы зэщхьэщыкӀыныгъэр *глагол*хэм я "*лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*"хэм "*щхьэ цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ*"хэр *зэрыхиубыд*эращ нэхъ *гурыӀуэгъуафӀ*э щыхъунури, мыбы папщӀи, "езырыж"рэ "*Ӏуэху*" лӀэужьыгъуэ вариантитӀыу щыт мы глаголыр **-хуэ**фэщэн/***хуэ****фэщэн*"**-** "етӀунэ щхьэ"м ("*уэ*"м) *теухуауэ зэрылажьэ* щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэжынщи, "*цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ*"*хэр псалъэхэм зэрыхэлъытэ* щӀыкӀэхэми гулъытэ яхуэтщӀынщ:

| | | |
|---|---|---|
| - **хуэ**фэщэн<br><br>- ***хуэ****фэщэн** | → «уэ ухуофащэ → уэ <u>*абы*</u> ухуофащэ»;<br>- «*уэ пхуофащэ* → *уэ* ар *пхуофащэ*»; | → «уэ ухуэфащэщ → уэ <u>*абы*</u> ухуэфащэщ»;<br>- «*уэ пхуэфащэщ* → *уэ* ар *пхуэфащэщ*». |

Мы лэжьэкӀэхэм хуиту зэрыхэплъагъуэу, "хуэфэщэн" глаголым и "*езырыж глагол*" лӀэужьыгъуэм и *нормал*рэ "*статя*" лэжьэкӀэхэм "*уэ у(зэры)хуэфащэ*"рэ "*уэ ухуэфащэу зэрыщыт*"ыр ялъытэри, "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу (*) щыт "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӀуэ Ӏуэху глагол*"ым и *нормал*рэ "*статя*" лэжьэкӀэхэми "*уэ (къызэры)пхуэфащэ*"рэ "*уэ пхуэфащэу зэрыщыт*"ращ ялъытэр.

ИкӀи, ипэкӀи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, "*езырыж глагол*" лӀэужьыгъуэрэ "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу *глагол гупит*Ӏми хэлъытэ *глагол*хэм я *лэжьэк*Ӏэхэр *зыхэлъыта гупым елъытауэ лэжьэкӀит*Ӏ зиӀэу зэрызэщхьэщыкӀыр гурыӀуэгъуэщи, мы *гупитӀым щыщ*рэ (пп: **хуэ**фэщэн/***хуэ****фэщэн*) лэжьэкӀитӀ (ар хуофащэ; *абы хуофащэ*) зиӀэу *икӀи* "*статя глагол*" гупми хэлъытэ *глагол*ым и "*статя лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ*" *зэпкъырыувэк*Ӏэр зэхуэдэу (ар "хуэфащэщ"; *абы* "*хуэфащэщ*") лъытапхъэ щхьэ, мы "*глагол лэжьэкӀэу ухуа псалъэ*"*р зытеухуа*рэ я зэхуэдэуи щыт "*субъект*"ым и "*цӀэпапщӀэ гъэлъагъуэ*"р зэрылъытарэ зэрызыхиубыдэ щӀыкӀэм *елъытауэ зэрызэщхьэщык*Ӏри (**у**хуэфащэщ; **п***хуэфащэщ*) мы къэта щапхъэхэмкӀи нэрылъагъущ.

НытӀэ, сытым дежи я гугъу щымытщӀми, мы къедгъэкӀуэкӀ лэжьыгъэхэм мы зи гугъу тщӀа зэхуэдэныгъэрэ зэщхьэщыкӀыныгъэу къытпыщӀэхуэхэми гулъытэ хуэтщӀын зэрыхуейри къыпытщэжынщ.

*

"*Статя глагол*"хэм теухуа *щапхъ*эхэу ипэкӀэ къэтахэм зэрыухуагъэххэу "Ӏ*уэху глагол*" лӀэужьыгъуэ защӀэрэ "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэ защӀэ яхэтщи, мыхэри *утыку къызэрихьарэ зэрылажьэхэм елъытауэ гупищу* зэщхьэщыдгъэкӀынщ:

| |
|---|
| - «***и***Ӏ*эн (-еиныгъэ), **е**ин*»; |
| - «**хуе**ин»; |
| - «Ӏ*ыгъын* ("Ӏэ-ы-гъэ-ы-н" ← "Ӏэ-гъэ-н"), ***щы**гъын** ("**щы**-гъэ-ы-н" ← "щы-гъэ-н")». |

НытӀэ, мыбыхэм я *нормал глагол лэжьэк*Ӏэхэмрэ я "*статя глагол*" *лэжьэк*Ӏэхэм теухуа *щапхъ*эхэри къэдгъэлъэгъуэнщи, тежыӀыхьыпхъэхэр къыпытщэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| - ***и***Ӏ*эн* | → «*абы е*Ӏэ → *абы* ар *е*Ӏэ»; (игъуащэкъым!) | → «*абы и*Ӏ*эщ* → *абы* ар *и*Ӏ*эщ*»; |
| - ***е**ин* | → «*абы ей* → *абы* ар *ей*»; (игъуэкъым!) | → «*абы ейщ* → *абы* ар *ейщ*»; |
| -------------------- | -------------------------------------- | --------------------------------------- |
| - **хуе**ин | → «ар хуой → ар <u>*абы*</u> хуой»; (игъуэкъым!) | → «ар хуейщ → ар <u>*абы*</u> хуейщ»; |
| -------------------- | -------------------------------------- | --------------------------------------- |
| - Ӏ*ыгъын* | → «*абы е*Ӏ*ыгъ* → *абы* ар *е*Ӏ*ыгъ*»; | → «*абы и*Ӏ*ыгъщ* → *абы* ар *и*Ӏ*ыгъщ*»; |
| - ***щы**гъын** | → «*абы щегъ – щогъ** → *абы* ар *щегъ – щогъ**»; | → «*абы щыгъщ* → *абы* ар *щыгъщ*». |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Нэрылъагъущ "Ӏуэху префиксиал глагол" лӀэужьыгъуэу щыт мы "иӀэн, еин" глаголхэр зэрыухуарэ зэрызэпкъырыва щӀыкӀэм езэгъыу зэрымылажьэхэр. Мырагъэнщ ди бзэщӀэныгъэм мыхэр глагол нэхърэ "еиныгъэ" цӀэпапщӀэу зэрилъытар. Ауэ, мыхэр глаголхэрщ; икӀи, мы глаголхэр зэрылэжьэн хуейуэ дызыпэплъэм хуэдэу щӀэмылажьэми я мыхьэнэхэм теухуауэрэ езэгъыу щхьэусыгъуэфӀ иӀэу щытын зэрыхуейри жыӀэпхъэщ.

- ИкӀи, мы зи гугъу тщӀа глаголхэм я мыхьэнэгъуу щыт нэгъуэщӀыбзэ -хамэбзэ- глаголхэри бзэ куэдым иррегулар лэжьэкӀэ яӀэу зэрыхэтри гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ, адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэритклэ, иррегулар лэжьэкӀэ иӀэну лъытэныр зэрыимыгъуэри гурыӀуэгъуэнщи, езыхэм хуэӀуа мы я лэжьэкӀэхэр адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым елъытарэ теухуауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, мы адыгэбзэ глаголхэм я мыхьэнэхэм ахэр зэрыухуа макъхэм къыщӀидзэу щыгъуазэ дыщыхуэхъужым деж, бзэ куэдым мыпхуэдэ глаголхэр иррегулару -зыхэт гуп лэжьэкӀэм щхьэщыкӀыу лажьэу- зэрыщытым щхьэусыгъуэ яхуэхъури къыдгурыӀуэну къыщӀэкӀынщ.

НытӀэ, мыпхуэдэхэм щхьэхуэрэ зэрыигъуэу щыгъуазэ дыщыхуэхъун зэрыхуейри къыхэдгъэщынщ.

- "Еин" глаголыр зи лъабжьэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ "хуеин" глаголри, ар къызытехъукӀа глаголым хуэдэу "Ӏуэху глагол"у щыткъыми, "езырыж глагол" лӀэужьыгъуэщ. Мыри абы и мыхьэнэращ зэлъытар, ауэ, мы къызытехъукӀа "Ӏуэху глагол" лӀэужьыгъуэ "еин" глаголыр нормалу "Ӏ*уэху глагол" лэжьэк*Ӏэ зэр*имы*Ӏэм хуэдэщи, "хуеин" глаголри *нормал "езырыж глагол" лэжьэк*Ӏэ зэр*имы*Ӏэри нэрылъагъущ. НытӀэ, мыпхуэдэу зэрыщытми лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ хуэхъур "хуеин" глаголым игъуэта и мыхьэнэрауэ зэрыщытри зыгурыгъэӀуэн хуейщ.

- "Ӏэ-гъэ-н" мыхьэнэ зиӀэу "Ӏэ-ы-гъэ-ы-н"у зэрызэхъуэкӀыу зэпкъырыува "Ӏ*ыгъын*" глаголыр зэрыухуагъэххэу "*статя* Ӏ*уэху глагол*" лӀэужьыгъуэу утыку къихьарэ икӀи "*занщ*Ӏ*э глагол*" лӀэужьыгъуэуи зэрыщытри нэрылъагъущи, ар *нормал* "Ӏ*уэху глагол"у хуиту зэрылажьэ*ри (*абы е*Ӏ*ыгъ*) наӀуэщ. "Ӏуэху занщӀэ глагол"ыр "*ещанэ щхьэ*"м теухуауэ "*ит зэман"у* зэрылажьэр "*ек*Ӏ*уэл*Ӏ*эн"к*Ӏ*эрэ* (е) *къежьэу*щи, зы *статя и*Ӏ*эу зэрылъытэ "статя глагол"*ыр "*иджы зэман"у* зэрылажьэри *джып*Ӏэ зэрылъытэ "*и"уэ къежьэ*у зэрыщытынур зэрыигъуэр гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мы къызэрыхъуарэ и мыхьэнэми елъытауэ "статя" зэрылъытэу мы зэрылажьэми ипкъ зэриткӀэ, "Ӏ*ыгъын*" глаголыр "*статя глагол*" *гупым иужьк*Ӏ*э къыхэхъухьа*уэ зэрыщытри жыӀэпхъэщ.

- "*Щы-гъэ-н*" мыхьэнэ зиӀэу "*щы-гъэ-ы-н*"у зэпкъырыува "Ӏ*уэху префиксиал глагол*" лӀэужьыгъуэу зы "*статя глагол*"щ "***щы****гъын*"ри, абы и *нормал глагол лэжьэк*Ӏэу ипэкӀэ къэта щапхъэр нормал "Ӏуэху глагол" лэжьэкӀэрэ (*абы щегъ*) "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол" лэжьэк*Ӏэу (*абы щогъ*) зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. ИпэкӀэ мы глаголыр "*инфинитив*"у зэрыщытымрэ икӀи и лэжьэкӀэ гуэрхэу "*" нэгъыщэкӀэ къыхэдгъэщахэр "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*" лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытхэм папщӀэщ.

- Аращи, зы "*статя глагол*" лӀэужьыгъуэ "*щыгъын*" глаголыр икӀи "*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырик*Ӏ*уэ* Ӏ*уэху глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрыщытри -ипэкӀи къызэрыхэдгъэщауэ- *ц*Ӏ*ыхум езым -зызэрихуэпэж*ым- теухуауэ зэрыщытым папщӀэщ. НытӀэ, "***щы****гъын" глагол лэжьэк*Ӏэ щапхъэхэу ипэкӀэ къэдгъэлъэгъуахэр мы илъабжьэм *ц*Ӏ*ыхум теухуа*уи къэгъэлъэгъуэныр игъуэщи, мыпхуэдэуи "***щы****гъын*" глагол "*лэжьэк*Ӏ*эу ухуэ псалъэ*"хэм глагол "*субъект*"у цӀыху *нэрыбгэ* зэрыхэлъытэ "*субъектив ц*Ӏ*эпапщ*Ӏ*э гъэлъагъуэ*" щапхъэхэми гулъытэ хуэтщӀынщ:

| | | |
|---|---|---|
| - ***щы****гъын* | → "*уэ щыбогъ – пщогъ**" → "*уэ* ар *щыбогъ – пщогъ**"; | → "*уэ пщыгъщ* → *уэ* ар *пщыгъщ*". |

**"Статя глагол"хэм зэрызэлъытэныгъуэкӀэ зэдыхэплъэжыгъуэ.**

Мы ипэкӀэ "*статя глагол*"хэм теухуауэ къедгъэкӀуэкӀа лэжьыгъэр ахэр *къызэрыхъуа зэкӀэлъхьэужьык*Ӏэмрэ икӀи *зэрылажьэ щӀык*Ӏэхэм теухуащ. НытӀэ, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа "статя глагол"хэр гуп гупу зэрызэкӀэлъхьэужь щӀыкӀэу зэдыхэплъэгъуэу къэгъэлъэгъуэныр "статя глагол" къэхъуныгъэ лъагъуэм зэдыхэплъэжынрауэ жыӀэпхъэщ. Мыпхуэдэу щыщыткӀи, "статя глагол"хэр и гугъу зэрытщӀа гуп гупу зэкӀэлъхьэужьу мы илъабжьэм зы таблицэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэжынщ.

Зэрыжыт|ауэ, и гугъу зэрытщӀа я зэкӀэлъхьэужьыкӀэр "статя глагол" гупхэр къызэрыхъуа зэкӀэлъхьэужьыкӀэм теухуауэ лъытапхъэщ; ауэ, дэтхэнэ зы гупым хиубыдэ глаголхэри я къэхъуныгъэм теухуауэ зэщхьэщыгъэкӀауэ щыткъым. НытӀэ, *дэтхэнэ зы гупым хиубыдэ "статя глагол*"хэр я *къэхъуныгъэ зэк*Ӏ*элъхьэужьык*Ӏэу аргуэру *зэлъытэн хуейуэ* зэрыщытри гурыӀуэгъуэщи, мы Ӏуэхугъуэри *еджак*Ӏ*уэхэм къахуренэ*!

Зи гугъу тщӀа дэтхэнэ зы "статя глагол" лӀэужьыгъуэ гупыр "статя глагол" къэхъуныгъэм дэтхэнэ и зы щӀыкӀэм теухуарэ а зэкӀэлъхьэужьыныгъэм и зы щӀыпӀэрэ увыӀэпӀэуи лъытапхъэщи, дэтхэнэ зы гупым хиубыдэ глаголхэри зэрызэлъытэу "статя глагол" псоми теухуа къэхъуныгъэ зэкӀэлъхьэужьыкӀэ лъытапхъэуи жыӀэпхъэнщ.

НытӀэ, мы жытӀахэм къызэрыхэщщи, мы ипэкӀэ *япэу зи гугъу тщ*Ӏ*а "статя глагол" гуп*ыр "*статя глагол*" *къэхъуныгъэм* и *пэщ*Ӏ*эдзэ*хэм хуэзэ "*статя глагол*" *къэхъук*Ӏэу лъытапхъэщ. "Статя глагол" къэхъукӀэр мы гупым зэкӀэлъхьэужьыкӀэу зиубыгъуу лъытапхъэмэ, *иужь дыдэ зи гугъу тщ*Ӏ*а "статя глагол"* лӀэужьыгъуэ *гуп*ри "*статя глагол*" *къэхъук*Ӏ*эр зэрыхъун хъуарэ ип*Ӏэ *щиувауэ* "*статя глагол*" *къэхъук*Ӏэу лъытапхъэнщ; е, "*статя глагол*" *гупыр щхьэжрэ щхьэхуэу зы гупу лъыта нэужь* къэхъуа "*статя глагол*"*хэр зыхэзыубыдэ гуп*уи лъытапхъэнщ.

НытӀэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, зи гугъу тщӀа "*статя глагол*"*хэр гуп гупу зыхэзыубыдэ таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - фӀын | → «ар мэфӀ»; | → «ар фӀыщ»; |
| - щӀыӀэн | → «ар мэщӀыӀэ»; | → «ар щӀыӀэщ»; |
| - псыӀэн | → «ар мэпсыӀэ»; | → «ар псыӀэщ»; |
| - ткӀиин | → «ар мэткӀий»; | → «ар ткӀийщ»; |
| - хеин | → «ар мэхей»; | → «ар хейщ»; |
| - хуэмын | → «ар мэхуэм»; | → «ар хуэмщ»; |
| - щымын | → «ар мэщым»; | → «ар щымщ»; |

| | | |
|---|---|---|
| - пэгэн<br>- Iущын*<br>- пхъэшэн<br>- бэвын<br>- щхьэпэн<br>- щхъухьын<br>- лъэпIэн<br>- хуэбэн<br>- нэщхъеин<br>- сымэджэн<br>- узыншэн | → «ар мэпагэ»;<br>→ «ар мэIущ»;<br>→ «ар мэпхъашэ»;<br>→ «ар мэбэв»;<br>→ «ар мэщхьэпэ»;<br>→ «ар мэщхъухь»;<br>→ «ар мэлъапIэ»;<br>→ «ар мэхуабэ»;<br>→ «ар мэнэщхъей»;<br>→ «ар мэсымаджэ»;<br>→ «ар мэузыншэ»; | → «ар пагэщ»;<br>→ «ар Iущщ»;<br>→ «ар пхъашэщ»;<br>→ «ар бэвщ»;<br>→ «ар щхьэпэщ»;<br>→ «ар щхъухьщ»;<br>→ «ар лъапIэщ»;<br>→ «ар хуабэщ»;<br>→ «ар нэщхъейщ»;<br>→ «ар сымаджэщ»;<br>→ «ар узыншэщ»; |
| - хуэдэн | → «ар *абы* хуодэ*»; (игъуащэкъым) | → «ар *абы* хуэдэщ»; |
| - **щы**Iэн | → «ар щоIэ → ар *абы* щоIэ»; | → «ар щыIэщ → ар *абы* щыIэщ»; |
| - ″**щы**сын, **и**сын, **Iу**сын, **къуэ**сын, **хэ**сын, **гуэ**сын, **щIэ**сын, **дэ**сын, **фIэ**сын, **пы**сын″; | → «ар щос → ар *абы* щос»; «ар Iуос → ар *абы* Iуос»; «ар гуос → ар *абы* гуос»; «ар щIос → ар *абы* щIос»; «ар пос → ар *абы* пос»; | → «ар щысщ → ар *абы* щысщ»; «ар Iусщ → ар *абы* Iусщ»; «ар гуэсщ → ар *абы* гуэсщ»; «ар щIэсщ → ар *абы* щIэсщ»; «ар пысщ → ар *абы* пысщ»; |
| - ″**щы**лъын, **и**лъын, **Iу**лъын, **къуэ**лъын, **хэ**лъын, **гуэ**лъын, **щIэ**лъын, **дэ**лъын, **фIэ**лъын, **пы**лъын″ | → (щапхъэ гуэрхэр) «ар щолъ → ар *абы* щолъ»; «ар Iуолъ → ар *абы* Iуолъ»; «ар гуолъ → ар *абы* гуолъ»; «ар щIолъ → ар *абы* щIолъ»; «ар полъ → ар *абы* полъ»; | → (щапхъэ гуэрхэр) «ар щылъщ → ар *абы* щылъщ»; «ар Iулъщ → ар *абы* Iулъщ»; «ар гуэлъщ → ар *абы* гуэлъщ»; «ар щIэлъщ → ар *абы* щIэлъщ»; «ар пылъщ → ар *абы* пылъщ»; |
| - **пы**лъын (**зэпы**лъын) | → «ар полъ → ар *абы* полъ»; (ахэр зэполъ) | → «ар пылъщ → ар *абы* пылъщ»; (ахэр зэпылъщ) |
| - ″**щы**тын, **и**тын, **Iу**тын, **къуэ**тын, **хэ**тын, **гуэ**тын, **щIэ**тын, **дэ**тын, **фIэ**тын, **пы**тын″ | → (щапхъэ гуэрхэр) «ар щот → ар *абы* щот»; «ар Iуот → ар *абы* Iуот»; «ар гуот → ар *абы* гуот»; «ар щIот → ар *абы* щIот»; «ар пот → ар *абы* пот»; | → (щапхъэ гуэрхэр) «ар щытщ → ар *абы* щытщ»; «ар Iутщ → ар *абы* Iутщ»; «ар гуэтщ → ар *абы* гуэтщ»; «ар щIэтщ → ар *абы* щIэтщ»; «ар пытщ → ар *абы* пытщ»; |
| - **къэ**тын | → «ар къот*»; (игъуащэкъым!) | → «ар къэтщ»; |
| - **щы**зын/***щы****зын* | → «ар щоз → ар *абы* щоз» / «*абы* ар *щоз* → *абы* ар *щоз*»; | → «ар щызщ → ар *абы* щызщ» / «*абы* ар *щызщ* → *абы* ар *щызщ*»; |
| - **щIэ**зын/***щIэ****зын* | → «ар щIоз → ар *абы* щIоз» / | → «ар щIэзщ → ар *абы* |

| | | |
|---|---|---|
| - **дэ**зын/***дэ****зын* | «*абы* ар *щ*I*оз* → *абы* ар *щ*I*оз*»;<br>→ «ар доз → ар <u>*абы*</u> доз» / «*абы* ар *доз* → *абы* ар *доз*»; | щIэзщ» / «*абы* ар *щ*I*эзщ* → *абы* ар *щ*I*эзщ*»;<br>→ «ар дэзщ → ар <u>*абы*</u> дэзщ» / «*абы* ар *дэзщ* → *абы* ар *дэзщ*»; |
| - **хуэ**фэщэн/ ***хуэ****фэщэн** | → «ар хуофащэ → ар <u>*абы*</u> хуофащэ» / «*абы хуофащэ* → *абы* ар *хуофащэ*»; | → «ар хуэфащэщ → ар <u>*абы*</u> хуэфащэщ» / «*абы хуэфащэщ* → *абы* ар *хуэфащэщ*»; |
| - ***и****Iэн*<br><br>- ***е****ин*<br><br>--------------------<br>- **хуе**ин<br><br>--------------------<br>- I*ыгъын*<br><br>- ***щы****гъын** | → «*абы е*I*э* → *абы* ар *е*I*э*»; (игъуащэкъым!)<br>→ «*абы ей* → *абы* ар *ей*»; (игъуэкъым!)<br>--------------------------------------<br>→ «ар хуой → ар <u>*абы*</u> хуой»; (игъуэкъым!)<br>--------------------------------------<br>→ «*абы е*I*ыгъ* → *абы* ар *е*I*ыгъ*»;<br>→ «"*абы щегъ – щогъ**" → "*абы* ар *щегъ – щогъ**"»; | → «*абы и*I*эщ* → *абы* ар *и*I*эщ*»;<br><br>→ «*абы ейщ* → *абы* ар *ейщ*»;<br><br>---------------------------------------<br>→ «ар хуейщ → ар <u>*абы*</u> хуейщ»;<br>---------------------------------------<br>→ «*абы и*I*ыгъщ* → *абы* ар *и*I*ыгъщ*»;<br>→ «*абы щыгъщ* → *абы* ар *щыгъщ*». |

## "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ Я КЪЭХЪУНЫГЪЭМ ТЕУХУАУЭ АРГУЭРУ КЪЫПЫЩАПХЪЭ ГУЭРХЭР

### "Щ" макъымрэ "щыIэн"ыгъэм, "щыIэн" глаголым теухуауэ.

Мы ипэкIэ жытIахэми къызэрыхэщщи, "**щ**" макъыр щыIэныгъэ зэрылъытэ макъырщи, **кIэух** зыхуэхъу дэтхэнэ зы псалъэр (зытеухуар) а зэры"**щыIэ**"рэ а зэры**щыт**ыр **зылъытэ**рщ. ЩыIэр зылъытэ зы макъыу зэрыщытым папщIэ, кIэух зыхуэхъу псалъэр щыIэ зыщIыу щыIэн глагол къалэни игъэзащIэу лъытапхъэщ "щ" макъми, ар (щ) "**щыIэн**" **глагол**ым **лъабжьэ** хуэхъурэ икIи и зы **лэжьэкIэ вариант**уи лъытапхъэщ.

Пэжщ адыгэбзэм и "щыIэн" глаголым езым и лэжьэкIэ зэриIэжыр (сыщыIэщ – сыщоIэ, ущыIэщ – ущоIэ, щыIэщ - щоIэ), ауэ бзэ куэдым "щыIэн, хъун" хуэдэу лъытапхъэ глаголхэм я лэжьэкIэр адрей глаголхэм я лэжьэкIэм къазэрыщхьэщыкIри –иррегулар лэжьэкIэу зэрыщытри-гурыIуэгъуэщ. Псалъэм папщIэ, адыгэбзэм и "*щыIэн*" глаголым хуэдэ мыхьэнэ зиIэу *европэбзэ* гуэрхэм я *глагол*хэр *инфинитив*у зэрызэпкъырыуvэмрэ я *лэжьэкIэ*хэр *зэрызэщхьэщыкI*ыр гурыIуэгъуэщи, мы глаголхэм иррегулар лэжьэкIэ яIэущ зэралъытэр. НытIэ, мыпхуэдэ

глагохэмрэ я лэжьэкӀэхэр икӀи дэтхэнэ гуэрыр а езырауэ зэрыщытрэ зы статя зиӀэу зэрыщыӀэр зэрылъытэм теухуа щапхъэхэр глагол инфинитивхэмрэ, абыхэм я ″лэжьэкӀэу ухуэ псалъэ″хэр къызэрыхэгъэща щӀыкӀэу *франсыбз*эмрэ *алманыбз*эм теухуауэ къэтхьынщ:

| |
|---|
| - ″**être** (фр.)″: «je **suis**...; tu **es**...; il/elle **est**...»; «il **est** le jardin; elle **est** la maison»;<br>- ″**sein** (алм.)″: «ich **bin**...; du **bist**...; er/sie/das **ist**...»; «er/sie/das **ist**...». |

Мы европэбзэхэм ″щыӀэн, хъун″ мыхьэнэ зиӀэ мы я глаголхэм иррегулар лэжьэкӀэ зэраӀэр нэрылъагъущ, икӀи дэтхэнэ гуэрыр -ар арауэ-зэрылъытэр мы глаголхэм я ″ещанэ щхьэ″м -″объектив щхьэ цӀэпапщӀэ″м- теухуа я лэжьэкӀэущи (il <u>est</u> le jarden), мыри адыгэбзэм и ″щ″ макъ кӀэухым (ар хадэ<u>щ</u>) пэуву лъытапхъэщ.

ИкӀи, бзэ гуэрхэми мыпхуэдэ мыхьэнэ зиӀэ я глаголхэм я лэжьэкӀэм нэмыщӀ, икӀи псалъэхэм кӀэух хэухъу макъ гуэрхэми а псалъэр (псалъэ мыхьэнэр) а зэрыщытрэ а зэрыщыӀэр зэрылъытэ къалэн зэрагъэзащӀэр гурыӀуэгъуэщи, мыпхуэдэ кӀэухыр – адыгэбзэм и ″щ″ макъыр ипэкӀэ зэрылъытауэ зи гугъу тщӀа щӀыкӀэу- ″щыӀэныгъэ гъэлъагъуэ кӀэух″уи (е, ″щыӀэныгъэ цӀэпапщӀэ″у) щалъытэ щыӀэщ. Мы жытӀахэм хуэдэщ – псалъэм папщӀэ- тыркубзэм и ″щыӀэн, щыӀэ хъун″ мыхьэнэ зиӀэ глаголхэри, абыхэми езым я лэжьэкӀэж яӀэщ. Аращи, псалъэхэм кӀэух хуэхъуу зыгуэрыр -ар- зэрыарар зэрылъытэ ″dir″ыр ″щыӀэн, щыӀэ хъун″ыр зэры″гъэлъагъуэ кӀэух″уи ялъытэр; ауэ икӀи, ар ″щыӀэн, щыӀэ хъун″ глагол лэжьэкӀэуи (ещанэ нэрыбгэрэ объектхэм теухуауэ) ялъытэр.

НытӀэ, *тыркубзэм и ″var olmak (щыӀэн, щыӀэ хъун)″ глагол*ым езым и *лэжьэкӀэ*мрэ, абы и къалэн зыгъэзащӀэ ″*dir*″ *кӀэу*хым теухуа щапхъэхэр илъабжьэкӀэ къэтхьынщ. Адыгэбзэм и ″щыӀэн″ псалъэм тыркубзэу псэлъитӀ къызэрыпэувыр мы ипэкӀэ тхыхьым дэту къэдгъэлъэгъуахэм хыболъагъуэр; икӀи, мы псэлъитӀым я лэжьэкӀэри зэщхьэщыкӀ хуэдэми, зэрызэпыщӀарэ я кӀэуххэри зэрызэхуэдэр гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мы жытӀахэм зэрезэгъкӀэ ″var olmak – olmak″ (щыӀэ хъун, щыӀэн) глагол лэжьэкӀэ щапхъэхэр ″сует гъэлъагъуэ″ кӀэуххэм (тыркубзэм псалъэ лэжьэкӀэхэр кӀэухкӀэрэщ) я лъабжьэр щӀэтхьауэ, ″dir″ри псалъэхэм кӀэух зэрыхэхъу щӀыкӀэхэри къхэгъэща щӀыкӀэу мы илъабжьэкӀэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «**var olmak**: ″ben varı<u>m</u>, sen varsı<u>n</u>, o var(**dır**)″»; «ben var oluyorum, sen var oluyorsun, o var oluyor»;<br>- «**olmak**: ″o ağaç**tır**, o elma**dır**, o iyi**dir**, o kötü**dür**″»; «″ben insanı<u>m</u>, sen insansı<u>n</u>, o insan(**dır**)″»; |

Тыркубзэм "dir" кӀэухыр зэрыхэлэжьыхьымрэ адыгэбзэм и "щ" макъ кӀэухыр зэрыхэлэжьыхь щӀыкӀэр зэрызэщхьри гулъытапхъэщ.

Европэбзэ гуэрхэмрэ тыркубзэм "щыӀэн" хуэдэ мыхьэнэ зиӀэу хэт глаголхэм теухуауэ мы ипэкӀэ къэтхьа щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэрщи, бзэхэм "щыӀэн" глаголым и лэжьэкӀэр зыхэт гупым теухуауэ -нэхъыбэм деж- иррегулару зэрыщытыр жыӀэпхъэщ. Адыгэбзэм "щыӀэн" мыхьэнэ зыгъэзащӀэ зы щӀыкӀэри ("щ" кӀэух) мыбыхэм абыхэм хуэдэу лъытапхъэщи, мыпхуэдэу зэрыщытри "щыӀэн"ыгъэм езым и мыхьэнэм зэрытеухуар адыгэбзэм и лэжьэкӀэм гурыӀуэгъуэ къыпхущӀыу жыӀэпхъэщ. Аращи, адыгэбзэм и *"щыӀэн" глаголымрэ* зи кӀэ къызпыхьэ псалъэм щыӀэныгъэ статус къезыт *кӀэух "щ" макъым игъэзащӀэ къалэныр* зэтехуэрэ *зэхуэдэ* Ӏуэхугъуэу зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэми къызэрыхэщщи, бзэхэм я "щыӀэн" глаголхэм я лэжьэкӀэр адрей глагол лэжьэкӀэхэм къазэрыщхьэщыкӀыр мащӀэкъым, икӀи "щыӀэн" глаголым и къалэным хуэдэ къалэн игъэзащӀэу бзэ гуэрхэми –адыгэбзэм и "щ" кӀэухым хуэдэу-кӀэуххэр зэраӀэми и гугъу тщӀащ. ИкӀи къыхэгъэщыпхъэщ мы бзэхэм зи гугъу тщӀа я лэжьэкӀэхэм хуэдэ дыдэу мылъытапхъэми, адыгэбзэм и *"щыӀэн" глагол*ымрэ и *"щ" макъ кӀэух*ыр зэрызэлъытарэ зэщхь къалэн ягъэзащӀэу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэщ.

*

Мыбыхэм я гугъу щӀэтщӀри *"статя глагол"* лӀэужьыгъуэр утыку къызэрихьэмрэ я лэжьэкӀэм *лъабжьэ хуэхъу*р зыгурыдгъэӀуэнращ; мыбы папщӀи, *"статя глагол" лэжьэкӀэ*м хэплъагъуэрэ икӀи ар зытеухуауэ лъытапхъэ *"щ" мак*ъымрэ, абыи игъэзащӀэ къалэныр зэлъыта *"щыӀэн"* глаголым нэхъ гъунэгъуу дыхэплъэн зэрыхуейри гурыӀуэгъуэщ.

Япэрауэ, **"щыӀэн"** глаголым щыгъуазэ дыхуэхъумэ, ар зы **"префиксиал глагол"** лӀэужьыгъуэрщи, икӀи ар иужькӀэ префикс къазыщта глаголу щымыту, **"щ"**ыр зи **"префикс"**у езыр *"префиксиал глагол"*у ухуагъэххэ зы глаголу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщ. Мыбы нэмыщӀ, *"щыӀэн"* глаголыр икӀи зэрыигъуэкӀэрэ зы **"езырыж глагол"** лӀэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ.

Мыбдежым "щ" макъ кӀэухым дытепсэлъыхьын хуей щӀэхъуар абы "статя глагол" лэжьэкӀэм щигъэзащӀэ къалэнращ; икӀи, мы игъэзащӀэ къалэнымрэ "щ" макъ мыхьэнэри "щыӀэн" глаголым зэрелъытари гурыӀуэгъуэщ. Мыхэри зэрыхиубыдэу, икӀи, **"щ" макъ кӀэух**ым **"статя"**

зэрилъытэм нэмыщӀ, **"щыӀэн"** глаголым езыри зы **"статя глагол"** лӀэужьыгъуэрщ.

ЗэрыжытӀауэ, зэрыухуарэ утыку къызэрихьа щӀыкӀэкӀэ "префиксиал глагол" лӀэужьыгъуэщ "щыӀэн" глаголри, псалъэр утыку къызэрихьэнрэ зэрылэжьэным теухуа кондицэр абы и япэрйуэ хиубыдэ "щ" макъращ. "ЩыӀэн" глаголым и префиксыр и япэрей макъыу "щ" макъращи, абы елъытауэ лэжьэкӀэ зыгъуэту псалъэр зэрыух "Ӏэ"р икӀи псалъэм глагол къалэн зыхуэзыгъэзащӀэ макъыу зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, зы глаголым и префиксым къыкӀэлъыкӀуэ псалъэ Ӏыхьэращ "префисиал глагол"ым и лэжьэну Ӏыхьэри, ар "глагол" Ӏыхьэ дыдэращ: "префиксиал глагол" лӀэужьыгъуэ щыт "щыӀэн"ым и глагол Ӏыхьэ дыдэр –"глаголыпкъ"ыр- префикс "щ" макъым къыкӀэлъыкӀуэ "Ӏэн" Ӏыхьэращ.

ИпэкӀэ зэрыжытӀауэ, *"щыӀэн" глагол*ым и *кондиц*эрщ *"щ" мак*ъри, "щыӀэн" Ӏуэхугъуэр къэхъун папщӀэ, икӀи ар (щыӀэн) зы глаголу лэжьэн папщӀэ, зыхуэныкъуэрэ зэпха кондицэр "щ"ыращ; глаголыр зэрыухуэрэ зэрылэжьэну щӀыкӀэр "щ" кондицэм елъытащ. Аращи, "щ"ыр мыхъумэ, "щыӀэ"ри хъункъыми, "Ӏэ"ри лэжьэнкъым - "Ӏэн" хъункъым. Ар (щ) "Ӏэ"р зэрылэжьэнур зэпхарэ абы ("Ӏэ"м) и кондицэрщ, ар (щ) икӀи "щыӀэн"ым щхьэусыгъуэрэ лъабжьэ хуэхъурщ.

Зэрыухуарэ зэрылэжьэну щӀыкӀэм теухуауэ мыхэр зыхужытӀа *"щыӀэн" псалъэм и мыхьэн*эми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Япэрауэ *"щ"* макъыр *щыӀэгъуэ лъабжьэ* зи мыхьэнэ макъырщи, *"щыӀэ"*ри, "щыӀэгъуэ"ри, ахэр къыщыхъури *лъабжьэ*у *"щ"*ым теухуащ; ахэр "щ"ыншэу утыку къихьэнкъым. Адыгэбзэ *псалъэ зэпкъырыувэкӀэ*м *ипэ* итрэ *къэӀу* макърэ псалъэр *нэхъыщхьэ*рэ *къежьапӀэ*у зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, *"щыӀэн"* псалъэ *пэщӀэдзэ*ри *"щ" мак*ърауэ зэрыщытыр наӀуэщ. *"ЩыӀэн"* псалъэм и пэщӀэдзэрэ и нэхъыщхьэ макъыу щыт "щ" макъым къыкӀэлъыкӀуэр *"Ӏэ" мак*ъращи, ар *"щ" мак*ъым елъытарэ икӀи ар *зыгъэлажьэ макъыращ*. ЗэрыгурыӀуэгъуэу, *"Ӏэ"* макъыр *"функциал зэман пыухытыкӀа"* зи мыхьэнэрщи, мы и мыхьэнэрэ къалэныр зыхэт псалъэм хиубыдэу езым (Ӏэ) ипэ къихуэ "щ"м зэрыхуигъэзащӀэкӀэрэщ "щыӀэ" псалъэр зэрыухуа щӀыкӀэр. Ар щыхъукӀи, *"щыӀэн"* псалъэр *"щ"*ыр (*щыӀэгъуэ лъабжьэр*) *"Ӏэ"кӀ*эрэ (*зы "зэман пыухытыкӀа"кӀ*эрэ) зэры*лажьэ*рэ зэрылъытэу ухуа зы псалъэрщ.

НытӀэ, "щыӀэ"р къэхъун папщӀэ, ар зыхуэныкъуэ лъабжьэрэ абы кондицэ хуэхъур "щ"ращ; *"щ"ыри зэрылажьэр "Ӏэ"кӀэрэщ*и, "щыӀэ"м

лъабжьэрэ пэщӀэдзэ хуэхъу "*щ"ым зыкъызэригъэлъагъуэ*у зэманыгъуэ (э) зэригъуэтыр зы "*зэманыгъуэ пыухытыкӀа*"кӀэрэщ (Ӏэ). Ауэ икӀи, "щыӀэ" ухуэн папщӀэ, "щ"ыр зэманыгъуэм тезышэрэ абы къыщызгъэлъагъуэ "Ӏэ"ри (зэманыгъуэ пыухытыкӀа) "щ"ыращ (щыӀэгъуэ лъабжьэ) зэлъытарэ зэпхари, "*Ӏэ"ри "щ"ым папщӀэщ*; "Ӏэ"р къэхъунрэ лэжьэн папщӀэ "щ"ым зэрыхуэныкъуэри гурыӀуэгъуэщ.

Мы жытӀахэм къызэрыхэщщи тӀэ, щыӀэгъуэ лъабжьэу щыт "*щ"ыр зы зэман пыухытыкӀакӀэ (Ӏэ) утыку къызэрихьэрэ зэрылажьэращ "щыӀэ"* псалъэм и мыхьэнэр. Нэгъуэщӏыу жыпӀэмэ, "*щыӀэ*" жыхуэтӀэр *щыӀэгъуэ лъабжьэм* (щ) з*ы зэман пыухытыкӀакӀэ* (Ӏэ) *зыкъыщызэригъэлъагъуэрщи*, мыри зэрыгъэзащӀэрэ зэрылъытэри "*щыӀэн*" глаголкӀэрэщ.

*

"ЩыӀэ" псалъэм мы дызэреджам нэмыщӀ, "щ" макъым и мыхьэнэм ипкъ зэриткӀэ, мыбдежым "**щ**" макъыр **псалъэ пэщӀэдзэ** зэрыхъурэ **щыхъу**ми щыгъуазэ хуэхъунри игъуэу жыӀэпхъэщ.

Япэрауэ, *зи ипэ къихуа макърэ псалъэ мыхьэнэр къызэрыхъурэ къыщыхъур зылъытэрщ "щ" мак*ъри, нытӀэ, "щыӀэ" псалъэм икӀи "Ӏэ"р къызэрыхъурэ къыщыхъууи (щ) зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Ар щыхъукӀи, "*щыӀэ*"р зэрыухуэм теухуауэ "Ӏэ"р "щ"ым лэжьэн лъэкӀ къезыту тлъытами, абдежыр икӀи езы "*Ӏэ"ри къызэрыхъурэ къыздыщыхъуращ*. Мыбы гурыӀуэгъуэ къытхуищӀри "щыӀэ" жыхуэтӀэр утыку къизыгъэхьэр –е къызэрихьэр- зэпычыгъуэ зэримыӀэу зэрызэпыщӀаращ. Мыбыи дигу къигъэкӀыр "щыӀэ"мрэ "зэман" жыхуэтӀэхэр зэпычыгъуэрэ зэпыудыгъуэ зэрызыхуамыӀэ щӀыкӀэу зэпхарэ зэхэлъу зэрылъытапхъэращ.

"Щ" макъыр зи пэщӀэдзэ "щыӀэ" псалъэр лъэныкъуитӀкӀэ зэрызэпкъырыхыпхъэр мыпхуэдэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэри "щыӀэ" псалъэр мы зэрызэпкъырытхам хуэдэу зэпкъырыхыпхъэщ. "*Щ*" макъ зи *пэщӀэдзэу ухуа псал*ъэхэм теухуауэ нэгъуэщӀ *щапх*ъэхэри къэтхьынщ:

«щыгъуэ, щыблэ, щыщ – щыщын, щынэн – къыщынэн, щынэжын, щыпэ – щыпэ лъагъу, щыпэн – къэщыпын».

"Щ" макъ пэщӀэдзэу ухуа мы псалъэхэм къыщымынэу, зи гугъу тщӀа и мыхьэнэкӀэрэ ухуагъэххэ псалъэхэми "*префикс"у* къазэрыпыхьэфынур гурыӀуэгъуэщ "*щ" мак*ъри, абы щыгъуэми, а псалъэр (зытеухуа Ӏуэхугъуэр) къызэрыхъурэ къыщыхъур зэрылъытэ мыхьэнэ утыку къихьэнщ. Псалъэм папщӀэ, "псалъэ" псалъэм "щ" префикс къищтэу

утыку къихьэ ″щыпсалъэ″ псалъэр а ″псалъэ″р (зытеухуа Iуэхугъуэр) къызэрыхъурэ къыщыхъур зэрылъытэрщ. НытIэ, псалъэхэм ″щ″ префикс къызэрыпыхьэу лэжьэкIэ зэрагъуэт щапхъэхэр глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэхэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

«**щ**ыкIуэ, къы**щ**ыкIуэж, **щ**ыхъу, къы**щ**ыхъуар, **щ**ыпсэлъам деж».

Мы ипэкIэ зи гугъу тщIахэр ″щ″ макъымрэ ″щыIэ″ псалъэр зэрызэлъытам теухуауэ къедгъэкIуэкIа консидерацэрщ. Ауэ мыбыи зэрыпыщIакIэрэ, икIи ″щ″ымрэ ″Iэ″м я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэми щыгъуазэ дыхуэхъуу, щыIэгъуэм теухуа мыхьэнэ зиIэ ″щ″ макъыр псалъэ пэщIэдзэу щыхъумрэ ухуагъэххэ псалъэхэми префиксу язэрыхуэхъуми щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

**″Статя глагол″ къэхъуныгъэ лъагъуэм теухуауэ е глаголхэр ″позицэ, статя″ зэрылъытэу зэрылажьэхэм теухуауэ.**

Мы къэта псэлъащхьэмкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъур, ″статя глагол″ыр ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол″хэм хуэдэу иужькIэ къэхъуауэ аракъым. Аращи, ″статя″ зэрылъытэ псалъэрэ къэIуэтэкIэхэр бзэ лэжьэкIэу ипIэIуэкIэ къэхъуарэ къырикIуэу щытауэ лъытапхъэщ. Мы псалъэм зэрезэгъщи, дэтхэнэ гуэрыр зэрыарауэ зэрыщытыр е ар зыгуэру зэрыщыткIэрэ зэрылъытэр ″статя″ лIэужьыгъуэ лъытэкIэрщ.

ИкIи, мыпхуэдэ лъытэкIэрэ къэIуэтэкIэхэр ″статя глагол″хэр зы ″глагол гуп″у лъытэным лъагъуэ хуэхъуауэ зэрыщытри жытIагъащ; икIи, мыпхуэдэ лъагъуэм щыухуауэ лъытапхъэ ″статя глагол″ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуауэ щытащ. НытIэ, ″статя глагол″хэр щхьэжу зы ″глагол гуп″у зэрылъытам лъабжьэ хуэхъуахэр бзэм сытым дежи мыпхуэдэхэр – зыгуэрыр арауэ зэрыщыт е апхуэдэу зэрыщыт- зэрилъытэрауэ жыIэпхъэщ. Мыпхуэдэ къэIуэтэкIэхэри кIуэ пэтрэ бзэм зы ″глагол гуп″ лэжьэкIэ лIэужьыгъуэу хроникэ хэхъуа нэужьи, мы ″статя глагол″ гупым езым хуэIуа лэжьэкIэ зиIэ ″статя глагол″ лIэужьыгъуэхэри утыку къыщигъагъэнщи, ипэкIэ мыпхуэдэ щапхъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Мы ипэкIэ къэта псэлъащхьэр лъэныкъуитIри зэрылъытапхъэу къыщIэтар мы къыхэдгъэщахэм папщIэщ.

*

"Статя глагол"хэм теухуауэ нэхъыщхьэр иджым къыщекIуэкIри "щ" макъыр кIэух зыхъуу къызэрыIуатэрщ. Аращи, "**статя глагол**" лэжьэкIэхэр зэманыгъуэ псоми – "ит зэман"ым ипIэкIэ "статя глагол"ым и лэжьэкIэу лъытапхъэ "иджы зэман"ми**-** теухуауэ "**щ**" **кIэух**кIэрэщ къызэрыIуатэр. НытIэ, мы ипэкIэ зи гугъу тщIахэм къыкIэлъыкIуэу, мыбдежым *япэрауэ "щ" макъыр псалъэ кIэух зэрыхъу*м аргуэру деплъыныр игъуэщ.

"Щ"ымрэ "щыIэ"м теухуауэ мы ипэкIэ жытIахэр гурыIуэгъуэмэ, псалъэ пэщIэдзэу щырет е псалъэ кIэух макъыу щырет, "щ" макъыр щыплъагъу дэтхэнэ зы щIыпIэм зы щыIэ гуэр утыку къихьагъэххэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ; е, "щ"ым зыкъыщигъэлъагъуэ дэтхэнэ зы щIыпIэм зы щыIэ гуэр утыку итыххэщ. "ЩыIэ" гуэр утыку щитыххэм деж, "щ"ыр (щыIэгъуэ лъабжьэр) зы зэманыгъуэ пыухытыкIакIэ (Iэ) утыку къихьагъэххэрэ итыххэщ: "щ"ым зыкъигъэлъэгъуагъэххэщ. Аращи, дэтхэнэ зы псалъэр зы щыIэр зэрылъытэу зэрыщытыр икIи мы псалъэм езыри зы щыIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, а *псалъэмрэ* псалъэр *зытеухуари зы зэман пыухытыкIакIэрэ (Iэ) утыку зэритыр гурыIуэгъуэ зыщIыжыр* псалъэм *кIэух* хуэхъу *"щ" макъыр*щ.

НытIэ, зы щыIэ гуэр утыку щитым деж, *ар а зэрыщыIэу зэрыщытыр* зэрылъытэущ *"щ" мак*ъыр псалъэм *кIэух*ыу къызэрыпыхьэрэ къыщIыпыхьэр. Зы псалъэм "щ" кIэух къыщищтэм деж, ар зэрыарарэ арауэ зэрыщытыр зэрылъытэжращ гъэзащIэ Iуэхугъуэр. *Псалъэм папщIэ*, "унэ" псалъэм "щ" кIэух къыщищтэм деж, "унэ"р зэрыарарэ "унэ"у зэрыщытыр зэрылъытэрщ къэхъури, "унэ"р зы зэман пыухытыкIакIэрэ (Iэ) утыку зэритрэ "унэ"у зэрыщытыр зэрылъытэрщ: «унэ**щ**». Мыпхуэдэ *щапх*ъэщ мыхэри:

| |
|---|
| «цIыху**щ**, шы**щ**, бзу**щ**, псалъэ**щ**; плъыжь**щ**, хуэм**щ**». |

Мы къэта щапхъэхэр *щыIэцIэ*рэ *плъыфэцIэ*хэм теухуауэ зэрыщытыр нэрылъагъущи, *глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэри блэкIа*рэ *къэкIуэну зэманыгъуэхэм теухуауэ* зэрылажьэхэмрэ икIи *иджы*м теухуауэ зэрылъытэ псалъэхэм *"щ" макъ кIэух* къызэращтэ *щапхъ*эхэри къэтхьынщ:

| |
|---|
| - «кIуа**щ**, къэкIуа**щ**, хъуа**щ**, блэкIа**щ**, къыблэкIыжа**щ**»; «кIуэну**щ**, къэкIуэжыну**щ**, хъуну**щ**, блэкIыну**щ**, къыблэкIыжыну**щ**»; |
| ---------------------------------------------------------------------------------------------------- |
| - «кIуэ**щ**..., къакIуэ**щ**..., къэкIуэж**щ**..., хъу**щ**..., блэкI**щ**..., къыблэкIыж**щ**...». |

Мы гупым *иужьрейуэ* къыхэгъэща *глагол лэжьэкӀэ щапхъэ*хэр ″*статя глагол*″ къэхъуныгъэм а нэхъ *лъабжьэ* хуэхъуауэ лъытапхъэ лэжьэкӀэхэу зэрылъытапхъэри жыӀэпхъэщ.

*

Зы псалъэ мыхьэнэм зы *статус*рэ и *позицэ* зэриӀэр зэрылъытэр ″щ″ кӀэухкӀэрэщи, глагол лэжьэкӀэу ухуэ псалъэхэм ″щ″ кӀэух къыщащтэм дежи, къэхъур абыхэм зы ″статя″ зэрагъуэтаращ. **″Статя глагол″** жыхуэтӀэ глаголхэр –мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэм щыщу иужьрейуэ къэта щапхъэхэм хуэдэу- **иджы зэман**ым теухуауэ **″щ″** макъ **кӀэух**кӀэрэщ зэрылажьэр.

Ауэ, блэкӀарэ къэкӀуэну зэманыгъуэхэр – иджырэ ит зэманыгъуэу зэрыщымытым ипкъ зэриткӀэ-, зэрыблэкӀакӀэрэ е къызэрыкӀуэну зэрыщытым теухуауэ позицэрэ статя яӀэу зэрыщытым папщӀэ, абыхэм ″щ″ кӀэух къызэращтэнур гурыӀуэгъуэщ. Аращи, дэтхэнэ зы глаголыр и *блэкӀа* е и *къэкӀуэн*у зэманыгъуэр *статя*у зэраӀэу зэрылъытэкӀэрэ зэрылэжьэфынур гурыӀуэгъуэнщ.

″Статя глагол″хэм теухуауэ ″иджы зэман″ым и гугъу тщӀащи, а ″*иджы зэман*″ жыхуэтӀар ″*ит зэман*″ жыхуэтӀэрауэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщ; ″иджы зэман″ыр ″статя глагол″хэм я лэжьэкӀэр лъытэн папщӀэ зыдохьэр мыбдежми, абы зы зэманыгъуэу иужьрей лэжьыгъэхэми нэхъ зэӀухауэ щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ. Аращи, ″ит зэман″ымрэ ″иджы зэман″ жыхуэтӀэр, къэхъурэ гъэзащӀэр мы зэманыгъуэхэм щызэрылъытэр зэхуэдэкъым. ИпэкӀэ и гугъу зэрытщӀауэщи, дэтхэнэ зы глаголыр гъэзащӀэу зэрыщыт дыдэ зэманыгъуэр зэрылъытэ ″ит зэман″ым теухуауэ зэрылажьэр – ар иджыри къэхъугъуэм иту зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ- зы статяу лъытэнрэ ″щ″ кӀэух къищтэныр мыхъуныгъэ Ӏуэхугъуэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ.

Мы псалъэм зэрезэгъщи, ″*ит зэман*″ *лэжьэкӀэ*у ″сокӀуэ, бощӀ, еухуэ, догъэзащӀэ, фобауэ, мэпсалъэхэ″ хуэдэ псалъэхэм ″*щ*″ *кӀэух къызэрыпымыхь*энур гурыӀуэгъуэщ. ″*Ит зэман*″ лэжьэкӀэ зиӀэр *иджыри ухуэу* зэры*щыт*рэ *иджыри зэрыхъун мыхъуа*рэ –стабил зэрымыхъуам ипкъ зэриткӀэ- зы *позиц*эрэ *статус зымыгъуэта*ращи, ″щ″ кӀэух къищтэкъым. ″*Ит зэман*″ыр функционал зэман (э) ужьыгъуапӀэу (у) зы итыгъуэрщи (″эу→о″), мы итыгъуэкӀэрэ къэӀуатэ псалъэр (глаголхэм я *ит зэман лэжьэкӀэр*) мы щыгъэзащӀэ *зэманыгъуэ зэрылъыт*эу ″*щ*″ *префикс*и *къищтэкъым*.

Нытӏэ, *глаголхэр* я лэжьэкӏэкӏэ *зэрызэщхьэщыкӏ*рэ *гуп гупу* зэрылъытапхъэри *"иджы"рэ "ит зэман" лэжьэкӏэм теухуа*уэ зэрыщытыр жыӏэпхъэщи, *"статя глагол"*хэм я иджым теухуа я лэжьэкӏэр "ит зэман" лэжьэкӏэу зэрымылъытапхъэр гурыӏуэгъуэщ. **"Статя глагол"**хэм иджым теухуа я лэжьэкӏэр **"позицэрэ статя щӏыкӏэ"у "къэхъуагъэххэрэ гъэзэщӏагъэххэу иджым** щызэрылъытэращ. Аращи, мыпхуэдэу *иджым* зы позицэрэ *статя*р иӏэу *зэрылъытэф глагол*хэращ мыбдежым зи гугъу тщӏы глагол лӏэужьыгъуэхэри (*статя глагол*), иджым щыгъэзащӏэ ӏуэхугъуэр зэрылъытэ глагол лэжьэкӏэр *"щ" кӏэухкӏэр*эщ зэрыз*эпкъырыув*энур.

Ауэ икӏи, "статя глагол"у щымытми, иджым теухуауэ къэӏуатэхэр къызэрыӏуатэ глагол лэжьэкӏэхэми "щ" кӏэух къызэрыпыхьэи зэрыщыӏэм мы ипэкӏи щапхъэхэр къызэрыхуэтхьар гурыӏуэгъуэщи, а къэӏуэтэкӏэ лӏэужьыгъуэхэри "статя глагол" къэхъуныгъэм лъабжьэрэ лъагъуэ хуэхъуу зэрыщытри къыхэдгъэщагъащ. Нытӏэ, илъабжьэкӏи апхуэдэ лэжьэкӏэхэм аргуэру я гугъу зэрытщӏынурэ щапхъэхэри къазэрыхуэтхьынури мыбдежым аргэуру къыщыхэдгъэщынщ.

*

Глаголу хъуам я "ит зэман" лэжьэкӏэхэм нэмыщӏыр "статя"ущ зэрылъытэри, абыхэмрэ "статя глагол"хэм мы я лэжьэкӏэр зэрызэхуэдэр къэдгъэлъэгъуащ. Нытӏэ, *"статя глагол"*хэмрэ адрей глаголхэр зэрызэщхьэщыкӏынур *"ит зэман"*ым теухуа я лэжьэкӏэхэм *елъыта*уэ зэрыщытынур гурыӏуэгъуэнщ.

*"Статя глагол"*хэм я *"ит зэман"* лэжьэкӏэр "адрей глагол"хэм я "ит зэман" лэжьэкӏэм хуэдэу "къэхъукӏэ"рэ *"итыгъуэ"* зэригъуэт щӏыкӏэу *зэрымылъытапх*ъэр гурыӏуэгъуэщи, мыхэр зэхуэдэ зы зэманыгъуэ хуэдэу лъытапхъэми, ахэр *детал* гуэркӏэрэ *зэщхьэщыкӏ зэманыгъуитӏ*ыу лъытапхъэуи жыӏэпхъэщ. Аращи, *адрей глаголхэм я "ит зэман"* лэжьэкӏэр глаголыр зытеухуа ӏуэхугъуэр къыщыхъурэ *увыӏэгъуэ зэримыӏэкӏэрэ хъуурэ зэрызекӏуэр зэрылъытэ* лэжьэкӏэрщ; ауэ, "статя глагол"хэм мыпхуэдэ я "ит зэман" -е нэхъ игъуэу *"иджы зэман"*- лэжьэкӏэр глаголыр зытеухуа ӏуэхугъуэр зы *позиц*эрэ *статя зэриӏэкӏ*эрэ *утыку* зэр*ит*ыр зэрылъытэ лэжьэкӏэрщ.

Ар щыхъукӏи, **"статя глагол"**ым – адрей глаголхэм я "ит зэман" лэжьэкӏэм къыпэув- и *"иджы зэман"* лэжьэкӏэр **"иджым зы позицэ**рэ **статя щиӏэ**рэ зэриӏэкӏэрэ **къыщекӏуэкӏ"** ӏуэхугъуэр *а зэрыщыту*

*зэрылъытэ* лэжьэкlэу лъытапхъэщ. Мыбы папщlэщ икlи мы лэжьэкlэр зы "*ит зэман*" нэхърэ "*иджы зэман*" лэжьэкlэу зэрылъытапхъэр. Аращи, *адрей глаголхэм* я лэжьэкlэр "*ит зэман*"*ым къыщыхъурэ хъуауэ зэрызекlуэр* зэрылъытэрщ, ауэ, "*статя глагол*"*хэм* я лэжьэкlэр "*иджы зэман*"*ым* "*статя игъуэтагъэххэ*"*у зэрызекlу*эр зэрылъытэрщ. Зы статя игъуэтагъэххэу мы къекlуэкlыкlэр лъытэнращ "*статя глагол*"*ым мы и лэжьэкlэр адрей глаголхэм я ит зэман лэжьэкlэм* зэры*хуэмыд*эри, "статя глагол"ымрэ адрей *глаголхэр зэрызэщхьэщыкl*ри мыращ.

*

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, ипэкlэ глаголхэм я ин зэманыгъуэм нэмыщl зэманыгъуэ лэжьэкlэхэр "статя"у зэрылъытэм теухуа щапхъэхэр къызэрыдгъэлъэгъуам нэмыщl, глаголхэм я "ит зэман" лэжьэкlэу мылъытапхъэми, блэкlам къыщыхъуар иджырэ ит зэман пэлъытэу къызэрыlуатэ щlыкlэу глаголхэм "статя" лэжьэкlэ зэрагъуэтым щыгъуазэ дыхуэхъунщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр икlи "статя глагол" къэхъуныгъэм лъагъуэ зэрыхуэхъуу тлъытэнщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри мы илъабжьэкlэ къыщыдгъэлъэгъуэнщи, тежыlыхьыпхъэхэр къыпытщэжынщ.

Мы къызэрыхэдгъэщауэ, *глаголхэм я* "*статя*" *лэжьэкlэ*у мы зи гугъу тщlынур зытеухуар зы **блэкlар** *къыщыхъуа зэманыгъуэр зы* **иджы** *зэманыгъуэ* **пэлъытэ**у **къызэрыlуатэ щlыкlэ**рщи, ар зы "**статя**" *лэжьэкlэ*ущ зэрыухуэр. Нытlэ, мы зи гугъу тщlыр зы блэкlа зэманыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэми, ар а къыщыхъуар иджыуэ зэрылъытэкlэрэ къызэрыlуатэм ипкъ зэриткlэ, *иджы пэлъытэ къэlуэтэкlэ*рщи, "блэкlа зэманыгъуэ гъэлъагъуэ" (а) зыхэзыумыбыдэ глагол лэжьэкlэу зэрыухуэращ мы зи гугъу тщlы къэlуэтэкlэр. Икlи, къэlуэтэкlэу "*иджы*"уэ *зэрылъытэу зэпкъырыувэ псал*ъэращ мы зи гугъу тщlыри, ар зы ит зэман зэпкъырыувэкlэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, зы *блэкlа* зэманыгъуэм *къахъуа*уэ щытыр *иджы*м щыгъуэ *къызэрыlуэтэж* щlыкlэу, *ит зэман пэлъытэ*у *иджы*м зы "*статя*" зэр*игъуэтагъэххэ*у *зэрызекlуэ* щlыкlэу лэжьэкlэ ягъуэтыфыр глаголхэми, "*статя глагол*" *къэхъуныгъэ лъагъуэр зэlузых*ыу лъытапхъэ мыпхуэдэ *лэжьэкlэ*хэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэкlэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Аращи, къэlуэтэкlэу къекlуэкl бзэ лэжьэкlэм теухуауэ лъытапхъэщ глаголхэм мы зэрыжытlа щlыкlэу зы "статя" лэжьэкlэ зэрагъуэтри, а къэlуэтэкlэм зыхиубыдэ зы псалъэу а къэlуатэр зытеухуа lуэхугъуэр *къыщыхъуари наlуэ дыдэу щымыт зы зэманыгъуэ*у зэрыщыткlэрэ

*"иджы"м иджырейуэ щылъытэ*у зы *"статя"*у зэрылъытэущ мы зи гугъу тщIы глагол лэжьэкIэхэр:

| **Глаголхэр** | **БлэкIар "иджы пэлъытэ"у къызэрыIуатэ** |
|---|---|
| КъэкIуэн | ДыкъакIуэ**щ** дыкIуэжри... |
| Еплъын | Еплъ**щ** илъагъури... |
| ЗэфIэгъэкIын | ЗэфIэвгъэкI**щ** фыкъэкIуэжри... |
| ЩIын | ПщIы**щ** укIэлъыплъыжри... |
| КIуэн, къэкIуэжын | СыкIуэ**щ** сыкъэкIуэж**щ…**; сыкIуэ**щ** сыкъэкIуэж**щи…**; сыкIуэ**щ** сыкъэкIуэж**щ**эби... |

Мы ипэкIэ щыжытIахэмрэ мы къэта щапхъэхэми къызэрыхэщрэ гурыIуэгъуэ къызэращIщи, зы блэкIар "иджы пэлъытэ"у зы "статя" зэриткIэрэ къызэрыIуэтэж псалъэхэрщ. Мыпхуэдэу зы къэIуэтэкIэу зэпкъырыувэ псалъэхэрауэ лъытапхъэщ *"статя глагол"*хэми я *лэжьэкIэ*р; ауэ, "статя глагол"хэр мы къэтхьа щапхъэхэм хуэдэу *"иджы пэлъытэ"къыми, "иджы"*ым теухуа *лэжьэкIэ* зиIэхэрщ. Нэхъ гурыIуэгъуэу жыIэпхъэмэ, *"статя глагол"хэр "иджы"м зы "статя" зэригъуэтакIэрэ къыщекIуэкI Iуэхугъуэ*хэр *зэрылъытэ*у утыку къихьа псалъэхэрщи, мыпхуэдэ глаголхэри утыку къызэрихьа лъагъуэр зэIузыхари мы ипэкIэ къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, глаголхэм я лэжьэкIэрэ я къэIуэтэкIэ лIэужьыгъуэхэрауэ жыIэпхъэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуууэу, мы къэта лэжьэкIэ щапхъэхэр дэтхэнэ зы глаголым теухуа лэжьэкIэхэрщ; икIи, мыбыхэм "статя глагол" къазэрытемыхъукIри къыхэгъэщыпхъэщ. НытIэ, нормал глаголхэм "статя глагол" къатехъукIыу жыIэпхъэкъыми, *"статя глагол"*хэм езым хуэIуа лэжьэкIэ яIэжщ: ахэр зы "ит зэман"ым утыку къихьэ лэжьэкIэ зимыIэхэрщи, абыхэм я *лэжьэкIэр иджым щыгъуи зы статя зиIэ лэжьэкIэ*рщ. Мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэрэ мы лэжьэкIэми *хуэIуа глагол*хэрщ *"статя глагол"*хэри, мы гупри мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэ глаголхэм теухуауэ *езым хуэIуа зы "глагол гуп"*щ.

Ауэ икIи, *"статя глагол"* гуэрхэр *япэрауэ* мы ипэкIэ зи гугъу тщIа псалъэ лIэужьыгъуэхэр –нэхъыбэуи *"плъыфэцIэ"*хэр- *лъабжьэ* зыхуэхъуу къэхъуа *глагол*хэм я зы *лэжьэкIэу утыку къихьа*уи лъытапхъэщ.

## "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭР ГЪЭ"КIЭРЭ -"IУЭХУ ГЛАГОЛ"У- ЩЫУХУЭЖКIЭ Я "СТАТЯ" ЛЭЖЬЭКIЭР МЭКIУЭДЫР

Ипэкӏи щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикӏуэ ӏуэху глагол"хэм хуэдэжу, "*статя глагол*"хэри "*гъэ*"*к*ӏэрэ щыухуэжым деж, утыку къихьэр "*ӏуэху глагол*" лӏэужьыгъуэрщи, я "*статя глагол*" *л*ӏ*эужьыгъуэр мэк*ӏ*уэ*дыр. Нытӏэ, "*статя глагол*"*хэр* "*гъэ*"*к*ӏ*эрэ* "*ӏуэху глагол*"*у зэрыухуэжрэ я лэжьэк*ӏ*эхэм теухуа щапхъэ* гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"Статя глагол"хэр** | **"Статя глагол" лэжьэкӏэ щапхъэхэр** | **"Ст.гл"хэр "гъэ"кӏэрэ зэрыухуэжыр** | **"Гъэ"кӏэ ухуэжа "ӏуэху глагол"хэм я лэжьэкӏэ щапхъэхэр** |
|---|---|---|---|
| - фӏын<br>- ӏущын<br>- щхьэпэн<br><br>- сымэджэн | → ар фӏыщ;<br>→ ар ӏущщ;<br>→ ар щхьэпэщ;<br><br>→ ар сымаджэщ; | - *гъэфӏын/гъэфӏэн*<br>- *гъэӏущын*<br>- *гъэщхьэпэн/*<br>***щхьэ****гъэпэн*<br>- *гъэсымэджэн* | → *абы* ар *егъэф*ӏ – *егъафӏэ*;<br>→ *абы* ар *егъэӏущ*;<br>→ «*абы* ар *егъэщхьэпэ*» / «*абы* ар (*абы*) *щхъегъапэ*»;<br>→ *абы* ар *егъэсымаджэ*; |
| - хуэдэн | → ар *абы* хуэдэщ; | - ***хуэ****гъэдэн* | → *абы* ар *абы хуегъадэ*; |
| - **щы**ӏэн<br>-------------<br>- **щы**сын<br>-------------<br>- **хэ**лъын<br>-------------<br>- **пы**лъын<br>-------------<br>- **ӏу**тын<br>-------------<br>- **къэ**тын | → ар *абы* щыӏэщ;<br>----------------------<br>→ ар *абы* щысщ;<br>----------------------<br>→ ар *абы* хэлъщ;<br>----------------------<br>→ ар *абы* пылъщ;<br>----------------------<br>→ ар *абы* ӏутщ;<br>----------------------<br>→ ар къэтщ; | - ***щы****гъэӏэн*<br>-----------------<br>- ***щы****гъэсын*<br>-----------------<br>- ***хэ****гъэлъын*<br>-----------------<br>- ***пы****гъэлъын*<br>-----------------<br>- **ӏ*у***гъэтын*<br>-----------------<br>- ***къэ****гъэтын* | → *абы* ар *абы щегъэӏэ*;<br>------------------------------<br>→ *абы* ар *абы щегъэс*;<br>------------------------------<br>→ *абы* ар *абы хегъэт*;<br>------------------------------<br>→ *абы* ар *абы пегъэлъ*;<br>------------------------------<br>→ *абы* ар *абы ӏуегъэт*;<br>------------------------------<br>→ *абы* ар *къегъэт*; |
| - **щӏэ**зын/<br>***щӏэ****зын* | → «ар *абы* щӏэзщ» / «*абы* ар *щӏэзщ*»; | - ***щӏэ****гъэзын/*<br>***щӏе****гъэзын* | → «*абы* ар *абы щӏенъэз*» / «*абы* ар *абы щӏырегъэз*»; |
| - **хуэ**фэщэн/<br>***хуэ****фэщэн** | → ар *абы* хуэдэщ; | - ***хуэ****гъэфэщэн/*<br>***хуе****гъэфэщэн* | → *абы* ар *абы хуегъэфащэ*; |
| - ***и****ӏэн*<br><br>- ***е****ин*<br><br>-------------<br>- **хуе**ин<br>-------------<br>- ӏ*ыгъын*<br><br>- ***щы****гъын** | → *абы* ар *иӏэщ*;<br><br>→ *абы* (ар) *ейщ*;<br><br>----------------------<br>→ ар *абы* хуейщ;<br>----------------------<br>→ абы ар иӏыгъщ;<br><br>→ абы ар щыгъщ; | - ***и****гъэӏэн/*<br>***ири****гъэӏэн*<br>- ***ири****гъэеин*<br>(игъуащэкъым!)<br>-----------------<br>- ***хуе****гъэин*<br>-----------------<br>- *гъэӏыгъын/*<br>*егъэӏыгъын*<br>- ***щы****гъэгъын/*<br>***ще****гъэгъын* | → «*абы* ар *абы е(ие)гъэӏэ*» / «*абы* ар *абы ирегъэӏэ*»;<br>→ «*абы* ар *абы ирырегъэей* (игъуащэкъым!)»;<br>------------------------------<br>→ «*абы* ар *абы хурегъэй*»;<br>------------------------------<br>→ «*абы* ар *абы егъэӏыгъ*» / «*абы* ар *абы ирегъэӏыгъ*»;<br>→ «*абы* ар *абы щегъагъ*» / «*абы* ар *абы щырегъагъ*» |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- "*Статя глагол*"хэр "*гъэ*"*кӀэрэ щыухуэм* деж, мыр "*статя*" *лэжьыгъэр нэгъуэщӀым егъэщӀын мыхьэнэ зи*Ӏэ "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэщ зэрыухуэри, *мы ягъуэта мыхьэнэщ*Ӏэм*к*Ӏэ абыхэм "*статя глагол*" *лэжьэк*Ӏэ *зэрамы*Ӏэж*ынур гурыӀуэгъуэнщ. НытӀэ, мыбы нэмыщӀыу мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэм хэплъагъуэ гуэрхэр мы илъабжьэм къыщыгъэдгъэщынщ.

- "*Ӏуэху глагол*"*хэр* "*гъэ*"*к*Ӏэрэ щыухуэжым *нэхъыбэу* "*е*" *префикси къащтэущ зэрыухуэ*хэри, "*статя Ӏуэху глагол*"*хэри* "*Ӏуэху глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, *а зэрыщыту* "*гъэ*"*к*Ӏэрэ *зэрыухуэ*м нэмыщӀ икӀи - *нэхъыбэуи-* "*е*" *префикси къиштэу зэрыухуэ*р гурыӀуэгъуэнщи, мы къэгъэлъэгъуа щапхъэхэм мы *вариантит*Ӏри хыболъагъуэр: «Ӏ*ыгъын* → *гъэ*Ӏ*ыгъын/**е**гъэ*Ӏ*ыгъын*»; «***щы****гъын* → ***щы****гъэгъын/**ще**гъэгъын*».

- Ауэ, "*и, е*" *префикси зи*Ӏэ "*Ӏуэху префиксиал глагол*"ыр "*гъэ*"*к*Ӏэрэ *щыухуэ*м, и "*префикс*"*ыр* "*ири, ире*" *формэ* зиӀэу зэрызэхъуэкӀри ("*и, е*"*р* "*гъэ*"*к*Ӏ*эрэ* "*ири, ире*"уэ) гурыӀуэгъуэнщи, мы ипэкӀэ къэта щапхъэхэм мыри хыболъагъуэр: «***и****Ӏэн* → ***и****гъэ*Ӏ*эн/**ири**гъэ*Ӏ*эн*».

- Мыбыхэм нэмыщӀ, *плыфэрэ щ*Ӏ*ык*Ӏ*э зылъытэ ц*Ӏ*э* лӀэужьыгъуэ *псалъэхэм къытехъук*Ӏауэ лъытапхъэ "*статя глагол*" гуэрхэр -къызытехъукӀа псалъэ зэпкъырыувэкӀэрэ мыхьэнэм зэрелъытауэщи- "*занщ*Ӏ*э глагол*" лӀэужьыгъуэу зэрылъытэм хуэдэжу "*префиксиал глагол*"уи щылъытэф щыӀэщи, глаголыр (хуэдэн, щхьэпэн) *нормал глаголу -имыгъуащэу- зэрылажьэ*м (пп: "хуодэ, щхьопэ") нэмыщӀ, "*гъэ*"*к*Ӏ*эрэ* "*Ӏуэху глагол*"*у щыухуэм* деж, "*занщ*Ӏ*э глагол*"у (*гъэщхьэпэн*) -имыгъуащэми- зэрылъытэфым хуэдэжу икӀи –нэхъ игъуэуи- "*префиксиал глагол*"уи (***хуэ****гъэдэн*, ***щхьэ****гъэпэн*) зэрылъытэр гурыӀуэгъуэщи, къызытехъукӀа псалъэр зэрыухуэ щӀыкӀэм къыщӀидзэу мы глагол ухуэкӀэ лъагъуэр -глагол мыхьэнэми елъытауэ зэрыщытым гулъытэ зэрыхуэщӀыпхъэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «хуэдэ (хуэ-дэ) → хуэдэн (ар <u>абы</u> хуэдэщ) → ***хуэ****гъэдэн* (*абы* ар <u>*абы*</u> *хуегъадэ*)»; |
| - «"щхьэпэ (щхьэ-пэ) → щхьэпэн (ар **щхь**опэ; ар мэщхьэпэ) → "*гъэщхьэпэн (абы егъэщхьэпэ),* ***щхьэ****гъэпэн (абы щхъегъапэ)*"». |